# АДЫГЭБЗЭ

## - ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКӀЭ КЪЭЗЫIУАТЭ ТХЫЛЪ -

# I

**БЕР ХЬИКМЭТ**

**АДЫГЭБЗЭ**
**- ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКӀЭ КЪЭЗЫIIУАТЭ ТХЫЛЪ -**
**I**
**БЕР ХЬИКЬЭТ**


**Япэрей тэдзэгъуэ**

**Тхылъ тедзапӀэ: е-тхылъ**

**Зэхэзылъхьар - Мизанпаж: Бер Хьикмэт**

**2014**

**Анкара/Туркия**

# ИТХЭР

**ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР**.............................................................Т. НЭПЭКIУЭЦI

″АДЫГЭБЗЭ″М ТЕУХУА ЛЭЖЬЫГЪЭЩIЭ ПЭУБЛЭ ............................................................. 4

ЛЭЖЬЫГЪЭ IХЬЭ (ЯПЭРЕЙ ТХЫЛЪ) ПЭУБЛЭ ......................................................................9

МАКЪЫБЗЭ, МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКIЭ, АДЫГЭБЗЭ...........................................................11

БЗЭЩIЭНЫГЪЭ ДИЦИПЛИНЭ IЫХЬЭХЭУ ЩЫТ ФОНОЛОГИЕРЭ ФОНЕТИКЭМ Я ЕПЛЪЫКIЭХЭМРЭ АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭР....................................................................21

МАКЪХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУ, КЪЫЗЭРЫIУ, ЗЭРЫБАГЪУЭ ЩIЫКIЭХЭМРЭ, Я МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ ........................................................................41

АДЫГЭБЗЭМ И МАКЪХЭМРЭ И АЛФАВИТЫМ ТЕУХУАУЭ...........................................112

МАКЪ МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭР БЗЭ ЩIЫБ ЕПЛЪЫКIЭКIЭ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЫГУРЫГЪЭIУАПХЪЭМ ТЕУХУАУЭ ..................................................................126

АДЫГЭБЗЭМРЭ МАТЕМАТИКЭ ФИЛОСОФИЕМ ТЕУХУАУЭ .......................................171

НОБЭРЕЙ БЗЭЩIЭНЫГЪЭМ ПСАЛЪЭХЭР ЗЭРИЛЪЫТЭМРЭ МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКIЭУ УХУА АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР ..........................................................188

БЗЭЩIЭНЫГЪЭМРЭ БЗЭ ФИЛОСОФИЕМ ПСАЛЪЭХЭР КАТЕГОРИЗАЦЭ ЗЭРАЩIЫМРЭ АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР ..............................................................217

КУАНТУМ (КВАНТОВАЯ) ФИЗИКЭМРЭ АДЫГЭБЗЭ МАКЪРЭ ПСАЛЪЭХЭР ...........277

АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭМРЭ МАКЪЫБЗЭУ ЩЫМЫТ БЗЭХЭМ Я МАКЪХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭР ..........................................................................297

АДЫГЭБЗЭМ И ЛЭЖЬЭКIЭМРЭ И ПСАЛЪЭХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУАРЭ ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫУВЭ ЩIЫКIЭКIЭ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР ...............313

ЦIЫХУ ЩIЕИН ЛОГИЕ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭРИ ЗЭРЫУХУЭР ПСЭЛЪЭБЗЭМ ХУЭДЭУ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР ..............................................................334

АДЫГЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬА ЗЭКIЭЛЪХЬЭУЖЬЫКIЭМ ТЕУХУАУЭ ..........................................................350

МЫХЬЭНЭ ЗИIЭ МАКЪХЭР БЗЭМ ЗАНЩIЭУ ЗЭРЫХЭХЬЭКIЭРЭ УХУЭ АДЫГЭБЗЭ ″МАКЪ ПСАЛЪЭ″ХЭР ..............................................................................363

# ″АДЫГЭБЗЭ″М ТЕУХУА ЛЭЖЬЫГЪЭЩІЭ ПЭУБЛЭУ ПСЭЛЪИТІ-ЩЫ

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ адыгэбзэ защІэкІэ тхауэ ипэкІэ къыдэкІа ″Адыгэбзэ (Макъыбзэ)″ зи цІэ тхылъыр бзэм езым зыкъызэриІуэтэжу зэрылъытауэ щытар дигу къэдгъэкІыжынщ. Мы зи гугъу тщІы тхылъыр адыгэбзэм зеутауэ езыр езырурэ спонтанэуэ утыку къихьа тхыгъэщи, абы езы адыгэбзэм нэмыщІ зы тегъэщІапІэрэ икІи зы еплъыкІэ щІыб зэримыІэр гулъытапхъэщ. Мы тхылъыр зи лъабжьэрэ тегъэщІапІэ зэрыхуэхъукІэрэ тыркубзэкІэ тхарэ и щапхъэхэр адыгэбзэкІэ къэхьауэ утыку къыхьа тхылъитІри зи тегъэщІапІэм хуэдэжу спантонэуэ тхахэщ. Ауэ, тыркубзэкІэ тхауэ зи гугъу тщІы мы тхылъитІыр ″Адыгэбзэ (макъыбзэ)″м елъытауэ адыгэбзэм и лэжьэкІэмрэ абы хэлъ щІэнхэм хэплъэжыгъуэу лъытапхъэщи, бзэм и лэжьэкІэмрэ хэлъ щІэнхэм нэгъуэщІыбзэрэ еплъыкІэкІи гулъытэ хуэщІын лэжьыгъэхэу утыку къихьахэу лъытапхъэщ.

″Адыгэбзэ (Макъыбзэ)″р япэ иту, мыбы нэгъунэ утыку къихьауэ мы зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэмкІэ ″макъыбзэ″ жыхуэтІэр зэрыигъуэу гурыІуэгъуэ зэрымыхъуари гулъытапхъэщ. Аращи, псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм езыхэр къызэрыхъуа щІыкІэм ипкъ зэриткІэрэ ягъуэта мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ, мы макъхэмкІэрэ псэлъэбзэр макъыбзэу зэрыухуарэ ″макъ псалъэ″м къыщІидзэу псалъэхэр утыку къызэрихьэу, макъхэр я мыхьхэнэрэ къалэнкІэрэ зэрыхэлэжьыхьу бзэм зызэриубгъурэ ужьыгъуэ зэригъуэт щІыкІэр гурыІуэгъуащэ хъуауэ жыІэпхъэкъым. Мыбы и зы щапхъэщ, псалъэм папщІэ, ″макъыбзэ″ щыжыпІэм деж, ар ″макъ псалъэ″кІэрэ ухуа зы бзэу гурыІуэгъуэ зэрыхъуар. Мы псалъэм гурыІуэгъуэ зэрищІщи, нобэрей бзэщІэныгъэм псэлъэбзэр ″псэлъэпкъ″ым деж къызэрыщІидзэм ещхьу жыІэпхъэщ ″макъыбзэ″ жыхуэтІэр гурыІуэгъуэ зэрыхъуа щІыкІэри: ари щхьэж макъхэмкІэрэ ухуауэ бзэм псалъэу хэхьа ″макъ псалъэ″хэм деж къежьэущ нэхъыбэу гурыІуэгъуэ зэрыхъуар.

Пэжщ, макъыбзэм и псалъэхэр утыку къызэрихьэр ″макъ псалъэ″хэм дежращ, ауэ мыбы къыщІидзэрэ ″макъ псалъэ″хэр зэрызэпкъырыувэ щІыкІэкІэ ухуауэ лъытэн закъуэракъым ″макъыбзэ″ жыхуэтІэр зэрыухуарэ зэрылажьэр. НытІэ, ″макъыбзэ″ жыхуэтІэр гурыІуэгъуэ хъун папщІэ, псэлъэбзэм атІкІэрэ щІыбу, псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуам лъабжьэ хуэхъуа макъхэр къызэрыхъуарэ я щыІэгъуэкІэрэ лъытэн хуейщ. Аращи, щыІэгъуэ ужьыгъуэкІэрэ псэущхьэм (хьэм: цІыхупэ) къызхигъэІукІа макъхэм мы щыІэгъуэ ужьыгъуэкІэрэ я щыІэгъуэу ягъуэта мыхьэнэрэ къалэнхэри лъытэн хуейщ.

Мы и гугъу зэрытщІа щІыкІэу утыку къихьа макъхэмкІэрэщ псэлъэбзэ пэщІэдзэрэ лъабжьэр зы макъыбзэу зэрыухуари, абы къигъэщІа япэрей псалъэхэр зэрыигъуэу ″макъ псалъэ″у ухуарэ абыхэми псэлъэщІэхэр

къызэрытехъукIкIэрэ бзэм лэжьэкIэ зэрагъуэтынури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ мыбы нэмыщI, макъхэр зи гугъу тщIа я щыIэгъуэ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэрыхэлэжьыхьу макъыбзэм ужьыныгъэрэ лэжьэкIэ зэригъуэтыр гурыIуэгъуэнщи, ″макъыбзэ″ жыхуэтIэмрэ ар зэрызэпкъырыуварэ зэрылажьэм и нэхъыщхьэу лъытэн хуей лъэныкъуэр мыращ. Макъхэр утыку къызэрихьэм къыщIидзэу псэлъэбзэр мы зэрыухуамрэ, мыпхуэдэ лъабжьэрэ лэжьэкIэр зыфIэмыкIуэдауэ зекIуэу щыт псэлъэбзэращ нobi ″макъыбзэ″у лъытапхъэри, ″адыгэбзэ″р мыпхуэдэ зы бзэрщ.

Нобэ адыгэбзэр зэрымакъыбзэр щIэныгъэ еплъыкIэкIэ мылъытами, Адыгэм бзэр къызэрыгурыIуэ щIыкIэр макъкIэрэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар адыгэбзэр къызэрыгурыIуэ щIыкIэм къытемынэу, дэтхэнэ зы бзэм и псалъэхэри мыпхуэдэущ Адыгэм къызэрыгурыIуэ щIыкIэри, нobi адыгэбзэм къыхэхьа нэгъуэщIыбзэ псалъэхэри я макъ лъабжьэкIэрэ къызэрыгурыIуэу бзэм щызэрызырихьэ щIыкIэри мыпхуэдэщ. Ауэ псэлъэпкъыбзэр зи лъабжьэу ухуа бзэщIэныгъэ еплъыкIэм утыкур зэриубыдам папщIэщ ″макъыбзэ″ щыжытIэм дежи, ар занщIэу ″макъ псалъэ″кIэрэ ухуа бзэуэ гурыIуэгъуэ зэрыхъум и щхьэусыгъуэр. Аращи, псэлъэбзэр зэрыухуарэ псэлъэбзэ щIыбрэ лъабжьэу щыт макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъ я мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ, ахэр зэрыхэлэжьыхькIэрэ адыгэбзэр зэрылажьэ щIыкIэр зэрамылъытэм пащIэщ ипэкIэ мы зи гугъу тщIы щыуагъэхэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэр.

Мыбы нэмыщI, хэлъ щIэнрэ философием иужь ихьэн нэхърэ адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуарэ абы и макъхэм бзэм хагъэзэщIыхьхэм гулъытэ хуэщIын иужь зэритын хуейр ипэкIэ къыдэкIауэ зи гугъу тщIы тхылъхэми къыщыхэгъэщагъэххэщ. Ар щхьэ, тхылъеджэ нэхъыбэм адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуарэ зэрылажьэ нэхърэ, абы хэлъ щIэнрэ философиехэр езым я щIэныгъэрэ философие еплъыкIэм зэрезэгъкIэрэ ялъытэнрэ къэгъэунэхуныр нэхъыщхьэу зэралъытари гулъытапхъэщ. Ауэ мыбдежым иджыри щыжытIэнщи, адыгэбзэм хэлъ щIэнрэ философием щыIэгъуэкIэ лъабжьэшхуэрэ пщIэшхуэ зэриIэм и лъабжьэр адыгэбзэр макъыбзэу зэрыухуарэ зэрылажьэращ. Арещи, адыгэбзэм хэлъ щIэнрэ философием лъабжьэ хуэхъур ар щыIэгъуэ ужьыгъуэу утыку къихьа макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэрыухуарэ, нobi мыпхуэдэ лъабжьэ зыфIэмыкIуэдарэ лэжьэкIи зэриIэращ. НытIэ, япэрауэ макъхэр утыку къызэрихьэм къыщIидзэу мы ″макъыбзэ″р -адыгэбзэр- зэрыухуарэ зэрылажьэр зыгурыгъэIуэнрэ къэгъэунэхунращ нэхъыщхьэри, ар утыку къыщихьэм деж, щыIэгъуэмрэ ар зэрызекIуэр бзэр зэрыухуа макъхэмкIэрэ гурыIуэгъуэ зэрищIым ипкъ зэриткIэ, зы псэлъэбзэм къыуитыну а нэхъ гупщысэ куум гугъуехь хэмылъу узэрыхишэнур гурыIуэгъуащэщ.

*

Нобэ адыгэбзэр кIуэдыпIэ ихуэу зэрыщIидзар дэтхэнэ лъэныкъуэмкIи гурыIуэгъуэщ. Ар псэунрэ ужьыгъуапIэм иувэжын папщIэ щIапхъэхэр абы

и бзэщӀэныгъэ закъуэм зэремылъытари гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, бзэр нобэ къэсыху нобэ адыгэбзэр езым и лэжьэкӀэрэ щэным зэрикӀри гулъытапхъэщи, мыри зыщӀаджыкӀ бзэщӀэныгъэращ зи ягъэр. Абы и щӀэныгъэр езыр зэрыухуарэ зэрылажьэм зэрезэгъкӀэрэ утыку къилъхьэн зэрыхуейр гурыӀуэгъуэщи, зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ телэжьыхьарэ и бзэщӀэныгъэр утыку къихьа нэужь, мыр адыгэбзэр мыкӀуэду ужьыгъуапӀэми зэриувэжынум лъабжьэ зэрыхуэхъуфынур гурыӀуэгъуэщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, нобэ дызтехьа псэукӀэм ипкъ иткӀэ, адыгэбзэр нобэ къэсыху къызэрыгъуэгурыкӀуа щӀыкӀэм тету зэрыземыкӀуэфынур наӀуэщи, ар псэунрэ ужьыгъуапӀэм иувэжын папщӀэ, мы лъэхъэнэрэ псэукӀэм езэгъыу фӀэкӀыпӀэ зимыӀэ щӀапхъэхэр щыӀэщ. Мы щӀапхъэхэм щыщрэ бзэщӀэныгъэ лъэныкъуэу нэхъыщхьэу лъытапхъэрщ адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрызэпкъырыуварэ зэрылажьэр утыку къилъхьэн Ӏуэхугъэр. НытӀэ, адыгэбзэр зэрымакъыбзэм теухуауэ утыку къихьауэ зи гугъу тщӀа япэрей лэжьыгъэхэм къыпыщэну дызхэхьа мы лэжьыгъэр адыгэбзэм и лэжьэкӀэм нэхъ тегъэчыныхьауэ къедгъэкӀуэкӀынщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, нобэрей бзэщӀэныгъэм ″макъыбзэ″ жыхуэтӀэр илъытэкъым. ИкӀи, абы псэлъэбзэмрэ и псалъэхэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ ищӀрэ мыхьэнэншэуи зэрилъытэр гурыӀуэгъуэщ. Макъхэр утыку къызэрихьарэ къызэрыхъуа щӀыкӀэри зи мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ ухуа адыгэбзэ макъыбзэм хуэфащэ бзэщӀэныгъэмрэ, нобэ утыку ит бзэщӀэныгъэрэ и методыр зэремызэгъыщэнур гурыӀуэгъуащэщ. Утыку ит бзэщӀэныгъэмрэ абы и методыр дэтхэнэ зы бзэми зэрытеухуаращ фӀэщхъуныгъэ пэлъытэ къытщыхъури, абы игъэзэза ди бзэщӀэныгъэри ″макъхэр мыхьэнэшэ″у зэрилъытэкӀэрэщ къызэрежьэр. Ауэ, ди бзэщӀэныгъэ тхылъхэр мыпхуэдэу къебгъажьэми, адыгэбзэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, абы и макъхэм бзэм систематикэу хагъэзэщӀыхьхэр нэмыплъ пщӀыфыну зэрыщымытым зэрезэгъкӀэ, ди бзэщӀэныгъэлӀхэм я Ӏэдэкъэщӏэкӏ тхылъ кӀуэцӀым адыгэбзэ макъ гуэрхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм я гугъу ящӀыу ущырихьэлӀэ щыӀэщ. Дауэми, мыпхуэдэ тхылъхэр зи Ӏэдэкъэщӏэкӏ ди бзэщӀэныгъэлӀхэр утыку ит бзэщӀэныгъэм зетарэ зепхауэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ абы щхьэщымыкӀыну егугъуми, адыгэбзэм теухуарэ хуэӀуа пэжыгъэ гуэрхэри щӀахъумэфкъым.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, зытеухуарэ къызтехъукӀаращ щӀэныгъэр зи щӀэныгъэри, бзэщӀэныгъэри зытеухуарэ къызтехъукӀа бзэращ зи бзэщӀэныгъэр. НытӀэ, ди бзэщӀэныгъэлӀхэм макъ гуэрхэм бзэм систематикэу хагъэзэщӀыхьхэм теухуауэ яхуэмыгъэпщкӀурэ щӀамыхъумэфыр адыгэбзэм и лэжьэкӀэ псом теухуауэ къырагъэкӀуэкӀыфмэ, ар адыгэбзэм и бзэщӀэныгъэ щыпкъэм зэрыхуэкӀуэу зэрыбгъэдэхьэфынум гурыщхъуэ зэрытемылъри гурыӀуэгъуэщ. Ар щхьэ, нобэр къыздэс, мыпхуэдэ зы бзэщӀэныгъэлӀыхъуж къытхэкӀакъыми, ди

бзэщӀэныгъэр ди бзэм хуэӀуарэ хуэфащэкъым; ди бзэщӀэныгъэр бгъунлъэщи, абы щӀаджыкӀ ди бзэми зызэӀуешэр.

Зи гугъу тщӀы мы бзэщӀэныгъэращ лъабжьэрэ пэжу илъытэр ди литературэми, ″литэратурэбзэ″ жыхуэтӀэр мы бзэщӀэныгъэ бгъунлъэм зегъэкӀуныгъэу зэрелъэшэуэкӀкӀэрэщ зэрызекӀуэр.

Мыпхуэдэ зы литературэбзэм и нэхъыщхьэ литерэтуранту щытрэ хэтми тхакӀуэшхуэу илъытэ КӀыщокъуэ Алим мы бзэщӀэныгъэри, абы зезгъэкӀу литературэбзэри зэрыпцӀыр къызэрыгурыӀуар абы и ӀэдэкъэщӀэкӀыу утыку къихьа ″Лъапсэ″ романым гурыӀуэгъуащэ къыпхуещӀыр. Аращи, зы бзэм и нэхъ тхакӀуэшхуэр зэрытхэ литературэбзэр и фӀэщ зэрымыхъуар гъэщӀэгъуэнщ; ауэ аргуэру гъэщӀэгъуэныр аращи, абы мы Ӏуэхугъуэр и фӀэщ щымыхъуари икӀэм икӀэжу зэрыщымытращ. КӀыщокъуэ Алим ди бзэщӀэныгъэмрэ литературэбзэр ди бзэм зэремызэгъыр пасэӀуэу къызэрыгурыӀуар мы зи гугъу тщӀы и тхылъым къыхощыр: ″Лъапсэ″ романыр 1975-1990 зэхуакуращ зэрытхар.

Абы мы романым зи гугъу ищӀахэмрэ утыку къырилъхьа критикэхэр зы лъэныкъуэщ, ауэ романыр зэритха щӀыкӀэр адрей и тхылъхэр зэритха щӀыкӀэу литературэбзэкӀэкъыми, занщӀэу адыгэбзэ къабзэкӀэрэщ. Литэратурэбзэм игъэублэрэкӀа псалъэухыгъэхэр гъэузэхужауэщ мы тхылъыр КӀыщокъуэ Алим зэритха щӀыкӀэр.

ГъэлъэпӀэнрэ щытхъункӀэ КӀыщокъуэ Алим дэзыӀэтейхэм мы и тхылъым щыжиӀэхэмрэ ар зэритха щӀыкӀэр нэмыплъ зэращӀри гъэщӀэгъуэнщ. Дэнэ къэна, мы и тхылъыр зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэрэ литературэбзэм зэремыкӀум папщӀэрагъэнщи, ар литературэуи ялъытэу къыщӀэкӀынкъым.

Литературэ жыхуаӀэр зы бзэмкӀэ къэӀуатэхэр зыхэзыубыдэ гъуазджэ лӀэужьыгъуэрщи, абы лъабжьэ хуэхъурэ ар къэзгъэщӀри а лъэпкъым къипсэуарэ и тхыдэ – ӀуэрыӀуатэ – мифологие – зэхэтыкӀэрэ и логиемкӀэ зэрыгъэнщӀращ. Литературэр тхыгъэ закъуэуи щыткъыми, бзэр тхэн щӀэдза нэужьми абы лъабжьэ хуэхъур бзэм ӀуэрыӀуэтэжу къигъуэгурыкӀуаращ, икӀи бзэр зэрытхкӀэрэ къэхъу литературэри абы езым и лэжьэкӀэр имыгъэкӀуэду мы къигъуэгурыкӀуа лъабжьэм теужьыкӀыу зэрыунэтӀкӀэрэщ а лъэпкъым хуэӀуа литературэ ужьа щыхъур. ИкӀи, литературэ жыхуаӀэр зи литературэ бзэм теухуа бзэщӀэныгъэм е нэхъыбэуи грамматикэм фӀэкӀыпӀэ зэримыӀэкӀэрэ зыригъэкӀун хуейуи щыткъым. Мыбыи къыщымынэу, а бзэщӀэныгъэмрэ абы и зы методу щыт граммерыр а бзэм щемызэгъкӀэ Ӏуэхур нэхъри хьэдыгъуэдахэ зэрыхъури наӀуэщ. ИтӀанэ, литературэ жыхуаӀэр зы гъуазджэ (искуствэ, арт) лӀэужьыгъуэрэ, бзэщӀэныгъэ жыхуаӀэри зы щӀэныгъэ лӀэужьыгъуэщи, дунейм зы гъуазджэ лӀэужьыгъуэр зы щӀэныгъэрэ методым езэгъынрэ пыщӀауэ къекӀуэкӀын хуейуэ зэрыщымытыр хэткӀи наӀуэщ.

*

Мыпхуэдэу пытщэнухэм кIэ зэримыIэнур гурыIуэгъуэнщ, ауэ ар кIыхь дымыщIыу, мы дызхэхьа лэжьыгъэщIэр къызэредгъэкIуэкIыну щIыкIэм псэлъитI-щы тежытIыхьынщ.

Зэрыгурыгуэгъуэу, ″адыгэбзэм езым зыкъызэриIуэтэж″ щIыкIэу зы ″макъыбзэ″у зыкъыщигъэлъэгъуа лэжьыгъэ нэужьым, абы и лэжьэкIэр нэхъри къэгъэунэхунрэ зэрыухуа кууагъэхэр утыку къилъхьэныр пщэрылъ къызэрытхуэхъуам теухуа пэублэщ мы лэжьыгъэщIэр.

Мы лэжьыгъэр адыгэбзэу зы макъыбзэращ зытеухуари, мыр псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ зыщIрэ мыхьэнэншэу зылъытэу, псэлъэбзэр ″псэлъэпкъ″ым деж къыщIидзэу зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэм и пэжыгъэхэмрэ и еплъыкIэхэм зэремызэгъыщэнури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мы дызхэхьа лэжьыгъэр нобэрей бзэщIэныгъэм езэгъыу адыгэбзэм теухуа зы бзэщIэныгъэкъым; - апхуэдэ бзэщIэныгъэ зыухуэн хуейр зикIын хуей лэжьыгъэу лъытапхъэщ. ИкIи къыхэгъэщыпхъэрэ пыщапхъэщи, мы къытпэщыт лэжьыгъэу утыку къихьэну тхылъхэр икIи ″дерс тхылъ″хэркъым. НытIэ, мы лэжьыгъэхэр ″Адыгэбзэ (Макъыбзэ)″м хуэдэу спонтанэуэ къекIуэкIыну тхыгъэхэмкIэрэ ухуэну къыщIэкIынщ; - ауэ адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр нэхъыщхьэу лъытарэ абы и лэжьэкIэхэр IэнатIэ IэнатIэу утыку къилъхьэн Iуэхугъуэрщ.

Адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр макъ лъабжьэкIэрэ къэзыIуэтэну мы лэжьыгъэр зы тъылъкIэ зэрымыухынур гурыIуэгъуэнщи, лэжьыгъэ псом зы тхылъ бжанэ – е зы тхылъ том бжанэ- зэрихьынур гурыIуэгъуэщ. Дэтхэнэ зы тхылъыр зытеухуа лэжьыгъэ Iыхьэр иджы щыщIэдзауэ IупщIыу утыку къилъхьэныр гугъущ; ауэ, тхылъ ухуэнухэм хиубыдэн хуей бзэ лэжьэкIэ Iыхьэхэм мыбдежым я гугъу щытщIыфынщ.

НытIэ, зы плану мылъытапхъэми, мы дызхэхьэ лэжьыгъэм хиубыдэн хуейуэ щыт адыгэбзэ лэжьэкIэ Iыхьэхэмрэ ахэр зыхэзыубыдапхъэ тхылъхэр илъабжьэкIэ зэкIэлъхьэужьу къызэрыта щIыкIэу тхылъитху (е ″том″итху) хъун хуэдэщ.

- Япэрей тхылъыр лэжьыгъэ псом и пэублэ тхылъу лъытапхъэщи, ″макъыбзэ″ жыхуэтIэмрэ адыгэбзэ-макъыбзэм щыгъуазэ хуэхъунрэ, адыгэбзэ лэжьэкIэм теухуауэ ухуэну иужьрей лэжьыгъэхэр къызэрекIуэкIынуми лъабжьэ яхуэхъунухэр зыхиубыдэну тхылъщ.

- ЕтIуанэрей лэжьыгъэ Iыхьэрэ тхылъыр адыгэбзэ псалъэхэр макъым къыщIидзэу (макъ псалъэ) зэрыухуэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьхэр; макъхэр я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэр; псалъэхэр мы зэрыухуэрэ зэрылажьэкIэрэ класификацэ зэрыщIыпхъэхэр зыхэзыубыдэну тхылъщ.

- Ещанэу, адыгэбзэ псалъэ зэпкъырыувэкIэр (конструктурэ); глаголхэмрэ я лэжьэкIэхэр; псалъэухыгъэ гъэпсыкIэхэр зыхэзыубыдэ зы тхылъ утыку къихьапхъэщ.

- ЕплIанэу, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм икIи макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэ псалъэхэри къызэригъэщIыр гурыIуэгъуэнщи, мыбыхэми

щыгъуазэ дызэрыхуэхъукӀэрэ адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм лъэныкъуабгъуэу зэрыбгъэдэхьапхъэ лэжьыгъэ зыхэзыубыдэ тхылъ утыку къилъхьапхъэщ.

- Мы зи гугъу тщӀа лэжьыгъэхэмкӀэрэ адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм дэтхэнэ и зы лъэныкъуэкӀи щыгъуазэ дыхуэхъуа нэужь, абы хэлъ щӀэнрэ философиехэм нэхъ пыухытыкӀарэ ӀупщӀыу щыгъуазэ хуэхъун папщӀэ, Ӏуэхугъуэ ӀэнатӀэ гуэрхэм теухуауэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къытхуащӀхэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэхэр зыхэзыубыдэ зы тхылъ утыку къилъхьапхъэщ.

## ЛЭЖЬЫГЪЭ ӀЫХЬЭ (ЯПЭРЕЙ ТХЫЛЪ) ПЭУБЛЭ

Псэлъэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр макъ лъабжьэкӀэ къызэрыӀуатэм теухуауэ мы дызхэхьарэ гъуэгуанэ кӀыхьу къытпэщыт лэжьыгъэм и пэщӀэдзэ лэжьыгъэрщ мы япэрей тхылъри, мыр япэрауэ псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэмрэ "макъыбзэ" жыхуэтӀэр гурыӀуэгъуэ щӀынращ нэхъ зытегъэпсыхьар. ИкӀи, цӀыхум (хьэм) макъхэр къызэрыригъэӀукӀым къыщӀидзэу ухуа псэлъэбзэм и къежьапӀэрэ и лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, псэлъэбзэ жыхуэтӀэр утыку къызэрихьарэ зэрыухуар гурыӀуэгъуэ къыпхуэхъун папщӀи, япэрауэ зы макъыбзэм щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейр гурыӀуэгъуэнщ. Мы япэрей тхылъри псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэмрэ псэлъэбэ лъабжьэрэ къежьапӀэу лъытапхъэ макъыбзэм щыгъуазэ хуэхъун Ӏуэхугъуэм теухуауэ жыӀэпхъэхэр зы макъыбзэу щыт адыгэбзэр тегъэщӀапӀэ зэрыщӀакӀэрэ къекӀуэкӀыну зы лэжьыгъэрщ.

Мы лэжьыгъэр макъыбзэу щыт адыгэбзэмрэ абы и макъхэм щыгъуазэ хуэхъун Ӏуэхугъуэм япэрей лэжьыгъэхэм къыпыщэу нэхъри зэрыдыхэхьэрэ зэриубгъукӀэрэщ къызэрекӀуэкӀынур. Аращи, макъхэр къызэрыхъуарэ ягъэзащӀэхэм, зыр зым къызэрытехъукӀрэ макъхэм я къэхъуныгъэр зэрызэкӀэлъыкӀуэм, макъхэр зэрызэлъыта щӀыкӀэхэм, гуп гупу зэрылъытапхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу къекӀуэкӀыну лэжьыгъэрщ. Макъхэм я къэхъуныгъэрэ я бэгъуэныгъэхэм теухуауэ къэтӀуатэхэм икӀи цӀыхум и макъ технологиер зэрыухуарэ зэрыужьми щыгъуазэ дызэрыхуащӀынури гурыӀуэгъуэнщ.

Мы лэжьыгъэм и япэрей Ӏыхьэхэм деж, нобэрей бзэщӀэныгъэм макъхэр зэрилъытэмрэ, мы еплъыкӀэкӀэ бзэщӀэныгъэлӀхэм макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр зэралъытэм дыхэплъыхьу, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэн хуейм щыгъуазэ дыхуохъужыр.

Макъхэр къызэрыхъуарэ псэлъэбзэр зэрыхуа щӀыкӀэм езэгъыу зыхэлэжьыхь адыгэбзэм нытӀэ и макъхэр пэжу лъытэнрэ и алфавитым зэрыхэхьэн хуейхэр къыпищэжу къокӀуэкӀыр лэжьыгъэр.

ИтӀанэ, макъыбзэ жыхуэтӀэмрэ ар зэрыухуа макъхэм нэхъри щыгъуазэ хуэхъун гугъэкӀэ, адыгэбзэм и макърэ и псалъэхэр щапхъэрэ тегъэщӀапӀэ

зэрыщIкIэрэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм хэлъ щIэнрэ философие-онтологие лъабжьэхэм псэлъэбзэ щIыб щIэныгъэ еплъыкIэкIэ спонтанэ полемикэу къокIуэкIыр лэжьыгъэр. Зы полемикэ щIыкIэу спонтанэуэ къекIуэкI мы тхыгъэхэм адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэмрэ мыпхуэдэу ухуа и псалъэхэм икIи и макъхэм я мыхьэнэрэ ягъэзащIэхэм гурыIуэгъуэ къыпхуащI щIэнрэ философиехэр класикэ философие еплъыкIэм къыщIидзэу математикэ философием хэкIыжу зэхуэмыдэ еплъыкIэхэм хуиту зэреныкъуэкъур хыболъагъуэр.

Псэлъэбзэ щIыб щIэныгъэ еплъыкIэкIэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэмрэ и макърэ псалъэхэм яхэлъ щIэнрэ философиер мы зи гугъу тщIахэм къыщцымынэу, нобэ нэхъ ужьыгъуапIэм иту зекIуэрэ класикэ физикэр фIыуэ дэзгуэу щIэзыдзауэ лъытапхъэ куантум (квантовая) физикэ еплъыкIэкIи дыбгъэдохьэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэрэ и макърэ псалъэхэм. Физикэ лъабжьэрэ микро физикэу щыт куантум физикэм и еплъыкIэмрэ и бгъэдэхьэкIэр псэлъэбзэ лъабжьэу щыт зы макъыбзэм нэхъ зэрезэгъынур гурыIуэгъуэнти, мыращ спонтанэуэ къекIуэкI мы зи гугъу тщIы тхыгъэ Iыхьэхэми гурыIуэгъуэ къытхуащIыр.

Аргуэру псэлъэбзэм теухуауэ жыIэпхъэхэр къыпыщэу къокIуэкIыр лэжьыгъэри, мыбы нэгъунэ къэIуэтарэ тхыгъэу къекIуэкIахэр зэрылъабжьэу, нобэрей бзэщIэныгъэм "мыхьэнэ, псалъэ, псэлъэбзэ"р зэрилъытэ щIыкIэхэмрэ бзэ философие термин гуэрхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэмрэ и макърэ псалъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуащIхэр зэрызэлъытапхъэрэ зэрызэгъэпщапхъэу жыIэпхъэхэр къызэрыпыщэкIэрэ къокIуэкIыр.

Мы япэрей тлъылъым и ухыпIэ Iыхьэр псэлъэбзэм и япэрей псалъэхэу щытрэ зы макъыбзэм ноби куэдыщэу хэт "макъ псалъэ"хэм щыгъуазэ хуэхъун Iуэхугъуэм теухуащ. Макъхэм къыщIидзэу псэлъэбзэр зэрыухуам и лъабжьэ псалъэхэу лъытапхъэ "макъ псалъэ"хэр къызэрыхъуа щIыкIэхэмрэ я мыхьэнэхэр адыгэбзэ макъхэм теухуа утыку къырелъхьэр. Нэхъыбэм деж, зэманыгъуэу япэ къэхъуауэ зэрылъытапхъэм нэмыщI, конструктурэу япэрэ лъабжьэу лъытапхъэ "макъ псалъэ"хэр адыгэбзэ лэжьэкIэр къызэрекIуэкIыну щIыкIэм лъабжьэрэ тегъэщIапIэ щIыныр зэрыигъуэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, иужьрей тхылъхэр зытеухуа лэжьыгъэ Iыхьэхэм зэрелъытакIэрэ адыгэбзэ лэжьэкIэхэм теухуауэ къэтхьыну щапхъэхэр нэхьыбэу "макъ псалъэ"хэу къызэрыхэхыпхъэри гурыIуэгъуэнщ.

## МАКЪЫБЗЭ, МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКӀЭ, АДЫГЭБЗЭ

ЦӀыхур псэлъэбзэ зиӀэ зы псэущхьэщи, псэлъэбзэр ″цӀыху″ жыхуэтӀэ псэущхьэм макъ къызэрыхигъэӀукӀым къыщӀидзэущ зэрыухуари, мы зэрыухуа щӀыкӀэкӀэ лэжьэкӀэ зиӀэ псэлъэбзэри макъыбзэрщ. Аращи, псэлъэбзэр зэрыухуам и лъабжьэр макъыбзэращ. ЦӀыхур зэрыпсалъэ бзэр макъкӀэ зэрыухуар зи лъабжьэу лэжьэкӀэ зиӀэ псэлъэбзэращ макъыбзэр.

″ЦӀыху″ фӀэщыгъэцӀэри псэлъэбзэр зэрызэпкъырыува гъуэгуанэ кӀыхьым и зы щӀыпӀэм къыщыхъуа зы фӀэщыгъэцӀэщи, а псалъэр мыухуэ ипэӀуэкӀэ зэрызэпкъырыувари гурыӀуэгъуэщ псэлъэбзэр. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъыбзэ щӀыкӀэ зиӀэу зы псалъэрщ ″цӀыху″ псалъэри, ар псэлъэбзэ зыхуэухуа псэущхьэм езым зыфӀищыжын щӀэхъуами щхьэусыгъуэфӀ иӀэщ.

Дэ езыр дызыщыщ псэущхьэ лъэпкъым нобэ дызэреджэжыр ″цӀыху″ущи, псэлъэбзэр зыхуэухуа псэущхьэм мыр зыфӀимыщ ипэ езым зызэреджэу щытари адыгэбзэм и архивым къызэрыхэнэжакӀэрэ ″хьэ″уэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Нобэ дэ езы цӀыху лъэпкъым къипсэлъ бзэр абы къызэрытехъукӀари мы архивым хыболъагъуэр. Нэхъ пыухытыкӀауэ жыпӀэмэ, нобэ дызэрыпсэлъ адыгэбзэм и лъабжьэр ″цӀыху″р къызтехъукӀа псэущхьэ лъэпкъ ″хьэ″м къипсэлърэ хуэухуа псэлъэбзэращ. Ауэ адыгэбзэм имызакъуэу, нэгъуэщӀыбзэ куэдми цӀыхум япэу ″хьэ″уэ зызэрилъытэжу зэрыщытар къызэрыхэщри гулъытапхъэщ. Бзэ куэдым цӀыхур нобэ зэралъытэ псалъэхэм ипӀэкӀэ зэрахьэу щытар ″хьэ″уэ щытауэ къахэщу щымытми, адыгэбзэм зи гугъу тщӀа мы и архивыр этимологие лъабжьэкӀэ къызхэщ бзэр мащӀэкъым. Аращи, цӀыхур къызтехъукӀарэ цӀыхупхъэ е цӀыху пэлъытэу лъытапхъэ зы псэущхьэ зэрыщыӀар, икӀи а псэущхьэм и цӀэр нобэ цӀыху лъэпкъым езым зызэреджэжым зэрыхуэмыдар гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, псэлъэбзэм нэмыщӀ лъабжьэхэр къэзыхутэ щӀэныгъэ дициплинэхэми нобэрей цӀыхур къызтехъукӀа цӀыхупэлъытэ псэущхьэ елъытэри, псалъэм папщӀэ археологиерэ антропологиер мыпхуэдэ лъабжьэ къэзыхутэ щӀэныгъэ къудамэхэрщ.

Мы псалъэхэми гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, нобэ цӀыхум къипсэлъ бзэм и лъабжьэр зэманыгъуэ жыжьэхэм къыщыщӀедзэри, абы и къежьапӀэр зи гугъу тщӀы псэущхьэм макъ къыригъэкӀын лъэкӀыныгъэ къыщыхуэхъурауэ жыӀэпхъэщ. НытӀэ, нобэрей псэлъэбзэр макъхэмкӀэ ухуащи, макъхэмкӀэ ухуа мы псэлъэбзэм и къежьапӀэр бзэр къэзыпсэлъ псэущхьэм макъ къыщыригъэӀукӀым къыщӀидзэу зэпкъырыува зы бзэщ.

Псэлъэбзэр макъкӀэ щыухуакӀэ, нытӀэ ар зэрыухуа макъхэр утыку къызэрихьэ лъабжьэри езы цӀыхум къыгурыӀуэжыфынщ. Бзэр зэрыухуа макъхэм дэтхэнэр япэ дыдэ утыку къызэрихьарэ, абы къыкӀэлъыкӀуэу нобэрей бзэр зэрыухуа макъхэр псэущхьэм къызэрыриӀуа щӀыкӀэрэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэри нобэрей бзэ архивым зэрыхэлъынур гурыӀуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ архивыр нэхъыфӀыжу зыхэплъэгъуэну бзэхэри нобэми макъыбзэу къызэтена бзэхэрагъэнщи, адыгэбзэр мыпхуэдэ зы бзэщ.

Псэлъэбзэ пэщӀэдзэу щыт макъызэрщ ноби адыгэбзэри, дэтхэнэ и зы макъыр бзэм систематикэу зыхэлэжьыхь зы бзэрщ. Абы и макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэ дыдэкӀэ хэтыжу жымыӀэпхъэми, бзэр зэрыухуа макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэмрэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэм теухуауэ адыгэбзэм и лэжьэкӀэмрэ и макъхэм гурыӀуэгъуэ къащӀынур мащӀэкъым. Псэлъэбзэр япэу зыхуэухуа псэущхьэм (цӀыхупэлъытэ) деж къыщӀидзэу цӀыхумрэ абы къипсэлъ бзэм къигъуэгурыкӀуа гъуэгуанэ кӀыхьым бзэмрэ и макъхэри щызэрызэхъуэкӀынур гурыӀуэгъуэми, макъхэр систематикэу зыхэлэжьыхь зы псэлъэбзэу щыт макъыбзэр мы гъугуанэ кӀыхьым и архивыр нэхъыфӀыу зыщыхъума зы бзэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, макъхэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щӀыкӀэм, абыхэм бзэм хагъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэхэмрэ ахэр зэрызэлъыта щӀыкӀэм теухуауэ зы макъыбзэм гурыӀуэгъуэ къыпхуащӀынур мащӀэкъым. ИкӀи мыпхуэдэ зы бзэрщ адыгэбзэр.

*

"Макъ" жыхуэтӀэр къэӀуу утыку къихьэу зэхэтхращи, ар зэрызэхэтхыфыр къэӀурэ Ӏуэру зэрыщытырщ. Макъ утыку къихьэныр къэӀунращи, мыр зэрыгъэзащӀэр абы хэлъ Ӏуэрыгъэращ. Нобэ бзэм хэт макъхэр "макъ Ӏуэр"рэ "макъ щэху"у щызэщхьэщыдгъэкӀым деж, "макъ Ӏуэр"хэр щхьэж езы къэӀыкӀэ зиӀэ макъыу тлъытэхэращ; "макъ щэху" эыъуэтӀэхэри къэӀун папщӀэ "макъ Ӏуэр" зыхуэныкъуэу тлъытэхэрщ. "Макъ Ӏуэр"ыр щхьэж езыр езырурэ утыку къихьэу, и Ӏуэрыгъэр зыхэлъыжырщ; ауэ "макъ щэху" къэӀуным щхьэусыгъуэ хуэхъурэ утыку къизгъэхьэр, абы и Ӏуэрыгъэр зыгъэзащӀэр "макъ Ӏуэр"ырщи, зы макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэрэ и оригиналыгъэкӀэрэ утыку къыхьэн папщӀэ а нэхъ "макъ Ӏуэр" мащӀэрэ цӀыкӀум хуэныкъуэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. А нэхъ макъ Ӏуэр цӀыкӀурэ къару мащӀэ зытекӀуадэу утыку къихьэ макъ Ӏуэрыр "ы" макърауэ зэрыщытым ипкъ иткӀэ, "ы" макъыр Ӏурыгъэ зимыӀэу къэхъуу тлъытэ "макъ щэху"хэр утыку къихьэн папщӀэ зыхуэныкъуэ макъ Ӏуэрырщ. "Ы"р "макъ Ӏуэр" лъабжьэрщи, икӀи "макъ Ӏуэр" жыхуэтӀэ макъхэр къэхъуным лъабжьэ хуэхъуаращ. Мыбыхэм япэрей лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуагъэххэр гурыӀуэгъуэщ.

Япэрей "макъ Ӏуэр" лъабжьэу тлъытэ "ы" макъыр псэущхьэм къыхэӀукӀыр къызэрыхэӀукӀырщи, макъ къэхъуныгъэр къыздыщежьэу лъытапхъэрщ. Аращи, "макъ" жыхуэтӀэ мы щыӀэгъуэр утыку къызэрихьэрэ щыӀэгъуэ зэригъуэтым и къежьапӀэр "ы" макъращ. "Макъ" жыхуэтӀэу утыку къихьэ мы щыӀэгъуэм и оригиныр "ы"ращи, ар макъ жыхуэтӀэм щыӀэгъуэ зыщигъуэт геометрием и оригинырщ. Дэтхэнэ зы щыӀэгъуэм зы геометрие иӀэмэ, макъыгъуэ геометриеми и оргиныр "ы"макъращ. Адрей "макъ Ӏуэр"хэр "ы" нэужьрэ "ы"р лъабжьэ

язэрыхуэхъукӀэрэщ утыку къызэрихьэри, ″макъ″ жыхуэтӀэ щыӀэгъуэрэ пкъыгъуэм (корпус) и геометриер зэрыухуа щӀыкӀэри мыпхуэдэщ.

Адрей ″макъ Ӏуэр″хэр ″ы″ нэужьрэ ″ы″р утыку къызэрихьар лъабжьэ язэрыхуэхъукӀэрэщ утыку къызэрихьари, ″макъ Ӏуэр″ оригиным япэрей лъэбакъуэу къытехъукӀа макъри ″э″ращ. Абы ″и″р къыкӀэлъыкӀуэу макъ щыӀэгъуэ геометриер зэрызэпкъырыувэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэр а зэрыщыту зэрызекӀуэрэ зы ужьыгъуэу зэрылъытэри ″и″м къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа ″у″ макъкӀэрэщ. Аращи, ″макъ геометрие″ жыхуэтӀэр зэрызэпкъырыуварэ зэрызекӀуэр мы зи гугъу тщӀа макъ Ӏуэрхэм мы я зэкӀэлъхьэужьыкӀэ къэхъукӀэрэщ. МыпхуэдэкӀэрэи псэущхьэм (цӀыхупэлъытэм) къызхигъэӀукӀ макъым зы щыӀэгъуэрэ зы пкъыгъуэ игъуэтащ. Мы пкъыгъуэрэ ″макъ геометрие″р псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм я геометриеращ. НытӀэ, мы макъхэр бзэр зэрыухуа макъхэм я геометриемэ, мы макъхэр геометрие логиерэ бзэ лӀэужьыгъуэщ; мы макъхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр зы геометриебзэщ; ахэр икӀи, нэгъуэщӀ геометрие ӀэнатӀэхэри къызтехъукӀыну макъхэрщ. Геометрие ӀэнатӀэхэр зэрылъытэ нэгъуэщӀ макъ Ӏуэрхэр къызтехъукӀыу макъ геометриер зэрыщыту зэрызэпкъырыувэ мы макъ Ӏуэрхэр нытӀэ ″макъ Ӏуэр лъабжьэ″хэуи зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Псэлъэбзэ пэщӀэдзэу щыт макъыбзэми и геометриер зэрыухуэрщ икӀи мы ″макъ Ӏуэр лъабжьэ″хэмрэ абыхэмрэ къатехъукӀ макъ Ӏуэрхэр зы макъыбзэм геометрикэу гурыӀуэгъуэ ищӀынур зелъытарэ зытеухуэхэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, макъыбзэм хэт дэтхэнэ зы макърэ макъыбзэу ухуа псалъэхэр оригиналу (ы), кӀуатэу (э), джыуэ (и), ужьу (у) зэрылъытэрщ. ИкӀи, мы макъ Ӏуэр лъабжьэхэм къатехъукӀыж адрей макъ Ӏуэрхэри мыбыхэм я зы Ӏыхьэрэ щӀыкӀэ зэралъытэущ макъыбзэ лэжьэкӀэм щызэрызекӀуэхэр. Аращи, зи гугъу тщӀы геометрием дэтхэнэ и зы щӀыпӀэрэ ӀэнатӀэр къызэригъэлъагъуэм ипкъ зэриткӀэ, мы макъ Ӏуэрхэр зы макъыбзэм къиӀуэтэфыну гуэрхэр я къэӀуыкӀэкӀэ геометрикэу утыку къизылъхьэхэрщ: зэманрэ щыӀэгъуэм теухуауэ ″хъуну, мыхъуну, упщӀэу, жыжьагъэу, блэкӀауэ, къэкӀуэну,...″ зэрыщытыр зэрылъытэрщ.

Макъ геометриер зэрыухуэр зэрылъытэкӀэр утыку къихьа макъ Ӏуэрхэр макъ Ӏуэр лъабжьэу зэрылъытапхъэрэ зэрытлъытари гурыӀуэгъуэщи, ахэрзы геометриер зэрызэпкъырыувэм лъабжьэ хуэхъу макъхэрщ; дэтхэнэ зыр ″макъ геометрие″р зэпкъырыувэн папщӀэ фӀэкӀыпӀэ зимыӀэу узхуэныкъуэну ӀэнатӀэхэр утыку къизылъхьэ макъхэращ. Мыбы папщӀэщ, ″макъ геометрие″р зэпкъырызгъэувэ макъхэу щӀэтлъытэр. ″Макъ геометрие″ пкъыкъуэм дэтхэнэ и зы ӀынатӀэр деталу къэзыӀуэтэфыну ″макъ Ӏуэр″хэри зэрыигъуэу ″макъ Ӏуэр лъабжьэ″у тлъыта мы макъхэращ къызтехъукӀыр. Аращи, мы макъхэм дэтхэнэ зым адрей ″макъ Ӏуэр″хэри къытохъукӀри, мыпухэдэу утыку къихьэ ″макъ Ӏуэр″хэми ягъэзащӀэ геометрие къалэныр къызтехъукӀа ″макъ Ӏуэр″ лъабжьэм елъыта зы ӀэнатӀэрщ.

Макъ геометрием лъабжьэ хуэхъурэ мы геометриер зэпкъырызгъэувэр ″макъ Iуэр лъабжьэ″хэращи, абыхэм къатехъукIыж ″макъ Iуэр″хэми дэтхэнэ зы геометрие IэнатIэр зэраджрэ къызэрагъэлъагъуэр гурыIуэгъуэщ. Макъ геометрием макъхэр щызэрызекIуэнур зэрыгъэзащIэр ″макъ Iуэр лъабжьэ″хэм утыку къыралъхьэ мы геометриемрэ абыхэм къатехъукI ″макъ Iуэр″хэм дэтхэнэ зым дэтхэнэ зы геометрие IэнатIэр утыку къызэрыралъхьэкIэрэщ. Макъыбзэ лэжьэкIэм макъ Iуэрхэм хагъэзэщIыхь къалэныр мыпхуэдэщи, дэтхэнэ зы макъым (макъ щэхур) къыкIэлъыкIуэрэ ар къызэрыIу ″макъ Iуэр″ым абы хуигъэзащIэр ар щыгъэзащIэ щIыпIэр зэрылъытэкIэрэщ. Аращи, макъ IуэркIэрэ лъытэ геометрикэ IэнатIэ щыджынурэ щызекIуэну мыхьэнэхэр зэлъытари макъ IуэркIэрэ къэIуыкIэ зыгъуэтыну ″макъ щэху″хэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

*

″Макъ Iуэр″хэм ″макъ геометрие″р яухуэу щыжытIэкIэ, мы макъхэм мы геометриер яухуэу адрей макъхэр (макъ щэхухэр) къырагъэблагъэжу аракъым жытIэр. Макъыгъуэрэ макъ пкъыгъуэр щыгъэзащIэр макъ щыIэгъуэу ″макъ Iуэр″ лъабжьэхэр утыку къыщихьэращи, ахэр утыку къызэрихьэм зы зэкIэлъхьэужьыкIэ зэриIэри жытIагъэххэщ. Мыр ″макъ Iуэр″хэр утыку къызэрихьэрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэм теухуа зы лъэныкъуэщи, мыр ″макъ Iуэр″хэр къыщыхъу дыдэм ″макъ щэху″хэри утыку къихьэу зэрыщIидзэр жыIэпхъэщ. Аращи, ″макъ щэху″ жыхуэтIэхэр ″макъ Iуэр″хэр утыку къихьарэ макъ геометриер зэпкъырыува нэужь къэхъуауэ аракъым жытIэр. Дэнэ къэна, япэрей лэжьыгъэхэм ″м″ макъыр ″ы″ макъым дэщIыгъуу къызэрыхъуам и гугъуи щыщытщIагъащ.

″Макъ Iуэр″хэр утыку къыщихьэ дыдэм, адрей зы лъэныкъуэмкIи ″макъ щэху″ жыхуэтIэ макъхэри утыку къихьэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыбы и зы щапхъэщ икIи макъ къэхъуныгъэкIэ бжьыпэр зыIыхь макъхэу ″макъ Iуэр″ лъабжьэрэ пэщIэдзэу щыт ″ы″ макъымрэ ″макъ щэху″ къэхъуныгъэ пэщIэдзэу щыт ″м″ макъыр зэдэщIыгъуу утыку къызэрихьар. ″Ы″ макъыр къэIун папщIэ жьэр зэтехын зыхуэмыныкъуэ макъырщ, икIи ар къыздыщыхъурэ къыздыщыIу закъуэр жьэ кIуэцIрауэ зэрыщымытри гулъытапхъэщ. Ар пэщхъынэ кIуэцIми къыщыхъуф зы ″макъ Iуэр″щи, жьэр зэтепIарэ пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ыр къызэрыIу щIыкIэу ″м″ым дэщIыгъужу утыку къихьа макъ Iуэрырщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, езыр зы ″макъ Iуэр″рэ ″макъ Iуэр″ лъабжьэу тлъытэ ″ы″ макъым макъхэр утыку къихьэн къалэн егъэзащIэри, мы и къалэныр япэ дыдэ пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ макъым хуигъэзащIэу утыку къихьащ. Аращи, ″ы″ макъымрэ ″м″ макъыр зэныбжьу, макъ къэхъуыкIэ лъабжьэу лъытапхъэхэрщ.

″Макъ щэху″у япэ къэхъуар ″м″ макърауэ жыIэпхъэщи, адрей ″макъ щэху″хэр къыщыхъур мыбы иужьу лъытапхъэщ. Мыр щыжытIэкIэ, адрей ″макъ щэху″хэр ″м″ макъым къытехъукIауэ аракъым жытIэр, ауэ ″м″ макъ

нэужьу къэхъуауэщ. Аращи, ″макъ щэху″ къэхъун лъэкӀыныгъэр къызтехъукӀар япэ дыдэу ″м″ макърауэ жыӀэпхъэщ. Мыбы папщӀэщи, ″м″ макъыр щхьэжу икӀи зы бзэ пэлъытэу лэжьэкӀэ зиӀэ ″макъ щэху″щ. Ар мы къызэрыхъуа щӀыкӀэм зэрезэгъкӀэрэ къызхэзыгъэӀукӀ псэущхьэм гу зыхулъитэ, ар хъунрэ мыхъуныгъэу зэрилъытэ, а илъытэм гурыщхъуэ зэрытырищӀыхьыж щӀыкӀэу упщӀэ утыку къизылъхьэф зы макъырщ. Ар къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ натуралу щхьэжу мыпхуэдэхэр зэрылъытэрщи, мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэрэ щхьэжу псэлъэбзэм нобэ зы псалъэу хэмытми, дэтхэнэ зы цӀыхум ″м″ыр къызэрыриӀурэ щызэхихкӀэ ноби натураулу мыпхуэдэ мыхьэнэхэмкӀэрэ гурыӀуэгъуэ зэрыхъуфри гулъытапхъэщ.

Адрей ″макъ щэху″хэри ″м″ макъым хуэдэу ″ы″кӀэрэщ къызэрыӀури, абыхэм дэтхэнэ зым къэхъуыкӀэ иӀэжщ. Дэтхэнэ зы ″макъ щэху″р къызэрыхъурэ зы макъыӀу макъ технологием утыку къызэрырилъхьэ щӀыкӀэр зэщхьэщокӀыр. Дэтхэнэ зы макъыр псэущхьэм (цӀыхум) къызэрыхэӀукӀым и щхьэусыгъуэри зыхэлъыжырщи, ″макъ щэху″ мыхьэнэ жыхуэтӀэр зытеухуарэ абы лъабжьэ хуэхъур ар къызэрыхъурэ зы макъыу утыку къихьэу къызэрыӀум щхьэусыгъуэ хуэхъуращ. Дэтхэнэ зы ″макъ щэху″р къызэрыхъурэ къызэрыӀуфым нэгъуэщӀ ″макъ щэху″ къэхъуыкӀэрэ къэӀуыкӀэ лъэкӀыныгъэри къегъэщӀыфри, зэпэгъунэгъуу къэӀу ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэри зэпэгъунэгъущ. И къэхъуыкӀэрэ и къэӀуыкӀэм щхьэусыгъуэ хуэхъур и мыхьэнэуэ хэлъыжщ дэтхэнэ зы макъми, ″макъ мыхьэнэ″ жыхуэтӀэм и лъабжьэр мыращ, макъхэр бзэм щызекӀуэу зэрыщӀидзэри мы я мыхьэнэхэмкӀэрэщ. Зы ″макъ щэху″р нэгъуэщӀ ″макъ щэху″хэм я къэхъукӀэм лъабжьэрэ я къэхъугъуэм щхьэусыгъуэ хуохъуфри, мыб и зы щапхъэщ ″м″р ″н″ым и лъабжьэрэ и къэхъугъуэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъур: ″макъ щэху″у япэ къэхъуауэ жыхуэтӀэ ″м″ макъыр утыку къихьа нэужь, абы къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьэну ″н″ макъым лъабжьэ хуэхъуарэ къызэрыӀуфын лъэкӀыныгъэри къэзгъэщӀарауэ лъытапхъэщ. ″Н″ макъыр ″м″ макъым къытехъукӀа макъыу, ″м″ макъ къэхъуныгъэрэ къэӀуныгъэм елъытарэ теухуауэщ утыку къызэрихьар, икӀи зэрыигъуэу и мыхьэнэкӀэрэи ″м″ мыхьэнэрэ лъэкӀыныгъэращ зэлъытарэ зытеухуари, къызэрыхъуа щӀыкӀэрэ къыздыщыхъуа щӀыпӀэмрэ и къэӀукӀэкӀи лъабжьэ къыхуэхъуа ″м″ макъым и мыхьэнэуэ утыку къырилъхьэм пэджэжын мыхьэнэуэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ ″н″ макъым и мыхьэнэрэ и лъэкӀыныгъэр. Дэтхэнэ зы макъым и къэхъукӀэрэ къэхъупӀэм, икӀи къызэрыӀу щӀыкӀэм зэрелъытакӀэрэщ и макъ мыхьэнэри, къызэрыхъуа щӀыкӀэр гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа ″м″ макъымрэ абы къыкӀэлъыкӀуэрэ къытехъукӀыжу утыку къихьа ″н″ макъым теухуауэ мы къэтӀуэтахэр мыбы и зы щапхъэщ. ИкӀи, дэтхэнэ зы макъыр мы зи гугъу тщӀа макъхэм хуэдэу къызэрыхъуа щӀыкӀэр зэрилъабжьэкӀэрэщ зы макъыбзэм зэрыхэхьэрэ зэрызекӀуэ щӀыкӀэри, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм макъхэр щызэрызекӀуэ щӀыкӀэри мыпхуэдэщ.

*

Къызэрыхъуа щlыкlэр дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэ лъабжьэщи, бзэм зэрыхыхьэрэ зэрыхэлэжьыхьыр мы и мыхьэнэкlэрэщ. Бзэ лэжьэкlэм мы и мыхьэнэмкlэ хэлэжьыхьу щызекlуэкlэ, абы и мыхьэнэм хуэпэгъунэгъуу мыхьэнэщlэхэри къытохъукlыр. Мы мыхьэнэхэр а макъым и мыхьэнэ лъабжьэу, ар къызэрыхъуа мыхьэнэм елъытарэ теухуэж мыхьэнэхэращи, зы макъыр бзэм щыхэлэжьыхькlэ къэхъу мы мыхьэнэхэмкlэ дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэр мэбагъуэр.

Макъ мыхьэнэ бэгъуэным макъ мыхьэнэ марж къегъэщlри, бзэм зэрыхэлэжьыхьым къигъэщlыу, макъ нэхъыбэм бзэм макъ мыхьэнэ марж щагъуэтыр. Бзэ лэжьэкlэм "макъ мыхьэнэ марж" жыхуэтlэр "макъ мыхьэнэ лъабжьэ"ращ къызтехъукlри, мы макъ мыхьэнэ лъабжьэмрэ, абы къытехъукlыу бзэм щигъуэта мы и мыхьэнэ лlэужьыгъуэхэмкlэщ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыж щlыкlэр. Аращи, макъ мыхьэнэ марж зыгъуэта дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэт щlыкlэр мы мыхьэнэ маржым хиубыдэ дэтхэнэ зы мыхьэнэ lыхьэр бзэм зэрихигъэзэщlыхькlэрэщ. Ар щхъукlи, зы макъ мыхьэнэ марж зиlэ макъыр дэтхэнэ зы псалъэм зэрыхэт щlыкlэр макъ мыхьэнэ лъабжьэрэ абы къытехъукlыжа мыхьэнэхэмкlэщи, а макъыр а псалъэм зэрыхэтым гулъытэ хуэщlын хуейщ. Абы гулъытэ зэрыхуэпщlкlэрэщ псалъэм и мыхьэнэри икlэ нэгъунэ гурыlуэгъуэ къызэрыпхуэхъуфынур.

Зы макъыр и къэхъуыкlэ мыхьэнэ лъабжьэу е мы мыхьэнэ лъабжьэм къытехъукlыжа мыхьэнэкlэрэ зэрыхэлэжьыхьыфыр гурыlуэгъуэ къащlыр мы псалъэхэми, нытlэ, мы мыхьэнэ лlэужьыгъуитlыр лъабжьагъэрэ куагъэкlэ зэрызэхуэмыдэнури гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхьукlи, зы псалъэм и мыхьэнэр ар зэрыухуа макъхэм мы я мыхьэнэхэм зэрелъытар гурыlуэгъуэнщ.

Зы макъыр къызэрыхъуа мыхьэнэр лъабжьэрэ нэхъ куу и мыхьэнэращ, ауэ макъ мыхьэнэ маржым хиубыдэу бзэ лэжьэкlэм макъ мыхьэнэ лъабжьэм къытехъукlыж мыхьэнэхэр куагъкlэ "макъ мыхьэнэ лъабжьэ"м къыкlэлъыкlуэрщ. Зы макъым и "мыхьэнэ лъабжьэ"р абы и нэхъ мыхьэнэ куурэ купщlэращи, абы пэгъунэгъу мыхьэнэхэр абы къыкlэлъыкlуэу мыхьэнэ куагъ зиlэхэращ, макъ мыхьэнэ марж ухыпlэри а макъым и мыхьэнэр нэхъ чэндж щыхъу щlыпlэхэращ.

Макъхэр къызэрыхъуарэ бзэ лэжьэкlэм къатехъукlыж мыхьэнэхэм елъытарэ теухуауэщ псалъэхэм зэрыхэт щlыкlэри, псалъэр зэрыухуарэ мыхьэнэуэ зэрызэпкъырыува щlыкlэм гулъытэ хуэпщlын папщlэ, абы хэт макъхэм я макъ мыхьэнэ маржым гулъытэ хуэпщlыу, а псалъэр зэрыухуа дэтхэнэ зы макъым – ар дэтхэнэ и мыхьэнэ пыухытакlэрэ зэрыухуамщыгъуазэ ухуэхъун хуейщ. Аращи, зы макъыр и макъ мыхьэнэ лъабжьэкlэ зы псалъэм хэтмэ, а нэхъ куагъ зиlэ зы мыхьэнэкlэ хэту аращ псалъэми, макъ мыхьэнэ лъабжьэм къытехъукlыжарэ макъ мыхьэнэ маржыр зэрыухуэу утыку къихьа мыхьэнэхэм я зэкlэлъхьэужьыкlэр мыхьэнэ куагъкlи зэкlэлъхьэужьыкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, дэтхэнэ зы макъым макъ мыхьэнэ марж къызэрытемыхъукӏым нэмыщӏ, макъ мыхьэнэ маржым хиубыдэ дэтхэнэ зы мыхьэнэри нобэм къызэрынэмысари гурыӏуэгъуэнщ. Ар щыхъукӏи, макъкӏэрэ ухуа псалъэхэм я мыхьэнэмрэ мыхьэнэ маржым теухуауэ мы жытӏахэр дэтхэнэ зы макъым зэрыхыумылъэгъуэфынури гурыӏуэгъуэнщ.

Зы псалъэм и мыхьэнэр ар зэрызэпкъырыува макъхэм я мыхьэнэм елъытащи, псалъэхэр мыхьэнэкӏэрэ мыпхуэдэущ зэрызэщхьэщыкӏыр. Зы псалъэм и мыхьэнэм и кууагъэр ар зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэм елъытащи, зэрыухуа макъ мыхьэнэ кууагъэхэм елъытауэщ псалъэхэр я мыхьэнэ кууагъэкӏэ зэрызэщхьэщыкӏыр. Макъ мыхьэнэ кууxэмкӏэ ухуа зы псалъэм и мыхьэнэр куущи, макъ мыхьэнэ мыкуухэмкӏэ ухуа зы псалъэм и мыхьэнэри кууагъ зимыӏэрщ. Зы бзэм къыхэхъукӏ псалъэхэр я мыхьэнэкӏэрэ зэщхьэщокӏри, мыхьэнэ куу зиӏэрэ зимыӏэ псалъэхэр макъыбзэм макъ мыхьэнэкӏэрэщ къызэрыригъэщӏыр.

Мы къэтӏуэтахэм теухуауэ зы макъыбзэмрэ макъыбзэу щымыт зы бзэр зэрызэщхьэщыкӏыр гулъытапхъэщ. Аращи, мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа макъыбзэм къигъэхъу псалъэхэр зэрыухуа макъхэм зэрелъытарэ зэрытеухуакӏэрэ мыхьэнэ кууагъэкӏэ зэрымылъытэфынур гурыӏуэгъуэнщ макъыбзэ лэжьэкӏэ зимыӏэ бзэхэм я псалъэхэр. Нытӏэ, макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр мыхьэнэншэу зэрылъытэрэ икӏи бзэм систематикэу хэлэжьыхьу зэрыщымытым зэрезэгъщи, зытеухуа макъхэм елъытарэ теухуауэ мылъытэ псалъэхэм я мыхьэнэр ахэр зытеухуарэ абыхэм къагъэлъагъуэу ялъытэ ӏуэхугъуэм и мыхьэнэ кууагъэращ зытеухуар.

Макъ мыхьэнэ марж зыгъуэта дэтхэнэ зы макъыр мыхьэнэ кууагъэкӏэ зэщхьэщыкӏыу зэхэлъщ. Икӏи, зы макъым игъуэт мыхьэнэ маржым хиубыдэ мыхьэнэхэр зэлъытари а макъым и мыхьэнэ лъабжьэращи, зы макъ мыхьэнэ маржым мыхьэнэ кууагъ зэхуэмыдэ иӏэми, зы макъым къытехъукӏыну мыхьэнэ кууагъэрэ чэнджыгъэр зыдынэсынфынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъым мыхьэнэ зэриӏэм и гугъу щытщӏым деж, макъхэм я мыхьэнэхэми зэхуэмыдэ кууагъ зэраӏэнур гурыӏуэгъуэщи, абыхэм къатехъукӏыну мыхьэнэ маржым хиубыдэ мыхьэнэхэм кууагъэу ягъуэтынур ар къэзыгъэщӏ макъым и мыхьэнэ лъабжьэращ зэлъытар.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, зы макъыбзэращ я макъхэм мыхьэнэ зиӏэу лъытапхъэри, ар макъхэр зэхуэмыдэ кууагъэкӏэ щызэрыщхьэщыкӏри зелъытарэ гурыӏуэгъуэ зыщӏыф зы бзэрщ. Зы макъыбзэм и макъхэр макъыгъуэм зэрыхэт щӏыкӏэрэ щӏыпӏэм елъытауэщ мыхьэнэ кууагъэкӏэ зэрызэщхьэщыкӏыпхъэри, мыри я къэхъукӏэрэ къэхъупӏэм икӏи макъхэр я къэхъукӏэкӏэ зэрызэлъытам теухуащ. Зы макъым бзэм зэрыхэлэжьыхьым къызэрыгуэкӏкӏэ игъуэта мыхьэнэ маржыр зэхуэмыдэ мыхьэнэ кууагъэу зэрызэщхьэщыкӏыр а макъым мы и къэхъукӏэращ зэлъытарэ зытеухуар.

Зы макъым и кууагъ щыжытӏэкӏэ, нэхъыбэм деж, абы и мыхьэнэ лъабжьэращ зи гугъу тщӏыри, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуа щӏыкӏэм

ипкъ зэриткІэ иІэ мы и мыхьэнэ лъабжьэм теухуауэ адрей макъхэм кууагъэкІэ щхьэщокІыр. Макъ щыІэгъуэрэ макъыгъуэм зэрытеухуакІэрэ дэтхэнэ зы макъым адрей макъхэм елъытауэ зы мыхьэнэпІэ зэриІэр гурыІуэгъуэнщи, бзэм и макъхэр мыхьэнэ кууагъэкІэ зэрызэщхьэщыкІри, макъхэм къатехъукІ мыхьэнэ маржыр зелъытари мыращ.

**Макъыбзэ еплъыкІэкІэ къэбэрдеибзэ адыгэбзэм хэт макъхэр.**

Япэрей лэжьыгъэхэм утыку къитлъхьащ адыгэбзэм макъыу хэтхэри, илъабжьэкІэ къыпыщэну лэжьыгъэм ипэ къихуэу ахэри дигу къэдгъэкІыжынщ.

**"Макъ Іуэр"хэр.**

Япэрей лэжьыгъэхэм адыгэбзэм хэт макъхэр алфавитым щызэрыгъэлъэгъуэн хуей зэкІэлъхьэужьыкІэм и гугъу тщІагъащ. А лэжьыгъэхэм макъхэр я къэІукІэкІэ "макъ Іуэр"рэ "макъ щэху"у зэщхьэщыкІыу лъытащ, икІи "макъ Іуэр"хэмкІэ къежьэрэ "макъ щэху"хэр абы къыкІэлъыкІуэжущ адыгэбзэ макъхэр и алфавитым зэрыгъэлъэгъуэн хуейуэ зэрылъытар. Алфавитыр мыпхуэдэу зэхэлъхьэн зэрыхуейр макъхэм я къэхъуыкІэрэ я къэІуыкІэр лъабжьэ зыщІ зы бгъэдэхьэкІэращ къызтехъукІыр.

"Макъ Іуэр"хэр "ы"кІэрэ къежьэу "э" нэужь "и"р, абыи "у"р къыкІэлъыкІуэжущ утыку къызэрихьэри, мыхэр "макъ Іуэр лъабжьэ"у зэрылъытапхъэри жытІагъащ. Мыбыхэм къатехъукІ макъхэр къызтехъукІа "макъ Іуэр лъабжьэ"р зыхэтыж хиубыдэу "макъ Іуэр"хэр гуп гупу къэгъэлъэгъуащ. Адыгэбзэм хэт "макъ Іуэр"хэр къызэрежьэрэ (ы) зыр зым къызэрытехъукІыр гулъытэ къызэрищІкІэрэ мыпхуэдэу гуп гупу зэкІэлъхьэужьу къэгъэлъэгъуэн хуейуэ лъытапхъэщи, макъ Іуэр гупхэмрэ я зэкІэлъхьэужьыкІэр мыпхуэдэщ: «Ы, ІЫ»; «Э, ІЭ, А»; «И, ІИ, Й, Е (иэ; эи - эй, эйй), ІЕ, -Я-»; «У, ІУ, О (эу)».

Мы гупхэм ущыхэплъэм деж, макъ гуэрхэр а гупым щІыхэтым и щхьэусыгъуэр наІуэми, макъ гуэрхэр гупу зыдыхэтым щхьэусыгъуэ хуэхъур наІуэ дыдэу зэрыщымытыр жыІэпхъэщ. НытІэ, мыбыхэм я гугъу тщІынщи, зыхэт гупым и щхьэусыгъуэри зыгурыдгъэІуэнщ. Япэрауэ "я" тхыпкъкІэ тхар "и, е (иэ)"м и куэдагъщи, ар адыгэбзэ алфавитым зэрыхэхьам папщІэ, "и" макъ Іуэр лъабжьэм и гупым хэтын хуейуэ лъытапхъэщ.

Мыр гурыІуэгъуэми, "е (эй)"рэ "о (эу)" макъхэр къызтехъукІарэ къызэрежьэу тлъыта "э" макъ лъабжьэм и гупым хэмыту зэрылъытапхъэр гурыІуэгъуэнщ, ауэ ахэр "и"рэ "у" макъ Іуэр лъабжьэхэм я гупхэм зэрыхэдгъэхьам и щхьэусыгъуэри утыку къилъхьэн хуейщ. Бзэ лэжьэкІэм иужькІэ къигъэщІарэ "и, у" макъхэр зэрыхэлэжьыхьым къытехъукІауэ лъытапхъэщ "е (эй)"мрэ "о (эу)" макъ Іуэр зэхэжыхьахэр. Ауэ ахэр икІи

″э″кӀэ къызэрежьэр гулъытапхъэщи, абыхэм я къэхъуныгъэм аргуэру деплъыжынщ.

Япэрауэ ″е (эй)″м и гугъу тщӀынщи, ар ″е (иэ)″р бзэм зэрыхэтыр лъабжьэ хуэхъуу абы нэужь бзэм къыщыхэхъухьауэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, щхьэжу кӀуэтэгъуэ зыгъэзащӀэ ″е (иэ)″м мы и къалэныр зы макъым ″э″р къыкӀэлъыкӀуэу зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэкӀэ ″е (эй)″ макъ Ӏуэр зэхэжыхьар утыку къихьауэ лъытапхъэщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, ″и″м и кӀуэтэгъуэр ″иэ″щи, абы зыгуэрым екӀуэлӀэныгъэ зэригъэзащӀэм хуэдэщ къызкӀэлъыкӀуэ макъым и екӀуэлӀэныгъэр зыгъэзащӀэ ″е (эй)″ми игъэзащӀэ зы къалэныр. ″Э″ нэужьрэ абы елъытауэ къэхъуа ″и″ макъыр мыхьэнэ зиӀэ зы макъщи, ″э″м къыкӀэлъыкӀуэу ″и″кӀэрэ къэхъур кӀуэтэгъуэрэ (э) джыгъуэщи (и), зыгуэр зэрыджрэ зэрыкӀуатэр зэрылъытэ ″е (эй)″ макъ зэхэжыхьакӀэрэ гъэзащӀэр икӀи зыгуэрым екӀуэлӀэн Ӏуэухугъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ИкӀи, кӀуэтэгъуэкӀэрэ джыгъуэ зэрыгъэзащӀэу ″е (эй)″м нэмыщӀ ″эйй″ри къызэрыхьурэ ари ″е″уэ зэрытхакӀэрэ бзэм зэрыхэтри гулъытапхъэщ. ″Е″кӀэр тхауэ мы зи гугъу тщӀы (эй, эйй) макъ зэхэжыхьар утыку къызэрихьэ зы щӀыкӀэри мыпхуэдэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ: ″э″кӀэ къэӀу макъым ″и″р къыкӀэлъыкӀуэрэ ″и″р щхьэж къэӀун щыхуэмейм деж, ″э″мрэ ″и″м зэдащӀэ мы Ӏуэхугъуэр ″э″рэ ″и″р псынщӀэрыӀуу зэхэжыхьауэ къызэрыӀукӀэрэ утыку къохьэри, ар екӀуэлӀэныгъэ зэрыгъэзащӀэу ″эй″рщ, екӀуэлӀэныгъэкӀэрэ (эй) джыгъуэ (и) зэрыгъэзащӀэу къызэрыӀури ″эйй″уэщ. НытӀэ, мы и къэхъукӀэкӀэ е (эй, эйй) макъ зэхэжыхьам игъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр зы ″и″ Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, мыбы папщӀэщ ар ″э″кӀэ къежьэми, ″и″м къытехъукӀауэ зэрылъытапхъэрэ ″и″р зыхэт гупми хэту лъытэн зэрыхуейр.

Мыпхуэдэ къэхъуыкӀэ иӀэу лъытапхъэщ ″о (эу)″ макъ Ӏуэр зэхэжыхьами, ари ″э″кӀэ къэӀу зы макъым ″у″ къызэрыкӀэлъыкӀуэкӀэрэ ″э″мрэ ″у″р зэхэжыхьауэ къызэрыӀу щӀыкӀэу къэхъуащ. Ар щыхъукӀи, сыт хуэдизу ″э″кӀэ къежьэ макъ Ӏуэр зэхэжыхьауэ лъытапхъэми, ″о (эу)″ри ″у″ макъым и гупым хэту зэрылъытар гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, зы зыужьыгъуэ лӀэужьыгъуэр псынщӀэрыгъэзащӀэу зы итыгъуэу зэрыгъэзащӀэр зэрылъытэ ″о (эу)″ри ″э″м нэхърэ ″у″ гупым хэтыныр нэхъ игъуэщ. ИкӀи, ″о (эу)″ макъ зэхэжыхьар мыпхуэдэу къэхъуа нэужь, псалъэхэм зэкӀэлъхьэужьу хэт ″у″мрэ ″э″ри псынщӀэрыӀуу къыщыӀум деж ″о″уэ щызэхэпх щыхъури гулъытапхъэщ.

″Э″кӀэрэ къежьэми, къыкӀэлъыкӀуэ ″и, у″ макъ Ӏуэр лъабжьэхэм я гупым хэтын хуейуэ лъытапхъэщ мы макъ Ӏуэр зэхэжыхьахэри, ″е (эй)″мрэ ″о (эу)″р икӀи макъ къэхъуныгъэкӀэ ″э″м къыкӀэлъыкӀуэу къызэрымыхъуар, ауэ ″и″рэ ″у″м и Ӏуэхугъуэрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым ипкъ зэриткӀэ макъ Ӏуэр зэхэжыхьауэ къызэрыхъуари гулъытапхъэщ. Аращи, ″о (эу)″р ″э″кӀэ къежьэми, ″и″ нэужь къэхъуарэ ″и″ри ″э″ри зыхэзыубыдэ ″у″м зыдыщигъэлъагъуэм деж, ″о″р ″э″ макъ гуп нэхърэ ″у″ макъ гуп лӀэужьыгъуэу лъытапхъэщ. Ауэ икӀи, мы макъ зэхэжыхьахэр ″э″кӀэ

къызэрежьэми зэрезэгъщи, ахэри бзэм щхьэжу хэмылэжьыхьу, ″э″м хуэдэущ зэрыхэлэжьыхьыр.

**″Макъ щэху″хэр.**

″Макъ щэху″хэри я къэӀукӀэкӀэ гуп гупу къэгъэлъэгъуэн хуейщ. КъэӀукӀэкӀэ зэгъунэгъу макъхэр зы гупу лъытапхъэщ. ИкӀи, къэӀукӀэкӀэ зэпэгъунэгъу макъхэм ягъэзащӀэрэ я макъ мыхьэнэри зэпэгъунэгъущ. ″Макъ щэху″хэр гупу гупу гуэшынри, макъ гупхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэри, зы гупым хиубыдэ макъхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэри, ипэрей макъымрэ ар зыхэту ухуэ макъ гупыр лъытэнри ″макъ Ӏуэр″хэр гуп гупу зэрылъытэм хуэдэу гурыӀуэгъуафӀэрэ Ӏуэхугъуэ тыншу лъытапхъэкъым.

″Макъ щэху″ гуэрхэр зы гупу лъытэныр зэрымыгугъур гулъытапхъэщ, ауэ ″макъ щэху″ гуэрхэр зы гупым щыщу лъытэнри, зэгъунэгъуу къэӀуыкӀэ зиӀэ макъ щэху гуэрхэр зы гупу лъынэтри тыншкъым. Макъ гуэрхэр зы гупу лъытапхъэми, гупым хэт макъхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр зэхэгъэкӀынри тыншкъым. Аращи, гуп гуэрхэм хиубыдэ макъхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр гурыӀуэгъуэу щытми, гуп гуэрхэм хэт макъхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр лъытэныр тыншкъым.

Мы псалъэхэмкӀэ гурыӀуэгъуэ къызэрытхуэхъущи, зи къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ, икӀи зэрыр зым къызэрытехъукӀрэ зэрызэлъытакӀэрэ ″макъ Ӏуэр″хэр гурыӀуэгъуэу щытми, ″макъ щэху″хэр мыпхуэдэкъым, НытӀэ, япэрей лэжьыгъэхэм ″макъ щэху″хэр гуп гупу зэрыщӀауэ илъабжьэкӀэ къызэрыта щӀыкӀэм аргуэру хэплъэжын хуейщи, мы лэжьыгъэм къыпэкӀуэ Ӏыхьэхэм ″макъ щэху″хэм я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэм, зыр зым къызэрытехъукӀрэ зэрызэлъыта щӀыкӀэхэм аргуэру дыхэнлъэжынщ

Япэрей лэжьыгъэхэм ″макъ щэху″хэр гуп зэрыщӀа щӀыкӀэмрэ, гуп гупу зэрызэкӀэлъыкӀуэр, икӀи дэтхэнэ зы гупхэм хэт макъхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэри мыбдежым къэдгъэлъэгъуэжынщ: «С, Ц, ЦӀ, З, ДЗ»; «ГЪ, ГЪУ, ДЖ-ГЬ, ГУ, Г»; «Ж, ЖЬ»; «Д, Т, ТӀ»; «Щ, ЩӀ, Ш»; «Ч-К, КУ, КӀ, КӀУ»; «КЪ, КЪУ»; «КХЪ, КХЪУ»; «ХЪ, ХЪУ»; «Х, ХУ»; «ХЬ»; «ЛЪ, Л, ЛӀ»; «П, ПӀ, Б»; «Ф, ФӀ, В»; «М, Н»; «Р».

″Макъ Ӏуэр″рэ ″макъ щэху″хэу къэбэрдеибзэ адыгэбзэм хэтрэ алфавитым ихьэпхъэхэращ мы зи гугъу тщӀахэр. Ауэ зы макъыбзэ лэжьэкӀэр макъкӀэрэ бэгъуэну зэрыхущӀэкъунур гурыӀуэгъуэнщи, макъхэр зэрызэгухьэкӀэрэ щхьэж макъ пэлъытэхэр утыку къызэрихьэм япэрей лэжьыгъэхэми я гугъу щытщӀагъащ. Аращи, бзэм я мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ хэлэжьыхьу хэт ″макъ зэгуэт″рэ зэхэжыхьауэ къэӀуыкӀэ зиӀэхэм мы лэжьыгъэм ипкъ зэриткӀи игъуэ щыхъум деж я гугъу щызэрытщӀынури гурыӀуэгъуэнщ.

## БЗЭЩІЭНЫГЪЭ ДИЦИПЛИНЭ ІЫХЬЭХЭУ ЩЫТ ФОНОЛОГИЕРЭ ФОНЕТИКЭМ Я ЕПЛЪЫКІЭХЭМРЭ АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭР

Фонетикэрэ фонологиер бзэм и макъхэм теухуа бзэщIэныгъэ къудамэхэращ. Фонологиер бзэм и макъхэр зэрылажьэ логиер къэзыгъэунэху диципинэу, фонетикэри мы макъхэм я физикэм телэжьыхь дициплинэущ зэралъытэр.

БзэщIэныгъэм и къудамэ мы дициплинэхэм я лэжьыгъэр зытеухуарэ зыхуэIуари -нэхъ игъуэу- бзэщIэныгъэр къызтехъукIарэ зэлъыта бзэхэрауэ зэрыщытри жыIэпхъэщ. Зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэм макъхэр мыхьэнэншэу зэрылъытам папщIэ, дэтхэнэ зы бзэм макъхэр къызэрыхэIукIрэ зэрыхэт щIыкIэ закъуэращ мы дициплинэхэм я Iуэхур. Дэтхэнэ зы макъыр бзэм къызэрыхэIукI, псэлъащхьэм е псэлъэкум и къэIуыкIэр зэрызэхъуэкI, макъхэм я къэIуыкIэр ударенэкIэ зэрызэхъуэкI хуэдэ Iуэхухэращ мы дициплинэхэм нэхъыбэу я лэжьыгъэхэр зытеухуар. КъызтехъукIа бзэхэр макъыбзэу зэрыщымытрэ зэрымылъытэм папщIи, бзэм и макъхэм теухуауэ къагъэунэхумрэ гулъытэ зыхуащIыу утыку къыралъхьэр зы макъыбзэм макъхэр зэрыхэлэжьыхьым елъытауэ мащIэ дыдэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ.

Мы дициплинэхэм нобэ я лэжьыгъэм нэхъри зэрызиужьыр гулъытапхъэми, абыхэм макъхэр къызэрыхъурэ псэлъэбзэр зэрыухуэм теухуа зы еплъыкIэ нэс зэрамыIэм нэмыщI, икIи я къэхъукIэхэр зэрилъабжьэкIэрэ макъхэр я мыхьэнэкIэрэ систематикэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым хуэкIуэну зы еплъыкIи зэрамыIэр гулъытапхъэщ. Абыхэм я еплъыкIэм зы макъыбзэ консепт хиубыдэкъым. Ауэ мы дициплинэхэм я лэжьыгъэр зы макъыбзэм теухуауэ къырагъэкIуэкIмэ, ахэр нэхъ зэрыужьынури гурыIуэгъуэнщ. Адыгэбзэр зы макъыбзэу, макъхэр я къэхъукIэм теухуауэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, фонологиерэ фонетикэ еплъыкIэри зыгъэужьыфынурэ зыгъэбэгъуэфыну зы бзэрщ.

ТIанэ, бзэщIэныгъэу зи гугъу тщIым макъхэр зэрилъытэ щIыкIэмрэ адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэн хуей щIыкIэр зэрызэтемыхуэщэнури гулъытапхъэщ. БзэщIэныгъэмрэ абы и къудамэу мы зи гугъу тщIы дициплинэхэм ″макъ Iуэр″ымрэ ″макъзешэ″р тIури зэхуэдэу гурыIуэгъуэ зыщI псалъэмкIэщ къызэрыраIуэри, мыри а бзэщIэныгъэр зытеухуарэ къызтехъукIа бзэхэм я лэжьэкIэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Аращи, а бзэхэм зэрыхэт щIыкIэкIэ ″макъ Iуэр″у лъытапхъэхэр зэрыщыту икIи ″макъзешэ″ къалэни зыгъэзащIэрщи, мы терминитIыр зыхуэмыныкъуэрщ; - зыр къыщыриIуэкIэ адрейри ар дыдэущ зэрилъытэр. НытIэ, мыпхуэдэу зэрылъытапхъэм папщIэщи, зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэм мы и терминыр зэрыщыту адыгэбзэм къыщыхэхьэм деж, ″макъ Iуэр″ымрэ абы щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащIэхэр зэхэмыгъэкIауэщ зэрылъытэр.

Адыгэбзэм и макъ Iуэр гуэрхэм макъзешэ къалэн зэрагъэзащIэр, ауэ абы щыщ гуэрхэм мыпхуэдэ къалэн зэрамыгъэзащIэр гурыIуэгъуэщи, мы

терминитIми дыхуэныкъуэщ. Макъым и къэIуыкIэрэ бзэм хигъэзэщIыхь Iуэхугъуэм теухуауэ мы терминхэм тIуми адыгэбзэр хуэныкъуэ щхьэ, зи гугъу тщIы бзэхэм теухуауэ мы терминитIым зэуэ хуэныкъуэкъым. А бзэхэм макъ Iуэру хэтыр икIи макъзешэ къалэн зыгъэзащIэрщи, мы терминитIым зыр хурокъур.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, "макъзешэ" терминым макъым и къэIуыкIэм теухуауэ Iуэхугъуэкъым гурыIуэгъуэ ищIыр. "Макъзешэ" терминым фонетикэу зыгуэр гурыIуэгъуэ ищIкъым; ауэ "макъзешэ" псалъэр фонологие дициплинэм езэгъ зы термину зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. "Макъ Iуэр" псалъэми макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм теухуауэ, фонологикэу зыгуэр гурыIуэгъуэ ищIкъым. Ари фонетикэ дициплинэм теухуа зы термину зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

БзэщIэныгъэр къызтехъукIа бзэхэм дежкIэ, макъхэр фонетикэрэ фонологикэу категоризацэ зэрыхъур зэтохуэри, зы терминым фонетикэрэ фонологикэ еплъыкIитIри тыраухуэр. Ауэ, нобэ адыгэбзэр зыщIаджыкI мы бзэщIэныгъэм ипкъ иткIэ, ди бзэщIэныгъэм къищта "макъзешэ"м "макъ Iуэр" жыхуэтIэр зэрыхимыубыр гурыIуэгъуэщи, "макъзешэ"у ятлъыта макъхэм "макъ Iуэр"хэм псори зэрыхиумыбыдэм папщIэ, макъхэм теухуа ди бзэщIэныгъэ къудамэри ныкъуэу къызэтонэр. АдыгэбзэщIэныгъэм "макъзешэ" термину щызэрахьэр зэрыгурыIуэгъуэу фонологиеращ зезэгъыр, ауэ нобэ адыгэбзэ макъхэм теухуауэ фонетикэкIэ щхьэхуэу узхуэныкъуэ "макъ Iуэр" терминыр зэрихьэкъым. Зы макъыр къызэрыIумрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь къалэнкIэрэ лъытэн хуейщи, адыгэбзэм и макъ Iуэрхэм теухуауэ мы Iуэхугъуитlыр макъыбзэу щымыт бзэхэм хуэдэу щызэтемыхуэм деж, адыгэбзэм и макъхэм ущытелэжьыхьрэ ущытепсэлъыхькIэ, мы терминитIми ухуэныкъуэщ. Аращи, макъхэр я къэIукIэрэ фонетикэу "макъ Iуэр"рэ "макъ щэху"у лъытэн зэрыхуейрэ, макъхэм бзэм хагъэзэщIыхь къалэным теухуауэ фонологиеуи "макъзешэ"рэ "макъдэкIуашэ"у лъытэн зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ.

Нобэрей адыгэбзэщIэныгъэм и термину щыт "макъзешэ"рэ "макъдэкIуашэ"м химыубыдэ макъхэр (Iы, Iэ, Iи, Iу) зэрыхэтыр гулъытапхъэщ адыгэбзэми, "макъзешэ" къалэн зымыгъэзащIэрэ икIи "макъдэкIуашэ"уи щымыт мы макъхэр – нобэрей бзэщIэныгъэр къызтехъукIа бзэхэм мыпхуэдэу лъытапхъэ макъхэр зэрыхэмытым папщIэ-бзэщIэныгъэкIэ зэрымылъытэфыр гулъытапхъэщ. Аращи, фонологие терминхэу щыт "макъзешэ, макъдэкIуашэ" терминхэм емызэгъ мы макъхэр зэрылъытэфынур фонетикэущи, ари адыгэбзэкIэ фонетикэу "макъ Iуэр"ущ зэрылъытапхъэр.

ИкIи, фонологиеу "макъдэкIуашэ" терминым хиубыдэ макъхэм псори фонетикэуи зэхуэдэ макъхэщ, ауэ мы ипэкIэ къызэрыгъэлъэгъуауэ фонетикэу "макъ Iуэр" терминым ущыхуэныкъуэкIэ, мыбы фонетикэу къыпэув "макъ щэху" терминми ухуэныкъуэнщ. Мы псалъэм ипкъ иткIэ, бзэм и макъ псоми бзэщIэныгъэкIэ утепсэлъыхьын папщIэ, нобэ

адыгэбзэщlэныгъэм къищтарэ икlи фонологие терминхэу щыт ″макъзешэ, макъдэкlуашэ″ терминхэм нэмыщl, фонетикэ термину ″макъ lуэр, макъ щэху″хэми ухуэныкъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, бзэм и макъхэр утыку къызэрихьэрэ къызэрыlум теухуащ ″макъ lуэр, макъ щэху″ терминхэри, ахэр макъ физикэрэ щыlэгъуэ терминхэу фонетикэ терминхэрщ. ″Макъзешэ″ терминыр ″макъ lуэр″ гуэрхэм (нэхъыбэм) бзэм хагъэзэщlыхь къалэну, фонологие терминщ. ″Макъ lуэр″ым хуэдэу зы фонетикэ термину щытрэ макъ физикэрэ щыlэгъуэр зэрылъытэрщ ″макъ щэху″ терминри, икlи мы макъ щэхухэр утыку къызэрихьэфри гурыlуэгъуэ зыщl зы термину щыт ″макъдэкlуашэ″ терминыр зы фонологие термину зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″макъдэкlуашэ″ псалъэр макъыр фонетикэу зэрылъыта ″макъ щэху″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуа фонологие терминщ.

Нытlэ, мы псалъэхэм къызэрыгуэкlкlэ, адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ аргуэру жыlэпхъэхэр илъабжьэкlэ къыщыпытщэжынщ. Ауэ, мы ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, фонологиерэ фонетикэ бгъэдэхьэкlэмрэ адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ илъабжьэкlэ зи гугъу тщlынухэр нэхъыбэу адыгэбзэ хэт ″макъ lуэр″хэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Адыгэбзэм и макъхэр зи гугъу тщlы бзэщэlыгъэ дициплинэхэм я бгъэдэхьэкlэкlэ бзэщlэныгъэлlхэм зэралъытэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщи, мыпхуэдэ бгъэдэхьэкlэхэр макъыбзэм и макъхэм теухуауэ зэрымыигъуэр къыхэдгъэщынщ; адыгэбзэм хэту лъытапхъэ ″макъ lуэр″хэмрэ, абыхэм ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэрэ зымыгъэзащlэу хэтхэри я къэхъукlэрэ къэlукlэм зэрелъытакlэрэ гурыlуэгъуэ зыхуэтщlынщ.

*

Утыку иту зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм макъхэр зэрилъытэр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм телэжьыхь мыпхуэдэ щlэныгъэлlхэм адыгэбзэм и ″макъ lуэр″хэри езыхэм я бзэхэм а макъхэр къызэрыхэlукlкlэрэщ. Аращи, я бзэм хэт ″макъ lуэр″хэр къызэрыlу щlыкlэмрэ адыгэбзэ ″макъ lуэр″хэр къызэрыlу щlыкlэри зэрызэщхьэщыкlыр нэмыплъ ящlыр. Езым я бзэмрэ абы къытехъукlа бзэщlэныгъэр лъабжьэ ящlыущ адыгэбзэми зэрыбгъэдэхьэхэри, адыгэбзэ макъхэм я къэlукlэхэмрэ я къэхъукlэм, икlи я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэм гу лъатэкъым, я бгъэдэхьэкlэм мыпхуэдэхэр къыридзэкъым. Зи гугъу тщlы бзэхэм я ″макъ lуэр″хэр зэрыщыту ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэрщи, зы терминыр (макъзешэ) яхурокъур. Адыгэбзэм и ″макъ lуэр″хэм щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэмрэ зымыгъэзащlэхэм я къэlукlэр зэрызэхуэмыдэри гурыlуэгъуэщи, ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэм хуиту къэlуыкlэ зэраlэр гулъытапхъэщ. Ауэ, зи гугъу тщlы бзэхэм я макъ lуэрхэр мыпхуэдэу зэщхьэщыкlкъым, икlи ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэ я ″макъ lуэр″ псори адыгэбзэм макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэ макъхэм хуэдэ къэlуыкlэ

зиӀэрщ. Аращи, утыку ит бзэщӀэныгъэр къызтехъукӀа бзэхэм я ″макъ Ӏуэр/макъзешэ″хэр къызэрыраӀу щӀыкӀэр адыгэбзэкӀэ мыпхуэдэщ зэрытхыну щӀыкӀэр: «*ı* → Ӏы; *i* → Ӏи; *e* → ″Ӏэ, Ӏе″; *a* → ″Ӏэ, Ӏа″; *u* → Ӏу; *o* → Ӏо».

А бзэхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащӀэу хэт мы ″макъ Ӏуэр″хэм хуиту къэӀуыкӀэ зэрамыӀэм зэрезэгъщи, ахэр адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзымыгъэзэщӀыхь макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщӀыхь ″макъ Ӏуэр″хэр япэрауэ ″макъ щэху″р зэришэн лъэкӀынысгъэу хуиту къэӀуыкӀэ зиӀэрщ. - ″Макъ щэху″хэр зэрызешэкӀэрэ къызэрыӀум теухуауэ зэрылъытэри ″макъдэкӀуашэ″ущ-. Аращи, зи гугъу тщӀа бзэхэм ″макъзешэ″у хэтхэр къызэрыӀу щӀыкӀэр адыгэбзэкӀэ тхауэ мы ипэкӀэ къэтащи, абыхэм щыщу адыгэбзэ макъхэм теухуэхэр адыгэбзэ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщӀэфыну къызэрыӀу щӀыкӀэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:: «*ı* → ы; *e* → ″э, е (эй)″; *i* → и; *a* → ″э, а″; *u* → у; *o* → о».

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, адыгэбзэм и ″макъзешэ″хэмрэ а бзэхэм я ″макъзешэ″хэм я къэӀукӀэхэр зэтехуэкъым. Адыгэбзэм и ″макъ Ӏуэр″хэм щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащӀэхэр хуиту къэӀуыкӀэ зэриӀэр жытӀагъащи, а бзэхэм и нэхъыбэу нобэ мыпхуэдэу хуиту къэӀуыкӀэ зиӀэ макъ яхэткъым е яхэтыжккъым. Адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзэщӀэфыну щхьэж къэӀуыкӀэ зиӀэ ″макъ Ӏуэр″хэм хуэдэ къэӀуыкӀэ зиӀэхэращ зи гугъу тщӀы бзэхэм ″макъзешэ″ къалэнри зыгъэзащӀэр. Мыпхуэдэ къэӀукӀэкӀэщ макъ Ӏуэрхэр а бзэхэм зэрыхэтри, макъзешэ къалэн зымыгъэзащӀэ макъ Ӏуэри язэрыхэмытри жытӀагъащ.

Зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэлӀхэм адыгэбзэм и макъхэр езым я еплъыкӀэкӀэ категоризацэ щащӀкӀэ, зы макъыбзэу адыгэбзэм и лэжьэкӀэр нэмылъ зыщӀ зы категоризацэщ утыку къыралъхьэр. ИкӀи абыхэм адыгэбзэм и макъхэр нобэрей алфавитым зэрыхэт щӀыкӀэкӀэ зэралъытэнури гурыӀуэгъуэнщи, нобэрей ди алфавитми адыгэбзэм и ″макъ Ӏуэр″хэм псори зэрыхимыубыдэри гулъытапхъэщ. Къыхэгъэщыпхъэщи, нобэрей адыгэбзэ алфавитым ″Ӏы, Ӏэ, Ӏи″ макъхэмрэ зэхэжыхьауэ къэӀу ″эй, эйй″ри (″иэ″ зэхэжыхьар зэрытхам хуэдэу ″е″уэ тхащи) щхьэхуэу зы тхыпкъкӀэ къэгъэлъэгъуауэ хэткъым.

Нобэрей адыгэбзэ алфавитым фонологиерэ фонетикэ дициплинэ еплъыкӀэкӀэ хэплъа Европэ бзэщӀэныгъэлӀ гуэрхэм ″макъзешэ″ къалэн игъэзащӀэу адыгэбзэм хэту ялъагъу макъхэр мыхэращ: «ы, э, а, о».

″Макъ Ӏуэр″у ялъытэр зэры″макъзешэ″ри гурыӀуэгъуэщи, адыгэбзэм хэт ″е″р щхьэжу къызэрыӀу щӀыкӀэу (иэ) зэралъытэм папщӀэ ″макъзешэ″къыми, а тхыпкъыр (е) ″макъзешэ″м хабжэкъым. Ауэ ″е″ тхыпкъыр алфавитым икӀи ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьахэм папщӀи зэрызыретхьэр гурыӀуэгъуэщи, мыхэр къызэрыӀу щӀыкӀэм зэрытеухуакӀэрэ ″е″р фӀэкӀыпӀэ имыӀэу ″макъзешэ″щ.

Бзэщ|эныгъэу къэк|уар зытеухуа бзэхэм ″макъ |уэр″ жыхуа|эр ф|эк|ып|э имы|эу ″макъзешэ″у зэралъытэм папщ|э, ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащ|эу адыгэбзэ алфавитым хэт ″е (иэ)″, ″я (иа)″, ″|у″ макъхэр ди бзэщ|эныгъэм ″макъ |уэр″ термин зэрыхэмытым папщ|э, категоризацэ мыщ|ауэ къызэрынари гулъытапхъэщ. Ауэ мыхэр ″макъзешэ″у щымыт щхьэ, ик|и ″макъдэк|уашэ″уи зэрымылъытапхъэр гуры|уэгъуэщи, бзэм хэт и макъ гуэрхэр ипэк|и зэрыжыт|ауэ бзэщ|эныгъэрэ фонетикэу мылъытауэ къэнащ. Я къэ|ук|эм ипкъ итк|э, мы макъхэр ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащ|э ″макъ |уэр″хэрщ; ахэр ″макъ |уэр″у зэрыщытым ипкъ итк|э, къэ|ун папщ|э макъзешэ зыхуэмыныкъуэу, макъдэк|уашэуи зэрыщымытыр гуры|уэгъуэщ. Мыпхуэдэу адыгэбзэм хэт макъхэр мы зи гугъу тщ|ахэм къызэрыщымынэри гуры|уэгъуэщи, ахэри илъабжьэк|э къэдгъэлъэгъуэнщ.

Аращи т|э, ипэк|э адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ ″макъ |уэр″рэ ″макъзешэ″ терминхэр зэхуэдэ |уэхугъуэу зэрыщымытым и гугъу тщ|ащи, адыгэбзэм ″макъ |уэр″ щхьэ, бзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзымыгъэзэщ|ыхьу хэт ″макъ |уэр″хэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «|ы, |э, |и, й, е (иэ), |е, я (иа), |у».

Мыбыхэм щыщу ″е″к|э тхар ″иэ″ макъ |уэр зэгуэтрэ зэхэжыхьауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ, ауэ ик|и ″иэй″ къэ|уык|э зи|эу бзэм хэлэжьыхь макъ |уэр зэгуэтрэ зэхэжыхьари ″иэ″р мы зэрытха щ|ык|эу ″е″к|э зэрытхри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэм игъуэр къыщысым деж я гугъу щытщынущ.

″Макъ |уэр″у ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащ|эу адыгэбзэм хэтхэри илъабжьэк|э къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм я бжыгъэр ипэк|э и гугъу зэрытщ|ауэ адыгэбзэм ″макъзешэ″у хэту ялъытам зэрыщхьэщык|ышхуэри гулъытапхъэщ: «ы, э, и, а, е (эй, эйй), у, о (эу)».

*

Зи гугъу тщ|ы бзэхэм хэт макъ |уэрхэр щхьэжу къызэры|умрэ адыгэбзэ макъхэр щхьэжу къызэры|ур зэтехуэкъым. Аращи, бзэщ|эныгъэр къызтехъук|а бзэхэр зезыхьэ бзэщ|эныгъэл|хэм езым я макъхэр щхьэжу къызэры|ур лъабжьэрэ пэжу зэралъытэм къызэрыгуэк|щи, адыгэбзэ ″макъ |уэр″ гуэрхэри къызэры|у щ|ык|эк|э ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзэщ|эн хуейуэ ялъытэр. Мы псалъэм езэгъ зы макъри ″у″ращ. Адыгэбзэм и ″у″ макъыр щхьэжу къызэры|у щ|ык|эр зи гугъу тщ|а бзэхэм хэт макъыу ингилизыбзэм хэт ″w″ макърацщи, ар а бзэхэм зэрыхэт щ|ык|эр зы ″макъ |уэр″укъым, - ″макъзешэ″ къалэн игъэзащ|эукъым. Ар ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащ|эрэ зы ″макъ щэху″ущ зи гугъу тщ|а бзэхэм зэрыхэтри, ик|и ар щхьэж къэ|ук|эк|э адыгэбзэм и ″у″ макъым хуэдэми, зи гугъу тщ|а бзэхэм зэрыхэт щ|ык|эр макъ щэхурэ макъдэк|уашэу щыт ″v (в)″ым и зы вариант макъыущ. Ар щыхъук|и, ″w″ макъыр щхьэж къэ|ук|эк|э адыгэбзэм и ″у″ макъым хуэдэми, ар а бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щ|ык|эр адыгэбзэм и ″у″ макъым нэхърэ ″v″ макъым нэхъ пэгъунэгъуу зэрыщытри гуры|уэгъуэщ. Ик|и, зи гугъу тщ|ы бзэщ|эныгъэ еплъык|эк|э щхьэжу къызэры|у щ|ык|эк|э ″w″ макъым хуэдэ къэ|уык|э зи|э адыгэбзэ ″у″ макъми ″макъзешэ″ къалэн имыгъэзэщ|эн хуейуэщ зэралъытэр. А бзэхэм

зэрыхэткlэ ″w″ макъыр икlи макъ щэхурэ макъдэкlуашэ дыдэуи ялъытэкъыми, мыр зэрилъабжьэкlэрэ ди бзэщlэныгъэлlхэми адыгэбзэм и ″у″ макъри ар дыдэу ″макъ lуэр″рэ ″макъзешэ″ дыдэу ямылъытэу, ″макъ lуэр никъуэ″рэ ″макъ щэху никъуэ″ущ зэралъытар. Ауэ адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъ lуэрхэм я къэlукlэм и гугъу тщlащ ипэкlи, ″у″ макъым и къэlукlэр макъзешэ къалэн игъэзэщlэну хуиту къэlуыкlэ зиlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″у″ макъыр щхьэжу ″w″ макъым хуэдэу къэlуми, щхьэжу хуиту мы и къэlукlэм зэрезэгъщ икlи ″у″ макъым адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн щlызэрыхигъэзэщlыхьыр.

Адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъхэмрэ зи гугъу тщlы бзэхэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъхэм я къэlукlэхэр зэхуэдэкъыми, мыбы и зы щапхъэщ ″w″р зэрылъытапхъэмрэ, щхьэж зы макъыу абы  хуэдэ къэlуыкlэ зиlэ адыгэбзэ макъыу щыт ″у″ макъыр зэрылъытапхъэр. Аргуэру жытlэжмэ, къызтехъукlа бзэхэм я макъхэр зэрыхэлэжьыхьым теухуауэщ зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм макъхэр зэрилъытэри, мы еплъыкlэм теухуауэ ди бзэщlэныгъэми адыгэбзэ макъыу щыт ″у″р ″макъзешэ никъуэ″у зэрилъытам и лъабжьэри мыращ. Мыпхуэдэ бгъэдэхьэкlэр адыгэбзэм и ″у″ макъым теухуауэ зэрыщыуагъэр гурыlуэгъуащэщ. Адыгэбзэмрэ хамэбзэхэм я макъхэр къызэрыlу щlыкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр зэрызэхэмыгъэкlам ипкъ иткlэ, ди бзэщlэныгъэм мы зэрилъытар зэрыщыуагъэри наlуэщи, адыгэбзэм и ″у″ макъыр ″макъзешэ никъуэ″къым, ар занщlэу икlэм къызпыхьэ макъ щэхурэ макъдэкlуашэр фlэкlыпlэ имыlэу зэрешэр. Ауэ ар зи гугъу тщlа щlыкlэу щыуагъэу зэралъытэм къызэрыгуэкlщи, нобэ ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм ар щхьэж и мыхьэнэкlэрэ щыхэлэжьыхьым дежми, щыуагъэу макъдэкlуашэм занщlэу къыкlэлъыкlуэу ятхыфыр. Мы псалъэхэм и зы щапхъэщи, ″сыукlащ, быукlащ″ е глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэу нэхъ игъуэу ″съукlащ, бъукlащ″ хуэдэу тхын хуейщ нобэ ″сукlащ″у ятхри, ар мыпхуэдэу щатхым деж, мыпхуэдэ псалъэхэм зэрыхэткlэрэ макъзешэ къалэн зымыгъэзэщlэн хуейуэ щыт ″у″ макъыр - мы зэратх щlыкlэкlэ- макъзешэ къалэн игъэзэщlэну хурахулlэр.

Мы къэта щапхъэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, щхьэжу е псэлъащхьэу зэрыщытым зэрезэгъэкlэрэ ″у″м и мыхьэнэкlэ зыкъыщигъэлъагъуэ щlыпlэм ищхьэкlэ макъдэкlуашэ къыщыпыхьэм деж, макъзешэ къалэн зыгъэзэщlэф макъ lуэрым а макъдэкlуашэм фlэкlыпlэ имыlэу макъзешэ къалэн зэрыхуигъэзэщlэнур гурыlуэгъуэнщи, а макъдэкlуашэр е зы макъзешэкlэ къэlун хуейущ, е а макъдэкlуашэм ″ъ″ нэгъыщэ къыпыгъэхьауэ ар ″у″кlэрэ зэрешэным къегъэлын хуейщ. ″У″ макъым нэмыщl, икlи ″и″ макъри бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщ, ауэ ди тхэкlэм ″у″м теухуауэ мы зи гугъу тщlа щыуагъэхэр ″и″м теухуауэ къызэрымыхъури гулъытапхъэщ.

Мыхьэнэ зиlэ макъхэу зэрыщытрэ бзэм щхьэжу зыкъигъэлъагъуэу е псэлъащхьэ щыхъум деж, ищхьэмкlэ къыпыхьэ макъдэкlуашэхэм

макъзешэ къалэн хуигъэзэщlэн хуейуэ зэрыщымытыр гулъытапхъэщ мы макъхэми, ахэр зи гугъу тщlа бзэщlэныгъэр тегъэщlапlэ зэращlкlэрэ макъзешэ дыдэу зэрамылъытэми къызэрыгуэкlкlэ ди тхэкlэм мыпхуэдэ щыуагъэхэр къыхохъухыр. Мы къэтlуэтахэм къызэрыгуэкlкlэ, "у"мрэ икlи "и"ри "макъзешэ" нэсу щlамылъытар гурыlуэгъуэнщ, ауэ ахэр адыгэбзэм и макъхэу щыплъытэм деж, ди тхэкlэм мыпхуэдэ щыуагъэхэр къызэрыхэмыхъухьынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыпхуэдэщ макъыбзэм и макъхэр зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри, дэтхэнэ зы "макъ lуэр"ым сытым дежи "макъзешэ" къалэн игъэзэщlэн хуейуэ щыткъым; адыгэбзэм и макъ lуэрхэр макъзешэ къалэн закъуэ папщlэкъым къызэрыхъуар.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, макъыбзэмрэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр щхьэж къэlукlэкlи, бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlи зэщхьэщокlри, мы зэщхьэщыкlыныгъэр мылъытэрэ нэмыплъ зэрыщlкlэрэ, макъыбзэу щымыт бзэхэм къытехъукlарэ теухуа бзэщlэныгъэм макъыбзэр щыщlаджыкlым къихь щыуагъэхэращ мы зи гугъу тщlахэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэм теухуауэ къэхъу щыуагъэхэр къызтехъукlыр адыгэбзэм и макъхэри зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэм я макъхэм хуэдэу зэрылъытэращ. Бзэщlэныгъэ зи цlэу утыку итыр зытеухуарэ къызтехъукlа бзэхэм я макъхэм теухуауэ жиlэхэр а зэрыщыту щlэныгъэрэ пэжыгъэу зэрылъытэкlэрэ адыгэбзэм и макъхэми теухуауэ лъытэнращ мы щыуагъэхэр къызхэкlыр.

Зи гугъу тщlа бзэхэм "макъзешэ" къалэн зыгъэзащlэ я макъхэмрэ адыгэбзэм "макъзешэ" къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъхэм я къэlукlэр зэхуэдэкъым. Адыгэбзэм "макъзешэ" къалэн хэзыгъэзэщlыхь "макъ lуэр"хэр хуиту къоlу; зи гугъу тщlы бзэхэм "макъзешэ" къалэн згъэзащlэ макъхэр хуиту къэlун хуэныкъуэкъым, ахэр къызэрыlу щlыкlэр адыгэбзэм и "макъ lуэр лимитацэ"хэм хуэдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи, зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм "макъ lуэр"рэ "макъзешэ"у зэрызэщхьэщымыкlыр жытlагъащи, езы бзэхэм зэрыхэтым теухуауэ тlурэ зэхуэдэрэ зыуэщ зэрилъытэр. Мы зэрилъытэ щlыкlэр зэрыщыту адыгэбзэм "макъзешэ"у хэхьащ, ауэ "макъзешэ"р "макъ lуэр" гуэрхэм ягъэзащlэ зы къалэнщ. "Макъ lуэр"ыр фонетикэу макъ гуэрхэр къызэрыlу щlыкlэщи, мыхэр зэхэгъэкlауэ щылъытэм деж, адыгэбзэмрэ зи гугъу тщlы бзэхэр зэрызэщхьэщыкl щlыпlэхэри наlуэ мэхъур. Мы псалъэми къызэрыхэщщи, бзэщlэныгъэр дэтхэнэ зы бзэм езым хуэlуа хъун хуейщ; икlи бзэщlэныгъэ терминхэри щызэрызэгъэдзэкlкlэ хуэсакъын зэрыхуейри гурыlуэгъуащэщ.

"У"м и лимитацэ "lу"р зи гугъу тщlа бзэхэм нэхъыбэу зэратх щlыкlэри - латин алфавит тхыпкъкlэ- мыпхуэдэщ: "*u*". Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, абыхэм мыр адыгэбзэм и "у" макъым ипlэкlэщ зэрызырахьэрэ зэралъытэр. Зэрыгурыlуэгъуэу мыр "макъ lуэр/макъзешэ" дыдэу ялъытэкъыми, мы зэрылъытэ щlыкlэри фонетикэущ. Ауэ а бзэхэм "*u*" макъым "макъзешэ" къалэн хигъэзэщlыхьми, апхуэдэ къэlуыкlэ зиlэ адыгэбзэ макъыу щыт "lу"м "макъзешэ" къалэн зэримыгъэзащlэр гурыlуэгъуэщ. Адыгэбзэм зы

"макъ Iуэр"ым "макъзешэ" къалэн игъэзэщIэфын папщIэ, япэрауэ абы хуиту къэIуыкIэ иIэн хуейщи, зы макъ Iуэрым и лимитацэу щытрэ хуиту къэIуыкIи зимыIэжым "макъзешэ" къалэн игъэзэщIэфынкъым. Аращи, адыгэбзэм и "Iу" макъыр "макъ Iуэр" щхьэ, "макъзешэ"къым.

"Й" макъыр зи гугъу тщIы бзэхэм нэхъыбэм деж зэратх щIыкIэр латин алфавит тхыпкъкIэ "*y*"уэщи, ар "макъ Iуэр ныкъуэ"у ялъытэр, икIи я бзэхэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэущ. Ар зэры"макъ Iуэр ныкъуэ"р адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэм гурыIуэгъуащэ къыпхуещIыр: "й"р "и"м "ы" къыщыхэмыIукIращи, икIи ар "и"м и эффект зыгъэзащIэущ адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэр. Адыгэбзэм "й"м "макъзешэ" къалэн зэрыхимыгъэзэщIыхьми и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщи, ар хуиту къызэрымыIурэ ныкъуэ къэIуыкIэ зиIэу зэрыщытращ. Ар "и" макъым "ы"ншэу и къэIуыкIэу зэрыщытыр адыгэбзэм гурыIуэгъуащэу хэтщ, ар щхьэ мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэ хэплъагъуэкъым бзэщIэныгъэр къызтехъукIа бзэхэми, адыгэбзэм и "и" макъыр къызэрыIу щIыкIэр абыхэм зэралъытэри мыпхуэдэщ: «и → *уı*».

Мыпхуэдэу зылъытэ бзэщIэныгъэм ар зы "макъ Iуэр/макъзешэ" нэсу илъытэкъым. Езым я бзэм "й"р зы "макъ Iуэр/макъзешэ ныкъуэ"у зэрыхэтым папщIэ, абы аргуэру "ы" къыпыхьэжу къэIуу зэралъытэм папщIэщи, "и"р зы "макъ Iуэр/макъзешэ"уи ялъытэкъым. Мыр а бзэхэм я лэжьэкIэм елъытащи, а бзэхэм къытехъукIа бзэщIэныгъэм адыгэбзэри щыщIэбджыкIкIэ, адыгэбзэм езым и макъхэр зэрыхэлэжьыхьыр щыуагъэу къыбгурыоIуэжыр. "У"м теухуауэ ипэкIэ къыжытIахэм хуэдэжщи, адыгэбзэм и "макъ Iуэр" лъабжьэхэм ящыщрэ "макъзешэ"у щыт "и" макъыр зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэм езыр къызтехъукIа бзэхэм зэрелъытарэ зэрытеухуакIэрэ щхьэж зы макъыу зэримылъытар ди бзэщIэныгъэлIхэми я еплъыкIэ хъуащ: нобэ ди бзэщIэныгъэлIхэм щыуагъэу "й"р "и"м къызэрытехъукIам гулъытэ хуамыщIыу, "и"р "й"м къытехъукIауэщ зэралъытэри, "йы → и"уэщ къазрыгурыIуэжрэ зэратхыр!

Ар щхьэ, макъ къэхъуныгъэу зи гугъу тщIахэмрэ икIи мы ипэкIэ къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ заращIщи, "й"р къызтехъукIар зы макъ Iуэр лъабжьэу щыт "и"ращ. "И"р къызэрыIу "ы"р зэрыпыху къэIуыкIэ зиIэрщ "й"ми, ар щхьэж къэIуыкIэ зиIэ зы макъыу лъытапхъэкъым. ИкIи, "й"р бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр "и"м и къалэн зэригъэзащIэущи, зы макъ Iуэрым и къэIукIэ зыдигъэкIурэ щхьэж къэIуыкIи щыхуэмыныкъуэм деж, "и"р къызэрыIу щIыкIэращ "й"р утыку къызэрихьэрэ псалъэхэм щыхэплъагъуэри, абы бзэм хигъэзэщIхьыр "и" макъ къалэну зэрыщыткIэрэ "й"р "и" эффекту зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ.

"И" макъ гупым хэтрэ "Iи"м и кIуэтэгъуэрэ (Iи-э) "е"м и лимитацэу (Iе) къэхъуа зы "макъ Iуэр зэхэжыхьа"ри "Iе"ращ. Ари мы къызэрыхъуарэ къызэрыIукIэрэ "макъзешэ" къалэн зымыгъэзащIэ "макъ Iуэр"у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ абы и къэIуыкIэр зи гугъу тщIа бзэхэм "е"кIэ ятхрэ "макъзешэ"у ялъытэ макъым зэрыхуэдэр гулъытапхъэщ.

″Я″ тхыпкъыр адыгэбзэм ″иа″ макъыр зэрытх щIыкIэу, урысыбзэ алфавитым зэрыхэтым папщIэ адыгэбзэми къыхэхьащ. ″Я″ тхыпкъымкIэ ттхыр зы адыгэбзэ ″макъ Iуэр″ зэгуэтщи (иа, еа), ар зэрыщыту къэIун зэрыхуейм папщIэ, абы зы ″макъзешэ″ къалэн зэримыгъэзэщIэнури гурыIуэгъуэщ. Ауэ, ″я″р урысыбзэм ″макъзешэ″ къалэн хигъэзэщIыхьу зэрыхэтым папщIэ, адыгэбзэми нобэ щыуагъэу мыпхуэдэу щызэрагъакIуэу урохьэлIэр: «дяпэ, дяпэкIэ, дянэ, дядэ...».

*

Адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащIэу хэт макъхэр хуиту къэIу макъхэращ. Мыбы и къежьапIэри ″ы″ макъращи, абы къыкIэлъыкIуэу хуиту къэIуу утыку къихьа ″э, и, у″ макъхэр ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщIэну щIыкIэкIэщ къызэрыIухэр. Мыбыхэм къытехъукIа макъ гуэрхэри ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщIэфын къэIуыкIэ зиIэ макъхэщ, ауэ къатехъукIа макъ гуэрхэри ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзэщIэфын къэIуыкIэ зиIэ макъхэщ.

Зи гугъу тщIы ″макъ Iуэр лъабжьэ″хэм къатехъукI макъхэм я къэIуыкIэм елъытащ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщIэфрэ зымыгъэзэщIэфу утыку къихьахэри, къызтехъукIа макъ Iуэр лъабжьэхэм я лимитацэу утыку къихьарэ зи къэIуыкIэ хуитыныгъэр зыкIуэда макъ Iуэрхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащIэкъым: «Iы, Iэ, Iи, Iу».

Зы ″макъ Iуэр″ым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщIэн папщIэ, япэрауэ хуиту къэIуыкIэ иIэн хуейщ. Ауэ хуиту къэIуыкIэ зиIэу зэхэпх дэтхэнэ макъым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщIэфыну аракъым мыбы къикIыр. Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэ, хуиту къэIуу зэхэпхми, ″и″м ″э″ къыпыхьэжу утыку къихьа ″е (иэ)″ми ″макъзешэ″ къалэн игъэзащIэкъым. ТIанэ, ″е (иэ)″мрэ ″и″м ″а″ къыщыпыхьэкIэ утыку къихьэ ″я (иа)″ми ″макъзешэ″ къалэн игъэзащIэкъым. Мы зи гугъу тщIыхэм зыр ″и″м и кIуэтэгъуэу (е), адрейри (я) абы и кIуэтэгъуаращи, ″и″м и лэжьэкIэращ бзэм хагъэзэщIыхьыр. Мы къалэныр зэрагъэзащIэм папщIи, щхьэж къызэрыIу щIыкIэкIэ зыкъагъэлъэгъуэн хуейщ. Хуиту къэIу макъ IуэритIкIэ ухуа макъ зэхэжыхьащ мыхэри (е, я), ″и″м и кIуэтэгъуэрэ и кIуэтэгъуар щагъэзащIэм деж икIи ″макъзешэ″ къалэни ягъэзащIэкъым. Аращи, хуиту къэIукIэ зэраIэ закъуэм папщIэ ″макъ Iуэр″хэм фIэкIыпIэ имыIэу ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщIэн хуейуэ щыткъым. ИкIи мы макъ Iуэр зэхэжыхьахэм (е, я) кIэух хуэхъуа макъым (э, а) игъэзащIэр къызкIэлъыкIуэ макъыр зэришэн Iуэхущи, ар щхьэж зы макъзешэ Iуэхугъуэщ; икIи мыпхуэдэ къалэн щыгъэзащIэу утыку къихьэ мы макъ Iуэр зэхэжыхьахэм хуиту къэIуыкIэ зэраIэм папщIэ, аргуэру зы ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщIэжкъым.

Мыбы нэмыщI, хуиту къэIурэ макъ Iуэр лъабжьэу тлъытэ макъхэм щыщ гуэрхэри сытым дежи бзэм макъзешэ къалэн хагъэзэщIыхьу зэрыхэмытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ ″и, у″ макъхэри, абыхэм теухуа мыпхуэдэ Iуэхугъуэр ипэкIи къыхэдгъэщауэ щытащ, ауэ мыбдежым нэхъ зэIухауэ деплъынщ. Аращи, мы макъхэр бзэм я мыхьэнэкIэрэ бзэм

щыхэплъагъуэ дэтхэнэ зы щIыпIэми абыхэм ″макъзешэ″ къалэн щыхагъэзэщIыхькъым. Мы макъхэр бзэм щхьэжуи, псалъэм ищхьэм къыпыхьэуи, псалъэм икурэ икIэм деж къызкIэлъыкIуэ макъ щэхур зэрамышэу щыхэплъагъуэ щыIэщ. Абыхэм бзэм щыхагъэзэщIыхь мыхьэнэрэ къалэнращ мыр къызтехъукIри, я макъ мыхьэнэр зэрыщыту зы псалъэм щыхэлэжьыхьым деж, ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащIэкъым. Мыпхуэдэу бзэм щыхэлэжьыхьым деж, абы ипэ къихуэ макъ щэхум зы макъзешэ къыкIэлъыкIуэу мы макъхэр псалъэм хэту зэрыплъагъунур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, псалъэ гуэрхэр щапхъэу къэтхьынщ ″и″мрэ ″у″м зы бзэ мыхьэнэ щагъэзащIэкIэ ″макъзешэ″ къалэн зэрамыгъэзащIэм техуауэ: «щыигъуэр, жэщыи; щыухуэр, сыухащ, жэщыу, жэщыуэ».

Щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, макъдэкIуашэр оригиналу ″ы″кIэрэ къэIуущ зи гугъу тщIы макъ Iуэрхэр къазэрыкIэлъыкIуэр. Ар щыхъукIэ, макъдэкIуашэм къыкIэлъыкIуэу псалъэм хэхьэ мы макъ Iуэрхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащIэкъым; макъдэкIуашэри оригиналу ″ы″кIэрэ зешэу щхьэжущ псалъэм зэрыхэтыр; къыкIэлъыкIуэ макъ Iуэрхэри щхьэж къызэрыIу щIыкIэу псалъэм хэтщ. Мыпхуэдэу, ″макъзешэ″ къалэн щамыгъэзащIэм деж,  къызкIэлъыкIуэ макъдэкIуашэр мы макъ Iуэрхэм езым ягъэзащIэ геометрикэ IэнатIэми къыщагъэIукъым, макъдэкIуашэр ″ы″кIэрэ оригиналу къэIуу, зи гугъу тщIы макъ Iуэрри щхьэж езым и мыхьэнэрэ и геометрие IэнатIэр игъэзащIэу псалъэм хэтщ.

Зи гугъу тщIы ″и, у″ макъхэм ″макъзешэ″ къалэн щагъэзащIэм деж, зэрыгурыIуэгъуэщи, къызкIэлъыкIуэ макъдэкIуашэм занщIэу (″ы″ншэу) пыщIауэщ къызэрыIури, абдежым утыку къихьэ бзэ лэжьэкIэмрэ мы ипэкIэ зи гугъу тщIа лэжьэкIэу къэта щапхъэхэр зэхуэдэкъым. НытIэ, ″макъзешэ″ къалэн зыхуагъэзащIэ макъхэр ″и, у″ макъхэм езым я геометрикэ IэнатIэм къыщырагъэIуу аращи, мыпхуэдэу къэIу макъдэкIуашэхэр я оргиналыпIэракъым къыщыIужыр: макъдэкIуашэ мыхьэнэр къыкIэлъыкIуэ макъзешэм и геометрие IэнатIэм щогъэзащIэр. МакъдэкIуашэхэм мыпхуэдэу занщIэу къакIэлъыкIуэу ″и, у″ макъхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащIэу псалъэхэм зэрыхэтым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «си Iуэху, Iуэхуи, псалъэи - псалъи, махуэи - махуи, махуэуи, жэщи, мэхуибг, жэщибг, жэщибги; Iуэхуу, псалъэу - псалъу, махуэу - махуу, жэщу».

НытIэ, хуиту къэIуу зэхэпх дэтхэнэ зы макъым макъзешэ къалэн игъэзэщIэн хуейуэ щыткъыми, ″хуиту къэIун″ыр щхьэжу ″макъзешэ″ къалэн гъэзэщIэным хуирикъукъым. Ауэ, зы ″макъ Iуэр″ым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщIэфын папщIэ, абы хуиту къэIуыкIэ иIэн хуейщи, мыбы нэмыщI, ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщIэну ″макъ Iуэр″ым езым и мыхьэнэр щхьэжу зэригъэзащIэкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу щытын хуейкъым. НытIэ, макъ мыхьэнэ зиIэ ″макъ Iуэр″ым езым и мыхьэнэр къызкIэлъыкIуэ макъым зэрыхуигъэзащIэращ ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзащIэр. Аращи,

″макъ Iуэр″ым езым и мыхьэнэр щхьэжу къигъэлъэгъуэн нэхърэ, и мыхьэнэр ″макъзешэ″ къалэн зыхуигъэзащIэ макъым хуигъэзэщIэнращ.

″Э″ макъым къытехъукIарэ хуитуи къэIуыкIэ зиIэ ″а″ макъри макъ мыхьэнэ зиIэу зы ″макъ Iуэр″щи, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыхьэнэ зиIэу зи гугъу тщIа мы макъ Iуэр лъабжьэхэм (и, у) хуэдэщ. Ари игъуэ щыхъум деж, къызкIэлъыкIуэ макъым ″макъзешэ″ къалэн хуэзымыгъэзащIэрщ, ауэ игъуэ щыхъум дежи ипэкIэ къызэрыхэдгъэща щIыкIэкIэ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащIэу зы макъщ. Щхьэжу е псэлъащхьэу ″а″р бзэм щыхэлэжьыхьым деж, абы игъэзащIэ мыхьэнэр и ″макъзешэ″ къалэным папщIэ хэкIуэдыкIыркъыми, ипэ къихуэ макъыр къызэрыIун хуей макъзешэкIэ къэIуущ псалъэр зэрыухуэр: «сыаращ, фыадэщ».

Мы щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэрщи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мыхьэнэ зиIэ ″макъ Iуэр″хэр бзэм зэрыхэтыр ″макъзешэ″ къалэн закъуэкIэрэкъым. Ауэ макъыбзэу щымыт бзэхэм макъ Iуэрхэр зэрыхэт щIыкIэ закъуэр ″макъзешэ″ къалэнкIэрэщи, ″макъ Iуэр″рэ ″макъзешэ″р зэхуэдэущ зэрылъытари мыращ. Аращи, адыгэбзэм зы макъыр ″макъ Iуэр″у зэрылъытэмрэ ар икIи ″макъзешэ″у зэрылъытэр зэпэувкъым: ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщIэфу мыхьэнэ зиIэ ″макъ Iуэр″хэр сытым дежи бзэм ″макъзешэ″ къалэнкIэрэ хэлэжьыхьу хэплъагъуэркъым.

Ауэ зэрыгурыIуэгъуэщи, ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщIэну зы макъым япэрауэ хуиту къэIуыкIэ иIэн хуейщ, итIанэ, а макъым и мыхьэнэр щхьэжу бзэм щыхэмылэжьыхьращ макъзешэ къалэн щигъэзащIэри, ″макъзешэ″ зыхуэхъу макъым занщIэу пыщIауэ макъдэкIуашэр езым и геометие IэнатIэм уишауэ ар абдежым къыщигъэIун хуейщ. НытIэ, ″хуиту къэIу″рэ макъ мыхьэнэи зимыIэ ″макъ Iуэр″хэращ сытым дежи бзэм ″макъзешэ″ къалэн хагъэзэщIыхьу хэтхэр. Мыпхуэдэщ ″ы, э″ макъ Iуэр лъабжьэхэри, абыхэм щхьэж мыхьэнэ зэрамыIэр, икIи щхьэж макъыу бзэм зэрыхэмылэжьыхьрэ псэлъащхьэ зэрымыхьухэр гурыIуэгъуэщ. Мыбыхэм нэмыщI, хуиту къэIу макъхэм къатехъукIарэ хиту къэIуыкIэи зиIэ макъ Iуэр зэхэжыхьа ″е (эй), о (эу)″хэри ″макъзешэ″ защIэущ бзэм зэрыхэтри, ахэри къызтехъукIарэ я къэхъукIэкIи макъ мыхьэнэ зимыIэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзащIэм нэмыщIкIэ бзэм хыумылъагъуэ макъхэр мыхэращ: «ы, э; е (эй), о (эу)».

″Макъзешэ″ къалэн закъуэкIэ мы макъхэр бзэм зэрыхэтым и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъури гурыIуэгъуэщи, абыхэм ″макъ мыхьэнэ″ зэрамыIэмрэ щхьэжу зы макъыу бзэм зэрыхэмытращ, икIи мыбы папщIэщи, зы псалъэм ищхьэми къыпыхьэхэкъым. ИпэкIи зэрыжытIауэ, макъ мыхьэнэ зиIэрэ бзэм щхьэжу зы макъыуи хэту, икIи псалъэхэм къежьапIи хуэхъуф ″и, у; а″ макъхэр игъуэ щыхъукIэ ″макъзешэ″ къалэни зыгъэзащIэ макъ Iуэрхэращ.

Япэрей лэжьыгъэхэми нахуэ зэрыхъуащи, ″макъ Iуэр″ жыхуэтIэхэр къэIун папщIэ нэгъуэщI макъ зыхуэмыныкъуэ макъхэращ. ″Макъ щэху″

жыхуэтӀэхэри зы макъыу къэӀун папщӀэ, нэгъуэщӀ макъ зыхуэныкъуэхэращи, къэӀун папщӀэ нэгъуэщӀ макъ зэрыхуэныкъуэм папщӀи, "макъ щэху"хэр зэрыщыту икӀи "макъдэкӀуашэ"хэрщ; ахэр къэӀун папщӀэ зыхуэныкъуэхэрщ "макъзешэ" жыхуэтӀэ "макъ Ӏуэр"хэр. Ауэ "макъ Ӏуэр" псоми "макъзешэ" къалэн зэрамыгъэзащӀэр гурыӀуэгъуэщи, "макъзешэ" къалэн зыгъэзащӀэхэмрэ зымыгъэзащӀэхэр, икӀи "макъзешэ" къалэн зыгъэзэщӀэфхэм щагъэзащӀэрэ щамыгъэзащӀэхэми ипэкӀи щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

*

Фонетикэ дициплинэм дэтхэнэ зы макъыр къыздыщыхъу щӀыпӀэр, абы и къэӀуыкӀэр, ар зы макъыу утыку къызэрихьэр къегъэунэхур. Макъхэр мыпхуэдэу утыку къызэрихьэр къэзыгъэунэху фонетикэми, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зи Ӏуэху фонологиеми макъхэм мы я къэхъуыкӀэрэ я къэӀуыкӀэм къызэрыгуэкӀкӀэ ягъэзэщӀапхъэрэ зытеухуапхъэу бзэм хагъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэм телэжьыхькъым. Ахэр зи къудамэ бзэщӀэныгъэм макъхэр мыхьэнэншэу къызэрыщӀидзым папщӀэщи, мыпхуэдэ бгъэдэхьэкӀэр абыхэми я Ӏуэху ӀэнатӀэм хэхьэкъым.

БзэщӀэныгъэр къызтехъукӀа бзэхэм я макъхэр бзэм систематикэу зэрыхэмылэжьыхьым папщӀэщи, абыхэм я къэхъуыкӀэрэ я къэӀуыкӀэм ипкъ иткӀэ къалэнрэ мыхьэнэ гуэрхэр зэрагъэзэщӀэфынум теухуауэ зы щӀэн яӀэкъым. Мыпхуэдэ щӀэнрэ щӀэныгъэ яӀэкъым бзэщӀэныгъэр къызтехъукӀа бзэхэр зезыхьэхэми, я бзэщӀэныгъэми хэхьакъым. Ауэ адыгэбзэм и макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыӀу щӀыкӀэм теухуауэ бзэм систематикэу хэлэжьыхьрэ бзэ мыхьэнэхэр къызтехъукӀ макъ мыхьэнэ зиӀэхэращи, адыгэбзэм и макъхэм фонетикэрэ фонологиеу ущыббгъэдэхьэм деж, мыхэри къэгъэунэхун хуейуэ къыппэщытщ. Аращи, нобэрей фонетикэм дэтхэнэ зы макъыр къыздыщыхъу щӀыпӀэу, къызэрыӀу щӀыкӀэу, зы макъыу утыку къызэрихьэ щӀыкӀэу утыку къырилъхьахэр пэжу щытми, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэм бзэм хагъэзэщӀыхьыпхъэхэр и Ӏуэхуу илъытэкъым. Ауэ адыгэбзэм хэт макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыӀум теухуащ ахэр бзэм зэрыхэхьэрэ абыхэм бзэм хагъэзэщӀыхьри, нытӀэ мыхэр къэгъэлъэгъуэн Ӏуэхур къытпэщытщ.

Макъхэр къызэрыӀу щӀыкӀэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр адыгэбзэ макъхэм дежкӀэ зэтехуэрэ зэтеухуэ Ӏуэхугъуэщи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым и лъабжьэр мыращ. Я къэӀукӀэр я къэхъукӀэм елъытарэ теухуащи, ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьри мы я лъабжьэмкӀэрэщ. Ар щыхъукӀи, бзэщӀэныгъэ дициплинэ фонетикэрэ фонологие закъуэ мыхъуу, бзэ мыхьэнэр къызэрыхъур зи Ӏуэху ӀэнатӀэу зы бзэщӀэныгъэ дициплинэу утыку къихьа семиотикэрэ семиологиеми адыгэбзэ лъэныкъуэкӀэ хэплъэн хуейщ.

Абыхэм къаӀуатэм адыгэбзэ лъэныкъуэкӀэ ущыхэплъэм щыгъуэращ адыгэбзэм а щӀэныгъэ дициплинэхэр зэрыхуэфащэр е зэрыхуэмыфащэр

къыщыунэхунур. Мыхъумэ, а диципинэхэм утыку къыралъхьэрэ пэжу ялъытэхэр адыгэбзэм щыкъуэнракъым.

Адыгэбзэм и макъхэр фонетикэу къызэрыIурэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр илъабжьэкIэ къэтащи, къызтехъукIарэ Iуэху къахуэхъуам ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэмрэ абы и дициплинэхэм илъабжьэкIэ къэта еплъыкIэм зэрыхуэпэжыжьэр, икIи мыпхуэдэхэр я Iуэхуу зэрыщымытамрэ ноби зэрыщымытыр гурыIуэгъуэнщ.

*

Макъыр цIыхум жьыр къыжьэдэкIыущ утыку къызэрихьэри, жьыр тхьэмбылым къыщIидзэу жьэм къыжьэдэкIыу модулацэ зэрыхъукIэрэщ зы макъыу къызэрыIу щIыкIэр. Жьыр зы къэIукIэм изгъэувэу зы макъыу къэзыгъэIу технологие иIэщ цIыхуми, бзэгур япэ иту, мыбы тэмакъри, тэмакъыдзэри, жьэ кIуэцIри, пэщхъынэри, дзэхэри хэтщ. Мы макъ технологиехэр жьыр модулацэ зыщIрэ зы макъыу утыку къизыгъэхьэхэращи, макъ модулаторхэрщ.

Тхьэмбылым къикIыж жьыр макъ технологиехэм модулацэ зэращIкIэрэщ макъыр утыку къызэрихьэри, макъ жыхуэтIэм езыр мы модулаторхэм жьыр модулацэ зэращIкIэрэ къэIуращ. Макъ технологиерэ модулаторхэм я нэхъыщхьэри бзэгуращ. Жьыр модулацэ хъуурэ зы макъыу утыку къызэрихьэ щIыкIэми, мыпхуэдэу утыку къихьа макъ лъабжьэхэр модулацэ зэрыхъукIэрэ макъыщIэхэр утыку къыщихьэми а нэхъ къалэнышхуэ згъэзащIэр бзэгуращ. Мыбы папщIэрагъэнщ абы бзэгу щIыфIащар. "Бзэгу" псалъэм "бзэ Iэнатlэ, бзэр щыдж, бзэм и пIэ, бзэ джыпIэ" хуэдэ мыхьэнэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ бзэгум къалэну игъэзащIэр ипэкIи зи гугъу зэрытщIауэщи, жьым макъ къытехъукIынрэ макъхэр гъэбэгъуэн Iуэхугъуэщ. Жьым макъ къытегъэхъукIынрэ макъхэр зэщхьэщыкIыу къызэрыIуным щхьэпэ хуэхъунращ бзэгум игъэзащIэ къалэнри, зы макъыбзэм дежкIэ мыпхуэдэ къалэным езыр псэлъэбзэ къэгъэщIын Iуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. Адыгэбзэм имызакъуэу, бзэгур бзэ организацэрэ бзэ Iэпкъэлъэпкъыу бзэр къызтехъукIыущ бзэхэм зэрыхэту дызэрыхуэзэр. Псэлъэбзэр макъкIэ ухуащи, макъхэр къэIункIэ а нэхъ къалэнышхуэ зыгъэзащIэр бзэгуу зэрыщытым папщIэрагъэнщ ар бзэхэм мыпхуэдэу зэралъытам и щхьэусыгъуэр. Ауэ бзэгур бзэм теухуами, абы игъэзащIэр бзэм хэт макъхэр игъуэкIэрэ къэгъэIун къалэнщи, мыр зы макъыбзэм дежкIэ бзэм езыр ухуэн Iуэхугъуэщ. Макъыбзэу щымыт бзэхэми бзэгур мыпхуэдэу щыхэтым деж, мыбы гурыIуэгъуэ къищIыу лъытапхъэщ дэтхэнэ зы псэлъэбзэми и лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытар.

Макъыр утыку къихьэным и лъабжьэр тхьэмбылым къикIыж жьыращи, ар хуиту жьэм къыжьэдэкIыу щытмэ, мащIэу модулацэ хъуауэ жыIэпхъэщ. Жьыр тхьэмбылым къикIыу жьэм къыжьэдэкIыуху къикIуэну гъуэгур гурыIуэгъуэщи, мыр ипщэкIэ зи гугъу тщIа макъ Iуэр лъабжьэхэм я къэхъуыкIэу жыIэпхъэщ. Жьым а нэхъ мащIэу и модулацэу утыку

къихьэр макъ лъабжьэу ″ы″ макъращи, абы къыкlэлъыкlуэ макъхэри жьым и модулацэу утыку къихьа ″ы″ макъым къытехъукlыж макъхэращ. Ауэ мы макъхэм къытехъукlыж макъ lуэрхэр мы макъхэми я модулацэщ.

″Макъ″ жыхуэтlэу зи гугъу тщlыхэр тхьэмбылым къикlыж жьым и модулацэущ утыку къызэрихьэри, ″ы″ макъыр япэ дыдэ а нэхъ макъ цlыкlурэ макъ lуэр лъабжьэу къэхъуа зы макъщи, ар зы макъыу модулацэ мыхъуа макъщ. Ар зы макъыу модулацэ мыхъуа макъщи, натуралу зы макъщ, абы иужь утыку къихьа ″э, и, у″ макъхэри модулацэ дыдэ хъуа макъхэу лъытапхъэкъым. Мы зи гугъу тщlарэ хуиту къэlу макъ lуэр лъабжьэхэр модулацэ мыхъуауэ лъытапхъэщ. Макъ технологиерэ макъ модулаторхэу тлъыта lэпкълъэпкъхэр зи гугъу тщlа макъ lуэр лъабжьэхэм хэлэжьу лъытапхъэкъым. Мыбыхэм я къэlукlэр ипщэкlэ къызэрытlуэтам щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ″ы″ макъымрэ ″э″ макъыр зикl модулацэ мыхъуауэ, ″и″р бзэгур жьым зэрыпэувымкlэ, ″у″ри lупэхэм зэраубгъукlэрэ мащlэу модулацэ хъуауэ лъытапхъэщ.

Макъ lуэр лъабжьэхэр адрей макъхэр къызтехъукl макъ лъабжьэхэщи, абыхэм къатехъукl макъхэм я къэlукlэм ущыщыгъуэзэкlэ, мы макъ лъабжьэхэр модулацэ мыхъуа макъхэу лъытапхъэщ. Аращи, макъ lуэр лъабжьэхэр модулацэ мыхъуауэ натурал макъхэращ, цlыхум къызхигъэlукl макъ дыдэрэ макъ лъабжьэхэращ. Макъ lуэр лъабжьэу хуиту къэlухэр модулацэ зэрыхъукlэрэщ абыхэм адрей макъ lуэрхэри къазэрытехъукlыр. Аращи, хуиту къызэрыlу щlыкlэращ адрей макъ lуэрхэм я къэlуыкlэр къызтехъукlари, адыгэбзэм хэт адрей макъ lуэрхэри, нэгъуэщlыбзэхэм хэт макъ lуэрхэри мы зи гугъу тщlарэ хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъ lуэр лъабжьэхэм я модулацэу утыку къихьа макъ lуэрхэрщ.

Мыпхуэдэщ ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэр къызэрыхъури, ахэр ″ы, э, и, у″ макъхэр хуиту къызэрыlур тэмакъыдзэм деж щыпыупщlыу жьэ кlуэцl макъхэу модулацэ зэрыхъукlэрэ утыку къихьэ макъхэщи, къызтехъукlа макъхэм я лимитацэщ. Мыпхуэдэу хуиту къэмыlужрэ щхьэжу зы макъыу къызэрыlуфым папщlи, абыхэм нэгъуэщl макъхэр пыщlауэ утыку къихьэн къалэн – ″макъзешэ″ къалэн - ягъэзащlэкъым. Мы я къэlуыкlэм папщlэ адыгэбзэм мыхэр макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэфу хэт макъхэрами, хуиту къэlу макъхэр зимыlэж хамэбзэ куэдым макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ макъхэр мыпхуэдэщ къызэрыlур.

″Э″р къызэрыlу щlыкlэм елъытауэ жьэр нэхъ зэlухарэ нэхъ къаруушхуэ щытекlуадэм утыку къихьэр ″а″ращи, ари мы и къэхъукlэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, хуиту къэlу макъщ. Макъ lуэр лъабжьэ зэгухьэу къэхъуа ″е (эй), о (эу)″ макъхэри хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъхэрщ: ″э″м и къэlукlэр мащlэу ″и″ лъэныкъуэкlэ дишеуэ къэlу макъщ ″е (эй)″р, ″о″ри ″э″м и къэlуыкlэр ″у″кlэрэ зэриубгъу щlыкlэм къытехъукlа зы макъщи, lупэхэм загъэхъурейуэ хуитрэ къарууфlэу къэlуу зы макъщ.

Ауэ ″и″р хуиту къызэрыlу щlыкlэм ″э″ къыпыхьэжу ″е (иэ)″уэ щызэхэхьэжым деж, ″и″м и къэlуыкlэм ″э″ лъэныкъуэкlэ зиlуэнтlыжу жьэ

кӀуэцӀым щоубгъури, езыр щхьэжу къэӀуми, мыпхуэдэ къэӀукӀэм жьэм нэгъуэщӀ макъ къыздишкъым. "Э"р хуиту къызэрыӀу щӀыкӀэм бзэгур пэуву ищхьэкӀэ дэкӀ жьым къигъэщӀауэ къэӀу "и" макъым мы и къэӀукӀэр аргуэру "э" лъэныкъуэкӀэ щекъужым деж, зэрыщыту къэӀунращ къарур зытекӀуадэри, зы макъ Ӏуэру жьэм къыжьэдэкӀын мыхъумэ, "е (иэ)"м макъзешэ къалэн игъэзэщӀэфкъым. Мыбы къытехъукӀа "я (иа)"м и къэӀукӀэри мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэщи, къарууфӀэу къэӀу щхьэ абыи макъзешэ къалэн игъэзащӀэкъым. "Е (иэ)"м и къэӀукӀэр макъыдзэм деж щыпыупщӀкӀэ утыку къихьэ "Ӏе" макъми "макъзешэ" къалэн зэримыгъэзэщӀэнур гурыӀэгъуэщ.

"Макъзешэ" къалэн зыгъэзэщӀэфу адыгэбзэм хэт макъхэр макъ Ӏуэр лъабжьэхэмрэ (ы, э, и, у), абы къытехъукӀыу хуиту къэӀуыкӀэ зиӀэ "а, е (эй), о (эу)" макъхэращ. Абыхэм "макъзешэ" къалэн щӀагъэзащӀэм и щхьэусыгъуэр тхьэмбылым къыщежьэу хуиту зы макъыу къызэрыӀухэращи, мыпхуэдэу хуиту кӀуэкӀэ зиӀэ зы сигналу "портор" къалэн ягъэзэщӀэфыр. Макъ технологие жыхуэтӀэхэм къагъэхъуу щхьэжу къэӀуыкӀэ зимыӀэ "макъ щэху"хэр тхьэмбылым къикӀрэ хуиту къэкӀуэкӀэ зиӀэ макъ Ӏуэрыр къызэрыхъу жьым зыпищӀэу жьэм къыжьэдэкӀыф макъхэращ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, къэӀун папщӀэ, хуиту къэӀуыкӀэ зиӀэу зи гугъу тщӀы "макъ Ӏуэр"хэм модул хуащӀрэ кӀэлъащӀэу макъ технологиехэм ягъэзащӀэ модулатор къалэнкӀэрэщ "макъ щэху"хэр утыку къызэрихьэр. Мыращ макъдэкӀуашэхэр макъзешэхэмкӀэ къызэрыӀум теухуа модулацэ Ӏуэхугъуэри, мы модулацэ Ӏуэхугъуэм теухуащ "макъдэкӀуашэ"рэ "макъзешэ" къалэнри къызтехъуыкӀыр.

Макъ Ӏуэрхэм я къэхъукӀэм япэрей лэжьыгъэхэми къызэрагъэлъагъуэщи, "макъ Ӏуэр лъабжьэ" жыхуэтӀэ "ы, э, и, у" макъхэр зэкӀэлъхьэужьу утыку къызэрихьар гурыӀуэгъуэщ. Мыхэр зэкӀэлъхьэужьу утыку къихьащи, "э"м и куэдагъэу къэхъуа "а" макъыр къэхъукӀэкӀэ абыхэм къакӀэлъыкӀуэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ. "Макъ Ӏуэр лъабжьэ"хэм я лимитацэу утыку къихьэ "Ӏы, Ӏэ, Ӏи, Ӏу" макъхэри абы къыкӀэлъыкӀуэу утыку къызэрихьар жыӀэпхъэщ. Мыбыхэм къакӀэлъыкӀуэу утыку къихьари "е (иэ)" макърауэ жыӀэпхъэщ. Мы макъхэм я лэжьэкӀэм къытехъукӀауэ жыӀэпхъэщ "е (эй), о (эу)" макъхэри, ахэр бзэ лэжьэкӀэм иужькӀэ "макъзешэ" къалэнкӀэрэ къигъэхъуа макъ Ӏуэрхэрщ. "Е (иэ)" макъ Ӏуэр зэхэжами и пӀытӀауэ къэхъуа "Ӏе" макъри зы макъ Ӏуэр зэхэжа лимитацэу иужькӀэ бзэм къигъэщӀауэ жыӀэпхъэщ.

Аргуэру жыӀэпхъэмэ, адыгэбзэ "макъ Ӏуэр"хэм "макъзешэ" къалэн зэрагъэзэщӀэфымрэ зэрамыгъэзэщӀэфыр зытеухуэр абыхэм я къэхъукӀэрэ я къэӀукӀэхэращ. Абыхэм ягъэзащӀэ бзэ лэжьэкӀэ къалэнхэмрэ я макъ мыхьэнэхэр мы я къэхъукӀэм теухуащи, бзэм хагъэзэщӀыхь мыхьэнэхэмрэ я къэхъукӀэрэ я къэӀукӀэхэр зэтохуэр.

*

"Ы" макъыр жьэр зэтыумыхми къэӏуфу зы макъщи, зы къару тыумыгъэкӏуадэ пэлъытэу тхьэмбылым къикӏыж жьым къигъэщӏ макъщ. Мыпхуэдэу жьы къыжьэдэкӏым тӏэкӏу еӏунщӏын хуэдэ къарукӏэ зэуэ къэӏу макъыу бзэм хэт зы макъщ. "Ы" макъыр фонетикэу утыку къызэрихьэ щӏыкӏэр кӏэщӏыу мыпхуэдэщи, тхьэмбылым къикӏыж жьыкӏэрэ занщӏэу къызэрыхъум ипкъ иткӏэ хуиту къызэрыӏум папщӏэ, фонологиеу бзэм "макъзешэ" къалэн хегъэзэщӏыхьыр. Ипщэкӏэ "макъзешэ" къалэн зыгъэзащӏэу къэдгъэлъэгъуа "макъ ӏуэр"хэм псори мыпхуэдэщ къызэрыхъу щӏыкӏэри, абыхэм "макъзешэ" къалэн зэрагъэзащӏэм и щхьэусыгъуэри мыращ.

"Ы" макъыр а нэхъ къару мащӏэ зытебгъэкӏуадэу щхьэжу къэӏуф "макъ ӏуэр"ращи, ар "макъ ӏуэр"хэр къызетхъукӏ макъ купщӏэщ, макъ ӏуэр къэхъупӏэ лъабжьэрщ. Мы и къэхъуыкӏэм ипкъ иткӏи, макъхэр оргиналу къызэрыӏун къалэн зыгъэзащӏэу зы макъщ. Япэ дыдэу къэхъурэ къэӏу макъщи, зызэреплъытэн нэгъуэщӏ макъ зэрыщымыӏэм папщӏэ, щхьэжу зы мыхьэнэи зымыгъуэт макъщ.

"Ы"ым и къэӏукӏэр мащӏэу хэбгъахъуэрэ ар къызэрыӏу щӏыкӏэм елъытауэ жьэр тӏэкӏу зэтебгъэкӏмэ къэӏунур "э" макъращ. "Э"м и къэхъукӏэри "ы"м хуэдэу, хуиту къэӏуыкӏэ зэриӏэм папщӏэ, "макъзешэ" къалэн егъэзащӏэр. "Э"р макъ ӏуэр лъабжьэ "ы"м япэ дыдэу къытехъукӏрэ, макъ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу, "ы"м и кӏуэтэгъуэу утыку къихьа зы макъщ. Къызкӏэлъыкӏуэ макъыр оргиналрэ и мыхьэнэр зэрыщыту къэгъэӏун къалэн згъэзащӏэ "ы" нэужьу, абы и кӏуэтэгъуэу къэхъуа "э" макъыр къызкӏэлъыкӏуэрэ "макъзешэ" зыхуэхъу макъым кӏуэтэгъуэ егъуэтыр. "Э"ри етӏуанэрей макъщи, иджыри къатехъукӏынур мынахуэу зы лъэбакъуэу мыхьэнэ зимыӏэ макъщ, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мы къызэрыхъуа щӏыкӏэращ.

"Ы"м и къэӏукӏэмрэ жьыр жьэм къызэрыжьэдэкӏым хуэдэщ "э"м и къэӏукӏэри, "ы"м зы къару мащӏэкӏэ и унэтӏыныгъэщ "э"м и къэӏукӏэр. Мыпхуэдэу зы гъуэгу зэхуапӏэ тету къэӏу "э"м и къэӏукӏэм бзэгур къыхэхьэрэ жьэм занщӏэу къыжьэдэкӏ жьым щыпэувым деж, жьыр жьэм ищхьэмкӏэ унэтӏауэ къыжьэдэкӏыу къэӏур "и" макъращ. Ари тхьэмбылым къикӏыж жьымр хуиту жьэм къызэрыжьэдэкӏым къытехъукӏ макъщи, "макъзешэ" къалэн згъэзащӏэ макъ ӏуэрщ. "И"м и къэхъукӏэр "э" макъращ къызкӏэлъыкӏуэри, абы елъытарэ хуэпэзадэу лъытапхъэ лъэныкъуэу утыку къихьа зы макъщ. Макъ ӏуэр кулъэу щыт "ы" нэужьу етӏуанэрей лъэбакъуэрэ ещэнэрей макъ ӏуэру утыку къихьащ "и" макъри, макъ ӏуэрхэр щыпӏэм зэрыихуар "и"кӏэрэщ. Зы купщӏэр къызтехъукӏынум зыхуэзгъакӏуэр япэрей лъэбакъуэращи, ар мис иджы хъупӏэм ихуащ: "ы"м къытехъукӏынум зыхуэзышэрэ гъуэгу зэӏузыхыр "э" макъращи, абы елъытарэ хуэпэджэжу утыку къихьэр "и"ращ. "И"р ещэнэрей макъыу утыку къыщихьэм щыгъуэ, утыку къихьэр макъ бэгъуэнращ, макъыгъуэращ, езыр зы макъ ӏуэру макъ геометриеращ. Аращи, "и"

макъыр ″ы″ макъ lуэр купщlэм и япэрей лъэбакъуэу къэхъуа ″э″м къыкlэлъыкlуэу джырщ. Япэрей лъэбакъуэм къыкlэлъыкlуэу джыращи, джыгъуэр, джыпlэр утыку къызэрихьэ макъщ. Мыбы папщlэщи, ар джырщ, джыпlэщ, хъупlэщ, джыпlэ къежьапlэщ, къэхъупlэрэ къэхъури къыздыщыхъупlэщ. Мыхэр зытеухуа ″и″ макъыр макъхэми я джыпlэрэ макъхэм я мыхьэнэр къыздыщыхъупlэщи, езыри мы мыхьэнэхэм я къежьапlэрэ я къэхъупlэу абыхэм лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэ, мыхьэнэхэм теухуэфрэ мынахуэ дыдэми мыхьэнэ зиlэу зы макъщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэщ.

″Ы″м и деж къыщежьэу макъ lуэр къэхъуным и ещанэ лъэбакъуэрэ еплlанэ макъыр ″у″ макъращи, ар ″э″р къызэрыlу лъэныкъуэри, абы хуэпэзадэу къэlуыкlэ зиlэ ″и″ макъыр къызэрыlу лъэныкъуэри зыхэзыубыдэу зы макъщ. Макъ lуэр къэхъуным и ещанэ лъэбакъуэ макъщ ″у″ри, макъ lуэру еплlанэ макъыу макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэр гурыlуэгъуэ зыщlрэ макъ lуэрхэр зэрыхъун зэрыхъуар къизыlуэу зы макъращ, макъ геометриер зэрызэпкъырыувар зэрыщыту езым щхьэжу зыхэплъагъуэ макъщ.

Макъ lуэр лъабжьэхэр хуиту къызэрыlуращ макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэм лъабжьэ хуэхъур, икlи ахэр хуиту къызэрыlум папщlэщ ″макъзешэ″ къалэн зэрагъэзэщlыфыр. Макъыгъуэр мыпхуэдэу зэпкъырыува нэужь, мы геометрием и дэтхэнэ зы щlыпlэр къизыlуэ макъхэри утыку къихьэнщи, ахэр оргиным и деж къыщlидзэу макъыгъуэрэ макъ геометриер зэпкъырызгъэува мы ″макъ lуэр лъабжьэ″хэм къатохъукlыр.

″Макъ lуэр лъабжьэ″ жыхуэтlэ ″ы, э, и, у″ макъхэр зэкlэлъхьэужьу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщи, ″э″м и куэдагъэу къэхъуарэ хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″а″ макъми ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэщ. Бзэ лэжьэкlэм езым ″макъзешэ″ къалэнкlэщ хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″е (эй), о (эу)″ макъхэр къызэригъэщlар. Ауэ хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″макъ lуэр лъабжьэ″хэм я лимитацэу утыку къихьэ ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэм я къэlукlэр хуиту щыткъыми, ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщlэфкъым. Езыр макъ lуэр зэхэжарэ хуиту къэlыкlэ иlэми, ипщэкlэ и гугъу зэрытщlа щхьэусыгъуэм папщlэ ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэ ″е (иэ)″ макъым и лимитацэу къэхъуа ″lе″ макъми ″макъзешэ″ къалэн зэримыгъэзэщlэнур гурыlуэгъуэнщ. ″И″мрэ ″е (иэ)″м и куэдагъэу утыку къихьарэ ″я″ тхыпкъымкlэ ттхы ″иа″ми хуиту къэlуыкlэ иlэу щытми, ипщэкlэ и гугъу тщlа щхьэусыгъуэм ипкъ иткlэ ″макъзешэ″ къалэн игъэзащlэкъым.

*

Адыгэбзэм хэт ″макъ lуэр″хэмрэ, абыхэм щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэр зы макъыбзэу адыгэбзэр зэрылъытэм къызэрыгуэкlкlэ къэдгъэлъэгъуащ. Ахэр псэлъэпкъыбзэ лэжьэкlэ зиlэ бзэхэр зи lуэху бзэщlэныгъэлlхэм зэралъытэм и гугъуи щlащи, абыхэм адыгэбзэ макъхэм

теухуауэ къаӀуатэхэм хэт щыуагъэхэм и лъабжьэр адыгэбзэр езыхэм я бзэхэм хуэдэу зы псэлъэбкъыбзэу зэрыщымытращ. Адыгэбзэр макъыбзэщи, абы и лэжьэкӀэр макъхэр къызэрыхъу щӀыкӀэкӀэ бзэм систематикэу зэрыхэлэжьыхькӀэрэщ. Псэлъэпкъыбзэхэм мы и лъабжьэр игъэкӀуэдащи, абыхэм я лэжьэкӀэр макъ лъабжьэжкъым. Ар щыхъукӀи, псэлъэбкъыпбзэхэм дежкӀэ, бзэм хэт "макъ Ӏуэр" псори "макъзешэ" къалэн зыгъэзащӀэхэрщ, а бзэхэм "макъ Ӏуэр" жыхуэтӀэр бзэм зэрыхэтым и щхьэусыгъуэр "макъзешэ" къалэнщ. Мыбы папщӀэ, а бзэхэм мы терминитӀыр зэдэгъуу мэлъытэр: "макъ Ӏуэр/макъзешэ".

ИпщэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм къызэрыхэщрэ, мы иужьрейуэ пытщэжа псалъэхэми гурыӀуэгъуэ къызэращӀщи, а щӀэныгъэлӀхэм зэралъытэри адыгэбзэр "макъ Ӏуэр/макъзешэ" мащӀэрэ, "макъ щэху/макъ дэкӀуашэ" куэд зыхэт бзэуэщ. Мыр псэлъэпкъыбзэм теухуа зы еплъыкӀэщ, а еплӀыкӀэкӀэ адыгэбзэм ущыхэплъэкӀэ гулъытэ зыхуэпщӀыну зы пэжыгъэщ. Ауэ адыгэбзэр псэлъэпкъыбзэкъыми, зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, абы и лэжьэкӀэри, абы хэт макъхэм ягъэзащӀэри зы псэлъэпкъыбзэм хуэдэкъым. Макъыбзэмрэ псэлъэпкъыбзэм макъхэр зэралъытэр зэхуэдэкъым. Псэлъэбзэм хэт макъхэм теухуа критерыр зэхуэдэнкъым, макъхэм теухуауэ а пэлъэбзэ лӀэужьыгъуитӀыр къызэрыхутэну параметрыр зэхуэдэкъым. Ауэ нэхъ гъэщӀэгъуэныжыр station ращи, псэлъэпкъыбзэхэр зи Ӏуэху мы бзэщӀэныгъэлӀхэм адыгэбзэм зэреплъу ми зи гугъу тщӀахэр адыгэбзэм телэжьыхь ди бзэщӀэныгъэлӀхэми жаӀэжыр. Зэхуэмыдэ бзэ лӀэужьыгъуитӀыр зэхуагъадэу, псэлъэпкъыбзэм и бзэщӀэныгъэлӀхэм адыгэбзэм теухуауэ къаӀуатэм зэрызырагъэкӀурэ зэрыдэжьукӀэрэщ бзэщӀэныгъэлӀ зэрыхъухэр.

Япэрауэ адыгэбзэм теухуауэ мы хужаӀэхэр адыгэбзэм теухуауэ щхьэфэтел гуэрхэм гулъытэ хуэщӀынращ, ауэ ар адыгэбзэм теухуауэ зы пэжыгъэжь гуэр къэӀуэтэнракъым. "Макъ Ӏуэр"хэм макъ геометриещ утыку къырагъэхьари, мы геометрие ӀэнатӀэхэм щылэжьэну мыхьэнэхэр къигъэхъун хуейщ бзэ лэжьэкӀэми, мыхэр зыгъэзэщӀэну макъхэр къэгъэхъун зэрыхуейри гурыӀуэгъуэщ. Мыхэри "макъ щэху"хэращи, "макъ Ӏуэр"у "макъзешэ" къалэн зыгъэзащӀэхэм я геометрием щыгъэлъагъуэ бзэ мыхьэнэхэр нэхъыбэу къызтехъукӀыр мыхэращ. Аращи, макъхэмкӀэ лэжьыгъэ зыгъуэту ухуэу щӀэзыдза бзэм бзэ мыхьэнэщӀэхэр къигъэщӀын папщӀи, зыхуэныкъуэ макъыщӀэхэр "макъ щэху"у утыку къохьэр. Мыбы папщӀэщ, щхьэж макъхэри зэрыбагъуэрэ, икӀи ахэри иримыкъуу, макъ гуэрхэри зэрызэгухьэкӀэрэ макъ зэгуэт зэхэжыхьауэ макъыщӀэхэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэри. Ар щыхъукӀи, нэхъыбэу "макъ щэху" лӀэужьыгъуэращ бэгъуэныгъэм ихуэр.

Адыгэбзэм макъхэр мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэщ зэрыхэтри, абы хэт дэтхэнэ зы "макъ Ӏуэр"ым "макъзешэ" къалэн игъэзащӀэуи хэткъым, "макъзешэ" къалэн зыгъэзэщӀэф "макъ Ӏуэр"хэм сытым дежи "макъзешэ" къалэн ягъэзэщӀэу бзэм хэткъым. Адыгэбзэм и лэжьэкӀэр макъхэр

къэгъэӀун къалэн закъуэм къыщымынэу, ар зэрымакъыбзэм ипкъ иткӀэ, макъхэр щхьэж мыхьэнэ къызэрагъащӀрэ мыхьэнэ къэгъэхъун къалэнкӀэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

Адыгэбзэр макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэрэ макъыбзэу зэрыухуа лъабжьэр зэримыгъэкӀуэдам зэрезэгъщи, макъхэр гъэбэгъуэнкӀэрэ хущӀэкъуу зэрыухуа щӀыкӀэр ноби щӀэмыкӀуэдыкӀауэ зыхэлъыжырщ. Макъхэр гъэбэгъуэнкӀэрэ зэрыхущӀэкъуарэ, иджыри зы макъыбзэу зэрыщытым папщӀи, адыгэбзэм и макъхэр макъыбзэу щымытыж бзэхэм елъытауэ нэхъыбэщ. Макъыбзэу зэрыщытрэ бзэм макъ мыхьэнэ къигъэщӀынрэ макъхэр гъэбэгъуэнкӀэрэ зэрыхущӀэкъум ипкъ иткӀэ, адыгэбзэр макъ щэхубэу щытщ. Макъ щэху куэд щыхэткӀи, макъ Ӏуэрхэм елъытауэ макъ щэхухэр куэдыщэщ. Мыхъумэ, адрей бзэхэм елъытауэ адыгэбзэм хэт макъзешэхэр нэхъ мащӀэкъым, ауэ макъыбзэу щымыт бзэхэм елъытауэ макъ щэху бжыгъэмрэ макъ Ӏуэр бжыгъэм я зэщхьхэщыкӀыныгъэр нэхъыбэщ. ИкӀэм икӀэжым макъ Ӏуэр жыхуэтӀэхэр къызэрыӀу щӀыкӀэм зы гъунапкъэ иӀэщ, ауэ мыбы елъытауэ макъ щэху къэӀуфыныгъэр нэхъ лӀэкӀыныгъэу щытщ. Адыгэбзэм и макъ Ӏуэррэ макъзешэхэр зи гугъу тщӀы бзэхэм я макъзешэхэм елъытауэ нэхъ мащӀэкъым. Зи гугъу тщӀы бзэхэм хэт макъ Ӏуэр/макъзешэ бжыгъэр нэхъыбэу 8-щ (а, е, ы, и, у, ю, о, ё) зэрыхъури, адыгэбзэм макъзешэ къалэнкӀэрэ хэт макъ Ӏуэр мы бжыгъэм къызэрыкӀэрымыхущэри гулъытапхъэщ: «ы, э, а, и, е (эй, эйй), у, о (эу)».

Адыгэбзэм "ю, ё" макъхэр зэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, мы макъхэм я къэӀукӀэр адыгэбзэм и макъзешэхэм хуэдэу хуит дыдэу зэрыщымытри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэ макъ Ӏуэрхэм я къэӀукӀэр гулъытапхъэмэ, "ю, ё" макъхэм я къэӀукӀэр мыбы зэремызэгъыщэр гурыӀуэгъуэнщ: "ю, ё" макъхэр "у, о" макъхэм я къэӀукӀэр нэхъ бгъузэрэ псыгъуэ къэӀуыкӀэ зыгъуэта макъхэрщ.

Аадыгэбзэм "макъзешэ" къалэн зыгъэзащӀэу хэт макъ бжыгъэр адрей бзэхэм иужь къызэримынэр нэрылъагъущ. Ауэ мыбы къыщымынэу, адыгэбзэм хэт "макъ Ӏуэр" бжыгъэр зи гугъу тщӀы бзэхэм елъытауэ куэдыщэщ. Адыгэбзэм хэт макъ Ӏуэр псоми "макъзешэ" къалэн зэрамыгъэзащӀэр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ адыгэбзэм "макъзешэ" къалэн имыгъэзащӀэу хэт макъ Ӏуэрхэр щхьэжу къэӀуф макъхэращи, ахэр зы "макъзешэ"м пыщӀауэ къэӀун зыхуэмыныкъуэ макъхэрщ. "Макъ Ӏуэр"у "макъзешэ" къалэн зымыгъэзащӀэрэ щхьэж езыр къэӀуф макъхэращ мыхэр: «Ӏы, Ӏэ, Ӏи, Ӏу; е (иэ), я (иа), Ӏе».

Мыбы нэмыщӀ, "макъ щэху" гуэрхэм я ужьыгъуэ (у) мыхьэнэкӀэ къэхъу макъ зэгуэтхэри (къу, кхъу, хъу, гъу, кӀу, ку, ху, гу) зы "макъзешэ" хуэмыныкъуэу къэӀуф макъхэрщ. Мыпхуэдэу "у"кӀэрэ къэӀу макъ къызкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа макъ щэху зэгуэтхэри щыӀэщ (тхъу, тху, ткӀу, шху, лъху, пхъу, бгъу). НытӀэ, мыхэри "макъзешэ" зыхуэмыныкъуэу къэӀу макъхэращи, "макъзешэ" зыхуэныкъуэ "макъ щэху" бжыгъэм

хэгъэщӏын хуейщ. Ауэ ӏуэхур мыракъым, зы макъыбзэу адыгэбзэм и макъхэр къэпщытэныр бзэм и макъхэр нэмыплъ зыщӏ бзэщӏэныгъэр къигъэщӏ параметрэм щӏэмыджыкӏынращ, абы езым зэпкъырыувэкӏэмрэ и лэжьэкӏэм езэгъу параметрэ къэгъэщӏынращ, езым и макъхэм теухуа зэгъэпщэныгъэрэ критерхэр къэгъэщӏынращ. Мыри адыгэбзэщӏэныгъэр езы адыгэбзэм теухуарэ хуэӏуауэ къэгъэщӏынращ зэлъытар.

*

Адыгэбзэр макъыбзэщи, абы и макъхэр макъыбзэу щымыт бзэхэм елъытауэ зэрыкуэдым и лъабжьэр мыращ. Ауэ макъыбзэ зэмылъытэ нобэрей бзэщӏэныгъэм и еплъыкӏэм адыгэбзэм и макъхэр зэрыкуэдым и лъабжьэм гулъытэ хуищӏыфкъым. Абыхэм езым ябзэхэр лъабжьэ язэрыхуэхъукӏэрэ тырауххуа бзэщӏэныгъэм химыубыдэ адыгэбзэм и макъхэм ягъэзащӏэр къыгурыӏуэкъым. Макъ щэхубэрэ макъ ӏуэр мащӏэу зэрыщытым и лъабжьэм гулъытэ хуащӏкъым. Икӏэм икӏэжым бзэ куэдым и макъ ӏуэрхэр адыгэбзэм и макъ ӏуэрхэм хуэдизщ, е макъ ӏуэритӏ-щыкӏэ нэхъыбэщ. Макъ ӏуэрхэр а бзэщӏэныгъэзехьэхэм зэралъытэмрэ адыгэбзэм зэрыхэт щӏыкӏэри зэрызэтемыухуэр ипщэкӏэ къэгъэлъэгъуаххэщи, макъ ӏуэру ямылъытэ гуэрхэр адыгэбзэм икӏи макъ ӏуэр къалэн игъэзащӏэу зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. Адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым папщӏэ, бзэ мыхьэнэ къэхъуныгъэр макъхэм зэрелъытарэ бзэ мыхьэнэ зыгъэзэщӏэну макъхэри нэхъыбэу макъ щэхухэрауэ зэрыщытым папщӏэщ адыгэбзэм и макъ щэхухэр макъ ӏуэрхэм елъытауэ щӏэнэхъыбэр. Макъыбзэ зэрамылъытэращ я щыуагъэр къызэрытехъукӏрэ зэхуэмыдэ бзитӏыр макъ бжыгъэкӏэ зэгъэпщэныгъэм щӏырагъэувэр. Абыхэм я еплъыкӏэм укъыхуэнэмэ, адыгэбзэм и макъ щэхухэри бгъэмащӏэ хъунущ. Дауэ жыпӏэмэ, адыгэбзэм зэхуэмыдэ макъхэу хэт макъ щэху куэдыр зи гугъу тщӏы бзэхэм зэхуэдэу къыраӏуэрэ ятхыу хэтщ, икӏи зэхуэдэу къэмыӏуми, зэхуэдэу ятхыу хэтщ. Ауэ мыр а бзэхэм теухуауэ ӏуэхушхуэкъым, сыт щхьэ жыпӏэмэ, макъыбзэ лэжьэкӏэр зыфӏэкӏуэда бзэхэм дежкӏэ макъхэр ӏуэхукъым: мыхьэнэшэ макъхэр зэгухьэу мыхьэнэншэу щыт псэлъэпкъ къагъэщӏри, ар аффикскӏэрэ щылажьэм къэхъу псалъэхэращ мыхьэнэ зиӏэр, бзэми и лэжьэкӏэр мыпхуэдэщ.

Мы зи гугъу тщӏахэм теухуауэ зы щапхъэ къэтхьынщи, адыгэбзэм и макъхэр щӏэнэхъыбэмрэ зи гугъу тщӏы бзэхэм я макъхэр щӏэмащӏэм и щхьэусыгъуэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, а бзэхэм адыгэбзэм и ″къ, кӏ, к″ макъхэр зэхуэдэу тхауэ хэтщ. Мыбы къыщымынэу, я къэӏукӏэкӏэ зэщхьэщыкӏ ″к″ макъ лӏэужьыгъуэри зэхуэдэу тхауэщ зэрызырахьэр. Тӏанэ, адыгэбзэм хэт ″къу, ку, кӏу″ макъхэр а бзэхэм щхьэж макъыу хэткъым, ауэ бзэ лэжьэкӏэрэ къызкӏэлъыкӏуэ макъхэм елъытауэ мыпхуэдэу къэӏуу хэтми, бзэр зэрымымакъыбзэм папщӏэ, мы макъхэр щхьэж макъыу тхынрэ лъытэн хуейуэ лъытэкъым. Аращи, адыгэбзэм щхьэж макъхэу хэту мы къэтахэм псори ″к″ макъкӏэрэ ятхмэ ирокъур. Мыбыи къыщымынэу, адыгэбзэм хэт ″кхъ, кхъу″ макъхэри а бзэхэм я

жьэрыпсалъэм хэтми, ахэри зэрытхыр "к" тхыпкъкӀэщ. Мыр мыпхуэдэу къыщӀэхъум и щхьэусыгъуэр а бзэхэр макъыбзэу зэрыщымытращ, икӀи мыпхуэдэ бзэхэм къытехъукӀа бзэщӀэныгъэкӀэ макъхэр зэщхьэщыкӀыу къэӀуу я жьэрыпсалъэхэм хэтынри яфӀэӀуэхукъыми, а жьэрыпсалъэрэ а макъ къэӀукӀэр кӀуэ пэтрэ бзэр зэрытха тхыпкъыр къызэрыӀун хуейуэ зэралъыта щӀыкӀэм тохьэжыр.

Адыгэбзэм и макъхэмрэ ахэр макъыбзэу щымыт бзэхэм зэратх щӀыкӀэу зэрыхэтым теухуа щапхъэр "к" лӀэужьыгъуэу лъытапхъэ макъхэм теухуауэ къэтащи, дэтхэнэ зы макъ гупыр мыпхуэдэщ; аращи, адыгэбзэм и макъхэри нобэрей бзэщӀэныгъэм елъытауэ бгъэмэщӀэфу, а бзэщӀэныгъэр къызтехъукӀауэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэм хуэдизым къебгъэхухыфынщ. Ауэ мыр зэрыщыуагъэрэ зэрыхьэдыгъуэдахэр наӀуэщи, макъыбзэу щымыт бзэхэмрэ макъыбзэр макъхэм теухуауэ зэрырагъапщэу зи гугъу тщӀы бгъэдэхьэкӀэри ар дыдэу хьэдыгъуэдахэщ.

Макъхэм теухуауэ мы псалъэхэм къызэрагъэунэхущи, адыгэбзэм и макъхэр куэдщ, макъыбзэу щымытыж бзэхэм я макъхэр нэхъ мащӀэщ. Ауэ бзэр къызэрыхъуа лъабжьэр зиӀэжу зы бзэщ адыгэбзэри, абы и макъхэр къызэрыӀу щӀыкӀэу тхынрэ къиӀун хуейщ, мыкӀуэдын папщӀи абыхэм щысхьын хуей щ. Нобэр къыздынэсым адыгэбзэм натуралу хэкӀуэдыкӀарэ, бзэр тхыбзэм зэрытехьэм къызэрыгуэкӀкӀи, утыку ит бзэщӀэныгъэр гъуазэу зэралъытэм папщӀэ, макъ гуэрхэр зэрыхагъэкӀуэдыкӀари щыуагъэшхуэщ.

## МАКЪХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУ, КЪЫЗЭРЫӀУ, ЗЭРЫБАГЪУЭ ЩӀЫКӀЭХЭМРЭ, Я МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкӀэ нобэрей фонетикэрэ фонологием и бгъэдэхьэкӀэмрэ адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ къэтӀуэтахэр зэрыигъуэрэ зэрыгурыӀуэгъуэу нэхъыбэу адыгэбзэм и "макъ Ӏуэр"хэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ. ИкӀи, мы къэтӀуэтахэм "макъ Ӏуэр"хэр къызэрыхъурэ къызэрыӀу щӀыкӀэри, зыр зым къызэрытехъукӀ щӀыкӀэмрэ зэрызэлъыта щӀыкӀэхэри, абыхэм бзэм хагъэзэщӀыхь мыхьэнэрэ къалэнхэри, абыхэм щыщ гуэрхэм бзэм "макъзешэ" къалэн зэрыхагъэзэщӀыхьрэ хэзымыгъэзэщӀыхьзэри гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуащ. Аращи, япэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхэщарэ икӀи къытпэщыт лэжьыгъэ Ӏыхьэхэми игъуэ щыхъум деж аргуэру зи гугъу тщӀыну "макъ Ӏуэр"хэм теухуауэ мы ипэкӀэ къыщыжытӀахэр зэ щхьэ ирикъуну зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэщи, "макъ щэху"хэм я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэм теухуауэ, икӀи зыр зым къызэрытехъукӀрэ зэрызэлъытауэ зэрыщытым аргуэру дыхэхьэн зэрыхуейр гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ "макъ Ӏуэр"хэм теухуауэ мы жытӀахэм къыкӀэлъыкӀуэу мы илъабжьэкӀэ къыпыщэну лэжьыгъэри "макъ щэху"хэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀынщ.

ИлъабжьэкӀэ къедгъэкӀуэкӀыну лэжьыгъэ Ӏыхьэм зэрыхэплъэгъуэрщи, я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ зэрызэлъытам гулъытэ щыхупщӀым деж, "макъ

щэху"хэри зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэмрэ абы и дициплинэ Iыхьэхэм (фонетикэ, фонологие) ахэр зэралъытэ щIыкIэхэри адыгэбзэм и макъхэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэм щхьэпэ зэрыхуэмыхъурэ зэрыхумыфащэм гулъытэ хубощIыр. Аращи, псалъэм папщIэ, фонетикэу макъхэр "жыгъжь"рэ "жыгъру"уэ е "макъ дэгу"рэ "макъ пIытIа" хуэдэу зэралъытэ щIыкIэхэм макъ къэIукIэ щIыкIэхэр гурыIуэгъуэ къащIми, мыпхуэдэ зэщхьэщыгъэкIыныгъэрэ класификацэхэм зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэ хуейм теухуауэ щхьэпэ хъуну гуэр къагъэунэхуу жыIэпхъэкъым.

## "Макъ щэху"хэм я къэхъупIэ, къэхъуыкIэ, къэIукIэхэр.

"Макъ Iуэр"хэм ямызакъуэу, "макъ щэху"хэм я къэхъуыкIэрэ къэIуыкIэхэм я макъ мыхьэнэхэмрэ бзэм хагъэзэщIыхь мыхьэнэхэр зэтохуэр. "Макъ щэху"хэр къызэрыхъу щIыкIэм къежьапIэ хуэхъумрэ зэрыбагъуэхэм, фонетикэу къызэрыхъухэмрэ бзэм хагъэзэщIыхьхэр зэрызэтехуэм илъабжьэкIэ и гугъу тщIынщ.

"Макъ Iуэр" лъабжьэр "ы"уэ зэрыщытым ещхьу, "макъ щэху"хэм ящыщу япэ къэхъуари "**м**" макъращ. "М"ыр пэщхъынэм къыщыхъуа макъщи, ар къэIун папщIэ жьэр зэтехын зыхуэмыныкъуэ макъщ. Ауэ бзэм зэрыхэхьэ щIыкIэр жьэм къыжьэдэIукI зы макъыущ: Iупэ зэтепIар щызэтехым "м" пэщхъынэ макъыр къэIуущ бзэм зы макъыу зэрыхэхьар. Пэщхъынэм къыщыхъу "м" макъ щэхур Iупэр щызэтеххкIэ зы бзэ макъыу къызэрыIум нэмыщI, Iупэ зэтехар щызэтепIэкIи къэIуфу зы макъщ. Ар пэщхъынэм къыщыхъу макъыу, Iупэр щызэтехрэ щызэтепIэкIэ къызэрыIукIэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

"М" макъым пыщIарэ къыкIэлъыкIуэу утыку къихьар "**н**" макъращ. Тхьэмбылым къикIыжу пэмкIэ къыриху жьым занщIэу къытехъукI макъыр "м" макъращи, мыпхуэдэу хуиту пэм къырихуну жьым зэрытеIэбэ, зэрытекъузэ щIыкIэу къэхъу макъыр "н" макъращ. Хуиту пэм къикIыну жьыр пэщхъынэ къежьапIэм щыдэкъузэм, е ар дыдэу пэщхъынэ ухыпIэу щыт пэм къимыкI ипэ жьыр пэщхъынэм щыдэкъузэм щыгъуэ къэхъу макъыр "н" макъращ. "Н" макъри бзэм зэрыхэхьа щIыкIэр пэщхъынэм къыщыхъу "м" макъыр къэIун папщIэ Iупэ зэтехам бзэгупэмкIэ еIунщIыу жьэм къызэрыдэкIкIэрэщ. "М"ыр къэIун папщIэ зэтеха IупэмкIэ къыжьэдэкIыну жьым бзэгупэр зэреIунщIкIэрэ къэхъуущ "н" макъыр зы псэлъэбзэ макъ щыхъур. "Н"ыри "м"ым хуэдэу пэщхъынэм къыщыхъу макъщи, "м"ыр къызэрыIуа щIыкIэм къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ зы макъыу, Iупэ зэтехам бзэгупэр къыхэIэбэу къэIу макъщ. Ар "м"ым хуэдэу Iупэ зэтепIэкIи къэIу макъкъым, "м"ым къыкIэлъыкIуэ зы макъыу, бзэ макъ къэхъунрэ къэIуныр жьэ кIуэцI Iуэхуу зэрыщытым хэхьэу къэIуыкIэ зиIэу зы макъщ. "Н" макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри "м"ым къыкIэлъыкIуэу къызэрыхъум зэрезэгъкIэрэщ.

**″М, н″** макъхэр пэщхъынэращ къыздыщыхъуари, жьэрэ Iупэр Iуэхум къыхэмыхьэми къэIуф макъхэщ. Ауэ пэщхъынэм къыздыщыхъум деж, мы макъхэр зэхэхугъуафIэу щыткъыми, псэущхьэм гурыIуэгъуэ къыхуэхъуамрэ (м) мыбы теухуауэ зыхущIэкъунур (н) зэхэту утыку къизылъхьэ макъитIщ. Псэущхьэм дэтхэнэ гуэрыр гурыIуэгъуэ къызэрыхуэхъур ″м″ макъращ къэзыгъэлъагъуэри, абы къыкIэлъыкIуэу зи гугъу зэрытщIам хуэдэу утыку къихьэ ″н″ макъыр ″м″ыкIэрэ гурыIуэгъуэ къыхуэхъуам и пэджэжыныгъэу, а гурыIуэгъуэ хъуам теухуауэ щIапхъэм зэрыхущIэкъурэ зэрыхуэкIуэр къизыIуэу утыку къихьэ макъращ. ГурыIуэгъуэ хъуамрэ (м) абы теухуауэ щIапхъэу хущIэкъуныгъэрэ зыхуэкIуапхъэр (н) къыздыщыхъуа пэщхъынэм ″м″ымрэ ″н″ макъыр зэрызэщхьэщыкIыр ар къизыIуэм и гугъэращ зэхэхупхъэу зыдэщытыр. Аращи, ″м, н″ макъхэр пэщхъынэ защIэу къызэрыIу щIыкIэкIэ щызэхэпхым деж, зэхэпхыр дэтхэнэ макърами зэхэхугъуафIэкъым. Ахэр бзэм зэрыхэхьа щIыкIэу, жьэ кIуэцIкIэрэ Iупэ зэтехрэ зэтепIэу къыщыIуращ зэхэхугъуафIэ щыхъухэр. Нобэ мы макъхэр пэщхъынэ макъ дыдэу къэIуу зыхэт бзэхэр щыIэщ, ауэ ахэр адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэр псэлъэбзэ макъ зэрыхъуа щIыкIэу Iупэ макъхэущи, а нэхъ мащIэ пэщхъынэ макъыу къызэрыIу щIыкIэкIэщ.

ЦIыхум и бзэр зэрыухуа макъхэм щыщрэ пэщхъынэм къыщыхъу макъхэу (м, н) жьэр зэтепIами къэIуфхэм нэмыщI, пэщхъынэм къыщымыхъуми, жьэр зэтепIауэ къэIуф макъхэри щыIэщ. Макъыр ″м, н″ макъхэм хуэдэу пэщхъынэм къыщыхъуами, е мыбдежым зи гугъу тщIыну макъхэм хуэдэу къурмакъейм къыщыхъуами, жьэр зэтепIауэ къызэрыIуфыр тхьэмбылым къикIыж жьыр пэмкIэ къыщырихуращ. ″М, н″ым нэмыщI, мыпхуэдэ макъхэм илъабжьэкIэ и гугъу тщIынщ.

″М″ыкIэрэ гурыIуэгъуэ хъуам теухуауэ щIапхъэм хущIэкъуу ″м″ым къыкIэлъыкIуэрэ пэджэжыныгъэ зыхуиIэу утыку къихьэ ″н″ым нэмыщI, жьэр зэтепIауэ къэхъуу ″м, н″ макъхэм я къэIукIэм хуэмыдэ макъхэри щыIэщ. Мыпхуэдэщ ″**хь**″ макъымрэ, абы и пIытIауэ лъытапхъэу адыгэбзэм хэтарэ нобэ нэхъыжьхэм псалъэ гуэрхэр къызэрыраIу щIыкIэу зэхэтх макъри, ар ″**хьI**″уэ тхыпхъэмэ, ″хь, хьI″ макъхэр ″м, н″ым къыкIэлъыкIуэу япэу къэIуыкIэ зыгъуэта макъхэу лъытапхъэщ. ″М″ыкIэрэ гурыIуэгъуэ хъуам пэджэжыныгъэу утыку къихьа ″н″ макъым къыкIэлъыкIуэу къэIу мы макъыр ″н″ым гурыIуэгъуэ ищI хущIэкъуныгъэр зытеухуар гурыIуэгъуэ зыщI макъыу лъытапхъэщ ″хь, хьI″ макъхэр. ″ХьI″уэ ттха макъыр адыгэбзэ алфавитыр щыхалъхьагъащIэ щыхатхауэ щытами, ар нобэ адыгэбзэ алфавитми ди къэпсэлъэкIэми хагъэкIыжащ, ауэ ар ноби лIыжьхэм я къэпсэлъыкIэм хэтщ, тIанэ абазэбзэм куэдыщэу хэту зы макъщ. ″ХьI″ макъыр абазэбзэм зэрыхэт щIыкIэр адыгэбзэм и ″хь″ макъ мыхьэнэм ещхь мыхьэнэ хигъэзэщIыхьущ.

Псэущхьэм гурыIуэгъуэ къыхуэхъуам (м) зыхущIэкъу (н) хьэрычэтыр къизыIуэ макъхэрауэ жыIэпхъэщ ″хь, хьI″ макъхэр. Псэущхьэм ″м″ыкIэрэ

гурыӀуэгъуэ къыхуэхъуам теухуауэ зэрызыхуищӀынум зэрыхущӀэкъурэ зэрыхуэкӀуэм къигъэщӀа ″н″ макъым къыкӀэлъыкӀуэу псэущхьэр зыхущӀэкъу щӀапхъэр пэщхъынэ къежьапӀэм аткӀэ къурмакъеймкӀэ къыдэкӀ жыым щытекъузэм къэхъу ″хьӀ, хь″ макъхэращ. Мы макъхэр зэрызэлъыта щӀыкӀэу къызэрыхъум гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, дэтхэнэ зыгуэрыр псэущхьэм гурыӀуэгъуэ къызэрыхуэхъурэ (м) абы зэрызыхуищӀыну щӀыкӀэр къыздыщӀидзэмрэ (н), псэущхьэм мы гурыӀуэгъуэ къыхуэхъуам зэрызыхуищӀ щӀыкӀэрэ хьэрычэтыр утыку къизылъхьэ ″хь, хьӀ″ макъхэр зэпыщӀауэ къэхъурэ зэпыщӀа Ӏуэхугъуэ къизыӀуэу псэущхьэм натуралу къыхэхъукӀ макъхэщ.

″Хь, хьӀ″ макъхэм елъытауэ нэхъ щабэ къэӀуыкӀэ зиӀэу бзэм зы макъи къыхохьэжри, ар ″хь, хьӀ″ нэужьу къэхъуа зы макъщ. Зи гугъу тщӀы мы макъыр ″хь″ макъым и щабэ (ь) къэӀуыкӀэ зиӀэу зы макъыу зэрыщытым папщӀэ, ″**хьь**″уэ къэгъэлъэгъуапхъэщ, е бзэ гуэрхэм зэрыхэткӀэрэ ар ″**һ**″уэ (хьь → һ) тхыпхъэщ. ″Хь, хьӀ″ макъхэр зэкӀэлъыкӀуэрэ зэхуэдэ къэхъуыкӀэ зиӀэ макъхэу щытми, ″һ″ макъыр абыхэм къакӀэлъыкӀуэу къазэрытехъукӀар куэдкӀэ иужькӀэу лъытапхъэщ. Ари гъунэгъу зэманыгъуэхэм нэгъунэ адыгэбзэм хэтауэ щытащ, ауэ нобэ абы и къалэныр ″х″ым теухуауэщ къызэрекӀуэкӀыр (щапхъэмэ: аһэр → ахэр).

Пэщхъынэ макъхэу щыт ″м, н″ макъхэм къакӀэлъыкӀуэрэ къурмакъейм къыщыхъу ″хь, хьӀ″ макъхэм натуралу ягъэзащӀэри ″м, н″ макъхэм натуралу ягъэзащӀэ мыхьэнэхэм къакӀэлъыкӀуэ мыхьэнэхэщ. Псэущхьэм гурыӀуэгъуэ къыхуэхъуар ″м″ макъымкӀэщ утыку къызэрырилъхьэри, абы теухуауэ псэущхьэм и реакцэрэ рефлексу утыку къихьэр ″н″ макъым къигъэлъагъуэу лъытапхъэщ. Псэущхьэм къыгурыӀуам зэрыхущӀэкъур къизыӀуэ ″н″ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьэ макъхэщ ″хь, хьӀ″ макъхэри, гурыӀуэгъуэ къыхуэхъуам теухуауэ псэущхьэр зэрыгубжьымрэ зэрыщыхьэ щӀыкӀэр, гурыӀуэгъуэ къыхуэхъуам зэрыхуэкӀуэрэ зэребгъэрыкӀуэр, гурыӀуэгъуэ къыхуэхъуам теухуауэ гугъуехьыгъуэм зэрыхэхьэр а псэущхьэм къызхигъэӀукӀ ″хь, хьӀ″ макъхэращ къыхэзыгъэщыр.

″Хь, хьӀ″ макъхэри ″м, н″ макъхэм хуэдэу жьэр зэтепӀами къэӀуыкӀэ зиӀэ макъхэщ, ауэ ахэр ″м, н″ макъхэм хуэдэу пэщхъынэ макъхэкъым. ″Хь, хьӀ″ макъхэр пэмкӀи къиӀуыкӀыф макъхэу щытми, ахэр къыздыщыхъуар тэмакъым нэгъунэ къурмакъейращ. Мы макъхэр гъуэгуанэ кӀыхь ирикӀуэу къэхъупӀэрэ къэхъуыкӀэ зиӀэ макъхэщ. Къызэрыхъу щӀыкӀэм хуэдэщ къызэрыӀу щӀыкӀэхэри, зытеухуа Ӏуэхугъуэри мыпхуэдэщ: гъуэгуанэ кӀыхьрэ гугъехьыгъуэ къизыӀуэ макъ мыхьэнэ зиӀэхэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэхэм теухуауэщ. ″ХьӀ″ым елъытауэ нэхъ пхъашэу къэӀуыкӀэ зиӀэ ″хь″ макъыр ″хьӀ″ым елъытауэ нэхъ ерыщыгъэрэ фӀэщыгъэ зиӀэ макъ мыхьэнэуэ лъытапхъэщ. ″Хь″ым къытехъукӀа ″һ″ макъри нэхъ щабэу къызэрыӀум ипкъ иткӀэ нэхъ лантӀэ Ӏуэхугъуэхэм теухуауэщ бзэм зэрыхэжьыхьыр.

″Хь, хьI″ макъхэр жьыр пэм къыщырихукIи къэIуф макъхэщ, ауэ ахэр пэщхъынэ макъхэкъыми, къурмакъей макъхэщ. Къурмакъейм къэхъуу пэмкIи, жьэ зэIухамкIи къиIукIыф макъхэрщ. Жьэр зэтепIами тхьэмбылым къикIыж жьыр пэмкIэ къыщырихум къиIукIыф макъхэщ къурмакъейм къыщыхъуу зи гугъу тщIы мы макъхэр. Тхьэмбылым къикIыж жьыр къурмакъейм щыдэкIым лъэщу щихъуу къэIуыкIэ зыгъуэт мы макъхэр хуиту къэIуыкIэ зыгъуэт макъ Iуэр лъабжьэхэм хуэдэу жьэ зэтехам къыжьэдэIукI макъхэращ. Ауэ ″макъ Iуэр″ лъабжьэхэр (ы, э, и, у) ″хь, хьI″ макъхэм хуэдэу къурмакъейм щихъуэу къэхъу макъхэкъым.

″М, н″ макъхэм хуэдэу пэщхъынэм къыщымыхъурэ, зи къэхъупIэр къурмакъейуэ щыт мы макъхэр жьэм мы къызэрыдэIукIым зэрезэгъкIэрэ макъ щэхухэр жьэ кIуэцIым къыщыхъуным ипэ къихуэу къэхъуа макъхэщ. Тэмакъым къыщIидзэрэ жьэ кIуэцIымкIэ унэтIыгъэ иIэу утыку къихьэну макъ щэхухэм я къэхъуныгъэм лъабжьэрэ щапхъэ зэрахуэхъур гулъытапхъэщ. Тэмакъым деж къыщIидзэрэ жьэ кIуэцIыр зи къэхъупIэ хъуа ″макъ щэху″хэр къызтехъукIар ″хь, хьI″ макъхэм я къэхъуыкIэмрэ къурмакъейри я къэхъупIэу зэрыщытрауэ жыIэпхъэщ.

Пэщхъынэрэ къурмакъейм къыщыхъуу зи гугъу тщIа макъхэр жьэ кIуэцIым къыщыхъурэ бзэм хэт макъ нэхъыбэр утыку къимыхьэ ипэкIэ къэхъуа макъхэращ. Бзэм и макъхэм нэхъыбэу тэмакъымрэ Iупэ зэхуакуращ къэхъупIэ яхуэхъуари, мы зи гугъу тщIы макъхэр адрей макъхэм я къэхъупIэм и гъунапкъэу лъытапхъэщ. ″**М, н**″ макъхэр Iупэращ бзэм зэрыхэхьа щIыкIэри, къурмакъейм къыщыхъуа ″**хь, хьI, h**″ макъхэри иужькIэ тэмакъым къыщIидзэу къэхъуа макъхэм я къэхъупIэм и гъунапкъэу къурмакъейращ къыздыщыхъуар. ″ХьI, хь, h″ макъхэр бзэм зэрыхэхьа щIыкIэри тэмакъ гъунэгъуу къэIуыкIэ зэраIэкIэрэщ. Мы макъхэм щыщу нобэ ди алфавитым хэтыр ″**хь**″ макъращи, игъуэ къыщыскIэ и мыхьэнэмрэ бзэм хигъэзэщIыхьым теуахуауэ зи гугъу тщIыну макъыр мыращ.

″М, н″ макъхэр пэщхъынэм къыщыхъуами, ахэр псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щIыкIэр жьэ кIуэцIрэ Iупэм къызэрыхэIукIкIэрэщ. ″Хь, хьI″ макъхэри ″м, н″ макъхэм хуэдэу жьэр зэтепIами пэмкIэ къикIыж жьым зэхигъэх макъхэщ, ауэ мыхэри псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щIыкIэр жьэ кIуэцIкIэ къэIуущ. Къурмакъейм къыщыхъу мы макъхэр жьэм къыжьэдэIукIын папщIэ, жьэр зэIуха къудеймэ ирокъур. Аращи, къурмакъейм къыщыхъурэ жьэр щызэтехкIэ псэлъэбзэ макъхэу утыку къихьэ мы макъхэр жьэ кIуэцIымрэ бзэгур къэхъупIэ зыхуэхъуну макъхэм я къэхъуныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар гурыIуэгъуэщ.

*

Бзэгур бзэм и макъхэр къыздыщыхъу щIыпIэщи, мы зи гугъу тщIа макъ гупитIыр (**м, н; хьI, хь, h**) бзэгу Iуэхугъуэ хэмыту къэхъуа макъхэщ. ″Бзэгу″р бзэ джыпIэрэ къэхъупIэр зи мыхьэнэуэ зы псалъэщи, макъхэм я нэхъыбэр къыздыщыхъури, макъхэр къызэрыIу щIыкIэри бзэгум и

щӀыкӀэм елъытащ. Бзэр бзэгу Ӏуэхугъуэ зэрыхэлъкӀэрэ нэхъыбэу жьэ кӀуэцӀым къыщыхъу макъхэмкӀэщ зэрыухуари, мы макъхэр тэмакъым къыщӀидзэу Ӏупэм щиухыу жьэ кӀуэцӀ макъхэращ. МакъкӀэ ухуа бзэм и макъхэр къызэрыхъуам и гъунапкъэр мыбдежым зи гугъу щытщӀа макъхэращи, ахэр бзэм и макъхэм и къежьапӀэу, бзэр зэрыухуэну макъхэм я къэхъуныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуа макъхэрауэ лъытапхъэщ. "М"ым деж къыщӀидзэрэ "н"ыр утыку къызэрихьам къыпыщэжу, псэущхьэм и гугъэрэ и кӀуэцӀкӀэ и хьэрычэтыр къизыӀуэ "хь, хьӀ" макъхэм къыкӀэлъыкӀуэрэ псэущхьэм и гугъэхэр нэхъ нахуэу къиӀуэтэнкӀэ щхьэпэ къыхуэхъуну нэгъуэщӀ макъхэр псэущхьэм натуралу къыхэӀуыкӀ мы макъхэм къакӀэлъыкӀуэу утыку къызэрихьэн хуейр гулъытапхъэщ. Тхьэмбылым къикӀыж жьыращ макъхэр къызтехъукӀри, жьэ кӀуэцӀым къыщыхъуну макъхэр къурмакъейм къыщыхъу макъхэм я къэхъуыкӀэр тэмакъым къыдэкӀыу жьэ кӀуэцӀымкӀэ унэтӀыу къызэрыхъупхъэр гурыӀэгъуэнщ. Къызэрыхъуа щӀыпӀэрэ щӀыкӀэм ипкъ итрэ зэрезэгъкӀэрэ мыхьэнэхэр утыку къизылъхьэ "хь, хьӀ" макъхэм къыкӀэлъыкӀуэу, нэхъ зэгъэпэщауэ псэущхьэм къыриӀуэну макъхэм и лъабжьэр "хь, хьӀ" макъхэмкӀэ гъэхьэзырагъэххэу лъытапхъэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, "м, н" макъхэмрэ "хь, хьӀ" макъхэр натуралу псэущхьэм къыриӀу зэпытрэ зэрызырихьэм гулъытэ щыхуищӀкӀэ, и гугъэр къыриӀуэнкӀэрэ нэгъуэщӀ макъхэри къыригъэкӀын иужь ихьауэ жыӀэпхъэщ.

Псэлъэбзэм и макъхэр нэхъыбэу жьэ кӀуэцӀращ къыздыщыхъуарэ къыздыщыӀури, мы зи гугъу тщӀауэ пэщхъынэрэ къурмакъей макъхэмрэ макъ Ӏуэр лъабжьэхэм къакӀэлъыкӀуэ макъхэр тыншу къэхъуауэ лъытапхъэкъым. Тхьэмбылым къикӀыж жьым макъ Ӏуэрхэм нэмыщӀ, "макъ щэху"хэр къытехъукӀын папщӀэ зэман мащӀэ блэкӀауэ къыщӀэкӀынкъым. Тхьэмбылым къикӀыж жьым лъэщыгъэкӀэ текъузэу натуралу къэхъуа "хьӀ, хь" макъ нэужьу, тэмакъым къыщӀидзэрэ жьэ кӀуэцӀым къыщыхъуну макъхэм я къэхъуныгъэм хуэкӀуэныр занщӀэу къэхъуарэ Ӏуэхугъуэ тыншу лъытапхъэкъым.

"Макъ Ӏуэр лъабжьэ"хэм (ы, э, и, у) я лимитацэхэри (Ӏы, Ӏэ, Ӏи, Ӏу) къыздыщыхъуар тэмакъращи, абдежыр тхьэмбылым къикӀыж жьыр щыдэкъузэу макъ Ӏуэр лъабжьэхэм макъ ӀуэрыщӀэхэр къыздытехъукӀ щӀыпӀэращ. Аращи, макъ Ӏуэр лъабжьэхэм къытехъукӀа макъхэр макъ Ӏуэр пӀытӀахэрауэ (Ӏы, Ӏэ, Ӏи, Ӏу) жыӀэпхъэщи, макъ Ӏуэр лъабжьэрэ хуиту къэӀуыкӀэ зиӀэхэр модулацэ щыхъуа щӀыпӀэр тэмакърауэ жыӀэпхъэщ. Макъ Ӏуэр лъабжьэхэр модулацэ щыхъурэ макъыщӀэ къыздытехъукӀ щӀыпӀэщи, - тхьэмбылым хуиту къикӀыж жьым къытехъукӀыу хуиту къэӀуыкӀэ зиӀэ макъ Ӏуэр лъабжьэхэм я модулацэу макъ Ӏуэр пӀытӀахэр къызщыхъу щӀыпӀэщи -, мыбдежыр зы макъ къэхъупӀэщ. Макъ Ӏуэр лъабжьэхэм макъ Ӏуэр пӀытӀахэр къызщытехъукӀ тэмакъыр нэгъуэщӀ макъи къыздыщыхъуфын щӀыпӀэщ. Макъ Ӏуэр лъабжьэхэм нэмыщӀ, къурмакъейм натуралу къыщыхъу макъхэр лъабжьэ язэрыхуэхъукӀэрэ, тэмакъыр макъ

щэху къэхъупIи зэрыхъуфынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ мыбдежым хуиту къэIуыкIэ зиIэ макъ Iуэр лъабжьэхэм макъ Iуэр пIытIахэр къызэрытехъукIамрэ, къурмакъей макъхэм иужь макъыщIэхэр къызэрытехъукIар занщIэрэ тыншу къэхъуауэ зы Iуэхугъуэу къыщIэкIынкъым. Абдежым макъ къыщыхъуа нэужьрауэ лъытапхъэщ икIи макъ къэхъукIэр жьэ кIуэцIымкIэ кIуатэу зэрищIидзарэ, Iупэм къынэсу жьэ кIуэцIым дэтхэнэ и зы щIыпIэм макъхэр къыщыхъуу зэрыщIидзар.

Тэмакъым къыщIидзэрэ жьэ кIуэцIым хуэкIуэу къэхъуну макъхэм и гугъу дымыщI ипэкIэ, "макъ"ымрэ ар зыхэту макъ къэхъупIэхэм теухуа псалъэхэм и гугъу тщIынщ. "Хь, хI" макъ нэужьу къэхъуа макъыр тэмакъращ къыздыщыхъуари, "тэмакъ" псалъэр макъ къызтехъукIрэ "макъ платформэ" хуэдэ мыхьэнэ иIэу зэрылъытапхъэм и щхьэусыгъуэри мырагъэнщ. Макъ къэхъупIэ къежьапIэм (тэмакъ) пыщIарэ тхьэмбылымкIэ ех гъуэгури "макъ" псалъэм зэрелъытакIэрэщ къызэрыIуатэри, мыр макъыр къыздыщыхъу щIыпIэм (макъей) зэрыпыщIарэ ар зэрырикъур къизыIуэ "къурмакъей" псалъэращ. Тэмакъым къыщыхъуа зы Iэпкълъэпкъри "тэмакъыдзэ"щи, ари макъ къэхъукIэм хэлажьу зы Iэпкълъэпкъыу "тэмакъ"рэ "макъ" зыхэту зы псалъэщ. "Макъ" псалъэр зыхэтрэ макъыр къыздыщыхъум теухуауэ къэхъуа псалъэхэщ мыхэри, - нобэ бзэм телэжьыхьхэм мыадыгэбзэу ялъытэми-, "макъ" псалъэр мыадыгэбзэу лъытэныр гугъущ. Ауэ ар мыадыгэбзэу щытмэ, езы адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытрэ и лэжьэкIэм зэрекIум папщIэ, "макъ" псалъэр къищтэу зыхишэрэ зыхипщагъэнущ. Ар псэлъэбзэм и макъхэр къызэрыхъум теухуа архивыр къизыIуэ псалъэхэм хэту (тэмакъ, тэмакъыдзэ, къурмакъей) зы псалъэу зэрыщытым ущеплъкIэ, мыадыгэбзэу жыпIэныр гугъущ. Макъ къэхъуным теухуа архивым хэт "макъ" псалъэр мыадыгэбзэмэ, ар зыхэту къэхъуа псалъэхэр "макъ"ыр адыгэбзэм хэхьа нэужь къэхъуауэщ зэрыплъытэн хуейри, мыри гугъущ, мыхъуныгъэ гуэру лъытапхъэщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм езыхэр къызэрыхъум щхьэусыгъуэ хуэхъу IэпкълъэпкъыщIэхэр къызтехъукIа "макъ" псалъэр мыадыгэбзэмэ, мы псалъэхэм ипэкIэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр къэзыIуатэ псалъэхэр хэту щытагъэнщ адыгэбзэми, мыпхуэдэу щытамэ, мыбыхэм ящыщу зи мыхъуми зы псалъэ къыхэнэн хуеягъэнт адыгэбзэми, мыпхуэдэ зы псалъэм дырихьэлIэкым. "Макъ" псалъэр мыадыгэбзэмэ, ар зыхэту зэпкъырыува макъ къэхъукIэм теухуа псалъэхэр адыгэбзэм хуэдэ зы макъыбзэм хэмытауэ лъытэныр гугъущ.

ТIанэ, бзэхэм я лъабжьэр макъщи, бзэхэр лъабжьэкIэ зэрызэпыщIар псэлъэбзэ макъхэращ, икIи псэлъэбзэ лъабжьэри макъыбзэу зэрыщытын хуейр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукIи, зэхуэмыдэ бзэхэм зэхуэдэ макъхэмкIэ ухуарэ зэхуэдэ е зэщхь мыхьэнэ зиIэ псалъэхэр яхэтыныр гъэщIэгъуэныщщэкъым. НэгъуэщIыбзэм "макъ" псалъэр хэтщ жыпIэу (икIи "макъ" псалъэр къызтехъукIауэ ялъытэри хьэрыпыбзэкIэ "макъамэ" псалъэращ), ар а бзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхэхьауэ лъытэныр

игъуащэкъым. Мыбдежым щыпыщапхъэщи, "тэмакъ" псалъэм хуэдэу зы псалъэ хэтщ тыркубзэми, ар жьэ кIуэцIым ищхьэрэ илъабжьэ блыныр къизыIуэ "дамак" псалъэращ. НытIэ "тэмакъ" псалъэри занщIэу тыркубзэм къытехъукIауэщ зэрылъытэн хуейр. Зэхэумыдэ бзэхэм зэщхьэрэ зэхуэдэ псалъэ хэтхэр фIэкIыпIэ имыIэу нэгъуэщI зы бзэм етын хуейуэ щыткъым, мыпхуэдэ еплъыкIэр псэлъэпкъыбзэ еплъыкIэщ, макъыбзэ еплъыкIэкъым. Макъыбзэ еплъыкIэр псэлъэпкъыбзэ еплъыкIэм нэхърэ нэхъ куущ, нэхъ жыжьэ мэIэбэ, бзэм и къежьапIэрэ бзэ къэхъукIэм и лъабжьэм щIоIэбэ, антропологиеу жыжьагъэхэр къыщIегъэщыжыр. Зи зэхуэзэн Iэмал зимыIэ лъэпкъхэм я бзэм зэщхьрэ зэхуэдэ макъхэмкIэ ухуарэ я мыхьэнэкIи зэтехуэ псалъэхэр хэтщи, мыпхуэдэхэр къызэрыхъу щIыкIэм теухуауэ зэгущыгъэ хэлъу нэхъыбэ жызыIэфынур макъыбзэ бгъэдэхьэкIэращ. "Макъ" псалъэр мыадыгэбзэу зылъыта еплъыкIэр адыгэбзэр зы макъыбзэу зымылъытэ еплъыкIэращи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым папщIэ, абы и бгъэдэхьэкIэм занщIэу гурыщхъуэ тепщIыхь хъунщ. Адыгэбзэр зы макъыбзэу зымылъытарэ "макъ" псалъэр зэрымыадыгэбзэр макъыбзэ лэжьэкIэкIэ зэригъапщэу утыку къызэрыримылъхьам папщIэ, зи гугъу тщIы бгъэдэхьэкIэр зы макъыбзэм и псалъэхэм теухуауэ нэсу пэжу лъытапхъэкъым. Абы "макъ" псалъэр нэгъуэщI зы бзэм зэрыхэтым папщIэщ мыадыгэбзэу зэрилъытэри, и бгъэдэхьэкIэр гурыгъуазэрэ аналогие лIэужьыгъуэкIэрэщ.

Мы зи гугъу тщIа "макъ" псалъэр зыхэт псалъэхэм нэмыщIрэ "макъ" псалъэм хуэдэу ухуауэ зэбгъэпщэфыну нэгъуэщI псалъэ гуэри хэткъым адыгэбзэми, мыбы папщIэщ ар фIэкIыпIэ имыIэу адыгэбзэу зэрымылъытапхъэм и щхьэусыгъуэри. Ауэ мыпхуэдэу щхьэжу къэхъуыкIэ зиIэ псалъэхэми ущырохьэлIэр адыгэбзэми, ар макъыбзэкIэ зэрызэпкъырыува щIыкIэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, адыгэбзэ лэжьэкIэу къызэрыхъупхъэр зыхэпщIэу, псалъэм и мыхьэнэми макъыбзэу уоджэфыр. ТIанэ, "макъ" жыхуэтIэр бзэм занщIэу зы "псалъэ" зэрызэхэхъухьар къизыIуэ зы псалъэкъым, "макъ" псалъэр зытеухуар "псалъэ" мыхъуу ипэращи, "макъ" псалъэр зэрызэпкъырыувэ щIыкIэм (ма-къ) мыр гурыIуэгъуэ ещIыр: "макъ" псалъэм гурыIуэгъуэ ищIыр "езыр езырурэ къэхъуа (ма) къежьыпIэ (къ)"щи, къежьапIэу лэжьэкIэ зыгъуэтарэ зэрыхъуни мыхъуа мыхьэнэ зиIэу зы псалъэщ; ар иджыри зэрыхъун мыхъуа гуэрщи, зы бзэм макъхэр хэлэжьыхьу псалъэ щыухуэм дежщ зы логием теухуа мыхьэнэ щигъуэтынур. ЗыребгъэпщэнI нэгъуэщI псалъэ бзэм зэрыхэмытым папщIэ, "макъ" псалъэр адыгэбзэу къыщIебгъэдзыныр гугъуми, адыгэбзэм и макъыбзэ логиерэ и лэжьэкIэм езэгъыу зэпкъырыува зы псалъэу зэрыщытым папщIи, "макъ" псалъэр мыадыгэбзэу къыщIебгъэдзынри гугъущ.

"Макъ" псалъэр зы адыгэбзэ псалъэу лъытапхъэмэ, ипщэкIэ и гугъу зэрытщIам ещхьу, макъыбзэ еплъыкIэкIэ "макъ" псалъэм къиIуатэр "зыгуэрыр езыр езырурэ къызэрыхъуа"мрэ (ма), "зэрыхъун хуеипIэми

зэримыувар (къ)" къизыIуэ зы псалъэу зэпкъырыхыпхъэщ. Мыри макъыр езыр езырурэ къызэрыIу щIыкIэмрэ, зы макъыу зэрыщыIэ щIыкIэкIэ иджыри бзэм зэрыхэмылэжьыхьрэ мыхьэнэ щыхимыдж щIыкIэу, зыщхьэпэнум зэрыхуэмыкIуарэ зэрыхъун хуейр зэрымыхъуар къизыIуэ зы псалъэу лъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ еплъыкIэкIи адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэмрэ, ауэ къызэрыIуэу мылъытапхъэ псалъэхэри къызэрытехъукI зы псалъэу, "макъ"ыр мыадыгэбзэу лъытэныр гугъущ. ФIэкIыпIэ имыIэу "макъ" псалъэр адыгэбзэу умылъытэфми, мыадыгэбзэуи къыщIебгъэдзыжыфынкъым.

*

Тэмакъым къыщыхъу япэрей макъыр икIи "макъ" псалъэми хэт "**къ**" макърауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Тхьэмбылым къикIыж жьыр къурмакъей ухыпIэрэ макъ къыздыщыхъупIэу тэмакъым къызэрытехъукIар макъ къэхъукIэм и къежьапIэу зы Iуэху гугъуу къыщIэкIынт. Тхьэмбылым къикIыж жьым зы макъыщIэ къытезыгъэхъукIыну псэущхьэр мы Iуэхум иужь зэритар мащIэу къыщIэкIынкъым. Тхьэмбылым къыщежьэрэ "ы"уэ къэIунур тэмакъым къыщынэскIэ, абдежым дипIытIэурэ зы макъыщIэ къэзыгъэхъун иужь ит псэущхьэм (хьэ, цIыху) къыхэмыIукIыфу "ыкъ"у къурмакъейм зэрехыжауэ щытар мащIэу къыщIэкIынкъым. "Къ" макъыр тэмакъращ къыщыхъуари, абы и къэхъуыкIэм тэмакъыдзэри холэжьыхьыр. "Къ" макъыр мыпхуэдэу къэхъуа нэужь, тIэкIу ипщэкIэ бзэгулъэдакъэм дежкIэ дэкIыу къэIукIэи игъуэтауэ лъытапхъэщ. "Къ"ыр къурмакъей нэужьрэ жьэ кIуэцIым къыщыхъу макъхэм я ипэрей макърращи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри дэтхэнэ зы гуэрым и къэхъуыпIэрэ къэхъуыкIэущ. КъэхъупIэрэ къэхъукIэр икIи кIуэдыпIэрэ кIуэдыкIэрщи, "къ" макъыр къызэрыхъуам хуэдэ Iуэхугъуэщ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр.

"Къ" макъыр зы макъыщIэу утыку къихьа нэужь, абы и къэIукIэм зэIуиха гъуэгум тету макъ гуэрхэр утыку къихьэу щIидзауэ лъытапхъэщи, тэмакъым къыщIидзэу бзэгулъэдакъэм къыщыхъуу утыку къихьа макъхэм щыщу къэбэрдеибзэм хэт макъхэр мыхэращ: «**кхъ, хъ; гъ**». Макъхэр япэу къыздыщыхъу щIыпIэм елъытауэ Iэмал зэриIэкIэ тыншу къэIуным зэрыхущIэкъунур гурыIуэгъуэнщи, мы макъхэри "къ"ым хуэдэу япэу утыку къызэрихьа щIыпIэм елъытауэ ищхьэкIэ дэкIыу къэIуу щIэзыдза макъхэу лъытапхъэщ. Мы макъхэр "къ"ыр къыздыщыхъу щIыпIэм елъытауэ жьэ кIуэцI лъэныкъуэмкIэ хущIэкъуу къэIуыкIэ зыгъуэтарэ бзэгулъэдакъэм къыщыIу макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

"**Кхъ**"ыр "къ"ыр - зэрыдэкъузакIэрэ къызэрыIу щIыкIэри - зыхэлъыжу, тэмакъым къыщIидзэрэ ипщэкIэ етIэхъурэ щихъуу къэIуыкIэ зиIэ макъщи, абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ макъри темакъ нэужьу бзэгу лъэдакъэм щихъуурэ къэхъу "хъ" макърращ. "**Хъ**"ыр лъабжьэм щихъуэу къэIу макъщи, абы елъытауэ нэхъ теIэтыкIарэ щабэ хъуауэ къэIуыкIэ зиIэр "гъ" макърращ.

″Кхъ, хъ″ым елъытауэ ″**гъ**″ макъ къэӀукӀэр нэхъ щабэу, ″къ″ нэужь макъ къэхъукӀэр зэрылэжьэфын щӀыпӀэкӀэ зышэ зы макъыуи лъытапхъэщ.

Мы макъхэм я мыхьэнэр я къэхъукӀэм теухуащи, бзэм хагъэзэщӀыхьри зи гугъу тщӀа мы я къэхъукӀэрэ я къэӀукӀэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. КъэхъукӀэрэ лъабжьэжь зиӀэ гуэрущ ″кхъ″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр. ″Хъ″ыр гурыӀуэгъуэщи, ″хъу″р къызтехъукӀ лъабжьэжьрэ субстансив мыхьэнэ зиӀэ макъщ. ″Гъ″ыри ″гъэ″р къызтехъукӀращи, абы игъэзащӀэм лъабжьэ хуэхъуращ: ″гъэ″р сытми лэжьэн Ӏэмалыгъуэ къезытрэ ситри зыгъэлэжьэф макъ мыхьэнэуэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

Макъхэр зэкӀэлъыкӀуэу утыку къызэрихьэм елъытауэ къыщыхъуахэр мы макъхэм занщӀэу къакӀэлъыкӀуэу жымыӀэпхъэми, мы зи гугъу тщӀы макъхэр ″у″кӀэ къызэрыӀукӀэрэ макъыщӀэхэри къатехъукӀащ: «**къу, кхъу, хъу, гъу**». Мыхэр къызтехъукӀа макъхэм елъытауэ нэхъ тыншу къэӀуыкӀэ зэраӀэр гурыӀуэгъуэщ, икӀи ″у″ кӀэухкӀэрэ къызэрыӀухэм папщӀэ, къызтехъукӀа макъхэм я ужьыныгъэу зэрыщытхэри гурыӀуэгъуэщи, я макъ мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщӀыхьри ардыдэщ. Жьэ кӀуэцӀым къыщыхъу ″макъ щэху″хэм я ипэрейуэ къэхъуа ″къ″ макъым къытехъукӀ ″**къу**″р къызтехъукӀым и ужьыгъуэу къэхъур къизыӀуэ макъщ: ″къу″р къэхъум (къ) и ужьыгъуэу (у) утыку къихьарэ, хъуарэ утыку ит гуэрым пыщӀауэ щыӀэгъуэ зыгъуэтар къизыӀуэ макъ мыхьэнэщ. ″Хъ″ырэ зы субстансращ ″**хъу**″р къызтехъукӀри, ар лъабжьэрэ субснатсым и ужьыныгъэщ. ″Гъэ″ми и лъабжьэ ″гъ″ым и ужьыгъуэ (у) ″**гъу**″р лъабжьэрыужьыгъуэу дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэр къыздыщыхъуращи, абы и зэманыгъуэр щыӀэуэ хъуам я щыӀэужьыгъуэу ″гъуэ″щ.

*

Макъ къэхъуныгъэр тэмакъым деж ″къ″ыкӀэ къежьарэ къыдэкӀыу щӀидза нэужь, тэмакъымрэ тэмакъ нэужьым къыщыхъуа ″къ; кхъ, хъ, гъ″ макъхэм мы я къэхъукӀэм жьэ кӀуэцӀ лъэныкъуэмкӀэ макъыщӀэхэри къызэрытехъукӀынур гурыӀуэгъуэнщ. Бзэгулъэдакъэм къынэса макъ къэхъуныгъэр мыбы къэсыху утыку къихьауэ зи гугъу тщӀа макъхэр (къ, кхъ, хъ, гъ) къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӀэр зи къэхъупӀэ макъыщӀэхэр утыку къызэрихьэращ. НытӀэ, мы зи гугъу тщӀа макъхэм бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу лъытапхъэ макъхэр къазэрытехъукӀым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Къ″ макъым и къэхъукӀэм къытехъукӀыж макъхэр бзэгулъэдакъэм къыщӀидзэу бзэгукупэм нэгъунэ зы бжанэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу къэхъуу адыгэбзэм хэт макъыр бзэгукум къыщыхъу ″кӀ″ макъращи, адыгэбзэм нобэ хэт ″кӀ″ым (зэрытхам хуэдэу къэӀуу) мы и къэхъупӀэм нэгъунэ бзэгулъэм ″къ″ макъым къытехъукӀыжарэ нобэрей адыгэбзэм хэмытыж нэгъуэщӀ макъхэри щыӀэщ. Аращи, ″къ″ым къытехъукӀыжу бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу ″кӀ″ лӀэужьыгъуэу лъытапхъэр нобэ адыгэбзэм хэткъым. ″Къ″ым и къэхъукӀэр зи къэхъукӀэу бзэгум

къыщытехъукIыжу зи гугъу тщIа ″кI″ макъыр адыгэбзэм хэтращи, ар бзэгулъэдакъэм къыщыхъурэ ″кI″ лIэужьыгъуэу лъытапхъэ макъ нэужьу бзэгукум къыщыхъуаращ.

″Къ″ макъым и къэхъукIэр зи къэхъукIыу ″кI″ым ипэ бзэгум къыщытехъукI макъ лIэужьыгъуэхэр адыгэбзэм хэт ″кI″ макъым мы и тхэкIэр и къэIукIэу, мы тхыпкъыр къэдгъэсэбэпу тхын хуеймэ, бзэгукIэм къыщIэдзауэ зэщхьэщыкI къэIуыкIэ зиIэу бзэгум къыщыхъуа макъхэр ″*кI*″ тхыпкъымкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ.

″Къ″ым нэмыщI, абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэми бзэгур зи къэхъупIэу макъ гуэрхэр къатохъукIыжри, мыбыхэм щыщу адыгэбзэм хэт макъхэм я гугъу тщIагъэххэщ. Ауэ адыгэбзэм хэмыт е нобэ хэмытыжми, мы макъ щэху лъабжьэхэм къытехъукIыжрэ бзэгур зи къэхъупIэу утыку къихьа макъ гуэрхэр нэгъуэщIыбзэхэм хэту урохьэлIэри, ахэри ″кI″ым елъытауэ къэдгъэлъэгъуа ″*кI*″ым хуэдэу ттхынщ. Аращи, бзэгуыкIэр зи къэхъупIэрэ ″къ″ым къыкIэлъыкIуэ ″кхъ″ым и къэхъукIэм къытехъукIыжрэ адыгэбзэ макъыу щыт ″к″ым ипэ къихуэу бзэгум къыщытехъукIари ″*к*″уэ ттхынщ. ″Хъ″ыми бзэгукIэр зи къэхъупIэу макъ къытохъукIри, бзэгукур зи къэхъупIэу ″хъ″ым къытехъукIыжу адыгэбзэм хэт ″х″ макъым ипэ къихуэу утыку къихьа мы макъри ″*х*″ыуэ ттхынщ.

Аргуэру бзэгукIэр зи къэхъупIэрэ ″гъ″ым и къэхъукIэм къытехъукIыж макъи щыIэщи, ар адыгэбзэм ноби хэт ″**г**″ макъращ. Аращи, мы зи гугъу тщIа макъхэм щыщу ″гъ″ым къызэрытехъукIыжа щIыкIэущ ″г″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэхьа щIыкIэр. Ар мыбдежым и гугъу зэрытщIауэ бзэгукIэм къыщыхъуа макъщ. Ауэ ″гъ″ым къытехъукIыжу бзэгулъэдакъэрэ бзэгукIэр зи къэхъупIэу утыку къихьа ″г″ макъым и къэIукIэри кIуэ пэтрэ бзэгуку лъэныкъуэмкIэ къызэрыкIуэтар гурыIуэгъуэщ.

″Гъ″ макъым къытехъукIыжа ″г″ым нэмыщI, ″къ, кхъ, хъ″ым къытехъукIыжау адыгэбзэм хэт макъхэм я къэхъупIэр мыбдежракъым. Адыгэбзэм хэт ″кI, к″ым и къэхъупIэр мыбдежым зи гугъу тщIа ″*кI, к*″ыр къыздыщыхъуаракъым, адыгэбзэм и ″кI″ыр бзэгукум, ″к″ыри абы къыкIэлъыкIуэу бзэгукупэ лъэныкъуэмкIэщ къыздыщыхъур. Макъ пIытIауэ щыт ″*кI*, кI″ыр зыхэтыж бзэр нобэ мащIэ дыдэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, бзэхэм хэту узрихьэлIэ макъыр нэхъыбэу зи къэхъупIэхэр мащIэу зэхъуэкIынығъэ зэриIэкIэ ″*к*, к″ макъ лIэужьыгъуэхэращ. БзэгукIэр зи къэхъупIэу утыку къихьауэ зи гугъу тщIа ″*х*″ макъри адыгэбзэм хэтракъыми, адыгэбзэм хэтыр мыбы къыкIэлъыкIуэу бзэгукум къыщыхъуауэ ″х″уэ къэгъэлъэгъуа макъращ. ″Х″ лIэужьыгъуэ макъыу урысыбзэм хэтри ″*х*″уэ къэгъэлъэгъуа къэIуыкIэ зиIэращи, ар бзэгукIэм къыщыхъуаращ; адыгэбзэм и ″х″ макъыр бзэгукум къыщыхъурэ нэхъ щабзэ къэIуыкIэ зиIэращ. Ауэ нобэ адыгэбзэр урысыбзэм зэрыщIаджыкIым папщIэ, – икIи Кирил алфавитыр бзитIым папщIи зэхуэдэу зэрахьэу Адыгэ алфавит зэрыухуар нэхъыкIэжщи- хэкурыс

Адыгэм адыгэбзэ "х"ым и къэӀукӀэр бзэгукӀэм къыщыхъуауэ мы зи гугъу тщӀа "*х*"ыр урысыбзэкӀэ къызэрыраӀу щӀыкӀэм техьэу щӀидзащ.

*

Тэмакъым къыщыщӀидзэу бзэгулъэдакъэмкӀэ дэкӀ макъ къэхъуныгъэм бзэгулъэдакъэр хигъэзыхьу зэрыхуежьэнур гурыӀуэгъуэнщи, тэмакъымрэ бзэгулъэдакъэ зэхуакур зи къэхъупӀэ макъхэм (къ, кхъ, хъ, гъ) бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӀэм хукӀуэу къатехъукӀ макъхэм (*кӀ, к, х,* г) я гугъу тщӀагъэххэщ. Ауэ, бзэгулъэдакъэм къыщӀидзэрэ бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу щхьэж къэхъукӀэ зиӀэу утыку къихьэ макъхэри щыӀэщи, ахэр икӀи бзэгулъэм хьэрычэт зэригъуэта макъхэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу бзэгукӀэм къыщыхъуарэ бзэгум хьэрычэт зэригъуэта мы макъхэр икӀи бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэӀузыха макъхэрауэ лъытапхъэщ. Ар щыхъукӀи, тэмакърэ бзэгулъэдакъэ зэхуакум къыщыхъу макъхэм бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӀэм къытехъукӀыжу мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэми бзэгукӀэм нэхъ хуиту къэӀуыкӀэ ягъуэтауэ жыӀэпхъэщ; икӀи мыбдежыр зи къэхъупӀэрэ бзэгум хьэрычэт зезытауэ жыхуэтӀэ макъхэмрэ абы ипэкӀэ къэхъуауэ ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэми бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэу макъыщӀэхэр къытехъукӀыу зэрыщӀидзари пыщапхъэщ. Мыпхуэдэхэми илъабжьэкӀэ я гугъу щытщӀынщ.

НытӀэ, япэрауэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу щытрэ бзэгуми хьэрычэт езыту зи гугъу тщӀа макъхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэу къэхъуауэ лъытапхъэ макъхэр "**жь**"ымрэ "**щ**" макъхэращ. Бзэгулъэдакъэм къыщӀидзэу къэхъуауэ лъытапхъэ мы макъхэр къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ езыхэм ипэ къэхъуауэ зи гугъу тщӀа макъхэм зэпыщӀэныгъэ зэрызыхуамыӀэр, икӀи бзэгулъэдакъэм къыщӀидзэу бзэгукӀэр къэхъупӀэ зыхуэхъуу утыку къихьа мы макъхэр бзэгур макъ къэхъупӀэу зэӀузых макъхэу зэрылъытапхъэри жытӀагъэххэщ. НытӀэ, мы макъхэм макъ къэхъуныгъэкӀэрэ я пӀэрэ я пщӀэм, ягъэзащӀэ къалэным нэхъ гъунэгъуу деплъынщ.

"Къ"ыр тэмакъым къыщыхъуу жьэ кӀуэцӀым къыщыхъуну макъхэм пэщӀэдзэ яхуэхъу макъращи, жьэ кӀуэцӀрэ бзэгур зи къэхъупӀэу утыку къихьэну макъхэм я лъагъуэрэ гъуэгубжэр зэӀузыха макъыу лъытапхъэщ. "Къ" нэужьрэ абы зэӀуиха бжэр зи къежьапӀэ лъагъуэм япэу техьарэ къэхъуа "кхъ, хъ, гъ" макъхэр "къ"ыр къыздыщыхъуа тэмакъым къыщӀидзэу бзэгулъэдакъэм нэсу къэхъуа макъхэщ. Мыбыхэм къакӀэлъыкӀуэу къатехъукӀарэ бзэгу лъэдакъэрэ бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу утыку къихьэу ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэм нэмыщӀ, бзэгукӀэр зи къэхъупӀэрэ езым япэ къэхъуа макъхэм я къэӀукӀэм емыщхьу щхьэжу къэхъуыкӀэ зиӀэу утыку къихьа макъхэр "жь"ымрэ "щ" макърауэ лъытапхъэщ. Мы макъхэр зэкӀэлъхьэужьрэ зэхуэдэ щӀыпӀэм къыщыхъуа макъхэрщ, икӀи абыхэм бзэм хагъэзэщӀыхьрэ я мыхьэнэхэри мы я къэхъукӀэм елъытащ.

Мы макъхэм щыщу япэ къэхъуари жьгъыжьрэ жьыгъру макъыу щыт ″жь″рауэ лъытапхъэщ. Ар бзэгур япэу зэрыхъейкӏэрэ къэхъуа макъыу лъытапхъэщи, бзэм хигъэзэщӏыхь ӏуэхугъуэри мы къызэрыхъуа щӏыкӏэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. Аращи, бзэгур япэу зэрыхъейрэ макъ къэхъуныгъэм теухуа хьэрычэт къызэрыхъукӏэрэ утыку къихьэр ″жь″ макърращи, бзэм хигъэзэщӏыхьри мы и къэхъукӏэм езэгъ ӏуэхугъуэщ.

Мыпхуэдэ къэхъукӏэрэ къэӏукӏэкӏэ утыку къихьа ″жь″ макъым и мыхьэнэри мы къызэрыхъуа щӏыкӏэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщи, абы къыкӏэлъыкӏуэу утыку къихьа макъыу лъытапхъэщ ″щ″ макъыр. Абы мы и къэхъукӏэмрэ бзэм хигъэзэщӏыхьым щыгъуазэ ущыхуэхъукӏи, ар бзэгур макъ къэхъуныгъэкӏэ зэӏуха зэрыхъуарэ бзэгум макъ къэхъуныгъэкӏэрэ щыӏэгъуэ зэригъуэта макъыу зэрылъытапхъэри пыщапхъэщ. Аращи, и макъ мыхьэнэмрэ бзэм хигъэзэщӏыхьми зэрезэгъщи, ″щ″ыр жьэ кӏуэцӏым къыщыхъуну макъхэм щыӏэгъуэ зэрагъуэтми лъабжьэ хуэхъуа макъыу лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, ″жь″ макъыр ″щ″ым ипэ къихуэу къэхъуауэщ зэрылъытапхъэр; икӏи, къызэрыӏурэ и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкӏэрэ, бзэгум и япэрей хьэрычэтрэ бзэгум хьэрычэт ириту, ар къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэ игъэзэщӏар бзэгур макъ къэхъуныгъэм техьэныгъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Макъ къэхъупӏэу бзэгум япэу хьэрычэт зэригъуэткӏэрэ утыку къихьарэ бзэгум хьэрычэт къетыныр ″жь″ макъым игъэзэщӏами, ″щ″ макъыр абы къыщыкӏэлъыкӏуэкӏэ, макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ езытыжарэ бзэгум макъ къэхъуныгъэкӏэ щыӏэгъуэ зэригъуэтар ″щ″ макъкӏэрэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Езым ипэкӏэ утыку къихьа макъхэм я къэӏукӏэм елъытауэ щабэрэ убгъуауэ зы макъщ ″щ″ макъыр. ″Щ″ макъыр утыку къыщихьэм деж, мыр бзэгулъэм къыщытехъукӏыну макъхэм я къэхъуныгъэм лъабжьэрэ пэщӏэдзэ хуэхъуну зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщ. ″Жь″ макъыр зэрыжьгъыжьгъым ипкъ иткӏэ япэ къэхъуа макъхэм я къэӏукӏэми пыщӏэныгъэ зыхуиӏэ макъыу лъытапхъэщ, икӏи ар бзэгукӏэр зи къэхъупӏэу, щхьэж къэхъуыкӏэ зиӏэу зы макъщи, абы къыкӏэлъыкӏуэрэ икӏи щхьэж къэхъуыкӏэ зиӏэу утыку къихьа ″щ″ макъым бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэрызэӏуихми лъабжьэ хуэхъу макъыу лъытапхъэщ ″жь″ыр. Макъ къэхъуныгъэр бзэгулъэдакъэм къыдэкӏарэ бзэгу гущӏыӏум къынэса нэужь, бзэгур хьэрычэтым тезышэр ″жь″ макърами, бзэгулъэм теубгъуауэ къэхъуа ″щ″ макъыр бзэгум макъ къыщыхъуныггъэм лъабжьэ хуэхъуа макъыу лъытапхъэщ. Макъ жьыгърууэ щыт ″жь″ макъыр езым ипэкӏэ къэхъуарэ жьгъыжьгъ къэӏуыкӏэ зиӏэ макъхэми пыщӏэныгъэ зиӏэ макъыу лъытапхъэ щхьэ, абыхэм я къэхъукӏэм пымыщӏауэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӏэр зи къэхъупӏэу щхьэж къэхъуыкӏэ зиӏэу утыку къихьа макъщи, бзэгум и япэрей хьэрычэтым къихьэщӏарэ бзэгур хьэрычэтым тезышэу, бзэгур макъ къэхъуныгъэкӏэ зыгъэлэжьар ″жь″ макъращ. Ауэ мы хьэрычэт нэужьу бзэгукӏэр зи къэхъупӏэрэ бзэгулъэм зытыриубгъуу къэхъуыкӏэ зыгъуэта

″щ″ макъыр бзэгур макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэзыщIа макъыу лъытапхъэщ. Бзэгур макъ къэIукIэм къалэн нэхъыщхьэ хэзыгъэзэщIыхь IэпкълъэпкъырщI, абы и гущIыIур макъ къэхъукIэкIэ къэсэбэпу зэрыщIидзэм лъабжьэ хуэхъуар ″щ″ макърауэ жыIэпхъэщ. ″Щ″ макъыр бзэгулъэдакъэ нэужь макъыу, бзэгукIэм къыщIидзэу бзэгукумкIэ щабэу зиубгъуу утыку къихьэ зы макъщ.

Бзэгур псэлъэбзэр къызтехъукI Iэпкълъэпкъыущ зэрылъытэри, и къэхъукIэу зи гугъу тщIарэ бзэгулъэм япэу къыщыхъуауэ лъытапхъэ ″щ″ макъыр и къэхъукIэм ипкъ иткIэ, псэлъэбзэ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъу макъыуи лъытапхъэщ. Мы и къэхъукIэм ипкъ зэритрэ игъэзащIэ къалэным зэрезэгъкIэрэ ″щ″ыр дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зыгъуэтым лъабжьэ хуэхъу макъ мыхьэнэ зиIэрщ. ″Щ″ макъым ипэ къихуэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″жь″ макъым и мыхьэнэри, а къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъ мыхьэнэ зиIэу зы макъщи, хьэрычэт защIэр зи мыхьэнэрщ. Я къэхъупIэрэ къэхъукIэр зэрызэлъытарэ зэрызэкIэлъыкIуэ мы макъитIым я мыхьэнэри зэрызэпыщIарэ зэрызэлъытар гулъытапхъэщи, хьэрычэт зыдэщыIэм щыIэгъуэ къыщохъу; щыIэгъуэри зэрызекIуэрэ и щыIэгъуэр зэрихьри хьэрычэткIэрэщ.

″Жь, щ″ нэужьращ бзэгур макъ къэхъупIэ платформэ щыхъури, нытIэ абыхэм ипэкIэ тэмакърэ бзэгулъэдакъэ зэхуакум къыщыхъуа макъхэми бзэгулъэм макъыщIэхэр (къ → кI, кIу, чI″; кхъ → ″к, ку, ч″; хъ → ″х, ху″, гъ → ″г, гь, гу; дж″) къатохъукIыж, икIи ″щ, жь″ макъхэми бзэгум макъыщIэхэр (жь → ″ж″; щ → ″щI, ш) къатохъукIыжри, мыбыхэми илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыбыхэм нэмыщI, бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэIухарэ макъ платформэ хъуа нэужь, икIи щхьэжу къэхъуыкIэ зиIэ макъхэри (″лъ, л, лI″; ″тI, т, д″; р) бзэгулъэм утыку къыщохьэри, мыбыхэми илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

″Къ, кхъ″ макъхэм къытехъукIыу адыгэбзэм хэту зи гугъу тщIарэ бзэгукур зи къэхъупIэ ″**кI**, **к**″ макъхэращ. ″Къ″ым къытехъукIауэ лъытапхъэ ″кI″ макъыр къыздыщыхъу бзэгукум - ″кI″ым хуэдэ текъузэныгъэ имыIэу - къыщыхъуа ″к″ макъри ″кхъ″ым и къэхъукIэм елъытарэ къытехъукIауэ лъытапхъэщ. Бзэгукум къыщыхъуу адыгэбзэм хэт ″кI″ырэ ″к″ макъхэм я къэIукIэр бзэгукIэм къыщыхъуарэ нэгъуэщIыбзэхэм щыхэплъагъуэ ″*кl*, *к*″ макъхэм елъытауэ псыгъуэ къэIуыкIэ зиIэ макъхэщ. ИкIи, ″къ, кхъ″ макъым къытехъукI макъхэм щыщу а нэхъ псыгъуэ къэIуыкIэ зиIэу лъытапхъэхэрщ адыгэбзэм и ″кI, к″ макъхэр. Нобэ ″к″ макъыр и алфавитым зэрыхэмытыжыр гурыIуэгъуэщ адыгэбзэм, ауэ ар и къэIукIэкIэ урысыбзэм хэт ″*к*″ макъым хэмыгъуэщэну зы макъыу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Мы макъхэр бзэхэм зэрыхэтым теухуауэ пыщапхъэщи, макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэж нэгъуэщIыбзэхэм хэтхэр ″*кl*, кI″ макъ лIэужьыгъуэ нэхърэ ″*к*, к″ макъ лIэужьыгъуэу зэрыщытрэ зэрытхри ипэкIи щыжытIагъащ.

Бзэгукум къыщыхьуу адыгэбзэм хэт "кӏ, к" макъхэм къакӏэлъыкӏуэу макъыщӏэхэри къатохъукӏыр. "Кӏ, к" макъхэм я къэӏукӏэр нэхъ щабэ хъуарэ бзэгукупэ лъэгум нэхъ теубгъуауэ къэӏуыкӏэ зиӏэу къатехъукӏыр "**чӏ**, **ч**" макъхэращ. Нобэ адыгэбзэ тхыгъэм "кӏ"ыуэ ятхар къызэрыраӏу щӏыкӏэр "чӏ"уэщ, "к"ым ипӏэри "ч" макъым иратауэщ зэратхыр. Адыгэбзэм хэт "кӏ" макъым къыкӏэлъыкӏуэу къэхъур зэрытхын хуейуэ щыта тхыпкъыр къэдгъэсэбэпмэ, ар "чӏ"ыщ; "к" макъым къыкӏэлъыкӏуэу къэхъуари "ч"уэщ зэрытхын хуейуэ зэрыщытыр. Мыпхуэдэ зэпыщӏэныгъэ зыхуиӏэ макъхэр адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм зэхуэдэ мыхьэнэ хагъэзэщӏыхьу нобэм къэсащ, ауэ макъхэр тхыбзэм зэблэдза къэӏукӏэкӏэ зэрахьэу хагъэхьащ: "кӏ"уэ ятхыр "чӏ"ыуэ еджэу, "к"ыри "ч"ыуэ еджэу зэблэдзауэщ тхыбзэм зэрыхэтыр.

"Чӏ, ч" макъхэр къыздыщыхьу щӏыпӏэр - и гугъу зэрытщӏауэ -бзэгукупэ лъэныкъуэраши, бзэгуыкӏэ лъэныкъуэм къыщыхьу *"кӏ, к"* макъхэм "чӏ, ч" хуэдэ макъхэр къатехъукӏкъым. Адыгэбзэм хэт "кӏ, к" макъхэм я къэхъупӏэр бзэгукураши, бзэгукупэ лъэныкъуэмкӏэ абыхэм къатехъукӏыу зи гугъу тщӏа "чӏ, ч" макъхэм я мыхьэнэмрэ "кӏ, к" макъхэм я мыхьэнэхэм зэрызэлъытэныгъэрэ зэпыщӏэныгъэ зыхуаӏэщ, абыхэм бзэм хагъэзэщӏыхьыр зэпэгъунэгъуу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщи, ахэр адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм хэту нобэ зэхуэдэ къалэн ягъэзащӏэу къэсащ.

Мы макъхэм щыщу "чӏ, ч" макъхэм "у" къапыхьэу "чӏу, чу" хуэдэу къатехъукӏыж макъ къэбэрдеибзэм хэткъым, ауэ "**кӏ, к**" макъхэм "у"кӏэрэ къэӏуу къатехъукӏа макъыщӏэхэр хэтщ: «**кӏу, ку**».

Лъабжьэрызэгуэкӏыныгъэ зи мыхьэнэ "к"ыкӏэрэ къэхъум ужьыгъуэ щигъуэтращ "ку"р утыку къыщихьэри, зы купщӏэ зимыӏэрэ псыгъуагъэм теухуа "к" макъым купщӏэ зэригъуэт щӏыкӏэр абы и ужьыгъуэ (у) "**ку**"ращ. Кӏыуэ щытым и ужьыгъуэр нэгъуэщӏ кӏыгъэ зиӏэм зэрелъытарэ зэрыпыщӏар гурыӏуэгъуэ зэрыхъу щӏыкӏэу, "**кӏу**"р паралелыгъэ къизыӏуэ макъ мыхьэнэ зэриӏэкӏэрэ бзэ лэжьэкӏэм хохьэр.

Тэмакъ нэужьрэ бзэгулъэдакъэм къыщыхьу "хъ" макъым къытехъуыкӏыжу бзэгукӏэр зи къэхъупӏэ *"х"* макъым ипщэкӏэ и гугъу тщӏащи, абы къыкӏэлъыкӏуэу бзэгукум къыщыхьуа "**х**" макъращ адыгэбзэм нобэ хэтыр. Бзэгукум къыщыхьу "х" макъыр жьыр хуиту бзэгущхьэм тету ихуу къэӏуыкӏэ зиӏэу зы макъщ. Бзэгукум къыщӏидзэу жьыр бзэгупэ лъэныкъуэмкӏэ бзэгущхьэ лъэгум щӏиху пэлъытэу хуиту ихуу къэӏуыкӏэ зыгъуэт зы макъщ "х"ыр. Жьы къепщэмрэ жьым хы гущӏыӏум къытыригъэхъукӏ макъым ещхь макъщ "х" макъри, абы и макъ мыхьэнэмрэ бзэми хигъэзэщӏыхьыр мы и къэхъукӏэрэ и къэӏукӏэм езэгъ ӏуэхугъуэщ. "Х"ыр "у"кӏэрэ къышыӏукӏэ, абы "**ху**" макъыр къытохъукӏыжри, мыбы и мыхьэнэмрэ бзэм хигъэзэщӏыхьри мы и къэхъукӏэрэ къэӏукӏэм елъытарэ езэгъ ӏуэхугъуэщ.

Тэмакъым къыщӏидзэу бзэгулъэдакъэм нэсу къэхъу "гъ" макъ къэӏукӏэм елъытарэ пыщӏауэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӏэм абы къыщытехъукӏа "**г**" макъым ипэкӏэ и гугъу тщӏагъэххэщи, мы къэхъукӏэр зи къэхъукӏэу,

бзэгукуми макъ къыщохъур: «**гь**». "Гь" макъым и къэӀукӀэр нэхъ щабэ зэрыхъурэ къыкӀэлъыкӀуэуи зы макъ къохъури, ари "**дж**" макъращ. Мы макъитӀри джын Ӏуэхугъуэу зэхуэдэ мыхьэнэ ягъэзащӀэу бзэм къыхэнащ ноби, "дж" макъыр тхыбзэм къищтэу "гь" макъыр Ӏэщӏыб ищӀами, "гь" макъыр ноби жьэрыпсалъэхэм хэтщ.

"Гь-дж" макъхэр къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ "кӀ-чӀ, к-ч" макъхэр зэрызэлъытам хуэдэ зэпыщӀэныгъэ зэрызыхуаӀэр гулъытапхъэщи, "кӀ, к"ым я ужьыгъуэм макъ къызэрытехъукӀрэ "чӀ, ч"ым къазэрытемыхъукӀым хуэдэжу, зи ужьыгъуэм макъыщӀэ къызтехъукӀыжри "гь" макъращ. "Гь" макъым и ужьыгъуэу утыку къихьэр "**гу**" макъращи, ар "гь-дж" ужьыгъуэ мыхьэнэ зиӀэу бзэм хэлэжьыхь макъщ. Аращи, "чӀ, ч" макъхэм я ужьыгъуэу (у) макъыщӀэ къазэрытемыхъукӀым (чӀу, чу) хуэдэу, "дж"ым и ужьыгъуэуи (у) макъыщӀэ (джу) къэхъуу дызтелэжьыхь адыгэбззэм зэрыхэмытыр гурыӀуэгъуэщ.

Мы зи гугъу тщӀа макъхэм щыщу нобэрей ди алфавитым "к" макъым ипӀэкӀэ "ч"ыр, "гь" макъым ипӀэкӀэ "дж"ыр зэрыхэхьар гурыӀуэгъуэщ, икӀи "кӀ"ыри мы зэрытхауэ "чӀ"ыуэ къызэрыӀуущ адыгэбзэм щызэрызагъакӀуэр. Ауэ абыхэм щыщу "у" къазэрыпыхьэкӀэрэ макъ къазэрытехъукӀыжхэр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ макъ къызтемыхъукӀ я вариант макъхэращ алфавитым хагъэхьар. НытӀэ, "у"кӀэрэ къэӀу макъхэр (ку, гу, кӀу) къызтехъукӀахэр (к, гь, кӀ) алфавитым хагъэхьа макъхэу щытамэ, ахэр зэрызэпыщӀар нэхъ гурыӀуэгъуафӀэ хъуну зэрыщытари гулъытапхъэщ. Аращи, "ч, дж" макъ нэхърэ "ку, гу" макъхэр къызтехъукӀа "к, гь" макъхэр алфавитым хагъэхьарэ икӀи "кӀу"р къызтехъукӀа "кӀ"ыри а зэрыщыту къэӀуу зырахьэу щытатэмэ нэхъ игъуэт.

БзэгукӀэм къыщыхъу "**жь**" макъымрэ "щ" макъым я зэхуэщытыкӀэм ипщэкӀэ и гугъу тщӀагъэххэщ. "Жь" макъыр "щ"ым елъытауэ бзэгущхьэм нэхъ щихъуэрэ жьгъжь макъыу щытщ. "Жь" макъри "щ" макъым хуэдэу езым хуэӀуа къэхъуыкӀэ зиӀэ макъщ, икӀи "жь" макъым и къэхъукӀэр зи къэхъукӀэрэ бзэгукур зи къэхъупӀэу макъыщӀэи къытохъукӀыр. "Жь" макъыр къыздыщыхъур бзэгуыкӀэщи, бзэгукур зи къэхъупӀэу абы къытехъукӀыр "**ж**" макъращ. Бзэгукупэ лъэныкъуэр зи къэхъупӀэ "ж" макъыр къызтехъукӀарэ бзэгукӀэр зи къэхъупӀэ "жь"ым елъытауэ нэхъ псыгъуэрэ псынщӀэ къэӀуыкӀэ зиӀэ макъщ. Мы я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэм елъытащ абыхэм я макъ мыхьэнэмрэ бзэм хагъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэхэри, и къэӀукӀэкӀэ псынщӀэрыӀуу щыт "ж"ыр сытри занщӀэу зыпызыщӀэф къалэн зыгъэзащӀэ макъщ. Мыбы елъытауэ нэхъ пхъашэрэ убгъуауэ, и къэӀукӀэри "ж"ым хуэдэу псынщӀэрэ псыгъуэу щымыт "жь"ым игъэзащӀэр итыпӀэ зымыгъуэтрэ увыӀэгъуэ зимыӀэ лэжьэкӀэхэращ.

БзэгукӀэм къыщӀидзэу бзэгукум теубгъуауэ къэхъу "щ" макъым и къэӀуыкӀэм къытехъукӀ макъхэщ "**щӀ, ш**" макъхэр. "Щ"ым и къэӀукӀэм и текъузэкӀэ къэӀуыкӀэ зиӀэ "**щӀ**"ым къэхъупӀэ хуэхъур "щ"ыр къыздыщыӀу бзэгукуращ. Ауэ "щ" макъым и къэӀукӀэм елъытауэ нэхъ щабэрэ тыншу

къэӀуыкӀэ зиӀэ ″ш″ макъым и къэхъупӀэр бзэгукупэ лъэныкъуэращ. ″Щ″ макъым елъытауэ мы я къэхъуыкӀэрэ къэӀукӀэм елъытащ я макъ мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщӀыхьри, щыӀэ лъабжьэ къизыӀуэ ″щ″ым и къэхъупӀэм къыщыхъуу абы и пӀытӀарэ лимитацэу утыку къихьэ ″щӀ″ макъыр щыӀэгъуэ зыгъуэтым теухуарэ абы щыӀэпӀэ хуэхъуу зы щыӀэпӀэ мыхьэнэ зиӀэ макъращ, ″**ш**″ыри щыӀэ гуэрхэм къызхагъэхъукӀыжхэм теухуа макъ мыхьэнэщ.

*

″Жь, щ″ макъхэмкӀэ макъ къэхъупӀэм хузэӀуха бзэгу гущӀыӀум къыщыхъуу мы зи гугъу тщӀахэр ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къытехъукӀыж макъхэмрэ, ″жь, щ″ макъым бзэгупэ лъэныкъуэкӀэ кӀуэуэ къытехъукӀ макъхэращ. Мыпхуэдэу мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэр мыбыхэм къазэрытехъукӀар гурыӀуэгъуащэщ. Ауэ мы макъхэр къызтехъукӀауэ зи гугъу тщӀа макъхэм нэгъуэщӀ макъхэри къазэрытехъукӀыр гулъытапхъэщи, мыбдежым мыбыхэм я гугъу тщӀынщ.

Нэхъ зэӀухауэ жыӀэпхъэмэ, япэрей лэжьыгъэхэм зы макъ гупу къыщыдгъэлъэгъуарэ мы лэжьыгъэм и пэщӀэдзэм дежи зы макъ гупу къэдгъэлъэгъуа ″с, з, дз, ц, цӀ″ макъхэм я къэхъукӀэм мы илъабжьэкӀэ дыхуэлъыхъуэнщ.

Макъ щэху къэхъуныгъэр икӀэ нэгъунэ зэрынэмыгъэсам къызэрыгуэкӀщи, мы макъхэр къэӀукӀэрэ мыхьэнэ зэпэгъунэгъуу зэрылъытапхъэкӀэрэ зы гупущ зэрылъытар, ауэ нэхъ гъунэгъуу ущеплъым деж, мы макъхэм щыщ гуэрхэр (з, с; дз) къэхъуагъэххэ макъ гуэрхэм къызэрытехъукӀыжар я къэхъукӀэр къызэрытлъыхъуэкӀэрэ илъабжьэкӀэ наӀуэ къытхуэхъуащ. ИкӀи, мы зи гугъу тщӀа макъ гупым щыщ макъ гуэрхэми (цӀ, ц) щхьэж къэхъуыкӀэ зэраӀэ щӀыкӀэкӀэ утыку къызэрихьар япэрей лэжьыгъэхэми къыщыдгъэунэхуауэ щытати, ари илъабжьэкӀэ къэтӀуэтэжынщ.

НытӀэ, мы гупым щыщу ″з, с″ макъыр ″жь, щ″ макъхэм къызэрытехъукӀыжам; ″дз″ макъри ″гъ″ макъым къытехъукӀа макъ гуэрым (дж) къызэрытехъукӀыжам илъабжьэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ИужькӀи, мы макъ гупым хэдбжауэ щыта ″ц, цӀ″ макъхэм я къэхъукӀэми деплъыжынщ. МыпхуэдэкӀэрэи мы зи гугъу тщӀа макъ гупым хэт макъхэр зыхэхьэну макъ гупхэр зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэ къытхуэхъунщ.

Мы жытӀахэм къызэрыхэщщи, ″жь, щ″ макъхэм къатехъукӀыу бзэгукумрэ бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупӀэ макъхэм щыщу утыку къихьэ макъхэщ ″з, с″ макъхэри, зи къэхъупӀэр бзэгупэ мы макъхэмрэ ахэр къызтехъукӀахэм зэрыпыщӀарэ зэрелъытами щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Щ″ым деж къыщӀидзэу абы и къэхъупӀэм къытехъукӀ ″щӀ″ нэужь бзэгукупэм къытехъукӀыж ″ш″ыр къызтехъукӀ лъагъуэм тету бзэгупэм къыщыхъу макъщ ″**с**″ макъыр. БзэгукӀэм къыщыхъурэ бзэгущхьэ лъэгум теубгъуауэ къэӀуыкӀэ зиӀэу къэхъуа ″щ″ макъ нэужь, ″щ″ макъым мы и къэхъукӀэмрэ мы и лъагъуэм тету бзэгупэ дыдэр зэрысыскӀэрэ къэхъуа ″**с**″

макъыр ″щ″ымрэ абы и лъагъуэм тету къэхъуа макъхэм (щl, ш) я къэхъукlэр зи къэхъукlэу зы макъщ, къызкlэлъыкlэу макъхэм елъытауэ а нэхъ псыгъуэ къэlуыкlэ зиlэ макъращ. Къызэрыхъуа щlыкlэхэр зэрызыпыщlам хуэдэ зэпыщlэныгъэ зиlэ макъхэу лъытапхъэщ ″щ″ымрэ ″с″ макъыр: ″щ″ макъымрэ ″с″ макъым я зэпыщlэныгъэр ″щ″ым къытехъукlарэ ″щ″ымрэ ″с″ зэхуакур зи къэхъупlэ ″щl, ш″ макъхэм ягъэзащlэри зыхэзыубыдэ зэпыщlэныгъэщ. Щыlэгъуэрэ лъабжьэр зи мыхьэнэ ″щ″ым къытехъукlрэ абы и къэхъуыкlэ лъагъуэм и ухыпlэу утыку къихьэ ″с″ макъыр щыlэгъуэ зиlэр щыlэ зэрыхъурэ и щыlэгъуэр зэрызекlуэм теухуащ: щыlэгъуэ зиlэр зыдынэсрэ, дэтхэнэ зы щыlэгъуэм къынэсыныгъэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъращ.

″С″ым елъытауэ нэхъ пхъашэрэ ткlий къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьэ макъщ ″з″ макъри, мы я къэlукlэкlэ къызтехъукlахэм зэрелъытари гулъытапхъэщ. Икlи, ″жь″ымрэ ″щ″ым я зэхуаку дэлъ зэлъытэныгъэм хуэдэр дэлъуи жыlэпхъэщ ″с″ымрэ ″з″ым я зэхуакуми. Аращи, мы зэрылъытапхъэми езэгъыу жыlэпхъэщ ″с″ымрэ ″з″ым я мыхьэнэхэр зэрызэлъытари. ″С″ыр ″щ″ым, ″з″ыри ″жь″ым къытехъукlыжа макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″с″ым и мыхьэнэр ″щ″ым, ″з″ым и мыхьэнэри ″жь″ым - икlи ″з″ым ипэкlэ ″жь″ым къытехъукlыжарэ ″ж″ыми-зэрыпыщlари гурыlуэгъуэщ.

Къызтехъукlарэ мыхьэнэкlи зыпыщlауэ тлъытэ мы макъхэм я къэlукlэри игъуэ щыхъум деж мы къызтехъукlа макъхэмкlэ зэребэри гулъытапхъэщ. Аращи, утыку къызэрихьэ макъ технологиер тlасхъэ зэрыхъу щlыкlэу, дзахъэрэ бзэгурэфу щытхэм ″с″ макъыр къызэрыраlу щlыкlэр ″щ″ макъымкlэ зэребэр, ″з″ макъым и къэlукlэри ″жь″ макъымкlэ зэребэр гулъытапхъэщ. Нытlэ, дзэрэ бзэгу lуэхугъуэу бзэгупэм къыщыхъу мы макъ псыгъуэхэр къизмыlуфым ″с″ макъыр ″щ″ыуэ, ″з″ макъри ″жь″ыуэ къызэрыриlур мы макъхэр къызтехъукlахэр къагъэлъагуъэу жыlэпхъэщ.

Къэlукlэрэ къэхъупlэу ″с″ымрэ ″з″ыр зэрызэпэгъунэгъур гулъытапхъэщи, ахэр къызтехъукlари мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, ″з″ макъым и къэlукlэм зэрещхьыр гулъытапхъэщ ″дз″ макъ къэlукlэри, ари ″з″ макъ къэхъупlэм хуэдэу бзэгупэращ, ауэ ″дз″ макъыр нэхъыбэу дзэ lуэхугъуэу къэхъуа зы макъыу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Бзэгупэм жьыр дзащхьэпитlым дипlытlэрэ дихуу къэlуыкlэ зыгъуэт ″дз″ макъыр а нэхъ ″дзэ″ lуэху зыхэлъу къэхъуа макъщи, ″дзэ″ри абы и макъ мыхьэнэм къытехъукlа зы макъ псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мы жытlахэми зэрыхэплъагъуэу, ″с″ымрэ ″з″ым я къэхъукlэрэ къэlукlэр зэрызэлъытам уеплъмэ, ″дз″ макъ къэхъукlэр езым хуэlуа къэхъуыкlэ зиlэ зы макъыуи лъытапхъэщ. Зэ щхьэ ″з″ макъыр ″с″ым къыкlэлъыкlуэрэ къытехъукlауэ лъытапхъэми, абыхэм я лъабжьэмрэ ахэр къызтехъукlа макъхэри ипэкlэ къыхэдгъэщащи, зи гугъу тщlы ″дз″ макъым и къэхъуыкlэр ″з″ макъым зэремылъытари гулъытапхъэщ. Ар щхьэжу

къэхъуыкlэ зиlэу зы макъщ, е нэхъри щыгъуазэ ухуэхъумэ, ар "гъ" макъ къэхъуыкlэ лъагъуэм тетрэ бзэгулъэр зи къэхъупlэрэ "гъ"ыр зи лъабжьэу къэхъуа макъ гуэрым къытехъукlыжу лъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщи, "**дз**" макъыр къызтехъукlыжар "гъ"ым къытехъукlыж "гь"ым къыкlэлъыкlуэ "дж"ым къызэрытехъукlыжар гулъытапхъэщ. Аращи, дзахъэрэ бзэгурэфхэм "с"ыр "щ"ыуэ, "з"ыри "жь"ыуэ къызэрыраlу щlыкlэм хуэдэщи, апхуэдэхэм "дз" макъри "дж" макъыу къызэрыраlури гулъытапхъэщ. Ар "хъ" лъагъуэм тету бзэгукупэр зи къэхъупlэу утыку къихьа "дж"ым къыкlэлъыкlэужу бзэгупэм жьыр дзэ дурэшым зэрыдихукlэрэ къэхъуа макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрагъэлъагъуэщи, жьэ кlуэцlым къыщыхъуну макъхэр тэмакъым къыщыхъу "къ" макъымкlэ зэlуха мэхъури, мыпхуэдэщ "къ"ым къыкlэлъыкlуэу къэхъу макъхэр утыку къызэрихьэр. Мыпхуэдэу тэмакъым къыщlидзэрэ бзэгулъэдакъэри хиубыдэу къэхъу макъхэм жьэ кlуэцlым нэгъуэщl макъхэри къатехъукlын лъэбакъуэр къызэlузыхыр "жь, щ" макъхэрауэ зэрыщытым и гугъу тщlагъэххэщ. Жьэ кlуэцlрэ бзэгулъэр макъ къэхъуныгъэкlэ зэlуха нэужь, тэмакъым къыщlидзэу бзэгулъэдакъэри хиубыдэу къэхъуауэ щыт макъхэм бзэгукурэ бзэгупэм нэгъуэщl макъхэри къазэрытехъукlми ипэкlэ я гугъу тщlащ. Жьэ кlуэцlрэ бзэгулъэр макъ къэхъуныгъэкlэ зэlуха нэужь, абы къыщыхъу макъхэр зи гугъу тщlауэ тэмакърэ бзэгулъэдакъэм къыщыхъу макъхэм къатехъукlыжу лъытапхъэ макъхэм изакъуэу зэрыщымытри гурыlуэгъуэщ. Бзэгулъэр макъ къэхъун папщlэ зэlуха нэужь, япэкlэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ пымыщlауэ щхьэжу лъытапхъэ макъхэри жьэ кlуэцlрэ бзэгулъэм къыщыхъуу утыку къохьэри, мыбы и пэщlэдзэу къэхъуа макъри "щ" макърауэ зэрыщытыр ипщэкlэ къыхэдгъэщагъэххэщ. Бзэгур макъ къэхъункlэрэ хьэрычэтым тезышэ "жь" макъми, макъ къэхъуныгъэм бзэгур лъабжьэ хуэзыщlрэ зэlузых "щ" макъми макъыщlэхэр къатохъукlыжыр. Тэмакъым къыщlидзэу бзэгулъэдакъэмкlэ къыдэкlыу къэхъуа макъхэм бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэlуха нэужь макъыщlэхэр къазэрытехъукlым хуэдэу, "жь, щ" макъхэми макъыщlэхэр къатохъукl, икlи зи къэхъукlэр езым хуэlуа макъхэри утыку къохьэр.

Бзэгур "жь, щ" макъхэмкlэ макъ къэхъупlэу зэlуха нэужь, "жь, щ" макъхэм езыхэми, тэмакъым къыщlидзэу утыку къихьа макъ лъабжьэхэми я къэхъукlэр зи къэхъукlэу бзэгулъэр зи къэхъупlэу макъхэр къазэрытехъукlыжыр мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ ящlыр. "Щ"ым и къэхъукlэм къытехъукlыжу лъытапхъэрэ бзэгупэр зи къэхъупlэ "с"ыр, "жь"ым и къэхъукlэм къытехъукlыжу лъытапхъэрэ бзэгупэр зи къэхъупlэ "з"ыр, "гъ"ым и къэхъукlэм - нэхъ гурыlуэгъуэуи, абы къытехъукlыжа "дж"ым- бзэгупэрэ дзэ дурэшыр зи къахъупlэу къытехъукlыжу лъытапхъэ "дз"ыр щхьэж езым и къэхъуыкlэ зиlэж макъхэуи зэрылъытапхъэр ипщэкlэ къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къыпхуещlыр. Аращи, бзэгур макъ къэхъуныгъэмкlэ зэlуха нэужь, япэ къэхъуа макъхэм я къэхъукlэм

пыщӀэныгъэ зэриӀэкӀэрэ макъыщӀэхэр утыку къызэрихьэнум хуэдэжу, япэ къэхъуа дэтхэнэ зы макъым къэхъукӀэкӀэ зы зэпыщӀэныгъэ зыхумыӀэу, щхьэж езым и къэхъукӀэжкӀэ макъыщӀэхэр утыку къызэрихьэфынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэр зыр зым зэпыщӀауэ утыку къихьами, бзэгур макъ къэхъуныгъэкӀэ зэӀуха нэужь, абы езым хуэӀуа къэхъуыкӀэ зиӀэ макъыщӀэхэр утыку къыщохьэри, зи къэхъупӀэрэ къежьапӀэр бзэгурауэ, икӀи зы макъ гупу утыку къихьэхэр щыӀэщи, илъабжьэкӀэ мыбыхэми я гугъу тщӀынщ.

Ауэ абы ипэ, япэрей лэжьыгъэхэм зы макъ гупу тлъыта ″с, з, дз, ц, цӀ″ым хиубыдэ ″з, с; дз″ макъхэр утыку къызэрихьарэ къызтехъукӀахэр наӀуэ къытхуэхъуащи, ахэр мы гупым щымыщу зыхэзыубыдэну макъ гупхэм зэрыхэткӀэрэ къэдгъэлъэгъуэжынщ. НытӀэ, ″з, с; дз″ макъхэр зыхэхьэн хуей макъ гупыр, абы хиубыдэ макъхэмрэ а макъ гупыр къызэрыхъуа макъ лъэбжьэри къызэрыхэщкӀэрэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «гъ → г, гь; - дж; **дз**»; «жь → ж; **з**»; «щ → щӀ, ш; **с**».

*

ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, мы зи гугъу тщӀа макъхэр (дз, з, с) бзэгур макъ къэхъупӀэм щызэӀухам куэдыӀуэкӀэ иужькӀэ къэхъуа макъхэу лъытапхъэщ; икӀи абыхэм я къэхъукӀэр бзэгум имызакъуэу дзэми теухуащ. НытӀэ, макъ къэхъуныгъэу бзэгупэмрэ дзэр зэрызэдэӀэпыкъукӀэрэ утыку къихьа мы макъхэр къэмыхъу ипэ бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэу утыку къихьа макъхэр зэрыщыӀэнури гурыӀуэгъуэнщ. Бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэу утыку къихьэ макъ гуэрхэр ипэкӀэ къэхъуа макъхэм къатехъукӀыжхэращи, абыхэм ипэкӀэ я гугъу тщӀагъэххэщ; ауэ икӀи зэрыжытӀауэщи, ипэкӀэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ бзэгу гущӀыӀурэ бзэгулъэр зи къэхъупӀэ макъхэри щыӀэщи, мыпхуэдэхэми илъабжьэкӀэ я гугъу тщӀынщ.

Макъ къэхъуныгъэр бзэгу гущӀыӀу закъуэм къытемынэу дзэрэ Ӏупэ Ӏуэхугъуи къызэрыхэхьэу зэрызекӀуэр гурыӀуэгъуэщ. Ар щыхъукӀи, бзэгупэрэ дзэ ӀуэхугъуэкӀэрэ къэхъуауэ мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэм ипэ бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэ дыдэу илъабжьэкӀэ зи гугъу тщӀыну макъхэр къызэрыхъуар гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэу утыку къихьэу илъабжьэкӀэ зи гугъу тщӀыну макъхэм нэмыщӀ, макъ къэхъуныгъэм Ӏупэри зэрыхэхьэкӀэрэ утыку къихьэ макъхэми илъабжьэкӀэ я гугъу щытщӀынщ, НытӀэ, илъабжьэкӀэ бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэ дыдэу щыт макъхэмрэ, абыхэм къыкӀэлъыкӀуэу, Ӏупэ ӀуэгъуэгъуэкӀэрэ къэхъу макъхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ЯпэкӀэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ зэпыщӀэныгъэ зимыӀэу бзэгулъэм къыщыхъу макъхэм щыщщ ″**лъ, л, лӀ**″ макъхэр. ИкӀи мы макъхэр къыздыщыхъур бзэгущхьэракъыми, бзэгум и ижьрабгъу лъэныкъуэращ абыхэм къэхъупӀэ яхуэхъуар. Мы макъхэр бзэгукум и ижьрабгъур щигъуэрэ, мы ижьрабгъу лъэныкъуэм тету бзэгупэмкӀэ ирикӀуэ жьым къигъэхъу макъхэщ. ″**Лъ**″ макъыр бзэгулъэм и ижьрабгъум щихъуэрэ щӀилъэфэу къэхъу макъращ. ″**ЛӀ**″ макъри ″лъ″ым и къэхъукӀэр

зэрытекъузэрэ зэрыпIытI щIыкIэкIэ къэIуу утыку къихьэ макъращ. Мыбыхэм ящыщу нэхъ щабэ къэIуыкIэ зиIэ макъыр ″**л**″ыращи, ари мы макъ къэхъупIэм тыриху жьыкIэ къэIу макъщ. Мы макъхэр къэхъупIэгъуу зы макъ гупщи, зэлъытарэ зэтеухуэу мыхьэнэ зиIэ макъ гупщ. Зы макъ гупу, я къэхъукIэрэ къэIукIэм елъытащ я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкIыр.

Мы макъ гупым хуэдэу бзэгур зи къэхъупIэ макъ гупри ″**д, т, тI**″ макъхэращ. Мы макъхэри щхьэж къэхъуыкIэ зиIэрэ нэгъуэщI макъхэм елъытарэ пымыщIауэ къэхъу макъхэрщ. ИкIи мы макъхэм я къэхъукIэр ″дз″ макъым хуэдэу дзэр Iуэхум къызэрыхэхьэкIэрэ бзэгупэращ. Ащи, бзэгупэр дзащхьэпэ дзэлым теIэбэрэ жьыр жьэ зэIухам къаруукIэ дихуу къэхъу макъхэращ. Мы макъхэм щыщу нэхъ зэхэхыгъуафIэр ″**д**″ макъращ. Дзащхьэпэ дзэлым бзэгупэр нэхъ щабэу теIэбэрэ жьыр занщIэу жьэ зэIухамкIэ дихуу къэхъур ″**т**″ макъращ. ″Д″ макъыр къызэригъэхъум елъытауэ бзэгупэр дзащхьэпэ дзэлым нэхъ щытырипIытIэкIэ къэхъур ″**тI**″ макъращ. Я къэхъупIэрэ къэхъукIэкIэ зы макъ гупщ мыхэри, зэрызэлъытарэ зэпыщIа мыхьэнэ зиIэ зы макъ гупщ. Мы макъхэм я къэхъукIэрэ я къэIукIэр зэрызелъыта щIыкIэкIэщ я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкIыр.

Бзэгур зи къэхъупIэу мы зи гугъу тщIа макъ гупхэм нэмыщI, бзэгупэм къыщыхъуу щхьэж къэхъуыкIэ зиIэрэ къэхъупIэгъуу нэгъуэщI макъи къызкIэлъымыкIуэу утыку къихьэ зы макъри ″**р**″ макъращ. Ар мы и къэхъукIэрэ къэхъупIэкIэ щхьэж къэхъуыкIэ зиIэ макъ макъ закъуэу лъытапхъэрщи, ар нэгъуэщI макъым къызэрытемыхъукIым хуэдэжу, абы къытехъукIыжа макъи щыIэкъым. Ауэ, ″р″ макъым и къэхъукIэр ″лъ, л, лI″ макъхэм я къэхъукIэм ещхьу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, зы еплъыкIэкIэ абыхэм я къэхъукIэм къатехъукIыжуи лъытапхъэщ. Ащи, мы макъ гупыр бзэгукум и ижьрабгъур зэрыхъей щIыкIэу къызэрыхъухэм ещхьу, бзэгупэр зэрыхъейкIэрэ къэхъуыкIэ зиIэ макъщ ″р″ макъыр. Мы къызэрыхъуа щIыкIэр зэдгъэщхьа макъхэм хуэдэ къэIуыкIэ зэригъуэтыфри гулъытапхъэщ ″р″ макъми, зи бзэгупэр хуиту зыхуэмыхъеифрэ бзэгурэфхэм, икIи сабийуэ и бзэгупэр хуиту иджыри зымыгъэхъейфхэм ″р″ макъыр ″лъ, л″ хуэдэу къызэрыраIури гулъытапхъэщ. Ауэ ″р″ макъыр къэхъукIэкIэ зэдгъэщхь мы макъхэм къытехъукIыжыу мылъытапхъэу жыIэпхъэщ ″р″ макъри, ар щхьэж къэхъуыкIэ зиIэу утыку къихьа макъ закъуэу лъытапхъэщ. Ар зи гугъу тщIы макъхэм къытемыхъукIами, и къэхъукIэкIэ абыхэм зэрещхьым ипкъ иткIэ, абыхэм ягъэзащIэ Iуэхугъуэ гуэрхэм ещхь къалэн зыгъэзащIэ зы макъыу зэрыщытри гулъытапхъэщ ″р″ макъыр. Ащи, бзэгулъэбгъур зи къэхъупIэ ″лъ″ макъым ″лъэ″ къызэрытехъукIым ещхьу лъытапхъэмэ, ″р″ макъри къызкIэлъыкIуэрэ кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр а зэрыухуа щIыкIэу мыхьэнэрэ организацэ (лъэ) зэригъуэта щIыкIэкIэ а зэрыщыту къигъэлъагъуэрэ утыку къызылъхьэу гурыIуэгъуэ зыщI зы макъщ. ″Р″ макъыр къызэрыхъуарэ

лъэщу къызэрыIу щIыкIэкIэ зэхэхыгъуафIэрэ гулъытапхъэу зы макъырщи, ар къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэр фIэкIыпIэ имыIэу зэхэзыдгъэхрэ зыхэзыдгъащIэ макъырщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэ къалэн зэригъэзащIэкIэрщи, къызэрыхъуа щIыкIэкIэ макъ закъуэу зэрыщытрэ кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэн зэригъэзащIэм нэмыщI, ″р″ макъым зы ″макъ мыхьэнэ″ иIэуи лъытапхъэкъым. Мы игъэзащIэ къалэнкIэрэ функциалу бзэм хэлэжьыхь зы макъыу лъытапхъэщ ар. ИкIи, ″р″ макъыр бзэгур зи къэхъупIэу зи гугъу тщIа мы макъ щэхухэм иужь дыдэ къахэхьэжа зы макъыу лъытапхъэщ, ауэ икIи ар макъ щэхухэм и иужьрей макъхэми зэращыщри жыIэпхъэщ.

*

Бзэгур зи къэхъупIэу утыку къихьа мы макъ гупхэмрэ (бзэгулъэ ижьрабгъуэр зи къэхъупIэ ″лъ, л, лI″ гупымрэ, дзэр Iуэхум къыхэхьэу бзэгупэм къыщыхъуа ″д, т, тI″ гупыр), щхьэж къэхъуыкIэ зиIэу бзэгупэр зи къэхъупIэу утыку къихьа ″р″ макъыр езыхэм ипэ къэхъуа макъхэм емылъытауэ бзэгур зи къэхъупIэхэращ. Аращи, бзэгупэмкIэ унэтIыныгъэм дзэрэ Iупэри Iуэхум хэхьэу макъ къэхъуныгъэр къызэрыпыщэр гулъытапхъэщи, бзэгупэ нэужьу макъ къэхъуныгъэр Iупэр Iуэхум къызэрыхэхьэкIэрэ утыку къихьа макъхэми щыгъазэ дыхуэхъунщ.

Езым ипэкIэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ пымыщIауэ, икIи Iупэр Iуэхум зэрыхэхьэкIэрэ щхьэжу езым хуэIуауэ къэхъуыкIэ зиIэу утыку къихьа зы макъ гупщ ″**ф, фI, в**″ макъхэр. Дзащхьэпэхэр IупэщIагъ гущIыIум телъу, я зэхуакум жьыр щабэу щихъуэрэ щIилъэфэу къэхъур ″**ф**″ макъращ. ″Ф″ым мы и къэхъукIэм елъытауэ нэхъ лъэщрэ егъэлея къару щытекIуадэкIэ утыку къихьэр ″**в**″ макъращ. ″В″ макъыр ″ф″ макъым пхъашэрэ лъэщу и къэIукIэращ. ″**ФI**″ макъым и къэхъукIэр ″ф″ыр къызэрыхъу щIыкIэм и текъузэрэ и пIытIа щIыкIэщ. КъэхъупIэгъурэ зи къэхъукIэхэр зэпыщIауэ щыт мы макъхэри я къэIукIэрэ я мыхьэнэкIэ зэпыщIарэ зэлъытауэ зы макъ гупщи, дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэр адрейхэм зэрызелъытарэ зэрызэщхьэщыкIыр я къэхъуыкIэрэ къэIукIэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкIым хуэдэу лъытапхъэщ.

″Ф, фI, в″ макъхэр дзэрэ Iупэ зэхуакум жьыр дилъэфу утыку къихьэ макъхэщи, я къэхъукIэм Iупэ Iуэхугъуэ хэлъщ. Ауэ макъ къэзыгъэхъу Iэпкълъэпкъ закъуэу Iупэ дыдэм къытехъукI макъхэри щыIэщи, ар ″**п, пI, б**″ гупращ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, мы макъхэри езым ипэкIэ къэхъуа макъхэм къатехъукIыжхэркъыми, мыхэри я къэхъукIэкIэ щхьэжу зы макъ гупщ. Мы макъхэр Iупэ зэIух щIыкIэкIэ жьыр жьэм щыдэхукIэ утыку къихьэ макъхэщ. КъэхъупIэгъуу щыт мы макъхэм я къэхъукIэрэ къэIукIэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкIым хуэдэщ я мыхьэнэхэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкIыр.

ИкIи гулъытапхъэщи, мы макъхэм я къэхъупIэр пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ макъыр псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щIыкIэу Iупэращ. Макъ къэхъуныр къыздыщежьэ ″м″ макъыр Iупэ зэIухкIэрэщ къэIуу бзэм зэрыхэхьэ

щӀыкӀэри, жьэ кӀуэцӀым къыщыхъу макъхэм и ухыпӀэу лъытапхъэ ″п, пӀ, б″ макъхэри Ӏупэм къыщыхъу макъхэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, мы макъ гупыр макъ къэхъуныгъэр макъ къэхъуным и къежьапӀэ ″м″ макъым пызыщӀэж макъхэу лъытапхъэщ. Пэщхъынэм къыщыхъу ″м″ макъыр Ӏупэ зэтепӀар щызэӀухыжкӀэ жьэм къызэрыжьэдэкӀ щӀыкӀэкӀэщ псэлъэбзэм и зы макъыу зэрыхэхьэри, жьэ кӀуэцӀымкӀэ къакӀуэ жьым Ӏупэр щызэӀухкӀэ къигъэӀуу къэхъу макъхэрщ ″п, пӀ, б″ макъхэр.

Мы макъ гупым щыщ ″п″ макъыр жьэ кӀуэцӀыр щыух дыдэу Ӏупэм къыщыхъу макъращ. Абы мы и къэхъукӀэм езэгъыущ макъ мыхьэнэ зэригъуэт щӀыкӀэри, зыгуэрым и ухыпӀэрэ и къежьапӀэм теухуащ ″п″ макъым и мыхьэнэр. ″П″ макъыр жьэ кӀуэцӀ макъхэм я къэхъупӀэр щыух щӀыпӀэращ къыздыщыхъури, мы и къэхъукӀэм теухуауэ ″п″ макъым бзэм хигъэзэщӀыхь къалэныр жьэ кӀуэцӀ макъхэм я къэхъукӀэр къызэрежьэ ″къ″ макъым и къалэнми зэрещхьыр гурыӀуэгъуэнщ. ″П″ макъым и къэхъукӀэм ущытекъузэкӀэ утыку къихьэр ″**пӀ**″ макъращи, абы и мыхьэнэри зыгуэрыр и щӀыбкӀэрэ зыхэзыубыдэу пӀынращ. Ӏупэм къыщыхъу ″п″ырэ ″пӀ″ макъхэм къакӀэлъыкӀуэу утыку къихьэу лъытапхъэ ″**б**″ макъыр ″пӀ″ым мы и мыхьэнэр зытеухуэ макъщ. ″ПӀ″ым утыку къырилъхьэ мыхьэнэм елъытауэ къэхъуыкӀэ зиӀэ ″б″ макъым утыку къырилъхьэ мыхьэнэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «″зэрыпӀкӀэрэ ужьыныгъэ зыгъуэт″рэ ″зэрелъыта зыужьыгъуэ″». Зы пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ макъыр зы псэлъэбзэ макъыу къызыдыщыӀу мы щӀыпӀэр зи къэхъупӀэу щыт мы Ӏупэ макъхэмрэ (п, пӀ, б) ″м″ макъым бзэм хагъэзэщӀыхьыр я къэӀупӀэр зэрызэхуэдэрэ я къэхъупӀэрэ къэхъукӀэр зэрызэщхьэщыкӀым хуэдэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

*

Япэрей лэжьыгъэхэм зы гупу тлъыта ″с, з, дз, ц, цӀ″ макъхэм щыщ ″с, з, дз″ макъхэр ипэкӀэ къызтехъукӀа макъхэмрэ зыхэзыубыдэ макъ гупхэр наӀуэ къытхуэхъущ. НытӀэ, зи гугъу тщӀа ″с, з, дз, ц, цӀ″ гупым щыщу къэна ″ц, цӀ″ макъхэри щхьэж зы макъ гупу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мыбы нэгъунэ къэтӀуэта макъ къэхъуныгъэм щхьэщыкӀыныгъэ зиӀэу утыку къихьарэ бзэм хэхьахэрщ ″ц, цӀ″ макъхэри, абыхэм я къэхъукӀэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ИпэкӀэ къэхъуа макъхэм къатемыхъукӀарэ езым хуэӀуа къэхъукӀэ зиӀэу утыку къихьа макъхэрщ ″**ц, цӀ**″ макъхэри, я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ, икӀи зэрызэлъытакӀэрэ утыку къызэрихьа щӀыкӀэкӀэ мы макъхэр щхьэжу зы макъ гупу зэрылъытапхъэр жытӀагъэххэщ. Ахэр къызэрыхъурэ къызэрыӀукӀэрэ зэрызэлъытам хуэдэщ я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщӀыхьри, мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ, ″с, з, дз″ макъыхэм я къэхъупӀэм къызэрыщыӀукӀэрэщ ″ц, цӀ″ макъхэр псэлъэбзэм зэрыхэхьа щӀыкӀэри, я къэӀукӀэрэ къыздыщыӀу щӀыпӀэкӀэ мы макъхэр зэрызэлъытапхъэми деплъынщ. ″Дз″ макъыр ″з″ макъым и текъузэ макъыу зэрылъытапхъэм хуэдэу, ″ц, цӀ″ макъхэри ″с″

макъым и текъузэуи лъытапхъэщи, ″с″ макъым и къэӀукӀэм текъузарэ дзэ дэурэшымкӀэ жьыр зэуэ жьэ щӀыбым зэрыдидзкӀэрэ къэхъу макъхэщ ″ц, цӀ″ макъхэр. ″С″ыр жьэ кӀуэцӀ макърэ бзэгупэр зэрысысыкӀэрэ къызэрыхъум елъытауэ, ″ц, цӀ″ макъхэр бзэгупэм жьыр жьэ щӀыбымкӀэ зэрыӀудзкӀэрэщ къызэрыхъурэ къызэрыӀур. ″С″ макъымрэ ″ц, цӀ″ макъхэм я къэхъупӀэр зэрызэлъытарэ, я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэр зэщхьми, я макъ мыхьэнэхэр зэрызэщхьэщыкӀри ахэр мы я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ зэрызэщхьэщыкӀыу мы и гугъу зэрытщӀаращ зытеухуар. ″С″ым имызакъуэу, ″з, дз″ макъхэм я текъузэныгъэрэ я пӀытӀыныгъэр къызэрыӀуну щӀыкӀэр ″ц, цӀ″ макъхэм хуэдэщ. Мы макъхэр фонетикэу зэрызэщхьрэ, я къэхъукӀэр зэрызэщхьэщыкӀым хуэдэу лъытапхъэщ я мыхьэнэхэри зэрызэпэгъунэгъурэ зэрызэщхьэщыкӀри.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыгуэкӀкӀэ ″цӀ, ц″ макъхэр зэрызэхэпх щӀыкӀэрэ фонетикэу зэрызэгъунэгъур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ мы макъхэм я къэхъукӀэм теухуауэ япэрей лэжьыгъэхэми и гугъу зэрытщӀам хуэдэщи, мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэм нэмыщӀ, ″цӀ, ц″ макъхэм я къэхъукӀэм нэгъуэщӀ зы бгъэдэхьэкӀи иӀэщ, икӀи и пэжыпӀэри мырауэ зэрылъытапхъэращ ахэр щхьэжу зы макъ гупу лъытэн зэрыхуейм и лъабжьэр. Аращи, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа я къэхъупӀэрэ къэхъукӀэм теухуауэ жытӀахэр пэж щхьэ, мыр ″ц, цӀ″ макъ гупым щыщу япэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″цӀ″ макъым япэрауэ утыку къызэрихьам теухуакъым. НытӀэ, ″цӀ″ макъыр япэрауэ къызэрыхъуарэ къызэрыӀуа щӀыкӀэм, инатӀэ мыбдежым зи гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэкӀэ бзэм и зы макъыу абы къэӀуыкӀэ зэригъуэта щӀыкӀэм щыгъуазэ дыхуэнщӀынщ.

Псэлъэбзэ макъхэм я къэхъукӀэрэ я къэхъупӀэхэми, икӀи ахэр тхьэмбылым къикӀыж жьымкӀэ жьэм къыжьэдэкӀ макъхэу утыку къызэрихьэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Псэлъэбзэ макъхэр псэущхьэ кӀуэцӀым къыщыхъу макъхэрщи, езыр щыӀэгъуэ зиӀэ псэущхьэм хъупхъэрэ мыхъупхъэу гурыӀуэгъуэ къыхуэхъурэ щыгъуазэ зыхуэхъухэм теухуащ; ахэр езыр щыӀэгъуэ зиӀэ псэущхьэр щыгъуазэ зыхуэхъуу щыӀэгъуэ зиӀэхэм теухуауэ лъытапхъэщ. Мыпхуэдэхэр космосым щыщрэ езыр зы микрокосмосу щыт зы псэущхьэм -цӀыхум- къыпкъырыкӀ макъхэмкӀэ утыку къырилъхьэнур гурыӀуэгъуэщи, зэй щыӀэ мыхъунурэ ″мыщыӀэ″у лъытапхъэр мы псэущхьэм адрей макъхэр езым и кӀуэцӀым къызэрыхъу щӀыкӀэм тету къигъэхъуну къыщӀэкӀынкъым. Мыпхуэдэ мыхъуныгъэххэрэ мыщыӀэр псэлъэбзэ макъхэм я къэхъукӀэм и пхэндж къэхъуыкӀэ зиӀэ макъыу къэӀуну къыщӀэкӀынщ. НытӀэ, жьыр жьэм къыжьэдэкӀ щӀыкӀэкӀэ утыку къихьэ псэлъэбзэ макъхэм я пхэнджу, жьыр жьэм щыжьэдэшэкӀэ къэхъурэ, цӀыхум натуралу ″хьэуэ″ мыхьэнэ иӀэу къыгурыӀуэ макърагъэнщ ″**цӀ**″ макъыр къызтехъукӀар. ЦӀыхум мыпхуэдэ мыхъуныгъэр натуралу къызэрыриӀу щӀыкӀэр ″**цӀы**, **цӀыӀ**″уэ птхыфынурагъэнщ къызэрыриӀуу щытари, ар псэлъэбзэ макъхэр цӀыхум къызэрыжьэдэӀукӀ щӀыкӀэм и пхэндж лъэныкъуэкӀэ къэхъу макъщ. Псэлъэбзэ макъхэр жьэ кӀуэцӀым

къыщыхъурэ жьыр Iупэ лъэныкъуэкIэ кIуатэущ къызэрыIури, зи гугъу тщIы ″цIыI″ макъыр бзэгупэр дзэпэщIагъ дзэлым теIэбэу жьэ кIуэцIымкIэ дишэ жьыкIэрэщ къызэрыхъур. Мыпхуэдэ къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьэ ″цIыI″ым псэлъэбзэ макъхэр къызэрыIу щIыкIэкIэ жьэм къыжьэдэкI макъыу ″цI″ къэIуыкIэ зэригъуэтар гурыIуэгъуэнщ. Зи къэхъукIэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа ″цIыI″ыр иужькIэ пэлъэбзэ макъхэм хуэдэ къэIуыкIэу ″цI″ыуэ зэрызэхъуэкIар къэхъупхъэ зы Iуэхугъуэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″цI″ макъыр мыхъуныгъэ мыхьэнэ зытеухуа къэIуыкIэ зиIэ ″цIыI″ макърагъэнщ къызтехъукIари, бзэм и макъхэр къызэрыIу щIыкIэкIэ (жьэм къыжьэдэкIыж жьыкIэрэ) бзэм хэхьа нэужьи, ″цI″ макъым и мыхьэнэр мыщыIэм теухуащ. Мы и мыхьэнэр зэрилъабжьэкIэрэщ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри, щыIэгъуэ щIыбрэ щыIэгъуэ зиIэхэм хэдзыныгъэри, щымыIэрэ мыщхьэпэхэри гурыIуэгъуэ зэрищIкIэрэщ.

″ЦI″ макъыр мыпхуэдэу псэлъэбзэм и макъхэр къызэрыIу щIыкIэкIэ бзэм хэхьарэ хэлэжьыхьу щIидза нэужьрагъэнщ ″ц″ макъым и къэхъуыкIэ хъуари, ″ц″ макъыр ″цI″ым мы и къэхъуныгъэм иужькIэ къытехъукIыжагъэнщ. Аращи, зэрытха щIыкIэкIэ ″цI″ыр ″ц″ макъым къытехъукIа хуэдэ къытщыхъуми, ″ц″ макъыр ″цI″ нэужьыщ. ИкIи, ″цI″ макъ къэхъукIэр гурыIуэгъуэмэ, ″цI″ым хуэдизу ткIиягъ зимыIэу къэIуыкIэ зиIэ ″ц″ макъым ″цI″ым хуэдиз мыхьэнэ ткIиягъ зэримыIэнури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ″ц″ макъым елъытауэ ″цI″ макъ мыхьэнэр нэхъыщхьэрэ куущи, ″ц″ зы макъыу утыку къызэрихьа щIыкIэри псэущхьэм къыхэхъукIрэ псэущхьэфэ щIыбыр зи ужьыгъуэ гуэрыр зэрылъытэрауэ жыIэпхъэщ зы макъыу ″ц″ыр къызтехъукIар. Ар щыхъукIи, ″цI″ым егъэщхьыныгъэкIэрэ лъытапхъэ гуэрыр зэрылъыта зы ″макъ псалъэ″у щыт ″**цы**″ращ зы макъыу ″**ц**″ыр бзэм зэрыхэхьа щIыкIэр: псэущхьэфэм къытехъукIрэ икIи псэ зыIумытыр ″цI″ макъым и мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкIэрэ зэрылъытэу ухуа ″цы″ макъ псалъэкIэрэщ ″ц″ыр зы макъыу бзэм зэрыхэхьар.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″цI″ырэ ″ц″ыр къыздыщыIурэ бзэм и дэтхэнэ зы макъыу къыздыщыхъу щIыпIэр зэхуэдэми, я лъабжьэр зэхуэдэкъым: ″ц″ыр ″цI″ым егъэщхьыныгъэкIэрэ бзэ лэжьэкIэм къигъэщIа ″цы″ макъ псалъэр зэрыухуауэ утыку къихьа зы макъщ. Бзэр макъхэмкIэ ухуэн гъуэгум тету, щымыIэрэ мыщыIэр иджыри цIыхум и щIэнкIэ щызэхэмыгъэкIам, щымыIэрэ мыщыIэр ″цIыI″у ттхамкIэ къыриIуу щытагъэнщи, ″цIыI″ыр бзэр зэрыухуэ макъхэм хуэдэу, жьэм къыжьэдэкI жьымкIэ къыриIуу бзэм хэхьа нэужь, зи гугъу тщIы ″цI″ макъыр мыщыIэрэ – кIуэ пэтрэи – кIуэдыпIэм хуэкIуэхэм теухуауэ бзэм лэжьыгъэ щызгъуэта зы макъщ. Абы егъэщхьынкIэрэ къытехъукIа зы макъ псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ къэхъуа зы макъщ ″ц″ макъри, ар иужькIэ щхьэжу бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзари мы къызтехъукIа псалъэм и мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэщ.

**"Макъ щэху"хэр зэрызэлъытапхъэрэ зэрызэгъэпщапхъэхэм теухуауэ.**

Мы ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэ, "макъ щэху" къэхъуныгъэр пэщхъынэмрэ къурмакъейращ къыздыщlидзэри, тэмакъыр макъ къэхъупlэ хъуа нэужь, тэмакъым дэкlыу жьэ кlуэцlымкlэ унэтlыгъэ егъуэтыр. Жьэ кlуэцlымкlэ унэтlыгъэ зыгъуэт макъ къэхъуныгъэр бзэгум хьэрычэт зэригъуэткlэрэ макъ къэхъуныгъэ нэхъыщхьапlэм бзэгур йоувэр. Бзэгур макъ къэхъупlэ зэрыхъури бзэгукlэм къыщlидзэу бзэгупэмкlэ зэрыунэтlкlэрэщ. Макъ къэхъуныгъэр бзэгупэм къынэса нэужьи макъ къэхъуныгъэм дзэрэ lупэр къызэрыхэхьэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, макъ къэхъуныгъэр мыпхуэдэу зэрызекlуэр ипэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ ящlыр.

Мыпхуэдэ щlыкlэхэмкlэрэ къэхъу макъхэр тхьэмбылым къикlыж жьыкlэрэ утыку къызэрихьэр гулъытапхъэщ, икlи мыпхуэдэ къэхъукlэрэ къэlуыкlэ зиlэущ псэлъэбзэм макъхэр зэрыхэхьэр. Макъхэр къызэрыхъурэ бзэм зэрыхэхьэр мыпхуэдэми, жьэм къыжьэдэкl жьыкlэрэ къэхъу мы макъхэм я къэхъукlэм хуэмыдэу жьэм жьэдэшэ жьыкlэри макъ къызэрыхъуфми ипэкlэ и гугъу тщlащи, ар "цl" макъыр япэу къызэрыхъуа щlыкlэращ. Ауэ абыи псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр жьэм къыжьэдэкl жьыкlэрэ къызэрыlум хуэдэ къэlуыкlэ зыгъуэтауэ псэлъэбзэм зэрыхэхьэжа щlыкlэри ипэкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащ. Аращи, къызэрыхъуа щlыкlэр зэщхьэщыкlми, псэлъэбзэр зэрыухуа щlыкlэр макъхэр жьэм къыжьэдэкl жьыкlэрэ къызэрыlужкlэрэщ.

Мы жытlахэм макъхэр къызэрыхъу зэкlэлъхьэужьыкlэри къызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. Аращи, япэ дыдэ макъ къыздыщыхъу пэщхьынэращ; абы къыкlэлъыкlуэ нэхъыжьыгъэри къурамкъейм къыщыхъу макъхэращ зейр. Къурмакъейм къыщыхъу макъхэм къыкlэлъыкlуэ макъ къэхъуныгъэр тэмакърыщ; абыи къыкlэлъыкlуэ макъ къэхъуныгъэри тэмакърэ бзэгулъэдакъэ зэхуакуращ. Мыбыхэми бзэгулъэр зи къэхъупlэ макъхэр къызэрыкlэлъыкlуэр гурыlуэгъуэщи, бзэгулъэм къыщыхъу макъхэм щыщу япэ къэхъуа макъхэри бзэгукlэр зи къэхъупlэу утыку къихьа макъхэращ. Мы зэкlэлъхьэужьыкlэр гурыlуэгъуэщи, бзэгукум къыщыхъу макъхэри бзэгуыкlэ лъэныкъуэмкlэ къыщыхъу макъхэм елъытауэ нэхъыщlэщ; бзэгупэм къыщыхъу макъхэри бзэгукум къыщыхъухэм елъытауэ нэхъыщlэщ. Бзэгулъэр зи къэхъупlэ мы макъхэми дзэрэ lупэ lуэхугъуэкlэ къэхъуа макъхэр къазэрыкlэлъыкlуэр гурыlуэгъуэнщ.

Макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэм теухуа зы лъагъуэрщ мыр, ауэ дэтхэнэ зы макъым и къэхъукlэр фlэкlыпlэ имыlэу мыпхуэдэ зэкlэлъхьэужьыкlэм ипкъ иткlэ утыку къихьауэ зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зы лъагъуэу мы зи гугъу тщlар зы принципу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, макъхэм я

къэхъуныгъэр кӀуэ пэтрэ Ӏупэмкӏэ кӀуэтэгъуэ зиӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ ипэкӀи зэрыжытӀауэщи, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуамрэ ар бзэм зэрыхэхьа щӀыкӀэр щызэтемыухуэ щыӀэщи, икӀи мыбы и зы щапхъэщ пэщхьынэ макърэ макъ нэхъыжьу щыт "м" макъыр зы псэлъэбзэ макъыу къыздыщыӀур Ӏупэрауэ зэрыщытыр. НытӀэ, макъ нэхъыжьрэ натуралу пэщхьынэм къыщыхъу "м" макъыр бзэм зэрыхэхьэ щӀыкӀэр макъ къэхъуныгъэ ухыпӀэу щыт Ӏупэм къыщыӀуущи, ар макъ къэхъыныгъэ къежьапӀэрэ ухыпӀэри гурыӀуэгъуэ къытхъуэзыщӀ макъращ. Мы зэхуакуращ макъхэм я къэхъупӀэр, икӀи макъ нэхъыбэр тэмакъ нэужьрэ бзэгур зи къэхъупӀэу утыку къызэрихьэри гурыӀуэгъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэр зэрызэлъытарэ зэпыщӀа защӀэу зы Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр утыку къызэрихьам и пэщӀэдзэрэ и фӀыгъэр зейр пэщхьынэрэ (м) къурмакъейм (хь) натуралу къыщыхъуауэ зи гугъу тщӀа макъхэрауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, макъхэм я къэхъуныгъэм жьэ кӀуэцӀымкӀэ кӀуэтэгъуэ игъуэтамэ, мыри тэмакъыр зи къэхъупӀэ "къ" макъым и фӀыгъэщ; мыпхуэдэу зэӀуха бжэр зыхуэкӀуэ лъагъуэр зыгъэхьэзырарэ зыгъэкъэбза макъхэри "къ" нэужьу утыку къихьа "кхъ, хъ, гъ" макъхэращ. Мыпхуэдэу бзэгулъэдакъэм къынэса макъ къэхъуныгъэр бзэгум хьэрычэт зэригъуэткӀэрэ бзэгум зэрытехъар гурыӀуэгъуэщи, бзэгур япэу зыгъэхъеяри бзэгулъэдакъэрэ бзэгукӀэм къыщыхъуа макъри "жь" макърауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ; ауэ абы и къэхъупӀэгъуу лъытапхъэрэ и къэхъукӀэкӀэ бзэгулъэ гущӀыӀум теубгъуауэ къэӀуыкӀэ зыгъуэта "щ" макъри бзэгулъэр макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуарэ зэӀузыха макъыу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэм "жь, щ" макъхэм я фӀыгъэкӀэрэ бзэгур къыщыхэхьэм деж, мыбы нэгъунэ къэхъуа макъхэм бзэгур зи къэхъупӀэу къатехъукӀыжу утыку къихьэ макъыщӀэхэр зэрыщыӀэм хуэдэжу, ипэкӀэ къэхъуа макъхэм зыгуэркӀэ емылъытарэ щхьэж къэхъукӀэ зиӀэу утыку къихьэ макъыщӀэхэри зэрыщыӀэм ипэкӀи я гугъу тщӀагъащ. Аращи, макъ къэхъуныгъэкӀэ езым ипэ къэхъуа макъхэм елъытарэ пыщӀауэ утыку къихьэ макъхэр зэрыщыӀэм нэмыщӀ, щхьэж езым и къэхъукӀэж зиӀэ макъхэр утыку къызэрихьэри гурыӀуэгъуэщ.

Макъхэм мы я къэхъуныгъэр икӀи ахэр я мыхьэнэкӀэрэ зэрызэлъыта щӀыкӀэри утыку къизылъхьэрщ. Ар щыхъукӀэ, ипэкӀэ къэхъуа макъхэм къатехъукӀ макъхэр къызтехъукӀ макъхэм макъ къэхъыныгъэкӀэ зэрызэпыщӀам хуэдэжу, мыхьэнэкӀэрэи зэрыпыщӀар гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, езым ипэкӀэ къэхъуа макъхэм зэпыщӀэныгъэ зимыӀэу щхьэж къэхъуыкӀэ зиӀэу утыку къихьэ макъхэм я мыхьэнэхэри мы къэзырыхъуа щӀыкӀэу щхьэж мыхьэнэ зыгъуэтахэрщ. Мыпхуэдэу щхьэж къэхъуыкӀэ зиӀэу утыку къихьарэ къэхъупӀэгъуу щыт макъхэм я мыхьэнэри зыр зым елъытауэ зэрыщытыр, икӀи абыхэм щыщу япэ къэхъуа макъым и къэхъукӀэрэ и мыхьэнэри я лъабжьэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу,

ипэкӀэ мыпхуэдэу щхьэжу зы макъыу е зы макъ гупу щытрэ езыхэм ипэкӀэ къэхъуа макъхэми зыгуэркӀэ зэпыщӀэныгъэ зыхуимыӀэу утыку къихьа макъхэр къыхэдгъэщащи, щхьэжу зы макъым и мыхьэнэр езым зэрыхуэӀуакӀэрэ адрей макъхэм къазэрызэщхьэщыкӀым хуэдэу, зи къэхъукӀэр езым хуэӀуауэ зы макъ гупу утыку къихьэхэм я мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэпэгъунэгъуу зы мыхьэнэ гупу зэрыщытми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, макъ къэхъукӀэу япэ къэхъуа макъхэм пыщӀарэ елъытауэ щырет, е япэ къэхъуа макъхэм зыгуэркӀэ емылъытауэ щхьэж зы къэхъуыкӀэ иӀэу утыку къихьарэ зы макъ гуп хъуауэ щырет, макъхэм я мыхьэнэри абыхэм я къэхъукӀэр зэлъыта макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытар гурыӀуэгъуэщ. ИужькӀэ къэхъуа макъым и мыхьэнэр ар къызтехъукӀарэ и къэхъукӀэр зыпыщӀа макъым и мыхьэнэм елъытащ. НытӀэ, япэ къэхъуа макъым и мыхьэнэращ нэхъ лъабжьэри, абы пыщӀэныгъэ иӀэу иужьрэ бзэгупэ лъэныкъуэмкӀэ утыку къихьэ макъым и мыхьэнэр зи къэхъукӀэм пыщӀа макъым и мыхьэнэм елъытарэ къытехъукӀыжырщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, езым ипэ къэхъуа макъ гуэрхэм пымыщӀарэ къытемыхъукӀыу щхьэж къэхъуыкӀэ иӀэжу утыку къихьауэ ипэкӀэ зи гугъу тщӀа щхьэж ″р″ макъым и къалэныр езы макъым и къэхъукӀэрэ къэӀукӀэм елъытарэ зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщ. Мы щхьэж макъым нэмыщӀ, езыхэм ипэ къэхъуа макъ гуэрхэм пымыщӀарэ къытемыхъукӀауэ, езыхэм хуэӀуа къэхъуыкӀэ яӀэжу утыку къихьа макъ гупхэрщ мыхэри: «″лъ, л, лӀ″; ″д, т, тӀ″»; «″ф, фӀ, в″; ″п, пӀ, б″».

Мы гупхэм хэт макъхэм я мыхьэнэхэр зыхэт гупым зэрыхуэӀуарэ зэрызелъытар гурыӀуэгъуэщи, дэтхэнэ зы гупым хэт макъым и мыхьэнэри а гупым хэту япэ къэхъуа макъым и мыхьэнэращ къызтехъукӀарэ зэлъытар. Зи гугъу тщӀа мы гупхэм дэтхэнэ зым хэт макъхэр зэхуэдэ зы щӀыпӀэращ къыщыхъуари, мыхэр къэхъупӀэгъу макъхэр зыхэзыубыдэ гупхэращ.

ИпэкӀэ гурыӀуэгъуэ къызэрыхуэхъуащи, и къэхъукӀэр мы макъхэм хуэдэу мылъытапхъэрщ ″цӀ″ макъыр. ИкӀи ар бзэм хэхьа нэужь, абы и мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкӀэрэ ухуащ ″цы″ макъ псалъэри, ар бзэм зы псалъэу зэрыхэхьам ипкъ иткӀэ, бзэм хэхьа зы макъщ ц″ макъыр. Мы и къэхъукӀэм зэрезэгъщи, ″ц″ макъри ″цӀ″ макъым елъытауэ къэхъуа зы макъыу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщи, къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ мы зэрызэлъытарэ зэрызэщхьу зэрыщытым хуэдэщ я мыхьэнэхэр зэрызэлъытари.

Бзэгулъэм къыщыхъуами, зэхуэдэ щӀыпӀэм къыщымыхъуа ″жь, ж″ макъхэри я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэкӀэ зы гупу зэрыщытым хуэдэжу, мыхьэнэкӀи зэрызэлъытащ. БзэгукуыкӀэ лъэныкъуэм къыщыхъуа ″жь″ макъращ мы гупым щыщу япэ къэхъуари, абы къыкӀэлъыкӀуэу бзэгукупэ лъэныкъуэм къыщыхъуа ″ж″ макъыр ″жь″ макъым и къэхъуыкӀэ зиӀэу абы

къыкIэлъыкIуэу къытехъукIауэ лъытапхъэщ. Я къэхъупIэр зэхуэмыдэми, къэхъукIэкIэ зэрызэлъыта щIыкIэм хуэдэщ "ж"ым и макъ мыхьэнэмрэ "жь" макъым и мыхьэнэр зэрызэлъыта щIыкIэр. "Жь"ым елъытауэ псыгъуэ къэIуыкIэ зиIэ "ж" макъым и мыхьэнэр "жь"ым хуэдэу увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэтщи, "жь"ым елъытауэ псынщIэрэ зэпычыгъуэ зимыIэ макъыу зэрыщытым папщIэрагъэнщ "ж"ым мы хьэрычэтыр сытым дежи иджым къызэригъэсыфыр. "Ж" макъ къэIукIэр "жь"ым елъытауэ псыгъуэрэ псынщIэ дыдэщи, иджым итыгъуэ щимыгъуэтыфу мыувыIэу хьэрычэт къизыIуэ "жь"ым мы и хьэрычэтыгъэр сытым щыгъуи иджым пещIэфыр, "ж"ым сытри зэпищIэу иджым къехьыфыр, дэтхэнэ гуэрыр иджы зэрыщыIэ щIыкIэр занщIэу и къэхъугъуэм иригъапщэрэ пищIэжу "пэж" ещIыфыр. Мы макъ гупым бзэгупэрэ дзэ Iуэхугъуэкlэрэ къыхэхьэж "з" макъри мы макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытар гулъытапхъэщи, "ж"ым игъэзащIэ зэпыщIэныгъэр зэрызэхэлъ щIыкIэкIэ зыгуэрыр зэрылъытэращ мыхьэнэуэ игъуэтыр.

*

Мы зи гугъу тщIахэм къызэрыхэщщи, къэхъупIэгъуу щытрэ зы гупым хэтми, зэхуэмыдэ щIыпIэхэр я къэхъупIэми, япэ къэхъуа макъым пыщIарэ елъытауэ утыку къихьэ зы макъым и мыхьэнэри зыпыщIарэ зэлъыта макъым и мыхьэнэм елъытащ. Макъ гупхэу зи гугъу тщIахэм дэтхэнэ зы гупым хэт макъхэр зэхуэдэ щIыпIэращ къыщыхъуар. Ауэ я къэхъупIэр зэхуэмыдэми, япэ къэхъуа макъхэм пыщIауэ къэхъуа макъыщIэхэм я мыхьэнэхэри зыпыщIарэ зэлъыта макъхэм я мыхьэнэм елъытарэ пыщIэныгэ иIэщи, нытIэ зэхуэмыдэ щIыпIэм къыщыхъуарэ я къэхъуыкIэр зэтехуэ макъхэм я мыхьэнэр зэрызэлъытами нэхъ гъунэгъуу деплъынщ.

ИпэкIэ и гугъу зэрытщIауэщи, къэхъупIэгъуу щымытрэ икIи зи къэхъукIэр зэхуэдэу тлъыта макъхэм я мыхьэнэхэр зэрызэлъытарэ зэпыщIащ: мы зэрызэлъытэныгъэрэ зэпыщIэныгъэ зыхуаIэ мыхьэнэхэм я къежьапIэри мы макъхэм щыщу япэ дыдэ къэхъуауэ лъытапхъэ макъращ. КъэхъукIэкIэ зэхуэдэу лъытапхъэ макъхэм мыхьэнэкIэ я нэхъ кууэ щытыр япэ къэхъуарэ, Iупэ лъэныкъуэмкIэ кIуэуэ макъыщIэхэр къызтехъукIауэ зи гугъу тщIа макърауэ лъытапхъэщ.

Псэлъэбзэ макъхэр нэхъыбэу жьэ кIуэцIрэ бзэгулъэращ къыздыщыхъуррэ къыздыщыIури, "къ" макъыр тэмакъым къыщыхъуу псэлъэбзэ макъ къэхъуныгъэр къезыгъажьэ макъщ. Абы мы и къэхъукIэм езэгъ мыхьэнэщ иIэрэ бзэми хигъэзэщIыхьри, мы и къэхъукIэм елъытауэ жьэ кIуэцIрэ бзэгулъэр зи къэхъупIэу "къ"ым къытехъукI "кI" макъым и мыхьэнэри "къ"ым мы и мыхьэнэм елъытарэ пыщIащ: зыгуэрыр зы гуэрым къызэрытехъукIрэ къызэрыхэкIыр утыку къизылъхьэращ "кI" макъ мыхьэнэр. Дэтхэнэ зыгуэрым къыхэхъукIыу утыку къихьэр къизыIуэ зы макъ мыхьэнэщ "кI" макъ мыхьэнэри, къэкIыгъэхэр щIылъэм къыхэхъукIыу утыку къызэрихьэ щIыкIэри "кI" макъ мыхьэнэращ бзэм къызэрыIуатэр. "Къ" макъыр псэлъэбзэ макъ къэхъун гъуэгу

къежьапIэращи, бзэм къиIуэтэну дэтхэнэ зы къежьапIэр ″къ″ыкIэрэщ къызэрыIуатэр. Абы мы и къэхъукIэм зэрезэгъкIэрэ дэтхэнэ зыгуэрым щыIэгъуэ зэригъуэтыну къежьапIэри, дэтхэнэ зыгуэрыр къызэрежьэрэ зы щIыпIэм къызэрыкъуэкIри утыку къызэрихьэри къэзыIуатэ макъыу бзэм хэтщ. Ауэ абы къытехъукIыу бзэгукум къыщыхъу ″кI″ макъым и мыхьэнэр ″къ″ым хуэдизу къежьапIэ дыдэу зэрыщымытрэ, зы щыIэ гуэрым къыхэхъукI гуэрыр къэзыIуатэ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыри ″къ″ымрэ ″кI″ыр зэрызэлъытауэ утыку къызэрихьэм теухуащ. ″Къ″ макъым щыIэгъуэрэ къэхъуар къызэрыхъу дыдэу, мы къэхъум и къежьапIэр къизыIуэу мы къэхъум щымыщ макъ мыхьэнэщи, ″кI″ макъым къиIуатэр щыIэгъуэр къызэрекIуэкIыкIэм ипкъ иткIэ щыIэгъуэм щыщ гуэрхэр къызтехъукIым къызэрыхэхъукI щIыкIэр къизыIуэ макъ мыхьэнэуэщ бзэм зэрылэжьыхьыр. ″КI″ макъыр мы и мыхьэнэмкIэ бзэм хэхьа нэужь, абы мы мыхьэнэм къигъэщIыпхъэрэ игъэзэщIэпхъэ нэгъуэщI мыхьэнэ IэнатIэхэри къыхохъуэжри, ″кI″ макъым и мыхьэнэм бзэ лэжьэкIэм щызиубгъуу мыхьэнэ марж мэухуэр. Ауэ къежьапIэ дыдэр къизыIуэрэ а къежьэу щыIэгъуэ зыгъуэтым щымыщ мыхьэнэ зиIэ ″къ″ макъыр бзэм зэрыхэт щIыкIэр зэхъуэкIкъым: къэхъурэ утыку къихьэр къызэрыхъу дыдэмрэ къэхъум и къэхъуныгъэр къыздыщежьэр къизыIуэу къэхъуныгъэ зиIэу утыку къихьам щымыщ мыхьэнэщ ″къ″ым игъэзащIэри, абы мы и мыхьэнэр зэхъуэкIкъым, ″къ″ым мыбы нэмыщI мыхьэнэ къытехъукIкъым.

″КI″ыр къыздыщыхъу щIыпIэр зи къэхъупIэрэ ″кI″ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэу, зи къэхъукIэри ″кхъ″ макъым и къэхъукIэу тлъыта ″к″ макъым и мыхьэнэри - ″къ″ымрэ ″кI″ыр зэрызэлъытарэ ″кхъ″ыр ″къ″ым зэрелъытам хуэдэу – къызтехъукIа ″кхъ″ымрэ къызкIэлъыкIуэ ″кI″ макъ мыхьэнэм еплъытэ хъуну мыхьэнэщ. ″Къ″ макъыр а нэхъ къежьапIэрэ, дэтхэнэ гуэрыр япэ дыдэ утыку къызэрихьэр къизыIуэфу, щыIэр къызэрыхъурэ утыку къызэрихьэу ар зыдэщымыIэм дежыр къизыIуэфращи, абы бзэгулъэм къытехъукIыж ″кI″ыр щыIэ гуэрым къыхэхъукIыу утыку къихьэрэ зы гуэрхэкIыр къизыIуэ макъ мыхьэнэщ. Тэмакъыр зи къэхъупIэу макъ къэхъуныгъэ къежьыпIэу лъытапхъэ ″къ″ым къыкIэлъыкIуэрэ тэмакъ нэужьу къэхъу ″кхъ″ыр ″къ″ырэ ″хъ″ макъ мыхьэнэ зэхуакуу лъытапхъэщи, ″къ″ымрэ ″кхъ″ым къатехъукIыж макъхэр езым мы зи гугъу тщIы мыхьэнэм зэрелъытам нэмыщI, мы макъхэм (къ, кхъ) къатехъукIыж макъхэми я зэхуакум зэпыщIэныгъэ дэлъщ: ″кI″ыр зы гуэрым къыхэкIыныгъэ мыхьэнэ зиIэ макъмэ, ″к″ыри зыгуэрыр зэгуэкIыпIэм зэрыхуэкIуэм теухуа мыхьэнэ зиIэ макъыу лъабжьэрызэгуэкIыныгъэ къизыIуэ макъщ. Зыгуэрыр псыгъуэу зэгуэкIыныгъэрэ зэпыщIыкIыныгъэм зэрыхуэкIуэу къызэрычэр къизыIуэ ″к″ макъ нэужь къэхъуарэ абы и къэхъукIэр зи къэхъукIэжу утыку къихьауэ лъытапхъэ ″ч″ макъым и мыхьэнэри ″к″ым и мыхьэнэм теухуэ

мыхьэнэщ. Нобэр къыздынэсым ″к, ч″ макъхэм я мыхьэнэр зэхуэдэ хъужащи, зыр зым ипIэкIэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм щызэрахьэу хэтщ.

Тэмакъ нэужьым япэу къэхъуа макъхэм щыщщ ″хъ″ макъри, дэтхэнэ зы щыIэгъуэм и къежьапIэр къизыIуэ ″къ″ макъ нэужьу утыку къихьэ ″хъ″ макъыр макъ къэхъуныгъэ гъуэгум лъабжьэ хуэхъу макъхэм щыщщи, мы къызэрыхъуамрэ езым иужькIэ къэхъуну макъхэм хуигъэзащIэ къалэным езэгъ мыхьэнэ зыгъуэту зы макъщ: ″хъ″ макъыр езым иужь къэхъунум лъабжьэ хуэхъуныгъэрэ, къэхъур къызтехъукI мыхьэнэ зиIэу зы макъщ, ар ″хъу″уэ щыту хъуар къызтехъукI лъабжьэ мыхьэнэ зиIэрщ. ″Хъ″ макъым мы и къэхъукIэм бзэгукур зи къэхъупIэу къытехъукI макъыр ″х″ макъращи, абы и мыхьэнэри ″хъ″ым и мыхьэнэуэ зи гугъу тщIам елъытарэ пыщIауэ зы мыхьэнэщ. Бзэгукум къыщыхъу ″х″ макъым ар къызтехъукIа ″хъ″ макъым хуэдэу къыздыщыхъупIэм щихъуэу къэIуыкIэ иIэкъыми, бзэгупэ лъэныкъуэмкIэ хуиту иху жьымкIэрэ къэIуыкIэ зиIэ зы макъщ ″х″ыр. КъызтехъукIа ″хъ″ макъым хуэдэу зы лъабжьэщ ″х″ макъым игъуэт мыхьэнэри, ″хъ″ыр ″хъу″м лъабжьэ зэрыхуэхъурэ ″хъу″уэ щытыр къызтехъукI лъабжьэу зэрыщытым хуэдэ дыдэу мылъытапхъэми, къэхъуу хъуарэ щыIэгъуэ зыгъуэтым хэтыпIэрэ тетыпIэ лъабжьэ мыхьэнэ зиIэу зы макъщ ″х″ыр.

″Къ″ нэужь утыку къихьа ″хъ″ым хуэдэщ ″гъ″ макъми игъэзащIэр: ″къ″ым къигъэлъэгъуа лъагъуэр зэIухынрэ къыкIэлъыкIуэу къэхъунухэм гъуэгу хуэщIын Iуэхугъуэ лъабжьэ къалэнщ. Езыхэм къакIэлъыкIуэ макъхэр къэхъуным лъабжьэ язэрыхуэхъухэм зэрезэгъкIэрэ, ″хъ″ыр ″хъу″м лъабжьэ зэрыхуэхъурэ ″хъу″р къызэрытехъукIым ещхьу, ″гъ″ыри сытри гъэлэжьэным хуэзыгъакIуэ ″гъэ″р къызтехъукIыу, абы лъабжьэ хуэхъу макъращ. ″Гъэ″р ″гъ″ым кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ зэригъуэт щIыкIэущ утыку къызэрихьэр. Дэтхэнэ зы гуэрым къару къыхэзылъхьэрэ ар зэрылэжьапхъэ щIыкIэкIэ зыгъэлэжьэфыр ″гъэ″ращи, ″гъэ″м и лъабжьэр ″гъ″ыр ″гъэ″р къызтехъукIрэ зыдехыжращ. ″Гъ″ым и къэхъукIэр зи къэхъукIэрэ бзэгукIэр зи къэхъупIэу ″гъ″ым къытехъукIыж ″г″ макъым и мыхьэнэри ″гъэ″м лъабжьэ хуэхъуу къэхъуа ″гъ″ макъ мыхьэнэм пыщIарэ елъытащ: къэхъунурэ джынум зыхуэгъэхьэзырынрэ, фIыуэ джын Iуэхугъуэщ ″г″ макъым и мыхьэнэр. ″Гъ″ым и къэхъукIэм бзэгукIэм деж къытехъукIыж ″г″ макъыр бзэгукур зи къэхъупIэу ″гъ″ макъ къэхъуныгъэ лъагъуэм тету утыку къихьэ ″гь, дж″ макъхэм ипэ къэхъуа зы макъщи, ″гь-дж″ макъхэм я мыхьэнэу ″джын″ Iуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъу мыхьэнэрэ джынур зэрыджынум хуэгъэхьэзырын Iуэхугъуэ зыхэлъ мыхьэнэ зиIэу зы макъыщ ″г″ыр. ″Гъ″ыр къызэрыхъу щIыкIэкIэ къытехъукIарэ, зи гугъу тщIа ″г″ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьауэ лъытапхъэ ″гь″ым и къэхъупIэр бзэгукуращ. КъызтехъукIа ″гъ″ым и къалэным езэгъ къалэн зыгъэзащIэ зы макъыу лъытапхъэщ ″гь″ макъыр. Абыи къыкIэлъыкIэу бзэгукупэр зи къэхъупIэр ″дж″ макъращи, ″гь″ымрэ ″дж″ыри жьэрыпсалъэкIэ зыр зым ипIэ иувэ мыхьэнэуэ зэрахьэущ нобэм

къызэрысар. Нобэ "гь"ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьарэ абы и къэхъупlэгъуу лъытапхъэ "дж"ыращ тхыбзэм щызекlуэри, абыхэм я мыхьэнэр гурыlуэгъуэщ: «"щlэ гуэр утыку къихьэн/къилъхьэн", "щыlэ гуэрыр зэрыщыlэкlэрэ утыку къилъхьэн"». Мы и макъ мыхьэнэкlэрэ "гъ"ыр "гъэ"м лъабжьэ зэрыхуэхъум пыщlа мыхьэнэщ "гь-дж" макъ мыхьэнэри, "гь-дж" макъыр занщlэу зыгуэр утыку къизылъхьэрэ зыгуэрыр зэрыщыту къизыlуэ макъ мыхьэнэ зыгъуэтарщ. Мы макъ гупым щыщу иужькlэ къэхъуауэ лъытапхъэрэ мы макъхэм нэхъ хэдзыкlауэ утыку къихьа "дз" макъри мы макъхэр зэрызэкlэлъхьэужьыкlэрэ я мыхьэнэхэри зэрызэлъытам елъытауэ лъытапхъэщ, икlи "дз"ыр нэхъ зыхуэпэгъунэгъури "дж" макърауэ зэрыщытым ипэкlи и гугъу тщlагъащ.

*

Макъхэм я къэхъуныгъэм теухуауэ ипэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр макъ гуэрхэр ипэкlэ къэхъуа макъ гуэрхэм къызэрытехъукlаращ, икlи макъхэм я къэхъуныгъэри зэрызэкlэлъыкlуэ щlыкlэращ. Бзэгур макъ къэхъупlэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, бзэгу гущlыlум макъхэр нэхъыбэу къыздыщыхъури бзэгупэ лъэныкъуэращ. Мыбы папщlэщи, бзэгупэ лъэныкъуэм къыщыхъу макъхэр зи къэхъупlэр зэпэгъунэгъуу зэрыщытым ипкъ иткlэ, зыр зым ещхь макъхэрщ; ахэр зэпыщlарэ къызтехъукlыжауэ къыпщохъури, дэтхэнэ зыр къызтехъукlа макъымрэ зэпыщlэныгъэ зыхуиlэ макъыр зэхэхугъуафlэу щыткъым. Ахэр зэхъуэкlыныгъэ мащlэкlэрэ зыр зым и къэlуыкlэ зыгъуэтыж макъхэрщ. Ауэ мы я зэгъунэгъугъэр я мыхьэнэхэмкlи я зэрызэлъытэгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыбдежым къыщыхъу макъхэр "макъ щэху" лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

"Макъ щэху"хэм къэхъупlэрэ къежьапlэ яхуэхъур пэщхъынэрэ къурмакъейм натуралу къыщыхъу макъхэращи, "макъ щэху"хэм и нэхъыбэри тэмакърэ lупэ зэхуакуращ къыздыщыхъур. Къурмакъей нэужьым макъхэм жьэ кlуэцlыр къэхъупlэ яхуэхъун бжэр зэlузыхыр тэмакъым къыщыхъу "къ" макърауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, псэлъэбзэр зезыгъакlуэрэ бзэм и макъхэм и нэхъыбэр къыздыщыхъу бзэгур макъ къэхъупlэу зэlузых макъри "жь, щ" макъхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Адыгэбзэм хэт макъхэр къыздыщыхъумрэ къызэрыхъу щlыкlэр а макъхэм я мыхьэнэхэмрэ абыхэм бзэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэр зытеухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Тlанэ, макъ нэхъыбэм и къэlукlэр къызэрыlуатэ псалъэхэр а макъыр зыхэту зэпкъырыува псалъэхэмкlэщи, мыри макъ къэхъукlэрэ къэlукlэмрэ макъым и мыхьэнэрэ бзэм хигъэзэщlыхьыр зэрызытеухуар къэзыгъэлъагъуэ lуэхугъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlымкlэ щыкlуатэрэ "жь, щ" макъ нэужьу бзэгур макъ къэхъупlэ щыхъукlи, тэмакъымрэ бзэгулъэдакъэм къыщыхъу "къ, кхъ, хъ, гъ" макъхэмрэ бзэгукlэм къыщыхъу "жь, щ" макъхэм макъыщlэхэр къатохъукlыр. Макъхэм я къэlукlэр абыхэм я къэхъупlэрэ я

къэхъукӀэращ зэлъытари, мы зи гугъу тщӀы макъхэм я къэхъукӀэм хуэдэу лъытапхъэми, я къэхъупӀэр зэрызэхуэмыдэм папщӀэ, абыхэм къатехъукӀыу лъытапхъэ макъыхэм я къэӀукӀэри зохъуэкӀыр. Мы псалъэм къызэрыгуэкӀкӀэ, тэмакъымрэ бзэгулъэдакъэ зэхуакур зи къэхъупӀэу мы зи гугъу тщӀы макъхэмрэ абыхэм къатехъукӀ макъхэр мыпхуэдэщ: «къ → ″кӀ, чӀ″», «кхъ → ″к, ч″», «хъ → х», «гъ → ″г; гь, дж; дз″».

Тэмакърэ Ӏупэ зэхуакум къыщыхъуа мы макъхэм дэтхэнэ зыр къызтехъукӀауэ жыхуэтӀэ макъым занщӀэу къытехъуакӀыу зэрымлъытапхъэри ипэкӀэ къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къащӀыр. Мы псалъэм къызэрыгуэкӀкӀэ, ″кӀ″ыр тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ым и къэхъукӀэу бзэгукум къыщыхъуауэ лъытапхъэщи, ″чӀ″ыр ″кӀ″ым къыкӀэлъыкӀэурэ и къэхъукӀэм къытехъукӀыу лъытапхъэщ. ″Къ″ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа ″кхъ″ым къытехъукӀыу бзэгукум къыщыхъуа ″к″ыми къыкӀэлъыкӀэужу ″ч″ макъыр къытехъукӀыжу лъытапхъэщ. ″Ч″ымрэ ″чӀ″ыр зыр зым къызэрытехъукӀыжыфынури пыщапхъэщ. Мыбыхэм хуэдэщи, тэмакърэ бзэгулъэдакъэр зыхиубыдэу утыку къихьа ″гъ″ым и къэхъукӀэу утыку къихьэрэ, зи къэхъупӀэри бзэгукӀэу щыт ″г″ макъ нэужь, мы къэхъукӀэм тету бзэгукум къыщыхъуа макъщ ″гъ″ макъри, абы елъытауэ бзэгукупэр зи къэхъуапӀэу утыку къихьэри ″дж″ макъращ. ″Дз″ макъри мы макъ къэхъукӀэ лъагъуэм и ухыпӀэ макъыу къызэрыхъуами ипэкӀэ и гугъу тщӀащ.

Бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэӀуха нэужьщ абы ипэ къэхъуа макъхэм бзэгум къытехъукӀыж макъхэр утыку къызэрихьэри, бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэӀузыхауэ зи гугъу тщӀа ″жь, щ″ макъхэми бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэу къатехъукӀыжхэри мыхэращ: «жь → ″ж; з″»; «щ → ″щӀ; ш; с″».

″Жь″ макъым и къэхъукӀэр бзэгукупэу щызэхъуэкӀым деж, ″ж″ макъыр утыку къохьэр. Мы макъ къэхъукӀэм бзэгупэр къэхъупӀэ щыхуэхъукӀэ утыку къихьэ макъри ″з″ макъращ. И къэхъупӀэр зэхуэдэу ″щ″ым къытехъукӀар ″щӀ″ макъращи, макъ къэхъупӀэр бзэгукупэу щызэхъуэкӀкӀэ, ″щ″ макъым и къэхъукӀэм ″ш″ макъыр къытехъукӀауэ жыӀэпхъэщ. Мы лъагъуэм ирикӀуэу бзэгупэми ″с″ макъыр къыщыхъуащ.

КъэхъупӀэгъуу щытми, я къэхъукӀэмрэ къызтехъукӀа макъхэм елъытауэ макъхэм я къэӀукӀэхэри зэщхьэщокӀыр. Ауэ къэхъупӀэгъу макъхэм я къэӀукӀэхэр зэрызэпэгъунэгъури гулъытапхъэщ. Макъ гуэрхэм къатехъукӀ макъхэр зэрызэлъытэ щӀыкӀэри ахэр къызтехъукӀа макъхэр зэрызэлъытам хуэдэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкӀкӀэ, ″къ″ макъым бзэгукум къыщытехъукӀыж кӀ″ макъхэмрэ, ″къ″ нэужьу утыку къихьэ ″кхъ″ макъым бзэгукум къыщытехъукӀыж ″к″ макъым и къэӀукӀэр зэрызэлъытар ахэр къызтехъукӀа макъхэр (къ, кхъ) зэрызэлъытапхъэм хуэдэщ. Мыпхуэдэщ ″къ″ макъ нэужь утыку къихьа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм щыщу ″гъ″ым къытехъукӀыжу бзэгукӀэр зи къэхъупӀэ ″г″ макъыр ″гъ″ым и къэхъупӀэгъу ″кхъ, хъ″ым

къатехъукlыжу къэбэрдеибзэм хэмыт ″*к, х*″ым зэрелъыта щlыкlэр; ″г″ым къыкlэлъыкlуэу бзэгукур зи къэхъупlэу утыку къихьэ ″гъ″ри ″кхъ, хъ″ макъхэм бзэгукур зи къэхъупlэу къатехъукl ″к, х″ макъхэм елъытащ; икlи ″къ″ымрэ ″кхъ, хъ, гъ″ыр зэрызэлъыта щlыкlэу лъытапхъэщ ″кl″ымрэ ″к, х, гь″ макъхэр къэlукlэкlэ зэрызэлъытар.

Мы макъхэм бзэгулъэм къатехъукl макъхэр мы къызтехъукlа макъхэм я къэхъукlэм зэрызэлъытам хуэдэу, я мыхьэнэхэри зэрызэлъытащ: ″къ″ым къытехъукl ″кl″ыр, ″къ″ым и къэхъукlэрэ и мыхьэнэм зэрелъытам хуэдэщи, ″к″ыр ″кхъ″ым, ″х″ыр ″хъ″ым, ″г; гь-дж″ макъхэр ″гъ″ым и къэхъукlэрэ и мыхьэнэм елъытауэ мыхьэнэ зиlэ макъхэщ. Мыбы къыщцымынэу, ″къ″ макъымрэ абы къыкlэлъыкlуэу къэхъуа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэр къэхъукlэрэ мыхьэнэкlэ зэрызэлъытапхъэм хуэдэ зэлъытэныгъэ зыхуаlэу лъытапхъэщ абыхэм бзэгулъэм къатехъукl макъхэри, я къэхъукlэрэ къэlукlэр зэрызэлъытам хуэдэу, ахэр мыхьэнэкlи зэрызэлъытэныгъэ зыхуаlэ макъхэу лъытапхъэщ. Илъабжьэкlэ мыбыхэми нэхъу гъунэгъуу дыхэплъэнщ.

Тэмакъым къыщцыхъурэ макъ къэхъуныгъэр ипэкlэ кlуэтэн гъуэгубжэр зэlузых ″къ″ макъымрэ, абы къыкlэлъыкlэуу мы зи гугъу тщlы гъуэгур згъэкъабзэу лъытапхъэу къэхъу макъхэр мыхьэнэкlи я къэхъукlэхэр зэрызэлъытам хуэдэу зэрызэлъытащ. Япэ къэхъуа мы макъхэр къэхъукlэкlэ зэрызэкlэлъхьэужьым елъытауэ мыхьэнэкlи зэлъытащи, абыхэм къатехъукlыж макъхэм я зэхуэкуми мыхьэнэкlэ зэрызэлъытэныгъэ зыхуаlэщ. Къэхъупlэгъугъэкlи, зэкlэлъхьэужьыкlэкlи зэрызэлъытащ макъ щэхухэри, макъ лlэужьыгъуэ къежьапlэрэ къэхъупlэгъуу лъытапхъэ макъхэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкlым хуэдэу лъытапхъэщ абыхэм къатехъукlыж макъхэри зэрызэлъыта щlыкlэр.

″Къ″ макъыр абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа макъхэм (кхъ, хъ, гъ) елъытауэ зэтекъузауэ къызэрыlум хуэдэу, ″къ″ым къытехъукl ″кl″ макъри ″къ″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм къатехъукlыж ″г; к, х, гь″ макъхэм елъытауэ зэтекъузарэ ткlий къэlуыкlэ зиlэ макъщ. Тэмакъым къыщцыхъурэ абдежыр макъ къэхъуныгъэм фlэкlыпlэ зыхуэзыщl ″къ″ым и къэlукlэм елъытауэ адрей макъхэр нэхъ хуиту къызэрыlум хуэдэщи, ″къ″ым къытехъукl макъым (кl) елъытауэ адрей макъхэм (кхъ, хъ, гъ) къатехъукlыжхэр нэхъ хуитрэ ипэкlэ теубгъуущ къызэрыlу щlыкlэр. ″Къ″ макъымрэ, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къатехъукl макъхэм (кl; к, х, гь) аргуэру къатехъуlыж макъыщlэхэри (чl; ч, -, дж) къызтехъукl макъхэм елъытауэ бзэгупэмкlэ унэтlыгъэ зиlэрэ нэхъ щабэ къэlуыкlэ зыгъуэтыжу утыку къихьэ макъхэщ. Мы макъхэр зэрызэхущыт щlыкlэр абыхэм къызтехъукlа макъхэм я зэхущытыкlэм хуэдэу лъытапхъэми, я къэlуыкlэр къызтехъукlа макъхэм елъытауэ нэхъ щабэу зэрыщытым папщlэ, зэрызэлъыта щlыкlэр нэхъ лантlэрэ зэпэгъунэгъуу лъытапхъэщ. Аращи, ″къ″ым къытехъукlыу бзэгукур зи къэхъупlэ ″кl″ лlэужьыгъуэ макъхэмрэ ″кхъ, хъ, гъ″ым

бзэгукур зи къэхъупIэу къытехъукI ″к, х, гъ″ макъхэм я къэIукIэм елъытауэ, абыхэм къатехъукIыж ″ч, -, дж″ макъхэр къэIукIэкIэ нэхъ зэпэгъунэгъущ.

*

Мы къэтIуэтахэр зытеухуарэ къыздыщIидзэр ″къ″ макъымрэ абы зэIуиха бжэм дэкIыу къэхъу макъхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэращ. ″Къ″ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ макъыр ″къ″ макъ къэIуыкIи зыхэлъ ″кхъ″ макъращ; абы къыкIэлъыкIуэ ″хъ″ макъыр ″кхъ″ макъ къэIуыкIэ зыхэлъ макъщ; ″хъ″ым къыкIэлъыкIуэу лъытапхъэ ″гъ″ыри ″хъ″ къэIукIэм ещхь макъщ. Мыбыхэм я къэхъуныгъэм къежьапIэрэ лъабжьэ хуэхъуар ″къ″ макъращи, мыбыхэм я къэIукIэр ″къ″ макъым зэIуиха бжэм щыдэхьэжу зэрылъытапхъэр абыхэм ипэ къэхъуарэ ахэр къызэрыхъуну лъабжьэрэ къыздыщыхъуну бжэр зэIузыхарэ зыIыгъ ″къ″ макъращ. Аращи, ″къ″ макъым елъытауэ хуиту къэIуыкIэ зиIэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм мы я хуитыныгъэр зэрыкIуэдрэ щызэщIэкъузэм щыгъуэ къэхъур ″къ″ макъращ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм я пIытIа макъхэр ″къ″уэщ къызэрыIур: «″кхъI″ → къ; ″хъI″ → къ; ″гъI″ → къ». Е кIэщIыу жыпIэмэ: «{″кхъI″, ″хъI″, ″гъI″} → къ».

″Кхъ, хъ, гъ″ макъ зэкIэлъхьэужьым къежьапIэ яхуэхъур тэмакъыр зэрыдэкъузэкIэрэ къэхъу ″къ″ макъращи, абыхэм я къэIукIэм ущытекъузэрэ щыппIытIкIэ утыку къихьэжыр ″къ″ макъыу зэрыщытыр мы къэгъэлъэгъуахэм гурыIуэгъуэ къыпхуащIыр. ″Къ″ макъым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ мы макъхэм я текъузэри ″къ″ зэрыхъужым зэрезэгъщ мы макъхэм я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъыта щIыкIэр. Аращи, ″кхъ″ макъыу къежьапIэрэ лъабжьэ зи мыхьэнэ зиIэри, ″хъ″ макъыу ″хъу″р къызтехъукI лъабжьэри, ″гъ″ макъыу ″гъэ″р къызтехъукI лъабжьэри къежьапIэ зи мыхьэнэ ″къ″ым мыхьэнэкIэ зэрелъытар гулъытапхъэщ, икIи а макъхэм ущытекъузэкIэ, я къежьапIэ ″къ″ым зэрыхуэкIуэжри гурыIуэгъуэщ.

″Къ″ макъым бзэгулъэм къыщытехъукI ″кI″ макъымрэ, ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм къатехъукI ″г; к, х, гь″ макъхэм я зэхущытыкIэрэ я зэрызэлъытэныгъэри ахэр къызтехъукIа макъхэр зэрызэлъытауэ мы и гугъу зэрытщIам хуэдэщ къызтехъукIа макъхэм я зэхущытыкIэм хуэдэщ: «″г″ → ″гI″ → *кI*»; «{″к″, ″х″, ″гь″} → {″кI″, ″хI″, ″гьI″}→ кI».

″Къ″ым бзэгукум къытехъукI ″кI″ым къытехъукIыжу лъытапхъэр ″чI″ макъращи, ″кхъ″ым и къэхъукIэу ″к″ым къыкIэлъыкIуэжу къэхъу ″ч″ми, ″гъ″ макъым и къэхъукIэм къатехъукIыж ″гь″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъу ″дж″ макъми и пIытIа макъыр ″чI″ыуэщ къызэрыIур. - ″Хъ″ым бзэгукум къытехъукIыж ″х″ макъым иужькIэ нэгъуэщI макъ къытехъукIыжкъым -. НытIэ мыхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «{″ч″, ″дж″} → {″чI″, ″джI″} → чI».

Макъхэм фонетикэу мы зи гугъу зэрытщIа я зэхущытыкIэрэ я зэрызэлъытапхъэ щIыкIэр абыхэм я мыхьэнэхэм теухуауэ мэгъэзащIэр. Аращи, ″къ″ым къыкIэлъыкIуэрэ зэкIэлъхьэужьу утыку къиьэ ″кхъ, хъ, гъ″

макъхэм я пIытIахэр фонетикэу ″къ″ым зэрыхуэкIуэжыр мыхьэнэкIэри мэгъэзащIэр. Мыбы къыщымынэу, мы макъхэм бзэгулъэм къатехъукI макъхэри я текъузэрэ пытIакIэрэ зэрызэлъытар зыхэплъагъуэу къэтахэм я мыхьэнэхэри зэрызэлъытар гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, къэхъукIэрэ къэIукIэкIэ я зэлъытэныгъэр мыхьэнэкIэрэи зэраIэм теухуауэ жыIэпхъэхэр илъабжьэкIэ къыпытщэнщ.

″Къ″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъуа ″кI, чI″ макъхэр ″кхъ″ым къытехъукIауэ жыхуэтIэ ″к, ч″ макъхэм я пIытIауэ зэрыщытыр нэрылъагъущи, я мыхьэнэхэри мыпхуэдэу зэрызэлъытар гурыIуэгъуэщ: ″кI″ыр щыIэ гуэрым нэгъуэщI щыIэ гуэр къыхэхъукIыныгъэм теухуащ, ″к″ыр щыIэ гуэритIыр псыгъуэу зэгуэкIыныгъэм (зэгуэчыныгъэм) теухуащ; ″кI″ыгъэкIэ къэхъум къыгуэкI ″к″ыр къызгуэкIам хэппIытIэжмэ, кIыгъэ мэхъужыр. ″Хъ″ым къыщытехъукIыжа ″х″ макъым и пIытар фонетикэу ″кI″ым зэрыхуэкIэм хуэдэщи, мыхьэнэкIи зэрыхуэкIуэр гулъытапхъэщ: щыIэгъуэ зиIэр зыхэтрэ зытет лъабжьэм (х) ущытекъузэм абы зыгуэр къызэрыхэкIынур (кI) гурыIуэгъуэнщ; ″х″ырэ щыIэгъуэ зиIэхэр зыхэт лъабжьэр щыппIытIкIэ, ″х″ыхэкIщ къэхъур. Фонетикэу ″гъ″ым къытехъукIыжа ″гь″ым и пIытIар ″къ″ым къытехъукIыжа ″кI″ыщ, ″гь″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъу ″дж″ым и пIытIари ″кI″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъу ″чI″ыщи, я мыхьэнэхэмкIи мыпхуэдэ зэрызэлъытэныгъэ зыхуаIэщ: ″гъ″ым къыхэхъукIыжрэ джыныгъэ зи мыхьэнэ ″гь, дж″ макъхэм я текъузэрэ пIытIа ″кI, чI″ макъхэри джын Iуэхугъуэщ; ″гь, дж″ макъхэу джыпхъэм ущытекъузэкIэ абы къыхэхъукIращ кIыгъэ зиIэу утыку къихьэр; ″гь, дж″ырэ джыныгъэр щыппIытIкIэ ″джыхэкI″ къохъу, джым къыхэхъукIыу кIыгъэ мэхъур.

Мы зи гугъу тщIахэр тэмакъым къыщыхъурэ абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ макъхэмрэ абы къатехъукIыж макъхэр зэрызэлъытам теухуащ. Тэмакъым къыщыхъу ″къ″ макъым езыр текъузауэ къэIу макъщи, ар езым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ макъхэм я пIытIа макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ: «**къ**, кхъ, хъ, гъ». Мы макъхэр зы гупу зэрылъытапхъэм къыщымынэу, мыбыхэм бзэгулъэр зи къэхъупIэу къатехъукI макъхэри зэблагъэ макъхэщ. Аращи, ″къ″ым бзэгулъэм къыщытехъукI ″кI″ макъыр икIи ″къ″ым къыкIэлъыкIуэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгулъэм къатехъукI макъхэми я пIытIахэр къызэрыIу щIыкIэрщ.

Зыр зым къытехъукIрэ я къэхъупIэр зэхуэдэ е зэщхьэщыкIми, дэтхэнэ зы макъым макъ пIытIа иIэщ. Хуиту къэIу макъым текъузэнрэ пIытIыныр абы аргуэру зы макъ къыхэгъэхъукIын лъэкIыныгъэщи, макъкIэ ухуэрэ зэпкъырыувэ бзэм и макъхэр игъэбэгъуэн Iэмалыгъуэм щыщщ макъ пIытIа къэгъэхъуныр. Мыр макъ щэхухэм ямызакъуэу, хуиту къэIу макъ Iуэрхэми макъ пIытIахэр къазэрытехъукIыр гурыIуэгъуэщи, бзэ куэдым я макъ Iуэрхэр нобэ макъ пIытIауэщ зэрыхэтри, макъхэмкIэ ухуэ псэлъэбзэм и архиву щыт адыгэбзэм хуиту къэIу макъ Iуэрхэри, макъ Iуэр пIытIахэри хэтщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъым макъ пIытIа зэриIэр жытIагъэххэщи,

бзэм къыхэмыщ е хэщIыжами, дэтхэнэ зы макъ гупми макъ пIытIа хэтщ: къэхъупIэгъурэ зы гупу зи гугъу тщIа макъхэми, мыбдежым и гугъу зэрытщIыжауэ, къэхъупIэгъуу щымытрэ зэхуэмыдэ гупхэм хэту къэдгъэлъэгъуами, дэтхэнэ зы макъ гупым макъ пIытIа зэрыхэтыр гулъытапхъэщ.

"Щ" макъым и къэхъупIэм абы къыкIэлъыкIуэу къытехъукI "щI" макъри гупым и макъ пIытащ, икIи "щ"ым къызэрытехъукIам ипкъ зэриткIэ "щI"ым и мыхьэнэри "щ"ым елъытарэ теухуащ, "щI"ыр "щ"ым къытехъукIрэ ар IупщIыу утыку къызэрихьэр (и абсолудыгъэр) зи мыхьэнэуэ зы макъщ: "щ"ырэ щыIэгъуэ лъабжьэм къытехъукI дэтхэнэ зы щыIэгъуэри зы "щI" лIэужьыгъуэщ. "Щ"ым и къэхъукIэр зи къэхъукIэу бзэгукупэр зи къэхъупIэ "ш"ыми, бзэгупэр зи къэхъупIэ "с"ыми я пIыта макъ къэбэрдеибзэм хэткъым. Ауэ "Ш"ым и пIытIар адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм зэрыхэтыр гурыIуэгъуэщ.

"С"ым и пIытIа макъри, "жь"ым къытехъукIауэ зи гугъу тщIа "з"ым и пIытари, "гъ" макъ къэхъуыкIэ лъагъуэм тету къэхъуауэ зи гугъу тщIа "дз"ым и пIытари "цI" макъым зэрыхуэкIуэр гулъытапхъэщ. Аращи, "щ" макъ къэхъукIэм пыщIауэ къэхъуарэ "щ" ухыпIэрэ хэхьэпIэр зи мыхьэнэ "с" макъыр щыппIыткIэ, "щ"ым хуэкIуэжыныгъэкъым къэхъури, абы и пхэнджрэ мыщыр зи мыхьэнэ "цI"ыращ зыхуэкIуэр: "с"ыр щыппIытIкэ, мысыгъэрэ лъэмыIэсращ къэхъури, "с"ым аткIэу мысрэ сыгъуэм имыт "цI"ым хуокIуэр. "З"ыр "зы"щи, ар щыппIыткIэ къэхъу "цI"ыр икIи зым икIыныгъэу "зырикI"ыу зэрыщытри гулъытапхъэщ. "Дз" макъым утекъузэрэ щыппIытIкIэ, къэIур "цI" макъ лIэужьыгъуэщи, "дз"ымрэ "цI"ым я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ: "дж"ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ "дз"ыри джын лIэужьыгъуэу "дзын" Iуэхугъуэущи, ар щыппIытIкIэ, и джын лIэужьыгъуагъэр хэкIуадэу мыджэм хуокIуэри, къэхъур "цI"ым хуэкIуэнращ. Мы къэтIуэтахэм къызэрыгуэкIкIэ мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «{"с", "з", "дз"} → {"сI", "зI", "дзI"} → цI».

КъыздыщыIу щIыпIэм теухуащи, щыпIытIым деж "цI" макъым хуэдэ къэIуыкIэ зыгъуэту мы зи гугъу тщIа макъхэм я мыхьэнэхэр зэрыкIуэд щIыкIэри "цI" макъым и мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ. Аращи, щыIэгъуэр зэрысрэ зэрызэхъуэкIыу щыIэгъуэ къызэрытехъукIын Iэмалыгъуэ зыгъэзащIэ мыхьэнэ зиIэ "с"ым мы мыхьэнэр зэрыкIуэд щIыкIэри "цI" макъым и мыхьэнэм теухуащ: щыIэгъуэ хъуныгъэм теухуа "с"ыныгъэр зэрыкIуэдрэ мысыжрэ мыхъужу щыIэгъуэ къызтемыхъукIыр "цI" макъ мыхьэнэращ зытеухуар. ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гурыр щхьэжу зэрылъытэр къызэрыIуатэ "з" макъым мы и мыхьэнэр щыкIуэдрэ щыIэгъуэу мылъытэр къызэрыIуатэри "цI" макъ мыхьэнэм теухуащ. Джыгъуэ лIэужьыгъуэ макъхэм къакIэлъыкIуэу къатехъукIыж "дз" макъ мыхьэнэр зэрыкIуэд щIыкIэри "цI" макъ мыхьэнэм къиIуатэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

″Жь″ым къытехъукl макъ пlытla хэткъым адыгэбзэм. ″Жь″ым и пlытlари ″щl″ макъращ зыхуэкlуэри, мы я зэхущытыкlэм мыр тежыlэпхъэнщ: увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэт зи мыхьэнэ ″жь″ыр щыппlыткlэ зы увыlэпlэм (щl) хуэкlуэу къоувыlэр. ″Жь″ым къытехъукlауэ тлъыта ″ж″ыми и пlытla макъ къэбэрдеибзэм хэткъыми, абы и пlытlари ″чl″ым зэрыхуэкlуэр гулъытапхъэщи, мы я зэрызэлъытари ″ж″ макъ мыхьэнэмрэ ″чl″ макъ мыхьэнэхэр зэрызэлъытам теухуащ.

Дэтхэнэ зы макъ гупым макъ пlытla зэрыхэтыр жытlагъэххэщи, къэхъупlэгъуу щыт дэтхэнэ макъ гупым макъ пlытla зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. ″Макъ пlытla, текъуза, лимитацэ″ жыхуэтlэхэр фlэкlыпlэ имыlэу къызтехъукlауэ зэрытха макъым иужь къэхъуа макъкъым. Макъ lуэр лъабжьэхэм я лимитацэу къэхъуа ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэр макъ lуэр лъабжьэхэм иужь къызэрыхъуар гурыlэгъуэщ. Ауэ ипщэкlэ къызэрыгъэлъагъуэщи, тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ макъым езыри макъ дэкъузарэ пlытlауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы бзэгулъэм къыщытехъукlыжа ″кl″ макъыр ″к″ макъым ипэ къэхъуауэщ зэрылъытапхъэр. ″Цl″ыр зы макъыу бзэм зэрыхэхьа щlыкlэм и гугъу тщlащи, ар ″ц″ым ипэкlэ къэхъуарэ ″ц″ыуэ тха макъри къызтехъукlаращ.

Бзэгулъэм къыщыхъуа дэтхэнэ зы макъ гупым макъ пlытla хэтщи, ахэр зыхэт гупым щыщ макъхэм къакlэлъыкlуэущ къызэрыхъуар. Аращи, ″щl″ макъыр ″щ″ макъым иужьрэ къытехъукlауэ зы макъщ. Макъ гупхэм хэт макъ пlытlахэри зыхэт гупым щыщ зы макъращ къызтехъукlари, абы иужьращ къыщыхъуар: ″лъ, л″ гупым хэт ″лl″ макъри, ″ф, в″ гупым хэт ″фl″ макъри, ″п, б″ гупым хэт ″пl″ макъри къызэрыхъукlарэ зи пlытlауэ зэрытха макъым иужь къэхъуауэ жыlэпхъэщ. Мы зэрызэкlэлъыкlэу къызэрыхъуам елъытащ макъхэм я мыхьэнэри зэрызэлъытар: ″лъ″ырэ ″л″ макъхэм я мыхьэнэр зэрыхъун хуейм зэрыхуэкlуэ мыхьэнэщ ″лl″ макъ мыхьэнэр; ″ф″ макъ мыхьэнэм къигъэхъупхъэр утыку къихьарэ зэрыхъун щыхъуаращ ″фl″ макъым и мыхьэнэр; ″п″ защlэкlэрэ къекlуэкlыу ″б″ым и мыхьэнэр утыку къызэрихьэрэ зэрыпlыр ″пl″ым и мыхьэнэкlэщ.

Макъым и къэlукlэм текъузэныгъэ зиlэу зи гугъу тщla мы макъхэр и пlытlауэ зэрытха макъым ипэ е иужь къэхъуами, и мыхьэнэр зи пlытla макъым и мыхьэнэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Макъ пlытlауэ зи гугъу тщla макъхэмрэ, ахэр зи пlытlауэ тлъытэ макъхэм мыхьэнэкlэ зэрызэлъытар гурыlэгъуэщи, пlытlын lуэхугъуэм къигъэщl мыхьэнэр ар зи пlытlауэ щыт макъым елъытащ. Зы макъыр щытекъузэрэ щыпlытlкlэ, а макъым и зы lыхьэ е и зы лимитыр (у - lу), а макъым и зы лимитрэ и зы lыхьэу а макъым и мыхьэнэ абсолудыгъэр (щ - щl), а макъ мыхьэнэ ухыпlэр (″сl, зl, дзl″ → цl), а макъ мыхьэнэм теухуа lуэхугъуэхэкlыр (″хl, джl″ → кl) е а макъ мыхьэнэр зытеухуа lуэхугъуэм хищlэр (д - тl) мыхьэнэ зэрыхуэхъур макъ пlытlахэмрэ ахэр къызтехъукlрэ къызтехъукlыпхъэ макъхэр зэрызэдгъэпща щlыкlэу ипщэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlыр гулъытапхъэщ.

*

Я къэхъукӏэр зэхуэдэ е зэпыщӏа макъыу хъуам макъ пӏытӏа къазэрытехъукӏыр мы лэжьыгъэм къагъэлъагъуэр. Ауэ гупу къэдгъэлъэгъуа дэтхэнэ зыми макъ пӏытӏа зэрыхэмытыр гулъытапхъэщ. Макъ пӏытӏахэр фӏэкӏыпӏэ имыӏэу хуиту къэӏу макъхэм къатехъукӏыжуи лъытапхъэкъым. Макъ пӏытӏауэ жыхуэтӏэ гуэрхэр ар зи пӏытӏауэ тха макъым къытехъукӏауэ зэрымылъытапхъэр мы къэтӏуэтахэми гурыӏуэгъуэ ящӏыр. Илъабжьэкӏэ макъ пӏытӏахэм я къэхъукӏэм теухуауэ щапхъэ гуэрхэми и гугъу тщӏынщ.

″Кӏ″ыр темакъыр зи къэхъупӏэрэ абдежыр зэрыдэкъузэкӏэ къэхъуа ″къ″ым и къэхъукӏэращ къызтехъукӏри, ″къ″ым къыкӏэлъыкӏуэу къэхъуа ″кхъ″ым и къэхъукӏэр зи къэхъукӏэу къытехъукӏа ″к″ыр ″кӏ″ нэужь къэхъуауэ лъытапхъэщ. Мы макъхэм я къэхъукӏэр зэрызэкӏэлъхьэужыр гулъытапхъэщи, ″кӏ″ыр ″к″ым и макъ пӏытӏа къэӏуыкӏэ зиӏэу зы макъми, ар (кӏ) къызтехъукӏар (къ) ″к″ыр къызтехъукӏам (кхъ) ипэ къызэрихуэм папщӏэ, ″кӏ″ыри ″к″ым ипэ къихуу къэхъуауэ лъытапхъэщ.

Зи гугъу тщӏа мы макъитӏыр къызтехъукӏа макъхэр зэрызэщхьэщыкӏым къызэрыгуэкӏкӏэ, ″и″ым и макъ пӏытӏауэ щыт ″кӏ″ыр япэ къэхъуа макъщ. Я къэхъукӏэр мыпхуэдэу щымытми, макъ пӏытӏауэ щыт ″цӏ″ макъри ″ц″ым ипэ къихуэу къызэрахъуам ипщэкӏэ дытепсэлъыхьауэ зэрыщытари мыбдежым дигу къэдгъэкӏыжынщ.

Ауэ, къэхъупӏэгъуу бзэгум утыку къыщихьэ макъ гупхэм (лъ, л, лӏ; п, пӏ, б; ф, фӏ, в) яхэт макъ пӏытӏахэр (лӏ, пӏ, фӏ) а зыхэт гупым хиубыдэ дэтхэнэ зы макъым къызэрытехъукӏыфынури гулъытапхъэщ.

*

Зэрызэлъытарэ зыр зым къытехъукӏыу утыку къихьэ макъхэми, езым ипэкӏэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ пымыщӏауэ щхьэж къэхъукӏэ зиӏэрэ бзэгум къыщыхъуу къэхъупӏэгъу утыку къихьэ макъ гупхэми макъ пӏытӏа жыхуэтӏэхэр зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. Макъхэр зэрыпӏытӏкӏэрэ макъыщӏэхэр утыку къызэрихьэр гурыӏуэгъуэщи, макъхэр зэрыбагъуэм и зы щӏыкӏэр макъхэр зэрыпӏытӏкӏэрэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Макъыбзэр макъкӏэрэ бэгъуэну хущӏэкъу лэжьэкӏэ зиӏэ бзэрщи, макъ бэгъуэныгъэр макъхэр пӏытӏауэ къызэрыӏу щӏыкӏэми къызэрыщымынэр гурыӏуэгъуэнщ.

Псэущхьэм макъ къыригъэӏукӏхэр зэрихьэу щыщӏидзэр макъкӏэрэ ухуэ псэлъэбзэ пэщӏэдзэщ. Мы лъагъуэм тету псэлъэбзэр зэпкъырыувэу щыщӏидзэм сытым дежи, макъыу къыриӏум хуэдизкӏэрэщ псэлъэбзэр зэрыхуэр. Мыпхуэдэу бзэм къиӏуэтэн хуейуэ къыпыщӏэхуэ гуэрхэри къиӏуэтэфын папщӏэ, макъыщӏэхэм щыхуэныкъуэ къохъури, мы ужьыкӏэм ипкъ иткӏэ бзэ лэжьэкӏэрэ ужьыкӏэм дэщӏыгъуу макъыщӏэхэри утыку къохьэр. Аращи бзэ лэжьэкӏэм зэрыпыщэкӏэрэ утыку ит макъхэр тегъэщӏапӏэ зэрищӏкӏэрэ макъыщӏэхэр къохъури, мыбы и зы щапхъэфӏщ ″у″ кӏэухкӏэрэ къэӏуу макъыщӏэу утыку къихьэхэр.

Мыпхуэдэр бзэ лэжьэкӀэр къыщӀидзарэ псэущхьэм къыриӀу макъкӀэрэ лажьэу щӀэзыдза бзэм макъкӀэрэ нэхъыбэ къиӀуэтэфын папщӀэ, макъ гъэбэгъуэныгъэмкӀэ зэрыхущӀэкъу Ӏуэхугъуэщ. Аращи, мы макъ гъэбэгъуэныгъэр япэу макъхэм ″у″ къазэрыпыхьэкӀэрэ гъэзащӀэу макъыщӀэхэр къэгъэхъун Ӏуэхугъуэу къэхъуу щӀидзауэ жыӀэпхъэщ. ″У″ къазэрыпыхьэкӀэрэ макъыщӀэхэр утыку къызэрихьэри япэу тэмакъымрэ абы иужьым къыщыхъуа макъхэмкӀэ къежьауэ лъытапхъэщ. Ауэ мы макъхэр утыку къызэрихьа зэрызэкӀэлъхьэужьыкӀэр абыхэм ″у″ къазэрыпыхьэкӀэрэ къатехъукӀа макъхэм папщӀэ жыӀэпхъэкъым. Мы макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ игъуэр къыщысым деж зым ″у″ къызэрыпыхьэкӀэрэ утыку къихьа макъыщӀэр адрейхэми мыпхуэдэ макъ къатехъукӀынкӀэрэ щапхъэ яхуэхъуу макъыщӀэ къатехъукӀыжагъэнщ. Ауэ ″у″ къазэрыпыхьэкӀэрэ утыку къихьа макъхэр къызтехъукӀа макъхэр утыку къызэрихьа зэкӀэлъхьэужьыкӀэкӀэ илъабжьэкӀэ къэтащ.

ТӀанэ, япэу тэмакъымрэ абы къыкӀэлъыкӀуэ щӀыпӀэхэм (бзэгулъэдакъэ нэгъунэм) къыщыхъу макъхэм ″у″ къакӀэлъыкӀэу макъыщӀэхэр къазэрытехъукӀым и зы щхьэусыгъуэр мы макъхэм я макъ мыхьэнэрамэ, адрейри мы макъхэм я къэӀукӀэр ″у″кӀэрэ нэхъ хуит зэрыхъурагъэнщ. Тэмакъымрэ абы къыкӀэлъыкӀуэ щӀыпӀэм къыщыхъуа макъхэм псоми ″у″кӀэрэ къэӀуу макъыщӀэхэр къатохъукӀыр: «къ → къу», «кхъ → кхъу», «хъ → хъу», «гъ → гъу».

Мыбыхэм (къ, кхъ, хъ, гъ) ″у″кӀэрэ къэӀу макъхэр къызэрытехъукӀым (къу, кхъу, хъу, гъу) къыщымынэу, ″къ, кхъ, хъ, гъ″ къэхъупӀэ зэхъуэкӀыныгъэкӀэ къатехъукӀыжу утыку къихьэ макъхэми (кӀ, к, х, гь) ″у″ къапыхьэжу макъыщӀэхэр къатохъукӀыжыр. Мыпхуэдэу къэхъуарэ къэбэрдеибзэм хиубыдэ макхэр къэдгъэлъэгъуэнщ: «кӀ → кӀу», «к → ку», «х → ху», «гь → гу».

Гулъытапхъэщи, къэбэрдеибзэм ″у″кӀэрэ къэӀуу ухуауэ хиубыдэу, щхьэж макъ щэхухэм къатехъукӀ макъ псори мыбдежым зи гугъу тщӀа макъхэращ. Тэмакърэ бзэгулъэдакъэм къыщыхъу макъхэмрэ, абыхэм къатехъукӀыж макъхэращ ″у″кӀэ къэӀуу къэбэрдебзэм хэт макъхэу мы зи гугъу тщӀахэр. Ауэ, ″у″кӀэ къэӀуу утыку къихьэ макъыщӀэхэр щхьэж къэӀуыкӀэ зиӀэ макъ щэхухэм хуэӀуауэ зэрыщымытри гурыӀуэгъуэщи, зы макъыбзэр макъыщӀэ къэгъэхъункӀэрэ зэрыхущӀэкъум макъ зэгуэтхэр къызэригъэщӀым нэмыщӀ, макъ щэху зэгуэт гуэрхэри ″у″кӀэрэ къэӀуу макъыщӀэхэр къызэригъэщӀыфынури гурыӀуэгъуэнщи, игъуэ къыщыскӀэ мыбыхэми я гугъу тщӀынщ.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, зы ″макъ щэху″р ″у″кӀэрэ къэӀуу утыку къихьэ мы макъхэр щхьэжу зы макъ хуэдэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. ИкӀи, мыбдежым ″у″кӀэрэ къэӀуу утыку къихьэ мы макъыщӀэхэр макъзешэкӀэ къэӀуу ухуагъэххэщи, къэӀун папщӀэ нэгъуэщӀ макъзешэ зыхуэмыныкъуэу ″макъ Ӏуэр″ къэӀуыкӀэ зиӀэхэрщ. Аращи, къызтехъукӀар ″макъ щэху″рэ ″макъдэкӀуашэ″у щытми, ″у″кӀэ къызэрыӀуу

зэрыухуам папщIэ, мы утыку къихьа макъыщIэр ″макъдэкIуашэ″у щытыжкъым, ауэ ″макъзешэ″у зэрыщымытынури гурыIуэгъуэнщ.

″У″кIэ къэIу макъхэр япэ къэхъуауэ зи гугъу тщIа макъхэмрэ, абыхэм къатехъукIа макъхэращ къызтехъукIыжыр. Мы макъхэм ″у″кIэ къэIуу къатехъукI макъхэм я къэхъупIэр зэхъуэкIкъым, ″у″кIэ къызэрыIу щIыкIэу къызтехъукIа макъым и къэхъупIэращ мы макъыщIэри къыздыщыхъур. КъызтехъукIа макъым мы утыку къихьа макъыщIэр зэрызэщхьэщыкIыр ар ″у″кIэрэ къызэрыIу закъуэращ. Мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэм я мыхьэнэхэри къызтехъукIа макъхэм зэрыпыщIарэ зэрелъытар гурыIуэгъуэнщ.

Дэтхэнэ зы макъым ″у″ къыпыхьэрэ утыку къихьэ макъыщIэм и мыхьэнэр къызтехъукIа макъымрэ ″у″м и мыхьэнэращ къэзыгъэщIыр. ″У″м игъэзащIэр къызкIэлъыкIуэ макъым и ужьыгъуэращи, мы ужьыгъуэр зи ужьыгъуэм и мыхьэнэращ зы макъыр ″у″кIэ къыщыIум деж утыку къихьэ мыхьэнэр. Ар щыхъукIи, ″у″кIэ къэIу макъхэм я мыхьэнэри зэхуэдэ ужьыгъуэ мыхьэнэуэкъым зэрыгъэзащIэр. Мыр ″у″кIэ къэIу макъхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъукIэ нэхъ гурыIуэгъуэ хъунущи, ипэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щытрэ ″у″ кIэух зиIэ макъыу къэбэрдеибзэм хиубыдэ макъхэр илъабжьэкIэ къэтащ.

И къэхъукIэм ипкъ иткIэ, къэхъупIэрэ къежьапIэ зи мыхьэнэ ″къ″ым езыр щыIэ гуэрым хэмытращи, мы и мыхьэнэм ужьыгъуэ (у) игъуэтмэ, ″къэхъупIэрэ къежьапIэ ужьыгъуэ″щ утыку къихьэну мыхьэнэри, ″къу″ макъым и мыхьэнэр мыращ. Езыр къэхъуу хъуам и къежьапIэ къизыIуэрэ щыIэ гуэрым хэмытрэ щымыщу щыт ″къ″ым ужьыгъуэ зэригъуэту утыку къихьэ ″къу″ макъыр къэхъурэ къызтехъукIым пыщIауэ щыIэгъуэ зиIэ гуэрыр къизыIуэу зы макъщ.

″Къ″ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьарэ абы и къэIукIэри зыхэлъыж ″кхъ″ макъым къежьапIэрэ лъабжьэ гуэр зэрыримыхьэнэр гурыIуэгъуэщ. Абы и ужьыгъуэу утыку къихьэ ″кхъу″ри ″къежьапIэрэ лъабжьэ ужьыгъуэ″ къизыIуэ зы макъ мыхьэнэщ. Мы макъхэр бзэм куэдыщэу зэрыхэмытымрэ кIуэдыпIэм зэрыхуэкIуэм папщIэщи, я макъ мыхьэнэхэр наIуэ дыдэ къытхуэхъукъым, ауэ ″кхъу″р ″кхъ″ым елъытауэ и мыхьэнэр нэхъу гурыIуэгъуэ къытхуэхъуу адыгэбзэм хэтщ.

″Къ″ым и къэхъукIэм къытехъукIыжу, бзэгукур зи къэхъупIэу утыку къихьэ ″кI″ макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, щыIэ гуэрым къыхэхъукIрэ езырыжу утыку къихьэныгъэ зи мыхьэнэщ. ″КI″ым игъэзащIэ утыку къихьэныгъэр ″къ″ мыхьэнэм хуэдэу лъабжьэ дыдэу зы къежьапIэкъыми, ″къ″ым зэIуиха къэхъуныгъэм ипкъ иткIэ, къэхъуарэ щыIэгъуэ зиIэ гуэрым къыхэхъукIыу езыр езырурэ утыку къихьэныгъэу зы къэхъуныгъэщ. Сытми теухуауэ къэхъуныгъэ къежьапIэ къизыIуэ ″къ″ым къытехъукI ″кI″ым и мыхьэнэр мы зэIуха къэхъугъуэм къызэрыгуэкIкIэ езыр езырурэ утыку къихьэныгъэщи, зы къэхъуныгъэу ар езыр зы ужьыгъуэу лъытапхъэщ. ″КI″ макъ мыхьэнэр зы ужьыныгъэу зэрыщытым папщIэ,

"у"кlэрэ къэlуу "кl"ым къытехъукl "кlу" макъым и мыхьэнэр "кl"ым и ужьыгъуэкъыми, зыужьынығъэу щыт кlыуэ щытхэм я зэхуаку къыдэхъухь ужьынығъэщ. Кlыуэ утыку къихьэ гуэритlым зэхуэдэрэ зэрызэлъытэныгъэкlэ кlыгъуэ зэраlэмэ, утыку къызэрихьэ я кlыныгъэхэм зэдэужьыгъуэ зыхуаlэщи, "кlу"р мыращ зытеухуар. Абы зы бзэ мыхьэнэ къытэхъукlын папщlэ, зэдэкlыгъуэ гуэритl хуэныкъуэщи, мы гуэритlым теухуауэщ "кlу"р бзэм зы псалъэ щыхэхъухьыр (екlу); е зэдэкlуныгъэ зиlэ гуэритlым зэдащlэ зы lуэхугъуэ къизыlуэ зы псалъэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр (кlуэ).

"Къ"ым къыкlэлъыкlуэу къэхъу "кхъ" макъыр зэрызэлъытам хуэдэу лъытапхъэщ абыхэм къатехъукlа "кl" макъымрэ "к" макъым я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэр. "К" макъ мыхьэнэр "кl" макъ мыхьэнэм елъытауэ утыку къихьэ lэнатlэ гуэру лъытапхъэщ. Ар зы купщlэ зимыlэрэ псыгъуэу зы кlыхьагъ lэнатlэ къизыlуэ макъщи, абы купщlэ зэригъуэтымрэ, мыпхуэдэ псыгъуэ кlыхьагъ зиlэ китlым (читlым) я зэхуакуращ - я зэхуаку дищlэращ - "к" ужьыгъуэу "ку" макъым мыхьэнэ хуэхъур.

"Къ" нэужь къэхъуу макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъу макъхэм щыщщ "хъ"ыри, абы зы лабжьэ мыхьэнэ иlэщи, абы и ужьыгъуэр лъабжьэм къытехъукl лlэужьыгъуэщ, лъабжьэм и ужьыгъуэщ. Мыращ "хъу" макъ мыхьэнэр. "Хъу" макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар къызтехъукlыр "хъ"ыщ. "Хъ"ыр зы лъабжьэ къизыlуэ макъщи, дэтхэнэ зыгуэрыр зы лъабжьэу зэрылъытэкlэрэ абы къытехъукlращ "хъу"р. Зы лъабжьэм (хъ) къытехъукlрэ къэ"хъу"р аргуэрэу зы лъабжьэу (хъ) зэрылъытэкlэрэ абыи и ужьыгъуэу (у) зыгуэр къыте"хъу"кlыжурэщ "хъу"р мыувыlэу хъуурэ къызэрекlуэкlыр.

"Хъ" макъ лъабжьэм и къэхъукlэм бзэгукум къыщытехъукlа макъщ "х" макъри, ар "хъ" макъ мыхьэнэм хуэдэу субстанцив мыхьэнэ зимыlэ зы макъми, "хъу"р къызтехъукl лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ "хъ" макъ мыхьэнэм хуэфащэ мыхьэнэ зыгъуэтыжауэ зы макъщ. Ар щыlэу утыку къихьэр зыщыдж лъабжьэрэ щыlэуэ хъуар зыдэщыlм и лъабжьэр зи мыхьэнэуэ зы макъщ. "Хъ"ыр щыlэуэ хъуар къызщыхъурэ "хъу"р къызтехъукl лъабжьэмэ, "х"ыри щыlэгъуэ зыгъуэтыр зыщыджрэ джыпlэ зыхуэхъуу ахэр зытет лъабжьэращ. Мыр зи мыхьэнэ "х"ым и ужьыгъуэу утыку къихьэ макъыр "ху"ращи, абы и мыхьэнэр къэгъэунэхун папщlэ, "х"ым зи гугъу тщlа и мыхьэнэм фlыуэ щыгъуазэ уэхъун хуейщ. "Х"ым "у" къыпыхьэу къэхъу "ху" макъыр къэгъэунэхун папщlэ, щхьэжу "х" макъ мыхьэнэр щыlэхэм я щыlэпlэу зэрыщыт щlыкlэр къэгъэунэхун нэмыщl, абы "э" къыщыпыхьэкlэ (хэ) къэхъуми фlыуэ щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Нытlэ мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщи, "ху"м игъэзащlэр гурыlуэгъуэ зыхуэтщlынщ. "Х"ыр щыlэхэм лъабжьэ хуэхъуу, щыlэхэм я щыlэпlэщи, мыри сытри функциал зэманым (э) елъытауэ утыку къихьэр къизыlуэ "и"м пыщlа зы мыхьэнэщ. "И"р "э"м и ординатыгъэм теухуауэ джыращи, дэтхэнэ джы гуэрыр зэрыджыр "э" ординаткlэрэу зэрыщытым

къызэрыгуэкIкIэ, ″и″ри дэтхэнэ зы джыгъуэрэ джыпIэу утыку къихьэращ. Ар щыхъукIи, ″э″ системэм нэмыщI, абы пыщIауэ зы системэи къохъури, мыр ″и″ системэщ. Мыр ″э″ системэм пыщIа системэщи, ″э″р зыдэкIуатэ дэтхэнэ зы лъэныкъуэм ″э″ системэм утыку къыригъэхьэу зы ″и″ системэ къохъур. ″Э″ системэм пыщIарэ абы идж ″и″кIэрэ зэдэухуэу зы ″и″ системэ утыку къохьэри, ″э″ системэм нэмыщI, абы пыщIагъэххэу ухуэ ″и″ системэри зы джыпIэу джыращ, щыIэ хъууэ щытхэр зытетрэ зыхэт системэщ. НытIэ ″и″ лъэныкъуабгъуэу щыIэ мы системэм и зы лъэныкъуэр системэм и лъабжьэрэ и ординату зэрылъытэкIэрэщ ″и″ системэр зэрылъытэнури, мис мыращ ″х″ыр зытеухуэр. ЩыIэгъуэр зэманым елъытауэ зэрыщыIэ щIыкIэкIэ утыку къихьэ ″и″ системэр щыIэгъуэ системэращи, абы и ординат къалэныр зытеухуар ″х″ макъращ. НытIэ, ″х″ым и кIуэтэгъуэр (хэ) ординат кIуэтэгъуэщ, икIи дэтхэнэ зы щыIэм лъабжьэ хуэхъур ″х″ыращи, абы и кIуэтэгъуэ ″хэ″р ″и″ системэм щыIэу хэтхэм я лъабжьэрыкIуэу, ахэр зэрыбагъуэр къизыIуэрэ зыгъэбагъуэрщ. Дэтхэнэ зы ″х″ыпIэр зы гуэрым и лъабжьэу зэрылъытэм папщIэ, дэтхэнэ гуэрым лъабжьэ хуэхъур зэрыкIуатэрэ зэрыбагъуэращ ″хэ″м утыку къырилъхьэри, ар къызпыхьэ псалъэр зытеухуар зы куэдагъэущ зэрылъытэр. ЩыIэр зыдэщыIэ лъабжьэу ″х″ым и кIуэтэгъуэ ″хэ″р ординат лъэныкъуэ кIуэтэгъуэу зы ″х″ системэм тетрэ зытеухуам и куэдагъщи, ″х″ым и ужьыгъуэри (у) ″х″ым и ужьыныгъэу, ″х″ системэм тетрэ зытеухуа лIэужьыгъуэр зэрыщыту зыгъэкIуатэ – зыху – Iуэхугъуэ мэхъур. нэгъуэщIыжу жыпIэмэ, ″х″ыр щыIэхэр зыдэщыIэ системэм лъабжьэрэ ординат хуэхъуращи, зы системэм ординат хуэхъум и ужьыныгъэр системэм хэту хъуам и ужьыныгъэу, ″х″ыр зэрыординатыр зэлхыта зэманыгъуэми и кIуэтэгъуэщ (кIуэху, къэхъуху). ″Х″ыр системэм и ординату, системэ зыужьыгъуэр къызпкъырыкIыу зэрыщытым теухуащ ″х″ым ″у″ къыпыхьэу къэхъу ″ху″м игъэзащIэу мы зи гугъу тщIари, ″х″ыр щыIэгъуэ геометрием и ординат щыхъукIэ, икIи дэтхэнэ зы щыIэми и ординату лъабжьэ хуэхъуращи, дэтхэнэ зы щыIэм и лъабжьэр щыужькIэ утыку къихьэр а щыIэр и пIэм игъэкIын Iуэхугъуэи хъунщ. ″Х″ыр ординатщи, зыужьыгъуэр ординатрэ абзсис лъэныкъуэ зыхэтращи, абзсисри зелъытар ординату, зыужьыгъуэ лъабжьэр ординатщ. Зыужьыгъуэ лIэужьыгъуэщ щыIэнри, щыIэр зэрыужьыр зыдэщыIэпIэ зэхъуэкIыныгъэу зы ординат (х) ужьыгъуэщи (у), мыращ ″ху″ макъым къыриIуэр (хун, къэхун, техун, къытехун). НытIэ, ″ху″м зыр зэманыгъуэм теухуауэ, адрейри щыIэр физикэу зыдэщыIэ лъабжьэм теухуауэ мыхьэнитI егъэзащIэр. Зы ″х″ыпIэр зи щыIэпIэ гуэрыр зэрыгъэужь щIыкIэр ар зыдэщытыпIэм тегъэкIынрэ гъэкIуэтэн Iуэхугъуэщи, ″ху″м етIуанэ мыхьэнэуэ игъэзащIэр мыращ.

″Хъ″ым хуэдэу ″къ″ нэужь къэхъу зы макъщ ″гъ″ макъри, ари зы лъабжьэ мыхьэнэ зиIэу, утыку къихьарэ щыIэгъуэ зыгъуэта сытри къызэрыхъуа щIыкIэр зыхэлъыжу гъуэгу тезыгъэхьэрэ зэрылэжьапхъэм

тету зыгъэлажьэ "гъэ"р къызтехъукI лъабжьэщ. Сытри зэрылэжьэн щIыкIэкIэ гъуэгу тезыгъэхьэу (э) зыгъэлажьэ къарур (гъэ) къызтехъукI "гъ"ым "у" къыщыпыхьэм къытехъукI "гъу" макъыр дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр зэрыужьын лъабжьэр къизыIуэращ. Дэтхэнэ зы гуэрыр щыIэгъуэ иIэу утыку къызэрихьэ лъабжьэр "гъу" макъращ зытеухуари, мыр зи лъабжьэу щыIэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр зы "гъуэ" зиIэрщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъабжьэ мыхьэнэ зиIэ "гъ"ым и ужьыгъуэ макъыу утыку къихьэ "гъу"ри зы лъабжьэ мыхьэнэ зиIэ макъщ. "Гъ"ым зэманыгъуэ (э) щигъуэткIэ (гъэ), сытри зыгъэлажьэ къарущ утыку къихьэри, зыгуэрыр зэрыщыIэ щIыкIэм ипкъ иткIэ зэрылэжьапхъэ щIыкIэр "гъэ"кIэрэщ зэрыгъэзащIэр; "гъу"м зэманыгъуэ (э) щигъуэткIи (гъуэ) дэтхэнэ зы щыIэм и щыIэгъуэ хуохъури, дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыIэ щIыкIэкIэ зыужьыгъуэрэ итыгъуэу егъэлажьэр. НытIэ, "гъ"ыр "гъэ" къызтехъукI мыхьэнэ лъабжьэщи, щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылэжьапхъэм тету зыгъэлажьэр "гъэ"ращ; "гъу"р "гъуэ" къызтехъукI мыхьэнэ лъабжьэу, щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр къызхэхъукIрэ "гъуэ" зэригъуэтым и лъабжьэращ. Аращи, "гъуэ"р дэтхэнэ зы щыIэгъуэм и итыпIэщ, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри зы итыпIэм зэрыхэлэжьыхьыр "гъуэ"кIэрэщ. "Гъэ"мрэ "гъуэ"м щыIэгъуэ зиIэхэм теухуауэ ягъэзащIэу зи гугъу тщIа мы я къалэным теухуауэ щхьэж лэжьыгъэ яIэу зы псалъэуи бзэм хэтхэщ.

"Гъ"ым и ужьыгъуэкIэ къытехъукIыр "гъу"щ. "Гъ"ым и ужьыгъуэу (гъу) зэрыщыIэм хуэдэу, "гъ"ым и къэхъукIэр зи къэхъукIэу "гъ"ым бзэгукум къытехъукIа "гь"ыми и ужьыгъуэм къытехъукIыж макъи щыIэщ: "гу". "Гь-дж" макъыр щыIэр утыку къызэрихьэрэ зэрыджыр, щыIэр зэрыщыIэкIэрэ зэрылъытэу къызэрыIуатэ макъщи, и ужьыгъуэу абы (гь) къытехъукI "гу"ри "джы ужьыгъуэ зиIэрэ джыгъуэм итын"ыр, "дэтхэнэ зы джыгъуэ лIэужьыгъуэ"р, "джыуэ щытрэ дэтхэнэ зы джыпIэ IэнатIэ"р къизыIуэ макъ мыхьэнэ зиIэрщ.

*

Макъхэм я къэхъукIэрэ я къэIукIэм елъытащ я мыхьэнэхэри, къэхъукIэрэ къэIукIэкIэ зэпэгъунэгъу макъхэм я мыхьэнэхэмрэ бзэм хагъэзэщIыхь къалэнхэр зэпэгъунэгъущ. ИпщэкIэ макъхэр къызэрыхъу щIыкIэкIэ зэрызэлъытамрэ къызтехъукI макъхэм елъытауэ мыхьэнэ зэрагъуэтым теухуахэм и гугъу тщIащ. Мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэ ямыIэрэ зы макъ гупым хэмытхэми, я къэхъукIэм ипкъ зэриткIэрэ я мыхьэнэмрэ бзэм хагъэзэщIыхь къалэнхэр зэтехуэ макъхэри щыIэщи, илъабжьэкIэ мыбыхэм я гугъу тщIынщ.

Зэхуэдэ къэхъуыкIэ, къэхъуыкIэ зэкIэлъыкIуэ, зэгупэгъу, къэхъупIэгъу, къэхъупIэ зэхуэпхэндж, - ар дауи щырет-, зыгуэркIэ зэрызэлъыта макъхэм я мыхьэнэрэ я къалэнхэр зэрызэлъытащи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэми деплъынщ.

Макъхэр тэмакъым дэкӏыу жьэ кӏуэцӏым къыщыхъуфын гъуэгур къезыгъэжьар тэмакъым къыщыхъу ″къ″ макъращи, мы и къэхъуыкӏэм елъытауэ ищхьэм къызпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэм и къежьапӏэрэ къэхъупӏэр къэгъэлъэгъуэн къалэн хигъэзэщӏыхьу бзэм хэтщ. ″Къ″ макъыр зы къэхъупӏэрэ къежьапӏэр, икӏи зы кӏуэдыпӏэ згъэзащӏ макъыу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщи, къыпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэм къежьапӏэ зэрыхуэхъум хуэдэжу, кӏэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэри кӏуэдыпӏэм хуегъакӏуэр. ″Къ″ макъыр жьэ кӏуэцӏым къэхъу макъхэм я къежьапӏэу зэрыщытым хуэдэу, ″п″ыри жьэ кӏуэцӏым къыщыхъу макъхэм я ухыпӏэ макъщ. Зы ухыпӏэр икӏи зы къежьапӏэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщи, ″п″ макъри ″къ″ макъым хуэдэу къэхъупӏэрэ кӏуэдыпӏэ мыхьэнэ игъэзащӏэу бзэм хэтщ. Адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″къ″ым игъэзащӏэ къалэн гуэрхэр зэрыщыту ″п″ым теухуауэщ зэрыгъэзащӏэри, мыбы и щхьэусыгъуэр ″къ″ымрэ ″п″ым я къэхъупӏэращ къызтехъукӏрэ зэлъытар.

Макъ къэхъуныгъэр жьэ кӏуэцӏым къыздыщежьэрэ щыухым деж къэхъу макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зэрызэлъытарэ щызэтехуэм теухуауэ нэгъуэщӏ щапхъэ щыӏэщи, ″къ″ымрэ ″м″ым бзэм хагъэзэщӏыхьыр мыпхуэдэщ. ″Къ″ макъыр натуралу макъ къэхъуныгъэр къурмакъейм къыдишу тэмакъыр макъ къэхъункӏэрэ зыгъэлажьэ макъращи, абы иужьщ къурмакъейм къыдиш жьыр жьэ кӏуэцӏым макъ къэхъун папщӏэ къэсэбэпу щыщӏидзэр. Пэщхъынэм къыщыхъурэ натуралу къэӏу ″м″ макъри зы псэлъэбзэ макъыу къыздыщыӏур жьэ кӏуэцӏым макъ къэхъуныгъэр щыух щӏыпӏэу ӏупэращ. Ухыпӏэр зы къежьапӏэу зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщи, ӏупэр икӏи ″м″ макъыр псэлъэбзэм зы макъыу къызыдыхэхьэ щӏыпӏэращ. Жьэ кӏуэцӏым макъ къэхъуныгъэр зэӏузыхыр ″къ″ макъращи, жьэ кӏуэцӏым макъ къэхъуныгъэр щыух щӏыпӏэм псэлъэбзэ макъыу ″м″ макъыр бзэм щыхэхьэ бжэращ. Мы макъитӏым зи гугъу тщӏы мы я къэхъуыкӏэр мы макъхэр бзэм зэдэӏэпыкъуэгъуу зэрыхэлэжьыхьым лъабжьэ хуэхъуращ. Мыбы и зы щапхъэщ кӏэух зыхуэхъу псалъэр ″къ″ым кӏуэдыпӏэм зэрыхурихулӏэрэ мыхъуныгъэр къыщигъэхъукӏэ, абы ″м″ыр къыкӏэлъыкӏуэжу кӏуэдыпӏэбжэр хуищӏыжу мыхъуныгъэр зэрыригъэпэщыжыр: «хъукъым, хъункъым, кӏуакъым, кӏуэнукъым».

Зэхуэпхэндж щӏыпӏэу макъ къэхъуныгъэ гъунапкъитӏым къыщызэрыхъуахэм къыгуэкӏ ӏуэхугъуэщ ″къ″ымрэ ″м″ым мы зэдащӏэрэ зэдэӏэпыкъуу утыку къихьэ ӏуэхугъуэр. Зэхуэпхэнджыгъэ зиӏэхэр зэрызэщхьым и зы щапхъэуи лъытапхъэщ мы зи гугъу тщӏыр. Ауэ зэхуэдэ щӏыпӏэр зи къэхъупӏэ макъхэми зэхуэдэ къалэн ягъэзащӏэу зыр зым ипӏэ иувэфу бзэм щыхэлэжьыхьи щыӏэщ. Мыбы и щапхъэщ ″м″ макъымрэ ″п, п, б″ макъхэм я ӏуэхугъуэри, абыхэми я гугъу тщӏынщ.

″М″ макъыр псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щӏыпӏэр жьэ кӏуэцӏым макъ къэхъуныгъэр щыух щӏыпӏэу ӏупэращи, ӏупэ защӏэу къэӏуыкӏэ зиӏэ ″п, пӏ, б″ макъхэм я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщӏыхь ӏуэхугъуэхэмрэ ″м″ макъым и

мыхьэнэрэ и къалэныр зыщытехуэ щытщ. Адыгэбзэу зы макъыбзэм и макъхэу щыщыткӏэ, я къэхъупӏэр зэрызэхуэдэм къызэрыгуэкӏкӏэ, зыгуэркӏэ зэщхьу къэӏу мы макъхэм я къалэнрэ я мыхьэнэхэри зыгуэркӏэ зэрызэтехуэнур гурыӏуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм псалъэ мащӏэ хэту къыщӏэкӏынкъым ″м″ макъымрэ ″п, пӏ, б″ макъхэм щыщ дэтхэнэ зы макъыр зыр зым ипӏэкӏэ хэту зэхуэдэ мыхьэнэ зиӏэу: «па**м**цӏэ – па**п**цӏэ, лъа**м**цӏэ – лъа**п**цӏэ, щхьэ**м**цӏэ – щхьэ**п**цӏэ; пхъэ**м**гъу – пхъэ**б**гъу».

Псалъэу зэпкъырыувэхэм имызакъуэу, ″м″ымрэ ″б″ым зэдэкӏу къалэн хагъэзэщӏыхьу бзэ лэжьэкӏэхэри щыӏэщи, ″м″ыр кӏэух зыхуэхъу псалъэр гурыӏуэгъуэ ещӏри къыкӏэлъыкӏуэм пещӏэ, а псалъэм ипӏэ иувэ цӏэпапщӏэр зэрызэлъыта ужьыгъуэ щӏыкӏэу ″бы″кӏэ мэухыр: «цӏыху**м** ещӏэ → а**бы** ещӏэ; унэ**м** щӏэхьэ → а**бы** щӏэхьэ; шы**м** сошэс → а**бы** сошэс».

**″Макъ щэху″ мыхьэнэхэр ″макъ ӏуэр″хэм ягъэзащӏэ геометрие къалэнхэм зэрелъытапхъэхэм теухуауэ.**

″Макъ ӏуэр″хэмрэ ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэ щызэтехуэи щыӏэщ. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, ″макъ ӏуэр″хэм я геометрие ӏэнатӏэхэм теухуа мыхьэнэ зыгъэзащӏэ ″макъ щэху″хэр щыӏэщи, илъабжьэкӏэ мыбыхэм я гугъу тщӏынщ.

Геометрие ӏэнатӏэ утыку къызэрыралъхьэм папщӏэ, ″макъ ӏуэр″хэр зэман геометрие системэмрэ (э-геометрие системэ) щыӏэгъуэ геометрие системэм (и-геометрие системэ) теухуауэ гурыӏуэгъуэ мэхъухэр. ″Макъ ӏуэр″хэм макъ геометрие утыку къызэрырагъэхьэрэ, ари щыӏэгъуэ системэм теухуэу гурыӏуэгъуэ щыхъукӏэ, ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэхэри мы геометрием теухуэфу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэщ. Ар щыхъукӏи, ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэхэр ″макъ ӏуэр″ гуэрхэм ягъэзащӏэ геометрие ӏэнатӏэм теухуа мыхьэнэ гуэрхэу зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщ. Мы псалъэм къызэрыхэщщи, ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэхэр щыӏэгъуэ системэрэ ″и-геометие системэ″ращ зытеухуар. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, ″мыхьэнэ″ жыхуэтӏэр макъымрэ псалъэм къикӏращи, ар зы щыӏэгъуэм зэрытеухуам ипкъ иткӏэ, фӏэкӏыпӏэ зэримыӏэкӏэрэ мы геометрие системэращ зытеухуэр.

Макъ геометриер къызэрыхъур оригиным (ы) къыщӏидзэрэ кӏуэтэгъуэ (э) къызэрыхъукӏэрэ абы къыпэхэджыкӏыу утыку къихьэм (и) зэдащӏэ зыужьыгъуэщи (у), мыхьэнэ зиӏэу зи гугъу тщӏы макъ щэхухэм я мыхьэнэхэр зытеухуар мы макъхэрауэ лъытапхъэщ. Адрей макъ ӏуэрхэм ягъэзащӏэр мы макъ ӏуэр лъабжьэхэм елъыта ӏэнатӏэ гуэрхэращи, икӏи мыпхуэдэ геометрикэ ӏэнатӏэхэм теухуа макъ щэхухэри щыӏэщ, ауэ абыхэми я мыхьэнэхэр япэрауэ зытеухуэр макъ ӏуэр лъабжьэхэращ. Дэтхэнэ зы макъ щэхум и мыхьэнэр фӏэкӏыпӏэ имыӏэу зы макъ ӏуэрым и геометрие ӏэнатӏэм теухуауэ къанэу жыӏэпхъэкъыми, а макъ щэхум и

мыхьэнэр макъ Iуэр зы бжанэм я геометрие IэнатIэм теухуауи гурыIуэгъуэ мэхъуфыр.

″Макъ Iуэр″хэр къызтехъу оригину щыт ″ы″ макъыр ″макъ щэху″у щыт ″м″ макъыр къызэрыIум дэщIыгъуу утыку къихьэ макъращ. Япэрей макъ щэху ″м″ыр утыку къызэрихьэф ″ы″ макъым утыку къырилъхьэ оригиналыгъэр икIи псэущхьэм щыIэрэ къэхъур зэрыщыту гурыIуэгъуэ къызэрыхъур къизыIуэ ″м″ макъым утыку къырилъхьэу жыIэпхъэщ. Мы псалъэм ипкъ зэриткIи, ″ы″мрэ ″м″ макъыр къызэрыIу щIыкIэм натуралу гурыIуэгъуэ къащIыр зэтехуэ Iуэхугъуэу лъытапхъэщ.

Мыбы нэмыщI, геометрием и оригиналыгъэр къизыIуэ ″ы″ макъыр геометриеу ухуэнум лъабжьэ хуэхъу макъщи, ″макъ щэху″хэм ящыщу къэхъунум къежьапIэ хуэхъу ″къ″ макъри, абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьарэ ″хъу″р къызтехъукI ″хъ″ макъри, ″гъэ″р къызтехъукI ″гъ″ макъри, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм и пкъыгъуэрэ и ″гъуэ″р къызтехъукI ″гъу″ макъри ″ы″м геометрие лъабжьэрэ оригин зэрыхъум езэгъ мыхьэнэ зыгъэзащIэ макъхэу лъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщIа ″макъ щэху″хэр езыхэм къатехъукIынухэм лъабжьэ язэрыхуэхъум нэмыщI, джырэ щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэм зы лъэ зэригъуэтым лъабжьэ хуэхъу ″лъ″ым и мыхьэнэри ″ы″ыр геометрие оригинрэ лъабжьэу зэрыщытым хуэдэу лъытапхъэщ.

Аращи, япэрей макъ Iуэррэ макъ Iуэр оригину щыт ″ы″ макъым хуэдизу лъабжьэ дыдэу мылъытапхъэми, мы зи гугъу тщIы макъхэр я мыхьэнэкIэрэ езыхэм къатехъукIым лъабжьэ язэрыхуэхъур ″ы″м и оригиналыгъэм екIуэлIэныгъэ зиIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ.

″Ы″ макъыр геометием оригин хуэхъурэ геометриер къызтехъукI лъабжьэщи, абы ипэкIэ къэхъу макъ Iуэр щыIэкъым. Абы мы и къэхъукIэмрэ хуиту и къэIукIэм ущытекъузэкIэ оригин кIуэдыгъуэщ къэхъунури, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъыр ″Iы″ макъращ. Ар оригин кIуэдыпIэу, абы аткIэ щымыIэжу зы кIуэдыпIэрщ. Мыпхуэдэ зы макъыр сытри кIуэдыпIэм зышэфыну зы макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ, икIи ар бзэм зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэ щIыкIэкIэрэщ: адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″Iы″ макъыр икIи мыхъуныгъэ зэрылъытэ кIэух ″къ″ макъым ипIэкIэщ зэрыхэлэжьыхьыр. Бзэм зэхуэдэ къалэн зэрыхагъэзэщIыхьым и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщи, ″макъ щэху″хэм щыщрэ псэлъэбзэ макъхэр жьэ кIуэцIым къыщыхъун къежьапIэ ″къ″ макъыр кIэух зыхуэхъур кIуэдыпIэм зэригъакIуэм хуэдэ къалэнщ ″Iы″ макъми игъэзащIэр.

Жьэ кIуэцIым макъ къэхъуныгъэм къежьапIэ хуэхъу ″къ″ макъымрэ, жьэ кIуэцI макъ ухыпIэу Iупэм къыщыхъу ″п″ макъым адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм мыхъуныгъэ зэрагъэзащIэми ипщэкIэ и гугъу тщIащи, мы и къэлэнымкIэ ″п″ыри ″къ″ым хуэдэу ″Iы″м игъэзащIэр зыгъэзащIэу зы ″макъ щэху″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ.

Мыбыхэм (къ, п) ягъэзащIэ мыхъуныгъэхэр зэрызэтехуэм хуэдэ къалэн зыгъэзащIэ зы макъри ″цI″ырауэ лъытапхъэщи, ар щыIэ щIыбрэ мыщыIэр

зытеухуа макъ мыхьэнэуэ, ″Iы″ макъым игъэзащIэ мыхъыныгъэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ утыку къизылъхьэ макъыу, геометрие оригин мыхъуныгъэр къизыIуэ ″Iы″м мыхьэнэкIэ пыщIа макъыу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Геометрие оригинрэ макъ Iуэрхэр къызтехъукI ″ы″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ ″э″ макъыр ″ы″м къытехъукIынур къызэрежьэр къизыIуэ макъращи, ар япэ къэхъуа кIуэтэгъуэу, функциал зэманым теухуа къалэн зыгъэзащIэу зы макъщ. Мыпхуэдэу зэман координат системэм ординат хуэхъу ″э″ макъым елъытарэ къызэрыгуэкIкIэщ джыгъуэрэ щыIэгъуэр утыку къызэрихьэр. Утыку къихьэ щыIэгъуэ системэр зы ″и-системэ″у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, абы тету кIуэтэгъуэ къизыIуэ макъхэм ягъэзащIэр ″э″м игъэзащIэм елъытарэ теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ″э″м мы и къалэным теухуэ макъ щэхухэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Къызэдэхъуауэ лъытапхъэ ″ы″ымрэ ″м″ макъхэм къакIэлъыкIуэу утыку къихьа макъхэми мы къызкIэлъыкIуэ макъхэм елъытауэ зэщхьрэ зэхуэдэ къалэн зэрагъэзэщIэнур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ ″ы″м къыкIэлъыкIэу ″э″м игъэзащIэм хуэдэу лъытапхъэщ ″м″ым къыкIэлъыкIуэу зи гугъу тщIа ″н″ макъым игъэзащIэр. Аращи, ″ы″ оригиным и кIуэтэгъуэр ″э″ зэрыхъум ещхьу, ″м″ыкIэрэ гурыIуэгъуэ къэхъуам хущIэкъурэ хуэкIуэныгъэри ″н″ макъым зэригъэзащIэр гурыIуэгъуэщ. ″Э″ макъыр макъ геометрие зэпкъырыувэнум и япэрей лъэбакъуэу функциал макъщи, псалъэм ищхьэм къыпыхьэкъым, ауэ щыIэгъуэр къызэрыгурыIуэр къизыIуэ ″м″ макъым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ ″н″ макъыр псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэм деж, къызпыхьэ псалъэм и мыхьэнэр къэзыIуатэм елъытауэ зыхуэкIуэнум хуэунэтIа кIуэтэгъуэ къегъэлъагъуэр: «нэкIуэн, ныхуэкIуэн; ныджэ, нывэ».

Пэщхъынэ макъыу щытрэ япэ къэхъуа ″м″ макъым къытехъукIыжа пэщхъынэ макъщ ″н″ыри, ″м, н″ макъхэм мы я зэпыщIэныгъэр ″ы, э″ макъхэм я зэпыщIэныгъэрэ ягъэзащIэм зэрытеухуэфым нэмыщI, пэщхъынэ макъыу ″м″ нэужьу лъытапхъэу къурмакъейм къыщыхъу ″хьI, хь″ макъхэм ягъэзащIэри япэ къэхъуарэ оригину лъытапхъэ ″ы″м къыкIэлъыкIэу ″э″м игъэзащIэм хуэдэ мыхьэнэ зыгъэзащIэ макъ щэхухэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ нобэ адыгэбзэм хэт ″хь″ макъым игъэзащIэри, ар зы псалъэм кIэух щыхуэхъукIэ, псалъэр зытеухуа Iуэхугъуэр къарурэ гугъуехьыгъуэ хэлъу зэрыкIуатэр къизыIуэу зы макъщ, икIи ар кIэух щыхъум деж ″э″ кIэух хуэныкъуэжкъым: «тепсэлъэн - тепсэлъыхьын; исэн – исыхьын; ижэн – ижыхьын; игъэжэн – игъэжыхьын; тешэн - тешыхьын».

″Э″ макъыр функциал кIуэтэгъуэрэ функциал зэманым теухуащи, ар зи кIэухым натуралрэ функциалу кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ егъуэтыр. Ауэ ″хь″ макъым игъэзащIэ кIуэтэгъуэр щыIэрэ щыIэпIэм теухуа Iуэху лIэужьыгъуэу, физикэу зы позицэм теухуауэ гъэзащIэ кIуэтэгъуэщ: «ихьэн, илъхьэн, Iухьэн, Iулъхьэн, гуэхьэн, гуэлъхьэн, дэхьэн, дэлъхьэн, техьэн, телъхьэн, щIэхьэн, щIэлъхьэн, хэхьэн, хэлъхьэн, пыхьэн, пыгъэхьэн».

Мыбыхэм нэмыщӀ, щыӀэгъуэ системэм хэту кӀуэтэгъуэ къизыӀуэ нэгъуэщӀ макъхэри щыӀэщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэщ увыӀэгъуэ зимыӀэ хьэрычэт къизыӀуэ ″жь″ макъми, нэхъ псынщӀэрэ псыгъуэ къэӀуыкӀэ зиӀэ ″ж″ макъми ягъэзащӀэ мыхьэнэхэри, ахэр ″э″м игъэзащӀэ къалэным зэпыщӀэныгъэ зыхуиӀэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

ЩыӀэгъуэ зиӀэрэ зы лъэ зыгъуэтам теухуа хьэрычэтыр абы и гущӀыӀум тырищӀэ ″л″ым теухуащи, ари ″э″м игъэзащӀэ кӀуэтэгъуэм теухуа къалэн зыгъэзащӀэ макъ мыхьэнэуэ лъытапхъэщ: «лэн, щӀэлын; лыдын, къэлыдын, къэлэн, къэгъэлэн».

″Х″ыр щыӀэгъуэ зиӀэхэр зыхэтрэ зытет лъабжьэу ″и″ лӀэужьыгъуэщи, ″х″ым и ужьыгъуэ ″ху″р зэман кӀуэтэгъуи къизыӀуэ макъ мыхьэнэщ (кӀуэху, къэкӀуэжыху, хъуху). ″Х″ыр зы ″и″ лӀэужьыгъуэр зэрылъытэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ ″ху″р ″иэ″уи зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, ари ″и″м и кӀуэтэгъуэу (э) зэрыщытым езэгъ Ӏуэхугъуэрщ ″ху″ кӀэухым игъэзащӀэ къалэныр ″э″м теухуауэ мы зэрытлъыта щӀыкӀэр. Аращи, ″ху″р ″х-системэ″м и ужьыгъуэу зэрылъытапхъэм зэрезэгъкӀэрэ зэманыгъуэу ″э″м теухуа къалэн зэрыгъэзащӀэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, мы системэм лъабжьэ хуэхъу ″х″ым и ужьыныгъэм (ху) ″у″ макъым теухуа мыхьэнэ зэригъэзащӀэм нэмыщӀ, зы кӀуэтэгъуэу ″э″ макъым и къалэнми теухуауэ лъытапхъэщ. Пыщапхъэмэ, дэтхэнэ зы щыӀэм лъабжьэ хуэхъур ″х″ыуэ зэрыщытым папщӀэ, дэтхэнэ зы гуэрыр зытетрэ зыхэт ″х″ыпӀэм тегъэкӀуэтэкӀын Ӏуэхугъуэри ″ху″ращ зыгъэзащӀэр (хун, къэхун, къэхутэн); икӀи щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрым езыр зы ″х″ыпӀэ зиӀэрщи, ар езым хуэӀуарэ а зэрыщыӀэ щӀыкӀэкӀэ езырыжу зэрыужьыфри зы кӀуэтэгъуэрэ унэтӀыныгъэ лӀэужьыгъуэу ″ху″ макъ мыхьэнэкӀэщ къызэрыӀуатэр (хуит, хуитыныгъэ, щхьэхуит, щхьэхуитыныгъэ).

ЩыӀэгъуэ зиӀэм къыхэхъукӀрэ езырыжу утыку къихьэныгъэу кӀэтэгъуэ къизыӀуэ ″кӀ″ макъ мыхьэнэри ″э″м игъэзащӀэ къалэн зыгъэзэщӀэф макъыу лъытапхъэщ (къэкӀын, икӀын, дэкӀын). Зыгуэрым къыхэхъукӀыр зэманым елъытауэ езырыжу къызэрыхъурэ кӀуэтэгъуэ зэригъуэтыр ″кӀ″ макъ мыхьэнэращ утыку къизылъхьэри, абы ухыпӀэ зэригъуэтри зэман (э) Ӏуэхугъуэу ″кӀэ″уэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщӀахэр макъ щэхухэм щыӀэгъуэ системэу ″и-системэ (х-системэ)″м щыхагъэзэщӀыхь кӀуэтэгъуэ къалэнхэращ. Ауэ, мы макъ щэхухэм ягъэзащӀэр ″э″м кӀуэтэгъуэ зэригъэзащӀэм теухуами, абы функциал зэманыр къызэриӀуатэ Ӏуэхугъуэракъым зытеухуар. Аращи, ″э″м игъэзащӀэр щыӀэгъуэрэ щыӀэхэр утыку къызэрихьэ Ӏуэхугъуэшхуэщи, ар зэман координат систеэмм и ординатщ; ″э″м дэтхэнэ зы функциал кӀуэтэгъуэ зэригъэзащӀэм и лъабжьэри мыращ. ЩыӀэгъуэ зиӀэу утыку къихьахэм теухуарэ, мы щыӀэгъуэ системэм щыхэгъэзэщӀыхь кӀуэтэгъуэ ӀэнатӀэ гуэрхэм хуэӀуащ макъ щэхуу зи гугъу тщӀахэм ягъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр. Ауэ икӀи, ″э″р ординат зыхуэхъу зэман системэм теухуарэ

елъытауэщ щыlэгъуэ системэри къызтехъукlри, щыlэгъуэ системэм щыгъэзащlэ кlуэтэгъуэр икlи зэман системэми зэрыпыщlам ипкъ иткlэ, зи гугъу тщlа ″макъ щэху″хэм ягъэзащlэ кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къалэнхэр икlи занlэу ″э″м теухуауи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэрэ щыlэхэр зы зэманыгъуэ lэнатlэкlэ зэрыщыlэм ипкъ иткlи, мы зи гугъу тщlа макъ щэхухэм ягъэзащlэр ″э″м игъэзащlэм елъытауэ зы зэманыгъуэ lэнатlэкlэ (lэ) зы кlуэтэгъуэу щыт зы гъуэгуанэм теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыр зи гугъу тщlа макъ щэху мыхьэнэхэм къыхэмыщми, зы гъуэгуанэ пыухытыкlар зи кlуэтэгъуэр lупщlыу къыхэщу къизыlуэ макъи хэтщ бзэми, ари ″к-ч″ макъращ (лъэбэкъуитl-щы чын). Щыlэгъуэ зиlэр зы зэманыгъуэ пыухытыкlакlэщ зэрыщыlэри, зы пыухытыкlа гъуэгуанэ къизыlуэ ″чын″ псалъэр къызтехъукl ″к-ч″ макъым игъэзащlэр зы зэманыгъуэ lэнатlэм теухуэ ″lэ″ макъ lуэрым игъэзащlэм теухуауэ лъытапхъэщ.

″Э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ макъ lуэрыр ″и″ращи, ″э″р функциал зэманыр зытеухуа макъ lуэру зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″и″ри зэман кlуэтэгъуэм елъытауэ джыращ. ″Э″р зэман координат системэм и ординату зэрыщытым хуэдэу, ″и″ри зэман системэм и абзсисщи, зэманыр зи лъабжьэу утыку къихьэ щыlэгъуэм и системэр ″и-системэ″щ. ″И″р щыlэгъуэ системэр зэрыухуэрэ щыlэуэ хъуар къызтехъукl системэр къызхэкlращи, мыпхуэдэ lуэхугъуэрэ мыхьэнэхэр зытеухуа макъ щэхухэри ″и″ макъым геометриеу утыку къырилъхьэм теухуащ. Щыlэгъуэ системэу зэрыщытым папщlэ, щыlэгъуэм теухуа дэтхэнэ зы макъ мыхьэнэр ″и″ми теухуауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. ″Э″м елъытауэ джыращ ″и″ри, нытlэ япэрауэ джын зи мыхьэнэ макъхэм я гугъу тщlынщ.

Къэхъур къыздыщыхъур ″и-системэ″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″хъу″м и лъабжьэ ″хъ″ыри ″и-системэ″р зэрыухуэ дэтхэнэ зы ″и″р къизыlуэу зы лъабжьэщ. ″Системэ″ жыхуэтlэм езыр зы″гъэ″системэрэ абы къыхэхъухьыр зэры″гъэ″ри дэтхэнэ зы ″и″р зэрыджкlэрэщи, ″гъэ″р къызтехъукl ″гъ″ макъыр дэтхэнэ зы джынум лъабжьэ хуэхъу ″и″м щхьэжрэ изакъуэу утыку къырилъхьэм теухуа мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэщ. Ауэ увыlэгъуэ зимыlэ зэманым (э) мыувыlэу ″и″р щиджкlэ, мыр ″хъ″ым и ужьыгъуэу (у) ″хъу″ макъым утыку къырилъхьэм зэрезэгъри гурыlуэгъуэщ.

″Гъ″ым и ужьыгъуэ ″гъу″ри дэтхэнэ зы щыlэгъуэрэ зы ″гъуэ″ зыгъуэтынур къызтеухъукl лъабжьэу, джыгъуэрэ джыпlэу системэр зэрыщыlэрэ зэрыкlуатэр къизыlуэ ″и″м теухуащ. ″Гъ″ым и къэхъукlэу утыку къихьарэ джын lуэхугъуэр зытеухуа мыхьэнэ зиlэ ″гь-дж″ макъхэри, мыбыхэм ипэ къэхъуа ″г″ макъри, ″и″м теухуа мыхьэнэ зиlэ макъхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

″И″р щыlэгъуэ системэр къызтехъукl зэманым и ординатыгъэм теухуа ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ макъщи, щыlэгъуэ зиlэр щыджрэ зыхэт системэр ″и-системэ″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, щыlэгъуэм лъабжьэ хуэхъу

"щ"ыри, абы къытехъукIрэ щыIэгъуэ зиIэхэм зы пIэ зэраIэмрэ пIэ яхуэхъури къизыIуэ "щI"ыри, щыIэхэм къатехъукIыр къизыIуэ "ш"ыри "и-системэ"м теухуа макъ мыхьэнэщ.

Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэр "и-системэ"ращ зыхэтри, щыIэгъуэ зиIэм зы пкъыгъуэрэ "лъэ" зэриIэм ипкъ иткIэ, абы лъабжьэ хуэхъу "лъ" макъ мыхьэнэри "и-системэ"р зэрыухуэ щхьэж зы "и" мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр "и-системэ"ращ зыдыщыпIри, "и"кIэрэ пIыр къизыIуэ макъыу "пI"ыри "и"м пыщIа мыхьэнэщ.

ХэтыпIэрэ итыпIэ къизыIуэ къарууэ "д" макъ мыхьэнэри щыIэгъуэ зиIэр зыхэт системэр къызтехъукI "и"м пыщIащ, хэтыпIэрэ итыпIэм хищIэу ар зэрыбэгъуэнур къизыIуэ "тI"ыри, "д"ым щхьэщыкIыныгъэ къизыIуэ "т"ыри "и"р зы джыпIэу зэрыкIуатэрэ зэрыужькIэрэ зэрызэщхьэщыкIым теухуа мыхьэнэ къизыIуэ макъщ.

Аращи, мыбдежым и гугъу дымыщIами, джыгъуэрэ щыIэгъуэ системэм теухуа мыхьэнэ зиIэ дэтхэнэ зы макъ щэхум и мыхьэнэр "и"мрэ утыку къырилъхьэ системэм елъытарэ теухуащ. "И-системэ"р щыIэгъуэ системэу, щыIэуэ хъуар къыздыщыхъу системэщи, системэм езыри хэтыжу, абы къыхэхъухь дэтхэнэ зы гуэрым къежьапIэ хуэхъур "и"р зэрыджращи, къежьапIэрэ къэхъупIэр къизыIуэ "къ" макъри "и"м мы и къалэным зэрытеухуари гулъытапхъэщ. "Къ"ым къытехъукIарэ дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм къыхэхъукIыныгъэр къизыIуэ "кI"ри, ипэкIэ "э"рэ "Iэ"м игъэзащIэм теухуауэ зи гугъу тщIа "к-ч"ыри икIи "и" геометием теухуа мыхьэнэ зиIэ макъхэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ "и"р щыIэгъуэ системэм теухуарэ ар къызпкъырыкI геометриер зытеухуа макъ Iуэрыращи, щыIэгъуэ зимыIэрэ зимыIэнур – мыщыIэр – къизыIуэ "цI" макъ мыхьэнэр "и"м зэрытемыухуэххэнур гурыIуэгъуэнщ, ар щхьэ, щыIэхэм зыгуэрыр зэрыхэщIыр къыриIуэ мыхьэнэкIэрэ "цI"ым бзэм хигъэзэщIыхьхэр "и"м теухуа Iуэхугъуэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

"И" макъыр зы геометие системэ къызтехъукIращи, мы системэр "и-системэ"у лъытапхъэщ. Ар зы щыIэгъуэ системэу, щыIэхэр къызхэхъухьрэ зыхэт лъэныкъуабгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мы "и-системэ"м и зы лъэныкъуэр лъабжьэрэ ординату зэрылъытэр "х" макъ мыхьэнэращи, "и-системэ"м а нэхъ пыщIа мыхьэнэ зиIэ макъыр "х" макърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мы псалъэм къикIыр нэхъ зэIухауэ утыку къихьэн папщIэ, псэлъитI-щы пыщэн хуейщ.

Зэманым дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм джырэ утыку къихьэр "и"ращи, ар зэман системэм и абзсисращ. "Э" системэм и абзсисыр системэм и ординат "э"м и зы дэтхэнэ лъэбакъуэм джыращи, "э"м и зы дэтхэнэ лъэбакъуэрэ кIуэтэгъуэм "и"ри щыджу зы "и-системэ" мэухуэр. Мы "и-системэ"р джыныгъэрэ джыпIэ системэу, зэман системэу щыт "э-системэ"м пыщIащ. ИкIи дэтхэнэ зы щыIэрэ хъур къызыщыхъурэ зыдэщыIэ мы "и-системэ"м щыIэхэр зэрыхэтрэ зэрытеджыхьыр

къэпщытэнрэ гурыӏуэгъуэ зыхуэщӏын папщӏэ, абы и зы лъэныкъуэр лъабжьэу лъытэн хуейщи, ″и-системэ″м мы и ординатыр зэрылъытэр ″х″ыуэщ. ″И-системэ″м и ординатыр ″х″ыращи, зы системэр ординаткӏэрэ зэрылъытапхъэм папщӏэ, ″и-системэ″ жыхуэтӏэр ″х-системэ″уи лъытапхъэщ: ″и-системэ″р щыӏэгъуэ зиӏэхэр зыхэтрэ зыхэлъытэ зы геометрие системэу, ″х-системэ″ущ зэрылъытэр. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, зэман системэм и абзсису утыку къихьэ ″и″р мыувыӏэу утыку къихьэу щыщыткӏэ, мыбы зы ″и″ системэ къызэрытехъукӏым папщӏэ, джыуэ утыку къихьэхэр зыхэт мы системэм къыщыпщытэнумэ, мы системэм зы ординат хуэныкъуэщи, ″и″ лъэныкъуабгъуэрэ системэр зэлъытэну референсу ″и-системэ″м и зы лъэныкъуэр зэрылъытар ″х″ыуэщ.

Уеблэмэ, мы къэтӏуэтахэм къызэрыхэщщи, щыӏгъуэ системэу щыт ″и-системэ″р щыӏэр къыздыщыхъу системэу, зы ″щыпӏэрэ щыгъуэ″ системэщи, системэр зэрыщыту зы ″щы″ системэщ, ″щимэ″ системэщ, абы щыджрэ щыӏэгъуэ зиӏэу утыку къихьэри ″щ″ лӏэужьыгъуэщ.

Математикэу зы системэм щыджыр абзсискӏэрэщ зэрыгъэлъагъуэри, зы системэм и абзсисымрэ а системэм щыджрэ щыгъэлъагъуэ функцэр зэтехуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ. Ар щыхъукӏи, ″и″ къалэным теухуа мыхьэнэ зыгъэзащӏэ дэтхэнэ зы макъ щэхур икӏи ″у″ макъым теухуауи лъытапхъэщ. Нытӏэ, ″и″м теухуауэ къэта щапхъэхэмрэ зи гугъу тщӏахэр икӏи ″у″ми теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ ″и″р зы джыпӏэу, абдежым щыджарэ зы щыӏэгъуэ лӏэужьыгъуэу утыку къихьа нэужьращ ″у″р зытеухуа хъури, зы ″и-координат системэ″ щылъытэращ абы и абзсисыгъэмрэ а системэм щыджрэ щыгъэлъагъуэ функцэм ″у″р щытеухуэр.

″У″ макъыр ″и″м къыкӏэлъыкӏуэу утыку къихьарэ, ″э″рэ ″и″м ягъэзащӏэ къалэнхэр зыхэзыубыдэу зыужыгъуэ мыхьэнэ зиӏэ макъщи, ″э-системэ″ми, ″и- системэ″ми я ужьыгъуэм теухуа геометрие лӏэужьыгъуэр къизыӏуэ макъщ. Дэ езыхэр щыӏэгъуэ зиӏэрэ ″и-системэ″м хэтхэм ялъытэр ″э″м елъытарэ къызэрыгуэкӏкӏэ джарэ джыпӏэу щыт ″и″м и системэ лӏэужьыгъуэщи, ″и-системэ″м къыщыхъу дэтхэнэ зы ужьыгъуэр ″у″ макъым къызэрыриӏуэр дэркӏэ гулъытапхъэщ, гурыӏуэгъуэщ, щӏапхъэщ.

″И-системэ″м ужьыныгъэ зиӏэу хэт дэтхэнэ гуэрыр ″у″ращ къэзыӏуатэри, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӏэ зы макъ щэхур ″у″м пыщӏэныгъэ зыхуиӏэ макъщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкӏкӏи, ″хъ″ыр зы лъабжьэу щхьэж зы джы ӏэнатӏэу ″и″м хуэӏуауэ лъытапхъэмэ, абы и ужьыгъуэ ″хъу″ макъ мыхьэнэр ″у″м теухуа зы мыхьэнэщ, ″хъу″р зы ″у″ ӏуэхугъуэщ. Дэтхэнэ зы зэман (э) лъэбакъуэм  щыджыр (и) джыгъуэрэ щыӏэныгъэм и зы лъэбакъуэу, щыӏэныгъэм и зы лъабжьэщи (хъ), къыкӏэлъыкӏуэ зэман (э) лъэбакъуэкӏэрэ джыжрэ джы (и) зэпытмэ, мыр лъабжьэ (хъ) ужьыгъуэу (у) ″хъу″ращ. Дэтхэнэ гуэрыр къызтехъукӏыр зы лъабжьэмэ (хъ), а гуэрыр а лъабжьэм (хъ) и ужьыгъуэщи, зэманым елъытауэ джы ″и″м и ужьыгъуэу (и ужьыгъуэ), ″э″рэ ″и″ зыхэзыубыдэ ″у″ лӏэужьыгъуэщ, ари ″хъ″ым и

ужьыгъуэу къэхъурэ ″хъу″рщ. ″Хъ″ макъыу ″хъу″р къызтехъукӀ лъабжьэу зэрыщытыр мы къэтӀуэтахэмкӀэ гурыӀуэгъуэщи, ″хъу″р ″хъ″ым и ужьыгъуэ макъыу, ″у″ макъым къиӀуатэр къызтехъукӀа лъабжьэри (хъ) хэлъыжу къэзыӀуатэ макъщ. ″Хъу″ макъым къиӀуатэр щыӀэгъуэр мыувыӀэу зэрыужьращи, абы икӀи и мыхьэнэкӀэ ″у″ макъым зи гугъу ищӀ геометриери къеӀуатэр. Мыбы къыщымынэу, ″у″ кӀэух зиӀэу къэхъуа макъ щэхухэм псори ″у″ лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ.

″У″ кӀэух зиӀэ макъхэр ужьыныгъэ лӀэужьыгъуэу ″у″ макъым игъэзащӀэр зыгъэзащӀэ макъхэщ. Ауэ ар зэрагъэзащӀэ щӀыкӀэр ″у″р кӀэух зыхуэхъу дэтхэнэ зы макъ щэхум езым и мыхьэнэр зэрыхэлъыжкӀэрэщ. Мыбы нэмыщӀ, щхьэж и макъ мыхьэнэр ″у″ макъым игъэзащӀэм теухуа макъ щэхуи щыӀэщи, ар ″б″ макъращ. Аращи, зэрызэлъытауэщ сытри къызэрыхъурэ зэрыпӀри, мыр зи макъ мыхьэнэ ″б″ макъ щэхур ″у″м теухуа мыхьэнэ зиӀэрщ. Мы макъитӀыр зэрызэтеухуэрэ зэрызэщхьэщыкӀыр мыпхуэдэу къэӀуэтапхъэщ: ″у″р езырыжу зыужьыгъуэщи, мыр зэрызэлъыта щӀыкӀэкӀэ къизыӀуэ ″б″ыр ″зэрызэлъытэгъуэ зиӀэ ужьыгъуэ″щ, ужьыгъуэбзщ.

″И″ макъым пыщӀэныгъэ зыхуиӀэ макъ щэхухэм и нэхъыбэм ″у″ макъми пыщӀэныгъэ зыхуиӀэу зэрылъытапхъэр мыбы нэгъунэ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуагъэнщ. ИкӀи, дэтхэнэ зы ужьыгъуэрэ лӀэужьыгъуэр зы геометрикэ функцэу къизыӀуэ ″у″ макъым мы игъэзащӀэр дэтхэнэ зы геометрие системэм теухуа зыужьыгъуэрщи, ар геометриеу сытри зыхэзыубыдэращ. ″У″м геометриеу мы и къалэнымрэ, сытри гурыӀуэгъуэ къэзыщӀ ″м″ макъым и мыхьэнэри зэрызэтехуэр гурыӀуэгъуэнщ: ″у″м геометриеу гурыӀуэгъуэ къищӀыр ″м″ым мыхьэнэуэ гурыӀуэгъуэ къещӀыр. Дэтхэнэ зы лӀэужьыгъуэу сытри гурыӀуэгъуэ къэзыщӀ ″м″ макъ мыхьэнэмрэ, сытри зи лӀэужьыгъуэр геометриеу зы ужьыгъуэу утыку къизылъхьэ ″у″ макъыр мыхьэнэрэ геометриекӀэ сытри зыхэзыубыдэ макъхэщ.

″У″кӀэрэ къэӀуу бзэм хэт макъхэм (къу, кхъу, хъу, ху, гъу, кӀу, ку, гу) я мыхьэнэхэр къызтехъукӀа макъ щэхум и ужьыгъуэу зэрыщытыр ипэкӀи къыхэдгъэщагъащ. Ауэ мы макъхэм щыщу увыӀэгъуэ зимыӀэ ужьыныгъэ мыхьэнэр къизыӀуэ ″хъу″ макъым хуэдизу ″у″ макъым и геометрием занщӀэу и мыхьэнэкӀэ теухуэ яхэткъым. Аращи, мы макъхэр къызтехъукӀа макъ щэхухэм я мыхьэнэхэм теухуа зы ужьыгъуэу лъытапхъэ щхьэ, ″хъу″м нэмыщӀ, мы макъхэм утыку къыралъхьэ ужьыныгъэр зи ужьыгъуэу щыт макъ щэхухэм я мыхьэнэм зэрытеухуам папщӀэ, мыхэр нэхъыбэу зы ужьыгъуэ Ӏэнат1э зыгъуэт макъхэу лъытапхъэщи, ″у″ макъым нэхърэ, ″у″м и лимитацэрэ и зы Ӏыхьэу щыт ″Ӏу″ макъым утыку къырилъхьэ геометрие ӀэнатӀэм теухуауэ лъытэныр нэхъ игъуэщ. Зы мыхьэнэр зы Ӏуэхугъуэ ӀэнатӀэу зэрыщытым папщӀэ, абы и ужьыгъуэу утыку къихьэу зи гугъу тщӀы макъхэр ″Ӏу″ макъ мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ. ″Ӏу″ макъым утыку къырилъхьэ геометикэ ӀэнатӀэр геометием зэрыщыту хиубыдэ

ужьыгъуэм и зы lэнатlэщи, зы мыхьэнэ пыухытыкlа зиlэ макъхэм я ужыгъуэу утыку къихьэ макъхэр ″lу″ макъыр зытеухуа зы геометрикэ lэнатlэращ зытеухуар. ″Гъу″р зыужьыгъуэ зыгъуэтынур къызтехъукl лъабжьэрыужьыгъуэщи, ар щыlэгъуэ системэм хэту нэсу зы зыужьыгъуэу лъытапхъэкъым. Зыужьыгъуэ lэнатlэ зи мыхьэнэ макъхэм щыщщ, къежьапlэрэ къэхъупlэ (къ) ужьыгъуэу утыку къихьэ ″къу″м и мыхьэнэри, гуэритl зэхуакур зи мыхьэнэ ″ку″ри... джын lуэхугъуэ lэнатlэр зи мыхьэнэ ″гу″р зы ужьыгъуэ lэнатlэуи, щхьэж ужьыгъуэуи лъытапхъэ мыхьэнэ зиlэ макъщ. Зыужьыгъуэ lэнатlэ зиlэу зи гугъу тщlа мы макъхэм ужьыгъуэ lэнатlэрэ зы lэнатlэ лlэужьыгъуэ утыку къызэрыралъхьэм папщlэ, ″lу″ макъым и геометрикэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы макъ lуэрым зы геометрие lэнатlэ егъэзащlэри, мыпхуэдэ геометрие lэнатlэ зыгъэзащlэ макъ lуэрым ″и″ макъыр къыщыкlэлъыкlуэжым деж, ″и″м езыр зэрыщыту къапымыхьэу абы и эффектым зыщигъэлъагъуэм гъэзэщlэну lуэхугъуэм щыхурикъу щыlэщи, ″и″м и эффект ″й″р бзэ лэжьэкlэр зэрыхыхьэр мыпхуэдэщ. ″Й″р щхьэж зы макъкъым, ″и″м и эффектщи, мы зи гугъу тщlым хуэдэу игъуэ щыхъукlэ ″и″м и къалэн згъэзащlэу зы макъщ. Абы игъэзащlэр ″и″м игъэзащlэр игъуэ щыхъукlэщи, щхьэж езы ″й″р зы макърэ езым хуэlуа зы геометрие lэнатlэ зэримыгъэзащlэм папщlи, макъ щэхухэм ягъэзащlэ мыхьэнэхэм теухуауэ лъытапхъэкъым.

″И″м и кlуэтэгъуэщ ″е (иэ)″ макъ lуэр зэхэжари, зы джыпlэм екlуэлlэныгъэрэ хуэкlуэныгъэу зы геометрие lэнатlэщ игъэзащlэр. Ар щыхъукlи, ″э″ кlуэтэныгъэм теухуа макъ щэху мыхьэнэхэр ″е (иэ)″ми теухуауэ жыlэпхъэщ. Ауэ, ″и″р зы джыпlэу зэрыщытым папщlэ, джыпlэрэ джа гуэрым екlуэлlэныгъэрэ хуэкlуэныгъэщ ″е (иэ)″м игъэзащlэр. Мыпхуэдэ lуэхугъуэр ″н, хь, ху″ макъхэм ягъэзащlэм зэрыхуэдэр жыlэпхъэщ.

″Е″ тхыпкъымкlэ тхауэ бзэм хэт зы макъ зэхэжари ″эи″ращи, ари кlуэтэгъуэрэ джыгъуэ зэхэжыхьауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″Е (эи/эй)″ыр бзэ лэжьэкlэм къигъэхъуарэ, щхьэж зы макъыу щыткъыми, абы хэт макъхэм ягъэзащlэ геометрие lэнатlэм теухуа макъ щэху гуэр щыlэкъым.

″И, е (иэ)″ макъхэм я куэдагърэ жыжьагъ зыгъэзащlэу ″я″ тхыпкъымкlэ тха макъ зэхэжам игъэзащlэри зи куэдагъэу зи гугъу тщlы макъхэм ягъэзащlэм хуэдэщи, абыхэм ягъэзащlэ геометрие lэнатlэм теухуа мыхьэнэ зыгъэзащlэу зи гугъу тщlа макъ щэхухэм я мыхьэнэр куэдагърэ жыжьагъкlэ зэрылажьэр ″я″м игъэзащlэ геометие lэнатlэм теухуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщ.

″Е (иэ)″ макъ зэхэжам и пlытlауэ къэlуыкlэ зиlэ ″lе (lиэ)″ макъым игъэзащlэр екlуэлlэнрэ хуэкlуэн lуэхугъуэм дэтхэнэ зы объект щимыlэращи, зыми пымыщlарэ емыкlуалlэу ″и″ кlуэтэкlэщ. Ар ″lи″ми и

кӀуэтэгъуэщи, джыпӀэу щыт ″и″м и лимитацэрэ пӀытӀа ″Ӏи″ макъым и кӀуэтэгъуэу (э) ″Ӏе (Ӏи-э)″ макъым игъэзащӀэр дэтхэнэ зы джын Ӏуэхугъуэм пыщӀэныгъэ зимыӀэу, джыгъуэм емызэгъ кӀуэтэгъуэщ. Ар щыхъукӀи, игъэзащӀэр мыфӀщ, геометриеу ″Ӏе″м мыпхуэдэ мыхъуныгъэ лэжьэкӀэр къигъэлъагъуэми, позитивыгъэ зиӀэу зы бзэу щыт адыгэбзэм лъабжьэрэ макъ мыхьэнэкӀэ мыфӀрэ мыхъуныгъэ зи мыхьэнэуэ зы макъ щэху хэткъым.

Бзэ лэжьэкӀэм къигъэщарэ макъ зэхэжауэ щыт ″о (эу)″ макъым игъэзащӀэр зэманыгъуэрэ кӀуэтэгъуэ ужьыгъуэщи, мыр зыгъэзащӀэ макъхэр зэхэжауэ къыщыӀукӀэ къэхъур зэманыгъуэ ужьыгъуапӀэу джыпӀэ итыпӀэращ. Ар зытеухуар ″иджы″ псалъэм къиӀуатэр глагол лэжьэкӀэм къыхигъэщынращ, щыӀэгъуэ геометрием и лъабжьэу щыт зэман ужьыгъуэр щыӀэгъуэм теухуауэ къэхъу макъ щэхухэм къызэрамыӀуэтэнур гурыӀуэгъуэщи, ″о (эу)″м игъэзащӀэм теухуа мыхьэнэ зиӀэ макъ щэху гуэр адыгэбзэм хэткъым, хэтын хуеинкъым.

Мы къэтӀуэтахэр макъ щэху псоми теухуарэ математикэ еплъыкӀэри нэхъ лъабжьэ щӀауэ мы къедгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэм хиубыдэу иужькӀэ аргуэру дытепсэлъыхьыжынщ.

### Я къэхъукӀэм зэрелъытакӀэрэ макъхэм ягъэзащӀэ къалэнрэ мыхьэнэхэм теухуауэ.

Япэрауэ макъ Ӏуэрхэм ягъэзащӀэрэ я мыхьэнэхэр я къэхъукӀэм зэрелъытарэ зэрытеухуам нэхъ гъунэгъуу дыхэплъэжынщ.

″Макъ Ӏуэр″у ″ы, э″ макъхэм макъ мыхьэнэ зэрамыӀэм и щхьэусыгъуэр гурыӀуэгъуэщ: ″ы″р макъ къежьапӀэрэ лъабжьэщ, макъ оригинщи, макъыу езы закъуэр зэрыщыӀэрэ, макъыу зэрызэлъытэн нэгъуэщӀ макъ зэрыщымыӀэм папщӀэ, щхьэж и закъуэщи, къикӀи щыӀэкъым, мыхьэнэи иӀэнкъым. ″Ы″м и кӀуэтэгъуэу къыкӀэлъыкӀуэрэ къытехъукӀыр ″э″ макъращи, ар етӀуанэ макъ Ӏуэру, ″ы″м и елъытэныгъэу къэхъу макъщи, абы къикӀыр ″ы″м и кӀуэтэгъуэу зэрыщытращ. ″Ы″м и кӀуэтэгъуэу къэхъу ″э″ми оригиным теухуарэ функциал кӀуэтэгъуэ зиӀэу лъытэн мыхъумэ, абыи нэгъуэщӀ гуэр къиӀуатэкъым, нэгъуэщӀ къикӀ щыӀэкъым, мыхьэнэ иӀэкъым. ″Макъ″ жыхуэтӀэ къэхъугъуэ лъагъуэращ ″ы″мрэ ″э″р зытеухуари, оригинрэ абы къыхэхъукӀ кӀуэтэгъуэу, ахэр макъ къэхъуныгъэрэ макъ щыӀэгъуэу макъыгъуэр къызэрыхъунум лъабжьэ хуэхъурэ (ы) функциалу хуэкӀуэтэныгъэм (э) теухуа макъхэщ.

Макъ щыӀэгъуэрэ макъыгъуэм зыкъыщигъэлъэгъуэнур ещанэу къэхъунуращи, аращ макъ лӀэужьыгъуэм щыӀэгъуэ лъабжьэр езытыр. Мы ещанэ макъыр оригиным (ы) и кӀуэтэгъуэу утыку къихьэ ″э″м хуэпэзадэу иджрэ теджыкӀ ″и″ращи, ар джырэ джыпӀэщ, езыр ещанэ макъыу макъ щыӀэгъуэм лъабжьэ хъуэхъуращ. Ар утыку къыщихьэкӀэ, макъ щыӀэгъуэр утыку къихьэн лъэбакъуэр чагъэххэщ.

″Макъ Iуэр″ лъабжьэрэ къежьапIэщ ″ы″ макъри, макъ щыщымыIэм япэ дыдэ къэхъуа мы макъыр утыку къыщихьэкIэ, ″макъ мыхьэнэ″ жыхуэпIэн гуэри щыIэнкъым. Щхьэжу ″зы″м зы мыхьэнэ иIэнкъым, ар езыращи апхуэдизщ. Абы иужькIэ зыгуэр къытехъукIынумэ, абыхэм и оригинщ ар зэрыхъунури, ″ы″ макъыр мыпхуэдэщ, игъэзащIэри мыращ. НытIэ, ″ы″м макъ мыхьэнэ зэримыIэмрэ, абы игъэзащIэ къалэныр зытеухуари гурыIуэгъуэщ. Абы къытехъукIрэ абы и кIуэтэгъуэу къэхъу ″э″ри оригиным къытехъукIырщи, ари къызэрыхъуам хуэдэу кIуэтэгъуэ зыгъэзащIэ макъщ. Ари къызэрыхъуам хуэдэ Iуэхугъуэ гурыIуэгъуэ зыщIыфыну зы макъщи, мыр зы кIуэтэгъуэ къалэнщ, функциал кIуэгъуэщ, мыхъумэ зы макъ мыхьэнэкъым.

Оригиныр зи оригиныгъэм и купщIэу зипIэ итыжращи, макъ къэхъугъэр абы къытехъукIын папщIэ зы япэрей лъэбакъуэ хуэныкъуэщ. НытIэ, ″ы″р ″макъ Iуэр″ оригинращи, абы ″макъ Iуэр″ къытехъукIыныгъэр япэрей лъабакъуэу ″э″ращ къыздыщIидзэр. Япэрей лъэбакъуэрэ кIуэтэгъуэращ оригиным япэу къытехъукIрэ ″макъ Iуэр″ къэхъугъэр къыздыщIидзэр. Дэтхэнэ зы щIэ гуэру щыIэ къызэрыхъу щIыкIэу макъ геометрие къэхъуныгъэм и оригинрэ, абы и япэрей лъэбакъуэр утыку къыщихьэкIэ, ар зытеухуарэ абы нэужьу къэхъунур зыIисыр мыгурыIуэгъуэмэ, ар оригину плъытэми, кIуэтэгъуэу плъытэми, ар мыхьэнэуэ лъытапхъэ хъункъым.

Ауэ, ″э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэр макъ къэхъугъэм и ещанэ лъэбакъуэу зы мыхьэнэ зиIэ хъунщ. Мыр ″э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ ″и″ макъращи, абы зы макъ мыхьэнэ иIэщ. КIуэтэгъуэм елъытауэ япэрейуэ джаращ ″и″ри, ар езым иужь джынухэр зыщыджынуарщ, абыхэм я джыпIэращ. Япэрейуэ утыку къихьа гуэру, макъ мыхьэнэ зиIэрщ, ауэ мыхьэнэ къежьапIэу бзэм мы и мыхьэнэмкIэ щызекIуэнкъым. Мы и къэхъукIэкIэ, зэрыщыту зы ″бзэ мыхьэнэ″рэ ″макъ псалъэ″у занщIэу бзэм хэхьэнкъым. Ар бзэм ″макъ мыхьэнэ″уэщ щызэрызекIуэр, ар иужькIэщ ″8″ бжыгъэм ″и″р ″бзэ мыхьэнэ″уэ зы ″макъ псалъэ″у зы бжыгъэцIэ щыхуэхъуари, мыри ″и″ макъ мыхьэнэращ къызтехъукIар.

Япэрейуэ джарэ къыкIэлъыкIуэнухэм я джыпIэ хъу ″и″р япэрей ″макъ мыхьэнэ″щи, абы къыкIэлъыкIуэ макъри мыхьэнэ зиIэрэ бзэми ″бзэ мыхьэнэ″уэ хэлэжьыхьыфынщ. Мыр ″у″ращи, ар ″э″рэ ″и″ зэхуэпэзадэм дищIэращ, ар ″э″рэ ″и″р зыхэзыубыдэу дэтхэнэ зы лъэныкъуэ зыхэлърэ унэтIыныгъэ зиIэ макъщ. ″И″ джыпIэ нэужьу къэхъуарэ зэхуэпэзадэ лъэныкъуитIрэ и зэхуакур зи унэтIыныгъэ ″у″р къызэрыхъуам хуэдэу зы ужьыгъуэщи, сытми и ужьыгъуэщ. ″У″м и макъ мыхьэнэр къызэрыхъуам хуэдэу ужьыгъуэщи, ар ″бзэ мыхьэнэ″уэ зэрыщызекIуэри, мы и ″макъ мыхьэнэ″мрэ, мыбыи бзэ лэжьэкIэм къытехъукI мыхьэнэхэращ.

Мыхэращ (ы, э, и, у) ″макъ Iуэр лъабжьэ″хэри адрей макъхэр мыбыхэм къытохъукIыжыр. Мы я къэхъуныгъэм елъытащ ягъэзащIэрэ я макъ мыхьэнэхэри, мыращ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэри. Мы макъ Iуэр

лъабжьэхэм я мыхьэнэм елъытащ абыхэм я пIытIарэ я лимитацэу утыку къихьэ макъхэм мыхьэнэ зэрагъуэтыфынури гурыIуэгъуэнщ: «Iи, Iу».

Мыхьэнэ зиIэ мы макъ Iуэр лъабжьэхэм икIэм къыпыхьэ макъ IуэркIэрэ бзэ лэжьэкIэм къатехъукIыж макъ Iуэр зэхэжыхьахэми макъ мыхьэнэ зэраIэфынури гурыIуэгъуэнщ: «е (иэ), я». ИкIи, макъ Iуэр лъабжьэ пIытIахэмрэ макъ Iуэр лъабжьэкIэ къежьэ макъ Iуэр зэхэжыхьахэми къатехъукIыж макъхэми ар дыдэу мыхьэнэ зэраIэфынури гурыIуэгъуэнщ: «″Iи-э → Iиэ; Iе (Iиэ)″ → Iе».

Ауэ, мыхьэнэ зимыIэ макъ IуэркIэрэ къежьэу ухуэ макъ Iуэр зэхэжыхьахэми, макъ Iуэр лъабжьэу мыхьэнэ зиIэхэм я эффект макъхэми щхьэж мыхьэнэ яIэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ: «й, е (эй, эйй), о (эу)». Аращи, ″э″ макъым мыхьэнэ зэримыIэм зэрезэгъщи, ″э″кIэ къежьэу утыку къихьэ ″е (эй, эйй), о (эу)″ макъ зэхэжахэми макъ мыхьэнэ зэрамыIэнур гурыIуэгъуэщ. ″Э″м елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьауэ джырэ джыпIэ къизыIуэ ″и″м и эффектщ ″й″ри, мы къызтехъуарэ зыпыщIам и эффект игъэзэщIэн мыхъумэ, ″й″м езым хуэIуауэ щхьэжу зы мыхьэнэи иIэкъым. Мыбыхэм макъ мыхьэнэ зэрамыIэм папщIэщи, бзэ лэжьэкIэм щхьэж макъхэу ″бзэ мыхьэнэ″и щагъуэткъым.

*

Макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ я къалэнхэр я къэхъукIэм зэрелъытарэ зэрытехуами мы илъабжьэкIэ дыхэплъэжынщ.

″Макъ Iуэр″хэр макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэм теухуауэ геометрие IэнатIэрэ мыхьэнэ зиIэ макъхэращ. Ауэ ″макъ мыхьэнэ″ щыжытIэкIэ, нэхъыбэу мыр зытеухуа макъхэр ″макъ щэху″хэращ, ахэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэр мыхьэнэ къэгъэхъунращ. Я къэхъукIэр зэрызэлъытарэ зэрызэпыщIам теухуауэ макъ щэхухэм мыхьэнэ зэраIэм ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Макъ щэху псоми я мыхьэнэхэри зэхуэдэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, макъ гуэрхэм я мыхьэнэр нэхъ куущ е нэхъ лъэщщ е нэхъ гурыIуэгъуафIэщ; ауэ, макъ гуэрхэми я мыхьэнэр нэхъ щхьэфэтелъщ, нэхъ лантIэщ е нэхъ гурыIуэгъуейщ. Къызэрыхъуа щIыкIэм ипкъ иткIэ, занщIэу макъ мыхьэнэ зыгъуэта макъхэри нэхъыбэщи, занщIэу зы мыхьэнэ зымыгъуэтарэ, и мыхьэнэр иужькIэ бэгъуэжа макъ щэхухэри щыIэщ; е зикI макъ мыхьэнэ зимыIэрэ бзэм къызэрыIу щIыкIэкIэ хэлэжьыхь макъ щэхуи щыIэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, адыгэбзэм хэт макъ щэху псоми дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ еплъыкIэм теухуауэ ипэкIи дытепсэлъыхьащ, икIи иужькIи къыпыщэну лэжьыгъэми игъуэ щыхъукIи дытепсэлъыхьынущи, нытIэ, мыбдежым адыгэбзэм хэт макъ щэху псоми тепсэлъыхьын нэхърэ, мыпхуэдэу мыхьэнэ зимыIэ е мыхьэнэ пыухытыкIауэ мылъытапхъэхэу утыку къихьарэ иужькIэ мыхьэнэ зыгъуэтыжа макъхэмрэ, зикI мыхьэнэ зимыIэу бзэм хэлэжьыхь макъхэм дытепсэлъыхьэнщ.

Макъ щэху къежьапIэрэ зи къэхъупIэр пэщхъынэу зи гугъу тщIа ″м″ макъыр макъ Iуэрхэм теухуауэ ″ы″ макъым и къалэным хуэдэ къалэн зиIэ

зы макъыу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Аращи, макъ щэху лIэужьыгъуэ щымыIэу, япэ къэхъуа зы макъ щэхурэ иджыри нэгъуэщI макъ щэху къэмыхъуауэ, икIи макъ геометиер мыухуэ ипэрэ ″ы″м дэщIыгъуу къэIуф ″м″ макъым -″ы″м хуэдэжу- щхьэж и закъуэу макъ мыхьэнэ зэримыIэнур гулъытапхъэщ. Ауэ икIи сыти зэрылъытэф щIыкIэу къэхъуа зы макъыу зэрыщытым ипкъ иткIи, ″м″ макъыр сытри зыхэзыубыдэ мыхьэнэ зиIэ макъыу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Зы макъ щэхур къызэрыхъум щхьэусыгъуэ хуэхъур мыхьэнэ утыку къилъхьэнращи, ″м″ макъыр япэрей макърэ макъ закъуэу утыку къыщихьам деж, абы къыкIэлъыкIуэу къэхъуну макъ псоми и къалэнрэ мыхьэнэр зытеухуарэ зыгъэзащIэ макъыу зэрылъытапхъэм зэрезэгъщи, мыпхуэдэу зы мыхьэнэ закъуэу утыку зэритрэ пыухытыкIа мыхьэнэ зэримыIэри гурыIуэгъуэнщ. Мыращ, къыщыхъуа дыдэрэ нэгъуэщI макъ утыку къыщимыхьам ″м″ макъым пыухытыкIауэ зы мыхьэнэ имыIэу щIэлъытапхъэр. Ауэ икIи, ″м″ макъым иужькIэ макъхэр къэхъуу щыщIидзэрэ бзэр зэрыухуэми дэщIыгъуу игъуэта макъ мыхьэнэхэм нэмыщI, ар бзэм мы къызэрыхъуа щIыкIэм теухуа и мыхьэнэкIэри зэрыхэлэжьыхьри гулъытапхъэщ.

И къэхъукIэр макъ щэхухэм ипэ къихуэрэ, псэущхьэм зыгуэрыр гурыIуэгъуэ къызэрыхуэхъуам теухуауэ къыригъэкI ″м″ макъыр дэтхэнэ зы макърэ псалъэм икIэм къыщыпыхьэм деж, а макърэ псалъэр зэрыщыту гурыIуэгъуэ щIын къалэнщ гъэзащIэри, мы и къалэныр ар къыщыхъуа дыдэрэ иджыри макъ мыхьэнэ зыщимыIэм теухуауэ ″м″ макъым бзэм хигъэзэщIыхь къалэнращ. Ар кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэм дэтхэнэ зы мыхьэнэ химылъхьэу, а макърэ псалъэр зэрыщыту гурыIуэгъуэ зэрыхъуар утыку къизылъхьэ макъращи, ар дыдэу, дэтхэнэ зы макърэ псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэкIи, зы мыхьэнэ химылъхьэу а макърэ псалъэр утыку къызэрихьэр гурыIуэгъуэ зыщI макъращ.

Япэ къэхъуа макъ щэхуу, къызэрыхъуа дыдэм теухуауэ бзэм мыхьэнэ зэримыIэкIэрэ хигъэзэщIыхь къалэныр мыпхуэдэщи, езым къыкIэлъыкIуэрэ мыхьэнэ утыку къилъхьэн папщIэ къэхъу макъ щэхухэр мыхьэнэпIэм щихуэрэ щыбагъуэкIэ, ″м″ макъми ″макъ мыхьэнэ″ пыухытыкIа зыхузегъэпэщыжыр. Аращи, ″м″ макъыр бзэм ″макъ мыхьэнэ″ пыухытыкIа зимыIэрэ зиIэу лэжьэкIэ лIэужьыгъуэ лъэныкъуитIри зезыхьэ зы макъыу хэлэжьыхьу хэтщ.

″М″ым къыкIэлъыкIуэу етIуанэ макъ щэхуу, зи къэхъупIэри ″м″ым хуэдэу зы пэщхъынэ макъыу утыку къихьа ″н″ макъри ″м″ым хуэдэу, макъ мыхьэнэ пыухытыкIа зимыIэрэ зиIэу бзэм лъэныкъуитIкIэ хэлэжьыхьу хэтщ. ″Н″ыр ″м″ым къыкIэлъыкIуэу къызэрыхъуам ипкъ иткIэ, гурыIуэгъуэ хъуам теухуауэ щIапхъэр зэрыгъэпс е зэрыгъэхьэзырыр и къэхъукIэм зэрезэгъкIэрэ ″н″ макъращ къалэн зыхуэхъури, ар мыпхуэдэ къалэнкIэрэ бзэм холэжьыхьыр. КIэух зыхуэхъу макърэ псалъэм дэтхэнэ зы мыхьэнэ химылъхьэу, ″н″ макъым а макърэ псалъэр зэрылэжьэну

щӀыкӀэкӀэ егъэпсыр. Мыр зы псалъэр инфинитив формэм зэрихьэращи, ар зы глаголу лэжьэкӀэу хъуам теухуауэ зэрыухуэращ. КӀэух зэрыхъум хуэдэу, макъ мыхьэнэ химылъхьэу дэтхэнэ зы макърэ псалъэм ищхьэм къыпыхьэ "н" макъым а макърэ псалъэм и мыхьэнэр къызэрежьэрэ зэрыухуэр утыку къырелъхьэр. Мы игъэзащӀэ къалэнхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэм елъытарэ теухуащ, ауэ "н"ыри "м"ым хуэдэжу, иужькӀэ мыхьэнэ пыухытыкӀа зыгъуэта макъщи, бзэм зэрыхэлэжьыхьыр къызэрыхъуа щӀыкӀэм езэгъ къалэнрэ иужькӀэ игъуэта и мыхьэнэкӀэрэщ.

Аращи, "м" макъым иужькӀэ макъ мыхьэнэ зыхузэригъэпэщым хуэдэжу, "н" макъми мы зи гугъу тщӀарэ къызэрыхъу дыдэм теухуауэ макъ мыхьэнэ имыӀэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщӀ, макъ мыхьэнэ иӀэрэ, абыи занщӀэу бзэ мыхьэнэ къытехъукӀыжу лэжьэкӀэи егъуэтыр. Мы макъ мыхьэнэхэри къежьапӀэрэ къэхъуныгъэм теухуа лэжьэкӀэхэр утыку къизылъхьэращ.

КъэхъукӀэкӀэ "м"ымрэ "н"ым я зэхуаку дэлъ мы зэпыщӀэныгъэр макъ Ӏуэру "ы"мрэ "э"м я зэхуаку дэлъ зэпыщӀэныгъэм зэрещхьрэ зэрезэгъым ипэкӀи и гугъу тщӀащ. Япэ къэхъуа макъитӀым занщӀэу макъ мыхьэнэ зэрамыӀэнури къыхэдгъэщагъащи, макъ мыхьэнэм зыкъыщигъэлъэгъуэнур ещанэу утыку къихьэ макърауэ зэрыщытыр макъ Ӏуэрхэм теухуауи жытӀагъэххэщ. НытӀэ, "м" нэужьу къэхъу "н"ым къыкӀэлъыкӀуэу къыхэдгъэщарэ, зи къэхъупӀэр къурмакъейуэ щыт "хь" макъыр макъ мыхьэнэ къэхъуныгъэм къежьапӀэ хуэхъу макъыу лъытапхъэщ. Арагъэнщи, "хь" макъыр занщӀэу "хьын" ӀуэхугъуэкӀэ бзэм хэлэжьыхь макъщ, икӀи гугъуехь макъыу гугъуехьыгъуэр къызтехуарэ "хь" макъри къыхэзыгъэӀукӀ езы псэущхьэр "зыхьрэ гугъу ехь" хуэдэ мыхьэнэкӀэ зызэрилъытэжри (хьэ) "хь" макъкӀэрэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщ, ауэ мыхьэнэ къэзыгъэщӀыну макъ щэхухэм щыщу псэущхьэм къызхигъэӀукӀ мы макъ щэхумкӀэ псэущхьэм езым зызэрилъытэжарагъэнщ нэхъ гулъытэ зыхуэщӀын хуейр. Япэрейуэ лъытапхъэ макъ мыхьэнэр зытеухуа мы макъыр къызхэӀукӀрэ псэлъэбзэ зыхуэухуэ псэущхьэм езымрэ (хьэ) Ӏуэхуу зэрихуэхэр (хьын) зэрилъытэ макъ мыхьэнэращ. Мыр зи къежьапӀэ хъу "хь" макъымрэ "хьэ"р адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр гъуэгуанэ кӀыхьрэ зэхъуэкӀыныгъэшхуэ зэрызыхэлъри япэрей лэжьыгъэхэми къыхощыр.

Мыхэр (м, н; хь) натуралу къэхъуа макъхэу зэрыщытщи, псэлъэбзэр зэрыухуэ макъхэм я нэхъыбэр мыбыхэм къакӀэлъыкӀуэу жьэ кӀуэцӀрэ бзэгулъэр къэхъупӀэ зыхуэхъуу утыку къихьэ макъхэращ. Абыхэми къежьапӀэ хуэхъур тэмакъращи, тэмакъым къыщыхъу макъыу, макъ къэхъуныгъэр жьэ кӀуэцӀымкӀэ унэтӀын бжэр зэӀузых "къ" макъым и къэхъукӀэри зы къежьапӀэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщщ.

НытӀэ, натуралу къэхъуауэ зи гугъу тщӀы "м, н, хь" макъхэри жьэ кӀуэцӀым макъ къэхъуныгъэ технологиекӀэ къэӀужущ бзэм зэрыхэхьэжахэри, псэлъэбзэм и макъхэм я къэхъупӀэ гъуэгур зэӀузых "къ" макъым къежьапӀэ къалэныр хуэфащэщ. "Къ" макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь

щӀыкӀэри ищхьэ къызпыхьэ макърэ псалъэ мыхьэнэхэм я къежьапӀэр къыриӀуэу, кӀэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэхэри кӀуэдыпӀэм игъакӀуэущ. Мы игъэзащӀэ къалэнхэр ″м, н″ макъхэм я къэхъукӀэм елъытарэ зэрытеухуакӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэм хуэдэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мы игъэзащӀэ къалэнкӀэрэ ″къ″ыми макъ мыхьэнэ имыӀэ хуэдэуи лъытапхъэщ. Ауэ, мы игъэзащӀэу зи гугъу тщӀа къалэнкӀэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, абы зы ″макъ мыхьэнэ″ иӀэмэ, ар мыращ; ″къ″ макъыр бзэм мы и ″макъ мыхьэнэ″мкӀэщ сытым дежи зэрыхэлэжьыхьыр. Ауэ икӀи абы мы и мыхьэнэкӀэрэ ″макъ псалъэ″и къызэрытемыхъукӀри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбдежым макъ мыхьэнэ зиӀэрэ зимыӀэу зи гугъу тщӀа макъхэм нэмыщӀ, дэтхэнэ зы макъым емылъытарэ пыщӀэныгъэ зимыӀэу, щхьэж езым и къэхъукӀэрэ къэӀуыкӀэ зиӀэжу адыгэбзэм хэт макъ закъуэу ″р″ макъми и гугъу зэрыщӀыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Ар езым ипэ къэхъуа зы макъым и къэхъукӀэм елъытарэ пыщӀауэ щыткъым, икӀи езым и къэхъукӀэми нэгъуэщӀ макъ къытехъукӀкъым. Мыпхуэдэу зэрыщытрэ пхъашэу къэӀуыкӀэ зэриӀэкӀэрэщ ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэри, абы зы макъ мыхьэнэ иӀэу зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. И къэӀукӀэм зэрезэгъщи, кӀэух зыхуэхъу макърэ псалъэр текъузауэ зэхэхыпхъэ ищӀыу импозэ къытхуещӀыр ″р″ макъми, зи кӀэух макърэ псалъэр хэхауэ къыдгуригъэӀуэн къалэн егъэзащӀэр. Адыгэбзэм хигъэзэщӀыхь къалэныр мыращи, ар щхьэжу бзэм хэмылэжьыхьрэ макъ псалъэ къызтемыхъукӀы макъщ, икӀи ар псэлъащхьэи мыхъу макъщ.

## ″Макъ щэху″хэм къатехъукӀ ″макъ зэгуэт″хэр

Зы макъыбзэр макъкӀэ зэрылажьэм папщӀэ, макъхэр куэд ищӀын лъэныкъуэкӀэ унэтӀыгъэ зиӀэну зы бзэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщи, хуиту къэӀуыкӀэ зиӀэ макъ гуэрхэм макъ пӀытӀахэр къатехъукӀыу, макъ гуэрхэм я ужьыгъуэу ″у″ къапыхьэжу, макъ Ӏуэр гуэрхэр зэгухьэрэ зэхэжыхьу, бзэ лэжьэкӀэми макъ Ӏуэр зэхэжыхьа къигъэщӀыу макъыщӀэхэр утыку къызэрихьэм ипщэкӀэ и гугъу тщӀащ. Макъ Ӏуэрхэр зэрызэгухьэрэ макъ Ӏуэр зэхэжыхьахэр къазэрытехъукӀым хуэдэу, ″макъ щэху″ гуэрхэри зэгухьэрэ зэхэжыхьу къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ щхьэж макъ къалэн зыгъэзащӀэ макъыщӀэ пэлъытэхэу макъ щэху зэгуэтрэ зэхэжыхьахэри утыку къохьэр. Япэрей лэжьыгъэхэми и гугъу тщӀа мы макъ щэху зэхэжыхьахэр дигу къэдгъэкӀыжынщи, псэлъитӀ-щы тежытӀыхьыжынщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм къэбэрдеибзэм хэт макъ щэху зэхэжыхьахэр макъитӀым теухуауэщ таблицэм къыщыдгъэлъэгъуауэ щытари, макъищ зэгуэтхэри яхэтыжу щхьэж макъ къалэн зыгъэзащӀэу лъытапхъэхэри илъабжьэкӀэ къэтыжащ.

ЯпэкӀэ къэдгъэлъэгъуа макъ зэгуэтитӀхэр нэхъыбэ зэрыхъуфынум и гугъуи тӀщауэ щытащ, ауэ псалъэхэм хэту зэгухьа дэтхэнэ макъитӀ-щыр

щхьэж макъ къалэн зыгъэзащӀэу зэрымылъытапхъэри жытӀагъащ. Ауэ псалъэ гуэрхэм ″ы″ншэу зэкӀэлъхьэужьу хэт дэтхэнэ макъ зэгуэтыр щхьэж макъ къалэн зыгъэзащӀэрэ зымыгъэзащӀэ макъ зэгухьэу зэрыщытыр зэхэгъэкӀыныр сытым дежи Ӏуэгъугъуэ тыншкъым. Мыпхуэдэ зы макъ зэгуэтыр зы псалъэм зэрыхэтыр щхьэж макъ къалэн имыгъэзащӀэу, нэгъуэщӀ зы псалъэми щхьэж макъ къалэн игъэзащӀэу хэту гурыӀуэгъуэ къыпхуохъуфыр. Мыбы и зы щапхъэщ ″илъхьэн, щӀэлъхьэн″ хуэдэ псалъэхэм хэт ″лъхь″ыр макъ зэгуэту зэрымылъытапхъэм хуэдэжу, ″ипщхьэн, щӀэпщхьэн″ псалъэхэми хэт ″пщхь″ыр щхьэж макъ къалэн зымыгъэзащӀэ макъыу зэрылъытапхъэр. Ауэ ″**пщхь**″ макъ зэгуэтыр ″къупщхьэ″ псалъэм зэрыхэт щӀыкӀэр щхьэж макъ къалэн зымыгъэзащӀэ макъ зэгуэту плъытэныр гугъущ.

Бзэм и лэжьэкӀэр зэпычыгъуэ зимыӀэ ужьыгъуэщи, бзэ лэжьэкӀэ лӀэужьыгъуэ псори мыпхуэдэкӀэрэщ къызэрыхъур. Мы псалъэм зэрезэгъкӀэрэ щапхъэу къэтхьами гулъытэ къызэрытхуищӀщи, щхьэж макъ къалэн зыгъэзащӀэ макъ зэгуэт къэхъуныгъэр бзэм и зы лэжьэкӀэрэ макъ гъэбэгъуэныгъэм и зы щӀыкӀэ хъуа нэужь, мыр зэрилъабжьэкӀэрэ бзэм и иужьрей лэжьэкӀэхэм щхьэж макъ къалэн зыгъэзащӀэ макъ зэгуэтыщӀэ гуэрхэмкӀэ псалъэхэр утыку къызэрихьэм ухозэр.

Япэрей лэжьыгъэхэм и гугъу тщӀарэ, илъабжьэкӀэ макъитӀ-щы зэгуэту къэдгъэлъэгъуа гуэрхэр зы псалъэ закъуэм хэплъагъуэми, ахэр макъ зэгуэт къэгъэхъуныгъэкӀэ макъхэр игъэбэгъуэн лэжьэкӀэр лабжьэ зыхуэхъуа бзэм иужьрей и лэжьэкӀэхэм щхьэж макъ къалэн зыгъэзащӀэ макъ зэгуэтхэу къызэригъэщӀари гулъытапхъэщ.

ТӀанэ, макъищ зэгуэтхэр макъитӀ зэгуэт къэхъуныгъэм къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа макъ зэгуэт къэхъуныгъэщи, ахэр макъитӀ зэгуэтым зы макъ къызэрыпыхьэкӀэрэ утыку къихьахэуи (пп: пс-кӀ → ″пскӀ″; пщ-кӀу → ″пщкӀу″), зы макъ зэгуэтым ищхьэм къыпыхьэ макъкӀэрэ къэхъуауи лъытапхъэщ (″т-хъу″ е ″тхъ-у″ → тхъу; ″т-ху″ е ″тх-у″ → тху). Макъищ зэгуэтхэм и нэхъыбзэри макъитӀ зэгуэтым зы макъ къызэрыпыхьэжкӀэрэу утыку къызэрихьэри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэрщи, макъитӀ зэгуэтым икӀэм зы макъ къызэрыпыхьэрэ е макъитӀ зэгуэтым ищхьэм зы макъ къыпыхьэкӀэрэ макъищ зэгуэтхэр утыку къызэрихьэфынури гурыӀуэгъуэщ; икӀи, бзэм мыпхуэдэ къэхъукӀитӀкӀи зэрыхэлэжьыхьыфынур гурыӀуэгъуэщи, дэтхэнэ зыр къызэрыхъурэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр зэхэхун хуейщ.

″Т″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**тхъ, тхъу, тх, тху, тхьэ**». ″ТӀ″ макъым къыпыхьэу утыку къихьэ макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**ткӀ, ткӀу**». Зэрытхыр ″т″ыуэми, мы макъ зэгуэтхэм ар къызэрыхэӀукӀыр ″тӀ″ыуэ зэрыщытыр япэрей лэжьыгъэхэм щыжытӀагъэххэщ.

″Щ″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**щт, щхъ, щхъу, щхьэ**». Мыбыхэм яхэмыхьами, ″гъэнысщкӀун″ псалъэм хэт ″**щкӀу**″

макъри макъ щэху зэгуэтитӀу лъытапхъэщ. Сыт хуэдизу макъ пӀытӀам ипэ къихуэ макъри пӀытӀауэ къэӀуу щытми, мыбдежым макъ пӀытӀа "кӀу"р къызкӀэлъыкӀэ "щ" макъыр зэрыщыту къэӀуущ "щкӀу" макъ зэгуэтыр зыхэт псалъэм зэрыхэтыр; "щкӀу" макъ зэгуэтыр зыхэт псалъэм "щ"ыр мыпӀытӀарэ зэрыщыту къызэрыхэӀукӀыр гулъытапхъэщи, мыбы макъ мыхьэнэкӀэ гурыӀуэгъуэ ищӀыр гурыӀуэгъуейкъым.

"Ш" макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**шх, шху**". Мыбыхэм нэмыщӀ, "шкӀумпӀ, шкӀуркӀым" псалъэхэм хэт "**шкӀу**" макъ зэгуэтри "ш" макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэту лъытапхъэщ.

"Лъ" макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтыр "**лъху**"рауэ жытӀэгъащ, ауэ "малъхьэ" псалъэм хэт "**лъхъ**" макъ зэгуэтри щхьэж зы макъ къалэн зыгъэзащӀэ макъ щэху зэгуэтрэ зэхэжауэ лъытапхъэщ.

"П" макъыр ипэ къихуэу макъ щэху зэгуэтитӀу утыку къихьэхэр мыхэращ: «**пс, пщ, пш, пхъ, пхъу, пх, плъ**». Ауэ япэрей лэжьыгъэхэм къыпытщэжу макъ щэхуу щы зыхэтхэми и гугъу тщӀауэ щытащи, ахэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ: «**пск-псч, псdefinitelyкӀ, пщт**». Мыхэр зыхэт псалъэхэри щапхъэу къэтхьынщ: «пкэн-псчэн; гъэпскӀын, щӀэупскӀэн; къэпщтын, пщтыр». Мыбыхэм нэмыщӀ, "п" макъымкӀэ къежьэрэ макъ щэхуищ зэгуэту лъытапхъэ нэгъуэщӀхэри щыӀэнщ: «**пст**». Мы макъхэр зыхэт псалъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «иджыпсту».

"ПӀ" макъым къыпыхьэ макъхэмкӀэ утыку къихьэ макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**пщӀ, пкӀ, пкъ, плӀ**». Япэрей макъыр зэрытхар "п"ыуэ щытми, къыкӀэлъыкӀуэр макъ пӀытӀауэ зэрыщытым папщӀэ, ар "пӀ"ыуэ къызэрыӀур япэрей лэжьыгъэхэми щыжытӀагъащ. "ПӀ" макъыр ипэ къихуэрэ "гъэпщкӀун" псалъэм зэгухьауэ хэт "пӀ-щӀ-кӀу" макъищри макъ зэгуэтрэ зэхэжыхьауэ лъытапхъэщ: «**пщкӀу**».

"Б" макъымкӀэ къежьэу утыку къихьэ макъ зэгуэтхэри мыхэращ: «**бз, бдз, бгъ, бгъу, бг, бж, бжь, бл**».

"Ф" макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтри мыращ: «**фт**».

Мы къэдгъэлъэгъуа макъ щэху зэгуэтхэм щыщрэ макъ щэхуитӀ зэгуэтхэм япэрей макъыр Ӏупэ лъэныкъуэр зи къэхъупӀэу, абы къыкӀэлъыкӀуэ макъыр тэмакърэ къурмакъей лъэныкъуэр зи къэхъупӀэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ макъищ зэгуэтхэм хэт ещэнэрей макъыр Ӏупэ лъэныкъуэри, къурмакъей лъэныкъуэри къэхъупӀэ зыхуэхъуф макъщ. Макъ зэгуэтитӀхэм фонетикэу я къэӀукӀэрэ я къэхъукӀэм теухуа мы псалъэм химыубыдэ къэхъуыкӀэ зиӀэу утыку къихьэ макъ щэху зэгуэт закъуэр "**щт**"ыращи, мыбы и щхьэусыгъуэри мы макъ щэху зэгухьэм и мыхьэнэм теухуагъэнщ.

## Адыгэбзэ макъхэр утыку къызэрихьа зэкlэлъхьэужьыкlэм хэплъэжыгъуэ

Макъхэр къызэрыхъур, гуп гупу зэрызэхэтыр, гупхэр зэрызэкlэлъхьэужьыкlэу зэрылъытапхъэр, гупыр къызтехъукlа макъыр, гупым хиубыдэ макъхэм я зэкlэлъхьужьыкlэр мы ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыу лъытапхъэщ. Ауэ, икlи макъ lуэрхэмрэ макъ щэхухэр зэхэгъэкlауэщ макъ къэхъуныгъэу ипэкlэ и гугъу зэрытщlари, макъ щэхухэмрэ макъ lуэрхэри зэрызыхиубыдэкlэрэ макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэми еплъын зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуам щыгъуэмрэ, къызкlэлъыкlуэрэ къыкlэлъыкlуэ макъыр зэрылъытэкlэрэ макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэм нэхъ гъунэгъуу еплъын хуейщи, илъабжьэкlэ мыпхуэдэ консидерацэи къедгъэкlуэкlынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, макъ къэхъуныгъэр япэу къыздыщежьар пэщхъынэ кlуэцlрауэ жыlэпхъэщи, пэщхъынэ макъ нэхъыщхьэу утыку къихьари ″м″ макърауэ лъытапхъэщ. Иужькlэ жьэ кlуэцlрэ бзэгур макъ къэхъупlэ нэхъыщхьэ хъуами, япэрей макъыр къыздыщыхъуарэ макъ къэхъуныгъэр къыздыщlидзар жьэ lуэху зыхэмылъу утыку къихьа ″м″ыр къыздыщыхъуа пэщхъынэращ. Ар псэлъэбзэм и зы макъыу зэрыхэхьари макъ къэхъуныгъэ ухыпlэу лъытапхъэ lупэм къыщыlуущи, макъ къэхъуныгъэ къежьапlэмрэ макъ къэхъуныгъэ ухыпlэри зэпызыщlэу зы макъщ.

Пэщхьынэ нэужьым макъ къэхъуныгъэр къурмакъейрауэ жыlэпхъэщи, абдежыр макъ къэхъупlэ зэрыхъукlэрэ утыку къихьа япэрей макъыр ″хь″ макърауэ лъытапхъэщ; абы къыкlэлъыкlуэрэ макъ къэхъуныгъэр ипщэкlэ дэкlыну хущlэкъуныгъэ къалэнри зыгъэзащlэу утыку къихьа макъри ″хьl″ макъращ. Къурмакъейр зи къэхъупlэу утыку къихьа мы макъхэм къатехъукlыжа зы макъщ ″һ″ыри, ар мы макъхэм куэдыlукlэ иужькlэщ къыщыхъуар, икlи абы и къэlукlэри къурмакъей нэхърэ жьэ кlуэцl lуэгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщlа макъхэр макъ щэхуу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ахэр къэlун папщlэ зы макъзешэ зыхуэныкъуэ макъдэкlуашэхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ахэр зы макъыу утыку къихьэн папщlэ зыхуэныкъуэ макъзешэри япэрей макъым дэщlыгъуу утыку къихьэн хуейуэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, япэ къэхъуауэ зи гугъу тщlа ″м″ макъыр утыку къихьэн папщlэ, зы макъзешэ зыхуэныкъуэрщи, а макъзешэри и къэlукlэкlэ а нэхъ лъабжьэрэ къару мащlэ зытекlуэдэн хуей макъыу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы жытlахэм зэрезэгъкlэрэ, япэу къэхъуа ″м″ макъыр ″ы″ макъзешэкlэрэ утыку къызэрихьарэ къызэрыlуар гурыlуэгъуэщ. Япэ къэхъуа ″макъ щэху″у щыт ″м″ макъым дэщlыгъуущ ″ы″ макъыр утыку къызэрихьари, ″ы″р ″м″ макъым дэщlыгъуу къэlуу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зы макъзешэ щlыкlэу утыку къихьа ″ы″

макъыр мыбдежым щхьэжу къэIуу зэрыщымытыр гулъытапхъэщи, ар щхьэж къэIуыкIэ зиIэ зы ″макъ Iуэр″у утыку къызэрихьари ″м″ нэужь къэхъуныгъэ зиIэу зи гугъу тщIа ″хь″ым къыкIэлъыкIуэ ″хьI″ макъ нэужьу жыIэпхъэщ. Аращи, къурмакъейм къыщыхъу ″хь″ макъым иужь къурмакъейр зи къэхъупIэу утыку къихьарэ тэмакъ лъэныкъуэри зэрыхигъэзыхькIэрэ къэIуыкIэ зыгъуэта ″хьI″ макъыр икIи ″ы″ макъ Iуэрми щхьэж къэIуыкIэ зэригъуэтам щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ лъытапхъэщ. НытIэ, ″м″ макъыр къэзыгъэIу макъзешэу ″м″ макъым дэщIыгъуу утыку къихьа ″ы″ макъыр щхьэж къэIуыкIэ зэригъуэтарэ зы макъ Iуэру утыку къызэрихьар мыпхуэдэщ. Мыпхуэдэщ ″ы″ макъыр щхьэжу зы макъыу утыку къызэрихьари, къурмакъейм къыщыхъу ″хьI″ макъыр зы лъэныкъуэкIэ тэмакъыр макъ къэхъупIэ хъуну щыхущIэкъум, адрей лъэныкъуэкIи хуиту къэIуыкIэ зиIэ макъ къэхъуныгъэ лъэныкъуэмкIэ хущIэкъуущ ″ы″ макъыр утыку къызэрихьар. Аращи, япэрей макъыу щыт ″м″ макъым дэщIыгъуу утыку къихьауэ зи гугъу тщIы ″ы″ макъыр щхьэжу зы макъыу ″хьI″ым къыкIэлъыкIуэущ утыку къыщихьар; мы утыку къыщихьам нэгъунэм игъэзэщIа къалэныр мыбы нэгъунэ къэхъуа макъхэр утыку къихьэнкIэрэ макъзешэ къалэн язэрыхуигъэзащIэущ ″ы″ макъыр зэрызэхэпхри, а макъхэм къыхэIукI ″ы″ макъым щхьэжу къэIуыкIэ щигъуэтарэ зы ″макъ Iуэр″ыпIэм щиувар мыбдежращ.

Мыпхуэдэу хуиту къэIуыкIэ зэриIэкIэрэ щхьэж зы макъыу утыку къихьа ″ы″ макъ Iуэрыр икIи щхьэж къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьэ ″макъ Iуэр″ къэхъуныгъэми лъабжьэ зэрыхуэхъуар гурыIуэгъуэщ. Щхьэж къэIуыкIэ иIэу утыку къихьа ″ы″ макъым къыкIэлъыкIуэу щхьэж къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьа япэрей макъри зэрыгуэрыIуэгъуэу ″э″ макъращ. ″Э″ макъыр щхьэж къэIукIэкIэ утыку къихьа нэужьи, ар къызэрыIу щIыкIэм елъытауэ жьэр нэхъ зэIухауэ къэIуыкIэ зиIэ ″а″ макъыр къыкIэлъыкIуэу щхьэж зы макъыу утыку къихьауэ лъытапхъэщ.

Мы жытIахэм къызэрыхэщщи, ″э″ макъыр ″ы″м къытехъукIащ, икIи ″а″ макъри ″э″ макъым и зы щIыкIэу утыку къихьа макъщи, ″а″р ″э″м и лъэщыгъэ къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьа зы макъыу зэрыщыткIэрэ ″э″м и зы варианту лъытапхъэщ. Ауэ, макъ къэхъукIэкIэ ″э″м къыкIэлъыкIуэу, ″э″м и къэхъукIэрэ къэIуыкIэм елъытауэ утыку къихьа щхьэж макъ IуэрыщIэр ″и″ макърауэ лъытапхъэщ. Аращи, ″э″ нэужь макърэ зи къэхъукIэкIэ ″э″м и къэхъукIэм елъыта зы къэхъукIэщIэ зиIэу утыку къихьащ ″и″ макъри, ″а″р ″э″м и къэхъукIэ лъагъуэм тету утыку къихьа щхьэ, ″и″р ″э″м и къэхъукIэ лъагъуэм темытрэ ″э″м и къэхъукIэм щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэу утыку къихьа зы макъщ. Мы и къэхъукIэм ипкъ иткIи, макъ къэхъуныгъэу ″и″р ″э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа зы макъыщIэрщ. Макъ Iуэр къэхъуныгъэм зызэриужь мы лъагъуэм ″э″мрэ абы къыкIэлъыкIуэу къэхъуа ″и″м я къэхъукIитIри зыхэзыубыдэу лъытапхъэу ″и″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа макъ Iуэрри ″у″ макъращ.

Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъщи, ″макъ Iуэр″ лъабжьэу щыт ″ы″ макъыр япэрауэ щхьэж къэIуыкIэ иIэу утыку къызэримыхьарэ япэрей макъыу щыт ″м″ым дэщIыгъуу зы макъзешэ къалэнкIэрэ утыку къызэрихьар гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ″м″ым дэщIыгъуу япэрей макъыу утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэщ ″ы″ макъри, абы щхьэж къэIуыкIэ игъуэтарэ ″макъ Iуэр″ыпIэм иува нэужьщ ар ″макъ Iуэр″ къэхъуныгъэ лъабжьэ щыхъуар. Аращи, ″ы″р утыку къыщихьар щхьэж къэIуыкIэ зиIэ зы ″макъ Iуэр″у щымытми, ар лъабжьэ зыхуэхъуарэ абы нэужь къэхъуа ″макъ Iуэр″хэм я къэхъуныгъэр щхьэж къэIуыкIэ зэраIэкIэрэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, ″м″ым дэщIыгъуу утыку къихьа ″ы″ макъыр жьэр зэтемыхми къэIуыкIэ зиIэ макъ Iуэру зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ″м″ыр къэIункIэрэ щхьэпэ хуэхъуу макъзешэ къалэнкIэрэ утыку къихьагъэххэ ″ы″ макъым щхьэж къэIуыкIэ зэригъуэтар ″хьI″ нэужьращи, ″ы″м мы и къэIукIэм къыкIэлъыкIуэрэ жьэр мащIэу зэрызэтехкIэрэ ″ы″м и къэIукIэм къытехъукIыж ″э″р икIи мыпхуэдэ щIыкIэкIэ щхьэж къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьа макъ Iуэрырщ. ″ЫI″м щхьэж къэIуыкIэ зэригъуэтрэ зы ″макъ Iуэр″у зыкъыщигъэлъэгъуа нэужьращ абы ″э″р къыщытехъукIари, ″э″р утыку къызэрихьа щIыкIэр зы ″макъ Iуэр″ущ. Ауэ зэрыгурыIуэгъуэу и къэIуыкIэм зэрезэгъкIэрэ абыи ″ы″м хуэдэу макъзешэ къалэн зэригъэзащIэр. ИкIи я къэхъукIэкIэ мы зэрызэлъыта щIыкIэм езэгъыущ ″ы″мрэ ″э″р зэрызэпэгъунэгъури, ягъэзащIэ къалэнри мы зэрызэлъыта щIыкIэм езэгъ Iуэгъуэщ. ″ЫI″м къыкIэлъыкIуэ япэрей лъэбакъуэу утыку къихьа ″э″р макъ Iуэр лъабжьэрэ оригину щыт ″ы″м макъ Iуэр къызэрытехъукI япэрей лъэбакъуэу, абы и кIуэтэгъуэрщ. Мы кIуэтэгъуэ къалэн зыгъэзащIэ ″э″м къыкIэлъыкIуэрэ абы елъытауэ зы къэхъукIэщIэ зиIэу утыку къихьар ″и″ макъращи, абы игъэзащIэ къалэнрэ и мыхьэнэри ″э″м мы зэрелъыта щIыкIэкIэ утыку къызэрихьам теухуащ.

Къурмакъей макъыу щыт ″хьI″ым и къэIукIэм къытехъукIауэ зэрылъытапхъэр жытIагъащ ″ы″ макъри, абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ ″э″ри ″ы″м и къэхъукIэм къыпыщэж лъэбакъуэрщ. Ауэ, ″э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа ″и″р икIи макъ къэхъуныгъэр къурмакъеймкIэ дэкIыну зиунэтI зы макъыу зэрыщытри гулъытапхъэщи, и гугъу зэрытщIауэ ″хьI″ макъыр къурмакъеймкIэ зэрыхущIэкъум ″и″ри дэIэпыкъуэгъу хуэхъужу лъытапхъэщ. Аращи, ″хьI″ыр занщIэу къурмакъейр зэрыхигъэзыхьым и пхэндж къэхъукIэкIэ утыку къихьа ″ы″м и кIуэтэгъуэ ″э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа ″и″ макъри ″хьI″ым къурмакъейр зэрыхигъэзыхь Iуэхугъуэм аргуэру дэIуэпыкъуэгъу хуэхъуж зы макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. И къэхъукIэрэ къэIукIэкIэ ″э″м хуэпэзадэ щIыкIэ иIэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″и″ри, абы мы и къэхъукIэм тэмакъыр ″хьI″ым хуэдэ щIыкIэу хигъэзыхьу жыIэпхъэщ.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″и″ макъри тэмакъыр макъ къэхъупIэм хузэIухыным щхьэпэ хуэхъуауэ щыта макъхэм щыщу

лъытапхъэщ. Къыздыщыхъуарэ къызэрыхъуа щӀыкӀэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ "и" макъми, макъ къэхъуныгъэр жьэ кӀуэцӀымкӀэ зэрыунэтӀрэ бзэгур макъ къэхъупӀэ хъуа нэужь, абы и къэӀукӀэр ар нобэ къызэритӀу щӀыкӀэу тынш зэрыхъужари гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, бзэгур макъ къэхъупӀэ мыхъу ипэ къэхъуа дэтхэнэ зы макъым и къэӀукӀэр бзэгур макъ къэхъупӀэ хъуа нэужь нэхъ нытш зэрыхъужам хуэдэу, "и" макъым и къэӀукӀэри нобэ ар къызэритӀу щӀыкӀэм техьэжауэ лъытапхъэщ.

"ХьӀ"ымрэ икӀи мы и гугъу зэрытщӀакӀэрэ "и"м зэхуэмыдэ лъэныкъуэкӀэрэ зэдащӀэ ӀуэхугъуэкӀэрэ тэмакъыр макъ къэхъупӀэ хъуным хузэӀухауэ лъытапхъэщи, мыбдежыр макъ къэхъупӀэ хъуа нэужь, макъ къэхъуныгъэр жьэ кӀуэцӀымкӀэ нэхъ хуиту зэрыунэтӀынури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, тэмакъыр макъ къэхъуныгъэр нэхъ хиутыпӀэу жьэ кӀуэцӀымкӀэ зэрыунэтӀынум лъабжьэ хуэхъуращи, тэмакъ псалъэм и мыхьэнэри макъ платформэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Макъ платформэу лъытапхъэ тэмакъым къыщыхъу макъри, "къ"ыращи, абдежыр макъ къэхъуныгъэм зэӀузыхарэ макъ къэхъуныгъэр жьэ кӀуэцӀымкӀэ зэрыунэтӀынум лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар "къ" макъращ. Мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъщи, макъ къэхъуныгъэм тэмакъыр зэӀузых зы макъщ "къ" макъри, ари макъ къэхъуныгъэкӀэрэ зы къежьапӀэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, "и" макъыр тэмакъыр макъ къэхъупӀэ мыхъу ипэ къэхъуа зы макъыу лъытапхъэщи, ар "къ"ым ипэ къэхъуа макъ Ӏуэрырщ. Ауэ, макъ Ӏуэр къэхъуныгъэкӀэ "и"м къыкӀэлъыкӀэу утыку къихьарэ иужьрей "макъ Ӏуэр лъабжьэ"у щыт "у" макъыр тэмакъыр макъ къэхъупӀэ зэрыхъуа "къ" макъым иужь къэхъуа зы макъ Ӏуэру зэрыщытри жыӀэпхъэщ. ИкӀи зэрыгурыӀуэгъуэу, зы макъ Ӏуэру щыт "у" макъым и къэхъукӀэр макъ Ӏуэр къэхъуныгъэ лъагъуэращ зытетынури, мы лъагъуэм тету макъ Ӏуэр къэхъуныгъэми зызэриубгъу щыкӀэу, езым ипэкӀэ къэхъуа "э, и" макъхэм я лъагъуэхэр зыхэзыубыдэу, "и" нэужь макъыущ "у"р утыку къызэрихьар.

Тэмакъыр "къ" макъкӀэрэ макъ къэхъупӀэ хъуа нэужь, макъ къэхъуныгъэр ипщэкӀэ нэхъ хуиту дэкӀыу щӀидзащи, тэмакъым къыщыхъуа "къ" макъым къыкӀэлъыкӀуэу "кхъ, хъ, гъ" макъхэр зэкӀэлъхьэужьу утыку къызэрихьари гурыӀуэгъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэр тэмакъым ипщэкӀэ дэкӀыу зэрыщӀидзэкӀэрэ къэхъуа "кхъ, хъ, гъ" макъхэм щыщу иужь дыдэ къэхъуа "гъ"ым и къэхъупӀэм ипщэр бзэгулъэдакъэращи, абдежыр хьейуэ зэрыщӀидзэм "жь" макъыр къигъэхъауэщ. Аращи, бзэгум и хьэрычэткӀэрэ къэхъуарэ бзэгум хьэрычэт къезыту утыку къихьа "жь" макъым и къэхъуныгъэм "къ" нэужь макъхэу "кхъ, хъ, гъ" макъхэм я фӀыгъэ зэрыхэлъри гулъытапхъэщ. Нэхъыбэуи "гъ" макъым бзэгулъэдакъэ лъэныкъуэм зэрыхущӀэкъурэ ар зэрыхигъэзыхькӀэрэу жыӀэпхъэщ бзэгулъэдакъуэр хьейуэ зэрыщӀидзам щхьэпэ хуэхъуар. Бзэгулъэдакъэр зэрыхъейкӀэрэ къэхъуа "жь" макъым "щ" макъыр къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьащи, ар бзэгум теубгъуауэ къэӀуыкӀэ

зиӀэ макъыу, бзэгу гущӀыӀур макъ къэхъуныгъэм тезыша макърауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ.

Бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэӀухыныр ″жь, щ″ макъкӀэрэ гъэзэщӀа нэужь, ипэкӀэ къэхъуа макъхэм бзэгу гущӀыӀум макъыщӀэхэр къызэрытехъукӀыжар гурыӀуэгъуэщ. Аращи, ″щ″ макъыр къэхъуа нэужь, макъ къэхъупӀэу бзэгур щызэӀухым япэрауэ ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм мы я зэкӀэлъхьэужьыкӀэм езэгъ зэкӀэлъхьэужьыкӀэкӀэ утыку къихьауэ лъытапхъэщ абыхэм бзэгум къащытехъукӀыжа макъыщӀэхэри (кӀ, к, х, гь).

″Къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэмрэ, абыхэм къатехъукӀыжауэ мы зи гугъу тщӀа макъхэми ″у″кӀэрэ къэӀуу макъыщӀэхэр къазэрытехъукӀари гурыӀуэгъуэщи, ахэри утыку къыщихьар зэрыигъуэу бзэгур макъ къэхъупӀэ хъуа нэужьрэ, ипэкӀэ къэхъуа ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къащытехъукӀыжауэ зи гугъу тщӀа ″кӀ, к, х, гь″ макъхэр утыку къихьа нэужьрауэ лъытапхъэщ. Аращи, бзэгур макъ къэхъупӀэ мыхъу ипэ къэхъуа ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къытехъукӀыжа ″кӀ, к, х, гь″ макъхэр утыку къихьа нэужьрауэ жыӀэпхъэщ абыхэм (къ, кхъ, хъ, гъ) ″у″кӀэ къэӀу ″къу, кхъу, хъу, гъу″ макъхэр къыщытехъукӀар. ИкӀи, ″у″кӀэрэ къэӀуу утыку къихьэ макъыщӀэхэм я къэхъуныгъэр щӀидза нэужь, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэм я къэхъуныгъэ зэхуакум зэманыгъуэ куэд дэмылърэ нэгъуэщӀ макъ къэхъуныгъэ щӀыкӀэ къыдэмыхьэу зэкӀэлъхьэужьу утыку къихьахэуи лъытапхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, ″кӀ, к, х, гь″ макъхэр утыку къихьа нэужь, игъуэр къыщысым деж, япэрауэ мы макъхэр къызтехъукӀа ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм зэкӀэлъхьэужьу ″къу, кхъу, хъу, гъу″ макъхэр къатехъукӀауэ лъытапхъэщ; итӀанэ, мы макъхэм (къ, кхъ, хъ, гъ) къатехъукӀа ″кӀ, к, х, гь″ макъхэми ″у″ къэӀуу ″кӀу, ку, ху, гу″ макъхэр къатехъукӀауэ лъытапхъэщ. Аращи, ″у″кӀэрэ къэӀу макъхэм я къэхъуныгъэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэр ахэр къызтехъукӀа макъхэм я къэхъуныгъэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэм езэгъыу жыӀэпхъэщ.

НытӀэ, ″у″кӀэрэ къэхъу макъхэри зэрыхэтыжу, бзэгур макъ къэхъупӀэ мыхъу ипэ къэхъуа макъхэм бзэгум макъыщӀэхэр къазэрытехъукӀрэ я зэкӀэлъхьэужьыкӀэм мы зи гугъу тщӀы дэтхэнэ зым теухуауэ илъабжьэкӀэ жыӀэпхъэр къыпытщэжынщ.

Япэрауэ ″къ″ым япэу къытехъукӀарэ зи къэхъупӀэр бзэгукӀэу щытыр ноби абэзэбзэм хэт ″кӀ″ макъ лӀэужьыгъуэращ; ауэ иужьыӀуэкӀэ абы мы и къэхъукӀэм бзэгукур зи къэхъупӀэу къытехъукӀыжа ″кӀ″ыращ адыгэбзэм хэтыр. ИпэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэщи, абыи иужьыӀуэкӀэщ ар ″у″кӀэрэ къызэрыӀу щӀыкӀэу утыку къихьа ″кӀу″ макъыр къызэрытехъукӀыжар. ″КӀ″ыми иужьыӀуэкӀэ къытехъукӀыжащ ″чӀ″ макъри, абы ″у″кӀэрэ къэӀу макъ къытехъукӀакъым.

″Кхъ″ым бзэгукӀэм япэу къытехъукӀа ″к″ лӀэужьыгъуэ макъри ноби абэзэбзэм хэтщ. Ауэ абы и къэхъукӀэм къыкӀэлъыкӀуэу бзэгукупэр зи къэхъупӀэу утыку къихьа ″к″ макъращ адыгэбзэм хэтри, ар ″кхъ″ым къытехъукӀарэ ″к″ тхыпкъэ тха макъхэм щыщу бзэгукупэр зи къэхъупӀэу

щытрэ а нэхъ псыгъуэращ. ″У″кӀэрэ къэӀу макъ къэхъуныгъэр къызэрыунэхум ипкъ иткӀи, абыи ″ку″ макъыр къытехъукӀыжащ. ″К″ макъым иужькӀэ ″ч″ыри къытехъукӀащ, ауэ абы ″у″кӀэрэ къэӀу макъ къытехъукӀыжакъым.

″Хъ″ макъым бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу къытехъукӀыжа макъыр ″х″ макъ лӀэужьыгъуэращ, ауэ адыгэбзэм нобэ хэтыр мыпхуэдэ къэӀуыкӀэ зиӀэракъыми, бзэгупэр зи къэхъупӀэ ″х″ макъращ. Ар щхьэ, бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу утыку къихьа ″х″ макъ лӀэужьыгъуэр урысыбзэм зэрыхэтым папщӀэщи, зэхуэдэу зэрытхам ипкъ иткӀэ, адыгэбзэм и ″х″ макъыр нобэ урысыбзэм хэт ″х″ макъым хуэдэу къэӀуу зэрщӀидзари гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм и ″х″ макъым къытехъукӀыжащ ″ху″ макъри, ар макъхэм ″у″кӀэрэ къэӀуу макъыщӀэ къазэрытехъукӀым хуэзэу къэхъуащ. Гулъытапхъэщи, нобэ адыгъэбзэ макъыу щыт ″ху″ри ″х″ макъыр урысыбзэм зэрыхэт щӀыкӀэу къызэрыӀум хуэдэ къэӀуыкӀэ игъуэту щӀидзащ.

″Гъ″ макъым бзэгукӀэр зи къэхъупӀэу къытехъукӀыжа макъыр ″г″ макъращ. Абыи бзэгукур зи къэхъупӀэу ″гь″ макъ къытехъкӀыжащ. ″Гь″ым къытехъукӀыжащ ″гу″ макъри, ари макъхэм ″у″кӀэрэ къэӀуу макъыщӀэ къазэрытехъукӀым хуэзэу къэхъуа зы макъыу адыгэбзэм хэтщ. ″Гь″ым къытехъукӀыжауэ лъытапхъэу нобэ ″гь″ым ипӀэкӀи бзэм хэлэжьыхь ″дж″ыр иужьыӀуэкӀэщ къызэрыхъуар, икӀи ″гь″ макъым ″гу″ къызэрытехъукӀым хуэдэу ″дж″ макъым ″у″кӀэрэ къэӀу макъ къызэрытемыхъукӀари гурыӀуэгъуэщ..

Бзэгулъэдакъэр зи къэхъупӀэу утыку къихьа ″жь, щ″ макъхэм я къэхъупӀэри кӀуэ пэтрэ бзэгуку лъэныкъуэмкӀэ кӀуатэу, нобэ ахэр къыздыщыӀу щӀыпӀэр я къэхъупӀэ хъужащ. Ауэ нобэ мы макъхэри зи гугъу тщӀа макъхэм хуэдэщи, мыхэри хэкурыс Адыгэм къызэрыриӀу щӀыкӀэр апхуэдэ макъхэр урысыбзэм къызэрыриӀу щӀыкӀэм техьэжу зэрыщӀидзар гулъытапхъэщ.

Мыбыхэми бзэгупэ лъэныкъуэр зи унэтӀыныгъэу макъыщӀэхэр къатехъукӀыжащи, мыпхуэдэщ ″жь″ым къытехъукӀыжарэ бзэгукупэр зи къэхъупӀэ ″ж″ макъыр. Абыи иужькӀэ бзэгупэрэ дзэм къыздагъэщӀа ″з″ макъыр къытехъукӀыжащ.

БзэгукӀэр зи къэхъупӀэу утыку къихьарэ иужькӀи бзэгукупӀэ лъэныкъуэм хуиту къыщыӀуу щӀэзыдзэжарэ зи къэхъукӀэри бзэгум теубгъуауэ щыт ″щ″ макъым иужькӀэ мы къыздыщыхъуа щӀыпӀэр зи къэхъупӀэу къытехъукӀыжа зы макъри ″щӀ″ыращ. Ари ″къ″ макъым и къэхъукӀэр зи къэхъукӀэрэ абы къытехъукӀыжа ″кӀ″ым и къэӀукӀэм хуэдэущ утыку къызэрихьар.

НытӀэ, макъ къэхъуныгъэр багъуэну зэрыхущӀэкъу щӀыкӀэу, тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ макъым и къэӀукӀэр лъабжьэ зэрыхуэхъурэ, ″къ″ым къытехъукӀыж ″кӀ″ макъри зи щапхъэу къэхъуа макъхэу лъытапхъэщ ″макъ пӀытӀа″ жыхуэтӀэхэр утыку къызэрихьар. Аращи, макъ пӀытӀа

жыхуэтӀэхэм я къэхъуныгъэр тэмакъым макъ къызэрыхъур зи лъабжьэу лъытапхъэщи, дэтхэнэ зы макъ гупым макъ къэхъуныгъэу макъ пӀытӀа зэрыхэтыр гулъытапхъэщи, "къ"ыр мыбы и къежьапӀэрщ, "къ"ым къытехъукӀыж "кӀ"ыри мы макъ къэхъуныгъэм щапхъэ яхуэхъу лъабжьэрщ. "Къ"ым и къэхъукӀэр зи къэхъукӀэрэ бзэгукур зи къэхъупӀэу къытехъукӀыж "кӀ" нэужьу макъ пӀытӀа къэхъуныгъэ зиӀэу утыку къихьа япэрей макъри "щӀ" макърауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

"Щ"ым и къэхъукӀэр зи къэхъукӀэрэ бзэгукупэр зи къэхъупӀэу къытехъукӀыжа зы макъри "ш"ыращ. Абыи къыкӀэлъыкӀуэу мы гупым щыщу утыку къихьащ "с" макъри, ари бзэгупэрэ дзэм зэдащӀа макъщ.

"ЩӀ" макъыр утыку къыщихьа нэужьу лъытапхъэщ бзэгугу ижьрабгъур зи къэхъуапӀэу "лъ" макъыр утыку къыщихьари, абы и къэхъупӀэм "лӀ"ырэ "л" макъыр къытехъукӀыжащ. Мы макъхэм я къэхъупӀэр зэхъуэкӀкъыми, зэхуэдэ щӀыпӀэращ къыздыщыхъуар. Ауэ а щӀыпӀэм жьыр зэрыщыхъуэкӀэрэ абдежыр зэрыгъэхьейр зэщхьэщыкӀыущ мы макъхэр утыку къызэрихьа щӀыкӀэрэ къэӀукӀэкӀи зэрызэщхьэщыкӀри, къэхъупӀэгъуу щыт мы макъхэр мы къызэрыхъуа щӀыкӀэрэ я къэӀуыкӀэкӀэ зэрызэщхьэщыкӀми елъытащ я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкӀыр.

Бзэгум и ижьрабгъур зи къэхъупӀэу мы макъхэр бзэгукӀэрэ ипэӀуэкӀэ къэхъуа макъхэм емылъытауэ бзэгур щхьэжу макъ къэхъупӀэ зэрыхъуам теухуащи, макъ къэхъуныгъэр бзэгупэ лъэныкъуэмкӀэ нэхъри кӀуатэу зэрыщӀидзэнур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, бзэгу гущӀыӀур зи къэхъупӀэ мы макъхэм я къэхъуныгъэм бзэгупэ лъэныкъуэмкӀэ иунэтӀыу, дзэрэ Ӏупэри макъ къэхъуныгъэм къыхэхьэу щӀидзащ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀи, зэрызэлъыта къэхъукӀэрэ къэӀуыкӀэ зиӀэрэ къэхъупӀэгъуу макъ гупхэри утыку къихьэу зэрыщӀидзари гурыӀуэгъуэщ.

Аращи, "лъ, л, лӀ" макъ къэхъупӀэм къыкӀэлъыкӀуэу къэхъуауэ жыӀэпхъэщ "д, т, тӀ" макъ гупыр утыку къыщихьар. Мы макъхэр утыку къыщихьа макъ къэхъупӀэ нэужьу жыӀэпхъэщ "ф, фӀ, в" макъхэми къэхъупӀэ хуэхъуарэ ахэр Ӏупэ щыхъуэныгъэкӀэрэ утыку къызэрихьар.

"Р" макъым и къэхъукӀэр "лъ, л, лӀ" макъ гупым и къэхъукӀэм хуэдэу щытщ, ауэ и къэхъупӀэр бзэгупэращ. Бзэгупэр лъэщу зэрыхъейкӀэрэ къэхъуа "р" макъым къэхъупӀэгъу макъ иӀэкъым; мыбы папщӀи, макъ мыхьэнэи иӀэкъым.

Макъ къэхъуныгъэр псэущхьэ кӀуэцӀым къикӀыж жьым макъ къэхъупӀэхэр зэригъэджызджрэ зэригъэхъейкӀэрэщ къызэрыхъури, мыбы и пхэнджу жьыр жьэм зэрыдэшэкӀэрэ къэхъу макъ къэӀукӀэм къытехъукӀыжауэ жыӀэпхъэщ "цӀ" макъри, ар мыбы нэгъунэ зи гугъу тщӀа щхьэж макъхэм иужь къэхъуауэ жыӀэпхъэщ.

Макъхэр къызэрыӀуфращ псэлъэбзэр ухуэу зэрыщӀидзар, икӀи макъхэр къэхъухункӀэрэ псэлъэбзэм и ухуэныгъэми зызэриубгъукӀэрэ зэрызекӀуэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыбы гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, псэлъэбзэр зэрыухуэрэ

зэрызекlуэм и lэмэпсымэхэрщ макъхэри, псэлъэбзэр къэlуэтэнкlэ зэрыхущlэкъум макъхэри игъэбэгъуэну хущlокъур. Утыку къихьарэ хуиту лажьэу зэрыщlидзэм къызэрыгуэкlщи, нэхъыбэ къиlуэтэн папщlэ, псэлъэбзэр и макъхэр игъэбэгъуэну хущlокъур. Мырауэ жыlэпхъэщ псэущхьэм къыригъэlуф макъхэм я къэlуклэр зэрихъуэкlыу макъыщlэхэр утыку къызэрыригъэхьар. Иклi, макъ гуэрхэр зэрызэгухьэклэрэ макъ зэгуэтрэ зэхэжыхьа къэlуыклэ зиlэу макъыщlэ пэлъытэхэри утыку къызэрихьэри макъклэрэ лажьэ псэлъэбзэм къиlуэтэнухэр къызэриlуэтэну lэмэпсымэхэр зэригъэбэгъуэну зэрыхущlэкъурауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Макъ щэхухэм теухуауэ макъ зэгухьэрэ зэхэжыхьахэр утыку къызэрихьэм и япэрей лъэбакъуэри ″у″кlэрэ къэlуу утыку къихьэ макъхэрауэ жыпlэхъэщ. Иклi, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэр щхьэж макъыу ипэклэ зи гугъу тщlа макъхэм я къэхъуныгъэр щыуха нэужьрагъэщ. Къэlуэтэну зыхущlэкъуу зи иужь итым теухуауэщ зы макъдэкlуашэм ″у″ къызэрыпыхьэклэрэ макъыщlэ къызэрытехъукlар. ″У″кlэрэ къэlуу утыку къихьа макъхэр зэрызэклэлъхьэужьыклэ щlыклэр наlуэ дыдэ къытхумыхъуами, ар ипэклэ къэтlуэтахэм къыхэщуи жыlэпхъэщ. Аращи, мы макъхэр къызетхъуклахэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, ахэр ″къ″ым къыщlидзэу къэхъуа макъхэмрэ абыхэм бзэгум къытехъуклыжа макъхэм къытехъуклыжауэ зэрыщытыр, иклi я къэхъуклэ зэклэлъхьэужьыклэри къызтехъукlа макъхэр къызэрыхъуа зэклэлъхьужьыклэм зэрелъытари гулъытапхъэщ. Бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэlуха нэужьрауэ жыlэпхъэщ иклi ″у″клэрэ къэlу макъхэр утыку къыщихьари, бзэгур макъ къэхъупlэ мыпхъу ипэ къэхъуа макъхэм макъыщlэхэри къытехъуклыжыну зэрыхущlэкъуклэрэ, игъуэ щыхъум деж абыхэм ″у″ къэlуклэклэ макъыщlэхэр къатехъуклащ (къ → къу; кхъ → кхъу; хъ → хъу; гъ → гъу). Ауэ мыпхуэдэ макъ къэхъуныгъэр бзэгур макъ къэхъупlэ мыхъуэ ипэ къэхъуа мы макъхэм бзэгур макъ къэхъупlэ хъуа нэужь, я къэхъуклэклэ бзэгум къыщытехъукlыжауэ зи гугъу тщlа япэрей макъхэр (кl, к, х, гь) утыку къихьа нэужьу лъытапхъэщ. Нытlэ, мы макъхэм иужьклэ къатехъуклыжауэ зи гугъу тщlа ″чl, ч, -, дж″ макъхэм ипэ къэхъуауэ лъытапхъэщ мы зи гугъу тщlа макъхэм ″у″клэрэ къэlуу къатехъуклыжа макъхэр утыку къыщихьари, ари къызтехъукlа макъхэр утыку къызэрихьа зэклэлъхьужьыклэм езэгъ зэклэлъхьэужьыклэ зиlэу лъытапхъэщ: «къу, кхъу, хъу, гъу»; «кlу, ку, ху, гу».

″У″клэрэ къэlуу макъхэм макъыщlэ къатехъуклыныгъэр лъабжьэ язэрыхуэхъуклэрэу жыlэпхъэщ макъдэкlуашитl зэрызэгухьэу ″макъ зэгуэт/зэхэжыхьа″хэр утыку къызэрихьар. Макъдэкlуашитl зэгухьэныгъэклэрэ макъыщlэ пэлъытэ къэхъуныгъэм макъдэкlуашищ зэгухьэныгъэри къызэрыклэлъыклуари гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, макъдэкlуашэхэр зэрызэгухьэклэрэ утыку къихьауэ мы зи гугъу тщlа ″макъ щэхуэ зэгуэт″хэмрэ, абыхэми ипэклэ къэхъуауэ зи гугъу тщlа

″у″кӏэ къэӏуу утыку къихьа макъхэми ипэ къэхъуауэ жыӏэпхъэщ ″и″м и кӏуэтэгъуэ (иэ) ″е″р зы ″макъ ӏуэр зэгуэт/зэхэжыхьа″уэ бзэм щызекӏуэу зэрыщӏидзар. Ар щхьэ, ″е″кӏэрэ тхарэ бзэ лэжьэкӏэм къигъэщӏа ″эй, эйй″р мы зи гугъу тщӏа макъ щэху зэгуэтхэми елъытауи иужькӏэ къэхъуауэ лъытапхъэщ. Икӏи, мы макъ зэхэжыхьахэр (эй, эйй) ″е (иэ)″ хуэдэу щхьэж макъ калэнкӏэрэ бзэм хэмыхьахэрщи, ахэр бзэ лэжьэкӏэм къызэригъэхъуа щӏыкӏэри ″макъ″ къалэн папщӏэкъым.

Макъыбзэм и макъхэр игъэбэгъуэну зэрыхущӏэкъур макъ щэхухэм хуӏуа закъуэу зэрыщымытрэ, макъ ӏуэрхэри бэгъуэну зэрыхущӏэкъури гурыӏуэгъуэнщ. Зы макъ ӏуэр зэгуэтрэ зэхэжыхьауэ зи гугъу тщӏа ″е (иэ)″м нэмыщӏхэри абы иужь утыку къызэрихьэри гурыӏуэгъуэщ. Ауэ макъ ӏуэрхэм макъыщӏэ къатехъукӏыныгъэр ″е (иэ)″ къыкӏэлъыкӏуэу утыку къызэрихьар хуиту къэӏуыкӏэ зимыӏэж макъ ӏуэрхэр утыку къызэрихьарауэ лъытапхъэщ. Аращи, макъ ӏуэр лъабжьэу тлъытахэм яӏэ хуит къэӏукӏэр зэрыкӏуэдкӏэрэ къатехъукӏа макъ ӏуэрхэм я къэхъукӏэр ″е (иэ)″ макъым къыкӏэлъыкӏуэ макъ ӏуэрыщӏэ къэхъуныгъэрауэ лъытапхъэщ. Ауэ икӏи, ″е (иэ)″р ″и″м и кӏуэтэгъуэрэ и лэжьэкӏэу утыку къихьарэ иужькӏэ щхьэж зы макъыу бзэм хэлэжьыхьу щӏидзауэ лъытапхъэми, макъ ӏуэр лъабжьэхэм я лимитацэу утыку къихьауэ зи гугъу тщӏы макъхэр утыку къыщихьа дыдэм щхьэж макъхэущ. Макъ ӏуэр лъабжьэхэм я лимитацэу утыку къихьауэ зи гугъу тщӏы мы макъыщӏэхэм я къэхъуныгъэ лъабжьэри ″къ″ макъым и къэхъукӏэрауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, ″къ″ къэхъуныгъэр лъабжьэу зэрыщыткӏэрэ, тхьэмбылым къикӏыж жьыкӏэрэ хуиту къэӏукӏэ зиӏэ макъ ӏуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) я къэӏукӏэр ″къ″ыр къыздыщыхъуа тэмакъым къыщежьэу къызэрыӏукӏэрэщ абыхэм я лимитацэу щыт макъ ӏуэрыщӏэхэр (ӏы, ӏэ, ӏи, ӏу). Мы макъ ӏуэрыщӏэхэр хуиту къызэрымыӏум папщӏэ, къызтехъукӏа макъ ӏуэрхэм ягъэзащӏэ макъзешэ къалэныр зэрамыгъэзэщӏэнури гурыӏуэгъуэщ, ауэ абыхэм ягъэзащӏэ ӏуэхугъуэхэри къызтехъукӏа макъхэм зэрелъытарэ зэрытеухуари гурыӏуэгъуэнщ.

Мы макъ ӏуэр къэхъуныгъэхэм нэмыщӏ, нобэ ″и″р ″й″уи (икӏи щхьэж тхыпкъкӏэ мытхами, ″у″ри ″ў″уэ) бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыӏуэгъуэщи, ари (й) ″е″кӏэ тхарэ ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьауэ ипэкӏэ зи гугъу тщӏахэм хуэдэу, бзэр зэрыхъун хъуарэ зэпкъырыува нэужьым бзэ лэжьэкӏэм иужьрей зэманыгъуэхэм къигъэщӏа макъ пэлъытэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Мы зи гугъу тщӏа макъхэм хуэдэу, иужьрей зэманыгъуэхэм бзэ лэжьэкӏэу къэхъуа зы макъ ӏуэр зэхэжыхьари ″о″ макъращи (эу), ари мы къызэрыхъуа щӏыкӏэм езэгъ къалэн зыгъэзащӏэрщ.

## АДЫГЭБЗЭМ И МАКЪХЭМРЭ И АЛФАВИТЫМ ТЕУХУАУЭ

### Зы бзэм и алфавитыр а бзэм и макъ псори зыхэзыубыдэу а бзэм хуэӀуарэ хуэгъэпсауэ щытын зэрыхуейм теухуауэ.

Нобэ и хэкум адыгэбзэ макъ гуэрхэр урысыбзэм и макъхэм ещхьу къызэрыӀу хъуам и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэр абы и алфавитыр зэрызэхэлъхьарэ зэрызетхьэ щӀыкӀэращ.

Адыгэбзэр европэбзэм къытехъукӀа бзэщӀэныгъэр зи лъабжьэрэ абы и зы варианту щыт урысыбзэ бзэщӀэныгъэм зэрыщӀаджыкӀым ипкъ иткӀэ, а бзэщӀэныгъэ лъэныкъуэмкӀэ зэребэр гурыӀуэгъуэщ. Адыгэбзэм и псалъэуха гъэпсыкӀэр япэ иту, псэлъэщӀэхэр зэрыухуэри мы зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэмрэ урысыбзэ логием техьэу щӀидзащ. Мыпхуэдэу адыгэбзэр езым и логием зэрытешым къызэрыгуэкӀщи, ар зэрыужьынрэ зэрыухуэну щӀыкӀэр кӀуэ пэтрэ хощӀыр. Абы и бзэщӀэныгъэу щытрэ зэрыужьынкӀэ щхьэпэ хъун хуейр, езы адыгэбзэм и хэщӀыныгъэ лъэныкъуэмкӀэ йокъур. Мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэрэ логиехэр макъыбзэ лэжьэкӀэу къедгъэкӀуэкӀа япэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхэщым хуэдэжщи, мы лэжьыгъэми къыхощыр. Мы лэжьыгъэм и Ӏыхьэрэ пычыгъуэхэм адыгэбзэм и щхьэм къырикӀуэ зэхъуэкӀыныгъэрэ хэщӀыныгъэхэри къыхэдгъэщынущ. Ауэ мы лэжьыгъэ Ӏыхьэр адыгэбзэм и макъхэращ зытеухуари, нытӀэ адыгэбзэ макъхэм урысыбзэ макъ къэӀуыкӀэ зэрагъуэткӀэрэ зэрызэхъуэкӀми щыгъазэ дыхуэхъунщ.

ИпэкӀэ къэтӀуэтахэм гукъэкӀ къызэрытхуащӀщи, утыку ит зы алфавитым и тхыпкъхэр къызэрагъэсэбэпкӀэрэщ дэтхэнэ зы бзэм и макъхэр зэратх щӀыкӀэр. Зы алфавитыр утыку къызэрихьа щӀыкӀэр лъабжьэ зэрыхъурэ макъхэр зэрытха щӀыкӀэми зэрызыдигъэкӀукӀэрэщ икӀи дэтхэнэ зы бзэм и макъхэр зэратхыу зы бзэм и алфавитыр зэрагъэпс щӀыкӀэр. Ауэ дэтхэнэ зы бзэм и макъхэм езы бзэм хуэӀуа къэӀуыкӀэ яӀэжщи, зы бзэм и алфавитыр къызэрагъэсэбэпри езы бзэм и макъхэм хуэӀуауэщ. КъызтещӀыкӀа алфавитым и тхыпкъкӀэрэ тхами, зы бзэм хуэӀуауэ гъэпс алфавитыр зыхуэгъэпс бзэм и макъхэр къызэрыӀу щӀыкӀэм хуэӀуауэщ. ИкӀи, бзэхэм я макъхэр зэратх тхыпкъхэми кӀуэ пэтрэ зэщхьэщыкӀыныгъэ зэригъуэтари гулъытапхъэщи, мыр къызхэкӀри зы алфавитыр зыхуагъэпсрэ зыхузэхалъхьэж бзэм и макъхэм папщӀэрэ елъытауэщ.

Адыгэбзэр нобэ зэрытха алфавитри Кирил алфавиту урысыбзэм зэрихьэм хэт тхыпкъкӀэрэщ, икӀи урысыбзэ алфавитым хэмытрэ адыгэбзэм хэт макъхэри алфавитым и лъэкӀыныгъэкӀэ тхыпкъ гуэрхэмкӀэ тхауэ хэтщ. Ауэ зэрыгурыӀуэгъуэщи, дэтхэнэ зы бзэм и макъхэр къызэрыӀу щӀыкӀэр езы бзэм хуэӀуащи, адыгэбзэмрэ урысыбзэм и макъхэр къызэрыӀу щӀыкӀэри зэрызэщхьэщыкӀым ипкъ иткӀэ, макъ гуэрхэр зэхуэдэ тхыпкъкӀэ тхауэ щытми, я къэӀукӀэр алфавитыр зыхуэгъэпсарэ зыхузэрахьэ бзэм и

макъхэр къызэрыӏу щӏыкӏэущ. Аращи, адыгэбзэм и макъ гуэрхэр урысыбзэм и макъ гуэрхэр зэрытха тхыпкъхэмкӏэ тхами, адыгэбзэм папщӏэ зэхэлъхьарэ гъэпса алфавитым хэт мы тхыпкъхэр зытеухуа адыгэбзэ макъхэр къызэрыӏум хуэдэ къэӏуэкӏэкӏэ еджэн зэрыхуейр гурыӏуэгъуэщ. Икӏи макъхэр къызэрыӏу щӏыкӏэр ахэр къызэрыхъу щӏыпӏэращ зэлъытари, зэхуэдэ тхыпкъкӏэ тхауэ алфавитым хэту нобэ урысыбзэ макъхэм хуэдэ къэӏуыкӏэ зыгъуэта макъхэм я къэхъупӏэхэр ахэр урысыбзэм зэрыхэт щӏыкӏэу зэрыщымытыр мы лэжьыгъэм гурыӏуэгъуэ къызэрищӏари гулъытапхъэщ. Аращи, "адыгэбзэ алфавит" жыхуэпӏэм хэт тхыпкъхэм адыгэбзэ макъхэм хуэдэу еджэн хуейщ, мыхъумэ, зэхуэдэу зэрытхам папщӏэ нэгъуэщӏ зы бзэм а тхыпкъхэр зэрыхэтым хуэдэ къэӏукӏэкӏэ еджэн хуейкъым. Ауэ, адыгэбзэ алфавиту ялъытар икӏи урысыбзэри зэрадж алфавит щыхъум деж, икӏи адыгэбзэр зыщӏаджыр урысыбзэм теухуа бзэщӏэныгъэуи зэрыщытми ипкъ зэритӏкӏэщи, адыгэбзэм и макъхэр зэрытха тхыпкъхэр зэрыщыту зэрытхауэ зыхэт урысыбзэм и макъхэм хуэдэ къэӏукӏэкӏэ зохъуэкӏыр.

Мыр къэмыхъун папщӏэ, япэрауэ адыгэбзэ алфавитымрэ урысыбзэ алфавитыр зы алфавиту лъытэныр бгынэн хуейщ: дэтхэнэ зы бзэри езым хуэӏуа алфавиткӏэрэ джын хуейщ. "Адыгэбзэ алфавит" зыфӏэщарэ лъытам хэтыну тхыпкъхэр адыгэбзэм езым и макъхэрауэ щытын хуейщ, икӏи я къэӏукӏэр адыгэбзэм а макъхэр къызэрыхэӏукӏым хуэдэу щытын хуейщ. Адыгэбзэм езым и алфавитым адыгэбзэм хэмытрэ урысыбзэм хэт макъхэр хэхьэн хуейкъым; а алфавитыр урысыбзэри лъытэнрэ джын папщӏэ зехьэн хуейкъым; урысыбзэмрэ адыгэбзэр зэрадж алфавитыр зыуэ зэхэлъхьауэ щытын хуейкъым. Адыгэбзэ алфавитыр адыгэбзэ закъуэращ зыхуэӏуари, абы адыгэбзэ макъхэращ хиубыдэн хуейр, мыхъумэ, абы икӏи урысыбзэ макъхэри хиубыдэу, абыкӏэ урысыбзэри джын хуейкъым. Аращи, бзитӏым щхьэхуэ щхьэхуэу алфавититӏ яӏэщи, ай тӏур зытеухуа бзэхэм хуэӏуауэ щхьэхуэ щхьэхуэу зехьэн хуейщ. Мыбы папщӏи, адыгэбзэ алфавитыр адыгэбзэ макъхэр зыхэту ухуэн хуейщи, абы урысыбзэ макъхэр хэгъэкӏын хуейщ.

Мы псалъэхэм гурыӏуэгъуэ зэращӏщи, нобэ адыгэбзэ алфавитым хэтрэ адыгэбзэм и макъхэм щымыщ мы макъхэр "адыгэбзэ алфавит" зыфӏэщам хэгъэкӏын хуейщ: «ю, ё».

Зы бзэр и макъхэмкӏэрэ зэрыухуарэ зэрызекӏуэри, а бзэр зезыхьэм хамэбзэ псалъэрэ макъхэр къызэрыриӏуну щӏыкӏэри езым и бзэм и макъхэмкӏэрэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщи, мы тхыпкъхэмкӏэ тха мы макъхэр натуралу адыгэбзэм къызэрыриӏу щӏыкӏэри мы макъхэм хуэпэгъунэгъуу езы адыгэбзэм хэт макъхэмкӏэрэщ. Ауэ нобэ мы тхыпкъхэри хэтщ адыгэбзэми, адыгэбзэм хэмыт мы макъхэр адыгэбзэр зи анэдэлъхубзэм къыриӏуэн хуейуэ къыхуагъэувыр. Икӏи, адыгэбзэм и макъ псори "адыгэбзэ алфавит"ым мы ипэкӏэ къэта макъхэр "хамэбзэм (урысыбзэ) папщӏэ" зэрыхагъэхьари гурыӏуэгъуэщ.

Тӏанэ, адыгэбзэм езым и ″э″ макъым нэмыщӏ, ″хамэбзэм (урысыбзэ) папщӏэ″у зэрыщытри къызэрыхэгъэщакӏэрэ адыгэбзэ алфавитым аргуэру зы ″э″ тхыпкъ зэрыхэтри гулъытапхъэрэ икӏи гъэщӏэгъуэнщ - хьэдыгъуэдахэщ. Зы алфавитыр зытеухуа бзэм и зы макъыр мыпхуэдэу тӏуэнейрэ зыхэт алфавит зэрыщымыӏэпхъэр гурыӏуэгъуэнщ, икӏи зы алфавитым езым и макъыр зэрытха тхыпкъщ хэтын хуейри, мы етӏуанэ ″э″ри алфавитым зэрыхэгъэкӏыжын хуейри гурыӏуэгъуэщ. Зы алфавитыр зытеухуарэ зыхуэӏуар а зыхуэгъэпса бзэращи, а алфавитым хэтын хуей макъхэри а бзэм и макъхэращ, мыхъумэ, ″хамэбзэм папщӏэ″ жаӏэу лейуэ зы макъыр алфавитым хэгъэхьэнри, е езы бзэм и макъыу и алфавитым хэтхагъэххэ зы макъыр аргуэру алфавитым ″хамэбзэм папщӏэ″ жаӏэу хэгъэхьэныр зэрымыигъуэр гурыӏуэгъуащэщ.

Адыгэбзэм езым и макъыу щымыт макъхэр зэрыхэтхарэ икӏи зы адыгэбзэ макъыр хамэбзэм папщӏи етӏуанэу зэрыхэтха щӏыкӏэущ нобэрей адыгэбзэ алфавитыр зэрыухуар. Ауэ гъэщӏэгъуэныр аращи, къэбэрдеибзэм папщӏэ зэхалъхьарэ ″адыгэбзэ алфавит″ зи цӏэу щыт мы алфавитым къэбэрдеибзэр зи къудамэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм я макъхэр химыубыдэкъым. Мыбыи къыщымынэу, мы алфавитым къэбэрдеибзэ жьэрыпсалъэхэм хэт макъ псори зэрыхамыгъэхьари гулъытапхъэщи, япэрей лэжьыгъэхэми, мы лэжьыгъэми алфавитым хамыгъэхьа мы макъхэми я гугъу щытщӏащ.

Мы макъхэр зэрыхамыгъэхьам къыщымынэу, икӏи, бзэр зэрытх щӏыкӏэ макъ псори тхыпкъ щхьэхуэкӏэрэ тхауэ зэрыхимыубыдэри гулъытапхъэщ зи гугъу тщӏы алфавитми, зэщхьэщыкӏ макъ зэхэжыхьахэр зэхуэдэ тхыпкъкӏэ къызэрыгъэлъэгъуари мы лэжьыгъэми къыхощыр. Мыпхуэдэщ ″иэ″ макъ зэхэжыхьар зэрытха ″е″ тхыпкъыр икӏи ″эй″рэ ″эйй″ макъ зэхэжыхьахэри зэрытх щӏыкӏэрщ. Мыпхуэдэу зы тхыпкъымкӏэ зэхуэмыдэ макъищ зэрытхкӏэрэ къекӏуэкӏ тхыбзэм мы макъитӏ-щым кӏуэ пэтрэ зэхуэдэ къэӏуыкӏэ зэрагъуэтынури гурыӏуэгъуэнщ.

Макъитӏ-щыр зы тхыпкъкӏэ зэрытхам нэмыщӏ, зы макъ зэхэжыхьа къэӏуыкӏэ зиӏэу ″и″м икӏи ″е (иэ)″м и куэдагърэ жыжьагъэр зэрылъытэрэ къызэрыӏу ″иа; еа→иа″ри, – ар узыхуэмыныкъуащэми- алфавитым мыпхуэдэ къэӏуыкӏэ зиӏэ макъыр зы тхыпкъкӏэ лъытауэ зэрыхэтым папщӏэщи, ″я″ тхыпкъыр адыгэбзэ алфавитми хагъэхьащ. Ди алфавитым ″я″ тхыпкъ хамыгъэхьауэ щытарэ ″иа, еа″р мы зэрытха щӏыкӏэкӏэ ятхыу щытами, псынщӏэрыӏу къэӏукӏэкӏэ нобэ ар зэрытха ″я″ тхыпкъыр зытеухуа макъ зэхэжыхьауэ къызэрыраӏуну зэрыщытари гулъытапхъэщ. Аращи, ди алфавитым езым и макъ псори щхьэхуэ тхыпкъкӏэрэ зэрыхамыгъэхьам къыщымынэу, макъ зэкӏэлъхьэужь гуэрхэри узхуэмыныкъуэщэу щхьэхуэ тхыпкъкӏэ (я) хагъэхьауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ауэ икӏи, ″я″ тхыпкъыр адыгэбзэ алфавитым мы зэрыхэхьа щӏыкӏэм къызэрытемынари гурыӏуэгъуэщи, абы тхыбзэм хигъэзэщхъухьу хуежьэм теухуа щапхъэ гуэрхэми илъабжьэкӏэ и гугъу щытщӏынщ.

Адыгэбзэм ″я″ тхыпкъыр зытеухуа мы макъ зэхэжыхьахэм макъзешэ къалэн зэрамыгъэзащlэри гурыlуэгъуащэщ. Ауэ, ар (я) урысыбзэм зы макъзешэ къалэнкlэрэ зэрыхэтым папщlэ, нобэ кlуэ пэтрэ адыгэбзэм хэт ″я″ри макъзешэ къалэн игъэзащlэу ятхыу зэрыщlадзар гулъытапхъэщ. Мыри адыгэбзэмрэ урысыбзэм и алфавитыр зыуэ зэрылъытэм къытхуихь зы щыуагъэщ. Ауэ, ″я″р адыгэбзэ тхэкlэм зэрыхэщхъухьыр мыбы къыщымынэу, ″я″ тхыпкъыр зэрызехьэкlэм теухуа нэгъуэщl щыуагъэхэри къохъур. Мыпхуэдэ зы щыуагъэщ -псалъэм папщlэ- зэгуэту мытхын хабзэм тету тхын хуей ″и анэ″м хэт ″и″мрэ ″а″р зэкlэлъхьэужьу къызэрыlум папщlэ, кlуэ пэтрэ ″я″уэ ятхыу зэрыщlадзар (и анэ → янэ). Икlи мыпхуэдэщ ″ди адэ, ди анэ″ псалъэхэм хиубыдэ ″и″мрэ ″а″р зэрызэгуагъэхьэкlэрэ ″я″ми макъзешэ къалэн зэрытырауэкlэрэ ″дядэ, дянэ″ хуэдэу зэратх хъуар. Мыпхуэдэ лэжьэкlэ зэригъуэтым и зы щапхъэщ икlи ″ди япэ″ хуэдэу тхын хуей псалъэхэми хэт ″и″р пагъэхуу ″я″м макъзешэ къалэн ирагъэзащlэу ″дяпэ″у ятхыу зэрыщlадзари, мыри зи гугъу тщlы щыуагъэхэм и зы щапхъэщ.

Мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, адыгэбзэ алфавитым макъ гуэрхэри щхьэхуэ тхыпкъкlэрэ зэрыхэмытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″у″м и лимитацэ жыхуэтlэ ″lу″р мы зэрытха тхыпкъкlэ алфавитым хэхьами, мыпхуэдэу щхьэжу зы макъыу щыт ″lы, lэ, lи″хэри хэткъым.

Мы макъхэм щыщу щхьэж зы макъыу ″lы″м игъэзащlэр зыгъэзащlэ ″къ″ макъ зэрыхэтыр гурыlуэгъуэнщ. Икlи, тхыгъэхэм ″lы″уэ хэт дэтхэнэ зы щlыпlэри ″lы″ макъыу зэрыщымытри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэхэр ″lэ-ы → lы″ зэхъуэкlыныгъэу зи гугъу тщlы ″lы″ макъкъым. Ауэ мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, алфавитым хэт ″ь, ъ″ хуэдэу зы нэгъыщэу щыт ″l″р икlи занщlэу ″lы″ макъыу зэреджэн хуейуэ зэралъытэри алфавит зэхэлъхьэкlэрэ лъытэкlэм теухуа нэгъуэщl зы щыуагъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мы тежытlыхьахэм къызэрыхэщщи, щхьэж зы макъыу зи гугъу тщlы ″lы″ макъым ипlэкlэ ″къ″ыр холэжьыхьыр нобэрей ди тхыбзэми, ари щхьэж зы макъыу зэрамытхым щхьэусыгъуэ иlэу тлъытэнщ.

Щхьэж зы макъыу щыт ″lы″м нэмыщl, ″lи″ри бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мащlэ дыдэу (lис, зыlис) зэрыщытри гурыlуэгъуэнщи, ари алфавитым зэрыхэмытым и щхьэусыгъуэр мырауэ тлъытэнщ. Мыпхуэдэ закъуэущ зы щхьэж макъыу ″lи″р адыгэбзэм зэрыхэтри, ″lэ-ы → lы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ псалъэхэм хэту плъагъу ″lы″р щхьэж ″lы″ макъыу зэрыщымытым хуэдэу, ″lэ-и → lи″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ къэхъуу псалъэхэм щыхэплъагъуэ ″lи″ри зи гугъу тщlы щхьэж макъыу щыт ″lи″рауэ зэрыщымытри гурыlуэгъуэщ.

Щхьэж макъыу адыгэбзэм къигъэщlа ″lы, lи″ макъхэм нэмыщl, зи гугъу тщlа макъ зэхъуэкlыныгъэ щlыкlэкlэ (lэ-ы → lы; lэ-и → lи) а макъхэм хуэдэу ухуэрэ псалъэхэм зэрыхэплъагъуэхэм игъуэ щыхъум деж дытепсэлъыхьыжынущ. Аращи, мы щхьэж макъхэмрэ мыпхуэдэ

зэхъуэкӏыныгъэкӏэрэ къэхъуу псалъэм хэплъагъуэхэр зэрызэхуэмыдэр гурыӏуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщӏыхэр щхьэж макъхэрауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Щхьэж макъыу адыгэбзэм къигъэхъуащ мы макъхэри (ӏы, ӏи), ипэкӏэ и гугъу зэрытщӏа щӏыкӏэм зэрезэгъкӏэрэ ахэр алфавитым хэхьэн хуейуэ мылъытапхъэми, зи мыхъумэ, мы макъхэр къызэрыхъуарэ къызтехъукӏам, я мыхьэнэрэ къалэнхэм адыгэбзэм и макъхэр щырагъэджэм деж я гугъу щащӏын зэрыхуейри гурыӏуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщӏа макъхэм (ӏы, ӏи) хуэдэ къэхъуыкӏэ зиӏэу щхьэж зы макъыу адыгэбзэм къигъэхъуа зы макъри ″ӏэ″ращ. Икӏи ар (ӏэ) зи гугъу тщӏа макъхэм хуэдэу алфавитым хыумыгъэхьэми хъуну зы макъыу лъытапхъэкъым. Сыт щхьэ жыпӏэмэ, ″ӏэ″р зы щхьэж макъыу бзэм фӏы дыдэу хэлэжьыхьу щыт мы макъщ. Ар щхьэж зы макъыу зэрымылъытарэ алфавитым мы зэрытхакӏэрэ зы тхыпкъыу зэрыхамыгъэхьам зы щхьэусыгъуэ иӏэуи лъытапхъэкъым. Ар алфавитым щӏыхамыгъэхьам теухуа упщӏэм къырат пэгъуэкӏщ мыр: ″ӏэ″р ″э″м ипэ ″ӏ″ къыпыдгъэхьэу дотхыф(!) Мыр зы макъыбзэм и зы макъыу щытрэ бзэми фӏыщэу хэлэжьыхьу щытыр щхьэжу плъытэу алфавитым хыумыгъэхьэным щхьэусыгъуэ зэрыхуэмыхъур гурыӏуэгъуащэщ. Икӏи, сытым щыгъуи зэрыжыӏэпхъэщи, зы бзэм и макъ псори а бзэм теухуарэ хуэӏуа алфавитым щылъытэн зэрыхуейри гурыӏуэгъуащэщ.

Кирил алфавитым щхьэж тхыпкъыу щымытрэ тхыпкъ къуэдзэу лъытапхъэ нэгъыщэхэри зэрыхэтым ипкъ иткӏэ, къызпыхьэ макъыр зыгъэщабэ (ь), зыгъэпхъашэ (ъ), зыпӏытӏрэ зыпызъупщӏ нэгъыщэхэр къызпыхьэ тхыпкъхэмкӏэрэ тхауэ адыгэбзэ макъ гуэрхэри зэрыщыӏэр гурыӏуэгъуэщ. Мыпхуэдэу тхыпкъыщӏэ къэгъэщӏынкӏэрэ зэрыщхьэпэм нэмыщӏ, мы нэгъыщэхэр икӏи тхэн ӏуэхугъуэр къызэрекӏуэкӏым дэӏэпыкъуэгъу зэрыхуэхъуфынури гурыӏуэгъуэщи, мыбы щыщ ″ъ″ нэгъыщэр зы макъыр къыкӏэлъыкӏуэм гуэту къэмыӏункӏэ щхьэпэ хъууэ зэрызехьапхъэри гулъытапхъэщ. Икӏи, мыпхуэдэ къалэнкӏэрэ ″ъ″ нэгъыщэм адыгэбзэр щыпхым деж ущыхуэныкъуэри мащӏэкъым. Ауэ, мыпхуэдэхэри адыгэбзэкӏэ дыщытхэм деж зэрыигъуэкӏэрэ зэрызедмыхьэри гулъытапхъэщ. Мы тхыгъэр къызэрекӏуэкӏым макъхэр зэхэмыгъуэщэн папщӏэ ″ъ″ нэгъыщэр къыщыдгъэсэбэпми узэрихьэлӏэри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэ тхэкӏэм къыщыбгъэсэбэпын хуей щӏыпӏэхэм теухуа щапхъэхэм щыщщ илъабжьэкӏэ къэта глаголитӏым я лэжьэкӏэр зэхэмыгъуэщэн папщӏэ ″ъ″ нэгъыщэм зи гугъу тщӏа къалэнкӏэрэ мы игъэзащӏэр: «къэджэн → къэджащ; къэжэн → къэдъжащ».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″ъ″ нэхъыщэ щызыумыхьэм деж, ″къэджэн″рэ ″къэжэн″ глагол лэжьэкӏэ гуэрхэр зэхуэдэу утыку къохьэри, ахэр зэхэхун папщӏэ ″ъ″ нэхъыщэм ухуэныкъуэщ. Адыгэбзэкӏэ ущытхэм деж, мы къэта щапхъэхэм къыщынэкъым ″ъ″ нэгъыщэм ущыхуэныкъуэнури, ″у″кӏэрэ къежьэ глагол лэжьэкӏэм ″нэрыбгэ цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ″ къыпыхьэу ухуэ псалъэхэми фӏэкӏыпӏэ имыӏэу ″ъ″ нэгъыщэ

узэрыхуэныкъуэри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри илъабжьэкӀэ къэтащ. Ауэ мыпхуэдэ псалъэхэр нобэ щыуагъэу ″у″р занщӀэу макъдэкӀуашэм къыкӀэлъыкӀуэущ зэратх щӀыкӀэри, ар щыхъукӀэ, ″у″ми фӀэкӀыпӀэ имыӀэу макъзешэ къалэн зэригъэзащӀэр гулъытапхъэщ. НытӀэ, мы зи гугъу тщӀа щӀыкӀэу нобэ щыуагъэу зэратх щӀыкӀэмрэ, ар ″ъ″ нэгъыщэкӀэ зэрытхын хуей щӀыкӀэхэм теухуа щапхъэхэр зэкӀэлъхьэужьу къэдгъэлъэгъуэнщ: «ухуэн: сухуащ → съухуащ; бухуащ → бъухуащ; иухущ; духуащ → дъухуащ; фухуащ → фъухуащ».

Мыбдежым зи гугъу тщӀыр икӀи глагол лэжьэкӀэхэм теухуащи, ахэр глаголхэм теухуа лэжьыгъэхэм нэхъ гурыӀуэгъуэ зэрыхъунури мыбдежым щыжытӀэнщ. Ауэ ″у″м теухуа Ӏуэхугъуэхэр мыбы къыщынэкъыми, ″и″м и эффект ″й″р алфавитым зы тхыпкъкӀэ зэрылъытам хуэдэжу, ″у″ми и эффект ″ў″ри алфавитым щылъытэн зэрыхуейр ″у″р нэхъыбэу псалъэ кӀэух щыхъум деж гурыӀуэгъуэ къыпхуохъур. Аращи, ″у″р зыхэт псалъэхэм щыпэеджэу сытым щыгъуи зэрыигъуэкӀэрэ узэремыджэфыр гулъытапхъэщ. НытӀэ, зы тхыпкъ щхьэхуэу ″ў″р алфавитым хэмыхьэми, псалъэхэм хэт ″у″м занщӀэу зэрыхъун хуейуэ еджэн папщӀэ, игъуэ щыхъум деж, ″у″м ″ы″ къыкӀэлъыкӀуэу е ипэкӀэ и гъу зэрытщӀарэ щапхъэхэри къызэрытхьауэ ″ъ″ къыкӀэлъыкӀуэу тхын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэщ.

*

Макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыӀум теухуауэ ипэкӀэ къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, адыгэбзэм и макъхэр къызэрыхъуарэ къызэрыӀур наӀуэщ. Ахэр къызэрыӀур езы адыгэбзэм къызэригъэщӀам хуэдэу щытынрэ нэгъуэщӀ зы бзэм и макъхэм хуэдэ къэӀуыкӀэ ямыгъуэтын папщӀэ, абы и алфавитыр езым хуэӀуауэ гъэпсынрэ зехьэн хуейщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, адыгэбзэ алфавитымрэ урысыбзэ алфавитыр зэхуэдэу зехьэн хуейкъым. ИпэкӀи зэрыжытӀауэ, нобэ ″адыгэбзэ алфавит″ыр езым хуэӀуауэ зэрымылъытарэ урысыбзэм папщӀи зэрызырахьэращ и щхьэусыгъуэри, зэщхьэщыкӀыу къэӀурэ зэхуэдэу тха макъхэр урысыбзэм хуэӀуауэ къызэрыӀу щӀыкӀэмкӀэ йобэ - йокъур. Адыгэбзэ алфавитым хэт макъ гуэрхэращ мыпхуэдэу урысыбзэ макъхэм хуэдэу къэӀу хъуахэри, ахэр зэхуэдэу зэрытхарэ адыгэбзэ алфавитыр бзитӀым папщӀэу зэралъытэрэ зэрызырахьэм къыхэкӀ зэхъуэкӀыныгъэщ. Ауэ икӀи гулъытапхъэщи, алфавитым хэтрэ адыгэбзэм хуэӀуауэ щыт макъхэм я къэӀукӀэр зэхъуэкӀакъым.

Урысыбзэми хэт макъхэу зэхуэдэ тхыпкъкӀэ тха адыгэбзэ макъхэм я къэӀукӀэр урысыбзэ макъхэм я къэӀукӀэкӀэ зэрызэхъуэкӀыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи мы лэжьыгъэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀаращи, мы зэхъуэкӀ макъхэу зи гугъу тщӀыхэм я къэхъупӀэри зэрызэхуэмыдэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэ алфавитым хэт мы макъхэр зэхуэдэ тхыпкъкӀэ зэрытхам нэхърэ адыгэбзэ алфавитыр бзитӀми теухуауэ зэрызырахьэращ а адыгэбзэ макъхэр урысыбзэм къызэрыхэӀукӀ щӀыкӀэм техьэу зэрыщӀидзэм щхьэусыгъуэ хуэхъур. Адыгэбзэ алфавитыр бзитӀым папщӀэ зэрылъытарэ

зэрызырахьэу урысыбзэри нэхъыщхьэрэ нэхъапэу зэрырагъэджращ къызхэкIри, зэхуэдэу тхарэ бзитIым зэхуэмыдэ къэIукIэ зиIэ макъхэр нобэ щIэблэщIэм дежкIэ урысыбзэм а макъхэр къызэрыIу щIыкIэм техьагъэххэщ; икIи адыгэбзэм хэт макъ гуэрхэри зэрытха щIыкIэм ипкъ иткIэ, а макъым ещхьу урысыбзэм хэт макъым хуэдэ къэIуыкIэкIэщ нобэ щIэбзэщIэм къызэрырииIуу зэрыщIидзар. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мы макъхэр: «ж, жь; х, ху; л».

Мы макъхэм щыщу урысыбзэм хэмыт адыгэбзэ макъщ "жь" макъри, ари урысыбзэ макъхэр нэхъыщхьэу зэрылъытам зэрезэгъкIэрэ мы зэрытха щIыкIэкIэ урысыбзэм "ж" тхыпкъыр къызэрыраIу щIыкIэм пэгъунэгъуу къэIуыкIэкIэ зэхъуэкIыу щIидзащ; нобэ "жь" макъыр ущэбарэ "ж"ым хуэдэ къэIуыкIэкIэщ щIэблэщIэм ар къызэрырииIу зэрыхъуар. Зи къэхъупIэхэр зэхуэмыдэу щытрэ зэхуэдэу "х"ыкIэ тха адыгэбзэ макъри урысыбзэм зэрыхэт щIыкIэкIэ къэIуу щIидзащ. "Х"ым и къэIукIэр мыпхуэдэу зэрызэхъуэкIым папщIэщи, урысыбзэм хэмытрэ адыгэбзэм хуэIуа зы макъыу щыт "ху" макъри урысыбзэ "х" макъым "у" къызэрыпыхьэкIэ игъуэтыну къэIуыкIэкIэщ нобэ щIэблэщIэм къызэрырииIу щIыкIэр. Адыгэбзэм и "л" макъри урысыбзэм и "л" макъым хуэдэ къэIуыкIэ игъуэтащи, адыгэбзэм хэтрэ щабэрэ псыгъуэ къэIуыкIэ зиIэ "л" макъыр нобэ пхъашэрэ гъуму къэIуыкIэ зиIэ урысыбзэ "л" макъым хуэдэу къэIуу щIидзащ. Адыгэбзэ макъхэр урысыбзэ макъхэм хуэдэ къэIуыкIэ иIэу зэрызэхъуэкIым теухуа щапхъэхэфIхэрщ мы ипэкIэ къэтарэ зи гугъу тщIахэри, Iуэхур мыбы къыщымынэу, адыгэбзэм и дэтхэнэ зы макъыр урысыбзэ макъым хуэдэ къэIукIэкIэ зэрызэхъуэкIыу зэрыщIидзари гулъытапхъэщ. Аращи, ипэкIэ къэтахэм хэдымыгъэхьами, нобэ щIэблэщIэм адыгэбзэм и "щ" макъри кIуэ пэтрэ ар урысыбзэм къызэрыхэIукI щIыкIэ хъууэ зэрыщIидзари гулъытапхъэщ.

Урысыбзэм хэтрэ "л"ыуэ тха макъыр пхъашэрэ гъумущ къызэрыIури, хамэбзэу "л" зыхэтрэ урысыбзэм къыхэхьахэр игъэщабэу "ль"уэ зэритхри гурыIуэгъуэщ. Адыгэбзэм и макъ зэхъуэкIыныгъэр зыдынэсар гъэщIэгъуэнрэ ди жагъуэ зэрыхъущи, хэкурыс Адыгэ нэхъыбэр нобэ адыгэбзэ "л" макъым пэжу еджэн егугъужкъым, икIи абы пэжу еджэныр ибгынащ; ауэ урысыбзэкIэ тха "ль"ым псыгъуэрэ щабэу еджэнкIэ зэрегугъущэри наIуэщ. Мы къэтIуэтахэм и зы щапхъэщи, хэкурыс Адыгэр урысыбзэкIэ тха "Нальчик" псалъэм хэт "л" макъыр урысыбзэу "ль"уэ зэрытхам хуэдэу щабэрэ псыгъуэу къырииIункIэ зэрегугъум хуэдэу егугъукъым езым и бзэм и псалъэхэм хэт "л" макъыр адыгэбзэм зэрыхуэфащэу къырииIуэнкIэ егугъужкъым. Урысыбзэ макъыр лъабжьэу лъытэныгъэр адыгэбзэ алфавитыр зэрызекIуэри, алфавитыр бзитIым теухуауэ зэрырихьэрэ урысыбзэр лъабжьэу зэрылъытэм ипкъ иткIэ, езы адыгэбзэм и "л" макъым "ъ" нэгъыщэ къызэрыкIэлъымыкIуэм папщIэщи, ар урысыбзэ "л" пхъашэрэ гъуму йоджэр.

Зэхуэдэ алфавиткӀэ зэрытхар лъабжьэ зэрыхуэхъуарэ, адыгэбзэ алфавитыр урысыбзэри зэраджу зэралъытэращи, урысыбзэр япэрй бзэуэ зэрылъытэрэ алфавитри япэу урысыбзэр зэрыраджу зэрылъытарэ зэрызырахьэм къызэрыгуэкӀкӀэ, адыгэбзэм езым и макъкӀэрэ къэӀуу алфавитым хэту щыта ″к″ макъыр -зы зэман нэужь- урысыбзэм ар къызэрыхэӀукӀ щӀыкӀэм папщӀэ адыгэбзэ алфавитым хэгъэкӀын хуей хъуащ: «к → ч». Мы щхьэусыгъуэкӀэрэ ″кӀ″уэ тха макъри ″к″ым емылъытарэ ″ч″ым елъытауэ къыраӀун хуей хъуащ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэрэ и гугъуи тщагъэххэщи, адыгэбзэм и ″к″ макъыр мы тхыпкъымкӀэ тха а нэхъ макъ псыгъуэращ. Ар щыхъукӀи зэхуэдэу тхами, урысыбзэмрэ адыгэбзэм ″к″ыкӀэ тха макъыр къызэрыӀу щӀыкӀэрэ къыздыщыӀу щӀыпӀэр зэхуэдэкъым. Ауэ зэрыгурыӀуэгъуэнщи, мы ипэкӀэ зэхуэдэ тхыпкъкӀэ тха макъхэм я щхьэм къырикӀуам и гугъу зэрытщӀам хуэдэщи, мы зи гугъу тщӀы макъыр (к) нобэрей алфавитым урысыбзэм и ″к″ым хуэдэу тхауэ хэхьатэмэ, нобэ хэкурыс Адыгэм ари урысыбзэм зэрыхэт щӀыкӀэу къырииӀуу зэхъуэкӀауэ зэрыщытынуми шэч телъкъым.

Адыгэбзэ макъхэм я къэӀукӀэр зэрызэхъуэкӀымрэ, абы и макъхэр зэрыхэщӀым теухуауэ къэхъуахэр мащӀэкъым. Урысыбзэр япэрей бзэуэ зэрылъытам папщӀэщи, урысыбзэм хэмыт макъхэу адыгэбзэм хэт макъ гуэрхэри урысыбзэм а макъхэр зэрызырихьэ щӀыкӀэущ адыгэбзэ тхэкӀэми щызэрызекӀуэр. Мыбы и зы щапхъэщ адыгэбзэр ″хь″ защӀэу лъытапхъэрэ хамэбзэм хэту мыпхуэдэ къэӀуыкӀэ зиӀэ макъхэр адыгэбзэм ″хь″ тхыпкъкӀэ зэрытхыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ, икӀи игъуэри мыращ. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэбзэм апхуэдэ хуитыныгъэ имыӀэущ зэрылъытэр, икӀи адыгэбзэр урысыбзэм епхауэщ дунейм зэрыхэплъэф щхьэгъумбжэр. Аращи, урысыбзэм ″хь″ макъ зэрыхэмытым папщӀэ, урысыбзэкӀэ хамэбзэ псалъэхэм хэт ″хь, һ″ макъхэр зэрыигъуэкӀэрэ ″х, г″ макъхэу зэрыщытым хуэдэщ адыгэбзэкӀи а макъхэр зэрытх щӀыкӀэр. ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэхэм икӀи лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъур хэкурыс Адыгэр дунейм урысыбзэкӀэ зэрытехьэрэ дунейм къыщыхъури абы урысыбзэкӀэ къызэрыхуэкӀуэращи, нэгъуэщӀыбзэхэм я макъхэри Адыгэм урысыбзэ макъхэу къэӀун хуейуэ илъытэу щӀедзэр. Адыгэбзэр урысыбзэм ирапхащи, адыгэбзэр сыт хуэдизу лъэщрэ езым хуэӀуами, ар езым хуэӀуауэ е езым и инициативкӀэ дунейм техьэж – теплъэжкъым, езы Адыгэм дунейр езы адыгэбзэкӀэ занщӀэу къыгурыӀуэжкъым. Мыбы и хэкӀыпӀэр Адыгэм езым и бзэр илъытэжынращи, алфавитрэ тхэн лъэныкъуэкӀэ мыбы и къежьапӀэри ипэкӀэ зи гугъу тщӀарэ икӀи мы лэжьыгъэмрэ япэрей лэжьыгъэхэми къыхэщхэрауэ лъытапхъэщ.

Мы къэтӀуэтахэми щыгъуазэ узэрищӀынуращи, адыгэбзэм езым и алфавитыр езы бзэм хэт макъхэмкӀэ зэхэлъхьа хъун хуейщ; абы ″нэгъуэщӀыбзэхэм папщӀэ″ макъ хэтын хуейкъым. Мыбы къыщымынэу, адыгэбзэ алфавитым адыгэбзэм езым хэт дэтхэнэ зы макъыр щхьэж къызэрыӀу щӀыкӀэуи хэтын хуейщ. Нобэрей ди алфавитым хэмытрэ Кирил

алфавит лъэкIынигъэу нэгъыщэ гуэрхэр макъ гуэрхэм къызэрыпыхьэкIэрэ ятх щхьэж макъхэри щыIэщи, мыхэри щхьэж макъхэу адыгэбзэ алфавитым хэгъэхьэн хуейщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зы алфавитым ар зыхуэIуа бзэм и макъхэр зэрыщыту хэтын хуейщ, мыхъумэ, алфавитым хэмытми, дыщытхэкIэ, алфавитым хиубыдэ нэгъэщэ гуэрхэмкIэ зэрыптхыфым папщIэ, бзэм и макъ гуэрхэр а бзэм и алфавитым щхьэжу мылъытауэ тхэкIэ Iэмалыгъуэу зехьэныр игъуэкъым, - емызэгъщ. Мыпхуэдэ макъхэрщ мы илъабжьэкIэ къэтахэри, абы щыщ гуэрхэр нобэ бзэм -куэдыщэу- щыземыкIуэжми (мыбыхэм игъуэр къыщысым деж дытепсэлъыхьынщ), адыгэбзэм къигъэщIа щхьэж макъхэрщ: «Iы, Iи, Iэ».

НытIэ, адыгэбзэ алфавитыр абы хуэIуа щIыжын хуейщ, ар адыгэбзэм нэмыщIыу икIи урысыбзэри зэрадж алфавиту лъытэн хуейкъым. ИкIи адыгэбзэр зэрымакъыбзэр лъытауэ гъэпсыжын хуейщ адыгэбзэ алфавитри, макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэри адыгэбзэр зэрымакъыбзэм езэгъыу зэкIэлъыгъэкIуэн хуейщ. Адыгэбзэр зэрымакъыбзэр къызыхэщу зэхэлъхьэжа мыпхуэдэ алфавитыр зэрырагъэджэну пэщIэдзэ тхылъри нытIэ адыгэбзэ защIэ псалъэхэр зыхэту щытын хуейщ. Адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым щыгъуазэ ухуэзыщIын хуей мыпхуэдэ зы алфавит (алыфбей - алфабэ) тхылъым – езы адыгэбзэм къыхэхьагъэххэрэ щызекIуэу щытми– хамэбзэ псалъэ хэгъэхьэни хуейкъым.

Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, адыгэбзэ алфавитыр адыгэбзэм и макъ псори зыхэту икIи мы макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэри зыхэзыубыдэу гъэпсынрэ зэхэлъхьэн хуейщ. Абы хиубыдэну макъхэмрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэр мы лэжьыгъэмрэ япэрей лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр гулъытапхъэщи, ар мыпхуэдэ щIыкIэкIэрэ зэрызэхэлъхьэну щIыкIэм теухуа еплъыкIэхэми илъабжьэкIэ я гугъу щытщIынщ.

### Адыгэбзэ макъхэр алфавитым зэрыхэхьэн хуей щIыкIэм теухуауэ.

Япэрей лэжьыгъэхэми къыщызэрыгъэлъэгъуарэ ипэкIи къэбэрдеибзэм хэт макъхэр гуп гупу зэрылъытари гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм и алфавитыр абы макъхэр я къэхъукIэкIэ зэрызэлъыта щIыкIэм теухуауэ зэхэлъхьэн хуейуэ лъытапхъэщ. Макъхэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щIыкIэкIэ алфавитым зэкIэлъхьэужьу щыбгъэлъагъуэм деж, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм хагъэзэщIыхьым нэхъ гулъытэ зэрыхуэпщIыфынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, зы макъыбзэр макъыщIэхэр зэрыхуэныкъуэкIэрэ зэрыхущIэкъум ипкъ иткIэ, щхьэж макъ щэхухэр зэрызэгухьэкIэрэ щхьэж макъ пэлъытэу бзэм хэлэжьыхь ″макъ щэху зэгуэт″хэр алфавитым хэхьэн зэрыхуэмыныкъуэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, щхьэж ″макъ Iуэр″хэмрэ ″макъ Iуэр зэхэжыхьа″хэр алфавитым ипэ щигъэщарэ, абыхэми щхьэж ″макъ щэху″хэр я къэхъукIэ зэкIэлъхьэужьыкIэри зэрылъытакIэрэ къакIэлъыкIуэу алфавитым хэгъэхьэныр игъуэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхэщ щlыкlэу ″макъ lуэр″хэр гуп гупу зэрылъытарэ зэрызэкlэлъхьэужьыкlэр наlуэщ. Аращи, макъ lуэрхэр къызэрежьэм къыщlидзэу къызэрыхъуа щlыкlэкlэ гуп гупу зэрылъыта щlыкlэм езэгъ зэкlэлъхьэужьыкlэкlэ алфавитым хэгъэхьэныр игъуэщи, гуп гупу зэрылъытарэ алфавитми зэрыхэхьапхъэ щlыкlэкlи къэдгъэлъэгъуэнщ: «″Ы, lЫ″; ″Э, lЭ, А″; ″И, lИ, Й, Е (иэ; эй, эйй), lЕ, Я (иа, еа)″; У, lУ, О (эу)″» → «Ы, lЫ, Э, lЭ, А, И, lИ, Й, Е, lЕ, Я, У, lУ, О».

Адыгэбзэм хэт мы макъ lуэрхэм теухуа lуэхугъуэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуэнкlэрэ lуэхур зэрымызэфlэкlри гулъытапхъэщи, мыбы теухуауэ жыlэпхъэ гуэрхэри щыlэщ. Мы псалъэм зэрезэгърэ ипэкlэ тхыпкъ гуэрхэмкlэ макъ зэхэжыхьа тlу-щы зэрылъытар гулъытапхъэщи, мыпхуэдэщ ″е, я″ тхыпкъхэр. Мы тхыпкъхэм щыщу ″я″ тхыпкъымкlэ тха макъ lуэр зэхэжыхьаитlри зэхуэдэу ″и″м къытехъуклауэ (еа → иа) зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщи, ар зэхэгъэкlын зыхуэмыныкъуэрщ. Мыбы нэмыщl, зэхуэдэу ″е″ тхыпкъымкlэ тха ″иэ″рэ ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьа гупитlыр бзэм и лэжьэкlэм дэтхэнэрами гурыlуэгъуэ къыпхуохъуфри, зэхуэдэ тхыпкъкlэ къызэрыгъэлъэгъуар зэ щхьэ lуэгъуэшхуэу лъытапхъэкъым. Ауэ, ″е″ тхыпкъкlэ зэхуэдэу къэгъэлъэгъуауэ щыт ″эй″рэ ″эйй″ макъ зэхэжыхьахэм дэтхэнэрами занщlэу зэхэхугъуафlэ зэрымыхъур гулъытапхъэщи, бзэр фlыуэ зыщlэм мы макъ зэхэжыхьаитlыр игъуэу къыригъэlуклl щхьэ, щlэблэщlэмрэ бзэр щlэуэ зэзыгъащlэм дежкlэ мыпхуэдэкъым; ар щыхьукlи, бзэ лэжьэкlэм мы макъ зэхэжыхьаитlыр (эй, эйй) кlуэ пэтрэ зэхуэдэ къэlуклэкlэ (эйй → эй) ″эй″уэ щызекlуэу щlедзэр. Мыбы папщlэщи, псалъэхэм ″эйй″ макъ зэхэжыхьауэ къыхэlуклыр щхьэхуэ тхыпкъкlэ мытхми, ″е″кlэ тха ″эй″рэ ″эйй″р щызэщхьэщыкlыр адыгэбзэ еджакlуэхэм наlуэ дыдэ яхуэщlын хуейщ.

Макъ lуэрхэр къызэрыгъэлъэгъуапхъэрэ абыхэм теухуауэ гулъытэ хуэщlыпхъэхэр мыпхуэдэщ. Ауэ, мыбы нэгъунэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, ″макъ щэху″хэр япэрей лэжьыгъэхэм къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэ гуэрхэр зэрызэхъуэкlын зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ. Аращи, япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэху гуэрхэр гуп гупу къызэрыгъэлъэгъуам хэплъэжын зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, япэрей лэжьыгъэхэм ″макъ щэху″хэр гуп гупу зэрылъыта щlыкlэхэр аргуэру къэдгъэлъагъуэу, абы теухуауэ жыlэпхъэхэмрэ макъ щэхухэр гуп гупу зэрылъытэжыпхъэм, икlи ахэр алфавитым зэрызэкlэлъхьэужьыкlэкlэ зэрыхэхьапхъэм теухуауэ жыlэпхъэхэр къыпытщэжынщ: «С, Ц, Цl, З, ДЗ»; «ГЪ, ГЪУ, Г, ДЖ-ГЪ, ГУ»; «Ж, ЖЬ»; «Д, Т, Тl»; «Щ, ЩI, Ш»; «Ч-К, КУ, КI, КIУ»; «КЪ, КЪУ»; «КХЪ, КХЪУ»; «ХЪ, ХЪУ»; «Х, ХУ»; «ХЬ»; «ЛЪ, Л, ЛI»; «П, ПI, Б»; «Ф, ФI, В»; «М, Н»; «Р».

Нытlэ япэрауэ, макъ lуэрхэмрэ макъ щэхухэр япэрей лэжьыгъэхэм къызэрыхэщауэ мы къызэрыта щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ алфавитым зэрыхэхьапхъэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыбыи къыкlэлъыкlуэу, ипэкlэ

къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм макъ щэхухэм я къэхъукӀэр къызэрыхэщ щӀыкӀэр дигу къэдгъэкӀыжынщи, макъхэр алфавитым зэрыхэхьэну щӀыкӀэ хъун зэрыхуейм аргуэрум деплъыжынщ. Дауэми, алфавитым макъхэр зэрыхэхьэну щӀыкӀэм макъ Ӏуэрхэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щӀыкӀэр къызэрыхэщкӀэрэ макъ щэхухэм ипэ къихуэу хэгъэхьэныр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ: «Ы, ӀЫ; Э, ӀЭ, А; И, ӀИ, Й, Е, ӀЕ, Я; У, ӀУ, О»; «С, Ц, ЦӀ, З, ДЗ; ГЪ, ГЪУ, Г, ДЖ-ГЬ, ГУ; Ж, ЖЬ; Д, Т, ТӀ; Щ, ЩӀ, Ш; Ч-К, КУ, КӀ, КӀУ; КЪ, КЪУ; КХЪ, КХЪУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ХЬ; ЛЪ, Л, ЛӀ; П, ПӀ, Б; Ф, ФӀ, В; М, Н; Р».

Зэрыжыт1ауэщи, япэрей лэжьыгъэхэм Къэбэрдей адыгэбзэм хэт макъ щэхухэр гуп гупу мы къыщызэрыгъэлъэгъуам нэмыщӀ, макъ щэхухэр зэрызэкӀэлъхьэужьу утыку къызэрихьэмрэ зыр зым къызэрытехъукӀам теухуауэ ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀри илъабжьэкӀэ къэдгъэлъэгъуэнщи, иужькӀэ ахэр алфавитым зэрыхэхьэну зэрылъытапхъэм теухуауэ жыӀэпхъэхэр къыпытщэжынщ.

- «М → Н».
- «ХЬ».
- «КЪ → КЪУ»

    ↓

  «КӀ → ЧӀ»

    ↓

  «КӀУ».
- «КХЪ → КХЪУ»

    ↓

  «К → Ч»

    ↓

  «КУ».
- «ХЪ → ХЪУ»

    ↓

  «Х → ХУ».
- «ГЪ → ГЪУ»

    ↓

  «Г → ГЬ → ДЖ»

            ↓       ↓

        «ГУ»   «ДЗ».
- «Щ → ЩӀ; Ш»

    ↓

  «С».
- «ЖЬ → Ж»

    ↓

  «З».
- «ЛЪ, Л, ЛӀ».
- «Р».

- «Д, Т, Тl».
- «П, Пl, Б».
- «Ф, Фl, В».
- «Цl» → «Ц».

Я къэхъукlэм теухуауэ мы къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэу "макъ щэху"хэр гуп гупу зэрылъытапхъэри мыпхуэдэщ: «М, Н»; «ХЬ»; «КЪ, КЪУ; Кl – (Чl), КlУ»; «КХЪ, КХЪУ; К – Ч, КУ»; «ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ»; «ГЪ, ГЪУ; Г, ГЬ – ДЖ, ГУ; ДЗ»; «Щ, Щl; Ш; С»; «ЖЬ, Ж; З»; «ЛЪ, Л, Лl»; «Р»; «Д, Т, Тl»; «П, Пl, Б»; «Ф, Фl, В»; «Цl, Ц».

Макъ щэхухэр гуп гупу мы къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэр къызтехъукlарэ къытехъукlа макъхэр зы гупу зэрылъытауэщи, ахэри зэхэбгъэкlрэ зэкlэлъхьэужь гупхэу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ: «М, Н»; «ХЬ»; «КЪ, КЪУ»; «Кl – (Чl), КlУ»; «КХЪ, КХЪУ»; «К – Ч, КУ»; «ХЪ, ХЪУ»; «Х, ХУ»; «ГЪ, ГЪУ»; «Г, ГЬ – ДЖ, ГУ; ДЗ»; «Щ, Щl; Ш; С»; «ЖЬ, Ж; З»; «ЛЪ, Л, Лl»; «Р»; «Д, Т, Тl»; «П, Пl, Б»; «Ф, Фl, В»; «Цl, Ц».

Макъхэр мы къызэрыта щlыкlитlкlи гуп зэрыпщlыфынур гурыlуэгъуэнщ, ауэ ахэр мы зэрызэкlэлъыкlуэ щlыкlэу алфавитым хэбгъэхьэнымрэ япэрей лэжьыгъэхэм къыщыдгъэлъэгъуа щlыкlэу хэбгъэхьэным теухуауэ жыlэпхъэхэр щыlэщи, илъабжьэкlэ мыбыхэм деплъынщ. Мыбы дыхэмыхьэ ипэкlи, макъхэр мы къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэми теухуауэ жыlэпхъэр къыпытщэнщ.

Япэрауэ, Къэбэрдей адыгэбзэм хэт макъхэм щыщу "кl"ыуэ тхар "чl"ыуэ къызэрыраlур гурыlуэгъуэщи, "чl"ыр мы къызэрыгъэлъэгъуами хэгъэкlыным ягъэ иlэу лъытапхъэкъым. Мыбы нэмыщl, нобэ "к"ым ипlэкlэ "ч"ыр зэрахэрэ алфавитым зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ, ауэ адыгэбзэм ноби "к"ыри зезыхьэ жьэрыпсалъэрэ диалекти зэриlэм папщlэ, "ч"ым хуэдэжу "к"ыри алфавитым хэтыныр игъуэу лъытапхъэщ; икlи, "ку"р къызтехъукlа макъщ "к" макъри, "к" макъыр алфавитым хэтмэ, "ку" макъыр къыздикlари гурыlуэгъуэ зэрыхъунури гулъытапхъэщ. "К"ымрэ "ч"ым теухуауэ мы жытlар "гь"ымрэ "дж"ыми я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэми зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщи, а макъитlри алфавитым хэтыныр игъуэщ.

Гулъытапхъэщи, я къэхъукlэ зэкlэлъхьэужьыкlэкlэ макъ щэхухэр мы зи гугъу тщlыуэ къызэрыта щlыкlэр япэрей лэжьыгъэхэм къыщыта щlыкlэм хуэдэжкъым. Аращи, мы ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм зэрезэгъ щlыкlэу макъ щэхухэр алфавитым зэрыхэхьапхъэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «М, Н; ХЬ; КЪ, КЪУ; Кl, КlУ; КХЪ, КХЪУ; К-Ч, КУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ГЪ, ГЪУ; Г, ГЬ- ДЖ, ГУ, ДЗ; Щ, Щl, Ш, С; ЖЬ, Ж, З; ЛЪ, Л, Лl; Р; Д, Т, Тl; П, Пl, Б; Ф, Фl, В; Цl, Ц».

Нытlэ, макъ щэхухэр алфавитым зэрыхэхьапхъэм теухуауэ мы къэтамрэ япэрей лэжьыгъэхэм утыку къитлъхьа я зэкlэлъхьэужьыкlэм дэтхэнэр нэхъ игъуэу зэрылъытапхъэм теухуауэ жыlэпхъэхэри къыпытщэнщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэху гупу къыщыгъэлъэгъуа ″с, цӀ, ц, з, дз″ макъ гупыр мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм зэрыщымыӀэжыр гулъытапхъэщи, абы хиубыдэ ″цӀ, ц″ макъыр зы гупу лъытарэ адрей макъхэр нэгъуэщӀ гупхэм зэрыхэхьэжар гурыӀуэгъуэщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, япэрей лэжьыгъэхэм икӀэ нэгъунэ къызэрымыхутамрэ я къэӀукӀэкӀи зэрызэпэгъунэгъум папщӀэщ ″с, цӀ, ц, з, дз″ыр зы гупу зэрылъытам щхьэусыгъуэ хуэхъуар. ИкӀи, ″с, цӀ, ц, з, дз″ гупым хэт макъхэр я къэӀуыкӀэкӀэ зэщхьрэ я мыхьэнэхэми зэкӀэлъхьэжьыкӀэ яӀэу лъытапхъэ щхьэ, мы макъхэм адрей гупхэм хуэдэу зэгъунэгъугъэ зэрызыхуамыӀэри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, мы макъхэм щыщ гуэрхэр (с, з, дз) нэгъуэщӀ макъ гупхэм хиубыдэ макъ гуэрхэр къазэрытехъукӀар гурыӀуэгъуэ къыщытхуэхъуащ мы лэжьыгъэкӀи, мы макъхэр ″с, цӀ, ц, з, дз″ гупым хэтын нэхърэ къызтехъукӀахэр гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа макъхэм я гупым хэту алфавитым хэгъэхьэныр нэхъ игъуэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″цӀ, ц″ макъхэр зы гупу алфавитым щыигъуэм деж хэгъэхьэныр игъуэщи, адрей макъхэри къызтехъукӀа макъ гупым хэту алфавитым хэхьэныр игъуэщ. НытӀэ, ″з″ макъыр къызтехъукӀа ″жь″ макъ гупым хэту ″жь, ж; з″ зэкӀэлъхьэужьыкӀэкӀэ алфавитым хэхьэныр игъуэщ; ″с″ макъыр къызтехъукӀа ″щ″ макъ гупым щыщу ″щ, щӀ, ш; с″ зэкӀэлъхьэужьыкӀэкӀэ алфавитым хэхьэныр игъуэщ; ″дз″ макъри къызтехъукӀауэ лъытапхъэ ″дж″ макъыр зыхэт ″гъ, гъу; г, гь-дж, гу; дз″ гупым хэту алфавитым къыщыгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэхухэр къызэрежьэ ″с, цӀ, ц, з, дз″ макъ гупым хиубыдэ макъ гуэрхэр къызтехъукӀа макъ гупхэм зэрыхэхьапхъэр гурыӀуэгъуэщи, мы макъхэм щыщу зы макъ гупу лъытапхъэ ″цӀ, ц″ макъхэри алфавит зэхэлъхьэкӀэу игъуэм деж къыщыгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Ауэ мы лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, мы макъхэр алфавитым щыщыгъэлъэгъуэну щӀыпӀэри алфавит ухыпӀэхэм хуэзэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Мы и гугъу зэрытщӀауэ япэрей лэжьыгъэхэм япэрей макъ гупу тлъытар мы лэжьыгъэм зэрезэгъкӀэрэ нэхъ иугъуэхэм тедгуэшащ. Ауэ мы макъ гупыр (с, цӀ, ц, з, дз) къызэрежьэ ″с″ макъри алфавит зэхэлъхьэкӀэкӀэ макъ щэху къежьапӀэу зы пӀэ зиӀэу щытауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэхухэр алфавитым зэрыхэхьэ щӀыкӀэр ″с″ макъымкӀэ къежьэрэ ″р″ макъымкӀэ зэриухри зы еплъыкӀэкӀэ игъуэт. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″с″ макъыр ″щ″ макъ къэхъукӀэм къытехъукӀарэ и макъ мыхьэнэкӀи щыӀэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ым ипэ къихуэрауэ зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ар макъ щэху къежьапӀэу лъытэныр игъуэрэ хуэфащэу лъытапхъэщ; икӀи, ″р″ макъри макъ мыхьэнэ зимыӀэ макъ закъуэрауэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, ари щхьэжу макъ щэху ухыпӀэр зыхуэфащэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Мыбы нэмыщӀ, ″макъ щэху″ нэхъыжьу лъытапхъэ ″м″ макъымрэ абы къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа ″н″ макъыр зы гупу зэрылъытапхъэр

зэрыигъуэр гурыIуэгъуэщ; ауэ икIи, япэрей лэжьыгъэхэм мы гупыр мыхьэнэ зимыIэ макъ щэху закъуэрэ ″макъ щэху″ ухыпIэу щыт ″р″ макъым ипэ къиихуэу къызэрыгъэлъэгъуам и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщи, ″м, н″ макъхэр - я къэхъукIэм ипкъ иткIэ- макъ мыхьэнэ пыухытыкIа ямыIэуи бзэм зэрыхэлэжьыхьыфхэращ. Аращи, макъ мыхьэнэ зимыIэ ″р″ макъымрэ макъ мыхьэнэ зиIэ макъ щэхухэм я зэхуакур зы макъ гупу ″м, н″ макъхэр къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэри игъуэу лъытапхъэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм ″к-ч, ку, кI, кIу″р зы гупу зэрылъытар гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуэныр мы макъхэр зэрытха щIыкIэм зэрытеухуакIэрэ игъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ауэ мы къэгъэлъэгъуэкIэр мы макъхэм я къэхъукIэмрэ къызэрыхъуа зэкIэлъхьэужьыкIэм зэремызэгъыщэри мы къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэм къызэрыхэщыжыр гулъытапхъэщ. Аращи, макъхэр зэрытха щIыкIэм езэгъыу алфавитым хэгъэхьэнымрэ, я къэхъукIэм зэрелъытакIэрэ хэгъэхьэным зыр къыхэхын хуейщи, дэркIэ мы макъхэм (к-ч, ку; кI, кIу) я къэхъукIэр нэхъ лъабжьэу лъытэнрэ ахэр къызтехъукIа макъым (къ, кхъ) къыкIэлъыкIуэу (кI, кIу; к-ч, ку) алфавитым хэгъэхьэныр нэхъ игъуэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, мы макъхэр къызтехъукIа макъхэм я гупым къыкIэлъыкIуэу (″къ, къу″ гупым ″кI, кIу″р; ″кхъ, кхъу″м ″к-ч, ку″р), е ″къ, къу; кхъ, кхъу″ зэкIэлъхьэужьыкIэм ″кI, кIу; к-ч, ку″р къыпыщэжу алфавитым хэгъэхьэныр игъуэщ.

Макъ щэхухэр гуп гупу зэрылъытапхъэмрэ, ахэр алфавитым зэрыхэхьэн хуей зэкIэлъхьэужьыкIэм теухуауэ иы зи гугъу тщIарэ тежытIыхьахэм хуэдэхэр тежыIыхьыпхъэщи, ахэр алфавитым зэтыхэхьэн хуейм теухуауэ фIэкIыпIэ имыIэу зы щIыкIэр утыку къилъхьэнри гугъущ. Ауэ, макъхэр алфавитым зэрыхэхьэну щIыкIэм теухуауэ абыхэм я тхэкIэри нэмыплъ мыщIыпхъэу лъытапхъэми, зы макъыбзэм и макъхэр алфавитым зэрыхэхьэну щIыкIэм теухуауэ нэхъыбэу макъхэр я къэхъукIэкIэ зэрызэлъытарэ зэрызэкIэлъхьэужьыкIэр, икIи абыхэм я макъ мыхьэнэхэр лъабжьэрэ нэхъыщхьэу лъытэныр нэхъ игъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэм зэрезэгърэ макъхэр адыгэбзэ алфавитым зэрыхэхьэн хуей щIыкIэм теухуа щапхъэу, илъабжьэкIэ макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIитI къэтащ.

«Ы, IЫ, Э, IЭ, А, И, IИ, Й, Е, IЕ, Я, У, IУ, О»; «М, Н; ХЬ; КЪ, КЪУ; КI, КIУ; КХЪ, КХЪУ; К-Ч, КУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ГЪ, ГЪУ; Г, ГЬ-ДЖ, ГУ, ДЗ; Щ, ЩI, Ш, С; ЖЬ, Ж, З; ЛЪ, Л, ЛI; Р; Д, Т, ТI; П, ПI, Б; Ф, ФI, В; ЦI, Ц».

«Ы, IЫ, Э, IЭ, А, И, IИ, Й, Е, IЕ, Я, У, IУ, О»; «КЪ, КЪУ; КХЪ, КХЪУ; КI, КIУ, К-Ч, КУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ХЬ; ГЪ, ГЪУ, Г, ГЬ-ДЖ, ГУ; ДЗ; ЖЬ, Ж; З; Щ, ЩI, Ш, С; ЛЪ, Л, ЛI; Д, Т, ТI; П, ПI, Б; Ф, ФI, В; ЦI, Ц; М, Н; Р».

**МАКЪ МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭР БЗЭ ЩIЫБ ЕПЛЪЫКIЭКIЭ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЫГУРЫГЪЭIУАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ**

Псэлъэбзэр зэрыухуар макъхэмкIэрэщи, псэлъэбзэр зэрыухуам лъабжьэ хуэхъур макъхэращ. Макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм ипкъ иткIэ ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ зиIэхэрщи, мы я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэщ бзэм зэрыхэхьэрэ хэлэжьыхьу зэрыщIидзэри. Мыпхуэдэу бзэм хэхьа макъхэр я мыхьэнэкIэрэ бзэм щыхэлэжьыхьым щыгъуэм абыхэм я къэхъукIэу ягъуэта мыхьэнэхэм мыхьэнэщIэхэри къатохъукIыфри, бзэ лэжьэкIэм макъхэр мыхьэнэбэу хэлэжьыхьуи щIедзэр. Мы псалъэм гурыIуэгъуэ къызэрищIщи, макъхэр утыку къызэрихьам елъытарэ зэрытеухуакIэрэ ягъуэт мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ, бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ абыхэм къагъэщI мыхьэнэщIэхэмкIэрэ мыхьэнэбэ зэрагъуэтыр гурыIуэгъуэщи, ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ жыхуэтIэхэр мыхэр зыхэзыубыдэрщ.

Макъхэм ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″у мы ягъуэтауэ тлъытэмрэ ахэр мы зэрыщыткIэрэ занщIэу бзэм зэрыхэхьэкIэрэ абыхэм занщIэу ″макъ псалъэ″ къазэрытехъукIыр зэхуэдэ Iуэхугъуэкъым. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″макъ мыхьэнэ″ жыхуэтIэр бзэм лъабжьэ хуэхъурэ бзэ щIыб мыхьэнэщ, ауэ ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэр бзэр зэрыухуэм ипкъ иткIэ бзэм утыку къыригъэхьэ мыхьэнэхэращ. Аращи, зы макъыр щхьэж къызэрыIукIэрэ бзэм зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьамрэ, а макъыр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ игъуэта мыхьэнэр (макъ мыхьэнэ) зэхуэдэ Iуэхугъуэкъым. Ауэ, бзэр зэрыухуар макъкIэрэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, дэ макъхэм дызэрытепсэлъыхьрэ я ″макъ мыхьэнэ″хэри къызэрытIуатэр бзэ лэжьэкIэрэ псалъэкIэрэщи, ″макъ мыхьэнэ″рэ ″бзэ мыхьэнэ″р зэхуэдэу къытщохъу, щыуагъэуи зэхуэдэу долъытэфыр.

НытIэ, мыбы и хэкIыпIэр ″макъ мыхьэнэ″хэр псэлъэбзэм нэмыщI логиекIэрэ къэгъэунэхунрэ утыку къилъхьэнращи, макъхэм я къэхъукIэм елъытарэ пыщIауэ яIэу я гугъу щытщIкIэ, мыр псэлъэбзэ Iуэху хэмылъу, тхыпхъэрэ тхьыпхъэ лIэужьыгъуэу, сигналрэ знак формэ лIэужьыгъуэу къэгъэлъэгъуэфынщ. ИкIи, нэгъуэщI щIэныгъэ диципинэхэмкIи къэIуэтэфынщ ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ жыхуэтIэхэри, физикэрэ математикэ щIэныгъэр лъабжьэ хуэтщIрэ абыхэм теухуа терминхэмкIи къэIуэтэфынщ.

Мы псалъэхэм пыщапхъэу дигу къэдгъэкIыжмэ, адыгэбзэм и макъ Iуэрхэм ягъэзащIэ къалэнхэр геометрикэ къалэнхэу зэрыщытми и гугъу тщIауэ щытащ япэрей лэжьыгъэхэм. Мыбы къыщымынэу, адыгэбзэ макъ Iуэр лъабжьэу тлъытахэр (ы, э, и, у) геометрие системэ зэрызэпкъырыувэ къалэн зиIэхэрауэ зэрыщытми и гугъу тщIагъащ. ИкIи, мыпхуэдэу геометрие системэ зэрыухуэм лъабжьэ язэрыхуэхъур мы макъхэр макъыгъуэрэ макъ корпусыр зэрызэпкъырыувэ макъхэу зэрыщытхэращи, ахэр макъ геометриери зэрызэпкъырыувэ макъхэу зэрыщытми япэрей лэжьыгъэхэм и гугъу щытщIауэ щытащ. Мыбы къыщымынэу, зи гугъу

тщIы япэрей лэжьыгъэхэм макъ Iуэрхэм ягъэзащIэ геометрие къалэнхэр координат системэхэм зэрытеухуэ щIыкIэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Макъ Iуэрхэр макъ геометриерэ макъыгъуэр зэрыухуэращи, мыпхуэдэу ухуа макъыгъуэ кIуэцIращ дэтхэнэ зы макъыр къыздыщыхъурэ мыхьэнэрэ къалэн зыщигъуэтри, нытIэ, макъыгъуэм къыщыхъуу утыку къихьэ макъ щэхухэми я мыхьэнэрэ къалэнхэр макъ геометрие кIуэцIым и зы щIыпIэм теухуэрэ екIуэлIэныгъэ иIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр зытеухуэрэ зэкIуэлIэныгъэ зиIэ макъ Iуэрхэр щыIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Аращи, макъ Iуэрхэм ягъэзащIэр геометрие системэм теухуауэ къыщыдгъэунэхуакIэ, мыпхуэдэ зы системэм утыку къыщихьэ макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зытеухуэрэ зэкIуалэ геометрие щIыпIэри къызэрыгъэунэхуфынур гулъытапхъэщи, мыри ди макъ Iуэрхэм ягъэзащIэу зи гугъу тщIа геометрие къалэнхэм зэрытеухуакIэрэ утыку къызэрилъхьэфынури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэр япэрауэ макъ Iуэрхэм ягъэзащIэрэ утыку къыралъхьэ геометрие къалэнхэр аргуэру дигу къэдгъэкIыжу къыщIэддзэныр игъуэщи, мыбыи къыкIэлъыкIуэу, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зытеухуэрэ зэкIуалIэ геометриер ди макъ Iуэрхэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэжынщ. Мыпхуэдэуи, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр (макъ мыхьэнэхэр) псэлъэбзэкIэ мыхъуу, математикэкIэ къэдгъэунэхунщ; мыпхуэдэ лэжьыгъэри зи геометрикэ къалэныр къэдгъэунэхуагъэххэу щыт адыгэбзэ макъ Iуэрхэм теухуауэ къедгъэкIуэкIынщ.

## "Макъ Iуэр"хэм ягъэзащIэ геометрие къалэнхэмрэ, геометрие системэ утыку къызэрырагъэхьэм теухуауэ.

ЦIыхум къызжьэдигъэкIрэ и бзэр зэрыухуэ макъхэм я щыIэгъуапIэр макъыгъуэу, макъ кулъэу е макъ корпусу лъытапхъэмэ, мы корпусым и геометриер къэзыгъэщI макъхэр макъ Iуэрхарауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, я къэхъукIэрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэм икIи я къэIукIэм зэрелъытарэ зэрезэгъкIэрэ макъ Iуэрхэм макъ корпусрэ макъыгъуэр зэрыухуэм теухуауэ ягъэзащIэ Iуэхугъуэхэр дигу къэдгъэкIэжынщ.

"**Ы**" макъыр макъ къызэрыIуф макъ Iуэррэ макъзешэщи, макъхэр утыку къихьэным а нэхъ къару мащIэ зэрытекIуадэкIэрэ къызэрыIуращ. Ар япэ къэхъуауэ лъытапхъэ "м" макъыр утыку къызэрихьэ макъщи, "м" макъым дэщIыгъуу япэ къэхъуа макъ Iуэрщ, икIи мыпхуэдэу утыку къызэрихьам ипкъ иткIи, макъзешэ къалэн игъуэзащIэу утыку къихьащ. Макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ Iуэрхэр хуиту къэIуыкIэ зиIэ макъ Iуэрхэращи, мыбыхэм щыщу япэу зыкъэзыгъэлъэгъуар "ы" макърыщ, икIи адрей макъхэри "ы"м къыщIидзэущ къызэрыхъуа щIыкIэр. "Ы" макъыр макъ

Iуэрхэм ящыщу, дэтхэнэ зы макъыр а нэхъ къару мащIэ зэрытекIуадэу къэзыгъэIуф макъщи, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуа щIыкIэрэ мыхьэнэуэ а зэрыщыту къызэрыIуф макъыу, макъхэр оригиналу утыку къизышэ макъщ. Мыбы зэрезэгърэ япэрей макъ Iуэру зэрыщыткIэрэи, ″ы″р оригинал къалэн зиIэ макъщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри мыпхуэдэ къалэнкIэрэщи, ″ы″кIэрэ къэIу макъыр и оригиналыпIэм итущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

Макъыгъуэрэ макъ корпусыр зэрыухуэ геометриер макъ IуэрхэмкIэщи, макъ Iуэрхэм япэу къэхъуарэ абыхэм я къэхъуныгъэми лъабжьэ хуэхъуа зы макъыу щыт ″ы″р мы геометриеми и къежьапIэу, и оригиныпIэращ.

Макъ Iуэр къежьапIэу лъытапхъэ ″ы″ макъым къытехъукIыу утыку къихьэ япэрей макъыр ″**э**″ макърази, оригин къалэн зиIэ ″ы″м япэрей лъэбакъуэу къызэрытехъукIам къызэрыгуэкIкIэ, функциал кIуэтэгъуэ зыгъэзащIэ макъыу адыгэбзэм хэтщ. ″Э″кIэрэ къэIу дэтхэнэ зы макърэ псалъэм функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ егъуэтри, ″э″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри мыпхуэдэщ.

″Ы″м къыкIэлъыкIуэу къытехъукIарэ кIуэтэгъуэ къалэн зыгъэзащIэ ″э″ макъыр макъыгъуэрэ макъ геометриери зэрызэпкъырыувэм и япэрей лъэбакъуэу, мы геометриер зэрызэпкъырыувэм лъабжьэрэ ординат хуэхъуи лъытапхъэщ.

Макъ къэхъукIэу кIуэтэгъуэ Iуэху къыщыхъукIэ, мыбы къыкIэлъыкIуэ гуэр зэриджынур гурыIуэгъуэнщи, ″э″ макъым къыкIэлъыкIуэрэ елъытауэ, икIи абы хуэпэзадэ щIыкIэу джырэ утыку къихьэр ″**и**″ макърaщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри мы къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъыущи, зэманыгъуэкIэрэ щыIэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэу ″и″кIэрэ мэлъытэф; дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэрэ щыIэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зы ″и″ лIэужьыгъуэу мэлъытэф; дэтхэнэ гуэрыр къызэрыIуатэ псалъэм ипIэ иувэу ар цIэимыIуэкIэрэ ″и″кIэрэ къоIуэтэф; дэтхэнэ зы макърэ псалъэр ″и″кIэрэ гъэлъагъуэу бзэ лэжьэкIэхэр утыку къохьэр.

Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ корпус зэрыухуэр космосым зэрезэгъкIэрэщи, функуциал зэманым космосым хуигъэзащIэр макъ къэхъугъуэкIэ ″э″ макърaщ зыгъэзащIэри, абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ ″и″ макъри зэманыгъуэкIэрэ джырaщ зытеухуар. Функциал зэманыр зэпэхъурейуэ зэрыкIуатэкIэрэ щыIэгъуэр зэрыджым езэгъыу, ″э″ макъым къыкIэлъыкIуэрэ хуэпэзадэу хуэпэувыж пэлъытэу ″и″ макъри зэпэхъурейкIэрэщ утыку къохьэр. Мы макъитIыр зэхуэпэзадэу къызэрыIум гуылъытапхъэ къыпхуищIрэ апхуэдэ я зэхущытыкIэм къалэну ягъэзащIэр макъ корпусыр и хъуреягъкIэ зэрызэщIэувэ щIыкIэрауэ жыIэпхъэщи, макъ корпус жыхуэтIэр ″э″ макъымрэ абы елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ джыуэ утыку къихьэ ″и″ макъым къагъэщIрэ зэщIэуvауэ зы системэу щыIэгъуэ зыгъуэтарауэ жыIэпхъэщ.

Нэгъуэщiыу жыпIэмэ, макъ къорпусым и измерение (dimention) лъэныкъуитIыр ″э″мрэ ″и″рaщ: ″э″мрэ, ″э″м елъытауэ утыку къихьэрэ абы

хуэпэзадэрэ хуэпэувыжу и антитез пэлъытэу щыт ″и″ращ. Лъэныкъуитl щыжытlэм деж, ″э″р зы функциал кlуэтэгъуэу лъэныкъуабгъуэ кlуэтэгъуэщи, мыпхуэдэуи зэпэхъурей кlуэтэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы елъытауэ утыку къихьэ ″и″ри апхуэдэу зэпэхъуреипlэщ.

Лъэныкъуитlым мы зэрызэлъытэгъуэрэ координэуэ зэдаухуэ системэр зы ″координат системэ″щ. Мы системэ ухуэныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар мы системэр зэрызэщlэува лъабжьэу щыт ″э″ращи, ар мы ухуэ сисемэр зэрыуэм и ″ординат″щ. Ординатым (э) елъытарэ къызэрыхэкlкlэ джыри ″абзсис″ жыхуаlэрщи, ар ″и″ращ. ″И″р мы ″координат системэ″р щыдж лъэныкъуэращ, икlи мы системэм щыджыр мы системэм теухуарэ хуэкоординэуэ утыку къызэрихьэращ. Абдежыр (и) системэр щыджрэ зэрыджращ; системэм и джыпlэрэ и джыгъуэращ; икlи системэм щыджыр зыщыджрэ зы джыгъуэу пlэ щигъуэтащ.

Мыпхуэдэу утыку къихьэ координат системэр мы лъэныкъуитlыр (э, и) зыхэзубыдэрщи, мы системэр зэрыужь щlыкlэри мыпхуэдэущ. Макъыгъуэу утыку къихьа мы системэ ужьыгъуэр мы макъитlым (э, и) зэдащlэр зыхэзыубыдэу зы макъ зэдаухуэри, ар ″и″ макъ нэужьым къэхъуауэ лъытапхъэ ″**у**″ макъращ: «у: {э, и}».

″У″ макъыр мы лъэныкъуитlыр зыхэзыубыдэу системэм и ужьыгъуэр зи мыхьэнэ макъращ, икlи мыпхуэдэ системэм хэту ужь дэтхэнэ гуэрыр къызэрыlуатэ макъщ. Ар мы системэм щыщ дэтхэнэ зы ужьыгъуэр зэрылъытэ макъщ; мы системэм щыщу щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр езырыжу зэрыужьрэ зэрыужьэхыр зэрылъытэрэ, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэ зы лlэужьыгъуэуи къызэрыlуатэ макъщи, ″у″ макъым бзэм хигъэзэщlыхьхэри мыпхуэдэ lуэхугъуэхэращ.

*

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, щыlэгъуэр утыку къызэрихьэр зэманыгъуэкlэрэщ. Дэ щыlэгъуэ зиlэхэм занщlэу гурыlуэгъуэ къытхуэхъукъым ″зэман″ жыхуэтlэри, ар щыlэгъуэ кlуэтэгъуэрэ ужьыгъуэкlэрэщ зэрытлъытэр. Зэманыр щыlэгъуэр утыку къызэрихьэ функциал кlуэтэгъуэщ, ауэ ар щхьэж щыlэгъуэ зиlэрэ щыlэгъуэм щыщу зэрыщымытым езэгъ lуэхугъуэщ адыгэбзэм ″зэман″ыр къызэрыlуатэу щхьэж зы псалъэ зэрыхэмытыр. Ауэ икlи щыlэгъуэр зэманкlэрэ зэрыджрэ зэрызекlуэр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм мыпхуэдэу функциал зэманым игъэзащlэр макъ мыхьэнэ зимыlэ ″э″м егъэзащlэр. Функциал зэманкlэрэ джырэ утыку къихьэр щыlэгъуэращи, ар зэман системэм и абзсису утыку къызэрихьэр ″и″кlэрэщ зэрылъытэр. Аращи, функциал зэманымрэ щыlэгъуэр зэрыджрэ зэрызекlуэр зэщхьэщыбгъэкlыфын lуэхугъуэкъым, икlи зэманри щхьэж зы щыlэгъуэ пэлъытэу щхьэхуэу плъытэфынкъым. Щыlэгъуэр е щыlэгъуэ джыпlэр зэманым пыщlауэщ къызэрекlуэкlри, дэтхэнэ зы зэманыгъуэм щыджыр щыlэгъуэ зиlэрэ дэри абы щыщхэращи, щыlэгъуэ зиlэу щыlэгъуэ зиlэр зылъытэ дэ щыlэгъуэ лъабжьэрэ щыlэгъуэм щымыщ зэманыр щхьэжу тлъытэфынкъым. Зэманыр иужькlэ

псалъэ зэрыхэхъухьар гурыӀуэгъуэнщ бзэ гуэрхэми, мы псалъэхэмкӀэ функциал зэманми и гугъу ящӀ щхьэ, абырэ щыӀэгъуэ джыпӀэр зэхэхугъуэу щымыту зэпыщӀауэ зэрыщытыр щӀэныгъэкӀэ ялъытэри, щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр зэманымрэ джыгъуэ лӀэужьыгъуэ ужьыгъуэр зэхэгъэкӀыпӀэ зэримыӀэкӀэрэ зэрытлъытэращ. Аращи, дэтхэнэ гуэрыр ″а приорие″у ″зэман/еспас″ лъабжьэкӀэ зэрытлъытэрэ гурыӀуэгъуэ къызэрытхуэхъуращ философиеу утыку къыралъхьэр.

Зэманыр щыӀэгъуэ лъабжьэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, щыӀэгъуэрэ джыгъуэр псалъэкӀэрэ къэӀуатэ щхьэ, зэманыр макъ гуэрхэмкӀэрэ мэлъытэр, икӀи функциал зэманри ″э″кӀэрэ зэрылъытэми и гугъу тщӀагъэххэщ. Аращи, философием гурыӀуэгъуэ къызэрытхуищӀым зэрезэгъщи, ″зэман/еспас″ жыхуаӀэу щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр зэрытлъытэрэ къызэрыдгурыӀуэу ″а приорие (априорие)″у щытыр макъ мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ ″э/и″кӀэрэщ адыгэбзэм гурыӀуэгъуэ къызэрищӀрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр: ″зэман/еспас″у ″а приорие″у щытыр адыгэбзэм псалъэ зэрымыхъуакӀэрэ ″а приорие″у ″э/и″кӀэрэ хэлэжьыхьу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

*

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщӀа макъхэр макъ Ӏуэр лъабжьэхэрауэ (ы, э, и, у) зэрыщытыр гулъытапхъэщи, абыхэм адыгэбзэм хащӀыхьыр макъыгъуэрэ макъ корпусыр зэрызэпкъырыувэу ягъэзащӀэ Ӏуэхугъуэу мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъри гурыӀуэгъуэщ. Зи гугъу тщӀа я къэхъукӀэкӀэ зэрызэкӀэлъхьэужьу утыку къызэрихьэ щӀыкӀэу мы макъхэм макъыгъуэрэ макъ щыӀэгъуэм теухуауэ ягъэзащӀэр зы ″координат системэ″м къалэну хагъэзэщӀыхьращи, утыку къыщихьарэ къызэрихьам хуэдэу мыбдежым зи гугъу тщӀари ″зэман координат системэм (t-координат системэ: э-координат системэ)″ езэгъ Ӏуэхугъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, функциал зэманым игъэзащӀэр макъ къэхъугъуэкӀэ ″э″м егъэзащӀэ; абы къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьэ ″и″ макъми функциал зэманым и кӀуэтэгъуэрэкӀэ къэхъу джын Ӏуэхуу ″абзсис″ыгъэ егъэзащӀэ; мый тӀум (э-и) зэдащӀэри ″у″щи, ар ″э-и″ лъэныкъуэхэр зыхэлъыж системэ ужьыгъуэращ, икӀи системэр зэрыщытуи зэрылъытэфращ. Мы псалъэм зэрезэгъкӀэрэ, зи гугъу тщӀа мы адыгэбзэ макъ Ӏуэр лъабжьэхэмрэ математикэ терминхэр зэрызэтеухуэр гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ (математикэ терминхэр *италик*экӀэ тхащ): «″э → $t$ (зэман); и → $y$ (абзсис)″щ»; «зэман координат системэм теухуауэ ″$f(t)$″р ″у″ращи, ари $f$(э)″щ»; «зэман координат системэм щыдж зы ″функцэ″р ($f(t)$) ″абзсис″ыгъэу ($y$) утыку къихьэращи, икӀи ″$y$″мрэ ″$t$″ зэхущытыныгъэкӀэ ″$y = f(t)$″щ; ари ″и = $f$(э)″уэ ″и = у″щ».

Адыгэбзэм мы и макъ Ӏуэр лъабжьэхэм ягъэзащӀэрэ я мыхьэнэхэр математикэ терминхэм зэрытеухуэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм джыгъуэрэ джыпӀэ къизыӀуэ абзсис мыхьэнэрэ къалэн зыгъэзащӀэ ″и″р координат системэм и абзсисыр математикэу къызэрагъэлъагъуэ термину

щыт "*у*"м занщӀэу зэрытеухуэр гурыӀуэгъуэщи, "*у*" макъым и къэӀукӀэри адыгэбзэм и "*и*" макъым хуэдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Зэман координат системэм и ординатыр математикэ термину "зэман"ыр къызэраӀуатэ псалъэм (*temps, time*) и къежьапӀэ тхыпкъращ (*t*).

Ауэ дэ езы щыӀэхэр дызхэт системэр щыӀэгъуэрэ геометрие системэращи, зэманыр занщӀэу зэрыдмыщӀэр гурыӀуэгъуэщи, адыгэбзэм "зэман"ыр зы псалъэкӀэ къызэрымыӀуатэр мырагъэнщ. Адыгэбзэм зэманыр занщӀэу къызэрыӀуатэ псалъэ хэмытми, макъ мыхьэнэрэ къалэн гуэрхэмкӀэрэ ар зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи мыбдежым зи гугъу тщӀы функциал зэманыр адыгэбзэм щызэрыгъэлъагъуэ макъыр "э"уэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, ар зэманыр математикэ термину зэрыгъэлъагъуэ "*t*"ым ипӀэ игъуэрэкӀэ зэриувэнур зэрыгулъытапхъэу, ипэкӀэ мыпхуэдэуи къыщыгъэлъэгъуащ. Координат системэм и оригиныр математикэ термину "оригин" псалъэм и япэрей макъыу щыт "о"уэщ къызэрыгъэлъагъуэри, адыгэбзэм япэу утыку къихьарэ оригин мыхьэнэ зиӀэ "ы" макъри абы ипӀэ зэриувапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Мы макъ Ӏуэр лъабжьэхэр математикэ терминхэм ипӀэ зэриувэфыр гурыӀуэгъуэщи, мы макъхэм къатехъукӀыж макъхэри математикэ терминхэмкӀэрэ къызэрыгъэлъэгъуапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэхэми илъабжьэкӀэ я гугъу щытщӀынщ. Ауэ мы къэгъэлъэгъуахэр зэман координат системэм зэрыытеухуар гурыӀуэгъуэщи, абы иджрэ утыку къихьэу щыӀэгъуэм теухуа геометрие системэри математикэу зэрыгъэлъагъуэрэ адыгэбзэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ зэрыгъэлъэгъуапхъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэман координат системэр зэрыджрэ зэрыужьыр зэпэхъуреигъэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, ар зэрыджкӀэрэ "и" защӀэу зы координат системэри зэпэхъуейуэ зэрыухуэри гуэрыӀуэгъуэнщ: "э-системэ (*t*-системэм)"м зы "и-системэ (*у*-системэ)" къегъэщӀыр. Мыпхуэдэу ухуэ системэр (и-системэ) утыку къызэрихьэм и лъабжьэр "э-системэ"ращи, "э"р зэры"ординат"кӀэрэ джыр (и) "э"м елъытауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэу "и" защӀэ джыгъуэр зэпэхъурейуэ зы координат системэщи, ари математикэу "геометрие координат системэ (*х*-координат системэ)" жыхуаӀэращ.

Мы "геометрие координат системэ"м къызтехъукӀыр "зэман координат системэ"ращи, мыпхуэдэу утыку къихьэ "геометрие системэ"м и "ординат"ри "зэман системэ"м щыдж "абзсис"рауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи зэман системэм зэрыпыщӀакӀэрэ геометрие системэри увыӀэгъуэ зэримыӀэкӀэрэ мэджри, ар зэрыджри езы системэм елъытауэ "абзсис"ыгъэкӀэрэщ. НытӀэ, зэман системэ абзсисыгъэкӀэрэ утыку къихьарэ а абзсисыр ординат зыхуэхъуа "геометрие системэ"р зэрыдж "абзсис"ымрэ мы ординатымрэ зэхуэмыдэ терминкӀэрэ къэӀуэтэн зэрыхуейм ипкъ иткӀэ, математикэу мы системэ ординатыр "х" тхыпкъкӀэрэ къэгъэлъэгъуащ. Ар пэсэрей алыджыбзэм къызэрытехъукӀарэ

иужькӀэ латиныбзэу зекӀуэ хъуа зы терминщ. ИкӀи алыджыбзэми ″х″ макъыр ехыныгъэрэ лъабжьэ мыхьэнэ зиӀэу зэрыхэт щӀыкӀэм узэрыхуэзэри гулъытапхъэщ. Ауэ адыгэбзэм и ″х″ макъри лъабжьэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, ″геометрие координат системэ″м и ″ординат″ыр ″х″ыкӀэрэ къызэрыгъэлъэгъуар адыгэбзэм и ″х″ макъ мыхьэнэмрэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьми зэрезэгъыр гурыӀуэгъуэщ.

ЩыӀэр зыдэщыӀэрэ зыщыджыр мы системэкӀэрэщи, ар утыку къызэрихьам и лъабжьэри ″зэман системэ″у зэрыщытым ипкъ иткӀэ, мы ″геометрие системэ″м къыщекӀуэкӀрэ щыдж дэтхэнэ гуэрым лъабжьэ хуэхъужри зэманращи, щыӀэгъуэ зыгъуэтыр утыку къызэрихьэрэ и щыӀэгъуэр зэрихьым лъабжьэ хуэхъурэ хэлэжьыхьыр ″зэман (э)″рауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Геометрие координат системэм дэтхэнэ и зы ӀэнатӀэм зэманыр къыхэщыжу щӀыхэлэжьыхьри мыращ; щыӀэгъуэ геометрие системэм и лъабжьэ измерениеу зэрыщыткӀэрэ ″зэман″ыр нэмыплъ умыщӀыфыну зэрылъытапхъэри мыращ; икӀи ″зэман/еспас″ жыхуаӀэр зэрызэхэмыгъэкӀыпхъэм и лъабжьэри мыращ.

Зэман системэм фнукциал зэманыгъуэрэ ординату щылъытэрэ хэлэжьыхь ″э″р зэман системэкӀэрэ ухуэ щыӀэгъуэ геометрие системэм функциал кӀуэтэгъуэущ зэрыхэлэжьыхьыр, ауэ игъуэ щыхъум деж, геометрие системэми ″э″р икӀи зэманыгъуэу зэрыщытми гулъытэ зэрыхуэтщӀрэ къызэрытӀуатэр гурыӀуэгъуэщ. Зэман системэкӀэрэ джы (и) абзсисыгъэущ щыӀэгъуэ геометрие системэр утыку къызэрихьэри, ари щхьэжу зы системэу, и ординатыр ″х″ыуэ зэрылъытам и гугъу тщӀагъэххэщи, мы системэм щыдж абзсисыгъэри аргуру ″и″кӀэрэ зэрыгъэлъагъуэри гулъытапхъэщ. ″И″р адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэри мыбы езэгъ Ӏуэхугъуэщи, зэманыгъуэрэ щыӀэгъуэкӀэрэ джыр къызэрыӀуатэ щӀыкӀэущ. Зэманрэ щыӀэгъуэу мы системитӀым зи гугъу тщӀа я лъэныкъуитӀым (″э, и″, ″х, и″) я зэхущытыкӀэм теухуа функцэри (*f*) адыгэбзэм ″у″кӀэрэщ зэрылъытэри, ар икӀи зэманыгъуэкӀэрэ къэхъу ужьыгъуэр икӀи щыӀэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыӀуатэ макъщ: «″у: {э, и}″; ″у: {х, и}″».

НытӀэ, ″зэман координат системэ″м теухуауэ ипэкӀэ къэгъэлъэгъуа математикэ терминхэр щыӀэгъуэ ″геометрие координат системэ″м теухуауи мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «″х → *x* (геомтерие ординат); и → *y* (абзсис)″щ»; «геометрие координат системэм теухуауэ ″*f(x)*″ри адыгэбзэ макъ ″у″ращи, ари *f*(х)″щ»; «геометрие координат системэм щыдж зы ″функцэ″р (*f(x)*) ″абзсис″ыгъэу (*y*) утыку къихьэращи, ″*x*″ымрэ ″*y*″м мы и зэхущытыныгъэкӀэ ″*y* = *f*(*x*)″щ; ари ″и = *f*(х)″уэ ″и = у″щ».

Зэпэхъурейуэ кӀуэтэгъуэ зиӀэ зэманыр (э) дэтхэнэ лъэныкъуэкӀэ зыдынэсым зы гуэр мэджри, ″и″м къигъэлъагъуэр аращ. Зэман координат системэм и абзсису джырэ утыку къихьэ щыӀэгъуэ системэри зэманыр зэпэхъурейуэ зэрыкӀуатэм елъытарэ къызэрыгуэкӀкӀэ зэпэхъурейуэ зы геометрикэ системэщи, абы дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр зэманым елъытауэ

утыку итщ. Мы зэпэхъурей системэр ″и″ измерение (dimention) лъэныкъуищу гъэлъэгъуапхъэщи, ″x-координат″ системэм и лъэныкъуищри зэман координат системэм елъытауэ ″и″щ. Ауэ, щыӀэгъуэрэ геометриер щхьэжу зы координат системэу щылъытэкӀэ, ар езыр зэрыкӀуатэ дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр ординату мэлъытэри, ари – адыгэбзэм и ″x″ макъ мыхьэнэми зэрезэгъыу- математикэкӀэ ″x″уэ мэгъэлъагъуэр. Математикэ терминхэу, мы геометрие системэм дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр зы лъабжьэу, системэ ординату мы зэрылъыта ″x″ым мы ординату лъыта и джыпӀэ лъэныкъуэр абзсису ″и″уэ мэлъытэж, адрей ещанэ лъэныкъуэри математикэкӀэ ″з″уэщ зэралъытар. Мы къэтӀуэтар адыгэбзэ макъкӀэрэ зэрытхыпхъэмрэ математикэу зэрылъытам и зэпыщӀэныгъэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «″x-x′-и″ → ″x-z-y″».

″X-координат системэ″м и ординатыр ″x″уэ зэралъытам щхьэусыгъуэ иӀэу къыщӀэкӀынщи, ар мы математикэ системэр зыухуахэм я бзэм (пэсэрей алыджыбзэ) ″x″ макъым хигъэзэщӀыхьым елъытагъэнщ. Алыджыбзэ ″x″ макъым бзэм хигъэзэщӀыхьым ординат къалэн зэригъэзэщӀэфынур гурыӀуэгъуэ къытхуэмыхъуми, дызтет щӀы хъуреим теухуа ″x-координат системэ″м адыгэбзэ ″хы″ псалъэр ординат зэрыхуэхъуфыр гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ мы макъым (x) и къэхъукӀэр я къэхъукӀэкӀэ макъ корпус утыку къызэрихьам щхьэусыгъуэрэ лъабжьэ хуэхъуа макъ Ӏуэрхэм (э, и, у) зэрыхуэмыдащэр гурыӀуэгъуэщ. ″X″ым и макъ мыхьэнэм елъытакӀэрэ, ″и″кӀэрэ къэӀуэтауэ мыбдежым зи гугъу тщӀа Ӏуэхугъуэр зэрылъытэжращ ″x″ыри, абы (x) езым и къэхъукӀэрэ и мыхьэнэм елъытауэщ ар геометрие системэ ординату зэрылъытари, ар зи гугъу тщӀа макъ Ӏуэрхэм елъытауэ иужьрей Ӏуэхугъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэмкӀэ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъур аращи, цӀыху макъхэр утыку къызэрихьэм ипкъ иткӀэ ухуэ макъ корпусыр космикэ системэм езэгърэ и рефлексу утыку къихьэ зы щыӀэгъуэ корпусу лъытапхъэщи, макъыгъуэрэ макъ корпусыр япэрейуэ къэхъуа макъ Ӏуэр ″ы″м къытехъукӀ кӀуэтэгъуэу щыт ″э″ макъым къыщӀидзэу, ″и″рэ ″у″ макъыр къызэрыхъу щӀыкӀэм хуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ и къэхъукӀэм елъытауэщи, щыӀэгъуэ геометрие лъабжьэр зэрыигъуэу ″x″ыкӀэрэ къызэрыӀуэтапхъэу, геометрие системэм математикэ термину ″x″ыр ординату лъытащ. Зи гугъу тщӀы макъ Ӏуэрхэр къызэрыхъурэ зэрызэлъыта щӀыкӀэр геометрикэ мыхьэнэщ, ауэ щыӀэгъуэм лъабжьэ хуэхъуныгъэ мыхьэнэ зиӀэм зэрезэгъкӀэрэ ″x″ыр икӀи ″геометрие системэ″м и ″ординат″ри зэрылъыта макъращ. ″X″ макъым и къэхъукӀэрэ игъэзащӀэр зи гугъу тщӀы макъ Ӏуэрхэм я къэхъукӀэм нэскъыми, абыхэм елъытауэ иужьыӀуэкӀэщ. Зи гугъу тщӀа макъ Ӏуэрхэм (э, и, у) я къэхъукӀэм утыку къыригъэхьэ макъ корпусыр ″зэман″рэ ″геометрие″ координат системэм тӀуми зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщ, ауэ ″x″ыр ″зэман системэ″кӀэрэ ухуа ″геометрие системэ″м и ординатыр къызэрыӀуэта макъщ. Ар (x) мы ″геометрие системэ″р зэрыухуа ″зэман

системэ″м и ″абзсис″у щыт ″и″р утыку къихьа ″геометрие системэ″м и ″ординат″у зэрыщытым ипlэ иувэу къызэрыlуэтэжаращ.

″Геометрие координат системэ″м и зы дэтхэнэ лъэныкъуэри ″зэман координат системэ″м и ″ординат″у щыт зэманым (э) елъытауэ утыку къохьэри, аращ дызхэт ″геометрие системэ″м дэтхэнэ зы лъэныкъуэкlи и кlуэтэгъуэр функциалу ″э″м къыщlигъэлъагъуэр. ″Геометрие системэ″у щыlэгъуэм и зы дэтхэнэ лъэныкъуэкlи ущыкlуэкlэ, - дэтхэнэ и зы ″и″ лъэныкъуэм ущырикlуэкlэ -, ар утыку къызэрихьа лъабжьэр –ординатыр-къигъэлъэгъуэжрэ фукциалу зэман лъабжьэр къыщlэщыжу ″э″ращ кlуэтэгъуэр къизыlуэр. ″И″м утету пчы дэтхэнэ зы лъэбакъуэм и лъабжьэр ″э″щи, дэтхэнэ зы кlуэтэгъуэр ″э″уэ мэгурыlуэгъуэж. ″Х-координат системэ″м и лъэныкъуищым дэтхэнэри ″э″м елъытауэ джарэ утыку къызэрихьам папщlэ, дэтхэнэ лъэныкъуэкlэ зы гуэр щыпщlрэ щыбджкlэ, функциалу уи кlуэтэгъуэ лъабжьэу ″э″р къыщlощыжыр. ″Геометрие координат системэ″р ″зэман координат системэ″м зэриджам ипкъ иткlэ, абы зэрелъытарэ зэрыпыщlар мыпхуэдэщ.

Дэ щыlэхэм езыхэри зэманым елъытауэ щыlэ дызэрыхъуарэ дызэрыщыlэм къызэрыгуэкlкlэ, дыздэщыlэрэ тлъытэр геометрие системэщи, абы лъабжьэ хуэхъу зэманыр занщlэу тлъытэкъым, зэманыр зэрытлъытэ щlыкlэр геометрикэ lэнатlэм елъытауэщ. Зыужьыгъуэри (у) зэрытлъытэ щlыкlэр занщlэу зэман системэм елъытауэкъыми, ″и-системэ″м (х-координат системэм) елъытауэщ. Ар щыхъукlи, геометрие системэр зэрыухуэ ″и″мрэ, мы ситемэм теухуа зыужьыгъуэр (у) зэманым (э) пыщlакlэрэ и пlэ иуваущ зэрытлъытэри, занщlэу дымыщlэми ″зэман″ жыхуэтlэ гуэрым гулъытэ зэрыхуэтщlыр мыпхуэдэущ. Зэманыр дэ дызыщыlэ системэм и лъабжьэрэ, мы системэм дэтхэнэ и зы джыгъуэм и щхьэусыгъуэми, езы зэманыр занщlэу тщlэкъым. Абы гулъытэ зэрыхуэтщlыр дызщыlэ геометрие системэм къыщыхъухэмкlэрэщи, мыри геометрикэ lэнатlэкlэрщ. Дэ щыlэгъуэ зиlэхэр дыздэщыlэ геометрие системэм езым зэрыхэмытрэ зэрыщымыщым папщlэ, зэманыр занщlэу тщlэфынкъым, икlи занщlэу къэпщытапхъэ къытхуэхъуфыкъым. Ар дызхэт геометрие системэм иджрэ щыджым (и) елъытауэщ къызэрытпщытэфрэ гулъытапхъэ къызэрытхуэхъур. Системэр геометриеу зэрыщытым папщlэ, дэ щыlэгъуэ зиlэхэр дыздэщыlэу ди системэ жыхуэтlэ щыlэгъуапlэм сытри геометрикэщи, геометрикэм и гугъу щытщlкlэ, - ар къызтехъукlа зэманым езыр къидмыlуэми - зи гугъу тщlым и лъабжьэр зэманращ.

*

Математикэ системэ lэнатlэ ягъэзащlэу зи гугъу тщlа макъхэм бзэм хагъэзэщlыхьри я къэхъукlэрэ я щыlэгъуэм езэгъ lуэхущ. Тlанэ, мы макъхэм нэгъуэщl макъ lуэрхэр къазэрытехъукlри гурыlуэгъуэщи, зи гугъу тщlы мы координат системэм абыхэм я щыlэпlэмрэ хагъэзэщlыхьыри ахэр къызтехъукlа макъхэм елъытауэ я зы lыхьэ гуэрщ.

Ахэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри мы жытӀам езэгъ Ӏуэхущ. Мы псалъэм зэрезэгъкӀэрэ, зи гугъу тщӀа макъ Ӏуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) къатехъукӀ макъхэм ягъэзащӀэ геометрие ӀэнатӀэрэ къалэнхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Функциал кӀуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ ″э″м къытехъукӀа ″**а**″ макъыр ″э″ куэдагъэрэ Ӏувагъэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, ″э″р функциалу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ″а″р функциалу щымытыжрэ функциалыгъэм темытращ. Абы и мыхьэнэр мыпхуэдэ зы зэманыгъуэу, функциалыгъэ зимыӀэж зы зэманыгъуэр зэрылъытэрэ къэзыгъэлъагъуэрщ, икӀи мыпхуэдэ жыжьагъэр зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэрщ. Аращи, функциал зэманыр зэрылъытэ ″э″р ″зэман координат системэ″м и ″ординат″ къалэн зыгъэзащӀэрэ къызэрыгъэлъагъуэращи, мы зи гугъу тщӀы системэм зэманкӀэрэ джарэ зи функциалыгъэ зыгъэкӀуэдаращ ″а″м къигъэлъагъуэр, икӀи геометрие системэм узылъэмыӀэс жыжьагъэр къизыӀэ макъщ ″а″р. ″А″р ″зэман координат системэ″мрэ ″геометрие координат системэм″ зэманыгъуэ зиӀэу функциалу щымытыжрэ къекӀуэкӀыу щытрэ функциалрэ иджыуэ лъытам икӀи ит зэманыгъуэу лъытам имытыжрэ темытыжу, абыхэмрэ ″а″кӀэ къэгъэлъэгъуам я зэхуакум зы зэманыгъуэрэ зы кӀуэтэгъуэ зыдэлъращ.

″А″р ӀупщӀ хъуарэ зипӀэ зыгъуэта зэманыгъуэу зи функциалыгъэр зэрыкӀуэдкӀэрэ ″э″м и ″производня (derivative)″у утыку къихьарэ зэрыхъун хъуаращ. ″А″р ит зэманыгъуэрэ иджым темытыжу функциалу щымытыж зэманыгъуэрэ кӀуэтэгъуэращи, иджырэ функциалу щытрэ лъытэм хуэпэжыжьэращ. Функциал кӀуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къэзгъэлъагъуэ ″э″р зэпэхъуреипэрыкӀуатэращи, мыпхуэдэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэу зи гугъу зэрытщӀакӀэрэ функциалу щымытыжыр ″а″уэщ зэрылъатапхъэр. Аращи, мы функциалыгъэм имытрэ щымыщу, абы дэтхэнэ зы лъэныкъуэкӀи хуэпэжыжьэр зэрылъытэр ″а″уэ зэрыщытым ипкъ иткӀэ, зэманыгъуэу функциалыгъэкӀэрэ джарэ блэкӀари, зэманыгъуэу функциалыгъэ кӀуэтэгъуэр иджыри зыдынэмысари, дэтхэнэ зы лъэныкъуэкӀи (ипэкӀэ, иужькӀэ, ищхьэкӀэ, ищхъэрэкӀэ) мылъэмыӀэсыпхъэу щыт дэтхэнэ зы жыжьагъэр ″а″кӀэрэщ зэрылъытапхъэр. Мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъщи, ″зэман системэ″р ″геметрие системэ″р утыку къызэрихьэрэ зыхэлэжьыхьу зэрыдж лъабжьэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ″а″р ″э″м елъытауэ мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «а>э<а».

Зи гугъу тщӀа макъ Ӏуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) я къэӀукӀэр тхьэмбылым жьыр хуиту къызэрикӀкӀэрэщи, ″къ″ макъ къэхъупӀэ тэмакъым дэкъузэ жьыкӀэрэ абыхэм къэӀуыкӀэ зэрагъуэтыр абыхэм я лимитацэ (предел) макъхэу лъытапхъэщ: «Ӏы, Ӏэ, Ӏи, Ӏу».

Макъ Ӏуэр лъабжьэхэм мыпхуэдэу къатехъукӀа мы макъхэм ягъэзащӀэри къызтехъукӀа макъхэм зэрелъытар гурыӀуэгъуэщ. Аращи, макъ Ӏуэр къэхъуныгъэрэ макъ геометрием и оригину тлъыта ″ы″м и лимитацэ ″**Ӏы**″р оригиныр зэрыкӀуэд щӀыкӀэу ″мыхъуныгъэ″ къалэн зыгъэзащӀэ макъыу

зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ″Ы″р оригину зэрыщытым ипкъ итклэ, абы и лимитацэ ″Iы″р оригиныр зэрыкIуэд щIыкIэращ; ″Iы″р ″ы″м и зы Iыхьэу лъытапхъэкъыми, ″Iы″м ″ы″ къытехъукIыжынкъым. ″ЫI″мрэ ″Iы″м я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэмрэ, ″Iы″р зыхуэкIуэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «лимит ″ы (оригин)″ → Iы».

Мы къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэм езэгъ Iуэхущ ″Iы″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри, ар адыгэбзэ жьрыпсалъэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри кIуэдыпIэ къызэрыIуатэ ″къ″ым ипIэ иувэущ: «хъукъым → хъуIым; кIуэкъым → кIуэIым».

Функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэр зэрылъытэ ″э″ макъым и лимитацэ ″**Iэ**″р ″э″м и функциалыгъэри зыхэзыубыдэу зы ″э″ пыухытыкIарэ IэнатIэр зэрылъытэращ: «лимит ″э″ → Iэ».

″Iэ″р и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр мы къызэрыIуэтарэ къызэрыгъэлъэгъуам зэрезэгъкIэрэщи, функциалу зы зэманыгъуэ пыухытакIэрэ геометрие системэм хэтыныгъэрэ тетыныгъэр (″и, х″ыр икIи зы ″щы″пIэрэ щыIэгъуэу зэрылъытэ щIыкIэу) къызэрыIуатэ псалъэр мыбы теухуа зы щапхъэфIщ: «″щы-Iэ″ → щыIэ».

″Iэ″р функциал зэманыгъуэ ″э″ри зыхэлэжьыхь и зы Iыхьэу, зыхуэдизыр мынахуэ ″э лимит″щ. ″Iэ″р функциал зэманыгъуэри зэрыхэлэжьыхьу зы ″э″ Iыхьэу зэрыщытым ипкъ итрэ, икIи ″э″м а нэхъ Iыхьэ цIыкIури зэрылъытапхъэращи, мыпхуэдэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «Iэ → Δэ».

Лимиту щылъытэкIэ, абы икIи математикэу ″производня (дериватив)″ къызэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэщи, ″Iэ″р мы къызэрыгъэлъэгъуар мыпхуэдэщ. Ар щыхъукIи, математикэ ″интеграл″рэ ″дифферэнциал″ лэжьыгъэхэми (*dt* → *d*э) теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ ″Iэ″р. Ауэ мыбдежым зи гугъу тщIыр адыгэбзэ макъхэм ягъэзащIэ къалэнрэ мыхьэнэр математикэу къызэрыIуатэращ, мыхъумэ, ахэр математикэ термину зехьэнракъыми, нэхъри къыпытщэнкъым.

Функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэкIэрэ (э) джырэ утыку къихьэр зы джыгъуэрэ джыпIэращ ″и″ри, ар ″зэман системэ″м иджрэ и ″абзсис″у утыку къихьэращ, икIи мыпхуэдэу утыку къихьэ ″геометрие системэ″м и ″ординат″ращ. Абы и лъабжьэр функциал зэманыгъуэу ″э″ращи, абы епхарэ пыщIауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, ар щхьэжу лимитацэ зэрымыхъунур гулъытапхъэщ. Ар щыхъукIи, ар хуиту къызэрIу щIыкIэр зэрыдэкъузэкIэрэ утыку къихьэ ″**Iи**″р къызэрыIурэ зэрытхакIэрэ ″и″м и лимитацэ хуэдэу къытщыхъуми, ар ″и″м и лимитацэкъым, икIи зи гугъу тщIахэм къызэрыгуэкIкIэ ″и″м и лимитацэри игъуэкъыми, ″Iи″р ″и″р щхьэжу зы абсолудыныгъэу зэрылъытэ щIыкIэращ. ″Iи″ макъыр бзэми зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэщи, ″и″р а зэрыщыткIэрэ абсолудэу къызэрыгъэлъагъуэкIэрэ зыгуэрыр абы (и) зэрыхунэсрэ зэрытеухуауэ зэрылъытэрэ къызэрыIуатэущ (зыIис). Аращи, дэтхэнэ гуэрэрэ джыныгъэр сытри зэрыджрэ джыгъуэу щыт ″и″м теухуауэ къызэрыгъэлъагъуэращ

″lи″р бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ″и″м къытехъукIа ″lи″р ″и″р а зэрыщытрэ зэрыритыжу зэрыгъэлъагъуэу ″и″м и абсолудыгъэущ математикэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэр: «lиl».

Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ къызэрищIщи, системэ абзсисыр лимитацэ ″lи″р ″и″м и лимитацэ хъукъым, икIи ″lи″р ″и″м и зы lыхьэракъыми, ″lэ″р ″Δэ″уэ зэрылъытапхъэм хуэдэу лъытапхъэкъым ″lи″р. Ауэ ″и″м къытехъукIа ″**й**″ макъыр ″и″м ипIэ иувэфрэ и эффект къалэн зыгъэзащIэу бзэм зэрыхэлэжьыхьми зэрезэгъщи, ″й″р ″и″м и дифферэнциалуи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ: «й → Δи».

″У″р зыужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэ макъыу зэрыщытым ипкъ иткIэ, дэтхэнэ ужьыгъуэ зиlэр зэрылъытэ макъращ. Ар (у) зэманыгъуэрэ (э) абы щыдж абзсисыгъэри (и) зыхэзыубыдэ зы геометрие мыхьэнэ зиlэращи, координат системэм къыщекIуэкIыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщ. ИпэкIэ математикэу къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэми (*f(t)*) зэрезэгъщи, ар (у) координат системэхэм хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр зэманыгъуэрэ джыгъуэу зы функцэу зэрылъытэрэ къызэрыгъэлъагъуэ макъщ. Зыужьыгъуэрэ дэтхэнэ гуэрыр зы функцэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэ ″у″м и лимитацэри мы функцэм и зы lыхьэр зэрыгъэлъагъуэ мыхьэнэ зиlэ макъщ: «лимит ″у″ → lу».

Дэтхэнэ гуэрыр зы функцэу къызэрыгъэлъагъуэ ″у″м и лимитацэщ ″**lу**″ри, зы функцэм (у) мыпхуэдэ и зы lыхьэр (lу) зэрыгъэбэгъуэжкIэрэ функцэм езыр (у) аргуэру утыку къызэрихьэжыфынури гулъытапхъэщи, ″lу″м и интегралкIэрэ аргуэру ″у″ утыку къихьэжыфынщ: «интеграл ″lу″ → у». Мы къэтIуэтам езэгъыу жыlэпхъэщ адыгэбзэм ″lуэху″ псалъэр зэрыухуа щIыкIэри, зы ″у″ лlэужьыгъуэрэ функцэр къыздынэса щIыпlэм къыпыщэныгъэу, функцэр (у) къыздынэса lыхьэм (lу) функциалу кIуэтэгъуэ (э) зэригъуэткIэрэ къызэрыпыщэу зэры″ху″р къызэрыIуэта щIыкIэу (lу-э-ху) ухуа зы псалъэщ ″lуэху″р.

Мы псалъэр икIи ″lу″р зэманыгъуэкIэ зэрызекIуэрэ зэрыху щIыкIэ зи мыхьэнэуэ ухуа зы псалъэщи, ар ужьыгъуапlэ зэрихуэжым зэрезэгъкIэрэ ″у″ лlэужьыгъуэу утыку къызэрихьэу, ″lу″м ″у″ къызэрытехъукIыжым зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Аращи, ″lу″ макъыр и мыхьэнэкIэрэ зэрыхэткIэрэщ абы къытехъукIа псалъэм игъуэта мыхьэнэри, ар ″у″ макъ мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэ зы псалъэщ. Мы щапхъэми къызэригъуэлъагъуэу, и ″макъ мыхьэнэ″кIэрэ ″lу″р икIи ″у″м и дифферэнциалуи лъытапхъэщ: «lу → Δу».

″lу″р ″у″м и зы lыхьэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″у″м хиубыдэ лъэныкъуэхэм (″э, и″; ″х, и″) я lыхьэхэри ″lу″м зэрыхибудэнур гурыIуэгъуэнщ: «″lу: Δу″щи, ари ″Δу: {Δэ, Δи}″рэ ″Δу: {Δх, Δи}″щ».

Мыбдежым щыпыщапхъэщи, математикэу зи гугъу тщIы мы терминхэр (п.п: дифферэнциалыгъэр) макъым и ″макъ мыхьэнэ″ращ зытеухуар, мыхъумэ, а макъым къытехъукIа ″макъ псалъэ″хэр мыпхуэдэу

зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″Ӏуэху″ псалъэми ″Ӏу″р зэрыхэтыр и ″макъ мыхьэнэ″кӀэрэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″И″м и кӀуэтэгъуэу щыт ″**иэ**″р ″**е**″ тхыпкъкӀэщ зэрытха щӀыкӀэри, ″зэман системэ″м теухуауэ ар абзсис (и) кӀуэтэгъуэу (э) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ ″и″р ″зэман системэ″м и абзсису щытми, мы ″зэман системэ″м пыщӀарэ елъытауэ ухуэ ″геометрие системэ″ми и ″ординат″уи зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ; икӀи ″геометрие системэ″м щыдж дэтхэнэ гуэрыр къызэрыгъэлъагъуэ ″абзсис″ри ″и″уэ зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщ. Абы и геометрие мыхьэнэхэр мыпхуэдэщ, ауэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьыну щӀыкӀэр ″геометри системэ″м и ″абзсис″ыгъэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″и″ кӀуэтэгъуэу щыт ″е (иэ)″р зы абзсисыгъэр зэрыкӀуатэ щӀыкӀэр зэрылъытэ щӀыкӀэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьынури, абы щхьэжу е къызпыхьэ псалъэхэм теухуауэ игъэзащӀэр мыпхуэдэ мыхьэнэрэ къалэн зэригъэзащӀэкӀэрэщ.

Ар (е: иэ) ″абзсис (и)″ кӀуэтэгъуэщи (э), дэтхэнэ гуэрыр (и) зэрыкӀуатэрэ (э) дэтхэнэ гуэрым (и) екӀуэлӀэныгъэрэ хуэкӀуэныгъэр (э) зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэущ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр. Мы псалъэм гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, ″и″кӀэрэ лъытагъэххэращ хуэкӀуэныгъэрэ екӀуэлӀэныгъэу (э) ″е (иэ)″м игъэзащӀэри, ар зыхуэкӀуэрэ зэкӀуалӀэр ″е (иэ)″р зэрыухуа ″и″ макъкӀэрэ лъытагъэххэщ.

Зы гуэрым (и) мыпхуэдэу зэрыхуэкӀуэр (э) зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэ ″е (иэ)″р координат системэм къызэрыгъэлъэгъуапхъэ щӀыкӀэри ″занщӀэ кӀуэтэныгъэ″у (захуэ) зы ″функцэ линиер″ущ. Ауэ зэрыгурыӀуэгъуэщи, ″э″м елъытауэ джыр ″и″уэ зэрыщытым ипкъ иткӀэ, мы зи гугъу тщӀы линиерыгъэр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу нобэ зетхьэ геометрие системэу щыт Евглид геометрием щылъытэ линиерыгъэу лъытэн хуейуэ зэрыщымытри гурыӀуэгъуэнщ.

Зы ″функцэ линиер″ущ ″е (иэ)″р зэрыгъэлъэгъуапхъэри, ар щхьэжу бзэм щызэрызекӀуэкӀэрэ къэӀуатэ ″е″р системэ абзсисыгъэр зыми емылъытарэ пымыщӀауэ ищхьэр зэрихь щӀыкӀэу зэрызекӀуэр къызэрыӀуатэу фӀыкъым. Мыпхуэдэр къызэрыгъэлъагъуэрэ гурыӀуэгъуэ зэрыхъу щӀыкӀэщ ″ер, ем″ псалъэхэри.

Ауэ ″е″р щхьэжу псэлъитӀ зэхуакум къыщыдэхьэм деж, ″е (иэ)″м и ″и″кӀэрэ а псэлъитӀым щыщу лъытэнур дэтхэнэрами мынаӀуэу, зи зэхуаку дэт псалъэхэм зыр зым узэрыхигъадэ къалэн егъэзащӀэр: «ар е мыр; абы е мыбы; уэ е сэ».

″Е (иэ)″р псалъэхэм къазэрыпыхьэ щӀыкӀэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэщ: ипэ къызпыхьэ псалъэр зытеухуар (и) екӀуэлӀэныгъэрэ хуэкӀуэныгъэкӀэрэ гъэзэщӀэпӀэм йоувэ (″е-уэн″ → еуэн); кӀэух зыхуэхъу псалъэ мыхьэнэр (и) а зэрыщыту зэрыкӀуатэкӀэрэ (э) гъэзащӀэу, а псалъэ мыхьэнэр егъэлеякӀэрэ зэрыгъэзащӀэ мыхьэнэ утыку къохьэр (″уэ-е″ → уае). Къэтхьынщ тӀуми теухуа щапхъэхэр: «еуэн, епсэлъэн, ещӀэн, екӀуэлӀэн»; «ае; уае, псэлъае, щӀыкӀае».

Макъ Iуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) координат системэ зэрызэдаухуэр гурыIуэгъуэщи, абыхэм къатехъукIа макъхэми мы системэм теухуа къалэн зэрагъэзэщIэну гурыIуэгъуэщ. Мы къэта щапхъэри мыбы теухуа зы щапхъэщи, зэрыухуа ″и, э″ макъхэм ягъэзащIэ къалэныр зыхэлъ макъ Iуэр зэхэжыхьащ ″е (иэ)″р. Адыгэбзэ алфавитым мыбдежым ″иэ″р зэрытха ″е″ тхыпкъкIэ нэгъуэщI макъ Iуэр зэхэжыхьахэри зэрытхар гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″иэ″ макъ зэхэжыхьар ″е″уэ зэрытхауэ мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, макърэ псалъэм къыкIэлъыкIуэ ″**эй, эйй**″ макъ зэхэжыхьахэри ″**е**″уэ зэрытхар гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм ягъэзащIэ къалэнри зэрыухуа макъхэм ягъэзащIэрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ: къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэр кIуэтэгъуэкIэрэ (э) зэрыджращ (й, йй). ″Е″кIэ тха макъ Iуэр зэхэжыхьахэу щыт ″эй″рэ ″эйй″м ягъэзащIэр мы зэрыухуа щIыкIэкIэ зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэщи, ахэри ипэкIэ ″е (иэ)″р математикэу зэрытлъыта щIыкIэу къэгъэлъэгъуапхъэщ. Аращи, ″иэ″р ″и″ кIуэтэгъуэу (э) утыку иту щыт зы джыгъуэр зэрылъытэ ″и″р зэрыкIуатэр (э) зэрылъытэу зы линиер функцэу зэрыщытым хуэдэу зы линиер лIэужьыгъуэ функцэрщ ″эй″ри, ауэ ар зы кIуэтэгъуэ (э) зиIэр ″и″ лъэныкъуэкIэ зэрыбагъуэу зекIуэкIэ зиIэ зы линиер функцэрщ. ″Эй″р мыпхуэдэ зы линиер функцэ щхьэ, ″э″кIэ кIуэтэгъуэ зиIэр ″й″тIкIэ багъуэу щыт макъ зэхэжыхьа ″эйй″ри ″э″м елъытауэ ″и″тIкIэ (и2) багъуэу зы функцэ къуаншэ лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Мы къэтIуэтахэм зэрыхэплъагъуэщи, макъ Iуэр зэхэжыхьахэм ягъэзащIэр абы хиубыдэ макъхэм ягъэзащIэ къалэнымрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэращ зэлъытар. Щхьэж макъ Iуэрхэр ягъэзащIэ геометриекIэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым хуэдэщ макъ Iуэр зэхэжыхьахэри бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри, абыхэм бзэм хагъэзэщIыхьыр абыхэм хиубыдэ макъ Iуэрхэм ягъэзащIэрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэм елъытащ. ИкIи зэрыжытIауэщи, щхьэж макъ Iуэрхэм ягъэзащIэ геометрикэ къалэнхэр математикэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэм хуэдэжу, макъ Iуэр зэхэжыхьахэми ягъэзащIэ геометрикэ къалэнхэри математикэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэри гурыIуэгъуэщи, мы ипэкIэ зи гугъу тщIахэр мыбыхэм теухуа щапхъэхэрщ. ИкIи, щхьэж макъ Iуэрхэмрэ макъ Iуэр зэхэжыхьахэм ягъэзащIэ геометрие къалэнхэм зэрезэгъкIэрэщ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри, ахэр зыхэт псалъэхэм я геометрие функцэхэри математикэу зэрыптхыфынури гурыIуэгъуэнщ.

″И″мрэ ″и″ кIуэтэгъуэ ″е (иэ)″м и куэдагърэ жыжьагъэр ″**я**″ тхыпкъкIэщ зэрытхари, абы и геометрие къалэнри абы хиубыдэ макъхэм я къалэнымрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрелъытар гурыIуэгъуэщ: «я (**иа**)″р ″и″м и куэдагъ – жыжьагъ – блэкIагъыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ»; «″я (**еа**)″ри ″е:иэ″уэ зэрыщытым ипкъ иткIэ ″иэа″уэ зэIухыпхъэщ; ″а″р ″э″м и куэдагъэу зэрыщыткIэрэ ″эа″ри щхьэжу ″а″уэ зэрылъытапхъэу, ″еа → иэа″р ″иа″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, ари ″я (иа)″м зэрыхуэдэр гурыIуэгъуэщ».

"Э"кӀэрэ къэӀу макъым "у" къыкӀэлъыкӀуэу, бзэ лэжьэкӀэу игъуэ щыхъум "э"мрэ "у" зэкӀэлъхьэужьыкӀэр псынщӀэрыӀукӀэрэ къэӀуу утыку къихьа макъ зэхэжыхьащ "**о (эу)**"ри, къызкӀэлъыкӀуэ макърэ псалъэр кӀуэтэрэужьыкӀэу зэрылажьэр зэрылъытэу бзэм хэхьарэ хэтщ. Абы хиубыдэ макъхэр зэрызэкӀэлъхьэужь щӀыкӀэрэ зэрызэхэжыхьауэ къызэрыӀум гурыӀуэгъуэ къищӀри зэман ужьыгъуэ - зэман ужьыгъуэ щӀыпӀэ - зэманыр щыужь дыдэращи, мыри иджы дыдэм къыщекӀуэкӀымрэ ит зэманыгъуэр зэрыигъуэкӀэрэ къызэрыӀуатэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

"О" макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэр функциал зэманрэ (э) ужьыгъуэ (у) макъхэр зэрызэхэжыхьакӀэрэщ къызэрыхъуари, абы гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр зэман ужьыгъуапӀэращ. "О"мкӀэ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъур ит зэманыгъуэращи, абдежыр джыгъуэрэ джыпӀэ зэманыгъуэращ. ИпэкӀэ функциал зэманыгъуэрэ кӀуэтэгъуэу (э) щымытыр "а>э<а"уэ къызэрыгъэлъагъуэм хуэдэжщи, ит зэманыгъуэу щымытри зы жыжьагъэу "а"уэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткӀэ, мыпхуэдэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «а>о(эу)<а».

Мыр блэкӀарэ къэкӀуэну зэманыгъуэр ит зэманыгъуэу зэрыщымыткӀэрэ абы зэрыхуэпэжыжьэр къызэрыгъэлъагъуэращ. Ауэ блэкӀа зэманыгъуэмрэ къэкӀуэну зэманыгъуэ зэхуакуу щытщ ит зэманри, ар зэрыгъэлъагъуэ "о (эу)"р икӀи "блэкӀа зэман гъэлъагъуэ (а)"мрэ "къэкӀуэну зэман гъэлъагъуэ (у)" макъхэми я зэхуакууи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «а>о(эу)<у».

"Зэман системэ"м и дэтхэнэ зы лъэбакъуэуи лъытапхъэ и итыпӀэр зы джыпӀэщи, зэман системэм иджу утыку къихьэ абзсискӀэрэ (и) зы щыӀэгъуэрэ "геометрие системэ" зэрыухуэр гурыӀуэгъуэщ. "О (эу)"м гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр зэман системэм мы зэрыджращи, мы джыгъуэкӀэрэ щыӀэгъуэ системэр утыку къызэрихьэрэ зэрызекӀуэр, щыӀэгъуэ жыхуэтӀэр сытым щыгъуи зы итыпӀэ зэриткӀэрэ зэрыщыӀэр, щыӀэгъуэр зы системэу сытым щыгъуи утыку зэритрэ увыӀэгъуэи зэримыӀэкӀэрэ джыурэ зэрызэпкъырылъыр зэман (э) ужьыгъуапӀэу (у) щыт "о (эу)"кӀэрэ къызэрыӀуэтапхъэр зэрыигъуэри гулъытапхъэщ. Аращи, а джыпӀэм щыджкӀэрэ утыку къихьэ геометрие системэм дэтхэнэ гуэр зэрыджрэ джарэ утыку къихьар аргуэру зэрыджыжу, щыӀэрэ щыӀэгъуэр зэрызекӀуэр "о"кӀэрэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ: "о (эу)"р геометрие системэм теухуа абзсисыгъэри утыку къызэрихьэ щӀыпӀэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, абдежыр джыгъуэрэ джыпӀэу щыт абзсисыр утыку къыздыщихьэращ.

НытӀэ, адыгэбзэм "о (эу)" макъыу ит зэманыгъуэ гъэлъагъуэр зэман системэр зэрыджрэ зыгуэр къыздыщыхъу оригину зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, ар геометрие системэри зыщыдж оригину зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, "*оригин*" псалъэм и япэрей макъыу щыт "*о*"кӀэрэ зи гугъу тщӀы системэхэм я зэпкъырылъыпӀэрэ я джыпӀэр математикэу къызэрыгъэлъэгъуам хуэдэжщ адыгэбзэм и "о" макъми къигъэлъагъуэр. ИкӀи "оригин" псалъэм и

мыхьэнэри ″о″кlэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. - Абыдежыр къежьапlэу зэрыщыткlэрэ математикэкlэ зы бжыгъэуи ″0″кlэ зэрыгъэлъагъуэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ адыгэбзэ макъ lуэрхэм я къежьапlэу макъыгъуэрэ макъ геометриер зэрыухуэм лъабжьэрэ оригин хуэхъу ″ы″ макъыр ит зэманыгъуэ гъэлъагъуэу бзэм хэлэжьыхь ″о (эу)″м ипэlуэкlэ къэхъуарэ ари къызтехъукlа лъабжьэу зэрыщыткlэрэ ″ы″р ″о″м елъытауэ нэхъ оригиныпlэ лъабжьэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, макъхэр утыку къызэрихьэрэ бзэр зэрыухуэр щыlэгъуэ къэхъуныгъэрэ ухуэныгъэм и зы моделу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, абы и оригин ″ы″р ар утыку къызэрихьэ оригину зэрыщыткlэрэ, ″зэман″ жыхуэтlэ функциал кlуэтэгъуэри утыку къызэрихьэми лъабжьэ хуэхъуращи, зэманыгъуэ ужьыпlэрэ джыпlэу лъытапхъэ ит зэманыгъуэри (о) къызэрыхъуам лъабжьэрэ оригин хуэхъужыр ″ы″уэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

**″Макъ щэху″хэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм ″макъ lуэр″ геометрикэ къалэнхэм ″екlуэлlэныгъэ″ зэрызыхуаlэ щlыкlэхэм теухуауэ.**

Макъ lуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) макъыгъуэрэ макъ корпусу зы геометрие зэраухуэр икlи мы геометриер зы координат системэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ зы координат системэри ″зэман координат систмэ″мрэ щыlэгъуэ ″геометрие координат системэ″м зэрытеухуэр гулъытапхъэщ. Мы системэхэр математикэ терминхэмкlэ зэрылъытэ щlыкlэм хуэдэщ адыгэбзэм и макъ lуэрхэри, мы системэр зэрыухуа макъ lуэр лъабжьэхэм къатехъукlыж макъ lуэрхэри къызтехъукlа макъ lуэр лъабжьэхэм я зы lыхьэрэ я зы щlыкlэр утыку къызэрыралъхьэм ипкъ иткlэ, абыхэми макъ lуэр лъабжьэхэм утыку къырагъэхьа системэм теухуа зы геометрикэ lыхьэ къызэрагъэлъагъуэрэ зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ къалэнрэ мыхьэнэкlэрэщ макъ lуэрхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри, абыхэм ягъэзащlэр зы геометрикэ lыхьэрэ къалэнщ.

Макъ lуэр лъабжьэхэм зы геометрие координат системэ утыку къыщырагъэхьэм деж, ар щыlэгъуэ координат геометрие системэм зэрытеухуэнур, икlи щыlэгъуэр утыку къызэрихьа зэман ужьыгъуэм теухуа зэман координат системэм зэрытеухуэнури гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэуэ зэхущытыкlэ зиlэ макъхэмкlэрэ ухуа бзэм утыку къырилъхьэ логием мы системэр цlыхум гулъытэ зэрыхуищlынури гулъытапхъэщ. Аращи, цlыхум къигъэунэхуа математикэ щlэныгъэм лъабжьэ хуэхъури абы хуэухуа мыпхуэдэ зы бзэращи, мыпхуэдэ зы бзэри зы макъыбзэу зэрыщытын хуейри гурыlуэгъуэнщ.

Щыlэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыlэу абы хэтыр мы зи гугъу тщlа системэхэращ зыхэтрэ зыщыщри, щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьэ дэтхэнэ гурым хуэдэжу, макъхэми я щыlэгъуапlэр мы системэхэращ. Икlи макъхэм

я геометриер мыпхуэдэу щыухуэкIэ, абы дэтхэнэ зы макъри зыхиубыдэнур гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы макъым мы макъыгъуэ корпусым теухуауэ зы къэхъупIэрэ щыIэпIэ зэриIэнури гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, макъыгъуэрэ макъ геометриер зыухуэ макъ Iуэр лъабжьэхэмрэ абыхэм къатехъукIыжу геометрикэ къалэнрэ мыхьэнэ зиIэ макъ Iуэрхэм нэмыщI, макъ щэхухэм я къэхъупIэрэ щыIэпIэри макъыгъуэу тлъытэ мы геометриеращ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, макъ щэхухэри мы геометрием щыщрэ утыку къыщихьэри мы геометриеращ. Ар щыхъукIи, ахэр мы геометрием утыку къыщихьэрэ къызэрихьэм елъытащ абыхэм ягъуэт мыхьэнэрэ къалэнхэри, ахэр утыку къыздыщихьэ щIыпIэри зы макъ Iуэрым къигъэлъагъуэ геометрием теухуарэ екIуэлIэныгъуэ иIэу лъытапхъэщ. НытIэ, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэныр зы макъ Iуэрым и геометрикэ къалэнрэ мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ; нэхъ игъуэу жыIэпхъэмэ, дэтхэнэ зы макъ щэхур - а нэхъ мащIэу- зы макъ Iуэрым и геометрикэм математикэу ″хуэкIуэныгъэ, екIуэлIэныгъэ″ зиIэу лъытапхъэщ.

Макъ щэхухэр нэхъыбэу мыхьэнэ зиIэ макъхэращи, мыбыи и лъабжьэр ахэр щыIэгъуэ геометрием зэрытеухуаращ. Ар щыхъукIи, макъ щэхухэр зытеухуа макъ Iуэр геометрикэхэм я гугъу щытщIым деж, зи гугъу тщIыр щыIэгъуэ ″геометрие координат системэ″м зэрытеухуакIэрэщ. Аращи, мы лэжьыгъэкIэрэ зи гугъу тщIы системэр ″зэман системэ″ракъым; ауэ игъуэр къэсрэ абыи и гугъу щIыпхъэ щыхъум деж, ари къыхэдгъэщу лэжьыгъэр едгъэкIуэкIынщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, макъ Iуэрхэм ягъэзащIэр я геометрие къалэнрэ мыхьэнэкIэрэ лэжьэнращи, макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ IуэрхэмкIэрэ къэIу макъдэкIуашэр къыздыщыIу щIыпIэри а макъзешэр зытеухуа геометрикэ Iыхьэм дежращ. Ауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа Iуэхугъуэр макъ щэхурэ макъдэкIуашэхэми макъ геометрием зы щIыпIэм теухуа мыхьэнэ зэраIэращи, а щIыпIэри зы макъ Iуэрым и геометрикэ мыхьэнэрэ къалэным теухуарэ зэрыхуэкIуэращ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыри макъ щэхухэр зэрызэлъыта щIыкIэкIэ утыку къызэрихьаращ зэлъытар.

НытIэ, макъ Iуэрхэм утыку къызэргъэхьа геометриемрэ геометрикэ мыхьэнэрэ къалэнхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, дэтхэнэ зы макъ щэхур къызэрыхъуа щIыкIэу и мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зытеухуэу екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу лъытапхъэ макъ Iуэрым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэм икIи макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр зэрызэкIуалIэрэ зэрызэщхьэщыкIыу я зэхуаку дэлъ зэлъытэныгъэми щыгъуазэ дызэрыхуищIынур гулъытапхъэщ.

Япэрауэ дэтхэнэ зы макъыр дэтхэнэ зы гуэру щыIэгъуэ геометрием, икIи зы макъыу зэрыщыткIэрэи макъ геометрием щыджращи, зы ″абзсису (зы макъыу макъыгъуэм щыджрэ щыIэгъуэ зыгъуэт зы ″абзсис″у) зэрылъытапхъэкIэрэ ″и″м теухуауэ утыку къызэрихьэр гурыIуэгъуэнщ. Зы абзсису утыку къыщихьэкIи, мы системэм щыIэгъуэ зыгъуэта зы функцэу

″у″уи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ мыбдежым ди Iуэхур макъ щэхухэм дэтхэнэ зыр и къэхъукIэкIэ зытеухуарэ зэкIуалIэ макъ Iуэрхэр къэгъэунэхунращи, утыку къызэрихьа зэкIэлъхьэужьыкIэм дытету дэтхэнэ зы макъ щэхум мыпхуэдэ щIыкIэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыри дэтхэнэ зы макъ щэхур и оригинал мыхьэнэкIэрэ утыку къызэрихьэ щIыкIэм теухуауэщ къызэредгъэкIуэкIынури, дэтхэнэ зы макъыр ″ы″кIэрэ къэIуущ, мыхъумэ, нэгъуэщI макъзешэкIэ зэрылажьэракъым зи гугъу тщIынухэр. Аращи, зы макъ щэхур оригиналу утыку къызэрихьэрэ къызэрыIу щIыкIэкIэ и мыхьэнэрэ къалэныр зытеухуэрэ зыхуэкIуэ макъ Iуэрым щыгъуазэ хуэхъунращ къытпэщыт Iуэхури, макъ щэхурэ дэкIуашэхэр нэгъуэщI макъзешэхэмкIэ щешажьэкIэ а макъзешэм и геометрикэм зэрыджынурэ щылэжьэнури гурыIуэгъуэщ.

*

Мыпхуэдэ лэжьыгъэри япэрей макъыу утыку къихьа ″**м**″ым деж къыщыщIэддзэнщ. Япэрей макъ щэхуу къэхъуауэ лъытапхъэрэ икIи ″ы″кIэрэ япэ къэIуу утыку къихьа ″м″ макъыр ″зыгуэрыр а зэрыщыткIэрэ гурыIуэгъуэ зыщI″ макъщи, ар мыпхуэдэу ″оригин гулъытэ зыщI″ макъыу, ″ы″м и къалэным теухуэрэ екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъыу лъытапхъэщ. Мыр икIи ″м″ыр зы макъ щэхуу япэу къызэрыхъуами езэгъ Iуэхугъуэщ.

Ауэ ″м″ым къыкIэлъыкIуэрэ къыхэхъукIауэ утыку къихьауэ лъытапхъэ ″**н**″ макъыр ″м″ыкIэрэ мы гурыIуэгъуэ хъуам теухуауэ гъэзэщIапхъэмрэ хуэкIуэныгъэр зэрылъытэ макъыу, ″э″м и къалэным екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъыу лъытапхъэщ. ″М″ымрэ ″н″ым мы я зэхущытыкIэр икIи ″ы″мрэ ″э″м я зэхущытыкIэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ.

″Н″ыр ″м″ым къытехъукIа макъыу лъытапхъэщи, ахэр зы макъ гупщ. Ауэ макъ къэхъуныгъэ зэкIэлъхьэужьыкIэу ″м″ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа макъыр ″**хь**″ макърауэ лъытапхъэщи, ар (хь) ″м″ыкIэрэ гурыIуэгъуэ къызхуэхъуам езым зыкъызэригъэлъагъуэ макъщ. ИкIи, а гурыIуэгъуэ къыхъуамрэ езыр зэрызэхущытрэ зэрызэхуэкIуэр зэрылъытэращ ″хь″ макъри, и къэхъупIэм япэ къыщыхъуа макъыу щытми, къызкIэлъыкIуэ ″м″ макъыр ″ы″м екIуэлIэныгъэ зэрызыхуиIэм езэгърэ къыкIэлъыкIуэу, ″хь″ макъ мыхьэнэр ″э″ макъым игъэзащIэ къалэным екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу лъытапхъэщ. ″Э″м мы и екIуэлIэныгъэр щыIэгъуэ геометрие системэм щыгъэзащIэ кIуэтэгъуэу (э) зэрыщытри гулъытапхъэщ.

*

Макъ къэхъуныгъэр жьэ кIуэцIымкIэ зэрыунэтIынум къежьапIэ хуэхъур ″**къ**″ макъым и къэхъуныгъэращ. Ар къыздыщыхъуа тэмакъыр икIи макъ къэхъуныгъэ платформэ зи мыхьэнэуи зэрылъытапхъэм зэрезэкIэрэ, абдежыр макъ къэхъуныгъэм и ужьыгъуэ къежьапIэу зы оригиныпIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Мы макъ къэхъупIэм къыщыхъуа макъ закъуэращ ″къ″ыри, абыдежыр икIи ар къыздыщыхъуа оригинщ. Къыздыщыхъуарэ мы къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъ Iуэхугъуэщ ″къ″

макъым и мыхьэнэри, ар къежьапӀэр зэрылъытэ макъыу ″ы″м и къалэным екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. КъежьапӀэрэ къэхъупӀэ зи мыхьэнэ ″къ″ макъыр оригиналыпӀэ нэхъыщхьэу лъытапхъэ ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэм нэмыщӀ, зэман (э) ужьыгъуапӀэу (у) щытрэ сытри зыщыджу утыку къыздыщихьэрэ щыӀэгъуэр зэрыщыӀэкӀэрэ зэрызекӀуэ итыпӀэу оригин къалэни зиӀэ ″о (эу)″ми екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэри гурыӀуэгъуэнщ.

КъежьапӀэр икӀи кӀуэдыпӀэу зэрыщытыр, ауэ къежьапӀэр зы позитивыгъэ (хъуныгъэ - хэхъуэныгъэ) щӀыпӀэу щыт щхьэ, кӀуэдыпӀэр зы негативыгъэу (мыхъуныгъэ - хэщӀыныгъэ) щӀыпӀэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ. КъежьапӀэу оригин (ы) екӀуэлӀэныгъэ зиӀэ ″къ″ макъыр ищхьэ къыпыхьэ макърэ псалъэр къежьапӀэ игъуэту мэлажьэ; ″къ″ыр кӀэух зыхуэхъу макърэ псалъэри мыхъуныгъэрэ кӀуэдыпӀэм хуокӀуэр. КӀуэх зыхуэхъур кӀуэдыпӀэм зэрыхуишэ щӀыкӀэкӀэ игъэзащӀэ къалэныр ″Ӏы″м зэрытеухуэр гурыӀуэгъуэнщи, адыгэбзэм ″Ӏы″мрэ ″къ″ыр кӀуэдыпӀэ зыгъэзащӀэу зэхуэдэ къалэнкӀэрэ зэрыхэлэжьыхьри гурыӀуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу утыку къихьарэ ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ ″къ″ макъым и ужьыгъуэ иужькӀэ къытехъукӀыжа макъыр ″**къу**″ращи, ар къэхъур (къ) къыздыщыхъум (оригин: ы, о) хэужьыкӀыныгъэу (у) утыку къызэрихьэр зэрылъытэ макъщ. Мыпхуэдэу утыку къызэрихьарэ къызэрыӀуэта щӀыкӀэми гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, ″къу″м и мыхьэнэр ″у″м зэрекӀуалӀэрэ зэрытеухуэри гулъытапхъэщ.

Тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ым къыкӀэлъыкӀуэ макъ къэхъупӀэм къыщыхъуащ ″кхъ″ макъри, абдежри зы макъ къэхъупӀэ зэрыхъуам зэрезэгъкӀэрэ зы оригиналыпӀэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, мыпхуэдэу утыку къихьа ″**кхъ**″ макъ мыхьэнэри ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. ″Кхъ″ым и ужьыгъуэу иужькӀэ къытехъукӀыж ″**кхъу**″ри зы джыгъуэрэ ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэрэ ″и″рэ ″у″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъыу лъытапхъэщ.

Макъ къэхъуныгъэр тэмакъ нэужьу жьэ кӀуэцӀымкӀэ зэрыунэтӀ щӀыкӀэу ″кхъ″ым къыкӀэлъыкӀуэ зы щӀыпӀэри къэхъупӀэ зыхуэхъуар ″**хъ**″ макъращ. Абдежри мы макъым къэхъупӀэ зэрыхуэхъуакӀэрэ зы оригиныпӀэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткӀэ, мыбдежым утыку къыщихьа ″хъ″ макъри зэкӀуалӀэрэ зытеухуэ макъ Ӏуэрыр ″ы″рауэ лъытапхъэщ. ″Хъ″ыр икӀи дэтхэнэ зы лъабжьэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщи, щыӀэгъуэр щыджу щыт зэман ужьыгъуэ (эу) итыпӀэри (о) щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ лъабжьэу зэрыщыткӀэрэ ″хъ″ыр икӀи ″о (эу)″ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ЩыӀэгъуэм и джыпӀэ ″о″м нэмыщӀ, къэхъур къыздыщыхъум и лъабжьэр зэрылъытэ ″хъ″ макъыр икӀи щыӀэгъуэр зыщыдж (и) системэу (и-системэ) щыӀэгъуэ геометрие ординат къалэн зиӀэ ″х″ыми екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэнури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ ″х″ыри къызтехъукӀа ″хъ″ыр ″и-системэ″м и ординат къалэн зиӀэу ″х″ыми лъабжьэ хуэхъужу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщи, ар зы джыгъуэу (и)

зыщыдж зэман системэри ″хъ″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Аращи, къэхъур къыздыщыхъурэ къызтехъукI дэтхэнэ гуэрыр ″хъ″ыкIэрэ лъытапхъэщи, къыздыщыхъурэ утыку къыздыщихьэр дэтхэнэ системэуи щырет, дэтхэнэ зы лъабжьэр ″хъ″ыкIэрэ лъытапхъэщ, икIи дэтхэнэ зы лъабжьэ мыхьэнэ зиIэри зы ″хъ″ лIэужьыгъуэу, ″хъ″ыр дэтхэнэ зы оригинрэ лъабжьэ мыхьэнэрэ къалэн зиIэ геометрикэ Iыхьэм теухуэ мыхьэнэ зиIэрщ. Мы псалъэхэм къыкIэлъыкIуэу пыщапхъэщи, дэтхэнэ зы лъабжьэрэ оригиныпIэр ″хъ″ лIэужьыгъуэу зэрылъытэкIэрэ абы къытехъукIрэ къытеужьыкIыр ″хъ″ ужьыгъуэщи, ″хъ″ыр ″у″кIэрэ къэIуу утыку къихьэ ″**хъу**″ макъым и мыхьэнэри мыращ. Мы къызэрыхъум щIыкIэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″хъу″р занщIэу ″у″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ, занщIэу зы ″у″ лIэужьыгъуэщ; ар (хъу) зы лъабжьэрэ оригиным (хъ) къытехъукI ужьыгъуэр (у, хъу) къызэрыIуатэ макъ мыхьэнэуэ ″у″м и мыхьэнэм теухуащи, икIи ар нэхъыфIыжу зэрылъытэ макъ мыхьэнэи зиIэрщ.

″Хъ″ макъым къыкIэлъыкIуэ макъ къэхъупIэм къыщыхъуари ″**гъ**″ макъращи, ари щхьэж къэхъупIэ зиIэжу зы оригиныпIэм къыщыхъуа макъыу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ, ″гъ″ым и мыхьэнэри лъабжьэрэ оригин мыхьэнэуэ, ″ы″м и къалэным хуэкIуэныгъэ зыхуиIэрэ теухуэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. ″Гъ″ макъым и мыхьэнэр щыIэгъуэ зиIэр зэрызекIуэну лъабжьэрщи, абы и кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэм къытехъукI ″гъэ″р щыIэгъуэ зиIэр зэрызекIуэр зэрылъытэращ. ″Гъэ″м и мыхьэнэкIэрэ гъэзащIэ мы зекIуэныгъэр къыщыувыIэри ар ″ы″м зэрехыжу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, псэущхьэхэм –нэхъыбэуи цIыхум- теухуа ″гъын″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищыIыр мыращ. Аращи, ″гъ″ыр занщIэу бзэм ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукI макъыу лъытапхъэщи, ар бзэм зэрыхэхьа щIыкIэр ″гъэ″м игъэзащIэ мыхьэнэрэ къалэныр къызэрыувыIэрэ зэрехыжыр (гъэ-ы) къызэрыIуатэу ″гъын″у лъытапхъэщ.

″Гъ″ макъми и ужьыгъуэ (у) макъыу иужькIэ къытехъукIыжа ″**гъу**″ри ″гъ″ым игъэзащIэ лъабжьэ мыхьэнэм и ужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэрщи, ар щыIэгъуэ зыгъуэтынур щыджыну оригиныпIэр зэрылъытэ макъщ. ″Гъ″ым лъабжьэрэ оригиныпIэ ″ы″м екIуэлIэныгъэ зэриIэм хуэдэу лъытапхъэщ ″гъу″ми екIуэлIэныгъэ зыхуиIэри, мыпхуэдэ лъабжьэм зэрызиубгъум теухуауэ лъытапхъэщ. Мы зыубгъугъэр лъабжьэрыубгъугъэу, щыIэгъуэ зыгъуэтынум и лъабжьэр зэрыгъэхьэзыру лъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ зыгъуэтынур зыщыджыну оригиныпIэр зэман (э) ужьыгъуэу (у) щыт ит зэманыгъуэращи (о), ″гъ″ым и ужьыгъуэ ″гъу″р джыпIэрэ итыпIэ оригин къизыIуэ ″о (эу)″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″гъ″ым и ужьыгъуэу щыт ″гъу″р джынурэ зы абзсисыгъэ зыгъуэтынум и лъабжьэр зэрыгъэхьэзырыр зэрылъытэ макъыу, щыIэгъуэ системэр зэрыджым лъабжьэ хуэхъу зэман системэм теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэ зыгъуэтынур зыджыну зэман ужьыгъуэ итыпIэрэ (о) оригиныпIэу щыт ″гъу″р щыIэгъуэ геометрие

системэм занщӀэу теухуа мыхьэнэ зимыӀэ макъыу лъытапхъэщ. Ауэ абдежыр щыӀэр зэрыджынурэ зыщыджыну лъабжьэр зэрыгъэхьэзыр оригиныпӀэу, геометрие системэмрэ абы щыджынурэ щыӀэгъуэ зыгъуэтынуми лъабжьэрэ пӀэ хуэхъур зэрылъытэращи, абы (гъу) и кӀуэтэгъуэрэ зэманыгъуэкӀэрэ (э) утыку къихьэу къытехъукӀыр "гъуэ"ращ. Дэтхэнэ зы щыӀэгъуэм зы "гъуэ" иӀэщи, ар утыку къыщихьэну джыпӀэрэ итыпӀэри (о), ар джырэ щыӀэ зэрыхъу щӀыкӀэри зы "гъуэ" зэригъуэткӀэрэщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, "гъу"р геометрие системэм теухуауэ гурыӀуэгъуэ мыхьурэ, абы и лъабжьэу зэман системэм теухуами, абы зэманыгъуэкӀэрэ къытехъукӀ "гъуэ"р геометрие системэм щыджынурэ щыджым теухуауэ лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэрщ. "Гъуэ"р дэтхэнэ щыӀэ гуэрым лъабжьэрэ итыпӀэ хуэхъуращи, ар (гъуэ) геометрие системэм {х, и} зы "абзсис"ыгъэу (и) утыку къыщихьэращ. Дэтхэнэ зы щыӀэ гуэрыр геометрие системэм щыдж абзсису лъытапхъэщи, мыпхуэдэу "и"р пӀэ зэрыхуэхъукӀэрэ утыку къихьэр зэрылъытэращ "гъуэ"р. Мы псалъэми гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, "гъуэ"р щыӀэгъуэр зыщыдж лъабжьэу "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ, икӀи геометрие системэм щыджым лъабжьэ хуэхъуу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, мы системэм и ординат "х"ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ. Ауэ щыӀэгъуэ зиӀэр икӀи зы функцэу (*f*(х)) зэрылъытэкӀэрэ "гъуэ"р икӀи зы "у" лӀэужьыгъуэщ ("*f*(х)"р икӀи "и = *f*(х)"уи зэрылъытэр гурыӀэгъуэщ).

ИкӀи пыщапхъэщи, дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэм пӀэ хуэхъуу тлъытэ "гъуэ"р зы "функцэ волная"уи лъытапхъэщи, апхуэдэ функцэм зы валор зэригъуэткӀэрэщ щыӀэ хъунум ипӀэр игъуэту щыӀэгъуэ зиӀэу утыку къызэрихьэр. Аращи, абдежыр (гъуэ) пӀэ зыхуэхъур зэрылъытэкӀэрэщ дэтхэнэ гуэрым и "щыӀэгъуэ"р зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэр (щыӀэгъуэ, гурыӀуэгъуэ, Ӏуэхугъуэ, щӀэгъуэ). Дэтхэнэ щыӀэ гуэрым пӀэ хуэхъур "гъуэ"ращи, зы "гъуэ" зыгъуэтрэ зи "гъуэ"р наӀуэ хъуаращ "щыӀэгъуэ" зыгъуэтрэ щыӀэгъуапӀэм иувэр. "Гъуэ"р системэ джыпӀэ "и"м щыджрэ утыку къыщихьэу щыӀэ хъум пӀэ хуэхъуращи, пӀэ зыхуэхъунур наӀуэ зыщӀ псалъэри "игъуэ"кӀэщ къызэрыӀуатэр. "Игъуэ" псалъэм гурыӀуэгъуэ къищӀыр зытеухуарэ зы джыгъуэу (и) щытыр цӀэимыӀуэкӀэрэ къызхэщ "гъуэ"ращи, "игъуэ" къэсар езым хуэӀуа "гъуэ"кӀэрэ щыӀэ зэрыхъунур къызэрыӀуатэращ: "игъуэ" къэсыр джырэ "гъуэ" зыгъуэткӀэрэ зы щыӀэгъуэ игъуэту щыӀэ мэхъур.

*

"Ы"м хуэкӀуэныгъэу тэмакъыр зи къэхъупӀэу утыку къихьа "къ" макъым иужькӀэ бзэгу гущӀыӀум къытехъукӀыжа "**кӀ**"ыр "къ" макъ мыхьэнэм елъытарэ теухуауэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ "къ"ыр зыхуэкӀуэ "ы"м къыкӀэлъыкӀуэ кӀуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къалэн зыгъэзащӀэ "э"м хуэкӀуэныгъэ зыхуиӀэу макъыу лъытапхъэщ. Аращи, "кӀ"ыр зы къэхъупӀэм (къ → ы) зэманыгъуэкӀэрэ (э) утыку къихьэу джыр (и) зэрылъытэ макъщи,

ар икIи мыпхуэдэ зы джыгъуэу ″и″ми екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъыу ″эй″уэ щыт ″пулс″ функцэм екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ. Зэманыр зи ординат ″э-системэ″м мыпхуэдэу щылъытапхъэ ″кI″ыр ″и-системэ″м ″х″ыуэ щызэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, а системэм щызекIуэу къыхэхъукIрэ джыри зэрылъытэрэ къызэрыIуатэрщ (хэкIын, хадэхэкI). Зы къежьапIэр зи къэхъупIэу (къ) утыку къихьэр ″кIын″ Iуэхугъуэщи (къэкIын), мыпхуэдэу зэманкIэрэ къэхъур зэманкIэрэи (э) къызэрыувыIэрэ зэрыухынури (кIэ) зэрылъытэрщ. Зэхуэдэу лъытапхъэ мыхьэнэкIэрэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм хэту нобэ ″кI″ыр къызэрыIу щIыкIэу щыт ″**чI**″ макъри ″кI″ым къытехъукIыжауэ лъытапхъэ макъщи, ари ″кI″ыр зэкIуалIэрэ зытеухуэ геометрием екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ.

″КI″ макъым и ужьыгъуэу утыку къихьа ″**кIу**″ макъ мыхьэнэри ″кI″ыхэр – а нэхъ мащIэуи ″кI″итIыр- зэрызэлъытэ ужьыгъуэ лIэужьыгъуэу, къэхъупIэрэ зэманыгъуэу кIуэтэгъуэм щытеджыхьитI (эй) зэхуакум къыдэхъухь ужьыгъуапIэр зэрылъытэращи, геомериеу ″и″рэ икIи ″у″ми екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъыу лъытапхъэщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, зы джыгъуэм елъытауэ ужьыгъуэ зэриIэкIэрэ джыращ ″кIу″м гурыIуэгъуэ къищIри, абы утыку къырилъхьэ геометриер ″паралел″ыгъэрщ: япэу къэхъуа гуэрым парарелыгъэ зыхуиIэ джыгъуэрщ ″кIу″р. ″КIу″р мыпхуэдэ зы ужьыгъуэщи, ари щхьэжрэ езыр езырурэ занщIэу зы ужьыныгъэу утыку къимыхьарэ джагъэххэу утыку итым елъытарэ а джыгъуэ ужьыгъуэм зыдигъэкIу джыгъуэу, ″кIу″м и ужьыгъуэ мыхьэнэр джыгъуитI зэхуакум къыдэхъухь ужьыгъуэ пыухытыкIауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщи, абдежыр икIи зы ″у″ Iыхьэу зэрылъытапхъэкIэрэ зы ″Iу″ лIэужьыгъуэуи зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, зы ужьыгъуэ лIэужьыгъуэу щылъытэм деж, ″кIу″р зэкIуалIэрэ зытеухуэ ужьыгъуэр ″у″мрэ абы и лимитацэ ″Iу″м хуэдэу щхьэж ужьыгъуэрэ ужьыгъуэ Iыхьэу зэрыщымытым ипкъ иткIэ, зы ужьыгъуэ лIэужьыгъуэу къызэрыхъуа щIыкIэр зэлъытэныгъэу щытщи, джыгъуитI (кI) зэхуакум дэухуарэ а джыгъуитIыр зэрызэлъытакIэрэ ухуа ужьыгъуэ лIэужьыгъуэ шыт ″кIу″р къызщыдэхъухьым зэрелъытакIэрэ дэубзыху зэрыщыткIэрэ зы бзыгъэ зиIэ ужьыгъуэ лIэужьыгъуэщ. Аращи, ″хъу″р занщIэу зытеухуэф ужьыгъуэмрэ (у) абы и зы Iыхьэр зэрылъытэм (Iу) зэрекIуалIэри ар (кIу) зы бзыгъэ зэриIэрэ макъызу зэрыщыткIэрэщ.

″ЫI″м хуэкIуэныгъэ зыхуиIэу щхьэж къэхъупIэ иIэу утыку къихьа ″кхъ″ макъым бзэгу гущIыIум къытехъукIыжауэ лъытапхъэ ″**к**″ макъри кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ (э) зиIэу зэманкIэрэ (э) утыку къихьэ зы джын (и) лIэужьыгъуэр зэрылъытэрщ. Ар лъабжьэрэ кууагъ мыхьэнэ зиIэ ″кхъ″ макъым зэрелъытагъэнщи, зэманкIэрэ къэхъу зэгуэкIыныгъэр къызэрыIуатэу, икIи зы кIуэтэгъуэу кIыхьагъ зиIэу джын лIэужьыгъуэри къызэрыIуатэу бзэм холэжьыхьыр. Абы къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукIауэ лъытапхъэу, бзэми жьэрыпсалъэкIэ и зэхъуэкIыныгъэу хэлэжьыхь ″**ч**″ макъри зэкIуалIэ геометрие къалэныр ″к″ым хуэдэу лъытапхъэщ.

"К" макъым и ужьыгъуэу къытехъукӀа "**ку**"ри "к"ыхэм - а нэхъ мащӀэу "к"итӀым- я зэхуакум къыдэхъухьыр зэрылъытэрщи, ар зы зы джыгъуэрэ икӀи зы ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ. Мы къызэрыхъуам зэрезэгъкӀэрэи, "ку"р "и"мрэ "у"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Ауэ мы ужьыгъуэр щхьэжу зы ужьыгъуэу зэрыщымытрэ зы ужьыгъуэ ӀэнатӀэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, "ку" макъ мыхьэнэр "у" нэхърэ "у" Ӏыхьэрэ пыухытыкӀар зэрылъытэ "Ӏу"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ. Мыбы хуэдэщи, зы джыгъуэу щхьэжу утыку къихьэ джыгъуэкъым "ку"м и мыхьэнэри, джыгъуитӀ е нэхъыбэм я зэхуакум къыдэхъухьу джыгъуэу лъытапхъэрауэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ, "ку"р зэкӀуалӀэ джыгъуэри нэхъ игъуэу "й"рауэ жыӀэпхъэщ. ИкӀи, "к"ыхэм е "к"итӀ зэхуакум къыдэхъухь зы ужьыгъуэ ӀэнатӀэращ "ку"р зытеухуари, ар щхьэж ужьыгъуэрэ хъугъуэ зимыӀэу, къэзыгъэщӀа "к"итӀым зэрелъытакӀэрэ къэхъу ужьыгъуэ Ӏыхьэ лӀэужьыгъуэщи, ар зы бзыгъэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, "ку"ри зы макъыбзщ. Макъыбзу щыт "ку"м ужьыгъуэ Ӏыхьэу "Ӏу"м и екӀуэлӀэныгъэри мыпхуэдэу къэзыгъэщӀарэ къыздэухуа "к"ыхэм елъытауэщ.

Щхьэж къэхъупӀэ зиӀэрэ "ы"ми хуэкӀуэныгъэ зыхуиӀэу утыку къихьа "хъ" макъым бзэгу гущӀыӀум къытехъукӀыэ "**х**" макъым и мыхьэнэри "хъ"ым хуэдэу лъабжьэ зи мыхьэнэращ. Ауэ "хъ"ыр зэман системэми, геометрие системэми теухуа лъабжьэу, дэтхэнэми щыухуэ ужьыгъуэрэ хъугъуэр къызтехъукӀ лъабжьэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зиӀэращи, "х"ыр зытеухуа лъабжьэр щыӀэгъуэ геометриеращ. Ар щыӀэгъуэ зыгъуэтым лъабжьэ хуэхъуращ; ар щыӀэгъуэ зыгъуэтыр къызтехъукӀ лъабжьэращ. ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, "зэман системэ"м и абзсисыгъэкӀэрэ (и) джыуэ утыку къихьэ щыӀэгъуэ "геометрие систе"ращи, мы системитӀми лъабжьэ хуэхъурэ мы системитӀми щыджым къытехъукӀынум и лъабжьэр "хъ"ыкӀэрэщ зэрылъытэр, ауэ "х"ыр лъабжьэ зыхуэхъур щыӀэгъуэ зыгъуэтыр зыщылъытэ "геометрие системэ"ращи, мыбы зэрезэгъкӀэрэщ "х"ыр зэрыигъуэкӀэрэ геометрие системэм и "ординат"у щӀэлъытар. Мы псалъэм гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, зэман системэм и "и"уэ джарэ утыку къихьа геометрие системэм лъабжьэ хуэхъуу лъытэ и зы "и" лӀэужьыгъуэ лъэныкъуэр "х"ыуэщ зэрылъытари, мы системэм и ординатыр зэрылъыта "х"ыр зэман системэм и зы джыгъуэу зэрыщыткӀэрэ, "х"ыр зы "и" лӀэужьыгъуэу, "х"ым и мыхьэнэр "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ. Ауэ зы "и" лӀэужьыгъуэми, "х"ыр геометрие системэу щыт "и-системэ"м и "ординат"у зы геометрие терминуи зэрылъытар гурыӀуэгъуэщ.

"Х"ым и ужьыгъуэ макъыу утыку къихьа "**ху**"р геометрие системэм щыджыр зэрыкӀуатэрэ зэрыужьыр зэрылъытэ макъщ. ЩыӀэгъуэ зиӀэр зэрыкӀуатэр зэрыгъэзащӀэу зэрыщытым зэрезэгъщи, къызтехъукӀа "х"ыр зи ординат "х-системэ"м щыгъэзащӀэ кӀуэтэгъуэу "э"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ.

″Ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрэ щхьэж къэхъупӀэ зиӀэу утыку къихьа ″гъ″ым бзэгу гущӀыӀум япэу къытехъукӀыж ″**г**″ макъыр щыӀэгъуэ зиӀэр зэрыджынум зэрыхуэкӀуэрэ лъэщу зэрыджыр зэрылъытэ макъщи, зы джыгъуэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Абы къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьэ ″**гь**″ макъри ар дыдэу зы джыныгъэ зи мыхьэнэщи, ари нэхъ игъуэкӀэрэ ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрэ ″и″ лӀэужьыгъуэу зы макъщ. ″Гъ″ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьауэ лъытапхъэрэ бзэми жьэрыпсалъэу зэщхьэщыкӀыныгъэ зыхуаӀэу ″гь″ макъым хуэдэ мыхьэнэ зиӀэ ″**дж**″ыри ″гь″ым хуэдэжу, зы ″и″ лӀэужьыгъуэу зэрыщытынури гулъытапхъэщ. ″Дж″ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьауэ зи гугъу тщӀа ″**дз**″ыри зы джыгъуэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ ″дж″ым хуэдэжу зы ″и″ лӀэужьыгъуэрэ зы джыгъуэрэ джыгъуапӀэу щыт ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъыу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

″Гъ″ым и ужьыгъуэу къытехъукӀыжа ″**гу**″р джыныгъэ ужьыгъуэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, къызтехъукӀа ″гь″ыр ″и″ лӀэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ ари ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрэ ″и″ лӀэужьыгъуэу зы макъщ. Аращи, ″гь″ым и ужьыгъуэу утыку къихьарэ джы (и) ужьыгъуэу щыт ″гу″р системэм увыӀэгъуэ имыӀэу щыджыр зэрылъытэу ″и″ защӀэщи, ″у″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу зы макъыу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ.

*

Тэмакъым макъ къытехъукӀыныгъэр щыгъэзащӀэрэ къыкӀэлъыкӀуэ лъэбакъуэхэм макъ гуэрхэри къэхъуурэ макъ къэхъуныгъэр бзэгум зэрыхуэкӀуэр гурыӀуэгъуэщи, тэмакъымрэ бзэгум я зэхуакум къыдэхъухьа макъхэми бзэгум иужькӀэ къатехъукӀыж макъхэми я гугъу тщӀащ. НытӀэ, макъ къэхъуныгъэр бзэгум зэрыхуэкӀуэкӀэрэ бзэгур макъ къэхъуныгъэм зыӀузыха макъхэм къыщӀидзэу, бзэгур зи къэхъупӀэ хъуарэ дзэрэ Ӏупэр макъ къэхъуныгъэ Ӏуэхум къызэрыхэхьэжкӀэрэ утыку къихьэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр зыхуэкӀуэрэ зытеухуэу лъытапхъэ геометрие мыхьэнэрэ къалэнхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Бзэгур япэу зэрыджызджкӀэрэ макъ къэхъуныгъэм тезышэу къэхъуа макъыр ″**жь**″ырауэ жыӀэпхъэщи, ар икӀи мы къызэрыхъуам зэрезэгъкӀэрэ увыӀэгъуэ зимыӀэ хьэрыч зи мыхьэнэ макъщ. Ар мыпхуэдэ зы хьэрычэткӀэрэ къызэрыхъуам зэрегъэщи, игъуэта мыхьэнэрэ къалэнри функциал кӀуэтэгъуэм (э) екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Аращи, бзэгум игъуэт хьэрычэткӀэрэ утыку къихьэ ″жь″ыр хьэрычэт зи мыхьэнэщи, бзэгум игъуэта хьэрычэткӀэрэ макъ къэхъуныгъэкӀэ бэрычэт зэригъуэтар гурыӀуэгъуэщ. Бзэр зэрыухуа макъхэм я нэхъыбэр къыздыщыхъуарэ бзэ къэхъупӀэуи лъыта бзэгум япэ къыщыхъуар ″жь″ макъращи, ар макъ къэхъупӀэу лъыта бзэгум щыджа япэрей макъыу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, ″жь″ макъым ″и″ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэуи лъытапхъэщ. ТӀуми екӀуэлӀэныгъэ зэриӀэм ипкъ иткӀи, икӀи зэман

системэмрэ, ар дыдэуи геометрие системэми теухуа ″у″ лӀэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ ″жь″ макъыр. Мыбыи къыщымынэу, ар макъ къэхъуныгъэм бзэгур тезышарэ, макърэ бзэ джыпӀэу бзэгур зыӀузыха макъыу, икӀи зы системэм и оригин къалэни зыгъэзащӀэ макъщи, мы щӀыкӀэкӀи ″ы″ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъщ. Ар утыку къызэрихьарэ къыздыщихьа мы щӀыпӀэм езэгъ Ӏуэхугъуэхэр мыпхуэдэу убгъуауэ геометрие мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрызэхуэдэу екӀуалӀэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ, ауэ абы къытехъукӀыж макъхэм (нэхъыбэуи ″ж″ым) я мыхьэнэрэ къалэным елъытауэ ″жь″ макъым пыухытыкӀауэ зы мыхьэнэ игъуэтауэ лъытапхъэщи, и макъ мыхьэнэри зыхуэкӀуалӀэ зы геометрикэи нэхъ ӀупщӀрэ пыухытыкӀа хъуауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Аращи, ″жь″ым къытехъукӀыу утыку къихьа ″ж″ым игъэзащӀэ хьэрычэтыр нэхъ псынщӀэрэ сытми хунэсу зэрыщыткӀэрэ, ″жь″ым и хьэнычэтыр джыпӀэу щыт иджы щӀыбым теухуауэ лъытапхъэщи, ″жь″ макъ мыхьэнэр ″э″м нэхърэ ″а″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ. ″Жь″ыр бзэми зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэщи, итыпӀэрэ иджыпӀэу щымытрэ жыжьагъэ зиӀэр зы хьэрычэт лӀэужьыгъуэкӀэрэ къызэрыӀуатэущ: «иджым имытрэ иджыри къэмыса зэманыгъуэр ″жы″уэщ зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэр; икӀи, джарэ зэрыхъун хъуауэ щытрэ итыгъуэ зимыӀэжу зи зэманыгъуэр блэкӀари ″жьы″уэщ зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэр». Мы псалъэми зэрезэгъщ икӀии, ″жь″ макъ мыхьэнэр зытеухуа хьэрычэтым итыпӀэрэ нэсыныгъэ зэрызимыӀэм зэрезэгъкӀэрэ мыпхуэдэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «жь>о(эу)<жь».

Бзэгум япэ къыщыхъуарэ увыӀэгъуэ зимыӀэ хьэрычэт зи мыхьэнэ ″жь″ым къытехъукӀыжа ″**ж**″ыр ″жь″ым елъытауэ нэхъ псынщӀэрыӀурэ ткӀийуэ къэӀуыкӀэ зиӀэ макъщи, ″жь″ым елъытауэ нэхъри псынщӀэрэ щӀэхыу хьэрычэт зи мыхьэнэ макъщ. Ари мы и мыхьэнэм зэрезэгъкӀэрэ функциал кӀуэтэгъуэмрэ (э), мыпхуэдэуи утыку къихьэ джыгъуэр (и) псынщӀэрыгъэзащӀэу зэрылъытэ макъщ. Сытри занщӀэу зэпызыщӀэфрэ генератикэ зэпыщӀэныгъэр зэрылъытэ макъщ ″ж″ыри, мыпхуэдэу зэхэлъыныгъэр (жын), икӀи псынщӀэрыкӀуэкӀэр (жэн) къызэрыӀуатэ макъщ. Ар псынщӀэрыджыныгъэр зэрылъытэ макъщи, дэтхэнэ гуэрым хунэсыфрэ екӀуэлӀэфу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, къызкӀэлъыкӀуэр аргуэру а зэрыщыту зыджыж (кӀуэж, къэӀуэж, хъуж), дэтхэнэ гурыр и япэрей къэхъуныгъэрэ и лъабжьэм пызыщӀэжыф (пэж) макъщ. ″Ж″ макъым и мыхьэнэкӀэрэ гъэзэщӀэф мы Ӏуэхугъуэхэми гурыӀуэгъуэ къызэращӀщи, ар дэтхэнэ гуэррэ зы джыгъуэу (и) щытым функциал кӀуэтэгъуэ (э) зэригъуэткӀэрэ зыгуэрым занщӀэу зэрекӀуалӀэрэ зэрыхуэкӀуэр къизыӀуэ ″е (иэ)″м и къалэным ″екӀуэлӀэныгъэ″ зыхуиӀэ макъыу лъытапхъэщ; икӀи, къызкӀэлъыкӀуэ псалъэр аргуэру псынщӀэу зыдж макъыу, кӀэух зыхуэхъур еиныгъэкӀэрэ зыгъэлажьэ ″эй, эйй″м и къалэнми ″екӀуэлӀэныгъэ″ зыхуиӀэ макъыу лъытапхъэщ.

Мы гупым щыщрэ ″ж″ макъым къыкӀэлъыкӀуэу лъытапхъэу утыку къихьа ″**з**″ макъым игъэзащӀэр ″ж″ым игъэзащӀэ генерэтикэ зэпыщӀэныгъэми щхьэщыкӀыжу, дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу генерэтикэ зэхэлъыныгъэу утыку къырелъхьэри, мы и къалэнкӀэрэ ″з″ макъыр щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэ макъщ, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэущ. Сытри мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ щхьэж зэрылъытэ макъщ ″з″ыри, мы и щӀыкӀэкӀэ дэтхэнэ зы джыгъуэр (и), дэтхэнэ зы щыӀэгъуэрэ ужьыгъуэ зиӀэр (у) щхьэжу утыку къизылъхьэф макъщи, ″з″ макъыр ″и″ми, ″у″ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэж макъщ. Ар дэтхэнэ гуэррэ системэр а зэрыщытрэ а зэрыпсо щӀыкӀэу щхьэжу зэрылъытэращ, икӀи къыкӀэлъыкӀуэрэ къытехъукӀынум лъабжьэ хуэхъуу, къежьапӀэрэ оригиналыпӀэ къалэни зыгъэзащӀэ макъыу ″ы″ми ″екӀуэлӀэныгъэ″ зыхуиӀэуи лъытапхъэ макъщ.

″Жь″ макъкӀэрэ макъ къэхъупӀэм теша бзэгум ″жь″ макъым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьэр ″**щ**″ макъращи, бзэгур макъ къэхъупӀэ зэрыхъуар арауэ жыӀэпхъэщ. Мы и къэхъуныгъэми зэрезэгъкӀэрэ щыӀэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″щ″ макъыр дэтхэнэ зы джыгъуэрэ утыку къихьэр зэрылъытэ макъыу, ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъыу лъытапхъэщ. Ауэ икӀи щыӀэгъуэ зиӀэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы ″у″ лӀэужьыгъуэу зэрылъытэм ипкъ иткӀэ, ″щ″ыр икӀи ″у″ми теухуэрэ екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъщ.

″Щ″ым и къэхъупӀэм къытехъукӀыжа япэрей макъыр ″**щӀ**″ыращи, щыӀэгъуэр зэрылъытэ ″щ″ым и макъ пӀытӀауэ къэӀу ″щӀ″ыри ″щ″ым хуэдэу зы джыгъуэ (и) лӀэужьыгъуэщ, абыи ″у″м екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэрэ ″у лимитацэу ″Ӏу″ми зэрекӀуалӀэри гурыӀуэгъуэнщ. ″ЩӀ″ нэужь мы гупым щыщу утыку къихьэ ″**ш**″ макъым и мыхьэнэр зы продукцэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, ари щыӀэгъуэ системэм щыджу утыку къихьэ зы джыгъуэ ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ зы макъыу лъытапхъэщ.

Мы гупым щыщу бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупӀэ хъуа ″**с**″ыр щыӀэгъуэр зэрыджыну лъабжьэр зыгъэхьэзырыр зи мыхьэнэ макъыу лъытапхъэщ. Дэтхнэ зы щыӀэгъуэр зэрыджым ипэрэ и лъабжьэу къекӀуэкӀыр, дэтхэнэ зы щыӀэгъуэщӀэр утыку къызэрихьэфыр ″с″ макъкӀэрэ гъэзащӀэ ӀуэхугъуэкӀэрэщи, ″с″ макъыр мыпхуэдэ оригиналыгъэ зиӀэу зы макъыу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ар ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Ауэ икӀи мыпхуэдэу дэтхэнэ зы джыгъуэм лъабжьэ хуэхъуу джынур зэрыгъэхьэзырым ипкъ иткӀэ, ″с″ыр ″о (эу)″ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Аращи, мысыр джыкъым, мыджри щыӀэ хъукъыми, джынрэ щыӀэ хъун папщӀэ къекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэр ″с″ макъ мыхьэнэкӀэрэщ зэрылъытэр; икӀи щыӀэгъуэ игъуэту утыку къихьэнум и джыпӀэри функциал зэман (э) ужьыгъуэу (у) ит зэманыгъуэращи (о), джынур зэрыджынум зыхуэзыгъэхьэзыр къэхъунум лъабжьэрэ оригин хуэхъурщ (ы), апхуэдэр икӀи ит зэманыгъуэм (о) дежращ; ″с″ макъ мыхьэнэр щыгъэзащӀэрэ зытеухуэу зэкӀуалӀэ геометрие щӀыпӀэр мыпхуэдэщ.

*

Бзэгур макъ къэхъупlэм ″жь″ыкlэрэ хузэlуха нэужь, абы макъ къэхъупlэу ″щ″ыкlэрэи щыlэгъуэ игъуэтащи, мыпхуэдэу макъ къэхъупlэ хъуа бзэгур ″жь, щ″ макъхэми, бзэгур зимыкъэхъупlэу мыбыхэм ипэ утыку къихьа макъхэми къатехъукlыж макъхэми къэхъупlэ яхуэхъуащ. Мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэм бзэгум къыщытехъукlыж макъхэми я гугъу тщlагъэхэщ. Ауэ мыбы къыщымынэу, бзэгу гущlыlур щхьэж къэхъупlэ язэрыхуэхъукlэрэ утыку къихьа макъхэри щыlэщи, мыбыхэми илъабжьэкlэ я гугъу щытщlынщ.

Бзэгум и ижьрабгъу лъэныкъуэр къэхъупlэ зыхуэхъуа макъхэщ ″лъ, л, лl″ макъхэри, мыбыхэм щыщу япэ къэхъуари ″**лъ**″ макърауэ лъытапхъэщ. Ар бзэгу ижьрабгъу лъабжьэм жьыр зэрыщихъуэ щlыкlэкlэ къызэрыхъуам езэгъ мыхьэнэ зыгъуэта макъщи, мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ щыlэгъуэ зыгъуэтым и ужьынygъэу, икlи ар къэпщытапхъэ зэрыхъу щlыкlэу, абы пкъыгъуэ зэригъуэт лъабжьэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ. Аращи, ″лъ″ыр занщlэу зы ″макъ псалъэ″ зэрыхъуар абы и зэманыгъуэу утыку къихьа ″лъэ″рауэ лъытапхъэщи, ″лъ″ макъ мыхьэнэр мыпхуэдэ органрэ организацэ lуэхугъуэхэм лъабжьэ хуэхъуращ. ″Лъ″ макъыр бзэм занщlэу ″лъы″ макъ псалъэу зэрыхэхьам лъабжьэ хуэхъуари, ″лъы″р псэущхьэ ″лъэ″р зэрыухуэ лъабжьэу зэрыщытрауэ жыlэпхъэщ. ″Лъ″ макъ мыхьэнэм къытехъукl ″лъэ″р зы джыгъуэрэ щыlэгъуэ зиlэу зы пкъыгъуэр зэрылъытэращи, ″и″рэ ″у″м зэрекlуалlэр гурыlуэгъуэщ. Абы лъабжьэ хуэхъурэ ар къызтехъукl ″лъ″ыри нытlэ ″и-системэ″ ординат ″х″ым екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зы макъ мыхьэнэщ.

Мы макъ къэхъупlэм япэу утыку къихьарэ зэманыгъуэкlэрэ (э) къытехъукlым (лъэ) лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэ ″лъ″ макъым нэмыщl, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″**л**″ макъри, абы и мыхьэнэр ″лъ″ым къытехъукlа ″лъэ″м теухуауэ лъытапхъэщ. Аращи, ″лъ″ макъ нэужьу къызэрыхъуами зэрезэгъщи, ″л″ макъ мыхьэнэр ″лъ″ыкlэрэ утыку къихьа ″лъэ″м теухуауэ лъытапхъэщ. ″Л″ макъыр бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр ″лъэ″м теухуа lуэхугъуэ гуэрхэмрэ ″лъэ″ лlэужьыгъуэ гуэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэущ. ″Лъ″ым къыкlэлъыкlуэрэ ″лъэ″м теухуауэ лъытапхъэ ″л″ макъ мыхьэнэри нытlэ ″лъэ″м хуэдэу зы джыгъуэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткlэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщи, ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэ ″л″ым и кlуэтэгъуэри (э) зы линием ирикlуэныгъэу ″е (иэ)″м игъэзащlэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи лъытапхъэщ.

Мы макъ гупым щыщу утыку къихьа ″**лl**″ макъыр зыгуэрыр ипlэ зэригъуэтрэ зэрыхъун хъуар зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщи, абы игъэзащlэ мы екlуэлlэныгъэ мыхьэнэр ″е (иэ)″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр жыlэпхъэщ. Зыгуэрыр зыдэкlуапlэм нэгъунэ зэрыкlуэрэ зэрекlуалlэр зи мыхьэнэуэ лъытапхъэ ″лl″ макъыр нэхъыбэм деж а гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэм кlуэх зэрыхуэхъукlэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыбыи ″е (иэ)″р

псалъэ кӀэух зэрыхъу щӀэкӀэкӀэ гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэм екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэри гулъытапхъэщ (уае, фиен, екӀиен). ″ЛӀ″ макъ мыхьэнэр екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ ″е (иэ)″м нэмыщӀ, кӀэух макъыу ″е″кӀэ тха ″эй″ макъ Ӏуэр зэхэжыхьахэм и геометрикэми теухуэрэ екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэри гулъытапхъэщи, мыри зэкӀуэлӀам щыщрэ еиныгъэкӀэрэ зэпыщӀэныгъэ зэригъуэтыр къызэрыӀуатэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «хуей, фӀей, бзеин, псей, жыгей, псэлъэрей». Ауэ ″лӀ″ макъ мыхьэнэр икӀи - дэтхэнэ гуэрыр зы ужьыгъуэу (у) зэрылъытэкӀэрэ-, дэтхэнэ зы лӀэужьыгъуэрэ ужьыгъуэр зыдэкӀуэфым нэгъунэр ″у″пэ лъэныкъуэу лимит ″у″уэ зэрылъытэкӀэрэ ″Ӏу″ми зэрытехуэр гулъытапхъэщ.

Бзэгур макъ къэхъупӀэ хъуа нэужь, абы дзэрэ Ӏупэри дэӀэпыкъуэгъу зэрыхуэхъукӀэрэ макъ гуэрхэри утыку къызэрихьэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэм щыщщ ″д, т, тӀ″ макъ гупыр. Мы гупым щыщу ″**д**″ макъыр зэхэлъыныгъэрэ зэпкъырылъыныгъэ зиӀэныгъэ зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу зылъытэфу зэрыщытым папщӀэ, джыгъуэ ″и″м, икӀи щыӀэгъуэ зэрылъытэ ″у″м екӀуэлӀэныгъэрэ теухуэу лъытапхъэщ.

Зытеухуам и щхьэщыкӀыныгъэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ ″**т**″ макъри, дэтхэнэ гуэрыр зы лъэгапӀэу зэрыщытрэ щхьэщыкӀыныгъэ зы къарууэ зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэр ″т″ макъ мыхьэнэкӀэрэщ. Аращи, зытеухуам щхьэщыкӀыныгъэу максимум джыгъуэ зи мыхьэнэ ″т″ макъыр а нэхъ лъэгапӀэрэ максимум лъэныкъуэу зэрыщыткӀэрэ ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ; икӀи, ар (т) утыку ит зы джагъэрэ джыыгъуэм (и) щхьэщыкӀыныгъэ зыхуиӀэу теджыхьыкӀрэ теджыхьыж зы ″и″ лъэныкъуэр зэрылъытэ ″и″ екӀуэлӀэныгъэрщ.

″**ТӀ**″ макъ мыхьэнэр бэгъуэныгъэрэ ужьыгъуэ къэзыгъэщӀ макъщ; ар зыхэщӀэм ужьыгъуэ егъуэтыр. Мы и мыхьэнэкӀэрэ ″тӀ″ макъыр ″у″м зэрытеухуэрэ зэрекӀуалӀэр гурыӀуэгъуэщ, икӀи зыхищӀэ дэтхэнэ гуэрым ужьыныгъэ къыхуэзыгъакӀуэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ а зыхищӀэ дыдэм щыхэлэжьыхь дыдэм теухуауэ ″тӀ″ макъыр ужьыгъуэ къызтехъукӀ дифферэнсиалу ″*d*у″ къалэн зиӀэуи лъытапхъэщ. Апхуэдэр джыгъуэрэ джыпӀэ ″и″ лӀэужьыгъуэу щытрэ ″и″ эффекту щыт ″й″кӀэрэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, икӀи ипэкӀэ ″й″р зэрытлъытари мыпхуэдэущ.

Жьыр Ӏупэм зэрыщихъуэкӀэрэ утыку къихьэ макъхэщ ″ф, фӀ, в″ гупыр. Абы щыщ ″**ф**″ макъыр щыӀэгъуэ зиӀэм и щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ къарууэ зы лъабжьэ мыхьэнэ зэриӀэрщ. Мыпхуэдэу, щыӀэгъуэ зиӀэм и щыӀэгъуэр зэрихьрэ зэрыриху мыхьэнэ лъабжьэ зэриӀэрэ, щыӀэгъуэри зэманкӀэрэ (э) джырэ (и) утыку къихьэрауэ зэрыщытым зэрезэгъщи, щыӀэгъуэр зэрызекӀуэф лъабжьэ мыхьэнэ зиӀэ ″ф″ макъыр щыӀэгъуэ системэ лъабжьэрэ ординат мыхьэнэ зиӀэ ″х″м (и → х) зэрытеухуэрэ екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэри гулъытапхъэщ. Аращи, щыӀэгъуэ зиӀэм и щыӀэгъуэр зэрихь

къару зи мыхьэнэ ″ф″ макъыр ″х″ым екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэ щӀыкӀэр икӀи щыӀэгъуэ зиӀэм щыӀэгъуэ лъабжьэкӀэрэ (х) ужьыныгъэ (у) зэригъуэтыр зэрылъытэ ″ху″ми зэрытеухуэкӀэрэу лъытапхъэщ.

ЩыӀэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр и къарукӀэрэ (ф) и щыӀэгъуэр зэрихьыфыр зэрылъытэри ″**фӀ**″ макъ мыхьэнэрауэ жыӀэпхъэщи, ар ″ф″ыр зи лъабжьэкӀэрэ утыку къихьэф зы джыгъуэу (и), икӀи зы щыӀэгъуэу щыӀэгъуэ системэм зэпэщу щызекӀуэфрауэ (у) зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ″фӀ″ макъыр ″и″мрэ ″у″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрэ теухуэу лъытапхъэщ.

Мы макъ гупым щыщ ″**в**″ыр ″ф″ыр зытеухуа къарум и егъэлеигъэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэр зи мыхьэнэ ″в″ макъыр ″ф″ым къигъэхъу ″фэ″м теухуауэ лъэщу гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэхэр зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэрщ; щыӀэгъуэрэ щхьэжу пкъыгъуэрэ зыгъуэтахэм я фэхэр зэрызэхэжыхьыжкӀэрэ хэвыхьу утыку къихьэр зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэ ″вагъуэр″и ″в″ макъ мыхьэнэкӀэрэ гъэзащӀэм и зы щапхъэщ. Мыпхуэдэу щыӀэгъуэ къарур зэрылъытэ ″ф″ макъ мыхьэнэм зэрытеухуарэ щыӀэгъуэ лъабжьэм зэрытеухуам зэрезэгъщи, ″в″ макъми ″ф″ макъыр зэкӀуалӀэ щыӀэгъуэ джыгъуэ (и) ординат къалэн зиӀэ ″х″ым екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэр гулъытапхъэщ.

Ӏупэр зи къэхъупӀэу утыку къихьа макъхэщ ″п, пӀ, б″ макъ гупыр. Мы гупым щыщу ″**п**″ макъыр зыгуэрым и гъунапкъэр зэрылъытэрэ а гуэрым щымыщрэ абы и ецырхъыныгъэу, а гуэрым тенгенс хуэхъуныгъэр зэрылъытэ макъращи, мыпхуэдэуи а гуэрым и къежьапӀэрэ ухыпӀэм теухуауэ зэрыщыткӀэрэ ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Мы и мыхьэнэкӀэрэ ″къ″ макъ мыхьэнэми ещхьу зэрыщытри гулъытапхъэщ ″п″ макъми, ″п″ыр адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″къ″ым ипӀэ иувэу зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэм лъабжьэ хуэхъури мыращ. Ауэ ″п″ымрэ ″къ″ макъым ягъэзащӀэ зэщхьу лъытапхъэ мы я къалэнхэр зэрызэщхьэщыкӀри гурыӀуэгъуэщи, къызэрыхъуа щӀыкӀэм ипкъ иткӀэ ″къ″ыкӀэрэ лъытэ къежьапӀэрэ кӀуэдыпӀэр нэхъ ткӀийрэ кууэ лъытапхъэщ. ″Къ″ым хуэдэу кӀуэдыпӀэ мыхьэнэи игъэзащӀэу адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыӀуэгъуэщ ″п″ макъри, мы кӀуэдыпӀэ къалэныр зэригъэзащӀэм ″къ″ым хуэдэу ″Ӏы″м екӀэлӀэныгъэ зыхуиӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ.

Мы гупым щыщу ″п″ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа ″**пӀ**″ макъыр ″п″ыкӀэрэ къэхухьыр зэрылъытэрэ зэрыдж мыхьэнэ зиӀэрщи, абы и мыхьэнэри ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэр гулъытапхъэщ. Ауэ мы екӀуэлӀэныгъэр зыгуэрыр джыуэ утыку къызэрихьэракъыми, джынур зэрыджынурэ щыджынум теухуауэщ (пӀын, пӀэ). ″П″ыкӀэрэ къекӀуэкӀыныгъэу утыку къихьэ ″пӀ″ыкӀэрэ утыку къихьэри ″**б**″ макъ мыхьэнэкӀэрэщ зэрылъытэри, ари зы джыгъуэ лӀэужьыгъуэу ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Ауэ ″п″ къекӀуэкӀыкӀэр зэрылъытэ ″пӀ″ыкӀэрэ джыгъуэ зыгъуэтри джыуэ щытращи, мыр зэрылъытэ ″б″ыр ″пӀ″ым зэрелъытакӀэрэ ужьыгъуэ зыгъуэту зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ар

щыхъукӀи, ″б″ыр ″елъытэныгъэ ужьыгъуэ″ зи мыхьэнэуэ зэрыщыткӀэрэ ″у″ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ. Ауэ ″б″ыр ″у″м зэрекӀуалӀэр занщӀэрэ щхьэж ужьыгъуэу лӀэужьыгъуэу щыткъыми, ар зэрыпӀым (пӀ) зэрелъытакӀэрэщ. Мы къызэрыӀуэтахэм зэрыхэплъагъуэщи, ″пӀ″ыкӀэрэ утыку къихьэ ″б″ыр бзыгъэ зыхэлъ ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэщ.

Макъ къэхъупӀэу щыт бзэгум ипэ лъабжьэр зэрыгъэхъейкӀэрэ утыку къихьа ″**р**″ макъыр мыбдежым къыщыхъуа макъ закъуэращи, макъ мыхьэнэ имыӀэу кӀэух зыхуэхъур а зэрыщыткӀэрэ зэрылъытэ макъщ. Макъ мыхьэнэ зэримыгъуэтарэ икӀи къызкӀэлъыкӀуэ макърэ псалъэр а зэрыщыту къызтыригъэувыӀэ щӀыкӀэу игъэзащӀэ къалэнкӀэрэ ″р″ макъым ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ иӀэу лъытапхъэщ. Ауэ, кӀэух зыхуэхъур а зэрыщыткӀэрэ къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащӀэ ″р″ макъым кӀуэтэгъуэ (э) зэригъуэткӀэрэ къыкӀэлъыкӀуэ псалъэм пыщӀэныгъэу къалэни езэгъэзащӀэри, ″рэ″ кӀэухым мы игъэзащӀэ къалэныр кӀэух зыхуэхъур а зэрыужьыгъуэу зэрыщыткӀэрэ утыку къизылъхьэ ″у, уэ″м игъэзащӀэ къалэным екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэрэ зэрыхуэдэ къалэнри гурыӀуэгъуэщ (кӀуэрэ къэкӀуэжмэ → кӀуэу къэкӀуэжмэ, кӀуэуэ къэкӀуэжмэ).

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, макъхэр тхьэмбылым къикӀыж жьыкӀэрэщ утыку къызэрихьэри, щыӀэгъуэ зиӀэ псэущхьэм и кӀуэцӀым къиӀукӀ мы макъхэри зэрыигъуэкӀэрэ щыӀэгъуэм теухуащ; мыбы зэрезэгъкӀэрэи, щыӀэгъуэ геометрием къыщыхъухэр зэрылъытэ мыхьэнэрэ къалэнхэр зиӀэхэрщ. Мы щыӀэгъуэ системэм къыщыхъурэ щыухуэхэращ мы зи гугъу тщӀа макъхэмкӀэрэ лъытэри, мы системэм хэмытрэ щымыщыр, мы системэ щӀыбыр зэрылъытэри зэрыигъуэкӀэрэ мы макъхэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэм и пхэнджыгъэкӀэрэ къэӀуу утыку къихьэ макъкӀэрэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ къэӀукӀэкӀэ утыку къихьар натуралу мыхъуныгъэу цӀыхум (хьэм) зэрихьэ ″цӀыӀ″ хуэдэ макърагъэнти, абы къытехъукӀрэ иужькӀэ адрей макъхэр къызэрыӀу щӀыкӀэ зыгъуэту псэлъэбзэм хэхьэжа макъыу лъытапхъэщ ″**цӀ**″ макъыр. Аращи, ″цӀ″ макъыр зэманыгъуэрэ щыӀэгъуэ системэм хэмытрэ щымыщыр, абы и щӀыбыр зэрылъытэ макъыу зэрихьэу щытагъэнт цӀыхуми (хьэм), мыпхуэдэ мыхьэнэр (ар мыхьэнэуэ лъытапхъэмэ!) зэманрэ геометрие системэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэм зэрытемыухуэнурэ екӀуэлӀэныгъэ зэримыӀэнур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ ″цӀ″ макъыр зэкӀуалӀэрэ зэрытеухуэри математикэу ″абсолуд 0″уэ (I0I) лъытапхъэщ. ЩыӀэгъуэм теухуа мыхьэнэрэ къалэнхэр зиӀэ макъхэм я пхэндж къэӀукӀыэр зи лъабжьэу щыта ″цӀ″ макъыр ахэр къыздыщыхъу геометриемрэ зэкӀуалӀэ геометрикэхэм екӀуэлӀэныгъэ зэримыӀэнур гулъытапхъэу щытщи, мыпхуэдэ мыхъуныгъэххэ лъабжьэ зиӀэу утыку къихьа ″цӀ″ макъыр бзэми мыхьуныгъэрэ кӀуэдыгъуэ зэрылъытэрэ щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрым хэдзыкӀыныгъэкӀэрэ бзэм щызекӀуэу щӀидзащ. ″ЦӀ″ макъым бзэм мыпхуэдэ къалэн зэригъуэтри ″Ӏы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу бзэм хэхьарэ хэлэжьыхьу щlэзыдза ″цl″ым егъэщхьыныгъэкlэрэ псэущхьэфэм къытекlэрэ псэи зимыlэу щыlэгъуэ зиlэ гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэу утыку къихььауэ жыlэпхъэщ ″цы″ псалъэри, ар зэрыухуа ″**ц**″ макъыр иужькlэ щхьэжу зы макъыу бзэм хэлэжьыхьу щlидзауэ зэрыщытри ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм гурыlуэгъуэ къыпхуещlыр. Аращи, ″ц″ макъыр щхьэж зы макъыу утыку къихьауэ лъытапхъэкъыми, ар япэу зы ″псалъэ″у ″цы″уэ бзэм хэхьауэ лъытапхъэщ. Ар цыым теухуарэ цы лlэужьыгъуэхэр къызэрыlуатэу бзэм хэлэжьыхьу хэтауэ зэрыщытыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм гурыlуэгъуэ къещlри, ар иужькlэ мыпхуэдэ щlыкlэхэри къызэрыlуатэкlэрэ макъ мыхьэнэуи хэлэжьыхьу щlэзыдзауэ жыlэпхъэщ. Мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъщи, ″ц″ыр щхьэж зы макъыу утыку къихьауэ зэрымылъытапхъэрэ зы псалъэу къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, адрей макъхэм хуэдэу зэкlуалlэ макъ lуэр геометрикэр лъытапхъэуи щыткъым, ауэ ар ухуагъэххэу щыт гурыр къызэрыlуатэ псалъэу утыку къызэрихьа щlыкlэкlэ ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ.

## ″Екlуэлlэныгъэ″ зыхуаlэ ″макъ lуэр″хэм зэрелъытакlэрэ ″макъ щэху″хэр зэрызэлъытапхъэхэм теухуауэ.

Макъ щэхухэр я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэкlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ lуэрхэм теухуауэ мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, мыпхуэдэ lуэхугъуэр макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрытеухуам нэмыщl, ари зэлъытауэ зэрыщыткlэрэ а макъ щэхур къызкlэлъыкlуэ макъ щэхуми, икlи зи гугъу тщlы макъыр къызэрыхъуа щlыкlэмрэ къыздыщыхуа макъ къэхъупlэми елъытарэ теухуащ. Аращи, макъыр къыздыщыхъуарэ къызэрыхъуам, къызтехъукlа макъымрэ къызкlэлъыкlуэ макъым елъытащ макъ мыхьэнэрэ къалэныр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, къэхъуныгъэкlэ зэкlэлъхьэужьыкlэм теухуащ макъхэм ягъуэт мыхьэнэрэ къалэнри, макъ lуэрхэм я геометрие къалэным екlуэлlэныгъэ иlэныгъэри мыбы елъытарэ теухуащ.

Нытlэ, екlуелlэныгъэ зыхуиlэ макъ lуэр лъэныкъуэкlэрэ макъ щэхухэм аргуэру дыхэплъэжынщ. Мыпхуэдэ хэплъэжыгъуэри ″ы″м деж къыщlэддзэу къедгъэкlуэкlынщ.

Аращи, макъ къэхъуныгъэу япэ къэхъуа макъыр (м), зы макъ къэхъупlэм щхьэжу къыщыхъу макъхэр (къ, кхъ, хъ, гъ; р), нэгъуэщl макъхэми къэхъупlэ хуэхъу щlыпlэм япэу утыку къихьэ макъхэр (лъ, ф, п) лъабжьэрэ къежьапlэ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ иlэу зэрыщытыпхъэр гулъытапхъэщ. Мы жытlахэми къызэрыхэщщи, макъ щэхуу япэ къэхъуа макъ ″м″ макъыр, дэтхэнэ зы макъ къэхъупlэм щхьэжу къыщыхъу макъхэр (къ, кхъ, хъ, гъ; р), зы макъ гупым къэхъупlэ хъухъу щlыпlэм япэу къыщыхъуа макъхэр (лъ, ф, п) лъабжьэрэ къежьапlэу ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъхэу лъытапхъэщ.

Ауэ, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэныр макъ lуэр гуэрхэм я геометрие къалэным екlуэлlэныгъэ зэриlэр икlи макъ щэхум и мыхьэнэрэ къалэным зэрелъытари жытlагъэххэщи, ипэкlэ мы къэтlуэтахэм хуэдэ къэхъуныгъэ иlэ щхьэ, абыхэм хуэдэу ″ы″м екlуэлlэныгъэ иlэу мылъытапхъэ макъ щэхухэри щыlэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ ″жь″ макъри, ар бзэгум япэу хьэрычэт зэригъуэт щlыкlэкlэ утыку къихьарэ бзэгум япэу къыщыхъуа зы макъыу щыт щхьэ, къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэщ абы игъуэта макъ мыхьэнэр. Аращи, щхьэж къэхъупlэ зиlэу утыку къихьа ″жь″ макъыр ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъкъыми, ар бзэгур хьэрычэтым зэрытехьэкlэрэ къызэрыхъуам зэрезэгъкlэрэ геометрикэ къалэну ″э″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ, икlи ″е (иэ)″кlэрэ гъэзащlэ геометрикэ къалэнми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Ауэ ″жь″ макъым ″ж″ыр къызэрытехъукlкlэрэ ″жь″ макъыр зиувэжа мыхьэнэпlэри ″э″м хуэдэу функциал кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ зимыlэрэ мылъэlэсыпхъэ жыжьагъэу (а), джыпlэрэ итыпlэ щlыбу (жь>о(эу)<жь) зэрыщыткlэрэ увыlэгъуэ зимыlэу къекlуэкl хьэрычэтым зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

″Жь″ макъым нэмыщl, ″жь″ым къыкlэлъыкlуэ къэхъуныгъэ зиlэу ″жь″ нэужьым бзэгум утыку къыщихьа макъыу лъытапхъэ ″щ″ макъри къыздыщыхъуа щlыпlэм япэу утыку къихьа макъ щхьэ, абы и мыхьэнэми ″ы″м екlуэлlэныгъэ иlэкъым. Мы макъ къэхъупlэм япэу къызэрыхъум нэхърэ, бзэгур хьэрычэтым зэрытехьэрэ ″жь″ыр къызэрыхъум къыкlэлъыкlуэу къызэрыхъуам теухуа мыхьэнэ зыгъуэтауэ лъытапхъэщ ″щ″ макъри. Мыбы зэрезэгъкlэрэи, ″щ″ыр бзэгур макърэ бзэ къэхъупlэм зэриува макъщи, абы и мыхьэнэр дэтхэнэ зы джыгъуэрэ ужьыгъуэ зиlэр зэрылъытэрщ. Дэтхэнэ зы джыгъуэр утыку къызэрихьарэ зэрыхъун хъуауэ щыlэгъуэ зэригъуэтыр зэрылъытэ макъщ ″щ″ыри, ар макъ lуэр геометрикэ мыхьэнэуэ ″и″ми, нэхъ игъуэджэкlэрэи ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ.

Мыбыхэм нэмыщl, ″д, т, тl″ макъ гупым япэ къэхъуа макъым –ар дэтхэнэрауи лъытэ- и макъ мыхьэнэм елъытащи, дэтхэнэ зыми и мыхьэнэр ″ы″м екlуэлlэныгъэ иlэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, мы макъ гупым хэт ″д″ макъыр джыгъуэ, ″т″ макъыр максимум джыгъуэ лlэужьыгъуэу ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ; джыгъуэ лlэужьыгъуэ ″д″ыр и мыхьэнэкlэрэ зэхэлъыныгъэу зэрыщыткlэрэ ″и″ зэхэлъыныгъэу ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Дэтхэнэ гуэрыр джыгъуэрэ джыгъуэ зэпкъырылъыныгъэу, и кlуэцlым ирищlэрэ къыщыхъукlэрэщ ар зэрыужьри, ″тl″ макъри мыпхуэдэ ужьыгъуэ къэзыгъэщl макъыу ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ.

Мыбдежым щыпыщапхъэщи, ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэр икlи бзэм фlырыфlкlэ занщlэу ″макъ псалъэ″у хэхьэкъыми, макъ мыхьэнэкlэрэ хэлэжьыхьущ бзэм зэрыхэтхэр. Мыпхуэдэ макъ гуэрхэр макъ къэхъуныгъэу япэ къэхъуа макъхэм зэрыщыщыр гулъытапхъэщ. Бзэ

ухуэныгъэ пэщӀэдзэу псэущхьэм (цӀыхум) ахэр къызщыхигъэӀукӀым щыгъуэ ахэр я макъ мыхьэнэкӀэрэ зэрихьэу щытауэ жыӀэпхъэщи, ахэр бзэр зэрыухуэм дэщӀыгъуу иужькӀэущ лъытапхъэщ бзэм "макъ псалъэ" зэрыхэхъухьахэр. Аращи, и макъ мыхьэнэми зэрезэгъкӀэрэ "къ"ым "макъ псалъэ" къытехъукӀакъым; "кхъ"ыри мыпхуэдэщ; нобэ зы "макъ псалъэ"у хэт "хъы"ри зытеухуар и макъ мыхьэнэм зэрезгъкӀэрэ зэрылъытэу иужькӀэ къызэрыхъуар гулъытапхъэнщ; "гъ" макъым и мыхьэнэр нэхъ лъабжьэрэ куущ, ауэ абы къытехъукӀа "гъын" псалъэр псэущхьэм и "гъэ"ныгъэр зэрыувыӀэм теухуарэ хуэӀуауэ –ауэ зэрыигъуэкӀэрэ- зы "макъ псалъэ"у бзэм хэхьауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ; къэхъупӀэгъу макъи зимыӀэрэ къытехъукӀыж макъи зэрыщымыӀэм зэрезэгъкӀэрэ макъ мыхьэнэи зымыгъуэта "р" макъми "макъ псалъэ" къызэрытемыхъукӀынури гурыӀуэгъуэщ.

Макъ гупхэм щыщу япэ къэхъуарэ "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъхэри (лъ, ф, п) мыпхуэдэщи, къыщыхъуа дыдэм занщӀэу "макъ псалъэ"у бзэм хэхьауэ лъытапхъэкъым. Ахэри нэхъыбэу я макъ мыхьэнэкӀэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр, икӀи къэхъупӀэгъуу къыкӀэлъыкӀуэ макъхэр утыку къихьа нэужьу жыӀэпхъэщ абыхэм я мыхьэнэр мы къэхъупӀэгъу макъхэм елъытауэ наӀуэрэ пыухытыкӀа зэрыхъуарэ оригиналу "ы"кӀэрэ къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ "макъ псалъэ" къыщытехъукӀари. Аращи, щыӀэгъуэ зиӀэм игъуэтыну лъэм лъабжьэ хуэхъуныгъэ зи мыхьэнэ "лъ" макъым къытехъукӀа "макъ псалъэ"у щыт "лъы"р утыку къызэрихьа хъуа щӀыкӀэр псэущхьэм и "лъэ"м лъабжьэ хуэхъурэ ар зэманкӀэрэ къызтехъукӀыр зэрыигъуэкӀэрэ зэрылъыта щӀыкӀэу жыӀэпхъэщ; и макъ мыхьэнэми зэрезэгъщи, "ф"ыри оригиналу къызэрыӀукӀэрэ "макъ псалъэ" къызтемыхъукӀа макъщ; "п"ыри и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкӀэрэ оригиналу къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ занщӀэу "макъ псалъэ" къызтемыхъукӀарщ.

Мыбы нэгъунэ "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъ щэхухэм я гугъу тщӀащи, абыхэм фӀырыфӀкӀэ "макъ псалъэ" къазэрытемыхъукӀым, къатехъукӀыу щытэ, ахэр зэрыухуа хъуа щӀыкӀэм дыхэплъэжащ. ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, "ы"р а нэхъ къежьапӀэрэ лъабжьэу оригин къалэн зыгъэзащӀэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. "Ы"р оригинщ ауэ "лъабжьэ" щыжытӀэм деж, зы координат системэм (зэман системэ; щыӀэгъуэ системэ) и ординатри (э; х) лъабжьэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ИкӀи ит зэманыгъуэ гъэлъагъуэ "о (эу) макъри лъабжьэу зэрылъытапхъэм къыщымынэу, къэхъупӀэрэ къежьапӀэу щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр зыщыдж оригин къалэн зыгъэзащӀэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӀэ, ипэкӀэ "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу зи гугъу тщӀа макъ щэху гуэрхэм икӀи геометрие координат системэм и ординатым (х) екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуаӀэ щӀыкӀэкӀэ, икӀи "о (эу)"ми екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэ щӀыкӀэкӀэ зэреплъын хуейри гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, "о"м елъытауэ нэхъ оригину лъытапхъэщ "ы"ри, "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъ щэхухэм "о"м игъэзащӀэ оригиналыпӀэми екӀуэлӀэныгъэ

зэрызыхуиӀэфынур гурыӀуэгъуэщ. А нэхъ оригиналыпӀэр зэрылъытэ "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэхэр зэман ужьыгъуэ итыпӀэу щыӀэгъуэ зыгъуэт сытри щыдж "о"ми тыншу екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэнур гулъытапхъэ щхьэ, апхуэдэхэр бзэ лэжьэкӀэм къыщыгъэлъэгъуэфынур зи гугъу тщӀы макъ щэхум и мыхьэнэми зэрытеухуар гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъ щэхухэр "о"ми екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэм деплъынщ. "М" макъыр ещанэ суетым и ит зэманыгъуэр къызэрыӀуатэм (мэхъу, макӀуэ) мыпхуэдэ лъабжьэ иӀэу лъытапхъэщ; къежьапӀэ зи мыхьэнэ "къ"ыр "ы"м зэрекӀуалӀэм хуэдэжу, къэхъур къыздыщыхъур ит зэманыгъуэри зы къежьапӀэу зэрылъытэкӀэрэ "о"ми зэрекӀуалэр гурыӀуэгъуэнщ; "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэм папщӀэ, "о"ми екӀуалӀэу лъытапхъэщ "кхъ"ыр, ауэ мыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэ щыӀэкъым; хъур къызтехъукӀ лъабжьэу "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ "хъ"ыр икӀи хъур къыздыщыхъурэ хъуурэ зэрызекӀуэ ит зэманыгъуэ оригиныпӀэ "о"ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ; "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ "гъ"ым "о"м екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэм теухуа бзэ лэжьэкӀи щыӀэкъым. "Ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ "р"ыми "о"м и екӀуэлӀэныгъэм теухуа бзэ лэжьэкӀэ щыӀэу жыӀэпхъэкъым, ауэ "о"м екӀуэлӀэныгъэу лъытапхъэмэ, ит зэманыгъуэ лэжьэкӀэхэм "р"ыр кӀэух зэрыхуэхъуфыр гурыӀуэгъуэщ. "Ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрэ "о"ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэ щхьэ, бзэм мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зыхыумылъагъуэу зи гугъу тщӀа макъ щэхухэм хэдэщ "ы"м екӀуэлӀэныгъуэ зыхуиӀэу зи гугъу тщӀа "лъ, ф, п" макъхэри, ахэри "о"м екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэм теухуа бзэ лэжьэкӀэ щапхъэ щыӀэкъым.

"Ы"м екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэм ипкъ иткӀэ, "о"ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэхэм теухуауэ мы къэтӀуэтахэм нэмыщӀ, и мыхьэнэр лъабжьэ мыхьэнэу щыт мы макъ щэхухэм щыщ гуэрхэм икӀи геометрие системэм и ординатыпӀэм (х) екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэри гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъ щэхухэм (къ, кхъ, хъ, гъ; р; лъ, ф, п) мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ дахэплъэнщ.

"Кхъ"ым теухуауэ жыӀэпхъэр куэдыщэкъым; ауэ, абы къыкӀэлъыкӀуэрэ къытехъукӀ "кхъу" макъыр зы "и" лӀэужьыгъуэу зэрылъытэкӀэрэ "кхъ"ыр "х"ым екӀуэлӀэныгъэ зиӀэу лъытапхъэщ. Зы джыгъуэрэ (и) щыӀэгъуэм (у) зы лъэ зэригъуэтыр гурыӀуэгъуэщи, "лъэ" къызтехъукӀ лъабжьэу "лъ"ыр джыгъуэрэ (и) щыӀэгъуэ (у) лъабжьэу (х) щыӀэгъуэ геометрие системэм и ординат "х"ым екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. ЩыӀэгъуэ зиӀэм и щыӀэгъуэр зэрихь къару лъабжьэр зэрылъытэращ "ф" макъ мыхьэнэри, ар щыӀэгъуэм зы теплъэрэ "фэ" зэригъуэтрэ зы "фӀы"гъуэу утыку къызэрихьэм лъабжьэ хуэхъу къарууэ зэрыщытым ипкъ иткӀэ, "ф"ыми щыӀэгъуэ геометрие ординат "х"ым екӀуэлӀэныгъэ иӀэу лъытапхъэщ.

Ауэ, "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ щхьэ, лъабжьэ мыхьэнэ зимыӀэхэр хэтщ зи гугъу тщӀа макъ щэхухэми, джыгъуапӀэ лъабжьэу "х"ым екӀуэлӀэныгъэ зимыӀэу лъытапхъэхэр яхэтщ. Мыпхуэдэщ дэтхэнэ гуэрым и

гъунапкъэм ецырхъыныгъэкӏэрэ щыӏэгъуэ щӏыбыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэуэ ″п″ыри, абы щыӏэгъуэ геометрие ординатым екӏуэлӏэныгъэ иӏащэу зэрымылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщ. ″П″ым нэмыщӏ, бзэм ″п″ым хуэдэ къалэнкӏэрэ хэлэжьыхьу хэтрэ, къежьапӏэ мыхьэнэ зэриӏэкӏэрэ ″ы″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу тлъыта ″къ″ макъри и мыхьэнэкӏэрэ щыӏэгъуэ геометрие ординату щыт ″х″ым екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу лъытапхъэкъым. Нытӏэ, джыгъуэр (и) щхьэжу зэрымылъытэ ″къ, п″ макъхэм я мыхьэнэр зы ″и″ лӏэужьыгъуэу щытрэ геометрие системэ (и-системэ) ординатри зэрылъыта ″х″ым екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу зэрымылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщ. Ахэр джыгъуэр къыздыщыхьур зэрылъытэ макъхэу щыт щхьэ, щыгъуэм езыр зэрылъытэ макъхэкъым. Ауэ зы къэхъупӏэм къыхэужьыкӏыу утыку къихьэр зэрылъытэ ″къу″ макъыр зы лъабжьэрэ ″х″ыпӏэм къытехъукӏырщи, къызтехъукӏ ″къ″ыр икӏи ″х″ым екӏуэлӏэныгъэ зыгъуэтырщ. Дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыткӏэрэ къэзыгъэлъагъуэ ″р″ макъри мыхьэнэ зимыӏэрэ дэтхэнэ гуэрми лъабжьэ хуэхъу мылъытапхъэщи, джыгъуэрэ ″х″ыми екӏуэлӏэныгъэ зыхуимыӏэрщ.

Мыбыхэм нэмыщӏ, ″ы″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ макъыу, геометрие системэм къыщыхьу дэтхэнэ гуэрым (функцэм) лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэращ ″хъ″ыри, ар икӏи системэ ординатыр зэрылъытэ ″х″ыри къызтехъукӏырщ. Мыбыи къыщымынэу, щыӏэгъуэ зыгъуэтрэ щыӏэгъуэр къызэрекӏуэкӏ ″хъу″ри ″хъ″ыращ къызтехъукӏыр. Аращи, ″хъ″ыр ″х″ыми и лъабжьэу абыи ипӏэ зэриувэращ мы псалъэхэм къикӏри, ″х″ макъыр къызтехъукӏар ″хъ″ макърауэ зэрыщытым ипкъ иткӏэ, ″хъ″ыр ″х″ым нэхърэ нэхъ лъабжьапӏэу, ″и-системэ″рэ абы и ординат ″х (и)″ыри къызтехъукӏа лъабжьэуи зэрылъытапхъэр зэрыгурыӏуэгъуэу, мы системэм (геометрие) елъытауэ ″хъ″ыр зытеухуар абы лъабжьэ хуэхъу зэман системэрауэ (э-системэ) зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. ″Гъ″ыри зы лъабжьэ мыхьэнэуэ ″х″ыми екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу лъытапхъэщ, ауэ ари нэхъ лъабжьэу зэман системэм теухуауэ зэрылъытапхъэри абы и гугъу щытщӏым деж къыщытӏуэтагъэхэщ.

Лъабжьэрэ къежьапӏэ мыхьэнэ зэрыраӏэм ипкъ иткӏэ ″ы″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу зи гугъу тщӏа макъхэм къакӏэлъыкӏуэу утыку къихьэрэ къатехъукӏыжу лъытапхъэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэми ″ы″ нэужьу утыку къихьэ макъ ӏуэрхэм екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуаӏэр гулъытапхъэщи, мыбыхэми дахэплъэжынщ.

Аращи, ″ы″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ ″м″ макъым къытехъукӏыж ″н″ макъым кӏуэтэгъуэрэ екӏуэлӏэныгъэ къалэн зэригъэзащӏэкӏэрэ ″э, и (иэ)″м екӏуэлӏэныгъэ иӏэщ. ″М″ нэужь къэхъуа макъыу лъытапхъэ ″хь″ макъри ″э″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ.

″Къ″ макъым бзэгум къыщытехъукӏыжа ″кӏ″ макъри (″чӏ″ри) зэманкӏэрэ къэхъур утыку къызэрихьэр зэрылъытэ макъыу, ″э″мрэ абы елъытауэ утыку къихьэ джыгъуэр зэрилъытэкӏэрэ ″и″м, икӏи нэхъ зэрыигъуэкӏэрэ ″эй″ым екӏуэлӏэныгъэ иӏэщ. ″Кхъ″ макъым бзэгум къыщытехъукӏыж ″к, ч″

макъри зы джыгъуэ лӀэужьыгъуэр зэрылъытэ щӀыкӀэкӀэ "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъщ. "Хъ" макъым бзэгум къыщытехъукӀыж "х" макъыр щыӀэгъуэ лъабжьэр зэрылъытэу "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ, икӀи зэманыгъуэкӀэрэ джыуэ утыку къихьэ щыӀэгъуэ геометрие системэм и лъабжьэ лъытэ и зы "и" лъэныкъуэри математикэ "х"ыуэ зэрылъытар гурыӀуэгъуэщи, "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ "х"ыр икӀи "и" лъабжьэу "и-системэ"м и ординатыр зэрылъытарщ. "Гъ" макъым бзэгум къыщытехъукӀыж "г, гь-дж" макъхэми я мыхьэнэр джыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Бзэгум хьэрычэт зэригъуэт щӀыкӀэкӀэ ар макъ къэхъуныгъэм зэрытехьэкӀэрэ утыку къихьа "жь" макъыр увыӀэгъуэ зимыӀэ хьэрычэтыр зэрылъытэ макъыу "э"м зэрытехуам хуэдэжщи, абы бзэгуку лъэныкъуэр зи къэхъупӀэу къытехъукӀыжа "ж" макъри "э, е (иэ; эй, эйй)" макъхэм екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. "Ж"ыр икӀи сытри псынщӀэ дыдэу зэпызыщӀэ макъщи, мыпхуэдэу функциал кӀуэтэгъуэкӀэрэ гъэзащӀэр и оригиналыпӀэм зэрыришэм ипкъ иткӀи, "ж"ым игъэзащӀэр "э"р "ы"пӀэм зэрекӀуэлӀэжми (э → ы) теухуэрэ екӀуалӀэу лъытапхъэщ. Аращи, "жь"ымрэ "ж"ым ягъэзащӀэм теухуауэ мыр жыӀэпхъэщ: "жь"ыр функциалу щымытрэ итыныгъэ зимыӀэ хьэрычэтыр зэрылъытэу, "э" бэгъуэныгъэм екӀуалӀэу жыӀэпхъэщ; "ж"ыр псынщӀэ дыдэ хьэрычэтыр зэрылъытэу, сытри генератикэу зэпызыщӀэфрэ сытми хуэкӀуэфыныгъэр зэрылъытэрщ. "Ж"ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьарэ мы макъ гупым щыщу лъытапхъэр "з" макъращи, ар дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэр щхьэжу зэрылъытэфращ. "З"ыр дэтхэнэ джыгъуэрэ щыӀэгъуэр щхьэж зэрылъытэу "и"мрэ "у"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщи, "з"ыр "ж"ыкӀэрэ гъэзащӀэ генератикэ зэпыщӀэныгъэр зыхэлъыжу утыку къихьэр щхьэж зы ужьыгъуэрэ лӀэужьыгъуэу (у) зэрылъытэрщ; дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэу (и) зэрылъытэрщ.

Дэтхэнэ зы джыгъуэрэ ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэр зэрылъытэ "щ" макъым къытехъукӀыж "щӀ"ымрэ "ш" макъри джыгъуэ лӀэужьыгъуэу "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъхэщ. "У"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ "щ"ым мы къытехъукӀыж макъхэр нэхъ игъуэу "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуаӀэущ зэрылъытэр, ауэ "у"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ "щ"ым и лимитацэу лъытапхъэу къытехъукӀа "щӀ" макъыр икӀи зы "у" Ӏыхьэрэ пыухытыкӀауэ щыт "Ӏу"ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Ар щхьэ, мы макъ гупым щыщу бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупӀэу къатехъукӀыжауэ лъытапхъэ "с" макъыр "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэкъым. Дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэр утыку къызэрихьэрэ зэрызэхъуэкӀым лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэу, оригиныпӀэм щыгъэзащӀэрэ къыщекӀуэкӀым теухуа мы и мыхьэнэкӀэрэ "с"ыр "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ; икӀи "о"ми екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэрщ.

Зы къэхъупӀэр зи къэхъупӀэу утыку къихьа макъ гупхэм я ипэрей макъхэр "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу зэрыщытым ипэкӀэ и гугъу тщӀащи,

мыбдежым абыхэм къакӀэлъыкӀуэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэныр зытеухуэрэ зэкӀуалӀэ макъ Ӏуэр геометрикэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Лъ" макъ къэхъупӀэм къыщыхъуарэ къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа "л" макъыр зэманкӀэрэ утыку къихьэ зы джыгъуэр зэрылъытэ макъыу, "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъщ. Ауэ мы псалъэм зэманыгъуэрэ кӀуэтэгъуэр къызэрыхэщри гулъытапхъэщи, щыӀэгъуэ системэм щыгъэзащӀэ кӀуэтэгъуэр "л"ыкӀэрэ зэрылъытэм зэрезэгъыу, "л"ыр икӀи мыпхуэдэ кӀуэтэгъуэу "э"мрэ "и" кӀуэтэгъуэу "е (иэ)"ми екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэр гулъытапхъэщ.

"Ф"ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьэ "фӀ"ыр дэтхэнэ гуэрыр зэрыджрэ зы хъугъуэ-фӀыгъуэр зэрылъытэращи, мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэрэ абы "и"м икӀи "у"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэщ. Мы макъ гупым щыщу утыку къихьа "в" макъыр "ф" къарур зэрыгъэлейрауэ лъытапхъэщи, зэманкӀэрэ "ф"ым утыку къыригъэхьэм (фэ) теджыхьыжыныгъэу "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ.

"П" макъым къыкӀэлъыкӀуэу къэхъуа "пӀ" макъри зыгуэрыр и гъунакъэкӀэрэ "п" къекӀуэкӀыкӀэу, а гуэрыр зэрыджрэ зэрыужьыр зэрыгъэзащӀэ мыхьэнэ зиӀэу, "и"рэ "у"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ. Ауэ икӀи мы ӀуэхугъуэкӀэрэ утыку къихьэрэ джыр "б"ыкӀэрэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэ ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэу "б"ыр "у"м нэхъ екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэщ. Аращи, зэлъытэгъуэкӀэрэ къэхъу ужьыгъуэращ (у) "б" макъым и мыхьэнэри, мы и мыхьэнэкӀэрэ "б"ыр "у"м и бзы лӀэужьыгъуэу "у"м занщӀэу екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъщ.

Зы макъ гупу япэу утыку къихьа макъми "ы"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуимыӀэу ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "д, т, тӀ" макъхэри джыгъуэ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ зэрыраӀэм ипкъ иктӀэ, "и"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъхэщ. Ауэ "д"ыр икӀи зы зэхэлъыныгъэрэ зэпкъырылъыныгъэр зэрылъытэ макъыу, "у"ми теухуэрэ екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъщ. Мы макъ гупым щыщу ужьыгъуэр къызэрыхьу лъабжьэрыджщ "тӀ" макъ мыхьэнэри, ар "у"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ, ауэ и мыхьэнэр "у" лӀэужьыгъуэрэ "у"р къызэрыхъум лъабжьэ хуэхъуныгъэу щыт "тӀ"ыр "у" дифферэнциалуи (*d*у) лъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщӀахэм "у"кӀэрэ къэӀу макъ щэхухэр зэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, абыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зи ужьыгъуэу къызтехъукӀа макъ мыхьэнэм елъытащи, "у"кӀэрэ къэӀуу ухуа дэтхэнэ зы макъыр ужьыгъуэ зи мыхьэнэ "у"кӀэрэ къэӀуми, "у"кӀэрэ къэӀуу ухуа макъ псори щыӀэгъуэ зиӀэм теухуа ужьыгъуэ мыхьэнэуэ зэрымыухуэнури гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ "гъу" макъри, ар къызтехъукӀа "гъ" макъым и мыхьэнэм елъытауэ зы лъабжьэ мыхьэнэ зиӀэра щхьэ, щыӀэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр зыдитыпӀэрэ и гъуэр къызтехъукӀыу зэрыщыткӀэрэ, къэхъурэ щыӀэгъуэ зыгъуэтыр къыздыщыхьу зы оригиналыпӀэу, "ы"м, икӀи "о(эу)"м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэрщ. "Гъу"м зэманыгъуэ зэригъуэткӀэрэ къытехъукӀыр "гъуэ"ращи,

ар зы итыпӏэу ″о″м нэхъ екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрауэ лъытапхъэщ, ауэ икӏи щыӏэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрым пӏэ хуэхъурэ зы джыпӏэрщ ″гъуэ″ри, мыпхуэдэуи ″и″ми екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ.

Джыныгъэ зи мыхьэнэ ″гь (дж)″ым и ужьыгъуэ ″гу″р джы ужьыгъуэу увыӏэгъуэ зимыӏэу джыр зэрылъытэу ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ макъ мыхьэнэщ. Мыпхуэдэ дэтхэнэ зы джыгъуэри зы ″гу″ лӏэужьыгъуэущ зэрылъытэр.

Зы джыгъуэу лъыта ″к″ым и ужьыгъуэу утку къихьэ ″ку″ри аргуэру зы джыпӏэ зэрылъытэкӏэрэ ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ. ″Ку″р джыгъуэ лӏэужьыгъуэу щыт ″к″ыхэм я зэхуакум къыдэхъухь ужьыгъуэу ″у″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ. Ауэ ″ку″р щхьэжу езыр езырурэ къэхъу ужьыгъуэу зэрыщымытрэ ″к″ыхэм я зэлъытэгъуэкӏэрэ къызэрыхъум ипкъ иткӏэ, ″у″м зэрекӏуалӏэр убзыхугъэу зэрыщыткӏэрэ ″ку″р ″у″м зэрекӏуалӏэ щӏыкӏэр ″пӏ″ым къигъэщӏ ″б″ым хуэдэу бзыгъэкӏэрэщ.

Зэманкӏэрэ джырэ утыку къихьэр зэрылъытэ ″кӏ″ым и ужьыгъуэ ″кӏу″ри занщӏэу ″у″м теухуэрэ хуэкӏуэу лъытапхъэкъыми, пулсив (кӏ → эй) гуэритӏым я зэлъытэныгъэкӏэрэ къахъу ужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъщ ″кӏу″ри ″у″м зэрекӏуалӏэ щӏыкӏэр. Аращи, щхьэж ужьыгъуэу зэрыщымытрэ ″кӏ″ыхэм я зэрызэлъытэгъуэкӏэрэ къызэрыхъум ипкъ иткӏэ, ″кӏу″р ″у″м зэрекӏуалӏэри ″б″ыр ″у″м зэрекӏуалӏэм хуэдэу убзыхугъэрэ бзыгъэкӏэрэщ.

″Къ″ым и мыхьэнэр гурыӏуэгъуэщи, абы и ужьыгъуэу утыку къихьэр зы джыгъуэрэ (и) ужьыгъуэ лӏэужьыгъуэуи (у) щытырщи, мыпхуэдэу ухуэ ″къу″ макъ мыхьэнэр ″и″м хуэдэжу ″у″ геометрие къалэнми екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ.

″Кхъ″ым и ужьыгъуэу утыку къихьа ″кхъу″м и мыхьэнэри зы джыгъуэу зэрыщыткӏэрэ ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуиӏэр гулъытапхъэщ, ар икӏи ″у″ми екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ макъыу лъытапхъэщ.

Щыӏэгъуэ лъабжьэрэ геометрие системэми ординат хуэхъу ″х″ым и ужьыгъуэу ухуэ ″ху″ макъыр щыӏэгъуэ лъабжьэ ужьыгъуэу, дэтхэнэ зы щыӏэгъуэр зэрызекӏуэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӏэрщ. ″Ху″м и мыхьэнэр икӏи щыӏэгъуэ къару зи мыхьэнэ ″ф″ым зэрытеухуэр гулъытапхъэщ, ауэ мыпхуэдэу дэтхэнэ гуэрыр зэрыкӏуатэр зэрылъытэ ″ху″м игъэзащӏэр ″э, е (иэ)″ макъхэм я къалэным екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуиӏэри гулъытапхъэщ.

Ауэ ″у″кӏэрэ къэӏуу ухуа макъхэм щыщу занщӏэу ужьыныгъэм теухуа мыхьэнэ зыгъуэтыр ″хъу″ращи, ар къызтехъукӏа ″хъ″ макъ мыхьэнэр сытми и лъабжьэр зэрылъытапхъэу, дэтхэнэ гуэрым теужьыкӏрэ ужьыныгъэу къэхъур ″хъ″ыр ″у″кӏэрэ лажьэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткӏэ, ″хъу″ макъ мыхьэнэм занщӏэу ″у″м екӏуэлӏэныгъэрэ теухуэныгъэ иӏэщ.

*

Дэтхэнэ зы функцэр системэм щылъытэр ″у″кӏэрэу зэрыщытым и гугъу тщӏагъэххэщи, ″у″ри ужьыгъуэ зи мыхьэнэуэ хъуурэ къекӏуэкӏыр зэрылъытэ макъыу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Ужьыныгъэрэ хъууэ щытыр

щхьэжу зэрылъытэ ″у″ макъ Iуэрым занщIэу екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъ щэхухэри щхьэжу хъуныгъэ зэрылъытэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ мыпхуэдэ макъ гуэрхэм я мыхьэнэр хъуныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуащэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри япэрауэ ″у″кIэрэ къэIуу ухуэ макъхэм щыхэлъыхъуэн зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ. Мыбы теухуа нэхъ щапхъэфIри ″у″кIэрэ къэIуу ухуа ″хъу″ макърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Зы лъабжьэр (хъ) зэрыужьрэ (у) лъабжьэм (хъ) теужьыкIыныгъэращ (у) ″хъ″ макъыр ″у″кIэ къэIуу утыку къихьа ″хъу″ макъ мыхьэнэри, ар икIи ″у″м утыку къырилъхьэ хъугъэри зэрылъытэ макъыу зэрыщыткIэрэ ″у″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъщ. Мыбы нэмыщI, ″у″кIэрэ къэIуу утыку къихьа ″ху″ макъри лъабжьэрыужьыгъуэ мыхьэнэкIэрэ ″хъу″ макъым къыкIэлъыкIуэу хъугъэ зи мыхьэнэ макъщ. ″У″кIэрэ къэIуу ухуа ″къу, кхъу″ макъхэри макъыхъуу жыIэпхъэщ, ауэ ахэри ″хъу″мрэ ″ху″м хуэдизу хъугъэ зиIэ макъхэу лъытапхъэкъым. ″У″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу тлъыта ″тI″ макъыр икIи ужьыгъуэ къызэрыхъуну дифферэнту зэрытлъытами зэрезэгъщи, ″тI″ макъри ″у″рэ ″хъу″м хуэдизу макъыхъуу лъытапхъэщ.

Ауэ макъхэм теухуауэ ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэм макъ гуэрхэр ″у″м зэрекIуалIэр занщIэу зэрымылъытапхъэр къыщыхэдгъэщащи, ахэр ″у″м зэрекIуалIэ щIыкIэр хъугъэ нэхърэ бзыгъэ мыхьэнэ зэрыраIэкIэрэ убзыхуныгъэкIэрэщ. Аращи, ужьыгъуэрэ хъу лIэужьыгъуэ ″у″м игъэзащIэр занщIэрэ щхьэжу зыгъэзащIэ макъхэр макъыхъу лъытапхъэмэ, ″у″м мы игъэзащIэр занщIэрэ щхьэжу имыгъэзащIэ щхьэ, зыгуэрым къыхэкIрэ зэрелъытакIэрэ зыгъэзащIэ макъхэм ″у″м зэрекIуалIэ щIыкIэри бзыгъэрэ убзыхугъэкIэрэу зэрытлъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ макъхэри макъыбзу лъытапхъэщ. Ауэ макъыхъуу лъытапхъэхэм теухуауэ ипэкIэ къэIуэтахэм зэрыхэплъагъуэщи, хъу лIэужьыгъуэ макъхэм я валорыр зэхуэдэу зэрымылъытапхъэм хуэдэжу, макъыбзхэм я бзыгъэ валорхэри зэхуэдэу лъытапхъэкъым. Абыхэм я мыхьэнэрэ бзыгъэу я валорхэр къызэрыхъуа щIыкIэмрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьым елъытащи, нытIэ мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъыбзу лъытапхъэхэм я нэхъыщхьэр ″б″ макърауэ жыIэпхъэщи, ар ″у″м и ″ужьыгъуэ″ мыхьэнэм ″зэрелъытэ ужьыгъуэ″у бзыгъэкIэрэ нэхъ теухуэ макъращ. Абы къыкIэлъыкIуэу жыIэпхъэщ ″кI″ырэ ″к-ч″ыкIэрэ къэхъу ужьыгъуэ лIэужьыгъуэ ″кIу″рэ ″ку″р. Мы макъитIым къыкIэлъыкIуэ макъыбз лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ ″н″ыри, ар къыкIэлъыкIуэу къэхъунум лъабжьэрэ къежьапIэ хуэхъур зи мыхьэнэкIэрэ макъыбзщ. УвыIэгъуэ зимыIэу джырэ дэтхэнэ зы джыгъуэ IэнатIэр зэрылъытэм нэмыщI, мыпхуэдэу зэрылъытапхъэкIэрэ псэущхьэ кIуэцIым илъ зы Iэпкълъэпкъыр зы ″макъ псалъэ″у ″гу″уэщ зэрылъытари, псэущхьэпкъым лъабжьэ хуэхъуу ар къызхэхъукIарэ абы къежьапIэ зэрыхуэхъуарауэ жыIэпхъэщ ″гу″ макъыр бзэм макъыбз щIыкIэкIи зэрыхэлэжьыхьым щхьэусыгъуэ хуэхъуар.

Гулъытапхъэщи, мы макъхэр нэхъыбэу я макъ мыхьэнэм елъытауэщ макъыбзу зэрылъытапхъэр. Ауэ бзыр псэущхьэм къежьапIэрэ лъабжьэ зэрыхуэхъурэ ар зэрыбагъуэ псэущхьэ лъэпкъ лIуэжьыгъуэращи, цIыху зэхэтыкIэм ипкъ иткIэ, бэгъуэныгъэм теухуахэри культуралу "бзы"гъэ зиIэущ зэрылъытар. Мыпхуэдэщ куэдагъэу зэхэту зэрыщыткIэрэ бэгъуэныгъэм и символу лъыта "цы"ри, мы "макъ псалъэ"мрэ ар зэрыухуа "ц" макъри адыгэбзэм бзыгъэ зиIэу хэлэжьыхь хъуащ.

Макъыхъурэ макъыбзхэм теухуауэ мы къэтIуэтахэр а макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытар гулъытапхъэщи, мыбдежым макъхэр макъыхъурэ макъыбзу зэрытлъытэм зэрыпытщэфынури гулъытапхъэщ. Ауэ мыбдежым мы макъхэр макъыхъурэ макъыбзу зэрытлъытэм и лъабжьэр нэхъыбэу ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм зэрелъытарэ зэрытеухуари жыIэпхъэщ.

*

Макъ щэхухэр зэкIуалIэ макъ Iуэрхэм теухуауэ мы къедгъэкIуэкI лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, зэхуэдэ макъ Iуэрхэм екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зэщхьрэ зэкIуэлIэныгъэ зэрызыхуаIэр гулъытапхъэщ. ИкIи макъ щэхухэм екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъ Iуэрхэри зэлъытар макъ щэху мыхьэнэращи, макъ щэху гуэрхэм ягъэзащIэ Iуэхугъуэр зэрызэтехуэри мыращ. Ауэ, зэхуэдэ макъ Iуэрхэм екIуэлIэныгъэ зэрызыхуиIэр макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрелъытар гурыIуэгъуэщи, зэхуэдэ макъ Iуэрхэм екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщIыхьыр фIэкIыпIэ имыIэу зэтеухуэнурэ зэкIуэлIэныгъэ зыхуиIэну щыткъым.

Мыбдежым зэхуэдэ макъ Iуэрхэм екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ бзэм хагъэзэщIыхьыр зэрызэтехуэм теухуа нэхъ щапхъэфIхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Макъ щэху нэхъыбэм я мыхьэнэм зэрыигъуэрэ зэрыгурыIуэгъуэу "и"м екIуэлIэныгъэ зэрызыхуиIэр жытIагъэххэщи, ахэр "и"ри къызэрытIуатэ "дж" макъ мыхьэнэм екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъхэрщ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, "дж"ыри зыхэт макъ гупым щыщу "г, гь, гу, дз" макъхэр мыпхуэдэщи, дэтхэнэ зыр "и"м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу тлъыта мы макъхэм я мыхьэнэр "и"р къызэрытIуатэ "дж" макъ мыхьэнэм и зы варянту лъытапхъэщ. Макъхэм я нэхъыбэм я мыхьэнэр джыгъуэ лIэужьыгъуэу "и"м екIуэлIэныгъэ зэрызыхуаIэр гурыIуэгъуэщи, псалъэм папщIэ мыпхуэдэщ "з, д, т, щI, ш, к-ч, кI-чI, л, пI, фI, в" макъхэм я мыхьэнэхэр джыгъуэ лIэужьыгъуэу "дж" макъ мыхьэнэм екIуэлIэныгъэ зэрызыхуиIэрэ геометрикэ мыхьэнэуэ "и"м зэрекIуалIэр гулъытапхъэщ.

"И"м екIуэлIэныгъэ зыхуаIэрэ джыгъуэ лIэужьыгъуэу "дж" макъми теухуэу мы къэта щапхъэхэм "х"ыри зэрыхэтыпхъэр гурыIуэгъуэщи, ар зы "и" лъэныкъуэрэ лъабжьэр къызэрыIуатэм папщIэ, щхьэхуэу тепсэлъыхьын зэрыхуейращ мыбыхэм зэрыхэдымыгъэхьар. Аращи, "х" макъыр "и-системэ"м и ординатыр зэрылъыта макъ мыхьэнэуэ, зы "и" лъэныкъуэр лъабжьэу зэрылъытауэ "дж" макъ мыхьэнэм лъабжьэкIэрэ

екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ: ″х″ыр щыӏэгъуэ системэм щыджынум лъабжьэ хуэхъуу зэман системэми и зы джыгъуэ (и) лъэныкъуэр зэрылъытэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ.

Мыбдежым щыпыщапхъэщи, джыгъуэ лӏэужьыгъуэрэ ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу ипэкӏэ щапхъэу къэтахэр икӏи ″у″ми екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ: ″у″рэ ″и″р зэрызэтеухуакӏэрэ (″*y = f(t); f(x)*″ → ″и = *f*(э); *f*(х) = у″) ″и″ лӏэужьыгъуэу лъытэр икӏи ″у″ лӏэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщ.

″И″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу зи гугъу тщӏа мы макъхэм ″и″ри къызэрытӏуатэ ″дж″ым екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуаӏэр жытӏагъэххэщи, мы макъхэм дэтхэнэ зым и мыхьэнэр ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу тлъыта адрей макъхэм дэтхэнэ зыми екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуиӏэфынури гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ икӏи мы макъхэм ″и″м нэмыщӏ макъ ӏуэрхэм екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуиӏэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ макъхэм занщӏэрэ фӏэкӏыпӏэ зэримыӏэкӏэрэ зыр зым екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуимыӏэфынур гурыӏуэгъуэнщ. Икӏи макъ мыхьэнэ зэкӏуэлӏэныгъэр нэхъ лъабжьэкӏэрэ макъ мыхьэнэхэращ зэлъытари, зэхуэдэу ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуаӏэу тлъыта мы макъхэм зыр зым и мыхьэнэм теухуэрэ екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэн хуейуи зэрымылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ.

Къежьапӏэ мыхьэнэ зэрызыраӏэкӏэрэ ″ы″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ ″къ, п″ макъхэм я мыхьэнэмрэ бзэм хагъэзэщӏыхьхэри зэтехуэрэ зэрызэкӏуалӏэр гурыӏуэгъуэнщи, адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм мы макъитӏым зэхуэдэ ӏуэхугъуэ зэрыхагъэзэщӏыхь щапхъэщ мыхэр: «кӏуэкъым - кӏуэрэп».

Мыпхуэдэ щапхъэщ я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщӏыхьыр зэрызэлъыта макъитӏыу щыт ″хь″мырэ ″кӏ″ макъыр. Аращи, ″э″рэ ″иэ″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ ″хь″ымрэ ″э″рэ ″и″м, икӏи нэхъыбэуи ″эй″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ ″кӏ″ым бзэм хагъэзэщӏыхь ӏуэхугъуэри мы зэкӏуалӏэ геометрикэхэм утыку къыралъхьэ зэхуэпэзадэныгъэкӏэ зэщхьэщыныгъэу зэлъытащ. Аращи, кӏэу зыхуэхъур ″хь″ым занщӏэу егъэкӏуатэ, ″кӏ″ыми дырегъэкӏуэтейр; ″хь″ыкӏэрэ къекӏуэкӏ ӏуэхугъуэм ″кӏ″ыкӏэрэ кӏэ егъуэтыр: «ихьэн – икӏын; щӏэхьэн – щӏэкӏын; исыхьын – исыкӏын; щӏэсыхьэн – щӏэсыкӏын».

Дэтхэнэ зы щыӏэгъуэр зы функцэу ″у″кӏэрэ зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщи, ″у″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ ″з, д, щ″ макъхэм я мыхьэнэхэми зэкӏуэлӏэныгъэ зыхуаӏэрщ. Аращи, зэхэлъыныгъэрэ зэпкъырылъыныгъэр зэрылъытэ ″д″ макъымрэ дэтхэнэ зы щыӏэгъуэр щхьэж зэрылъытэ ″з″ макъым щыӏэгъуэр зэрылъытэ ″щ″ макъым екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуиӏэри гулъытапхъэщ. Аращи, ″щ″ым хуэдэу ужьыныгъэ зиӏэ дэтхэнэ зы щыӏэгъуэ лӏэужьыгъуэр щхьэжу зэрылъытэф макъ мыхьэнэщ ″з, д″ макъхэр.

Къэхъунур зэрыгъэхьэзыр лъабжьэ зи мыхьэнэ ″с″ макъыр ″ы″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэу лъытапхъэщи, абы щыӏэгъуэ лъабжьэ зэрыримыхьэнэри зыхэт макъ гупым елъытарэ зэрытеухуари

гулъытапхъэщ. Мы псалъэм гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, ″с″ыр ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу тлъыта дэтхэнэ зы макъ мыхьэнэм теухуэрэ екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэуи лъытапхъэкъым, ауэ щыӀэгъуэ лъабжьэм теухуа мыхьэнэ зиӀэрэ ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу тлъыта ″хъ, гъ; лъ″ макъхэм екӀулӀэныгъэ зыхуиӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″хъу″р къызтехъукӀ лъабжьэр зэрылъытэ ″хъ″ым, ″гъэ″р къызтехъукӀ лъабжьэр зэрылъытэ ″гъ″ым, ″лъэ″р къызтехъукӀ лъабжьэр зэрылъытэ ″лъ″ым теухуэрэ екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэ ″с″ыр мы макъ мыхьэнэхэм (хъ, гъ, лъ) хэлэжьыхьу абыхэм къытехъукӀынухэр (хъу, гъэ, лъэ) зэрыгъэхьэзыр мыхьэнэ зиӀэрщ.

## ″Макъ щэху зэгуэт″хэм ″екӀуэлӀэныгъэ″ зыхуаӀэ ″макъ Ӏуэр″ геометрикэхэм теухуауэ.

Щхьэж макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр макъ геометрием зэкӀуалӀэрэ зытеухуэ макъ Ӏуэрхэр къыхэдгъэщащи, макъ щэху зэгухьэрэ зэхэжыхьахэри зэкӀуалӀэ макъ Ӏуэрхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, мыхэр зэрызэкӀуалӀэ макъ Ӏуэрхэр мыбыхэм хиубыдэ макъ щэхухэр зэрызэкӀуалӀэ макъ Ӏуэрхэрхэм теухуащ. Ар щыхъукӀи, макъ щэхуитӀкӀэ ухуа макъ зэгуэтхэр зэрыухуа макъ щэхуитӀым екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ макъ ӀуэритӀ геометрикэ ӀыхьитӀ зыхэзыубыдэхэращ. Ауэ икӀи, макъ щэху зэгуэтхэм я ипрей макъыр макъ эффекту хэтщи, зы макъ щэху зэгуэтыр нэхъ зытеухуа макъ Ӏуэр геометриер кӀэух макъ щэхур зытеухуа макъ Ӏуэру зэрыщытынури гулъытапхъэщ.

Зытеухуа джыгъуэ лӀэужьыгъуэм и щхьэщыкӀыныгъэу максимум джыгъуэ (и) зыгъэзащӀэ ″т″ макъ эффектыр лъабжьэ (х) зи мыхьэнэ ″хъ″ыкӀэрэ зэрылажьэу ухуащ ″**тхъ**″ макъ щэху зэгуэтри, зы джыгъуэ лъэгапӀэм (максимум джыгъуэм) къыщӀидзэу а нэхъ лъабжьэм хуэкӀуэныгъэ зиӀэ мы макъ щэху зэгуэтыр къаруфагъэу лъабжьэрыщӀрэ лъабжьэм хищӀэныгъэ зи мыхьэнэуэ, зы ″и″пӀэ лъэгапӀэм къыщежьэу зы ″х″ыпӀэми хэщӀэныгъэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ ″тхъ″ыр къызэрыхъуари, ар зы ″и максимум″ щӀыпӀэм къыщӀидзэу ″х″ лъабжьапӀэм (″х″ым нэхърэ нэхъ лъабжьапӀэщ ″хъ″ыри) хищӀэныгъэ зи мыхьэнэращ. Мыпхуэдэ лъабжьэрыщӀрэ лъабжьэрыхэщӀэ мыхьэнэм и ужьыгъуэри (у) ″**тхъу**″ращи, ар лъабжьэрыщӀэ ужьыгъуэрэ лъабжьэрыужьыгъуэу лъытапхъэщ.

″Т″ эффектыр щыӀэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″х″ыкӀэрэ зэрылажьэу ухуэр ″**тх**″ макъ зэгуэтращи, ар максимум ″и″пӀэкӀэрэ (т) лъабжьэ (х) зыгъуэту утыку къихьэр зэрылъытэрщ. Абы и ужьыгъуэу утыку къихьэ ″**тху**″ макъ зэгуэтри мыпхуэдэ къаруфӀагъэкӀэрэ щыӀэгъуэ лъабжьэ зыгъуэтыр зэрыужьрэ зэрызекӀуэр зэрылъытэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «тху, лъынтхуэ, псантхуэ»

Зэщхьэщыкӏыныгъэу ужьыгъуэ къэзыгъэщӏ къару зи мыхьэнэ ″тӏ″ макъыр ″у″м екӏуэлӏэныгъэ зэриӏэр гурыӏуэгъуэщи, абы и эффектыр зэманыгъуэкӏэрэ (э) джыуэ (и) щытыныр пулсивыгъэу ″эй″ми екӏуэлӏэныгъэ зиӏэ ″кӏ″ыкӏэрэ лажьэу ухуэр ″**ткӏ**″ макъ зэгуэтращ. Мы къызэрыхъуар къызэрыӏуэтами зэрезэгъщи, ″ткӏ″ым и мыхьэнэр ужьыныгъэ зэщхьэщыкӏыныгъэу ″у″р пулсивыгъэкӏэрэ (эй) лэжьэн щӏыкӏэ зиӏэрщ. Зэкӏуалӏэ геометрикэми гурыӏуэгъуэ зэрищӏщи, ″ткӏ″ыр лъэщу хэджыкӏыныгъэрэ къыхэджыкӏыныгъэу ткӏиягъэрэ ткӏыбжьыгъэ къэзыгъэщӏращ. Абы и ужьыгъуэ (у) макъ зэгуэтыр ″ткӏу″ращи, ар зы пкъыгъуэм хищӏэ ″ткӏ″ыгъэкӏэрэ ужьыгъуэ зыгъуэтрауэ, ″ткӏ″ыр зыхэщӏа пкъыгъуэр зэрызэщхьэщыкӏкӏэрэ зэрыужьым ″ткӏуаткӏуэ″ къегъэхъури, ар ″**ткӏу**″ макъ зэгуэт мыхьэнэкӏэрэ къызэрыхъури ″ткӏу″м занщӏэу къытехъукӏ ″ткӏун″ глаголкӏэрэщ къызэрыӏуатэр.

Щыӏэгъуэ лъабжьэу щытрэ ″у″ми екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ ″щ″ыр зытеухуам и щхьэщыкӏыу (т) зэрыджыр зэрылъытапхъэ макъ зэгуэт ″**щт**″ыр зы джыгъуэ зэрылъытапхъэкӏэрэ ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ. Зы щыӏэгъуэ зиӏэр зырыщыӏэм зэрыщхьэщыкӏрэ зыдэщытым икӏыныгъэ зэригъуэтыр ″щт″ макъ зэгуэткӏэрэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэ къэхъуэкӏыныгъэу зыгуэрым ипӏэр зэрызэхъуэкӏри, зы псэущхьэр шынэн пэлъытэу и щыӏэкӏэрэ ипӏэм зэрикӏри бзэм ″щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэкӏэрэ ухуа ″щтэн, къэщтэн″ псалъэхэмкӏэрэщ зэрылъытэрэ къызэрыӏуатэр. Мы псалъэхэм нэмыщӏ, икӏи зыгуэрыр и щыӏэгъуэрэ щыӏэкӏэм зэрикӏыу щхьэщыкӏыныгъэ зэригъуэтри ″щт″ макъ зэгуэткӏэрэ лъытэу ухуа зы псалъэщ ″щтын″ри, ар зы ткӏуаткӏуэ лӏэужьыгъэм и ткӏуаткӏуагъэм икӏыу быдагъэ зэригъуэтыр къызэрыӏуатэ псалъэрщ.

″У″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэ ″щ″ыр ″ы, х″м екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрэ лъабжьэ мыхьэнэ зиӏэ ″хъ″ыкӏэрэ зэрылажьэу ухуэ макъ зэгуэтщ ″**щхъ**″ыри, ″у″ ехыгъуэрэ ухыгъуэ геометрием екӏуэлӏэныгъэ зэрызыхуиӏэкӏэрэ лъабжьэрэ нэхъ ехыгъуэ щыӏэгъуэр зэрылъытэу ухуа псалъэщ мыхэр: «ищхьэрэ, гъэщхъын». Абы и ужьыгъуэ макъ зэгуэтщ ″щхъу″ри, лъабжьэрэ ехыгъуэ щыӏэгъуэ ужьыгъуэу зы щыӏэгъуэр зэрызэхъуэкӏ щӏыкӏэр зэрылъытэу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «щхъухь, хущхъуэ».

Щыӏэгъуэ зи мыхьэнэрэ ″у″м екӏуэлӏэныгъэ зиӏэ ″щ″ макъыр ″цӏыху″ псалъэр зипӏэ иувэжа ″хьэ″ псалъэм къыпыхьэу ухуэ ″**щхьэ**″ри мы зэрыухуэ щӏыкӏэм зэрезэгъкӏэрэ зы псалъэщи, ар цӏыхур зэрыужьыр къызпкъырыкӏрэ дэтхэнэ зы ужьыгъуэ лъэныкъуэр зэрылъытэрщ. ″Щхьэ″р мыпхуэдэ лэжьэкӏэм нэмыщӏ, мыбы къытехъукӏыж лэжьэкӏэу бзэм зэрызекӏуэ щӏыкӏэри мащӏэкъым.

Щыӏэгъуэ зиӏэм къыхэхъукӏ продукцэ зи мыхьэнэ ″ш″ыр зы джыгъуэу ″и″м екӏуэлӏэныгъэ зиӏэрщи, ар лъабжьэ зи мыхьэнэрэ ординат къалэн зиӏэ ″х″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ ″**шх**″ макъ зэгуэтыр щыӏэгъуэ зиӏэм къыщӏэхъуэр зэрехыр зэрылъытэрщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэщ мыхэр: «шхын, шхэн;

уэшх». Абы (шх) и ужьыгъуэ (у) ″**шху**″ри зы продукцэ лӀэужьыгъуэу щыт ″шэ″м къытехъукӀ шхыныгъуэр зэрылъытэрщ; ″шху″р ″шэ″ къызщӀэхъуэ лыпцӀэри къызэрыӀуатэ псалъэу бзэм хохьэр (шхуэ, шхуэл), икӀи ″шэн″ Ӏуэху зэрыгъэзащӀэр къызэрыӀуатэ псалъэхэри къызтехъукӀыу бзэм холэжьыхьыр (шхуэ, шхуэмылакӀэ).

″Лъэ″м лъабжьэ хуэхъуу щыӀэгъуэрэ лъэ зиӀэр зыщыдж геометриеу лъабжьэу щыт ″х″ыми екӀуэлӀэныгъэ зиӀэ макъ мыхьэнэщ ″лъ″ыри, ар щыӀэгъуэ зиӀэр зэрызекӀуэ ″ху″кӀэрэ лажьэу ухуэ ″**лъху**″ макъ зэгуэт псалъэр зы пкъыгъуэрэ лъэ зиӀэ псэущхьэ шыр утыку къызэрихьэр къызэрыӀуатэу бзэм холэжьыхьыр: «лъхун, лъхуэн, лъхукъуэ, мылъхукъуэ».

Зытеухуам ецырхъыу нэсыныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщыткӀэрэ ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зиӀэ ″п″ эффектыр сыныгъэрэ нэсыныгъэ зи мыхьэнэуэ щыӀэгъуэр зэрыдж лъабжьэм къыщекӀуэкӀыр зэрылъытэ ″с″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтщ ″**пс**″ыри, ар зыгуэрым мыпхуэдэу ецырхъыныгъэкӀэрэ лъэӀэсыныгъэ зиӀэр, икӀи щыӀэгъуэ ужьыгъуэр къыздынэсам зэрыщыджкӀэрэ утыку къихьэр (псы) зэрылъытэращи, абыи зэманкӀэрэ (э) къытехъукӀ ″псэ″ри къызэрыӀуатэрщ.

″П″ макъ эффектыр джыгъуэрэ (и) ″у″ лӀэужьыгъуэу щыӀэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пщ**″ыращи, дэтхэнэ зы щыӀэгъуэр къызэрыпщытэрэ и пщалъэр утыку къызэрырилъхьэ мыхьэнэ зыгъуэтырщ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «пщын, пщэн, пщытэн, къэпщытэн». Ар икӀи зытелъым ″п″ыкӀэрэ щихъуэу кӀуэтэнри къызэрыӀуатэрщи, мыпхуэдэ щӀыкӀэу ухуа псалъэщ мыхэр: «пщын, зепщэн, пщыпщын». ИкӀи зыгуэрым и ″п″ыкӀэрэ и щыӀэкӀэр хэгъэбэгъуэнри къызэрыӀуатэрщи, мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэу къэхъуа псалъэщ мыхэри: «ипщэн, епщэн, къепщэн, гъэпщын, къэгъэпщын».

″П″ эффектыр продукцэ зи мыхьэнэ ″ш″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пш**″ыращи, ар дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу зэрыхэхъуэрэ къыщӀэхъуэныгъэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «пшэ, пшагъуэ; пшэр; пшынэ, пшыналъэ».

″П″ эффектыр лъабжьэрэ геометрие системэ ординат къалэни зыгъэзащӀэ ″х″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пх**″ыращи, зыгуэрыр и гущӀыӀурэ гъунапкъэкӀэрэ зы лъабжьэ лӀэужьыгъуэу зэрылъытэрщ. Бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «пхэ, пхэн, пхын».

″П″ макъ эффектыр ″лъэ″р къызтехъукӀ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″лъ″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**плъ**″ыращи, ар дэтхэнэ гуэрыр и ″п″ лъэныкъуэкӀэрэ лъэ зеригъуэтыну зэрыгъэхьэзырыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «плъын, плъыжь, плъэн, еплъын, къэплъэн».

Зыгуэрыр и щӀыбкӀэ зэщӀиубыдэу зэрыхэхъуэрэ зэрыджыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэу ″и″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэуи лъытапхъэ ″пӀ″ эффектыр

щыӀэгъуэ зимыгъуэтарэ мыщыр зэрылъытэ ″цӀ″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пцӀ**″ыращи, ар щыӀэгъуэм емызэгърэ хуэмыдэу лъытапхъэр зэрыпӀрэ зэрыджыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Бзэм зэрхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «пцӀы, нэпцӀ».

″ПӀ″ эффектыр щыӀэгъуэр Ӏупщӏ зэрыхъуу ″и″рэ икӀи ″Ӏу″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ ″щӀ″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пщӀ**″ыращи, ар зы щӀы лъабжьэ зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «пщӀы, пщӀын, пщӀэн, къэпщӀын».

″ПӀ″ эффектыр зэманкӀэрэ (э) джырэ утыку къихьэр (и) зэрылъытэ ″кӀ″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пкӀ**″ыращи, ар зы пӀэм икӀыныгъэ зи мыхьэнэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэщ мыхэр: «пкӀын, пкӀэн, пкӀэлъей».

″ПӀ″ эффектыр къэхъупӀэ зи мыхьэнэрэ ″ы″м екӀуэлӀэныгъэ зыхуиӀэ ″къ″ макъкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пкъ**″ыращи, ар къэхъупӀэ зи мыхьэнэрщ. Абы къытехъукӀ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пкъы, лъэпкъ, Ӏэпкълъэпкъ, щыпкъэ»

″ПӀ″ эффектыр зыгуэрыр зыдэкӀуапӀэм хунэсыныгъэ зи мыхьэнэ ″лӀ″ыкӀэрэ лажьэу ухуэр ″**плӀ**″ макъ зэгуэтращи, ар зэрыхъун хъуарэ зипӀэ зыгъуэтар зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Мы и мыхьэнэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «плӀы, плӀэӀу, теуплӀэнщӀэн».

Зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ эффектыр ″з″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бз**″ыращи, ар зэрелъыта ужьыгъуэм езыр зи мыхьэнэрщ. Бзэми зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэрэщ: «бзы, цӀыхубз, шыбз, бзыгъэ, ныбз, убзыхун, бзыщӀын, убзыщӀын».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″дз″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ ″**бдз**″ макъ зэгуэтри мыпхуэдэ зэрелъытакӀэрэ хэдзыкӀыныгъэ зиӀэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэхэри къэтхьынщ: «бдзы, бдзумэ, бдзэ, бдзэжьей».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″гъэ″р къызтехъукӀ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″гъ″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бгъ**″ыращи, ар зэрелъыта ужьыгъуэ къызэрыхъунум лъабжьэ хуэхъур, икӀи зэрелъыта ужьыгъуэр зыгъэкӀуэдыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «бгъэ-3, жьыбгъэ, бгъэ шыр, игу ебгъэн, губгъанэ, набгъэ».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″гъу″кӀэрэ лажьэу ухуэ ″**бгъу**″ макъ зэгуэтри зэрелъыта ужьыгъуэр къызэрыхъунурэ зэрыужьыну лъабжьэ зи мыхьэнэращи, мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэрэ бзэм зэрыхэхьа щапхъэщ мыхэр: «бгъу-2, бгъуэ, убгъун, губгъуэ».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр джыгъуэм (и) хуэкӀуэныгъэ зыхуиӀэ ″г″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ ″**бг**″ макъ зэгуэтыр лъэгапӀэ лӀэужьыгъуэ зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «бгы, бгырыпх, бгыщхьэ, бгыкъу, бгэн, ебгэн».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр генератикэ зэпыщӀэныгъэ зи мыхьэнэ ″ж″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бж**″ыращи, ар мыпхуэдэ зэкӀэлъхьэужьыгъуэ зиӀэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «бжын, бжэн, къэбжын, къебжэкӀ, бжэ, бжэмышх».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″жь″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ ″**бжь**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зэрелъыта ужьыгъуэкӀэрэ хьэрычэт зиӀэу зытеухуам хищӀэныгъэр зэрылъытэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «бжьын, бжьыныху, ибжьэн, щӀэбжьэн, ткӀыбжь, бжьэ, Ӏэгубжьэ, хуабжь, лъабжьэ».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр зэманкӀэрэ къэхъуу лъэм тырищӀэ джыгъуэ (и) зи мыхьэнэ ″л″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бл**″ыращи, ар зэрелъыта ужьыгъуэкӀэрэ зекӀуэрэ хэхъуэныгъэр зи мыхьэнэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «блы, блын, блэн, благъэ, щӀэблэ, зэщӀэблэн, ублэн, къэублэн, пэублэ».

ЩыӀэгъуэ къару кӀуэцӀрэ (ф) апхуэдэкӀэрэ щыӀэгъуэм тырищӀэныгъэ (фэ) эффектыр ″т″ыкӀэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**фт**″ыращи, ар мыпхуэдэу зы фэ лӀэужьыгъуэм зы къарукӀэрэ щхьэщыкӀыныгъэ зиӀэу къэхъур зэрылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «фты, щӀэфтын, хэфтын, уфтэрэкъын, уфтэрэкъ».

## АДЫГЭБЗЭМРЭ МАТЕМАТИКЭ ФИЛОСОФИЕМ ТЕУХУАУЭ

### Адыгэбзэ бжыгъэцӀэхэм лъабжьэ яхуэхъуа псалъэхэм ″екӀуэлӀэныгъэ″ зыхуаӀэ геометрикэхэм теухуауэ.

Адыгэбзэ бжыгъэцӀэхэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм къаӀуатэр щыӀэгъуэр зэрызэщхьэщыкӀрэ зэрыбагъуэу щыӀэгъуэ ужьыгъуэращи, ахэр щыӀэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэкӀэлъхьэужь лъэбакъуэкӀэрэ зэрызекӀуэр зэрылъытэ псалъэхэрщ. ЩыӀэгъуэр зэманыгъуэм елъытауэщ утыку къызэрихьэрэ зэрызекӀуэри, щыӀэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекӀуэр къызэрыӀуатэу зи гугъу тщӀа псалъэхэр икӀи зэманыгъуэри зэрызекӀуэр зэрылъытэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ

ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэрэ зэманыгъуэм дэтхэнэ и лъэбакъуэри зэрылъытэу зызэпычыгъуэ зимыӀэ щӀыкӀэкӀэ къекӀуэкӀыр зэрылъытэ мы псалъэхэр мыпхуэдэ зекӀуэкӀэр зэрылъытэу цӀыхум къигъэунэхуа ″бжэн″ Ӏуэхугъуэри къызэрекӀуэкӀыну бжыгъэхэр зэрылъытаращи, ахэр бжыгъэцӀэхэми лъабжьэ яхуэхъуащ. Мыпхуэдэу зэпычыгъуэ зимыӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэр къызэрыӀуатэ мы псалъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъукӀэрэу жыӀэпхъэщ цӀыхум бжэн Ӏуэхур къигъэунэхун зэрыхъуами лъабжьэ хуэхъуари, а псалъэхэр къигъэсэбэпурэ цӀыхур бжэуэ щӀидзауи зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, бжэн Ӏуэхум лъабжьэ хуэхъуарэ

бжыгъэхэм я пэщӏэдзэхэр мы зи гугъу тщӏа псалъэхэмкӏэрэщ къызэрыӏуэтар.

Нытӏэ, адыгэбзэм и макъ ӏуэрхэм макъ геометрие къызэрагъэхъурэ, ари щыӏэгъуэ геометрием теухуэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, мыпхуэдэ зы макъыгъуэращ дэтхэнэ и зы макъыр къыздыщыхъур. Ар щыхъукӏи, къызэрыхъуам елъытауэ зы мыхьэнэ зыгъуэт дэтхэнэ зы макъ щэхури зы геометрикэ ӏыхьэм теухуэрэ екӏуэлӏэныгъэ зэриӏэр гурыӏуэгъуэщи, бжыгъэцӏэхэм лъабжьэ яхуэхъуауэ зи гугъу тщӏы псалъэхэри мыпхуэдэу геометрикэ ӏыхьэхэм екӏуэлӏэныгъэ зыхуиӏэрщ. Щыӏэгъуэр зэрыунэтӏ щӏыкӏэрэ зэкӏэлъхьэужьыкӏэ лъэбакъуэкӏэрэ зэрызекӏуэр къэзыӏуатэ мы псалъэхэм я мыхьэнэри щыӏэгъуэ геометрием зэрытеухуарэ макъыгъуэ геометриер къэзыгъэщӏ макъ ӏуэр геометрикэхэм зэрелъытари гурыӏуэгъуэщи, адыгэбзэ бжыгъэцӏэхэм лъабжьэ хуэхъуауэ мы зи гугъу тщӏы "макъ/макъ зэгуэт псалъэ"хэр икӏи ахэр къызтехъукӏа "макъ/макъ зэгуэт мыхьэнэ"хэр зытеухуэрэ зэкӏуалӏэ макъ ӏуэрхэми деплъыжынщ.

Адыгэбзэ бжыгъэцӏэхэм лъабжьэ хуэхъуауэ зи гугъу тщӏы мы псалъэхэр "макъ псалъэ"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"у зэрыухуами гурыӏуэгъуэ къызэрищӏщи, ахэр бзэ лэжьэкӏэм и пэщӏэдзэу лъытапхъэ зэманыгъуэхэм хуэзэу къэхъуауэ жыӏэпхъэщ. Икӏи зэрыгурыӏуэгъуэу, цӏыхум "бжэн" ӏуэхугъуэмрэ ар зэрызыригъэкӏуэкӏ "бжыгъэ"хэр бзэр зэрыхъун хъуа нэужьым къэхъуа ӏуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, цӏыхум къигъэунэхуа бжэн ӏуэхугъуэм зэрыщӏидза бжыгъэцӏэхэр зэрилъытари езым и бзэр зэрыухуэ пэщӏэдзэхэм хуэзэу щыӏэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр къызэрыӏуатэу къэхъуагъэххэ псалъэхэр зэрзырихьэкӏэрэщ. Аращи, цӏыхум езым и бзэм хэту щытрэ зэпыудыгъуэ зэримыӏэкӏэрэ зэкӏэлъхьэужьыкӏэ зиӏэу генератикэ зэпыщӏэныгъэ зыхуаӏэу щыт мы псалъэхэр зэрихьэу зэрыщӏидзэкӏэрэщ бжэн ӏуэхугъуэр къыригъэкӏуэкӏыу зэрыщӏидзари, мыпхуэдэ къыригъэкӏуэкӏри зэрыигъуэкӏэрэ "бжэн" ӏуэхугъуэу, ар къызэрыригъэкӏуэкӏ мы псалъэхэри "бжыгъэцӏэ"у илъытауэ жыӏэпхъэщ.

Адыгэбзэм и бжыгъэцӏэхэм цӏыхум бжэн ӏуэхугъуэрэ бжыгъэхэр къызэрыхъуарэ къызэрекӏуэкӏа щӏыкӏэр гурыӏуэгъуащэ къытхуищӏыу жыӏэпхъэщ. Икӏи, мыбыи лъабжьэ хуэхъур щыӏэгъуэм и щыӏэгъуэр зэрихьрэ щыӏэгъуэкӏэрэ зэрыбагъуэр къызэрыӏуатэ щӏыкӏэрауэ зэрыщытри а псалъэхэр зэрыухуа макъ мыхьэнэхэм гурыӏуэгъуэ къыпхуещӏыр. Щыӏэгъуэ зиӏэр мыпхуэдэу зэрыужьым лъабжьэ хуэхъуари "тӏ" макъ мыхьэнэрауэ жыӏэпхъэщи, щыӏэгъуэ зиӏэ (щы) дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэрэ (зы) ар "тӏ"ыгъуэм зэрихуэкӏэрэ зэрызэщхьэщыкӏыр къызэрыӏуатэ щӏыкӏэращ щыӏэгъуэ ужьыгъуэр зэрылъытэрэ къызэрыӏуатэм къежьапӏэ хуэхъури. Дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу щыӏэгъуэ зиӏэу зэрылъытэр "щ"ырэ "з" макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа "зы"рэ "щы" макъ псалъэхэмкӏэрэщи, абыхэм "тӏ" къазэрыхуэкӏуэкӏэрэ щызэщхьэщыкӏыу аргуэру щхьэжу щыӏэгъуэ зиӏэ гуэр утыку къызэрихьэж

зэкlэлъхьэужьыкlэр щыlэгъуэ ужьыгъуэм и япэрей lыхьэрэ и пщалъэ "къэхъуныгъэ"у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, "щы"рэ щхьэжуи "зы"кlэрэ лъытам "тl" къызэрыхуэкlуэкlэрэ аргуэру "щы" лlэужьыгъуэрэ щхьэжуи "зы"уэ лъытапхъэ утыку къызэрихьэжкlэрэщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр генератикэу зэпыщlарэ зэкlэлъхьэужьыныгъэ зэриlэкlэрэ къызэрекlуэкlыр. Мыпхуэдэущ щыlэгъуэ (щы) зиlэр щхьэжу зэрылъытэр (зы) "щы⋂зы"уэ къэгъэлъэгъуапхъэщи, ар тlыгъуэм зэрихуэкlэрэ аргуэру утыку къызэрихьэжкlэрэщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъур. Нытlэ, абы и зы lыхьэрэ япэрейуэ утыку къихьэр абы и "пщалъэ"у лъытапхъэщи (зы⋂щы→тl→щы⋂зы), мы пщалъэ lыхьэр а зэрыщыту къызэрыхъужыр щыlэгъуэ ужьыгъуэм езым щыlэгъуэ зэригъуэтарауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ кlэ зимыlэ пэлъытэу къекlуэкl lуэхугъуэрщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрекlуэкlыр. Ауэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм мы и япэрей lыхьэр щыlэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ар зэрыщыту къызэрыхъужыр щыlэгъуэ ужьыгъуэм езым "тl"ыгъэ зэригъуэткlэрэ щыlэгъуэ игъуэтагъэххэу утыку къызэрихьэрауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрыунэтl (тl) щlыкlэрэ щыlэгъуэ зэригъуэтыжыр щыlэгъуэ ужьыгъуэм и япэрей лъэбакъуэрэ "къэхъуныгъэ" пщалъэу тлъыта lыхьэр зэрыщыту зэрызэтеуплlанщlэ (плl) щlыкlэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, мы къэтlуэтахэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «{зы-тl-щы}→тl→{зы-тl-щы}» → «{зы-тl-щы}→плlы→{зы-тl-щы}».

Дэтхэнэ зы макъ щэхур зы геометрием зэрекlуалlэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр къызэрыlуатэрэ иужькlэ бжыгъэцlэ хъужауэ зи гугъу тщlы "макъ/макъ зэгуэт псалъэ"хэмрэ зэрыухуа "макъ/макъ зэгуэт мыхьэнэ"хэри зы геометрикэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зытеухуа макъ lуэр щыlэщ. Нытlэ, щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэкlэ ухуарэ бжыгъэцlэхэми лъабжьэ яхуэхъуа "макъ/макъ зэгуэт псалъэ"хэм щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэкlэлъыкlуэр къызэраlуатэм нэмыщl, я мыхьэнэкlэрэ зэкlуалlэ макъ lуэр геометрикэхэми деплъынщ.

"Ж"ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа "з" макъым "ж"ым игъэзащlэ генерэтикэ зэпыщlэныгъэми щхьэщыкlыжу, дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу генерэтикэ зэхэлъыныгъэу утыку къырелъхьэри, мы и къалэнкlэрэ "з" макъыр щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэ макъщ. Мы и мыхьэнэкlэрэ дэтхэнэ зы джыгъуэр (и), дэтхэнэ зы щыlэгъуэрэ ужьыгъуэ зиlэр (у) щхьэжу утыку къизылъхьэф макъщи, "з" макъыр "и"ми, "у"ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэж макъщ. Ар дэтхэнэ гуэррэ системэр а зэрыщытрэ а зэрыпсо щlыкlэу щхьэжу зэрылъытэу, щыlэгъуэ лъабжьэрэ щыlэгъуэр зэрызэпкъырыувэ дэтхэнэ зы "щ" лlэужьыгъуэри щхьэж зэрылъытэрщ. "Щ"ыри мы зи гугъу зэрытщlакlэрэ "з"ыр зэкlуалlэ "и"мрэ "у"м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр гурыlуэгъуэщи, "з"ымрэ "щ"ым я зэкlуэлlэныгъэрэ зэтеухуэныгъэури къызхэкlыр мыращ. Бжыгъэхэм

лъабжьэ яхуэхъуа "зы"мрэ "щы" макъ псалъэхэм зи гугъу тщIа я зэпыщIэныгъэр зэлъытарэ зытеухуари мыращ.

Зы "щы"гъуэрэ "щы"пIэр щхьэжу "зы"уэ зэрылъытакIэрэ абыхэм хищIэ "тI"ыкIэрэ аргуэру "щы" лIэужьыгъуэрэ "зы"уэ лъытапхъэр утыку къызэрихьэжыр гурыIуэгъуэщи, мыри "тI"ым и макъ мыхьэнэм теухуарэ елъытащ. Аращи, бэгъуэныгъэрэ ужьыгъуэ къэзыгъэщI къарур зэрылъытэ макъыу, "тI"ыр зыхэщIэм ужьыгъуэ зэригъуэтым зэрезэгъщи, "тI" макъыр "у"м зэрытеухуэрэ зэрекIуалIэр, икIи зыхищIэ дэтхэнэ гуэрым ужьыныгъэ къызэрыхуигъакIуэ щIыкIэкIи "тI" макъыр ужьыгъуэ къызтехъукI дифферэнсиалу "*d*у" къалэн зиIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу "зы"м хищIэ "тI"ыр зэрылъытапхъэр "*d*у"щи, "зы"р зэрыунэтIрэ ужьыгъуэр къызэрыхъур мы зэхъуэкIыныгъэкIэрэщ. Зымрэ зым къытехъукIым я зэхуакум дифферэнсиалыгъэщ (тI) дэлъри, мыри щыIэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъу зы Iуэхугъуэу щхьэжу зэрылъытари "тI" ужьыгъуэу "тIыу → тIу"уэщ.

"Щы" лIэужьыгъуэрэ "зы"уэ лъытэм хищIэ "тI"ыкIэрэ утыку къихьэжыр аргуэру "щы" лIэужьыгъуэрэ щхьэжуи "зы"уэ лъытапхъэращи, мы утыку къихьэр зэрызэпкъырыувэжыр, икIи мыпхуэдэу къэхъу лъэбакъуэри зэрылъытапхъэр "щы"уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыри джыгъуэрэ (и) ужьыгъуэм (у) екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ "щ" макъ мыхьэнэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэм и япэрей лъэбакъуэу щытрэ "къэхъуныгъэ" пщалъэу утыку къихьар "щы" лIэужьыгъуэращи, ар зэрызэтеуплIанщIэкIэрэ аргуэру утыку къызэрихьэжынур гурыIуэгъуэнщ. Мы зэтеуплIэнщIэныгъэри зы "тI" лIэужьыгъуэу "плIы"кIэщ къызэрыIуатэри, ари "пI"ырэ "лI" зэгухьэныгъэкIэрэ къэхъуа "плI" макъ зэгуэт мыхьэнэм теухуащ. Аращи, джыгъуэм (и) екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ "пI"ыр зыдэкIуапIэм хунэсыныгъэ зи мыхьэнэрэ "иэ"м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ "лI"ыкIэрэ лажьэу ухуэ "плI" макъ зэгуэтыр зы джыгъуэр (и) зыдэкIуапIэм нэгъунэ гъуэгу тезыгъэхьэрэ зыгуэрыр зэрыхъун хъуауэ пIэ зыгъуэтар зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэрщи, мы и мыхьэнэкIэрэ къэIуэта "плIы"ри къэхъуныгъэ пщалъэр зыдэкIуапIэм тезышэу, хъунур хъупIэм хуэзыгъакIуэрэ къызэрыхъур зэрылъытэрщ.

ПлIыкIэрэ къэхъунур гурыIуэгъуэщи, къэхъуныгъэ пщалъэр зэтеуплIэнщIэныгъэкIэрэ аргуэру утыку къихьэжыпIэм хуэунэтIащ. Ауэ "плIы"м къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэр зэрылъытэри "тху"ращи, ари джыгъуэ (и) максимум лIэужьыгъэу щыт "т"ыр зэры"ху"кIэрэ ухуа зы макъ псалъэщ. Ар "т"ыкIэрэ гъэзащIэу лъабжьапIэкIэрэ (х) зэрыужьыр (у) зэрылъытэ макъ зэгуэтщи, мыпхуэдэ къаруфIагъэкIэрэ щыIэгъуэ лъабжьэ зыгъуэтыр зэрыужьрэ зэрызекIуэр зэрылъытэрщ.

ЩыIэгъуэ зиIэр зэрытIкIэрэ къэхъу мы зэкIэлъхьэужьыкIэм "тху" нэужь лъэбакъуэр зэрылъытэр "хы"уэщи, ар зы джыгъуэ (и) лIэужьыгъуэрэ "и-системэ" лъабжьэу щытрэ щыIэгъуэ джыгъуэ геометрие системэм и

ординатри зэрылъытэ ″х″ макъым къытехъукIа макъ псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. НытIэ мы щыIэгъуэ лъабжьэрэ джыгъуапIэм щыджынур ″къэхъуныгъэ пщалъэ″р аргуэру утыку къызэрихьэжынурэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм и къэхъуныгъэр зэрызэфIэкIынуращ.

ЩыIэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиIэрэ щыIэгъуэ джыпIэу геометрие системэ ординату щыт ″хы″м къыщыхъунур щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ унэтIыныгъэм езым щыIэгъуэ зэригъуэтынуращи, ари ″бл″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ зэрылъытэ щIыкIэу ″блы″ макъ зэгуэт псалъэмкIэщ къызэрыIуэтар. Аращи, зэрелъыта ужьыгъуэу (б) ″у″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрэ зы лъэ зыгъуэту зэрызэфIэкIари зэрылъытэу ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″л″ыкIэрэ лажьэу ухуэ ″бл″ макъ зэгуэтыр ужьыгъуэ джыгъуэу ″у″рэ ″и″м зэдаухуэ геометрием екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ. Ари щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэфIэкIарэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ къызэригъуэтар зэрылъытэрщи, зы макъ зэгуэт псалъэу ″блы″м къиIуатэри мыращ.

**Адыгэбзэм геометрикэ формэхэр зэрилъытэ псалъэхэм теухуауэ.**

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэкIым и дэтхэнэ зы лъэбакъуэр адыгэбзэм къызэриIуатэ псалъэхэр бжыгъэцIэхэм лъабжьэ язэрыхуэхъуар гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэм и зы пщалъэр (зы-тIу-щы) щыуэ зэрызэхэлъри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ зы пщалъэр щызэтеуплIанщIэм деж, щыIэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэр лажьэу зэрыщIидзакIэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм езым щыIэгъуэ къызэригъуэтар гулъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэрэ зэрыунэтI щIыкIэращ мы псалъэхэм къаIуатэр, икIи щыIэгъуэм езыри щыуэ зэрызэхэлъыр гурыIуэгъуэщи, ар зэрызэтеуплIанщIэкIэрэщ щыIэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекIуэ щIыкIэр. ЩыIэгъуэр зэрыухуэрэ зэрызекIуэр щыуэ зэрызэхэлъкIэрэщи, щыIэгъуэ геометриери мыпхуэдэщ: щыIэгъуэ геометриери зэрызэпкъырылъыр щыуэщи, ар утыку къызэрихьэрэ абы лъабжьэ зэригъуэтри ″щы джыгъуэ″ущ. Щы джыгъуэу (и) лъытэрэ зыгъэлъагъуэрщ (мэ) щыIэгъуэ геометриер утыку къызэрихьэрэ зэрыухуэф пэщIэдзэри, ар адыгэбзэм къызэриIуатэр ″щимэ″ущ. ″Щимэ″р щыIэгъуэ геометриер утыку къызэрихьэф геометрикэ формэу, щыIэгъуэ геометрие лъабжьэрщ.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэр къызэрыIуатэмрэ щыIэгъуэ геометрием зэпыщIэныгъэ зыхуаIэщ. ″ЩыIэ″ псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, щыIэгъуэм теухуа дэтхэнэ и зы Iуэхугъуэр ″щ″ лIэужьыгъуэщ; абы зы зэманыгъуэ пыухытыкIа зэригъуэтращ ″щыIэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэм ″щы″р пщалъэ зэрыхуэхъум хуэдэжщи, щыIэгъуэ геометриери зэрызекIуэрэ къызэрыпщытэри геометрикэ лъабжьэрэ пщалъэу щыт ″щимэ″кIэрэщ. ЩыIэгъуэ геометрие лъабжьэрэ пщалъэу щыт ″щимэ″р зэрыджкIэрэщ щыIэгъуэ геометриер зэрызекIуэрэ

зэрыужьри, мыри щыIэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэр зэрызэтеуплIанщIэкIэрэщ. Аращи, щыIэгъуэ ужьыгъуэ лъабжьэрэ пщалъэр зэрызэтеуплIанщIэкIэрэ щыIэгъуэ зэригъуэтым хуэдэжу къэIуэтапхъэщи, щыIэгъуэ геометрие лъабжьэрэ пщалъэу щыт щимэри зэрызэтеуплIанщIэкIэрэщ щыIэгъуэ геометриери зэрызекIуэрэ увыIэгъуэ зэримыIэкIэрэ ухуэжу ужьыгъуэ зэригъуэтыр.

ЩыIэгъуэ геометрие пщалъэу щыт щимэр зэрыджрэ зэрызэтеджыхьыжкIэрэщ зэрызекIуэри, мыри щимыэр зэрызэтеуплIанщIэ щIыкIэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, щыIэгъуэ геометрие пщалъэ щимэр зэрызэтеуплIанщIэукIэрэщ щыIэгъуэ геометриер зэрыухуэрэ зэрыужь щIыкIэри, щыIэгъуэ геометриер хъуурэ зэрызекIуэр мыпхуэдэущ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ щыIэгъуэ геометриер увыIэгъуэ имыIэу хъуурэ къызэрекIуэкIри къызэрыIуатэ щIыкIэри адыгэбзэм зэрыигъуэкIэрэ къызэриIуэтапхъэри "хъурей" псалъэкIэрэщ. ЩыIэгъуэ геометрие пщалъэу щыт щимэр зэрызэтеуплIанщIэ щIыкIэкIэрэ щыIэгъуэ геометрием мы и къекIуэкIыкIэр "хъурей"уэщи, ар икIи зы геометрие формэу щыIэгъуэ геометриер зэрыухуэжкIэрэ зэрызекIуэр къызэрыIуатэ псалъэрщ.

Хъур къызэрыхъурэ хъуурэ зэрекIуэкIыр зэрылъытэ псалъэщ "хъурей"ри, ар хъур зэрызекIуэ щIыкIэрэ формэу, хъум хуэIуарэ ейуэ щытыныгъэр къызэрыIуатэращ. Зы геометрикэ формэр къызэрыIуатэ псалъэу зэрыщытым нэмыщI, щыIэгъуэр зэрызекIуэр къызэрыIуатэ псалъэщ "хъурей"ри, космикэрэ топокосмикэ зекIуэкIэри зэрылъытэрщ. Аращи, щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр хъуреипIэм хуэкIуэрщи, щыIэгъуэ зыгъуэтарэ хъуар зэрызэхъуэкIкIэрэ хъуурэ зэрызекIуэр, хъуар аргуэру къызэрыхъужкIэрэ къекIуэкIыр зэрылъытэрэ къызэрыIуатэр хъурейуэщ. Космикэу дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зыгъуэтыр хъуреипIэм зэриувэу, космикэу ухуэ щIылъэхэри хъурей формэм зэрыхуэкIуэр гурыIуэгъуэщ, икIи дэтхэнэ зы щIылъэ лIэужьыгъуэри увыIэгъуэ зэримыIэкIэрэ зэпэхъурейуэ мэкIэрахъуэр. ЩыIэгъуэрэ космикэм сытри хъуурэ зэрызекIуэр "хъурей" псалъэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэм нэмыщI, щыIэгъуэрэ космикэм щыщыIэ сытри хъуреифэ зиIэрщ, икIи зэпэхъурейуэ къекIэрэхъуэкIыу зэрыщытри гулъытапхъэщи, макрокосмикэ щыIэгъуэ зиIэри микрокосмикэ щыIэгъуэ зиIэхэри мыпхуэдэщ. Дызтепсэухь "щIы хъуей"ми и топокосмикэ къекIуэкIыкIэри "хъурей" псалъэмкIэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщи, абы увыIэгъуэ зэримыIэрэ зэкIэлъхьэужьыкIэ зэриIэкIэрэу "гъэ"р зэрызекIуэ щIыкIэр зэрылъытапхъэрэ къызэрыIуэтапхъэри хъугъуэ къарурэ хъуурэ къекIуэкIыкIэ зиIэу "хъурей"уэщ (хъурэумэ → хъуромэ).

ЩыIэгъуэ геометриер зэрызекIуэр абы и пщалъэу щыт щимэр зэрызэтеуплIанщIэкIэрэу зэрыщыту ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, бжыгъэцIэхэм лъабжьэ яхуэхъуа псалъэхэм къаIуатэ Iуэхугъуэр икIи геометриеми зэрытеухуар гулъытапхъэщ: "щы"р зэрызэтеуплIанщIэкIэрэ щыIэгъуэр зэрызекIуэм хуэдэжу, "щимэ"ри зэрызэтеуплIанщIэкIэрэщ щыIэгъуэ геометриери зэрыухуэрэ зэрызекIуэр.

Геометрие формэ лъабжьэр зэрылъыта "щимэ"р зэрызэтеуплlанщlэу ухуэ геометрие формэр "плlимэ"ращи, мыр зи гугъу тщlа щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъабжьэрэ пщалъэу щыуэ зэхэлъыр зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ аргуэру утыку къызэрихьэжым зэрыхуэдэр гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэ унэтlыныгъэ пщалъэ lыхьэр зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ аргуэру зэрыджыжкlэрэщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъури, мыбы хуэдэу лъытапхъэщ геометрие формэ лъабжьэр (щимэ) зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ (плlимэ) аргуэру утыку къызэрихьэж щlыкlэкlэ (щимитl) щимэ унэтlыныгъэу къэхъуращ геометрие формэри зэрыбагъуэу къызэрекlуэкl щlыкlэр. Геометрие лъабжьэ "щимэ"р зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ багъуэр геометриеращи, мыпхуэдэри увыlэгъуэ зимыlэу щыгъэзащlэкlэщ геометрие бэгъуэныгъэу геометриер хъуурэ зэрызекlуэр. Мыпхуэдэу хъуурэ къекlуэкlри хъум хуэlуарэ ейуэ (хъурей) зэрылъытапхъэу, мы къекlуэкlыкlэр геометрие формэу зыхуэкlуэри "хъурей"ращ.

Щимэр япэу зэрызэтеуплlанщlэрэ щимэ унэтlыныгъэ (тl) пэщlэдзэр (щимитl) "плlимэ"ращи, ар щимэр зэрыбагъуэм и япэрей лъэбакъуэу зэрыщыткlэрэ щимэ бэгъуэныгъэ пэщlэдзэу, геометрикэ формэ лъабжьэ "щимэ"р геометрикэ формэ зэпэщу щыт "хъурей"м зэрыхуэкlуэм и япэрей лъэбакъуэщ. Геометрие лъабжьэ формэ "щимэ"р зэрызэтеуплlанщlэу ухуэ "плlимэ"р утыку къыщихьэм деж, геометрие формэр щимэ зэхэлъыныгъэкlэрэ багъуэу зэрыщlидзэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу щимэ зэтеуплlэнщlэныгъэкlэрэ къыщlидзар увыlэгъуэ зэримыlэкlэрэ къызэрекlуэкlырщ "хъурей"м гурыlуэгъуэ къищlыр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, геометрие формэ лъабжьэ "щимэ"р зэрызэтеуплlанщlэ защlэкlэрэ зэрызекlуэр зэкlуэлlэнурэ зыхуэкlуэну геометрие формэр "хъурей"ращ. Геометрие формэ лъабжьэр зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ къекlуэкlыр зэрыхъун хуейм зэрыхунэс формэрщ "хъурей"ри, "хъурей"мрэ геометрие формэ лъабжьэу щыт "щимэм" я зэхуакум кlэ зимыlэу лъытапхъэ щимэ зэтеуплlэнщlэныгъэ дэлъщ: "щимэ"мрэ "хъурей"м и зэхуакум кlэ зимыlэу лъытапхъэ "щимэ" лlэужьыгъуэхэр дэлъщ.

Щимэр зэрызэтеуплlанщlэрэ зэрыбагъуэкlэрэщ хъурейм зэрыхуэкlуэри, хъурейр къэзыгъэхъур кlэ зимыlэ щимэхэрщ. Хъурейр къыщыхъум дежи, ар къэзыгъэхъуа щимэр хокlуадэр. Аращи, ищхьэрэ икlэр мылъытапхъэ хъурейр хъум и формэу, щыlэгъуэ лъабжьэ щым зыкъызэригъэлъагъуэ геометрие формэу щыт щимэм кlэ имыlэу икlуэрщи, ар щыхэкlуадэращ хъур утыку къызэрихьэ формэу хъурейр зэрылъытапхъэр. Кlэ зимыlэу щимэр зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ къэхъу щимэ лlэужьыгъуэ геометрие формэхэри зыхэкlуадэрщ хъурейри, ар щимэмрэ абы къытехъукl дэтхэнэ зы геометрие формэм щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэу къэхъурщ. Ар кlэ зимыlэ щимэ зэтеуплlэнщlэныгъэкlэрэ мы къекlуэкlым икlэм икlэжым ухуэрщи, дэтхэнэ зы геометрие формэм щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэ а нэхъ зэпэщ геометрие формэрщ. Хъурейр кlэ зимыlэ щимэбэу лъытапхъэщ. Нытlэ, хъурейр мыпхуэдэу къэхъуа нэужь, абы хуэкlуэ

щимэри абы зэрыхэкlуадэр гурыlуэгъуэщ. Икlи, щимэм имызакъуэу, щимэбэу ухуа дэтхэнэ зы геометрие формэри зыхэкlуадэрщ ″хъурей″р. Аращи, щыlэгъуэ геометрие лъабжьэ формэу щыт ″щимэ″ри, ар багъуэу зэрыщlидзэ япэрей лъэбакъуэ ″плlимэ″ри, мыпхуэдэ пэщlэдзэкlэрэ багъуэу ухуарэ щимэбэ геометрие формэ зэмылlэужьыгъуэхэри зыхэкlуадэрщ ″хъурей″р. Икlи зэрыгурыlуэгъуэщи, щимэ зэтеуплlэнщlэныгъэр кlэ зэримыlэкlэрэ къэхъуурэщ хъурейм зэрекlуалlэри, мы кlэ зимыlэ къекlуэкlыкlэм езыри, абы икlэм икlэжым къэхъури зэрылъытапхъэращ ″хъурей″р. Ауэ, икlэм икlэжым мы зекlуэкlэр хъурейм щынэсым деж, а нэхъ геометрие формэ зэпэщрэ инращ ухуэри, мыбы нэгъунэ къэхъуа щимэрэ щимэбэ лlэужьыгъуэ геометрие формэхэми щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэу утыку къихьэ геометрие формэрщ ″хъурей″р. Мыращ икlи хъурейм и мыхьэнэри, ар хъур утыку къызэрихьэрэ къызэрихьа формэрщ. Щыlэгъуэ геометрие лъабжьэ формэ щимэр кlэ зэримыlэкlэрэ зэрызэтеуплlанщlэр хъур къызэрыхъу щlыкlэу кlэ зимыlэрэ хъурейуэ къекlуэкlырщ, икlи ар зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ икlэм икlэжым утыку къихьэри хъурейрщ. Хъум и геометрие формэ хъурейр хъур къызэрыхъуарэ зэрыухуа формэу кlэ зэримыlэкlэрэ зэпыщlэныгъэ зиlэ формэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар утыку къызэрихьа гъуэгуанэри мыпхуэдэщ. Аращи, хъуарэ утыку къихьагъэххэм и геометрие формэу зэрыщытым хуэдэжу, икlи хъууэ щытрэ къекlуэкlми и геометрие формэрщ ″хъурей″ри, щимэмрэ икlи щимэбэу хъугъэ гъуэгуанэм щыухуэ дэтхэнэ зы геометрие формэм щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэрщ. Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, хъууэ къекlуэкlымрэ хъуауэ зи гугъу тщlыр зэхуэдэ формэу лъытапхъэщи, зым деж щимэ зэтеуплlэныщlэныгъэр кlэ зимыlэу къокlуэкl, зым дежи, мы къекlуэкlым щимэр зыхомылъагъуэу зыкъегъэлъагъуэр.

Геометрикэ формэ лъабжьэрэ пщалъэр ″щимэ″рщ; нэхъ геометрие формэ ужьауэ щытрэ геометрикэ формэ нэхъыщхьэрэ зэпэщри ″хъурей″ращ. Аращи, геометрикэ формэу ″щимэ″р лъабжьэрэ къежьапlэщ, ″хъурей″ри ухыпlэрэ нэхъыщхьэрщи, я зэхуакум дэщlыхьри щимэ зэтеуплlэнщlэныгъэращ. ″Щимэ″р ″хъурей″м зэрызыхуэкlуэр ар зэрызэтеуплlанщlэкlэрэщи, мыбы и япэрей лъэбакъуэу щимэр япэу щызэрызэтеуплlанщlэу ухуэ геометрикэ формэри ″плlимэ″ращ: ″щимэ″м къыщlидзэу ″хъурей″м хуэкlуэу хъуурэ къекlуэкlым и япэрей лъэбакъуэр къызэрыхъур ″щимэ″р япэу зэрызэтеуплlанщlэу ухуэ ″плlимэ″ращ. ″Плlимэ″р геометрикэ лъабжьэ формэ ″щимэ″м и бэгъуэныгъэр япэрауэ къэзыгъэхъуращи, ар щимэр япэу зэрыджыжыр зэрылъытэращ. Аращи, ″щимэ″рэ ″хъурей″м хуэдэжу ″плlимэ″ри геометрикэ формэу пщlэ зиlэрщи, ари хэтыжу мы геометрикэ формищыр ″геометрикэ формэ пщалъэ″у лъытапхъэщ: ″щимэ″р геометрикэ формэ лъабжьэращ, ″плlимэ″р ар зэрызеуплlанщlэу геометрие формэ къэхъуныгъэм и япэрей

лъэбакъуэ формэращ, ″хъурей″ри геометриер икӀэм икӀэжым зыхуэкӀуэ геометрикэ формэу а нэхъ зэпэщрэ зэгущыгъэ зиӀэращ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, геометрикэ формэ пщалъэхэу лъыта ″щимэ, плӀимэ, хъурей″р дэтхэнэ зы геометрие формэр зэрылъытэрэ къызэрыпщытэ формэхэращ.

Ауэ мыбдежым зи гугъу тщӀы геометрикэ формэхэу ″щимэ″мрэ ар зэрызэтеуплӀанщӀэу утыку къихьэ ″плӀимэ″р, икӀи щимэ бэгъуэныгъэхэу плӀимэм къыкӀэлъыкӀуэ геометрикэ формэхэр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу нобэрей геометриеу ″Евклид геометрие″м хуэӀуарэ теухуауэкъым зэрылъытапхъэр. Евклид геометриер щыӀэгъуэ геометрием емызэгъыщэ геометриеу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, ар щыӀэгъуэ ужьыгъуэрэ хъуурэ къекӀуэкӀыныгъэр къызэрыӀуатэ ″хъурей″р линие щӀыкӀэу къэгъэлъэгъуа ″щимэ″кӀэрэ зылъытэрэ зэпкъырызых геометрие системэщ. Хъурейрэ къуаншэр линиерэ зэхуапӀэкӀэрэ гурыӀуэгъуэ къытхуэзыщӀ мы геометрие системэм хъуреигъэрэ къуаншагъэ формэхэм теухуа и хьисэпхэм сытым дежи нэсыныгъэ зимыӀэу ″пи″уэ къыраӀуэ зы абсурд бжыгъэ къегъэщӀыр.

Аращи, щыӀэгъуэ ужьыгъуэу хъуурэ къекӀуэкӀымрэ нобэ утыку ит мы геометрием я зэхуакум мыпхуэдэ парадокс зэрыдэлъым папщӀэщи, мыбы гулъытэ хуэзыщӀа математик гуэрхэр нобэр къэсыхункӀэ щыӀэгъуэм езэгъ геометрие ухуэныгъэм иужь итахэщ, ноби апхуэдэ системэ ухуэным иужь итхэщ. Ауэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэм езэгъыу къуаншагъэрэ хъуреигъэ зиӀэу геометрие системэ гуэрхэр яухуами, абыхэм ноби математикэ операцэхэр икӀэ нэгъунэ тыращӀыхьыфкъым.

## Математикэ философиемрэ макъыбзэ лэжьэкӀэм теухуауэ.

Мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэм зэрезэгъкӀэрэ мыбдежым щыпыщапхъэщи, адыгэбзэм теухуауэ зи гугъу тщӀы геометрикэ мыхьэнэхэр щыӀэгъуэм езэгъ геометриеущ зэрылъытапхъэр. Нобэ утыку итрэ хьисэп зытещӀыхь геометриер щыӀэгъуэ геометрием емызэгъыщу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, адыгэбзэм гурыӀуэгъуэ къищӀ геометриер а геометрием елъытауэ трансанданталу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, нобэ утыку иту зи гугъу тщӀа геометриери къызтехъукӀар абы щхьэщыкӀыныгъэ зыхуиӀэ мыпхуэдэ зы геометриер щыӀэгъуэм езэгъыу цӀыхум хуэухуа бзэ лэжьэкӀэмрэ и псэлъэбзэм езы цӀыхум гулъытэ зэрыхуищӀыжым ипкъ иткӀэу зэрыщытын хуейри гурыӀуэгъуэнщи, ар цӀыхум гупщысэрэ зэгъэпщэныгъэкӀэ икӀэ нэгъунэ зэрызэпкъыримыхыфам папщӀэу жыӀэпхъэщ нобэ зи гугъу тщӀы Евклид геометрие системэри зэрыухуа щӀэхъуар.

Мыпхуэдэу зэрыщытым папщӀэрэ зэрезэгърауэ лъытапхъэщи, щыӀэгъуэр къэгъэунэхуныр зи Ӏуэху философие дициплинэхэр нэхъыбэу трансанданталыгъэ зыхэлърэ метафизикэ лӀэужьыгъуэу къекӀуэкӀащ. Мыпхуэдэ зы философри ″трансандантал философие″ зыухуа Кант-ращи,

абы зэрилъытэкlэрэ щыlэхэр объекту зэрытлъытэфым ″априорие″у лъабжьэ яхуэхъу ″зэман″рэ ″еспас (мекан, пространства)″ыр икlи аритметикэрэ геометрие объектхэр (бжыгъэцlэ, геометрикэ формэ) зэрытлъытэми ″априорие″у я лъабжьэщ. Мыпхуэдэу математиекэр ″трансандантал″ щlэныгъэу зылъытэ Кант и зэманыгъуэм иджыри Евдлид геометрие закъуэрат утыку итри, ″математикэ, геометрие″ щыжиlэкlэ къыригъэкlыр Евклид системэрауэ къыщlэкlынт; икlи, ар идеалрэ дэтхэнэ гуэрыр абы екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу илъытэу къыщlэкlынт.

Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зы ″объект″у зэрытлъытэрэ къызэрыдгурыlуэ щlыкlэр ″априорие″у щыlэгъуэ лъабжьэу щыт ″зэман″рэ ″еспас″ым зэрелъытакlэрэущ Кант зэрилъытэри, математикэри ″зэман/еспас″ зыхэлъ щlэныгъэ лъабжьэущ зэрилъытэр. Геометрие объектхэм (геометрикэ формэ) я ″априорие″р ″еспас″у, аритметикэ объектхэми (бжыгъэ) я ″априорие″ри ″зэман ужьыгъуэ лъэбакъуэ″рауэщ Кант зэрилъытэр. Мы еплъыкlэр адыгэбзэм ″геометрикэ формэхэр зэрылъытэ псалъэхэм″рэ ″бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм″ гурыlуэгъуэ къытхуащlым зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Ауэ адыгэбзэм ″бжыгъэцlэ″хэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм теухуауэ жытlахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр зэман нэхърэ щыlэгъуэм теухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ яхуэхъуа псалъэхэр япэрауэ щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр зэрылъытарэ къызэрыlуатэкlэрэщ утыку къызэрихьари, щыlэгъуэр зэман ужьыгъуэкlэрэ къызэрыхъуам ипкъ иткlи, ахэр икlи зэман ужьыгъуэ лъэбакъуэхэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlыр Кант бжыгъэцlэхэр зэрилъыта щlыкlэм езэгъыу жыlэпхъэщ, ауэ Кант и еплъыкlэм елъытауэ адыгэбзэм и макъ мыхьэнэ лэжьэкlэрэ и псалъэхэм ахэр нэхъ наlуэрэ lупщlу утыку къызэрыралъхьэри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэщ геометриери адыгэбзэм гурыlуэгъуэ къызэрищlри, икlи геометрикэ формэ лъабжьэрэ пщалъэу ялъытэхэм я зэхуакум дэлъ зэпыщlэныгъэри адыгэбзэм макъ мыхьэнэкlэрэ гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlри гулъытапхъэщ.

Геометрием и ″априорие″ лъабжьэр ″еспас″рауэщ Кант зэрилъытэри, адыгэбзэм ″еспас″ жыхуаlэр зэрылъытэр ″у″ макъ мыхьэнэрэ ″у, уэ″ макъ псалъэхэмкlэрэщ. Ауэ адрей бзэхэм зэралъытэрэ къызэраlуатэ щlыкlэу ″еспас″ыр зы псалъэу къэlуэтэным хуэмыныкъуэрэ икlи хуэмыкlуэ щlыкlэу, апхуэдэ псалъэхэр къэмыхъу ипэlуэкlэ псэлъэбзэр зэрыухуэну макъхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэмрэ зэрызэкlэлъхьэужьыкlэм елъытауэ зэманыгъуэм (э) иджыр (ар икlи ″еспас″ырщ) ″э″м къыкlэлъыкlуэ ″и″ макъкlэрэ илъытагъэххэщ. Икlи, ипэкlэ зэрыжытlауэ макъ псалъэхэу ″у, уэ″кlэрэ лъытэмрэ ″у″ макъ мыхьэнэми гурыlуэгъуэ ищlыр ″еспас″ жыхуаlэращи, ″у″ макъыр икlи зэманыгъуэрэ (э) абы иджыгъуэр (и) зыхэзыубыдэрщ. Еспасыр зэманым зэрыщыумыгъэщхьэщыкlыфынур

гурыӏуэгъуэщи, ″еспас″ыр зэрылъытапхъэ ″у″ макъ мыхьэнэми зэманрэ (э) иджыгъуэр (и) зэрызыхуибыдэкӏэрэ ″еспас″ жыхуаӏэр нэхъ гурыӏуэгъуафӏэ зэрищӏыр наӏуэщ. Зэманыгъуэмрэ (э) абы иджыгъуэм (и) къызэдащӏращ ″у″ри, адыгэбзэм ″еспас″ жыхуаӏэр икӏи зэманыгъуэр зыхэлъыж джыгъуэу зэрыщытрэ зы ужьыгъуэ лӏэужьыгъуэу зэрыщытыр макъ мыхьэнэ лэжьэкӏэкӏэ къызщекӏуэкӏ бзэрщ. Зэман системэр щыӏэгъуэ системэм лъабжьэ зэрыхуэхъурэ а системитӏми теухуа математикэ функцэр ужьыгъуэ лӏэужьыгъуэу ″у″ макъ мыхьэнэкӏэрэщ зэрылъытэри (у: {*f*(э); *f*(х)}), мыбыхэм теухуахэр ипэкӏэ къэгъэлъэгъуарэ къэӏуэтагъэххэщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, ″у″р зэрызэхэлъыр ″э, и″щ (зэман системэ), икӏи ″и″ защӏэущи (щыӏэгъуэ системэ), ″еспас″ыр системитӏми теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщи, адыгэбзэм икӏи макъ мыхьэнэуэ икӏи макъ псалъэу ″у″м гурыӏуэгъуэ къищӏыр мыпхуэдэщ. Мыбы къызэрыхэщщи, щыӏэгъуэ системэми и лъабжьэр зэманыгъуэу зэрыщыткӏэрэ ″у″кӏэ лъытэрэ ″еспас″ зыхужаӏэми лъабжьэ хуэхъур зэманыгъуэраўэ зэрыщытым ипкъ иткӏэ, ″еспас″ымрэ ″зэман″ыр зэрызыщхьэщыумыгъэкӏыфынур, икӏи ″еспас″ щыжыпӏэкӏэ абы ″зэман″ псалъэри пыщӏэжыни зэрыхуэмыныкъуэр гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, щыӏэгъуэ лӏэужьыгъуэрэ ужьыгъуэу щытыр зэрылъытэ ″еспас″ыр зэрызэхэлъ щӏыкӏэр ″зэман″ыгъуэрэ ″джыгъуэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″еспас″ыр адыгэбзэкӏэ зэрылъытапхъэрэ къызэрыӏуэтапхъэ ″у″ макъым зэманрэ иджыгъуэр гурыӏуэгъуэ къазыщӏ макъхэр зыхеубыдэр. ″Еспас″ жыхуаӏэр макъ мыхьэнэрэ макъ псалъэкӏэрэ ″у″м зэрилъытэ щӏыкӏэр мыпхуэдэщи, абы хиубыдэ макъитӏым ″еспас″ жыхуаӏэр къызэрыхъурэ зэрызэхэлъыж щӏыкӏэр наӏуэ къащӏагъэххэщи, ″еспас″ щыжыпӏэкӏэ абы ″зэман″ыр пыпщӏэжыни зыхуэмыныкъуэжущ адыгэбзэр макъ лъабжьэкӏэрэ зэрыухуагъэххэр.

Мы къэтӏуэтахэм зэрезэгъщи, функциал зэманыгъуэр ″э″кӏэрэ зылъытэ адыгэбзэ лэжьэкӏэм зэманкӏэрэ джыри ″и″ макъ мыхьэнэмкӏэ илъытэу, ″зэман/еспас″ жыхуаӏэр бзэ лъабжьэкӏэрэ гъэзащӏэу зэрыхэткӏэрэ ″а приорие″у зэрызекӏуэр гулъытапхъэщ. Щыӏэгъуэ зиӏэ дэтхэнэ гуэрыр зэрытлъытэфынум ″априорие″у лъабжьэ хуэхъу ″зэман″рэ иджыгъуэ лӏэужьыгъуэу ″еспас″ыр зэгуэгъэкӏыныгъэрэ зэщхьэщыгъэхуныгъэ зэримыӏэкӏэрэ зэпыщӏауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, утыку къызэрихьарэ зэрызэлъыта щӏыкӏэм зэрезэгъкӏэрэ ″э″мрэ ″и″м ″зэман, еспас″ къалэн ягъэзащӏэу адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр гулъытапхъэщ. Икӏи, ″зэман/еспас″ къалэн зэрагъэзащӏэкӏэрэ адыгэбзэ лэжьэкӏэм я мыхьэнэрэ къалэнкӏэрэщ ″э, и″ макъхэр зэрыхэтри, мыпхуэдэу бзэ лэжьэкӏэ лъабжьэу щытрэ псалъэхэуи зэрыщымытыр ахэр ″априорие″ зэрылъытапхъэм зэрезэгъри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, Кант дэтхэнэ гуэрыр зэрытлъытэфынурэ къызэрыдгурыӏуэфынум ″априорие″у лъабжьэ хуэхъур ″зэман/еспас″рауэ зэрыщытыр утыку къызэрырилъхьэр адыгэбзэм мы и

лэжьэкӏэм зэрезэгъыщэр гурыӏуэгъуэщ, ауэ зы бзэу зэрыщытым зэрезэгъщи, ар адыгэбзэм нэхъ нахуэрэ наӏуэ къызэрищӏри гулъытапхъэщ.

Кант нэужь математикэм телэжьыхьа философхэм Кант утыку къырилъхьа еплъыкӏэхэр икӏэ нэгъунэ зэрахъуэкӏыфауэ жыӏэпхъэкъым. Философ гуэрхэр Кант щӏыпэувым и щхьэусыгъуэр абы и "трансандантал философие"ращи, Кант идеалист философиеу щӏалъытари мыращ. Ауэ Кант и трансандантал философием пэувахэр щыӏэгъуэр нахуэ щӏын ӏуэхугъуэкӏэ Кант зыдынэсам нэсыфахэуи жыӏэпхъэкъым, икӏи щыӏэгъуэм емызэгъыщэу утыку ит математикэм теухуауэ утыку къыралъхьа гупщысэхэми Кант и еплъыкӏэр тщагъэгъупщэфакъым. Абыхэм Кант геометрием зэреплъым щхьэщыкӏыну зэпэщрэ зэгущыгъэ зиӏэ гупщысэхэр утыку къыралъхьэфауэ жыӏэпхъэкъым, икӏи бжыгъэцӏэхэм лъабжьэ яхуэхъуам теухуауэ жаӏахэри бжэн ӏуэхур утыку къызэрихьауэ ялъытэ "ӏэпэбжэкӏэ"м фӏэкӏакъым.

Кант и трансандандал философием пэува философ нэхъыбэри "аналитикэ" еплъыкӏэ зиӏэхэращи, зэрыгурыӏуэгъуэу ахэр икӏи нэхъыбэу бзэ философхэращ. Абыхэм щыщ гуэрхэм математикэр Кант зэрилъытам хуэдэу "синтетикэ"укъыми, "аналитикэ"ущ зэралъытар. Абыхэм мы зэралъыта щӏыкӏэм зэрезэгъкӏэрэ математикэр зы "логие" лӏэужьыгъуэщи, ди щӏэныгъэр хэзымыгъахъуэрэ щӏэныгъэу щӏэ гуэри къытхэзымылъхьэрщ. Ауэ зэрыгурыӏуэгъуэщи, ахэр ӏуэхум зэрыбгъэдэхьэмрэ Кант зэрыбгъэдэхьэр зэхуэдэкъым: Кант и бгъэдэхьэкӏэр дэ къызэрытщыхъу щӏыкӏэ зыхэлъу утыку ит щӏэныгъэмрэ щыӏэгъуэм езэгъ щӏэныгъэр (трансандантал/идеал) зэрызэщхьэщыкӏрауэ лъытапхъэщ. Ауэ абы пэувхэм щыӏэгъуэм езэгъыу лъытапхъэ трансандантал еплъыкӏэр зэрамыдэм папщӏэу къыщӏэкӏынщи, утыку къыралъхьэ щӏэныгъэми зэпэщыгъэрэ зэгущыгъуэ игъуэтауэ жыӏэпхъэкъым. Аращи, мы зи гугъу тщӏы "аналитикэ" еплъыкӏэм куэд имыкӏуэу математикэу парадоксхэр къызэрыхэхъукӏыжари гурыӏуэгъуэщ.

Мыбыи къыщымынэу, иужьрей математикхэм зы акциоматикэ системэм парадокс къыхъукӏыныгъэр фӏыкӏыпӏэ зимыӏэ ӏуэхугъуэу зэрыщытыр къагъэунэхуащи, математикэри хэтыжу дэтхэнэ зы щӏэныгъэ дициплинэм парадокс къыхэмыхъукӏыпхъэу икӏэ нэгъунэ зэгущыгъуэ зэримыӏэфынур цӏыхум наӏуэ къыхуэхъуауэ жыӏэпхъэщ. Системэм парадокс къызэрыхэхъукӏыр системэм къэхъунур зэрыхимыубыдэрауэ жыӏэпхъэщи, парадоксым гурыӏуэгъуэ къытхуищӏри зэхъуэкӏыныгъэр фӏэкӏыпӏэ зэримыӏэрауэ жыӏэпхъэщ. Аращи, щыӏэгъуэр зэрызекӏуэр увыӏэгъуэ зэримыӏэкӏэрэ зэрыджрэ зэрызэхъуэкӏкӏэрэщи, пэжрэ зэмыхъуэкӏыну лъыта зы акциоматикэ системэми фӏыкӏыпӏэ имыӏэу зэхъуэкӏыныгъэ къызэрыхэхьэнури гурыӏуэгъуэнщ. Ар щыхъукӏи, трансанданталрэ метафизикэ бгъэдыхьэкӏэми фӏыкӏыпӏэ зимыӏэу зыкъигъэлъэгъуэну къыщӏэкӏынщ.

Мыбдежым ди Ӏуэхур математикэрэ философиерауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ, икӀи трансандантал философиемрэ метафизикэми дырителъхьэу аракъым. Ауэ, щыӀэгъуэм и ужьыныгъэу утыку къихьа зы щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэу щыт псэущхьэри щыӀэгъуэрэ гъащӀэм зэрезэгъкӀэрэ зэрыужьым ипкъ иткӀэ, мы щыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэрэ къызхигъэӀукӀа макъхэр мы утыку къызэрихьа щӀыкӀэр зэрыхэлъыжкӀэрэ лъабжьэ хуэхъуу ухуа псэлъэбзэращ макъыбзэри, къызэрыхъуа щӀыкӀэр зыхэлъыж макъ мыхьэнэхэр акциомэ пэлъытэу лъабжьэ зэрыхуэхъуакӀэрэ ухуа зы акциоматикэ логие пэлъытэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ макъыбзэр. ИкӀи, псэлъэбзэм и къежьапӀэу щытрэ абы лъабжьэрэ купщӀэ хуэхъуа макъыбзэр цӀыху Ӏэужьрэ щӀеину зэрымыухуарэ цӀыху гупщысэм къызэримыгъэщӀарэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэм зэрезэгъкӀэрэ зэрыухуари зэрыгурыӀуэгъуэщ. ЩыӀэгъуэ ужьыгъэрэ зэхъуэкӀыныгъэр зыхэлъыжу космикэу ухуа зы логие системэщ макъыбзэри, макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэр лъабжьэ зэрыхуэхъуакӀэрэ зэрылажьэр зы акциоматикэ системэу лъытапхъэ щхьэ, абы и акциомэхэу лъытапхъэ макъхэм икӀи щыӀэгъуэ ужьыгъуэм езэгъ зэхъуэкӀыныгъэри зэрызыхиубыдэри гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӀи, мыпхуэдэ зы системэу ухуа макъыбзэр нобэрей щӀэныгъэрэ бгъэдыхьэкӀэм елъытауэ метафизикэри зыхэзыубыдэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщӀа макъхэмкӀэрэ щыӀэгъуэрэ и ужьыгъуэм езэгъыжу ухуэ логие лӀэужьыгъуэрэ системэрщ макъыбзэри, мы зэрыухуа щӀыкӀэм зэрезэгъкӀэрэи ар щыӀэгъуэм и логиери зыхэлърэ къызхэщ системэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Макъхэр бзэм ипэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэрэ космикэу къызэрыхъуакӀэрэ лъабжьэ хуэхъуу ухуа зы системэщ макъыбзэри, абы и лэжьэкӀэу ухуэ псалъэр зытеухуам и щыӀэгъуэрэ и щыӀэкӀэм езэгъ мыхьэнэрэ къалэн зиӀэ макъкӀэрэщ зэрыухуар. МакъыбзэкӀэ къэӀуатэр къызэрыӀуатэ псалъэхэр зэрыухуар а къэӀуатэм и щыӀэгъуэр зэрылъытэ макъкӀэрэ ухуащи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу и щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэкӀэщ макъыбзэ лэжьэкӀэм зэрилъытэр. НытӀэ, щыӀэгъуэ ужьыныгъэрэ космикэу къызэрыхъуа щӀыкӀэхэр зыхэлъыжу щыт макъхэр лъабжьэ зэрыхуэхъукӀэрэ ухуа макъыбзэм и щыӀэгъуэр щыӀэгъуэ логиерэ щыӀэгъуэм и бзэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

"Макъыбзэ" жыхуэтӀэр псэлъэбзэр къызэрежьарэ псэлъэбзэм лъабжьэрэ купщӀэ хуэхъуаращи, адыгэбзэр а лъабжьэм къытехъукӀарэ ар зыхэмыкӀуэдыкӀауэ зы бзэщ. Ауэ адыгэбзэм и лэжьэкӀэ псомрэ, и псалъэу хъуар макъыбзэ лэжьэкӀэкӀэ зэрымыухуари гурыӀуэгъуэщи, игъуэ щыхъум деж, макъыбзэ жыхуэтӀэр зэрыухуамрэ абы къыкӀэлъыкӀуэрэ къытехъукӀыж лэжьэкӀэхэми, икӀи макъ мыхьэнэншэ лэжьэкӀэ зиӀэу ухуа псалъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэм геометрием дызэрыхуишэр гурыӀуэгъуэщи, "функциал зэманыгъуэ"мрэ (э), зэманкӀэрэ джырэ утыку къихьэр зэрылъытэ "еспас"ыр зы макъымкӀэ (и) гурыӀуэгъуэ зэрищӀрэ

зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм хэпщауэ ("а приорие"у) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ИкӀи адыгэбзэ бжыгъэцӀэхэр къызтехъукӀа псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къытхуащӀым щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, зи гугъу тщӀы гупщысакӀуэрэ щӀэныгъэлӀхэм абыхэм теухуауэ утыку къыралъхьахэм зэрызэгъэпщапхъэращ мы зи гугъу тщӀахэр къэӀуэтэн хуей щӀэхъуар. Аращи, аналитикэ философхэм математикэр зэралъытэ щӀыкӀэр нэхъыбэу зы логие лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэрэ бзэ лэжьэкӀэм екӀуэлӀэныгъэ зэрызыхуиӀэнур гурыӀуэгъуэнщи, апхуэдэ бгъэдхэхьэкӀэр адыгэбзэми нэхъ езэгъыу щытын хуей къыпщыхъу щхьэ, - ахэр зытет бзэщӀэныгъэм ипкъ зэриткӀэщи- Ӏуэхур зытетыр мыпхуэдэкъым. ИпэкӀэ къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, адыгэбзэм зи гугъу тщӀы и лэжьэкӀэр аналитикэ философхэм елъытауэ Кант жиӀахэм нэхъ езэгъыу зэрыщытыр гъэщӀэгъуэнщ. Аращи, аналитикэ философхэм математикэм теухуауэ утыку къыралъхьэхэм елъытауэ аритметикэрэ геометрием теухуауэ Кант жиӀэхэм нэхъ пэгъунэгъущ адыгэбзэм бжыгъэцӀэрэ геометриер зэрилъыта щӀыкӀэхэр.

ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, псэлъэбзэр аналитикэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, адыгэбзэри аналитикэщ. Ауэ бзэщӀэныгъэу утыку итым зэрезэгъщи, аналитикэ философхэм зэралъытэкӀэрэ "аналитикэ"р логие лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, щӀэныгъэр хэзымыгъахъуэу щалъытэм деж, псэлъэбзэр мыпхуэдэу зэралъытэр щыӀэгъуэр зэрыухуэрэ зэрызэхэлъыр икӀи зэрыужь щӀыкӀэр гурыӀуэгъуэ къытхуэзыщӀрэ ди щӀэныгъэри хэзыгъахъуэу лъытапхъэ "макъыбзэ" лэжьэкӀэм езэгъыщэу зэрымылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

МакъкӀэрэ ухуа логие лӀэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъщи, бзэр аналитикэ лӀэужьыгъуэщ. Ауэ бзэщӀэныгъэмрэ ар къызтехъукӀа бзэхэм зэрытеухуакӀэрэщ аналитикэ философхэм бзэр зэралъытэ щӀыкӀэри, макъхэр утыку къызэрихьа мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ зэрылажьэ щӀыкӀэкӀэ ухуа "макъыбзэ"м и лэжьэкӀэр абыхэм бзэр зэралъыта щӀыкӀэм зэремызэгъыщэр гурыӀуэгъуэщ. Абыхэм псэлъэбзэр зэралъытэ щӀыкӀэр псэлъэбзэм игъуэта макъыбзэ нэужь лэжьэкӀэращи, я бгъэдэхьэкӀэм макъыбзэр зэрыхимыубыдэнур гурыӀуэгъуэщ. Аналитикэ философхэм псэлъэбзэрэ ар зэрызекӀуэ псалъэхэр цӀыху Ӏэужьрэ гупщысэкӀэрэ ухуауэщ зэралъытэри, цӀыхурэ и псэукӀэм елъытауэ ухуарэ субъективыгъэ зэриӀэкӀэрэщ зэралъытэр. Мы еплъыкӀэр зи гугъу тщӀа "макъыбзэ" ухуэныгъэмрэ лэжьэкӀэм, икӀи абы и лэжьэкӀэу утыку къихьэ псалъэхэм – зи мыхъуми, псалъэ нэхъыбапӀэм- теухуауэ пэжу зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Япэрей лэжьыгъэхэм хуэдэжу, мы къытпэщыт лэжьыгъэми къызэрыхэщщи, цӀыху Ӏэужьрэ гупщысэм имыухуарэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэм къызэрихькӀэрэ псэущхьэм къыхэӀукӀа макъхэмкӀэ ухуа макъыбзэ лэжьэкӀэм къигъэщӀа псалъэхэм объективыгъэи зэрыраӀэнур гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӀи, бзэр зэрыухуа лъабжьэу псэущхьэм космикэу къыхэӀукӀа макъхэмкӀэ ухуа макъыбзэ лэжьэкӀэмрэ и псалъэхэм

объективыгъэ зэриӀэкӀэрэ щӀэныгъэи утыку къыралъхьэу, икӀи ди щӀэныгъэри хагъахъуэу зэрыщытыр жыӀэпхъэщ.

Макъыбзэм теухуащ мы къэтӀуатэхэри, "макъыбзэ" лэжьэкӀэ зымылъытэрэ макъхэри мыхьэнэншэу зылъытэ нобэрей бзэщӀэныгъэрэ философием мы къэтӀуатэхэр зэремызэгъынур гурыӀуэгъуэнщ. Мы зи гугъу тщӀа еплъыкӀэхэм бзэ лэжьэкӀэм теухуауэ пэжыгъэ куэд утыку къыралъхьэми, бзэр макъкӀэрэ зэрыухуа лъабжьэм зэрыщӀэмыплъэхэмрэ "макъыбзэ" лэжьэкӀэм щыгъуазэ зэрыхуэмыхьуэхэм папщӀэщи, макъыбзэ лэжьэкӀэ зиӀэ адыгэбзэм абыхэм я щӀэныгъэм химыубыдэ куэди зэрыхэтынур гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэм теухуауэ япэрей лэжьыгъэхэм хуэдэу мыбдежым зи гугъу тщӀы Ӏуэхугъуэхэми къызэрыхэщщи, макъхэр къызэрыхъу щӀыкӀэкӀэ зыхэлэжьыхь макъыбзэм утыку къырилъхьэхэр иужькӀэ къэхъуарэ макъыбзэ лэжьэкӀэ зимыӀэ бзэхэм елъытауэ куэдыӀуэкӀэ нэхъ куущ. Макъыбзэ лэжьэкӀэм щыӀэгъуэм теухуауэ гурыӀуэгъуэ къытхуищӀрэ ди щӀэныгъэри зэрыхигъахъуэр гурыӀуэгъуэщи, щыӀэгъуэмрэ дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэу утыку къихьэр зэрыухуэ логиер зыхэлърэ и зы моделыфӀыуи лъытапхъэщ макъыбзэ лэжьэкӀэр. Мыращ адыгэбзэ макъ Ӏуэрхэм геометрикэ мыхьэнэрэ къалэнхэр зэрыраӀэм лъабжьэ хуэхъур, икӀи щыӀэгъуэ геометрием теухуа макъыгъуэ геометрием къызэрыхъуам ипкъ иткӀэ, дэтхэнэ зы макъ щэхури зы геометрикэм зэрекӀуалӀэу макъ Ӏуэрхэм зэрытеухуэм лъабжьэ хуэхъур.

## Адыгэбзэ псалъэ гуэрхэр математикэм хуэдэ модел пэлъытэу ухуауэ зэрылъытапхъэхэм теухуауэ.

Мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, математикэри псэлъэбзэри логие лӀэужьыгъуэщ. Математикэр щыӀэгъуэм и щыӀэкӀэрэ зэрылъытэ логие лӀэужьыгъуэу зэрыщытым хуэдэу, псэлъэбзэри щыӀэгъуэ ужьыныгъэм къигъэщӀа зы логие лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэрэ щыӀэгъуэр зэрыщыӀэ логиекӀэрэ къызэрыӀуатэу ухуа зы системэрщ. Псэлъэбзэр мы къызэрыхъуарэ зэрыухуа щӀыкӀэм езэгъыу зэрылажьэри макъыбзэ лэжьэкӀэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Псэлъэбзэр щыӀэхэр зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэ логиеу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, псалъэкӀэрэ утыку къырилъхьэхэм я щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэми гулъытэ ухуэзыщӀыж системэрщ. Мыбыи зэрыпыщӀарэ къыщымынэжу, бзэр икӀи къэзыпсэлъым и гупщысэри хэзыгъахъуэрщ. Ар зы логие системэу щхьэж лэжьэкӀэи зиӀэжырщи, цӀыхур щхьэж бзэм и логиекӀэрэ мэгупщысэфыр. Дэтхэнэ зы бзэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ, ауэ псэлъэбзэ къежьапӀэу зэрыщытрэ псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ къызхэхъукӀа щыӀэгъуэм пыщӀарэ елъытауэ зэрызекӀуэкӀэрэ ухуа макъыбзэр щыӀэгъуэр и щыӀэгъуэкӀэрэ утыку къилъхьэнум теухуауэ адрей псэлъэбзэ лӀэужьыгъуэхэм

къызэрызэщхьэщыкlыр гулъытапхъэщ. Макъхэр мы къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрылажьэу ухуа псэлъэбзэщ макъыбзэри, щыlэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщlа макъхэр лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэ ухуа макъыбзэм къиlуатэхэр я щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ къэзыlуатэ зы системэу зэрыухуар гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ псэущхьэм къыхэхъукlа макъхэр лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэ ухуа логие лlэужьыгъуэщ макъыбзэри, ар щыlэгъуэм и логие лlэужьыгъуэу ухуа бзэщ. Мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъщи, макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэ адыгэбзэм дэтхэнэ зы гуэрыр и щыlэгъуэрэ и щыlэкlэкlэщ утыку къызэрырилъхьэр. Ар щыхъукlи, дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэрэ и щыlэкlэкlэ утыку къызэрырилъхьэм зэрезэгърэ къызэрыпыщэжкlэрэ макъыбзэм гупщысэныр щыlэгъуэм нэхъ езэгърэ теухуэу зэрыриухуэнурэ зэрыригъэкlуэнури гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэм дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэкlэщ утыку къызэрырилъхьэри, щыlэгъуэр къызэрыхъуарэ зэрызекlуэри зыхэлъыжу зы бзэщ. Абы и лэжьэкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, мыбы фlыщэу гулъытэ зэрыхуэпщlыр гурыlуэгъуэнщ, ауэ мыбы къыщымынэу, щыlэгъуэр къызэрыхъуарэ зэрызекlуэ щlыкlэм теухуауэ ухуа псалъэ гуэрхэри адыгэ lуэрыlуатэхэм къызэрыхэщри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ псалъэхэу щытми, иужьрей lуэрыlуатэ ухуэныгъэм цlыху лlыхъужьу зэрыхэхьэжар гулъытапхъэщ "Уэзырмэс, Уэзырмэдж, Сосрыкъуэ" цlэхэри, абыхэм я мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ахэр фlэкlыпlэ имыlэу щыlэгъуэ къэхъуныгъэрэ къекlуэкlыныгъэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ архив мащlэ хэткъым зы макъыбзэу щыт адыгэбзэми, цlыху нэрыбгэхэм фlащу щыта цlэхэри зэрыухуа щlыкlэри макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэу щытащ. Аращи, къэхъуа зы быныр цlыхубзрэ цlыхухъуу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ макъыбзрэ макъыхъукlэрэ ухуа цlэ (анэцlэ) фlащу щытащ.

Щхьэжу зы системэу зэрыщыткlэрэ и логием къызэринэкlэрэ цlыхур езыр езыурэ зэрыгупщысэф системэщ псэлъэбзэри, нэрыбгэм иджыри имылъэгъуарэ зэхимыхар къигупщысу зы псалъэкlэрэ утыку къырилъхьэфынщ. Дэтхэнэ зы псэлъэбзэр мыпхуэдэщ, ауэ зэрыжытlауэ макъыбзэр бзэр зэрыухуа лъабжьэу, дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэкlэ зылъытэф бзэ лlэужьыгъуэу, нэгъуэщl бзэ лlэужьыгъуэхэм елъытауэ гупщысэныр зэрызекlуэ щlыкlэр щыlэгъуэм езэгърэ куу зыщlыфыу щыт зы бзэ лэжьэкlэщ.

Макъ мыхьэнэрэ къалэнхэр лъабжьэ зэрыхуэхъуакlэрэ ухуа макъыбзэм дэтхэнэ зы щыlэ гуэрыр а зэрыщыlэ щlыкlэкlэ зэрилъытэфым нэмыщl, щхьэжу макъ мыхьэнэ лэжьэкlэкlэ иухуэф псалъэхэмкlэрэ бзэр зезыхьэм иджыри имылъэгъуа гуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэрэ илъытэу къегъэунэхуфыр. Ипэкlэ математикэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, абы хуэдэу аксиоматикэ зы системэу зэрылъытапхъэр жытlагъэххэщ макъыбзэри, дэтхэнэ зы щlэныгъэм лъабжьэ хуэхъуу ялъытэ математикэр

щхьэжу зэрылажьэрэ дэтхэнэ гуэрым и моделыр математикэу зэрыухуапхъэм хуэдэу, макъыбзэри щхьэжу лажьэрэ къэlуэтапхъэхэм модел яхуэхъуну псалъэхэр зыухуэ системэрщ.

Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъ мыхьэнэрэ къалэнхэр зи акциомэ пэлъытэу щыт макъыбзэ лэжьэкlэр математикэм хуэдэу щхьэж акциоматикэ лэжьэкlэ иlэу лъытапхъэщи, бзэр зезыхьэ нэрыбгэм илъагъу гуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ къызэриlатэм къыщымынэу, къигупщысрэ къигушыпсхэр я щыlэгъуэкlэрэ макъыбзэ псалъэхэу игъэпсыфынщ. Адыгэбзэр мыпхуэдэу зэрызекlуэу зэрыщытрэ икlи зэрыщытари къызхэщ щапхъэхэр Нарт lуэрыlуатэхэм хыболъагъуэри, илъабжьэкlэ мыпхуэдэ щlыкlэкlэ псалъэхэр къызэрыхъуам я гугъу щытщlынщ.

Мыпхуэдэ lуэрыlуатэм щыщ щапхъитlым и гугъу щытщlынщ мыбдежми, абы зыр "lэдэ"р къызэрагъуэтам и lуэрыlуатэращ. Лъэпщ мафlэм lэкlэ пэрыlэбэрэ гъущl плъар къыхихыу, ар lэкlэ зыгъэузэхуж гъуэкlэт. "lэдэ" зэрыхуэныкъуэр къыгурыlуа щхьэ, ар зэрищlынури ищlэтэкъым. Мыбы гу зезылъыта Сэтэней зэ гуэр псыхьэ зыдэкlуэм блитl зэблэдзауэ зэтелъу щилъагъум Лъэпщ зыхуэныкъуэм гулъытэ хуейщlыр. Блитlым я зэблэдзыпlэм Сэтэней баш щыхиlукlэ, блитlым зызрадзри, я щхьитlыр щызэхуэкlуэм я кlитlыр зэрызэхуэкlуэжыр ялъагъу. Мы илъэгъуарэ гу зылъитар Лъэпщ зыхуэныкъуэ "lэдэ"р зэрищlыну щlыкlэм щапхъэ къыхуохъур.

Мы lуэрыlуатэ кlапlэр къызэрыlуатэ щlыкlэм зэрыхэплъагъуэщи, Лъэпщ зыхуэныкъуэ "lэдэ"р зы lэмэпсымэу утыку къимыхьэ ипэ, ар зытеухуарэ зэрыщытын хуейр макъыбзэ лэжьэкlэкlэ зы псалъэу къоlуатэр. Мыбы гурыlуэгъуэ зэрищlщи, нартхэм ящlыну ягугъэр япэу псалъэкlэ къаlуатэу, ящlыну lэмэпсымэм и моделыр макъыбзэ лэжьэкlэкlэ утыку къыралъхьэри, ар зэращlыну щlыкlэр къагъуэтын иужь йохьэхэр. Аращи, ящlын хуейм япэу цlэ фlащыр. Ящlын ягугъэ lэмэпсымэм игъуэтын хуей щlыкlэр къызэрыlуатэ псалъэр макъыбзэ лэжьэкlэкlэ яухуэрэ моделыр утыку къыралъхьэр. Мыпхуэдэ нэгъуэщl зы щапхъэу илъабжьэкlэ къэlуэтари "гъубжэ"р къызэрагъуэтам и lуэрыlуатэращи, зыхуэныкъуэ lэмэпсымэр ямыщl ипэкlэ и цlэр зыфlащагъэххэ "гъубжэ"р зэращlыну щlыкlэр къызэралъыхъуэм теухуа lуэрыlуатэщ.

Гъэр бэвыгъэти, нартхэм мэшыр зэрызэщlакъуэжынурэ къызэрырахьэлlэжыну lэмэпсымэу зыхуэныкъуэ "гъубжэ"р зэращlыну щlыкlэ ялъыхъуэрт. Мыр Лъэпщ щыгурагъаlуэм, абы Уэрсэрыжь еупщlын зэрыхуейр къажырelэр. Уэрсэрыжьыр къашэу, нартхэр зыхуэныкъуэр гурагъаlуэ щхьэ, зигъэгусэу мэкlуэсэж. Щхьэхуэпсалъэу зэрыщытыр ящlэти, - "уэрсэрыжь" зэрыфlащам зэрезэгъкlэрэ lуэхур зытетыр занщlэу къыгурыlуэнрэ къиlуэтэнтэкъэ-, зыфlамыгъэщlыу къипсэлъхэм щlодэlуклхэр. Нартхэр "гъубжэ" зэрыхуэныкъуэр Уэрсэрыжьым и щхьэм хуэпсэлъэжрэ зыхужиlэжу, мыр зэрыпщlыну щlыкlэри зыхуеlуэтэжыр:

«адэкъэкlэу къэбгъэшрэ, пхъэшыкъу тlэкlу фlэбъукlэу, къазшырыдзэ хуэдэу дъубкlыкlмэ, - ″гъубжэ″ жыхуаlэр аракъэ!».

## НОБЭРЕЙ БЗЭЩIЭНЫГЪЭМ ПСАЛЪЭХЭР ЗЭРИЛЪЫТЭМРЭ МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКIЭУ УХУЭ АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР

### Макъыбзэ лэжьэк1эу ухуа адыгэбзэ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlхэр.

Зы ″макъ псалъэ″у щыт ″бзэ″р ″бзы″ псалъэм и кlуэтэгъуэу (э) зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар дэтхэнэ гуэрым и лъабжьэрылажьэр зэрылъытэ псалъэрщ. ″Бзэ″р щыlэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыlэм лъабжьэрылажьэу хэлъращи, абы и щыlэгъуэр къызэрекlуэкlыр гурыlуэгъуэ къэзыщlырщ. Щыlэгъуэр лъабжьэрылажьэ щlыкlэкlэ зэрылъытэрэ къэзыlуатэрщ ″бзэ″ри, лъабжьэр зэрылъытэращ ″бзы″ри. ″Бзы″ макъ псалъэм и мыхьэнэр ″зэрзэлъытэужьыгъуэ (б) зыхэлърэ езыр″у къэlуэтапхъэщи, ар къызэрекlуэкlрэ зэрызекlуэри ″бзэ″ псалъэм и мыхьэнэращ. Мыпхуэдэу лъытапхъэ ″бзэ″р щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрызыхэлъ щlыкlэкlэ зэрызэлъытэныгъэкlэрэ ужьыгъуэ иlэу зэрыщыlэ щlыкlэр зэрылъытэ псалъэращи, ар ″логие″ жыхуаlэ мыхьэнэ зиlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрызэхэлъ щlыкlэкlэ мыпхуэдэ зы логие зыхэлърэ зиlэрщи, дэтхэнэ гуэрыр и логиекlэрэ адыгэбзэм зэрилъытапхъэри а гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэм ″бзэ″ псалъэр къыпыхьэу къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Макъхэмкlэ ухуауэ цlыхум и гугъэрэ жиlэнур къызэриlуатэкlэрэ зэрызэгурыlуэри зы ″бзэ″ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар зэрыухуа ″псалъэ″м ″бзэ″р къыпыхьэу ухуащ ″псэлъэбзэ″ жыхуаlэр. ″Псэлъэбзэ″р цlыхум дежкlэ, и логиемрэ дэтхэнэ гуэрым и логиер къызэриlуэтэфу ухуа зы ″бзэ″ лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъщи, ар щхьэжу зы ″бзэ″уэ лъытащ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъкlэрэ ухуарэ зытеухуар къэзыlуатэ логиеу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ ″псэлъэбзэ″р щхьэжу ″бзэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, цlыхум псэлъэбзэу зэрихьэ нэхъыбэм ″псэлъэбзэ″р щхьэжу ″бзэ″уэщ зэрызекlуэр. ″Логие″ жыхуэтlэу зы термин хъуауэ къекlуэкlри пэсэрей алыджыбзэкlэ ″бзэ, псалъэ″ зи мыхьэнэращ.

″Бзэ″ псалъэр нобэ зы термину щызекlуэ ″логие″ жыхуаlэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, икlи ″псэлъэбзэ″ри зэрылъытэ псалъэрщ ″бзэ″ри, ар зэрызекlуэ щlыкlэри ″псалъэ″кlэрэщ. ″Псалъэ″р псэлъэбзэр зэрыухуа lыхьэхэращ – элементхэращи, псэлъэбзэр къызэрекlуэкlыр псалъэхэмкlэрэщ. Псалъэкlэрэ къекlуэкl псэлъэбзэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм псэлъэбзэкlэ мыхьэнэ зиlэу утыку къихьэр ″псалъэ″щи, псэлъэбзэр зэрыухуа псалъэ утыку къилъхьэн lуэхугъуэу псэлъэбзэр къызэрекlуэкlыр зэрылъытэри ″псэлъэн″ращ.

″Псалъэ″ утыку къырилъхьэу къекIуэкIыр зэрыигъуэу ″псэлъэн″ глаголкIэрэщ къызэрыIуатэри, мыри псэлъэбзэр зезыхьэ псэущхьэ логиер къызэрекIуэкI щIыкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Псалъэ″ утыку къилъхьэнкIэрэ къекIуэкIрэ ″псэлъэн″ Iуэхугъуэр зытеухуар ар къэзыпсэлъым и логиерауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Псалъэ″ утыку къырилъхьэу къекIуэкI ″псэлъэн″ыр цIыхум и логиеращ къэзгъэщIри, псэлъэбзэ жыхуэтIэр мыращ. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″псалъэ″р къызпкъырыкIрэ ″псэлъэн″кIэрэ къекIуэкIыр къызпкъырыкIыр ар зыгъэзащIэ псэущхьэращ. ″Псалъэ, псэлъэн″ псалъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, ахэр псэущхьэм игурэ и псэм къызэрыпкъырыкIрэ къызэригъэщIыр къыхэщу ухуа псалъэхэщ: «″псэ, лъэ″ → ″псалъэ, псэлъэн″».

Утыку къизылъхьэ псэущхьэм и псэм къыхэхъукIыу утыку къихьэр ″псалъэ″щи, ар къызэрекIуэкIри ″псэлъэн″ Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Къэзыпсэлъым и ″псэ″м къыхэхъукIыу зы ″лъэ″ зэригъуэтращ ″псалъэ″рэ ″псэлъэн″ псалъэхэр зэрыухуари, зи псэм къызхэхъукI псэущхьэм и логием зэрытеухуарэ ар зезыхьэу лъэ зыгъуэтауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Къэзыпсэлъым и логием теухуауэ ухуарэ ар зыхэлъу зы лъэ зыгъуэтаращ ″псалъэ″ жыхуэтIэри, ари макъкIэрэ зэрыухуар гурыIуэгъуэщ. ″Псалъэ″хэр зэрыухуэ макъхэр псэущхьэм и псэм къызэригъэщIари гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу къэхъуагъэххэ макъхэм псэлъэбзэ логием зэрезэгъкIэрэ зы организацэ зэрагъуэтращ ″псалъэ″ жыхуэтIэр. Аращи, ″псалъэ″р къызпкъырыкI псэм и логиер зезыхьэ зы организацэу утыку къихьэращ. Пытщэмэ, ″псалъэ″р псэм къыхэхъукIыу зы лъэрэ организацэ зыгъуэтращи, ар утыку къызэрихьэу лъэ игъуэтрэ организэ зэрыхъу щIыкIэри ″псэлъэн″кIэрэщ; ″псалъэ, псэлъэн″ыр псэущхьэм и кIуэцIым, игурэ и псэм теухуа логиер организэ зэрыхъу щIыкIэу утыку къихьэращ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, зы ″логие″рэ ″бзэ″ лIэужьыгъуэу щыт ″псэлъэбзэ″р псэущхьэ логием теухуауэщи, ар зэрызекIуэри зезгъакIуэ псэущхьэм и щыIэгъуэ логиеу и псэм къыхэхъукIрэ организацэ зэригъуэт щIыкIэу ″псэлъэн″кIэрэщ. Псэущхьэм и ужьыгъуэм къыхуихьа лъэкIыныгъэу абы къызхигъэIукI макъхэмкIэрэ ухуа дэтхэнэ зы ″псалъэ″р къызэрыхъу щIыкIэущ ″псэлъэбзэ″ жыхуэтIэ ″логие″рэ ″бзэ″ лIэужьыгъуэр зэрыухуэрэ къызэрекIуэкIыр. Псэлъэбзэр зэрызекIуэ ″псэлъэн″кIэрэ утыку къихьэр ″псалъэ″щи, мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэрэ ″псэлъэн″рэ ″псалъэ″ри зэрыигъуэу ″псэ″м къыхэхъукIыу организе (лъэ) зыгъуэтыныгъэущ зэрылъытар.

НытIэ, мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэращIщи, псэлъэбзэм и элементхэу зи гугъу тщIы ″псалъэ″хэр псэущхьэм и псэм къызэрыхэхъукIкIэрэ зэрыухуэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэ псэлъэбзэр – зы ″логие″ (бзэ) лIэужьыгъуэу- къэзыпсэлъым и логием теухуарэ пыщIауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мыпхуэдэ зы

щыӀэгъуэм и зы элементыр ар къэзыгъэхъум и щыӀэгъуэм (и псэм) теухуарэ зэрыпыщӀар гурыӀуэгъуэнщ. Псэлъэбзэм и зы элементу щыт ″псалъэ″мрэ абыкӀэ лъытэу ар зытеухуам и зэхуакум дэлъ зэпыщӀэныгъэр ″псалъэ″р къэзыпсэлъым и щыӀэгъуэм зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщ. Псэущхьэм и ужьыгъуэм къыхуихьу къызхигъэӀукӀ макъкӀэрэ ухуащ ″псалъэ″ри, ″псалъэ″м утыку къырилъхьэр къэзыпсэлъ псэущхьэм и псэм къыхэхъукӀыу утыку къызэрихьа щӀыкӀэр мыращ. Аращи, езым и Ӏэ имылъу, и щыӀэгъуэужьыгъуэм къыхуихьу къыхэгъэӀукӀа макъхэр езым и псэм къыхэхъукӀрэ икӀи и щыӀэгъуэ логиеми теухуауэ утыку къихьэхэрщи, мы макъхэмкӀэ къекӀуэкӀ зы логиерэ бзэуэ щыт псэлъэбзэм и элементхэу ухуэ ″псалъэ″хэри ахэр къэзыпсэлъым и псэм теухуа логиекӀэрэщ зэрыухуэр.

″Псалъэ, псэлъэн, псэлъэбзэ″ псалъэхэр къэзыпсэлъ псэущхьэм и щыӀэгъуэм пыщӀауэ утыку къихьа макъхэмкӀэрэ зэрыухуар гурыӀуэгъуэ къэзыщӀ псалъэхэрщ. ИкӀи, псэущхьэм и щыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэрэ къыхэӀукӀ макъхэмкӀэрэ ухуэрэ къекӀуэкӀ зы псэлъэбзэм къигъэхъу псалъэхэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэр ахэр къэзыӀуатэ псэущхьэ лъэныкъуэмкӀэрэщ. ″Псалъэ, псэлъэн, псэлъэбзэ″ псалъэхэр япэрауэ псэлъэн лъэкӀыныгъэ зыгъуэта псэущхьэм и логиеращ зэлъытарэ зытеухуари, ″псалъэ″р занщӀэу абы къиӀуатэрэ абыкӀэ лъытэракъым зытеухуарэ зэлъытар! Ауэ, щыӀэгъуэ ужьыгъуэ лъэкӀыныгъэкӀэрэ утыку къихьа макъхэр къызхэӀукӀым езым и Ӏэ илъу къигъэщӀауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщи, къызхэӀукӀым и псэм къигъэщӀыу утыку къихьа мы макъ зехьэкӀэу ухуэ псалъэри ар къэзыпсэлъым и щыӀэгъуэ логием теухуауэ зэрыухуэри гурыӀуэгъуэнщ. Псэущхьэм езым и Ӏэ имылъу къызхигъэӀукӀ макъыр къызхэӀукӀым и щыӀэгъуэ логием зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа макъым щыӀэ гуэрыр и щыӀэгъуэ логиекӀэрэ зэрилъытэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу къэхъуа макъкӀэрэ ухуа ″псалъэ″мрэ, абыкӀэ лъытэрэ къэӀуатэр лъабжьэкӀэ щыӀэгъуэ логиекӀэрэ зэрызэлъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Мы къэтӀуэтахэр макъыбзэ лэжьэкӀэм зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи, макъхэр и гугъу зэрытщӀакӀэрэ утыку къызэрихьам зэрезэгъкӀэрэ макъыбзэ лэжьэкӀэ зыгъуэта псэлъэбзэм псалъэхэр къызэригъэщӀращ зытеухуар. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″псалъэ, псэлъэн, псэлъэбзэ″ псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа псалъэхэщи, ахэр зэреджэн хуей щӀыкӀэрэ я мыхьэнэхэри макъыбзэ лэжьэкӀэм теухуауэщ.

*

Зи гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэу, къэзыпсэлъым и псэм пыщӀарэ и логиекӀэ ухуа псалъэщ ″псалъэ, псэлъэн″ псалъэхэри, ахэр зэрыухуари и гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэкӀэ утыку къихьэ макъхэмкӀэщ. ИпэкӀэ и гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэу, псэлъэбзэр зэрыухуэ ″псалъэ″хэр ″псэлъэн″кӀэрэ утыку къызэрихьэр гурыӀуэгъуэщ, ауэ икӀи ″псалъэ″хэр макъкӀэрэ зэрыухуам зэрезэгъкӀэрэ макъымрэ псалъэр утыку къызэрихьэр зэхуэдэу зылъытэ

псалъэхэри хэтщ адыгэбзэм. Аращи, псэлъэбзэ псалъэхэр макъкӀэрэ зэрыухуам зэрезэгъщи, макъымрэ псалъэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэр зэхуэдэу зылъытэу утыку къизылъхьэ псалъэхэращ мыхэри: «Ӏун – Ӏуэн, къэӀун – къэӀун».

"Макъ"ыр Ӏуращ, къэӀуращ, къэӀуу тхьэкӀумэкӀэ зэхэпхращ. Ауэ, "Ӏун, къэӀун" псалъэхэмкӀэ утыку къихьэ макъыр тхьэкӀумэмкӀэ зэхэпхыф дэтхэнэ зы макърауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэнщи, ар псэущхьэм и Ӏум къыхэхъукӀыныгъэм теухуауэ ухуа зы псалъэуи лъытапхъэщ. Аращи, псэущхьэм и "Ӏу"м и къалэнкӀэрэ зэрыгъэзащӀэр къыхэщу "Ӏун" глаголкӀэ къызэрыӀуэтапхъэр гурыӀуэгъуэнщ; ар къызэрежьэр –ар щыхъукӀи, зэрызекӀуэр- къызэрыӀуатэри "къэӀун" глаголкӀэрэщ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, "Ӏун, къэӀун" глаголхэр япэрауэ псэущхьэӀум къыхэхъукӀ макъхэм теухуауэ зэрыухуар гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэу къэӀур зэрызэхэпх щӀыкӀэри "дэӀун" глаголкӀэрэ къызэрыӀуатэу, иужькӀэ узэдэӀурэ зэхэпх дэтхэнэ зы макъри "Ӏун, къэӀун" псалъэхэмкӀэ къэӀуатэу зэрыщӀидзари гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, псэущхьэм къызхигъэӀукӀ макъхэр "Ӏун, къэӀун" псалъэхэмкӀэ къызэрыӀуатэм хуэдэжу, макъхэр псэлъэбзэм зэрыхэхьэрэ макъкӀэрэ ухуа псалъэхэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэри къызэрыӀуэтапхъэр гурыӀуэгъуэщи, "Ӏун, къэӀун" псалъэхэм япэрауэ "макъ псалъэ"хэр, итӀанэ макъхэмкӀэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр утыку къызэрихьэри къызэрыӀуатэ псалъэу бзэм щызэрызекӀуэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Псэущхьэм къызхигъэӀукӀ макъхэр зэкӀэлъхьэужьу къызэрекӀуэкӀри "Ӏун, къэӀун" глаголхэмкӀэ зэрылъытэмрэ, макъкӀэрэ ухуа псэлъэбзэм къигъэщӀ псалъэхэри утыку къызэрихьэр мы глаголхэмкӀэ зэрылъэм нэмыщӀ, "Ӏун, къэӀун"кӀэрэ къекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэри мы псалъэхэм я кӀуэтэгъуэу (э) адыгэбзэм "Ӏуэн, къэӀуэн" псалъэхэмкӀэ къызэриӀуэтари гурыӀуэгъуэщ. Макъ къэӀунрэ къызхигъэӀукӀынкӀэрэ къекӀуэкӀыр адыгэбзэм къызэриӀуэтапхъэр "Ӏуэн, къэӀуэн" псалъэхэмкӀэрэщи, мыхэр макъкӀэрэ ухуа псэлъэбзэр къызэрекӀуэкӀыр къызэрыӀуатэ псалъэхэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

"Псэлъэн, псалъэ" псалъэхэр псэущхьэм и псэм къыхэхъукӀыу организауэ хъур зэрылъыта псалъэхэу утыку къызэрихьар ипэкӀэ жытӀагъэххэщи, "Ӏун – Ӏуэн, къэӀун – къэӀуэн" псалъэхэри псэущхьэм къызхигъэӀукӀ макъыр псэущхьэӀум къызэрыжьэдэкӀыр къызхэщу ухуа псалъэхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. "Псалъэ"р утыку къызэрихьэр "псэлъэн"кӀэрэщи, псэущхьэӀум къыхэӀукӀ макъкӀэрэ зэрыухуам ипкъ иткӀэ, "псалъэ"р утыку къызэрихьэр икӀи "Ӏун – къэӀун, Ӏуэн – къэӀуэн" псалъэхмкӀи къэӀуэтапхъэщ. Макъымрэ макъкӀэрэ ухуэу псэлъэбзэ мыхьэнэ зыгъуэт дэтхэнэ зы макъымрэ (макъ псалъэ) макъ гупыр (макъ гупкӀэ ухуа псалъэ) утыку къызэрихьэри "псэлъэн" Ӏуэхугъуэу, "Ӏун, къэӀун"кӀэрэщ къызэрыӀуэтапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, "псэлъэн"рэ "Ӏун – къэӀун, Ӏуэн – къэӀуэн" псалъэхэр зэрызэтеухуэр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ

а псалъэхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэу я мыхьэнэкӀэрэ зэрызэщхьэщыкӀми ипэкӀэ и гугъу щытщӀагъэххэщ. Мы псалъэхэм теухуауэ мыри пыщапхъэщ: «"псэлъын – псэлъэн" глаголхэмрэ "Ӏун – Ӏуэн" глаголхэр, "къэпсэлъын – къэпсэлъэн" глаголхэмрэ "къэӀун – къэӀуэн" глагохэр зэрызэтеухуар гулъытапхъэщи, а псалъэхэр зэрызэщхьэщыкӀ щӀыкӀэр псэущхьэпсэмрэ псэущхьэӀум теухуауэ зэрыухуахэращ».

*

Макъ къэӀур зэхэхын гугъэкӀэ гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр зэрылъытэ "дэӀун – дэӀуэн" псалъэхэри "Ӏун – къэӀун, Ӏуэн – къэӀуэн" псалъэхэм езэгъыу ухуа глаголхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. КъэӀу макъыр зэхэхын папщӀэ гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэращ "дэӀун – дэӀуэн"ри, ар "къэӀум дэщӀыгъуу Ӏуэн"рэ "макъ къызхэмыӀукӀыу (д) Ӏуэн"у еджапхъэ мыхьэнэ зиӀэращ. Аращи, "дэӀун – дэӀуэн" псалъэхэри "Ӏун – къэӀун, Ӏуэн – къэӀуэн" псалъэхэм елъытарэ езэгъыу ухуа псалъэхэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, псэущхьэӀум макъ къызэрыхэхъукӀым теухуауэ ухуа псалъэхэщ.

Ауэ, "дэӀун – дэӀуэн"кӀэрэ гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр макърэ макъкӀэрэ ухуа псалъэ зэхэхынращи, макърэ псалъэм теухуауэ гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэу щыт "зэхэхын" псалъэр мы зи гугъу тщӀахэм хуэдэу псэущхьэӀурэ псэущхьэпсэр къызхэщу ухуа псалъэкъым. "Зэхэхын" псалъэр макърэ макъкӀэ ухуа псалъэм теухуауэ псэлъэбзэм щызекӀуэми, ар зэрыухуа щӀыкӀэм мыхэр къыхэщкъым. Макърэ Ӏуэн Ӏуэхугъуэ зыхэмылърэ къызхэмыщу ухуа зы псалъэу щыт "зэхэхын"ыр зэрыухуа "макъ мыхьэнэ"кӀэрэ "зэхэт гупым щыщхэм зым адрейхэм елъытауэ гулъытэ хуэщӀын" мыхьэнэ зиӀэущ зэрыухуари, мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэр икӀи макърэ псалъэхэм теухуауи мэгъэзащӀэр.

Зэхэпххэм зыр зым елъытауэ гулъытэ хуэпщӀын Ӏуэхугъуэри "зэхэхын" псалъэм хуэдэу макърэ псалъэ Ӏуэхугъуэ хэмылъу "зэхэхун" псалъэмкӀэщ къызэрыӀуатэр. Аращи, къэӀунрэ псэлъэным теухуа мыхьэнэкӀэрэ бзэм хэлэжьыхьми, "зэхэхын, зэхэхун" псалъэхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэр псэлъэбзэм хуэӀуарэ теухуауэкъыми, псэлъэбзэ щӀыб Ӏуэхугъуэ гуэрхэр зэрылъытэ щӀыкӀэкӀэ ухуа псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Ауэ, зэхэпхрэ зыр зым елъытауэ гулъытэ узхуэхъуауэ зэхэпхуар гукӀэ щызэхэбгъэкӀыр къызэрыӀуатэ псалъэхэщ "гурыӀуэн – къыгурыӀуэн" псалъэхэри, ахэри "Ӏун – къэӀун" псалъэхэм хуэдэу макърэ макъкӀэрэ ухуа псалъэхэм теухуа Ӏуэхугъуэ зэрылъытэкӀэрэ ухуауэ лъытапхъэщ. Аращи, къэӀу макъыр зытеухуарэ абы къикӀыр гукӀэ лъытэнращ "гурыӀуэн – къыгурыӀуэн" псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къащӀри, ахэри псэущхьэӀу лъэныкъуэкӀэ утыку къихьэу псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм теухуауэ ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ. Ауэ зэрыгурыӀуэгъуэу, мы псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр псэлъэбзэм хуэӀуарэ макърэ псалъэм теухуауэ къэнакъыми, дэтхэнэ гуэррэ логие лӀэужьыгъуэм псэущхьэм игукӀэ гулъытэ зэрызыхуищӀри къызэрыӀуатэ псалъэу бзэм хэлэжьыхьу щӀидзауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Макърэ макъкlэрэ ухуа псалъэ утыку къихьэн lуэхугъуэу "lун – lуэн, къэlун – къэlуэн" псалъэхэр илъабжьэрэ псалъэ утыку къихьэн lуэхугъуэу къекlуэкlыр зэрылъытэу ухуа зы псалъэри "lуэтэн – къэlуэтэн"ращ. "lуэтэн – къэlуэтэн" псалъэм псэлъэбзэ лэжьэкlэкlэ зыгуэрхэр утыку къилъхьэн lуэхугъуэщ гурыlуэгъуэ къищlри, ар "псэлъэн"ыр зытеухуа lуэхугъуэкlэрэ къызэрекlуэкlым теухуащ. Псэущхьэlум къызхигъэlукl макъыр утыку къызэрихьэ щlыкlэр зэрилъабжьэкlэрэ псэлъэбзэ лэжьэкlэу псэлъэныр къызэрекlуэкlым теухуащ "lуэтэн – къэlуэтэн" псалъэри, псэлъэныр къызэрыпыщэ щlыкlэу псалъэ псалъэкlэрэ къызэрекlуэкlыр гурыlуэгъуэ зыщl псалъэрщ. Ауэ икlи, а псалъэхэр утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэ зэрищlым къыщымынэу, ахэр макъ лlэужьыгъуэу къызэрыlум щхьэщыкlыу псэлъэныр зытеухуар гурыlуэгъуэ зыщl мыхьэнэ иlэу зэрыухуари гурыlуэгъуэщ "lуэтэн – къэlуэтэн" псалъэри, абы игъэзащlэ lуэхугъуэр "къэlун" lуэхугъуэр зи лъабжьэрэ псэущхьэlу лъыныкъуэу зэрыухуам къыщымынэрэ щхьэщыкlыж lуэхугъуэщ. Аращи, "lуэтэн – къэlуэтэн" псалъэм и мыхьэнэрэ бзэм хигъэзэщlыхьыр "lуэн"кlэрэ къекlуэкlым хуэlуауэ къызэтемынэу, псэлъар зытеухуам хуэкlуэрэ псэлъэбзэ щlыб мыхьэнэм хуэкlуэныгъэ зыгъуэтыж псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Псэлъэбзэ лэжьэкlэр "псэлъэн"кlэрэ зыгуэрхэр къызэрыlуатэущ зэрызекlуэри, мыпхуэдэу "псэлъэн"ыр зытеухуа lуэхугъуэ лъэныкъуэкlэрэ зэрылъытэу ухуа псалъэщ "lуэтэн – къэlуэтэн" псалъэхэри, мыбы хуэдэрэ икlи мыбыи щхьэщыкlыж lуэхугъуэм теухуауэ утыку къихьа зы псалъэри "жыlэн" глаголращ. "Къэlуэтэн" глаголым гурыlуэгъуэ къищlыр макъкlэрэ зэрыухуари къызэрыхэщкlэрэ "псэлъэн" lуэхугъуэу къекlуэкlращи, икlи а къекlуэкl lуэхугъуэр зытеухуари къызэрыхэщкlэрэ ухуа псалъэщ. "Къэlуэтэн" псалъэм утыку къихьэну псалъэр зытеухуар къызэрыхэщкlэрэ зэрызекlуэр гурыlуэгъуэ зэрищlым елъытауэ нэхъри псэлъэныр зытеухуа лъэныкъуэкlэ ухуа зы псалъэщ "жыlэн"ыр. И макъ мыхьэнэкlэрэ "жыlэн"ыр зыгуэрыр "зэнэрэтикэ (ж) зэпыщlэныгъэкlэрэ утыку къихьэн - къилъхьэн (lэ)" lуэхугъуэ зэрылъытэу ухуа псалъэрщи, зыгуэрыр а зэрыщытрэ зэрытеткlэрэ утыку къилъхьэнрэ наlуэ щlын lуэхугъуэщ.

Аращи, "жыlэн" псалъэр "lун – lуэн, къэlун – къэlуэн" псалъэхэмрэ абыхэм къатехъукlыжарэ къащхьэщыкlыныгъэи (тэ) зыхуиlэу ухуа "къэlуэтэн" псалъэм хуэдэу "псэущхьэlу" лъэныкъуэкlэ ухуа псалъэкъым, икlи "псалъэ, псэлъэн" псалъэхэм хэдэу "псэущхьэпсэ" лъэныкъуэкlи ухуа псалъэкъыми, зыгуэрыр "генератикэ зэпыщlэныгъэкlэрэ (ж) утыку къихьэрэ щыlэ (lэ) хъун"у еджапхъэ "макъ мыхьэнэ"кlэрэщ зэрыухуар. Ар зэрыухуа щlыкlэр псэущхьэlурэ псэущхьэпсэм къыхэхъукlыу зи гугъу тщlахэр лъабжьэ зэрыхъукlэрэкъым, ауэ зыгуэрым и пэжыпlэрэ и логиер а зэрыщыту наlуэ щlын lуэхугъуэ зи мыхьэнэ "жыlэн" псалъэмкlэ мы гъэзэщlэнур а нэхъ логие зэпэщу щыт "псэлъэбзэ"кlэрэ зэрыгъэзэщlапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ар зэрыухуа щlыкlэм

къызэрыхэщщи, псэлъэбзэр къызэрекIуэкI псэлъэнкIэрэ утыку къихьэнур зытеухуам и логиер а зэрыщытрэ генератикэ зэпыщIэныгъэкIэрэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

КIэщIыу жыпIэмэ, "жыIэн" псалъэр "псалъэ, псэлъэн"рэ "Iун – Iуэн, къэIун – къэIуэн", икIи "къэIуэтэн" псалъэхэр макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуам хуэдэу псэлъэбзэ лъэныкъуэу ухуакъыми, псэлъэбзэм къиIуатэм теухуауэ ухуа псалъэщ. Ар псэлъэбзэ лэжьэкIэу къекIуэкI "псэлъэн" Iуэхугъуэр зытеухуауэ къызхуекIуэкI Iуэхугъуэ лъэныкъуэкIэ ухуа псалъэрщ. Ар псалъэм къиIуэтэнур зэрылъытэ псалъэщи, псалъэм къиIуэтэнур къызэриIуэтэну щIыкIэр генератикэ зэпыщIэныгъэкIэрэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ зыщIыу ухуа зы псалъэщ "жыIэн"ыр.

"ЖыIэн" псалъэр мыпхуэдэу зэрыухуарэ и мыхьэнэри псэлъэбзэ лэжьэкIэу псэлъэнкIэрэ къэIуэтэнум зэрытеухуам зэрезэгъщи, "жыIэн" псалъэмкIэ къэIуатэм и щыIэгъуэмрэ псэлъэбзэр зэрыухуа щIыкIэр зэрызэтеухуэри къызхэщ псалъэщ. Псэлъэбзэм зыгуэрыр генератикэ зэпыщIэныгъэ зэриIэкIэрэ псалъэу утыку къырилъхьэфын папщIэ, псэлъэбзэм езым и логиемрэ (псалъэр зэрыухуа логиемрэ) илъытэнум и логием зы зэпыщIэныгъэ зыхуаIэн зэрыхуейр гурыIуэгъуэнщ.

Арагъэнщ икIии, ипэкIэ къэтIуэтахэми къызэрыхэщу, щыIэгъуэ зиIэ псэущхьэм къызхигъэIукI макъыр къызхэIукIым и щыIэгъуэ логие зыхэлъырщи, ар мы утыку къызэрихьа щIыкIэкIэ зэрызекIуэнури къэзхэхъукIа псэущхьэм и логиеущ. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ макъ къыхэIукIын лъэкIыныгъэм иува псэущхьэ логиер щыIэгъуэ логием и зы Iыхьэу зэрыщыткIэрэ псэущхьэм зэрихьэу щыщIидзэм деж, щыIэхэм я щыIэгъуэ логиер макъхэмкIэрэ зэрылъытэфынур гулъытапхъэщи, мыпхуэдэу ухуэ псэлъэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэ лIэужьыгъуэу щытрэ щыIэгъуэ логие зиIэу утыку къихьа макъхэмкIэрэ ухуарэ лэжьэкIэ зыгъуэта псэлъэбзэм и псалъэхэм щыIэхэр я щыIэгъуэ логиекIэрэ генератикэ зэпыщIэныгъэ зэрызыхуиIэ щIыкIэу зэрилъытэфынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, "псалъэ"мрэ къиIуатэм щыIэгъуэ логиекIэ генератикэ зэпыщIэныгъэ зэрызыхуиIэкIэрэ утыку къилъхьэнращ "жыIэн" псалъэм гурыIуэгъуэ къищIри, зы псалъэр мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриIэкIэрэ зэрыухуэфынури макъыбзэм теухуарэ хуэIуауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ.

*

Псэлъэбзэр зэрыухуарэ къызэрекIуэкIым теухуа псалъэ нэхъыбэр зэрыигъуэкIэрэ псэлъэбзэр зезыхьэ псэущхьэIурэ псэущхьэпсэ къызэрыхэщкIэрэщ зэрыухуар. Ауэ, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэр къыпыхьэж макъхэмкIэрэ зэрызэхъуэкIыу, псэлъэбзэ щIыб мыхьэнэ зэрагъуэтри гулъытапхъэщ (къэIуэтэн). ИкIи, мыпхуэдэ псалъэхэм нэмыщI, псэлъэбзэ щIыбым теухуа мыхьэнэ зиIэу ухуа псалъэ гуэрхэми псэлъэбзэр къызэрекIуэкIым езэгърэ теухуэжу лэжьэкIэ зэрагъуэтри

гулъытапхъэщ (жыIэн). Мы зи гугъу тщIа псалъэхэм теухуа щапхъэхэр ипэкIэ къэтагъэххэщи, псэлъэбзэм теухуауэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр псэущхьэIумрэ псэущхьэпсэм теухуауэ утыку къихьэкъым, икIи бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэри фIэкIыпIэ имыIэу абы къытенэжу щыткъым.

Псэущхьэlурэ псэущхьэпсэм пымыщIауэ ухуарэ псэлъэбзэм теухуауэ къэхъуа зы псалъэи хэтщ адыгэбзэми, ар бзэм дэтхэнэ зы псалъэри зэрылъытэф псалъэу щызекIуэ хъуауи лъытапхъэщ. Псэлъэбзэу ухуэ псалъэмрэ зытеухуар зэхуэмыдэ щыIэгъуэ зиIэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, псэлъэбзэм къигъэщI "псалъэ"мрэ абы "илъытэр" зэхуэмыдэ щыIэгъуэу зэрыщытрэ зэрызэхунэмысыр, зыр адрейм и щIыбу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, псэлъэбзэ лэжьэкIэу ухуэ "псалъэ"мрэ абы "илъытэ"м мы я зэхущытыкIэр къызхэщу ухуа зы псалъэр "цIэ"ращ. Псэлъэбзэм иухуа "цIэ" псалъэр псалъэмрэ илъытэм я зэхуакум дэлъ мы зэпыщIэныгъэр нахуэ къэзыщIыу ухуа псалъэращ: псалъэм илъытэр езы псалъэм и щIыбу зэрыщыткIэрэ абы зэрыхунэмысыр зэрылъытэу макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа зы псалъэщ "цIэ"р.

"Псалъэ" псалъэмрэ "цIэ" псалъэр зэрызэщхьэщыкIыр къызэрыхэщыр гурыIуэгъуэщ мы къэтIуэтахэми, нытIэ, "псалъэ"мрэ "цIэ"р зэрыухуарэ къаIуатэр къызэраIуатэ щIыкIэмрэ зэрызэщхьэщыкI щIыкIэми щыгъуазэ зыхуэтщIынщ.

"Псалъэ"р гурыIуэгъуэщи, псэущхьэм езым и псэм къыхэхъукIыр зы организэ Iуэхугъуэу утыку къызэрихьэр зэрылъытэрщ. ПсэлъэнкIэрэ къэIуатэу макъкIэрэ ухуаращ "псалъэ" жыхуэтIэри, макъкIэрэ ухуа мы логиери зытеухуа нэгъуэщI гуэр щыIэщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, "псалъэ"м и мыхьэнэр ар зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэкIэрэщ зэрыухуэр, ауэ "псалъэ"м къиIуатэр а псалъэр зэрыухуа макъым езыракъыми, нэгъуэщI щыIэ гуэрщ. А щыIэ гуэрыр и щыIэгъуэкIэрэ зэрылъытэ макъ мыхьэнэкIэ псэлъэбзэм къызэриIуатэращ "псалъэ"ри, псэлъэнкIэрэ къэIуатэ псалъэм къиIуатэр псэлъэбзэ щIыбу щыт а щыIэ гуэрырауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. НэгъуэщIыж жыпIэмэ, макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэр зэрыухуэм и щхьэусыгъуэр псэлъэнкIэрэ къэIуатэ псалъэм езыракъым; абы утыку къырилъхьэрэ наIуэ къытхуищIыр а псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэкIэрэ и щыIэгъуэр лъыта гуэрырщ. "Псалъэ"мрэ абы къиIуатэ а гуэрыр зэрызэпыщIа щIыкIэр псалъэр зэрыухуа макъкIэрэщ. Ауэ, мы макъхэмрэ а гуэрми занщIэу зы зэпыщIэныгъэ зэрызыхуамыIэри гурыIуэгъуэщи, псалъэр макъкIэрэ зэрыухуа логиемрэ а гуэрыр щыIэгъуэу зэрыухуа логиекIэщ зэпыщIэныгъэ зэрызыхуаIэ щIыкIэр. Макъыр къызхэзыгъэIукIым къызэрыхигъэIукI щIыкIэм елъытауэ зы мыхьэнэ зиIэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэмкIэ ухуа псэлъэбзэр мыпхуэдэ логиекIэрэ зэрыухуар гурыIуэгъуэщи, мы логием зэрезэгъкIэрэщ дэтхэнэ гуэрыр макъкIэ ухуа псалъэхэмкIэрэ зэрылъытэу къызэрыIуатэр.

Нытlэ, псэлъэбзэмрэ абы къиlуатэхэм занщlэу зы зэпыщlэныгъэ зыхуаlэкъыми, абыхэм я зэпыщlэныгъэр щыlэгъуэ логиекlэрэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, псэлъэбзэм иухуэ псалъэр абы къиlуатэм занщlэу хунэсу жыlэпхъэкъыми, псэлъэбзэм езым и логием зэрезэгъкlэрэщ абы къигъэхъу псалъэм къиlуатэр къызэриlуэтэф щlыкlэр. Аращи, "псалъэ"мрэ къиlуатэр зэхуэмыдэ щыlэгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ зыр зым и щlыбщ; псэлъэбзэ лэжьэкlэу ухуа "псалъэ"р "илъытэ"м нэскъым, теlэбэкъым; псалъэм илъытэр езы псалъэм и щlыб къыщынэ гуэрщ. Икlи гурыlуэгъуэрэ нэхъ гъэщlэгъуэнращи, псалъэр къиlуатэм зэрыхунэмысыфым папщlэщ "псалъэ"мкlэ дэтхэнэ щыlэ гуэрыр зэрылъытэфрэ къызэрыlуэтэфри, ари макъкlэрэ ухуа псэлъэбзэ логиеращ зытеухуар. Икlи, "псалъэ"мрэ "къиlуатэ"м я зэхуакум дэлъ мы lуэхугъуэр зэрыигъуэкlэрэ зылъытэфынури зы макъыбзэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу зыр зым и щlыбрэ зыр зым щымыщу зыхунэмысхэр зыр зым елъытауэ щымыlэ пэлъытэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ lуэхугъуэр макъыбзэу щыт адыгэбзэм зэрилъытапхъэ макъи зэриlэнур гурыlуэгъуэнщ. "Цl" макъ мыхьэнэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым зэрезэгъщи, мы зи гугъу тщlы lуэхугъуэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэкlэ "цl" макъкlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Псэлъэбзэм къиlуатэхэм хунэсыныгъэрэ теlэбэныгъэ зэрызыхуимыlэм зэрезэгъщи, псэлъэбзэм къиlуатэ дэтхэнэ гуэрыр къызэриlуатэ щlыкlэр зы "цlы" лlэужьыгъуэкlэрэу жыlэпхъэщ. Псэлъэбзэм дэтхэнэ и зы "псалъэ"мрэ а псалъэмкlэ "лъыта"м я зэхуакум зы "цlы" лlэужьыгъуэ дэлъщ. Псалъэмрэ абы илъытам и зэхуакум "цlы" лlэужьыгъуэ зэрыдэлъкlэрэ псалъэм илъытэр зэрилъытэ щlыкlэри адыгэбзэм къызэриlуатэр "цlы-уэ щыт" жыхуиlэу "цlэ" псалъэмкlэщ.

Мыращ "цlэ" псалъэр утыку къызэрихьа щlыкlэмрэ абы и мыхьэнэр. Псэлъэбзэм къигъэщl псалъэр дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэрщи, псалъэр илъытэм зэрыхунэмыскlэрэ зэрылъытапхъэр зы "цlэ"уэщ. Зы псалъэмкlэ лъытэр псалъэ щlыбу къызэрынэр зэрылъытэ псалъэщ "цlэ"ри, дэтхэнэ зы псалъэри мыпхуэдэу зы "цlэ" лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ. Аращи, псэущхьэм къызхигъэlукl макъкlэрэ ухуарэ псэущхьэпсэм къигъэхъуу ухуа псалъэм илъытэрэ къиlуатэр и щыlэгъуэкlэрэщ зэрилъытэрэ къызэриlуатэр, ауэ псалъэр икlи илъытэм зэрыхунэмысым зэрезэгъщи, ар зы "цlэ" лlэужьыгъуэуи лъытапхъэщ.

"Псалъэ" псалъэр псэущхьэпсэм къызэрыхэхъукlкlэрэ лъыта зы псалъэщи, ар псэлъэбзэм къигъэщl дэтхэнэ зы псалъэр зэрылъытэ щlыкlэрщ. Ауэ, псэлъэбзэм къигъэщl зы псалъэу псэущхьэпсэм къыхэхъукl зы псалъэу щытми, "цlэ" псалъэр зэрыухуа щlыкlэр псэущхьэпсэм къигъэщl псалъэм хуэдэу псэлъэбзэ лъэныкъуэкlэрэкъым. Ар зы псалъэу ухуэн щlэхъуар псалъэр къиlуатэм зэрыхунэмысыр зэрылъытэ щlыкlэущ; "цlэ" псалъэр щlэухуар псалъэм къиlуатэр псалъэ

щІыбу къызэрынэр къыхэгъэщын папщІэщ. ″ЦІэ″ псалъэр щІэухуар псэлъэбзэм хэмытрэ химыубыдэр а зэрыхимыубыдэкІэрэ лъытэнращ зытеухуари, ар зы псалъэу псэлъэбзэм щыщымыІэрэ щымыщыр (цІы) щыІэ зэрыхъу (цІэ) щІыкІэкІэ зэрылъытэу ухуащ. Псэлъэбзэм къигъэщІ дэтхэнэ зы псалъэр ″псалъэ″ псалъэр зэрылъытэ щІыкІэу псэущхьэпсэм къызэрыхэхъукІыр гурыІуэгъуэщ, ауэ дэтхэнэ зы псалъэмрэ абы къиІуатэр зэрызынэмысрэ зэрызылъэмыІэсыр зэрылъытэр ″цІэ″ псалъэмкІэщи, дэтхэнэ зы псалъэр икІи мыпхуэдэу зы ″цІэ″уэ зэрылъытапхъэри гурыІуэгъуэнщ.

*

″ЦІэ″ псалъэр псэлъэбзэмрэ къиІуатэхэм я зэхущытыкІэр зэрылъытэ ″макъ псалъэ″щи, ипэкІэ и гугъу зэрытщІауэ ар дэтхэнэ зы псалъэр илъытэм зэрыхунэмысыр зэрылъытэу ухуа псалъэщ. Псалъэр илъытэм зэрыхунэмысыр ″цІэ″ псалъэкІэрэ щылъытэм деж, нытІэ, дэтхэнэ зы псалъэри къиІуатэм теухуауэ зы ″цІэ″ лІэужьыгъуэу лъытапхъэщи, псэлъэбзэм къигъэщІ дэтхэнэ зы псалъэр зытеухуам елъытауэ зы ″цІэ″ лІэужьыгъуэу къэІуэтапхъэщ: «щыІэцІэ, плъыфэцІэ; цІэпапщІэ; цІыхуцІэ, анэцІэ; фІэщыгъэцІэ».

Мыхэр нобэрей бзэщІэныгъэм и бгъэдэхьэкІэм зэрезэгърэ адыгэбзэм къигъэщІа ″цІэ″ лІэужьыгъуэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщІа бзэщІныгъэм зэрезэгъкІэрэ грамматикэ термину адыгэбзэм къигъэщІа мы ″цІэ″ лІэужьыгъуэхэм грамматикэу дэтхэнэ зы псалъэ лІэужьыгъуэр зэрыхимыубыдэри гурыІуэгъуэщ. Грамматикэм псалъэхэр зэрилъытэ щІыкІэракъым икІи мыбдежым ди Іуэхур, ауэ ″цІэ″ псалъэр утыку къызэрихьарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щІыкІэкІэ дэтхэнэ зы псалъэр зы ″цІэ″ лІэужьыгъуэу зэрылъытэфынури жытІагъэххэщи, мы къэта щапхъэхэм нэмыщІ псалъэ гупхэри ″цІэ″ лІэужьыгъуэу зэрылъытэфынур гурыІуэгъуэнщ.

″ЦІэ″ псалъэр зытеухуам зэрыхунэмысрэ зэрыщымыщыр зэрылъытэ щІыкІэу ухуа псалъэщи, псалъэм папщІэ, ипэкІэ ″цІэ″ лІэужьыгъуэу къэта щапхъэхэм химыубыдэ ″глагол″ лІэужьыгъуэ псалъэхэри - игъуэ щыхъум деж- адыгэбзэм ″цІэ″ лІэужьыгъуэу зэрилъытэфынури гурыІуэгъуэнщ: «глаголыцІэ». Аращи, зы хьэрычэтыр зэрылъытэ псалъэр а хьэрычэтым езым щымыщу зэрыщытрэ, зэрылъытэ псалъэри а хьэрычэтым зэрыхунэмысым зэрезэгъкІэрэ а хьэрычэтыр зэрылъытэ псалъэу щыт глаголри зы цІэ лІэужьыгъуэу зэрылъытэфынури гурыІуэгъуэнщ.

Адыгэбзэм къигъэщІа ″цІэ″ псалъэм и мыхьэнэм ипкъ иткІэ, дэтхэнэ зы псалъэри зы цІэ лІэужьыгъуэу зэрылъытэфынур гурыІуэгъуэщи, мыпхуэдэу лъытэныр икІи фІэкІыпІэ имыІэу зы грамматикэ термину гурыІуэгъуэ зыхущІын зэрыхуэмейри гулъытапхъэщ. Ауэ икІи, нобэ зэрыигъуэкІэрэ зы грамматикэ термин къалэн зыгъэзащІэуи зыдохьэр ″цІэ″ псалъэри, ар адыгэбзэм къызэригъэхъуа щхьэусыгъуэрэ лъэхъэнэми щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейри гурыІуэгъуэщ.

НытIэ, дэтхэнэ зы псалъэр зы цIэ лIэужьыгъуэу лъытэу къыщыIуатэм дежым -мыбдежым- мыри къыхэгъэщыпхъэщ: зы псалъэ лIэужьыгъуэу псэлъэбзэм къигъэщIарэ псалъэм къиIуатэм я зэхуку дэлъ зэпэжыжьагъэр зэрылъытэ "цIэ" псалъэр мы къэта щапхъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIкIэрэ дэтхэнэ зы псалъэри зэрылъытапхъэ щIыкIэкIэ бзэм хэлэжьыхьми, адыгэбзэм "цIэ" псалъэр къыщIигъэщIар щхьэж цIыху нэрыбгэм зэреджэн папщIэрауэ жыIэпхъэщ. "ЦIэ" псалъэр зэрыухуа логием мыр гурыIуэгъуэ къытхуищIыу жыIэпхъэщи, "цIэ"м и мыхьэнэр нэхъ зыхуэигъуэр дэтхэнэ зы цIыхур щхьэж зы нэрыбгэу зэрылъытэрауэ жыIэпхъэщ. ЦIыху нэрыбгэр щхьэжу зэрылъытэ "цIэ" псалъэр къыщыхъуа лъэхъэнэри макъыбзэ лэжьэкIэм къытехъукIыжу къыкIэлъыкIуэ бзэ лэжьэкIэхэр утыку къыщихьарауи жыIэпхъэщ. Мы лъэхъэнэм хуэзэрэ мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэми теухуауэ макъыбзэм "цIэ" псалъэр къигъэхъуагъэнщи, абы нэужьрагъэнщ "цIэ" псалъэм зи гугъу тщIа мы и мыхьэнэм зэрелъытакIэрэ дэтхэнэ зы псалъэри зы "цIэ" лIэужьыгъуэу лъытапхъэр. Аращи, псэлъэбзэм къигъэхъуа дэтхэнэ зы псалъэри къиIуатэм зэрыхунэмысымрэ псалъэмрэ къиIуатэм и зэхуакум мыпхуэдэ жыжьагъэ зэрыдэлъыр гулъытапхъэ зэрыхъукIэрэ дэтхэнэ зы псалъэр икIи зы "цIэ" лIэужьыгъуэуи лъытапхъэ хъуагъэнщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ипэкIэ къэта щапхъэхэр адыгэбзэмкIи игъуэу лъытапхъэми, дэтхэнэ зы псалъэр зы цIэ лIэужьыгъуэу лъытэныр адыгэбзэм къызэрыхуэкIуар псалъэхэр грамматикэу класификацэ щIын Iуэхугъуэу, нобэрей бзэщIэныгъэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, дэтхэнэ зы псалъэр зы цIэ лIэужьыгъуэу лъытэнкIэрэ ухуауэ ипэкIэ къэта псалъэхэр (плъыфэцIэ; цIэпапщIэ) грамматикэ термину утыку къызэрихьар гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, сыт хуэдизу дэтхэнэ зы псалъэр зы цIэ лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри къыхэдгъэщагъэххэщи, адыгэбзэм "цIэ" псалъэр зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр ар япэу къызэрыхъуа щIыкIэм хуэIуауэщ. НытIэ, псэлъэбзэр къызэрекIуэкI дэтхэнэ зы псалъэмрэ цIэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зэрызэщхьэщыкIми щыгъуазэ хуэхъун хуейщи, я зэщхьэщыкIыныгъэр япэрауэ ахэр бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэм гурыIуэгъуэ къещIыр: псалъэр "къаIу, къаIуатэ, къапсэлъ"ыр; зы псалъэу макъкIэрэ зэрыухуам ипкъ иткIэ "цIэ"ри "къыраIуэ" щхьэ, ар зыхуэигъуэрэ зыхуэфащэм зэрафIащуэщ бзэм щызэрызекIуэр.

Псэущхьэм и ужьыгъуэм къыхуихь лъэкIыныгъэу псэущхьэIум къыхэIукI макъкIэрэ ухуауэ псэущхьэпсэм къигъэщIащ "псалъэ" жыхуэтIэри, ар псэлъэбзэм и логиекIэкIэ зыгуэрыр и щыIэгъуэкIэрэ джыжын Iуэхугъуэщ. Ауэ псалъэр къиIуатэм зэрыхунэмыскIэрэ лъыта "цIэ"м гурыIуэгъуэ къытхуищIыр ар зы псалъэу зытеухуар зэрыджыр гурыIуэгъуэ зыщI псалъэукъыми, зыфIащар къызэраджэну зы псалъэу щыт "цIэ"р а зытеухуар и щыIэгъуэкIэрэ зылъытэн хуейуэ щытракъым.

Зыгуэрыр и щыӀэгъуэкӀэ къызэрыӀуатэр макъкӀэрэ ухуа псалъэмкӀэщ, ауэ псалъэр къиӀуатэм зэрыхунэмысыр зэрылъытэу ухуэ псалъэр "цӀэ" лӀэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ "цӀэ" псалъэр зыхуэфащэм тыраухуэр, - фӀащыр. Аращи, зы псалъэр "цӀэ"уэ щылъытэм деж, абыкӀэ зы гуэрыр и щыӀэгъуэкӀэрэ джыуэ лъытапхъэкъыми, абыкӀэ а гуэрыр къыраджэр. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, зы псалъэр "цӀэ"уэ щылъытэм деж, абыкӀэ зы гуэрыр "къэӀуэтэн"рэ "жыӀэн" нэхърэ ар а гуэрыр къызэрыраджэрэ къызэрыраӀуэ псалъэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. "ЦӀэ"р зы гуэрыр къыраджэнрэ къызэрыраӀуэн папщӀэ а гуэрым хуагъэфащэу фӀащращи, и мыхьэнэм ипкъ иткӀэ "цӀэ"р бзэм щызэрызекӀуэ щӀыкӀэр зы фӀэщыныгъэущ.

"Псалъэ"р "къаӀу, къаӀуатэ"рэ "цӀэ"ри "къыраӀуэ"у ипэкӀэ зэрыжытӀам зэрезэгъщи, зыфӀащар къызэрыраӀуэ псалъэущ "цӀэ"р бзэм щызэрызекӀуэкӀэр. "ЦӀэ"р дэтхэнэ гуэрым фӀащ "псалъэ" лӀэужьыгъуэщи, "фӀэщын"ри зы гуэрыр щыӀэ зэрыхъу пэлъытэу "фӀы"гъуэм зэриувэ щӀыкӀэращ. Дэтхэнэ щыӀэ гуэрыр псэлъэбзэ логием зэрезэгъыу зы псалъэкӀэ зэрылъытэр ар фӀыгъуапӀэм игъэувэнрэ абы щыӀэгъуэ игъуэтын Ӏуэхугъуэщи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу лъытэнырщ "фӀэщын" псалъэм гурыӀуэгъуэ къищӀыр. Аращи, псэлъэбзэу ухуа псалъэм зыгуэрыр и щыӀэгъуэкӀэрэ къызэрыӀуатэракъым "цӀэ" псалъэм и мыхьэнэкӀэрэ гурыӀуэгъуэ къытхуищӀри, а гуэрым зэрыхунэмысыр гулъытэ зэрыхъуакӀэрэ ухуа зы псалъэу щыт "цӀэ"р бзэ логием зэрезэгъкӀэрэ къыраӀуэн папщӀэ а гуэрым фӀащращ. ФӀэщыныгъэ псалъэ лӀэужьыгъуэу щыт "цӀэ" псалъэр макъ мыхьэнэкӀэрэ ухуэнрэ зытеухуар и щыӀэгъуэм езэгъыу къэӀуэтэн хуейуэ щытракъыми, ар дауи иреухуа, а гуэрыр къыраӀуэн гугъэкӀэ а гуэрым теухуа щӀын Ӏуэхугъуэращ.

"ЦӀэ" псалъэр къызэрыхъуам и щхьэусыгъуэр цӀыху нэрыбгэм теухуауэ зэрыщытын хуейр ипэкӀэ жытӀагъэххэщи, адыгэбзэм "цӀэ"р икӀи цӀыху нэрыбгэр и щыӀэгъуэкӀэ зэрылъытэу макъыбзэ логием езэгъыу ухуа псалъэ лӀэужьыгъуэу къызэригъэщӀари гурыӀуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэкӀэ цӀыху нэрыбгэм фӀащ цӀэр а нэрыбгэр хъурэ бзыуэ зэрылъытэу макъ мыхьэнэкӀэрэ зэрыухуэу зэрыщытари гурыӀуэгъуэщ. Ауэ апхуэдэу щытми, ар зы цӀыхур и щыӀэгъуэкӀэрэ зэрылъытэфынум зэрыхуримыкъунури гурыӀуэгъуэнщи, апхуэдэ зы псалъэр зэрыигъуэкӀэрэ "цӀэ"уэ зэрылъытам и щхьэусыгъуэри мырагъэнщ.

"ЦӀэ"р зы фӀэщыныгъэу зыфӀащым нэмыщӀыу щхьэж зы щыӀэгъуэ зыгъуэт псалъэрщи, а псалъэмрэ ар зыфӀащам и зэхуакум фӀэкӀыпӀэ имыӀэу щыӀэгъуэ логиекӀэрэ зы зэпыщӀэныгъэ дэлъын хуейкъым. Ауэ, ипэрей лэжьыгъэ Ӏыхьэхэм и гугъу зэрыщытщӀащи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэмкӀэ лъытэ дэтхэнэ гуэрыр и щыӀэгъуэкӀэрэщ зэрылъытэр. Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэм макъ мыхьэнэкӀэрэщ сытри къызэрыӀуатэри, "сыт"рэ "мыст" псалъэхэри зэрыухуа щӀыкӀэр мы псалъэм зэрезэгъкӀэрэщ. Аращи, щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр псэлъэбзэм

къызэрилуэтэну щIыкIэкIэ наIуэ къызэрыхъун упщIэу щыт "сыт"ым къыпэджэжри "мыст"щ.

"ЦIэ"ри и гугъу зэрытщIауэ зытеухуам нэсыныгъэ зыхуимыIэрэ фIэщыныгъэкIэрэ щхьэжу щыIэгъуэ зыгъуэт псалъэ лIэужьыгъуэрщи, ар нахуэ зэрыхъун упщIэри "сыт"ращ. Аращи, зы нэрыбгэм фIаща "цIэ"м "сыт" упщIэщ теухуэр, ауэ а "цIэ"мкIэ къыраджэрэ къыраIуэ цIыху нэрыбгэм теухуа упщIэр "сыт"къыми, "хэт" упщIэращ. Зы псэущхьэр зыIисрэ зи лIэужьыгъуэм теухуа упщIэри "сыт"ра щхьэ, а упщIэм и пэджэжу а псэущхьэр зы "цIыху"у зэрыщытыр нахуэ хъуа нэужь, цIыху нэрыбгэм е зы цIыху гупрэ лъэпкъым зы цIэ иIэущ цIыхухэм зэралъытэу зэрыхэт щIыкIэри, а зэрыхэтым теухуауэ "хэт" упщIэращ нэрыбгэр (икIи зы гупрэ лъэпкъыр) зэрылъытэр нахуэ зыщI упщIэр. Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, зы цIыху нэрыбгэр цIыхухэм щахэткIэ ар къызэрыраджэращ "цIэ"ри, а нэрыбгэм и "цIэ"р наIуэ къэщIын упщIэр зэрыигъуэкIэрэ "сыт"щ (абы и цIэр сыт, и унэгъуэцIэр сыт); ауэ, и цIэкIэрэ ялъытэу цIыхухэм хэт нэрыбгэм теухуа упщIэр "хэт"щ (ар хэт, ахэр хэт); икIи, зы нэрыбгэр и цIэкIэрэ хэтыныгъэ зиIэрщи, "хэт" упщIэми и пэджэжыр и "цIэ"ращ.

"ЦIэ" псалъэр япэрауэ дэтхэнэ зы нэрыбгэр - абы къыкIэлъыкIуэу иужькIи зы лъэпкъымрэ гупыр- щхьэж зэрылъытэ щIыкIэу къызэрыхъуар гурыIуэгъуэщ. ЦIыхуращ зы цIэкIэ хэтыныгъэ зиIэр, икIи "хэт" упщIэр цIыхуращ зыхуэIуар.

Дэтхэнэ щыIэ гуэрым теухуа упщIэр "сыт"у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, псэлъэбзэм и лэжьэкIэу къэхъуа псалъэхэм щыщу "сыт" упщIэр зэрыигъуэкIэ зытеухуэфри "цIэ" псалъэм езыращ. Аращи, "цIэ" псалъэм нэмыщI псалъэхэм теухуауэ "сыт" упщIэр игъуащэу лъытапхъэкъым: "цIэ" псалъэм теухуа упщIэр "сыт"ра щхьэ, "сыт" упщIэр "цIэ"м нэмыщI псалъэхэм хуэигъуэкъым, езэгъкъым; ауэ, утыку къызэрихьа щIыкIэрэ щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ "цIэ" псалъэри, ижькIэ дэтхэнэ зы псалъэри зы цIэ лIэужьыгъуэу лъытапхъэ зэрыхъуакIэрэ "цIэ" псалъэм хуэдэу дэтхэнэ зы псалъэм папщIи "сыт" упщIэр бзэм щызекIуапхъэ хъуащ. Ар щхьэ, дэтхэнэ гуэрыр и щыIэгъуэкIэ зэрылъытэу псэлъэбзэ логиекIэ мэухуэр псалъэри, ар зыгуэрыр зэрыджу къызэрыIуатэ логие лIэужьыгъуэу, "сыт" упщIэм пэджэжынур ар зы "псалъэ"у зэрыщытращ (ар сыт? – ар зы псалъэщ), ауэ сытри и щыIэгъуэ логиекIэрэ къызэрыIуатэу зи гугъу тщIы псалъэм езым "сыт" упщIэр хуэигъуэкъым. Аращи, псалъэм езыр мыхъуу, абы къиIуатэращ "сыт" упщIэр зыхуэфащэрэ зытеухуэри, псалъэм теухуэну упщIэр абы къиIуатэр къызэриIуатэрэ къызэрыжиIэращ зытеухуэр: зыгуэрыр зэралъытэрэ а гуэрым хужаIэр къэгъэунэхун упщIэщ псалъэм теухуэ упщIэри, зытеухуар зэриджкIэрэ псалъэр зэрыухуам теухуащ (сыт хужаIэр).

Мы къэтIуэтахэм "цIэ" псалъэмрэ псэущхьэпсэм къыхэхъукIрэ псэлъэбзэм и логиекIэ ухуэ "псалъэ"м зэщхьэщыкIыныгъэ зэриIэр нахуэ

къызэрищlыр гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы зэщхьэщыкlыныгъэр зэрылъытэ псэлъэбзэри макъыбзэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Макъыбзэу щымыт бзэхэм ″псалъэ″мрэ ″цlэ″ псалъэр зэщхьэщыкl псалъэхэу къэlуатэ щхьэ, мы псалъэхэр къызэрыхъуарэ бзэм щызэрызекlуэ щlыкlэр псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэм гурыlуэгъуэ къызэрыпхуимыщlыр гурыlуэгъуэщ. Зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм ″псалъэ″мрэ ″цlэ″р грамматикэу зэщхьэщигъэкlми, абы ″псалъэ″р зэрилъытэ щlыкlэр адыгэбзэм ″цlэ″ псалъэр къызэригъэщlарэ зэрилъыта щlыкlэм хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, нобэрей бзэщlэныгъэм псалъэр къызэрыхъуарэ зэрыухуа макъыр нэмыплъ ещlри, мыпхуэдэу мыхьэнэншэу щыт макъхэр ауэ къызэрыкlуэу зэрызэгухьэ щlыкlэкlэ псалъэри мыхьэнэншэу ухуауэщ зэрилъытэр; псалъэм игъэзащlэ къалэн закъуэр зытеухуар къэгъэлъэгъуэныр арауэщ абы зэрилъытэр.

## Семиотикэ дициплинэм псалъэхэр зэрилъытэмрэ адыгэбзэ -макъыбзэ- псалъэхэр.

Псэлъэбзэр зэрыухуэрэ зэрылажьэм теухуауэ ″псалъэ, lуэн″ лlэужьыгъуэу ухуа псалъэхэр псэущхьэпсэрэ псэущхьэlу къызхэщ псалъэхэрщ, ауэ апхуэдэ къызхэмыщу псэлъэбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэми я гугъу тщlащи, иужь дыдэу зи гугъу тщlа ″цlэ″ псалъэм нэмыщl, ″жыlэн″ псалъэри мыпхуэдэу ухуа псалъэхэм теухуа зы щапхъэщ. Мы псалъэхэр ″псалъэ, lуэн″ хуэдэу псэлъэбзэм зэрыхуэlуар мыгурыlуэгъуэми, псэлъэбзэм теухуа псалъэхэу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщ.

″Цlэ″ псалъэр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэхьа щlыкlэми и гугъу тщlащи, ар бзэм зы псалъэу хэхьа нэужь, дэтхэнэ зы псалъэри зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми и гугъу тщlащ. И мыхьэнэкlэ щыlэгъуэ зимыlэрэ зытеухуам щымыщрэ нэмысыр зэрылъытэрщ ″цlэ″ псалъэри, псэлъэбзэ лэжьэкlэм ипкъ зэриткlэ, псалъэр зытеухуам зэрыхунэмысыр зэрылъытэ псалъэу ухуащ ари, дэтхэнэ зы псалъэри мыпхуэдэу зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Псэущхьэпсэрэ псэущхьэlум теухуарэ хуэlуауэ утыку къихьа псалъэр икlи зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм и щхьэусыгъуэр зы псалъэм утыку къырилъхьэрэ къиlуатэм зыгуэркlэ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуимыlэращ. Мыпхуэдэу щылъытэм деж, ″цlэ″р макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэу щытрэ макъыбзэри къиlуатэр и щыlэгъуэ логиекlэрэ утыку къизылъхьэ псэлъэбзэ лэжьэкlэу зэрытлъытэр зыфlэмыlуэху мыхьэнэ зиlэу ухуа зы псалъэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ар езыр зы псалъэу, илъытэр зэрилъытэ щlыкlэр зытеухуам и щlыбрэ зэрыхунэмысыр зэрылъытэущ.

Псэлъэбзэм къигъэщl псалъэхэр мыпхуэдэу зылъытэ ″цlэ″ псалъэр нобэрей бзэщlэныгъэм къытехъукlа зы щlэныгъэ диципинэ ″семиотикэ″м

псалъэхэр зэрилъытэ щӀыкӀэм зэрезэгъынури гулъытапхъэщ. Нэгъуэщӏыу жыпӀэмэ, ″цӀэ″ псалъэр нобэрей бзэщӀэныгъэм псалъэр зэрилъытэ щӀыкӀэм узэрыхуэкӀуэну бжэр зыӀузыхыу макъыбзэм къигъэщӀа зы псалъэу лъытапхъэщ.

Мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, зы щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэу щыт псалъэмрэ абы гурыӀуэгъуэ къытхуищӀ щыӀэ гуэрыр я щыӀэгъуэкӀэ зэрызэхуэмыдэрэ зэрызэщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуэ зыщӀ псалъэрщ ″цӀэ″р. Псалъэмрэ къиӀуатэр я щыӀэгъуэкӀэ зэрызэтемыухуэрэ зэрызыхунэмысыр зэрылъытэ ″цӀэ″ псалъэр ″псалъэ″ псалъэр къызэрыхъуа лъэныкъуэм и пхэндж лъэныкъуэр зэрылъытэу ухуа псалъэщ. Псалъэр къиӀуатэм зэрыхунэмысрэ а лъэныкъуэкӀэ щыӀэгъуэ зимыӀэ щӀыкӀэу зылъытэ псалъэщ ″цӀэ″р. Дэтхэнэ зы псалъэр мыпхуэдэу зы цӀэ лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми ипкъ иткӀэ, псалъэмрэ зытеухуар зыр зым елъытауэ щымыӀэ пэлъытэу зэрызэлъытэр гурыӀуэгъуэ зыщӀ псалъэщ ″цӀэ″ри, ар псалъэмрэ зытеухуар зыр зым елъытауэ мыхьэнэшэу зэрылъытапхъэ еплъыкӀэр потанциалу зыхэлъыжрэ гурыӀуэгъуэ зыщӀ псалъэрщ.

Псалъэмрэ къиӀуатэр зыр зым елъытауэ мыхьэнэшэу зэрылъытапхъэм теухуа псалъэу зи гугъу тщӀы ″цӀэ″р дэтхэнэ зы псалъэр зэрылъытэфыну щӀыкӀэрщи, нобэрей бзэщӀэныгъэм зи гугъу тщӀа и еплъыкӀэм езэгъынур потанциалу зыхэлъыжу ухуа зы псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ, и мыхьэнэр гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа ″цӀэ″ псалъэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэу макъ мыхьэнэкӀэрэ ухуа зы псалъэу зэрыщытри зэй зыщыгъэгъупщэн хуейкъым. Мыр нэмыплъ щыпщӀым деж, нобэрей бзэщӀэныгъэм псалъэр зэрилъытэ щӀыкӀэр игъуэ дыдэу плъытэнщи, ар икӀэ нэгъунэ пэжкъым: апхуэдэ бгъэдэхьэкӀэр макъыбзэрэ адыгэбзэм дежкӀэ зэрымыигъуащэр дэнкӀи гулъытапхъэщ.

Псэущхьэм къызхигъэӀукӀ макъхэмкӀэ ухуа псэлъэбзэр езыр езырурэ лэжьэкӀэ зыгъуэтыфыну зы логие (бзэ) лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, псэлъэбзэр икӀи кӀуэ пэтрэ макъыбзэ лэжьэкӀэм зэрытекӀыфынури гурыӀуэгъуэнщи, ″цӀэ″ псалъэм теухуауэ жытӀахэр гурыӀуэгъуэмэ, макъыбзэ лэжьэкӀэм текӀарэ ар зыфӀэкӀуэд псэлъэбзэ лэжьэкӀэкӀэ ухуэ псалъэхэр игъуэ дыдэу ″цӀэ″ лӀэужьыгъуэу лъытапхъэ зэрыхъунури гурыӀуэгъуэнщ. Макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа ″цӀэ″ псалъэм зэреджапхъэрэ бзэм щызэрызекӀуэ щӀыкӀэу зи гугъу тщӀахэм гулъытэ щыхуэпщӀым деж, макъыбзэ лэжьэкӀэ зиӀэу утыку къихьа псэлъэбзэм макъ мыхьэнэншэ лэжьэкӀэ зэригъуэтыфынури потанциалу зэрыхэлъыпхъэр къыдгурызгъэӀуа псалъэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ ″цӀэ″ псалъэр. Ауэ икӀи, ″цӀэ″ псалъэр утыку къыщихьари псэлъэбзэр макъыбзэ лэжьэкӀэм къытеухъукӀыж лэжьэкӀэхэм хуэзэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, цӀыху нэрыбгэр щхьэжу зэрылъытэ щӀыкӀэкӀэ абы цӀэ фӀэщыныгъэм и къежьапӀэри мыбдежрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

″ЦӀэ″ псалъэр къыщыхъуарэ бзэм зэрыхэхьа щӀыкӀэр гурыӀуэгъуэщи, абы илъытэр зэрилъытэ щӀыкӀэр дэтхэнэ зы псалъэм теухуаи бзэм

щызэрызекӀуэфынур, икӀи щызекӀуэу зэрыщӀидзари жытӀагъэххэщ. Ар макъыбзэ лэжьэкӀэм къигъэщӀарэ макъ мыхьэнэкӀэрэ зэрыухуар гурыӀуэгъуэми, зы "цӀэ" лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткӀэ, дэтхэнэ зы псалъэр илъытэм зыгуэркӀи зэрызэпымыщӀар потанциалу зэрыхэлъу зэрыщытри жытӀагъэххэщ. Ауэ мыбы нэмыщӀ, макъыбзэ лэжьэкӀэ зиӀэ зы псэлъэбзэм иужькӀэ къигъэщӀыфыну макъ мыхьэнэншэ лэжьэкӀэхэр кӀуэ пэтрэ нэхъыбэ хъуурэ зэрыщӀидзэмрэ, икӀи зы псэлъэбзэр нэгъуэщӀ псэлъэбзэхэм зэрызэхэзэрыхьрэ зэрыхэгъуащэми макъ мыхьэнэншэ псэлъэбзэ лэжьэкӀэхэр къызэригъэхъунури гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зыгъуэта бзэхэм къагъэщӀ псалъэхэр игъуащэу "цӀэ"уэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икӀии, щызэхъуэкӀа лъэхъэнэр сытым щыгъуэуи щырет, нобэ цӀыхум къипсэлъ хъуа псэлъэбзэ нэхъыбэр макъ мыхьэнэншэу ухуа бзэхэращи, абы къигъэщӀ псалъэхэр зи гугъу тщӀарэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэкӀэ къигъэщӀа "цӀэ" псалъэм хуэфащэ дыдэ хъуауэ лъытапхъэщ.

Зэрыгуры1уэгъуэу, макъыбзэ лэжьэкӀэ зимыӀэ псэлъэбзэхэращ нобэрей бзэщӀэныгъэм лъабжьэ хуэхъуари, псэлъэбзэ лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэмрэ абыхэмкӀэ къэӀуатэхэм я зэхуакум логиекӀи дэтхэнэ зы зэпыщӀэныгъэ зэрамыӀэущ зэралъытэр. Макъыр мыхьэнэншэу зэрылъытэм ипкъ иткӀэ, макъкӀэрэ ухуа псалъэми щхьэж зы мыхьэнэ имыӀэущ зэралъытэри, псалъэр къыпыхьэ префикс – суффикскӀэрэ лэжьэкӀэ игъуэту псэлъэухыгъэм щыхэтращ абы мыхьэнэ щигъуэту зэралъытэр.

Мыпхуэдэ еплъыкӀэкӀэ мыхьэнэншэу щыт макъкӀэрэ ухуарэ щхьэжу мыхьэнэ зимыӀэу щыт псалъэр зытеухуар къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ зыгъэзащӀэущ зэралъытэр. МакъкӀэрэ ухуа псалъэр "къэзгъэлъагъуэ"рэ "къэгъэлъагъуэ"р зыхэзыубыдэ зы "гъэлъагъуэ"ущ зэралъытэр. Псэлъэбзэм къытеухъукӀа мы семиотикэ щӀэныгъэ дициплинэкӀэ жытӀэмэ, псалъэр "къэзгъэлъагъуэ"рэ "къэгъэлъагъуэ"р зыхэлъу зы "индикатора"щи, къэгъэлъэгъуэн къалэнкӀэрэ псалъэр зы "индикант - показывающий"уэщ зэралъытэр, абы къигъэлъагъуэри "индики - показывая"ущ зэрылъытэр.

Дэтхэнэ зы псалъэр къэгъэлъэгъуэн нэхъ къалэн зимыӀэрэ мыхьэнэншэщи, ар бзэм щызэрызекӀуэ щхьэусыгъуэри абы зыгуэр къызэригъэлъагъуэ закъуэращ. Къэгъэлъэгъуэн къалэн нэхъ мыхьэнэ зимыӀэущ псалъэр зэралъытэри, зэрыгурыӀуэгъуэу ар езыр мыхьэнэншэщ; ауэ, къигъэлъагъуэращ псалъэм и мыхьэнэуэ ялъытэри, псалъэм езымрэ къигъэлъагъуэми зыгуэркӀэ зы зэпыщӀэныгъэ иӀэкъым.

Аращи, нобэрей бзэщӀэныгъэм дежкӀэ, псэлъэбзэ лэжьэкӀэмрэ псалъэр мы зи гугъу зэрытщӀауэ зэрылъытэфыну щӀыкӀэу адыгэбзэм зэрилъыта щӀыкӀэкӀэ "цӀэ" лӀэужьыгъуэу илъытэу жыӀэпхъэщ. Нобэрей бзэщӀэныгъэм псалъэмрэ къиӀуатэм я зэхуакум зы зэпыщӀэныгъэ дэмылъущ зэрилъытэр. ИкӀи, зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэр ар къызтехъукӀа бзэхэм я лэжьэкӀэращ зэлъытарэ игъуэу зытеухуауэ лъытапхъэр. Макъыр псэущхьэ

лъэкӀыныгъэкӀэрэ утыку къызэрихьарэ къызхэзыгъэӀукӀым и логие зезыхьэу щыӀэгъуэ логие лӀэужьыгъуэу утыку къызэрихьар къыхэщыжккъым зи гугъу тщӀы псэлъэбзэхэми, абыхэм къатехъукӀа бзэщӀэныгъэри макъымрэ макъкӀэрэ ухуа псалъэр мыхьэнэншэу зылъытэрщ.

*

Семиотикэ дициплинэм псалъэр ″къэгъэлъэгъуэн (индикант)″ къалэн закъуэ зыгъэзащӀэущ зэрилъытэр, ауэ макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа псалъэхэр макъ мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэщ зэрыухуари, ″къэгъэлъэгъуэн″ къалэным нэмыщӀ, псалъэм езыри зыгуэр кързгъэлъагъуэ макъхэмкӀэ зэрыухуари гурыӀуэгъуэщ. Макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа псалъэм къэгъэлъэгъуэн къалэну игъэзащӀэр езыр зэрыухуа макъхэм къагъэлъагъуэхэм теухуэщ. Ауэ, макъыбзэ лэжьэкӀэм теухуауэ макъхэмрэ псалъэхэр къэгъэлъэгъуэн къалэнкӀэрэ лъытэныр зэримыкъунур гурыӀуэгъуэнщи, къэгъэлъэгъуэн къалэн ягъэзащӀэу щылъытэм деж, абыкӀэ макъхэмрэ псалъэхэм ягъэзащӀэр къэгъэунэхуа зэрымыхъунур, икӀи лъабжьэу яхэлъымрэ утыку къызэрихьа щӀыкӀэхэри нэмыплъ зэрыхъур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, макъхэм ягъэзащӀэри, макъхэмкӀэрэ ухуа псалъэхэм ягъэзащӀэри къэгъэлъэгъуэн къалэным къыщымынэу зэрыщхьэщыкӀыр гулъытапхъэщ.

Семиотикэ дициплинэ бгъэдыхьэкӀэу жыпӀэмэ, макъыбзэу ухуа псалъэхэм я макъхэри къэгъэлъэгъуэн (индикант) къалэн зыгъэзащӀэрщ. Аращи, зы псалъэм езым къигъэлъагъуэр къызэригъэлъагъуэ щӀыкӀэр а псалъэр зэрыухуа макъыхэм елъытарэ теухуа зэрыщытынур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, псалъэхэр зэрыухуа макъхэм ягъэзащӀэу зи гугъу тщӀы мы къэгъэлъэгъуэн къалэныр а макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэращ зэлъытарэ зытеухуари, ари дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэрэ щӀыпӀэу псэущхьэ кӀуэцӀым теухуащ. Псалъэм игъэзащӀэ къэгъэлъэгъуэн къалэныр псалъэр зэрыухуа макъхэм елъытарэ теухуащи, псалъэр зэрыухуа макъхэм къагъэлъагъуэри ар къызхэзыгъэӀукӀ псэущхьэ кӀуэцӀрэ псэущхьэ щыӀэгъуэ логиеу зэрыщытыр зэрыгурыӀуэгъуэу, макъхэр щыӀэгъуэ логие пыухытыкӀа къэзгъэлъагъуэхэрщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къызэращӀщи, макъхэм ягъэзащӀэ къэгъэлъэгъуэн къалэныр ауэ къызэрыкӀуэ Ӏуэхугъуэкъыми, щыӀэгъуэ логием теухуащ. ЩыӀэгъуэ логие Ӏыхьэ утыку къизылъхьэ макъхэмкӀэрэ ухуа псалъэхэми зыгуэрыр ауэ къызэрыкӀуэу къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэкъым ягъэзащӀэри, а къагъэлъагъуэр и щыӀэгъуэ логиекӀэ зэралъытэущ къызэрагъэлъагъуэр.

Аращи, псалъэм къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ игъэзащӀэу лъытапхъэкъым макъыбзэ лэжьэкӀэкӀи, псалъэм езыр зэрыухуа щӀыкӀэкӀэ щыӀэгъуэ логие утыку къизылъхьэрщ, икӀи мыри псалъэр зэрыухуа макъхэм я къэхъукӀэм зэрезэгъкӀэрэ ягъэзащӀэ къалэнрэ мыхьэнэм елъытарэ теухуащ. Ар щыхъукӀи, семиотикэ дициплинэм псалъэр къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ зыгъэзащӀэу зэрилъытэр макъыбзэ

лэжьэкIэу ухуа псалъэхэм теухуауэ игъуащэкъым. Макъыбзэ лэжьэкIэкIэ псалъэм илъабжьэр макъращи, макъым илъабжьэри щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ логиеращ: къызхэзыгъэIукIым и щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ утыку къихьа макъыр къызэрыхъуа щIыкIэм елъытарэ теухуауэ щыIэгъуэ логием теухуащи, мыпхуэдэ макъкIэрэ ухуэ псалъэми къиIуатэр къызэриIуатэ щIыкIэр щыIэгъуэ логиекIэрэщ.

Макъыбзэ лэжьэкIэкIэ псалъэр ауэ къызэрыкIуэу мыухуауэщ адыгэбзэмкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъури, псэущхьэм къызхигъэIукI макъым псэущхьэм и щыIэгъуэрэ и кIуэцIкIэрэ мыхьэнэ зиIэрщ. Мыпхуэдэу утыку къихьа макъкIэрэ зы логие лIэужьыгъуэу псэлъэбзэ зэрыухуам ипкъ иткIэ, псэлъэбзэм къигъэхъу псалъэхэр зэрыухуа макъкIэрэ мыхьэнэ зиIэжхэрщ. Псалъэм и мыхьэнэр зэрыухуа макъхэращ къэзгъэщIри, макъым и мыхьэнэри псэущхьэм елъытарэ къызэрытехъукIым ипкъ иткIэ, макъыр къызхэзыгъэIукI псэущхьэ логиери щыIэгъуэ логием зэрелъытарэ зэрыпыщIакIэрэ макъкIэрэ ухуа псалъэ мыхьэнэр щыIэгъуэ логием теухуащ. Псалъэм мы и мыхьэнэкIэрэщ илъытэр зэрилъытэ щIыкIэри, псалъэмрэ илъытэр щыIэгъуэ логиекIэ зэтеухуэныгъэ зыхуаIэрщ.

Зы псалъэр зыгуэрым теухуа ″гъэлъагъуэ″ закъуэу зэрылъытэ бгъэдэхьэкIэр мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэрэ ухуа зы псалъэу щыт ″псалъэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIым зэремызэгъынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, ″цIэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIым ипкъ иткIэ, дэтхэнэ зы псалъэр икIи зы ″цIэ″ лIэужьыгъуэу щылъытэм деж, ар семиотикэ дициплинэм и бгъэдэхьэкIэми зэрезэгъыфынури гурыIуэгъуэнщи, псалъэхэр мыпхуэдэу зэрылъытапхъэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуфыну мыхьэнэкIэ еджапхъэу ухуа псалъэу зэрыщытри жытIагъэххэщ ″цIэ″ псалъэр.

*

Нобэрей бзэщIэныгъэм псэлъэбзэр зы семиотикэ системэущ зэрилъытэри, мыпхуэдэ лэжьэкIэр икIи ″трафикэ нэху″хэм ягъэзащIэ къалэным ирагъэщхьыр. Зэралъытэращи, ″трафикэ нэху″хэр я щыIэгъуэкIэрэ зы мыхьэнэ зимыIэу ауэ къызэрыкIуэ сигналхэу къыхахащи, щыплъагъум деж зызэрыпщIыну щIыкIэр я мыхьэнэуэ абы тыраухуаращ. Дэтхэнэ зы ″трафикэ нэху″ плъыфэр (плъыжь, гъуэжь, удзыфэ) зыгуэр къэзгъэлъагъуэу ″индикант″щи, абы къигъэлъагъуэу ″индики″ри ар щыплъагъукIэ зызэрыпщIынурауэщ (увыIэ, зыгъэхьэзыр, блэкI) зэралъытэр. Аращи, ″увыIэн, зыгъэхьэзырын, блэкIын″у къигъэлъагъуэхэращ ″трафикэ нэху″у ″плъыжь, гъуэжь, удзыфэ″ плъыфэхэм ягъэзащIэ къалэнри, а плъыфэхэр къызэрыхэхам ахэр зэрылъагъуфын нэмыщI зы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ ямыIэущ зэралъытэр.

Зи гугъу тщIа дициплинэм псэлъэбзэмрэ псалъэхэри мыпхуэдэущ зэрилъытэри, ″псэлъэбзэ″ лэжьэкIэмрэ ″трафикэ нэху″ лэжьэкIэр, трафикэ нэху ″плъыфэ″мрэ ″псалъэ″р, дэтхэнэ зы плъыфэмкIэ гъэзэщIэн хуеймрэ

(увыIэ, зыгъэхьэзыр, блэкI) псалъэм и ″мыхьэнэ″р зэхуагъадэр. Мы бгъэдэхьэкIэм псалъэр зэрыухуа макъыр зэримылъытэр гулъытапхъэщи, псалъэр дауи къэхъуауэ щырет, ар къызэрыдгурыIуэну щIыкIэр ар къэзыпсэлъхэм я зэгурыIуэныгъэкIэрэ ухуахэрауэщ зэрилъытэр. Псалъэхэм зэрыхэткIэрэ макъхэр мыхьэнэншэрэ икIи зы систематикэм зэрытемытыр гурыIуэгъуэу щыт бзэхэм дежкIэ, псалъэмрэ ар зэрыухуа макъхэм мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэ зимыIэж бзэхэм дежкIэ, псэлъэбзэм къытехъуэкIарэ псэлъэбзэми теухуэжыныгъэ зиIэ ″семиотикэ″ щIэныгъэм мы и бгъэдэхьэкIэр зэ щхьэ игъуэу лъытапхъэми, абы теухуауэ гупщысакIуэхэм утыку къыралъхьа критикэхэми мы бгъэдэхьэкIэр зэрымыигъуащэр гурыIуэгъуэ къащIыр.

Ауэ, а бгъэдэхьэкIэр псэлъэбзэ лэжьэкIэу псалъэмрэ макъым я зэпыщIэныгъэр зыфIэмыкIуэдарэ макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэ бзэхэм дежкIэ зэрымыигъуэр гурыIуэгъуащэщ. Макъыбзэу щыт адыгэбзэм и псалъэхэр зэрыухуа макъхэр бзэм систематикэу зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщ, икIи мыпхуэдэкIэрэ ухуа псалъэхэм я мыхьэнэр макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм зэрелъытарэ зэрыпыщIакIэрэи, псэущхьэ кIуэцIрэ щыIэгъуэ логием зэрыпыщIарэ зэрытеухуари зыхэплъагъуэ зы бзэрщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэрэ макъри псэущхьэ лъэкIыныгъэкIэрэ утыку къызэрихьа лъабжьэр зыхэлъыжу лэжьэкIэ зиIэ зы псэлъэбзэрщи, макъхэм щыIэгъуэкIэрэ мыхьэнэ яIэщ, икIи псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэри мыпхуэдэ лъабжьэкIэрэщ. И гугъу тщIа бгъэдэхьэкIэу ″псалъэ″р ″трафикэ нэху″м егъэщхьын хуеймэ, ар адыгэбзэм зэрыригъэщхьыну щIыкIэр трафикэ нэху плъыфэхэм я щыIэгъуэм теухуауэщ. Аращи, псалъэхэр зэрызэпкъырыува макъ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэрыухуар зылъытэ адыгэбзэм ″трафикэ нэху″м игъэзащIэ къалэныр зэрилъытэну зыхущIэкъунури а нэху бзийхэм я щыIэгъуэм теухуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэр макъыбзэщи, псалъэр къызэрыхъуа макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуам ипкъ иткIэ, адыгэбзэм хуэфащэрэ къигъэщIыну щIэныгъэ еплъыкIэр дэтхэнэ гуэрыр лъабжьэрэ и щыIэгъуэкIэрэ зэрыухуа щIыкIэкIэрэщ. Адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, псалъэр зытеухуам зэрытеухуа щIыкIэр а псалъэр зэрызэпкъырыува макъкIэрэщи, цIыхухэр зэрызэгурыIуэ щIыкIэкIэ псэлъэбзэм щызекIуэ псалъэм езыр зэрыухуа щIыкIэкIэ а зэрызекIуэ щIыкIэм езэгъыу зы мыхьэнэ зиIэжырщ. Аращи, и псалъэхэр зытеухуар къэзыгъэлъагъуэ закъуэу иту къызэрекIуэкIым къызэрыщымынэнур гурыIуэгъуэщ адыгэбзэри, адыгэбзэм и псалъэхэр зи гугъу тщIа бзэщIэныгъэмрэ дициплинэхэм я еплъыкIэкIэ лъытэныр адыгэбзэм и лъабжьэр щIэудын Iуэхугъуэщ. Нобэ зи гугъу тщIа бзэщIэныгъэм зэрыщIаджым ипкъ иткIэ, адыгэбзэм и щхьэм къырикIуэри ар дыдэращ.

### Семантикэ, мыхьэнэ, бзэ мыхьэнэ, макъ мыхьэнэ.

Семиотикэрэ семантикэ псалъэхэр зэрыухуарэ къызэрыIу щIыкIэмкIи гулъытапхъэщи, ахэр зэпыщIа дициплинэхэрщ. Семиотикэм псэлъэбзэ лэжьэкIэр ″гъэлъагъуэ″ (индикатора) системэущ зэрилъытэри, ″къэзгъэлъагъуэ″рэ (индикант) ″къэгъэлъагъуэ″р (индики) зыхэзыубыдэ зы системэщ ар: макъкIэрэ ухуа ″псалъэ″р ″къэзыгъэлъагъуэ″рщи, псалъэмкIэ ″къэгъэлъагъуэ″ри псалъэр зытеухуарэ псалъэмкIэ лъытэрщ. Гъэлъэгъуэныгъэ системэу щыт семиотикэм пыщIарэ къыкIэлъыкIуэ дициплинэщ ″семантикэ″ри, семиотикэ системэмкIэ къэгъэлъэгъуам теухуащ. Къэгъэлъэгъуар къэзгъэлъэгъуам и мыхьэнэращи, семантикэр зытеухуари мыращ: семантикэр мыхьэнэ щIэныгъэ дициплинэрщ.

Мы щIэныгъэ дициплинэхэмрэ ахэр къызтехъукIауэ зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэм зэрилъытэкIэрэ псалъэр зыгуэрыр къэзыгъэлъагъуэ макъ/макъ гупщи, макъыр зэрымыхьэнэншэм хуэдэжу, макъкIэрэ ухуа псалъэми зы мыхьэнэ иIэкъым. Мыпхуэдэу мыхьэнэншэу ухуа псалъэм къигъэлъагъуэращ абы и ″мыхьэнэ″ри, ари зи Iуэхур семантикэ дициплинэращ.

Аращи, псэлъэбзэм теухуауэ ″мыхьэнэ″р къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащIэ ″псалъэ″м къигъэлъагъуэрауэщ зэралъытэри, зы псалъэр къэгъэлъэгъуэн (индикант) къалэн закъуэ зыгъэзащIэ макъ е макъ гупращ. Зэрыухуа макъхэр мыхьэнэншэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, псалъэм езыри мыхьэнэншэщ, ауэ абы къигъэлъагъуэращ (индики) псалъэм и ″мыхьэнэ″р. Макъыр зэрымыхьэнэшэрэ систематикэуи бзэм щидж гуэр зэрыщымыIэми теухуарэ зэрезэгъщи, макъкIэрэ ухуа псалъэм езыр зэрыухуа щIыкIэкIэ зы мыхьэнэ зимыIэрщ. Ауэ абы къигъэлъагъуэращ ″мыхьэнэ″уэ лъытапхъэр.

Мы бгъэдэхьэкIэр зыхуэигъуэ псэлъэбзэхэр щыIэу къыщIэкIынщ, икIи апхуэдэ бгъэдэхьэкIэ зиIэу утыку къихьа бзэщIэныгъэмрэ зи гугъу тщIы дициплинэхэр къызтехъукIа бзэхэри мыпхуэдэнщ. Ауэ мы бгъэдэхьэкIэр зы макъыбзэм, макъыбзэу щыт адыгэбзэм дежкIэ игъуэ хъуну зы бгъэдэхьэкIэу лъытапхъэкъыми, макъыбзэм теухуауэ мыхьэнэр псалъэри зэрыухуэ макъхэм дежи щылъыхъун зэрыхуейри гурыIуэгъуэщ. Зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэрэ дициплинэхэм макърэ псалъэр мыхьэнэншэу ялъытэми, макъыбзэм дежкIэ макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм теухуауэ мыхьэнэ зиIэхэрщи, макъкIэрэ ухуа псалъэхэм я мыхьэнэри макъхэм теухуауэщ зэрыухуэр. Аращи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм дежкIэ, зы псалъэр ауэ къызэрыкIуэ макъкIэрэ ухуарэ псалъэ мыхьэнэри зэрымыщIэкIэрэ псалъэм къигъэлъагъуэрауэ лъытэныр ныкъуэщ, емызэгъыщэщ. Мыпхуэдэхэм ипэкIи я гугъу тщIагъэххэщ, ауэ ″мыхьэнэ″м теухуауэ зы макъыбзэм и бгъэдэхьэкIэ хъунуми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, ″мыхьэнэ″ жыхуэтIэр адыгэбзэкъым; адыгэбзэкIэ къэIуэтэн хуеймэ, ″мыхьэнэ″ жыхуаIэр ″къикI″ращ. Дэтхэнэ гуэрым

"къикI"ращ абы и "мыхьэнэ"р. НытIэ, "псалъэм и мыхьэнэ" щыжытIэм деж, зи гугъу тщIыр "псалъэм къикI"ращ; "макъым и мыхьэнэ" щыжытIэм деж, зи гугъу тщIыри "макъым къикI"ращ. АдыгэбзэкIэ къызэрыIуатэ щIыкIэу "къикI" псалъэм гурыIуэгъуащэ зэрищIщи, "мыхьэнэ" жыхуаIэр зыгуэрым теухуарэ пыщIащ, мыхъумэ, ар щхьэжу зы щыIэгъуэ зиIэркъым.

Щхьэж зы гуэру "мыхьэнэ" щыIэкъым, щхьэж "мыхьэнэ" жыхуаIэ гуэр щыIэкъым; нытIэ, дэтхэнэ гуэрым "къикI"рэ "гурыIуэгъуэ къищI"ращ "мыхьэнэ" жыхуаIэри, ари зы логием зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ. Псэлъэбзэм къигъэщI псалъэхэм къикIрэ я мыхьэнэр псэлъэбзэ логие лэжьэкIэм теухуащ.

"Макъ мыхьэнэ" щыжытIэм деж, макъым къикIращ ари, дэ цIыхум къыхэIукI а макъыр къызэрыдгурыIуэ щIыкIэри - а макъыр къыхэзыгъэIукI псэущхьэу дызэрыщыткIэрэ- ди щыIэгъуэ логием теухуауэщ. Псэлъэбзэр цIыхум къызхигъэIукI макъкIэрэ ухуащи, псэлъэбзэр зэрыухуа макъым къикIрэ и мыхьэнэри а макъыр псэущхьэ кIуэцIым къыздыщыхьуарэ къызэрыхъуа щIыкIэм пыщIарэ теухуауэ ар зыхэлъыжырщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр къыздыщыхьурэ къызэрыхъум теухуауэ псэущхьэм и щыIэгъуэм теухуа логием езэгъыу утыку къихьэу щыIэгъуэ зыгъуэтхэращи, мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ ухуэ псэлъэбзэм и лэжьэкIэр макъхэм пыщIарэ зэрытеухуар, икIи мыпхуэдэ лэжьэкIэ зыгъуэт псэлъэбзэм къигъэщI псалъэхэм я мыхьэнэри ахэр зэрыухуа макъхэм зэрытеухуарэ зэрыпыщIар гурыIуэгъуэщ.

Макъхэр псэущхьэм и псэ ужьыгъуэкIэрэ утыку къихьахэращи, псэущхьэм и щыIэгъуэ логие зыхэлъу утыку къихьахэрщ. Мыпхуэдэ щыIэгъуэ зыгъуэта макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэ зыхэлъыжырщи, зэрылъытэри ар дыдэущ. Макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ лажьэу ухуэ логие лIэужьыгъуэщ псэлъэбзэри, псэлъэбзэм къигъэщI псалъэхэр мы зи гугъу тщIа щIыкIэкIэ къэхъуа макъхэмкIэ зэрыухуам ипкъ иткIэ, псалъэхэмкIэ лъытэр щыIэгъуэ логиекIэрэ зэрылъытэри гурыIуэгъуэщ. Псэущхьэм къызхигъэIукI макъхэр псэущхьэм зэрызырихьэ щIыкIэкIэ ухуа псалъэхэмкIэ лъытэрэ къэIуатэр щыIэгъуэ логиекIэрэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэ зы псэлъэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

Макъыр къызэрыхъуа щIыкIэм теухуауэ къэIуращи, зы логие лIэужьыгъуэу абы къикIыр къызхэхъукIымрэ къызэригъэхъуу къызэрыхэIукIым пыщIарэ елъытауэ зы логие пыухытыкIащ. Къыздыщыхьуарэ къызэрыхъуа щIыкIэм елъытарэ теухуауэ макъым гурыIуэгъуэ къищI гуэр щыIэщи, а "макъым къикI"рэ а "макъым и мыхьэнэ" жыхуэтIэр мыращ.

Зэрыухуа логиекIэрэ псэлъэбзэм утыку къырилъхьэр "псалъэ"ращи, "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтIэр аращ. Псэлъэбзэрэ псалъэр макъкIэрэ ухуащи, макъыр къызэрыхъуа щIыкIэм елъытауэ зы "макъ мыхьэнэ" зиIэрщ; псэлъэбзэмрэ абы къигъэщI псалъэр зэрыухуэ щIыкIэр макъ

мыхьэнэкIэрэщ. Аращи, макъыбзэу щыт зы псэлъэбзэм къигъэщI "бзэ мыхьэнэ"мрэ (псалъэмрэ) "макъ мыхьэнэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуаIэщ. ИкIи, псэлъэбзэр макъкIэрэ зэрыухуам ипкъ иткIэ, макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм елъытауэ я мыхьэнэкIэрэ псэлъэбзэм систематикэу зэрыхэлэжьыхьращ "бзэ мыхьэнэ"м (псалъэхэм) елъытауэ "макъ мыхьэнэ"хэр гурыIуэгъуэ къэзыщIыр. Псалъэ зэрыухуэрэ псалъэхэм зэрыхэлэжьыхьращ макъхэр я мыхьэнэкIэрэ гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIыр.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, "бзэ мыхьэнэ"рэ "макъ мыхьэнэ"р зэхуэдэкъым, "бзэ мыхьэнэ"р бзэ лэжьэкIэм къигъэщIращи, ахэри "макъ мыхьэнэ"ращ къызтехъукIыр. Макъымрэ псэлъэбзэр зэхуэмыдэ щыIэгъуэ зиIэ гуэритIщ: макъыр щхьэж щыIэгъуэ зиIэрщи, макъым нэмыщI зы щыIэгъуэ зиIэрщ макъкIэрэ ухуа псэлъэбзэмрэ псалъэхэри.

Макъыр къызэрыIукIэрэ бзэм хэхьэу бзэ мыхьэнэуэ щыухуэ щыIэщи, бзэ мыхьэнэ жыхуэтIэр псалъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мыпхуэу щхьэж макъыу ухуа псалъэр "макъ псалъэ"ущ зэрытлъытэр. Мы зэрыжытIауэ, зы макъыр а къызэрыIукIэрэ бзэ лэжьэкIэ игъуэту зы псалъэу бзэм зэрыхэхьэр "макъ псалъэ"ущи, макъыр псэлъэбзэ мыхьэнэ игъуэтауэ зэрыхэлэжьыхьымрэ макъым щхьэж езым мыхьэнэ зэриIэр зэхуэдэкъым. Зыр макъым езым иIэж мыхьэнэщи, адрейр а макъым бзэм зэрыхэхьа щIыкIэкIэ и мыхьэнэращ. И макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм хэхьами, бзэм а зэрыхэт щIыкIэкIэ зэрылъытапхъэр "бзэ мыхьэнэ"уэ зы "макъ псалъэ"ущ. Аращи, "макъ псалъэ"мрэ "макъ мыхьэнэ"р зэхуэдэкъыми, зыр (макъ псалъэр) псэлъэбзэм ейщ, адрейр (макъ мыхьэнэр) макъыгъуэрэ макъ щыIэгъуэм ейщ.

## Бзэм "псалъэ"у щылъытарэ щызекIуэхэр бзэ лэжьэкIэм хроникэ хэхъухьа "бзэ мыхьэнэ"хэрщ; - макъыбзэр мыхьэнэбэщ.

Мы ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, макъыр утыку къызэрихьэ щIыкIэкIэ зы щыIэгъуэ зиIэжырщи, ар къызэрыхъуа щIыкIэкIи мыхьэнэ зиIэжырщ. Мы мыхьэнэр зэрыгурыIуэгъуэщи, зы бзэ мыхьэнэкъым. Ауэ къызэрыхъуа щIыкIэрэ мыхьэнэкIэрэщ макъыр къызхэзыгъэIукIым къызэригъэсэбэпынури, къызхигъэIукIа макъхэр мыпхуэдэу щызэрихьэм деж, макъ мыхьэнэкIэрэ зекIуэ зы логиещ ухуэнури, псэлъэбзэ жыхуэтIэр утыку къызэрихьэр мыпхуэдэщ, икIи ар макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ щызекIуэ зы логиеу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщи, зы макъыбзэрщ.

Макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ псэущхьэм зэрихьэу зэрыщIидзэкIэрэ ухуэ макъыбзэ псэлъэбзэм илъытэхэр зэрилъытэ щIыкIэри "псэлъэбзэ мыхьэнэ"уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. "Псэлъэбзэ мыхьэнэ – бзэ мыхьэнэ" жыхуэтIэхэр адыгэбзэм "псалъэ" жыхуиIэхэращ, ауэ зи гугъу тщIа щIыкIэкIэ макъкIэрэ ухуэ "бзэ мыхьэнэ"хэр бзэм хроникэ

зэрыхэхъухьклэрэ зы лъабжьэ игъуэтащ псэлъэбзэми, мыпхуэдэ щlыкlэу лэжьэкlэ зэригъуэтам ипкъ иткlэ, нобэ "псалъэ" жыхуэтlэр фактуралу зы lуэхугъуэ е нэхъыбэр зэрылъытэу бзэм щызекlуэ хъуаращ. Ар щыхъукlи, "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтlэр занщlэу "псалъэ" жыхуэтlэрами, "псалъэ"р бзэ лэжьэкlэу утыку къихьэ "бзэ мыхьэнэ"хэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьрэ щызекlуэ зэрыхъуар зэрылъытэ псалъэрщ.

Мы псалъэхэм пыщапхъэмэ, "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтlэр бзэм къигъэщl лъэныкъуэкlэ лъытэнырщи, "псалъэ" жыхуэтlэри бзэр зэрызекlуэ щlыкlэу "псэлъэн" lуэхугъуэкlэрэ утыку къихьэр зэрылъытэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтlэхэр "псэлъэбзэ"р зэрызекlуэ "псалъэ"хэращи, "псалъэ" жыхуэтlэр псэлъэбзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щlыкlэкlи зытеухуам хроникэ техъухьу къыщытенэжрауэ лъытапхъэщ "бзэ мыхьэнэ"хэр "псалъэ"пlэм иувэу зэрылъытапхъэр. Аращи, макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ хэлэжьыхьу зэрыщlидзэкlэрэ бзэм къыщыхъур "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтlэхэращи, "бзэ мыхьэнэ"хэр бзэм щызэрызекlуэу хроникэ зэрыхэхъухьращ нобэ "псалъэ"у тлъытарэ зи гугъу тщlыхэр.

Нытlэ, "псалъэ" жыхуэтlэр икlи "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтlэращ, ауэ макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьклэрэ ухуэ "бзэ мыхьэнэ"р бзэм зэрызекlуэкlэрэ хроникэ зэрыхъуу къызэрыхэнэжауэ бзэм щызекlуэхэращ "псалъэ" хъуауэ тлъытэр. Аращи, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьклэрэ бзэм къигъэщlыфу "бзэ мыхьэнэ"уэ тлъытэ дэтхэнэ гуэрыр бзэм хроникэ зэрыхэмыхъухьрэ къызэрыхэмынэжыр гурыlуэгъуэнщи, илъытэр зэрилъытэ щlыкlэкlэрэ бзэм хроникэ хэхъухьарэ щызекlуэу къыхэнэжахэра нобэ бзэр зэрызекlуэ элементу "псалъэ"у ялъытэхэр. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, "псэлъэщlэ" къэгъэхъуныр япэрауэ бзэ лэжьэкlэкlэ "бзэ мыхьэнэ" къэгъэхъунращи, ар бзэм щызекlуэу щыщlидзэрэ бзэм хроникэ хэхъухьу къызэрыхэнэжым дежращ а "бзэ мыхьэнэ"р зы "псалъэ"у щылъытэр.

Макъыр къызэрыхъуарэ къызэрыlу щlыкlэкlэ зы лъэкlыныгъэу утыку къихьэрщи, абы и мыхьэнэрэ игъэзэщlапхъэр зытеухуар мыращ. Макъыр мы и мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ къызхэзыгъэlукlым зэрихьэу зэрыщlидзэр макъыбзэр зэрыухуэ щlыкlэращи, псэлъэбзэ пэщlэдзэрэ лъабжьэр мыращ. Макъыбзэ лэжьэкlэм и пэщlэдзэр макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ зэрызекlуэрщи, мы лэжьэкlэм зэрыхуэныкъуэкlэри кlуэ пэтрэ макъыщlэхэри утыку къихьэу макъыбзэ лэжьэкlэр мэбагъуэр, икlи къызэрыхъуа мыхьэнэкlэрэ бзэм щызекlуэ макъхэм бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мэбагъуэр. Мыпхуэдэкlэрэ къызэрыхъуа щlыкlэр зи мыхьэнэуэ бзэм хэхьа макъым мы и мыхьэнэ лъабжьэм бзэ лэжьэкlэм мыхьэнэщlэхэр къызэрытехъукlкlэрэ мыхьэнэ маржи мэухуэфыр.

Зы псалъэм бзэ мыхьэнэрэ еджэкlэ зы бжанэ зэрилэм и щхьэусыгъуэр а псалъэр макъыбзэ лэжьэкlэу къызэрыхъуаращ. Макъыбзэ лэжьэкlэм макъхэм зы мыхьэнэ бжанэ егъуэтыфри, псалъэр мыпхуэдэ макъхэмкlэ щыухуэм деж, псалъэм и мыхьэнэри мэбагъуэр. Макъыбзэу щымыт

бзэхэм я псалъэхэр мыпхуэдэкъым: нэхъыбэм деж, зы мыхьэнэ закъуэм техуауэщ псалъэхэр апхуэдэ бзэхэм зэрыхэлэжьыхьри, зы псалъэм зы мыхьэнэм нэхъыбэ щиIэу ущыхуэзэр макъыбзэм елъытауэ мащIэ дыдэу жыIэпхъэщ.

Макъыбзэм къигъэщI псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытыр макъыбзэм и Iэмалыгъуэшхуэу лъытапхъэщ. Абы къигъэщI псалъэ бжыгъэр адрей бзэхэм елъытауэ нэхъыбэ зэрыхъуфынур гурыIуэгъуэнщ, ауэ мыбы къыщымынэу, къигъэщI мыхьэнэхэр псалъэу къигъэщI бжыгъэми куэдыIуэкIэ щхьэщокIыр. Аращи, макъыбзэр мыхьэнэбэу зы бзэщ.

Зы псалъэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа мыхьэнэм нэмыщI, абы макъ мыхьэнэкIэрэ адрей и еджэкIэхэр а псалъэм и мыхьэнэ потанциалхэрщи, а псалъэр бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэм нэмыщIыу зэрызехьапхъэрщ. Зы псалъэм и мыхьэнэ потанциалыр икIи а псалъэм и щIагъыбзэ еджэкIэщи, мыхьэнэбэу щыт макъыбзэм и псалъэхэр икIи щIагъыбзэбэщ.

Мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщрэ пыщапхъэщи, къызэрыхъуа щIыкIэм теухуауэ мыхьэнэ зыгъуэт макъыр япэ дыдэу бзэм зэрыхэхьэр, къызэрыхъуа щIыкIэм теухуа и мыхьэнэ лъабжьэм бзэ лэжьэкIэм мыхьэнэщIэхэр къытехъукIкIэрэ макъ мыхьэнэ марж зэрыухуэр, мы макъ мыхьэнэ маржыр къызэрыхъу зэкIэлъхьэужьыкIэр, макъхэр бзэм мы зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ бзэ мыхьэнэхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр, бзэ мыхьэнэхэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьыжу псалъэ къэхъуныгъэ зэкIэлъхьэужьыкIэрэ лъэхьэнэхэри макъыбзэ лэжьэкIэм щыхэплъэгъуэфрэ щызэпкъырыхыфыну Iуэхугъуэхэрщ.

*

НытIэ, мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуащIым теухуа щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэн хуейщи, псэлъэбзэр зэрылажьэм теухуауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа псалъэхэр щапхъэу къэтхьынщ. Аращи, псэлъэбзэм теухуа псалъэхэм я макъ мыхьэнэкIэрэ зэреджапхъэмрэ бзэ мыхьэнэуэ яIэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщи, макъкIэрэ зэхуэдэу ухуами, зэхуэмыдэ Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэхэу бзэм щызэрызекIуэмрэ дэтхэнэ зы псалъэм мыхьэнэбэу зэреджапхъэми деплъынщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу ипэкIэ зи гугъу тщIа ″Iун, Iуэн″ псалъэхэр зытеухуар макъ утыку къихьэнращи, ахэр псалъэу зэрызетхьэ щIыкIэр мыращ. Макъ къэIуныгъэу я мыхьэнэр псэлъэн Iуэхугъуэу псалъэ утыку къилъхьэн мыхьэнэкIи бзэм зэрызекIуэр гурыIуэгъуэщ ″Iун, Iуэн″ псалъэхэри, мы IуэхугъуитIыр зэрызэпыщIари гурыIуэгъуэщ: псэлъэныр псалъэ къэIунращи, псалъэри макъкIэрэ зэрыухуам папщIэ, икIи псалъэр зэрыухуа макъри къэIунращ. Зы бзэ мыхьэнэрэ псалъэр мыпхуэдэкIэрэ зэпыщIа Iуэхугъуэхэр къызэриIуатэ щIыкIэкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщи, ″Iун, Iуэн″ыр макърэ псалъэ утыку къихьэныгъэр зэхуэдэу зылъытэ псалъэхэщ.

Макърэ псалъэ утыку къихьэн Iуэхугъуэщ ″Iун, Iуэн″ псалъэхэм гурыIуэгъуэ къащIри, ″Iуэтэн″ псалъэри ″Iун, Iуэн″ псалъэхэр лъабжьэ

зыхуэхъуу ухуа палъэщ. Мыбы къыщымынэу, къэIурэ къыраIуэ макъырэ псалъэр зэхэхынрэ зэхэхун папщIэ гъэзащIэ Iуэхугъуэри "Iун, Iуэн"ыр лъабжьэ зыхуэхъуу ухуа псалъэкIэрэщ къызэрыIуатэр. Аращи, "Iун, Iуэн" лIэужьыгъуэу зэрылъытэкIэрэщ "дэIун, дэIуэн" псалъэхэри зэрыухуа щIыкIэр, ауэ ущыкIэлъыплъыжым деж, "Iун, Iуэн" псалъэхэм макърэ псалъэ утыку къихьэн Iуэхугъуэ закъуэ мыхъуу, макърэ псалъэм икIуэр зэрырикIуэ щIыкIэри гурыIуэгъуэ зыщI псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Дауи, "Iун, Iуэн" псалъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъукIэрэщ "дэIун, дэIуэн" псалъэхэр утыку къызэрихьэри, мыри псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ абыхэм псэлъэщIэхэр къызэрытехъукIым теухуа щапхъэщ.

Псэущхьэм и Iум къыщыхъуу бзэр зэрыухуа макъхэмрэ мы макъхэмкIэ ухуа псалъэхэри утыку къызэрихьэр къызэрыIуатэ "Iун, Iуэн" псалъэхэр псэлъэбзэм хуэIуа макърэ псалъэхэм мы я къэIуныгъэми къыщымынэу, дэтхэнэ гуэркIэ къэхъуныгъэ зыгъуэт макъхэри утыку къызэрихьэр къызэрыIуатэу бзэм щызэрызекIуэри гурыIуэгъуэщ.

Бзэм псалъэ хэхъуухьарэ псэлъэщIэхэри къытехъукIыу зи гугъу тщIы "Iун, Iуэн" псалъэхэр макъ утыку къихьэн Iуэхугъуэущи, мы макъхэмкIэ ухуа псалъэхэри къызэрыIуатэ псалъэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мы макъхэр утыку къыздыщихьэ Iэпкълъэпкъыр псэущхьэм и Iурауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, "Iун, Iуэн" псалъэхэр макъ къэхъупIэу щыт "Iу"м и лэжьэкIэр зэрылъытэ псалъэхэу зэрыухуари гулъытапхъэщ. Аращи, "Iун, Iуэн" псалъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуащIыр макъ къызхэзыгъэIукI псэущхьэм и Iум и лэжьэкIэращи, макърэ псалъэр утыку къихьэныгъэр къызэрыIуатэ мы глаголхэр "Iу"м и лэжьэкIэрэ хьэрычэтыр зэрылъытэ глаголхэрщ: "Iу"м и хьэрычэтрэ лэжьэкIэр "Iу"м и глаголу "Iун"ращи, ар мыпхуэдэ щIыкIэкIэ зэрызекIуэри "Iуэн"ращ.

Псэлъэбзэ лэжьэкIэм теухуа псалъэхэу, макърэ псалъэ утыку къихьэныгъэм теухуащ "Iун, Iуэн" псалъэхэри, лъабжьэ зыхуэхъуу нэгъуэщI псалъэхэр къызэрытехъукIми я гугъу тщIагъэххэщ. Ауэ мы ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, "Iун, Iуэн" псалъэхэм лъабжьэ хуэхъур макъ къызхэзыгъэIукI псэущхьэм и Iу хьэнычэту зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, псэущхьэм и Iур "Iу" макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытари гурыIуэгъуэщи, ар мыпхуэдэу зэрылъытэн хуей щIэхъуами щыгъазэ хуэхъун хуейщ.

Ауэ, "Iу" макъ мыхьэнэкIэрэ лъытэр псэущхьэм и Iу закъуэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщи, "Iу" макъ мыхьэнэкIэрэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэу лъытэхэми щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. ИкIи, "Iу" макъкIэрэ ухуа "Iун, Iуэн" псалъэхэм нэгъуэщI бзэ мыхьэнэкIи зэреджапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, "Iу" макъ мыхьэнэм ипкъ иткIэ, "Iун, Iуэн" псалъэхэр зыгуэрым и ипэ лъэныкъуэм теухуа Iуэхугъуэхэри зэрылъытэрщ, икIи нэгъуэщI гуэрым ипэ – и гъунэ – и хэхьэпIэ

лъэныкъуэхэм теухуауэ гъэзащIэ Iуэхугъуэр зэрылъытэрщ: «дэIун, дэIуэн, щIэIун, щIэIуэн».

Мы къэта щапхъэхэм щыщу ″дэIун, дэIуэн″ псалъэхэр (сыдоIу, сыдоIуэ; дызоIу, дызоIуэ) икIи къэIу макърэ псалъэ зэхэхынрэ зэхэхун папщIэ гъэзащIэ ″дэIун, дэIуэн″ псалъэхэу (содэIу, содаIуэ) ипэкIэ зи гугъу тщIахэм хуэдэу зэрыухуари гулъытапхъэщ, ауэ мыбдежым къэта псалъэ щапхъэхэм ″д″ макъыр зэрыхэт щIыкIэр преикс къалэнкIэрэу зэрыщытыр, а псалъэхэр икIи IуэхугъуитIи зэрылъытэ псалъэхэу (1- сыдоIу, сыдоIуэ; 2- дызоIу, дызоIуэ) зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Аргуэру псэлъэбзэм зэрытеухуам нэмыщI, мэкъу-мэш ущэбын Iуэхугъуэри ″Iун, Iуэн″ псалъэхэмкIэщ къызэрыIуатэри, ар мэкъу-мэш Iэтэ гъунапкъэм (Iу) къекIуэкIынкIэрэ зэрыгъэзащIэр къызэрыIуатэу ухуа псалъэхэу ″Iу″ макъ мыхьэнэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ.

″Iун, Iуэн″ псалъэхэм нэмыщI, абыхэм къатехъукIарэ псэлъэбзэ лэжьэкIэм теухуа мыхьэнэ зиIэу зи гугъу тщIа ″Iуэтэн″ псалъэми нэгъуэщI бзэ мыхьэнэхэри зэриIэфынур гурыIуэгъуэнщ. Псэлъэбзэм теухуауэ зи гугъу тщIа ″Iуэтэн″ псалъэр псэущхьэIур ″Iу″ макъкIэрэ зэрылъытэу ухуарэ ″Iун, Iуэн″ псалъэхэм къытехъукIа щхьэ, мыбдежым зи гугъу тщIынухэр зы гъунапкъэрэ гущIыIур ″Iу″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытэу ухуа псалъэхэрщ. Аращи, зыгуэрым и гущIыIум ирикIуэу ирыщIыхь (ирилъэщIэн) Iуэхугъуэри (1), мэкъу-мэшым теухуауэ ухуа ″Iуэн″ псалъэ мыхьэнэ зиIэрэ абы къытехъукIыу лъытапхъэу зыгуэрыр и гущIыIукIэрэ ущэбын Iуэхугъуэри (2) ″Iуэтэн, Iуэтын″ псалъэхэмкIэ къызэрыIуатэр гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, мыпхуэдиз зэхуэмыдэ Iуэхугъуэхэр къызэрыIуатэ псалъэхэр къызтехъукIыу зэхуэмыдэ ″бзэ мыхьэнэ″р зэрыухуэр и ″макъ мыхьэнэ″м зэрелъытакIэрэ ″Iу″ макъкIэрэщи, ипэкIэ къэта щапхъэхэми гурыIуэгъуэ зэращIыу, абы и мыхьэнэм щыгъуазэ дыщыхуэхъум деж, абы мыпхуэдиз зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэ къызэрытехъукIыфынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″Iу″р ″у″ макъым и лимитацэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, и макъ мыхьэнэр ″ужьыгъуэ Iыхьэрэ пыухытыкIа″уэ къэIуэтапхъэщи, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэр зы ужьыгъуэ зиIэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, дэтхэнэ гуэррэ пкъыгъуэм и зы Iыхьэри, дэтхэнэ гуэрым и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэ Iыхьэ лъэныкъуэрэ и гъунапкъэри бзэм ″Iу″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрилъытэфынур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, дэтхэнэ гуэрым и ужьыгъуэ Iыхьэрэ лъэныкъуэри, псэущхьэм и ужьыгъуэ лъэныкъуэу и гупэри, псэлъэн зи лъэкIрэ псэлъэнкIэрэ ужьыгъуэ зиIэ псэущхьэм и жьэри, дэтхэнэ гуэрым и ипэрэ и гъунапкъэ лъэныкъуэри зэрыигъуэкIэрэ зэхуэдэу макъыбзэм ″Iу″ макъкIрэ зэрилъытэфынур гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэр ″Iу″ макъкIэрэ зэрылъытэкIэрэ къекIуэкI Iуэхугъуэщ ипэкIэ зи гугъу тщIа ″Iун, Iуэн″ псалъэхэр зэрыухуэри, абыхэм зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэкIэрэ псалъэхэр къазэрытехъукIым и лъабжьэри мыращ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, ″Ӏу″ макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэм езэгъ и мыхьэнэкӀэрэщ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьыр. Къызэрыхъуа щӀыкӀэм зэрезэгъкӀэрэ ″Ӏу″ макъ мыхьэнэм къытехъукӀыфыну бзэ мыхьэнэхэмкӀэ лъытэфынухэр зэрылъытэкӀэрэ бзэм щыхэлэжьыхьу щӀедзэр ″Ӏу″ макъри, мыпхуэдэкӀэрэ къэӀуатэ Ӏуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм хроникэ хэхъухьхэри а зытеухуа Ӏуэхугъуэ зылъытэрэ къэзгъэлъагъуэ псалъэхэрщ. Аращи, зы макъыу зи гугъу тщӀа и мыхьэнэкӀэрэ ″Ӏу″ макъыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхькӀэрэ псэлъэбзэм ″Ӏу″ макъкӀэрэ илъытэфынухэр зэрилъытэу, бзэ мыхьэнэхэм щыщу хроникэ хъуарэ зытеухуа гуэр зэрилъытэкӀэрэ псалъэхэу ухуахэм щыщу нобэм къынэсахэращ мы ипэкӀэ ″Ӏу″ макъ зыхэту ухуа псалъэхэр.

Псэлъэбзэм теухуауэ утыку къихьа псалъэри, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа ″жыӀэн″ псалъэрауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ар макърэ псалъэ утыку къызэрихьэ ″Ӏун, Ӏуэн″ псалъэхэм, икӀи абы къатехъукӀыжауэ зи гугъу тщӀа ″Ӏуэтэн″ псалъэм къыкӀэлъыкӀуэрэ нэужьу, икӀи а псалъэхэр бзэм зэрыхэхьам елъытауи иужьыӀуэкӀэ къэхъуа зы псалъэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, къызэрыхъуа щӀыкӀэр макъыбзэ лэжьэкӀэрэ макъ мыхьэнэкӀэрэщи, абы зэреджапхъэри ″генэратикэ зэпыщӀэныгъэ зиӀэу (ж) утыку къихьэнрэ къэгъэлъэгъуэн (Ӏэ)″ Ӏуэхугъуэщ. И макъ мыхьэнэкӀэ мы зэреджапхъэкӀэрэ бзэм нэгъуэщӀ Ӏуэхугъуэхэри зэрылъытэу зэрыхэлэжьыхьыфынур гурыӀуэгъуэнщ, ауэ зи гугъу тщӀа псалъэ нэужьрэ зытеухуауэ утыку къызэрихьами зэрезэгъкӀэрэ ″жыӀэн″ псалъэр псэлъэбзэм теухуарэ хуэӀуауэ зи гугъу тщӀа мыхьэнэкӀэрэщ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьари, ар зи гугъу тщӀа мы и мыхьэнэм нэмыщӀыу бзэм хэлъэжьыхь псалъэкъым.

Псэлъэбзэм теухуауэ утыку къихьа зы псалъэри ипэкӀэ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа ″цӀэ″ псалъэращи, ар икӀи зы псэущхьэ цӀыкӀу дыдэр зэрылъытэу адыгэбзэм зэрыхэтри гулъытапхъэщ. Аращи, псэущхьэхэм я фэм къытехъукӀрэ а псэущхьэр и псэуапӀэрэ и шхапӀэ зыщӀыу а псэущхьэм елъытауи цӀыкӀу дыдэу щыт зы псэущхьэр ″цӀэ″ псалъэмкӀэ лъытащи, ар зэрылъыта мы псалъэм икӀи а псэущхьэр цӀыхум дежкӀэ зэрымыщхьэпэри къызэхэщу ухуа псалъэщ. Бактерие жыхуаӀэхэри хэтыжу псэущхьэ цӀыкӀу лӀэужьыгъуэ гуэрхэри ″цӀэ″ псалъэм къытехъукӀарэ ар зыхэту ухуа псалъэхэмкӀэ къызэрыӀуатэри (хьэпӀацӀэ) гурыӀуэгъуэщ. Аращи, щхьэжу ″цӀэ″ псалъэм мыхьэнитӀ (1: фӀащ псалъэ лӀэужьыгъуэ. 2: зы псэущхьэ цӀыкӀу лъэпкъ) зэриӀэм нэмыщӀ, ″цӀэ″м псэлъэбзэм теухуауэ псэлъэщӀэхэр къытохъукӀ, псэущхьэ лъэпкъ гуэрхэри псэущхьэ лъэпкъ цӀыкӀур зэрылъытэ ″цӀэ″ псалъэм къытохъукӀыр.

Макъ мыхьэнэкӀэрэ зэхуэмыдэ Ӏуэхугъуэхэр къызэрыӀуэтапхъэу еджапхъэми, бзэм хроникэ зэрыхэхъухьым елъытащ псалъэм и мыхьэнэр зы Ӏуэхугъуэм теухуауэ къызэрытенэр. Зы псэлъэбзэм ирипсалъэм дежкӀэ, зы псалъэм и мыхьэнэр ар нэхъыбэу зэрызэхихрэ зэрызырихьэ щӀыкӀэм теухуауэщ а псалъэм и мыхьэнэуэ илъытэри, ар а цӀыхум дежкӀэ

зэрызэхихрэ зэрилъытам теухуауэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьаращ. Аращи, зэхуэдэу ухуарэ зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэ зиIэ псалъэхэу ипэкIэ зи гугъу тщIахэр щызэхэпхым деж, япэрэ занщIэу къызэрыбгурыIуэ щIыкIэр а псалъэр уэркIэ хроникэ зэрыхъуа щIыкIэращ, е/икIи ар а псалъэр бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэкIэ нэхъ хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэращ.

ИпэкIэ мы къэтIуэтарэ щапхъэу къэтахэми гурыIуэгъуэ зэращIщи, макъыбзэр мыхьэнэбэу, дэтхэнэ зы псалъэр зэрыухуа макъхэм езым я къэхъукIэм теухуа мыхьэнэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ къатехъукI мыхьэнэхэри зыхиубыдэу зэреджапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыр псалъэхэм яIэфыну бзэ мыхьэнэхэращ. Ауэ, бзэм зэрызекIуэкIэрэ хроникэ дыдэ хъуа псалъэхэр щыIэщи, а бзэр къэзыпсэлъым а псалъэм нэгъуэщI мыхьэнэ имыIэу илъытэу зэрыщIидзэфыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы псалъэщ икIи ″псалъэ″ псалъэри, зэрыухуа макъхэм зэрезэгъкIэрэ абы иIэфыну бзэ мыхьэнэкIэрэ зэреджапхъэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Аращи, ″псалъэ″ псалъэр зы ″бзэ мыхьэнэ″м теухуауэ бзэм фIыщэу хроникэ зэрыхэхъуар гурыIуэгъуэщи, ар мы хроникэ зэрыхъуам нэмыщIыу еджапхъэ къытхуэхъужкъым. Ауэ, ″псалъэ″р бзэм мы хроникэ зэрыхэхъухьа и мыхьэнэм нэмыщI, абы и макъхэм я зэхущытыкIэу утыку къихьэ еджэкIэхэр зэриIэфынури гурыIуэгъуэнщ. Мыбдежым узэреджэфыну щыжытIэкIэ зи гугъу тщIыри псалъэр зэрыухуа макъхэм я зэгуэхьэныгъэрэ я зэхущытыкIэкIэ къэхъуфыну бзэ мыхьэнэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

″Псалъэ″р ″пс-а-лъэ″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы зэрызэпкъырыхакIэрэ зэреджапхъэр абы хиубыдэ мы макъхэм дэтхэнэ зыр псалъэрэ (псы, псэ; лъэ) макъ мыхьэнэкIэрэ (пс, лъ) узэреджэфынури гулъытапхъэщ. Аращи, ″пса″р ″псы, псэ″ макъ зэгуэт псалъэхэм я блэкIарэ я куэдагъэу зэреджапхъэр, икIи ″пс″ макъ мыхьэнэм и блэкIагъэрэ куэдагъэуи узэреджэфынур гурыIуэгъуэнщ; ар дыдэу ″лъэ″ми зы макъ псалъэу, икIи и макъ мыхьэнэкIэрэи узэреджэфынури гулъытапхъэщ. Ар щыхъукIи, ″псалъэ″ псалъэр зэрыухуа ″пса″мрэ ″лъэ″м мы зэреджапхъэхэм (″макъ/макъ зэгуэт псалъэ″рэ ″макъ мыхьэнэ″кIэ) я колерацэкIэрэ узэреджэфынури гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу узэреджэнум елъытауэ ″псалъэ″м бзэ мыхьэнэбэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ, икIи мы узэреджэфынум хуэдиз вариант хэлъу къэхъуфынт ″псалъэ″ псалъэр. Мыпхуэдиз варианткIэ еджапхъэми, Iуэхур кIыхь дымыщIын папщIэ, мы вариант псоми я гугъу тщIынкъым мыбдежми, ″псалъэ″ псалъэр нобэ бзэм хроникэ зэрыхъуа щIыкIэм узэреджэфынурэ ар зэрыухуа мыхьэнэм щыгъуазэ дыхуэхъун иужь дитынщ.

Аращи, ″псалъэ″ псалъэм узэреджапхъэхэм щыщщ ″псалъэ″р ″псэ″рэ ″лъэ″ макърэ псалъэхэм къызэрагъэщIа зы псалъэу зэрыщытри, япэрауэ ″псэ″мрэ ″лъэ″р ″псалъэ″м ″макъ/макъ зэгуэт″рэ ″макъ/макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыхэтым щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Аргуэру кIыхь дымыщIын

папщӀэ, ″псалъэ″ псалъэр ″псэ″ макъ псалъэмрэ ″лъэ″ макъ мыхьэнэр зэрызэгухьэкӀэрэ къэхъуа зы псалъэу зэрылъытапхъэри жытӀэнщ.

″Псалъэ″ псалъэр зыгурыгъэӀуэн папщӀэ, ″псэ″ макъ зэгуэт псалъэр къыкӀэлъыкӀуэ ″лъэ″ макъым елъытауэ ″пса″уэ щыгъэпсым деж къэхъу мыхьэнэм щыгъазэ хуэхъунрэ зэреджэну щӀыкӀэр къэгъэунэхун хуейщ. Ар ″пса″уэ зэрыгъэпсыр къыкӀэлъыкӀуэ макъым елъытащи, макъхэм я зэхущытыкӀэу зи гугъу тщӀым къытехъукӀа мы зэхъуэкӀыныгъэр зы фонетикэ Ӏуэхугъуэ закъуэу лъытапхъэкъым. Фонетикэрэ мыхьэнэр зэдэгъусэрэ къызэдэщӀыу зы бзэщ макъыбзэри, ″псэ″р ″пса″уэ къызэрыӀум зы мыхьэнэ къигъэщӀрэ иӀэжщ: ″э″м и блэкӀарэ и куэдагъщ ″а″ри, ″э″ кӀэухыр ″а″уэ щызэхъуэкӀкӀэ, ″а″ макъыр къызкӀэлъыкӀуэ макъ/псалъэмрэ (пс, псэ) ″а″м къыкӀэлъыкӀуэж (лъэ) макъым зэдащӀэфынум елъытащ ″пса″м и мыхьэнэмрэ зэреджэн хуейр.

″Псалъэ″м и адрей Ӏыхьэр ″лъэ″ращи, абы и мыхьэнэми щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. ″Лъэ″р ″бзэ мыхьэнэ″уэ ″орган, организмэ″у зэрыщытыр, икӀи зы органу щыт ″лъакъуэ″ри адыгэбзэм ″лъэ″уэ хроникэ зэрыхэхъухьари гурыӀуэгъуэщ. Ауэ органрэ организмэ жыхуэтӀэр зы пкъыгъуэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэрэ ипэкӀи зэрыжытӀауэщи, зи гугъу тщӀы ″псалъэ″м хэт ″лъэ″м и ″макъ мыхьэнэ″кӀэрэщ зэреджапхъэри, ари ″организэ, организацэ″ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэуэ лъытапхъэщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъкӀэрэ ″псалъэ″ псалъэр ″псэ″кӀэ къызэрежьэм папщӀэ, абы и еджэкӀэм ″псэ″м деж къыщыщӀэдзэн хуейщ. ″Псэ″ макъ зэгуэт псалъэм къыкӀэлъыкӀуэ ″организэ хъу, организацэ″ мыхьэнэкӀэрэ ″лъэ″ макъкӀэрэ лажьэущ ″псалъэ″р зэрыухуари, ″псэм (псэ) къыхэхъукӀа (а) организацэ″ хуэдэ бзэ мыхьэнэкӀэрэ еджэныр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ ″псалъэ″ псалъэр.

″Псалъэ″ псалъэм и еджэкӀэу зи гугъу тщӀахэр нобэ ар бзэм щызэрызекӀуэ ″бзэ мыхьэнэ″кӀэрэщи, ″псалъэ″м узэреджэфыну нэгъуэщӀ вариантхэм дыхэхьакъым. Ауэ ″псалъэ″р зэрыухуа макърэ макъ псалъэкӀэрэ зэреджапхъэ вариантхэр зэрыщыӀэнури гурыӀуэгъуэрэ я гугъуи тщӀагъэххэщи, мы вариантхэм щыщхэри зыхэплъагъуэу, илъабжьэкӀэ ″псалъэ″ псалъэм зэреджапхъэм теухуахэр къэтащ.

- «1- Псэм къыхэхъукӀыу (пса) организацэ зыгъуэт, организэ хъу (лъэ). Псэм и организацэу къэхъу. Псэ организацэ. 2- Псэуэ зэпкъырыува организмэ (лъэ). 3- Псэуэ гъэпса организмэ (лъэ) е организацэ (лъэ). 4- Псэ зыхэлъу зэпкъырыува лъэ. 5- Псэ хъуа лъэ. 6- Псэ зэрылъ: ″псэ лъэ → псэ-лъэ → псалъэ″. 7- Псэр лъэуэ гурыӀуэгъуэ зыщӀыу ″псэ лъэ → псэлъэ → псалъэ″».

- «1- Гъэпса (пса) пкъыгъуэ (лъэ): зыгуэрым тегъэпсыхьа пкъыгъуэ. 2- Гъэпса (пса) организацэ (лъэ). 3- Гъэпсагъэхэу (пса) зэхэлъ (лъэ); гъэпса (пса) пкъыгъуэ (лъэ). 4- Гъэпса (пса) гуэрхэр зэрылъ (лъэ).

- «1- (Нэху бзий пэлъытэу) тепсапхъэрэ къепсыпхъэу (пса) зэхэлъ (лъэ). 2- Тепсапхъэрэ къепсыпхъэ (пса) зэрылъ (лъэ). 3- Тепсапхъэрэ къепсыпхъэ (пса) организмэ (лъэ) е тепсапхъэрэ къепсыпхъэ (пса) организацэ (лъэ)».

- «1- Упсарэ псыгъуэ щIа (пса) пкъыгъуэ (лъэ). 2- Упсахэр (пса) зэрылъ (лъэ)».

## БЗЭЩIЭНЫГЪЭМРЭ БЗЭ ФИЛОСОФИЕМ ПСАЛЪЭХЭР КАТЕГОРИЗАЦЭ ЗЭРАЩIЫМРЭ АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР

Макъхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэм теухуа мыхьэнэ зиIэхэрщи, ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэхэр ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэхэрщ. Бзэ мыхьэнэуэ макъхэм къагъэщIхэм щыщу бзэм хроникэ хэхъухьхэр а хроникэ зэрыхэхъухьу илъытэм теухуауэ ″псалъэ″ жыхуэтIэхэрщ. ″Псалъэ″ жыхуэтIэ бзэ мыхьэнэхэр утыку къызэрихьэм и лъабжьэр макъ мыхьэнэхэращи, абыхэм макъ мыхьэнэкIэрэ зэреджапхъэм, абыхэм ягъэзэщIэфыну я лъэкIыныгъэу щыт бзэ мыхьэнэхэм, ахэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэу нобэ къызэрыдгурыIуэ щIыкIэм псэлъэбзэм теухуауэ ухуа псалъэхэм теухуауэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэрэ мыбдежым пыщапхъэщи, псэм къыхэхъукIыу организацэ зыгъуэтар зэрылъыта ″псалъэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр псэущхьэ ужьыгъуэкIэрэ утыку къихьэ макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэр зэрыхэлъыжкIэрэ макъкIэрэ ухуа псэлъэбзэ лэжьэкIэм мы макъхэмкIэ лъытапхъэр зэрилъытэрщи, мыпхуэдэу ухуэ ″псалъэ″р щыIэгъуэ логие утыку къизылъхьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу илъытэр щыIэгъуэ логиекIэ зылъытэр философие дициплинэкIэрэ ″универсал″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыр мыпхуэдэу къезгъэкIуэкI макъыбзэ лэжьэкIэм иухуэ псалъэхэр универсалыгъэ зиIэу зэрыухуэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, псэущхьэпсэм къыхэхъукIыу зы организацэ зэригъуэтакIэрэщ ″псалъэ″м гурыIуэгъуэ къищIри, ар мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ псэущхьэпсэмрэ и щыIэгъуэ логие утыку къизылхьэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зэрыигъуэкIэрэ –зэралъытэ зIыкIэу- ″универсал″у зы псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ИкIи, мыпхуэдэу лъытапхъэщ макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа дэтхэнэ зы псалъэри, абыхэм ялъытэр щыIэгъуэ логиекIэ зэралъытэм ипкъ иткIэ, универсалыгъэ зиIэ псалъэхэрщ. Ауэ макъыбзэкIэ ухуарэ илъытэр и щыIэгъуэкIэрэ утыку къырилъхьэу щытми, зы псалъэр зыгуэрым теухуарэ хуэIуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщи, мы лэжьэкIэкIэ а псалъэр философиеу ″партикулар″рэ ″сингулар″у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэми илъабжьэкIэ нэхъ гъунэгъуу дыхэплъэнщ.

## ″Универсал; партикулар, сингулар″, ″а приорие (априорие), а постериорие (апостериорие)″ терминхэмрэ адыгэбзэ псалъэхэр.

ИпэкIэ и гугъу зэрытщIауэщи, мыхьэнэ щIэныгъэу щыт семантикэр семиотикэу псалъэм къигъэлъагъуэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ. Псалъэм къигъэлъагъуэм ипкъ иткIэ, абы игъуэт мыхьэнэри ″универсал″у е ″партикулар″рэ ″сингулар″у категоризацэ ящIыр. Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ къызэращIщи, ″универсал″у ялъытэ псалъэхэм къагъэлъагъуэр ″партикулар″рэ ″сингулар″у ялъытэ псалъэхэм къагъэлъагъуэхэр зыхэзыубыдэрэ абыхэм щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэрщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, зы лъэпкъыгъуэу лъытапхъэ гуэрхэр зыхэзыубыдэрщ ″универсал″у ялъытэ псалъэр зытеухуари, а лъэпкъыгъуэм хиубыдэ зы Iыхьэрэ зы гупыгъуэр ″партикуалар″у, абыи хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжрэ зы закъуэу зэрылъытэри ″сингулар″ущ зэралъытэр. Аращи, ″универсал″ зы псалъэм къигъэлъагъуэ лъэпкъыгъуэм хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ псалъэхэрщ ″партикулар″рэ ″сингулар″ псалъэхэр. Мы терминхэм нэхъри гъунэгъуу деплъмэ, ″универсал″ псалъэр зы лъэпкъыгъуэ къэзыгъэлъагъуэрщи, апхуэдэ зы псалъэр мыхьэнэшхуэрэ теубгъуа мыхьэнэ зиIэрщ, тэмэмыгъэрэ псоугъэ зэрылъытэ терминщ; ″партикулар″ псалъэр зы ″универсал″ псалъэм къигъэлъагъуэ лъэпкъыгъуэм щыщ зы гупрэ абы и Iыхьэ гуэрхэр зэрылъытэ терминщ; ″сингулар″у ялъытэ псалъэри ″универсал″рэ ″партикулар″у ялъытахэм щыщ щхьэж зы гуэр закъуэр зэралъытэрщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, универсалыгъэр партикуларыгъэрэ сингуларыгъэ зиIэхэр зыхэзыубыдэу абыхэм щхьэщыкIыныгъэ мыхьэнэ зиIэрщ; абы хиубыдэхэм елъытауэ ар езыр мыхьэнэшхуэ зиIэрщ. ИкIи, мы псалъэхэм я мыхьэнэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″универсал″у ялъытэ псалъэр ″партикулар″рэ ″сингулар″ым елъытауэ щыIэгъуэм нэхъ пэгъунэгъурэ теухуащ. ЩыIэгъуэрэ щыIэгъуэ логие гурыIуэгъуэ зыщIыр ″универсал″у зэрыщытым ипкъ иткIэ, мыпхуэдэу щыIэгъуэм теухуауэ лъытам хиубыдэхэр зы гуэрхэу зэрылъытэрщ ″партикулар″рэ ″сингулар″у лъытапхъэхэри, апхуэдэ псалъэхэр зытеухуар а щыIэгъуэм (универсалу щытым) хиубыдэ щыIэр зы ″гуэр″у зэрылъытэрщ.

Ауэ зэрыгурыIуэгъуэу, макъыр мыхьэнэншэу зэрилъытэм зэрезэгъкIэрэ, макъкIэ ухуа псалъэри къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ игъэзащIэущ зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэм зэрилъытэри, псалъэм къигъэлъагъуэм теухуауэ ялъытэ и мыхьэнэращ мы зи гугъу тщIа терминхэмкIэрэ псалъэхэр категогизацэ зэращIыр. Мыхъумэ, мы терминхэмкIэрэ категоризацэ ящI псалъэм езым - ар зэрыухуа щIыкIэм-теухуакъым. Аращи, бзэм и псалъэхэр зэрылъытэ мы философие терминхэр псалъэхэм къагъэлъагъуэм я щыIэгъуэу псалъэ щIыбрэ псэлъэбзэ щIыбращ зытеухуари, къигъэлъагъуэм елъытарэ зэрыхуэIуакIэрэ псалъэхэр мы терминхэмкIэрэ зэлъытэр гурыIуэгъуэщ.

Макъыбзэ лэжьэкIэм псалъэхэр макъыр къызэрыхъуа щIыкIэм теухуа мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэщ зэрыухуэри, мыпхуэдэ макъкIэрэ ухуа псалъэм езым и ухуэкIэр щыIэгъуэ логием зэрытеухуакIэрэщ. Ар щыхъукIи, псалъэхэм къагъэлъагъуэм теухуауэ бзэ философиекIэ мы зэрылъытэ щIыкIэу зи гугъу тщIахэр занщIэу макъыбзэм и псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэм теухуэу лъытэныр зэрымыигъуащэр гулъытапхъэщ.

Макъыбзэ лэжьэкIэр макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэр зыхэлъыжкIэрэ щыIэгъуэ логием теухуащи, мыпхуэдэ макъкIэрэ ухуа псалъэхэр щыIэгъуэр и щыIэгъуэ логиекIэ зэрылъытэ щIыкIэу зэрыухуэр гурыIуэгъуэщ. Макъыбзэ лэжьэкIэу макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэри щыIэгъуэ логием зэрытеухуам ипкъ иткIэ, макъыбзэ псалъэхэр зыгуэрыр и щыIэгъуэкIэрэ утыку къизылъхьэу къэзыIуатэрщи, абыхэм ялъытэр зэралъытэ щIыкIэр абы атIкIэ щымыIэжу универсалыгъэ зиIэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрыщIщи, зи гугъу тщIа термину щыт ″универсал″ псалъэм и мыхьэнэм зэрезэгърэ, икIи универсалу ялъытэ псалъэхэр зы лъэпкъыгъуэ зэрызыхиубыдэрэ зыхиубыдэхэми я щыIэгъуэм зэрытеухуам ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа дэтхэнэ зы псалъэр ″универсал″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуащэщ. Макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр мыпхуэдэу универсалу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, илъытэр и щыIэгъуэкIэрэ зылъытэ мыпхуэдэ псалъэхэр икIи философие лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ; икIи, щыIэр и щыIэгъуэкIэрэ зэрылъытэми ипкъ иткIэ, мыпхуэдэ псалъэхэм ялъытэр я онтологиекIэрэщ зэралъытэр.

Мыпхуэдэщ макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа адыгэбзэ псалъэхэри, ахэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэу зыхуэIуам теухуарэ хуэIуауэ зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ, зи гугъу тщIа бзэщIэныгъэрэ бзэ философие еплъыкIэкIэ ″партикулар″рэ ″сингулар″у лъытапхъэми, къиIуатэр щыIэгъуэ логиекIэ утыку къизылъхьэ дэтхэнэ зы псалъэр аргуэру а еплъыкIэм зэрезэгъкIэрэ ″универсал″ыгъэ зиIэу зэрылъытапхъэрэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, макъыбзэ лэжьэкIэкIэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр бзэм хроникэ зэрыхэхъуарэ къигъэлъагъуэм емылъытауэ а зэрыщыту универсалыгъэ зиIэрщ. Аращи, зы псалъэм илъытэр и щыIэгъуэкIэрэщ зэрилъытэри, илъытэр зы лъэпкъыгъуэу щытми, зы лъэпкъыгъуэм щыщ зы гупу щытми, е щхьэж зы гуэр закъуэу щытми, Iуэхур зэхъуэкIкъым: илъытэр и щыIэгъуэкIэрэщ зэрилъытэр макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа зы псалъэми, ар игъуэджэрэ гъуэзэджэу универсалыгъэ зиIэрщ.

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм и псалъэхэр мы зи гугъу тщIа щIыкIэкIэрэ зэрыухуам ипкъ иткIэ, нэхъыбэм деж, зы псалъэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьарэ зытеухуа Iуэхугъуэм елъытауэ нэхъ универсалыгъэ зиIэрэ философие лъабжьэ зиIэрщ. Аращи, зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэрэ

философиекӏэрэ категоризацэ зэрищӏым езэгъыу зэрыщымытыр гулъытапхъэщ адыгэбзэм и псалъэхэр. Икӏи нэхъыбэм деж, а категоризацэ зэрыщӏа щӏыкӏэм и пхэнджращ адыгэбзэ псалъэхэр зэрыухуа щӏыкӏэм хэплъагъуэри, абыхэм зэралъытэм зэрезэгъкӏэрэ ″партикулар″рэ ″сингулар″у лъытапхъэ адыгэбзэ псалъэхэр -нэхъыбэм деж- ″универсал″у ялъытэ псалъэхэм елъытауэ щыӏэгъуэкӏэ нэхъ мыхьэнэ куу зиӏэхэрщ.

Нытӏэ, адыгэбзэм и псалъэхэм щыщу зы гупрэ лъэпкъыгъуэ хиубыдэу ухуа псалъэхэм елъытауэ а гупрэ лъэпкъыгъуэм хиубыдэ гуэрхэр щхьэжу зэрылъытэ псалъэхэр нэхъ универсалыгъэ зиӏэу зэрыухуаращ жытӏэри, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Мы жытӏахэр гурыӏуэгъуэ зыщӏ зы щапхъэщ -псалъэм папщӏэ- ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэри, абы хиубыдэхэр къызэрыӏуатэ псалъэхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэкӏэ ухуауэ щытмэ, ахэр ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауэ нэхъ универсалыгъэ зиӏэ псалъэхэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, къэкӏыгъэм къыпыкӏэ лӏэужьыгъуэу зы лъэпкъыгъуэ зэрылъыта ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэр къэмыхъу ипэӏуэкӏэщ пхъэщхьэмыщхьэ лӏэужьыгъуэ нэхъыбэр зэрылъытэу псалъэкӏэрэ къызэрыӏуэтари, макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа а псалъэхэр зытеухуар и щыӏэгъуэкӏэрэ зэрылъытэрэ къызэрыӏуатэу утыку къихьа псалъэхэрщ. Ауэ икӏи, ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэр абы хиубыдэхэр зэрылъыта псалъэхэми иужькӏэ къытехъукӏыжа зы псалъэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщи, зы псалъэу ″пхъэщхьэмыщхьэ″р макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа псалъэхэу къызтехъкӏахэм елъытауэ нэхъ кууагъ зимыӏэну зы псалъэу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ. ″Пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэр жыгхэм къыпыкӏэ шхыныгъуэхэр зэрылъытэу иужькӏэ ухуа зы псалъэрщи, ахэр пхъэщхьэрэ мыщхьэм къыпыкӏэхэр зэрылъытэ псалъэхэм я мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкӏэрэ къатехъукӏыу ухуа зы псалъэщ. Аращи, ухуагъэххэ псалъэхэр зэрызэгухьэкӏэрэ зэпкъырыува зы псалъэу ухуащ пхъэщхьэмыщхьэ псалъэри, къызтехъукӏа псалъэхэм я мыхьэнэм елъытарэ егъэщхьауэ зэрыухуам ипкъ иткӏэ, къызтехъукӏа псалъэхэм я мыхьэнэм езы ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауэ нэхъ кууагъ зэриӏэнур гурыӏуэгъуэщ. Пхъэщхьэмыщхьэ лӏэужьыгъуэхэу ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм гурыӏуэгъуэ къытхуищӏхэр къызэрыӏуатэ псалъэхэм и нэхъыбэр адыгэбзэм макъ мыхьэнэкӏэрэщ къызэригъэщӏари, къаӏуатэр къызэраӏуатэ щӏыкӏэр лъабжьэжь зиӏэу щыӏэгъуэ логиекӏэрэщ. Ар щыхъукӏи, дэтхэнэ зы ″пхъэщхьэмыщхьэ″ лӏэужьыгъуэр къызэрыӏуатэ псалъэхэр (п.п.: мы, кхъужь) мыхьэнэ кууагъэкӏи, илъытэр зэрилъытэ щӏыкӏэр щыӏэгъуэ логием зэрытеухуам папщӏи, ахэр зыхэзыубыдэ ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауэ нэхъ ″универсал″щ, икӏи зи гугъу тщӏы псалъэхэр къыщыхъуа лъэхъэнэри ахэр зыхэзыубыдэ ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауи куэдкӏэ нэхъ жыыжьэ лъэхъэнэхэращ.

Мы дызтепсэлъыхьа псалъэр утыку къихьагъэххэ псалъэхэм я мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкӏэрэ зэрыухуар гулъытапхъэщ, ауэ макъ

мыхьэнэкlэрэ ухуами, илъытэхэр макъ мыхьэнэкlэрэ ухуагъэххэ псалъэхэр ахэр зытеухуа lуэхугъуэхэр зыщlэзыубыдэу иужькlэ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэж псалъэхэми елъытауэ макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зиlэ псалъэхэрщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри мымащlэу хыболъагъуэр адыгэбзэм. Аращи, бзэр зэрыухуэ щlыкlэм зэрелъытакlэрэ ипэкlэ ухуа псалъэхэм макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зэраlэнур гурыlуэгъуэнщи, ахэр зыщlэзыубыдэ псалъэхэр а псалъэхэм елъытауэ макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ лантlэхэрщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ псалъэм папщlи, "lэдэ, уадэ, гъубжэ" хуэдэ псалъэхэр макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зиlэ псалъэхэрщ ахэр зытеухуахэр зыхэзыубыдэу иужькlэ макъ мыхьэнэкlэрэи зэрыухуар гулъытапхъэ къытхуэхъу "lэмэпсымэ" псалъэм елъытауэ. "lэмэпсымэ" псалъэм макъ мыхьэнэкlэрэ узэреджэну щlыкlэр "lэм къыlэрыхьапхъэрэ (lэ-мэ) зыгуэрым нэсыпхъэрэ (пс) хуэlуа (мэ)"уэ лъытапхъэщ. Ауэ, Адыгэ lуэрыlуатэрэ мифологиехэм къызэрыхэщу ипэкlи и гугъу зэрытщlауэщи, ягъэзэщlэну lуэхугъуэм и моделыр макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрагупщысрэ къызэрагупщыскlэрэ "гъубжэ, lэдэ" псалъэхэм я къэхъукlэр ахэри зыхэзыубыдэу иужькlэ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа "lэмэпсымэ" псалъэм елъытауэ макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зиlэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Мы щапхъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, зи гугъу тщlа бзэщlэныгъэрэ бзэ философием категоризацэ зэрищlам и пхъэндж адыгэбзэ псалъэхэр зэрылъытапхъэри, щхьэж зы гуэрыр зэрылъытэ псалъэр а гуэрыр зыхэзыубыдэ гупрэ лъэпкъыгъуэр зэрылъытэ псалъэм елъытауэ нэхъ философие лlэужьыгъуэрщ, икlи къэхъукlэкlи нэхъыжьщ. Мы псалъэм дигу къызэригъэкlщи, адыгэбзэ цlыхуцlэхэр утыку къызэрихьарэ зэрыухуа щlыкlэкlэ унэгъуэцlэхэм елъытауэ нэхъ философие кууагъ зиlэхэрщ, икlи унэгъуэцlэхэм елъытауэ нэхъыжьхэщ. Игъуэ щыхъум деж я гугъу щытщынщ адыгэбзэ цlыхуцlэхэми, адыгэбзэр зэрымакъыбзэм зэрезэгъкlэрэ цlыхуцlэ къежьапlэу ухуа псалъэхэр быныр и щыlэгъуэкlэрэ хъурэ бзыуэ зэрыщытыр макъыхъурэ макъыбзкlэрэ зэрылъытэущ.

Мы къэта щапхъэхэм зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэмрэ бзэ философием псалъэхэр зэрилъытэмрэ адыгэбзэм и псалъэхэр зэрызэтемыхуэр гурыlуэгъуэ къащlыр. Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэу утыку къихьэ псалъэхэр макъхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къызэрыхъуам ипкъ зэриткlэщ зэрыухуэри, зы псалъэм илъытэр и щыlэгъуэкlэрэщ зэрилъытэр. Дэтхэнэ гуэрыр ауэ зэрыплъагъуэрэ къызэрыпщыхьу щlыкlэм къыщымынэу, и щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ щылъытэм деж, ар зэрыплъытэ щlыкlэр а гуэрыр зыхэт гупым елъытауэ щыlэгъуэ мыхьэнэ кууэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ лъытэныр а гурыр зыхэтрэ зыхэзыубыдэр зэрыплъытэм елъытауэ щыlэгъуэ кууагъ зиlэрщ. Дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэр "зы"уэщи, генератикэ зэпыщlэныгъэу зэхэлъыныгъэ зэриlэм ипкъ иткlэ,

″зы″р зыхэтрэ зыхэзыубыдэр зы куэдагъэу зэрыплъытэм елъытауэ щыӀэгъуэ мыхьэнэ кууагъ зиӀэрщ. Аргуэру нэгъуэщӀыу жытӀэмэ, адыгэбзэм илъытэр и щыӀэгъуэкӀэрэ зэрилъытэм папщӀэ, мыпхуэдэу лъытапхъэу къыпэщыр дэтхэнэ зы гуэрыр зэрылъытэ псалъэр ар зыхэзыубыдэр зэрылъытэ псалъэм елъытауэ щыӀэгъуэкӀэ нэхъ кууагъ зиӀэу нэхъ философиерэ онтологие лӀэужьыгъуэрщ.

НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, нэхъ генератикэ зэпыщӀэныгъэ зиӀэу зэхэлъыр зэрылъытэ ″зы″м езыр щхьэжу ар зыхэзыубыдэ гупым елъытауэ зэгущыгъэрэ зэпэщыгъэ зиӀэрэ нэхъ псоугъуэу щыӀэгъуэ зиӀэрщи, ″зы″р зыхэзыубыдэрэ зыхэт гупым елъытауэ нэхъ лъабжьэрэ онтикэрщ. Зыри зыхэзыубыдэ инагърэ гупыгъуэр макро физикэу зыхиубыдэхэм щхьэщыкӀыныгъэ зиӀэу лъытапхъэми, абы хиубыдэхэр а гупыр къэзыгъэщӀрэ лъабжьэ хуэхъухэрщи, а гупым зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэ дэтхэнэ зыр а гупым и микро физикэу а гупым и щыӀэгъуэри гурыӀуэгъуэ зыщӀырщ. Аращи, макро физикэм елъытауэ нэхъ лъабжьэрэ куугъ зиӀэрщ микро физикэри, нобэрей бзэщӀэныгъэрэ бзэ философием зи гугъу тщӀа и категоризацэр макро физикэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ; ауэ адыгэбзэм и псалъэхэр зэрыухуар микро физикэм зэрезэгъри ар дыдэу гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэ къызэращӀщи, нобэрей бзэщӀэныгъэрэ бзэ философиер бзэм щытепсэлъыхьымрэ абыхэм псалъэхэр зи гугъу тщӀа щӀыкӀэкӀэ категоризацэ зэращӀ щӀыкӀэр езы псалъэракъым зытеухуар; нытӀэ, абы къигъэлъагъуэращ. А бзэщӀэныгъэм макъыр мыхьэнэншэу зэрилъытэрэ бзэ лэжьэкӀэр псэлъэпкъым деж къызэрыщӀигъуадзэрэ псалъэр зэрыухуа макъыр нэмыплъ зэрищӀым зэрезэгъщи, абы псалъэм и щыӀэгъуэм теухуауэ жиӀэн иӀэкъым. Ар щыхъукӀи, псалъэм къигъэлъагъуэращ псалъэм и мыхьэнэуэ илъытэри, и гугъу зэрытщӀауэ псалъэр ″зыхэзыубыдэ″рэ ″хиубыдэ″ лъэныкъуэкӀэрэщ зэрилъытэрэ категоризацэ зэрищӀыр. Ауэ, адыгэбзэм макъыбзэу ухуа и псалъэхэр зыгуэрыр и щыӀэгъуэкӀэрэ зылъытэрщи, ар зы гуэрыр лъабжьэкӀэрэ лъытэныгъэу, нэхъ лъабжьэрэ зэгущыгъуэу щхьэжрэ зыуэ лъытапхъэр щыӀэгъуэ лъытэныгъэм нэхъ зэрыпэгъунэгъунур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ипэкӀи къызэрыхэщауэ, зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэрэ бзэ философизем псалъэр зэрилъытэ щӀыкӀэр макро физикэ еплъыкӀэрщ, ауэ адыгэбзэм и псалъэхэр щыӀэгъуэ зэрылъытэрщи, микрорэ куантум физикэм езэгъыу жыӀэпхъэщ. Мыращ зи гугъу тщӀа бзэщӀэныгъэрэ бзэ философием псалъэхэр зэрилъытэ щӀыкӀэмрэ адыгэбзэм и псалъэхэр зэрылъытапхъэ щӀыкӀэр зэрызэтемыхуэрэ зэрызэхуэпхэнджым и лъабжьэр.

Мы псалъэхэм аргуэру къыпытщэжмэ, зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэрэ философием псалъэм езыр зэрыухуэрэ езым и щыӀэгъуэракъым зи гугъу ищӀри, псалъэр зытеухуарэ абы къигъэлъагъуэм теухуауэщ псалъэхэр категоризацэ зэрищӀыр. Псалъэхэр макъкӀэрэ зэрыухуарэ макъхэри къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ зэрылъытэрщ макъыбзэри, абы и щӀэныгъэрэ и

философиеращ псалъэм езыр мы и щыӀэгъуэкӀэрэ зылъытэфынур. Ауэ, макъ мыхьэнэшэ бзэхэм и псалъэхэр зэрылъытапхъэу, я бзэщӀэныгъэрэ бзэ философием псалъэр зы материал пэлъытэу зытеухуарэ абы къигъэлъагъуэм теухуауэщ и бгъэдэхьэкӀэнури, абыхэм нэгъуэщӀ хэкӀыпӀэ зэрамыӀэнури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀарэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, мы бгъэдэхьэкӀитӀыр куэдым деж зэрызэтемыхуэнур, икӀи ай тӀум зэхуэпхэндж лъытэкӀэ зэраӀэнури гулъытапхъэщ. Аращи, зы макъыбзэращ псалъэхэр езым и щыӀэгъуэкӀэрэ зылъытэфынури, зы макъыбзэм псалъэм и бгъэдэхьэкӀэнур ар бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щӀыкӀэу зытеухуарэ абы къигъэлъагъуэм къытемынэрэ къыхуэмынэу, а зытеухуарэ къигъэлъагъуэу ялъытэри и щыӀэгъуэкӀэрэ зылъытэ псалъэм езыр и щыӀэгъуэрэ и универсалыгъэкӀэрэ зылъытэфынур макъыбзэращ.

*

БзэщӀэныгъэрэ бзэ философие терминхэу мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, мы зи гугъу тщӀа терминхэм зэпыщӀэныгъэ зыхуиӀэу лъытапхъэрэ икӀи нэхъ философие терминхэу щыт гуэрхэми я гугъу тщӀынщ. Мы зи гугъу тщӀыну терминхэр ″а приорие/априорие″рэ ″а постериорие/апостериорие″хэращ. Пэсэрей алыджыбзэу щыт мы псалъэхэр пэсэрей Алыдж философхэми зэрахьэу щытащ, икӀи иужькӀэ сколастикэ философхэм нэхъ зэрахьэ хъуащ, ауэ мы терминхэр философиеу нобэм щызэрызекӀуэр нэхъ тегъэщӀапӀэ зыхуэхъур а терминхэр Кант-и зэрызырихьарауэ жыӀэпхъэщ.

″Априорие″ псалъэм и мыхьэнэр ″ипрей, япэрей, ипэ къихуэ″ хуэдэу жыӀэпхъэщ; ″апостериорие″ псалъэми и мыхьэнэр ″иужьрей, нэужь, къыкӀэлъыкӀуэ″у жыӀэпхъэщ. Ауэ мы псалъэхэр зи ипэрэ зи нэужьу зытеухуар ″експедицэ″рщи, мы философие терминхэр експедицэ ипэрэ иужьыр зэрылъытэрщ: експедицэ зытемыщӀыхьыфрэ (априорие) експедицэм къыхэхъукӀыр (апостериорие) зэрылъытэрщ. НытӀэ, илъабжьэкӀэ мы терминхэр зэрызырахьэм нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъуу, мы терминхэмрэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къытхуащӀхэр зэрызэлъытапхъэм деплъынщ.

Философие еплъыкӀэкӀэ ″априорие″у ялъытэр къызэрыхъуар мынахуэрэ мыгурыӀуэгъуэу, ауэ къызэрыгъуэгурыкӀуэ щӀыкӀэу лъабжьэрэ пэжу ялъытэрщ; къызэрыхъуа щӀыкӀэр мынахуэрэ иджыри къыумыгъэхъужыфу къэбгъэхъунуми лъабжьэ хуэхъур, експедициалу щымытрэ експедицэм ипэ къихуэрщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, ″априорие″ жыхуаӀэр иджым къыщамыгъэщӀыжыфу експедициалу щымытыр, иджым къыщымыхъужрэ експедицэ щымыхъуу блэкӀа зы зэманыгъуэм щыджауэ зыщыджарэ зэрыджари мынахуэу иджым къытхунэсауэ иджым щыджынуми лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэрщ.

Мыбы и пхэндж терминущ ″апостериорие″ущ зэралъытэри, ари експедицэ зытепщӀыхьыфрэ експедицэм къытехъукӀ, експедицэм

къыкlэлъыкlуэрэ експедицэ нэужьыр, експедициалу щытыр зэралъытэ терминщ. Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″априорие″р ″апостериорие″м ипэ къихуэрэ лъабжьэ хуэхъурщ. ″Апостериорие″р иджым щыджрэ зэрыджри гурыlуэгъуэ къытхуэхъурщ, ауэ ″априорие″р иджым щымыджрэ зэрыджарэ щыджари мынаlуэу, иджым къынэсу иджым щыджынум лъабжьэ хуэхъурщ.

Щыджарэ зэрыджар нахуэ къытхуэмыхъуу иджым къытхунэсарэ иджыми щымыджыжу щытрэ иджым щыджынуми лъабжьэ хуэхъуращ ″априорие″ри, ар иджым щыджынури зэлъытарэ къызтехъукl лъабжьэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, ″априорие″р ″апостериорие″ри зэлъытарэ абы лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэрщ. Зыгуэрым лъабжьэ хуэхъурэ а гуэрыр къызтехъукlыу лъабжьэкlэ зыхэзыубыдэрэ икlи а гуэрым щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэрщи, ар а гуэрым елъытауэ универсалыгъэ зиlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэм къызэрыхэщрэ икlи философиеуи зэралъытэрщи, ″универсал″у ялъытэхэр икlи ″априорие″у лъытапхъэхэрщ; ″априорие″хэри ″универсал″ыгъэ зиlэхэрщ. Ар щыхъукlи, ″партикулар, сингулар″у лъытапхъэхэри ″апостериорие″ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыбы нэмыщl, експедициалу щытыр утыку къызэрихьэр нахуэу щытращи, ар езым хуэlуарэ щхьэжу лъытапхъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мыпхуэдэр зэрылъытэ ″апостериорие″р икlи ″сингулар″рэ ″партикулар″ терминхэмкlэрэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ зэращlщщи, ″априорие″у лъытапхъэхэр ″универсал″ыгъэ зиlэхэу зэрыщыткlэрэ, мыпхуэдэ псоугъэм (универсалыгъэм) хиубыдэ lыхьэрэ зыгуэр закъуэр зэрылъытэ ″партикулар″рэ ″сингулар″ лlэужьыгъуэхэри ″априорие″р лъабжьэ зыхуэхъуу експедициалу ″апостериорие″у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ″универсал″рэ ″априорие″р, ″сингулар, партикулар″рэ ″апостериорие″р зэрызэлъытапхъэри гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъуам ипкъ иткlэ, мыри жыlэпхъэщ: ″априорие″р зыгурыгъэlуэн папщlэ гупщысэрэ философие узхуэныкъуэрщи, експедициалрэ наlуэу утыку ит ″апостериорие″ лlэужьыгъуэри философие узхуэмыныкъуэрщ.

Ауэ мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщи, мы жытlа псалъэхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэмрэ и псалъэхэм зэремызэгъыщэнури гулъытапхъэщ. Сыт щхьэ жыпlэмэ, ″априорие, апостериорие″ терминхэр зэрылъытапхъэу ипэкlэ ″универсал″рэ ″партикулар, сингулар″ терминхэмрэ адыгэбзэ псалъэхэр щызэрызэтлъытам мыр гурыlуэгъуэ къещlыр. Аращи, иджыри ″априорие″рэ ″апостериорие″ терминхэмрэ адыгэбзэ псалъэхэр зэдымыгъэпщами, мы терминхэри адыгэбзэ псалъэхэм теухуауэ зэрымыигъуэщэнур гулъытапхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, псалъэхэр къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэ закъуэущ зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм зэрилъытэри, псалъэхэр

къигъэлъагъуэм теухуауэ зэрылъытэ ″универсал; партикулар, сингулар″ терминхэр икӀи зи гугъу тщӀа ″априорие, апостериорие″ философие терминхэмкӀэрэ зэрылъытэжыпхъэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Ауэ икӀи, зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэм псэлъэбзэр псэлъэпкъым деж къызэрыщӀигъадзэр гурыӀуэгъуэщи, абы псэлъэпкъыр къызэрыхъуа макъхэр нэмыплъ зэрищӀым ипкъ иткӀэ, къызэрыхъуа щӀыкӀэр нахуэ къыхуэмыхъу псэлъэпкъхэр зи гугъу тщӀа философие еплъыкӀэкӀэ ″априорие″у зэрилъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икӀи зэралъытэри, аналитикэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэ къытхуэхъу псэлъэбзэр икӀи зы априорие лӀэужьыгъуэущ зэралъытэр. ИкӀи, псэлъэбзэр ″априорие″у лъытэныр ″априорие″рэ ″апостериорие″ терминхэм зэрезэгъри гулъытапхъэщи, бзэ ужьыгъуэр къызэрыхъурэ дэтхэнэ зы щӀыпӀэм щыухуэну зы псалъэм (апостериорие) лъабжьэ хуэхъур (априорие) а бзэр къызэрыгъуэгурыкӀуэу къыздынэса а джыгъуэм лъабжьэ зэрыхуэхъукӀэрэщ.

Мыпхуэдэу бзэ ужьыгъуэм лъабжьэ хуэхъуу къагъуэгурыкӀуэрэ зы блэкӀа гуэрым щыджарэ а зэрыджа щӀыкӀэри наӀуэ зэрымыхъум зэрезэгъкӀэрэ ″априорие″ лӀэужьыгъуэу ялъыта псэлъэбзэр икӀи зы логие лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэрэ аналитикэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, псэлъэбзэр ″априорие аналитикэ системэ″ущ зэралъытэр.

Зэ щхьэ игъуэрэ пэжу лъытапхъэми, мы псалъэхэр макъыбзэм дежкӀэ зэрымыигъуащэр гулъытапхъэщ. Аращи, макъыр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэм къыщӀидзэу зэрыджарэ утыку къихьа псалъэхэри макъ мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъу макъыбзэр мыпхуэдэу лъытэныр зэрыримыкъурэ зэрымыигъуащэр гулъытапхъэщ. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэрэ утыку къихьа макъхэмкӀэрэ зы блэкӀа жыжьагъэм щыджарэ иджым къынэса адыгэбзэр зэрымакъыбзэм ипкъ зэриткӀэ, зэрыухуарэ зэрылажьэ щӀыкӀэмрэ и псалъэхэм я макъ мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ ялъытэр я щыӀэгъуэкӀэрэ зэралъытэр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӀи, адыгэбзэм и лэжьэкӀэрэ и псалъэхэр зэрыухуар наӀуэ къызэрытхуэхъум зэрезэгъкӀэрэ, ахэр зи гугъу тщӀы бзэщӀэныгъэм псэлъэпкъыр зэрилъытэм хуэдэу ″априорие″у лъытэныр игъуащэ хъукъым. Ауэ икӀи, ″априорие″р философие лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми ипкъ иткӀэ, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэм ялъытэр зэрыухуа макъхэмкӀэрэ я щыӀэгъуэкӀэрэ зэралъытэм зэрезэгъыу ″априорие″уи зэрылъытапхъэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, и блэкӀари икӀэ нэгъунэ анализ зэрыхъуфрэ ар зэрыджа щӀыкӀэр наӀуэрэ икӀи иджыри а зэрыджа щӀыкӀэкӀэ джыфу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ макъыбзэ лэжьэкӀэмрэ и псалъэхэри, ахэр мы щӀыкӀэкӀэрэ ″апостериорие″уи зэрылъытэфынури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, ″априорие″рэ ″апостериорие″ терминхэр зэхуэдэу хуэигъуэрэ имыгъуэу лъытапхъэщ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэри, мы терминхэр адыгэбзэм зэрыхумыигъуэр гурыӀуэгъуэщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэщи, ″априорие″у ялъытэр онтологиеу зэманыгъуэ жыжьагъэм къыщыхъуарэ нобэ къызэрыхъуар наӏуэ къахуэмыхъужращ. Ар а щыджам зэрыджа щӏыкӏэр наӏуэ къытхуэмыхъужу, а лъандэрэ блэкӏа зэманыгъуэм къикӏуа зэхъуэкӏыныгъэкӏэрэ щӏэуфа хъуа джыгъуэращ ″априорие″у ялъытэри, ар а зэрыджа щӏыкӏэкӏэ нобэрэ иджым зэрамыджыжыфым папщӏэ, експедициалу щымыту ялъытэращ. Ауэ а гуэрыр а зэрыджа щӏыкӏэкӏэ иджыри джырэ яджыфу икӏи кӏэлъыплъыфхэу щытатэмэ, ар зэрыигъуэкӏэ зэрылъытэнур ″апостериорие″рти, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэ псалъэхэр икӏи мыпхуэдэщ. Ауэ ипэкӏэ къызэрыхэдгъэщауэщи, макъыбзэ лэжьэкӏэ зиӏэу ухуа псалъэхэр икӏи ″апостериорие″ терминмкӏэ лъытэнри икӏэ нэгъунэ игъуэ зэрымыхъунури гурыӏуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыӏуэгъуэ ящӏыр кӏэщӏыу жытӏэжмэ, мы ″априорие, апостериорие″ терминхэри ипэкӏэ зи гугъу тщӏа ″универсал; партикулар, сингулар″ терминхэм хуэдэжу, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэмрэ мыпхуэдэ щӏыкӏэкӏэ ухуа псалъэхэм езэгъыну терминхэркъым. Мы терминхэр къызтехъукӏарэ зытеухуар жытӏагъэххэщи, ахэр аналитикэу щыт псэлъэбзэу зи псалъэхэр икӏэ нэгъунэ анализ мыхъуф бзэхэм езэгърэ хуэигъуэу жыӏэпхъэми, ахэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэм икӏэ нэгъунэ хуэигъуэ терминхэу лъытапхъэкъым.

Ипэкӏи зэрыжытӏауэщи, ″априорие″рэ ″апостериори″ термэнхэр Кант деж къыщӏидзэ терминхэу, нобэм къэсыху утыку ит философие терминхэрщ. Философие антикэу ялъытэ Алыдж философие нэужьыр зэралъытэ философие класикэм къигъэщӏа терминхэрщ мы зи гугъу тщӏахэри, а философиери нэхъыбэу спекулацэ философиеущ зэралъытэр. Мы философие лӏэужьыгъуэ терминхэу ипэкӏэ зи гугъу тщӏахэр адыгэбзэм зэремызэгъыщэр гулъытапхъэщ. Ауэ, нобэ ипэ ищыу щӏэзыдза философие лӏэужьыгъуэр аналитикэ философиерауэщ зэралъытэри, ар икӏи бзэщӏэныгъэм къигъэщӏа еплъыкӏэ зиӏэу, псэлъэбзэм нэхъ езэгъ философие лӏэужьыгъуэрщ. Аналитикэ философиер бзэщӏэныгъэ еплъыкӏэм езэгъ щхьэ, абы и еплъыкӏэ куэдри адыгэбзэм зэремызэгъынури гурыӏуэгъуэнщ; сыт щхьэ жыпӏэмэ, зи гугъу тщӏы бзэщӏэныгъэм макъыбзэ лэжьэкӏэ зэримылъытэм ипкъ иткӏэ, абы езэгърэ ар зи лъабжьэу ухуа философием и еплъыкӏэрэ и терминхэми адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэр зэрыигъуэкӏэрэ къызэримыгъэунэхуфынурэ зэрыхимыубыдэнури гурыӏуэгъуэнщ.

Ауэ щӏэныгъэм хуэдэжу философиеми зеужьри, ар спекулацэрэ аналитикэу щырет, нобэрей философиери нобэм къызэрыса еплъыкӏэхэм зэрыщхьэщыкӏыр гулъытапхъэщ. Икӏи зэрыгурыӏуэгъуэу, дэтхэнэ зы философием зы физикэ еплъыкӏэ зэриӏэм ипкъ иткӏэ, класикэ философиер зэзэгъ макро физикэм ипӏэр нобэ физикэ щӏэныгъэу куантум физикэм зэриубыдым къызэрыгуэкӏкӏэ, философиеми зихъуэжу лъытапхъэщ. Нытӏэ, макро физикэм езэгъыныгъэ зиӏэу зи гугъу тщӏа класикэ философие еплъыкӏэрэ и терминхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэм

зэремызэгъыщэр гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуащи, нытӀэ, нобэ физикэ дициплинэу утыкур зыӀыгъыну щӀэзыдза куантум физикэ еплъыкӀэми адыгэбзэ лъэныкъуэкӀэрэ щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Аращи, макро физикэм елъытауэ нэхъ физикэ лъабжьэрэ куагъэр зи Ӏуэхугъуэу щыӀэгъуэр утыку къызэрихьэрэ зэрызекӀуэм теухуа куантум физикэм и еплъыкӀэр макъхэр утыку къызэрихьэм къыщӀидзэу ухуарэ псэлъэбзэ къежьапӀэу лъытапхъэ макъыбзэм нэхъ зэрезэгъыпхъэрэ нэхъ пэгъунэгъуу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, илъабжьэкӀэ куантум физикэмрэ адыгэбзэр зэрызэлъытапхъэм теухуауэ жыӀэпхъэхэр къыпытщэнщ.

## КУАНТУМ (КВАНТОВАЯ) ФИЗИКЭМРЭ АДЫГЭБЗЭ МАКЪРЭ ПСАЛЪЭХЭР

Философие терминхэм я гугъу пщӀын хуей щыхъурэ философием ущыхэхьэм деж, фӀэкӀыпӀэ имыӀэу физикэ щӀэныгъэми зыкъызэригъэлъагъуэнур гурыӀуэгъуэнщ. Арагъэнщ философие пщӀын папщӀэ физикэ пщӀэн хуейуэ щӀалъытэри. ИкӀи, дэтхэнэ зы философие лӀэужьыгъуэм зы физикэ еплъыкӀэ дэщӀыгъущи, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа философие терминхэр зытеухуа философие лӀэужьыгъуэр зезэгъри утыку ит макъро физикэрауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

Макро физикэ жыхуэтӀэр дунейм реалу къыщекӀуэкӀыу тлъагъурэ къытӀэрыхьэфу лъытапхъэхэм теухуа физикэу, дызтепсэуухь щӀылъэм теухуарэ хуэӀуа физикэ щӀэныгъэр зэрылъытапхъэращ. Дызтепсэуухь дунейм щхьэщыкӀыу космосым ущыхэхьэм деж, мы физикэ щӀэныгъэр зэрыримыкъунур гурыӀуэгъуэщи, ари астрономиерэ астрофизикэ щӀэныгъэ дициплинэхэм я Ӏуэхущ. Дызтепсэуухь дунейм ущхьэщыкӀыу космосыр гурыӀуэгъуэ къыпхуэзхъун папщӀэ, макро физикэр зэрыримыкъур гурыӀуэгъуэщ, ауэ мыбы нэмыщӀ, къэхъуныгъэрэ космикэу дэтхэнэ щыӀэгъуэр зэрыухуа лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀуу ялъытэ атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэм щыгъуазэ ухуэхъун иужь ущихьэм дежми, аргуэру макроуэ тлъыта мы физикэ щӀэныгъэр зэрыримыкъунур гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэхэр микрорэ наноуэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткӀэ, абыхэм теухуа физикэри микро физикэу лъытапхъэщ. Микрорэ нано пщалъэхэр зи Ӏуэхугъуэ микро физикэри зэралъытэр куантум (квантовая) физикэ щӀэныгъэращ.

Мы жытӀахэм къызэрыхэщщи, ди дунейм хуэӀуауэ лъытапхъэ класикэ физикэм (макро физикэ) космосыр зэрызекӀуэри, атом куэцӀрэ лъабжьэм къыщекӀуэкӀри икӀэ нэгъунэ къигъэунэхуфкъым. Ауэ, къэхъуныгъэрэ щыӀэгъуэ пкъыгъуэ а нэхъ цӀыкӀухэм теухуа куантум физикэмкӀэ космосыр зэрызекӀуэри, дызтепсэуухь дунейм теухуауэ жыӀэпхъэ макро физикэм къалэн зыхуищӀа Ӏуэхугъуэхэри икӀэ нэгъунэ къэзыгъэунэхуф физикэ щӀэныгъэ дициплинэу лъытапхъэщ. Аращи, класикэрэ макро физикэр зэ щхьэ тхурикъу физикэ щӀэныгъэу лъытапхъэми, куантум физикэр макро

физикэм и Iуэхугъуэхэри и лъабжьэкIэрэ икIэ нэгъунэ къигъэунэхуфу лъытапхъэщ. Ауэ мыбы и пхэнджыр зэрымыпэжыр гурыIуэгъуэщи, макро физикэм куантум физикэр зытелэжьыхь Iуэхугъуэхэр къигъэунэхуфу лъытапхъэкъым. Мыбы папщIэщи, физикэ щIэныгъэу нобэ кIуэ пэтрэ утыку итыгъуэ зыгъуэтыр куантум физикэрауэ лъытапхъэщ.

Псалъэхэр зэрылъытэм теухуауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа терминхэр класикэ философие терминхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Класикэ философиери класикэ физикэм (макро физикэ) езэгъ философиеу зэрыщытри жытIагъэххэщ; икIи, нобэр къыздынэсым дэтхэнэ зы щIэныгъэ диципинэр зэрыухуари класикэ физикэрэ философием я еплъыкIэм езэгъыу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. Пэжщ нобэ утыку ит бзэщIэныгъэ лъабжьэр щыухуамрэ куантум физикэм и къуэпсхэр утыку къихьэу щыщIидзар зэхуэдэ зэманыгъуэхэм зэрыхуэзэр, ауэ бзэщIэныгъэр нобэ зытет лъагъуэр макро физикэу тлъыта класикомодерн физикэрэ философием езэгъыу жыIэпхъэщ. Лъабжьэ зэригъуэта а зэманыгъуэм елъытауэ куантум физикэм нобэ фIыуэ зызэриужьарэ зы физикэ дициплинэ зэпэщу зыкъигъэлъагъуэу зэрыщIидзар жыIэпхъэщ; икIи, абы езэгъ еплъыкIэхэр щIэныгъэхэм хэхьэу зэрыщIидзарэ и философиеми зыкъигъэлъагъуэу зэрыхуежьари гурыIуэгъуэщ. Мы псалъэхэм пыщапхъэщи, куантум физикэр лъабжьэ физикэу зэрыщытрэ щыIэр джыурэ утыку къызэрихьэр зи Iуэхугъуэу зэрыщытым папщIэщи, макрорэ класикэ физикэм елъытауэ куантум физикэр философиеми нэхъ хуэпэгъунэгъурэ езэгъ физикэу лъытапхъэщ.

Макрорэ класикомодерн физиэкэмрэ нобэ утыку ит бзэщIэныгъэр зэзэгъыныгъэ зыхуиIэрэ зэтехуэу жыIэпхъэщ. Тлъагъурэ къытIэрыхьэ пкъыгъуэ зыгъуэтахэр класикэ физикэм и Iуэхуу зэрыщытым хуэдэу, псалъэхэр зэрыухуагъэххэущ нобэрей бзэщIэныгъэми и Iуэхур къыздыщежьэр. Макро физикэр щыIэхэр зэрыджрэ утыку къызэрихьэм зэрыхэмыхьэм хуэдэжу, а нэхъ лъабжьэу псэлъэпкъыр зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэми псэлъэбзэ къежьапIэу щыт макъыбзэмрэ псалъэхэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ ещIыр. Аращ икIии, псэлъэбзэ къежьапIэрэ лъабжьэу щыт макъыбзэр нобэрей бзэщIэныгъэ бгъэдэхьэкIэрэ и терминхэм икIэ нэгъунэ наIуэ къызэрамыщIыфынур зэрыгурыIуэгъуэщи, мы псалъэм ипэкIэ зи гугъу тщIа терминхэм теухуауэ жытIахэм пэжыгъэ зэриIэри гулъытапхъэщ.

ИпэкIэ псалъэ гуэрхэм къагъэлъагуэ концепциехэр ″универсал″рэ псалъэ гуэрхэм къагъэлъагъуэхэри ″сингулар″рэ ″партикулар″у зэралъытэм и гугъу тщIагъэххэщи, универсалыгъэ зиIэхэр щыIэгъуэм зэрытеухуарэ икIи философие термин зэрыхъуфынухэри гурыIуэгъуэщ. ″Универсал″у ялъытэхэр фIэкIыпIэ зэримыIэкIэрэ философиеу щыIэхэм теухуа лъабжьэ мыхьэнэ зиIэхэрщи, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ къэхъуа макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэри универсалыгъэ зиIэ псалъэхэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. ИпэкIи и гугъу зэрытщIауэ, макъыбзэ

лэжьэкӀэу къэхъу псалъэхэр универсалыгъэ зиӀэ псалъэхэу зэрыщытым и лъабжьэри мыращ.

ЩыӀэгъуэрэ щыӀэу утыку къихьэр къызэрыхъурэ зэрызекӀуэ лъабжьэм теухуауэ нобэ кӀуэ пэтрэ ипэ ищ физикэ щӀэныгъэу щыт куантум физикэм хуэдэжщи, макъыбзэр псэлъэбзэр зэрыухуа лъабжьэу зэрыщытымрэ, утыку къызэрихьари гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа макъхэмкӀэрэ псэлъэбзэр зэрызекӀуэрэ псалъэхэри къызэрыхъур къэзыгъэунэху лъабжьэ еплъыкӀэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, макъыбзэмрэ нобэрей бзэщӀэныгъэм я зэхущытыкӀэр макро физикэмрэ куантум физикэм я зэхущытыкӀэм ебгъэщхь хъунущ: макро физикэр зыдынэмысыр къэзыгъэунэхурщ куантум физикэри, псэлъэбзэм лъабжьэ хуэхъу макъыбзэр нобэрей бзэщӀэныгъэр зыдынэмыс лъабжьэ зиӀэрэ ар къызэрыпщытапхъэрэ къэзыгъэунэхупхъэрщ. ИкӀи, куантум физикэм утыку къырилъхьэхэр макро физикэкӀэ зэрыумылъытэфым, ауэ куантум физикэкӀэ макро физикэми узэрыхэхьэфым хуэдэжщи, макъыбзэ лэжьэкӀэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, псэлъэпкъыбзэхэр зэрыухуарэ ар зи лъабжьэрэ къежьапӀэ нобэрей бзэщӀэныгъэми ухэхьэфынщ, ауэ макъыбзэм и лэжьэкӀэмрэ къигъэунэхухэр псэлъэпкъыбзэ еплъыкӀэрэ абы къытехъукӀа нобэрей бзэщӀэныгъэм нахуэрэ гурыӀуэгъуэ къыпхуищӀыфынкъым.

Зи гугъу тщӀы еплъыкӀэрэ дициплинэхэр зэрызэщхьэщыкӀым ипкъ иткӀэ, я концепциерэ терминхэри зэрызэмызэгъынур гурыӀуэгъуэнщ. Нобэм къэсыху, физикэрэ дэтхэнэ зы щӀэныгъэм и терминхэр макрокласикэрэ къыпэкӀуэ модернизмэ лӀэужьыгъуэу зэрыухуар гурыӀуэгъуэщи, куантум физикэми езым и еплъыкӀэрэ бгъэдэхьэкӀэм кӀуэ пэтрэ езым хуэфащэ математикэрэ терминхэр къызэригъэщӀым хуэдэжу, макъыбзэми езым хуэфащэ терминхэр къызэригъэщӀыжыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, бзэм и псалъэхэр зэрыухуа макъхэр лъытэныр ахэр зымылъытэ нобэрей бзэщӀэныгъэр зытеухуа псэлъэпкъыбзэ лэжьэкӀэхэми я лъабжьэм щӀэӀэбэнращи, мыпхуэдэр зыхузэфӀэкӀынурэ зыхуэӀуа хъуну псэлъэбзэр макъыбзэрауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, нобэрей бзэщӀэныгъэр псэлъэпкъыбзэ бзэхэм теухуарэ икӀи класикэ физикэм еэзгъмэ, макъыбзэм теухуа бзэщӀэныгъэри класикэ физикэр зыхунэмыс лъабжьэр зи Ӏуэхуж куантум физикэм еэзгъ бзэщӀэныгъэу жыӀэпхъэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, куантум физикэм и Ӏуэхур щыӀэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыӀэр зэрыухуарэ зэрызэхэлъ физикэр къэгъэунэхунращи, зы щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэу щыт псэлъэбзэр къызэрежьарэ зэрыухуа лъабжьэу щыт макъыбзэм теухуа бзэщӀэныгъэри куантум физикэм зэрезэгъынур гурыӀуэгъуэщ.

*

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ япэрей лэжьыгъэхэмрэ мы лэжьыгъэм хиубыдэу ипэкӀэ къэтӀуэтахэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, адыгэбзэм и лэжьэкӀэр псэлъэпкъыбзэхэр зи лъабжьэрэ зи Ӏуэхугъуэу

ухуауэ щыт нобэрей бзэщIэныгъэм зэремызэгъыщэр гурыIуэгъуэнщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ зыщIыу псэлъэпкъыбзэм деж къыщIэзыдзэ зы бзэщIэныгъэрщ нобэрей бзэщIэныгъэри, абы псэлъэбзэ къежьапIэу щыт макъыбзэм теухуауэ жыIэпхъэшхуэ зэримыIэнур гурыIуэгъуэнщ. ЩыIэу утыку итхэу ди щIылъэм щызекIуэхэм теухуащ макро физикэм и еплъыкIэри, ахэр щыIэ зэрыхъурэ я щыIэгъуэкIэрэ зымылъытэрщ макро физикэр. Макро физикэм хуэдэжу лъытапхъэщ нобэрей бзэщIэныгъэри, абы и Iуэхури ухуагъэххэ псэлъэпкъым деж къыщIэзыдзэ бзэ лэжьэкIэрщ. Ауэ, псэлъэбзэр макъхэмкIэрэ зэрыухуар гурыIуэгъуэщи, макъхэр систематикэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ ухуэзыщI макъыбзэр псэлъэбзэр езыр зэрыухуамрэ абы лъабжьэ хуэхъуахэм гулъытэ ухуэзыщIырщ. Аращи, псэлъэпкъыр лъабжьэу зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэр макро физикэм езэгъыу зэрылъытапхъэм хуэдэжу, макъыбзэри макроуэ утыку итхэм лъабжьэ хуэхъурэ ахэр къызэрыхъур зи Iуэхугъуэ куантум физикэм зэрезэгъынур гурыIуэгъуэнщ.

Макъыбзэр псэлъэбзэ къежьапIэрэ пэщIэдзэрщи, ар псэлъэбзэр зэрыухуарэ псалъэхэр утыку къызэрихьар гурыIуэгъуэ къыпхуэзыщI зы бзэрщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа щIыкIэрэ зэрылажьэм лъабжьэ хуэхъуа макъхэм ухуэзышэ зы бзэрщ макъыбзэри, абы теухуа бзэщIэныгъэр куантум физикэм езэгъыу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. ИпэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къызэрыхэщу, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ псэущхьэм къызхигъэIукI макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ космикэ мыхьэнэрэ къалэн зиIэхэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэмкIэрэ ухуэу щIэзыдзэ псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, макъыбзэр макро физикэ еплъыкIэм елъытауэ куантум физикэм езэгърэ икIи макро физикэмрэ куантум физикэм я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэми гулъытэ ухуэзыщIырщ. ЩыIэгъуэ ужьыныгъэкIэрэ утыку къихьа макъхэр я къэхъукIэкIэ щыIэгъуэм теухуа логиерэ мыхьэнэ зиIэхэрщи, мы къызэрыхъуа мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зыхэлэжьыхь макъыбзэр псэлъэбзэр зэрыухуам и лъабжьэри гурыIуэгъуэ къыпхуэзыщIырщ. Макъхэр утыку къызэрихьауэ зи гугъу тщIы мы я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ занщIэу зэрызекIуэ щIыкIэкIэрэщ псэлъэбзэ пэщIэдзэу щыт макъыбзэр зэрыухуэри, зы макъыбзэм и япэрей псалъэхэри макъ псалъэхэрщ. Аращи, макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм ипкъ иткIэ я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ къыхэзыгъэIукIым зэрихьэу зэрыщIидзэкIэрэщ псэлъэбзэри зэрыухуэри, мыпхуэдэу ухуэ псэлъэбзэм и лъабжьэр иджыри бзэ лIэужьыгъуэу щымыт макъхэмкIэрэщ. Мы лэжьэкIэм псэлъэбзэр къегъэщIри, япэрей псалъэхэри ″макъ псалъэ″хэрщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ухуэу щIэзыдзэр зы псэлъэбзэрщи, абы макъхэр аргуэру я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ хэлэжьыхьу псэлъэщIэхэр утыку къызэрихьэкIэрэ псэлъэбзэри зэрыухуэрэ зэрыужьыр гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, псэлъэбзэр макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ занщIэу зэрызекIуэу ″макъ мыхьэнэ″кIэрэщ

зэрыухуэри, мыпхуэдэу макъ мыхьэнэкӀэрэ макъыбзэу ухуэ псэлъэбзэм къигъэщӀ мыхьэнэхэри ″бзэ мыхьэнэ″уэ утыку къохьэр. МакъхэмкӀэрэ ухуэ псэлъэбзэм къигъэщӀ бзэ мыхьэнэхэр хроникэ зэрыхъукӀэрэщ зы щыӀэгъуэ зыгъуэта псэлъэбзэ жыхуэтӀэр зэрызекӀуэ ″псалъэ″ жыхуэтӀэхэр утыку къызэрихьэр. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, ухуагъэххэ псэлъэбзэр зэрызекӀуэр ″псалъэ″ жыхуэтӀэхэмкӀэрэщи, псалъэхэм я лъабжьэр ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтӀэхэращ; абыи и лъабжьэр ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ жыхуэтӀэхэращ. Аращи, макро физикэм езэгъыу лъытапхъэу зы щыӀэгъуэ зиӀэ псэлъэбзэмрэ абы и псалъэхэр макъхэмкӀэрэ зэрыухуэрэ утыку къызэрихьэм щыгъуазэ ухуэзыщӀ зы бзэ лӀэужьыгъуэрщ макъыбзэри, ар макро физикэм лъабжьэ хуэхъу куантум физикэм еплъытэ хъуну зы псэлъэбзэ лӀэужьыгъуэу лъытапхъэщ. ″Макъыбзэ″ жыхуэтӀэр псэлъэбзэмрэ ар зэрызекӀуэ псалъэхэу макроуэ утыку итым и пэщӀэдзэрэ лъабжьэр къэзыгъэунэхуу зэрыщытым папщӀэ, макро физикэ нэхърэ куантум физикэм зэрезэгъынур гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщӀы ″псалъэ″рэ ″псэлъэпкъ″ыр лъабжьэу зылъытэ нобэрей бзэщӀэныгъэр макро физикэмрэ абы езэгъ философие еплъыкӀэхэм зэрезэгъым хуэдэжу, псалъэхэмрэ псэлъэбзэр зэрыухуэ лъабжьэу псэлъэбзэ щӀыбыу щыт лъабжьэм гулъытэ ухуэзыщӀ макъыбзэри куантум физикэмрэ абы езэгъ философие еплъыкӀэм –философие щыпкъэм- езэгъыу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, псэлъэпкъыр лъабжьэу зылъытэрэ ар утыку къызэрихьар икӀи зэрыухуа макъхэр зимыӀуэху нобэрей бзэщӀэныгъэм елъытауэ зэманыгъуэ жыжьэм ухуегъакӀуэр макъыбзэ жыхуэтӀэм. Макъыбзэр псэлъэбзэ къежьапӀэрэ лъабжьэращи, икӀи псэлъэбзэ мыухуэ ипэми гулъытэ хуэщӀыныгъэм ухешэр. Псэлъэпкъыр зи лъабжьэ нобэрей бзэщӀэныгъэр зы псэлъэбзэр макроуэ утыку зэритрэ зэрылажьэр гурыӀуэгъуэ къыпхуэзыщӀырщ, ауэ макъыбзэм теухуа бзэщӀэныгъэр дэтхэнэ зы псэлъэбзэмрэ икӀи псэлъэпкъыбзэри зэрыухуар гурыӀуэгъуэ къыпхуэзыщӀыну зы бзэщӀэныгъэрщ. Псэлъэпкъыбзэр псэлъэбзэм и щапхъэрэ щыпкъагъэу щыплъытэм деж, макъыбзэр мыр зыхэзыкъутэрщ. Мы жытӀахэм зэрезэгъщ нобэрей бзэщӀэныгъэмрэ макъыбзэщӀэныгъэм я зэхущытыкӀэр. ИкӀи, мы жытӀахэр макро физиэкэмрэ куатум физикэм я зэхущытыкӀэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ.

Макро физикэр зытеухуа формэхэр дэ щыӀэгъуэ зиӀэхэм хуэдэ формэ зиӀэхэрщи, мыпхуэдэ формэм кӀуэдыгъуэ къыхуэзыгъакӀуэ еплъыкӀэщ куантум физикэр. Мы жытӀахэм зэрезэгъыр гурыӀуэгъуэщ псэлъэпкъыбзэмрэ макъыбзэм я зэхущытыкӀэри, макъыбзэ еплъыкӀэр псэлъэпкъыбзэ еплъыкӀэр зэрызекӀуэ формэрэ терминхэр зыхуримыкъурэ зэхэзыкъутэрщ. Аращи, куантум физикэм езэгъыу зи гугъу тщӀа адыгэбзэ макъыбзэ еплъыкӀэм икӀи макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэхущытри къызэрыщыпхъэри гурыӀуэгъуэнщ: макро физикэ формэхэр утыку итрэ зэрыщӀа щӀыкӀэу щӀы лӀэужьыгъуэхэу лъытапхъэмэ,

макроуэ утыку ит гуэрымрэ (щl) абы и купщlэр (пщl) зэрызэхуэмыдэр, икlи а гуэрым (щl) и кlуэцlрэ куцlыр (цl) а гуэрыр и формэкlэ зэрымылъытапхъэрэ абы и формэр (щl) щыкlуэдрауэ (цl) зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Макро физикэр хъуарэ утыку итыххэ макро формэхэм теухуащи, мыпхуэдэ еплъыкlэр псэлъэбзэм теухуауэ псэлъэпкъыбзэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ; ауэ, а утыку итрэ а зэрыхъун хъуауэ лъытапхъэм и лъабжьэмрэ (хъ) ар зэрыухуэрэ къызэрыхъур (″хъ-у″ → хъун) зи lуэхугъуэращ куантум физиэкэри, псэлъэбзэм теухуауэ мыри псалъэрэ псэлъэпкъыр (мыр зи lуэхугъуэ псэлъэпкъыбзэр) утыку къызэрихьэ лъабжьэри къэзыгъэунэху макъыбзэ еплъыкlэм зэрезэгъынур гулъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, макро физикэ дунеймрэ куантум физикэ дунейм и логиер зэхуэдэкъым. Макро физикэм теухуа гуэрыр куантум физикэ логиекlэ щызэпкъырыпхым деж, макро физикэ формэр мэкlуэдыр. Ауэ икlи зэрыгурыlуэгъуэу, макро формэу утыку къихьэр къызэрыхъурэ щыlэ зэрыхъури куантум дунейм къыщекlуэкl lуэхугъуэкlэрэщи, ар къызэрекlуэкl логиемрэ макро дуней логиейр зэхуэдэкъым. Куантум дунейр макро дунейм аткlэрэ и лъабжьэрщ. Макро физикэмрэ куантум физикэм мы я зэрызэхущытыкlэр псэлъэпкъыбзэхэмрэ макъыбзэм я зэхущытыкlэм зэрыхуэдэри гулъытапхъэщ; псалъэр лъабжьэу зылъытэ псэлъэпкъыбзэмрэ макъыбзэр зэрызэщхьэщыкlри макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкlым хуэдэрэ ебгъэщхь зэрыхъунур гулъытапхъэщ. Аращи, куантум логиекlэ макро логием узэрикlым хуэдэу лъытапхъэщи, макъыбзэ логиеми ″псалъэ″ жыхуэпlэр зэрызэпкъырыпхкlэрэ ар зэрыухуа макъхэм ухуигъакlуэу, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэми унехьэсыфыр; ар щыхъукlи, псалъэмрэ псэлъэбзэм аткlэ унэсу, ар зэрыухуарэ щыухуа щыгъуэу абы щыlэгъуэ лъабжьэ щигъуэтар къыбгурегъуаlуэр.

Нобэм нэгъунэ утыку ита физикэ щlэныгъэр макрорэ класикомодернрауэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы и лъабжьэм щlэlэбэжу утыку къихьа куантум физикэр къызэрыlуатэ псалъэрэ терминхэри макро физикэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэнщ. Аращи, зэхуэмыдэ физикэ дициплинэхэр макро физкэмрэ куантум физикэри, нобэ зыкъэзыгъэлъагъуэрэ итыгъуэ зыгъуэту щlэзыдза куантум физикэр макро физикэ терминхэмкlэ къэlуэтэныр зэрыимыгъуащэри гурыlуэгъуэнщ. Куантум физикэр математикэбзэкlэ утыку къыралъхьэрэ къагъэлъагъуэу щытми, ипэкlэ къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъуу, куантум физикэр нобэ игъуэрэ зыхуэфащэу къызэрыlуэтэфыну псалъэрэ терминхэри зыхуэныкъуэрщ. Нобэм къызэрынэсакlэрэ макро физикэ терминхэр зыхуримыкъурщ куантум физикэри, а терминхэр къэзыгъэщlарэ икlи и лэжьэкlэрэ еплъыкlэри макро физикэм езэгъ нобэрей бзэщlэныгъэр къызтехъукlа псэлъэпкъыбзэхэращ; абы и еплъыкlэрэ и лэжьэкlэм куантум физикэм хуэфащэ еплъыкlэрэ терминхэр

къигъэщӏыфынуи къызэрыщӏэмыкӏынури гурыӏуэгъуэнщ. Кӏэщӏыу жыпӏэмэ, куантум физикэр зытеухуа ӏуэхугъуэхэр зэрылъытапхъэ зы бзэ зыхуэныкъуэрщ; нобэм къынэса логием щхьэщыкӏыныгъэ зыхуиӏэ куантум логиер къызэрыӏуэтэфыну зы бзэрэ игъуэ псалъэхэр зыхуэныкъуэрщ.

Ар къызэрыӏуэтэну псалъэрэ терминхэр къэгъэщӏыныр зы лъэныкъуэрэ нэгъуэщӏ ӏуэхугъуэщ; ауэ, ипэкӏэ къэтӏуэтахэм къызэрыхэдгъэщауэщи, псэлъэбзэ пэщӏэдзэрэ лъабжьэу щыт зы макъыбзэр макро физикэм лъабжьэ хуэхъуу зи гугъу тщӏы куантум физикэм зэрезэгъынур гурыӏуэгъуэщ. Аращ икӏии, зи мыхъуми, куантум физикэм и лэжьэкӏэрэ и еплъыкӏэр макъыбзэ лэжьэкӏэрэ еплъыкӏэмкӏэ нэхъ гурыӏуэгъуафӏэ зэрыхъунур хуиту жыӏэпхъэщ. Зи лъабжьэр щӏэударэ зэрыухуа макъхэр зыхэгъуэщэжауэ икӏи зымылъытэжу щытрэ макро физикэм езэгъ формэхэр зи ӏуэхугъуэу къекӏуэкӏ псэлъэпкъыбзэмрэ, ар зи лъабжьэу ухуа нобэрей бзэщӏэныгъэм куантум логием езэгъыну псалъэрэ терминхэр утыку къызэрыримылъхьэфынури жытӏагъащи, мыпхуэдэ зы логиерэ физикэр игъуэу къызэрыӏуэтапхъэри абы езэгъ логие зиӏэу псэлъэбзэр зэрыухуа щӏыкӏэр къызхэщрэ зыхэлъыж зы бзэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщ; - мыри зы макъыбзэу зэрлъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщ.

Мыбдежым пыщапхъэщи, куантум физикэр къызэрыӏуэтэну псалъэрэ терминхэр утыку къилъхьэн ӏуэхугъуэу зэрыщымытыр гурыӏуэгъуэнщ мы лэжьыгъэр. Ауэ, куантум физикэмрэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макърэ псалъэхэм гурыӏуэгъуэ къытхуащӏхэр зэрызэлъытапхъэмрэ, мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏахэм нэхъри щыгъуазэ узэрыхуищӏынур жыӏэпхъэщ и лъабжьэкӏэ къедгъэкӏуэкӏыну лэжьыгъэм.

*

Зэрыгурыӏуэгъуэщи, мыбдежым ди ӏуэхур куантум физикэр къэгъэунэхунрэ гурыӏуэгъуэ щӏынракъым, ауэ макъыбзэр псэлъэбзэм и къежьапӏэрэ лъабжьэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, ар физикэ лъабжьэу зыкъэзыгъэлъагъуэ куантум физикэм и бгъэдэхьэкӏэм зэрезэгъым гулъытэ хуэщӏынращ. Мыбы папщӏи, япэрауэ макрорэ класикомодерн физикэмрэ куантум физикэр зытеухуарэ я бгъэдэхьэкӏэри зэрызэщхьэщыкӏым щыгъуазэ дыхуэхъуу, псэлъэбзэм теухуарэ псэлъэпкъыбзэхэр зи ӏуэхугъуэ нобэрей бзэщӏэныгъэмрэ макъыбзэм и еплъыкӏэр зэрызэщхьэщыкӏми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкӏыр я ӏуэхуу ялъытэхэм я "инагъ"рауэ жыӏэпхъэщ. Макро физикэр мы зэрылъытами зэрезэгъщи, тлъагъурэ къытӏэрыхьэу ди дунейр зэрызекӏуэкӏрэ къызэрекӏуэм теухуащ; ди дунейм хуэӏуа физикэрщ ари, мы дунейм щылъытэ пкъыгъуэхэмрэ ахэр зэрызэлъытам теухуащ. Мыхэр зэрызэпкъырылърэ зэрыухуэ лъабжьэрэ пкъыгъуэ цӏыкӏухэри куантум физикэм и ӏуэхугъуэщ. Нобэрей бзэщӏэныгъэм и ӏуэхури псэлъэпкъым дежращ къыздыщӏидзэри, ахэр префикс-суффикскӏэрэ зэрылажьэу

къэгъэлъэгъуэн къалэн зэрагъэзащlэкlэрэ, псалъэхэм къагъэлъагъуэ зэкlэлъхьэужьыкlэкlэрэ ухуэ псалъэухыгъэм зи гугъу ищlыу утыку къырилъхьэ мыхьэнэращ къалэн зыхуищlыжу и lуэхур. Макъыбзэр псалъэхэр зэрыухуа макъхэм дежщ къыздыщlидзэри, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм ипкъ иткlэ псэлъэбзэр зэрыухуэмрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэр зыхуэнахуэрэ зи lуэхужщ.

Класикэ физикэм и геомериер Евглид геометриеу щыт зэхуапlэ защlэу ухуа геометриерщ, ауэ куантум физикэм езэгъ геометриер мыпхуэдэ зэхуапlэ зиlэ геометриекъым. Евглид геометриер линиер геометриерщ, ауэ куантум геометриер линиер зекlуэкlэ зимыlэрэ зымылъытэрщ. Нобэ зыгуэрыр линиер геометрием теухуауэщ зэрылъытэрэ утыку къызэрыралъхьэри, мыбырэ нобэрей бзэщlэныгъэм псэлъэпкъхэр зэрылажьэ щlыкlэу зэрилъытэр зэхуэдэ логиеу лъытапхъэщ. Аращи, нобэрей бзэщlэныгъэм дежкlэ бзэм и лъабжьэр псэлъэпкъращи, ар префиксрэ суффикскlэрэ занщlэу псалъэу утыку къихьэрэ лэжьэкlэ зыгъуэтущ зэрилъытэр. Ауэ, макъыбзэм и макъхэр утыку къызэрихьа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэщ псалъэр зэрыухуэу зэрилъытэри, утыку къихьа зы псэлъэпкъым езыр занщlэу зы псалъэщ, ар лэжьэн папщlэ префикс-суффикс зыхуэмыныкъуэрщ; икlи псалъэхэм къыпыхьэжу псалъэр зыгъэлажьэ макъхэми (ахэр "префикс-суффикс"у плъытэми) я мыхьэнэрэ къалэныр псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэрэ къалэным хуэдэжщ. Ауэ икlи пыщапхъэщи, макъхэм дыщытелэжьыхь ипэрей лэжьыгъэ lыхьэхэм деж, макъ мыхьэнэрэ лэжьэкlэ гуэрхэм теухуауэ зетхьа "линие, линиер" псалъэхэр Евклид геометрием теухуауэ зыгурыгъэlуэн зэрыхуэмейри гулъытапхъэщ, икlи игъуэ щыхъуам деж, Евклид геометриер макъыбзэ логием зэремызэгъри къыхэдгъэщагъащ. Аращи, а зетхьа "захуэ, занщlэ; линие, линиер" псалъэхэм концепциалу Евклид геометрием теухуа линиер щlыкlэ зэрамылъытэр гурыlуэгъуэщ, икlи щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ къызэрыхъум и формэр "хъурей"уэ зылъытэ адыгэбзэ логиер Евклид геометрием и линиерыгъэм зэрытемыухуэнури гулъытапхъэщ.

Класикэрэ макро физикэм и геометриер линиеру Евклид геометриерщ, икlи зэманыр щхьэхуэу зылъытэ мы геометриер зэманыр геометрием сытым дежи зэрыхэлэжьыхьрэ геометриери зэрыджыр зымылъытэ еплъыкlэрщ. Куантум физикэкlэ зэманри геометрием и зы измерениеущ зэрылъытэри, абы зэманрэ щыlэгъуэр зэдэджыгъуэущ зэрилъытэр. "Зэман"ымрэ "хьэрычэт"ыр зэхуэдэу зылъытэ куантум физикэм "зэман"ыр щхьэж зы щыlэгъуэ зиlэу зымылъытэрщи, "зэман"рэ "хьэрычэт"ыр зэхуэдэ lуэхугъуэу щылъытэм деж, "зэманым" хуэдэжу "хьэрычэт"и куантум физикэкlэ щхьэжу зэрымылъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Куантум физикэм зэрилъытэкlэрэ "зэман-еспас" жыхуаlэр зэхэмыгъэкlыпхъэу зэдэщlыгъущи, мыбы къикlри зэманымрэ щыlэгъуэр зэрызэдэщlыгъуращ.

Мы жытlахэм уигу къызэригъэкlщи, щыlэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ логие лlэужьыгъуэщ псэлъэбзэри, нобэрей бзэщlэныгъэр къызтехъуакlарэ

нэгъуэщӏ бзэ куэдми "зэман"рэ "хьэрычэт"ыр псалъэкӏэ къэӏуатэу язэрыхэтыр гурыӏуэгъуэщ; ауэ бзэм щымыӏэрэ къэмыхъур зэримылъытэнум зэрезэгъкӏэрэ куантум физикэм езэгъыу жыӏэпхъэщи, адыгэбзэм "зэман"рэ "хьэрычэт" псалъэхэр зэрыхэмытыр гулъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм "зэман"рэ "хьэрычэт" зэрылъыта псалъэ хэткъым, ауэ ахэр макъ гуэрхэм я мыхьэнэрэ къалэнкӏэрэ бзэ лэжьэкӏэм гурыӏуэгъуэ къащӏыр. Икӏи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуа щӏыкӏэм езыр зэманрэ хьэрычэт къалэн зыгъэзащӏэ макъхэмкӏэрэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Адыгэбзэм и макъхэм щыщу утыку къызэрихьэми зэрезэгъкӏэрэ макъ геометриер зэрыухуэм лъабжьэ хуэхъуу "функциал зэман"рэ "функциал хьэрычэт" зэрылъытэ макъращи (э) , мыри куантум физикэм "зэман"рэ "хьэрычэт"ыр зэрилъытэм езэгъыу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэм лъабжьэ хуэхъуу функциал зэманрэ хьэрычэт зэрылъытэ мы макъым (э) нэмыщӏыу, я мыхьэнэкӏэрэ икӏи зэманыгъуэ зэрылъытэу хэлэжьыхь макъхэри зэрыхэтыр гурыӏуэгъуэщ.

Макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкӏ зы ӏуэхугъуэри зытеухуахэр зэрылъытэрэ къызэрыпщытэм теухуащ. Аращи, макро физикэм теухуа ӏуэхугъуэхэр къэпщытэнрэ зэгъэпщэныр гугъукъым, ахэр зэрызэбгъэпщэн зы пщалъэхэр къэгъуэтыгъуейкъым. Ауэ куантум физикэм и ӏуэхур щыӏэгъуэ зэрыухуэ лъабжьэ физикэращи, щыӏэу утыку итыр и лъабжьэкӏэрэ зэгъэпщэныгъэр гугъущ; щыӏэм щыӏэгъуэ зэригъуэт щӏыкӏэу щыӏэ лъабжьэкӏэрэ зэгъэпщэныгъэ пщалъэ зэрыгъуэтыгъуейр гурыӏуэгъуэнщ. Щыӏэр къызэрыхъу лъабжьэ физикэрщ куантум физикэм и ӏуэхури, щыӏэ лъабжьэ физикэм езыр къызэрыхъур и ӏуэхуу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, абы езыр къызэрыунэхур гурыӏуэгъуэ зэрызыхуэпщӏын нэмыщӏыу щхьэхуэу зы пщалъэ щыӏэкъым. Аращи, зэбгъэпщэнур щыӏэгъуэ къызтехъукӏ физикэм езыращи, абы и пщалъэри къэппщытэм езыращ. Икӏи, щыӏэгъуэ лъабжьэ физикэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, куантум физикэкӏэ зэгъэпщэныгъэрэ експедицэм ар зыгъэзэщӏэнури зэрыхиубыдэр гурыӏуэгъуэщи, ӏуэхур нэхъри хэкӏыгъуей зэрыхъунур гурыӏуэгъуэнщ. Мы псалъэхэм гурыӏуэгъуэ зэращӏщи, зэгъэпщэн пщалъэ лъытэнкӏэ гугъу емыхь макро физикэм и ӏуэхур зэгъэпщэныгъэрэ експедицэкӏэ зэфӏэкӏыу лъытапхъэщи, абыи илъабжьэр зэрызыфӏэмыӏуэхум зэрезэгъкӏэрэ позитивизмэ еплъыкӏэм къыдэщӏрэ ар зыпӏырщ. Ауэ, куантум физикэр зи гугъу тщӏа щӏыкӏэу зэрыщытым папщӏэ, онтологиерэ философие лӏэужьыгъуэ пэлъытэу лъытапхъэщ икӏии, ар позитивизмэ еплъыкӏэкӏэ зыхуримыкъуу, нэхъ гупщысэ куу зыхуэныкъуэрэ икӏи къэзгъэхъурщ.

Макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэхущытыр мы къэтӏуэтахэм хуэдэщи, псэлъэбзэм дыкъыхуэкӏуэмэ, нобэрей бзэщӏэныгъэм лъабжьэу илъытар псэлъэпкърауэ зэрыщытым зэрезэгъкӏэ, абы псалъэхэр зэрилъытэр макро физикэм и ӏуэхугъуэхэм хуэдэу лъытапхъэщи, псалъэхэр зэрыухуа щӏыкӏэр зэримыӏуэхукӏэрэ зытеухуар зэрыщыту

зэрылъытэущ зэрилъытэр. Макро физикэм ухуагъэххэу утыку итым и лъабжьэр нэмыплъ зэрищIыфым хуэдэжу, нобэрей бзэщIэныгъэми псалъэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ зэрищIыр гурыIуэгъуэщи, абы и Iуэхур псалъэм илъытэр щилъытэм деж зэфIокIыр. Ауэ, псалъэр къызэрыхъуа лъабжьэу макъхэр зылъытэ макъыбзэр мыпхуэдэкъым. Абы и Iуэхур псалъэр къызэрыхъуа лъабжьэу макъхэм дежщ къыздыщIидзэри, а макъхэри къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэщ зэрилъытэр. Мыпхуэдэу, макъхэр щыIэгъуэ ужьыгъуэм къызэригъэщIакIэрэ щылъытэм дежи, макъыбзэ лэжьэкIэр занщIэу щыIэгъуэм пыщIауэ онтологиерэ философие лIэужьыгъуэрщ, икIи ахэр зыпIрэ зыгъэлажьэрщ. Къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъыу щытщ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри, ахэр икIэ нэгъунэ гурыIуэгъуэ зыхуэщIынри гугъущ; дэтхэнэ зы макъыр гурыIуэгъуэ зыхуэщIын папщIэ, макъыу хъуар лъытэнрэ зэрызэлъыта щIыкIэи гулъытэ хуэщIын зэрыхуейр, икIи абыхэмкIэрэ ухуа бзэр зэрыщыту лъытэн зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэ нэужьу пыщапхъэщи, куантум физикэр щыIэгъуэ физикэм теухуарэ макро физикэми и лъабжьэжу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, нобэрей бзэщIэныгъэм бзэр зэрилъытэ псэлъэпкъыбзэм елъытауэ макъыбзэри мыпхуэдэщ. Куантум физикэм макъро физикэм и лъабжьэм зэрытеухуам хуэдэжу, макъыбзэри псэлъэпкъыбзэм и лъабжьэм теухуарэ и лъабжьэжщ. Мыбы папщIэщи, физикэр макро физикэу къызгурыIуам куантум физикэр къыгурыIуэныр зэрыгугъум хуэдэжу, нобэрей бзэщIэныгъэм зэрилъыта щIыкIэкIэ бзэр зыгурыIуами абы и лъабжьэжу щыт макъыбзэр къыгурыIуэгъуафIэкъым. Псалъэм папщIэ, макъро физикэм из защIэу илъытэ зы пкъыгъуэм и кIуэцIыр %99 нэщIыу зылъытэ куантум физикэм мы жиIэр макро физикэкIэ зэрыгурыIуэгъуейм хуэдэжщи, псалъэр зытеухуарэ зыхуэIуауэ бзэм зэрызекIуэм елъытауэ нэхъ мыхьэнэ куу зиIэу зылъытэ макъыбзэ еплъыкIэри псэлъэпкъыбзэ еплъыкIэ зиIэм дежкIэ гурыIуэгъуафIэкъым. Аращи, зы псалъэм илъытэр ар зэрыухуа макъ мыхьэнэкIэрэ и щыIэгъуэкIэрэ зэрилъытэр жызыIэ макъыбзэр псалъэр зыгуэрыр ауэ къызэрыкIуэу къэзыгъэлъагъуэу мыхьэнэншэ макъкIэрэ ухуауэ жызыIэ нобэрей бзэщIэныгъэм есахэмкIэ гурыIуэгъуафIэ зэрымыхъунур гурыIуэгъуэщ.

Макро физикэм теухуа псалъэхэмкIэрэщ икIи куантум физикэри къызэрытIуатэри, зытеухуарэ зыхуэIуа гуэркIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа псалъэхэм къагъэлъагъуэ а гуэрым и лъабжьэрэ кууагъэр гурыIуэгъуафIэ къызэрытхуамыщIыфынури гурыIуэгъуэнщ. Мыбы ещхьэщ нобэрей бзэщIэныгъэм псалъэр зэрилъытэмрэ макъыбзэм псалъэр зэрилъытэ щIыкIэри зэрызэлъытар. Аращи, нобэрей бзэщIэныгъэм зэрилъытэ щIыкIэу къэгъэлъэгъуэн къалэнкIэрэ зыгуэрым хуэIуарэ теухуауэ макъ мыхьэнэншэкIэ ухуа псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэкIэрэ и кууагъэкIэ зыгурыгъэIуэжыныр гугъущ; икIи, зыгуэрым теухуарэ хуэIуауэ

къыдгурыӀуа псалъэхэмкӀэ псалъэхэр зэрыухуа лъабжьэр къэӀуэтэнрэ зыгурыгъэӀуэри гугъу зэрыхъунури гурыӀуэгъуэщ.

ИпэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэщи, макро физикэм теухуауэ пщалъэ зэрылъытэфым ипкъ иткӀэ, експедицэ ящӀымрэ зыщӀыр, експедицэмрэ абы кӀэлъыплъыр зыр зым щымыщрэ зэхэмыгъуащэу объективу мэлъытэфыр. Ауэ, щыӀэгъуэ лъабжьэм теухуарэ щыӀэгъуэ лъабжьэри щыӀэхэм я зэхуэдэу я лъабжьэу зэрыщытыр зылъытэ куантум физикэкӀэ експедицэмрэ ар зыщӀыр, зыкӀэлъыплъымрэ кӀэлъыплъыр объективыгъэ зыхуамыӀэфыну лъабжьэкӀэ зэпыщӀарэ зэхуэдэщ. Експедицэ зыщӀыр ищӀ експедицэми щыщрэ пыщӀауэ, икӀи кӀэлъыплъри зыкӀэлъыплъым щыщрэ пыщӀауэщ куантум физикэм зэрилъытэр. Аращи, сытми и лъабжьэр зэхуэдэу зэрыщытым ипкъ иткӀэщ куантум физикэ щӀэныгъэр къызэрекӀуэкӀ щӀыкӀэри, макъхэри щыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэрэ къызэрыхъуам ипкъ иткӀэ, ахэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ зыхэлэжьыхь макъыбзэм дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэр мы макъ мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ ухуэ псалъэхэмкӀэрэщи, зэхуэдэ макъкӀэрэ ухуа псалъэхэр зэхуэдэ лъабжьэ зиӀэу зэрылъытапхъэ гурыӀуэгъуэщ; мыбы папщӀэщи, зэхуэдэ макъкӀэрэ ухуа зы псалъэмкӀэ макро физикэу зэхуэмыдэ Ӏуэхугъуэхэр зэрылъытэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Ар щхьэ, нобэрей бзэщӀэныгъэм псалъэр зэрыухуа лъабжьэу щыт макъхэр зэримылъытэм папщӀэщи, зы псалъэр макро зы Ӏуэхугъуэр зэрылъытэрэ а зы Ӏуэхугъуэр къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащӀэрщ.

Куантум физикэкӀэ сытри зэпхарэ зэпыщӀауэщ зэрылъытэр щыӀэгъуэ лъабжьэкӀи, макъыбзэм къиӀуатэхэр къызэриӀуатэ щӀыкӀэри макъхэр утыку къызэрихьа щӀыкӀэу щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ щӀыкӀэм елъытарэ теухуауэщ. Сытри лъабжьэкӀэ зэпхарэ зэлъытауэ зырэ зэхуэдэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, щыӀэгъуэ лъабжьэм къыщӀидзэу ухуэр къызэрыгъэунэхуфынур гурыӀуэгъуэнщи, мыр куантум физикэмрэ макъыбзэм я бгъэдэхьэкӀэм езэгърэ яхузэфӀэкӀыну Ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэри методикэу индуктиву зэрылъытапхъэм ипкъ иткӀэ, куантум физикэмрэ макъыбзэр индуктив методикэу зэрылэжьэфынур гурыӀуэгъуэнщ. Лъабжьэм къыщӀидзэу зэрылажьэм къызэрыгуэкӀкӀэ, куантум физикэр макро физикэм и Ӏуэхугъуэхэри къэзыгъэунэхуфыну физикэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, ухуарэ утыку къихьагъэххэу щыт щыӀэгъуэм теухуа физикэр зи Ӏуэху класикэ физикэм и дедуктив методикэкӀэрэ куантум физикэм и лэжьыгъэхэм зэрыхунэмысыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщи, псэлъэпкъыбзэ лэжьэкӀэм теухуа нобэрей бзэщӀэныгъэм и дедуктив бгъэдэхьэкӀэр - икӀи абы и этимологие дициплинэри- макъыбзэ лэжьэкӀэм зэрыхунэмысынури гулъытапхъэщ. Аращи, класикэ физикэр зытеухуа Ӏуэхугъуэхэр куантум физикэм индуктиву къызэригъэунэхуфым хуэдэжщи, псэлъэпкъыбзэ лэжьэкӀэри макъыбзэм индуктиву къигъэунэхуфынщ. ИкӀи, псэлъэпкъыбзэм псалъэ зэхэлъхьэнрэ зэгугъэхэн щӀыкӀэкӀэ къигъэщӀыф псэлъэщӀэхэм нэмыщӀ, занщӀэу макъкӀэрэ псэлъэщӀэ къигъэхъуныр зэримыӀуэхури гурыӀуэгъуэщ; ауэ, макъхэм я

мыхьэнэрэ къалэнхэр гурыIуэгъуэ хъуа нэужь, дэтхэнэ гуэрыр и щыIэгъуэрэ и щыIэкIэм зэрезэгъкIэрэ къызэрыIуэну псэлъэщIэхэр макъыбзэ лэжьэкIэу макъкIэрэ зэрыухуэфынури гурыIуэгъуэнщ.

Мыбдежым пыщапхъэщи, макро физикэ еплъыкIэ зыгъуэтахэм дежкIэ, куантум физикэр зыгурыгъэIуэныр зэрыгугъур гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэщ икIии, псэлъэбзэ къежьапIэр псэлъэпкъым дежу зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэ еплъыкIэ зыгъуэтахэм дежкIи, макъыбзэ лэжьэкIэмрэ абы хуэфащэ щIэныгъэм хуэкIуэнрэ апхуэдэ бзэщIэныгъэр зыгурыгъэIуэныр зэрыгугъури гурыIуэгъуэщ.

Ауэ икIи, мы ипэкIэ и гугъу зэрытщIа щIыкIэу, макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкIым, икIи мыхэр зэрызэлъытэ щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ псэлъэпкъыбзэмрэ макъыбзэр зэрызэщхьэщыкIым – мащIэми- гулъытэ хуэтIщауэ жыIэпхъэщ. Куантум физикэмрэ макро физикэр зэрызэщхьэщыкIыр мы ипэкIэ къыщытIуэтахэм къызэрыщымынэри гурыIуэгъуэщ, икIи макро физикэр зэрыхъун хъуауэ лъытапхъэми, куантум физикэр ноби ужьыгъуапIэм зэрытетри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, куантум физикэр макъыбзэ лэжьэкIэм зэрезэгъыу зэрытлъытам ипкъ иткIэ, куантум физикэм теухуа гуэрхэр адыгэбзэм зэрезэгърэ икIи къызэрыIуэтапхъэ щIыкIэхэми илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

"Куант" псалъэр латиныбзэкIэ "дапщэ/дапщэщ, хуэдиз/зыхуэдиз" хуэдэ мыхьэнэ зиIэ псалъэрщ. Ауэ, физикэу абы траухуа мыхьэнэри гурыIуэгъуэ зыхуэщIын хуейщи, "куантум физикэ"р зэрылъыта "куант" жыхуаIэр "зэман"рэ "еспас"ыр щызэпкъырыувэуэщ зэралъытэр. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, "зэман-еспас" зэхэлъыныгъэм къигъэлъагъуэ векторырщ "куант"ыр, е "зэман-еспас"иал векторщ "куант" жыхуаIэр.

"Куант"ыр гурыIуэгъуэмэ, "куантум" жыхуаIэри "куант"кIэрэ къекIуэкI системэращи, "куантум физикэ"р "куант"ыр зэрылъытэкIэрэ къекIуэкI мы системэм теухуа физикэ щIэныгъэращ.

Куантум физикэм и псалъэхэу "куант"ри, "зэман"рэ "хьэрычэт"ри, "еспас" псалъэри езым къигъэщIа псалъэхэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщи, ахэр бзэхэм хэт псалъэхэу куантум физикэ теорием зэрилъытэм езэгъ мыхьэнэ зэрытеухуакIэрэ зэрахьэу щIадза псалъэхэщ. Адыгэбзэми "зэман"рэ "еспас"ыр зэрылъытэ псалъэхэр зэрыхэмытыр ипэкIэ игъуэ щыхъум дежи щыжытIагъащ, ауэ икIи "хьэрычэт"ри зы псалъэу адыгэбзэм зэрыхэмытри гулъытапхъэщ. "Еспас" жыхуаIэр адыгэбзэм къызэриIуэтэфынурэ и псалъэ гуэрхэмкIэ зэрылъытэфынури гурыIуэгъуэнщ, ауэ куантум физикэм "куант" жыхуиIэри, икIи ар зэрилъытэм зэрезэгъкIэрэ "еспас"ри адыгэбзэ макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ зэрылъытапхъэр нэхъ игъуэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэм илъабжьэкIэ я гугъу щытщIынщ.

"Хьэрычэт"рэ "зэман"ыр щыӀэгъуэ лъабжьэкӀэрэ зэхуэдэ Ӏуэхугъуэу зэрыщытращ куантум физикэм зэрилъытэри, щыӀэгъуэ лъабжьэм теухуауэ ялъытэ "зэман, хьэрычэт" псалъэхэри зыхэмыт адыгэбзэм мыпхуэдэхэри бзэр зэрыухуа макъхэмрэ я зэлъытэныгъэм игъуэджэу къызэригъэунэхум ипэкӀи я гугъу тщӀауэ щытащ. Аращи, щыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэрэ утыку къихьа макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ зэрызэлъыта щӀыкӀэхэр макъыгъуэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэм лъабжьэ хуэхъуагъэххэщи, "зэман"рэ "хьэрычэт" жыхуэтӀэри, джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъабжьэри къызэрыунэхур макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрытеухуапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Мы псалъэм ипкъ иткӀэ, "зэман"рэ "хьэрычэт" псалъэхэр хэмытми, ахэр макъ гуэрхэм ягъэзащӀэ къалэнкӀэрэ адыгэбзэм хэлэжьыхьу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэм иужькӀэ лэжьыгъэ къытпэщытхэм хиубыдэу игъуэр къыщысым деж дыщытепсэлъыхьынщ, ауэ мыбдежым зи гугъу тщӀы куантум физикэм къиӀуатэхэмрэ, ахэр адыгэбзэкӀэ зэрылъытэрэ къызэрыӀуэтапхъэм теухуауэ жыӀэпхъэхэр къыпытщэнщ. НытӀэ, япэрауэ ипэкӀэ куантум физикэм и термину щыт "куант"ыр адыгэбзэкӀэ зэрылъытапхъэрэ къызэрыӀуэтапхъэм деплъынщ.

"Куант"ыр зэралъытам деплърэ икӀи адыгэбзэ макъхэм теухуауэ ипэкӀэ къэтӀуэтахэр дигу къэдгъэкӀыжмэ, функциал "зэман"рэ фукнциал "кӀуэтэгъуэ"у тлъытарэ икӀи функциал "хьэрычэт"ри зэрылъытапхъэр адыгэбзэкӀэ "э" макърауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщи, "э" макъымрэ абы къыкӀэлъыкӀуэрэ хуэпэзадэу утыку къихьа "и" макъым я зэрызэлъытэгъуэрэ я зэрызэлъытэпӀэрауэ жыӀэпхъэщ "куант" жыхуаӀэр зытеухуар. Къызэрыхъуа щӀыкӀэр зи къалэнрэ мыхьэнэуэ щыт макъхэмкӀэрэщ псэлъэбзэр зэрыухуари, мыри макъыбзэу зэрыщытыр зэрыжытӀам зэрезэгъкӀэрэ "куант" жыхуаӀэр макъ къэхъуныгъэкӀэ "э"мрэ абы къыкӀэлъыкӀуэ "и"р утыку къызэрихьа щӀыкӀэм гурыӀуэгъуэ къищӀрауэ жыӀэпхъэщ. Адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ "куант" жыхуаӀэ физикэ лъабжьэр "э"мрэ "и"м ягъэзащӀэ къалэнрэ мыхьэнэр щызэрызэлъытэпӀэрауэ жыӀэпхъэщи, ар икӀи макъ геометрие ухуэныгъэм лъабжьэ хуэхъу "э"мрэ "и"м я зэхуаку дэлъ зэпыщӀэныгъэращ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, "куант" жыхуаӀэр адыгэбзэ макъыбзэр зэрыухуарэ зыкъызэриӀуэтэжкӀэрэ "э-и" макъхэр щызэрызэлъытэгъуэрауэ жыӀэпхъэщи, абдежыр "зэман-еспас" вектору ялъытэ дыдэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкӀи, абдежыр мы адыгэбзэ макъхэмкӀэ тлъытэмэ, "э"кӀэрэ "и"р щыдж, зэрыдж, джыгъуэрэ джыпӀэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мы иужьрей псалъэм ипкъ иткӀэ, куантум физикэм "куант"ыр "зэман"рэ "епсас" зэхэлъыпӀэрэ вектору илъытэр адыгэбзэм и макъыбзэм елъытауэ щхьэжу "и"м илъытэрауи жыӀэпхъэщ. Абдежыр дэтхэнэ гуэрым и джыпӀэрэ къэхъупӀэрщи, "куант"у ялъытэри мыпхуэдэ зы Ӏуэхугъуэщ. Абежыр "зэман"рэ "еспас"ыр зэрызэлъытэрэ зэрызэпыщӀэ щӀыпӀэу, дэтхэнэ гуэрми и къэхъупӀэрщи, "еспас" жыхуаӀэ нэщӀыгъуэм и дэтхэнэ зы джыпӀэр зы къэхъупӀэу, дэтхэнэ зы щыӀэгъуэщӀэри утыку

къыздыщихьэращ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, ″и″р щыӀэгъуэр утыку къызэрихьэ дэтхэнэ зы щӀыпӀэр зэрылъытапхъэу ″куант пунктэ″ жыхуаӀэри щхьэж зылъытэф макъ мыхьэнэуи лъытапхъэщ.

ИкӀи, адыгэбзэм и ″и″ макъыр абзсис къалэнрэ мыхьэнэ зиӀэ макъращи, джынығъэрэ геометриеи утыку къызэрихьэ пэщӀэдзэрэ щӀыпӀэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. ″Э″рэ ″и″р макъ геометриер зэрызэпкъырыувэ лъэбакъуэу зэрыщытыр, икӀи мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ функциал кӀуэтэгъуэкӀэрэ функциалу къэхъу хьэрычэтыр функциал джыгъуэу къызэрекӀуэкӀыр гурыӀуэгъуэщи, ″и″р щылъытэм деж, абы ″э″ри зэрыхиубыдэрэ ″и″р ″э″ншэу зэрымыджри гурыӀуэгъуэщ. ″Э″м къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа ″и″р ″э″м дэтхэнэ и зы лъэбакъум щыджырщи, ″и″м зыкъыщигъэлъагъуэм деж фӀэкӀыпӀэ имыӀэу абы ипэ къихуэрэ и лъабжьэу зы ″э″ щыщыӀэщ. ″И″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ зэрызекӀуэр мыпхуэдэщи, ″и″ макъым зыкъыщигъэлъагъуэм деж, абы ипэ къихуэ ″э″р къэмыӀууи бзэм зэрыхэлэжьыхьыфым (къакӀуэи – къакӀуэй – къакӀуи) и лъабжьэри мыращ.

Мы псалъэхэми гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, адыгэбзэм дежкӀэ ″и″ макъыр и мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ - икӀи щхьэжу- ″куант″ жыхуаӀэр зылъытэфыну макъыуи лъытапхъэщ: джыгъуэрэ джыпӀэр, геометрие лъабжьэр, щыӀэгъуэ къэхъупӀэрэ къэхъуныгъэр, щыӀэу утыку къихьэрэ къыздыщихьэр ″и″ макъ мыхьэнэкӀэрэи мэлъытэфри, къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ функциал зэманрэ кӀуэтэгъуэу щыт хьэрычэткӀэрэ (э) джырэ къыкӀэлъыкӀуэу утыку къызэрихьари гурыӀуэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ″и″р щхьэжу ″куант″ жыхуаӀэр зэрылъытэфыну зы макъщ.

Аращи, джыпӀэу щыт ″и″р сытри къыздыщыхъуращ, джыпӀэрэ къэхъупӀэращ; сытри къыщыхъур ″и″пӀэрэ ″и″гъуэращи, абдежыр щыӀэгъуэ джыпӀэрэ джыгъуэрщ; щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр утыку къыздыщихьэращ; икӀи, ″и″р щыӀэгъуэ геометриери къызтехъукӀырщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, адыгэбзэм хэт ″игъуэ″ псалъэми гурыӀуэгъуэ къищӀыр ″и″р гъуэ зэрыхъурэ ″и″м гъуэ зэригъуэтращи, игъуэ хъурэ къэсыр къохъу, зохъуэкӀ, мэкӀуэд; - игъуэ мыхъу зыри къэхъукъым.

ЗэрыгурыӀуэгъуэнщи, щыӀэгъуэ лъабжьэр и макъ мыхьэнэхэмкӀэрэ зылъытэу ухуа адыгэбзэм макъыбзэу ухуа и псалъэ мащӀэ хэбгъуэтэну къыщӀэкӀынкъым ″куант″ псалъэм ипӀэ иувэфыну. Ауэ, мы ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀам зэрезэгърэ икӀи игъуэ щыхъуагъэххэщи, ″куант″ жыхуаӀэр адыгэбзэм хэт зы псалъэкӀэ къэӀуэтэн хуеймэ, ″и″р утыку къызэрихьэрэ гъуэ зэригъуэт мыхьэнэкӀэрэ абы ″игъуэ″ хужыпӀэфынщ. ″Куант″ыр ″игъуэ″ псалъэкӀэ къыщыӀуатэм дежи, ″куантум физикэ щӀэныгъэ″ми ″игъуэм теухуа физикэ щӀэныгъэ″, е ″игъуэ физикэ щӀэныгъэ″ хужыпӀэфынщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуарэ и макъхэри щыӀэгъуэр лъабжьэкӀэрэ зылъытэрщи, ″игъуэ″ псалъэм хэтрэ икӀи ″гъуэ″ псалъэри къызтехъукӀа ″гъу″ макъми мыбдежым и гугъу щӀыпхъэщ. Дэтхэнэ гуэрыр

"гъуэ" зэригъуэтклэрэщ щыlэу утыку къызэрихьэри, щыlэгъуэ зыгъуэтарэ физикэ мыхьэнэ зиlэу утыку къихьэр гурыlуэгъуэ зыщl "гъуэ" псалъэм и лъабжьэр "гъу" макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Сытри зы "гъуэ" игъуэтущ щыlэу утыку къызэрихьэри, "гъуэ"ри куантал мыхьэнэ зиlэрщ, икlи абыи и лъабжьэж "гъу" макъри куантал мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэщ. Ауэ, "игъуэ" къэс сытри зы "гъуэ" зэриlэклэрэщ утыку къызэрихьэнурэ икlи зы "гъуэ"ращ утыку къыздыщихьэнури, щыlэ зыгъуэтынур утыку къыздыщихьэну мы "гъуэ"р иджыри утыку къимыхьагъэххэу макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытэращ "гъуэ"р къызтехъуклa "гъу" макъым гурыlуэгъуэ къищlыр. Щыlэгъуэр зэманрэ хьэрычэт зыгъуэтыныгъэрщи, "гъу"м зэманрэ хьэрычэт щигъуэтращ щыlэгъуэр щыджрэ утыку къыщихьэр. Ар щыхъуклi, "гъу"р иджыри мыджарэ утыку къимыхьа "гъуэ"м ипэ къихуэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэращи, ар иджыри мыджа "гъуэ"м и планыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ. Зэманыгъуэрэ хьэрычэт (э) зэригъуэтклэрэ щыlэгъуэ зыгъуэтыну "гъуэ"м ипэ къихуэ планрауэ лъытапхъэщ ари (гъу), "гъу" макъым гурыlуэгъуэ къищlыр физикэу "гъуэ"м ипэ къихуэрэ иджыри мыфизикэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ар "прото физикэ" мыхьэнэ зиlэу "метафизикэ"у зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм къиlуатэр и щыlэгъуэ лъабжьэклэрэ къызэриlуатэм ипкъ иткlэ, мы зи гугъу тщlа макъыхэм къыщымынэу, и макъ нэхъыбэм щыlэгъуэ лъабжьэмрэ щыlэр утыку къызэрихьэр зэрылъытэу къызэрыlуэтэфыр гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым зи гугъу тщlа "гъу"м ипэ къихуэ зы макъыу щытрэ "гъу"р зи ужьыгъуэу щыт "гъ" макъым и мыхьэнэри сытри зэрызеклуэрэ зэры"гъэ"р зэрылъытэ макъщи, ари щыlэгъуэ лъабжьэрэ метафизикэ лlэужьыгъуэ зэрылъытэ макъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. "Гъ" макъми иужькlэ бзэгуку щlыпlэклэ къытехъуклaрэ, утыку къихьэ сытри зэрыджклэрэ къызэрыхъур зэрылъытэр "гь-дж" макъри, зы джыгъуэ (гь) ужьыгъуэрэ (у) джыгъуэ lэнатlэрэ джыпlэр зэрылъытэ "гу" макъри куантал мыхьэнэ зиlэу куантум физикэм зи гугъу ищl щыlэгъуэ лъабжьэхэр зэрылъытэрэ щыlэгъуэр утыку къызэрихьэр къызэрыlуатэ макъхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм ипэклэ зи гугъу тщlа "и"м дыхуэклуэжмэ, "и" къэхъуныгъэм ипэ къихуэр "э"ращи, "и"р функциал зэманрэ хьэрычэтым пыщlарэ елъытаклэрэщ утыку къызэрихьэр. Джыгъуэрэ абзсисыгъэ "и"р къэхъуныгъэклэ "э"м зэрыпыщlар гурыlуэгъуэщи, икlи хьэрычэтрэ зэман мыхъумэ, джыгъуэи зэрымыхъунур, щыlэгъуэи къызэрымыхъунур гурыlуэгъуэщ. Куантум физикэми зэрезэгъыу, "хьэрычэт-зэман"ымрэ (э) джыгъуэмрэ (и) зэпкъырымыхыфыну зэрызэпыщlаращ "э"мрэ "и"м я къэхъуныгъэрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьклэрэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъури, куантум физикэкlи зэрыигъуэу "зэман"рэ "епсас"ым дэтхэнэ зыр щхьэжу ялъытэкъым. Ауэ куантум физикэм къызэриlуатэм ипкъ зэритклэ

"зэман"рэ "еспас" щыжыпIэм деж, "и"р "епсас" псалъэм ипIэ иувэу гурыIуэгъуэ зыхуэщIын хуейкъыми, "и"р щхьэжу "куант" жыхуаIэр зэрылъытэф макъыу зэрыщытращ жытIэр. Пэжщ "и"р икIи "еспас"уи лъытапхъэщ, ауэ "куант" псалъэм къикIыр гурыIуэгъуэ щIын папщIэ мыр узхуэмыныкъуэрщ; икIи "еспас" псалъэм къикIыр адыгэбзэм и макъхэм щыщу нэхъ зыхуэфащэ щыIэщи, игъуэр къыщысым мыпхуэдэхэми я гугъу тщIынщ.

Куантум физикэм зэрилъытэмкIэ, дэтхэнэ зы "куант"ыпIэм – кIуэцIкIэрэ- къыщекIуэкI "хьэрычэт"у зэхъуэкIыныгъэ къыщызэрыхъурщ "зэман" жыхуаIэри, а нэхъ зэманыгъуэ цIыкIурэ зы зэманыгъуэ пщалъэр (зы хьэрычэт периодыр) мы зэхъуэкIыныгъэ периодрауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. ЩыIэгъуэ лъэныкъуэкIэщ дэ езы щыIэхэм сытри зэрытлъытэфынури, щыIэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекIуэм теухуа "хьэрычэт"ыр зэрылъытэ "зэман"ыр "куант"у щыт щыIэгъуэ лъабжьэм и щIыкIэрэ и плъыфэ лIэужьыгъуэ пэлъытэущ куантум физикхэм нэхъыбэу зэралъытэр. Мыбы зэрезэгъщи, физикэу "щыIэ щымыIэмэ зэмани, хьэрычэти щыIэкъым" жаIэр, ауэ метафизикэу "зэманрэ хьэрычэт мыхъумэ, щыIэгъуэ къызэрымыхъунур"и жыIэпхъэщ.

"Куант"ыр хьэрычэтыншэу зэрымыхъунур гурыIуэгъуэнщи, куантум физикэкIэ "куант"ым теухуа хьэрычэтымрэ зэманыр зэрызэхуэдэ е зэрызыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, зэманым и гугъу щыпщIкIэ хьэрычэт, хьэрычэтым и гугъу щыпщIкIи зэманращ зи гугъу пщIыри, зыр зэрылъытэр адреймкIэщ, икIи зыр къызэрыппщынур адреймкIэщ: хьэрычэтыр зэманкIэ, зэманыр хьэрычэткIэщ зэралъытэрэ къызэрапщыр.

"Куант"ым теухуауэ зи гугъу тщIа "э, и" макъхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри куантум физикэм зэрилъытэ щIыкIэу мы къэтIуэтахэм зэрезэгъыр гурыIуэгъуэщи, ахэр къызэрыхъуарэ зэрызэкIэлъыкIуэм зэрезэгъкIэрэщ адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр: "э"р зыщыплъагъу дэтхэнэ зы щIыпIэм функциал зэманрэ хьэрычэт щыIэщи, абдежыр икIи зы джыгъуэрщ (и); "и"р зыщыплъагъу дэтхэнэ зы щIыпIэми зы джыгъуэ щыIэщи, икIи фIэкIыпIэ имыIэу зэманрэ хьэрычэт къыздыщыхъурщ.

*

Куантум физикэм и термин лъабжьэу "куант"ыр зэрилъытам теухуа адыгэбзэ макъ Iуэрхэращ мыбдежым зи гугъу тщIари, куантум физикэм зэрытеухуакIэрэ адыгэбзэ макъ Iуэр гуэрхэм ягъэзащIэ къалэнхэри дигу къэдгъэкIыжауэ ращ. Ауэ мыхэр къыумыIуэтами, адыгэбзэм и макъ Iуэрхэр къызэрыхъу щIыкIэм теухуауэ мы лэжьыгъэм хиубыдэ ипэрей Iыхьэхэми, япэрей лэжьыгъэхэми къыщытIуэтахэр куантум физикэм мы къиIуатэхэр зэрыхэлъыр гулъытапхъэщ. Аращи, щыIэгъуэ геометриер утыку къызэрихьэу щыIэр щыIэ зэрыхъу щIыкIэу щыт зы къэхъупIэм къыщIидзэу щыIэгъуэ геометриер зэрызэпкъырыувэр макъ Iуэрхэм гурыIуэгъуэ зэрыщIыр гурыIуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм ипкъ иткlэ, макъ lуэр къэхъупlэ оригину щыт "ы"р геометрие оригинрэ къэхъупlэ оригиныр зэрылъытэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Абдежыр макъ lуэр лъабжьэу щытрэ къыкlэлъыкlуэ лъэбакъуэкlэрэи макъ lуэрхэр къызтехъукlыну оригиныпщи, икlи щыlэгъуэ геометрие оригиныпlэу зэрылъытапхъэнур гурыlуэгъуэнщ. Абдежыр щыlэгъуэ жыхуэтlэу зэманыгъэкlэрэ джыр зэрыджынум и къежьапlэу оригиныпlэрщи, щыlэгъуэ геометриеми и оригинырщ. "Ы" макъыр зы макъ lуэру макъ lуэрхэр утыку къызэрихьэм и оригиныпlэрщи, абы къыкlэлъыкlуэ лъэбакъуэкlэрэщ макъ lуэр геометриери утыку къызэрихьари, щыlэгъуэр зэралъытэу зы "бинг бенг" жыхуаlэ къэуэшхуэкlэрэ къежьамэ, макъ геометрие къэхъуныгъэу "ы" макъым гурыlуэгъуэ къытхуищlрэ и къалэныр мыр къыздыщежьам теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

"Ы" макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ "э" макъыр мы оригиным и япэрей хьэрычэтрэ и кlуэтэгъуэрщи, ар макъ геометрием и зэпкъырыувэкlэм и япэрей лъэбакъуэрщ. Мы и къэхъукlэкlэ ар икlи щыlэгъуэ геометриер зэрызэпкъырыувэну япэрей лъабакъуэми зэрытеухуэр гулъытапхъэщ. Аращи, "ы"р "бинг бенг" жыхуаlэм ипэ къихуэ оригиныпlэрамэ, "э"ри абы и япэрей лъэбакъуэрщ, икlи ар зэрызекlуэр зэрылъытэрщ. Ар щыхъукlи, "э" макъыр функциалу хьэрычэтрэ кlуэтэгъуэу "зэман" жыхуаlэм теухуа къалэн зыгъэзащlэрщ, икlи бзэми мыпхуэдэщ зэрыхэлэжьыхьыр. Щыlэгъуэ геометриер зы оригиным къыщlидзэущ зэрыухуэнури, "э" макъыр зытеухуа функциал хьэрычэтрэ кlуатэгъуэм макъ геометрием теухуауэ игъэзащlэр мыпхуэдэ къалэнщ. Аращи, "ы"м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа япэрей макъыу, "э"р оригиныпlэм къыщlидзэу япэрей лъэбакъуэрщи, мыпхуэдэу къызэрыхъуам зэрытеткlэрэ функциал кlуэтэгъуэрэ хьэрычэт къалэн зыгъэзащlэу функциал зэманми теухуауэ бзэм лэжьэкlэ зиlэ "э"р икlи зэрыигъуэрэ зэрыгурыlуэгъуэу щыlэгъуэр зэрыджыну лъэбакъуэрщ. Абы къыкlэлъыкlуэ лъэбакъуэкlэрэщ макъ геометриер зы геометриеу утыку къызэрихьэнури, мыри зэманкlэрэ щыlэгъуэмрэ и геометриери зэрызэпкъырыувэр гурыlуэгъуэ зыщlыу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Зэманкlэрэщ щыlэгъуэр зэрыджрэ утыку къызэрихьэу икlи зэрызекlуэу и щыlэгъуэр зэрихьри, зэманрэ функциал кlуэтэгъуэм теухуа "э" макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа "и" макъри макъ геометриер утыку къиихьэн къалэн зыгъэзащlэу, зэманкlэрэ джыурэ утыку къихьэ щыlэгъуэм теухуащ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlрэ пыщапхъэщи, "э"м къыкlэлъыкlуэрэ абы хуэпэзадэ щlыкlэкlэ утыку къихьа "и"р "э" кlуэтэгъуэм къытехъукlарэ икlи абы и антитезу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы диалектикэкlэрэщ щыlэгъуэр зэрызекlуэри, зэманкlэрэ (э) къэхъу джыгъуэрэ (и) щыlэгъуэр икlи зэманми и антитезу, ар зыгъэхуэмрэ икlэм икlэжым зыгъэувыlэжыну ялъытэрщ. Икlи мы псалъэхэми зэрезэгъщ

дэтхэнэ зы щыIэгъуэ пкъыгъуэм зэманыр игъэхуэму къагъэунэхуа Iуэхугъуэр. Аращи, зэманкIэрэ утыку къихьэ щыIэгъуэм зэманыр игъэхуэмурэщ щыIэгъуэр зэрызекIуэри, мыпхуэдэу джыурэ утыку къихьэ щыIэгъуэм зы зэман нэужьым зэманыр къызэригъэувыIэфынур гурыIуэгъуэнщи, апщыгъуэм къигъэщIа щыIэгъуэр зытекIуа зэманыр еужьыхрэ щыIэгъуэри зыдыришэхыурэ къыздыщIидза щIыпIэм зэрыхуэкIуэжынури нобэ физикхэм къаIуатэхэм зэрыщыщри гурыIуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″зэман-еспас″ жыхуаIэр зыр зым зэхэмыгъэкIыпхъэу зэпыщIарэ зы пэлъытэу щыIэгъуэр зэрызекIуэрщ. Мыпхуэдэри макъ геометриекIэ икIи я къалэнрэ мыхьэнэкIэрэ зыгъэзащIэ макъ Iуэрхэр я къэхъуныгъэрэ зэрызэлъыта щIыкIэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуагъэххэ ″э-и″ макъ Iуэрхэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Мы зэхэмыгъэкIыпхъэу зэпыщIарэ щыIэгъуэр зэрызекIуэ щIыкIэр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIыу ″зэман-еспас″уи лъытапхъэ ″э-и″р макърэ щыIэгъуэ геометрие лъабжьэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ар а зэрыщыткIэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьарэ джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ ″и″ми къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа макъ Iуэрыр ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″у″ращ. Ар къызкIэлъыкIуа ″и″мрэ ар къызтехъукIарэ зыпыщIауэ щыт ″э″р зыхэзыубыдэурщи, ″э-и″кIэрэ ухуауэ зи гугъу тщIа мы геометриери зэрыщытрэ зэрыпсоуэ зэрылъытэрщ. Аращи, ″у″р макъ геометриер утыку къызэрихьар зэрызэфIэкIарэ ар зэрыщыту щхьэж зылъытэ макъ Iуэрырщи, мы и къалэнрэ мыхьэнэкIэрэи дэтхэнэ зы геометриер зэрылъытэрщ. Мы псалъэм ипкъ иткIэ, зэман е щыIэгъуэм теухуауэ лъытапхъэ геометриемрэ абы щыщыIэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зы ужьыгъуэу зылъытэр ″у″ макъращ; икIи а геометрием щыщыIэ дэтхэнэ гуэрыр зэрызекIуэрэ и щыIэгъуэр зэрихьри зэрыщыту зэрылъытапхъэр ″у″ макъкIэрэщ.

Мы зи гугъу тщIа макъ Iуэрхэр адыгэбзэм адрей и макъ Iуэрхэри къызтехъукIа макъ Iуэр лъабжьэхэрщ. Ахэр мы къызэрыхъуарэ я зэкIэлъхьэужьыкIэкIэ мы ягъэзащIэ къалэным теухуауэ къэтIуэтахэм къызэрыхэщрэ икIи ипэкIи гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъуагъащи, абыхэм ягъэзащIэр щыIэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекIуэр зи Iуэхугъуэу физикэ лъабжьэу лъытапхъэ куантум физикэм фIыщэу зэрытеухуэр гулъытапхъэщ. Мы макъхэм къаIуэтэр щыIэгъуэ утыку къызэрихьэрэ зэрызекIуэр ахэр къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ геометрие лъэныкъуэкIэрэщ.

Мы макъ Iуэр лъабжьэхэм ягъэзащIэрэ ахэр зэрызэлъыта щIыкIэр куантум физикэм нэхъ езэгъыу аргуэру къэIуэтапхъэмэ, макъ къэхъуныгъэкIэрэ къежьапIэу зэрыщытым ипкъ иткIэ а нэхъ оригиныпIэр зэрылъытэ ″ы″ макъыр куантум физикэм теухуауэ а нэхъ куантыпIэрэ куант къежьапIэ оригину зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ куантум физикэм куантыпIэр зэрилъытэр мы зи гугъу тщIам нэгъунэ зэрымыкIуэри

гурыӀуэгъуэнщ. Куантум физикэм "зэман-еспас"ыр зэрызэхэмыкӀыпхъэу зэрилъытэрэ икӀи зы куантыпӀэри зы "зэман еспас"ыпӀэу щилъытэм деж, абдежыр щыӀэгъуэр зэманкӀэрэ щыджыпӀэрщ. Мыбдежыр зэрыгурыӀуэгъуэу, "ы"кӀэрэ зи гугъу тщӀа оригиналыпӀэ нэужьу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ, ауэ икӀи "ы"ри фӀэкӀыпӀэ зимыӀэу абы къызэрыхуэкӀуэнурэ ар зэрыджыну лъабжьэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. ЩыӀэу лъэрэ пкъыгъуэ зиӀэм теухуа зы щӀэныгъэу щыт куантум физикэкӀэ игъуэри мырагъэнщи, абы щыӀэгъуэр щыдж щӀыпӀэр зы куант пунктэу, ари зы "зэман-еспас"ыпӀэу зэрилъытэм нэмыщӀ, икӀи мыпхуэдэ джыпӀэри увыӀэгъуэ зэримыӀэкӀэрэ зэрызекӀуэм зэрезэгъкӀэрэ зы "зэман-еспас" вектору елъытэр куант пунктэри, мы зэрылъытэ щӀыкӀэри "э-и"р зыхэзыубыдэу увыӀэгъуэ зимыӀэ зы кӀуэтэгъуэу ужьыгъуэ къалэн зыгъэзащӀэрэ зи мыхьэнэуэ щыт "у" макъым гурыӀуэгъуэ къытхуищӀрауэ лъытапхъэщ.

*

Куантум физикэу зэманыгъуэрэ хьэрычэтымрэ (э) джыгъуэр (и) зэрызэпыщӀарэ щызэпыщӀа вектору лъыта "куант"ыр джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъабжьэ ухуапӀэу (и) зэрыщыткӀэрэ ар увыӀэгъуэ зимыӀэ енергиеу зэрызекӀуэр гурыӀуэгъуэщ. Куантум физикэм "енергие" жыхуаӀэр зэрилъытэри "куант"кӀэрэ къекӀуэкӀ системэрауэщ.

"Куант"ым теухуауэ хьэрычэтыншагъэ зэрыщымыӀэм зэрезэгъкӀэрэ куанткӀэрэ къекӀуэкӀ системэу ялъытэ енергиери хьэрычэт защӀэрщ. Дэтхэнэ зы енергие лӀэужьыгъуэр сытым дежи хьэрычэтыгъэ зиӀэрэ хьэрычэтым езыри зы кинетикэ енергиеу щытырщи, мыпхуэдэу къекӀуэкӀ системэр икӀи системэм и дэтхэнэ зы щӀыпӀэр зэй "0" мыхъурщ. Мыбы гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, щыӀэгъуэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэр енерие лӀэужьыгъуэщ, икӀи зэрыгурыӀуэгъуэщи, куанталщ.

"Куант"ыр а нэхъ щыӀэгъуэ лъабжьэу щалъытэм деж, сытми и лъабжьэр хьэрычэту зэрыщытыр, икӀи - мы ипэкӀэ зэрыжытӀауэ- енерие лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ; куантум физикэм зэрилъытэкӀэрэ сытри енериещ. Куантум физикэкӀэ сытри енергиеу зэрилъытэм зэрезэгъщи, "пкъыгъуэ" жыхуэтӀэри енерие концантрэуэщ зэралъытэр: "пкъыгъуэ"р куантал концантрэщ, "зэман-еспас"иал концантрэщ.

Концантрэ хъуа енергиер адыгэбзэмкӀэ "зэхэува, зэхэувыхьа, зэхэувыӀа, зэхэувыӀыхьа, зэхэвыхьа, зэпкъырыува" уэзу (енергиеу) къызэрыӀуэтапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Енергиер увыӀэгъуэ зимыӀэу хьэрычэт зиӀэрщи, енергие концантрэу лъытапхъэу, зэхэувыӀыхьарэ зэхэвыхьауэ лъытапхъэ енергие лӀэужьыгъуэ пкъыгъуэри нытӀэ и кӀуэцӀкӀэ увыӀэгъуэ зимыӀэу хьэрычэт къызщекӀуэкӀырщ.

Мыбдежым "в" макъ зыхэту ухуауэ мы зи гугъу тщӀа псалъэхэмрэ ар дыдэу "в" макъ зыхэту ухуа "увыӀэн" псалъэми гулъытэ хуэщӀын зэрыхуейр гурыӀуэгъуэщи, кӀуэцӀкӀэрэ лъэщу хьэрычэтыгъэ зи мыхьэнэуэ

щыт ″вэн, къэвэн, зэхэвыхьын″ псалъэхэр къызтехъукӀ ″в″ макъкӀэрэ ухуа ″увыӀэн″ псалъэри енергие зэпыудыныгъэрэ хьэрыч зэпычыгъуэу гурыӀуэгъуэ зэрымыхъур гулъытапхъэщ. ″УвыӀэн″ псалъэм ″ужьыгъуэм (у) зэхэвыхьыныгъэ (в) игъуэтын (Ӏэ); выгъэу (в) щыӀэ (Ӏэ) ужьыгъуэ (у); зэхэвыхьыныгъэу утыку къихьэн; зэрызэхэвыхьакӀэрэ ужьыгъуэн″ хуэдэу зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэщи, ар хьэнычэтыгъэмрэ енергием кӀэ игъуэтыныгъэу щымыту, зыгуэрыр зэрызэпкъырылъыр лъэщрэ и кӀуэцӀкӀэрэ къэкъуэлъэныгъэу ″в″ макъ мыхьэнэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀ зэхъуэкӀыныгъэр зэрылъытэ псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″В″ макъым мы и мыхьэнэр зыхэплъагъуэ нэгъуэщӀ псалъэхэри щыӀэщи, абыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Псалъэм папщӀэ, зэхэсыхьрэ зэхэвыхьу зэхэлъу ялъытэ ″вагъуэ″ри адыгэбзэм мы къызэриӀуатэ щӀыкӀэри гулъытапхъэщ. Ауэ, ди системэр зэпха вагъуэ лӀэужьыгъуэу щыт ″дыгъэ″р ди гъащӀэрэ гъэр къызэрекӀуэкӀыр зэлъыта къарууэ зэрыщыткӀэрэ ″гъэ″ къару лӀэужьыгъуэу зэрылъытэу къызэрыӀуэтари гурыӀуэгъуэщ. Енергие зэхэвыхьыныгъэщ дэтхэнэ зы пкъыгъуэри, адыгэбзэм вэн-сэн Ӏуэхугъуэм теухуауэ иужькӀэ ″мывэ″у илъытарэ бзэм ″нывэ″уи хэт псалъэм гурыӀуэгъуэ къищӀри зэхэвыхьыныгъэ зиӀэрэ абы хуэкӀуэр зэрылъытэрщ. ЗэхэвыхьыныгъэкӀэрэ къэхъуарэ икӀи вагъуэхэми къыпыщэщрэ хэвыхьыжыныгъэ зиӀэхэр ″нывэ″ псалъэмкӀэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, вагъуэхэмрэ абы епхарэ и Ӏыхьэу къыпекӀуэкӀ пкъыгъуэхэм нэмыщӀ, зэхуэмыдэ инагъ зиӀэу космос нэщӀыгъуэшхуэм къыщекӀуэкӀ нывэхэр зэрымымащӀэрэ, апхуэдэ вагъэхэр икӀи зэрыигъуэу нывэ лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ.

Сытри енергиеу зэрыщыткӀэрэ ″в″ макъым игъэзащӀэр енергиер зэхэвыхьыныгъэрэ зэхэувыӀэныгъэ зэригъуэтарщи, мы къэта адыгэбзэ псалъэхэми гурыӀуэгъуэ къищӀыр мыращ. Аращи, енергеир щызэхэувыӀэрэ щызэхэвыхьым деж, къэхъури зы енергие лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу пкъыгъуэ зыгъуэтхэри енергие лӀэужьыгъуэщ.

Куантум физикэм утыку къызэрырилъхьэращи, сытри ″енергие″щ; - адыгэбзэкӀэ жыпӀэмэ ″уэз″щ. АдыгэбзэкӀэ ″уэз″ым ″зыужьыгъуэм езыр″у зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэщи, щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр адыгэбзэм зы ужьыгъуэ ″лӀэужьыгъуэ″у зэрилъытэри гулъытапхъэщ. ЩыӀэгъуэрэ дэтхэнэ щыӀэ гуэрыр ужьыгъуэрэ уэз лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр мы адыгэбзэ псалъэхэмкӀи гулъытапхъэщи, куантум физикэкӀэ пкъыгъуэ зиӀэу щыӀэр уэз иувыӀыхьа, зэхэгуарэ зэхэвыхьа уэзу зэрилъытэм езэгъыщэу жыӀэпхъэщ адыгэбзэми зэрилъытэ щӀыкӀэр. Сытри уэз лӀэужьыгъуэу зэрыщытрэ къэхъу-къэщӀыу къекӀуэкӀри уэзыгъуэщи, ″пкъыгъуэ″ псалъэми гурыӀуэгъуэ къищӀыр мыраүэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ: ″пкъы (пӀ-къ)″ псалъэм ″пӀыкӀэрэ (пӀ) къэхъу (къ); пӀэ зыгъуэту къэхъу; къэхъупӀэ; къэхъу пӀыгъуэ - пӀэгъуэ″ хуэдэу зэреджапхъэр гулъытапхъэщ.

″Пкъыгъуэ″р зэрыпIрэ пIыгъуэкIэрэ утыку къызэрихьэр икIи зы пIыгъуэрэ къэхъупIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. А псалъэр зэрыухуа макъыу зи гугъу тщIа ″пI″ макъри куантал мыхьэнэ зиIэу зэрыщытрэ дэтхэнэ зы куант пунктэм щыпIрэ пIэ зыгъуэтыр зэрылъытэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкIи, ″пI″ макъыр зыхэт ″п″ыри иджыри мыджа куант пунктэр зэрылъытэу, джыпIэрэ джыпэу куант пунктапIэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зэриIэкIэрэ куантыпIэр къыздыщыхъунур зылъытэ макъыу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

″Пкъыгъуэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр гулъытапхъэщи, ар сытри ужьыгъуэрэ уэз лIэужьыгъуэу зэрылъытэм езэгъ псалъэщ. Ауэ, куантум физикэм нэгъунэ физикэ щIэныгъэу утыку итым зэрилъытэмкIэ ″уэз″ым нэмыщI щыIэгъуэу ялъытэу щытащ ″пкъыгъуэ″ри, ″уэз″ымрэ ″пкъыгъуэ″р зэрызэщхьэщымыкIрэ зыр адреймкIэ зэрызэхъуэкIыфынур, икIэм икIэжым пкъыгъуэри енергие лIэужьыгъуэу зэрыщытыр Анштайн къигъэунэхуа ″е = мс2″ формулацэм утыку къырилъхьащ.

Мы формулацэми къызэригъэлъагъуэрщи, енергиемрэ пкъыгъуэр зыр зымкIэ зохъуэкIыфри, космос жыхуэтIэ щыIэгъуэм и щыIэкIэр енергиерэ енергие пакету лъытапхъэ пкъыгъуэущ. ЩыIэхэр зэрызэхэлъ пкъыгъуэу ялъытэ атомыр зэрыухуа лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэри енергие пакету пкъыгъуэ лIэужьыгъуэщ зэралъытэр. Мы псалъэхэми къызэрыхэщрэ ипэкIэ къэта формулацэми утыку къызэрырилъхьэу куантум физикэкIи зэралъытэрщи, енергие лIэужьыгъуэрэ пкъыгъуэ лIэужьыгъуэу щыIэгъуэ зиIэхэр зыр зым и щIыкIэ зиIэрэ зэрызэхъуэкIкIэрэ зыр зым ипIэ иувэфырщ; икIи, пкъыгъуэр енергие концантрэу зэхэлърэ енергиери пкъыгъуэ цIыкIукIэрэ зэхэлъущ зэралъытэр. Аращи, енергием пкъыгъуэ игъуэту, пкъыгъуэри енергиеу зохъуэкIыфри, хуиту кIуэгъуэрэ хьэрычэт зиIэу волнавая зекIуэкIэ зиIэ енергием и зекIуэкIэр нэрынэ нэрынэу зэрызэпыщIарэ зэпычыгъуэкIэрэ зэрылъытэр, е енергием мы и зекIуэкIэм пкъыгъуэ къызэрытехъукIыр, е - аргуэру нэгъуэщI жыIэкIэкIэ жыпIэмэ- а енергиери зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цIыкIукIэрэ лъытэныгъэр абы и зекIуэкIэ волнавая функцэр куантизэ зэрыхъурауэщ зэралъытэр.

АдыгэбзэкIэ ″пкъыгъуэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр наIуэщи, ар енергие лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ пкъыгъуэ зиIэу щыIэ гуэрхэр я хьэлъагъэкIи зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэщи, пкъыгъуэ зиIэхэм я хьэлъагъэр зэрызэщхьэщыкIри а пкъыгъуэр къэзыгъэхъу атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм я хьэрычэтым теухуауэщ куантум физикэм зэрилъытэр. Зы пкъыгъуэм и хьэлъагъэри куантум физикэм зэрилъытэр гулъытапхъэщ, ауэ зэрыгурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм къигъэщIа ″хьэлъэ″ псалъэр хьэм (цIыхум) уэндэгъу къыхуэхъур зэрылъытэ псалъэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриIэкIэрэ ″хьэлъэ″ псалъэм куантум физикэ мыхьэнэ зэримыIэнур гулъытапхъэщ. Ауэ ар къызтехъукIа ″лъэ″м куантал мыхьэнэ зэриIэнур гулъытапхъэщи, абы илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Пкъыгъуэ" псалъэм нэмыщI адыгэбзэ псалъэ куэдым енергие лIэужьыгъуэ мыхьэнэ зэриIэфынур гурыIуэгъуэнщи, сытри ужьыгъуэ лIэужьыгъуэрэ уэз лIэужьыгъуэу зэрылъытэ "лIэужьыгъуэ" псалъэри, "гуэр, гуэрэ" псалъэхэри, "лъэ" псалъэри зэрыухуа макъ мыхьэнэкIэрэ енерие лIэужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, "лIэужьыгъуэ" псалъэр ужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэ псалъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ; джыгъуэрэ джыпIэ дэтхэнэ щыIэгъуэ зиIэр зэрылъытэрщ "гуэр, гуэрэ" псалъэхэр; "лъэ"ри "огнан, организэ, организацэ" мыхьэнэ зиIэ псалъэу, икIи мыпхуэдэ макъ мыхьэнэкIэрэи бзэм хэлэжьыхьырщ. Мы псалъэхэр зэрыщыту куантал мыхьэнэ зиIэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

"Лъэ" псалъэм и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы щыIэгъуэр зы лъэ лIэужьыгъуэу щылъытэкIэ, абы лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэ "лъабжьэ" псалъэри зы лъэ лIэужьыгъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ЩыIэгъуэм къыщыхъурэ щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы лъэм и лъабжьэри зы лъэ лIэужьыгъуэрщи, а "лъэ" лIэужьыгъуэу щыт "лъабжьэ"р "зэлъытэныгъэ зиIэ ужьыгъуэу (б) увыIэгъуэ зэримыIэкIэрэ къыщекIуэкI хьэрычэту (жь)" зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. "Лъабжьэ"р езыр зы лъэ лIэужьыгъуэщ, икIи дэтхэнэ зы лъэр къызтехъукIырщи, мыр куантум физикэм "лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIу"у илъытэхэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. Аращи, "лъабжьэ" псалъэм и мыхьэнэр пкъыгъуэрэ лъэм лъабжьэ хуэхъурэ ахэр къызтехъукIыу увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэт зиIэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэр куантум физикэм зэрилъытэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ лъэм лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэ "лъабжьэ" псалъэм и мыхьэнэри куантал мыхьэнэуэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

"Лъабжьэ"р зы псалъэщ, ауэ зы лъэ лIэужьыгъуэу щыт мы псалъэм нэмыщI, "лъэ" макъ псалъэр къызтехъукIари "лъ" макърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. "Лъ" макъым зэманыгъуэрэ хьэрычэтыгъэ (э) щигъуэтращ "лъэ"р зэрыухуэри, зэманыгъуэ зэримыгъуэт щIыкIэу щыIэгъуэ лъабжьэм зэрытеухуам ипкъ иткIи, щыIэгъуэ пкъыгъуэ лIэужьыгъуэ зэрылъытэ "лъэ"м и лъабжьэ "лъ" макъ мыхьэнэри прото физикэ мыхьэнэуэ метафизикэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. "Лъэ"р къызтехъукIыу лъэм лъабжьэ хуэхъур куантум физикэм зэрилъытэ лъэ цIыкIу дыдэхэр зэрыигъуэкIэрэ "лъабжьэ" псалъэм зэрилъытэр жытIагъэххэщ, ауэ икIи "лъэ"м лъабжьэ хуэхъур адыгэбзэ макъыбзэм "лъ" макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытэри гулъытапхъэщи, "лъэ" къэхъуныгъэм теухуа "лъабжьэ" псалъэм и мыхьэнэр икIи "лъэ"р къызтехъукI лъабжьэу "лъ" макъым зэригъэзащIэкIэрэщ макъыбзэ лэжьэкIэр зэрыухуа щIыкIэр.

"Лъэ"м и лъабжьэрэ ар къызтехъукIыр, икIи лъэр зэрыужьыхрэ и лъабжьэм зэрыхуэкIуэжыр адыгэбзэ макъыбзэм и лэжьэкIэкIэ "лъ"ым зэрыхуэкIуэжкIэрэщ зэрылъытэри, зэманрэ хьэрычэт зэригъуэтрэ (лъэ) зэрыкIуэдыжыр (лъэ-ы → лъ) зэрылъытэу "лъ" макъым бзэм мы

зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри куанум физикэм зэрезэгъыр гурыIуэгъуэщ. ″Лъэ″ макъ псалъэмрэ ″лъ″ макъ мыхьэнэр зэрызэхущытрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ мы къэтIуэтахэми зэрезэгъщ икIии, зэманрэ хьэрычэт зэригъуэткIэрэ лъэ къызтехьукI ″лъ″ макъыр икIи адыгэбзэм зы лъэ лIэужьыгъуэр (псэущхьэм и лъэр) зэрыухуэрэ абы лъабжьэ хуэхъур ″лъы″ макъ псалъэмкIэ лъытауэ зэрыхэтри гулъытапхъэщ.

*

ИпэкIэ тхыгъэ Iыхьэхэм деж, игъуэ зэрыхъум ипкъ иткIэ, сытри зы геометрие лIэужьыгъуэу зэрыщытыр жытIагъэххэрэ геометрием теухуауи къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, а къэтIуэтахэр куантум физикэми геометриер зэрилъытэм езэгъыщэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, сытри ″куант″кIэ лъытэнрэ къэгъэунэхун Iуэху зезыхуэ куантум физикэм ″зэман-еспас″ зэхэлъыпIэрэ вектору илъытэ ″куант″ым зыкъызэригъэлъагъуэрауэщ ″геометрие″ри зэрилъытэр: зэрыжаIэращи, зы хьэрычэтыпIэу щыт куантыр инагъ эффективыгъэкIэ щылъагъуэращ ″геометрие″р.

Куантум физикэм теухуауэ мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″куант″ жыхуаIэ ″зэман-еспас″ векторыр икIи щыIэгъуэм и геометрие лъабжьэрэ пщалъэрщ. ″Куант″ыр щыIэгъуэ лъабжьэу щытрэ, икIи щыIэгъуэ пкъыгъуэ (космос) жыхуэтIэри ″куант″ защIэкIэрэ зэхэлъращи, щыIэгъуэ пкъыгъуэ жыхуэтIэмрэ абы хиубыдэ дэтхэнэ гуэрэри геометрие лIэужьыгъуэу зэрыщытрэ зы геометрием зэритыр гурыIуэгъуэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, куант куанткIэрэ зекIуэр икIи зы геометрие системэрщи, геометрие жыхуэтIэри геометрие лъабжьэу куант куанткIэрэ зэхэлъырщ. Куант куанткIэрэ зэхэлъ геометриер зэрыухуэрэ зэрызекIуэри дэнкIи хуиту зызэриубгъу зекIуэкIэу ″волна – волнавая″ жыхуаIэ щIыкIэущ зэралъытэр. Аращи, ″куант″ыр икIи геометрие пщалъэу зэрыщыткIэрэ, куант куанткIэрэ зызъубгъу кIуэкIэ зиIэу щыт мы волнавая функцэм дэтхэнэ и зы куант щIыпIэр (куант пунктэ) а волнавая функцэр ″куантизэ″ щыхьуу ялъытэ щIыпIэращ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, волнавая системэу къекIуэкIым дэтхэнэ и зы щIыпIэр зы куанту лъытэнрэ утыку къилъхьэныр волнавая функцэр ″куантизэ″ щIынращи, абдежыр волнавая функцэр къыщыувыIэрэ зыщыувыIэу, щех, щызэпкъырыху щIыпIэрщ. НытIэ, щыIэгъуэр зэрыщыту волнавая функцэу зэрызекIуэрэ зэрылъытэм нэмыщI, икIи куантизэ зэрыхъу щIыкIэу ″куант пунктэ″кIэрэ зэпыщIауэ зэрызекIуэу зэрылъытэфынури гурыIуэгъуэщ.

Зэпычыгъуэ зимыIэкIэрэ щыIэгъуэр зэрызекIуэрэ зэрыужь волнавая щIыкIэм нэмыщI, куант пунктэкIэрэ зэпычыгъуэ зэриIэкIэрэ зэпыщIауэ щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэри макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытэр гулъытапхъэщ. ЩыIэгъуэр зэрызекIуэр зэпычыгъуэ зэримыIэ щIыкIэу ужьыгъуэрэ волнавая щIыкIэу, икIи зэпычыгъуэ зиIэу куант куанткIэрэщ зэралъытэри, щыIэгъуэ ужьыгъуэм дэтхэнэ и зы куант пунктэр лъытэнрэ мы ужьыгъуэр куант пунктэкIэрэ лъытэныр волнавая функцэр зэпыудын

Iуэхугъуэущ зэралъытэр. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр а зэрыщыткIэрэ хуитрэ волнаваяу зекIуэрщи, абы и дэтхэнэ зы щIыпIэр лъытэнрэ къэгъэунэхуныр волнавая функцэр куантизэ зэрыщI-зэрыхъу щIыкIэрщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, енергиерэ пкъыгъуэр зэхуэдэу зэрылъытэм ипкъ иткIэ, волнавая енергиеу зекIуэр куантизацэ зэрыхъур зы увыIэгъуэу пкъыгъуэ лъытэныгъэрщи, волнавая функцэр куантизэ щIынрэ зы куантыпIэр лъытэныр икIи енергиер пкъыгъуэ пкъыгъуэу зэрылъытэращ.

ЩыIэгъуэр ужьыгъуэрэ волнаваяу, икIи куант куантkIэрэ зэпычыгъуэрэ зэпыщIэныгъэкIэрэ зэрызекIуэм теухуа зы щапхъэфIыу лъытапхъэщ адыгэбзэ бжыгъэцIэхэм лъабжьэ хуэхъуарэ щыIэгъуэр зэрызекIуэм теухуа псалъэхэр утыку къызэрихьари, илъабжьэкIэ абы аргуэру и гугъу щытщIыжынщ. Ауэ мыбдежым ужьыгъуэрэ куант куантkIэрэу лъытапхъэ мы зекIуэкIэм геометрием теухуауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Адыгэбзэм къызэриIуатэрэ ипэкIи гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъуаращи, ″еспас″ жыхуаIэр ″геометрие″рауэ зэрыщытыр, икIи функциал зэманкIэрэ (э) утыку къихьэ джыгъуэр (и) ″геометрие системэ″р утыку къызэрихьэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа зы макъыу щыт ″и″р функциал хьэрычэтрэ зэманкIэрэ (э) джыгъуэрэ джыгъуапIэуи утыку къихьэращи, ар щыIэгъуэ системэращ, щыIэгъуэ системэ геометриери зэрыухуэращ. Ар (и) сытри утыку къызэрихьэрэ, сытми пIэ щигъуэтрауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, геометрие пщалъэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, сытми и щыIэпIэрэ и геометриер зэрылъытэрщ. ИкIи ″э″кIэрэ джыурэ утыку къихьэу, джыгъуэрэ джыпIэу ухуэр увыIэгъуэ зимыIэу (″э″кIэрэ джыурэ) къыщекIуэкIым дежи, мыр зы системэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщи, аращ ″геометрие системэ″р. Мыпхуэдэу къекIуэкI системэр икIи дэнкIи зызыубгъу зы волнавая функцэ системэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Сытми и джыпIэрэ джыгъуэу и пкъыгъуэрэ и геометрие лъабжьэрэ пщалъэр зэры″и″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, - зэпкъырыпхын лъэкI уимыIэу ялъытэ ″зэман-еспас″ псалъэр къиумыIуэми-, адыгэбзэм и лэжьэкIэу сытри ″и″кIэрэ зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэщ. Аращи, а сытыр зыIисыр зэрылъытэну псалъэр абы и джыгъуэ ″и″м ипIэкIэ утыку къилъхьэныр ″и″ лIэужьыгъуэ системэу къекIуэкI волнавая функцэр куантизэ щIынращ. Псэлъэбзэм къигъэщI псалъэхэр щыIэгъуэр къызэрекIуэкI (э-и″ системэ) волнавая системэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр щхьэж къызэрыIуатэ щIыкIэу, ар куантизэ щIынрауэ зэрыщытри жыIэпхъэщ.

ТIанэ, волнаваяу тлъытэ функцэр дэнкIи кIуэкIэ зиIэу зыубгъуныгъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар ужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. ″Зыужьыгъуэ″р адыгэбзэм и ″у″ макъым и мыхьэнэуи зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ″э″рэ ″и″м зэдащIэу мы ипэкIи зи гугъу тщIарэ икIи япэрей лэжьыгъэхэм координат системэхэр зэрыухуэм теухуауэ жытIахэми

гурыIуэгъуэ зэращIауэ, ″э″ нэужь ″и″м къакIэлъыкIуэу утыку къихьа ″у″р ″э″мрэ ″и″м я координацэкIэщ утыку къызэрихьари, ″у″р ″э″рэ ″и″м зэдащIэрэ ахэр зыхэзыубыдэ ужьыгъуэрщ. ″Э″кIэрэ ″и″р зэрыджым ипкъ зэритрэ ″и″р зыдэплъагъум функциал хьэрычэтрэ зэману ″э″ри хэлъыжщи, ″э″м елъытауэ утыку къихьэж ″и″ геометрием и орднинатыпIэ ″и″ лъэныкъуэмрэ (x) абзсисыпIэ ″и″ лъэныкъуэхэм зэдащIэ координацэми утыку къыригъэхьэр аргуэру ″у″уэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″зэман координат системэ″уи, ″геометрие (щыIэгъуэ) координат системэ″уи – е ухуеймэ куантум физикэм зэрезэгъкIэрэ а системитIыр зэхэлъуи лъытэ (зэман-еспас системэу)-, дэтхэнэ зы координат системэм ужьыгъуэу утыку къыригъэхьэр ″у″кIэрэщ зэрылъытэр. Системэр волнавая щIыкIэ зиIэу зэрыщытыр жытIагъэххэщи, ″волнавая″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр адыгэбзэм и ″ужьыгъуэ, ужьыныгъэ, зыужьыгъуэ″ псалъэхэр къызтехъукIарэ бзэм дэтхэнэ и зы щIыпIэми мы псалъэхэм хуэдэ мыхьэнэ игъэзащIэу макъ мыхьэнэкIэрэи хэлэжьыхьу хэт ″у″м игъуэджэу гурыIуэгъуэ къызэрищIынури гулъытапхъэщ.

Аращи, ″э″мрэ ″и″м зэдащIарэ тIури зыхэзыубыдэ лъэныкъуабгъуэу ″у″м и зекIуэкIэр волнавая зекIуэкIэрщи, абы дэтхэнэ и зы щIыпIэр лъытэн Iуэхугъуэу, зы куант пунктэ утыку къилъхьэнрэ зы куант пунктэ щIыпIэр лъытэныр ″у″м и зы Iыхьэ цIыкIур утыку къилъхьэнращи, апхуэдэр ″у″м и лимитацэу ″Iу″ макъкIи къэIуэтапхъэщ; ауэ нэхъ игъуэу ″у″р зыухуа ″э-и″м и зы щIыпIэ пунктэкIэ утыку къилъхьэнращ. Куантум физикэм илъытэр щыIэгъуэрэ геометрие системэращи, щыIэгъуэм теухуауэ зи гугъу щIын хуейр ″э″р сытым дежи зыхэлэжьыхь ″и″ системэращ. Ари, щыIэгъуэр зэрызекIуэ волнавая системэм и зы куант пунктэр утыку къилъхьэн Iуэхугъуэу, волнавая функцэр ″куантизэ″ щIынращи, адыгэбзэм и макъ ″у″ зекIуэкIэр куантизэ щIыныр сытым дежи ″зэман″кIэрэ (э) утыку къихьэу икIи сытым щыгъуи зэманыр зыхэлэжь джыгъуэр (и) утыку къилъхьэнращ. Ар икIи системэм и абзсисым теухуа зы пунктэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, ″у″м и дэтхэнэ зы джыпIэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу ″у″м и куантизацэ Iуэхугъуэу лъытапхъэщ.

Ужьыгъуэрэ волнавая зекIуэкIэ зиIэу мы зи гугъу тщIа ″у″ макъыр икIи ″еспас″ жыхуаIэ щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ нэщIыгъуэри зэрылъытэ макъыу зэрыщытри мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ. Ауэ ″еспас″ псалъэм пэувыну макъ закъуэр ″у″рауэ зэрыщымытри къыпыщIапхъэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, зэманкIэрэ джырэ сытым дежи зэманыр зыхэлэжьыхьу щыIэгъуэ системэу ухуэр ″и-координат системэ″ращи, ар щхьэжу зы системэу, абы и лъабжьэрэ ординатри математикэу ″х″ыуэ зэрылъытар гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэ системэу куантум физикэм и Iуэхугъуэу щыт ″и-координат системэ″м и ординат лъэныкъуэ ″и″пIэр геометрие диципплинэкIэ ″х″ыуэ къызэрыгъэлъэгъуар гурыIуэгъуэщи,

абдежыр ″и-системэ″у щыт щыӀэгъуэ системэм къыщыхъур зэлъытарэ къызтехъукӀ лъабжьэрщ.

Куантум физикхэм ″куант″ жыхуаӀэу щыӀэ лъабжьэрэ щыӀэр утыку къызэрихьэри щыӀэгъуэ системэм и лъабжьэрэ ар зэрыухуэущ зэралъытэри, щыӀэгъуэ системэм мы и лъабжьэшхуэр ″куант хы″уэщ къызэраӀуатэр. Аращи, куант ″хы″уэ ялъытэр ″и-координат системэ″м лъабжьэ хуэхъурэ ар зэлъытарэ утыку къызэрихьэ ординату геометриекӀэ ″х″ыкӀэ къызэрагъэлъэгъуар гурыӀуэгъуэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, щыӀэгъуэ лъабжьэрэ щыӀэр утыку къызэрихьэрэ къыздыщихьэр ″куант″кӀэрэ ухуа зы лъабжьэшхуэу ″куантыбэ″у ялъытэр куант физикхэм езым я бзэмкӀэрэ ирагъэщхьу ″куант хы″уэ къыраӀуэри, абдежыр геометриекӀэ ″х″ тхыпкъымкӀэ зэрагъэлъагъуэмрэ икӀи ″хы″ лӀэужьыгъуи зэралъытэр адыгэбзэкӀэ зэрызэтехуэр гулъытапхъэщ. Ар аддыгэбзэкӀэ зэхуэдэ макърэ (х) макъ псалъэкӀэ (хы) къызэрыӀуатэр гулъытапхъэщ. ИпэкӀэ мы лэжьыгъэми, япэрей лэжьыгъэхэми и гугъу зэрытщӀауэщи, ″х″ макъ мыхьэнэр щыӀэгъуэ лъабжьэрэ щыӀэр къызтехъухьрэ зытет лъабжьэрщ, икӀи мы мыхьэнэм зэрезэгъэкӀэрэщ зы псышхуэ иувыӀыхьари адыгэбзэм ″хы″уэ щӀилъытар.

ЩыӀэгъуэр къыздыщыхъуу мы куантыбэр хым зэрырагъэщхьыр, икӀи ″х″ макъри адыгэбзэкӀэ щыӀэгъуэр къыздыщыхъурэ зытет лъабжьэу зэрылъытэр зэрызэтехуэр гурыӀуэгъуэщ. Мыбдежыр икӀи куантум физикэм щыӀэгъуэ лъабжьэу илъыта ″зэман-еспас″ыр, икӀи - нэхъ пыухытыкӀауэ жыпӀэмэ- ″еспас″ыр зэрылъытэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, ″куант″ыр ″зэман-еспас″ вектору щылъытэкӀэ, ″куантыбэ″у куант хышхуэрэ ″зэман-еспас″ хыуэ мы ялъытэр адыгэбзэ макъ мыхьэнэкӀэрэ ″х″ым зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи, ″зэман-еспас″ыр (икӀи хуэӀуауэ ″еспас″ыр) ″х″ыуэ щылъытэм деж, джыпӀэрэ къэхъупӀэ лъабжьэшхуэу щыт ″х″ыр икӀи джыр щыджрэ джыгъуэу утыку къихьэр зэрылъытэ ″и″бэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, ″зэман-еспас″ вектору ялъытэ ″куант″ыр адыгэбзэкӀэ ″и″ макъыу зэрылъытапхъэм теухуауэ ипэкӀэ жытӀахэр дигъу къэдгъэкӀыжмэ, ар ″х″ыр ″и″бэу зэрытлъытами зэрезэгъыр гурыӀуэгъуэщи, икӀи щыӀэгъуэ системэрэ ″и-системэ″м дежкӀэ, дэтхэнэ зы абзсису ″и″р утыку къызэрихьэр зы ″и″ лъэныкъуэр зэрылъытарэ системэ ординату щыт ″х″ым зэрелъытари гурыӀуэгъуэщ (″и-системэ″ → ″х-системэ″).

*

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, мы щыӀэгъуэ лъабжьэшхуэр хым щӀырагъэщхьыр ар икӀи куантыбэу зэрыщытрэ икӀи волнаваяу зэрызекӀуэращ. Абдежыр куант хыуэ щӀалъытэр хуиту зиубгъуа щыӀэгъуэ лъабжьэшхуэрэ щыӀэгъуапӀэу щыӀэхэр щызэпкъырыувэрэ щызэпкъырыхуж нэщӀыгъуэшхуэу зэрыщытращ; а нэщӀыгъуэр щыӀэгъуэр къызтехъукӀрэ щызэхъуэкӀ лъабжьэу зэрыщытрэ енергиеу хэмыщӀрэ хэмыхъуэу зэрыщытращи, сытри къыздыщыхъурэ сытри зыхэхьэжу зэпыщӀэныгъэ

защӀэу зэрыщытращ, зэхуэдэрэ зыуэ зэрыщытращ. Аращи, абдежыр зы нэщӀыгъуэшхуэу ялъытэми, пэжу концепциалу зэрымынэщӀ дыдэри къыхагъэщу, волнаваяу зекӀуэкӀэ зиӀэу зэхуэдэрэ зыуэ, зы енергие хышхуэущ зэралъытэр. Мы куантал енергие хышхуэр пкъыгъуэ зыгъуэтхэр къыздыщыхъу куантал пкъыгъуэ цӀыкӀухэр зыхэлърэ зэпыщӀауэ волнаваяу щызекӀуэ хышхуэрщи, дэтхэнэ и зы щӀыпӀэм куантизацэ къызэрыхъукӀэрэ волнавая зекӀуэкӀэр зэхэувыӀыхьэу пкъыгъуэ зыщылъытэрэ къыздыщыхъуращ.

ЩыӀэгъуэ лъабжьэ мы хышхуэр пкъыгъуэ зыгъуэтхэр къызтехъукӀрэ зыхэтырщи, щыӀэгъуэм концепциалуи нэщӀыгъуэ абсолуд зэримыӀэнур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, нэщӀыгъуэшхуэу щалъытэм деж, щыӀэгъуэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэм абсолуду щымыӀэгъуэ мыхьэнэуэ нэщӀыгъуэ зэримыӀэнури къыпащэжри, адыгэбзэм и "нэщӀ, нэщӀыгъуэ" псалъэхэм гулъытэ щыхуэпщӀым деж, а псалъэхэм - куантум физикэм зэрилъытэм хуэдэу- концепциалуи нэщӀыгъуэ абсолуд зэримылъытэри гулъытапхъэщ.

АдыгэбзэкӀэ щыӀэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиӀэ "щ" макъым и лимитацэу, и ӀупщӀыгъэрэ абсолудыгъэрщ "щӀ" макъри, икӀи ар макъ псалъэу бзэм зэрыхэхьа "щӀы"ри и мыхьэнэкӀэ щыӀэгъуапӀэм утыку къыщихьэ дэтхэнэ зы щыӀэр зэрылъытэрэ зэрылъытапӀэрщ. НытӀэ, "нэщӀ" псалъэр "щӀы" хъуныгъэм хуэкӀуэныгъэу (нэ) щытрэ, зыхуэкӀуэр щӀыуэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэ зыщӀ псалъэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, щыӀэгъуэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэрэ щыӀэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы щӀы лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, нэщӀыгъуэр зы щӀыпӀэрэ зы щӀы лӀэужьыгъуэр утыку къихьэн потанциалыгъэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ "нэщӀыгъуэ"р нытӀэ икӀи щӀы зэхуакуу зэрыщытыр, икӀи пкъыгъуэ зыгъуэтарэ щӀы лӀэужьыгъуэу лъытапхъэхэм я кӀуэцӀыкури зэрылъытэ псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Куантум физикэу мы нэщӀыгъуэшхуэрэ енергие хышхуэр щыӀэ хъупӀэрэ хъупхъэр утыку къыздыщихьэрауэ, пкъыгъуэ зыгъуэтыр утыку къыздыщихьэ лъабжьэу "куантум потанциал"ущ зэрылъытэр. Мы нэщӀыгъуэшхуэрэ "куантум потанциал"ым дэтхэнэ и зы щӀыпӀэм къэхъу куантизацэкӀэрэщ щыӀэрэ пкъыгъуэ зыгъуэтыр утыку къызэрихьэри, абдежыр зи гугъу тщӀы волнавая функцэр куантизэ щыхъуращ. Адыгэбзэм и "нэщӀ, нэщӀыгъуэ" псалъэм теухуауэ мы Ӏуэхугъуэр къэтӀуатэмэ, "нэщӀ"ыр зыхуэкӀуэ "щӀы"р утыку къихьэныр "нэщӀыгъуэ"р куантизэ зэрыхъурауэ лъытапхъэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, "нэщӀыгъуэ"м и дэтхэнэ зы "нэщӀ"ыпӀэр зыхуэкӀуэнум щыхуэкӀуэм дежращ зы "щӀы"пӀэ утыку къызэрихьэри, мыр "нэщӀыгъуэ"у волнавая "зэман-еспас"ыр куантизэ зэрыхъукӀэрэ и зы куантым зыкъызэригъуэлъагъуэу зы "нэщӀ"ыпӀэм и зы "щӀы"пӀэр щылъытэрэ утыку къызэрихьэрауэ къэӀуэтапхъэщ. НытӀэ, "нэщӀ"ыр щыӀэгъуэ лъабжьэу "х"ым зэрытеухуэрэ, икӀи абдежыр "нэщӀыгъуэ хы"уи, "куантыбэ"рэ "куант хы"уи зэралъытэр гурыӀуэгъуэщи, щыӀэгъуэр къызтехъукӀ лъабжьэр зэрылъытэ щӀыкӀэу зыр

зым ипӀэкӀэрэ мы зи гугъу тщӀахэр лъытэныгъэрэ къэӀуэтэныгъэкӀэрэ икӀи детал гуэрхэмкӀэ зэщхьэщыкӀыу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

"НэщӀ"ым теухуауэ мы къэтӀуэтахэмрэ куант хышхуэу волнавая зекӀуэкӀэ зиӀэр куантизэ зэрыхъукӀэрэ и зы куант пунктэм джырэ щыӀэ гуэр утыку къызэрихьэу ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэр зэрызэтехуэр гулъытапхъэщи, "нэщӀ"у "щӀы"м хуэкӀуэныгъэр щыхуэкӀуэм дежыр зы джыпӀэрэ "куант пунктэ"у, абдежым щыджрэ утыку къихьэри "щӀы"уэ зэрыщытри зэрыжыӀэпхъэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, зы куант пунктэр "и"уэ зэрылъытапхъэкӀэрэ зы джыпӀэу, икӀи абдежым щыджри "и"уэ зэрылъытапхъэм хуэдэ Ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ "нэщӀ"ыгъуэм "щӀы" лӀэужьыгъуэ къызэрыхэхъукӀри, "нэщӀ, нэщӀыгъуэ"рэ "щӀы"ри ипэкӀэ зи гугъу тщӀа адыгэбзэм и макърэ псалъэхэм хуэдэжу, куантум физикэм езэгъ мыхьэнэ зиӀэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

ИпэкӀэ зи гугъу тщӀа куантум потанциал лъабжьэрэ нэщӀыгъуэшхуэр увыӀэгъуэ зимыӀэу функциалу хьэрычэт зиӀэрщи, ар зэрызекӀуэрэ зыхуэкӀуэри "нэщӀ" псалъэм гурыӀуэгъуэ къызэрищӀыр гулъытапхъэщ: "нэщӀ"ыр потанцилау "щӀы" хъуным хуэкӀуэ хьэрычэт зиӀэрщ. НэщӀыгъуэшхуэрэ куантум потанциалу енерие волнаваяу зекӀуэу зэхэтрэ щыӀэрэ пкъыгъуэ зыгъуэтхэр зыщылъытэрэ къыздыщыхьу мы космосыр (уэщӀ, щыӀэгъуэ пкъыгъуэшхуэ) куантум физикэкӀэ зэрылъытэр – зэрыгурыӀуэгуэу- куантал пкъыгъуэ цӀыкӀухэм я хьэрычэтыпӀэ хышхуэущ.

Мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъщ икӀии, "нэщӀ, нэщӀыгъуэ" жыхуаӀэр адыгэбзэм зэрилъытэр ахэр щыӀэгъуэм зэрыхиубыдэкӀэрэщ; пкъыгъуэ зыгъуэту щыӀэхэм хуэдэжу, нэщӀыгъуэри щыӀэгъуэм и зы щӀыпӀэрщи, пкъыгъуэрэ щӀыгъуэу утыку къихьэнум лъабжьэ хуэхъурэ зыхуэкӀуэну щӀыпӀэрщ. Мыбы папщӀэщи, "нэщӀ"ыр "потанциалу щӀы"рэ икӀи "куантум потанциал"у лъытапхъэращ. Атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэр икӀи "щӀы" лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, ахэр зэрызэгухьэкӀэрэ атомхэр мэухуэри, пкъыгъуэшхуэрэ щӀы лӀэужьыгъуэшхуэхэр утыку къохьэр. Мыпхуэдэ пкъыгъуэшхуэ зыгъуэтахэращ класикэ физикэкӀэ "щӀы"рэ "пкъыгъуэ" лӀэужьыгъуэу тлъытэфхэри, абы нэщӀыгъуэри мыбдежым зэрытлъытам хуэдэу зэримылъытэри гурыӀуэгъуэщ. Класикэ физикэм и Ӏуэхур мы зи гугъу тщӀа пкъыгъуэшхуэхэращ зытеухуари, абы и бгъэдэхьэкӀэкӀэ нэщӀыгъуэмрэ пкъыгъуэ - лъэ - щыӀэгъуэ зиӀэхэм зы зэпыщӀэныгъэ зыхуаӀэкъым. Ауэ, мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, нэщӀыгъуэр щыӀэгъуэм щыщщи, атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэм я зэхуакумрэ атом кӀуэцӀми, класикэ физикэкӀэ тлъытэ пкъыгъуэшхуэхэр зэрыухуа атомхэм я зэхуакуми и нэхъыбапӀэр зэрыухуаращ. Космосым и нэхъыбапӀэр зэрыухуарэ "нэщӀыгъуэ" жыхуэтӀэр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀуу "фермион"рэ "бозон"у ялъытэ лӀэужьыгъуэбэрщ.

*

ИпэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэщи, щыӀэгъуэ лъабжьэрэ нэщӀыгъуэу лъытам утыку къыщихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы "щӀы" лӀэужьыгъуэу

зэрылъытапхъэр, икIи ″щI″ макъри ″щ″ макъым абсолыдыгъэ зэригъуэтыр зэрылъытэу къытехъукIауэ зэрыщытри жытIагъэххэщи, ″щIы″м и лъабжьэр ″щ″ыуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Щ″ыр щыIэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ макъщи, дэтхэнэ щыIэ гуэрыр утыку къызэрихьэу икIи зэрызэхъуэкIрэ зэрыкIуэдри зэрылъытэ макъыу адыгэбзэм хэлэжьыхь макъщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, нэщIыгъуэм щыджрэ нэщIыр зыхуэкIуэу утыку къихьэ ″щIы″р къызтехъукIа ″щI″ макъми и лъабжьэжу щыт ″щ″ макъри зэрыигъуэкIэрэ куантал мыхьэнэ зиIэ макъыу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ″Щ″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри мыпхуэдэщи, ″щ″ым зыкъыщигъэлъагъуэ дэтхэнэ зы щIыпIэм зы щыIэгъуэ утыку къохьэ; щыIэгъуэ зиIэр зохъуэкI; щыIэр зыщыкIуэдри зэрылъытэрщ.

Адыгэбзэм ″щыIэ″рэ дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэу щыIэгъуэм теухуауэ къэхъур зэрилъытэ макъщ ″щ″ыри, ″щ″ыр зы зэманыгъуэ пыухытыкIакIэ (Iэ) утыку къызэрихьэрэ щыгъэлъагъуэращ адыгэбзэм и ″щыIэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр. НытIэ, джырэ щыIэгъуэ зыгъуэтыр куант пунктэм къызэрыщыхъурэ куантыр ″зэман-еспас″ зэхэхьэгъуэу щылъытэм деж, ар къэхъун папщIэ зыхуэныгъуэрауэ лъытапхъэщ ″щ″ макъ мыхьэнэм гурыIуэгъуэ ищIыр. Аращи, куант пунктэм щыIэгъуэ щигъуэтын папщIэ, узхуэныкъуэр зылъытэ макъ мыхьэнэрауэ лъытапхъэщ ″щ″ыри, ар (щ) щызэгъэпэщу зы зэманыгъуэ пыухытыкIакIэрэ зыкъыщигъэлъагъуэращ (Iэ) ″щыIэ″р. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″зэман-еспас″ зэхэлъыпIэ джыгъуэм (и) ″щ″ым зэманыгъуэ щигъуэтращ ″щыIэ″ жыхуэтIэр утыку къызэрихьэр.

ЩыIэгъуэ къэхъун папщIэ узхуэныкъуэращ ″щ″ыри, ар икIи щыIэгъуэрэ щыIэр щхьэжуи зэрылъытэф макъ мыхьэнэщ. Ауэ икIи, зэманыгъуэ зыхэлэжьыхьу щыт щыIэгъуэ геометрием езыри лъэныкъуищу зэрызэпкъырыуварэ зэрызэхэлъым ипкъ зэриткIи, дэтхэнэ щыIэ гуэрэри щыуэ зэрызэхэлъри гурыIуэгъуэщ. ″Куант″ыр икIи геометрие лъабжьэу зэрыщытрэ адыгэбзэм и ″и″ макъри ар дыдэр зэрылъытэу зэрыщытым хуэдэжу, икIи ″щ″ макъ мыхьэнэри щыIэгъуэ геометрие лъабжьэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, зэманыгъуэрэ (э) джыгъуэкIэрэ (и) ухуэ ужьыгъуэри (у), джыпIэм (и) щыджри геометриеу щыуэ зэрызэхэлъыр гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэ геометриер ухуэнрэ дэтхэнэ зы щыIэри утыку къихьэн папщIэ узхуэныкъуэр ″щ″ макъ мыхьэнэмрэ щым гурыIуэгъуэ зэрищIыр наIуэщ.

″Щ″ыр бзэм и макъ мыхьэнэкIэрэи, макъ псалъэуи (щы) зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэщи, ар зыхэту ухуэ псалъэхэри мыпхуэдэ Iуэхугъуэщ зытеухуар: ″щы″пIэр къэхъупIэрэ зэхъуэкIыпIэ е кIуэдыпIэрщи, ″щыгъуэ″ псалъэр бзэм щызэрызекIуэр мыпхуэдэщ. ″И″пIэр зэрылъытэ ″игъуэ″ псалъэм хуэдэ мыхьэнэ зиIэрщ ″щыгъуэ″ри, игъуэ къэсыр зэрыджрэ щыIэ зэрыхъуу зэрызэхъуэкIрэ зэрыкIуэдым хуэдэщ ″щыгъуэ″ псалъэми гурыIуэгъуэ ищIыр: дэтхэнэ зы щыIэр утыку къыщихьэрэ зэрызэхъуэкIыр е щыкIуэдыр зы ″щыгъуэ″м теухуащ.

Щыӏэгъуэ пкъыгъуэшхуэм езымрэ (космос корпус) абы щыӏэгъуэ зыщигъуэту щыӏэ хъу дэтхэнэ гуэрыр щыуэ зэхэлъущ зэрытлъытэри, абыхэм дэтхэнэ зым щхьэжу и гугъу зэрытщӏыфри гурыӏуэгъуэщ. Щхьэж зи гугъу тщӏыфыр бзэмкӏэ зэрылъытэри ар ″зы″уэ зэрыщытрауэщи, нытӏэ, ″щы″уэ зэхэлъыр ″зы″уэ зэрылъытэм и лъабжьэр ″з″ макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Аращи, щыуэ зэхэлъу тлъытэ щыӏэр щхьэж зыуэ зэрылъытэфым и лъабжьэр а зи гугъу тщӏы щыр генератикэ зэпыщӏэныгъэ зэрызыхуиӏэкӏэрэ зэрызэхэлърауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Мыращ ″з″ макъ мыхьэнэри, ар генератикэ зэпыщӏэныгъэкӏэрэ зэхэлъыр щхьэжу зы псоугъэу зылъытэрщ. Зы куант пунктэм къыщыхьур ″щы″уэ генератикэу зэрызэхэлъкӏэрэ щхьэжрэ а зэрыпсоуэ ″зы″уэ зэрылъытэри гурыӏуэгъуэщи, ″з″ макъри куантал мыхьэнэ зиӏэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″З″ макъым и гугъу щытщӏым деж, ар къызкӏэлъыкӏуэ ″ж″ макъми, тӏури къызтехъукӏа ″жь″ макъми и гугъу щӏыпхъэщ. Мы макъхэм дыщытепсэлъыхьым деж, ″щ″ыр къызкӏэлъыкӏуэу абы ипэ къихуэу къэхъуауэ тлъытащ ″жь″ макъри, ар увыӏэгъуэ зимыӏэ хьэрычэт зэрылъытэрщ. Щыӏэгъуэ лъабжьэр (щ) хьэрычэткӏэрэ (жь) утыку къызэрихьэр зэрылъытэ куантум физикэм зэрыжиӏэм езэгъыу ″щ″ымрэ ″жь″ макъхэр зэрызэпыщӏари гулъытапхъэщ. Щыӏэгъуэ зиӏэр кӏуэцӏкӏэ генератикэу зэпыщӏауэ зэхэлъу щхьэжу зылъытэ ″з″ыри ″жь″ым къытехъукӏарэ генератикэ зэпыщӏэныгъэ зыгъэзащӏэ ″ж″ым къыкӏэлъыкӏуэу утыку къызэрихьари гулъытапхъэщ.

″Жь″ымрэ абы къытехъукӏыжауэ мы зи гугъу тщӏы макъхэм хуэдэжщи, ″щ″ыми къытехъукӏыж ″щӏ″ыри, щыӏэгъуэр зэрыскӏэрэ зэрызекӏуэм теухуа мыхьэнэ зиӏэ ″с″ыри щыӏэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиӏэу куантум физикэм езэгъ мыхьэнэ зиӏэрэ бзэми щызекӏуэ макъхэрщ. Щыӏэгъуэр лъабжьэрэ зэрызэхэлъ щӏыкӏэу зэрылъытэр ″щ″ макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытрэ абы къытехъукӏауэ мы зи гугъу тщӏа макъхэри абы елъытарэ пыщӏа мыхьэнэ зиӏэхэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, щыӏэгъуэр зэрызекӏуэ щӏыкӏэр икӏи ″с″ макъкӏэрэ зэрылъытэрэ къызэрыӏуэтапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, щыӏэгъуэр увыӏэгъуэ зэримыӏэкӏэрэ нэсыныгъэрэ сыныгъэкӏэрэщ зэрызекӏуэри, ″с″ макъым мы и мыхьэнэри куантум физикэ щӏэныгъэм и къежьапӏэу лъытапхъэ зэманыгъуэхэм Айнштайн къигъэунэхуа зы физикэ хабзэу ″термодинамикэ″м теухуауэ жыӏэпхъэщ.

Сытри зэрыскӏэрэ зэрызекӏуэу, икӏи сытри уэз лӏэужьыгъуэу щыщыткӏэ, уэзыр зэрыскӏэрэщ щыӏэгъуэр зэрызекӏуэри, уэзыр мэсри исыр мэдж, имысыр мыджэщ. Уэзыр зэрыскӏэрэ щыӏэгъуэр утыку къызэрихьэрэ зэрыджри, ари уэзым и джыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщ. Аращи, исыр щыӏэ мэхъу, имысыр щыӏэ мыхъурщ. Уэз нэмыщӏ щымыӏэмэ, уэзыр зынэсыжурэщ зэрысри, уэзыр иту ису мэсри ″сос″ыр къохъу; уэз сыгъуэм итыгъуэ зэригъуэт ″сос″ым щыджрэ къыхэхъукӏращ (къу) щыӏэгъуэ зыгъуэтри. Щыӏэгъуэ зиӏэу утыку къихьэр мыпхуэдэу зэрыскӏэрэщ утыку

къызэрихьэри, абы и щыIэгъуэр зэрихьрэ зэрыужьри зэрыскIэрэщ; увыIэгъуэ зимыIэу къекIуэкI мы Iуэхугъуэри ″сос″ыры″къуэ″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, и макъхэм имызакъуэу, макъыбзэкIэ ухуа и псалъэхэми куант мыхьэнэ иIэу зэрытлъытами зэрезэгъщ адыгэбзэм и мифологие лIыхъужьыцIэ гуэрхэр занщIэу щыIэгъуэр къызэрекIуэкI щIыкIэрэ икIи куантал мыхьэнэ зиIэу зэрыщытыр (п.п.: Ис, Имыс; Уэзырмэс, Уэзырмэдж, Сосрыкъуэ).

Мы псалъэхэр щыIэгъуэр зэрызекIуэрэ куантум физикэми езэгъ псалъэхэрщ, ауэ щыIэгъуэр уэз лIэужьыгъуэу зэрыщытрэ ар зэрыскIэрэ зэрызекIуэм нэмыщI, мы къэтIуэтахэм мысрэ мыджри къызэрыхэщыр гулъытапхъэщи, мыбыхэм щыIэгъуэ мыхъурэ мыщыIэм е нэгъуэщI гуэру мысрэ мыдж лIэужьыгъуэу щыт гуэрхэр гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэхэр мы лэжьыгъэ Iыхьэм игъуэр къыщысым деж къытпыщIэхуэнуи къыщIэкIынщ.

ЩыIэгъуэр мы къызэрекIуэкI щIыкIэр термодинамикэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар волнавая щIыкIэу зэрызекIуэр, ауэ икIи дэтхэнэ и зы куант щIыпIэр зэрылъытэкIэрэ куантизацэ щIыкIэкIэ зэрызекIуэри гулъытапхъэщ. Аращи, сытми щыIэгъуэ зэригъуэтыр зэрыскIэрэщ; мыпхуэдэущ щыIэгъуэ зекIуэкIэри, уэзыр зэрысыр зэрылъытэ ″Уэзырмэс″ псалъэр термодинамикэ зекIуэкIэр волнаваяу зэрызекIуэу зэрыщытыр нэхъ игъуэу къызэрыIуатэ псалъэу лъытапхъэрщ. Уэзыр зэрысыхункIэрэ зэрыджынури гурыIуэгъуэщи, уэзыр зэрысым зэрыпыщIакIэрэ ″Уэзымэдж″ри щыIэгъуэр увыIэгъуэ зэримыIэкIэрэ волнавая функцэ щIыкIэкIэ зэрыджыр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIырщ. Ауэ, уэзыр зыщыджрэ зэрыджри сыгъуэу волнаваяу къекIуэкIыр куантизацэ зэрыхъурауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, ″Уэзырмэс″ым гурыIуэгъуэ къищI волнавая зекIуэкIэр куант куанткIэрэ зэрызекIуэрауи лъытапхъэщ ″Уэзырмэдж″кIэрэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъур. Уэзыр зэрыскIэрэ зэрыдж щIыкIэр, икIи утыку къихьагъэххэми и щыIэгъуэр зэрихь щIыкIэр къызэрыIуатэу лъытапхъэщ ″Сосрыкъуэ″р. Уэзыр сыурэ иту къызэрекIуэкIрэ (сос) абы къыхэхъукIыр (къуэ) зэрылъытэу, икIи мы къыхэхъукIри сыурэ иту зэрызекIуэрэ къызхэхъукIыныгъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэ зыщI псалъэщ ″Сосрыкъуэ″ри, ар щыIэгъуэрэ щыIэр термодинамикэу утыку къызэрихьэрэ зэрызекIуэр зыхэлъыж псалъэу лъытапхъэщ. ЩыIэгъуэр зэрызекIуэри абы къыхэхъукI дэтхэнэ зы щыIэм и щыIэгъуэр зэрихьри зэрылъытэу, волнавая щIыкIэ зиIэ зы зекIуэкIэ зэрылъытэу зэреджапхъэри гурыIуэгъуэщ ″Сосрыкъуэ″ псалъэм. Ауэ икIи, уэзыр сыурэ зэрыщытым и зы сыгъуэу зы куант пунктэр гурыIуэгъуэ зыщIырщ ″сос″ри, мы сыпIэрэ сыгъуэр зы джыпIэрэ джыгъуэу зы куантыпIэу зэрыщыткIэрэ куант куанткIэрэ зэрызэпыщIа щIыкIэкIэ къызэрекIуэкIыуи зэреджапхъэр гурыIуэгъуэщ ″Сосрыкъуэ″ псалъэми, термодинамие зекIуэкIэр волнавая зекIуэкIэу зэрыщытым нэмыщI, икIи куант куанткIэрэ зэрызекIуэри гурыIуэгъуэ къытхуэзыщI псалъэщ ар.

Аращи, щыӏэгъуэр сыгъуэкӏэрэ къызтехъукӏыжу зэрызекӏуэ волнавая зекӏуэкӏэу зэреджапхъэм нэмыщӏ, сыгъуэрэ джыпӏэу щыт ″сос″ымрэ абы щыджу къыхэхъукӏыр (..къуэ) куанту зэрылъытапхъэкӏэрэ къэхъуныгъэрэ щыӏэгъуэ зекӏуэкӏэр куант куантӏкэрэ зэрыгъэзащӏэуи зэреджапхъэр гурыӏуэгъуэщ ″Сосрыкъуэ″ псалъэм. Мыпхуэдэ щӏыкӏэщ икӏи куантум физикэм щыӏэгъуэр зэрызекӏуэмрэ, щыӏэгъуэ лъабжьэ пкъыгъуэ цӏыкӏуу илъытэхэми я зэкӏуэкӏэри зэрилъытэри, термодинамикэ мыхьэнэ зиӏэу зи гугъу тщӏа мы псалъэхэри – икӏи нэхъ гурыӏуэгъуафӏэу ″Сосрыкъуэ″ псалъэрщи- щыӏэгъуэр волнаваярэ куант куантӏкэрэ зэрызекӏуэм езэгъыу ухуа псалъэхэрщ.

Щыӏэгъуэр зэрызекӏуэ щӏыкӏэр волнавая щӏыкӏэу, икӏи абы и дэтхэнэ зы щӏыпӏэр куант пунктэу зэрылъытэкӏэрэ куант куантӏкэрэ зэпычыгъуэ зиӏэ унэтӏыныгъэкӏэрэ зэрызекӏуэм теухуа зы щапхъэфӏыу лъытапхъэщ адыгэбзэм и бжыгъэцӏэхэм лъабжьэ хуэхъуарэ щыӏэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыӏуатэу ухуа псалъэхэр.

Щыӏэгъуэр зэрызекӏуэу къэхъу ужьыгъуэр волнавая щӏыкӏэу зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщи, абы езыр зэрыщыту зэрылъытапхъэри, дэтхэнэ и зы щӏыпӏэрэ ӏыхьэр зэрылъытапхъэри щыӏэгъуэ лӏэужьыгъуэрэ щыӏэгъуапӏэу ″щ″ макъ мыхьэнэрэ ″щы″ макъ псалъэкӏэрэу зэрыщытым ипэкӏэ и гугъу тщӏагъэххэщ. Щыӏэгъуэ ужьыгъуэрэ волнаваяу зекӏуэм дэтхэнэ и зы куант пунктэр и зы щыӏэгъуэ лъабжьэу ″щы″кӏэрэ щылъытэм деж, ар зэрытӏрэ тӏыугъэкӏэрэ зэрыбэгъуэнур гурыӏуэгъуэщи, мы зекӏуэкӏэр икӏи ″унэтӏын″ псалъэмкӏэ къэӏуэтапхъэщ. Мыр щыӏэгъуэ ужьыгъуэр икӏи куант куантӏкэрэ зэрызекӏуэрщ. Щыӏэ лъабжьэр зэрылъытэ ″щы″р зэрыунэтӏкӏэрэ аргуэру ″щы″ утыку къихьэжыныр щыӏэгъуэ ужьыгъуэу волнавая функцэр щы щыкӏэрэ зэпыщӏарэ щы щыкӏэрэ зэпычыгъуэ зэриӏэ зекӏуэкӏэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэщи, ар щыӏэгъуэр куант куантӏкэрэ зэрызекӏуэраузэ зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщ. Куант пунктэрэ ″щы″м и унэтӏыгъэкӏэрэ аргуэру куант пунктэрэ ″щы″ утыку къызэрихьэжкӏэрэщ щыӏэгъуэ зекӏуэкӏэри, куант куантӏкэрэ мы зекӏуэкӏэм езыр щхьэжу зэрылъытапхъэри щыӏэгъуэ ужьыгъуэу волнавая щӏыкӏэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, ″щы → тӏыу → щы → тӏыу → щы →....″ зекӏуэкӏэр куант пунктэрэ ″щы – щы″кӏэрэ нэрынэ нэрынэу увыӏэпӏэрэ зэпычыгъуэ зиӏэу увыӏэгъуи зимыӏэ зекӏуэкӏэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, зэпэувыӏэгъуэрэ зэпэувыӏэкӏэрэ мы зекӏуэкӏэр щы унэтӏыныгъэрщ. Ауэ икӏи, мы къэта зэкӏэлъхьэужьыкӏэр зы волнавая функцэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ар щыӏэгъуэ ужьыгъуэр куант куантӏкэрэ зэрызекӏуэм хуэдэжу, волнаваяу зэрызекӏуэри къэзгъэлъагъуэрщ.

Мы зекӏуэкӏэм езыри ″щы″пӏэ щихуэм дежыр унэтӏыныгъэрэ ужьыгъуэми щыӏэгъуэ зэригъуэтраузэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ; икӏи, мы къэта зекӏуэкӏэр генератикэ зэпыщӏэныгъэу (ж) зэрыщытри гулъытапхъэщ; икӏи мыр щыӏэгъуэмрэ ар зэрызекӏуэри увыӏэгъуэ зимыӏэ хьэрычэту (жь)

зэрыщытыр къызхэщырщ. Аращи, - ″щ″ым ипэ къихуэу утыку къыхьауэ тлъыта ″жь″ макърауэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэрэ- щыӀэгъуэр лъабжьэрэ зэрызэхэлъкӀэрэ зэрылъытэ ″щ″ыр кӀуэцӀкӀэ хьэрычэт (жь) зиӀэрэ икӀи абы и зэхэлъыныгъэм генератикэуи (ж) зэпыщӀэныгъэ зэриӀэр гурыӀуэгъуэщи (з), щыӀэгъуэм мы и зэхэлъыныгъэри ар зэрыужьрэ зэрыунэтӀым хуэдэжщ.

ЩыӀэгъуэр зэрыужь щӀыкӀэу мы ″щы″ унэтӀыныгъэ зекӀуэкӀэр щхьэжу волнавая функцэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, абы и дэтхэнэ зы куант пунктэу щыт ″щы″пӀэри мы волнавая функцэм теухуауэ лъытэныр волнавая функцэр куантизацэ щӀын Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэщ дэтхэнэ зы ″щы″пӀэр волнавая функцэм и щыӀэгъуэм теухуауэ зэрылъытэ псалъэхэр зэрыухуари, къежьапӀэу щыт ″щы″пӀэр ″зы″уэ, абы къыкӀэлъыкӀуэ ″щы″пӀэр ″щы″уэ, къыкӀэлъыкӀуэж ″щы″пӀэр ″тху″уэ, волнавая функцэм езыр ″щы″пӀэ щихуэ ″щы″пӀэри ″блы″уэ зэрылъыта щӀыкӀэр мыпхуэдэщ. Мыбы къыщымынэу, дэтхэнэ зы ″щы″м и тӀыугъэрэ унэтӀыныгъэри куантизацэ лӀэужьыгъуэущ къызэрыӀуэтари, ари ″тӀу, плӀы, хы″кӀэрэщ зэрылъытар.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къытхуащӀыр мы Ӏуэхугъуэраще, абыхэм я мыхьэнэм игъуэ щыхъум деж дызэрытепсэлъыхьари гурыӀуэгъуэщ. Ауэ ″щы″м къыщымынэу, ″щы″ым и тӀыугъэрэ унэтӀыныгъэр къызтехъукӀ ″тӀ″ыри зы къэхъуныгъэ лъабжьэу куантал мыхьэнэуэ зэрыщытыр, икӀи къызэрыӀуэта псалъэхэмкӀэ ари зы куант пунктэу зэрылъытари гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщӀы волнавая функцэр куантизацэ зэрыхъу щӀыкӀэр къызэрыӀуатэ мы псалъэхэр дэтхэнэ зы ″щы″пӀэу щыӀэгъуэ лъабжьэ куант пунктэмрэ, абыи и ″тӀыу″гъэу унэтӀыныгъэри щхьэж куант пунктэу зэрылъытэкӀэрэ зэрыухуар гурыӀуэгъуэщ. Аращи, мы псалъэхэр щыӀэгъуэ ужьыгъуэ волнавая функцэр куантизацэ зэрыхъум теухуауэ ухуа псалъэхэрщи, мыпхуэдэу генератикэ зэпыщӀэныгъэ зиӀэ зекӀуэкӀэр къызэрыӀуатэм папщӀэщ икӀи ахэр зэкӀэлъхьэужьыкӀэ зэриӀэкӀэрэ бжыгъэхэм зэрыфӀэщарэ бжыгъэцӀэ къалэн зыгъэзащӀэу цӀыхум зэрихьэ щӀэхъуари.

ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэу волнавая функцэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэр зэрылъытэрэ куантизэ зэрыщӀакӀэрэщ зи гугъу тщӀа псалъэхэр утыку къызэрихьари, ахэр ″щы″мрэ ар зэрытӀыр зэрылъытакӀэрэ ухуа псалъэхэщ. Ауэ, сытым дежи щыӀэгъуэ зэрыщыӀэкӀэрэ щыӀэгъуэр зэпычыгъуэ зэримыӀэкӀэрэ зэрызекӀуэм зэрезэгъщи, ар икӀи ″щы″ защӀэкӀэрэ зекӀуэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэр зэрылъытэу адыгэбзэм хэт псалъэщ ″щэ″ри, ар щым увыӀэгъуэ зимыӀэ функциал кӀуэтэгъуэрэ хьэрычэткӀэрэ зэрызекӀуэр зэрылъытэрщ. ЩыӀэр зэрыщыӀэрэ зэрызекӀуэр ″щы″ защӀэкӀэрэщи, ар щыӀэгъуэм и функциал хьэрычэту зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ; мыр зэрылъытэ ″щэ″р щыр зэрытӀыу ипэкӀи зи гугъу тщӀа щыӀэгъуэ ужьыгъуэрэ зекӀуэкӀэр къызхэмыщырщ, ауэ ар (щэ) щыӀэгъуэр (щ) увыӀэгъуэрэ зэпычыгъуэ зэримыӀэкӀэрэ функциалу зэрызекӀуэр (э) зэрылъытарэ къызэрыӀуэта псалъэрщ. ЩыӀэгъуэр увыӀэгъуэ зимыӀэ

хьэрычэтклэрэ зэрызекlуэрэ зэрабагъуэр зэрылъытэрщ ″щэ″ри, мы псалъэми илъытэр зэрилъытэ щlыклэри волнавая функцэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Увыlэгъуэ зимыlэ щыlэгъуэ кlуэтэгъуэрэ бэгъуэныгъэ зи мыхьэнэ псалъэщ ″щэ″ри, бэгъуэныгъэрэ куэдагъ зэрылъытэу адыгэбзэм хэхьа мы псалъэр (щэ) бжыгъэцlэклэ лъыта дэтхэнэ куэдагъэм щхьэщыкlыр зэрылъытэу бзэм щызекlуэу зэрыщытари гурыlуэгъуэ къытхуохъур. Ауэ, ″щэ″р иужь дыдэу зы бжыгъэр зэрылъыта бжыгъэцlэу адыгэбзэм къызэрыхэнэжари гурыlуэгъуэщ.

*

″Щ″ макъым къытехъукlауэ щыт ″с″ макъыр ″щ″ыр зэрызекlуэри зэрылъытэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ыр къызэрыхъурэ дэтхэнэ зы ″щыгъуэ″м щылажьэри ″с″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlращ. Щыlэ лъабжьэм къыщекlуэкlыр ″с″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlращи, ар сытми нэсыныгъэрэ сыныгъэ зэригъуэтыр зэрылъытэрэ бзэми къыщызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщ. ″С″ макъым игъэзащlэ мы lуэхугъуэр куантум физикэклэ атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэхэм я хьэрычэтри зэрызекlуэр зэрылъытэрщ. Атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм я щыlэгъуэр зэрызекlуэр я кlуэцlклэ зэрысклэрэщ. Атом хьэрычэтрэ енергиер зэрыбагъуэр абы и кlуэцlым къыщыхъу сыгъуэклэрэщ. Енергиер щыбагъуэм деж, хьэрычэтыр зэрыбагъуэри гурыlуэгъуэщи, зы атомым енергие къыщищтэм деж, абы езым и щыlэгъуэр зэрихьрэ нормалу зэрызекlуэм елъытауэ нэхъ хьэрычэти егъуэтыр.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, сытми и щыlэгъуэр зэрихьрэ нэгъуэщlхэм зэрызэпыщlарэ зэрынэсыр ″с″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlклэрэщи, ″с″ макъым игъэзащlэу зи гугъу тщlы мы lуэхугъуэри дэтхэнэ гуэрым атом лъабжьэклэрэ ″сын″ lуэхугъуэ къызэрыхъуклэрэщ. Аращи, ″с″ макъ мыхьэнэм игъэзащlэр куантум физикэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ, икlи ″с″ макъым игъэзащlэу зи гугъу тщlы дэтхэнэ гуэрыр бзэ мыхьэнэклэрэ зэрылъытапхъэр ″сын″ lуэхугъуэущи, ″сын″ псалъэри куантум физикэ лъабжьэклэрэ мыхьэнэ зиlэрщ. Нытlэ, сытми и щыlэгъуэр зэрихьрэ нэгъуэщl гуэрым зэрыхунэсри сытми и атом лъабжьэклэрэ енергие сыгъуэрщи, ″с″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ а нэхъ абсолуд мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэ ″сын″ глаголыр ″с″ макъым и мыхьэнэ лъабжьэр гурыlуэгъуэ зыщl зы псалъэу икlи куантал мыхьэнэи зиlэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, нэсын, лъэlэсын е щысын хуэдэ псалъэхэу ″с″ макъ мыхьэнэклэрэ гъэзащlэхэр къызэрыхъу щlыклэри атом лъабжьэклэрэ ″сын″ lуэхугъуэущи, абыхэмрэ макро физикэу зыгуэрыр зэрызэщlэнэу къэхъу ″сын″ lуэхугъуэм щхьэщыкlыныгъэшхуэ зэримыlэр куантум физикэклэ гурыlуэгъуэщ.

Сытри къызэрыхъур ″с″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытапхъэращ мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlри, зы атомым енергие къызэрищтэрэ зэритри ″с″ макъ мыхьэнэклэрэщ зэрылъытапхъэр. Аращи, зы атомым

енергие къызэрищтэр ″сын″ lуэхуэгъуэу къызэрыlуэтапхъэм хуэдэу, зы атомым и енергием зэрыхэщlри абы и щыlэгъуэр сыгъуэкlэрэ зэрызекlуэм хэщlыныгъэу ″сэхын″ псалъэм къиlуатэу лъытапхъэщ. Зы атомым енеригие къызэрищтэ щlыкlэри япэрауэ абы и электронхэм енергие къызэрищтэращи, енергие къэзыщта электронми хьэрычэт зэригъуэткlэрэ атом кулъэрэ купщlэм и хъуреягъкlэ къыздыщекlуэкlыу щыт и лъагъуэм (″орбит/орбита″м) икlыу атом гъунапкъэ лъэныкъуэмкlэ щыт орбитым зедзыр. Нэхъ lупщlыу жыпlэмэ, зы фотон къазыщтэу енергиекlэ бэгъуа электроныр енергиибэ (уэзыбэ) зэрыхъукlэрэ хьэрычэт егъуэтри, атом кулъэм и хъуреягъкlэ къыздыщекlуэкlыу щыта орбитым икlыу къыкlэлъыкlуэ арбитым зедзыр. Фотон къзыщтэу зи уэзыр бэгъуа электроныр къыздыщекlуэкl орбитым щхьэщыкlыу ищхьэрэ атом кулъэм пэжыжьэ орбитым зызэридз lуэхугъуэр ″куантал (квантовыи) дзыгъуэ (скачок)″у ялъытэр. Щыlэгъуэр лъабжьэкlэрэ зэрызекlуэрэ енергие зекlуэкlэр адыгэбзэм ″блэн″ псалъэмкlэ зэрилъытэрэ къызэриlуатэри, енергиеу къэхъу мыпхуэдэ дзыгъуэхэмрэ атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм мы зи гугъу тщlа щlыкlэкlэ зызэрадзри адыгэбзэм ″щыблэ″ псалъэмкlэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Зы атомым къищтэ енергиекlэ и электроныр щыблэу (электрон щыблэ) къэхъу электрон дзыгъуэ – утхэ – блэгъуэр (куантал дзыгъуэ – утхэ – блэгъуэ - щыблэ) а атомым и кlуэцlкlэрэ хьэрычэт зэригъуэтырщи, мы хьэнычэтыр абы къыпэщыт атом лъэныкъуэмкlэ кlуэну зэрыхущlэкъури гурыlуэгъуэщ. Зы атомым и енергиерэ и хьэрычэтыр зэрыбагъуэкlэрэ мы къэхъури, ар къэзыгъэхъури ″с″ макъ мыхьэнэм игъэзащlэ lуэхугъуэкlэрэу зэрылъытапхъэри жытlагъэххэщ. Аращи, зы атом электроным къищта фотонкlэрэ и енергиер зэрыхэхъуэрэ хьэрычэти зэригъуэтри ″с″ lуэхугъуэу зэрыщытым хуэдэжу, а атомыр и гъунапкъэрэ и щlыб лъэныкъуэмкlэ хущlэкъуу и гъунэгъу атомхэм нэсыныгъэ зэрагъуэтри ″с″ макъкlэри зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, зи гугъу тщlы мы lуэхугъуэм зызэриубгъур мыпхуэдэ щlыкlэкlэрэщ. Нытlэ, зы атом электроным фотон къызэрщтэри, мыпхуэдэу и енергиер зэрабагъуэм къызэрыгуэкlкlэ, ар къыздыщекlуэкlыу щыт орбитым икlыну зэрыхущlэкъури, мыпхуэдэ щlыкlэкlи а атомыр и гъунапкъэрэ и щlыбымкlэ зэрыхущlэкъури ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ лъытапхъэу, ″сын″ lуэхугъуэрщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, дэтхэнэ гуэрым - е а гуэрыр зэрызэпкъырылъ атомхэмрэ атомым дэтхэнэ и зы электроным-енергие щигъуэтым деж хьэрычэти ягъуэтри ипlэм икlынкlэрэ хущlокъур. Зыгуэрым енергиерэ хьэрычэт щигъуэткlи, мыр а гуэрым нэхъ хуэбагъэ зэригъуэтрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, фонон къэзыщтэ электроныр енергиеу щыбагъуэм деж къэхъури, абы хьэрычэт игъуэту ищхьэ орбитым зыщидзкlэ къэхъу lуэхугъуэу мы зыдыщидза орбитым щыщыlэ электроныр/электронхэр зэрыхигъэзыхькlэрэ къэхъури сын lуэхугъуэрэ хуэбагъэрщ. Енергиерэ хьэрычэт зыгъуэта дэтхэнэ

гуэрыр икIи зэрыщыту щытам елъытауэ хуабэгъи зыгъуэтаращи, и хьэрычэткIэрэ зыхущIэкъу и гъунапкъэхэм абы езым и хуэбагъэри зэрыхуихьри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ, зы атомрэ электроным енергие щигъуэтым деж, абы хьэрычэт егъуэтри, мэхуабэ; икIи, ар ипIэм икIыну и гъунапкъэкIэрэ зэрыхущIэкъуми и хьэрычэтрэ и хуэбагъэр къыпэщыт атомым хуокIуэр. НытIэ кIэщIыу жыпIэмэ, енергие зыдэщыIэм хьэрычэт, хьэрычэт къыздыщыхъуми хуэбагъэ щыщыIэщ. ИкIи, ″хуэбагъэ″рэ ″хьэрычэт″ жыхуэтIэри ″енергие (уэз) лIэужьыгъуэ″хэрщ.

″Хуэбагъэ″ жыхуэтIэр зы енергие лIэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ, икIи ″хуабэ″ псалъэми илъытэр цIэимыIуэкIэрэ и енергиер зэрыхъун хуейм елъытауэ куэд (бэ) зэрыхъуаращ. Аращи, ″хуабэ″ жыхуэтIэр уэзыбэ (енергиибэ)″ жыхуиIэрщ.

И щыIэгъуэм елъытарэ зэрезэгъкIэрэщ дэтхэнэ гуэрым и хуэбагъэри, абы и щыIэгъуэм хуэIуа мы и хуэбагъэм елъытауэ нэхъри хуэбагъэ щигъуэтым деж, езым и щыIэгъуэм езэгъ хуэбагъэм аргуэру ихьэжыну зэрыхущIэкъунури гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэм икIи гурыIуэгъуэ къытхуищIыр аращи, дэтхэнэ гуэрым езым и щыIэгъуэм езэгъ енергиерэ хьэрычэт зэриIэращ; икIи мы езым хуэIуа енергиерэ хьэрычэтым техьэжыну хущIэкъуу зэрыщытынуращ. НытIэ, зы электроным фотон къищтэу езым ипIэу щыт и орбитым щикIым деж, мы къищта енергиер игъэкIуэду аргуэру къигъэзэжу езым хуэфIыу щыт мы орбитым къехыжыну зэрыхущIэкъунур гурыIуэгъуэщи, мыри а электроным игъуэта енергие лейрэ хьэрычэтыр икIи хэхъуа и хуэбагъэр игъэкIуэдынкIэрэ зэрыгъэзэщIэнури гурыIуэгъуэнщ.

Элементхэм хуэбагъэрэ нэгъуэщI енергие лIэужьыгъуэхэр щептым деж къэхъурэ къекIуэкIыр мы къэтIуэтахэмкIэ гурыIуэгъуэщ, икIи псэущхьэрэ цIыхуми и лъэ къарукIэ енергие щигъуэтым деж къэхъуну Iуэхугъуэри мы къэтIуэтахэм езэгърэ гурыIуэгъуэ ящIыуи лъытапхъэщ. Ауэ икIи, цIыхум и псэ Iуэхугъуэу, игум къыридзэрэ къыхуэкIуэ гъуэзэджэ гуэрхэмкIэ е къызэрыщтэрэ зэрышынэкIэрэ къэхъури мы къэтIуэтахэм езэгъыущ зэралъытэр. Аращи, цIыхум игум къыридзарэ къыхуэкIуар лъабжьэкIэрэ и атомхэр енергиибэ щыхъурэ, и электронхэми нэхъ ищхьэ орбитымкIэ зыщадзрауэщ зэралъытэри, мы къыхуэкIуарэ къыхигъэзыхьым теухуауэ игъэзэщIапхъэхэр щигъэзащIэм деж, ищхьэ орбитымкIэ бларэ зыздза электронхэр езыхэм я щыIэгъуэм нэхъ хуэфIыу щыт орбитым къехыжрэ къекIуэлIэжу аращ зэралъытэри, апщыгъуэм дежи, а цIыхум игур тIысыжрэ и псэр тыншыжу аращ.

Аргуэру хуэбагъэм дыхуэкIуэжмэ, хьэрычэтыр енергиеращ къэзыгъэхъур, икIи хьэрычэт жыхуэтIэри зы енергие лIэужьыгъуэщ. Зы енергие лIэужьыгъуэу щыт хуэбагъэри мы хьэрычэтыр зэрызекIуэм къыпэувыныгъэм къигъэхъу зы енергие зэхъуэкIыныгъэу утыку къихьэращ. Хьэрычэт енергиер зыхуэкIуэрэ зыхунэсым и щыIэгъуэм ипкъ иткIэрэ къэхъу къыпэувыныгъэм (резистанцие/сопротивление) къыщыхъу

сыгъуэращ зы енергие зэхъуэкӏыныгъэу хуэбагъэр къызэрыхъур. Зы атомым игъуэта енергие лейрэ хьэрычэтыр зэрызекӏуэм къыпэувыныгъэращ хуэбагъэ енергие лӏэужьыгъуэр къэзыгъэщӏри, хуэбагъэр атомым къищтэ енергиекӏэрэ атом кӏуэцӏым къыщыхъу хьэрычэткӏэрэ къызэрыхъум къыщӏидзэу атом щӏыбым зэрыхуэкӏуэр гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ, атом пкъыгъуэ кӏуэцӏым къыщыхъу енергие лейрэ хьэрычэтыр зыхуэкӏуэну нэгъуэщӏ атом щымыӏэмэ, лейуэ енергиерэ хьэрычэт зыгъуэтарэ и кӏуэцӏ сыгъуэкӏэрэ зи хуэбагъэри хэхъуауэ зи гугъу тщӏы атомымрэ абы и электроным мы игъуэта енергиерэ хьэрычэтыр - абы къыпэувын щыщымыӏэм деж- фӏырыфӏкӏэ зэримыгъэкӏуэдыфынури гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, енергие зыгъуэта зы атомрэ электроным къыпэувыныгъэ зимыӏэу тлъытэ зы атомым и системэр езы атомым и щыӏэгъуэр зэрызыригъакӏуэ енергием нэмыщӏ къару зимыӏэрщ. Мыпхуэдэ атомыр и щӏыбкӏэ хущӏэкъуну енергиеи, икӏи къыхуэкӏуэм пэувын енергиеи зимыӏэжырщи, ар а нэхъ енергие лъабжьэрэ мащӏэ зиӏэу и щыӏэгъуэр зезыгъэкӏуэфӏынкӏэрэ лажьэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ атомыр езым и щыӏэгъуэр зэрихьыфын енергие – хьэрычэтрэ хуэбагъэ- нэмыщӏ зимыӏэжрэ а нэхъ щӏыӏэгъуапӏэм ит атомращи, мыпхуэдэ щӏыӏэгъуэри "0 градус Келвин (-273,15 градус цэлсиу)" жыхуаӏэу, физикэу абсолуд щӏыӏэгъуапӏэращ. Ауэ, щыӏэгъуэм щыщыӏэу, космикэрэ натуралу мыпхуэдэ зы щӏыӏэпӏэ щымыӏэн хуейуэщ зэралъытэри, дауэми, енергие къэзыщта атомым и хьэрычэтым къыпэувыну нэгъуэщӏ атом зэрыщыӏэнум зэрезэгъкӏэрэ атомрэ электрон хьэрычэтым нэсыныгъэрэ сыгъуэ къызэригъэхъу щӏыкӏэу зэрыигъуэкӏэрэ хуэбагъэ къигъэхъунущ.

Енергие зыгъуэта атомым и енергие лейр нэгъуэщӏ атомхэм иритыну зэрыхущӏэкъум хуэдэу лъытапхъэщи, енергие зыхуэмащӏэ атомри зыхуэныкъуэ енергиер зэригъэпэщыжыну щӏэбэгырщ. Ауэ икӏи, енергие зыхуэмащӏэрэ зыхуэныкъуэ атомыр къыпэщыт атомхэм елъытарэ теухуауэ и щӏыб лъэныкъуэмкӏэ хущӏэкъуну хьэрычэт зимыӏэнуращи, мыпхуэдэу енергие зыхуэныкъуэ атомыр езым елъытауэ нэхъ енергикэу щыт атомхэм я хьэрычэтращ а зыхуэныкъуэ енергиер къызпкъырыкӏынур. Зэрыгурыӏуэгъуэу, енергиер зэрыунэтӏ щӏыкӏэр нэхъ енергикэм къыпкъырыкӏыу нэхъ енергие мащӏэ лъэныкъуэмкӏэщи, хьэрычэтри енергикэм къыпкъырыкӏыу енергие зыщымащӏэрэ зи хьэрычи мащӏэ лъэныкъуэмкӏэ зэрыкӏэунури гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, зы енергие лӏэужьыгъуэуи щытрэ хьэрычэтым къыпэувыныгъэкӏэрэ къэхъу хуэбагъэри зэрызекӏуэр мыпхуэдэщи, енергиибэрэ хьэрычэтыбэу хуабэу щытым и хуэбагъэри езым елъытауэ нэхъ мащӏэ хуэбагъэ зиӏэм зэрыхуэкӏуэкӏэрэщ зэрызекӏуэр. Мы псалъэми къызэрыхэщу, хуабэр зэрыупщӏыӏум хуэдэкъым щӏыӏэр зэрыхуабэри, хуабэращ щӏыӏэр зэрыхуэбэжыр къызпкъырыкӏыр. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, хуабэмрэ щӏыӏэр щызэхуэзэм деж, хуабэр зэрыупщӏыукӏэрэщ щӏыӏэр зэрыхуэбэжри, енергие хьэрычэтыр хуабэм деж къыщӏидзэу щӏыӏэ лъэныкъуэмкӏэ макӏуэр.

Аращи, енергиибэм дежщ хьэрычэт зыдэщыIэрэ къыздыщыхъури, хьэрычэтым и кIуапIэри абы къыпэувыщэну гуэр зыдэщымыIэ лъэныкъуэрауэ зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ, хуэбагъэр хуабэм къыпкъырыкIыу щIыIэпIэмкIэ макIуэр; - ауэ мыбы и пхэнджыр зэрымыпэжри гулъытапхъэщ.

Атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм теухуауэ мы къэтIуэтахэр куантум физикэ лIэужьыгъуэрэ ар зи тегъэщIапIэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкIи, мы зи гугъу тщIахэр къызэрыIуатэ псалъэхэр мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэрэ куантал мыхьэнэ зиIэу зэрызэпкъырыувари гулъытапхъэщ. НытIэ, мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэхэу адыгэбзэм къигъэщIа нэгъуэщI псалъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Хуабэ" псалъэм и мыхьэнэр ипэкIэ къэтIуэтахэм къыхощри, "щIыIэ" псалъэм и мыхьэнэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. "ЩIыIэ" псалъэр Адыгэ топокосмикэ еплъыкIэм езэгъ зы псалъэу лъытапхъэщи, илъэс хъурейм "гъэ"р зэрызекIуэ щIыкIэм теухуауэ "гъэ"р "щIы"ым щыщIэхьэрэ "щIы"р "гъэ"м щытекIуэу, "щIы"ым зэманыгъуэрэ (Iэ) тетыгъуэ зэригъуэт щIыкIэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ "щIыIэ" псалъэм и мыхьэнэр. Ауэ, щыIэ лъабжьэ зи мыхьэнэ "щ" макъым елъытарэ къытехъукIыу утыку къихьа зы макъщ "щI"ыри, ар щыIэгъуэ зыгъуэтыр абсолудрэ IупщIыу зэрылъытэрщ. ЩыIэгъуэ зиIэм пкъыгъуэ зэригъуэтарауэ лъытапхъэщ "щIы" макъ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIри, "щIыIэ"ри мыбы теухуауэ зэрыщытыр мы къэтIуэтахэмкIи гулъытапхъэщ.

Мы къэтIуэтахэм нэмыщI, зы енергие лIэужьыгъуэу зэрыщытыр жытIагъащ "хуэбагъэ"ри, мы енергие лIэужьыгъуэр зэрыкуэдыр "хуабэ"у зэрытлъытэм хуэдэжу, "щIыIэ"у тлъытэри мы енергие лIэужьыгъуэр зэрымащIэр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIырщ. Мы псалъэми къызэрыхэщщи, "щIыIэ" жыхуэтIэри зы хуэбагъэ лIэужьыгъуэрщ. ИкIи, зы щыIэр зэрызэпкъырлъ щIыкIэкIэ и хуэбагъэр къызэрекуэдэкIыр "хуабэ"у зылъыта адыгэбзэм хуэбагъэ мащIэрэ зыхуэныкъуэри "щIы"м теухуарэ хуэкIуэ хуэбагъэу "щIыIэ"у зэрилъытари гулъытапхъэщ.

ЩыIэгъуэрэ космосыр щIыгъуэрэ нэщIыгъуэу зэрызэхэлърэ зэрызэпкъырылъыр гурыIуэгъуэщи, а нэхъ щыIэгъуэ пкъыгъуэрэ корпус цIыкIуу ялъытэ атомри зэрызэпкъырылъыр щIы лIэужьыгъуэхэмрэ абыхэм я зэхуаку дэлъ нэщIыгъуэхэмкIэрэщ. Атомыр зэралъытэкIэрэ абы и кулъэр и нэхъ пкъыгъуэшхуэу щытрэ абы и хъуреягъкIэ къекIуэкI электронхэмкIэ ухуащи, мы пкъыгъуэхэм я зэхуакур нэщIыгъуэщ. Мы пкъыгъуэхэр щIы лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ, ауэ икIи атомым и щIы лIэужьыгъуэшхуэри и купщIэрэ кулъэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, абы и хъуреягъкIэ къекIуэкI пкъыгъуэ цIыкIуу зи гугъу тщIа электронхэр пкъыгъуэу зэрылъытапхъэм нэмыщI, игъуэ щыхъум деж, пкъыгъуэрэ щIы лIэужьыгъуэ нэхърэ енергие лIэужьыгъуэу щалъытэи щыIэщ. Аращи, атомыкуращ щыпкъэу атомым и щIы лIэужьыгъуэу лъытапхъэр.

Щlы лlэужьыгъуэ щыпкъэу щыт атом кулъэрэ купщlэм и хъуреягъкlэ къекlуэкlыу увыlэгъуэ зимыlэу хьэрычэт зиlэ пкъыгъуэрэ икlи енергие лlэужьыгъуэу ялъытэ электронхэращ атом жыхуэтlэм япэу енергие къэзыщтэрэ зыгъэкlуэдыфри, ахэращ икlи атом кулъэм елъытауэ япэу хуэбагъэи зыгъуэтрэ зыхэщlыр. Ауэ икlи, электронхэм я енергиер щыбагъэм деж, атом кулъэ гущlыlум къызэрекlуэкlыу щыт я хьэрычэтым нэмыщl хьэрычэти ягъуэту зыдиту къыздыщекlуэкl лъагъуэм (орбит) икlыу атом кулъэм нэхъ хуэпэжыжьэ лъагъуэм задзыр. Енергие къыщащтэм деж, атом кулъэм хуэпэжыжьэ орбитым зызэрадзым и пхэндж lуэхугъуэу енергие щагъэкlуэдым дежи, электронхэр атом кулъэм хуэпэгъунэгъу орбитым къохуэхыр.

Гулъытапхъэщи, енергиерэ хьэрычэт щагъэкlуэдрэ я хуэбагъи зэрыхэщlкlэрэщ электронхэр атом кулъэрэ атом щlылъэгум пэгъунэгъу щыхъухэр; я хуэбагъэр зэрагъэкlуэд щlыкlэу зэрыупщlыlукlэрэщ элекртонхэр атом кулъэу щlы лlэужьыгъуэм пэгъунэгъу зэрыхуэхъур. Электонхэр нормалу къыздыщекlуэкl орбитым щыщитым яlэ хуэбагъэм елъытауэ я хуэбагъэр щыхэщlрэ щlыlэ зэрыхъукlэрэщ ахэр атом кулъэм пэгъунэгъу щыхуэхъур. Аращи, электронхэм енергие щагъэкlуэдрэ щыупщlыlум деж, атом кулъэрэ атом щlы лlэужьыгъуэм пэгъунэгъу зэрыхуэхъур гулъытапхъэщи, "щlы"мрэ "щlыlэ"м я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэмрэ "щlыlэ" псалъэр зэрыухуа щlыкlэм куантал мыхьэнэ зэриlэри мыбы гурыlуэгъуэ къытхуещlыр. Атомым теухуауэ мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, куанал мыхьэнэкlэрэ "щlыlэ"р "щlы"м и щыlэгъуэращ зытеухуар; икlи "щlыlэ" псалъэр зэрыухуа щlыкlэм щlыlэр "щlы"м зыкъызэригъэлъагъуэрэ зыкъыщигъэлъагъуэ зэманыгъуэрауэ (lэ) зэрыщытыр гурыlуэгъуэ зэрищlри гулъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы элементыр езым хуэlуа хуэбагъэрэ щlыlэгъуэ зиlэрщ, икlи я хуэбагъэрэ щlыlэгъуэ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ зэрызэхъуэкl щlыкlэри элементыр зэрызэпкъырылъым елъытащ. Мыпхуэдэ деталхэм дыхэмыхьэу, элементхэм теухуауэ жыlэпхъэращи, щыбгъэупщlыlум деж, мы ипэкlэ зи гугъу тщlа lуэхугъуэращ къэхъурэ элементым (зы протонрэ зы электронкlэ ухуа "гелия"м нэмыщl!) и щхьэм къырикlуэр. Аращи, газ е ткlуаткlуэ лlэужьыгъуэу щырет, элементыр щыбгъэупщlыlум деж, и газыгъэрэ и ткlуаткlуагъэр игъэкlуэду зы пкъыгъуэ щlыкlэ зэригъуэтрэ и пкъыгъуэр нэхъ быдэ зэрыхъукlэрэ зы щlы лlэужьыгъуэу утыку къохьэр. Мыпхуэдэ lуэхугъуэщи, зы газ лlэужьыгъуэр зы щlыlэгъуэм нэгъунэ щыбгъэупщlыlум деж, езым и атом системэм зэрелъытакlэрэ япэу ткlуаткlуагъэ егъуэт; мы ткlуаткlуэри нэхъри бгъэупщlыlурэ зы щlыlэгъуэм щынэсым дежи, зэхэщтыхьу пкъыгъуэ быдэрэ щlы лlэужьыгъуэ мэхъур. "Щlыlэ"мрэ "щlы"м зэпыщlэныгъэ зэрызыхуиlэр макро физикэ lуэхугъуэу мы къэтlуэтахэмкlи гулъытапхъэщ; - сытри щыбгъэупщlыlукlэ нэхъ пкъыгъуэ быдэрэ щlы лlэужьыгъуэ мэхъур.

"Щlы"р зы пкъыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми зэрезэгъкlэрэ енергие иувыlыхьарэ икlи нэщlыгъуэм елъытауэ нэхъ зэхъуэкlыгъуейуэ щытрэ хьэрычэт мащlи зиlэрщ. Атом кулъэр атомым и щlы щыпкъэрэ кlупщlэу лъытапхъэщи, абдежыр абы и хъуреягъкlэ къекlуэкlрэ абы елъытауэ цlыкlу дыдэу зы щlы лlэужьыгъуэрэ икlи енергие лlэужьыгъуэуи лъытапхъэ электронхэм хуэдэу хьэрычэт зимыlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, "щlыlэ"р "щlы"м теухуарэ зыкъызэригъэлъагъуэ (lэ) щlыкlэращи, ар куантал мыхьэнэкlи атом кулъэм теухуарэ екlуэлlэныгъэращ.

Атом щlы лlэужьыгъуэшхуэ атом кулъэм атом щlы лlэужьыгъуэ цlыкlу электроным хуэдэу зыщыщ атомыр къызхикlухькъым; электронхэращ атомыкурэ атом кулъэм къекlэрэхъуэкlыу хьэрычэт зиlэр. Атом кулъэри атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэр (протон, нейтрон) зыхэзыубыдэ пкъыгъуэрщи, атом кулъэр зэрызэпкъырылъ мы атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм езым я щыlэгъуэр зэрахь кlуэцl хьэрычэту яlэм нэмыщl, атом кулъэ щlыб хьэрычэти зэрамыlэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, атом кулъэр атомым и хьэрычэтыншэ щlыпlэрэ фlырыфlкlэ енергиеи къэзымыщтэрэ зымыт атом щlы лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ атомым и нэхъ щlыlэпlэрщ, атомым и щlыlэгъуэ щlыпlэращ. Атом кулъэм хьэрычэт къыщыбгъэхъунрэ енергие къебгъэщтэныр, икlи хэбгъэкlыныр абы и хъуреягъкlэ къекlуэкlыу хьэрычэт зиlэрэ тыншу енергие къэзыщтэрэ зыт электронхэм хуэдэу тыншкъым. Атом кулъэм енергие къебгъэщтэнрэ ебгъэтыныр нуклеер енергие lуэхугъуэрщи, атом кулъэу щlы лlэужьыгъуэу щытрэ "щlыlэ" псалъэри зыхуэфащэр мыбы хуэбгъэкlуэн папщlэ куэдыlуэкlэ бгъэхуэбэн хуейщ; - ар и щыlэгъуэкlэ зэрызэпкъырыуварэ зэрыухуа хуэбагъэм нэс бгъэхуэбэжын хуеинщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, зэхуэдэ лъабжьэрэ къэхъуыкlэ зимыlэу икlи зэрыухуа макъ мыхьэнэкlи зэлъытэныгъэ зэрызыхуамыlэу лъытапхъэ "щlыlэ"мрэ "хуабэ" псалъэхэр зытеухуа lуэхугъуэкlи куантал лъабжьэу зэрызэлъытапхъэрэ икlи зэрызэхуэпхэнджри гулъытапхъэщ. Щlыlэр "щlы"м ехьэлlарэ теухуауэ абы зыкъызэригъэлъагъуэ мыхьэнэ зиlэу ухуа зы псалъэрщ, ауэ "хуабэ" псалъэр къекlуэкуэдэкl мыхьэнэ зиlэу ухуа зы псалъэрщи, цlэимыlуэкlэ мы къекlуэкуэдэкlыр енергиеу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу "хуэбагъэ"р зы енергие лlэужьыгъуэщи, ар зыдэщыlэм зы енергие лlэужьыгъуэу щыт хьэрычэт къызэрыхъури гурыlуэгъуэщ. "Щlыlэ" жыхуэтlэри зы "хуэбагъэ" лlэужьыгъуэу щытрэ зи хуэбагъэр мащlэу зэрылъытэ псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Куантум физикэкlэ сытри енергие лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, пкъыгъуэрэ щlы лlэужьыгъуэу зэхэувыlыхьарэ зэхэвыхьа мы енергие лlэужьыгъуэу зи хьэрычэтрэ зи хуэбагъэр мащlэ зэрыхъум теухуащ "щlыlэ" жыхуэтlэр. Езыр зыужьыгъуэ зиlэу зы уэз (енергие) лlэужьыгъуэу щыт "хуэбагъэ"р зэрызыхэпщlэри зэрылъытэ псалъэри "хуабэ"ращ. Зыужьыгъуэ лlэужьыгъуэ (уэз) енергиеу

зэрыщцытрэ лэжьэкӀэ иӀэу зэрыухуари (хуабэ-гъэ) гулъытапхъэщ "хуэбагъэ"р, ауэ "щӀыӀэгъуэ" щыжытӀэм деж, ар иувыӀыхьарэ зыдитыпӀэр зи итыпӀэу (щӀыӀэ-гъуэ) зэрыщцытыр къызхэщ псалъэу зэрыщцытри гулъытапхъэщ. НытӀэ, "щӀыӀэгъуэ"рэ "хуэбагъэ" псалъэхэр "щӀыӀэ"рэ "хуабэ" псалъэхэм я мыхьэнэхэр зэзэгъыу зи гугъу тщӀа куантум физикэм зэрекӀури мы къэтӀуэтахэмкӀэ гулъытапхъэщ.

Адыгэ топокосмологием езэгъ мыхьэнэ зиӀэу ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "щӀыӀэ" псалъэр икӀи абыи и лъабжьэжу щыт куантал мыхьэнэ зиӀэу зы псалъэу зэрыухуарэ зэрыщцытыр мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщыр гурыӀуэгъуэщи, ар бзэм щызэрызекӀуэ щӀыкӀэхэми деплъынщ. Макро физикэ еплъыкӀэкӀэ "щӀыӀэ" псалъэр бзэм щызэрызекӀуэ щӀыкӀэу зэрыщцытыр гурыӀуэгъуэщ "щӀыӀэ къыхэхьэн" псалъэмрэ "щӀыӀэ лӀэн" псалъэр. "ЩӀыӀэгъуэ"р итыгъуэу зэрыщцытым ипкъ иткӀэ, енергие зекӀуэкӀэр хуэбагъэ лъэныкъуэмкӀэ абы къызэрыхуэкӀуэр ипэкӀэ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуащ, ауэ "щӀыӀэ къыхэхьэн" псалъэмрэ икӀи "щӀыӀэ лӀэн" псалъэм и мыхьэнэр мы зи гугъу тщӀы енергие зекӀуэкӀэр зэрылъытэ щӀэныгъэм зэремызэгъыщэри гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм хуэдэ мыхьэнэ зиӀэу бзэм хэт зы псалъэри "пӀыщӀэн"ращи, ар зэрызэпкъырылъ щӀыкӀэкӀэ "пӀыгъуэрэ пӀэуэ щӀым хуэкӀуэн"у, е "щӀы кӀуэтэгъуэр пӀын"у, е "пӀэуэ щӀыр гъунэгъу къызэрыхъу"у еджапхъэщ. Аращи, щӀым зыщигъэлъагъуэрэ пӀэ зэригъуэтыр е щӀым пэгъунэгъу ущыхъури "щӀыӀэ"рауэ зэрыщцытыр гурыӀуэгъуэщ. Дауэми, мы псалъэхэр къызтехъукӀа "щӀыӀэ" псалъэм хуэдэу куантал мыхьэнэ дыдэ яӀэу зэрымылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэ, енергие лӀэужьыгъуэу хьэрычэтрэ хуэбагъэри "с" макъ мыхьэнэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀ щӀыкӀэу зэрызекӀуэр гурыӀуэгъуэщи, "с" макъ мыхьэнэкӀэрэ гъэзащӀэ мы Ӏуэхугъуэр "щӀыӀэ"м теухуауи къызэрыхъур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, хуабэм хуэдэжу щӀыӀэм теухуауи къохъур "сын" Ӏуэхугъуэр: «хуабэм ес, мафӀэм ес; щӀыӀэм ес, мылым ес». НытӀэ, ипэкӀэ къэтӀуэтахэм къыхэщми, "с" макъ мыхьэнэр "щӀыӀэ"м теухуауи зэрызехьапхъэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ИпэкӀэ зэрыжытӀауэщи, куантум физикэкӀэ енергиеращ хьэрычэт къэзыгъэщӀри, хьэрычэтыр нэхъ енериифӀэм деж къыщӀидзэу енергиекӀэ нэхъ мащӀэм дежкӀэ зэрыунэтӀым хуэдэжу, зы енергие лӀэужьыгъуэу щыт хуэбагъэращ зызъубгъуу унэтӀыныгъэ зиӀэри, ар нэхъ хуабэм къыпкъырыкӀыу нэхъ мащӀэу хуабэмкӀэ макӀуэр. Енергиибэр хуабэу, щӀыӀэри енергиекӀэ мащӀэращи, хуэбагъэм елъытарэ хуэдэу щӀыӀэгъуэм зызэримыубгъурэ хьэрычэт зэримыӀэри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, хуабэ лъэныкъуэм къыщӀидзэу щыӀэ лъэныкъуэмкӀэщ хьэрычэтыр зэрызекӀуэри, зызъубгъур хуэбагъэращ; - щӀыӀэгъуэракъым.

Хуабэр енергиифӀэрэ зи хуэбагъэр куэдращ, щӀыӀэр зи енергиер мащӀэ хъуарэ зи хуэбагъэр къехуэхаращ. Хуабэу щыт гуэрым и атомхэр ягъуэта

мы енергиекӀэрэ хьэрычэт ягъуэту зэщӀобгыжри зыдынэсыфым нэгъунэ макӀуэ-мэлъей; икӀи, къэхуэба атомхэм я электронхэм къащта мы енергиекӀэрэ хьэрычэт зэрагъуэткӀэрэ ищхьэ орбитымкӀэ задзыр. Мыбы и пхэндж Ӏуэхугъуэу, зыгуэрыр щыупщӀыӀурэ нэхъ щӀыӀэ щыхъум деж, и хьэрычэтри мащӀэ зэрыхъукӀэрэ абы и атомхэр зэхуэпэгъунэгъу мэхъу; къэщӀыӀа атомым и электронхэр зыдитын хуей орбитым елъытауэ атом кулъэ лъэныкъуэ орбитым йохри, атомри зэӀуошэр.

Хуабэм и атомым и хьэрычэтыр щӀыӀэм и атом лъэныкъуэмкӀэ зэрыунэтӀыр гурыӀуэгъуэщ, ауэ икӀи мыпхуэдэу гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр "с" макъ мыхьэнэкӀэрэ лъытапхъэ зы Ӏуэхугъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, зы хуабэрэ зы щӀыӀэ щызэхуэзэм дежым "сын" Ӏуэхугъуэщ къэхъури, ар хуабэм къыпкъырыкӀрэ щӀыӀэм хуэкӀуэ енергие зекӀуэкӀэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, узэрыхуабэм елъытауэ щӀыӀэгъуэм ущыхэхьэми, узэрыщӀыӀэм елъытауэ хуэбагъэм ущыхэхьэми нэхъ хуабэм къыщӀидзэу щӀыӀэ лъэныкъуэмкӀэ зекӀуэ енергием къигъэщӀ "сын" Ӏуэгъуэращ къэхъурэ зыхэпщӀэр. Ар зэрызыхэпщӀэну щӀыкӀэри зэхуэзэу зи гугъу тщӀы хуабэмрэ щӀыӀэм я зэхуаку дэлъ зэщхьэщыкӀыныгъэращ зэлъытар. Я зэщхьэщыкӀыныгъэр сыт хуэдизу ткӀиймэ, къэхъу сыгъуэри апхуэдизу ткӀийщ. Ауэ икӀи, мы сыгъуэр зытеухуарэ зэлъытари элементхэм я щыӀэгъуэм теухуа хуэбагъэрэ щӀыӀэгъуэраи, хуэбагъэр щӀыӀэгъуэ лъэныкъуэмкӀэ щыунэтӀым деж, щӀыӀэу жыхуэтӀэм и атомхэр къыхуэкӀуэ хуэбагъэрэ енергием пэувын хуэдиз (резистанцие) енергиеи зиӀэу зэрыщытын хуейри гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу щымытрэ щӀыӀэ лъэныкъуэр щыӀэгъуэм и нэхъ щӀыӀэгъуэм хуэдиз щыхъум (-273,15 C: 0 K) дежыр, дэтхэнэ зы элементрэ атомым езым куанталу и щыӀэгъуэр зэрихьын нэмыщӀ, къыхуэкӀуэм пэувын къару (резистанцие) зэрызыщимыӀэ щӀыпӀэу зэрыщытым папщӀэ, къыхуэкӀуэ енергиерэ хуэбагъэр занщӀэу зэрыпхырыкӀыфынури гурыӀуэгъуэнщ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, хуэбагъэращ щӀыӀэ лъэныкъуэмкӀэ унэтӀрэ зызъубгъури, уэ уиӀэ хуэбагъэм елъытауэ зыхэпщӀэн хуэдиз "сын" Ӏуэхугъуэ къэзыгъэхъуфыну щӀыӀэгъуэм ущынэсым деж, уи атомхэм я хьэрычэтымрэ уи хуэбагъэр а щӀыӀэгъуэм нэсу сыгъуэ къызэрыхъунур гурыӀуэгъуэнщ. Мыбы и пхэнджри гурыӀуэгъуэщи, уэ ущӀыӀэу зыхэпщӀэн хуэдиз хуэбагъэм ущыхэхьэм къэхъу "сын" Ӏуэгъуэри а хуабэм и атомхэм я хьэрычэтыр уэ уи пкъы щӀыӀэм щынэскӀэ къэхъу сыгъуэращ. НытӀэ, щӀыӀэм узэрису жыхуэтӀэр щӀыӀэм дежкъым къыздыщӀидзэри, уэ уи хуэбагъэр щӀыӀэ лъэныкъуэмкӀэ зэрыунэтӀыу къэхъу хьэрычэтращ. Аращи, уэ мафӀэрэ дыгъэм узэрисыр уэ абыхэм елъытауэ узэрыщӀыӀэращ, ауэ щӀыӀэрэ мылым уису щыжыпӀэм деж, мыбы къикӀыр уэ уи хуэбагъэр а щӀыӀэрэ мылым хуэкӀуэу къэхъу сын Ӏуэхугъуэращ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, хуабэм деж къыщӀидзэу щӀыӀэ лъэныкъуэмкӀэщ енергиерэ хуэбагъэр зэрыунэтӀ щӀыкӀэри, мыри хуабэу зи гугъу тщӀым енергие къызэрыхэкӀрэ зэрыхэщӀыу, абы и хуэбагъэр зэригъэкӀуэд

щIыкIэрщ. Хуабэм и хуэбагъэр зэрыкIуэдрэ зэрыхэщI щIыкIэр адыгэбзэм ″упщIыIун″ псалъэмкIэщ къызэриIуатэр. НытIэ, хуабэм енергие зэригъэкIуэд щIыкIэр къызэрыIуатэ ″упщIыIун″ псалъэми щыгъазэ дыхуэхъунщ. Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, ″упщIыIун″ глаголыр ″хуэбэн, къэхуэбэн″ глагол мыхьэнэм и пхэндж мыхьэнэ зиIэрщ. Мы псалъэхэр енергиерэ хуэбагъэкIэ хэхъуэныгъэу зэрыщытым и пхэндж мыхьэнэуэ ″упщIыIун″ри хуэбагъэ хэщIын Iуэхугъуэрщ. Хуэбагъэ хэщIыныгъэр зэрылъытэ ″упщIыIун″ псалъэри - ″щIыIэ″ псалъэмрэ абы елъытарэ теухуауэ ухуауэ ипэкIи зи гугъу тщIа псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэу- ″щIы″ Iуэхугъуэм теухуарэ елъытауэ зэрызэпкъырыувари гулъытапхъэщ. Ауэ, ″щIы″ырэ ″щIыIэ″ псалъэхэм хуэдэжу лъытапхъэщи, ″щIым пэгъунэгъу хъун″ мыхьэнэкIэ зэреджапхъэм зэрезэгъкIэрэ ″упщIыIун″ псалъэри куантал мыхьэнэ зиIэ зы псалъэу лъытапхъэщ. Аращи, ″упщIыIун″ псалъэм ″ужьыгъуапIэу (у-пI) щIым екIуэлIэнрэ Iухьэныгъэ (у-пI-щIы-Iун)″ мыхьэнэуэ, е ″пIэ зыхуэщIынкIэрэ щIым Iыхьэ Iыхьэу (Iу) екIуэлIэн ужьыгъуэ″ мыхьэнэуэ еджапхъэщ.

Топологикеу хуэбагъэр щыгъэкIуэдрэ упщIыIуныгъэ къыщыхъуу щIым пэгъунэгъу щыхъу зы зэманыгъуэ зэрыщыIэри гурыIуэгъуэщи, мы зэманыгъуэр зэрылъыта псалъэрщ ″щIымахуэ″р. Мы зэманыгъуэр ″щIы″м и ″махуэ″у зэрыщытрэ щIым зыкъыщигъэлъагъуэрэ щIыр щызекIуэ зэманыгъуэрщи, ар къызэрыIуатэ псалъэрщ ″щIымахуэ″р. Зи гугъу тщIа топокосмикэм езэгъыу ухуа зы псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ ″щIымахуэ″р, ауэ ар икIи ″щIыIэ″р ″щIы″м зэрелъытарэ зэрытеухуам езэгъыу ухуа зы псалъэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

ЩIы тепщэгъуэу ″щIымахуэ″р къэхъуу, уэрэ уэгури зэры″упщIыIу″кIэрэ ″щIыIэ″ щыхъум деж, уэм хэт бахъэхэр зэрызэхэщтыхькIэрэ уэгум къыщIэхъуэрэ къыщыхъуращ ″уэс″ жыхуэтIэри, ар ипэкIэ зэрыжытIа щIыкIэу ″уэ″м къыщыхъу ″сыгъуэ″ лIэужьыгъуэкIэрэщ къызэрыхъур. Аращи, ″сын″ IуэхугъуэкIэрэ къэхъур енергием къигъэщI хьэрычэтращ къызтехъукIри, ар хуэбагъэ лъэныкъуэмкIэ къежьэу щIыIэгъуэ лъэныкъуэр зи кIуапIэрщ. Ауэ, къэхъу Iуэхугъуэр зы ″сын″ Iуэхугъуэрщи, ″уэс″ псалъэр зэрыухуари хуабэмрэ щIыIэм я зэхуаку къыдэхъухь сыгъуэу ипэкIэ къэтIуэтахэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

Мыбы нэгъунэ къэтIуэтахэм ″сын″рэ ″сыгъуэ″р хуабэрэ щIыIэм я зэхуакум къызэрыдэхъухь щIыкIэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ, ауэ мы псалъэхэр зытеухуа Iуэхугъуэр хуабэрэ щIыIэ зэхуакум къыдэхъухь закъуэу зэрыщымытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, дэтхэнэ зы енергие лIэужьыгъуэм ар зыщымащIэ лъэныкъуэмкIэ зызэриунэтIым ″сын″ Iуэгъуэ къызэригъэхъуфынури гурыIуэгъуэнщ. Дэтхэнэ зы нэсыныгъэрэ зыхэщIэныгъэри ″с″ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуатэр жытIагъащи, хуабэрэ щIыIэ Iуэхугъуэм теухуа сын IуэхугъуэкIэрэ ухуауэ зи гугъу тщIа ″уэс″ псалъэм нэмыщI, хуабэрэ щIыIэ Iуэхугъуэу щымытрэ, и енергие

щӀыкӀэм елъытауэ щхьэщыкӀыныгъэ зыхуиӀэу зыдынэсым ибжьэри ″сыр″ псалъэмкӀэ зэрылъытари гулъытапхъэщ. Аращи, зынэс щӀыпӀэм и енергие щӀыкӀэм щхьэщыкӀыныгъэ зэрызыхуиӀэм ипкъ иткӀэ, зыдынэсым хищӀэрэ ибжьэу, зыдынэсымрэ езым и зэхуакум сыгъуэ къыдэхъуращ ″сыр″ жыхуэтӀэр. Апхуэдэм и уэзымрэ ди Ӏурэ ди лъэм и уэзыр зэрызэхуэмыдэм къызэрыгуэкӀщи, мы зэхуэмыдэ уэз лӀэужьыгъуэ зэхуакум къыдэхъухь сын Ӏуэхугъуэр къэхъуным щхьэусыгъуэ хуэхъуращ ″сыр″у тлъытэр. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, и уэзым ди Ӏурэ ди лъэм нэсрэ зэрызыщиубгъуу, ди Ӏурэ ди лъэм и атомхэри абы зэрыпэувкӀэрэ къэхъу сыгъуэращ мы зи гугъу тщӀыр; икӀи, мы къэхъур сыгъуэшхуэу зэрытлъытэм теухуащ зыгуэрыр ″сыр″у щӀэтлъытэр.

*

Мы ипэкӀэ ″уэс″ къызэрыхъум теухуауэ зетхьащ ″зэхэщтыхьын″ псалъэри (щтын), зыгуэрыр икӀэ нэгъунэ щыупщӀыӀум деж къэхъу Ӏуэхугъуэр къызэрыӀуатэ псалъэрщ ″щтын″ыр. Мы глаголыр ″щт″ макъ зэгуэтым занщӀэу къытехъукӀа ″макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу щыӀэгъуэ зэрылъытэ ″щ″ макъымрэ щыӀэгъуэ зиӀэм щхьэщыкӀыныгъэ зэригъуэтыр зэрылъытэ ″т″ макъыр зэгухьэу къэхъуа мы ″щт″ макъ зэгуэтым игъуэт мыхьэнэри гурыӀуэгъуэщи, зы щыӀэр и щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэм зэрызэщхьэщыкӀыр, е зы щыӀэр и щыӀэкӀэм зэримытыжыр зэрылъытапхъэрщ.

Аращи, ″щтын″ыр зы щыӀэр зэрыщыӀэ щӀыкӀэм зэрикӀ Ӏуэхугъуэр зэрылъытэрщ. ИпэкӀэ хуабэрэ щӀыӀэм теухуауэ куантум физикэм езэгъыу зи гугъу тщӀахэм къызэрыхэщщи, зы щыӀэ гуэрымрэ щыӀэ лъабжьэ пкъыгъуэу щыт зы атомым иӀэн хуей енергиерэ хьэрычэтыр зэрыхъун хуейм елъытауэ фӀыщэу къызэрехуэхауэ къэхъу зы Ӏуэхугъуэращ ″щтын″ псалъэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр. Макро физикэу зы щыӀэр (пп: псы) зэрыщыӀэ щӀыкӀэм (ткӀуаткӀуэ) икӀрэ нэгъуэщӀ щыӀэкӀэрэ щӀыкӀэ (быдагъэрэ пкъыгъуэ) зэригъуэтыр къызэрыӀуатэ псалъэрщ ″щтын″ глаголыр. Ауэ икӀи, мы Ӏуэхугъуэр куантум физикэми зэрезэгъкӀэрэ утыку къизылъхьэу лъытапхъэщ ″щтын″ псалъэри, щӀыӀэгъуэм къихь зы Ӏуэхугъуэу, атомым и электроныр и орбитым икӀыу илъабжьэ орбитым зэрехыр зэрылъытэ псалъэуи лъытапхъэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, зы атомым и электроным фотон (енергиге) зэригъэкӀуэдкӀэрэ зыдитыпӀэ орбитыр зэрызэхъуэкӀыу нэхъ енергие мащӀэкӀэ зыдэщыӀэпхъэрэ нэхъ лъахъшэ орбитым зэрыхуэкӀуэр зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэ псалъэу лъытапхъэщ ″щтын″ глаголыр.

″Щт″ макъ зэгуэткӀэрэ ухуауэ бзэм хэт нэгъуэщӀ псалъэхэри щыӀэщи, мыпхуэдэщ ″щтэн, къэщтэн″ псалъэхэр. Мы псалъэхэм мыхьэнитӀ зэраӀэри гулъытапхъэщи, зыр зыгуэрыр зыдэщыт щӀыпӀэм къихын Ӏуэхугъуэр къызэрыӀуатэрщ (″уэщыр щтэн/къэщтэн″ → ″сэ уэщыр сщтащ/къэсщтащ″); адрейри, узпэмыплъэу къэхъу Ӏуэхугъуэм уи пӀэм

узэрызыригъэкI пэлъытэу зэуэ ″шынэн″ лIэужьыгъуэу къэхъуращ (щтэн/къэщтэн → ″сэ сыщтащ/сыкъэщтащ; сэ абы сыкъигъэщтащ″).

Гулъытапхъэщи, мы зэхуэмыдэ Iуэхугъуэхэр зэрылъытэ ″щтэн, къэщтэн″ псалъэм мы и мыхьэнитIри ″щыIэр зэрыщыIэ щIыкIэрэ щIыпIэм икIыныгъэ″у ″щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ къэIуэтапхъэ Iуэхугъуэхэрщ. Аращи, ″щтэн, къэщтэн″ псалъэм и зы мыхьэнэр зыгуэрыр зыдэщыт щIыпIэм игъэкIыныгъэрщ, ауэ адрей и мыхьэнэри зы псэущхьэр нормалу зэрыщыт зэгущыгъуэм игъэкIын Iуэхугъуэу шынэн лIэужьыгъуэрщ. Мыпхуэдэу зэщхьэщыкI IуэхугъуитIыр зэрылъытэ псалъэу щытми, мы и мыхьэнитIри ″щт″ макъ зэгуэтым куантал мыхьэнэ зэриIэкIэрэ зэреджапхъэри гулъытапхъэщ; ауэ, мы мыхьэнитIым теухуауэ нэхъ лъабжьэрэ псэ Iуэхугъуэу щыт шынэныгъэ лIэужьыгъуэр нэхъ куантал мыхьэнэ зиIэрауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

ЗанщIэу къыхуэкIуэ гукъэкIыгъуэрэ гулъытэгъуэхэр къыщыхъум деж, цIыхум и атом электронхэм я щытыпIэ орбитым икIыу гъуанпкъэ лъэныкъуэрэ ищхьэ орбитым зэрызырадзыр ипэкIи жытагъащи, мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэ къэхъуущ зэралъытэр шынэнрэ къэщтэн Iуэхугъуэр къыщыхъум дежри. Аращи, шынэныгъэ лIэужьыгъуэу щыт ″щтэн, къэщтэн″ псалъэр зэрызэпкъырыува щIыкIэри атом электронхэр къыздыщекIуэкI орбитыр зэрызэхъуэкIыр зэрылъытэу куантал мыхьэнэуэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ.

ИкIи, ″щт″ макъ зэгуэткIэрэ къэмыIуэтами, мыпхуэдэ Iуэхугъуэ къызэрыIуатэ зы псалъэу лъытапхъэщ ″шынэн″ри, зы псэ Iуэхугъуэу щыт ″шынэн″ псалъэми зи зэгущыгъуэм ″къызэришауэ къызэтенэн″ мыхьэнэуэ зэреджапхъэри гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″шынэн″ псалъэри - зытеухуа Iуэхугъуэр ″щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэм хуэдизу IупщIыу щымытми-, куантал мыхьэнэ зиIэ псалъэу лъытапхъэщ. ЦIыхум и гукъэкIрэ и гум къыридзэхэм электрон дзыгъуэрэ блэгъуэ къыщагъэщIкIэ, мыбы щхьэусыгъуэ хуэхъуа гукъэкIрэ гулъытэр зэрыгъэзащIэкIэрэщ нэхъ игъуэу электронхэр я орбитым ихьэжу зэралъытэри, мыпхудэу лъытапхъэщ ущышынэрэ укъыщыщтэм дежым къыздыщекIуэкIыу щыта орбитхэр зэзхъуэкIа электронхэр аргуэру я итыпIэ орбитым зэрыхуэкIуэжри а цIыхум и къэщтэгъуэрэ и шынэныгъэм къытекIыу и зэгущыгъуэм щиувэжрауэщ зэрылъытэр.

Гулъытапхъэщи, ″щтын″ Iуэхугъуэм деж, электронхэр нэхъ лъахъшэ орбитым хуэкIуэу, псэ Iуэхугъуэу шынэныгъэ лIэужьыгъуэ ″щтэн, къэщтэн″ Iуэхугъуэр къыщыхъум дежи, электронхэм ищхьэ орбитым задзу зэрыщытрауэщ зэрыжытIар. НытIэ, электронхэр атом кулъэм пэгъунэгъу зэрыхъу щIыкIэу нэхъ лъахъшэ оритым зэрехыр ″щт″ыкIэрэ, ищхьэ орбитым хуэкIуэу къэхъу электрон дзыгъуэри ″щтэ″кIэ зэрылъытэрэ къызэрыIуатэр гулъытапхъэщи, электроныр зыдэкIуэ лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыкI мы Iуэхугъуэхэр ″э″ макъым игъэзащIэм елъытауэ зэщхьэщыкI псалъэхэмкIэ къызэрыIуатэри гулъытапхъэщ.

Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, электроныр атомыкум пэгъунэгъу зэрыхуэхъункӏэрэ къызэрикӏуэтымрэ, абы пэжыжьэ зэрыхуэхъукӏэрэ зэрыпэкӏуэтыр къызэрыӏуатэ псалъэхэр зэрызэщхьэщыкӏыр ″э″м игъэзащӏэ ӏуэхугъуэращ зэлъытар. Икӏи, зыгуэрыр зыдэщыт щӏыпӏэм къытехынрэ пэжыжьэ щӏын ӏуэхугъуэр къызэрыӏуатэ и мыхьэнэкӏэрэ ″щтэн, къэщтэн″ псалъэм и мыхьэнэри мы зэрыжытӏа щӏыкӏэу ″э″м игъэзащӏэ къалэным зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Аращи, ″э″кӏэрэ ухуа мы псалъэхэмкӏэ къэӏуатэ ӏуэхугъуэр ″э″рыншэу ухуа ″щтын″ псалъэм и пхэндж хьэрычэт зиӏэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъкӏэрэ къыхэгъэщыпхъэщи, мы ипэкӏэ и гугъу зэрытщӏауэ зэщхьэщыкӏ ӏуэхугъуэхэр ″э″рэ ″э″ншэу ухуа псалъэхэмкӏэщ къызэрыӏуатэри, мыхэр ″э″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэхэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы элементыр щыбгъэупщӏыӏукӏэ, элемент атом электронхэр къызщекӏуэкӏ орбитым икӏыу атом кулъэм пэгъунэгъуу щыт нэхъ лъахъшэ орбитым зэрыхуэкӏуэр гурыӏуэгъуэрэ жытӏагъэххэщи, элемент атом системэм елъытауэ дэтхэнэ зы элементыр щыбгъэупщӏыкӏэ кӏуэ пэтрэ ″щтыгъуэ″м зэрыхуэкӏуэнури гурыӏуэгъуэщ. ″Щтын″ ӏуэхугъуэр электронхэр атом кулъэм нэхъ пэгъуэнэгъу щыхуэхъуращи, атомхэри мыпхуэдэу зэпэгъунэгъу зэрыхъукӏэрэ а элементыр зэрызэӏушэри гурыӏуэгъуэщ. Я электронхэр атом кулъэм пэгъунэгъу зэрыхъукӏэрэ зэӏушэу зэхэщтыхь элементхэр нэхъ щӏыӏэрэ щӏы лӏэужьыгъуэ зэрыхъури гурыӏуэгъуэщ; икӏи, зэхэщтыхь элеменхэм я хуэбагъэр ягъэкӏуэду щӏыӏэ зэрыхъур абыхэм я енергиерэ я хьэрычэтри зэрыхэщӏрауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ.

Дэтхэнэ зы элементыр мыпхуэдэ щӏыкӏэкӏэ щыщт зы щӏыӏэгъуэ щыӏэщи, абдежыр абы нэгъунэм елъытауэ а элеменым и енергиер а нэхъ мащӏэ щыхъу щӏыпӏэращ. Ауэ, щыӏэгъуэ зиӏэ сытри зыдэщыщтрэ щтын ӏуэхугъуэр абы атӏкӏэ щымыӏэжу къыздыщыхъу зы щӏыӏэгъуэи щыӏэщи, абдежыр щыӏэгъуэм къыщыхъунфыну а нэхъ щӏыӏэгъуапӏэращ. Мыпхуэдэ щӏыӏэгъуэращ икӏи физикэ щӏэныгъэмкӏэ а нэхъ щӏыӏэгъуэу зи хуэбагъэр ″0 градус″у ялъытэри, ар зылъыта физик Келвин и цӏэкӏэ абдежыр ″0 градус К″ущ зэралъытэр.

″0 К″ым дежыр атомхэм езым я щыӏэгъуэр зэрахьын кӏуэцӏ хьэрычэт нэмыщӏыу хьэрычэт щыщамыӏэнуращи, апхуэдэ атомхэм къытеӏэбэрэ къынэсыр зыхимыщӏэу икӏи абыхэм пэмыувущ зэралъытэр. Элементрэ атомым къытеӏэбэрэ къынэсым пэувын къару щыщимыӏэжращ абдежри (0 К), мы щӏыӏэгъуапӏэм ит элементрэ атомыр икӏи зэрыщыӏэрэ зэрыщымыӏэри гурыӏуэгъуащэ щымыхъуращ.

Щыӏэгъуэрэ щӏыгъуэм къыщыхъуфыну а нэхъ щӏыӏэгъуэу щытрэ абы атӏкӏэ щымыӏэж абсолуд щӏыӏэгъуэрауэщ ″0 градус К: -273,15 гладус С″ыр зэралъытэри, икӏи зы щыӏэм и хуэбагъэр натуралу апхуэдизу къызэремыхуэхыфынурэ апхуэдэ щӏыӏэгъуапӏэм зэрыхунэмысынуращ зэралъытэр. Ауэ, лаборатуарым щыгъэзэщӏэфынщ мыпхуэдэ щӏыӏэгъуэ

къэгъэхъунри, икIи атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм я щыIэкIэрэ я щIыкIэхэм кIэлъыплъын Iуэхугъуэкlэ ди лъэхъэнэм къырагъэкIуэкI экспедицэхэм (пп: CEPH) хуэбагъэр ″0 К″ым хурахулIэр. Мыбыи къыщымынэу, 2013 пэщIэдзэм ирагъэкIуэкIа зы экспедицэкIэ Алман физикхэм ″азот: нитроген (N)″ газ элементыр ″0 К″ым нэгъуэнэ ягъэупщIыIуа нэужь, абыи и лъабжьэм (-0 К) зэрехахэр утыку къыралъхьащ. Ауэ гъэщIэгъуэныр аращи, ″0 К″ым илъабжьэм (-0 К) щыщехым щыгъуэ, а нэхъ щIыIэгъуэ ″0 К″ым щтауэ щыт элементым занщIэу и нэхъ хуэбагъэр къызэрыхъуаращ ялъэгъуарэ гулъытэ зыхуащIар. Аращи, щыIэгъуэрэ щIыгъуэм и нэхъ щIыIэгъуэу щыт ″0 К″ым атIкIэрэ илъабжьэри (-0 К) зы элементрэ и атомым игъуэтыфыну а нэхъ хуэбагъэри къыздыщыхъурауэ зэрыщытыр мы зи гугъу тщIы экспедицэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуащ.

ЩыIэгъуэм и нэхъ щIыIэгъуапIэу хуэбагъэр щынэхъ мащIэ дыдэр (0 К) икIи абсолуд щтыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Щыlэгъуэрэ щIыгъуэм мы и нэхъ щIыIэгъуэм (0 К) щхьэщыкIыныгъэу абы атIкIэ щIыIэгъуэ зэрыщымыIэнур гурыIуэгъуэнщи, абы атIкIэу и гъунапкъэм къыпэщытыр щIыIэгъуэрэ щтыгъуэу зэрыщымытыжращ зи гугъу тщIа экспедицэми къигъэунэхуар; - ауэ икIи абдежыр а элементым и нэхъ хуэбагъэу зэрыщытращ. Мыбыи гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, щыIэгъуэм и а нэхъ щIыIэгъуэу щыт ″0 К″ым къыщыхъу щIыIэгъуэрэ щтыгъуэм къыпэщытыр мы щIыIэгъуэрэ щтыгъуэм и пхэнджращ.

″0 К″ыр щыIэгъуэм щыщыIэ дэтхэнэ гуэрыр абсолуду щыщтрэ а нэхъ щIыIэгъуапIэу, щыIэгъуэм щыщыIэ сытми а нэхъ енергие мащIэ щыщиIэращи, абдежыр икIи щыIэгъуэм къыщыхъуфыну щIыIэгъуэрэ щтыгъуэми и ухыпIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщи, икIи зи гугъу тщIы экспедицэм къигъэлъагъуэри мыращ. Ауэ икIи, мы абсолуд щIыIэгъуэрэ щтыгъуэ ″0 К″ым атIкIэрэ и гъунапкъэу къыпэщытыр (-0 К) ″0 К″ щтыгъуэм ит элеменым и а нэхъ хуабагъэрэ енергиибапIэрауэ зэрыщытращ мы экспедицэм гурыIуэгъуэ къытхуищIари, мыр гъэщIэгъуэщ. Ауэ, мыбы нэхъ мыгъэщIэгъуэну лъытапхъэкъым мы зи гугъу тщIы а нэхъ щIыIэгъуэмрэ а нэхъ хуэбагъэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр мы зэрызэгъунапкъэрэ мы я зэхуэщытыкIэкIэ адыгэбзэм зэрилъытэрэ къызэриIуатэри, нытIэ адыгэбзэм мы и псалъэхэм щыгъуазэ дахуэхъунщ.

Зыгуэрыр а нэхъ щIыIэ зэрыхъукIэрэ къэхъур ″щтын″ псалъэмкIэщ адыгэбзэм къызэриIуатэри, икIи ″0 К″ри щыIэгъуэм теухуа абсолуд щтыгъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ; абдежыр сытри зэрыщыIэ щIыкIэрэ а зэрыщыту фIэкIыпIэ имыIэу абы атIкIэ щымыIэжу щыщтращ. Мы абсолуд щIыIэгъуапIэрэ щтыпIэр (0 К) икIи сытми и щIыIэгъуэрэ щтыпIэри щыух щIыпIэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщи, абы атIкIэр (-0 К) сытми и щIыIэгъуэпIэжрэ щтыгъуэпIэжкъым. НытIэ, щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым и абсолуд щтыгъуэрэ и а нэхъ енергие мащIэ къыздыщыхъум (0 К) и пхэнджыр (а нэхъ хуэбагъэрэ енергиибэ) къыздыщыхъурщ ″-0 К″ыр. А

нэхъ щӀыӀэгъуапӀэ ″0 К″ымрэ а нэхъ хуэбэгъуапӀэ ″-0 К″ыр зэгъунапкъэщи, щыӀэхэм я щӀыӀэгъуэ ухыпӀэуи щыт ″0 К″ым атӀкӀэ узхэхьэр (-0 К) щыӀэхэр зэрыщыӀэ а нэхъ хуэбагъэращ. НытӀэ мыпхуэдэущ зэхуэпхэнджыгъэрэ зэгъунапкъэгъуу щыт мы Ӏуэхугъуитӏыр адыгэбзэми зэрилъытэр: ″щтын гъунапкъэу щытрэ щтынми хэмытрэ щымыщу къыпэщытыр, щтыным и хэхьэпӀэрэ хэкӀыпӀэ дыдэр (п)″ - мы къызэрыӀуэта щӀыкӀэу ″щтын″ым елъытауэ- адыгэбзэкӀэ зэрылъытапхъэ псалъэр ″пщтын″у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мы псалъэр икӀи зыгуэрыр а нэхъ хуабэ зэрыхъур зэрылъытэ псалъэрщ. А хуэбагъэр зыгуэрыр къызэрывэнум ипэ дыдэ къихуэ хуэбагъэращи, а гуэрыр къавэу зэрыщӀидзэм елъытауэ нэхъ хуэбагъэрщ.

Дэтхэнэ зы элементым макро физикэкӀэ езым хуэуа ″щтыгъуэ″рэ ″пщтыгъуэ″ иӀэщи, дэтхэнэ гуэрыр зэры″щт″ымрэ къызэры″пщт″ым макро физикэу занщӀэу зэпэгъунэгъугъэрэ зэлъытэныгъэ зыхуаӀэу зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, ипэкӀэ ″сын″ Ӏуэхугъуэр хуэбагъэм къыпкъырыкӀыу щӀыӀэгъуэ лъэныкъуэмкӀэ зэрызекӀуэмрэ, хуабэрэ щӀыӀэу тлъытэхэр сын ӀуэгъуэкӀэрэ зэрытлъытэр жытӀагъащи, а нэхъ хуэбагъэу щыт ″пщтыгъуэ″мрэ а нэхъ щӀыӀэгъуэу щыт ″щтыгъуэ″м деж а нэхъ сыгъуэшхуэ къызэрыхъур зэрыгурыӀуэгъуэу, щтамрэ пщтырыр сын ӀуэхуэгъуэкӀэрэ зэрызэрызэлъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ сын Ӏуэгъуэри щыӀэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэуэ куантал мыхьэнэ зиӀэу зэрыщытри ипэкӀэ жытӀагъащ. Дауми аращи, мы псалъэхэр (щтын, пщтын) зи гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэу зэрызэлъытакӀэрэ мы я зэпкъырыувэкӀэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр ″0 К″ымрэ ″-0 К″ым къыщекӀуэкӀыу зи гугъу тщӀа экспедицэм утыку къырилъхьа Ӏуэхугъуэрауэзэрыщытригулъытапхъэщ. ″0 К″ымрэ абы атӀкӀэу ″-0 К″ым къыщыхъур экспэдициалу утыку къызэрыралъхьаращ мы зи гугъу тщӀы адыгэбзэ псалъэхэм (щтын, пщтын) ялъытэ Ӏуэхугъуэри, мы псалъэхэр ″щтын″рэ ″пщтын″ Ӏуэхугъуэр абсолуду щыӀэгъуэ лъабжьэм зэрытеухуакӀэрэ зэрылъытэ псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ИкӀи, ″щтын″рэ ″пщтын″ псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къащӀыр щызэтехуэрэ щызэпыщӀэри щыӀэгъуэ лъабжьэм къыщыхъуу мы зи гугъу тщӀа Ӏуэхугъуэу куантум физикэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

Мы жытӀахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, ″щтын″ псалъэмрэ ″пщтын″ псалъэм мы я зэхуаку дэлъ зэпыщӀэныгъэр дэтхэнэ зы элеменыр щыщтрэ къыщыпщт щӀыкӀэр зэрылъытэ макро физикэм зэрытемыухуарэ ар макро физикэкӀэ гурыӀуэгъуащэу зэрыщымытыр ипэкӀэ жытӀагъэххэщ. Аращи, макро физикэу дэтхэнэ зы элементым и щтыпӀэм атӀкӀэр абы и пщтыпӀэрауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи щтарэ пщтам узэрынэсу къэхъурэ зыхэпщӀэр зэхуэдэ ткӀиягъ зиӀэ сын Ӏуэхугъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэ щхьэ, зым ущхьэщыкӀыу адрейм узэрыхуэкӀуэфыну щыӀэкӀэ зиӀэу ″щтын″рэ ″пщын″ыр къыздыщыхъур ″0 К″ымрэ ″-0 К″ым дежрауэ зэрыщытыр экспедициалу къызэрагъэунэхуар

гурыӀуэгъуэщи, адыгэбзэм мы и псэлъитӀыр (щтын, пщтын) зэрыухуа щӀыкӀэкӀэ щызэрызэлъытапӀэри мыбдежращ (0 K, -0 K).

Абдежыр куантум физикэ Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэрэ жытӀагъэххэщи, ″щтын″рэ ″пщтын″ псалъэхэм я мыхьэнэр игъуэ щыхъур мы куантал пунктэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, зэрызэпкъырыува щӀыкӀэкӀэ зэлъытэныгъэ зыхуаӀэ ″щтын″рэ ″пщтын″ псалъэхэр элементхэм я щыӀэгъуэ гъунапкъэм гъунапкъэгъуу къыщыхъухэр зэрылъытэ псалъэхэрщи, мы псалъэхэр мы зэрызэлъытакӀэрэ зэрыухуам я мыхьэнэ лъабжьэрэ щыпкъэр куанталу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. КӀэщӀыу жыпӀэмэ, куантум физикэкӀэ мы псалъэхэм (щтын, пщтын) гурыӀуэгъуэ къащӀыр наӀуэщ: щыӀэгъуэрэ щӀыгъуэм щыщыӀэ дэтхэнэ гуэрым (элемент) и а нэхъ щӀыӀэгъуэу и щыӀэгъуэ ″щтыгъуэ″у щыт ″0 K″ым атӀкӀэрэ къыпэщытыр (-0 K) дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыӀэ а нэхъ хуэбагъэрэ а нэхъ ″пщтыгъуэ″ращи, абдежыр дэтхэнэ гуэрыр а нэхъ ″пщтыр″ щыхъуращ.

Зы щыӀэгъуэ зиӀэр (зы элементыр) бгъэупщӀыӀуурэ а нэхъ щӀыӀэгъуэм (0 K) щыхуэбгъакӀуэм деж, абы атӀкӀэу къыпэщыт дыдэр (-0 K) а щыӀэгъуэ зиӀэр а нэхъ хуабэ щыхъурауэ зэрыщытращ зи гугъу тщӀы экспедицэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀари, мыр икӀи ″хуэбагъэ″ жыхуэтӀэм кӀэ зимыӀэ зы линиеу зэрызимыубгъурэ хъуреягъ формэ зиӀэу зэрылъытапхъэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэ къытхуэзыщӀырщ. Адыгэбзэм щыӀэгъуэрэ хъур зэрызекӀуэ формэр ″хъурей″уэ зэрилъытэм игъуэ къыщыхъу сытым дежи и гугъу зэрытщӀыгъам зэрезэгъщи, мы зи гугъу тщӀа экспедицэм щыӀэгъуэм теухуа енергие лӀэужьыгъуэ хуэбагъэри хъурейуэ зэрызэпыщӀари утыку къырилъхьэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

НытӀэ, мы хъуреягъым и зы щӀыпӀэм дежыр а нэхъ хуабэмрэ а нэхъ щӀыӀэр щызэхуэзэрэ щызэпыщӀэрщи, абдежыр зы къежьапӀэрэ ухыпӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, зэрызекӀуэрэ къызэрыхъу щӀыкӀэр хъурейуэ тлъытэ къэхъуныгъэрэ щыӀэгъуэм зы къежьапӀэ иӀэу щытмэ, абдежыр щыӀэгъуэм и нэхъ хуэбапӀэрщи, икӀи щыӀэгъуэм и а нэхъ щӀыӀэпӀэри мы и а нэхъ хуэбапӀэм къыпэщытрэ къыбгъурыту зэрыщытри гулъытапхъэщ. НытӀэ, щыӀэгъуэм и а нэхъ хуэбапӀэр икӀи щыӀэгъуэ къежьапӀэрэ ухыпӀэрщи, абы атӀкӀэрэ къыпэщытри щыӀэгъуэрэ абы и къежьапӀэри щыух щӀыпӀэу а нэхъ абсолуд щӀыӀэгъуэрауэ лъытапхъэщ. Арагъэнщи, щыӀэгъуэр щыӀэхункӀэрэ абы игъуэтыну хуэбагъэр мыбдежым зэгъунапкъэгъуу щыт ″пщтыгъуэ″рэ ″щтыгъуэ″м я зэхуакуращ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, щыӀэгъуэм къыщыхъуну а нэхъ щӀыӀэрэ хуабэр мы зи гугъу тщӀы щӀыпӀэр зэрызэгъунапкъэм хуэдэу зэрылъытапхъэрауэ жыӀэпхъэщ зи гугъу тщӀы экспедицэм ″0 K″ымрэ ″-0 K″ым къыщыхъур зэрылъытапхъэрэ зытеухуар. НытӀэ, щыӀэгъуэм и ″нэхъ хуэбагъэ″рэ и ″нэхъ пщытыгъуэ″р щыӀэгъуэ къежьапӀэрэ япэрей къэуэгъуэшхуэу (бинг бэнг) ялъытэм дежрауэщ зэралъытэри, абы атӀкӀэрэ къыпэщытри а ″нэхъ щӀыӀэгъуэ″рэ а ″нэхъ щтыгъуэ″рауэ къыщӀэкӀынщ.

Зи гугъу тщӏы элкспедицэм гурыӏуэгъуэ къытхуищӏыр щыӏэгъуэ зиӏэ дэтхэнэ зы элементри абы атӏкӏэ щымыӏэжу абсолуду щыупщӏыӏурэ щӏыӏэ щыхъуу щыщт щӏыпӏэр "0 К"рауэщ. Икӏи, абы атӏкӏэ (-0 К) а нэхъ хуабэ къыщыхъуу ялъытэри экспедицэ зытыращӏыхь элементым елъытауэ зэрыщытын хуейри гулъытапхъэщ. Аращи, "-0 К"ым дежыр дэтхэнэ зы элементым езым и щыӏэгъуэкӏэрэ игъуэтыфыну а нэхъ хуэбагъэр къыздыщыхъурагъэнщ. Зи гугъу тщӏы экспедицэм къигъэунэхуар мыращи, абы мы хуэбагъэм (-0 К) атӏкӏэм и гугъу къытхуищӏкъым. Ауэ, зы элементым "-0 К"ым щигъуэт хуэбагъэр икӏи а элементыр зэрызэпкъырыува хуэбагъэрауэ къыщӏэкӏынщи, абы щхьэщыкӏ хуэбагъэри а элементыр зэрыухуа пкъыгъуэ лъабжьэкӏэрэ щызэпкъырыхужыну хуэбагъэрагъэнщ. Арагъэнщи, щыӏэгъуэ зиӏэ зы элементыр а нэхъыбэ щыупщӏыӏуу а нэхъ щӏыӏэгъуэрэ щтыгъуэм щыхуэкӏуэр "0 К"ым дежрауэ зэрыщытым нэмыщӏ, а элементыр зэрызэпкъырыуварэ щыӏэу утыку къыщихьа хуэбагъэри абы "-0 К"ым деж щигъуэт хуэбагъэрауэ жыӏэпхъэнщ. Нытӏэ икӏи, элементым "-0 К"ым щигъуэта хуэбагъэр зэрыхэбгъэхъуэфынур гурыӏуэгъуэнщи, хуэбагъэр щыхэбгъахъуэ дыдэм къыщӏидзэу а элементым и атомхэр зэрызэпкъырыхужкӏэрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэхэр хуиту къызэрынэкӏэрэ щыӏэгъуэм зы щыӏэ щыхъуа а элементым и щыӏэгъуэр зэрыкӏуэдыжынури гурыӏуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэми гурыӏуэгъуэ зэращӏщи, щыӏэгъуэ зыгъуэту щыӏэ хъуа дэтхэнэ гуэрым мы и щыӏэкӏэм и а нэхъ щӏыӏэгъуэрэ щтыгъуэ (0 К), икӏи и а нэхъ хуэбагъэрэ пщтыгъуэ (-0 К) зэриӏэм хуэдэжу, мы зи гугъу тщӏы элементыр зы щыӏэ гуэру зыхэзыубыдэ щыӏэгъуэрэ космосым езыми а нэхъ щӏыӏэгъуэрэ хуэбагъэ зыдыщигъуэтыпхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Икӏи, щыӏэгъуэ жыхуэтӏэм а нэхъ хуэбагъэрэ пщтыгъуэ щигъуэтыр япэрей къэуэгъуэшхуэу ялъытэ "бинг бэнг"ым дежрауэщ зэралъытэри, абы атӏкӏэри – ар къэмыпщытапхъэрэ мыгурыӏуэгъуащэми- мы щыӏэгъуэ жыхуэтӏэм теухуа а нэхъ щӏыӏэгъуэрэ щтыгъуэрауэ жыӏэпхъэщ.

Мы къэтӏуэтахэми къызэрыхэщщ икӏии, щыӏэгъуэм езымрэ абы щыщыӏэ дэтхэнэ гуэрым и щыӏэгъуэр къызэрекӏуэкӏыкӏэр зэщхьрэ зэхуэдэ ӏуэхугъуэуи лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зэрылъытапхъэр щыӏэгъуэ лъабжьэм теухуа физикэ лӏэужьыгъуэу щыт куантум физикэм зэрезэгъыр, икӏи абы нэхъ гурыӏуэгъуэ къызэрытхуищӏри гулъытапхъэщ. Нытӏэ, инагърэ зэхиубыдэхэм теухуауэ зэщхьэщыкӏми, щыӏэгъуэ жыхуэтӏэм езымрэ абы щыщыӏэ дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ зэрыкӏуэдыжыр, зэрыужьрэ зэреужьыхыжыр зэщхьрэ зэхуэдэ ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ. Ауэ, щыӏэгъуэ жыхуэтӏэмрэ абы щыщыӏэхэм я нэхъ хуэбагъэрэ щӏыӏэгъуэхэр зэрызэщхьэщыкӏыр гурыӏуэгъуэнщи, щыӏэгъуэрэ космос жыхуэтӏэр дэтхэнэ зы щыӏэм и хуэбагъэрэ щӏыӏэгъуэри зыхэзыубыдэрэ щхьэщыкӏыныгъэ зыхуиӏэрщ. Аращи, щыӏэгъуэр къызэрыхъу пэщӏэдзэу зи гугъу тщӏа пщтыгъуэшхуэращ щыӏэгъуэм и а нэхъ хуэбапӏэри, абы къигъэхъу къэуэгъуэшхуэр зэрызэщӏэпхъыхькӏэрэ упщӏыӏуурэ къекӏуэкӏ

щыIэгъуэ ужьыгъуэм дэтхэнэ и зы упщIыIуныгъэ лъэбакъуэу и зы щIыIэпIэм дежыр щыIэгъуэшхуэм и зы щыIэр утыку къыздыщихьэращ.

Къэуэгъуэгъуэшхуэу зэпкъырыпхъыр зэрыупщIыIукIэрэщ щыIэгъуэрэ космосыр зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэри, мы зи гугъу тщIы упщIыIуныгъэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм щыIэгъуэм и дэтхэнэ зы щыIэм щыIэгъуэ щегъуэтыр. Къэуэгъуэшхуэм и хуэбагъэ упщIыIуныгъэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэу щыт зы щIыIэгъуапIэр щыIэгъуэшхуэр зэрыухуэ дэтхэнэ зы щыIэр зы ″щIы″ лIэужьыгъуэу утыку къыздыщихьэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, дэтхэнэ зы щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэр космикэ упщIыIуныгъэ зы щIыIэгъуапIэм къызэригъэщIыр гулъытапхъэщ; щыIэгъуэрэ космосым щыщыIэ дэтхэнэ зы щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэр космикэ упщIыIуныгъэу зы щIыIэгъуэкIэрэщ утыку къызэрихьэр. Мы псалъэми къызэрыхэщщи, ипэкIэ ″щIыIэ″р ″щIы″м зыкъызэригъэлъагъуэу зи гугъу тщIамрэ мыбдежым космос упщIыIуныгъэу къэхъу щIыIэгъуэу мы зи гугъу тщIар зэрызэпыщIэжри гулъытапхъэщ: ″щIыIэ″ жыхуэтIэр ″щIы″м зэрытеухуам хуэдэжу, икIи ″щIы″ри космосыр зэрызекIуэ упщIыIуныгъэ щIыIэгъуапIэм теухуауэщ утыку къызэрихьэр. Аращи, япэрей пщтыгъуэшхуэм къигъэхъу къэуэгъуэшхуэкIэрэ зэпкъырыпхъыр зэрыупщIыIукIэрэщ щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэ утыку къызэрихьэри, щыIэгъуэрэ космосым щыщыIэ дэтхэнэ зы щIы лIэужьыгъуэр – нэщIыгъуэри хэтыжу- мыпхуэдэ зы космикэ щIыIэгъуэкIэрэщ утыку къызэрихьэр.

ЩыIэгъуэр зэрыухуэрэ зэрыужь япэрей къэуэгъушхуэ упщIыIуныгъэм и дэтхэнэ зы щIыIэгъуэ щIыпIэращ щыIэгъуэм хиубыдэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы щыIэр зы щIы лIэужьыгъуэу утыку къыздыщихьэри, щыIэгъуэрэ космосым дежкIэ упщIыIуныгъэ лъэбакъуэу мы и зы щIыIэпIэр икIи абдежым щыджу утыку къихьэ зы щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэм и щыIэгъуэм теухуауэ а нэхъ хуэбагъэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, дэтхэнэ зы щIы лIэужьыгъуэрэ щыIэ гуэру зы элементым ″-0 К″ым деж щигъуэту ялъытэ хуэбагъэр а элементым иIэфыну а нэхъ хуэбагъэу, а элементым щыIэгъуэ щигъуэтауэ мы зи гугъу тщIы къэуэгъуэшхуэ упщIыIуныгъэм и зы лъэбакъуэ щIыIэпIэрагъэнщ.

ЩыIэгъуэрэ космос жыхуэтIэр утыку къызэрихьа япэрей къэуэгъуэшхуэр къыздыщыхъуа пщтыпIэращ щыIэгъуэм и а нэхъ хуэбагъэшхуэри, абы атIкIэрэ къыпэщытри щыIэгъуэ жыхуэтIэри щыухыу лъытапхъэ а нэхъ щIыIэгъуэшхуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. ЩыIэгъуэрэ космосым мыпхуэдэу а нэхъ хуэбагъэрэ щIыIэгъуэ зэриIэм хуэдэжщи, щыIэгъуэм щыщыIэ дэтхэнэ гуэрми а нэхъ хуэбагъэрэ щIыIэгъуэ иIэщ. Дэтхэнэ щыIэ гуэрым и а нэхъ хуэбагъэр ар щыIэ щыхъуаращи, ари щыIэгъуэрэ космосыр къызэрыхъу къэуэгъуэшхуэкIэрэ и хуэбагъэр щыупщIыIу и зы щIыпIэм дежращ. ЗэрыгурыIуэгъуэу дэтхэнэ зы щыIэм и а нэхъ хуэбагъэшхуэр ″-0 К″ым деж щигъуэтырщи, ар икIи а гуэрыр щыIэ зэрыхъуа хуэбагъэрауэ зэрылъытапхъэр жытIагъащ; икIи, а

щыӏэ гуэрым и а нэхъ щӏыӏэгъуэри мы хуэбагъэм (-0 К) къыпэщыт "0 К"ым дежрауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Мы къэтӏуэтахэми къызэрыхэщрэ икӏи щыӏэгъуэр зэрыщыӏэрэ хъур зэрызекӏуэр зэрылъытэ "хъурей" псалъэми гурыӏуэгъуэ къытхуищӏым зэрезэгъщи, щыӏэгъуэрэ космос жыхуэтӏэмрэ абы щыщыӏэ дэтхэнэ зы щыӏэ гуэрми и щыӏэгъуэр дэтхэнэ зы лъэныкъуэкӏи утыку къызэрихьэрэ зэрызекӏуэу зэрыухыр зэщхьрэ зэхуэдэщ; - хъурейуэ зэпыщӏащ.

Нытӏэ, дэтхэнэ зы щыӏэр щыӏэгъуэрэ космосым и щӏыкӏэ зиӏэрэ ар гурыӏуэгъуэ зэрыхъуфынум теухуа моделу лъытапхъэщи, икӏи езыри щхьэж зы щыӏэгъуэ зиӏэрэ щыӏэгъуэ зиӏэхэр зэрылъытэрэ къызэрыӏуатэ псэлъэбзэри мыпхуэдэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ, щыӏэгъуэ ужьыгъуэкӏэрэ макъхэр утыку къызэрихьэм къыщӏидзэу ухуарэ мы зэрыухуа лъабжьэр зыщӏэмыкӏуэда зы макъыбзэр щыӏэгъуэ логиер нэхъыфӏыжу къызхэщрэ зыхэлъу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы логиери щыӏэгъуэр гурыӏуэгъуэ къытхуэзыщӏыфыну а нэхъ моделыфӏхэм щыщу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Ипэкӏэ зи гугъу тщӏа зэпыщӏэныгъэхэр адыгэбзэм гурыӏуэгъуащэ къызэрищӏри гулъытапхъэщ, икӏи ахэр адыгэбзэм зэрилъытэрэ къызэриӏуатэ псалъэхэри мыпхуэдэ щӏыкӏэкӏэ зэпыщӏэныгъэ зыхуиӏэу зэрызэпкъырыувари гулъытапхъэщ.

Мы къэтӏуэтахэм къызэрыхэщкӏэрэ пытщэжмэ, щыӏэгъуэм щыщыӏэхэм я а нэхъ щӏыӏэгъуэрэ щтыгъуэр "0 К"рауэщ зэралъытэри, ар икӏи ухуагъэххэ щыӏэгъуэрэ космосым и а нэхъ щӏыӏэгъуапӏэращ. Ауэ, зы щыӏэ гуэрыр зы элементу зэрыщыӏэкӏэрэ и нэхъ хуэбагъэрэ и пщтырыгъэрауэщ "-0 К"ым дежыр зэрылъытапхъэу жытӏари, абдежыр щыӏэгъуэрэ космос къежьапэм къыщыхъу хуэбагъэм зэрытемыухуари гурыӏуэгъуэщ. Экспедициалу щыӏэгъуэ зиӏэхэм я а нэхъ щӏыӏэпӏэм (0 К) щикӏым деж ялъэгъуауэ зи гугъу тщӏы хуэбагъэри (-0 К) экспедицэр зытеухуа элементращ зэлъытари, абдежыр икӏи дэтхэнэ зы элементми и а нэхъ хуэбапӏэрауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэнщ; мыхъумэ, ар щыӏэгъуэу зи гугъу тщӏым и нэхъ хуэбапӏэрауэ зэрыщымытыр гурыӏуэгъуэщ. Мыбы зэрезэгъщи, щыӏэгъуэм къыщыхъу щӏыӏэгъуэм зы гъунапкъэ (0 К) иӏэу (а нэхъ хуэбагъэ мащӏэу) ялъытэ щхьэ, щыӏэхэр зэрыбгъэхуэбэфынурэ хуэбагъэр зэрыхэбгъэхъуэфынум кӏэ имыӏэущ зэралъытэри, сытри бгъэхуабэурэ икӏэм икӏэжым щыӏэгъуэм и а нэхъ хуэбагъапӏэм унэсыфыну аращ зэралъытэр. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, теорикэу дэтхэнэ гуэрыр (элемент) зэрыбгъэхуабэкӏэрэ а гуэрыр зэрызэпкъырыува хуэбагъэм унэсрэ ущхьэщыкӏыу а бгъэхуэбар зэрызэпкъыхужкӏэрэ щыӏэгъуэр къызэрыхъуа япэрей къэуэгъуэм (бинг бэнг) нэгъунэ узэрынэсыфынур гурыӏуэгъуэнщи, абдежращ а нэхъ хуэбагъэр.

А нэхъ хуэбагъэ мащӏэрэ цӏыкӏур "0 К"уэ зэрыщытыр експедициалу утыку къыралъхьэр, ауэ а нэхъ хуэбагъэм теухуауэ мыпхуэдэ зы експедицэ зэрымыщӏарэ икӏи зэрымыщӏыпхъэри гулъытапхъэщ. Абдежыр щыӏэгъуэ

пэщIэдзэрэ къежьапIэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ щыIэгъуэ пэщIэдзэ хуэбагъэм зэрыхуэмыкIуапхъэм хуэдэжу, абы аткIэрэ къыпэщыт щIыIэгъуэри –апхуэдэ гуэр къыпэщытмэ- къызэрымыпщытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, мы зи гугъу тщIы щIыIэгъуэр щыIэгъуэм и нэхъ щIыIэгъуэу ялъыта "0 К"ым къыщынэнуи къыщIэкIынкъым.

А нэхъ хуэбагъэм кIуэныр щыIэгъуэ пэщIэдзэм кIуэнращи, зыгуэрыр бгъэхуабэурэ узхуэкIуэнур а гуэрыр къызэрыхъуарэ зэрызэпкъырыува хуэбагъэм узэрынэскIэрэ а гуэрым и атомыр щызэпкъырыува хуэбагъэм унэсынращи, хуэбагъэр абы щыщхьэщыкIым деж, а гуэрыр зэрыухуа атомхэм я зэпкъырыхужыпIэращ уздынэсынур; абы атIкIи бгъэхуабэу урикIуэмэ, а атомхэр зэрыухуа атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэри зэпкъырылъэлъыжу атом пкъыгъуэ цIыкIухэр щхьэжу къызэтенэжынщ; аргуэру хуэбагъэр зэрыхэхъуэкIэрэ а пкъыгъуэ нэхъ цIыкIухэри зэхэкIыжу уэз защIэ хъужынщ. Теорикэу мыпхуэдэ щIыкIэкIэ хуэбагъэр зэрыхэхъуэкIэрэ, зи гугъу тщIа къэуэгъуэшхуэм нэгъунэ узэрынэсыфынур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ гъуэгуанэри щыIэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызэпкъырыувам и пхэндж гъуэгурыкIуэгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, къэуэгъуэшхуэм (бинг бэнг) къыщIидзэу хуэбагъэр зэрыхэщI упщIыIуныгъэкIэрэ щыIэ дэтхэнэ гуэрыр зэкIэлъхьэужьу къызэрыхъуарэ зэрызэпкъырыува гъуэгуанэм и пхэнджращ нобэ уздэщыIэм щыщIэбдзэу хуэбагъэр икIэ нэгъунэ хэбгъахъуэу узрикIуэну лъагъуэр. Нобэ хуэбагъэр хэбгъахъуэу узрикIуэну лъагъуэр "бинг бэнг" жыхуаIэ япэрей къэуэгъуэшхуэм нэгъунэращи, къэхъуныгъэм и пхэнджыгъэу щыт мы лъагъуэм ущырикIуэм деж, япэрей къэуэгъуэшхуэрэ а нэхъ хуэбагъэшхуэм къыщIидзэу къэхъу упщIыIуныгъэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм щызэпкъырыува дэтхэнэ гуэрыр мы зэрызэпкъырыува хуэбагъэм нэхъ хуабэ къызэрыхъукIэрэ зэрысэхыжу зэреуджэхыж лъагъуэращ узрикIуэнур.

Хуэбагъэр зэрыхэбгъахъуэкIэрэ узхуэкIуэнур икIэм икIэжым щыIэгъуэ пэщIэдзэу япэрей къэуэгъуэшхуэу ялъытэращи, абдежыр абы атIкIэ щымыIэ хуэбагъэу зэрыщытым зэрезэгъыу, абыдежыр икIи а нэхъ "пщтыр"рэ абсолуд "пщтыгъуэ"рауэ зэрыщытын хуейри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, абы атIкIэр щыIэгъуэр къызэрежьа япэрей къэуэгъуэм атIкIэращи, абдежыр а нэхъ хуэбагъэрэ пщтырыгъэу (абсолуд хуэбагъэ, абсолуд пщтыгъуэ) зэрылъытэм и пхэнджу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, япэрей къэуэгъуапIэу а нэхъ хуэбагъэм атIкIэм и гугъу щIыпхъэмэ, абдежыр мы къэуэгъуапIэм (а нэхъ пщтыгъуапIэ) елъытарэ и пхэнджу, а нэхъ "щтыгъуапIэ"у жыIэпхъэщ. НытIэ, а нэхъ "хуэбагъэ"рэ "пщытыгъуэ"у щыт япэрей къэуэгъуапIэм атIкIэ къыпэщыту икIи къэуэгъуэи къыздыщымыхъунури а нэхъ "щIыIэгъуэ"рэ "щтыгъуэ"у щытырщ.

Къэуэгъуэшхуэ къэмыхъу ипэр щыIэгъуэуи зэрымылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщи, япэрей къэуэгъуэшхуэр къэзыгъэхъуа обсолуд хуэбагъэрэ пщтыгъуэм къыпэщытрэ и гъунапкъэгъур зикI

къэмыпщытапхъэу щытми, абдежым и щIыкIэр щыIэгъуэрэ космосым и нэхъ щIыIэгъуэрэ щтыгъуэу ялъытэ ″0 К″ым хуэдэ щIыкIэ зиIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, зи гугъу тщIы экспедицэхэмкIэ зэрылъытэрщи, ″0 К″ым щыщыIэ элементым езым и щыIэгъуэр зэрихьын енергиерэ кIуэцI хьэрычэт нэмыщI, хьэрычэт щIыб зэримыIэрэ икIи къыхуэкIуэрэ къыхэхьэм пэувыныгъэ къарурэ резистанцие зэрыхуимыIэм (Р: 0) ипкъ иткIэ, мыпхуэдэр икIи зэрыщыIэрэ зэрыщымыIэри гурыIуэгъуэ зэрымыхъунур ипэкIи жытIагъащи, -а нэхъ мащIэу- мыпхуэдэу лъытапхъэщ мы зи гугъу тщIы щтыгъуапIэшхуэри. ИкIи, япэрей къэуэгъуэшхуэ (бинг бэнг) хуэбагъэм теухуауэ жыIэпхъэхэр щыIэми, ар къэзыгъэхъу ″пщтыгъуэшхуэ″м хуэдэжу, абы атIкIэу къыпэщыт ″щтыгъуапIэшхуэ″ри къызэрымыхутапхъэр гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу къэмыхутапхъэрэ къэмыпщытапхъэу щытыр щымыIэ пэлъытэу щыIэгъуэ зиIэу зы кIыфIагъэущ физикхэм гурыгъуазэкIэ зэралъытэр. Мыпхуэдэу зэрыщыIэрэ зэрыщымыIэр мылъытапхъэм теухуауэ гулъытапхъэрэ жыIэпхъэ зэрыщымыIэнури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ дауэми, мы зи гугъу тщIар икIи щыIэгъуэр къызэрыхъуми пыщIэныгъэ зыхуиIэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэр адыгэбзэм игъуэ зы псалъэкIэ къызэриIуэтэфынури гурыIуэгъуэнщ.

ЩымыIэу зэрылъытапхъэм зэрезэгъщи, мы зи гугъу тщIым ″сыгъуэ″и къызэремыкIуэкIынури гурыIуэгъуэнщ. Сыгъуэрэ сын Iуэхугъуэ къыздыщымыхъур мысрэ мысэрщ; мысри мыджрэ мыджэрщ. Мыпхуэдэри япэрауэ зэрылъытапхъэр адыгэбзэ мифологием хэт ″Имыс″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIрауэ жыIэпхъэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, уэзыр зыдэщыIэращ ″сыгъуэ″ къыздыщыхъури, уэз зыдэщыIэм уэзыр мэсри (Уэзырмэс) исыр (Ис) къохъур. ИкIи уэзыр зэрыскIэрэщ сытри къызэрыхъуу уэзыр зэрыджри (Уэзырмэдж), мыпхуэдэщ сытри утыку къызэрихьэ щIыкIэу щыIэгъуэ зэрыгъуэтрэ икIи щыIэгъуэри зэрызекIуэ щIыкIэр (Сосырыкъуэ). Ауэ ″сыгъуэ″рэ ″сын″ Iуэхугъуэ зыдэщымыIэм ″уэз″и зэрыщымыIэнур гурыIуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщIа ″щIыIэгъуэшхуэ″р мыпхуэдэщ; абдежыр мысрэ мысэрщи, мыджрэ мыджэрщ.

Мы къэтIуэтахэри зыхуэфащэу щытрэ щыIэрэ щымыIэуи мылъытапхъэу зи гугъу тщIа ″щIыIэгъуэшхуэ″р икIи ди щыIэгъуэр къызхэкI япэрей къэуэгъуэшхуэпIэри зыхуэгъунапкъэу щытрэ ари зыхуэкIуэжу лъытапхъэрщи, нытIэ ар адыгэбзэм и ″цIырхъ″ псалъэр зыхуэфащэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мы зи гугъу тщIыр икIи щымыIэрэ мыщыIэ (цI) пэлъытэрщ, икIи къэхъуныгъэр (хъу) къыздыщIидзэрэ щеужьыхыжу абы и лъабжьэу (хъ) зэрыщытри зыхэзыубыдэ зы псалъэу лъытапхъэщ ″цIырхъ″ псалъэр.

Мы ″щтыгъуэ″рэ ″цIырхъ″ыр ″къызэрыпщт″рэ къэ″хъун″ыгъэр къызэрыщIидзэм теухуауэ нобэ тщIэ гуэр зэрыщымыIэрэ жыIэпхъэшхуэ дызэримыIэри гурыIуэгъуэнщи, дэ (хьэ) тщхьэщыкI (т) мы Iуэхугъуэм

теухуауэ ″Тхьэ″м и цӀэр къитӀуэн нэхъ хэкӀыпӀэ дызэримыӀэнури гулъытапхъэщ (!). Аращи тӀэ, ″Тхьэ″р мы зэхэ″щт″ыхьарэ ″цӀырхъ″ым къытеӀэбэрэ зэрынэсу къэхъу ″сыгъуэ″кӀэрэ а зэхэщтыхьауэ щытар занщӀэу къызэры″пщт″кӀэрэ хьэрычэтыгъуэшхуэ игъуэту зэрызэбгырыукӀкӀэрэ къэхъу къэуэгъуэрауэ жыӀэпхъэщ къэхъуныгъэрэ ужьыгъуэри къызэрежьар. Мыпхуэдэ къэхъуныгъэрэ ужьыгъуэр зэреужьыхыжрэ и лъабжьэм зэрехыжри ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀам хуэдэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ щыӀэгъуэр къэгъэщӀынрэ зэхэкъутэжын Ӏуэхугъуэри Тхьэм и джэгуыкӀэу къыщӀэкӀынщ.

*

ЩыӀэр зэрыщыӀэрэ щыӀэгъуэр зэрызекӀуэр, икӀи зэреужьыхыжыпхъэри мыпхуэдэу къыщӀэкӀынщ. ЩыӀэгъуэрэ сыгъуэм къыщӀэддзэу хуэбагъэрэ щӀыӀэгъуэм теухуа адыгэбзэ псалъэхэм икӀэм икӀэжым дыкъыздиша щӀыпӀэращ мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэм къыхэщыр. ИпэкӀи щыӀэгъуэ ужьыгъуэрэ унэтӀыныгъэу зи гугъу тщӀыр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэм къыщыщӀэдзауэ вагъуэрэ галактикэхэм нэгъунэ дэтхэнэ зы щыӀэгъуэм теухуахэр адыгэбзэ макърэ псалъэхэм зэрелъытакӀэрэ я гугъу щытщӀагъащ. Аращи, а нэхъ цӀыкӀу дыдэрэ нэхъ ин дыдэри хэтыжу пкъыгъуэ зиӀэу тлъытэ псори щӀыгъуэрэ нэщӀыгъуэу зэрызэхэлъыр жытӀагъащ.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″нэщӀыгъуэ″ жыхуэтӀэри щыӀэгъуэм зэрыщыщыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ щыӀэгъуэм щымыщрэ абсолуду щымыӀэм (мыщыӀэм) и гугъу пщӀынумэ, абы ″щыӀэгъуэ″ (космос) жыхуэтӀэ пкъыгъуэшхуэм и Ӏуэху хэлъкъыми, адыгэбзэм ар зэрилъытэр и зы макъ мыхьэнэкӀэрэщ: щыӀэгъуэм щымыщрэ щыӀэ мыхъурэ мыхъунум, мыщрэ мыщыӀэр зэрылъытэ макъыр и къэӀукӀэкӀи адрей макъхэм я пхэнджу щытауэ зи гугъу тщӀа ″цӀ″ макърауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. НэщӀыгъуэр ″куантум хы″уэ лъытапхъэрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэмкӀэ изщи, мыбдежым зи гугъу зэрытщӀыу щыӀэгъуэ лъабжьэм дыщытепсэлъыхьым деж, ар ″цӀ″ макъым и мыхьэнэм езэгъыу зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуащэщ.

Къызэрыхъуа щӀыкӀэм зэрезэгъкӀэрэ ″цӀ″ макъыр утыку къызэрихьа мыхьэнэр а нэхъ лъабжьэу мыщыӀэрэ мыщыр зэрылъытэрауэми, мы и мыхьэнэр зэрилъабжьэкӀэрэ щыӀэхэми теухуауэ бзэм хэлэжьыхьу щыщӀидзэкӀэ, щыӀэхэм я кӀуэдыгъуэрэ я хэдзыкӀыныгъэри бзэм ″цӀ″ макъ мыхьэнэкӀэрэ илъытэу зэрыщӀидзар бзэ лэжьэкӀэм къызэрыхэщри гурыӀуэгъуэщ. ЩыӀэхэм теухуауэ ″цӀ″ макъыр бзэм мы зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэри макро дунейм теухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

ЩыӀэгъуэр къызэрыхъурэ зэрыщыӀэр зэрылъытапхъэм дэщӀыгъуу мыщрэ мыщыӀэри зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, щыӀэгъуэрэ къэхъу къекӀуэкӀыр зэрызэхъуэкӀрэ зэрыкӀуэдыжым мыщрэ мыщыӀэри гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыу жыӀэпхъэщ. ЩыӀэгъуэ кӀуэдыгъуэрэ

щымыlэжыныгъэм мыщыlэрэ мыщыр щыlэрэ щым къызэрыпэщытыр гурыlуэгъуэ къытхуещlыр. Мыпхуэдэщ икlи куантум физикхэми зэралъытэри, щыlэр зы зэманыгъуэкlэ зэрыщыlэмрэ, щыlэгъуэм езыр щымыlэжыныгъэм къыпэщытыр мыщыlэныгъэу зэралъытэм ипкъ иткlэ, щыlэмрэ мыщыlэр лъабжьэрэ кууагъэкlэ зэдэщlыгъупхъэрэ зэдэгъупхъэущ зэралъытэр. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlхэм теухуа щапхъэу лъытапхъэщ щыlэгъуэм мыщыlэгъуэ пэлъытэу ялъытэ "black holl (черная дыра)" жыхуаlэри, ар адыгэбзэкlэ "гъуанэ фlыцlэ"у зэрызэбгъэдзэкlыфынури гурыlуэгъуэщ. Аращи, нэщlыгъуэу ипэкlэ зи гугъу тщlар щыlэгъуэм щыщрэ потанциалу щlы лlэужьыгъуэу лъытапхъэми, черная дыра жыхуаlэр космикэу абсолуд нэщlыгъуэ къыщыхъуу, мыщыlэныгъэ пэлъытэуи ялъытэр. Мыпхуэдэ щапхъэр космикэу къызэрыхъум хуэдэр куанталуи къэхъуущ зэралъытэр. Аращи, щыlэгъуэм къыщыхъу дэтхэнэ гуэрэр зэхуэдэ lуэхугъуэу зылъытэ куантум физикэмкlэ, вагъуэ ужьыхыныгъэм къигъэщl мы гъуанэрэ нэщlыгъуэ кlыфlыр икlи щыlэгъуэ лъабжьэ хышхуэр зэрызэхэлъ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэми я щхьэм къырикlуэу ялъытэр. Мыпхуэдэущ зэралъытэри, зэхуэпхэндж атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм зыр адрейм щызэгухьэрэ зыр зым щигъэкlуэдым щыгъуэми къэхъур вагъуэ кlуэдыгъуэхэм къыщыхъум хуэдэ lуэхугъуэущ зэралъытэр. Мы щыlэгъуэ пкъыгъуэ цlыкlухэр щызэгухьэрэ зыр зым щигъэкlуэдым къэхъури волнавая хышхуэм и зы толъкъуным къытырищlэж тхъурымбэм ирагъэщхьыр. Аращи, вагъуэ кlуэдыгъуэу къэхъу черная дырау щырет, куантыпlэм къыщыхъуу мы зи гугъу тщlарауэ щырет, ахэр щыlэгъуэм кlуэдыгъуэрэ мыщыlэгъуэр зыдэщlыгъуу зэрыщытым теухуа щапхъэхэущ зэралъытэр.

Мыпхуэдэущ щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ щыlэгъуэ лъабжьэ хышхуэми къыщыхъур. Ауэ, пкъыгъуэшхуэхэри, куантал пкъыгъуэхэри щыlэгъуэ пкъыгъуэхэр зи гугъу зэрытщlауэ щызэрызэгъэкlуэдкlи, икlи ахэр утыку къыщихьэкlи щыlэгъуэ лъабжьэ хышхуэм и енергиер зикl хэщlыкъым, икlи хэхъуэкъым. Ар увыlэгъуэ зимыlэу хьэрычэт зиlэрэ джыгъуэу сытым дежи зохъуэкlри, зэрызэхъуэкl щlыкlэри атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм мы зи гугъу тщlа я lуэхугъуэкlэрэщ. Мыпхуэдэ защlэу щызекlуэкlэ, щыlэгъуэр увыlэгъуэ имыlэу зэрыджыжыр гурыlуэгъуэщи, мыр щыlэгъуэрэ космосым зы къежьапlэрэ кlуэдыпlэ иlэн хуэмеин гупщысэми ухуэзышэрщ. Ауэ, нэгъуэщl пщалъэрэ щапхъэхэр щыlэщи, ахэращ космосыр кlуэ пэтрэ зэрыужьрэ зэрыбэгым и телъхьэхэр.

Пкъыгъуэ зиlэхэри хэтыжу (е = мс2) космос енергием езыр хэмыщlрэ хэмыхъуэу зэхуэдэу къызэтонэр, ауэ увыlэгъуэ зэримыlэу зэрызиубгъуурэ щызэрызекlуэкlэ и енергие концантрацэр мащlэ хъуурэ зэрыкlуэ зэпытрауэщ къапщытэри, щыlэгъуэм зы къежьапlэ иlэн зэрыхуей еплъыкlэм лъабжьэ хуэхъури мыращ. Нытlэ, зы къежьапlэ щыlэмэ, ар зэрылъытапхъэр щыlэгъуэр къызтехъукlа лъабжьэмрэ мыщыlэр

зэхэмыгъэкӀыпхъэу зэрызэдэщӀыгъурауэ лъытапхъэущ къызэраӀуатэри, ар адыгэбзэм и зы псалъэм гурыӀуэгъуафӀэ ищӀыу жыӀэпхъэщ: «цӀырхъ».

″ЦӀырхъ″ псалъэр бзэм щызэрызекӀуэ щӀыкӀэр щымыӀэ пэлъытэу цӀыкӀу дыдэр зэрылъытэ псалъэрщи, ар зэрыухуа щӀыкӀэмрэ и мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ″мыщыӀэпхъэрэ мыщыӀэр (цӀы-р) щыӀэ хъунум и лъабжьэр (хъ) зэрызэхэлъ″у, ″щыӀэ хъуну лъабжьэр (хъ) мыщыӀэу (цӀ) зэрыщыт″у, е ″щыӀэ хъуну лъабжьэр (хъ) мыщыӀэ пэлъытэрэ мыщыӀэпхъэу (цӀ) зэрыщыт″у зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, куантум физикхэми зэралъытэм зэрезэгъщ ″цӀырхъ″ псалъэм гурыӀуэгъуэ къищӀри, щыӀэгъуэр къемыжьэ ипэ ар щыӀэну лъабжьэу зэрыщытрэ иджыри мыщу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ″цӀы″уэ щыт ″хъы″ыуэ е ″цӀы″ пэлъытэ ″хъы″уэ щытауэ лъытапхъэщ. И къежьапӀэр ″цӀырхъ″у зэрыщытрагъэнщи, щыӀэгъуэм гъунапкъэрэ кӀуэдыпӀэ иӀэщ; щыӀэгъуэшхуэмрэ абы хиубыдэ дэтхэнэ зы щыӀэри мыпхуэдэщи, гъунапкъэрэ кӀуэдыпӀэ зиӀэ дэтхэнэ зы щыӀэм сытым дежи къыпэщытыр ″цӀы″ пэлъытэ хъунращ; гъунапкъэрэ кӀуэдыпӀэу цӀы пэлъытэр къызпэщыт щыӀэхэр зыхэзыубыдэ щыӀэгъуэ псоугъэми икӀэм икӀэжым ″цӀы″м хэхьэжыныгъэр къыпэщытщи, аргуэру ″цӀырхъ″ыр къэхъужыну къыщӀэкӀынщ.

″ЦӀ″ макъымрэ ″цӀырхъ″ым и гугъу щытщӀкӀэ, щыӀэгъуэ жыхуэтӀэ мы хышхуэр дэ дыкъызщыхъуа енергиерэ пкъыгъуэ зэхэтращи, мы къэхъупӀэрэ щыӀэгъуэм нэмыщӀыу космосым икӀи анти енергиерэ анти пкъыгъуэ щыщалъытэр. Ар кӀыфӀыгъуэшхуэрэ фӀыцӀэгъуэшхуэщ зэралъытэри, икӀи мы кӀыфӀагъэрэ фӀыцӀагъэр дэ щыӀэхэр дыкъызтехъукӀа щыӀэгъуэ хышхуэм елъытауэ куэдыӀуэкӀэ нэхъыбэ хъууэщ зэралъытэр. Дэ щыӀэхэр къызтехъукӀ лъабжьэм елъытауэ ар кӀыфӀыгъуэрэ фӀыцӀагъэу щалъытэм деж, адыгэбзэм мы и псалъэхэми аргуэру гулъытэ хуэщӀын хуейуэ къызэрытпэщытри гурыӀуэгъуэщ: адыгэбзэм ″хужь″ плъыфэм и пхэнджыр ″фӀыцӀэ″у, ″нэху″м и пхэнджри ″кӀыфӀ″ыущ зэрилъытэр.

″Хун″рэ ″нэхугъэ″р фӀыгъэу зэрылъытэкӀэрэ абы и ухыпӀэр ″кӀыфӀ″ыу, ″хужь″ыгъэр а нэхъ плъыфэ нэхугъэ зиӀэрэ лъагъугъуафӀэу зэрыщыткӀэрэ нэхъ плъыфэфӀыу зэрылъытэм ипкъ иткӀи, абы и пхэнджри плъыфэу ″хъугъуэрэ щыӀэгъуэм (фӀ) мыщыӀэ (цӀы) пэлъытэу щыӀэгъуэ зиӀэ (цӀэ)″ мыхьэнэкӀэрэ ″фӀыцӀэ″ущ зэрылъытар. Аращи, ″фӀыцӀэ″рэ ″кӀыфӀ″ псалъэхэр къызэрыхъуар мыпхуэдэми, я мыхьэнэм гулъытэ щыхуэпщӀым деж, ахэр икӀи щыӀэгъуэ лъабжьэ мыхъуу щыӀэгъуэр къызтехъукӀ енергиерэ пкъыгъуэм нэмыщӀыу космосым хиубыдэу ялъытэ анти енергиерэ анти пкъыгъуэри щыӀэгъуэ лъэныкъуэ еплъыкӀэкӀэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

ЩыӀэгъуэр къызтехъукӀ лъэныкъуэм нэмыщӀ, мы зи гугъу тщӀы кӀыфӀыгъуэрэ фӀыцӀагъэр икӀи щӀыӀэгъуэшхуэуи ялъытэри, мыбы ипэкӀэ щӀыӀэгъуэрэ щтыгъуэм теухуауэ жытӀахэр дигу къегъэкӀыжыр. НытӀэ, щӀыӀэрэ щтыгъуэм теухуауэ ипэкӀэ щыжытӀа гуэрхэмрэ мы ипэкӀэ

щыIэгъуэм дэщIыгъуу ялъытэ мы фIыцIагъэрэ кIыфIагъэшхуэм теухуауэ жыIэпхъэхэр мащIэу къыпытщэжынщ. "ФIыцIэ"рэ "кIыфI" псалъэхэм теухуауэ мы ипэкIэ къэтIуэтахэр гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэ утыку къыздыщихьэм къыпэщыту мы зи гугъу тщIар "маттер (маддэ) кIыфIрэ фIыцIэ"у зэралъытэм нэмыщI, "маттэр щIыIэ"уи ялъытэр. Ар щыхъукIи, щыIэгъуэ къызтемыхъукIыу дэ щыIэгъуэ зиIэхэр дыкъызтехъукIа щыIэгъуэшхуэм къыпэщыту мы зи гугъу тщIыр икIи "щтыгъуэшхуэ"у ипэкIэ зи гугъу тщIам хуэдэу зэрылъытапхъэми зэрызэгъкIэрэ икIи "цIырхъ" пэлъытэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Дэ дыкъызщыхъурэ дыздэщыIэу ухуар нэхугъэрэ нахуагъэу зэрылъытапхъэмрэ, плъыфэцIэуи фIыцIэм нэмыщI дэтхэнэ зы плъыфэр зыхэзыубыдэу плъыфабэу щыт хужьыгъэр зыхуэфащэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, мы псалъэхэр зэрыхуа "ху" макъ мыхьэнэри щыIэгъуэ лъабжьэр зэрылъытэ "х"ым и ужьыгъуэу хунрэ ухуэн Iуэхугъуэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэри дэ щыIэгъуэ зиIэ псом зэрытеухуарэ дэ щыIэгъуэ зиIэ псомкIи тхуэфIыу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, дэ дызтеухухьрэ дэркIэ фIыр мы зэрылъытэ щIыкIэм и пхэнджу лъытапхъэщ енергие фIыцIэрэ кIыфIагъэшхуэри, ар къызэрыIуэта псалъэхэм я адыгэбзэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр ар дэ щыIэгъуэ зиIэхэм къызэрытщхьэмыпэрэ дэркIэ мыфIыу зэрылъытапхъэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Анти енергиерэ анти пкъыгъуэу зи гугъу ящIыр къызэрыIуатэ мы адыгэбзэ псалъэхэм "мыщыIэпхъэу щыIэ пэлъытэрэ (фIыцIэ), фIым икIэрэ и ухыпIэу (кIыфI)" гурыIуэгъуэ къытхуащIыр ар "щыIэгъуэ Iуэху зимыIэрэ мыщ"рэ "хъугъуэ-фIыгъуэу лъытапхъэ щыIэгъуэ ухыпIэ"у зэрыщытращ.

Мыбдежым аргуэру гулъытэ хуэщIыпхъэщи, физикхэм ялъытэ енергие фIыцIэрэ кIыфIагъэр зи гугъу тщIа мы адыгэбзэ псалъэхэм мыпхуэдэу игъуэджэу къызэраIуатэм и лъабжьэри а псалъэхэр щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ къэхъуарэ абы езэгъыу бзэм хэхьа макъхэмкIэрэ зэрыухуаращ, а псалъэхэр макъыбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэкIэрэ зэрызэпкъырыувам папщIэщ.

Мы зи гугъу тщIа анти енергиерэ анти пкъыгъуэр дэ дыздэщыIэрэ дызэрыщыIэ щыIэгъуэ къызтемыхъукIращи, ахэр ипэкIэ мыщрэ мыщыпхъэу зэрытлъытар дигу къэдгъэкIыжмэ, адыгэбзэм и мифологием мыпхуэдэ псалъэхэр тхьэпэлъытэрэ лIыхъужьыцIэу зэрыхэтри гулъытапхъэщ: "Амыщ" псалъэм "мыщрэ мыщыпхъэу щыт" мыхьэнэуэ еджапхъэщ. Ауэ икIи, термодинамикэ терминхэу зэрылъытапхъэкIэрэ ипэкIэ зи гугъу тщIа псалъэхэм щыщу, сыгъуэрэ джыгъуэ зимыIэу термодинамиеми химыубыдэр зэрылъытэ "Имыс" псалъэри мыбдежым зи гугъу тщIа "енергие фIыцIэ"рэ "пкъыгъуэ фIыцIэ"у ялъытэхэм теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Имысыр икIи мыщу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, "Имыс" псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр "цI" лIэужьыгъуэ нэхърэ мысрэ мыджу, ар щыхъукIи мыщрэ мыщыпхъэу

зэрыщыткӀэрэи "амыщ"ыр термодинамикэ лъэныкъуэкӀэ зэрылъытэ псалъэу жыӀэпхъэщ.

*

ЩыӀэгъуэ зиӀэхэр утыку къызэрихьэрэ зэрызекӀуэ лъабжьэр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀуу зэхэлъ хышхуэращи, ар волнаваяу зэрызекӀуэм ипкъ иткӀэ, сытри лъабжьэкӀэ зэпыщӀарэ зыуэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. ЩыӀэуэ хъуар мыпхуэдэ зы лъабжьэкӀэрэ зэпыщӀарэ зыщи, щыӀэгъуэ зиӀэхэм я щыӀэгъуэр зэрахьрэ щыӀэхункӀи ящӀыу къалэжь дэтхэнэ гуэрэри къыздыщыхъуу зэрызекӀуэр мы хышхуэу ялъытэ лъабжьэращ.

ЩыӀэгъуэ лъабжьэу мы ялъытэр щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр къытехъукӀрэ я щыӀэгъуэри щызэрызекӀуэращи, дэ псэущхьэу щыӀэгъуэ зиӀэхэми ди гъащӀэрэ щыӀэгъуэр зэрызекӀуэр, икӀи тщӀэрэ къэдлэжьри мы енегние хышхуэр зэрызекӀуэ щӀыкӀэращ къызтехъукӀрэ зытеухуар. Аращи, дэ дыкъызэрыхъурэ ди гъащӀэр зэрызекӀуэу зэрызэхъуэкӀрэ зэрыухри, ди гуфӀэгъуэрэ ди гузэвэгъуэри, ди гулъытэрэ ди гупщысэри, сытри мы лъабжьэращ къызтехъукӀрэ зэлъытауи щызэрызекӀуэр.

Зи щыӀэгъуэ зыухри зи гугъу тщӀы хышхуэм хэхьэжу аращи, ди гъащӀэр зэрызекӀуэ псэуныгъэр щыджрэ щыгъэзащӀэри мы куант хышхуэм куант куанткӀэрэ гъэзащӀэущ; икӀи, ди гъащӀэр щыухкӀэ ди псэр мыджэж щыхъуми, псэуныгъэр къэзгъэщӀ уэзыр мы куант хышхуэращ зыхэхьэжыр. Адыгэбзэм и "лӀ" макъ мыхьэнэр зы лъэр зыдэкӀуэн нэгъунэ кӀуэуэ зэрыхъун зэрыхъур зэрылъытэращи, зэрыхъун хъуа цӀыхур бзэм "лӀы"уэ щилъытэкӀэ, ар зыдэкӀуэнурэ абы къыпэщытыр зэрылъытэ "лӀэныгъэ"м гурыӀуэгъуэ къищӀри щыӀэгъуэ хышхуэу волнаваяу къекӀуэкӀ лъабжьэм къызэрыхъуа енергиерэ пкъыгъуэкӀэрэ хэхьэжынрэ хэшыпсыхьыжынращ.

ЩыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр къыздыщыхъуа мы куант хышхуэу волнаваяу къекӀуэкӀращ утыку къыщихьэу щызэрызэхъуэкӀри, абы и щыӀэгъуэм и пӀалъэр щиухым дежи зыхэхьэжыр мы лъабжьэращ. ЩыӀэгъуэ зэригъуэтарэ и щыӀэгъуэр зэрызекӀуэми лъабжьэ хуэхъуу щыт мы волнаваяу къекӀуэкӀ енергием щыщ енергиерэ пкъыгъуэ цӀыкӀуу хэхьэжу арщ дэтхэнэ зы щыӀэм и щыӀэгъуэр зэрыухыр. Зы щыӀэгъуэ зыгъуэту утыку къихьэр мы волнавая хышхуэ щыӀэгъуэращ утыку къыздыщихьэри, щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэр щыкӀуэдым дежи, мы щыӀэгъуэ лъабжьэу волнаваяу къекӀуэкӀ енергием хохьэжыр. Аращи, мы енергием хэщӀыныгъэи, хэхъуэныгъэи иӀэкъым; щыӀэгъуэ зыгъуэтым и щыӀэгъуэри, зи щыӀэгъуэр зыкӀуэдым и енергиерэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэри мы волнаваяу къекӀуэкӀ енергие хышхуэм щыщщ.

Ди щыӀэгъуэри зыщыщрэ зэрыджри мы хышхуэ лъабжьэращи, дэ дыщыӀэхункӀэ тщӀэрэ къэдлэжьхэми лъабжьэ хуэхъурэ икӀи зыхэщӀыхьу зыщыщыр мы лъабжьэращ. Мы псалъэм гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, дэ къэдлэжьрэ зедгъакӀуэ дэтхэнэ гуэрыр щыӀэгъуэм щыщу, щыӀэгъуэр къызэрекӀуэкӀми нэӀэсыфу хэӀэбэфрэ хэлэжьыхьыфращ. Аращи, цӀыхум и

гъащӀэм щӀэныгъэу къыщыригъэкӀуэкӀри, зэрыгупщысэрэ икӀи абы хуэдэу и енергиер концантрэ зэрыхъу щӀыкӀэу медитацэри, и фӀэщхъуныгъэри, и тхьэлъэӀурэ и хъуэхъухэри щыӀэгъуэ къекӀуэкӀэм лъабжьэкӀэрэ нэсыфу хэӀэфрэ хэлэжьыхьырщ.

Ди гупщысэхэм щыӀэгъуэ зекӀуэкӀэр зэрихъуэкӀыфу щыжытӀэм деж, цӀыхухэр идеологие яхуэхъуа гупщысэ гуэрхэм иужь ихьэу псэукӀэрэ гъащӀэ къекӀуэкӀыкӀэр зэрызэрахъуэкӀракъым зи гугъу тщӀыр. Ари зи гугъу тщӀы Ӏуэхум щыщрэ хэтыжырщ, ауэ мыбдежым зи гугъу тщӀыр гупщысэн Ӏуэхугъуэм куанталу и лъабжьэращ. Дэтхэнэ зы щыӀэгъуэр физикэ лъабжьэкӀэрэ утыку къызэрихьэр зылъытэ куантум физикэм гупщысэри куанталу зэрыджращ зэрилъытэри, куантум физикэм теухуауэ ипэкӀэ зи гугъу тщӀа псори гупщысэми теухуауи зэрыгъэзащӀэрауэщ зэралъытэр.

Ипэрей ди лэжьыгъэхэми къыхэдгъэщауэ щыташ гупщысэхэми езым хуэӀуа геометрие зэриӀэри, ар дыдэущ гупщысэн Ӏуэхур куантум физикэкӀи зэрылъытэр. Дэтхэнэ гуэрым хуэдэжу, зы куант пунктэм щыджырщ гупщысэри, ари куантум физикэ терминхэмкӀэрэ къэӀуэтапхъэущ зэралъытэр. Мыбы зэрезэгъщи, ди гупщысэхэри щыӀэгъуэ лъабжьэм къыщекӀуэкӀ енергие зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ къэхъуу, къызэрыхъуа щӀыкӀэм зэрезэгъкӀэрэи абы и зекӀуэкӀэм зэхъуэкӀыныгъэ хэзыгъэзэщӀыхьращ.

Дэ гупщысэф псэущхьэу щыт цӀыхум ди гупщысэхэр къыздыщыхъури мыбдежращи, дыщыгупщысэм деж, дызтегупщысыхьрэ ди гупщысэр зэрыухуэри мы хышхуэр зэрызэхэлъ енергиерэ пкъыгъуэ лъабжьэ цӀыкӀу зэхъуэкӀыныгъэрэ джыныгъэкӀэрэщи, дыщыгупщысэкӀэ мы лъабжьэм и зекӀуэкӀэм зэхъуэкӀыныгъэи къыхуехьыфыр. Дыщыгупщысэм деж, дызэрыгупщысэ щхьэкӀуцӀыр зэрыухуа атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэм я зэхущытыкӀэрэ зэрызэхъуэкӀрэ дызэрыгупщысэ щӀыкӀэм елъытауэ зэрыузэщӀыжым ипкъ иткӀэ, ахэр зыщыщу зи гугъу тщӀы хышхуэми атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀукӀэрэ зэхъуэкӀыныгъэрэ узэщӀыныгъэ къыхуокӀуэр. Аращи, волнаваяу зекӀуэ мы хышхуэм и зы щӀыпӀэу дызтегупщысыхьым и енергиерэ и атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэм зэхъуэкӀыныгъэ ягъуэту мэджри ди гупщысэр мэухуэ; ди гупщысэр зытеухуэ щӀыпӀэри дызэрыгупщысэмрэ ди гупщысэмкӀэ зэхъуэкӀа мэхъур.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, гупщысэ псэущхьэу щытрэ и щыӀэгъуэм зэрезэгъыу цӀыхум щыӀэгъуэм къыхуихьрэ икӀи абы хигъэзэщӀыхьу хилъхьэжри мащӀэкъым. ЦӀыхур щыӀэгъуэ гъунапкъэкӀэрэ щыӀэгъуэ зиӀэу, щыӀэгъуэшхуэмрэ абы щыщыӀэ дэтхэнэ гуэрыр зылъытэфырщи, щыӀэгъуэрэ гъащӀэ зиӀэ псом нэхърэ нэхъыбэщ цӀыхум щыӀэгъуэм хигъэзэщӀыхьыфымрэ хищӀыхьыфыр. Ар щыӀэгъуэр зылъытэрэ щыӀэ псоми кӀэлъыплъыныгъэ зиӀэрщи, зытегупщысыхьым хуэдэжу илъытэрэ зыкӀэлъыплъхэми лъабжьэкӀэрэ зэхъуэкӀыныгъэ къыхуэзыгъэкӀуэфырщ.

″Гупщысэ″ псалъэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ар щыгъэзащӏэрэ щыдж лъэр (гу) зы джыпӏэу зэрылъытакӏэрэ зы сыгъуэу къызэрекӏуэкӏыр къызэрыӏуатэ псалъэрщ: ″гупщысэ″р зы джыпӏэм (гу) ″пщын″ ӏуэхугъуэкӏэрэ сыгъуэу (с) зэрызекӏуэр (э) зэрылъытэ псалъэрщ. Мыбы икӏи термодинамикэу зэреджапхъэри гурыӏуэгъуэщи, гупщысэныр ″гу″м зы ″пщы″н ӏуэхугъуэщӏэ нэсрэ щысу (с) щыджынращи, гум къыщекӏуэкӏ пщыгъуэр сыгъуэкӏэрэ зэрызэхъуэкӏыу пщыгъуэщӏэ щыджынращ. Гум мы къыщекӏуэкӏыр щыӏэгъуэ хышхуэм волнаваяу зэрыпыщӏаращ куантум физикэу зэралъытэри, гум къыщекӏуэкӏ сыгъуэрэ джыгъуэ ӏуэхугъуэр волнаваяу щыӏэгъуэ лъабжьэми хищӏэрэ хэлэжьыхьу, гум (щхьэкуцӏым) къыщыхъур волнаваяу щыӏэгъуэ псом зыхещӏэр. Аращи, ущыгупщысэм деж, узтегупщысыхьым теухуауэ щыӏэгъуэ лъабжьэу къекӏуэкӏыу щытыр зэ щхьэ зэхэтхъуэрэ кӏуэдыжу (антропи), абы ипӏэкӏэ узэрыгупщысэм елъытарэ пыщӏауэ а лъабжьэм аргуэру узэдыныгъэ игъуэту аращ.

Термодинамикэ еплъыкӏэу мы къэӏуатэр икӏи куанталу къэӏуэтапхъэщи, ущыгупщысэм деж, узтегупщысыхьым теухуа куант пунктэм зыгуэр щызэхъуэкӏрэ къыщыхъуу аращи, волнавая зекӏуэкӏэ зиӏэ куантал хышхуэм а и куантыпӏэр куантизэ зэрыхъукӏэрэ зыгуэр щоджыр. Ар зэрыджкӏэрэ волнаваяу зэпыщӏэныгъэ зиӏэ щыӏэгъуэ хышхуэ зекӏукӏэри волнаваяу зохъуэкӏыр. Аращи, гупщысэр зытеухуам елъытауэ гупщысэн ӏуэхугъуэу къедгъэкӏуэкӏыр щыӏэгъуэ лъабжьэ хышхуэм и зы щӏыпӏэрэ куантым джыгъуэ къэгъэхъунращи, ар волнавая зекӏуэкӏэр куантизэ щӏынращ, ари лъабжьэкӏэрэ волнаваяу щыӏэгъуэм зыхищӏэнращ.

Гупщысэ цӏыхум и пкъыгъуэрэ и гуми, икӏи нэхъыбэуи ар къыздыщекӏуэкӏ щхьэкуцӏыр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ лъабжьэ цӏыкӏухэм я зэхущытыкӏэм зэхъуэкӏыныгъэ къызэрекӏуэкӏыр гурыӏуэгъуэнщи, щымыгупщсэ ипэрэ иужьым цӏыхум игурэ и щхьэкуцӏыр зэрыухуа пкъыгъуэ лъабжьэ цӏыкӏухэм я зэхущытыкӏэри зэхуэдэжкъым. Ауэ, а зэхъуэкӏыныгъэр икӏи и игурэ щхьэкуцӏым имызакъуэу и пкъыгъуэ псом зэрызыхищӏэр; мыбыи къыщымынэу, волнаваяу зэпыщӏэныгъэ зыхуиӏэу жыхуэтӏэ щыӏэгъуэ хышхуэм дэтхэнэ и зы щӏыпӏэми мы зэхъуэкӏыныгъэр зэрынэсрэ зэрызыхищӏэри гурыӏуэгъуэщ. Щыӏэгъуэ хышхуэр волнаваяу зэрызекӏуэм ипкъ иткӏэ, цӏыхум и гупщысэр къыздыщыхъурэ зыхэхьэж мы лъабжьэкӏэрэ щыӏэгъуэмрэ дэтхэнэ зы щыӏэм зэхъуэкӏыныгъэ къызэрыхъур гурыӏуэгъуэнщи, мыр цӏыхум и лъэрэ и щхьэкуцӏыр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цӏыкӏухэр щыӏэгъуэ жыхуэтӏэ дэтхэнэ и зы щӏыпӏэм щыщыӏэ пкъыгъуэ цӏыкӏухэм волнавая щӏыкӏэкӏэ зэрызэпыщӏаращ зытеухуар.

Аращи, цӏыху гупщысэкӏэрэ игум къыщыхъу зэхъуэкӏыныгъэр щыӏэгъуэр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цӏыкӏу хышхуэм дэтхэнэ и зы щӏыпӏэм волнаваяу зэрылъэӏэсрэ зэрызэхъуэкӏыр гурыӏуэгъуэщ. Цӏыхум и гупщысэр куантум физикэу къызэрыхъумрэ волнаваяу щыӏэгъуэ лъабжьэ хышхуэм нэсу зэрыхэӏэр мы къызэрытӏуэта щӏыкӏэу лъытапхъэщ.

Гупщысэныр щыӀэгъуэ лъабжьэ зэхъуэкӀыныгъэу, волнавая зэпыщӀэныгъэр куантизацэ щӀын Ӏуэхугъуэрщи, гупщысэнри ар зытеухуа щыӀэгъуэм куант пунктэкӀэрэ щыгъуазэ хуэхъужынрауэ жыӀэпхъэщ.

Гупщысэн лъэныкъуэкӀэ зэреплъ щӀыкӀэу, ар щыӀэгъуэ лъабжьэ хышхуэм зэрынэсрэ зэрыхэӀэращ мыбдежым къыщытӀуэтар, ауэ икӀи ди гупщысэхэри мы хышхуэ лъабжьэр зэрызекӀуэм къытхуихьу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, гупщысэу зи гугъу тщӀыхэр щыӀэгъуэ гъунапкъэу зэрыщыткӀэрэ цӀыхум и щыӀэгъуэращ зэлъытар, ауэ ахэр цӀыхум къызэрыхуэкӀуэри зи гугъу тщӀы щыӀэгъуэ лъабжьэ хышхуэм и волнавая зекӀуэкӀэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

ЩыӀэгъуэр волнавая зекӀуэкӀэ зиӀэрщи, ″гупщысэн″ыр ар куантизацэ щӀын Ӏуэхугъуэрамэ, нытӀэ ″гушыпсэн″ыр (имажине - имажинацэ – имиджинг) щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ волнавая щӀыкӀэм къыпхуихьу волнаваяу къыпхуэкӀуэрауэ жыӀэпхъэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, ″гушыпсэн″ыр нэхъыбэу щыӀэгъуэм волнавая и зекӀуэкӀэм ета хъун Ӏуэхугъуэщ, ауэ ″гупщысэн″ыр ар куантизэ щӀын Ӏуэхугъуэу, гупщысэ нэрыбгэм езым игъэзащӀэ зы Ӏуэхугъуэрщ. ЩыӀэгъуэм и волнавая зекӀуэкӀэу цӀыхум езым имыгъэзащӀэу къыхуэкӀуэу жыхуэтӀэхэр зэрыигъуэкӀэрэ волнавая зекӀуэкӀэ зиӀэхэращи, цӀыхум къыхуэкӀуэу зи гугъу тщӀыхэм теухуа нэхъ щапхъэфщ ″къыщыхъун″рэ ″къыфӀэщӀын″ псалъэхэр зытеухуа Ӏуэхугъуэр. Ауэ гурыӀуэгъуэнщи, къыщыпщыхъурэ къыщыпфӀэщӀыу щытым езымрэ дежри а волнавая функцэр къызэрыбнэс куантыпӀэу лъытапхъэщи, апхуэдэри куантизацэрщ.

Мыбдежым зи гугъу тщӀа глаголхэу, цӀыхум езым къилэжь Ӏуэхугъуэхэр къызэрыӀуатэ глаголхэмрэ цӀыхум и Ӏуэху хэмылъу къыхуэкӀуэхэр къызэрыӀуатэ глаголхэм я лэжьэкӀэхэр зэрызэхуэмыдэри къыхэгъэщыпхъэщ. Аращи, адыгэбзэм зы ″Ӏуэху глагол″ лӀэужьыгъуэу хэлэжьыхь зы глаголщ ″гупщысэн″ыр; ауэ цӀыхум къызэрыхуэкӀуэкӀэрэ хуэгъэзащӀэ ″къыщыхъун, къыфӀэщӀын″ глаголхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр суетым и ″щхьэм къырикӀуэ глагол″ Ӏуэхугъуэущ. Мы я лэжьэкӀэри ахэр зэрытлъытауэ зэрызэщхьэщыкӀ Ӏуэхугъуэм зэрезэгъыр гурыӀуэгъуэнщи, ″гупщысэн″ыр зыгъэзащӀэм и Ӏуэхугъуэу зытеухуар куантизацэ зэрыщӀкӀэрэщ; ауэ ″къыщыхъун, къыфӀэщӀын″ глаголхэр волнавая щӀыкӀэ зиӀэу цӀыхум езым и Ӏуэху хэмылъу волнаваяу къекӀуэкӀ щыӀэгъуэм къыхухьрэ къыхуэкӀуэхэращ.

″Гурыгъуазэ″ри волнавая щӀыкӀэ зиӀэу лъытапхъэщ, икӀи ар ″къыщыхъун″рэ ″къыфӀэщӀын″ нэхърэ ″гушыпсэн″ым хуэгъунэгъу Ӏуэхугъуэуи лъытапхъэщ. Аращи, ″гурыгъуазэ″р волнаваяу щыӀэгъуэр зэрызекӀуэм къыпхуихьрауэ лъытапхъэщи, зыгуэрыр гурыгъуазэкӀэ къыбгурыӀуэныр а гуэрым и волнавая зекӀуэкӀэм етауэ щыгъуазэ хуэхъунрауэ жыӀэпхъэщ; икӀи а къыбгурыӀуэм дежрэ къыщыбгурыӀуэри волнаваяу къыпхуэкӀуэр куантизацэ щыхъуарауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ.

Щыlэгъуэр волнавая зекlуэкlэ зиlэуи, куант куанткlэрэ зэпыщlауи зэрыщытращ куантум физикэкlэ зэрылъытэри, ар е волнаваяу е куант пунктэкlэрэ плъытэфынщ, ауэ тlури зэхуэдэу плъытэфынкъым. Аращ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэри зэрызекlуэри, абыхэм я зекlуэкlэм е волнавяу щыгъуазэ ухуэхъунщ, е куант пунктэу щыгъуазэ ухуэхъуфынщ. Зи гугъу тщlы зы атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlур зэрызекlуэ зэрыжэу и псынщlагъэмрэ ар зыдэщыт щlыпlэр зэуэ къызэрыумыпщытэфу зэрыщытыр къызхэкlыр мыращ. Ахэр икlи волнавая зекlуэкlэ, икlи куант щlыкlэ зиlэхэрщи, мы и щlыкlитlым зыращ зэм щыгъуазэ узхуэхъуфыр. Мыпхуэдэщ дэтхэнэ щыlэгъуэ зиlэр лъабжьэкlэрэ зэрызекlуэри, волнавя е куантизацэущ. Мыпхуэдэщ цlыхум теухуауэ ипэкlэ зи гугъу тщlахэри, волнавая щlыкlэ зиlэмрэ куант щlыкlэ зиlэхэр зэуэ къэхъукъым.

Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, волнаваяу къыпхуэкlуэхэр къыпхуэкlуэн папщlэ, уэри волнавая зекlуэкlэм зэтауэ ущытын хуейщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, волнавая щlыкlэ зиlэу зи гугъу тщlахэр къэхъун папщlэ, ар къызхуэхъуну цlыхур бэлэрыгъарэ волнавая щlыкlэ зиlэ хъун хуейщ. Ауэ, волнавая зекlуэкlэм мыпхуэдэу етауэ "гупщысэн" lуэхугъуэ зэрымыгъэзэщlэнур гурыlуэгъуэнщ; волнаваяу къекlуэкlыр къызэрыпхуэкlуэ щlыкlэу "къыщыпфlэщl – къыщыпхуэхъу" е "ущыгушыпсэ"м деж дыдэу икlи угупщысэфынкъым. Волнавая щlыкlэмрэ куантизацэ lуэхугъуэр зэхуэдэрэ зы щlыпlэм къыщыхъуфынкъым; куантизацэ lуэхугъуэу ущыгупщысэ щыгъуэм икlи волнавая къекlуэкlыкlэу зи гугъу тщlахэр къыпхуэкlуэнкъым. Аращи, щыlэгъуэ лъабжьэр волнаваярэ куантизацэу зэрылъытэм хуэдэжщ щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым и къекlуэкlыкlэри, ай тlури зэуэ лъытэфынкъым. Зэм деж е "угупщысэнщ", е "къыпщыхъунщ – къыпфlэщlынщ" – е "угушыпсэнщ, угурыгъуэзэнщ".

*

Щыlэгъуэ зекlуэкlэр волнавая щlыкlэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы щlыпlэм къыщыхъур волнавая щlыкlэкlэ мы хышхуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм зэрынэсыр гурыlуэгъуэщ. Щыlэгъуэр лъабжьэкlэрэ волнаваяу зэпыщlауэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы щlыпlэм къыщыхъум щыlэгъуэ лъабжьэр зэрызекlуэ волнаваяу зиубгъуу хышхуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэми зыщегъэлъагъуэр. Щыlэгъуэ лъабжьэм зэрыхэщlэрэ абы и зэхъуэкlыныгъэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, щыlэгъуэм мы и зекlуэкlэм ипкъ иткlэ, зэ къэхъури а къызэрыхъуа щlыкlэкlэ щыlэгъуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм зыщиубгъуу щыlэгъуэ зыщегъуэтри, дэтхэнэ зы щlыпlэм къыщыхъур щыlэгъуэ псом щогъэлъагъуэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, щыlэгъуэм зэ къыщыхъур щыlэгъуэ зекlуэкlэм хэщlэрэ ар зэхъуэкlыныгъэм зыхэзышэу зэрыщытым нэмыщl, абы и щыlэгъуэми увыlэгъуэ зимыlэкlэрэ щыlэгъуэ псор къызэхикlухьу щыlэгъуэ псом зыщегъэлъагъуэри, мыри щыlэгъуэр зэрыхологрaмма лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм теухуащ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къэхъурэ утыку къихьэныгъэр щыlэгъуэу хъугъуэ фlыгъуэ lуэхугъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, щыlэгъуэ зекlуэкlэрэ космикэ къекlуэкlыкlэу щыlэгъуэ зыгъуэту утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы хъугъуэ фlыгъуэрщ. Икlи, мыпхуэдэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрэри щыlэгъуэрэ космикэ зекlуэкlэкlэ волнаваяу щыlэгъуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм зэрынэсыфрэ зэрызэпыщlар гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэрэ космикэм къыщыхъу дэтхэнэ гуэрыр щыlэгъуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм волнаваяу зэрынэсрэ зэрызыхищlэкlэрэ щыlэгъуэрэ космикэу хъугъуэ фlыгъуэ къыщохъур.

Щыlэгъуэм мы и зекlуэкlэм езэгъыу цlыхум къилэжьрэ къигупщысэ дэтхэнэ гуэрэри щыlэгъуэм и зекlуэкlэу щыт хъугъуэ фlыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ар щхьэ, и щыlэгъуэкlэ щыlэгъуэ гъунапкъэу щытрэ, щыlэм щыщу мыщыр зыхуу лъытапхъэ цlыхум къилэжь дэтхэнэ гуэрыр фlыкlыпlэ имыlэу щыlэгъуэр къызэрекlуэкl мы хъугъуэ фlыгъуэм езэгъын хуейуэ зэрыщымытынури гулъытапхъэщ. Нытlэ, цlыхум къилэжьыфыну дэтхэнэ гуэрыр хъугъуэ фlыгъуэу зэрылъымытапхъэм хуэдэжу, абы дэтхэнэ и зы гупщысэри щыlэгъуэ зекlуэкlэм езэгъыну зэрыщымытынури гурыlуэгъуэщ. Икlи, цlыхум къилэжьрэ и гупщысэкlэр щыlэгъуэм зэрыхэщlэрэ ар зэхъуэкlыныгъэм зэрыхуигъэкlуэфынур жытlагъэщи, нытlэ, къызэрыгъэщlа щlыкlэу и щыlэгъуэкlэ щыlэгъуэ гъунапкъэу щытрэ щыlэгъуэри къызгурыlуэф цlыхур мы и щыlэгъуэм ипкъ иткlэ, и щlеинрэ и гупщысэхэр щыlэгъуэ зекlуэкlэм егъэзэгъын хуей къалэн зиlэ псэущхьэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Гупщысэныр зытеухуарэ къыздыщекlуэкl куантыпlэм зыгуэрхэр зэхэувыlэрэ зэпычу зэрызэхэтхъуэр, ауэ абы ипlэкlэ зыгуэрхэр зэрыджрэ зэрыузэщlыр гурыlуэгъуэщи, цlыхум къилэжьрэ и гупщысэхэм мы ягъэзащlэ зэхъуэкlыныгъэр щыlэгъуэ зекlуэкlэм емызэгъыныгъэрэ езэгъыныгъэ зэрызыхуаlэфынум папщlэщи, и щыlэгъуэм къызэрыгуэкlкlэ цlыхум щыlэгъуэм теухуауэ пщэрылъ гуэрхэр зэриlэнур гулъытапхъэщ. Волнавая зекlуэкlэ зэриlэкlэрэ сытри зэпыщlауэ къызщыхъу щыlэгъуэ лъабжьэм дэтхэнэ и зы щlыпlэр куантизэ зэрыщlрэ зэрыджыжыну щlыкlэу цlыхум игъэзащlэ lуэхугъуэрэ и гупщысэкlэр щыlэгъуэм егъэзэгъын зэрыхуейр цlыхум и пщэрылърауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, мыхъуныгъэ гупщысэхэр щыlэгъуэ зекlуэкlэм емызэгъыу, хъугъэ гупщысэхэри щыlэгъуэ зекlуэкlэм езэгъыу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мыбыхэм гулъытэ хуэщlынрэ щыгъуазэ хуэхъун lуэхугъуэу цlыхум зэригъэпэщын хуей щlэныгъэр и пщэрылъу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Цlыхум езым и щыlэгъуэм къыхуихь пщэрылъщи, мы и щlэныгъэкlэрэ щыlэгъуэ зекlуэкlэм езэгъынрэ ар гъэфlэкlуэн lуэхугъуэ игъэзэщlэн къалэн зиlэрщ.

И щыlэгъуэм теухуауэ пщэрылъ къыхуэхъухэр зэрызыригъэкlуэн щlыкlэу цlыхур зэкlу хабзэ зэрыщыlэнур гурыlуэгъуэщи, "хабзэ"

жыхуэтӀэм и лъабжьэри мыпхуэдэхэм къыщылъыхъуэн зэрыхуейри гулъытапхъэщ. Аращи, "хабзэ" жыхуэтӀэр цӀыхум ауэ къызэрыкӀуэ Ӏуэхугъуэу гъэзэщӀэн хуейуэ илъытэхэракъыми, цӀыхум езым и щыӀэгъуэм къыхуихьу зи гугъу тщӀа мы и пщэрылъращ ар къызтехъукӀыр. И щыӀэгъуэм къызэрыхуихьрэ абы елъытарэ теухуауэ цӀыхур зэрыцӀыхукӀэрэ япэрауэ щыӀэгъуэм теухуауэ пщэрылъ къыхуэхъухэр зэригъэзэщӀэну щӀыкӀэхэр зэригъэпсрауэ жыӀэпхъэщ хабзэр. ЩыӀэгъуэм езэгъынрэ емызэгъын щӀеинрэ гупщысэкӀэ зиӀэф цӀыхум пщэрылъ къыхуэхъур ахэр щыӀэгъуэ зекӀуэкӀэм езэгъыу зыригъэкӀуэн Ӏуэхугъуэрщи, щыӀэгъуэм езэгъыныгъэу цӀыхум пщэрылъ хуэхъухэр зэригъэзэщӀэну "хабзэ"р зэрыухуэ къежьапӀэри цӀыхум мы и лъэкӀыныгъэрэ хуитыныгъэрауэ лъытапхъэщ.

ЩыӀэгъуэм езэгъыу и гъащӀэр зэрызыригъакӀуэращ "хабзэ"у зэрихьэри, Адыгэм "хабзэр унафэкӀэ яухуэкъым" жыхуиӀэ псэлъэжьми гурыӀуэгъуэ къищӀыр мыращ: ар гъащӀэм дэухуэращи, и къежьапӀэр гъащӀэри къызтехъукӀу щыӀэгъуэм езэгъыныгъэрщ. Мыпхуэдэ лъабжьэрэ къежьапӀэ зиӀэ хабзэкӀэрэ и гъащӀэр иригъэкӀуэкӀыу игъэфӀэкӀуэн лъагъуэр цӀыхум имыгъэкӀуэдмэ, щыӀэгъуэ зекӀуэкӀэм езэгъ лъагъуэми зэрытетынур гурыӀуэгъуэнщи, ар щыхъукӀи, щыӀэгъуэ ужьыгъуэрэ къэхъу къэщӀым дэухуэу хъугъуэ фӀыгъуэ эффект зэриӀэкӀэрэ зэрызекӀуэнури гурыӀуэгъуэнщ. Мыращ унафэкӀэ ямыухуэрэ щыӀэгъуэм езэгъыныгъэу гъащӀэри зэрызекӀуэм дэухуэу, сытми и хэкӀыгъуапӀэрэ хъугъуэ фӀыгъуагъэкӀэ зэхэлъу щытрэ Адыгэми езыми и "хабзэ"у илъытэр.

"Хабзэ" псалъэр цӀыхум хуэӀуауэ къэхъуауэ лъытапхъэми, фӀэкӀыпӀэ имыӀэу цӀыхум зэрихьэр зэрылъытэ закъуэм теухуауэ бзэм щызэрыземыкӀуэри гурыӀуэгъуэщ. Дэтхэнэ зы псэущхьэ гупми зы зэхэтыкӀэ иӀэжщ; икӀи псэущхьэми хуэӀуакъым хабзэм тетынрэ хабзэ зиӀэнри, дэтхэнэ зы щыӀэр а зэрыщыӀэкӀэрэ зы хабзэм тету зэрыщытыр гурыӀуэгъуэш. Псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэкӀэрэ зэреджапхъэу, щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ зэрыщыӀэм теухуащ "хабзэ"ри, щыӀэгъуэ жыхуэтӀэмрэ дэтхэнэ зы щыӀэри щыӀэгъуэ зэриӀэкӀэрэ утыку къызэрихьэрэ и щыӀэгъуэр зэрихьрэ зэрызэхъуэкӀри зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэр гурыӀуэгъуэ зыщӀ псалъэщ "хабзэ"р. Ауэ, дэтхэнэ зы псэущхьэмрэ щыӀэгъуэм езыми иӀэ хабзэмрэ цӀыхум хабзэ хуэхъур зэрызэщхьэщыкӀри гулъытапхъэщ. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэрэ я щыӀэгъуэр зэрызекӀуэрщ зи гугъу тщӀы псэущхьэмрэ дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэр зытет хабзэр; ауэ, цӀыхур и щыӀэгъуэм къызэриткӀэрэ къалэнрэ пщэрылъ гуэрхэр къызтехуэ псэущхьэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, абы зэригъэпэщыну хабзэр адрей щыӀэхэм я щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ хабзэм къазэрыщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуэщ. ЦӀыхум нэмыщӀ псэущхьэхэмрэ дэтхэнэ гуэру щыӀэгъуэ зиӀэр зытету зи гугъу тщӀы хабзэр щыӀэгъуэм езыр зэрызекӀуэ хабзэращ; ар щыхъукӀи, "хабзэ" псалъэр цӀыхум хуэӀуарэ икӀи зы псалъэу щӀэухуари цӀыхум папщӀэу жыӀэпхъэщ. Аращи, цӀыхум хабзэ къыхуэхъур абы и

лъэкIыныгъэрэ хуитыныгъэм и зы Iыхьэр гъэзэщIэнращ къызхэкIри, абы и щыIэгъуэм къызэриткIэрэ пщэрылъ къыхуэхъухэм езэгъыу ухуэращ цIыхум теухуауэ "хабзэ" жыхуаIэр. ИкIи дэтхэнэ зы цIыху лъэпкъым и зэхэтыкIэ щIыкIэри абы и хабзэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ, ауэ Адыгэм хабзэу илъытэр ауэ къызэрыкIуэ зэхэтыкIэрэ дэтхэнэ зы зэхэтыкIэ щIыкIэр зэрылъытэракъыми, абы и лъабжьэр цIыху щыIэгъуэм пщэрылъ къыхуищIыу жыхуэтIэхэр зи къежьапIэу лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ зэращIщи, "хабзэ" псалъэр зэрыухуа щIыкIэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Япэрауэ абы "гупрэ цIыху щыIэкIэрэ зэхэтыкIэ логие"уи зэреджапхъэри гулъытапхъэщ, икIи мы еджэкIэр класикэрэ макро физикэм нэхъ езэгъ еджэкIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ, а физикэми лъабжьэ хуэхъурэ ари къэзгъэунэхужу, щыIэгъуэр къызэрыхъуу зэрызекIуэм теухуауэ щыт куантум физикэкIэ "хабзэ" псалъэм узэреджэфынури ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къащIыр. Аращи, "хабзэ" псалъэми зы куант термину узэреджэфынур гурыIуэгъуэщи, япэрей лэжьыгъэхэм дежи "хабзэ" псалъэм "цIыху щыIэкIэрэ зэхэтыкIэ логие"у зэреджапхъэм нэмыщI, "щыIэгъуэ лъабжьэ логие"уи зэреджапхъэр къыхэщу зэрыщытри гукъэкIыжыпхъэщ. Макро физикэр куантум физикэкIэ къызэрыунэхуфым и гугъу зэрытщIауэщи, "щыIэгъуэ лъабжьэ логие"р икIи дэтхэнэ зы "щыIэр зэрыщыIэ логие"рэ "щыIэхэр зэрызэхэт логие"ри къэзгъэунэхуу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, и щыIэгъуэкIэрэ щыIэгъуэм езэгъынрэ емызэгъын лъэкI зиIэ псэущхьэу щыт цIыхум щыIэгъуэм езэгъын щIыкIэкIэ и щыIэгъуэрэ гъащIэр зэрихьымрэ цIыху зэхэтыкIэ логиеу иIэр зэрыигъуэкIэрэ "хабзэ"у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ; икIи, "хабзэ" псалъэр физикэ лIэужьыгъуитIкIи зэпэщу адыгэбзэм къызэригъэщIарэ щызэрызекIуэри гулъытапхъэщ.

ЩыIэгъуэ геометрием и ординат къалэн зыгъэзащIэу щыIэхэр зыщыджрэ къыздыщыхъу лъабжьэр зэрылъытэ "х" макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъуакIэрэ "хабзэ" псалъэр "щыIэгъуэ къэхъуныгъэрэ зекIуэкIэ логие"р зэрылъытэ псалъэрщ. Ар мы и мыхьэнэкIэрэ куантум физикэми езэгъ псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэ къызэрыхъурэ зэрыгъуэтыр, щыIэгъуэ зыгъуэтми и щыIэгъуэр зэрыригъакIуэ щIыкIэрэ логиер физикэу а нэхъ лъабжьэкIэрэ (куанталу) "хабзэ" псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр. ИкIи, цIыхум и щыIэгъуэм къызэритщи, щыIэгъуэ зекIуэкIэм езэгъыныгъэр пщэрылъ къызхуэхъу цIыхум и щыIэгъуэрэ дэтхэнэ и зы щIеинри зэрыригъэкIуэну щIыкIэр зэрыигъуэкIэрэ зылъытэ псалъэращ "хабзэ"р.

НытIэ, "хабзэ" псалъэм и мыхьэнэр гурыIуэгъуэ щыхъуакIэ, цIыхум и щыIэгъуэм къызэриткIэ пщэрылъ къыхуэхъухэр зэрыригъэзэщIэн щIыкIэу зэрихьэну хабзэри абы и мыхьэнэм езэгъыу щытын зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ. Аращ хабзэм и къежьапIэри, хабзэу иужькIэ дэтхэнэ гуэрым теухуауэ цIыху псэукIэм щыухуэжхэри япэрауэ хабзэм мы зи гугъу

тщӀа и мыхьэнэрэ абы и къежьапӀэм езэгъыни зэрыхуейр гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лъагъуэкӀэрэ ухуэ хабзэр и къежьапӀэрэ мыхьэнэм теухуэжырщи, мыри лъабжьырыкӀуэд мыхъуу хабзэ ужьыгъуэрщ, ауэ мы къежьапӀэм емызэгъыу хабзэм теухуээжрэ абы хэхьэр ар зэрызхъуэкӀынурэ абы лъабжьэрыкӀуэди къыхуэзгъэкӀуэну зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

ЩыӀэгъуэ гъунапкъэу щытрэ щыӀэгъуэр къызгурыӀуэн лъэкӀ зиӀэ цӀыхум щыӀэгъуэ ужьыгъуэм екӀун пщэрылърэ къалэн зэриӀэнур гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ лъэкӀ зимыӀэрэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэм щыщрэ дэухуэ щыӀэгъуэ зиӀэ нэгъуэщӀ псэущхьэхэмрэ щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрым щхьэщыкӀыу цӀыхум "хабзэ" зэрыхуэухуэм и лъабжьэри, цӀыхум хуэӀуауэ тлъытэ "хабзэ"р къызхэкӀри мыращ. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэм емызэгъын хуитыныгъэ зиӀэ цӀыхум абы езэгъынрэ екӀуныгъэу хуэухуэ хабзэм щымыщри "емыкӀу"ущ адыгэбзэм зэрилъытари, ар хабзэм и гъунапкъэрщ. Аращи, "емыкӀу"р зэмыкӀур хабзэрэ ари зэзэгъ щыӀэгъуэ ужьыгъуэращ: емыкӀуу лъытар зэмыкӀур щыӀэгъуэ ужьыгъуэрэ къекӀуэкӀыкӀэращи, икӀи ар зи гъуазэу ухуа "хабзэ"рщ. "ЕмыкӀу" псалъэм и къежьапӀэри "хабзэ"м хуэдэжу мыпхуэдэ лъабжьапӀэращ.

*

ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэм утыку къыригъэхьа макъхэмкӀэрэ ухуа макъыбзэр щыӀэгъуэ логие зиӀэу зэрыухуакӀэрэ абы зэрезэгъым ипкъ иткӀэ, ар зэрылъабжьэкӀэрэ ухуэну гупщысэхэмрэ гупщысэхэр абы къызэриӀуэтэну щӀыкӀэри щыӀэгъуэм езэгъыу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ. ЦӀыхум дэтхэнэ и зы щӀеинрэ и гупщысэр щыӀэгъуэм зэрыхэщӀэрэ зэрыхэлэжьыхьращ куантум физикэм къигъэунэхуарэ зэрилъытэри, макъыбзэу щыт адыгэбзэм зи гугъу тщӀа и лэжьэкӀэм ипкъ зэритӀкӀэ, къигъэхъурэ къиӀуатэ гупщысэхэри щыӀэгъуэм нэхъ езэгърэ хэщӀэу зэрыщытынур жыӀэ хъунщ. Аращи, цӀыхум дэтхэнэ и зы щӀеиныр щыӀэгъуэм зэрыхэщӀэр пэжрэ псэлъэбзэм къиӀуатэхэри щыӀэгъуэм хэщӀэрэ хэлэжьыхьу щытмэ, щыӀэгъуэу ужьыгъуэм езэгъыу къэхъуа псэлъэбзэу щыт макъыбзэм щыӀэгъуэм нэхъ эффектышхуэ зэрыхилъхьэнурэ хъугъуэ фӀыгъуэ зэрыхищӀыхьыфынури жыӀэпхъэщ. ИкӀи, мыпхуэдэщ цӀыхум щыӀэгъуэм езэгъыныгъэу пщэрылъ къыхуэхъум теухуауэ хабзэ хуэхъуауэ ипэкӀэ зи гугъу тщӀари, апхуэдэ хабзэ зехьэкӀэр щыӀэгъуэм хъугъуэ фӀыгъуэкӀэрэ хэщӀэу зэрыхэлэжьыхьынури гурыӀуэгъуэщ.

Псэлъэбзэр зэрыухуэрэ и къежьапӀэращ макъыбзэри, макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ зэрызекӀуэу ухуэ зы логие лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, макъыбзэр щыӀэгъуэ ужьыгъуэрэ зекӀуэкӀэм езэгърэ къызхэщу ухуа псэлъэбзэрщ. Ди дунейр зэрызекӀуэу тлъагъурэ тлъытэхэу класикэ физикэр зытеухуахэри щыӀэгъуэ лъабжьэкӀэрэ зылъытэрэ къэзыӀуатэрщ макъыбзэри, ар мыпхуэдэ лъабжьэ зи Ӏуэху куантум физикэм езэгъ псэлъэбзэрщ.

И макъхэр щыӏэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщӏарэ щыӏэгъуэ лъабжьэ зылъытэу ухуа макъыбзэр щыӏэгъуэ ужьыгъуэ логием зэрезэгъым ипкъ иткӏэ, зэхуэмыдэ теплъэрэ щыӏэкӏэ зиӏэу тлъытэ гуэрхэр макъыбзэ лэжьэкӏэм щыӏэгъуэ лъабжьэкӏэрэ зэхуэдэ макъ мыхьэнэкӏэрэ илъытэу къеӏуатэр. Класикэ физикэ еплъыкӏэкӏэ зэхуэмыдэу тлъытэрэ къытщыхъу гуэрхэр зэхуэдэ макъкӏэ зэрылъытэкӏэрэ псалъэхэр зэрыухуэм и лъабжьэр ахэр я щыӏэгъуэкӏэрэ зэхуэдэу зэрыщытрагъэнщ, мыращ икӏи макъыбзэу щыт адыгэбзэм и псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытым и лъабжьэри.

Макъыбзэм макъ мыхьэнэкӏэрэ илъытэр щыӏэгъуэ лъабжьэкӏэрэщ зэрилъытэри, макъхэм я къэхъукӏэмрэ макъыбзэ лэжьэкӏэр щыӏэгъуэ логием зэрезэгърэ щыӏэгъуэ зиӏэхэр я щыӏэгъуэ лъабжьэкӏэрэ зэрылъытэу физикэми и лъабжьэм теухуа логие зэриӏэращ. Аращи, адыгэбзэ макъыбзэм класикэ физикэр зытеухуахэр я щыӏэгъуэкӏэрэ зэрилъытэм папщӏэ, абыхэм я лъабжьэр зэрилъытэр куантум физикэм зэрилъытэми езэгъыущ; - икӏи, адыгэбзэм мы и лэжьэкӏэм щыӏэгъуэ лъабжьэр куантум физикэми елъытауэ нэхъ лъабжьэжкӏэрэи зэрилъытэфыр мы къедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэ ӏыхьэ цӏыкӏум къызэрыхэщри гурыӏуэгъуэщ.

Щыӏэр и щыӏэгъуэкӏэрэ зылъытэ макъыбзэр лъабжьэм и физикэрэ физикэ лъабжьэри къэзгъэунэху псэлъэбзэу лъытапхъэщи, илъытэрэ утыку къырилъхьэхэр физикэ щӏэныгъэу куантум физикэм езэгъыу зэрылъытапхъэм ипкъ иткӏэ, макъыбзэр зэрыухуа макъхэр щыӏэгъуэ ужьыгъуэкӏэрэ утыку къызэрихьэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьри куантум физикэ еплъыкӏэкӏи къызэрыӏуэтапхъэр ипэкӏэ къэтӏуэтахэм къызэрыхэщри гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, макъхэр къызэрыхъумрэ макъыбзэ лэжьэкӏэр куантум физикэм щезэгъкӏэ, макъхэр утыку къызэрихьэмрэ макъыбзэр зэрызекӏуэри куантум физикэ бгъэдэхьэкӏэмрэ терминхэмкӏи къызэрыӏуэтапхъэри гурыӏуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, щыӏэгъуэ ужьыгъуэкӏэрэ къэхъуа псэущхьэм игъуэр къэсрэ къыхэхъукӏ макъхэр утыку къызэрихьэр щыӏэгъуэр зэрыужьрэ къызэрекӏуэкӏ волнавая щӏыкӏэр куантизацэ зэрыхъукӏэрэу лъытапхъэщ. Псэущхьэм и щыӏэгъуэ ужьыгъуэкӏэрэ утыку къихьа дэтхэнэ зы макъыр щыӏэгъуэр зэрызекӏуэм и зы ӏыхьэр утыку къызилъхьэрщи, дэтхэнэ зы макъым къигъэунэхур щыӏэгъуэ ужьыгъуэу волнавая зекӏуэкӏэм дэтхэнэ и зы щӏыпӏэрэ дэтхэнэ и зы куант пунктэр зэрылъытэрауи лъытапхъэщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъ мыхьэнэр къызэрыхъуа щӏыкӏэу щыӏэгъуэ ужьыгъуэу волнавая зекӏуэкӏэм и зы щӏыпӏэм куантизацэ зэрыхъурауэ лъытапхъэщ.

Куатнум физикэкӏэ утыку къызэрихьэр мыпхуэдэу лъытапхъэ дэтхэнэ зы макъыр псэущхьэм зэрызырихьэкӏэрэ мэухуэр псэлъэбзэри, мыпхуэдэу ухуэ бзэр макъыбзэу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэщ, ар икӏи щыӏэгъуэ ужьыгъуэрэ зекӏуэкӏэм теухуа логие лӏэужьыгъуэу зэрыщытынури гулъытапхъэщ. Щыӏэгъуэ ужьыгъуэу волнавая зекӏуэкӏэр куантизацэ зэрыхъукӏэрэ утыку къихьа макъхэр къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэ

къызхэзыгъэlуклым зэрызырихьэ щlыклэу макъыбзэ ухуэныгъэ пэщlэдзэрэ лэжьэклэри волнавя зекlуэклэ зиlэу лъытапхъэщ. Ауэ, волнавая щlыкlэ зиlэу ухуэрэ зекlуэу зи гугъу тщlы мы логием (псэлъэбзэ) ипкъ иткlэ, дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ щlыкlэри (псалъэхэр зэрыухуэр) мы псэлъэбзэм и волнавая зекlуэклэр куантизэ зэрыхъуклэрэу жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ псалъэхэр зэрыухуэ макъхэри я мыхьэнэкlэ ялъытэфынухэм теухуауэ куантизэ зэрыхъуращи, мыри макъ мыхьэнэхэм ялъытэфынур - класикэ физикэ еплъыкlэу- зы гуэр закъуэм теухуарэ хуэlуа хъун хейуэ зэрыщымытынур гурыlуэгъуэ къэзыщlырщ. Аращи, класикэ физикэ еплъыкlэкlэ зэхуэмыдэу лъытапхъэ гуэрхэр куантум физикэкlэ зэхуэдэу зэрылъытэфым хуэдэжу, макъыбзэми зэхуэмыдэ гуэрхэр зэхуэдэ макъ мыхьэнэкlэрэ елъытэфыр. Мы псалъэхэм къыпытщэмэ, зы макъыр и мыхьэнэкlэрэ куантизэ зэрыхъукlэрэщ абы "макъ псалъэ" къызэрытехъуклыр, икlи зи гугъу тщlы макъыр нэгъуэщl макъхэм гухьэу куантизэ зэрыхъукlэрэ "макъ гуэпкlэ ухуа псалъэ"и къызэрыхъуфынур гурыlуэгъуэщ. Тlум дежи, макъым и мыхьэнэр псэлъэбзэ лэжьэкlэм зэрезэгъкlэрэ куантизэ зэрыхъукlэрэщ абы къытехъукl псалъэхэр утыку къызэрихьэри, а псалъэм къиlуатэр и щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ утыку къызэрырилъхьэм папщlэ, лъабжьэкlэрэ зэхуэдэ щыlэгъуэ зиlэ щхьэ класикэ физикэкlэ зэщхьэщыкlыу лъытапхъэхэр зэхуэдэ макъкlэрэ мэлъытэфри, мыри зи гугъу тщlы макъ мыхьэнэр зэхуэдэу щlыпlитl-щым (нэхъыбэми) куантизэ зэрыхъуарауэ лъытапхъэщ.

*

Адыгэбзэ макъыбзэ лэжьэкlэмрэ куантум физикэр зэгъэпщапхъэи зэрыхъукlэрэ мы лэжьыгъэр къыщlедгъэкlуэкlар псэлъэбзэм и къежьапlэрэ и къэхъуныгъэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытымрэ куантум физикэри щыlэгъуэ лъабжьэ физикэм зэрытеухуам папщlэу жыlэпхъэщ. Макъыбзэр псэлъэбзэ лъабжьэрэ къежьапlэу зэрыщытым хуэдэу лъытапхъэщи, куантум физикэри утыку ит физикэ щlэныгъэ лъабжьэм теухуа лэжьыгъэ къезгъэкlуэкl физикэ щlэныгъэрщ. Ауэ дауэми, куантум физикэр зы физикэ щlэныгъэ лlэужьыгъуэщи, и lуэхур щыlэм и физикэм теухуащ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, физикэми щхьэщыкlыныгъэ зиlэ логиерэ псэлъэбзэм и къежьапlэрэ и лъабжьэу щыт макъыбзэ лэжьэкlэм къыхэщу жыlэпхъэщ. Мы лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, макъыбзэр куантум физикэм къигъэунэхурэ утыку къырилъхьэхэм щхьэщыкlыныгъэ зиlэрэ абы къигъэунэхуахэм нэхъу кууагъхэхэр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlырщ. Ауэ, куантум физикэкlэ къэгъэунэхухэми кlэ зэримыгъуэтарэ икlи къигъэунэхухэр зэрыбагъуэрэ и лэжьыгъэри куу зэрыхъукlэрэ къэгъэунэхупхъэрэ кууагъэу зыхэхьэн хуейри зэрыбагъуэр гурыlуэгъуэщ; мыбы хуэдэу лъытапхъэщи, макъыбзэкlэ къытхуэунэхухэри дытелэжьыхьыху багъуэрэ куу хъууэ зэрызекlуэри гулъытапхъэщ.

Щыӏэгъуэ физикэм теухуа куантум физикэр зы щӏэныгъэу иджыри и къэхутэныгъэхэр езгъэкӏуэкӏырщ, икӏи иджыри зэрыхъун хуеипӏэм хунэмысауэ зылъытэ физикхэри мащӏэкъым. Ауэ, макъыр утыку къызэрихьэм къыщӏидзэу ухуэу щӏэзыдза логие лӏэужьыгъуэу зэрыщыткӏэрэ щыӏэгъуэм теухуа логие лӏэужьыгъуэу ухуа макъыбзэ лэжьэкӏэм щыӏэгъуэмрэ ар зэрызекӏуэм теухуауэ логиерэ щӏэн гъуэзэджэхэр зэрыхэлъыпхъэр гурыӏуэгъуэнщи, абы щыӏэр физикэу утыку къызэрихьэр зи ӏуэхугъуэ куантум физикэ еплъыкӏэм хилъхьэыфнур мымащӏэу жыӏэпхъэщ. Икӏи, куантум физикэм утыку къырилъхьэхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэкӏэ макърэ псалъэхэм я мыхьэнэм елъытауэ къыщыдгъэлъагъуэм деж, - класикэ физикэ щӏэныгъэр зи лъабжьэрэ абы и еплъыкӏэм есагъэхххэу щыт дэркӏэ- абы куантум физикэри гурыӏуэгъуафӏэ зэрищӏыр гулъытапхъэщ. Ауэ икӏи, макъыбзэ лэжьэкӏэр нобэрей куантум физикэм утыку къырилъхьэ щӏэнхэм елъытауэ щхьэщыкӏыныгъэ зиӏэу зэрыщытри ипэкӏэ къэтӏуэтахэм къызэрыхэщри гулъытапхъэщи, куантум физикэр макъыбзэрэ адыгэбзэмкӏэ къыщыӏуатэкӏэ нэхъ гурыӏуэгъуафӏэ зэрыхъунум нэмыщӏ, икӏи макъыбзэм куантум физикэ еплъыкӏэм логие лъэныкъуэрэ къыхэщ щӏэнкӏэрэ щӏэныгъэу хилъхьэфынухэр зэрыщыӏэри гулъытапхъэщ, апхуэдэхэр икӏи зэрымымащӏэр мы тхыгъэ цӏыкӏум гурыӏуэгъуэ къытхуищӏыу жыӏэпхъэщ.

Мы псалъэхэм гурыӏуэгъуэ зэращӏщи, мы лэжьыгъэ ӏыхьэ цӏыкӏум хиубыдэу къэтӏуэтахэр макъыбзэ логием зэрытеухуакӏэрэ ахэр икӏи куантум физикэр гурыӏуэгъуафӏэ зыщӏыфыну зэрыщытри гулъытапхъэщ. Икӏи, адыгэбзэр зэрымакъыбзэращ мыр зытеухуари, абы и макъыбзэ лэжьэкӏэм гулъытэ хуэщӏын зэрыхуейр, ар зыхуэмыфащэ бзэщӏэныгъэм щӏэджыкӏыныр зэрымыигъуэр, абы езым хуэфащэ щӏэныгъэри утыку къилъхьэн зэрыхуейри гурыӏуэгъуэщ. Ауэ нобэ зэрыгурыӏуэгъуэу, адыгэбзэм и лэжьэкӏэр нэгъуэщӏыбзэ щӏэныгъэхэм зэрыщӏаджыкӏымрэ, мыбыи ипкъ иткӏэ, абы хагъэщӏрэ емызэгъыу къыщакъуэхэр зэрымымащӏэр гурыӏуэгъуэщ. Нобэ адыгэбзэм емызэгъыу къыщакъуарэ хагъэщӏахэр къеузу жыӏэпхъэщи, абы хагъэщӏа макъхэм куантум физикэ еплъыкӏэкӏэ и мыхьэнэм теухуауэ мыбдежым псэлъитӏ-щы къыпытщэнщ.

Къызэрыхъуа щӏыкӏэр гурыӏуэгъуэ къытхуэхъуауэ жыӏэпхъэмэ, макъыбзэм и макъхэр дэтхэнэ зы щыӏэгъуэ дэтал зылъытэрщи, щыӏэхэр я щыӏэгъуэкӏэрэ лъытэнкӏэрэ ухуарэ лажьэу щыт зы макъыбзэр и макъхэмкӏэрэ ухуа щыӏэгъуэ псоугъэ зиӏэрщ. Дэтхэнэ зы щыӏэгъуэ деталыр и макъхэмкӏэрэ зэрылъытэу щыӏэгъуэ псор утыку къизылъхьэфу ухуа макъыбзэм дэтхэнэ и зы макъ хэгъэщӏыныр зэрымыигъуэр мы псалъэхэм гурыӏуэгъуэ къызэрищӏри гулъытапхъэщ. Аращи, куант хыр зэрызэхэлъ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӏыкӏухэр зэрызэлъытакӏэрэ щыӏэгъуэр къызэрагъэщӏым хуэдэу лъытапхъэщ макъыбзэми и макъхэр. Атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӏыкӏухэм дэтхэнэ зыр зэрыхыумыгъэщӏыфынум хуэдэжу, макъыбзэм и дэтхэнэ зы макъри хэбгъэщӏын хуейкъым. Физикэу

щыӏэгъуэ лъабжьэу щыт атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӏыкӏухэм дэтхэнэ зым и щӏыпӏэр щызэпхъуэкӏым деж, волнавая зэпыщӏэныгъэ зэрызыраӏэм зэрезэгъкӏэрэ псоми я щӏыпӏэр зэрызэхъуэкӏыу зэралъытэм хуэдэщи, макъыбзэми дэтхэнэ зы макъ хэгъэщӏын е зэхъуэкӏынри ар зэхэтхъуэн ӏуэхугъуэ къэгъэщӏынращ. Натуралу бзэ лэжьэкӏэм макъ зэрыхэщӏыфынурэ зэрызэхъуэкӏыфынур гурыӏуэгъуэнщи, макъ къэӏуыкӏэ зэхъуэкӏыныгъэм бзэр зэрыдэухуэжыр гурыӏуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щӏыкӏэкӏэ натуралу макъ хэщӏыныгъэ къыщыхъум деж, хэщӏ макъым и къалэныр нэгъуэщӏ макъым зэрытеухур гурыӏуэгъуэщи, хэщӏа макъым и къалэныр зытеухуа макъ зэрыщыӏэм ипкъ зэриткӏэ бзэр зэрыухуэ мыхьэнэр хэщӏкъым. Макъыбзэмрэ и макъхэм теухуауэ мыпхуэдэ зэхъуэкӏыныгъэр куантум физикэу къэхъу зэхъуэкӏыныгъэхэм зэрезэгъри гурыӏуэгъуэщи, мыр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӏыкӏухэр зэрызэгухьэм хуэдэ ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ. Ауэ, нобэрей ди бзэщӏэныгъэм и еплъыкӏэрэ бгъэдэхьэкӏэм ипкъ иткӏэ, адыгэбзэм макъ гуэрхэр унафэрэ лӏыгъэкӏэ зэрыхагъэкӏарэ зэрызахъуэкӏар гурыӏуэгъуэщи, а ӏуэхур бзэм къызэремызэгъари, икӏи адыгэбзэм хагъэкӏа макъхэм ипӏэр бзэм езым и лэжьэкӏэкӏэрэ из зэрищӏыжынум ӏэмалыгъуэр абы къыщакъуа бзэщӏэныгъэ фащэм къызэримытри гурыӏуэгъуэщ.

## АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭМРЭ МАКЪЫБЗЭУ ЩЫМЫТ БЗЭХЭМ Я МАКЪХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Макъыбзэр псэлъэбзэ къежьапӏэу зэрыщытращ ипэкӏэ къэтӏуэтахэми къыхэщри, нытӏэ, дэтхэнэ зы псэлъэбзэм мыпхуэдэ зы лъабжьэ иӏэщ. Зы псэлъэбзэм мыпхуэдэ и лъабжьэр зэрыщыту щӏэмыкӏуэдыкӏамэ, абы и лэжьэкӏэм макъыбзэ лэжьэкӏэ ӏыхьэ гуэрхэр къызэрыхэщыфынур гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкӏэ имыӏэу щытми, зы бзэм макъыбзэ лэжьэкӏэ ӏыхьэ гуэрхэр зэриӏэкӏэрэ и лъабжьэр къызэрыщӏэщыр макъыбзэ лэжьэкӏэр псэлъэбзэ къежьапӏэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэ зыщӏ ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ. Икӏи, мыпхуэдэ щӏыкӏэкӏэ макъыбзэ лэжьэкӏэ къызхэщыпхъэ бзэхэм я лъабжьэр зэрыщыту зэрымыкӏуэдаращи, ахуэдэ бзэхэр нэхъыбэуи бзэжьхэрауэ зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ.

Мы бгъэдэхьэкӏэм гурыӏуэгъуэ зэрищӏщи, псэлъэбзэхэр макъкӏэрэ зэрыухуам ипкъ иткӏэ, зы лъабжьэрэ къежьапӏэ зиӏэрщ; макъхэр зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэм елъытарэ теухуауи зэщхьэщыкӏыныгъэ зыгъуэт логие лӏэужьыгъуэхэрщ. Макъкӏэрэ зэрыухуам ипкъ зэриткӏэрэ, псэлъэбзэ лэжьэкӏэм къежьапӏэ хуэхъуну лъытапхъэри макъыбзэ лэжьэкӏэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, бзэхэм я къежьапӏэрэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткӏи, псэлъэбзэу хъуар лъабжьэкӏэрэ зэбгъагъэщ. Зэрызэблагъэхэр я лъабжьэрэ къежьапӏэу щыт макъыбзэ лэжьэкӏэрауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, нобэ макъыбзэу щымытыжрэ а

благъагъэм икIа бзэхэми а зэблагъагъэм къыщIэныжауэ макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэ гуэрхэр язэрыхэтынур гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ зэрыгурыIуэгъуэщи, нобэрей бзэщIэныгъэм бзэхэм я зэблагъагъэр зэрилъытэр абыхэм я къежьапIэ лъабжьэр зэрылъытапхъэу щыт я макъыбзэ лэжьэкIэм теухукъым, икIи макъхэри мыхьэнэншэу зылъытэрэ макъыбзэ зымылъытэ бзэщIэныгъэм апхуэдэ еплъыкIэ зэримыIэнури гурыIуэгъуэнщ. Псэлъэбзэр макъ мыхьэнэншэрэ зэрымыщIэкIэ ухуа псэлъэпкъым дежращ нобэрей бзэщIэныгъэм и щIэныгъэр къыздыщIидзэри, макъхэр мыхьэнэншэу илъытэрэ нэмыплъ зэрищIым ипкъ иткIэ, бзэхэм зэхуэдэ лъабжьэрэ къежьапIэ зэриIэри, мы лъабжьэкIэрэ зэрызэблагъэри нэмыплъ ещIыр. Абы и щIэныгъэр псэлъэпкъым деж къызэрыщIидзэм зэрезэгъщи, бзэхэм я благъагъэр зэрилъытэр я зэхуэдэу хэт псалъэрэ псэлъэпкъхэмкIэрэщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIи бзэхэр зэгъунэгъурэ кIуэ пэтрэи я лэжьэкIэкIи зэщхь зэрыхъужыфынури гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы лъабжьэри къежьапIэ язэрыхуэхъужкIэрэ ухуэж бзэхэм я зэхуакум къыдэхъухь зэгъунэгъугъэри благъагъэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, нобэрей бзэщIэныгъэм бзэхэр иужькIэ гъунэгъу зэрызэхуэхъумрэ благъэ зэрыхуэхъужыр къэзыгъэунэху бгъэдэхьэкIэ зиIэрщ, ауэ макъыбзэм утыку къырилъхьэ благъагъэр лъабжьэрэ къежьапIэращ зытеухуари, икIи дэтхэнэ зы бзэм хэт макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэхэр бзэхэм я къежьапIэу щыт мы благъагъэр къэзыгъэлъагъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Зэблагъэу лъытапхъэхэр я зэхуэдэ лъабжьэ зиIэхэрщи, къежьапIэрэ лъабжьэ къызхэщ бзэхэр - нэхъыбэрэ икIи зэрыигъуэу- бзэжьу лъытапхъэхэрщ е бзэжь лэжьэкIэ Iыхьэхэр къызхэщ бзэхэращ. Бзэхэм я къежьапIэр макъыбзэу зэрыщытын хуейр зэрыгурыIуэгъуэу, нобэ зи лъабжьэр зэрыщыту щIэмыударэ бзэжьу щытхэм е бзэжьым къытехъукIауэ ялъытэ бзэхэм макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэхэр зэрыхэплъэгъуэфынур гурыIуэгъуэщ. Макъыбзэу щымытыжрэ мылъытэ зы бзэм мыпхуэдэ и лъабжьэр макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэ зы бзэм елъытауэ къэгъэунэхун Iуэхугъуэу щыт мыпхуэдэ зы лэжьыгъэр "Адыгэбзэ (Макъыбзэ)" тхылъ нэужьу адыгэбзэм теухуауэ тыркубзэкIэ къэIуатэу къедгъэкIуэкIа "Адыгэбзэ къыбгурыIуэнрэ гупщысэн (Adıgece anlamak & düşünmek)" лэжьыгъэм тыркубзэм теухуауэ къегъэкIуэкIауэ щытщи, а лэжьыгъэ тIэкIур тыркубзэм къыхэщ макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэ гуэрхэр къыщыгъэлъэгъуаращ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьыгъэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэм теухуауэщ къызэредгъэкIуэкIари, нобэ макъыбзэу щымыт зы бзэм я лъабжьэм макъыбзэ лэжьэкIэ къызэрыхэщыр адыгэбзэм и лэжьэкIэрэ и макъ мыхьэнэхэр референс зэрыпщIкIэрэ гурыIуэгъуэ къыпхуохъуфыр. Нобэ макъыбзэу щымыту утыку ит бзэшхуэхэм (нобэ къэзыпсэлъ цIыхур куэду щыт бзэхэм) я макъхэр адыгэбзэрэ макъыбзэм елъытауэ зэрымащIэри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм и макъхэр а бзэхэм хэт

макъхэри зыхэзыубыдэ макъыбэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм и макъхэм зи гугъу тщIы бзэхэм я макъхэр къызэрыхэпщIыкIыжыфынури гулъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм уигу къызэригъэкIщи, мыбдежым мыри пыщапхъэщ: псэлъэбзэ къежьапIэр макъыбзэщи, макъыбзэ лэжьэкIэм и зы кIуэдыкIэри макъхэр бзэм зэрыхэкIуэдыкIращ.

Зи гугъу тщIы бзэхэм я макъхэм теухуауэ мы ипэкIэ зи гугъу тщIа тхылъым хиубыдэ лэжьыгъэм хуэдэхэр къэдымылэжьами, я лэжьэкIэрэ псалъэхэм макъ гуэрхэр щызекIуэ щIыкIэм гулъытэ зэрыхуэтщIам теухуауэ жыIэпхъэхэр щыIэщ, икIи илъабжьэкIэ щыжытIэнухэри абыхэм я макъхэм гулъытэ зыхуэтщIахэм теухуащ. ИкIи, макъыбзэу щымыт а бзэхэм адыгэбзэм и макъхэм ягъэзащIэ къалэнрэ мыхьэнэ гуэрхэр къызэрыхэщым нэмыщI, мы ипэкIэ зи гугъу тщIа лэжьыгъэми къызэрыхэщщи, зэхуэдэрэ зэщхь Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэ гуэрхэр зи гугъу тщIы бзэ гуэрхэмрэ адыгэбзэм къэIукIэкIэ щызэщхьрэ щызэхуэдэхэми урохьэлIэр; икIи, бзэхэм я псалъэ гуэрхэри зытеухуа Iуэхугъуэкlэ адыгэбзэм и макъ мыхьэнэкIэрэ узыщеджэфынухэми ущырихьэлIэ щыIэщ. Нобэрей бзэщIэныгъэм бзэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэхуэдэ псалъэу хэтхэр зы бзэм къытехъукIыу адрей бзэхэм хэхьауэщ зэрилъытэр, ауэ Iуэхур фIэкIыпIэ имыIэу мыпхуэдэу лъытэн хуейуэ щыткъым. Бзэхэм я къежьапIэрэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, бзэхэм я макъыбзэ лэжьэкIэу зэхуэдэ псалъэхэр зэрыухуэфынури гурыIуэгъуэнщ.

Макро физикэмрэ куантум физикэм я зэщхьэщыкIыныгъэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр дигу къэдгъэкIыжмэ, макъыбзэ лэжьэкIэмкIэ апхуэдэ лэжьэкIэ зимыIэ бзэхэм я лэжьэкIэми щыгъуазэ узэрыхуэхъуфынум хуэдэжу, макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэж бзэхэм я макъхэри зы макъыбзэм и макъхэм теухуауэ лъытапхъэрэ къэгъэунэхупхъэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэж бзэхэм я макъхэмкIэрэ зы макъыбзэм и макъхэр плъытэжыфынкъым, икIи зы макъыбзэм и макъхэр зы псэлъэпкъыбзэу ухуа бзэхэм къыхэпщIыкIыжыфынкъым; ауэ, зы макъыбзэм и макъхэмкIэрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэм я макъхэр зэрылъытэфынурэ абы и макъхэр макъыбзэ макъхэм къызэрыхэпщIыкIыжыфынур гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, нобэ зи гугъу тщIырэ макъыбзэу щымытыж бзэхэм я макъхэр адыгэбзэм и макъхэмкIэрэ зэрылъытэфынур, е ахэр адыгэбзэм и макъхэм къызэрыхэпщIыкIыфынур гурыIуэгъуэнщ.

Зи гугъу тщIы бзэхэм я макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэхэр къэгъэунэхун тIщыр дэтхэнэ зы бзэм теухуауэ къызэрегъэкIуэкIыпхъэр гурыIуэгъуэщ, икIи мыбы и зы щапхъэщ япэрей зы лэжьыгъэм хиубыдэу зи гугъу тщIами къыщегъэкIуэкIар. Ауэ зэрыжытIауэщ икIии, нобэ утыку иту макъыбзэ лэжьэкIи зимыIэж бзэшхуэхэм я макъхэр адыгэбзэм и макъхэм хиубыдэ зы бжанэщ зэрыхъури, мыбдежым макъ гуэрхэр я зэхуэдэу зи гугъу тщIы бзэ

нэхъыбэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дызэрыхуэхъукIэрэ а бзэхэм я макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэхэм гулъытэ хуэтщIынщ.

Нобэ утыку ит бзэ куэдыр къызтехъукIарэ абыхэм лъабжьэ яхуэхъуа бзэжьхэм теухуауэ лъытапхъэщи, адыгэбзэм макъхэр зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм зэрещхькIэрэ бзэхэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэр мащIэкъым. Нобэрей бзэщIэныгъэм мыпхуэдэ зы лъабжьэрэ лэжьэкIэ имылъытэми, я макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэм хагъэзэщIыхь къалэнхэм макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэ гуэрхэр къыхэщу жыIэпхъэщ. ИпэкIи зэрыжытIауэ, мыпхуэдэ щапхъэ къэгъэлъэгъуэныр дэтхэнэ зы бзэм езым хуэIуа лэжьыгъэу къегъэкIуэкIын зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ, ауэ макъыбзэр бзэхэм я къежьапIэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм зэретлъытэкIэрэ макъхэм бзэхэм хагъэзэщIыхь мыпхуэдэ къалэнхэм гулъытэ хуэтщIыфынщ.

Макъыбзэу щымытыжу зи гугъу тщIы бзэхэм я лэжьэкIэр адыгэбзэм хуэдэу макъыбзэ лэжьэкIэу макъхэр бзэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм систематикэу хэлэжьыхьу зэрыщымытынури гурыIуэгъуэнщ, ауэ бзэ куэдым я лэжьэкIэ Iыхьэ гуэрхэм макъ гуэрхэм хагъэзэщIыхь къалэнхэм теухуауэ жыIэпхъэхэр щыIэщ. Ауэ икIи гурыIуэгъуэнщи, мы лэжьыгъэр зы бзэм хуэIуауэ щымытрэ зи гугъу тщIы бзэшхуэхэм яхэт макъхэм ягъэзащIэр адыгэбзэм и макъхэмкIэ лъытэнрэ къэгъэунэхун Iуэхугъуэщи, а макъхэм а бзэхэм хагъэзэщIыхьым теухуауэ жыIэпхъэхэр лантIэрэ щабэу зэрыжыIэн хуейрэ апхуэдэуи зыгурыгъэIуэн зэрыхуейри къыхэгъэщыпхъэщ.

Зы псэлъэбзэм и макъыбзэ лъабжьэр зэрыхэгъуащэрэ зэрыкIуэдым абы макъ хэщIыныгъэ къызэрыхуихьыфынум нэмыщI, икIи макъ хэщIыныгъэхэми макъыбзэ лэжьэкIэ лъабжьэ хэгъуэщыныгъэрэ кIуэдыгъуэ къызэрихьыфынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, зы макъыбзэм елъытауэ макъ бжыгъэр мащIэу зэрыщытыр зы бзэр макъыбзэу зэрыщымытым и зы пщалъэуи лъытапхъэщ. Зы макъыбзэм и макъхэр зэрыхэщIкIэрэ макъыбзэ лэжьэкIэми хэщIыныгъэ къызэрыхуэкIуэнур гурыIуэгъуэнщи, макъыбзэу щымытыжрэ я макъ бжыгъэри мащIэу зи гугъу тщIы бзэхэр - е ахэр къызтехъукIарэ макъыбзэуи щымытыжу щыта бзэжьхэр- натуралу макъыбзэм и макъ гуэрхэр зэрыхэщIкIэрэ ухуэжауи лъытапхъэщ. Макъхэр ауэ къызэрыкIуэ Iуэхугъуэкlэрэ зэрыхэмыщIынур, икIи натуралу хэщI макъым и къалэныр нэгъуэщI макъ гъунуэгъу гуэрхэм зэрытеухуэнури гурыIуэгъуэщи, макъыбзэ лэжьэкIэр зэрыкIуэдынум теухуа макъ хэщIыныгъэм езыр фIырыфIкIэ натуралрэ езыр езырурэ къэхъууи лъытапхъэкъым. Макъыбзэ лэжьэкIэ кIуэдыныгъэр натуралу къызэрыхъум и зы щIыкIэри макъыбзэ лэжьэкIэ нэужьу зы бзэм къигъэщI макъ мыхьэнэншэ лэжьэкIэр абы езым къигъэщIа макъыбзэ лэжьэкIэм щытекIуэжрауэ жыIэпхъэщи, макъ мыхьэнэншэу ухуа псалъэхэр макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэ псалъэхэм елъытауэ нэхъыбэ зэрыхъум кIуэ пэтрэ макъыбзэ лэжьэкIэр зэрыхигъэгъуэщэфынури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ,

макъыбзэ лэжьэкlэ кlуэдыгъуэр зы бзэм езым мы и лэжьэкlэ зэхъуэкlыныгъэм нэхърэ нэгъуэщl бзэхэм елъытауэ къэхъу lуэхугъуэу жыlэпхъэщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкlэр езыр езырурэ натуралу зэрыщlэуфэрэ зэрыкlуэдым нэхърэ бзэхэр зэрызэхэхьэрэ зыр зым ацимилацэ зэрищlкlэрэ къэхъуу жыlэпхъэщ бзэхэм я макъыбзэ лэжьэкlэр зэрыкlуэдым нэхъыбэу щхьэусыгъуэ хуэхъур. Мыбы нэмыщl, тхэн lуэхугъуэм бзэхэм макъхэр хэкlуэдыныгъэ къызэрыхуихьари къыхэгъэщыпхъэщ. Аращи, нобэрей тхэкlэр утыку къызэрихьари, апхуэдэу утыку къихьа тхыпкъ бжыгъэм теухуауэ бзэхэм я макъхэр зэрытха щlыкlэри, мыпхуэдэ къекlуэкlыкlэрэ бзэхэм я макъ гурхэр хагъэщlрэ зэхуэдэу зэратха щlыкlэри бзэхэм я макъхэр кlуэдыпlэм хуэзышэ зы lуэхугъуэшхуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэр натуралу зы макъыбзэми къызэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэщ мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщкlи, илъабжьэкlэ адыгэбзэм и макъыбзэм и макъхэмрэ нобэ макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэм я макъхэр зэрызэтлъытэнщ. Ауэ, зы макъыбзэм и макъхэр щыбгъэмащlэм деж, абы и макъыбзэ лэжьэкlэри зэрыхэщlынури гурыlуэгъуэщ; икlи макъхэр натуралу мащlэ щыхъукlи, макъхэм бзэм хагъэзэщlыхь къалэнрэ мыхьэнэр куэд зэрыхъунуми ипкъ иткlэ, абыхэм я къалэнрэ мыхьэнэри нахуэ къызэрыпхуэмыхъуну щlыкlэу зэрыхэгъуэщэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, зы макъыбзэм щеплъытэм деж, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэм я макъхэр макъыбзэ макъхэм хуэдэу наlуэрэ пыухытыкlа мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ гурыlуэгъуэ къызэрыпхуэмыхъужынури наlуэщ. Дауэми, зы макъыбзэм натуралу кlуэ пэтрэ макъ мыхьэнэншэ бзэ лэжьэкlэ къызэрытехъукlыфынури гурыlуэгъуэнщи, илъабжьэкlэ къэта тхыгъэхэр икlи мыпхуэдэ еплъыкlэуи зыгурыгъэlуапхъэщ. Нытlэ, мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, адыгэбзэм и макъ гуэрхэр хэбгъэщlкlэрэ зи гугъу тщlа бзэхэм я макъхэр зэрыплъытэфынум щыгъуазэ дызэрыхуэхъукlэрэ икlи зы макъыбзэм макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэр къызэрытехъукlыфынум деплъынщ. Ауэ аргуэру пыщапхъэщи, зи гугъу тщlы бзэхэм я макъхэмрэ макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм щыщхэр зэгъэпщэным теухуауэ лъытапхъэщ илъабжьэкlэ къедгъэкlуэкl лэжьыгъэри, зы макъыбзэм и макъхэр щыхэщlым деж, ахэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щlыкlэри зэрыхэщlынур гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, къэхъукlэкlэ зэрызэпыщlарэ зэрызэлъыта макъхэр зи гугъу тщlы бзэхэм зэрыхыумыгъуэтэнум ипкъ иткlэ, зэгъунэгъу щlыпlэм къыщыlурэ зэщхь макъхэр зыр зым ипlэ зэриувакlэрэ а бзэхэм зэрыхэтынур гурыlуэгъуэнщи, сытым дежи макъхэр адыгэбзэм и макъхэм зэрызэмыгъэпщэфынури гурыlуэгъуэнщ.

*

Япэрауэ адыгэбзэм и макъ lуэрхэмрэ абыхэм щыщу зи гугъу тщlы бзэхэм хэт макъ lуэрхэм гулъытэ хуэтщlыу, адыгэбзэм и макъ lуэрхэр щыхэщlкlэ зи гугъу тщlы бзэхэм хэт макъ lуэрхэр къызэрытехъукlыфынур

гурыӏуэгъуэ зыхуэтщӏынщ. Икӏи, адыгэбзэм и макъ ӏуэрхэр къызэрыхъуамрэ бзэми хагъэзэщӏыхь къалэнрэ мыхьэнэхэр дигу къэдгъэкӏыжу, къэхъуныгъэкӏэрэ зэпыщӏа макъ ӏуэрхэм зи гугъу тщӏы хэщӏыныгъэ къыщыхуэкӏуэм деж, къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэ зэрызэлъытам езэгъ къалэнрэ мыхьэнэхэр я хэщӏыныгъэу утыку къихьа макъ ӏуэрхэм зэрыигъуэкӏэрэ зэрамыгъэзэщӏэжыфынури гурыӏуэгъуэ зыхуэтщӏынщ. Мы псалъэм ипкъ иткӏи, зи гугъу тщӏа бзэхэм я макъ ӏуэрхэм бзэм хагъэзэщӏыхьхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъ ӏуэрхэу адыгэбзэм хэт ″ы, ӏы″ макъхэм щыщу зи гугъу тщӏы бзэхэм яхэтыр ″ы″ращ. Абы адыгэбзэм хигъэзэщӏыхь къалэныр гурыӏуэгъуэщ, ауэ адрей бзэхэм зэрыхэткӏэрэ ″ы″ макъым макъзешэ къалэн нэмыщӏ хигъэзэщӏыхь гуэр щыӏэу жыӏэпхъэкъым.

Адыгэбзэм и ″э, ӏэ, а″ макъхэм щыщу а бзэхэм яхэтыр ″а″уэ тха макърищи, ар бзэхэм щызэрызекӏуэ щӏыкӏэри адыгэбзэм и ″э, ӏэ, а″ макъхэм я къэӏукӏэм дэтхэнэ зым ещхь къэӏукӏэкӏэщ. Арищи, адыгэбзэм и ″э, ӏэ, а″ макъхэр зэрыщыту ″а″уэ ятхауэ жыӏэпхъэщ ″а″уэ тха макъым и къэӏукӏэкӏэ а бзэхэм я псалъэхэм зэрыхэтри, жыпӏэ хъунущ адыгэбзэм и ″э, ӏэ, а″ макъхэр къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэ зэрызэлъытарэ икӏи зэрызэщхьэщыкӏыр зэрыхэгъуэщакӏэрэ ″а″ тхыпкъ закъуэкӏэ къагъэлъагъуэу а бзэхэм щызэрахьэу. Ауэ, а макъхэр зэхуэдэу ″а″уэ щылъытэм деж, зэрыгурыӏуэгъуэнщи, адыгэбзэм и ″э, ӏэ, а″ макъхэм я къалэнрэ мыхьэнэхэр зэрыхэгъуэщэжынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращ икӏии, зи гугъу тщӏы ″а″ макъым а бзэхэм хигъэзэщӏыхь къалэныр нэхъыбэм деж адыгэбзэм и ″а″ макъым игъэзащӏэм хуэдэущ зэрылъытапхъэри, ″а″ макъым а бзэхэм ″жыжьагъэ, инагъ, кӏуэтэгъуэ″ хуэдэ къалэн хигъэзэщӏыхьу щеджапхъэхэр мымащӏэу жыӏэпхъэщ. Ауэ, зэрыгурыӏуэгъуэщи, а бзэхэм яхэт макъ ӏуэрхэр зэрыщыту зэрымакъзешэм хуэдэщи, я ″а″ макъми игъэзащӏэр макъзешэ къалэнщ. Ауэ икӏи, и къэӏукӏэкӏэ адыгэбзэм макъзешэ къалэн зымыгъэзащӏэ макъхэм хуэдэу и къежьапӏэ лъабжьэр зэпыудауэщ а ″а″м и къэӏукӏэр. Арищи, а бзэхэм я макъхэмрэ адыгэбзэ макъхэр зэрызэхуэмыдэнур, икӏи адыгэбзэм и макъхэр къызэрыхъуарэ зэрызэпыщӏа щӏыкӏэр а бзэхэм я макъхэм зэрыхыумылъэгъуэнур зэрыгурыӏуэгъуэу, зи гугъу тщӏы ″а″м и къэӏукӏэр ″ӏэ″м хуэдэрэ икӏи макъзешэ къалэн зыгъэзащӏэрщи, а ″а″р зытеухуауэ лъытапхъэ адыгэбзэм и ″э, ӏэ, а″ гупым щыщ ″ӏэ″ макъыр макъзешэ къалэн зымыгъэзащӏэрщ. Мыбы нэмыщӏ, зи гугъу тщӏы бзэхэм адыгэбзэм хэт ″э″ макъыр яхэткъым, ауэ ″е″ тхыпкъкӏэ ятхауэ адыгэбзэм и ″э″ макъ къэӏуыкӏэ зиӏэхэм узэрихьэлӏэри гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэм и ″и, ӏи, й, е, ӏе″ макъ гупым хиубыдэхэр зэрыщыту зи гугъу тщӏы бзэхэм яхэту лъытапхъэщ, ауэ а бзэхэм ″и″м и къэӏукӏэр ″ӏи″уэ, ″е″м и къэӏукӏэри ″ӏе″уэ щытщи, мы адыгэбзэ макъ гупыр а бзэхэм зэрыхэт щыкӏэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: ″ӏи, й, ӏе″. Мы макъхэр бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэкӏэ адыгэбзэм и ″и, й, е″ макъхэм я къалэнхэм

хуэдэуи лъытапхъэщ. Ауэ зэрыгуэрыIуэгъуэу, я къэхъукIэрэ бзэми хагъэзэщIыхькIэрэ зэпыщIэныгъэрэ зэщхьэщыкIыныгъэ къалэнрэ мыхьэнэ зыхуаIэщ адыгэбзэм мы и макъхэми, зи гугъу тщIы бзэхэм хэту мы адыгэбзэ макъхэм къыпэгъэувыпхъэхэм мыпхуэдэ зэлъытэныгъэ зыхуаIэкъым. Ауэ икIи, адыгэбзэм и макъхэм елъытауэ щхьэж "Iи, й, Iе" къэIуыкIэ зиIэрэ адыгэбзэм и "и, й, е" макъхэм я къалэн зыгъэзащIэу зи гугъу тщIы мы макъхэм щыщ "й"м нэмыщIри (ар "макъ Iуэррэ макъзешэ"уи ялъытэкъым) а бзэхэм макъзешэу зэрыхэтри гурыIуэгъуэщ. ИкIи, зыхэт бзэми елъытауэ мы макъхэм бзэхэм хагъэзэщIыхь къалэн гуэрхэри адыгэбзэм и "и"мрэ "е"м зэрещхьри жыIэпхъэщ; псалъэм папщIэ, Евклид геометрием и абзсис лъэныкъуэр зэрыгъэлъэгъуа "и" макъыр адыгэбзэм зэрыхэт лъабжьэ зиIэу щытауэ лъытапхъэщ алыджыбзэми зэрыхэта щIыкIэр.

Адыгэбзэм и "у, Iу, о" макъхэм щыщу а бзэхэм яхэтыр "у, о" макъхэращ, ауэ "у"м и къэIукIэр "Iу"уэщ; икIи, адыгэбзэм и "о" макъым ипIэкIэ а бзэхэм яхэт макъым и къэIукIэри "Iо"уэщ. ИкIи, зэрыгурыIуэгъуэу, мы макъхэм а бзэхэм зэрыхэт щIыкIэр макъзешэущ; адыгэбзэм и "у, Iу, о" гупым щыщу и къэIукIэкIэ "Iу" макъым макъзешэ къалэн зэримыгъэзащIэр, икIи адыгэбзэм и "у" макъым сытым дежи макъзешэ къалэн зэримыгъэзащIэри гурыIуэгъуэщ. Адыгэбзэм и "у" макъым ипIэкIэ а бзэхэм хэту зи къэIукIэри "Iу"уэ жыхуэтIам бзэм хигъэзэщIыхь къалэнхэри адыгэбзэм и "у" макъым игъэзащIэхэм ещхьрэ хиубыдэу лъытапхъэщи, кIэ "зимыIэу кIуэкIэ, жыжьагъэ" хуэдэ къалэн зыгъэзащIэ макъзешэу а бзэхэм хэту жыIэпхъэщ. Адыгэбзэм и "о" макъ ипIэкIэ а бзэхэм хэтрэ щхьэжу зи къэIукIэри адыгэбзэм "Iо"уэ щытхыпхъэм хуэдэщи, а макъым а бзэм хигъэзэщIыхьри -нэхъыбэм деж-адыгэбзэм и "о" макъым ебгъэщхь хъуну жыIэпхъэщ.

Макъ Iуэрхэм теухуауэ мы жытIахэми къазэрыхэщщи, адыгэбзэм хуиту къэIуыкIэ иIэу хэт макъхэр а бзэхэм зэрыхэтыр адыгэбзэм мы и макъхэм хуэдэу хуит къэIуыкIэ зимыIэкIэрэщ. Ар щыхъукIи, адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ и макъхэр а бзэхэм къэIуыкIэкIэ язэрыхэтыр адыгэбзэм макъзешэ къалэн зымыгъэзащIэ макъхэм я къэIукIэущ. Адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ и макъ Iуэрхэм ипIэкIэщ а бзэхэм макъ Iуэру яхэтыр; икIи, а бзэхэм яхэт макъ Iуэрхэр зэрыщыту макъзешэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, адыгэбзэм и макъ Iуэрхэм щыщу макъзешэ къалэн зыгъэзащIэхэр хуиту къэIуыкIэ зиIэхэращи, тхьэмбылым къикIыж жьыкIэрэ хуиту къэIуыкIэ зиIэ макъ Iуэрхэращ. ИкIи, мыпхуэдэ къэIуыкIэ зэраIэм ипкъ иткIэщ адыгэбзэм и макъ Iуэр гуэрхэм макъзешэ къалэн щIагъэзащIэри, макъзешэн къалэныр а макъ Iуэрым и къэхъукIэрэ къэIукIэм зэрепхарэ зэрытеухуари гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщIы бзэхэм я макъ Iуэрхэр зэрыщыту макъзешэ къалэн зыгъэзащIэхэр, ауэ я къэIуыкIэкIи адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ и макъ Iуэрхэм хуэдэу хуиту къэIуыкIэ зимыIэ - зимыIэжхэрщ. Мы псалъэхэм адыгэбзэмрэ

а бзэхэм макъ Iуэрхэр язэрыхэтыр гурыIуэгъуэ къащIри, адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ и "ы, э, а, и, е, у, о" макъхэм я къэIукIэр адрей бзэхэм "Iы, Iэ, Iа, Iи, Iе, Iу, Iо"уэщ язэрыхэтыр.

Мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ зэращIщи, лъабжьэкIэрэ макъ геометриер зэрыухуа щIыкIэу хуиту къэIуыкIэ зиIэ макъ Iуэрхэм я лъабжьэр зэрыпыудакIэрэщ а бзэхэм макъ Iуэрхэр зэрыхэт хъуа щIыкIэри, а макъхэр а бзэхэм зэрыхэт хъуа мы щIыкIэри макъыбзэ лъабжьэр зэрыщIэхъумар къэзыгъэлъагъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, "ы"м деж къыщIидзэу макъ Iуэру хъуар зэрызэпыщIакIэрэ къызэрыхъуа щIыкIэкIэрэ щызекIуэ макъыбзэ лэжьэкIэ лъабжьэр зэрыщIэудакIэрэу лъытапхъэщ а бзэхэм и макъ Iуэрхэр (:макъзешэ) къызэрыхэнарэ зэрыхэлэжьыхьыр. Макъыбзэ лъабжьэр зыщIэуда а бзэхэм макъ Iуэрхэр къызэрыхэнарэ хэлэжьыхьу зэрыщIидза щIыкIэр абыхэм макъзешэн къалэн закъуэ зэрагъэзащIэкIэрэщ, икIи а макъ Iуэрхэр макъыбзэм дежкIэ макъзешэн къалэн зымыгъэзащIэ щIыкIэу къызэрыIухэри гулъытапхъэщ. А бзэхэм я мы макъхэм макъзешэ къалэну ягъэзащIэхэр макъыбзэм и макъ Iуэрхэу зытеухуауэ лъытапхъэхэм хуэдэу лъытапхъэ лэжьэкIэхэри мынаIуэ дыдэу къызхэщ лэжьэкIэ щагъэзащIи щыIэщ, ауэ ар макъыбзэм хуэдэу систематикэрэ макъ мыхьэнэкIэрэ еджапхъэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. А макъхэм макъ Iуэрхэм хагъэзэщIэхьыр макъзешэн къалэну зэрыщытыр жытIагъэххэщи, нобэ а бзэхэм къатехъукIа бзэщIэныгъэм ипкъ иткIэщ ди бзэщIэныгъэми "макъзешэ" термин хэт щхьэ макъзешэн къалэн зымыгъэзащIэхэри зыхэзыубыдэу "макъ Iуэр" термин къыщIимыгъэщIар.

*

Макъыбзэр и макъхэр игъэбэгъуэнкIэрэ зэрыхущIэкъунур гурыIуэгъуэщи, абы щхьэж къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьэ макъхэм нэмыщI, макъхэр зэрызэгухьэкIэрэ "макъ зэгуэт" къызэригъэщIыр, икIи мыпхуэдэ щIыкIэу макъ гуэрхэри "у"кIэ къэIу и макъхэр зэригъэбагъуэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэ бзэр и макъхэр игъэбэгъуэну зэрыхущIэмыкъунур, икIи игъэмэщIэну зэрыхущIэкъунур гурыIуэгъуэнщи, макъыбзэ лэжьэкIэр зэрыкIуэдым бзэм къыхуихьыр макъ гъэмэщIэн Iуэхугъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, нобэ макъыбзэу щымыт бзэхэм "макъ зэгуэт"у лъытапхъэхэр зэрыхэмытынум нэмыщI, "у"кIэрэ къэIу макъи хэткъым. НытIэ, илъабжьэкIэ адыгэбзэ макъхэмрэ а бзэхэм я макъхэр щызэтлъытэм деж, "макъ зэгуэт"хэм я гугъу зэрымыщIыпхъэм хуэдэжу, адыгэбзэм "у"кIэрэ къэIу и макъхэми (къу, кIу; кхъу, ку; хъу, ху; гъу, гу) я гугъу щытщIынкъым.

Адыгэбзэм хэтрэ "макъ пIытIа" жыхуэтIэхэри зи гугъу тщIы бзэшхуэхэм зэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, мыри мы ипэкIэ жытIахэм теухуа Iуэхугъуэу лъытапхъэщ. Аращи, зи гугъу тщIы бзэхэм адыгэбзэм и макъхэм щыщ мыпхуэдэ макъхэр хэтауэ щытами, нобэ къызэрыIу щIыкIэрэ икIи ахэр зэрытха щIыкIэкIэ макъ пIытIа жыхуэтIэхэмрэ ахэр

зэлъыта макъхэр зэхуэдэ хъужарэ зэхуэдэу щытхауэ лъытапхъэщ зи гугъу тщIы бзэхэм. Ауэ зэхуэдэу тхами, зи гугъу тщIы бзэ гуэрхэм макъ пIытIа хуэдэ гуэрхэр къызэрыхэIукIри гулъытапхъэщ.

Мы жытIами гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, зэщхьэщыкI макъхэр зэхуэдэу зэрытхрэ зэрылъытэм макъыбзэ лэжьэкIэм хигъэщIыфынур мащIэкъым. Аращи, адыгэбзэм и макъ гуп гуэрхэр зи гугъу тщIы бзэхэм зэхуэдэ зы макъыу лъытарэ тхауэ хэту зэрылъытапхъэм ипкъ иткIэ, а макъхэр адыгэбзэм зэрыхэтыр а бзэхэм егъэпщэныр игъуэкъым.

НытIэ, мы псалъэхэм зэрезэгъкIэрэ адыгэбзэм и макъ щэхухэмрэ ахэр зи гугъу тщIы бзэхэм зэрыхэт щIыкIэм деплъынщ.

Зы макъ щэху гупу тлъыта ″м, н″ макъхэр дэтхэнэ зы бзэм зэрыхэтыр гулъытапхъэщи, япэ къэхъуауэ лъытапхъэ ″м″ макъымрэ, абы къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукIауэ лъытапхъэ ″н″ макъыр бзэхэм хэмыкIуэдыкIауэ хэтщ. ИкIи, мы макъхэр бзэхэм зэрыхэт щIыкIэ гуэрхэри ахэр адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэ гуэрхэм зэрезэгъри жыIэпхъэщ. Ауэ, къэхъуныгъэкIэрэ бжьыпэр зыIыгъ ″м″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэм нэхъ узэрихьэлIэри жыIэпхъэщ. ИкIи пыщапхъэщи, мы макъхэр зэкIэлъхьэужьу къызэрыхъуарэ зэрызэпыщIам зэрезэгърагъэнщи, зи гугъу тщIы бзэ куэдым ″м, н″ макъхэр язэрыхэтри ахэр адыгэбзэми псалъэ гуэрхэм зыр зым ипIэ иту зэрыхэплъагъуэм хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

″М″ макъым адыгэбзэм хигъэзэщIыхь гуэрхэмрэ ″р″ макъым хигъэзэщIыхь къалэн гуэрхэр зэрызэплъытэ зэрыхъунур гурыIуэгъуэщ. ″Р″ макъыр ″м″ым елъытауэ иужьыIуэкIэ къэхъуа макъыу лъытапхъэми, щхьэж зы макърэ макъ лъэщу бзэм хигъэзэщIыхьыфынум зэрезэгъкIэрэ бзэхэм хэмыкIуэдыкIарэ кудыщэуи хэлэжьыхьу зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. ИкIи ″р″ макъым бзэхэм хигъэзэщIыхь къалэн куэдыр абы адыгэбзэм хигъэзэщIыхь къалэн гуэрхэм хуэдэрэ теухуауэ лъытапхъэщи, мыпхуэдэщ ″р″ макъыр кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр къэгъэлъэгъуэнрэ зэпыщIэнкIэрэ гъэзащIэ къалэныр.

Мы зи гугъу тщIа макъхэр езым хуэIуа къэхъупIэрэ къэхъукIэ зиIэу зэрыщытрэ макъ гупышхуэми зэрыщымыщыр ахэр бзэхэм зэрыхэмыкIуэдыкIам и зы щхьэусыгъуэу лъытапхъэщ, икIи ахэр зи гугъу тщIы бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэ гуэрхэм нэхъ теухуауэ зэрыщытым лъабжьэ хуэхъури мырауэ жыIэпхъэщ. Ауэ, илъабжьэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъунуращи, макъ гупышхуэхэм щыщ макъхэмрэ, макъыжьу щытрэ икIи къэIукIэкIи гугъуу лъытапхъэхэр бзэхэм нэхъ зэхъуэкIарэ зэхэгъуэщауэ къыызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. А макъхэм нэхъыбэр нобэ бзэхэм язэрыхэмытыжыр гулъытапхъэщи, ноби бзэхэм яхэт мы макъхэм ягъэзащIэри - зи гугъу тщIа щхьэж къэхъукIэ зиIэ макъхэм хуэдэу- адыгэбзэм хагъэзэщIыхьхэм нэхъ мащIэу зэрытеухуари жыIэпхъэщ.

Макъ къэхъуныгъэкӀэ япэрей макъхэм щыщу адыгэбзэми зы макъ гупу хэтар ″хь, хьӀ, һ″ макъхэращи, адыгэбзэм мы гупым щыщу нобэ къыхэнари ″хь″ макъращ. Мы гупым щыщу бзэ гуэрхэм хэтыр ″һ″ макъращи, бзэхэм абы хигъэзэщӀыхь къалэнри нахуэкъым.

Макъ къэхъуныгъэр къурмакъейм къыдэкӀыу бзэгу лъэныкъуэм и унэтӀыныгъэкӀэрэ темакъым къыщытехъукӀа ″къ″ макъым и къэӀуыкӀэ зыхэт бзэхэр щыӀэщ, ауэ абы бзэгум къыщытехъукӀа ″кӀ, чӀ″ макъхэр зи гугъу тщӀарэ зи макъхэр мащӀэ хъуа бзэшхуэхэм яхэтыжккъым. Мы ″къ, кӀ, чӀ″ макъ гупымрэ ″кхъ, к, ч″ макъ гупыр алфавитхэм зэхуэдэу ″к, ч″уэ ятхауэщ зэрыхэтри, бзэм хагъэзэщӀыхьри зэхэхьарэ зэхэгъуэщауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, макъ къэхъукӀэкӀэ ″къ″ым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа ″кхъ″ макъымрэ абыхэм (къ, кхъ) къатехъукӀыжа макъхэр (″кӀ, чӀ″, ″к, ч″) адыгэбзэм зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкӀкӀэрэ зэрыхэлэжьыхьыр зи гугъу тщӀы бзэхэм къыхэщыжккъым. Ауэ ″к, ч″ыкӀэ тха макъхэр бзэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ахэр адыгэбзэм и ″къ, кӀ-чӀ, к-ч″ макъхэм хуэдэ къалэн хагъэзэщӀыхьу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэ къыпхуохъури, мыпхуэдэщ псалъэм папщӀэ тыркубзэм зэрыхэлэжьыхь гуэрхэр: ″к, ч″ макъхэм тыркубзэм хагъэзэщӀыхь гуэрхэр адыгэбзэм а макъхэр зэрыхэт щӀыкӀэм езэгъ Ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ; икӀи, адыгэбзэм и ″къ″ макъри ″к″ыуэ зэрытхар гурыӀуэгъуэщи, ″к″ макъым тыркубзэм хигъэзэщӀыхь гуэрхэри ″къ″ макъым адыгэбзэм хигъэзэщӀыхь гуэрхэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

″Хъ″ макъымрэ абы къытехъукӀыжауэ тлъыта ″х″ макъри зи гугъу тщӀы бзэшхуэхэм я нэхъыбэм хэткъым. Зыхэт бзэхэм мы макъхэр зэхэгъэкӀыпхъэуи жыӀэпхъэкъыми, мы макъхэм адыгэбзэм хагъэзэщӀыхьым ебгъэщхьын лэжьэкӀэ зиӀэу лъытапхъэхэм урихьэлӀэнри гугъущ. Ауэ псалъэм папщӀэ, алыджыбзэм хэт ″х″ макъыр адыгэбзэм и ″х″ макъым хуэдэ лъабжьэ зиӀэу лъытапхъэщ, икӀи езыр Алыджу щыт Евклид геометрием и ординатри алыджыбзэм зэрезэгъкӀэрэ ″х″ыуэ зэрылъытари гулъытапхъэщ.

″Гъ, г, гь, дж; дз″ макъхэм щыщу бзэхэм нэхъыбэу ″гь″ырэ ″дж″ макъ яхэту лъытапхъэщи, мыхэри бзэхэм язэрыхэтыр адыгэбзэм зэрыхэтым хуэдэу зыр зым ипӀэ зэриувэкӀэрэу лъытапхъэщ. Аращи, ″гь″ зыхэт бзэ куэдым ″дж″ хэтыжккъым, - мыбы и пхэнджри ар дыдэщ. Зи гугъу тщӀа бзэшхуэхэри хэтыжу, ″гъ″ макъыр зыхэт бзэри мащӀэкъым, икӀи бзэ гуэрхэм ″гъ″ макъыр зэрыхэт щӀыкӀэ гуэрхэр абы адыгэбзэм хигъэзэщӀыхь гуэрхэм зэрыхуэдэри гулъытапхъэщ (пп: тыркубзэ); ″дз″ макъыр зыхэт бзэри куэдкъым; ауэ, ″г″ зыхэт бзэ мащӀэ дыдэу лъытапхъэщ. Аращи, мы макъ гупым щыщрэ къэӀукӀэкӀэ зэщхьхэр зэхэгъуащэу къэӀуу щӀидзарэ икӀи зэхуэдэу зэрытхакӀэрэ бзэхэм зэрыхэкӀуэдыкӀари жыӀэпхъэщ.

Адыгэбзэм и зы макъ гупу тлъыта ″жь, ж; з″хэм щыщу бзэ куэдым ″жь″ макъ зэрыхэмытыр гурыӀуэгъуэщи, ар хэтауэ щытами, и къэӀукӀэр

адрей макъхэм (нэхъыбэуи ″ж″ым) хэгъуащэу, е тхэкӀэкӀэ абыхэм хуэдэу зэрытхам ипкъ зэриткӀэ ″жь″ макъыр бзэхэм хэкӀуэдыкӀауэ лъытапхъэщ. Ауэ ″ж, з″ макъхэр бзэ куэдым яхэтщ, икӀи а макъхэр а бзэхэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа гуэрхэри а макъхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь гуэрхэм теухуауи жыӀэпхъэщ.

″Щ, щӀ, ш; с″ макъ гупым щыщу ″щ″ макъыр бзэхэм яхэтыжу лъытапхъэкъым, икӀи абы и пӀытӀа макъыу щыт ″щӀ″ макъыр бзэхэм зэрыхэмытри гурыӀуэгъуэщ. Мы гупым щыщу бзэхэм яхэт зы макъыр ″ш″ макъращи, ар бзэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэ гуэрхэр адыгэбзэм и ″ш″ макъым игъэзащӀэхэм щыщ гуэрхэм хуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ мы макъ гупым щыщу бзэхэм нэхъыбэу хэтрэ хэлэжьыхь макъыр ″с″ыращи, икӀи бзэхэм абы хигъэзэщӀыхьу узрихьэлӀэ куэдыр (щыӀэр зэрызекӀуэ, хъур къызэрыхъу, системэ къеекӀуэкӀыкӀэ) адыгэбзэм и ″с″ макъым и мыхьэнэм зэрытеухуэр гулъытапхъэщ.

″Лъ, л, лӀ″ макъ гупым щыщу бзэхэм куэдыщэу хэту узрихьэлӀэр ″л″ макъращи, абы а бзэхэм хигъэзэщӀыхьри адыгэбзэм ″л″ макъым хигъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэ гуэрхэм зэрыхуэдэри гулъытапхъэщ.

″Д, т, тӀ″ макъ гупым щыщу бзэхэм хэмыт макъыр пӀытӀа къэӀуыкӀэ зиӀэ ″тӀ″ макърауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ, ауэ зи гугъу тщӀы бзэ гуэрхэм апхуэдэ макъ къызэрыхэӀукӀри гулъытапхъэщ. Мы гупым щыщу ″д, т″ макъхэр бзэхэм хэту куэдыщэу урохьэлӀэри, мы макъхэр бзэхэм зэрыхэт щӀыкӀэ гуэрхэри (″д: лъэщыгъэ, мынаӀуэ гуэр, лӀэужьыгъуэ″; ″т: щхьэщыкӀыныгъэ, щытыгъуэ, зэхэтыгъуэ, тетыныгъэ, къару) абыхэм адыгэбзэм хагъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэ гуэрхэм теухуауэ зэрылъытапхъэри жыӀэпхъэщ.

″Ф, фӀ, в″ макъхэм щыщ макъ пӀытӀа ″фӀ″ыр зи гугъу тщӀы бзэхэм язэрыхэмытыжынур гурыӀуэгъуэнщ, ауэ ″ф, в″ макъхэр куэдыщэу яхэтщ бзэхэми, мы макъхэм щыщу ″ф″ макъыр а бзэхэм язэрыхэлэжьыхь гуэрхэр абы адыгэбзэм хигъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэ гуэрхэм теухуауэ лъытапхъэщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, ″п, пӀ, б″ макъхэм щыщу ″пӀ″ыри яхэткъым зи гугъу тщӀы бзэхэм. Ауэ ″п, б″ макъхэр куэдыщэу язэрыхэтыр гулъытапхъэщи, мы макъхэм бзэхэм хагъэзэщӀыхь гуэрхэри абыхэм адыгэбзэм хагъэзэщӀыхь къалэн гуэрхэм теухуауэ лъытапхъэщ. Ауэ ″б″ макъыр бзэхэм зэрыхэт щӀыкӀэм нэхърэ ″п″ макъым бзэхэм хигъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэхэр (пэ, ипэ, япэрей) ар адыгэбзэм зэрыхэт щӀыкӀэ гуэрхэм теухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

″ЦӀ, ц″ макъ гупым щыщу бзэхэм нэхъ хэхьар ″ц″ макърауэ жыӀэпхъэщ, ауэ ари зыхэт бзэр мащӀэщ. Псалъэм папщӀэ, нобэ урысыбзэм хэтщ ″ц″ макъри, абы игъэзащӀэ къалэн гуэрхэр адрей бзэхэм я ″с″ макъым теухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Зы макъ пӀытӀауэ щыт ″цӀ″ макъыр бзэхэм хэткъым, ауэ псалъэм папщӀэ алманыбзэм хэт ″nichts (нихьцӀ)″ псалъэ кӀэухым къыхэӀукӀ макъыр ″цӀ″ым зэрещхьыр гулъытапхъэщ, икӀи а

псалъэм и мыхьэнэри адыгэбзэм и "цI" макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

*

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэмрэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр я зэгъэпщэныгъэм теухуащ мы къэтIуэтахэри, абы икIи макъыбзэу щымытыж зы бзэм и макъхэр зы макъыбзэм къызэрытехъукIыуи еджапхъэщ. Аращи, адыгэбзэу макъыбзэм и макъхэр зэрыхэкIуэдыкIрэ мащIэ зэрыхъу щIыкIэм теухуауи еджапхъэщ мы лэжьыгъэ цIыкIури, адыгэбзэм и макъыбзэ ухуэкIэрэ лэжьэкIэр зэрыщIэкIуэдыкIкIэрэ ухуэфыну зы бзэ лэжьэкIэм теухуа щапхъэуи лъытапхъэщ. Мы зи гугъу тщIа еджэкIитIым дэтхэнэмкIи еджэ, Iуэхур зытетыр зэхъуэкIкъым. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ къэхъуа макъхэмкIэрэ макъыбзэ лIэужьыгъуэу ухуа псэлъэбзэр цIыхум зэрызэрихьэ щIыкIэкIэрэ зэхъуэкIыу зэмылIэужьыгъуэ бзэхэр утыку къызэрихьэфынум теухуа зы щапхъэу лъытапхъэщ икIи мы къэтIуэтахэр. Макъыбзэм и лэжьэкIэр зэрыщIэкIуэдыкIкIэрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэр къытехъукIыфынщи, макъ мыхьэнэхэр зыщIэкIуэдыкIарэ псэлъэпкъыу лъытэжыпхъэхэр лъабжьэ зыхуэхъужа къежьапIэ зиIэу ухуэжрэ лэжьэкIэ зиIэ бзэхэр утыку къохьэфыр. Мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкIэр зыщIэкIуэдыкIарэ и макъхэр систематикэу бзэм хэмылэжьэхьыфми, абы и макъ гуэрхэр иджыри къызтехъукIа макъыбзэм и лэжьэкIэ гуэрхэр къызэрыхэщу зэрыщытыфынур гурыIуэгъуэнщ; аращи, зы макъыбзэмрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэм ахэр зэрыухуа макъкIэрэ зэлъытэныгъэрэ зэпыщIэныгъэ зэрызыхуаIэфынур гурыIуэгъуэнщ.

Зы макъыбзэм и макъхэмрэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр зэгъэпщэныгъэу лъытапхъэщ мы лэжьыгъэ цIыкIури, макъыбзэу щымыт бзэхэри зэщхьэщыдымыгъэкIыущ дызэрытепсэлъыхьар. Ауэ, бзэ псори макъыбзэм елъытауэ зэхуэдэу зэрымылъытапхъэр, бзэ гуэрхэр адрейхэм елъытауэ макъыбзэм нэхъ зэрыхуэпэгъунэгъур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, нобэрей бзэщIэныгъэм псэлъэпкъхэри и кIуэцIкIэ щызэхъуэкIыфу илъытэ кэлтыбзэмрэ самиибзэхэм (саамыбзэ) я лэжьэкIэр нобэрей европэбзэхэм елъытауэ макъыбзэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Макъыбзэ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэр зэрыухуэфым къыщымынэу, щыIэгъуэ ужьыгъуэу утыку къихьа псэлъэбзэр зы макъыбзэу щытми, ар зэрызекIуэрэ цIыхум зэрызэрихьэм къызэрыгуэкIкIэ зэщхьэщыкIыныгъэ зэригъуэтыфынури гурыIуэгъуэнщ. Макъ къэхъуныгъэм дэухуэу утыку къихьэ макъыбзэми цIыхум и гъащIэр зэрызыригъакIуэм зэрелъытакIэрэ зэщхьэщыкIыныгъэ егъуэтыфри, ар зэхуэдэ зы бзэу зы макъыбзэу щытми, и кIуэцIкIэрэ зэщхьэщыкIыныгъэ егъуэтыфыр. Макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ ягъэзащIэ къалэнрэ мыхьэнэ зиIэу ухуа зы макъыбзэр зэрызекIуэрэ зэрыужьым ипкъ иткIэ, и макъхэр абы зэрыхэлэжьыхьым мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэрыбагъуэм нэмыщI, макъыбзэр мы макъ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ

зэрыухуэ щӀыкӀэр кӀуэ пэтрэ ар цӀыхум зэрызырихьэ щӀыкӀэм зэрелъытакӀэрэ зохъуэкӀри, и лэжьэкӀэрэ и макъхэр зэрыхэлэжьыхьыр хроникэ зэрыхъу щӀыкӀэкӀэрэ макъыбзэм и кӀуэцӀкӀи зэщхьэщыкӀынығъэ егъуэтыр. Аращи, макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэр зи лъабжьэу зэрыухуэм нэмыщӀ, ар зезыхьэр "цӀыху"у зэрылъытами зэрезэгъкӀэрэ абы и хуитыныгъэмрэ и псэукӀэм елъытауэ псэлъэбзэр зэрызэхъуэкӀыфынур гурыӀуэгъуэнщи, макъыбзэм макъыбзэ лэжьэкӀэ зимыӀэж бзэхэр къызэрытехъукӀыфым нэмыщӀ, зы макъыбзэми езым и лэжьэкӀэкӀэ зэхъуэкӀыныгъэ егъуэтыфри, мыри псэлъэбзэр антропологие лъэныкъуэкӀи хроникэ зэрыхъу щӀыкӀэм теухуа Ӏуэхугъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, макъыбзэ лэжьэкӀэ зиӀэ дэтхэнэ зы бзэм и лэжьэкӀэмрэ абы макъхэм хагъэзэщӀыхь Ӏуэхугъуэхэри зэхуэдэн хуейуэ лъытапхъэкъым. Ар зы макъыбзэу щытми, зи гугъу тщӀа щӀыкӀэкӀэрэ и кӀуэцӀкӀэ зэхъуэкӀыныгъэ зэригъуэтыфыр гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэщ макъыбзэу щыт адыгэбзэм жьэрыпсалъэкӀэрэ зэхъуэкӀыныгъэ зэригъуэтар. Аращи, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ бзэ лэжьэкӀэ гуэрхэмкӀи зэрызэщхьэщыкӀым къыщымынэу, зы бзэрэ макъыбзэу щытми, адыгэбзэм и жьэрыпсалъэрэ диалектхэр макъ гуэрхэмкӀи зэщхьэщыкӀыу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Зы макъым и къэӀукӀэр зэрызэхъуэкӀым нэмыщӀ, и диалектхэм хэт макъхэмрэ макъ бжыгъэкӀи зэщхьэщыкӀыу зэрыщытри гулъытапхъэщ адыгэбзэр жьэрыпсалъэрэ диалекткӀэрэ. Ауэ, ар зэрыухуа щӀыкӀэрэ и лэжьэкӀэкӀэ иджыри зэхуэдэ зы бзэу зы макъыбзэщи, адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалектхэр къызэрытехъукӀыр зы макъыбзэр бзэ лъхуэщӀауэ зэрыщытрэ зэрыбзыгъэм теухуауэ лъытапхъэщ.

Макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэкӀэ бзэ унэтӀыныгъэ лъагъуэхэр зэрызэщхьэщыкӀым и зы щапхъэфӀщ адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалектхэр къызэрытехъукӀыр. Аращи, адыгэбзэм къиӀуатэ дэтхэнэ гуэрыр зэхуэмыдэ макъкӀэрэ зэрылъытэу ухуэ псалъэхэмкӀэрэ жьэрыпсалъэхэр утыку къихьэу бзэ зэщхьэщыкӀыныгъэ къызэрыхъур гурыӀуэгъуэщ; икӀи мыбыи къыщымынэу, абы и макъыбзэ лэжьэкӀэм икӀи диалектхэр къызэригъэщӀыфынур, кӀуэ пэтрэи зэблагъэ щхьэ зэхуэмыдэ бзэхэр къызэригъэщӀыфынури гурыӀуэгъуэнщ.

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалектхэр къызэрытехъукӀыр бзэр зэрызэхъуэкӀым теухуа щапхъэфӀыу лъытапхъэщ. Адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалекткӀэрэ макъ къэӀукӀэкӀэ зэщхьэщыкӀыныгъэ зэригъуэтам нэмыщӀ, и жьэрыпсалъэрэ диалектхэм зэхуэмыдэ макъхэр язэрыхэтри ипэкӀэ къыхэдгъэщагъэххэщ. Ауэ я зэхуэдэ макъхэри бзэм щызэрызекӀуэ гуэрхэми зэщхьэщыкӀыныгъэ зэрызыхуаӀэри гурыӀуэгъуэщ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм. Аращи, дэтхэнэ зы жьэрыпсалъэрэ диалектым дэтхэнэ гуэрыр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу зэхуэдэ

макъкӀэрэ ухуа псалъэкӀэ къиӀуэтэн хуейуэ зэрыщымытынури гурыӀуэгъуэнщ.

Мы къэтӀуэтахэр адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀа япэрей лэжьыгъэхэми, къытпэщыт лэжьыгъэхэми къызэрыхэщынур гурыӀуэгъуэщ, ауэ дэ ди Ӏуэхур адыгэбзэм и зы къудамэу щыт къэбэрдеибзэращи, мы лэжьыгъэхэм адыгэбзэм и жьэрыпсалъэрэ диалектхэми дызэрыхэмыхьэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, зи гугъу тщӀы Ӏуэхугъуэр икӀэ нэгъунэ къызэрыгъэлъэгъуэфынур адыгэбзэм и жьэрыпсалъэрэ диалектхэр зэгъэпщэн Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, бзэ зыужьыгъуэрэ зэхъуэкӀыныгъэм теухуауэ ипэкӀэ къэтӀуэтахэм и щапхъэфӀыу лъытапхъэщи, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект гуэрхэм макъхэр зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэхэмрэ, зэхуэдэ Ӏуэхугъуэр абыхэм зэхуэмыдэ макъкӀэрэ къызэраӀуатэ щӀыкӀэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Мы зи гугъу тщӀам теухуа зы щапхъэщи, жьэрыпсалъэрэ диалектхэм я зэхуэдэ псалъэу хэт ″кӀуэн″ глаголыр ″ит зэман″рэ ″блэкӀа зэман″ым теухуауэ зэрылажьэр зэрызэщхьэщыкӀрэ зэрызэпыщӀари зыхэплъагъуэрщ: «сэкӀуэ; сэикӀуэ→секӀуэ; сэукӀуэ; сэукӀуэ→сокӀуэ»; «сыкӀуа, сыкӀуагъ, сыкӀуакӀэ, сыкӀуащ». Адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектуи ялъытэхэм мы глагол лэжьэкӀэм цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ (сэ) макъхэр я зэхуэдэу къызэрыпыхьар гулъытапхъэщ. Абы (сэ) къыкӀэлъыкӀуэ макъкӀэрэ (и, у) ит зэман лэжьэкӀэм жьэрыпсалъэхэр къызэрытехъукӀыр гулъытапхъэщи (сэ-и-кӀуэ; сэ-у-кӀуэ), мы къыкӀэлъыкӀуэ макъым елъытауи цӀэпапщӀэм и ″э″ кӀэухыр къыкӀэлъыкӀуэ макъым хэжыхьауэ (″эи→е″; ″эу→о″) къызэрыӀукӀэрэи аргуэру зэрызэщхьэщыкӀыжыр гулъытапхъэщ. БлэкӀа зэман лэжьэкӀэм и цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэр я зэхуэдэу ″сэ-ы→сы″уэщ къызэрыӀури, блэкӀар къэзыгъэлъагъуэ ″а″ макъри я зэхуэдэщ, ауэ а блэкӀар утыку къызэрихьэ щӀыкӀэр утыку къызэрырилъхьэ щӀыкӀэр зэрызэщхьэщыкӀкӀэрэ жьэрыпсалъэхэр къызэрыхъури гулъытапхъэщ. Аращи, блэкӀар щхьэж ″а″ кӀэухкӀэрэ зэрылъытэфынум (сыкӀуа) нэмыщӀ, мы блэкӀауэ лъытар (а) гъэзэщӀауэ зэрыщытыр ″гъэ-ы→гъ″ыкӀэрэ гъэлъагъуэу (сыкӀуагъ); блэкӀауэ лъытар (а) щыпӀэрэ щыгъуэм иуварэ щыӀэгъуэ зыгъуэтауэ зэрылъытауэ (сыкӀуащ); блэкӀауэ лъытар (а) зэфӀэкӀарэ кӀэ зэригъуэтакӀэрэ зэрылъытэу (сыкӀуакӀэ) къызэрыӀуэтэфым жьэрыпсалъэхэр къызэригъэщӀыр гулъытапхъэщ. Зы макъыбзэм жьэрыпсалъэхэр къызэрытехъукӀым теухуа мы щапхъэми гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, дэтхэнэ гуэрыр фӀыкӀыпӀэ имыӀэу зы макъ закъуэкӀэ къэӀуэтэн хуейуэ щыткъым; зыгуэрыр и къэхъукӀэм елъытауэ узэреплъ щӀыкӀэкӀэ къызэрыӀуэфынур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу зыгуэрыр зэхуэмыдэ макъкӀэрэ къызэрыӀуатэм жьэрыпсалъэхэр къызэригъэхъури гулъытапхъэщ.

Я зэхуэдэу ухуа зы псалъэр (″кӀуэн″ глаголыр) бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэу, глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэр зэрызэпкъырыувэр

зэрызэщхьэщыкIрэ зэрызэлъытам теухуауэ зи гугъу тщIа мы щапхъэм нэмыщI, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм зы Iуэхугъуэр къызэраIуатэ псалъэр зэрыухуэ макъкIэрэ зэрызэщхьэщыкIыфынури гурыIуэгъуэнщ. Зыгуэрыр къызэрыIуатэ псалъэр зэрыухуэ макъхэр а псалъэр зытеухуар зэрылъытэ щIыкIэри, зэхуэдэ зы Iуэхугъуэр зэхуэмыдэ макъкIэрэ ухуа псалъэмкIэ къыщыIуатэм деж, а Iуэхугъуэр зэхуэмыдэ лъэныкъуэрэ еплъыкIэкIэ къэIуатэу аращ. НытIэ, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм зы Iуэхугъуэр зэхуэмыдэ макъкIэ ухуа псалъэкIэрэ къызэраIуатэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Аращи, я зэхуэдэ зы макърэ я зэхуэмыдэ зы макъкIэ ухуа псалъэхэм теухуащ илъабжьэкIэ къэта щапхъэхэри, зэхуэдэ зы Iуэхугъуэр къызэрыIуатэ псалъэм я зэхуэмыдэ макъыу хэтым игъэзащIэм елъытауэ псалъэм къиIуатэ Iуэхугъуэр зэрылъытэр зэрызэщхьэщыкIыр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щапхъэщи, мы псалъэхэр зэрыухуэм деплъынщ: «″жыг – чыг″: я зэхуэдэу ″г″ макъкIэрэ лажьэу ухуа мы псалъэхэр къызэрежьэ макъкIэрэ (ж, ч) зэрызэщхьэщыкIыр гулъытапхъэщи, зым ″генетикэ зэпыщIэныгъэ (ж)″ зэриIэкIэрэ, адрейри ″чы лIэужьыгъуэ″у зэрыщытыр къызэрыхигъэщкIэрэ ″егъэлеяуэ джыныгъэ (г)″ зиIэ гуэр зэрылъытэ псалъэ зэрыухуэм теухуащ»; «″бажэ – багъэ″: псалъэ къежьапIэр я зэхуэдэу (бэ), ар зэрылажьэ кIэух макъыр зэщхьэщыкIыу ухуа псалъэхэщ мыхэри, япэрей псалъэм ″бэ″уэ щытыр ″жэн″ Iуэхугъуэу зэрыщыткIэрэщ зэрилъытар; иужьрей псалъэми ″гъын-джын″ Iуэхугъуэу зэрыщыткIэрэщ зэрилъытар».

*

Зы макъыбзэр макъкIэрэ лажьэ зы бзэрщи, абы дэтхэнэ гуэрыр зэхуэмыдэ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэриIуатэу зэхуэмыдэу ухуэ псалъэхэмкIэ утыку къызэрырилъхьэфынур гурыIуэгъуэщ. Зы макъыбзэр мыпхуэдэу лэжьэкIэбэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, абы хуиту жьэрыпсалъэхэр, кIуэ пэтрэи диалектхэри къызэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, зы макъыбзэр жьэрыпсалъэрэ диалекткIэрэ хуиту зэрызэщхьэщыкIыгъуафэр гурыIуэгъуэщ. Мы псалъэм зэрезэгъкIэрэ ипэкIэ къэта мы щапхъэхэм нэмыщI, макъ мыхьэнэ зэримыIэм папщIэ псалъэхэм ищхьэми зыщыумылъагъуэ ″р″ макъыр адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект гурхэм псэлъащхьэу зэрыплъагъуэми, икIи ″р″ макъыр нэгъуэщIыбзэхэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэ гуэрхэм и лъабжьэри ар и гугъу зэрытщIа щIыкIэкIэ адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм езэгъыу лъытапхъэщи, мыбыхэм илъабжьэкIэ гулъытэ хуэтщIыжынщ.

И къэхъукIэр щхьэжу езым хуэIуарэ и къэIукIэкIэ зэхэхыгъуафIэу щыт ″р″ макъыр къэбэрдеибзэм зэрыхэт щIыкIэр мы и къэIукIэм зэрезэгъкIэрэ кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр зэхэхынрэ фIэкIыпIэ имыIэу гурыIуэгъуэ зыхуэщIын къалэн игъэзащIэ закъуэущ. Мы и къэIукIэм къызэрыгуэкIкIэ, къызкIэлъыкIуэр зэхэхыгъуафIэ зыщI ″р″ макъыр нэгъуэщI адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм псалъэхэм ищхьэми къыпыхьэфу яхыболъагъуэр. Ауэ псалъэхэм ищхьэм ″р″ыр къыщыпыхьэкIэ гъэзащIэр езым ипэ зы

макърэ псалъэ гуэр зэрылъытэ къалэнкlэрэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, къиlуэн хуэмыныкъуэ зы макърэ псалъэр зэрылъытакlэрэ абы къызэрыкlэлъыкlуэ къалэнкlэрэу лъытапхъэщ ″р″ макъыр адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхьыр. Псалъэм папщlэ, ″рикlуагъ″ хуэдэ псалъэхэр ″р″ыкlэ къежьэу плъагъуми, ″р″ым ипэ къихуэр къиlуэн зыхуэмыныкъуэ ″и″ращ. ″И″р зы джыпlэу зыгуэр къэзыгъэлъагъуэ макъщи, ар къэмыlуми, абы къиlуэтапхъэр зэрылъытагъэххээкlэрэщ псалъэр ″р″ыуэ къызэрежьэр: ″рикlуагъ″ псалъэр ″ирикlуащ″ жыхуиlэрщи, псалъэр къызэрежьапхъэ ″и″р къиыlуу ″р″ыкlэкlэ зы джыгъуэр къызэрыгъэлъэгъуагъэххэу ухуа псалъэу лъытапхъэщ ″рикlуагъ″ыр (ирикlуагъ).

Къызкlэлъыкlуэрэ зытеухуар фlэкlыпlэ имыlэу зыгъэлъагъуэ ″р″ макъыр къызкlэлъыкlуэрэ зытеухуар аргуэру къэгъэлъэгъуэн къалэн гъэзэщlэнкlэрэи зехьапхъэщи, ″р″ыр псалъэм ищхьэми икlэми къыщыпыхьэкlэ а псалъэр зэрыщыту егъэлъагъуэр, егъэлъэгъуэжыр: мыпхуэдэщ адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″рыкlуагъ″ щыжиlэкlэ къиlуатэри, ар зыдэкlуэну щытым зэры″кlуэжа″ращ. Мы щапхъэм къызэригъэлъагъуэрщи, адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″р″ макъым икlи къэбэрдеибзэм ″ж″ макъым хигъэзэщlыхьыр егъэзэщlэфыр.

Мы и къалэным зэрезэгъкlэрэ ″р″ макъыр зыгуэрыр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэнкlэрэ зыхэлэжьыхьыр адыгэбзэ закъуэракъым. Адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм мы ипкlэ зи гугъу зэрытщlа щlыкlэм хуэдэу ″р″ макъыр бзэ куэдым ″мыувыlэу джын″рэ ″аргуэру джыжын″ е ″иджыри джын″ lуэхугъуэхэр игъэзащlэу зэрыхэтри гулъытапхъэщ. Европэбзэхэми мыпхуэдэ къалэн хигъэзэщlыхьу урехьэлlэр ″р″ макъми, мыр икlи зы макъыу ″р″ым и къэlукlэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ. Аращи, европеибзэхэм псалъэм ищхьэм къыпыхьэ ″р″ым ″аргуэру джыжын″рэ ″мыувыlэу джыжын″ lуэху зэригъэзащlэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «рэпэтэ/рэпит; акцэ → реакцэ; патриант → репатриант; пас → репас; флешир → рефлэшир; флекс → рефлекс; сурс → ресурс». Нобэ европэбзэхэм имызакъуэу фарысыбэми псалъэхэм и кlэух ″р″ым ″аргуэру джыжын″ lуэхугъуэ игъэзащlэу зэрыхэлэжьыхьри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «стикрар - истикрар (стабилизацэ зэрыхъуа щlыкlэу къекlуэкlрэ лэжьэкlэ зиlэ); икрар (а и лэжьэкlэу зэрыщытыр къэбыл щlын), карар (унафэ, а зэрылъытам тетынрэ тету лэжьэн),- текрар (а зэрыщытым тету мыувыlэу лэжьэкlэ зиlэ)».

Мы къэта щапхъхэм макъыбзэу щымыт бзэхэми макъ гуэрхэм я лэжьэкlэ гуэрхэр макъыбзэ лэжьэкlэ пэлъытэу зы систематикэ lыхьэкlэрэ зэрыхэлэжьыхьыр къагъэлъагъуэу лъытапхъэщ. Икlи зэрыжытlэрэ зэрылъытапхъэрщи, псэлъэбзэр макъкlэрэ зэрыухуарэ и къежьапlэри макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы бзэми и макъ гуэрхэр и лэжьэкlэ гуэрхэм мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкlэ лъабжьэ иlэжу къызэрыхэнэжыфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращ икlии, и къэхъукlэм

зэрезэгъкlэрэ псалъэ кlэухыущ "р" макъыр бзэ куэдым зэрыхэтри, ар макъ мыхьэнэ зимыlэу къэхъуа макъ щэху закъуэу зэрылъытапхъэри ипэкlи жытlагъащ. Ар езыр мыхьэнэншэщи, къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрыщыту къабыл дэзгъэщlщ. Ар къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр зэрыщыту импозицэ къытхуэзыщlрэ къабыл дэзыгъэщl макъщи, ар щызэхэтхым деж абы зэхидгъэхрэ фlэкlыпlэ имыlэу гурыlуэгъуэ къытхуищl гуэр щыlэщ. Ар езыр щызэхэпхкlэ фlэкlыпlэ имыlэу къэбыл пщlыну гуэр щыlэщ. Мыпхуэдэу зэрыпыщlэкlэрэ уздэкlуэнур щхьэж зы макъыу "р"ыр зыщызэхэпхрэ зыдэщыlэм къэмыlуатэми, зэхэхын хуейрэ гурыlуэгъуэ зыхуэщlын хуей гуэр зэрыщыlэращ. Ар кlэух зыхуэхъур фlэкlыпlэ зэримыlэкlэрэ гурыlуэгъуэ зыщlрэ къэзыгъэлъагъуэрщи, "р" макъыр щхьэжу къыздыщыlуми фlэкlыпlэ зэримыlэкlэрэ цlэимыlуэу гурыlуэгъуэ зыхуэщlын хуей гуэр щыщыlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. "Цlэимыlуэ" щыжыпlэм деж, икlи ар цlыхум дежкlэ табу зытелъ гуэру зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Тхьэрэ тхьэ lуэхугъуэхэр мыпхуэдэ цlэимыlуэкlэрэ зэрылъытауэ зэрыщытари дин къэхъуныгъэрэ културал антропологием теухуа щlэныгъэхэм къызэрыхэщри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, нобэрей адыгэбзэм "р" макъыр зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм "р"ыкlэрэ къызэрыгъэлъагъуэу ухуа тхьэцlэ хэмытми, "р" макъыр щхьэж къызэрыlукlэрэ цlэимыlуэ гуэрхэр гурыlуэгъуэ зэрищlкlэрэ къэхъупхъэ тхьэцlэхэу "Ра, Ри, Ре, Рэ, Ры" хуэдэхэр бзэ гуэрхэм хэтмэ, мыпхуэдэхэр къызэрыхъуам и лъабжьэр "р" макъым теухуауэ мы ипэкlэ жытlахэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Нобэ абэзэбзэми хэтщ "Ра"р зы тхьэцlэу, ауэ ар абэзэбзэм къигъэщlауэ е нэгъуэщlыбзэу (Мысыр) абы къыхэхьауэ зэрыщытыр зэхэхугъуейщ. Ауэ ар къызэрыхъуа щlыкlэр "р" макъым игъэзащlэ къалэну зи гугъу зэрытщlа щlыкlэрауэ зэрыщытри жыlэпхъэщ.

## АДЫГЭБЗЭМ И ЛЭЖЬЭКIЭМРЭ И ПСАЛЪЭХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУРЭ ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫУВЭ ЩIЫКIЭКIЭ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭР

Зы псэлъэбзэр щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къэхъу макъхэмкlэрэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм зэрезэгъкlэрэ ухуэу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэр зы макъыбзэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Макъыбзэу ухуа зы псэлъэбзэр макъ къызхэзыгъэlукl цlыхум хуэухуарэ дэухуаращи, мыпхуэдэу ухуа псэлъэбзэр ар зезыхьэ цlыхуми зэрызигъэужьынури гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псэлъэбзэм кlуэ пэтрэ цlыхум и зехьэкlэрэ и инициативи зэрыхэщlэнур гурыlуэгъуэщ. Псэлъэбзэр макъыбзэу къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, щыlэгъуэм зэрезэгъкlэрэ зэрызекlуэрэ зэрыужьым къыкlэлъыкlуэу, псэлъэбзэ ужьыгъуэм ар зезыхьэ цlыху щlеинрэ псэукlэми къыхилъхьэну гуэрхэр кlуэ пэтрэ зэрыбэгъуэфынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, къызэрыхъуа щlыкlэр

зэрилъабжьэкlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэ иlэми, макъыбзэу ухуа псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэм нэмыщl lуэхугъуэхэри зэрылъытэу бзэм щызэрызекlуэфынур, икlи цlыху инициативыр зэрыхэлэжьыхькlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэри лантlэ зэрыхъуфынур гурыlуэгъуэщ; ауэ, псэлъэбзэ ужьыныгъэм мыпхуэдэ макъыбзэ лэжьэкlэ лъабжьэ зхыумылъагъуэж лэжьэкlэхэри къызэригъэщlыфынури гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, цlыхум илъагъурэ зэхиххэр зэрилъытэ щlыкlэу, макъ мыхьэнэ лъабжьэ зимыlэу макъ мыхьэнэншэрэ макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ псалъэхэр къызэригъэщlыфынури гурыlуэгъуэнщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэми и псалъэ гуэрхэм мыпхуэдэ къэхъуыкlэ зэраlэр гулъытапхъэщ. Макъыбзэ лэжьэкlэм зэрытекlкlэрэ мыпхуэдэ лэжьэкlэхэри къызэригъэхъум нэмыщl, икlи нэгъуэщlыбзэу къэхъуа псалъэхэри бзэм къызэрыхэхьэфынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэ макъыбзэ лэжьэкlэм къыкlэлъыкlуэу, ар лантlэ зэрыхъу щlыкlэкlэрэ бзэм лэжьэкlэ зэригъуэтым нэмыщl, макъ мыхьэнэншэкlэрэ къэхъу псалъэхэмрэ хамэбзэу къыхэхьэ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр бзэ лэжьэкlэ лlэужьыгъуэхэу зэщхьэщыкlыу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, мы лэжьыгъэ lыхьэ цlыкlум мыпхуэдэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъыбзэу къэхъуа псэлъэбзэм зызэриужьым кlуэ пэтрэ цlыхум и инициативыр нэхъ ипэ ищурэ ар къызэрежьарэ зэрызекlуэу щыта макъыбзэ лэжьэкlэр щlэхъумэу зэрыщlидзэфынури гулъытапхъэщи, нобэ макъыбзэ лэжьэкlэр зыщlэхъумарэ зыфlэкlуэда бзэхэр мыпхуэдэу ухуэжауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ ноби адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы и псалъэхэр къызэригъэщlымрэ абы къхэхьэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр зэхэхупхъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, къызэрыхъуарэ зи гугъу тщlа щlыкlэкlэрэ ухуа псалъэхэри зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм елъытауэ адыгэбзэм и лэжьэкlэрэ и псалъэхэр категоризацэ зэрыпщlыфынур, икlи псалъэхэр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэ бзэр зэрызэпкъырыуварэ зэрызэпкъырылъ щlыкlэрэ щlыпlэхэри щхьэхуэ щхьэхуэу бзэ лэжьэкlэ сферхэу зэрыплъытэфынури гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъыбзэу къыщlэзыдза псэлъэбзэр зэрызекlуэкlэрэ зэрыухуэж щlыкlэхэм теухуа зэхъуэкlыпlэхэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, мы зэхъуэкlыпlэхэм теухуауэ бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэр категоризацэ зэрыпщlыфынур, икlи мы зэхъуэкlыпlэхэм я зэхуакури псэлъэбзэ ухуэныгъэм теухуа сферхэу зэрыплъытэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэр зэрылъытапхъэ категоризацэрэ сферхэм я къежьапlэрэ лъабжьэри макъыбзэ лэжьэкlэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Ауэ, псэлъэбзэ лэжьэкlэм мы и lыхьэхэр сферу щылъытэм деж, абыхэм зэпыщlэныгъэрэ зэлъытэныгъэ зыхуамыlэрэ щхьэж къэхъуыкlэ яlэу зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, бзэм и лэжьэкlэр щхьэхуэ щхьэхуэу категоризацэрэ сферу зэщхьэщыбгъэкlыныр гугъущ;

сферу зэрызэщхьэщыбгъэкl пщалъэри, зы сферыр къыздыщlидзэрэ щыухри лъытэныр сытым дежи тыншкъым. Бзэ лэжьэкlэр мыпхуэдэ сферхэу зэщхьэщыбгъэкlми, зыр зым къызэрытехъукlкlэрэ бзэ ужьыгъуэ lэнатlэрэ lыхьэхэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ахэр зэрызэлъытарэ зэрызэпыщlари лъытэн хуейщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, мы жытlахэр макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ жыlэпхъэхэщ, икlи мыбдежым мыпхуэдэ категоризацэрэ сферхэр зыхуэтлъытэнури адыгэбзэращ.

Псэлъэбзэм къигъэщl псалъэхэр къызэрыхъурэ зэрыухуэ щlыкlэм теухуащ бзэ лэжьэкlэ lыхьэрэ сферхэр зэрылъытапхъэри, нытlэ, адыгэбзэм теухуа бзэ лэжьэкlэ сферхэр мыпхуэдэу зэрылъытэрэ абыхэм хиубыдэ псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкlуэкlыну мы лэжьыгъэр адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытрэ макъыбзэри псэлъэбзэм и къежьапlэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ псэлъэбзэ жыхуэтlэр къызэрежьэрэ зэрызэпкъырыувэми теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, адыгэбзэм зэрезэгъкlэрэ тлъытэ мы сферхэр дэтхэнэ зы бзэми теухуауэ лъытапхъэ хуэдэми, нобэ бзэ куэдым макъыбзэ лэжьэкlэ зэрамыlэжым ипкъ иткlэ, адыгэбзэм теухуарэ хуэlуа сферхэм елъытауэ а бзэхэм я ухуэкlэрэ лэжьэкlэ сферхэр лъытэныр зэрымыигъуащэри гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэр зэрымакъыбзэм теухуауэ къедгъэкlуэкlа япэрей лэжьыгъэхэми, икlи мы къедгъэкlуэкl лэжьыгъэм хуэдэжу къытпэщыт лэжьыгъэхэми мы зи гугъу тщlы lуэхугъуэхэр къызэрыхэщыпхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэр бзэр зэрыухуарэ зэрылажьэ дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр зыхэзыубыдэрэ бзэр зэрыщыту зыщlэзыубыдэ лэжьыгъэ кlыхь хъун хейуэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Апхуэдэ лэжьыгъэр адыгэбзэм теухуауэ иужькlэ игъуэ щыхъурэ дыхущlэхьэу утыку къыщитлъхьэм, мыбдежым зи гугъу тщlыну сферхэм теухуа детал куэдым зызэрагъэлъэгъуэнури гурыlуэгъуэнщ; ауэ, мыбдежым адыгэбзэр зэрызэпкъырыуварэ зэрызэпкъырылъ сферхэм гулъытэ хуэтщlыу, абыхэм теухуа щапхъэ ирикъун хуэдиз къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Адыгэбзэ лэжьэкlэмрэ и псалъэхэр къызэрыхъурэ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуэм теухуауэ сфер сферу зэрылъытапхъэр илъабжьэкlэ къэтащ. Ауэ, зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъщи, адыгэбзэм и лэжьэкlэрэ и псалъэхэр сфер сферу щыплъытэм деж, абы и нэхъ сферышхуэр макъыбзэ лэжьэкlэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, адыгэбзэм езым и макъыбзэ лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм нэмыщl, макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ псалъэхэри иухуауэ зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэ псалъэхэр къэхъукlэрэ мыхьэнэкlэрэ зэщхьэщыгъэкlын хуеймэ, мыхэри зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, адыгэбзэм езым къигъэщlа псалъэхэр макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэмрэ макъ мыхьэнэ зимыlэ псалъэхэу тlууэ зэщхьэщыгъэкlыпхъэщи, зэ щхьэ адыгэбзэр мыпхуэдэ сферитlу зэхэлъу лъытапхъэщ. Икlи къыхэгъэщыпхъэщи, макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ къэхъуауэ мыхьэнэ зимыlэу ухуауэ мы зи гугъу тщlы

псалъэхэр макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа псалъэхэм елъытауэ мащӏэ дыдэщ. Ауэ дэтхэнэ зы бзэм хамэбзэ псалъэ зэрыхэхьэм хуэдэщи, адыгэбзэм езым къигъэщӏа мы щӏыкӏитӏкӏэ ухуауэ хэт и псалъэхэм нэмыщӏ, хамэбзэу къыхэхьа псалъэхэр зэрыхэтри гурыӏуэгъуэщ. Мыбдежым зи гугъу тщӏы хамэбзэ псалъэхэри адыгэбзэм щыщ хъужарэ езы адыгэбзэм и лэжьэкӏэм езэгъыу хэлэжьыхь псалъэхэрауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэнщ. Икӏи, хамэбзэу адыгэбзэм къыхэхьарэ щыщ хъужарэ хэлэжьыхьу зи гугъу тщӏы мы псалъэри мащӏэ дыдэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, хамэбзэу къыхэхьарэ бзэм щыщ хъужа псалъэхэри хэтыжу, адыгэбзэм щызекӏуэ псалъэхэр сферищу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ, адыгэбзэм и лэжьэкӏэ нэхъыбапӏэр макъыбзэ лэжьэкӏэрэ макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа псалъэхэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, мы макъыбзэ лэжьэкӏэри и кӏуэцӏкӏэ зэрызэщхьэщыгъэкӏыпхъэр гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр макъыбзэм къытехъукӏ сферхэу щылъытэм деж, адыгэбзэ лэжьэкӏэмрэ и псалъэхэр мыхьэнэкӏэрэ зэрылъытэ сферхэр зэрыбгъэбэгъуэфынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, мыбеджым зи гугъу тщӏа сферищым къыщымынэу, макъыбзэ лэжьэкӏэ лӏэужьыгъуэу къэхъуа псалъэхэри я къэхъукӏэрэ мыхьэнэ ухуэкӏэкӏэ щхьэхуэ щхьэхуэу зэрылъыткӏэрэ адыгэбзэ лэжьэкӏэрэ псалъэхэр зэрызэщхьэщыкӏыр нэхъыбэ сферкӏэрэ лъытапхъэщи, илъабжьэкӏэ мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Псэлъэбзэм и къежьапӏэу щыт макъыбзэр макъхэр къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэ ухуэ логие лӏэужьыгъуэрщ. Щыӏэгъуэ ужьыгъуэкӏэрэ къэхъуа макъхэм щыӏэгъуэм теухуа мыхьэнэ зэриӏэм ипкъ иткӏэ, мыпхуэдэ макъкӏэрэ ухуа псэлъэбзэр щыӏэгъуэм теухуа логие зиӏэрщи, абы дэтхэнэ зы щыӏэр зэрилъытэрэ къызэриӏуатэри а щыӏэм и щыӏэгъуэкӏэрэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкӏэ зиӏэу псэлъэбзэми и къежьапӏэрэ лъабжьэу щытыр макъыбзэ лэжьэкӏэ зиӏэрщи, мыр псэлъэбзэм лъабжьэ хуэхъу сферырщ, псэлъэбзэ купщӏэ сферырщ.

Мыпхуэдэу ухуарэ лэжьэкӏэ зыгъуэта псэлъэбзэр кӏуэ пэтрэ ар зезыхьэ цӏыхум и щыӏэкӏэрэ гъащӏэр къызэрекӏуэкӏми елъытауэ лэжьэкӏэ зыгъуэтыфыну зэрыщытым къызэрыгуэкӏэкӏэ, псэлъэбзэр макъыбзэ лэжьэкӏэм зэрытекӏыфынури гурыӏуэгъуэнщ. Мыращ макъыбзэ лэжьэкӏэу тлъытарэ псэлъэбзэм и сфер лъабжьэм къыкӏэлъыкӏуэ сферхэр утыку къызэрихьэ щӏыкӏэр. Ауэ, макъыбзэ лэжьэкӏэм къыкӏэлъыкӏуэу ухуэ сферхэм макъыбзэ лэжьэкӏэ сферыр щӏихъумэрэ щӏэкӏуэдыкӏыу лъытапхъэкъыми, мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкӏэр щӏэмыударэ хэмыгъуэщамэ, псэлъэбзэр зэрызекӏуэну щӏыкӏэри абы лъабжьэ хуэхъуа макъыбзэ лэжьэкӏэу зэрыухуам зэрезэгърэж ар къызэрыхэщкӏэрэщ. Аращи, псэлъэбзэм макъыбзэ лэжьэкӏэм къыкӏэлъыкӏуэ сферхэр къигъэщӏми, псалъэ ухуэкӏэр иджыри макъыбзэм и псалъэхэр зэрыухуэ щӏыкӏэм езэгъыу зэрыщытыфынури гурыӏуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ

адыгэбзэри, абы и лэжьэкӀэрэ и ухуэкӀэм и лъабжьэр макъыбзэу зэрыухуа щӀыкӀэм тетыжущ зэрызекӀуэрэ зэрылажьэри, и псалъэхэм и нэхъыбапӀэр макъыбзэ лэжьэкӀэу зэрыухуам нэмыщӀ, адыгэбзэм и псалъэ ухуэкӀэри макъыбзэ лэжьэкӀэм зэрытеткӀэрэщ. Мы псалъэхэми зэрезэгърэ гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, псэлъэбзэр къызэрежьа лъабжьэр зыщӀэмыударэ ноби макъыбзэ лэжьэкӀэм тет адыгэбзэм и нэхъ сферышхуэр макъыбзэу ухуа псалъэхэр зыхэзыубыдэ сферырщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къащӀыр адыгэбзэр макъыбзэу зэрылъытапхъэри, абы и псалъэхэм я нэхъыбэр къыздыщыхъу щӀыпӀэри, и псалъэ ухуэкӀэрэ и лэжьэкӀэри макъыбзэ сферым зэрытеухуаращ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытрэ макъыбзэ сферыр адыгэбзэм и лэжьэкӀэ нэхъыбапӀэр зыхэзыубыдэрщи, макъыбзэ лэжьэкӀэми сфер кӀуэцӀ лэжьэкӀэу зэщхьэщыкӀыныгъэрэ зэхъуэкӀыныгъэхэр къызэрыщыхъунур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, абы мы зызэриубгъу щӀыкӀэхэми гулъытэ хуэщӀын зэрыхуейр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэ кӀыхьхэри иужьрей лэжьыгъэ Ӏуэхущ.

Макъыбзэ сферыр макъхэр къызэрыхъуа мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ занщӀэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зыхэзыубыдэрщ. МыпхуэдэкӀэрэ къэхъу псалъэхэр зи лъабжьэкӀэрэ псэлъэщӀэхэри къыздыщыхъу сферырщ мыбдежри, мы сферым къыщыхъу псалъэхэр мыпхуэдэкӀэрэ зэрыбагъуэу сферри хохъуэр. Псэлъэбзэ къежьапӀэу щыт мы сферыр иужьрей бзэ лэжьэкӀэхэм щӀимыхъумэмэ, ар бзэр щыӀэхункӀэ абы и актив лъабжьэу зэрыщытынур, икӀи и лъабжьэрылажьэуи зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщи, сытым щыгъуарэ сытым дежи мы сферым хэхьэну псалъэхэр къызэрыхъукӀэрэ макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэр зэрыбэгъуэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщ адыгэбзэм и лэжьэкӀэри, псэлъэбзэ къежьапӀэу зэрыщытым нэмыщӀ, мы макъыбзэ лэжьэкӀэ сферыр сытым щыгъуи лажьэу щытщ, икӀи иужьрей сферхэр зэрызэлъытарэ зэрылажьэми и пщалъэрщ. Мы макъыбзэ сфер жыхуэтӀэм хиубыдэхэм щыгъуазэ дыхуэхъумэ, абдежыр макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэр зыхэлъыжу ухуэ "макъ псалъэ"хэр; къызэрыхъуа щӀыкӀэр зыхэлъыж макъхэр зэрызэгухьэкӀэрэ я макъ мыхьэнэкӀэрэ ухуэ псалъэхэр; мыпхуэдэу къэхъуа макъ псалъэхэмрэ макъ гупкӀэрэ ухуэ псалъэхэр зэрызэгухьэу ухуэ "псалъэ зэгуэт"хэр; мы ухуэкӀэхэу утыку къихьа дэтхэнэ зы псалъэм макъхэр я мыхьэнэкӀэрэ къазэрыпыхьэу зэрылажьэхэмрэ (префикс, суффикс) абыхэм икӀи макъыбзэ щӀыкӀэкӀэ къатехъукӀыж псэлъэщӀэхэр къыздыщыхъурэ зыхэзыубыдэрщ. Аращи, мы сферым теухуа бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъукӀэхэрщ мыхэри, бзэр макъыбзэ лэжьэкӀэм тетыхункӀэ мы сферыр псалъэкӀэрэ увыӀэгъуэ зимыӀэу зэрыбагъуэр гурыӀуэгъуэщ.

ИпэкӀэ куантум физикэм езэгъ бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэхэр мы зи гугъу тщӀы сферым зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи, апхуэдэ псалъэхэр сытым

щыгъуэрэ деж къахъуауи щырет, ахэр зэрыщыту щыIэгъуэ лъабжьэ зылъытэ псалъэхэу мы сферым къыщыхъурэ хиубыдэхэрщ. ИкIи, макъыбзэр зэрыухуа макъхэр я мыхьэнэкIэрэ куантум физикэми лъабжьэ зэрыхуэхъуфыр ипэкIэ къэта лэжьыгъэхэм зэрыхэплъагъуэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкIыжынщ. Аращи, мы сферыр макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэрэ зыхэлэжьыхьу макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэрщи, зытеухуар и щыIэгъуэкIэрэ къызэрыIуатэ псалъэхэр зыхэзыубыдэ сферырщ. Мыбыи зэрезэгъщи, куантум физикэм къигъэунэхурэ къигъэунэхъупхъэхэмрэ абы лъабжьэ хуэхъужхэри щылъытэ логие зиIэ бзэ лэжьэкIэрэ псалъэхэр къыздыщыхъурэ зыхэзыубыдэрщ. Адыгэбзэр зы макъыбзэу къедгъэкIуэкI лэжьыгъэм и нэхъыбапIэр мы макъыбзэ лэжьэкIэ сферым зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ, икIи мы жытIахэм зэрезэгъкIэрэ мыбдежым мы сферым хиубыдэ псалъэхэм теухуа щапхъэ къэхьын хуеймэ, куантум физикэм теухуауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа псалъэхэр мыпхуэдэу зэрыщытыр дигу къэдгъэкIыжынщ.

Макъыбзэ лэжьэкIэр къыздыщекIуэкI мы сферыр нобэ бзэм теухуауэ лъабжьэ къэгъэунэхун зи Iуэхугъуэу щыт этимологие дициплинэр зылъэмыIэсыф, зыхэмыхьэф, ар щыхъукIи зыхэмылэжьыхьыф лъабжьэрщ. Макъыр мыхьэнэншэу зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэм дэщIыгъурэ и зы дициплинэуи щыт этимологиеми макъыбзэ лэжьэкIэр зэримылъытэр гурыIуэгъуэщи, абы макъыбзэм теухуауэ къигъэунэхун гуэр зэрыщымыIэнурэ икIи зэримыIуэхунури гурыIуэгъуэнщ.

*

Мы зи гугъу тщIа макъыбзэ лэжьэкIэ сферым къыщыхъу псалъэхэр къызэрыхъуа щIыкIэм нэмыщI гуэрхэр зэрылъытэкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу щыщIидзэ щыIэщи, мыпхуэдэ я мыхьэнэкIэрэ бзэ щызэрызекIуэ щIыкIэр макъыбзэ сферым хиубыдэжу лъытапхъэкъым. Аращи, макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэу къэхъуа псалъэр мы я мыхьэнэкIрэ макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хиубыдэ щхьэ, ахэр къызэрыхъуа щIыкIэм нэмыщI гуэрхэри зэрылъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыжыр нэгъуэщI зы бзэ лэжьэкIэ сферым щыщу лъытапхъэщ.

НытIэ, макъыбзэ сферым къыщыхъуа псалъэхэм макъ мыхьэнэкIэрэ илъытэм нэмыщI гуэрхэр зэрилъытэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэращ мыбдежым етIуанэ сферу зи гугъу тщIыр. Макъыбзэ сферым къыщыхъуарэ илъытэр макъ мыхьэнэкIэрэ зылъытэ псалъэхэр куантум физикэм зэрытеухуар жытIагъэххэщи, а псалъэхэр къызэрыхъуа мы щIыкIэм нэмыщI, абы ещхьу лъытапхъэ гуэрхэри зэрилъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри макро физикэм теухуауэ лъытапхъэщ.

Макъ мыхьэнэкIэрэ ущеджэм деж, зытеухуарэ илъытэр макъ мыхьэнэкIрэ гурыIуэгъуэ къыпхуэхъуу, макъыбзэ сферым хиубыдэ псалъэхэрщ мыхэри, къызтехъукIа лъабжьэр мыпхуэдэу къызщIэщ псалъэу зэрыщытым папщIи, лъабжьэ къэзыпщытэ этимологиер зытелэжьыхьыфыну лъытапхъэ псалъэхэрщ. Ауэ, этимологием макъыбзэр

зэримылъытэм ипкъ иткӏэ, мыпхуэдэ лъабжьэхэри зэримыӏуэхур гурыӏуэгъуэщ. Мыпхуэдэми, адыгэбзэм апхуэдэ лъабжьэхэр этимологием зэрыгуригъэӏуэнури гурыӏуэгъуэщи, адыгэбзэм щытелэжьыхьым деж, этимологием -фӏэкӏыпӏэ имыӏэу- адыгэбзэ псалъэхэр макъ мыхьэнэкӏэрэ зэрыухуами щыгъуазэ зыхуищӏынщ. Этиологием и ӏуэхур псалъэр къызэрыхъуа лъабжьэм хуешэр адыгэбзэми, псэлъэпкъыр къежьапӏэу зэрилъытэм зэрезэгъкӏэрэ макро физикэм теухуауэ лъытапхъэ нобэрей этимологие дициплинэм куантум физикэми гулъытэ хуэщӏын еплъыкӏи къыретыр.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкӏкӏэ жыӏэпхъэщи, мы сферым хиубыдэу тлъытэ псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкӏэу къызэрыхъуа щӏыкӏэр умылъытэрэ щыумылъытэжыфым деж, лъабжьэ къыщӏэгъэщыныгъэу этимологием абы хищӏыхьын гуэри зэрыщымыӏэжынур гурыӏуэгъуэнщ; икӏи, ахуэдэу зи лъабжьэ щӏэуфарэ щӏэхъума хъуа псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкӏэ зимыӏэ бзэхэм я псалъэхэм хуэдэ зэрыхъужынури гулъытапхъэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, макъыбзэ лэжьэкӏэу къэхъуа псалъэхэр мы зыхуэӏуарэ зыхуэухуам нэмыщӏ ӏуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхь мы и етӏуанэ зекӏуэкӏэм и лъабжьэр щымылъытэжыфым деж, абы макъыбзэу щымытыж бзэ лэжьэкӏэм узэрыхуишэфынури гурыӏуэгъуэщ. Мыри макъыбзэ лэжьэкӏэр щӏэзыуфэрэ щӏэзыхъумэу, бзэр макъыбзэ лэжьэкӏэм тезышыну зы ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икӏи аращи, макъыбзэ лэжьэкӏэ зимыӏэ бзэхэм теухуа бзэщӏэныгъэм и зы дициплинэ нобэрей этимологием и ӏуэхур макъыбзэм щӏынэмысри мы псалъэхэми гурыӏуэгъуэ къызэрытхуащӏыр гулъытапхъэщ.

Псэлъэбзэм мы и сферыр макъыбзэу къэхъуа псалъэхэм къатехъукӏрэ мы къызэрыхъуа щӏыкӏэу щыӏэгъуэ лъабжьэ зымылъытэжу бзэм хэлэжьыхь хъужа псалъэхэр (ахэр етӏуанэу ялъытэ ӏуэхугъуэкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр) зыхэзыубыдэрщ. Мы зи гугъу тщӏы сферыр макъыбзэм зызэриубгъу щӏыкӏэм къигъэщӏыу зэрыщытри гулъытапхъэщи, макъыбзэ лэжьэкӏэу ухуа зы псалъэм мы и макъ мыхьэнэм теухуа щыӏэгъуэ зымылъытэжкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зыхэзыубыдэрщ. Ауэ, сытым дежи а псалъэм и мыхьэнэкӏэрэ узэреджэфынурэ макъыбзэ сферым и зы псалъэу зэрыплъытэфынур гурыӏуэгъуэщи, а зэрыухуа макъкӏэрэ сферитӏми хэббжэну псалъэрщ.

Мыпхуэдиз зытежытӏыхьа мы сферым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуагъэххэ псалъэхэр иужькӏэ нэгъуэщӏ ӏуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм щызэрызекӏуэжыфым и зы щапхъэфӏщ бжыгъэцӏэхэр. Аращи, щыӏэгъуэр зэрызекӏуэр зэрылъытэу макъыбзэ лэжьэкӏэу ухуа псалъэхэр иужькӏэ зэкӏэлъхьэужьыкӏэ зиӏэу къекӏуэкӏ бжэн ӏуэхугъуэм и бжыгъэхэр зэрылъытэу бзэм щызекӏуэжу зэрыщӏидзар гулъытапхъэщи, щыӏэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыӏуатэ а псалъэхэр зэрыухуа щӏыкӏэрэ щыухуар макъыбзэ сферым теухуа щхьэ, ахэр иужькӏэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэу етӏуанэу ягъэзащӏэ бжыгъэцӏэ къалэнхэр мы

етIуанэ сферым зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ. ЦIыхум бжэн Iуэхугъуэр къыщигъэунэхум деж, макъыбзэ лэжьэкIэу щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэр зэрылъыта псалъэхэр бжыгъэхэр зэрылъытэ щIыкIэкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзар гурыIуэгъуэщи, мы псалъэхэр иужькIэ бзэм бжыгъэцIэу зэрыхэлэжьыхьымрэ икIи абыхэм къатехъукIыж нэгъуэщI бжыгъэцIэхэри мы сферым хиубыдэ псалъэхэрщ.

Аргуэру мыпхуэдэ зы щапхъэу лъытапхъэщи, япэрей лэжьыгъэхэми, мы лэжьыгъэм щыщу ипэкIи игъуэ щыхъум и гугъу зэрытщIауэщи, адыгэбзэм щыIэгъуэр зэрызекIуэр зэрилъытэрэ къызэриIуатэу макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуарэ я мыхьэнэри гурыIуэгъуащэ къытхуэхъу ″ис, имыс, уэрырмэс, уэзырмэдж, сосрыкъуэ″ псалъэхэри макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хиубыдэу зэрыухуар гурыIуэгъуэщ. Ауэ, мы псалъэхэр иужькIэ тхьэпэлъытэрэ цIыху лIыхъужьыцIэхэу зэрылъытэкIэрэ IуэрыIуатэхэм щызэрызекIуэри бзэ лэжьэкIэу мы зи гугъу тщIы сферым хиубыдэ Iуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Псэущхьэм зыкъызэрегъэлъагъуэрэ цIыхуми япэу зызэрилъытэжар ″хьэ″ псалъэмкIэрщи, макъыбзэ лэжьэкIэу ухуауэ лъытапхъэ мы псалъэм къытехъукIыжу ухуауэ этимологиекIэ мы лъабжьэр къызщIэщыжу адыгэбзэм хэт псалъэ гуэрхэри мы сферым щыщу лъытапхъэщ. ЦIыхум япэу ″хьэ″уэ зызэрилъытам нэмыщI, псэущхьэ лIэужьыгъуэ гуэрхэри ″хьэ″уэ зэрилъытар гурыIуэгъуэщи, абыи къытехъукIыж псалъэхэу этимологие лъабжьэ зиIэхэри мы сферым зэрыхиубыдэри гурыIуэгъуэщ. Мыбыхэм нэмыщI, адыгэбзэм ″хьэ″ псалъэмкIэ зы гуэдз лъэпкъри зэрызэрилъытар гурыIуэгъуэщи, а гуэдз лъэпкъым теухуауэ ухуа псалъэхэр иужькIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэ гуэрхэмрэ икIи дэтхэнэ зы гуэдз лъэпкъым теухуауэ Iуэхугъуэхэри къызэрыIуатэу бзэм хэлэжьыхь зэрыхъуа щIыкIэри мы сферым теухуа псалъэхэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Аращи, гуэдз лъэпкъыр зэрылъытауэ щыта ″хьэ″м теухуауэ ухуа псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкIэу къызэрыхъуарэ япэрей сферым зэрыхиубыдэр гулъытапхъэщи, а псалъэхэр иужькIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм зэрызекIуэ щIыкIэхэри мы сферым хиубыдэ бзэ лэжьэкIэхэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщи, илъабжьэкIэ къэта псалъэхэм макъ мыхьэнэкIэрэ ущеджэм деж, ахэр (пп: хьэуазэ) зи гугъу тщIы гуэдз лъэпкъым (хьэ) хуэIуауэ утыку къызэрихьар гулъытапхъэщ, ауэ ахэр иужькIэ нэгъуэщI гуэдз лъэпкъхэм теухуа Iуэхугъуэхэри, икIи нэгъуэщI Iуэхугъуэ гуэрхэм теухуахэри къызэрыIуатэ щIыкIэу бзэм щызекIуэу зэрыщIидзари гулъытапхъэщ: «хьэнтхъупс, хьэлIамэ, хьэлывэ, хьэуазэ, хьэцэпэцэ, хьэпэцыпэ, хьэнцэ».

ИпэкIэ макъыбзэ лэжьэкIэ Iыхьэ гуэрхэр къызхэщу зи гугъу тщIа бзэхэм а я макъхэр зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри а нэхъ кууэ зыдэпхъыфынур мы сферым зэтытеухуарауэ жыIэпхъэщ, мыхъумэ, а бзэхэм макъхэр систематикэу зэрыхэмылэжьыхьрэ макъыбзэ лэжьэкIи зэрамыIэм

зэрезэгъщи, я макъхэм ягъэзащӀэ къалэнхэри макъыбзэ сферым теухуауэ зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

*

Макъыбзэ лэжьэкӀэм тет щхьэ, макъыбзэ лэжьэкӀэр лантӀэ зэрыхъукӀэрэ къэхъуауэ лъытапхъэ псалъэхэри макъыбзэ лэжьэкӀэ сфер нэужьу ухуа зы бзэ лэжьэкӀэ сферым хиубыдэу лъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкӀэм хуэдэу щыӀэр и щыӀэгъуэкӀэрэ къызэрыӀуатэ нэхърэ зыгуэрыр щхьэпэ зэрыхъум теухуарэ егъэщхьыныгъэкӀэрэ зэрылъытэрэ къызэрыӀуатэу ухуэ псалъэхэри щхьэхуэу категориеу лъытапхъэщи, мыпхуэдэхэр зыхэзыубыдэри зы сферу лъытапхъэщ. Мы сферир ипэкӀэ зи гугъу тщӀа сферым хуэдэу макъыбзэ лэжьэкӀэм къигъэщӀ бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэхэр зыхэзыубыдэрщи, мыбдежым зи гугъу тщӀыр ипэкӀэ етӀуанэ Ӏыхьэу тлъыта сферым къыкӀэлъыкӀуэу лъытапхъэкъым, ауэ псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ щхьэж зы сферу лъытапхъэрщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, "вагъуэ"рэ "дыгъэ"р я щыӀэгъуэкӀэрэ макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа псалъэхэрщ, ауэ ди дыгъэмрэ вагъуэ куэдыщэ зыхэзыубыдэ ди "галактикэ"р адыгэбзэм къызэриӀуатэ щӀыкӀэр макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа зы псалъэкӀэрэкъыми, ар зэрылъыта "шыхулъэ" псалъэр щхьэпэ зэрыхъурэ егъэщхьыныгъэкӀэрэ къэӀуатэущ адыгэбзэм зэрыхэтыр. Аращи, жэщым зекӀуэм и шыр зэрихуну лъагъуэм теухуауэ щхьэпэ зэрыхъум зэрезэгъкӀэрэ егъэщхьыныгъэкӀэрэ ухуа псалъэу лъытапхъэщ "шыхулъэ"ри, ар псалъэ къэхъуныгъэкӀэ мы зи гугъу тщӀы ещанэ категориерэ сферым хиубыдэ псалъэу лъытапхъэщ. ИкӀи ар адыгэбзэм имызакъуэу, бзэ гуэрхэми ар адыгэбзэм зэрилъытам ещхьу зэралъытари гулъытапхъэщи, адыгэбзэкӀэ "шэ лъагъуэ, шэ гъуэгу, шэ хулъэ, лъагъуэ"у зэбгъэдзэкӀ хъуну псалъэхэмкӀэ къызэраӀуатэ бзэхэр щыӀэщ.

Вагъуэрэ дыгъэ псалъэхэр и щыӀэгъуэм теухуауэ макъ мыхьэнэкӀэрэ зэрыухуар гурыӀуэгъуэщи, ахэр зыхэзыубыдэ "шыхулъэ" псалъэр макъ мыхьэнэкӀэрэ и щыӀэгъуэкӀэ мылъытэу, щхьэпэ зэрыхъурэ егъэщхьыныгъэкӀэрэ зэрылъытэу къызэрыӀуатэр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ псалъэ ухуэкӀэм ипэкӀэ зи гугъу нобэрей бзэ философие еплъыкӀэм псалъэхэр универсалрэ партикуару зэрилъытэр зэрытщӀауэ гуэрхэр уигу къегъэкӀыжыр. Зи гугъу тщӀы бзэ философиекӀэрэ псалъэхэр мыпхуэдэу категоризацэ зэрыщӀ щӀыкӀэу мы терминхэр зэрыигъуэкӀэрэ адыгэбзэ псалъэхэм зэремызэгъыр а ипрей лэжьыгъэ Ӏыхьэм дежи къыхэдгъэщауэ щытащи, мыбдежым зи гугъу тщӀа "вагъуэ"рэ "дыгъэ" псалъэхэр макъ мыхьэнэрэ щыӀэгъуэкӀэрэ зэрылъытам ипкъ иткӀэ адыгэбзэм и псалъэ ухуэкӀэкӀэ универсалыгъэ зиӀэ псалъэхэу зэрылъытапхъэр, ауэ ахэр зыхэзыубыдэ "галактикэ"р адыгэбзэм зэрилъыта "шыхулъэ" псалъэри макъ мыхьэнэкӀэрэ зэрымыухуарэ и щыӀэгъуэкӀэрэ зэрымылъытам ипкъ иткӀэ универсалу зэрымылъытапхъэри гулъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкӀэ сферыр куантум физикэм

езэгъыу зэрылъытапхъэр зэрыжытIагъэххэм хуэдэжу, абы къыкIэлъыкIуэу ухуа бзэ лэжьэкIэ сферхэри макро физикэм теухуауэ зэрылъытапхъэри жытIагъэхххэщ ипэкIи, и щыIэгъуэкIэрэ къэIуатэу ухуа "вагъуэ"рэ "дыгъэ" псалъэмрэ зэрыплъагъурэ щхьэпэ зэрыхъу щIыкIэр егъэщхьыныгъэкIэрэ къызэрыIуатэу ухуа "шыхулъэ" псалъэм я зэщхьэщыкIыныгъэри мыращ. НытIэ, макъ мыхьэнэкIэрэ ухуарэ я щыIэгъуэкIэрэ лъыта "дыгъэ"рэ "вагъуэ" псалъэхэр куантум физикэми теухуа псалъэхэу макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хиубыдэ псалъэхэрщ, ауэ бзэ лэжьэкIэу ухуа псалъэхэр зэрызэгухьэкIэрэ щхьэпэ зэрыхъу щIыкIэу зэрегъэщхькIэрэ лъытэу къэIуэта "шыхулъэ" псалъэр макро физикэми езэгъ псалъэу зэрыухуакIэрэ мы сферым хиубыдэ псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы жытIахэм езэгъ щапхъэр мащIэкъыми, апхуэдэ зы щапхъэщ "хьэкIэкхъуэкIэ" псалъэри. "ХьэкIэкхъуэкIэ" псалъэр зэщхьэ зэхуэдэ псэущхьэ лIэужьыгъуэхэр зыщIэзыубыдэ зы псалъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIа бзэ философиекIэ универсалъыгъэ зиIэущ зэралъытэнур; ауэ а псалъэр къызтехъукIарэ макъ мыхьэнэкIэрэ зи щыIэгъуэр зэрылъытэу ухуа псалъэхэр (хьэ, кхъуэ) адыгэбзэм дежкIэ нэхъ универсалыгъэ зиIэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкIэу псэущхьэ гуэрхэр зэрылъыта "хьэ"рэ "кхъуэ" псалъэм къытехъукIыжа зы псалъэщ "хьэкIэкхъуэкIэ" псалъэри, я щыIэкIэр "хьэ"мрэ "кхъуэ"м егъэщхьыныгъэкIэрэ апхуэдэ лIэужьыгъуэу лъытапхъэхэр (хьэкIэ-кхъуэкIэ) къызэрыIуатэу ухуа мы псалъэр ахэри (хьэ, кхъуэ) зыхэзыубыдэжу ябгагъэ зиIэ псэущхьээхэр зэрылъытэ псалъэрщ. Мы псалъэри ипэкIэ зи гугъу тщIа псалъэхэм хуэдэжу макъыбзэ лэжьэкIэм къигъэщIауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ, ауэ ар икIи макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэм къытехъукIарэ ахэри зыхэзыубыдэу зэщхь псэущхьэхэр "хьэ"рэ "кхъуэ"м егъэщхьыныгъэкIэрэ зылъытэу ухуа зы псалъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мы сферым хиубыдэу лъытапхъэрщ.

Макъыбзэ лэжьэкIэ сфер нэужьу мыбы ипэкIэ зи гугъу тщIа сферым теухуауэ жытIахэр мы сферым папщIи жыIэпхъэщи, макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хэббжэ псалъэхэмрэ мы сферым хэббжэ псалъэхэр зэщхьэщыбгъэкIынри тыншкъым. ИкIым икIэжым, зи гугъу тщIы сферитIым хиубыдэ псалъэхэр макъыбзэ сферым теухуауэщ зэрыухуар. Аращи, макъыбзэ лэжьэкIэу къэхъуа псалъэхэр зытеухуарэ зыхуэIуам нэмыщI гуэрхэми теухуауэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзэр мыбы ипэкIэ зи гугъу тщIа сферырщи, мы сферри макъыбзэ сферым къыщыхъуу бзэм лэжьэкIэ зыгъуэта псалъэхэмрэ абыхэм макъыбзэ лэжьэкIэм езэгъ я лэжьэкIэхэм къытехъукIыжу мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкIэрэ ухуэ псалъэхэр зыхэзыубыдэрщ. Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, мы зи гугъу тщIа сферитIми я лъабжьэр макъыбзэ лэжьэкIэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ, икIи мы сферхэм хиубыдэу лъытапхъэ псалъэхэр къызэрыхъу щIыкIэр макъыбзэ лэжьэкIэм езэгъыу зэрыухуэр гурыIуэгъуэщи, псалъэхэр мы сферхэм зэрыхиубыдэкIэрэ зэхэхуныр сытым деж тынш хъукъым.

Мы зи гугъу тщӀа щапхъэхэм нэмыщӀ, къызэрыхъуа щӀыкӀэр ипэкӀэ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуауэ щыт ″ц″ макъри, абы и къэхъуныгъэр зэлъыта ″цы″ макъ псалъэри, абы къытехъукӀыж псалъэхэри, ″ц″ макъыр бзэм макъыбзэ лэжьэкӀэм езэгъыу зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэкӀэрэ (цэ) ухуа псалъэхри (пп: хьэнцэ, хьэцэпэцэ, къуацэ, бэлацэ) макъыбзэ сферым хиубыдэу зэрымылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, мы сферым хиубыдэ бзэ лэжьэкӀэу лъытапхъэщ. Нобэ ″цы″ жыхуэтӀэр къызэрыӀуатэкӀэрэ макро дунейм утыку ит гуэрыр зэрылъытэу ″цӀ″ макъ мыхьэнэм къытехъукӀауэщ зэрытлъытэри, мыпхуэдэу ухуа ″цы″ псалъэр зэрыухуа макъыр бзэм хэхьэрэ и зы макъыу хэлэжьыхьу щӀидзауэ лъытапхъэ ″ц″ макъыр макъыбзэ лэжьэкӀэм езэгъыу щызекӀуэ щхьэ, ар бзэм щызэрызекӀуэрэ щилъытэхэри макро дунейм теухуауэ зэрилъытэм зэрезэгъкӀэрэ, ″цы″ псалъэм хуэдэжу ″ц″ макъри мы сферым хиубыдэу лъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщӀахэми къызэрыхэщщи, мы сферым хиубыдэ псалъэхэр занщӀэ нобэрей этимологие дициплинэм къызэримыгъэунэхуфынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэмрэ и псалъэ ухуэкӀэм щыгъуазэ ущыхуэхъум дежщ мы сферым хиубыдэ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъухэм щыгъуазэ узэрыхуэхъуфыри, нобэрей этимологием макъыбзэр зэримылъытэм ипкъ иткӀэ, мы зи гугъу тщӀы сферым хиубыдэ псалъэхэр занщӀэу къызэримыгъэунэхуфынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэр илъытэрэ абы дэщӀыгъуу щылажьэм деж, этимологие дициплинэм мы зи гугъу тщӀы сферым хиубыдэ псалъэхэр къыигъэунэхун лъэкӀ зэригъуэтынури жыӀэпхъэщ.

*

Щхьэпэ зэрыхъурэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкӀэ ухуэ псалъэхэр зыхэзыубыдэу мы зи гугъу тщӀа сферым къыкӀэлъыкӀуэри макъ егъэщхьыныгъэкӀэрэ псалъэ зэрыухуэм теухуа сферырщ. Аращи, цӀыхум зэхихым иригъэщхьу къызхигъэӀукӀ макъкӀэрэ а зэхих макъыр зытеухуарэ къызхэзыгъэӀукӀыр зэрилъытэу ухуа псалъэхэрщ мы сферым хиубыдэхэр. Мы псалъэми гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, къэӀуыкӀэкӀэ егъэщхьыныгъэ макъкӀэрэ ухуа псалъэхэрщ мы сферым хиубыдэхэри, мы псалъэхэр зэрыухуа макъхэр макъыбзэм и макъхэм хуэдэ мыхьэнэрэ къалэн зымыгъэзащӀэ макъхэрщ. Аращи, мы зи гугъу тщӀыну сферыр адрей сферхэм хуэдэу зи лъабжьэр макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа псалъэхэм теухуакъыми, адыгэбзэу зы макъыбзэм мыхьэнэншэ макъкӀэрэ ухуа псалъэхэр зыхэзыубыдэрщ. Мы псалъэми гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, макъыбзэ лэжьэкӀэ сферым къыкӀэлъыкӀуэу зи гугъу тщӀа сферитӀыр макъыбзэ лэжьэкӀэ сфер нэужьрэ макъыбзэ лэжьэкӀэм зызэриубгъуу ухуэ псалъэхэм теухуащ, ауэ мыбдежым зи гугъу тщӀынур макъ мыхьэнэншэу ухуа псалъэхэрщи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэ зимыӀэрэ зи гугъу тщӀа сферхэм пымыщӀа сферырщ. Ауэ, мы зи гугъу тщӀы сферым хиубыдэ псалъэхэр макъ мыхьэнэншэу щытрэ цӀыхум зэхих макъхэм егъэщхьыныгъэкӀэрэ ухуа псалъэхэрами, адыгэбзэм и лэжьэкӀэ лъабжьэр

макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, макъыбзэ лэжьэкӏэ сферымрэ абы къыкӏэлъыкӏуэу зи гугъу тщӏа сферхэм хиубыдэ псалъэхэм я гъэпсыкӏэм хуэдэщ мы макъ мыхьэнэншэ сферым хиубыдэ псалъэхэм я гъэпсыкӏэрэ я лэжьэкӏэри.

Дэтхэнэ зы бзэми мыпхуэдэ псалъэ къэхъукӏэхэр зэраӏэр гурыӏуэгъуэщ, ауэ макъыбзэу щыт адыгэбзэм мы сферым хиубыдэ псалъэхэмрэ адрей сферхэм хиубыдэ псалъэхэр зэрызэщхьэщыкӏыр гурыӏуэгъуащэми, макъыбзэ лэжьэкӏэ зимыӏэ бзэхэм мыпхуэдэу ухуауэ яхэт псалъэхэмрэ адрей я псалъэхэр зэрызэщхьэщыкӏыр наӏуэ дыдэ къызэрыпхуэмыхъури гулъытапхъэщ. Мы зи гугъу тщӏы псалъэ къэхъукӏэр цӏыхум зэхих макъым иригъэщхь макъ къыриӏуэнращ къызтехъукӏри, мыпхуэдэ макъ къэӏуныгъэр зы псалъэ мыхъуауэ бзэхэм щызекӏуэу зэрыхэплъагъуэри гурыӏуэгъуэщ. Икӏи зэрыгурыӏуэгъуэу, мыпхуэдэ макъ егъэщхьыныгъэри дэтхэнэ зы бзэм езым и фонотикэм езэгъыу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэщ. Зэхих макъыр езы бзэм и фонетрикэм езэгъыу зэрыщытынум зэрытеухуам къызэрыгуэкӏэкӏэ, адыгэбзэм теухуауэ илъабжьэкӏэ къэта щапхъэхэр нэгъуэщӏыбзэхэм зэщхьэщыкӏыу къызэрыраӏуэри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, мы зи гугъу сферым псалъэ зэрыухуэрэ къызэрыхъур зыхэплъагъуэ щапхъэхэрщи, цӏыхум зэхих макъыр адыгэбзэ фонетикэм зэрезэгъкӏэрэ а зэрыщыту къызэрыхигъэӏукӏым теухуащ мыхэр: «баргъэ сыргъэ; вывыв, вырвыр; цӏыцӏыцӏ»; «хъыщт, хъущт».

Иджыри псалъэ мыхъуарэ цӏыхум зэхих макъыр а къызэрыӏу щӏыкӏэкӏэ къызэрыхигъэӏукӏращ мы къэта щапхъэхэр зытеухуари, макъ егъэщхьыныгъэкӏэ ухуэу зи гугъу тщӏы псалъэхэм я къэхъукӏэм и лъабжьэри мыпхуэдэ ӏуэхугъуэщ. Мыпхуэдэ макъ егъэщхьыныгъэхэм псалъэхэр къызэригъэхъуращ мыбдежым зи гугъу тщӏы сферыр зытеухуари, нытӏэ адыгэбзэм хэт мыпхуэдэ псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъ егъэщхьыныгъэкӏэрэ адыгэбзэм къигъэщӏ псалъэхэу ″къ, къу″ макъ зыхэтыр мащӏэкъым, икӏи а псалъэхэм я нэхъыбэри ″къ, къу″ макъыр бзухэм и жьэпэр зэрызэтеуэкӏэрэ къызэрыӏум теухуащ. Икӏи, мы ″къ, къу″ макъыр утыку къызэрихьэр къызэрыӏуатэ глаголри мы егъэщыныгъэкӏэрэ ухуа ″къэкъэн″ псалъэращ. Ар ″къэ″ макъыр зэкӏэлъыкӏуэу утыку къызэрихьэми теухуа псалъэрщи, псэущхьэр къызэрыӏу щӏыкӏэри къызхэщу ухуа мы псалъэр а псэущхьэм (бзухэр) мы и къэӏукӏэми езэгъыу зы глаголу зэрыухуари гулъытапхъэщ. Ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ гурыӏуэгъуэщи, мы псалъэм хиубыдэ ″къ″ макъыр макъыбзэ лэжьэкӏэу адыгэбзэм ″къ″ макъыр зэрыхэлэжьыхьым зыгуэркӏэ пыщӏарэ елъытакъым, ауэ зы глаголу зэрыгъэпсарэ икӏи а глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэхэм я гъэпсыкӏэр макъыбзэ лэжьэкӏэм и псалъэхэр зэрыгъэпсым хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «мэкъакъэ, къэкъэнщ, къэкъэнущ, къэкъащ».

Макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ къэхъу псалъэхэр макъыбзэм и макъхэм хуэдэ мыхьэнэ зимыIэхэрщи, мыпхуэдэ макъ защIэкIэрэ ухуа зы псалъэм теухуащ "къэкъэн" псалъэр. Мыпхуэдэу мыхьэнэншэ макъкIэрэ ухуа псалъэхэм икIи псэлъэщIэхэр къызэрытехъукIыфынури гурыIуэгъуэнщи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэм зэрезэгъкIэрэ "къэкъэн" псалъэм къыпыхьэж макъкIэрэ ухуа зы псалъэр щапхъэу къэтхыьынщ. ИкIи, адыгэбзэм и макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэжами, апхуэдэу ухуа псалъэхэри мы сферым щыщу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ: «дыркъакъэ (къакъэ гуэр; къакъэ лIэужьыгъуэ; къэкъэныгъэ зиIэ гуэр)».

"Къэкъэн" псалъэр бзухэм я Iупэр зэрызэтырауэкIэрэ къыхагъэIукI макъым егъэщхьыныгъэу къызэрыхъуам нэмыщI, мы къыхагъэIукI макъкIэрэ адыгэбзэм бзу лъэпкъхэр щызэрылъытари мащIэкъым. Мыбыи папщIэу зэрыщытри жытIагъэххэщи, макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ адыгэбзэм (икIи нэгъуэщIыбзэхэми) макъ мыхьэнэншэу "къ, къу" хуэдэ макъхэм къытехъукI псалъэхэр мащIэкъым. Мыпхуэдэ щапхъэщ мы псалъэхэри, дэтхэнэ зыр зы бзу лъэпкъыр зэрылъытэ псалъэу къызхигъэIукI "къ, къу" макъхэм егъэщхьыныгъэкIэрэ ухуа бзу лъэпкъыщIэхэрщ: «къыу, къау, кърурарг; къуаргъ».

КъызэрыкъакъЭ щIыкIэм теухуауэ зэрылъытакIэрэ "къ, къу" макъ зыхэту ухуа бзууцIэ псалъэхэрщ мыхр, ауэ къэкъэн псалъэри зэрыухуа мы макъхэм ещхьу бзэухэм къызхагъэIукI макъхэм егъэщхьыныгъэкIэрэ "кI, кIу; ку" макъхэри зыхэту ухуа бзууцIэхэри хэтщ адыгэбзэми, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «кIыгугу, кIыкъыр, кIырыкъ, кIыру; кIуркIур, кIуркIунау, кIукIумау - кIукIумыяу»; «куку, кукуу, кукумау, куркур».

Макъ егъэщхьыныгъэкIэ ухуэр "къ" макъым изакъуэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэнщи, нэгъуэщI макъхэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ. Аращи, пэм къыхэIукI макъкIэрэ зэрылъытэу ухуа псалъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ илъабжьэкIэ къэтахэри, "пэ"м теухуарэ зэрехьэлIакIэрэ (пэ-ы → пы) къэIу "хъ" макъри егъэщхьыныгъэкIэ зыхэзыубыдэу ухуа мы псалъэри мы сферым щыщу лъытапхъэщ: «пырхъын, пырхъэн».

ИпэкIэ макъ мыхьэнэшэ защIэу ухуа "къэкъэн" псалъэм макъ мыхьэнэкIэрэ лэжьэкIэ зэригъуэту ухуа "дыркъакъэ" псалъэм нэмыщI, макъ мыхьэнэрэ макъ мыхьэнэшэ зыхэту псалъэ ухуэкIэм теухуащ мы иужьрейуэ къэта щапхъэри, псалъэ къэхъукIитIри мы сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, мы иужьрейуэ зи гугъу тщIа псалъэм макъ мыхьэнэншэу хэт "хъ" макъри пэ кIуэцIрэ лъабжьэм зэрыщIихъуэр зэрылъытэми зэрезэгъкIэрэ и мыхьэнэри уигу къызэригъэкIыр гулъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщIа щапхъэхэр мащIэкъым, икIи мыпхуэдэ зы щапхъэщ "ецырхъын – ецырхъэн" псалъэри, ар зэрыухуа макъхэм ягъэзащIэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: япэрауэ мы псалъэм хэт "е" макъыр абы бзэм хигъэзэщIыхьым хуэдэу зэрыхэтыр гулъытапхъэщ; итIанэ, псалъэм хиубыдэ "ц" макъым и мыхьэнэри "цы" макъ псалъэм егъэщхьыныгъэу

зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ; "хъ" макъри лъабжьэрэ щыхъуэн ӏуэхугъуэр зэрылъытэ макъырщи, мы псалъэр зэрыухуа щӏыкӏэр макъ мыхьэнэ лэжьэкӏэри, етӏуанэ сфер лэжьэкӏэри, икӏи мы зи гугъу тщӏы сфер лэжьэкӏэри зыхэзыубыдэу лъытапхъэщ. Ауэ, ар зы псалъэу утыку къихьа зэрыхъуар мы сферым теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэщи, мы сферым хиубыдэ псалъэхэр физикэу къызэрыӏу щӏыкӏэм егъэщхьыныгъэкӏэрэщ зэрыухуари, мы псалъэхэр мы зэрыухуа щӏыкӏэри, ахэр зытеухуа ӏуэхугъуэхэри макро физикэрауэ жыӏэпхъэщ. Аращи, макро физикэу къэӏу макъхэмкӏэрэ ухуарэ макъыр зэрымакъкӏэрэ къызхэӏукӏыу ухуа псалъэхэрщ мыхэр. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, мыхьэнэрэ къалэн зиӏэу бзэм хэлэжьыхь макъхэм хуэдэкъым мы зи гугъу тщӏы псалъэхэр зэрыухуа макъхэр, икӏи а псалъэхэр зытеухуари мы къызэрыхъуа щӏыкӏэм зэрезэгъкӏэрэ макро физикэрщ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, макъыбзэ лэжьэкӏэр куантум физикэм зэрытеухуэм хуэдэжу, мы сферым хиубыдэ бзэ лэжьэкӏэрэ псалъэхэр абы ипэ зи гугъу тщӏарэ макро физикэм зэрытеухуари къызхэдгъэща сферхэм елъытауэ нэхъри макро физикэм теухуащ.

Икӏи зэрыгурыӏуэгъуэщи, макъхэр мыхьэнэншэу къызэрыӏу щӏыкӏэкӏэрэ къызхэзыгъэӏукӏыр зэрылъытэу ухуа псалъэхэрщ мы сферым хиубыдэ псалъэхэри, а псалъэхэр зэрыухуа щӏыкӏэрэ щхьэусыгъуэр наӏуэщ. Зы псалъэу зэрыухуа щӏыкӏэу абы лъабжьэ хуэхъуар наӏуэщи, ар къэгъэунэхун ӏуэхури этимологие дициплинэм и лэжьыгъэхэм зэрыхиубыдэри гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, псалъэр зэрыухуэм и лъабжьэр къэгъэунэхун зи ӏуэху этимологие дициплинэм мы сферым хиубыдэ псалъэхэм лъабжьэ хухьур тыншу къызэригъэунэхуфынур гурыӏуэгъуэщ. Адыгэбзэ псалъэхэм теухуауэ пыщапхъэщи, этимологиер зыхэмыхьэф макъыбзэ лэжьэкӏэ сферым къыкӏэлъыкӏуэу ар зыхэлэжьыхьыфу ипэкӏэ зи гугъу тщӏа сферхэм елъытауэ этимологием и ӏуэхур нэхъ щытыншыр мы сферыр арауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы сферыр макъ мыхьэнэншэ сферу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, макъ мыхьэнэншэу ухуа псалъэхэр зыхэзыубыдэрщ. Зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэритщи, адыгэбзэм и псалъэ мащӏэрщ мыпхуэдэу макъ мыхьэнэншэкӏэрэ къэхъуыкӏэ зиӏэр. Икӏи, мыхьэнэ кууагъ зимыӏэ псалъэхэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ мыхэр. Ауэ, макъыбзэ лэжьэкӏэ зимыӏэрэ зи лъабжьэр мынахуэ псалъэхэмкӏэ ухуа бзэхэм дежкӏэ, мыпхуэдэ макъ егъэщхьыныгъэкӏэ къэхъуа псалъэхэр зэрыухуам ипкъ зэриткӏэ зы лъабжьэ къызэрыщэщым папщӏэ зы пщӏэ зэраӏэнури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, псалъэр зэрыухуа лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ зимыӏэ бзэхэм дежкӏэ, зы лъабжьэ къызщӏэщу лъытапхъэщ макъ егъэщхьыныгъэри, икӏи бзэщӏэныгъэ лъэныкъуэкӏэ бзэщӏэныгъэлӏ куэдым мыпхуэдэ псалъэ ухуэкӏэр бзэм и лъабжьэрэ къежьапӏэу зэралъытэри гурыӏуэгъуэщ. Ауэ, макъ егъэщхьыныгъэкӏэрэ псалъэ ухуэныгъэр псэлъэбзэ къежьапӏэу лъытапхъэ макъыбзэм и лэжьэкӏэ лъабжьэр

зэрыщӏэзыуфэрэ зэрыухым теухуауэ зэрылъытапхъэри мы лэжьыгъэ цӏыкӏум къызэрыхэщри гурыӏуэгъуэщ. Псэлъэбзэ къежьапӏэрэ ухуэныгъэм теухуауэ макъ егъэщхьыныгъэр лъабжьэу зылъытэу зи гугъ тщӏы еплъыкӏэхэм бзэ къэхъыныгъэрэ псалъэ ухуэныгъэ лъабжьэм теухуауэ кууагъ зэрамыӏэри гулъытапхъэщ.

*

Дэтхэнэ зы бзэм хамэбзэ псалъэ къызэрыхэхьэфым хуэдэжу, адыгэбзэми къыхохьэри, езы бзэм къимыгъэщӏарэ нэгъуэщӏыбзэ псалъэхэу къыхэхьэхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьрэ абыхэм псэлъэщӏэхэри къазэрытехъукӏри щхьэхуэу бзэм и зы лэжьэкӏэ сферу лъытапхъэщ.

Макъ егъэщхьыныгъэкӏэрэ къэхъу псалъэхэр ар щыухуэ бзэм езым и фонетикэм езэгъ макъкӏэрэ зэрыухуэм хуэдэщи, зы бзэм хамэбзэу къыхэхьэ псалъэхэр зэрыухуа макъхэм я къэӏукӏэри къызхэхьа бзэм и фонетикэм зэрезэгъкӏэрэщ. Аращи, адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэр къызэрыӏу щӏыкӏэр адыгэбзэм езым и фонетикэм зэрезэгъкӏэрэщи, нобэр къэсыху адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэм я къэӏукӏэр адыгэбзэ фонетикэрэ и макъыбзэ лэжьэкӏэм езэгъыущ. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ мы щӏыкӏэр адыгэбзэм зэригъэкӏуэдри гулъытапхъэщ; къыхэхьэ псалъэр къыздикӏа бзэм хуэдэ къэӏукӏэкӏэ адыгэбзэм хэлэжьыхьу мы зэрыщӏидзар адыгэбзэр зэрыхэщӏрэ зэрыеужьыхыр къэзгъэлъагъуэ щапхъэфӏыу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ.

Адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэм я макъхэр адыгэбзэм къызэрыхэӏукӏын хуей щӏыкӏэр езы адыгэбзэм и макъхэм я къэӏукӏэу, и фонетикэм езэгъыу зэрыщытын хуейр гурыӏуэгъуэщ. Ауэ икӏи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэр макъыбзэу щымыт бзэхэм псалъэхэр зэрыхэлэжьыхьым хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, мыри езым къимыгъэщӏарэ лъабжьэ зыфӏэкӏуэда бзэхэм я лэжьэкӏэр зэрыухуар къэзыгъэлъагъуэ зы щапхъэфӏырщ. Аращи, макъыр мыхьэнэншэ хъужарэ систематикэ лэжьэкӏэкӏи зыхэмытыж бзэхэм псалъэхэр къызэрыхъуарэ зэрызэпкъырыува щӏыкӏэр яфӏэкӏуэдащи, зэрыухуа щӏыкӏэр мынахуэрэ зэрымыщӏэкӏэрэ ухуа псалъэхэр псэлъэпкъ щӏыкӏэкӏэщ а бзэхэм зэрыхэлэжьыхьыр. Бзэм и псэлъэпкъхэр префикс – суффикскӏэрэ лажьэу псалъэпӏэм зэриувэкӏэрэщ а бзэхэр къызэрекӏуэкӏри, адыгэбзэм езым къимыгъэщӏарэ и мыхьэнэри адыгэбзэ макъыбзэм дежкӏэ мынаӏуэу къыхэхьа псалъэхэм я лэжьэкӏэри мы зи гугъу тщӏы бзэхэм я псэлъэпкъхэр префиксрэ суффикскӏэрэ зэрылажьэм зэрыхуэдэри гурыӏуэгъуэщ. Нобэрей бзэщӏэныгъэм бзэм и лэжьэкӏэу илъытэри псэлъэпкъыр префикс – суффикскӏэрэ зэрылажьэущи, адыгэбзэм хамэбзэ псалъэу къыхэхьахэр абы зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэр нобэрей бзэщӏэныгъэм бзэ лэжьэкӏэр зэрилъытэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Мы псалъэми гурыӏуэгъуэ зэрищӏщи, зи гугъу тщӏы бзэщӏэныгъэм адыгэбзэм псалъэ

къызэригъэщIрэ и лэжьэкIэ нэхъыбапIэрэ кууапIэхэр зэримылъытэри гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэм къыхэхьэ хамэбзэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ пыщапхъэмэ, псэлъэпкъыр префиксрэ суффиксkIэрэ зэрылажьэм теухуауэ бзэщIэныгъэм бзэхэр икIи префиксыбзэрэ суффиксыбзэу зэрыщхьэщагъэкIыр гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр абы зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри лъэныкъуитIкIищ: адыгэбзэм къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр зэхуэдэу префиксрэ суффиксkIэрэ холэжьыхьыр. Мы псалъэми зэрезэгъщи, бзэхэр префиксиалрэ суффиксиалу зэщхьэщызгъэкI нобэрей бзэщIэныгъэм адыгэбзэр зэрилъытэну щIыкIэри икIи префиксиал икIи суффиксиал бзэуэ къыщIэкIынщ, ауэ мыпхуэдэ лэжьэкIэр хамэбзэ псалъэхэм зэрытеухуарэ, ари адыгэбзэм езым и лэжьэкIэм елъытауэ лэжьэкIэ Iыхьэ цIыкIу дыдэу зэрыщытыр, икIи ар адыгэбзэм и лэжьэкIэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Бзэм и лэжьэкIэм езэгъыу префикс-суффиксkIэрэ тыншу хэлэжьыхь хъуа псалъэхэр икIи а бзэм щыщ хъуауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Адыгэбзэм ипэIуэкIэ къыхэхьарэ абы зэрыщымыщри зэрыгъэпса щIыкIэм гурыIуэгъуэ къыпхуэзыщI хамэбзэ псалъэхэм теухуа щапхъэ къэтын хуеймэ, "шэк (ар нобэ "шэч"ущ къызэрыраIуэр)" псалъэмрэ "сакъ" псалъэр щапхъэфIхэу лъытапхъэщ: «шэч; шэчыгъуей, шэчыгъуафIэ, пэшэч, бэшэч»; «сакъ; сакъын, хуэсакъын, сакъыныгъэ».

Нобэ адыгэбзэм хамэбзэ псалъэу къыхэхьэр зэрымымащIэр гурыIуэгъуэщ, ауэ нобэм нэгъунэ абы къыхэхьа хамэбзэ псалъэр мащIэ дыдэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. ИкIи, мы къыхэхьа псалъэхэм и нэхъыбэри япэрауэ къэкIыгъэцIэ лIэужьыгъуэу зэрыщытыр, итIанэ псэущхьэцIэ лIэужьыгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыбы теухуа зы щапхъэфIыу лъытапхъэщи, адыгэбзэм макъ егъэщхьыныгъэкIэ къигъэщIа зы бзу лъэпкъыцIэ "къуагъ"ым нэмыщI, тыркубзэм ар "къаргъэ → къарга → карга"уэ къызэрыриIукIэрэщ зэрыхэтри, икIи ар адыгэбзэм "къаргъэ"уэ къыхэхьарэ адыгэбзэм бзэу лъэпкъ гуэрхэр "къаргъэ" псалъэм къытыригъэхъукIыжауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы иужьрей щапхъэхэми уигу къызэригъэкIщи, макъ къэIур зэрызэхах щIыкIэр зэрызэщхь/зэрызэхуэдэм ипкъ иткIэ, зэхуэмыдэ бзэхэм макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ зэщхь/зэхуэдэу ухуа псалъэхэр зэрыхэплъэгъуэнур гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэр бзэхэм нэхъ тыншу къызэращтэфынури гурыIуэгъуэнщи, мырагъэнщ икIи нобэм нэгъунэ адыгэбзэм нэхъыбэу къыхэхьа псалъэхэр къэкIыгъэцIэрэ псэущхьэцIэу зэрыщытми и щхьэусыгъуэр. Мыпхуэдэ псалъэхэр бзэм тыншу къызэрыхэхьэфынур, икIи мыпхуэдэ псалъэхэр бзэхэм я зэхуэдэрэ зэщхьу къызэрагъэщIыфынур гурыIуэгъуэнщ, ауэ икIи зэрыжытIауэщи, хамэбзэу бзэм къыхэхьэ псалъэхэм а бзэм и фонетикэм езэгъ къэIуыкIэ зэригъуэтынури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, мыбдежым зи гугъу тщIа макъ

егъэщхьынығъэкIэрэ къэхъуа псалъэхэр бзэхэм зэхуэдэрэ зэщхь къэIуыкIэ зиIэу зэрыхэтыфынур зэрыжытIари дигу къэдгъэкIыжынщи, бзэхэм я зэхуэдэу хэт мыпхуэдэ псалъэхэр къэзгъэщIа бзэр сытым дежи щызэрызэхэмыхуфынури къыпытщэжынщ.

Макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хиубыдэ псалъэхэр куантум физикэм езэгъ псалъэхэу зэрыщытыр, ауэ абы къыкIэлъыкIуэу зи гугъу тщIа сферхэм хиубыдэ псалъэхэр нэхъыбэу макро физикэм теухуауэ зэрылъытапхъэр, икIи макъ егъэщхьынығъэкIэрэ къэхъу дэтхэнэ зы псалъэр фIэкIыпIэ имыIэу макро физикэм теухуарэ икIи нэхъ практикэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, ахэр щыIэгъуэрэ щыIэкIэ лъабжьэ зиIэ псалъэхэу зэрыщымытри жытIагъэххэщ. ИкIи, макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэ бзэхэм я псалъэхэм макъыбзэу ухуа псалъэхэм хуэдэ лъабжьэ зэримыIэри жытIагъэххэщи, апхуэдэ бзэхэм я псалъэхэр – ар дыдэу дэтхэнэ зы бзэми и псалъэр- зы макъыбзэм къыщыхэхьэм деж, абы бзэм лъабжьэ зэримыгъуэтынур гурыIуэгъуэщи, ар зыгуэрыр ауэ къызэрыкIуэу лъытэнкIэрэ къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэкIэ практрикэ къалэн игъэзащIэу макро физикэми зэрытеухуакIэрэ къызхэхьа бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ хамэбзэ псалъэу адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэр зэрыхэлэжьыхьри, абыхэм бзэ лэжьэкIэкIэ лъабжьэ мыхьэнэ зэрамыIэнур гурыIуэгъуэщ.

Адыгэбзэ лэжьэкIэрэ псалъэхэм теухуа дэтхэнэ зы сферым ехьэлIауэ этимологием имыгъэзэщIэфынухэмрэ игъэзащIэхэм я гугъу тщIащи, макъ егъэщхьынығъэкIэ къэхъу псалъэхэм я лъабжьэр къэгъэунэхуным нэмыщI, адыгэбзэм теухуауэ этимологием нэхъ хузэфIэкIыну Iуэхур абы къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр къыздыщыхъуа бзэхэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэрауэ жыIэпхъэщ. ИкIи, нобэ этимологием и лэжьыгъэ куэдри мыпхуэдэу зы псалъэр къызтехъукIа бзэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, адыгэбзэм зыдищIрэ ар зыдищIыгъумэ, этимологием къигъэунэхуфыну лъабжьэр куу зэрыхъунури мы лэжьыгъэ цIыкIум гурыIуэгъуэ къещIри, адыгэбзэм зэрыдэщIыгъукIэрэ этимологием мы ипэкIэ етIуанэрэ ещанэ Iыхьэу зи гугъу тщIа сферхэм хиубыдэ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъухэри къигъэунэхун лъэкIынығъэ къызIэригъэхьэфынур ипэкIи къыхэдгъэщагъащ.

*

Нэхъыбэм деж, макъыбзэ лэжьэкIэкIэ адыгэбзэм макъхэр зэрыхэлэжьыхьыр зы мыхьэнэ закъуэм теухуауэ зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщи, и макъ псалъэхэм хуэдэжу, макъ гупкIэ ухуа псалъэхэми мыхьэнэбэу узэреджэфынур гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIи, бзэм хроникэ зэрыхэхъухьарэ щызэрыекIуэ мыхьэнэм нэмыщI мыхьэнэхэмкIи псалъэхэм узэреджэфынур гулъытапхъэщи, макъыбзэр икIи щIагъыбзэбэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Зы псалъэм щIагъыбзэкIэ еджэныр ар къызэрыхъуа сферым теухуа еджэкIэу зэрыщытыфынум нэмыщI, адрей сферхэми теухуауэ зэреджапхъэри гурыIуэгъуэщ. Аращи, псалъэхэм я

макъ мыхьэнэкӏэрэ щӏагъыбзэ еджэкӏэхэр макъыбзэ лэжьэкӏэ зиӏэу зи гугъу тщӏа сферхэм хиубыдэ еджэкӏэхэрщи, макъыбзэ сферымрэ ар зи лъабжьэу тлъыта сферхэми хиубыдэ псалъэхэм щӏагъыбзэ еджэкӏэбэ зэраӏэнур гулъытапхъэщ. Аращи, макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа псалъэхэр бзэм мы хроникэ зэрыхъуа щӏыкӏэм нэмыщӏ ӏуэхугъуэхэм теухуауи узэреджэфынур гурыӏуэгъуэщи, бзэм псалъэ зэрыхэхъухьарэ зэрызекӏуэм нэмыщӏ мы еджэкӏэр зы щӏагъыбзэ лӏэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэщ. Мыпхуэдэ еджэкӏэр псалъэр зыхэзыубыдэ сферым хиубыдэу зэрыщытынум нэмыщӏ, адрей сферхэми зэрыхиубыдэкӏэрэ зэреджапхъуэ зэрыщытыфынури жытӏагъэхэщ. Макъ мыхьэнэ лэжьэкӏэкӏэ мыпхуэдэу узэреджэфым нэмыщӏ, макъ егъэщхьыныгъэкӏэрэ ухуэ псалъэхэми макъ мыхьэнэкӏэрэ узэреджэфынури гурыӏуэгъуэнщи, ипэкӏэ зи гугъу тщӏа дэтхэнэ зы сферым къыщыхъу псалъэхэм узэреджэфыну щӏыкӏэр мэбагъуэр. Мыпхуэдэкӏэрэи и псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытрэ зэхуэмыдэ сферхэм теухуа еджэкӏэ зэриӏэфынуми къызэрыгуэкӏщи, адыгэбзэм къигъэщӏрэ мыхьэнэбэу щыт псалъэхэр щӏагъыбзэм хущӏэкъурэ хуэшэрыуэщ.

Икӏи гулъытапхъэщи, макъыбзэ лэжьэкӏэ сферым къыщыхъурэ абы къыкӏэлъыкӏуэу зи гугъу тщӏа сферхэм хиубыдэ псалъэ гуэрхэри зи лъабжьэр зэрыщӏэуфэкӏэрэ бзэм ″щӏагъыбзэ″ къэӏуэтэкӏэкӏэ щыухуэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Нэхъыбэм деж, щӏагъыбзэр зы псалъэр хроникэ зэрыхъуа щӏыкӏэм нэмыщӏ мыхьэнэкӏэрэ зехьэнращи, макъыбзэм теухуауэ мыпхуэдэ лэжьэкӏэр зэрымыгугъур гурыӏуэгъуэщ; и макъхэр бзэм мыхьэнэбэу зэрыхэлэжьыхьым ипкъ иткӏэ, зы макъыбзэр икӏи щӏагъыбзэу зепхьэным зэрыхущӏэкъурэ зэрыхуэшэрыуэр гурыӏуэгъуэщ.

Мы псалъэхэми къызэрыхэщрэ зэрыгурыӏуэгъуэщи, ″щӏагъыбзэ″у ухуа псалъэхэр щхьэж зы псалъэу бзэм хроникэ хэхъухьу щызекӏуэхэращ, икӏи бзэм мыпхуэдэу щӏагъыбзэу къэхъуарэ зы псалъэ хъужауэ и къэхъукӏэкӏэ зэщхьэщыкӏ щӏагъыбзэ лӏэужьыгъуэхэри щыӏэщ. Псалъэм папщӏэ, ″щӏэкӏуэбзэ″у лъытапхъэ псалъэ куэдри щӏагъыбзэ лӏэужьыгъуэхэрщ. Ауэ, щӏагъыбзэу къэхъуарэ бзэм хроникэ хэхъухьа псалъэхэри псалъэ къэхъукӏэрэ ахэр зыхэзыубыдэ сферхэм теухуауэ къэтӏуэтахэм зэрезэгъыр гурыӏуэгъуэщи, щӏагъыбзэр щхьэж зы сферу лъытапхъэкъым. Щӏагъыбзэу лъытапхъэ псалъэхэм я къэхъукӏэрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэри мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа сферхэм теухуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщи, мы лэжьыгъэм щӏагъыбзэ лӏэужьыгъуэ лэжьэкӏэу къэхъуа псалъэхэм щхьэхуэу и гугъу ищӏынукъым.

Мыбдежым ди ӏуэхур псалъэхэрауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, псалъэхэр бзэм щызэрызекӏуэу къэхъу ″жыӏэгъуэ″хэмрэ ″псэлъэжь″хэми я гугъу тщӏыкъым. Ауэ, абыхэм я къэхъукӏэри зи гугъу тщӏа сферхэм зым е нэхъыбэми зэрытеухуапхъэри мыбдежым щыжыӏэпхъэщ. Зы гупщысэрэ еплъыкӏэр утыку къилъхьэн ӏуэхугъуэкӏэрэ бзэм щызекӏуэу зы псалъэм

ипӀэ иувэу лъытапхъэщ зы жыӀэгъуэри, ар макъ мыхьэнэкӀэрэ ухуа псалъэхэр зыхэтрэ зытеухуар макъ мыхьэнэкӀэрэ наӀуэ къэзыщӀыу къэзыӀуатэ зы жыӀэгъуэу щытми, мы зэрыухуарэ щӀэухуа щӀыкӀэр зэрилъабжьэкӀэрэ мыбы хуэдэрэ ар уигу къэзыгъэкӀ гуэрхэм теухуауэ бзэм зэрызекӀуэ щӀыкӀэр етӀуанэу зи гугъу тщӀа бзэ лэжьэкӀэ сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Нэхъыбэм деж мыпхуэдэщ жыӀэгъуэхэмрэ псэлъэжьхэр бзэм щызэрызекӀуэ щӀыкӀэри, къызэрыхъуарэ зэрыухуа щӀыкӀэр макъыбзэ сферым теухуами, апхуэдэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкӀэрэ нэгъуэщӀ Ӏуэхугъуэхэм теухуауэ зэрызырахьэ щӀыкӀэр зи гугъу тщӀа етӀуанэ сферым теухуауэщ. Ауэ, макъыбзэ сферым теухуауэ къэхъуу лъытапхъэкъым дэтхэнэ зы жыӀэгъуэрэ псэлъэжьри, макъыбзэ лэжьэкӀэм къыкӀэлъыкӀуэ иужьрей сферитӀми къыщызэрыхъуфынури гурыӀуэгъуэнщ.

*

Мыбдежым зи гугъу тщӀар адыгэбзэ лэжьэкӀэм теухуа сферхэращи, мыр макъыбзэу щымыт/щымытыж бзэхэм теухуауэ зэрымылъытапхъэри жытӀагъэхххэщ. Ауэ, адыгэбзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъукӀэхэр мы зэрызэщхьэщыкӀым хуэдэ дыдэу мылъытапхъэми, дэтхэнэ зы бзэри зэрыужьым зэрезэгъкӀэрэ и лэжьэкӀэрэ и псалъэхэр къэхъуныгъэрэ мыхьэнэкӀэрэ категоризацэ зэрыщӀыфынурэ бзэ лэжьэкӀэ сферхэр зэрылъытэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Макъыбзэ лэжьэкӀэ зимыӀэ/зимыӀэж бзэхэм я лэжьэкӀэрэ псалъэхэр категоризацэ зэрыщӀыфыну щӀыкӀэм мыбдежым адыгэбзэм и макъыбзэм теухуауэ тлъытахэр зэрыхэмытынури гурыӀуэгъуэщ. Макъыбзэ лэжьэкӀэ сферыр щымылъытэм дежи, абы къыкӀэлъыкӀуэу зи гугъу тщӀа сферитӀри игъуэкӀэрэ зэрымылъытэфынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, зи гугъу тщӀы бзэхэм макъ егъэщхьыныгъэрэ хамэбзэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэм нэмыщӀ, макъыбзэ лэжьэкӀэ сфер нэужь сферитӀым хиубыдэу лъытапхъэ псалъэхэр зэраӀэнури гурыӀуэгъуэнщ. Ар щхьэ, мы сферитӀым хиубыдэу лъытапхъэ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъур адыгэбзэм хуэдэу зы макъыбзэ лэжьэкӀэу зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщи, ахэр а бзэхэм я лэжьэкӀэм теухуауэ бзэ лэжьэкӀэ сферхэу лъытэнри гугъущ.

Дауэми, ухуарэ лэжьэкӀэ зыгъуэтагъэхххэу утыку ит бзэм къигъэщӀ псалъэхэр зэгухьэу къэхъу псалъэ зэхэлъкӀэрэ факт гуэрхэр зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ псалъэхэр адыгэбзэм зи гугъу тщӀа сферитӀым псалъэхэр щызэрыухуэм ебгъэщхь хъуну псалъэ къэхъукӀэрщ. Мыбы теухуа зы щапхъэу лъытапхъэщ -псалъэ папщӀэ- адыгэбзэм ″псыунэ″у илъытэр зэрылъыта ″water cloce (wc)″ псалъэр. А псалъэм и мыхьэнэри адыгэбзэм и ″псы унэ″ хуэдэу лъытапхъэщ, ауэ адыгэбзэм и ″псы″рэ ″унэ″р зэрызэгухьэкӀэрэ къэхъуа ″псыунэ″ псалъэ зэгуэтым и лъабжьэр макъыбзэ лэжьэкӀэ сферыр арауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэ щхьэ, апхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ ″water cloce (wc)″ псалъэм мыпхуэдэ лъабжьэ иӀэкъым. ЗэралъытэкӀэрэ лӀэщӀыгъуищи хъукъым а псалъэр къызэрыхъуари, псыр

зэрызыщӀаубыдэр къызэрыӀуатэу фактуралу ящӀ Ӏуэхугъуэм зэрытеухуакӀэрэщ зи гугъу тщӀы псалъэр зэрызэпкъырыува щӀыкӀэр. Аращи, адыгэбзэ псалъэхэм хуэдэ щӀыкӀэкӀэ ухуарэ адыгэбзэ псалъэхэр зыхэзыубыдэ сферым хиубыдэу лъытапхъэми, псалъэ зэгухьэкӀэу зыгуэрыр факту зылъытэ макъ зэгуэт е афикскӀэрэ лажьэу ухуа псалъэхэм я лъабжьэр зэрымынаӀуэм папщӀэ, ахэр икӀэ нэгъунэ адыгэбзэм и сферхэм теухуауи лъытапхъэкъым.

Мы щапхъэм нэмыщӀ, факту гъэзащӀэм къытехъукӀа зы щапхъэри адыгэбзэм и "бжэ" псалъэм и мыхьэнэгъу "порт" псалъэращ. КъызэраӀуатэрщи, зы хьэблэрэ къуажэ тӀысыпӀэр и хъуреягъкӀэ къыщавыхьым деж, абы щӀыхьэпӀэ хуэхъун гугъэкӀэ вабдзэр къыщаӀэт (портер) ӀэнатӀэри а хэщӀапӀэм бжэ хуэхъурт. Вабзэр мы къыщыӀэта щӀыпӀэр щӀэхьэпӀэу зэрылъытэращ "порт" псалъэр къызтехъукӀари, ар къыщыхъуа лъэхъэнэр зэманыгъуэу зэрымыгъунэгъури гурыӀуэгъуэнщ.

ИпэкӀэ жытӀа псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, макъыбзэ лэжьэкӀэ зимыӀэ бзэхэм "макъ егъэщхьыныгъэкӀэрэ къыщыхъуа псалъэ"хэмрэ "хамэбзэу къыхэхьа псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь"ращ а бзэхэм я лэжьэкӀэу адыгэбзэм и лэжьэкӀэ сферу тлъытахэм ӀупщӀыу теухуэу лъытапхъэхэр. Мыбыхэм нэмыщӀ, адыгэбзэм къимыгъэщӀ псалъэ къэхъукӀэрэ бзэ лэжьэкӀи зэраӀэнур гурыӀуэгъуэщ а бзэхэми, мыбдежым мыпхуэдэ псалъэ къэхъукӀэхэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ.

ИпэкӀи зэрыжытӀауэ, бзэр зезыхьэ цӀыхум и инициативыр ипэ зэрищкӀэрэ макъыбзэ лэжьэкӀэр иужь къызэринэнурэ мыпхуэдэ лъабжьэри зэрыщӀэуфэкӀэрэ бзэм и лэжьэкӀэрэ и псалъэхэр цӀыхум и псэукӀэм, зэхэтыкӀэм, и щӀеинхэм къызэрытехъукӀыфынур гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкӀэр зэрыщӀэкӀуэдыкӀым къызэрыгуэкӀщи, адыгэбзэм зи гугъу тщӀа и лэжьэкӀэрэ и псалъэ къэхъукӀэм емызэгъыу бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъукӀэ зэрагъуэтынур гурыӀуэгъуэнщ зи гугъу тщӀа бзэхэм. Аращи, адыгэбзэм и псалъэ къэхъукӀэ сферхэм химыубыдэу, абыхэм къакӀэлъыкӀуэ псалъэ къэхъукӀэхэр зэраӀэнур гулъытапхъэщ зи гугъу тщӀа бзэхэм. Зи гугъу тщӀы бзэхэр - нобэ нэхъыбэм я лъабжьэр щӀэхъумауэ- мыпхуэдэ псалъэкӀэрэ зэрыгъэнщӀари гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэщи, нобэ бзэхэм куэдыщэу щызекӀуэ "публие, публик, публикэ, публикацэ, републикэ" псалъэхэр къызтехъукӀар пэсэрей Рома парламентом (совет) зы парламенту (дебутат) хэта "Публи" зи цӀэ лӀыр къызщхьэщыжарэ абы и лъэныкъуэ хъуахэр зэрылъытаращ.

Адыгэбзэм имыӀэ псалъэ къэхъукӀэу, зи гугъу тщӀы бзэхэм я псалъэ къэхъукӀэм теухуа зы щапхъэри нобэ европэбзэхэм я мифологием хэт Ӏуэхугъуэрэ лӀыхъужь гуэрхэр лъабжьэ зэрыхъукӀэрэ псалъэ къызэрыхъу щӀыкӀэр. Мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр икӀи щӀэныгъэр зыхущӀэкъурщи, мы зи гугъу тщӀы псалъэхэр икӀи щӀэныгъэ терминхэущ нэхъыбэм деж утыку къызэрихьэр. Мыпхуэдэ псалъэ къэхъукӀэм дигу къызэригъэкӀщи,

адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӀэ сферым къыщыхъуу щыӀэгъуэр зэрызекӀуэр зэрылъытэ псалъэхэр иужькӀэ мифологие Ӏуэхугъуэрэ лӀыхъужьыцӀэу зэрыхэхьэжу ипэкӀэ къэта щапхъэхэм и пхъэнджырщ мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀыуэ европэбзэхэм хэту щыт псалъэхэм я къэхъукӀэр. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, адыгэбзэм а бзэхэм хуэдэу мифологие зи лъабжьэ псалъэ къигъэщӀакъым, ауэ адыгэбзэм мифологие лӀэужьыгъуэхэр къызэрыӀуатэ псалъэхэр бзэ лэжьэкӀэу зэрыухуар ипэкӀэ къэта щапхъэхэм гурыӀуэгъуэ къытхуещӀыр. Аращи, адыгэбзэмрэ Адыгэ мифологиер зэрызэпыщӀарэ зэрызэлъытам хуэдэкъым зи гугъу тщӀы бзэхэмрэ я мифологиер зэрызэпыщӀарэ зэрызэлъытари, бзэм къигъэщӀыу къиӀуатэ мифологие псалъэхэр зи гугъу тщӀы бзэхэм иужькӀэ бзэм илъытапхъэхэри къызэрыӀуатэ псалъэ къызэрытехъукӀыж лъабжьэ зэрыхъужар гулъытапхъэщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу мифологие Ӏуэхугъуэхэм къытехъукӀыж псалъэхэм я блэкӀари бзэр утыку къызэрихьарэ зэрыухуам елъытауэ жыжьэ дыдэ кӀуэнкъым. Ауэ, абы нэхъ гъунэгъуу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ зи гугъу тщӀы бзэхэм я псалъэ къэхъукӀэ гуэрхэри, мыбы и зы щапхъэщ ″news″ псалъэр. ″News″ псалъэр къызтехъукӀар нэгъуэщӀ зы псалъэу (пп: латин лъабжьэрэ франджыбзэкӀэ ″нувел″) щытауэ лъытапхъэми, ар нобэ зэралъытэр ″nord (сыхъуэрэх), est (къуэкӀыпӀэ), west (къуэхьэпӀэ), sud (дыгъэрэпс)″ псалъэхэм я псэлъащхьэ макъхэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэу ухуа зы псалъэущ. Мы Ӏуэхугъуэр къэгъэлъэгъуэн нэмыщӀ, зы псалъэу зы мыхьэнэ зимыӀэу зэраухуар гулъытапхъэщи, ар зы ″псалъэ″у лъытапхъэмэ(!), абы и къэхъукӀэр мыбы нэгъунэ псэлъэбзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъукӀэу жытӀахэм зикӀ зэремыкӀуалӀэрэ зэремызэгъри наӀуэщ.

ГурыӀуэгъуащэщи, зи гугъу тщӀа бзэхэм я псалъэ къэхъукӀэу мы къэта щапхъэхэр адыгэбзэм и псалъэ къэхъуныгъэ щӀыкӀэхэм химыубыдэрщ. Адыгэбзэм и псалъэ къэхъукӀэмрэ зи гугъу тщӀы бзэхэм я псалъэ къэхъукӀэр щызэтехуэ щӀыпӀэхэр нэхъ ӀупщӀыу щылъытапхъэхэр ″макъ егъэщхьыныгъэ″мрэ ″хамэбзэу бзэм къыхэхьэ псалъэхэм я лэжьэкӀэ″у псалъэ ухуэкӀэрауэ жыӀэпхъэщ. Мы псалъэ къэхъукӀэрэ бзэ лэжьэкӀэхэм ипэ къихуэу псэлъэбзэ къежьапӀэхэм хуэкӀуэ псалъэ къэхъукӀэр зи гугъу тщӀы бзэхэм яӀэкъым/яӀэжкъым, е апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ ухуа псалъэхэр мыгурыӀуэгъуэрэ зэхэгъэкӀыжыпхъэкъыми, апхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр макъыбзэ лэжьэкӀэу адыгэбзэм (макъыбзэхэм) хуэӀуауэ жыӀэпхъэщ. Ауэ макъ егъэщхьыныгъэрэ хамэбзэ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым къыкӀэлъыкӀуэу мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀауэ щыт мифологие лъабжьэкӀэрэ псалъэ къэхъуныгъэмрэ псэлъащхьэ макъ зэгухьэныгъэкӀэрэ псалъэ ухуэныгъэ щӀыкӀэхэри зи гугъу тщӀа бзэхэм хуэӀуауэ жыӀэпхъэщ.

# ЦӀЫХУ ЩӀЕИН ЛОГИЕ ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭРИ ЗЭРЫУХУАР ПСЭЛЪЭБЗЭМ ХУЭДЭУ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Псэлъэбзэ лэжьэкӀэр категоризацэрэ сферхэу зэрылъытам хуэдэу, псэлъэбзэ лӀэужьыгъуэ Ӏыхьэхэри, икӀи цӀыху щыӀэгъуэм теухуарэ цӀыху щӀеину щыт логие лӀэужьыгъуэхэри категоризацэ зэрыщӀыпхъэрэ зэрызэпкъырылъ щӀыкӀэхэр сфер сферу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. ЦӀыху щӀеину логие лӀэужьыгъуэхэм я къежьапӀэри псэлъэбзэ къежьапӀэу щыт макъыбзэр щыӀэгъуэрэ космикэу зэрылъытапхъэм хуэдэу лъытапхъэщи, ахэри кӀуэ пэтрэ псэлъэбзэм хуэдэу цӀыху еплъыкӀэрэ и гъащӀэр зэрызекӀуэм елъыта лъагъуэ игъуэту зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, ахэри зэрызэпкъырыувэ щӀыкӀэкӀэрэ щхьэхуэ щхьэхуэу категоризацэ щӀыпхъэщ, икӀи сфер сферу лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, псэлъэбзэ лӀэужьыгъуэу щыту Адыгэм зэрихьэ цӀыхуцӀэхэри, псэлъэбзэм къиӀуатэ ӀуэрыӀуатэрэ мифологиери мы ипэкӀэ адыгэбзэ лэжьэкӀэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэхэм хуэдэу илъабжьэкӀэ категоризацэ тщӀыуэ зэрызэпкъырылъ щӀыкӀэхэр сфер сферу зэщхьэщыдгъэкӀынщ. Мы псэлъэбзэ лӀэужьыгъуэхэм нэмыщӀ, цӀыху гъащӀэм дэухуарэ цӀыху щӀеин лӀэужьыгъуэу лъытапхъэ цӀыху хабзэри илъабжьэкӀэ Адыгэ хабзэм теухуауэ категоризацэрэ сфер сферу зэщхьэщыдгъэкӀынщ. Хабзэми къыкӀэлъыкӀуэу, цӀыхум зэрихьэу къэгъуэгурыкӀуа тхэн Ӏуэхугъуэри зэрыухуарэ нобэм къызэрыса щӀыкӀэкӀэрэ ар дыдэу илъабжьэкӀэ категоризацэрэ сфер сферу тлъытэнщ.

ИлъабжьэкӀэ мы зи гугъу тщӀынухэр мы лэжьыгъэмрэ адыгэбзэм теухуауэ ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэхэм къызэрыхэщым теухуащ. Аращи, ипэрей лэжьыгъэхэм къыхэщауэ адыгэбзэм къигъэщӀа цӀыхуцӀэхэр, мы лэжьыгъэмрэ ипэрей лэжьыгъэхэм мифологие лӀэужьыгъуэу къыхэщахэр, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа тхылъым къыхэщ тхэн Ӏуэхугъуэр тегъэщӀапӀэ зэрытщӀкӀэрэщ мы илъабжьэкӀэ къедгъэкӀуэкӀыну консидерацэр къызэредгъэкӀуэкӀынур.

ИкӀи пыщапхъэщи, илъабжьэкӀэ мы зи гугъу тщӀыну жыхуэтӀахэм къыщымынэу, цӀыхум теухуарэ културал антропологие Ӏуэхугъуэу лъытапхъэ дэтхэнэ гуэрым мыпхуэдэ лъабжьэ къызэрыщӀэщынури хуиту жыӀэпхъэщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэри дэтхэнэ зы Ӏуэхугъуэм езым теухуарэ хуэӀуауэ къегъэкӀуэкӀын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэнщи, ахэр псэлъэбзэ зэпкъырылъыкӀэм емылъытауэ щхьэжу категоризацэрэ сфер сферу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀ мы лэжьыгъэхэм къыкӀэлъыкӀуэу игъуэ хъурэ дыхущӀыхьэмэ, мы Ӏуэхугъуэхэм теухуа мыпхуэдэ лэжьыгъэхэми дыхэхьэнщ. Ауэ, мыбдежым дэ адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэм къызэрыхэщкӀэрэщ Ӏуэхум дызэрыбгъэдэхьэнури, адыгэбзэм теухуа сферхэм зэрезэгъкӀэрэщ зи гугъу тщӀынухэм теухуа консидерацэр къызэредгъэкӀуэкӀыну щӀыкӀэр.

*

Адыгэбзэм къигъэщIа цIыхуцIэхэр адыгэбзэр зэрызэпкъырыувам хуэдэу категориерэ сферхэу зэщхьэщыгъэкIыпхъэщи, нытIэ ипэрей лэжьыгъэхэм къызэрыхэщкIэрэ адыгэбзэм цIыхуцIэхэр къызэригъэщIар, къигъуэгурыкIуарэ зэрыбагъуэу зэрызэхъуэкIар, Адыгэм хамэбзэу къищта цIыхуцIэхэр сфер сферу зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэм деплъынщ.

Къэхъу быныр япэрауэ и щыIэгъуэм теухуауэ хъурэ бзыуэ зэщхьэщигъэкIыу зэрилъытэнур гурыIуэгъуэнт зы макъыбзэми, къэхъу быныр цIыхухъурэ цIыхубзу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ макъыхъурэ макъыбзкIэрэщ зэрылъытар. Мыпхуэдэ цIыхуцIэ къэхъуныгъэр макъыбзэ лэжьэкIэм цIыхухъурэ цIыхубзыр зэрилъытэну щIыкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, макъыбзэ лэжьэкIэ лъабжьэ сферым хиубыдэ псалъэхэрщ, икIи цIыхуцIэхэр утыку къызэрихьэми и лъабжьэу зэрыщыткIэрэ, мы зи гугъу тщIы къэхъукIэ зиIэрэ цIыхуцIэхэри къызэрыхъу пэщIэдзэу ухуахэр цIыхуцIэхэм я лъабжьэ сферу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм къэхъу быныр мыпхуэдэу макъыхъурэ макъыбзкIэрэ ухуауэ цIэ зэрыфIащым и гугъу щытщIагъащ, икIи абыхэм теухуа щапхъэхэри къэтыгъащ. Мыбдежым макъыбзэ сферым къыщыхъуауэ лъытапхъэ а цIыхуцIэм я гугъу щытщIыу, абы къыкIэлъыкIуэу ухуа цIыхуцIэхэр къыздыщыхъуа сферхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ипэрей лэжьыгъэхэм зы макъыхъуу тлъыта ″тI″ макъым къытехъукIарэ ар зыхэту ухуа цIыхухъуцIэхэм я гугъу щытщIагъащи, мыбдежым япэрауэ апхуэдэ цIыхухъуцIэхэр утыку къызэрихьа щIыкIэм аргуэру дыхэплъэжынщ. Макъыбзэ лэжьэкIэм зэрезэгъкIэрэ цIыхухъур зы макъыхъуу щыт ″тI″ макъымкIэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнти, ″тI″ макъкIэрэ ухуа цIыхухъуцIэу адыгэбзэм хэту нобэм къынэсар мащIэкъым. ″ТI″ макъкIэрэ ухуарэ нобэм анэцIэу къынэса цIыхухъуцIэр мащIэкъым, ауэ икIи абыхэм я къежьапIэу щытауэ жыIэпхъэщ щхьэж ″тI″ макъыр къызэрыIурэ абы къыкIэлъыкIуэу лъытапхъэ мы щапхъэхэр: «ТIы, тIыу – ТIу, ТIи».

ЦIыхухъу быныр ″тI″ макъкIэрэ зэрылъытэм и къежьапIэу ухуа цIыхухъуцIэхэу лъытапхъэщ мы къэта щапхъэхэри, мы къэта щапхъэхэм къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукI цIыхухъуцIэхэри зэрыухуэфынум зэрезэгъкIэрэ ″тI″ макъыр тIэу къызэрыIукIэрэ ухуа щапхъэхэщ мыхэри: «ТIытI, ТIытIэ, ТIатI, ТIатIэ, ТIитI, ТIитIэ, ТIутI, ТIутIэ».

Быныр зэрыцIыхухъум папщIэ, зы макъыхъуу щыт ″тI″ макъыр тIэу къэIурэ и мыхьэнэр лъэщ зэрыхъукIэрэ ухуа цIыхухъуцIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ мыхэри, щхьэж ″тI″ макъымрэ ар зэрыгъэлъагъуэу ухуауэ ипэкIэ къэта цIыхухъуцIэхэм къыкIэлъыкIуэу жыIэпхъэщ. Мыпхуэдэу ″тI″ макъыр тIэу къэIуныгъэ зиIэу ухуа мы цIыхухъуцIэхэми къыкIэлъыкIуэу ухуауэ лъытапхъэщ макъыхъу ″тI″ыр зэрыгъэлъагъуэрэ зэрылъытэжкIэрэ утыку къихьа мы цIыхухъуцIэхэри: «ТIырэ, ТIарэ, ТIыкъэ».

Мыбыхэм къакӏэлъыкӏуэу лъытапхъэщ ″тӏ″ макъкӏэрэ лажьэрэ къэхъуа быныр зэрыпӏри къызхэщ мы цӏыхухъуцӏэхэри: «Пӏытӏэ, Пӏатӏ, Пӏатӏэ, Пӏутӏэ, Пӏутӏ».

Макъыхъукӏэ ухуарэ лажьэу мы къэта щапхъэхэм къыкӏэлъыкӏуэу ″тӏ″ макъ зыхэту ухуауэ лъытапхъэщ илъабжьэкӏэ мы къэтахэри, быныр зэрыхъури къызхэщу ухуа цӏыхухъуцӏэхэрщ: «Тӏыхъу, Тӏырхъу, Тӏырхъуэ, Тӏахъу, Тӏахъуэ, Тӏархъу, Тӏархъуэ; Тӏатӏыхъу, Тӏатӏрыхъу, Тӏатӏрыхъуэ».

Хъур ужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, зыужьыгъуэпэ унэтӏыгъэуи еджапхъэщ мы илъабжьэкӏэ къэта щапхъэхэм, ауэ абыхэм икӏиу жьабзэрэ зи ӏуэр лъэщ мыхьэнэуи еджапхъэ мы цӏыхухъуцӏэхэри мы ипэкӏэ къэта щапхъэхэм къакӏэлъыкӏуэу ухуауэ жыӏэпхъэщ: «ӏутӏ, ӏутӏэ».

Быныр зэрыцӏыхухъур къызэрыхэщкӏэрэ макъыхъу ″тӏ″ыкӏэрэ ухуа цӏэхэм къыкӏэлъыкӏуэу, а быныр икӏи зэрыпӏыпхъэрэ хъууэ зэрыщытри къызхэщу, икӏи зыужьыныгъэ къызэригъэхъупхъэр къызхэщу цӏыхухъуцӏэ ухуэныгъэм унэтӏыныгъэрэ бэгъуэныгъэ зэригъуэтыр гулъытапхъэщ. Мыбыи къыщымынэрэ къыкӏэлъыкӏуэу, мы къэхъуа псалъэхэм е ″тӏ″ макъым нэгъуэщӏ макъхэр къызэрыхэхьэжкӏэрэ ″тӏ″ макъ зыхэт цӏэхэр зэрыухуэжри гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэри: «Пӏытӏыш, Пӏытӏыхъу»; «Тӏымыщ, Тӏамыщ, Тӏамыш».

″Тӏ″ макъым къытехъукӏрэ ар зыхэту ухуауэ мы къэта цӏыхухъуцӏэхэр цӏыхуцӏэхэм я сфер лъабжьэм зэрыхиубыдэнур гулъытапхъэщи, ″тӏ″ым къытехъукӏарэ ар зыхэту ухуа цӏыхухъуцӏэхэр утыку къызэрихьа зэкӏэлъхьэужьыкӏэу мы ипэкӏэ къэтӏуэтахэр цӏыхуцӏэ сфер лъабжьэр и кӏуэцӏкӏи зэрызэщхьэщыгъэкӏыпхъэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Ауэ, цӏыхуцӏэ сфер лъабжьэм хиубыдэ цӏыхухъуцӏэу ″тӏ″ым къытехъукӏрэ ар зыхэту ухуэхэр мыбы нэгъунэ къэтӏуэтахэм къыщынэкъыми, нытӏэ аргуэру къыпытщэнщ.

Макъыхъуу щыт ″тӏ″ым къытехъукӏрэ ар зыхэту ухуауэ мы зи гугъу тщӏахэр цӏыхухъуцӏэхэм ищхьэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэжкӏэрэ ухуэж цӏыхухъуцӏэщӏэхэри щыӏэщи, ахэри мы япэрей цӏыхуцӏэ сферым хиубыдэу лъытапхъэщ. Зэрыгурыӏуэгъуэу, ″хьэ″ макъ псалъэр цӏыхум япэу зызэрилъытэжаращи, абы мы и мыхьэнэкӏэрэ бзэм икӏуарэ къигъэщӏа зэхуэмыдэ псалъэхэр зэрымымащӏэри гурыӏуэгъуэщ. Ауэ ар иужькӏэ блэкӏарэ пщӏэ зиӏэр зэрылъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхьари гурыӏуэгъуэщи, мы ипэкӏэ къэта цӏыхуцӏэхэм ищхьэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэу щыухуэжкӏэ, абыхэм пщӏэ зиӏэ цӏыхуцӏэщӏэхэр къазэрытехъукӏыжыфынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, ипэкӏэ къэта цӏыхухъуцӏэхэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэжкӏэрэи цӏыхухъуцӏэхэри ухуащи, мыпхуэдэу ухуэжхэри къызтехъукӏа цӏыхуцӏэр зыхэзыубыдэ сферым щыщщ: «Хьэтӏытӏэ, Хьэтӏитӏ, Хьэтӏитӏэ, Хьэтӏыкъэ; Хьэтӏыхъу, Хьэтӏахъуэ; Хьэтӏымыщ; Хьэпӏытӏэ, Хьэпӏатӏ, Хьэпӏатӏэ, Хьэӏутӏэ».

Ухуагъэххэ цӏыхуцӏэм ищхьэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэкӏэрэ цӏыхуцӏэ зэрыухуэжым нэмыщӏ, ″хьэ″рэ ″тӏ″ зыхэту щӏэуэ ухуэж цӏыхуцӏэхэри

щыӀэщи, ахэри макъыхъуу щыт ″тӀ″ыкӀэрэ зэрыухуам ипкъ иткӀэ цӀыхуцӀэ сфер лъабжьэм хиубыдэу лъытапхъэщ: «ХьэтӀу (мыр икӀи ипэкӀэ къэта ″ТӀыу - ТӀу″м къытехъукӀыу лъытапхъэщ), ХьэтӀыш».

НытӀэ, мы иужьрейуэ къэтахэри хэтыжу ″тӀ″ым къытехъукӀарэ ″тӀ″ макъ зыхэту ухуа цӀыхуцӀэхэр ″тӀ″ макъыр макъыхъуу зэрыщытым ипкъ зэритрэ макъыбзэ лэжьэкӀэу зэрыухуам зэрезэгъкӀэрэ цӀыхуцӀэ ухуэныгъэм и япэрей сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ.

МакъыхъукӀэрэ мыпхуэдэ цӀыхухъуцӀэ ухуэныгъэр макъыбзэ лэжьэкӀэм зэрезэгъкӀэрэ япэрей сферым зэрыхиубыдэнур гурыӀуэгъуэнщ, икӀи нэгъуэщӀ макъыхъухэми мыпхуэдэ цӀыхухъуцӀэ къазэрытехъукӀыфынури гурыӀуэгъуэнщ, ауэ нэгъуэщӀ макъыхъухэм цӀыхухъуцӀэ къазэрытехъукӀым теухуа щапхъэфӀхэр дызэримыӀэрэ ипэрей лэжьыгъэхэм апхуэдэхэр къызэрыхэмыщым папщӀэ, мы ди лэжьыгъэ Ӏыхьэр ″тӀ″ макъым теухуа закъуэу къедгъэкӀуэкӀащ. Ауэ икӀи зы макъыбзэм цӀыхухъуцӀэ къызэригъэщӀыну щӀыкӀэр макъыхъукӀэрэ ухуэ цӀыхухъуцӀэхэм къызэрыщымынэнури гурыӀуэгъуэнщи, щхьэж зы нэрыбгэм гъащӀэм къыщилэжьым зэрезэгъкӀэрэ къилэжьыж и цӀэр макъыбзэкӀэрэ зэрыухуэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, цӀыху нэрыбгэм цӀэщӀэ зэрыфӀащыжри гурыӀуэгъуэщи, ахэр макъыбзэ лэжьэкӀэкӀэ къэӀуатэу щытми, ахэр зыхэзыубыдэу лъытапхъэ сферыр цӀыхуцӀэ лъабжьэ сфер нэужьу лъытапхъэщ. Аращи, адыгэбзэ лэжьэкӀэм зэрезэгъкӀэрэ макъыбзэ лэжьэкӀэ зиӀэу ухуэ псалъэхэрами, мыбдежым и гугъу зэрытщӀауэ макъыхъукӀэрэ мыухуа мы псалъэхэр цӀыхуцӀэу сфер лъабжьэм хиубыдэу лъытапхъэкъым. Мыпхуэдэу ухуэ цӀыхухъуцӀэхэм теухуа щапхъэхэри зэрыщыӀэр гурыӀуэгъуэщ, ауэ апхуэдэ цӀэхэм зи гугъу тщӀы ипэрей лэжьыгъэхэм я гугъу щытщӀакъыми, мыбдежым ахуэдэ щапхъэхэри къэтхькъым; - игъуэ хъурэ иужькӀэ цӀыхуцӀэхэм теухуа лэжьыгъэ къедгъэкӀуэкӀмэ, мы зи гугъу тщӀы сферым хиубыдэ цӀыхуцӀэ щапхъэхэри къэтхьынщ.

Адыгэбзэм езым къигъэщӀа цӀыхуцӀэхэращ мыбеджым зи гугъу тщӀахэри, Адыгэр къызэрикӀуэтым ипкъ иткӀэ, иужьрей зэманыгъуэхэм Адыгэ цӀыхухъуцӀэхэм и нэхъыбэр нэгъуэщӀыбзэу бзэм къыхэхьахэри гурыӀуэгъуэщ. Адыгэм зэрихьэ цӀыхуцӀэхэр сферкӀэрэ щхьэщыбгъэкӀмэ, хамэбзэ цӀыхуцӀэу Адыгэм къищтахэри щхьэхуэу зы сферу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, зауэрэ гъащӀэкӀэрэ, е фӀэщхъуныгъэрэ динкӀэрэ зэпыщӀэныгъэ зыхуиӀэ лъэпкъхэм щызекӀуэ цӀыхуцӀэу Адыгэм къищтауэ зэрихьэр нобэ езым и бзэм къигъэщӀа цӀыхуцӀэм елъытауэ нэхъыбэщи, нобэ мы сферыр адрейхэм елъытауэ нэхъ инщ; икӀи, нобэ мыпхуэдэ цӀэхэращ итхрэ зэрихьэри, адыгэбзэм езым къигъэщӀауэ ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэр цӀэ лейрэ анэцӀэущ зэрызырихьэ хъуари, ари кӀуэ пэтрэ зэрыщӀэкӀуэдыжри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ икӀии, адыгэбзэм къигъэщӀа цӀыхубзыцӀэхэм елъытауэ цӀыхухъуцӀэхэращ нэхъ куэдыгъуэ

къызхуэкIуэри, нобэ цIыхуцIэу адыгэбзэм езым къигъэщIа цIыхубзыцIэхэр Адыгэм мымащIэу зэрихьэ щхьэ, цIыхухъуцIэу къигъэщIауэ ноби бзэм щызекIуэр мащIэ дыдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ИкIи пыщапхъэщи, хамэбзэу Адыгэм къиштауэ мы зи гугъу тщIы цIэхэр я къэIукIэр адыгэбзэм и фонетикэм иригъэзэгъыу щыташ Адыгэм езым итыгъуэ щыщиIэм щыгъуэ; ауэ нобэ ахэр къыздикIа бзэхэм къызэрыраIу щIыкIэм хуэдэжщ Адыгэми а псалъэхэр къызэрыриIу щIыкIэ хъуар.

Макъыбзэм къызэригъэщIкIэрэ "тI" макъыхъум къытехъукI цIыхухъуцIэхэм я гугъу тщIащи, макъыбзхэми цIыхубзыцIэ къызэригъэщIынур гурыIуэгъуэнщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, илъабжьэкIэ къэта щапхъэхэри ипэрей лэжьыгъэхэм и гугъу щытщIахэращ. Макъыбзэ лэжьэкIэм цIыхубзыцIэхэри макъыбзхэмкIэрэ зэриухуэнур гурыIуэгъуэщи, апхуэдэу ухуэ цIыхубзыцIэ пэщIэдзэу лъытапхъэщ мы щапхъэхэр: «Гуагуэ, ГуакIуэ; Гунэ»; «Кукуэ, Куакуэ; Кунэ»; «КIукIуэ, КIуакIуэ; КIунэ, КIурэ»; «Быбэ, Бабэ, Бубэ; Былэ, Булэ».

Мы къэта щапхъэхэр цIыхуцIэ сфер лъабжьэу зэрыщытрэ икIи абы и купщIэрэ къеэжьапIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, мыбыхэми макъ гуэрхэр къазэрыпыхьэкIэрэ къатехъукIыжыфыну цIыхубзыцIэхэри мы сферым зэрыхиубыдэнури гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэта щапхъэхэм хуэдэу ухуарэ икIи адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэм езэгъми, "ц" макъкIэрэ ухуа цIыхубзыцIэхэр мыбыхэм хуэдэу цIыхуцIэ сфер лъабжьэм химыубыдэу лъытапхъэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщ "ц" макъыр утыку къызэрихьарэ икIи къытехъукIа псалъэхэри ипэкIэ зэрытлъытари, ахэр макъыбзэ лэжьэкIэм химыубыдэу, макъыбзэ лэжьэкIэ нэужь сферым хиубыдэу жытIахэр дигу къэдгъэкIыжынщ. Мы псалъэхэм зэрезэгърэ къыщымынэрщи, макъ мыхьэнэ зимыIэу тлъыта "ц"ым къытехъукI цIыхуцIэхэр утыку къызэрихьэри символизмэ лъабжьэ зэриIэкIэрэщ. Аращи, илъабжьэкIэ къэта щапхъэхэр "ц"ыр макъыбзэ лэжьэкIэм тету бзэм щызэрызекIуэм хуэдэми, ахэр зэрыухуа щIыкIэр "цы"р зи символым теухуащ: "цы"р зэрыкуэдым папщIэ, бэгъуэныгъэм и символущ зэрылъытари, абы къытехъукI цIыхуцIэхэр бэгъуэныгъэ символизмэу цIыхубзыцIэхэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, "ц"ым къытехъукI цIыхубзыцIэхэр символ зыхуэхъу бэгъуэныгъэм теухуауэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкIэрэ ухуа псалъэхэу лъытапхъэщи, апхуэдэ цIыхуцIэхэр зыхэзыубыдэ сферыр макъыбзэм мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкIэрэ ухуэ сферым хуэдэ цIыхуцIэ сферу лъытапхъэщ.

Ауэ зэрыжытIауэщи, "ц"ым къытехъукIрэ ар зыхэту ухуэ псалъэхэми ипэкIэ макъыбзхэм къытехъукIыу къэта псалъэхэм хуэдэ ухуэкIэ зэраIэр гулъытапхъэщ: «Цыцэ, Цацэ, Цуцэ»; «Цырэ, Цунэ»; «Куцэ, Куацэ, Быцэ, Быцу»; «Быцунэ, Бабыцэ».

ЦIыхухъуцIэхэм ищхьэм "хьэ" къызэрыпыхьэм хуэдэжу, мы ипэкIэ къэта цIыхубзыцIэхэми ищхьэм "хьэ" къызэрыхьэфынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуэж цIыхуцIэхэри къызтехъукIахэр зыхэзыубыдэ сферым

хиубыдэ цӀыхуцӀэхэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ипэкӀэ макъыбзкӀэрэ ухуа цӀыхуцӀэхэм "хьэ" къазэрыпыхьэкӀэрэ ухуэжыфынухэм теухуа щапхъэхэу щыт «Хьэгуагуэ, Хьэгуакӏуэ, Хьэгунэ; Хьэкукуэ, Хьэкуакуэ, Хьэкунэ; ХьэкӀукӀуэ, ХьэкӀуакӀуэ, ХьэкӀунэ, ХьэкӀурэ; Хьэбыбэ, Хьэбабэ, Хьэбубэ, Хьэбылэ, Хьэбулэ» хуэдэу ухуэж цӀыхубзыцӀэхэр япэрей цӀыхуцӀэ сферым зэрыхиубыдэнур гурыӀуэгъуэнщ. Мыбы хуэдэщи, символизмэкӀэрэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэу къэхъуауэ тлъытауэ "ц" макъ зыхэту ухуа цӀыхубзыцӀэхэм "хьэ" къазэрыпыхьэкӀэрэ ухуа «Хьэцыцэ, Хьэцацэ, Хьэцуцэ; Хьэцырэ, Хьэцунэ; Хьэкуцэ, Хьэкуацэ, Хьэбыцэ» хуэдэу ухуэж цӀыхубзыцӀэхэри "ц" зыхэту ухуа цӀыхуцӀэхэр зыхэзыубыдэ сферым зэрыхиубыдэнури гурыӀуэгъуэщ.

Макъыбзэ лэжьэкӀэу макъ мыхьэнэкӀэрэ, икӀи и гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэу символизмэ щӀыкӀэкӀэ (цы) цӀыхуцӀэ къызэрыхъумрэ, абыхэми цӀыхуцӀэщӀэхэр къазэрытехъукӀыжым теухуауэ мы къэтӀуэтахэм нэмыщӀ, цӀыхубзым хуагъэфащэхэр зэрылъытэу ухуа цӀыхубзыцӀэхэр хэтщ адыгэбзэми, илъабжьэкӀэ къэта цӀыхубзыцӀэхэр нэхъыбэу цӀыхубз лъэныкъуэрэ ар щхьэпэ зэрыхъур къызхэщу ухуа цӀыхубзыцӀэхэрщ. Ахэр макъыбзэ лэжьэкӀэкӀэ ухуа псалъэхэрами, цӀыхуцӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэу макъыбзхэмкӀэрэ зэрымыухуам папщӀэ, ахэр япэрей сферым хиубыдэ цӀыхуцӀэхэу лъытапхъэкъым. Ахэр цӀыхуцӀэ лъабжьэ сфер нэужьу лъытапхъэщи, илъабжьэкӀэ къэта мыпхуэдэ псалъэхэр зэрыухуа щӀыкӀэхэри гурыӀуэгъуэ зыхуэтщӀынщ: «мыпхуэдэ зы щапхъэщ "Хъурыгуэ"ри, ар хъур (тӀ) хэзыгуэрэ хъум текӀуэныгъэ зи мыхьэнэуэ цӀыхубз лъэныкъуэ (матриартал) мыхьэнэ зиӀэу зэджапхъэщ; "ТӀыкӀу, ТӀыкӀуэ" цӀыхубзыцӀэхэри хъум (тӀ) дэкӀурэ дэкӀуэу бзы (кӀу) хуэхъуу зэджапхъэхэрщ; "ТӀыбыбэ"ри хъум (тӀ) бзы (быбэ) хуэхъуу зэджапхъэ цӀыхубзыцӀэщ».

Щыухуа лъэхъэнэхэм гъащӀэ къекӀуэкӀыкӀэм езэгъыу ухуарэ макъыбзкӀэрэ ухуа цӀыхубзыцӀэ нэужь сферым хибыдэ цӀыхуцӀэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри, мыбыхэм нэмыщӀ, цӀыхубзым хуагъэфащэ щӀыкӀэрэ и дэхагъэ е и жыджэрагъэ къызхэщу ухуа цӀыхубзыцӀэхэри мы зи гугъу тщӀа цӀыхуцӀэхэр зыхэзыубыдэ сферым е абы къыкӀэлъыкӀуэ зы сферым хиубыдэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ цӀыхубзым и жыджэрагъэм теухуа мы цӀыхубзыцӀэр: «Жан».

ЗэрыжытӀащи, и дэхагъэрэ и ӀэкӀуэлъэкӀуагъэм теухуау ухуа цӀыхубзыцӀэхэри щыӀэщи, мыпхуэдэ зы щапхъэщ цӀыхум и "нэ"р зэрылъытэ щӀыкӀэу ухуа мы цӀыхубзыцӀэхэри: «Нэжан, НэфӀыцӀэ, Нагъуэ, Нащхъуэ». ЦӀыхум и нэм ифэр зэрылъытэу ухуа мы цӀэхэр икӀи цӀыхухъухэм теухуауэ зэрызырахьэри гурыӀуэгъуэнщ.

"Гу" макърэ макъ псалъэр бзыгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, ар зыхэту цӀыхубзыцӀэхэр зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр ипэкӀэ къэтащ. ЦӀыхубзыцӀэм къыщымынэу, дэтхэнэ зы цӀыхубзыр "гу" макъым къытехъукӀа "гуащэ"у зэрылъытэри гурыӀуэгъуэнщи, ар икӀи

цIыхубз хахуэ зи мыхьэнэрщ. Ар щыхъукIи, цIыхубз хахуэ зи мыхьэнэ "гуащэ" псалъэм макъ е псалъэ къызэрыпыхьэжкIэрэ цIыхубзыцIэщIэхэр зэрыухуэфынури гурыIуэгъуэнщи, илъабжьэкIэ къэтахэр мыпхуэдэ щапхъэхэрщ: «Гуэщэнэ, Гуэщэжан – Гуэщжан, Гуэщэнэху – Гуэщнэху, Гуэщэпагуэ – Гуэщпагуэ».

ЦIыхубз щIыкIэу хуагъэфащэм зэрытеухуакIэрэ ухуауэ мы зи гугъу тщIа цIыхубзыцIэхэр мы къызэрыта зэкIэлъхьэужьыкIэми зэрезэгъкIэрэ утыку къихьауэ лъытапхъэщ, а псори икIи зэхуэдэ цIыхуцIэ сферым хиубыдэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ цIыхубзыцIэ къэхъуныгъэр цIыху зэхэтыкIэ щIыкIэм цIыхубзыр зэрылъытэм теухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхубзыцIэ къэхъуныгъэр нобэми щыпещэр. Нобэ Адыгэр зыхэт лъэпкъым и бзэм и фонетикэмрэ и тхэкIэми зэрезэгъкIэрэ и быным фIищ цIыхубзыцIэ лIэужьыгъуэхэм щыщщ мыхэри, ахэри мы ипэкIэ зи гугъу тщIа цIыхуцIэ сферым хиубыдэу лъытапхъэщ: «Гупсэ, Синэ, Синэм, Нэрыс, Нэрис, Нэмис, Синэмис, Динэмис, Синэрис».

ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэщи, цIыхухъуцIэхэм елъытауэ нэхъ къелащ Адыгэ цIыхубзыцIэхэр; икIи мы иужьрей цIыхубзыцIэхэр адыгэбзэм езэгъ ухуэкIэ зиIэу лъытапхъэ цIыхубзыцIэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ауэ, бзэр зэреужьыхрэ зэрыкIуэдым ипкъ иткIэ, нобэ адыгэбзэ цIыхубзыцIэхэм нэхъыбэ хамэбзэ цIыхубзыцIэ фIащу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Бзэм итыгъуэ щыщиIэ щыгъуэхэм хамэбзэ цIыхубзыцIэхэр къызэрыраIур адыгэбзэм и фонетикэм ирагъэзэгъыу зэрыщытари гурыIуэгъуэщ, ауэ нобэ ахэри къыздикIа бзэм и фонетикэкIэ къыраIуэу зэрыщIидзари гурыIуэгъуэщ. Хамэбзэу къищта цIыхуцIэхэри Адыгэм зэрихьэ цIыхуцIэхэм теухуауэ зы сфер щхьэхуэу лъытапхъэщ.

*

Мифологие жыхуэтIэр псэлъэбзэр зэрыхъун хъуарэ зэрызекIуэ щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ IуэрыIуэтэжу къэIуатэхэращ зытеухуари, ар щхьэж зы логие лIэужьыгъуэу ухуэми, мифологиер зэрыухуэ лъабжьэр псэлъэбзэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбдежым мифологием теухуауэ зи гугъу тщIынухэри бзэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэм къыхэщ псалъэхэу мифологиеми хэхьахэращ. Ауэ, иужькIэ игъуэ щыхъурэ дыщыхущIыхьэм деж, щхьэж зы дициплинэу Адыгэ мифологиеми щыгъуазэ дыхуэхъун Iуэхугъуэри къызэрытпэщытыр гурыIуэгъуэщ.

Мифологием теухуауэ мыбдежым япэрауэ зи гугъу тщIыпхъэхэр ипэкIэ дызтепсэлъыхьарэ икIи къэхъуныгъэ мифологие лIэужьыгъуэу щыт псалъэхэращ. Мыпхуэдэ лъабжьэу лъытапхъэщ щыIэгъуэр зэрыухуэрэ зэрызекIуэр адыгэбзэкIэ къызэрыIуатэ псалъэ гуэрхэр мифологие лIыхъужьыцIэ хъужауэ ди IуэрыIуатэхэм къызэрыхэщыр. Аращи, бзэм щыIэгъуэ къызтехъукIрэ (ис) щыIэгъуэ зымыгъуэтыр (имыс), щыIэгъуэр зэрызекIуэрэ (уэзыр мэс) зэрыджу (уэзыр мэдж) къыщIэхъуэр къызэрыIуатэ (сосырыкъуэ) псалъэхэр адыгэбзэм иужькIэ мифологие

лIыхъужьыцIэхэу щызекIуэу зэрыщIидзар гурыIуэгъуэщи, къэхъуныгъэ зи мыхьэнэ а псалъэхэр икIи мифологие жыхуэтIэри къызтехъукIахэрауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Дэтхэнэ зы мифологием къежьапIэ хуэхъуу лъытапхъэхэр щыIэгъуэрэ дунейр къызэрыхъуу зэрызекIуэ щIыкIэр къэзыIуатэу къэхъуныгъэ IуэрыIуатэхэрауэ зэрыщытым зэрезэгъщи, Адыгэ мифологием и къежьапIэри мы зи гугъу тщIа мифологие лIыхъужьхэм теухуа IуэрыIуатэхэрауэ лъытапхъэщ. ИкIи зэрыжытIауэщи, мы псалъэхэр къэхъуныгъэ мифологиемрэ икIи мифологие жыхуэтIэми лъабжьэ хуэхъуауэ бзэм къигъэщIа псалъэхэрауэ лъытапхъэщ. Ауэ икIи зэрыгурыIуэгъуэу, мифологиер IуэрыIуэтэжу зэрызекIуэрэ цIыху псэукIэми зэрызихъуэжым къызэрыгуэкIэкIэ, мифологие IуэрыIуатэхэм вариант куэд зэрагъуэтыфынури гурыIуэгъуэщи, мы зи гугъу тщIа мифологие типологиехэм теухуа дэтхэнэ зы IуэрыIуатэм къэхъуныгъэ мифологие лIэужьыгъуэу зэрыхэмыщыжыфынури гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIи, зи гугъу тщIы псалъэхэм я мыхьэнэм теухуауэ а псалъэхэр лIыхъужьыцIэу зыхэт IуэрыIуатэхэр къэхъуныгъэ мифологиерэ мифологие къежьапIэу зэрылъытапхъэм нэмыщI, а псалъэ мыхьэнэхэм темыухуэ IуэрыIуатэхэр иужькIэ цIыху псэукIэр къызэрекIуэкIым къызэрыгуэкIкIэ, егъэщхьыныгъэрэ хуэгъэфэщэныгъэ зиIэу ухуа IуэрыIуатэхэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мифологием и лъабжьэрэ къежьапIэ сферыр мы зи гугъу тщIы лIыхъужьыцIэхэр зыхэту ахэр къызтехъукIа псалъэхэм езэгъ IуэрыIуатэхэр зыхэзыубыдэрщ, ауэ а псалъэхэм я мыхьэнэхэм емызэгъыу зи гугъу тщIы лIыхъужьыцIэхэр зыхэт IуэрыIуатэхэри егъэщхьыныгъэрэ хуэгъэфэщэныгъэу ухуауэ иужьрей мифологие сферхэм хиубыдэхэрауэ лъытапхъэщ.

Мыбдежым гулъытапхъэрэ пыщапхъэщи, нэгъуэщI мифологиехэм щыIэгъуэ къэхъуныгъэ мифхэр нэхъыбэу зы IуэрыIуатэ кIапIэкIэ къэIуатэу хэтущ узэрихьэлIэр, ауэ апхуэдэхэр Адыгэбзэ мифологием зэрыхэт щIыкIэр а Iуэхугъуэр бзэм и псалъэ гуэрхэмкIэрэ къабзэу наIуэ зэрыщIкIэрэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщ икIии, мифологием и къежьапIэрэ лъабжьэр псэлъэбзэрауэ щытын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщи, а псэлъэбзэри зы макъыбзэу щытмэ, абы и мифологием къэхъуныгъэр къызэриIуэтэну псалъэхэр макъ мыхьэнэкIэрэ щыIэгъуэм зэрытеухуакIэрэ ухуагъэххэу зэрыхэтынур гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мифологие лIэужьыгъуэ IуэрыIуатэ кIапIэкIэрэ щыIэгъуэ къэхъуныгъэр къызэрыIуэтэнум апхуэдэ псалъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъунури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ къэхъуа макъхэмкIэрэ ухуа псалъэхэм щыIэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекIуэр зэралъытэнурэ утыку къызэрыралъхьэнур гурыIуэгъуэнщи, апхуэдэ псалъэхэм гурыIуэгъуэ къащIыр къызэрыIуэтэжкIэрэщ мифологие жыхуэтIэри зэрыухуэнур. Мыпхуэдэу ухуэ мифологиехэми щыIэгъуэ къэхъуныгъэ IуэрыIуатэхэр къежьапIэ яззрыхуэхъунури гурыIуэгъуэнщ. Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъщ икIи зы макъыбзэу щыт адыгэбзэмрэ абы

къытехъукӀа мифологиери, абы и псалъэхэмкӀэ лъытарэ наӀуэ щӀа щыӀэгъуэ къэхъуныгъэр иужьрей мифологие лӀэужьыгъуэхэм Ӏуэрыуатэкӏэрэ гурыӀуэгъуэ ящӀыр.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къызэращӀщи, щыӀэгъуэр къызэрыхъуарэ зэрызекӀуэм теухуауэ бзэм къигъэщӀауэ зи гугъу тщӀа псалъэхэр бзэри зэрыхъун хъуа нэужь ухуа мифологием лъабжьэ хуэхъуауэ лъытапхъэщи, бзэм къиӀуатэу щыӀэгъуэ къэхъуныгъэр Ӏупщӏ зыщӀа мы псалъэхэр лӀыхъужьыцӀэу мифологием зэрыхэхьари мифологием и япэрей сферыр зэрыухуарауэ лъытапхъэщ. Аращи, псэлъэбзэр зэрыхъун хъуа нэужь, ӀуэрыӀуэтэжкӀэрэ ухуэ мифологиер зэрызэпкъырыувэр сфер сферу лъытапхъэмэ, абы и пэщӀэдзэ сферыр зи гугъу тщӀа псалъэхэр лӀыхъужьыцӀэу зыхэхьарэ псалъэхэм я мыхьэнэм езэгъ ӀуэрыӀуатэхэращ. Ауэ, а псалъэхэр лӀыхъужьыцӀэу зыхэтрэ а псалъэхэм я мыхьэнэм емызэгъ ӀуэрыӀуатэхэр иужьрей мифологие сферхэм теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къащӀыр аращ икӀии, мифологие куэдым ӀуэрыӀуатэкӀэрэ къаӀуатэ къэхъуныгъэр адыгэбзэм и псалъэхэр зэрыухуа щӀыкӀэкӀэрэ къеӀуатэр. ИкӀи, щыӀэгъуэм теухуа псалъэхэр къэхъуныгъэ мифологиехэм лъабжьэ язэрыхуэхъуари гулъытапхъэщ. Мифологием и лъабжьэр бзэрауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, къытыригъэзэжу мифологие лӀыхъужьыцӀэрэ ӀуэрыӀуатэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъужкӀэрэ адыгэбзэм псалъэ къызэримыгъэщӀари гулъытапхъэщ, ауэ нобэ макъыбзэ лэжьэкӀэ зимыӀэ бзэ куэдым мифологие лъабжьэ зиӀэу ухуа псалъэхэр мымащӀэу зэрыхэтым ипэкӀи и гугъу щытщӀагъащ.

*

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщӀахэр псэлъэбзэм езым къигъэщӀ Ӏуэхугъуэхэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, цӀыхуцӀэхэмрэ мифологиер псэлъэбзэ лэжьэкӀэ Ӏыхьэрэ лӀэужьыгъуэхэрщ, ауэ мыбдежым зэрызэпкъырылъ щӀыкӀэр сфер сферу тлъытэну жыхуэтӀэ "хабзэ"р псэлъэбзэ щӀыб Ӏуэхугъуэрщ. Мыбдежым зи гугъу тщӀынур щыӀэгъуэ зиӀэрэ цӀыхур зэрыщыӀэрэ зэрызэхущытыкӀэм, и щыӀэкӀэрэ и щӀыкӀэм теухуащи, аращ кӀэщӀыу "хабзэ" жыхуэтӀэр. Ауэ зэрыгурыӀуэгъуэу, хабзэм теухуауэ мыбдежым зи гугъу тщӀынухэри мы къедгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэхэм къызэрыхэщ щӀыкӀэращи, хабзэр псэлъэбзэм къызэриӀуатэм теухуащ. Аращи, мыбдежым хабзэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀыну консидерацэр адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм хабзэр къызэрыхэщым теухуащ. Ауэ, игъуэр къэсрэ дыхущӀэхьэмэ, адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм хуэдэу щхьэж зы дициплинэу хабзэми дытепсэлъыхьынщ.

Псэлъэбзэм и сфер лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, зы логие лӀэужьыгъуэу щыт хабзэм и сфер лъабжьэри мы къедгъэкӀуэкӀарэ иджыри къедгъэкӀуэкӀыу дызпэрыт лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. ИкӀи, ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэ, "хабзэ" псалъэм

гурыIуэгъуэ ищIыр (хэ-бзэ) щыIэгъуэр утыку къызэрихьэрэ (хы) зэрызекIуэ (хэ) логиерауэ (бзэ) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукIи, щыIэгъуэ жыхуэтIэм езыми, абы щыIэгъуэ иIэу хиубыдэ дэтхэнэ щыIэми и къэхъуныгъэри, и щыIэгъуэр зэрызекIуэми теухуащ "хабзэ" псалъэр. Мыпхуэдэ мыхьэнэрэ лъабжьэ зиIэ "хабзэ" псалъэр цIыхум хуэIуауэ зэрызырихьэращ нэхъыбэу "хабзэ" псалъэр зэрылъытэри гурыIуэгъуэщи, абы цIыху щыIэгъуэм теухуаи щыгъуазэ хуэхъун хуейщ.

ЩыIэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекIуэ логиер къызэрыIуэтапхъэ псалъэрщ "хабзэ"ри, щыIэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщI псэущхьэхэри щыIэгъуэ ужьыгъуэм езэгъ хабзэщ зытетыр. Аращи, щыIэгъуэр зэрызекIуэр къызэрыIуатэ хабзэр дэтхэнэ зы щыIэм теухуауэ щызетхьэм деж, ар щыIэгъуэр зэрызекIуэ хабзэм езыр е абы щыщ зы Iыхьэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ, щыIэгъуэм щыщрэ абы и гъунапкъэу щыт цIыхур щыIэм щыщу мыщыр зыхуу лъытапхъэщи, абы и дэтхэнэ и зы щIыкIэрэ щIеиныр фIэкIыпIэ имыIэу мы щыIэгъуэ хабзэм езэгъынрэ щыщын хуейуэ лъытапхъэкъым. Мы псалъэм зэрезэгъщи, зы псэущхьэ лъэпкъыу зэрыщытым ипкъ иткIэ, цIыхум и щыIэгъуэр мы щыIэгъуэ ужьыгъуэм зэрыщыщкIэрэ абы и хабзэм зэрытетым нэмыщI, и щыIэгъуэр щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIи, абы езыгъэныгъэ зимыIэ ужьыгъуэи зиIэфыну зэрыщытри гулъытапхъэщ. НытIэ, дэтхэнэ зы щыIэрэ псэущхьэр зытет хабзэр щыIэгъуэу къекIуэкIым езым и хабзэм щыщрэ арагъэххэщ, ауэ щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, цIыху щыIэгъуэр фIэкIыпIэ имыIэу щыIэгъуэр зэрызекIуэ хабзэм езэгъыныгъэ зиIэн хуейуи щымытырщ. Ар щыхъукIи, щыIэгъуэр зэрызекIуэ логиер зэрытлъытэ "хабзэ" псалъэр щыIэгъуэ зиIэхэм теухуауэ зехьэныр хуэигъуэ хъур цIыхурауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, "хабзэ" псалъэр нэхъыбэу цIыхум хуэIуауэ зэрылъытапхъэр цIыхум и щыIэгъуэр щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIщи, мы псэущхьэ лъэпкъым езыр адыгэбзэм "цIыху"у зэрилъытам и лъабжьэри мырагъэнщ. ЩыIэгъуэ гъунапкъэу щыIэгъуэ зиIэрэ, мыбыи ипкъ иткIэ щыIэгъуэр къызгурыIуэфырщ цIыхури, ар езыр и гъащIэрэ и щIеинкIэрэ щыIэгъуэм езэгъыныгъэри пщэрылъ къыхуэхъурщ. ЦIыхум езым и щыIэгъуэм къыхуихь зы Iуэхугъуэрщ мы зи гугъу тщIыри, щыIэгъуэм езэгъыныгъэу цIыхум фIэкIыпIэ зэримыIэкIэрэ пщэрылъ къыхуэхъур зэригъэзащIэ щIыкIэу лъытапхъэщ адыгэбзэм "хабзэ" жыхуиIэу, цIыхум езым хуэIуауэ илъытэрэ зэрихьэр.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, щыIэм щыщрэ щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, щыIэгъуэр зылъытэфрэ къызгурыIуэфIырщ цIыхури, щыIэгъуэ зиIэхэм теухуа пщэрылъ къызхуэхъурщ. Ауэ икIи, и щыIэгъуэм къызэритщи, пщэрылъ къыхуэхъуу тлъытэхэри имыгъэзэщIэн хуитыныгъэи зиIэрщ цIыхури, щыIэгъуэ

къэхъуныгъэрэ зекlуэклэм теухуа логием езэгъыу пщэрылъ къыхуэхъур зэрылъытэрэ зэригъэзащlэращ –зэрыигъуэу- цlыхум теухуэ "хабзэ"р.

Мы псалъэхэми къызэрыхэщщи, щыlэгъуэ къэхъуныгъэрэ къекlуэкlыкlэр зэрылъытапхъэ "хабзэ"р цlыхум щытеухуэр ар абы гулъытэ къыщыхуэхъуращи, гулъытэ зыхуищlыр пщэрылъ къыхуэхъурауэ лъытапхъэщ икlи и щыlэгъуэми гулъытэ щыхуищlыу езыр цlыхуу зыщылъитэр. Аращи, щыlэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэрэщ зыщыщ щыlэгъуэр зэрилъытэрэ абы теухуа пщэрылъ къызэрыхуэхъури, пщэрылъ къыхуэхъур игъэзэщlэн хуейуэ фlэкlыпlэ зимыlэрщ цlыхум хуэухуэ хабзэм и къежьапlэр. Ауэ икlи, щыlэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, зыщыщ щыlэгъуэм емызэгъ щlыкlэрэ щlеин зиlэфынурщ цlыхури, ар зи гугъу тщlы хабзэм емыкlурщ. Адыгэбзэм "емыкlу" жыхуиlэри, цlыхум зи гугъу тщlа и хуитыныгъэм къызэрыгуэкlкlэ, абы хабзэ къыхуэхъуу зи гугъу тщlым емызэгъыныгъэрщ.

Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, и щыlэгъуэм къызэритщ цlыхум хабзэу хуэухуэрэ икlи мы и хабзэм емызэгъын лъэкlыныгъэи зэриlэр. И щыlэгъуэм къызэритlкlэ гулъытэ зыхуищlым фlэкlыпlэ имыlэу пщэрылъ къыхуищlыжыр хабзэрщи, абы хиубыдэр щыlэгъуэм езэгъырэ хуэфlырщ; ауэ, и щыlэгъуэм къыритl хуитыныгъэу хабзэм емызэгъ лъэкlи зиlэрщи, мыпхуэдэхэр щыlэгъуэ емызэгърэ езауэрщ.

Псэущхьэм и ужьыгъуэкlэрэ утыку къихьарэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъхэмкlэрэ ухуэу щlэзыдза макъыбзэм и къежьапlэм хуэдэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ хабзэ жыхуэтlэми пэщlэдзэ зэригъуэтар. Мыбдежым ди lуэхур зы логие зэпэщу лъытапхъэ псэлъэбзэр тегъэщlапlэ зэрытщlкlэрэ ахуэдэ логие лlэужьыгъуэхэри зэрыухуа щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунращ; икlи апхуэдэхэр псэлъэбзэкlэ къызэрыlуатэм теухуауэ ди lуэхур аргуэру псэлъэбзэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ. Аращи, мыбдежым хабзэрэ псэлъэбзэм дэтхэнэр япэ къызэрыхъуам и гугъу тщlыкъым. Ауэ, "хабзэ" жыхуэтlэр щыlэгъуэ къызэрыхъурэ зэрызекlуэр адыгэбзэм къызэриlуатэ псалъэрщи, ар цlыхум хуэlуауэ зи гугъу тщlы щlыкlэкlэ зэрызекlуэм и пэщlэдзэри цlыхум щыlэгъуэмрэ езым гулъытэ щызэрызыхуищlыжым дежрауэ зэрылъытапхъэр, икlи а псэущхьэм езым "цlыху" зэрызыфlищыжар ипэкlэ и гугъу зэрытщlа щlыкlэу хабзэми гулъытэ зэрызыхуищlам и телъхьэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Щыlэгъуэм езэгъыныгъэу цlыхум езым и щыlэгъуэр зэригъэкlуэн хуейуэ пщэрылъ хуэхъуу мы хуэухуэр абы езым и щыlэгъуэм фlэкlыпlэ имыlэу къыхуихьэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыбыи зэрезэгъкlэрэ цlыхум езым и ужьыгъуэр къэхъунрэ и гъащlэр узыншагъэкlэ ихьын, икlи и щlэблэри мыбы зэрегъэкlэрэ къызэрыщlэхъуэн зы лъабжьэ хабзэу лъытапхъэщ благъагъэ системэри. Аращи, хабзэ пэщlэдзэу лъытапхъэщ благъагъэ системэри, абы и къежьапlэр езы цlыхум и ужьыгъуэу, зыпыщlахэр я щыlэгъуэкlэрэ гъунэгъугъэу зэрилъытэрщи, "благъэ"

псалъэри щыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ зэригъуэтрэ хиубыдэхэри генетикэ зэпыщIэныгъэкIэрэ зэрылъытэ "бл" макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ ухуа зы псалъэрщ.

Мы къэтIуэтахэм цIыхум хабзэ зыхуэухуэ къежьапIэр къызэрыхэщыр, икIи благъагъэри хабзэ къежьапIэу зэрылъытапхъэр къызэрыхэщыр гурыIуэгъуэщ. Ипэрей лэжьыгъэ Iыхьэхэм къытпыщIэхуа "благъагъэ"р зы хабзэ лIэужьыгъуэ лъабжьэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ зы лъабжьэм къызэрыщIидзам ипкъ иткIэ, "благъагъэ"р хабзэм и лъабжьэ сферхэм хиубыдэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу цIыхум и хабзэ лъабжьэхэм щыщу, хабзэ сфер лъабжьэм хиубыдэ благъэгъэм иужькIэ къытехъукIыжу хабзэ лIэужьыгъуэхэри утыку къызэрихьар гурыIуэгъуэщи, ахэри хабзэм теухуа иужьрей сферхэм хиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Апхуэдэхэми игъуэ щыхьурэ хабзэм дыщытелэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ мыбдежым благъагъэр зы хабзэ лIэужьыгъуэ лъабжьэу хабзэ сфер лъабжьэу зэрыщытым щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщ.Аращи, хабзэм и къежьапIэмрэ зы хабзэ лъабжьэу щыт благъагъэр ипэкIэ зи гугъу тщIа макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хуэдэу хабзэ лъабжьэ сферым зэрыхиубыдэр гулъытапхъэщ.

Хабзэр зэрыухуа щIыкIэмрэ абы лъабжьэ хуэхъуауэ лъытапхъэхэр адыгэбзэм и псалъэхэм къызэраIуатэращ мы жытIахэр зытеухуар. Аращи, хабзэ ухуэным лъабжьэ хуэхъуу ипэкIэ зи гугъу тщIамрэ благъэ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр икIи хабзэ пэщIэдзэрэ хабзэ сфер лъабжьэри зэрыухурауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу цIыхур цIыху зэрыхъум ипкъ зэриткIэ фIэкIыпIэ зимыIэ щIыкIэу ухуауэ лъытапхъэщ цIыхум теухуарэ хуэIуауэ зи гугъу тщIа хабзэри, ар зы цIыху лъэпкъым зэрыхуэмыIуарэ цIыхугъэ псом я зэхуэдэ Iуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу цIыхур цIыху зэрыхъум ипкъ иткIэ ухуа зы хабзэщ Адыгэми зэрихьэу къэгъуэгурыкIуари, ар зэрызэрихьэм зэрезэгъщ Адыгэм и щыIэкIэрэ и щIыкIэр зэрылъытэу "Адыгагъэ" псалъэри игъуэ щIэхъум и лъабжьэр. Адыгагъэ псалъэр дэтхэнэ зы лъэпкъыр и лъэпкъыгъэкIэрэ зэрылъытэм хуэдэ зы псалъэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, цIыхур цIыху зэрыхъум ипкъ иткIэ цIыхум хуэIуауэ ухуа хабзэр зэрызырихьэу, зи гугъу тщIа хабзэ сфер лъабжьэр зэримыгъэкIуэдарэ цIыхум пщэрылъ къыхуэхъум гулъытэ хуэзыщIыу зызэрилъытэращ "Адыгагъэ" псалъэр игъуэ щIэхъур. ИкIи, цIыхур цIыху зэрыхъурэ цIыхум пщэрылъ хуэхъум къытехъукIыу цIыхум хуэIуа мыпхуэдэ хабзэ зехьэнри зэрыигъуэкIэрэ цIыхугъэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мырагъэнщ цIыху щыIэгъуэм езэгърэ хуэфащэ щыIэкIэрэ щIыкIэм зэрытету зызэрилъытэу, езы Адыгъэми и "Адыгагъэр цIыхугъэщ" псэлъэжьым гурыIуэгъуэ къытхуищIыр.

Зэрыухуар гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа цIыху хабзэр зи лъабжьэкIэрэ цIыхум и псэукIэм къызэрихькIэрэ хабзэщIэхэр къытырищIэжущ хабзэр нобэм къызэрысар. Ауэ, хабзэм и нэхъыщхьэр зи гугъу тщIа хабзэ сфер

лъабжьэращи, ар зыгъэкlуэда лъэпкъым и хабзэм лъабжьэ зэримыlэжри жыlэпхъэщ. Ауэ зы лъэпкъ хабзэм мыпхуэдэу лъабжьэ имыlэжу лъытапхъэми, цlыхум цlыхугъэр зэрыфlэмыкlуэдыр гулъытапхъэщи, дэтхэнэ зы лъэхъэнэрэ псэукlэм дежи цlыхум и цlыхугъэр зэрихьэу къызэрыгъуэгурыкlуар зэлъытари зи гугъу тщlа мы хабзэ сфер лъабжьэрауэ жыlэпхъэщ.

Къызэрыхъуа лъабжьэм езэгъыу къэгъуэгурыкlуэ хабзэм цlыху гъащlэр зэрызекlуэ щlыкlэкlэрэ цlыху инициативым ипкъ зэритклэ мыпхуэдэ лъабжьэхэри зэрызэхъуэкlрэ зэрылантlэкlэрэ хабзэщlэхэр зэрытеухуэнури гурыlуэгъуэнщ. Хабзэ лъабжьэм къытырищlэжу а лъабжьэм теухуахэр лантlэ зэрыхъукlэрэ ухуэж мыпхуэдэ хабзэщlэхэри мы зи гугъу тщlа сфер лъабжьэм хиубыдэн хуейуэ зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу ухуэ хабзэщlэхэмкlэрэ хабзэ лъабжьэ сферым къыкlэлъыкlуэ хабзэ сфер ухуэжу лъытапхъэщ, ауэ мыбы нэмыщl, зи гугъу тщlа псэлъэбзэм хуэдэжу, хабзэ лъабжьэхэм егъэкlуныгъэрэ егъэщхьыныгъэкlэрэ хабзэщlэхэри щызэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэхэри аргуэру хабзэ лъабжьэ сфер нэужь зы сферу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ хабзэ псэукlэ зиlэ лъэпкъыу къэгъугурыкlуэм нэгъуэщl лъэпкъхэм зэрыхуэзэкlэрэ абыхэм я псэукlэм щыщ гуэрхэри къызэрищтэфынур гурыlуэгъуэнщи, езым и хабзэм мыпхуэдэ хамэ хабзэ лlэужьыгъуэ къыхэхьэхэри мы ипэкlэ зи гугъу тщlа хабзэ сферхэм къакlэлъыкlуэж зы сферу лъытапхъэщ. Аращи, нобэ Адыгэм зэрихьэу езым и хабзэу илъытэ псори мы ипэкlэ зи гугъу тщlа щlыкlэкlэрэ къэхъуарэ къыдэгъуэгурыкlуауэ лъытапхъэкъыми, игъуэ щыхъурэ хабзэм дыщытепсэлъыхьым деж, хабзэ лъабжьэмрэ абы къыкlэлъыкlуэу ухуа е къыхэхьа хабзэхэм теухуа сферхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дахуэхъунщ.

*

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщlа цlыхуцlэхэмрэ мифологиер псэлъэбзэ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр, ауэ зи гугъу тщlа "хабзэ"р псэлъэбзэ щlыбыу щытми, зи гугъу тщlарэ зэпкъырытхар нэхъыбэу Адыгэм зэрихьэ хабзэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым зи гугъу тщlыну тхэн lуэхур адыгэбзэмрэ Адыгэм теухуарэ хуэlуауэ щыткъыми, ар цlыху лъэпкъыр нобэ зэрытхэ щlыкlэмрэ абы къигъуэгурыкlуаращ зытеухуар. Арауэ щытми, тхэн lуэхугъуэри адыгэбзэм теухуауэ тлъыта сферхэм езэгъыу зэрылъытапхъэрэ зэрызэщхьэщыдгъэкlыпхъэм щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Аращи, тхэн lуэхугъуэр къызэрыщlидзэрэ къигъуэгурыкlуамрэ нобэм къызэрыса щlыкlэри псэлъэбзэр адыгэбзэм теухуауэ сфер сферу зэрылъытапхъэм хуэдэрэ зэрезэгъкlэрэ зэщхьэщыгъэкlыпхъэщ.

Мы лэжьыгъэр къызэрекlуэкlыну щlыкlэри ипэкlэ зи гугъу тщlа тхылъым зы пычыгъуэу хэт "тхэным теухуа зы тхыгъэ"р зи псэлъащхьэ тхыгъэм къыщцыунэхуахэм теухуащ. А тхыгъэ пычыгъуэ цlыкlум тхэн lуэхугъуэми псэлъэбзэм хуэдэу лъытапхъэ къежьапlэ зэриlэрэ псэлъэбзэм хуэдэ гъуэгуанэ къызэрикlуар гурыlуэгъуэ къещlри, тхэн lуэхугъуэр

къызэрежьарэ къигъуэгурыкӀуа лъэбакъуэхэри псэлъэбзэм хуэдэу сфер сферу зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Зи гугъу тщӀа тхыгъэм къызэрыхэщкӀэ, тхэн Ӏуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуар щыӀэгъуэр геометрикэ формэкӀэрэ гурыӀуэгъуэ зыщӀ тхыпхъэхэращ. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэрэ къэхъуарэ псэущхьэм къызхигъэӀукӀыу утыку къихьа макъхэм щыӀэгъуэм теухуа мыхьэнэ зэраӀэнум хуэдэжу, дэтхэнэ зы геометрикэ формэми мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриӀэнур гурыӀуэгъуэщ. Зэхих макъыр и мыхьэнэкӀэрэ зэрызыхищӀэм хуэдэщи, илъагъу геометрие формэри зытеухуа щыӀэгъуэ геометриекӀэ зэрызыхищӀэрэ къызэрыгурыӀуэкӀэрэщ цӀыхум и тхэн Ӏуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуари. ИкӀи адыгэбзэм "тх" макъ зэгуэтымрэ абы къытехъукӀа "тхын, тхэн" псалъэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀри мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, щыӀэгъуэр зэрыухуа геометрием и Ӏыхьэхэу щыт дэтхэнэ зы геометрикэ формэм щыӀэгъуэм теухуауэ мыхьэнэ зэриӀэнур зэрыгурыӀуэгъуэу, зы геометрикэ формэр ар зытеухуа щыӀэгъуэ щӀыкӀэкӀэрэ занщӀэу къызгурыӀуэу щыта цӀыхум мыпхуэдэ геометрикэ формэхэр кӀуэ пэтрэ къызэритхьыхьрэ зэритх щӀыкӀэрауэ жыӀэпхъэщ тхэн Ӏуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуар. ЦӀыхум геометрикэ формэхэр я щыӀэгъуэкӀэрэ - щыӀэгъуэ геометрием зэрытеухуакӀэрэ- къызэрыгурыӀуэм ипкъ иткӀэ, кӀуэ пэтрэ гурыӀуэгъуэ ищӀыну щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэхэри геометрикэ формэ тхынкӀэрэ утыку къырилъхьэу зэрыщӀидзэрэ илъытэнухэр мыпхуэдэу зэритхкӀэрэ лъабжьэ игъуэтауэ жыӀэпхъэщ тхэн Ӏуэхугъуэм.

Тхэн Ӏуэхугъуэр мыпхуэдэ лъабжьэкӀэрэ утыку къызэрихьар псэлъэбзэ пэщӀэдзэр макъыбзэу зэрыухуам зэрыхуэдэр гулъытапхъэщ: щыӀэгъуэ ужьыгъуэм псэущхьэм къихуихьа макъхэмкӀэрэ ухуа псэлъэбзэмрэ, геометрикэ формэр цӀыхум зэрилъагъурэ я щыӀэгъуэкӀэрэ зэрызыхищӀэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхэн Ӏуэхугъуэр я щыӀэгъуэкӀэрэ зэрызэтехуэр гурыӀуэгъуэщ. МакъхэмкӀэрэ лъытэр щыӀэгъуэ мыхьэнэкӀэрэ зэрылъытэм хуэдэжу, щыӀэгъуэ эффект зиӀэ формэхэмкӀэрэ щыӀэгъуэм теухуа гуэрхэр зэрылъытэу тхэн Ӏуэхугъуэри ухуэу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэнщи, псэлъэбзэм и пэщӀэдзэ макъыбзэ лэжьэкӀэр лъабжьэ сферу зэрылъытапхъэм хуэдэжу, тхэн Ӏуэхугъуэр мы къызэрежьа щӀыкӀэри ар зэрызэпкъырыува сфер лъабжьэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Нобэм къэсыху тхэным къигъуэгурыкӀуа гъуэгуанэм и Ӏыхьэ гуэрхэм мы и гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэу тхэныр къызэрежьарэ зэрыухуа сфер лъабжьэм теухуа гуэрхэр хыболъагъуэри, щыӀэгъуэр геометрикэ формэкӀэ гурыӀуэгъуэ зыщӀыу тхэн сфер лъабжьэу лъытапхъэри идеограмма/идеограмэ" тхэкӀэрауэ жыӀэпхъэщ. Зыгуэрыр и щыӀэгъуэкӀэрэ гурыӀуэгъуэ къыпхуэзыщӀ формэу лъытапхъэщ "идеограмэ"у ялъытахэр: зы "идеограмэ"ыр зытеухуам и щыӀэгъуэ эффект зиӀэ геометрие формэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. "Идеограмэ" жыхуаӀэр зы гупщысэ, еплъыкӀэ

– лъагъуыкlэ, зы иде зиlэ формэрщи, ар зылъагъу дэтхэнэ зы цlыхумкlэ зэхуэдэу гурыlуэгъуэ хъурщ. Идеограмэкlэ лъытар и щыlэгъуэкlэрэ зы "иде"уэщ зэрылъытари, а идер гурыlуэгъуэ зыщl формэрэ пщалъэу, "граммэ/грамэ"у зэрыщытым къытехъукlа псалъэрщ "идеограмэ" псалъэри.

Щыlэгъуэрэ зы идер гурыlуэгъуэ зыщl геометрие формэу щыт идеограмэхэмкlэрэ тхэуи щытащ зы лъэхъэнэм цlыхури, икlи мыпхуэдэ щапхъэхэр зыхэплъагъуэ зы тхэкlэри Хьэтхэр зэрытхэ щlыкlэращ. Ауэ, а тхэкlэм хиубыдэ дэтхэнэ зы формэр идеограмэу зэрыщымытыр, Хьэт тхэкlэр идеограм защlэ тхэкlэу зэрыщымытыр гулъытапхъэщ. Идеограмэ зи лъабжьэу къэхъуарэ идеограмэхэр зыхэт зы тхэкlэрщ ари, идеограмэхэм къатехъукlыж формэ зиlэ тхыпхъэ/тхыпкъэхэмрэ идеограмэхэм егъэщхьыныгъэкlэ къэхъуа формэ зиlэ тхыпхъэ/тхыпкъэхэри зыхэтыж, икlи нэгъуэщl формэ гуэрхэри зыхэплъагъуэ тхэкlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, мыпхуэдэу ухуауэ зэхэлъ Хьэт тхэкlэр идеограмэм къыщlидзэу, къыкlэлъыкlуэ тхэн сфер гуэрхэри зыхэлъыжу зэпкъырылъ зы тхэкlэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Идеограм жыхуэпlэр адыгэбзэкlэ къэlуэтапхъэмэ, ар адыгэбзэм "тхьэбзэ" жыхуиlэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Зыгуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ гурыlуэгъуэ къыпхуэзыщl формэр адыгэбзэм и "тхьэбзэ" псалъэм гурыlуэгъуэ къищlрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщи, "щыlэгъуэ логие"р "тхьэм и логие"у зылъытэ зы псалъэуи лъытапхъэщ "тхьэбзэ"р. Нобэ бзэм щызэрызекlуэм нэмыщl, хамэбзэу адыгэбзэм къыхэхьа "дамыгъэ" жыхуэтlэри адыгэбзэм зэрилъытэу щытаращ "тхьэбзэ"р. Икlи Адыгэм зэрихьауэ щыта тхьэбзэхэм я нэхъыбэри зи гугъу тщlы идеограм лlэужьыгъуэхэу зэрыщытыр, е абыхэм къатехъукlауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, "идеограмэ" жыхуэтlэмрэ адыгэбзэкlэ "тхьэбзэ" жыхуэтlэр зэхуэдэщи, Адыгэм и тхьэбзэхэр тхэн lуэхугъуэкlэ зэрихьарэ тхыпкъэхэу зэрызэрихьам теухуа зы тегъэщlапlэ щымыlэми, зи гугъу тщlы идеограмэ тхэкlэр Адыгэ тхьэбзэхэри зыхэт тхэкlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи, идеограм. тхэкlэм кlуэ пэтрэ а формэхэр зи лъабжьэу къытехъукlыж тхыпкъэхэм хуэдэжщи, Адыгэ тхьэбзэ лъабжьэхэми кlуэ пэтхрэ тхьэбзэщlэхэр къызэрытехъукlыжар Адыгэ тхьэбзэхэми хыболъагъуэр.

Тхэкlэм и сфер лъабжьэр идеограмэхэрауэ зэрылъытапхъэм езэгъ щапхъэ къэгъэлъэгъуэн хуеймэ, а нэхъ идеограмэ нэхъыщхьэу лъытапхъэ "тхьэ идеограмэ"м щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Хьэтхэм я тхэкlэ сфер лъабжьэм хиубыдэ зы идеограмэщ "тхьэ идеограмэ" жыхуаlэри, ар Хьэтхэм я тхэкlэ закъуэм хуэмыlуарэ дунейм дэтхэнэ зы щlыпlэми тхьэр зэрылъытэрэ зэрытх формэу узрихьэлlэрщ. Мы тхьэ идеограмэри хъурей формэ зиlэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ар хъурейуэ зэрыщытыр адыгэбзэм и "хъурей" псалъэм гурыlуэгъуащэ къищlыуи жыlэпхъэщ. Икlи, мыпхуэдэ хъурей формэр адыгэбзэм зэрилъытэр "тхьэгъу"

псалъэмкӀэрщи, а псалъэм зэрыигъуэу гурыӀуэгъуэ къыпхуищӀыр мы зи гугъу тщӀы "тхьэ идеограмэ"рауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Хъуей формэу щытщ "тхьэгъу"рэ "тхьэ идеограмэ"ри, мы формэр тхьэр гурыӀуэгъуэ зыщӀрэ тхьэ идеограмэу зэрыщытым езэгъыщэу лъытапхъэщ адыгэбзэм а геометрие формэр зэрилъытэ "хъурей" псалъэм гурыӀуэгъуэ къищӀыр: ар хъум, хъуурэ къекӀуэкӀым и формэу щытырщи, апхуэдэр сытри зыхэзыубыдэу а нэхъ зэпэщрэ зэгущыгъэ зиӀэу, нэхъыщхьэ геометрие формэращ.

Аращи, хъурей формэ зиӀэрэ адыгэбзэм "тхьэгъу"у илъытэу, "тхьэ идеограмэ"у ялъытэр тхэн Ӏуэхугъуэр зэрызэпкъырыува сфер лъабжьэм хиубыдэ зы щапхъэщ. Мы сфер лъабжьэм хиубыдэ нэгъуэщӀ щапхъэхэри мащӀэкъыми, апхуэдэхэм иужькӀэ игъуэ щыхъурэ тхэн Ӏуэхугъуэм дыщытепсэлъыхьым я гугъу щытщӀынщ. Ауэ, тхьэбзэрэ тхэкӀэр мыпхуэдэ формэ лъабжьэкӀэрэ къежьарэ идеограм тхэкӀэ ухуами, кӀуэ пэтрэ абыхэм къытехъукӀыжхэри тхыпхъэрэ тхыпкъэхэу тхэкӀэм зэрыхэхьапхъэри гурыӀуэгъуэщ, икӀи ипэкӀи жытӀагъэххэщ. Мыпхуэдэу ухуахэри макъыбзэ лэжьэкӀэ сферым къыкӀэлъыкӀуэу зи гугъу тщӀа сферитӀым хуэдэу, тхэн сфер лъабжьэу щыт идеограмэ нэужь тхэн сферхэм хиубыдэ тхыпкъэхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, идеограмэхэм къатехъукӀыж тхыпхъэ/тхыпкъэхэм нэмыщӀ, псэлъэбзэм мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкӀэрэ ухуэ псалъэхэр зэриӀэм хуэдэу, идеограмэхэм егъэщхьыныгъэкӀэрэ тхыпхъэ/тхыпкъэ къызэрыхъунури гурыӀуэгъуэнщи, мыхэри тхэн сфер лъабжьэу щыт идеограмэ нэужь зы сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщӀахэри хыболъагъуэр Хьэт идеограмэ тхэкӀэу ялъытэмрэ нэгъуэщӀ тхэкӀэ гуэрхэм. Ауэ икӀи, мы зи гугъу тщӀа сферхэм къыщымынэрэ мыпхуэдэу илъытэнум и идем теухуауэ щымыту, илъытэнум и теплъэм егъэщхьыныгъэкӀэрэ ухуа тхыпкъэхэри зи гугъу тщӀы тхэкӀэхэм зэрызыхиубыдэри гулъытапхъэщ. Аращи, макъкӀэрэ ухуа псэлъэбзэм и псалъэ гуэрхэр макъ мыхьэнэншэрэ макъ егъэщхьыныгъэм хуэдэу зэрыухуэфым хуэдэжщи, тхэн ӀуэхугъуэкӀи илъытэр и теплъэм зэригъэщхькӀэрэ ухуэ тхыпхъэ/тхыпкъэ еухуэр. Апхуэдэхэри зи гугъу тщӀа тхэн сферхэм къакӀэлъыкӀуэ зы тхэн сфер лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, тхэн сфер лъабжьэу зи гугъу тщӀа идеограмэхэмрэ, абыхэм къатехъукӀыж тхыпкъэхэр зыхэзыубыдэ тхэн сферымрэ идеограм егъэщхьыныгъэкӀэрэ ухуэ сферым нэмыщӀ, илъытэнур егъэщхьыныгъэкӀэрэ утыку къизылъхьэ тхыпкъэхэри зы сферу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ. Мы сферри сурет тхэкӀэу "пиктогамма/пиктограмэ" жыхуаӀэ тхэкӀэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэращӀщи, псэлъэбзэм и зэкӀэлъхьэужьыкӀэм хуэдэу лъытапхъэщ тхэкӀэми зызэриубгъу щӀыкӀэри, идеограмэрэ абы къытехъукӀыжхэр зыхэзыубыдэ сферхэм къыкӀэлъыкӀуэу лъытапхъэщ пиктограмэ тхэкӀэ сферыр.

Мыпхуэдэ лъэбакъуэкӀэрэ зэпкъырыувэ тхэкӀэр мы дэтхэнэ зы щӀыкӀэр зыхэлъыжущ зэрызекӀуэри, илъытэр и щыӀэгъуэрэ и идекӀэрэ, е а щыӀэгъуэрэ а иде лъабжьэкӀэрэ, е щыӀэгъуэрэ иде егъэщхьыныгъэкӀэрэ, е илъытэнур и теплъэ егъэщхьыныгъэкӀэрэ зылъытэу зекӀуэ тхэкӀэр игъуэ къэсрэ цӀыхур псынщӀэрытхагъ хуэныкъуэ зэрыхуэхъум къызэрыгуэкӀкӀэ, тхэкӀэр зэрызекӀуэ тхыпхъэ/тхыпкъэхэм мы я лъабжьэри щӀыудыжу, теплъэ егъэщхьыныгъэи зэрыхэмылъыжкӀэрэ мыхьэнэншэ дыдэ формэхэр тхыпкъэу утыку къихьащ. Нобэ ди тхэкӀэм хиубыдэ тхыпкъэхэр мыпхуэдэу къэхъуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкӀи, мы зи гугъу тщӀы тхэкӀэр нобэ тхыдэ къежьапӀэу ялъытэ лъэхъэнэм къыщыхъуа тхэкӀэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, нобэрей сивилизацэм лъабжьэ хуэхъуар мы мыхьэнэншэ формэхэмкӀэрэ къэгъэлъэгъуэн нэмыщӀ къалэн зимыӀэ тхэкӀэращ. Тхэн Ӏуэхугъуэм теухуауэ мы жытӀахэм ещхьыркъабзэу зэрыщытари гулъытапхъэщ псэлъэбзэм теухуауэ жытӀахэри, зи гугъу тщӀы мы сивилизацэм и тхэкӀэри, и бзэри мыпхуэдэ мыхьэнэншэ формэрэ макъкӀэрэ зэрыухуар гурыӀуэгъуэщ, е и тхэкӀэм и формэхэмрэ и бзэм и макъхэм я мыхьэнэхэр щӀэкӀуэдыкӀауэ жыӀэпхъэщ. Аращи, мыпхуэдэ тхэкӀэр икӀи зи гугъу тщӀы бзэхэр зиӀэхэм я тхыдэ къежьапӀэу зэрылъытэри зэтехуэрэ зэзэгъ Ӏуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

## АДЫГЭБЗЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЗЭКӀЭЛЪХЬЭУЖЬЫКӀЭМ ТЕУХУАУЭ

ИпэкӀэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и лэжьэкӀэмрэ и псалъэхэр къызэрыхъу щӀыкӀэрэ я мыхьэнэкӀэрэ сфер сферу зэрылъытапхъэм щыгъуазэ дыхуэхъущ. Мыбы нэмыщӀ, макъыбзэр псэлъэбзэ лъабжьэу зэрыщытрэ адыгэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъщи, адыгэбзэм псэлъэбзэр зэрыухуэрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэми щыгъуазэ узэрыхуищӀынур гурыӀуэгъуэщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкӀщи, псэлъэбзэр зы макъыбзэу утыку къызэрихьэмрэ зэрызекӀуэ щӀыкӀэмрэ псалъэхэр зэрыухуэм теухуа зы щапхъэу илъабжьэкӀэ адыгэбзэ лэжьэкӀэмрэ и псалъэ къэхъуныгъэхэм лъэбакъуэ лъэбакъуэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ЩыӀэгъуэрэ къэхъу къекӀуэкӀым зы логиерэ зы бзэ иӀэщи, псэлъэбзэри мыпхуэдэ зы логие зиӀэу зэпкъыувэ зы щыӀэгъуэщ; псэлъэбзэр зэрыухуэ макъхэри мы щыӀэгъуэрэ къэхъу къекӀуэкӀым ипкъ иткӀэ, зы псэущхьэрэ микрокосмосу лъытапхъэ цӀыхум и щыӀэгъуэм къыхэхъукӀыу щхьэж щыӀэгъуэ зыгъуэтаращ. ЩыӀэгъуэрэ космосым езэгъыу зы щыӀэгъуэ зиӀэ цӀыхум къыпкъырыкӀ макъхэр езы цӀыхум и пкъым и лъэкӀыныгъэу къэхъухэрщи, ахэр а пкъыгъуэрэ псэугъуэм и щыӀэкӀэрэ и логием езэгъыу зэрихьэу щыщӀидзэкӀэ, псэлъэбзэ жыхуэтӀэращ ухуэу щӀидзэр.

Макъхэм езым я къэхъукӀэм теухуауэ щхьэж мыхьэнэрэ къалэн яӀэщи, ахэр къызэрыхъум къыщӀидзэу ухуэ псэлъэбзэм къигъэщӀ мыхьэнэхэмрэ, псэлъэбзэр мыухуэ ипэ къэхъуауэ щыт макъхэм я мыхьэнэхэр зэщхьэщыкӀ

щыӀэгъуэм теухуа мыхьэнэхэщ. Псэлъэбзэр зэрыухуэр макъхэмкӀэщи, макъхэр я ″макъ мыхьэнэ″кӀэрэи, бзэм хэхьэу ″бзэ мыхьэнэ″ зэрыхъукӀэрэи бзэм холэжьыхьыр. Игъуэр къыщыскӀэ мыбыхэм теухуауэ лэжьыгъэхэр утыку къитлъхьэнщ.

Мы псалъэхэми гурыӀуэгъуэ зэращӀрэ ипэкӀи и гугъу зэрытщӀаущи, ″макъ мыхьэнэ″мрэ ″бзэ мыхьэнэ″р зэщхьэщыкӀ Ӏуэхугъуэщ. Псэлъэбзэр зэрыухуэр макъхэмкӀэрэщ, ауэ макъхэмрэ псэлъэбзэ жыхуэтӀэхэм я щыӀэгъуэр зэхуэдэкъым. ″Макъ мыхьэнэ″ жыхуэтӀэр макъ щыӀэгъуэм теухуащ, ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтӀэр псэлъэбзэм и щыӀэгъуэм теухуащ.

Псэущхьэм и ужьыгъуэкӀэрэ къызхигъэӀукӀ макъхэмкӀэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэри, мыпхуэдэу утыку къихьэ псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэ ухуэкӀэу утыку къихьарэ ноби мы къызэрыхъуа щӀыкӀэр зымыгъэкӀуэда адыгэбзэр зы макъыбзэщ. Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэр макъхэр утыку къызэрихьэм къыщӀидзэущ зэрыухуэри, и псалъэхэр утыку къызэрихьэри макъхэр я къэхъукӀэкӀэ бзэм зэрыхэхьэ щӀыкӀэу къэхъу ″макъ псалъэ″м дежщ къыздыщӀидзэр.

Макъхэр утыку къызэрихьэр зи пэщӀэдзэ псэлъэбзэм мы утыку къихьа макъхэмкӀэрэ макъ псалъэхэр хуоухуэри, макъхэр зэрыбагъуэм къыкӀэлъыкӀуэу и псалъэхэри зэрыбагъуэр гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ мыбы къыщымынэу, утыку къихьа макъхэр зэрызэгухьэкӀэрэ макъ псалъэхэм къыкӀэлъыкӀуэу макъ гупкӀэрэ ухуэ псалъэхэри зэрыухуэр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэу макъ псалъэрэ макъ гупкӀэрэ ухуэ псалъэхэми макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэжкӀэрэ псэлъэщӀэхэри утыку къызэрихьэнур гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэрэ бзэм и псалъэхэр зэрыбагъуэрэ бзэм и лэжьэкӀэми зызэриужьыр гурыӀуэгъуэщи, бзэ ужьыгъуэр утыку къихьагъэххэ псалъэхэми префиксрэ суффикс къалэн ягъэзащӀэу лъытапхъэ макъхэр къызэрыпыхьэжкӀэрэ лэжьэкӀэ ягъуэту бзэ лэжьэкӀэри зэрыбагъуэр гурыӀуэгъуэнщ. МакъкӀэрэ ухуа псэлъэбзэ ужьыгъуэрэ лэжьэкӀэу мы къэхъу лъэкӀыныгъэхэм зэкӀэлъхьэужьыкӀэ зэраӀэнури гурыӀуэгъуэнщ, ауэ псэлъэбзэ ужьыгъуэм ипкъ зэриткӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэу утыку къихьа мы бзэ лъэкӀыныгъэр сытым дежи лэжьэфу зэрызекӀуэри гурыӀуэгъуэщ.

Макъхэр утыку къызэрихьэу ухуэу щӀэзыдза бзэм и ужьыныгъэм мы зи гугъу тщӀа и зэкӀэлъхьэужьыкӀэу къигъуэт лъэкӀыныгъэхэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу зэрылъытэфынур гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ бзэ ужьыныгъэри зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм зэрыхэплъэгъуэфынур гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, бзэм и ужьыгъуэ лъэбакъуэхэу бзэм и лэжьэкӀэ лъэкӀыныгъэхэр утыку къызэрихьэр адыгэбзэм теухуауэ илъабжьэкӀэ лъэбакъуэ лъэбакъуэу тлъытэнщ.

Макъхэр утыку къызэрихьэм къыщӀидзэу ухуэ псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыщыткӀэрэ абы къигъэщӀ япэрей псалъэхэр макъыр зэрыщыту бзэм зэрыхэхьэкӀэрэ ухуэхэращи, мыхэращ ″макъ псалъэ″ жыхуэтӀэхэр. ″Макъ псалъэ″м къыщӀидзэу псалъэхэр утыку къызэрихьэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу зэрызекӀуэм гулъытэ зэрыхуэпщӀыфынур

гурыIуэгъуэнщ, ауэ, зы макъыбзэр макъым къыщIидзэу зэпычыгъуэ зэримыIэ пэлъытэу зэрызекIуэм зэрезэгъщи, мы зекIуэкIэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр къыкIэлъыкIуэм зэрыщхьэщыкIыр сытым дежи тыншкъым. Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, псалъэ къэхъуныгъэм и зы щIыпIэ гуэрхэр ар къызкIэлъыкIуэрэ абы къыкIэлъыкIуэ бзэ лэжьэкIэ Iыхьэхэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкIыр лъытэныр сытым дежи тыншкъым. Мы зи гугъу тщIыхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкIэ къекIуэкIыну лэжьыгъэ цIыкIуми зэрыхэплъэгъуэнур гурыIуэгъуэщ.

Псалъэ къэхъыныгъэм теухуауэ аргуэру мыбдежым щыпыщапхъэщи, зы макъыбзэм мыхьэнэ зиIэу тлъыта дэтхэнэ и зы макъыр бзэм "макъ псалъэ" зэрыхэхъухьыфынум нэмыщI, икIи макъхэр зэрызэгухьэкIэрэ макъ гупкIэрэ ухуа псалъэ къызэрыхъунури гурыIуэгъуэщи, псалъэхэр мыпхуэдэу зы "макъ псалъэ"у, е "макъ гупкIэ ухуэ псалъэ"у утыку къихьэн папщIэ, апхуэдэ "бзэ мыхьэнэ"р бзэ лэжьэкIэм хроникэ хэхъухьын зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, бзэ мыхьэнэ зиIэу псалъэ къызтехъукIыпхъэ дэтхэнэ зы макърэ макъ гупым бзэм псалъэ къызэрытемыхъукIари гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу псалъэ къызтехъукIыпхъэу щытрэ иджыри псалъэ къызтемыхъукIыр "псалъэ потанциал"у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. "Псалъэ потанциал" жыхуэтIэр псалъэ хъупхъэу иджыри псалъэ мыхъуауэ щыт макърэ макъ гупырщи, ар адыгэбзэкIэ "псэлъапхъэ"у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу псэлъапхъэу щытрэ иджыри псалъэ мыхъуа макъхэмрэ макъ гуп зэгухьахэри псалъэ къэхъуныгъэм теухуа мы лэжьыгъэ Iыхьэ цIыкIум зэрыхэплъэгъуэфынури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ мыпхуэдэу "псэлъапхъэ"у лъытахэр а зэрыщыткIэрэ бзэм хроникэ хэмыхъухьарэ иджыри псалъэ мыхъуами, абыхэм нэгъуэщI макърэ псалъэ къызэрыгухьэкIэрэ псалъэхэр къазэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщи, мыбыхэми псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ иужькIэ къедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм нэхъри щыгъуазэ дызэрыхуэхъуфынур гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы жытIахэми зэрезэгъкIэрэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ псэлъэбзэр макъым деж къызэрыщIидзэкIэрэ зэрылажьэмрэ и псалъэхэр къызэрыхъу лъэбакъуэхэм илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

## Адыгэбзэ лэжьэкIэрэ псалъэ ухуныгъэ лъэбакъуэхэм теухуауэ.

Псэлъэбзэм и лъабжьэрэ пэщIэдзэр макъыбзэрщи, макъыбзэр зэрыухуэрэ и псалъэхэр къызэрыхъум и пэщIэдзэри "макъ псалъэ" къэхъуныгъэрщ. Аращи, псалъэ къэхъуныгъэр зы макъыбзэм дежкIэ "макъ псалъэ"м дежщ къыздыщIидзэри, ар адыгэбзэм зэрыхэплъагъуэу, зы макъыбзэм и лэжьэкIэрэ и псалъэ къэхъуныгъэм и **япэрей лъэбакъуэ**р "макъ псалъэ"хэрауэ зэрыщытыр япэрей лэжьыгъэхэми, мы ипэкIэ къыжытIахэми гурыIуэгъуэ къытхуащIыр.

Зы макъыу щыӀэгъуэ зиӀэм бзэ мыхьэнэуэ щыӀэгъуэ зэригъуэтырщ псалъэ къэхъыныгъэм и япэрей лъэбакъуэри, мыпхуэдэу щыт ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэр псэлъэбзэр макъхэмкӀэрэ зэрыухуа логие лӀэужьыгъуэу лъабжьэ зэрызигъуэтаращи, абы нэхъ кууэ хэплъэн зэрыхуейр гурыӀуэгъуэнщ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, илъабжьэкӀэ ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм зы хэплъэгъуэу къедгъэкӀуэкӀыну лэжьыгъэ цӀыкӀум къыщымынэу, ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм теухуауэ нэхъ зэӀуха зы лэжьыгъэ Ӏыхьэр адыгэбзэм дэтхэнэ и зы макъыр зэрылъытэкӀэрэ къедгъэкӀукӀынущ.

Мы япэрей лъэбакъуэм къыкӀэлъыкӀуэ псалъэ къэхъуныгъэри ″макъ гупкӀэрэ ухуэ псалъэ″хэращи, мыри псалъэ къэхъуныгъэм и **етӀуанэ лъэбакъу**эрщ.

Мы лъэбэкъуитӀыр зэуэ зэрызэщхьэщымыкӀыр ипэкӀэ къыхэдгъэщащи, ″макъ псалъэ″ нэужьу ″макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэм бзэ лэжьэкӀэр зэрыхуэкӀуэр ″макъ псалъэ пэлъытэ″у тлъыта бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэхэр зэрыухуэрщ. Мыпхуэдэр пэщӀэдзэкӀэрэ зыкъэзгъэлъагъуэ ″макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэ лъэбакъуэм и япэрей Ӏыхьэрэ лъэбакъуэри макъитӀ зэрызэгухьэу ухуа псалъэхэрауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. МакъитӀ зэгухьэныгъэм макъищ зэгухьэныгъэ къызэрыкӀэлъыкӀуэнур, икӀи мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр макъ зэгухьэхэр зэрыбагъуэкӀэрэ зэрекӀуэкӀынур гурыӀуэгъуэнщ.

Бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **ещанэ лъэбакъу**эу лъытапхъэри ухуагъэххэ псалъэхэм икӀэрэ ищхьэкӀэ макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэкӀэрэ псэлъэщӀэхэр утыку къихьэнырщ.

Ухуагъэххэ псалъэхэм ищхьэрэ икӀэм макъ гуэрхэр къыпыхьэжу псалъэ зэрыухуэм нэмыщӀ, къыпыхьэ макъхэмкӀэрэ псалъэм и мыхьэнэр къызэрытенэкӀэрэ зэрылажьи щыӀэщи, мыри бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **еплӀанэ лъэбакъу**эу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ псалъэ лэжьэкӀэр ухуагъэххэ псалъэхэм ищхьэмрэ икӀэм макъ гуэрхэр ″префикс, суффикс″ къалэнкӀэрэ къыпыхьэу лэжьэкӀэ зэрагъуэтырщ.

Ещанэрэ еплӀанэ лъэбакъуэхэр зэрызэщхьыр гулъытапхъэщ, ауэ зэрызэщхьэщӀыкӀ щӀыкӀэри гурыӀуэгъуэщ: еплӀанэ лъэбакъуэри ещанэ лъэбакъуэм хуэдэу ухуагъэххэ псалъэхэм макъ гуэрхэр къызэрыхьэрщи, зэрызэщхьыр мыращ; ауэ, псалъэм къыпыхьэ макъкӀэрэ псэлъэщӀэ къызэрытехъукӀырщ ещанэ лъэбакъуэри, псалъэм къыпыхьэ макъкӀэрэ псэлъэщӀэ къытемыхъукӀыу, псалъэ мыхьэнэрэ зытеухуа Ӏуэхугъуэр зэрызэмыхъуэкӀкӀэрэ къыпыхьэ макъкӀэрэ зэрылажьэращ еплӀанэ лъэбакъуэр.

Аращи, ещанэ лъэбакъуэр зытеухуар псалъэхэм къыпыхьэ макъкӀэрэ псэлъэщӀэ утыку къызэрихьэращ; ауэ еплӀанэ лъэбакъуэр псалъэхэм къыпыхьэ макъхэмкӀэрэ лэжьэкӀэ зэрагъуэтырщ. Мы зэщхьэщыкӀ ӀуэхугъуитӀыр зэхуэдэ макъкӀэ гъэзэщӀэф ӀуэхугъуитӀыу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, зы макъым игъэзащӀэ мыпхуэдэ ӀуэхугъуитӀыр сытым

дежи зэщхьэщыгъэкlыныр тыншкъым. Мыбы папщlэрагъэнщи, нобэ ди бзэщlэныгъэм ухуагъэххэ псалъэм макъ къызэрыпыхьэкlэрэ утыку къихьэ псэлъэщlэхэри "префикс, е суффикс"кlэрэ лажьэу ухуа псалъэхэу зэрилъытэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ ар захуэу лъытапхъэкъыми, псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ ухуэ псэлъэщlэмрэ (ещанэ лъэбакъуэ) псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ зэрылажьэр (еплlанэ лъэбакъуэ) зэщхьэщыгъэкlын зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, псалъэхэм зэхуэдэ макъ къыпыхьэми, гъэзащlэ lуэхугъуэр зэрызэщхьэщыкlым папщlэ, мы lуэхугъуитlыр зэхуэмыдэ бзэ лэжьэкlэ лъэбакъуэу лъытапхъэщ: зым деж, псалъэхэм къыпыхьэ макъхэмкlэрэ псэлъэщlэхэр (бзэ мыхьэнэщlэ) утыку къохьэри (ещанэ лъэбакъуэ), мы псэлъэщlэр зытеухуа lуэхугъуэр ар къызтехъукlа псалъэр зытеухуа lуэхугъуэрауэ щытыжкъым; адрейм деж, къыпыхьэ а макъымкlэ ("префикс, суффикс" къалэнкlэрэ) псалъэм и мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу лэжьэкlэ егъуэтыр (еплlанэ лъэбакъуэ).

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **етхуанэ лъэбакъуэ**ри ухуагъэххэ псалъэхэр зэрызэгухьэу "псалъэ зэхэлъ" е "псалъэ зэгуэт" зэрыухуэращ.

"Псалъэ зэхэлъ" терминыр нобэ ди бзэщlэныгъэм зэрихьэращ, ауэ адыгэбзэм и псэлъитl-щыкlэрэ ухуэ мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ "псалъэ зэгуэт" терминыр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ.

Икlи гулъытапхъэрэ къыхэгъэщыпхъэщи, псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ "псалъэ зэгуэт" къэхъуныгъэр мы ипэкlэ зи гугъу зэрытщlауэ псалъэр "префикс, суффикс"кlэрэ зэрылажьэм ипэ къэхъуауи лъытапхъэщ. Аращи, псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ зэрылажьэу псэлъэщlэ зэрыухуэм (ещанэ лъэбакъуэм) къыкlэлъыкlуэ псалъэ къэхъуныгъэ лъэбакъуэр псалъэм псалъэ къыпыхьэу "псалъэ зэгуэт" зэрыухуэрауэ лъытапхъэщ. Псалъэ къэхъуныгъэкlэ, псалъэм псалъэ къызэрыпыхьэу "псалъэ зэгуэт" къэхъуныгъэр "префикс, суффикс" къалэнкlэрэ псалъэм лэжьэкlэ зэригъуэтым ипэ къихуэу лъытапхъэми, псалъэр "префикс, суффикс"кlэрэ зэрылажьэу еплlанэ лъэбакъуэу тлъытар псалъэм макъ къызэрыпыхьэкlэрэ псэлъэщlэ утыку къызэрихьэ ещанэ лъэбакъуэм зэрещхьрэ зэрыхуэдэ лэжьэкlэу зэрылъытапхъэм папщlэрэ, икlи мыр псалъэ зэгухьэныгъэ (псалъэ зэгуэт) нэхърэ макъ мыхьэнэ лэжьэкlэу макъыбзэ лэжьэкlэ купщlэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрыщытым папщlэщи, мыбдежым "префикс, суффикс" лэжьэкlэр еплlанэ лъэбакъуэу къэдгъэлъэгъуащ.

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **еханэ лъэбакъуэ**ри ухуагъэххэ псалъэхэр зэрызэкlэлъыкlуэкlэрэ е зы макъым и къалэнкlэрэ зэрызэпха щlыкlэу псалъэ ухуэныгъэращи, мыри "псалъэ зэпха"хэращ.

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **ебланэ лъэбакъуэ**ри "псалъэуха/псалъэухыгъэ" жыхуэтlэр утыку къызэрихьаращи, бзэм и лэжьэкlэр зэрыхъун щыхъуарэ бзэм къиlуэтэнур нэсу - зыхэзыубыдэ псалъэхэр зи гугъу тщlа щlыкlэкlэрэ зэрылажьэ, зэрызэгухьа, зэрызэпхакlэрэ- къызэрыlуатэрщ. Мы лъэбакъуэр псэлъэбзэр зэрыхъун

зэрыхъуарэ псалъэ къэхъыныгъэкӀэ щыгъэнщӀа лъэбакъуэращи, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа лъэбакъуэхэри зыхэзыубыдэф бзэ лэжьэкӀэрщ; мы лъэбакъуэр псэлъэбзэм и лэжьэкӀэрэ псалъэ ухуэныгъэр щыухрэ абы утыку къырилъхьэфынухэм теухуауэ нэхъ зэгущыгъуэрэ псоугъуэ щигъуэтырщи, псэлъэбзэкӀэ къэгъэунэхуфынур икӀэ нэгъунэ утыку къизылъхьэ лъэбакъуэрщ.

*

Мыбдежым макъыбзэр зэрыухуэрэ зэрылажьэм, абы псалъэхэр къызэригъэхъум теухуа лъэбакъуэхэр тлъытащ. Мы дэтхэнэ зы лъэбакъуэм игъуэ щыхъум деж аргуэру дытепсэлъыхьынщ. Ауэ, макъым къыщӀидзэу ухуэ псэлъэбзэу щыт макъыбзэм и япэрей лъэбакъуэр "макъ псалъэ" къэхъуныгъэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ, япэрауэ макъыбзэу щыт адыгэбзэм и "макъ псалъэ"хэр зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Псэлъэбзэм и лъабжьэр зэрыухуэрэ абы и псалъэхэр макъхэм къазэрытехъукӀыу зэрыщӀидзэращ "макъ псалъэ" къэхъуныгъэ лъэбакъуэри, макъыбзэм мыпхуэдэ лъабжьэ игъуэта нэужьщ адрей лъэбакъуэхэри абы къыкӀэлъыкӀуэущ зэрыухуэр. Аращи, псэлъэбзэ ужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъурэ ар зэрыухуэ лъэбакъуэхэм пэщӀэдзэ зэрыхуэхъум ипкъ иткӀэ, япэрауэ макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ бзэм зэрыхэхьэу псалъэ зэрыхэхъухьым щыгъуазэ дыхуэхъуанщ.

ИпэкӀэ мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, дэтхэнэ зы лъэбакъуэр зэрызэпкъырыувэ щӀыкӀэри и кӀуэцӀкӀэрэ Ӏыхьэрэ лъэбакъуэ цӀыкӀукӀэрэущи, макъыбзэм и япэрей лъэбакъуэ "макъ псалъэ" къэхъуныгъэм езыр и кӀуэцӀкӀэрэ Ӏыхьэ Ӏыхьэрэ лъэбакъуэ лъэбакъуэ цӀыкӀукӀэрэ зэрызэпылъылъми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ИкӀи илъабжьэкӀэ къытпэщыт мы лэжьыгъэ Ӏыхьэ цӀыкӀур псэлъэбзэ лъабжьэу щыт макъыбзэм и лэжьэкӀэрэ и псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу "макъ псалъэ" къэхъуныгъэм теухуа зы хэплъэгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ иужькӀэ, адыгэбзэм дэтхэнэ и зы макъым теухуауэ абыхэм къатехъукӀауэ нобэ бзэм хэт "макъ псалъэ"хэм нэхъ зэӀухауэ щыгъуазэ дызэрыхуэжынури жытӀэнщ.

## Псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу адыгэбзэм и "макъ псалъэ"хэр утыку къызэрихьэм теухуауэ.

Макъыбзэм и лэжьэкӀэу псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэр "макъ псалъэ" ухуэныгъэрщ. "Макъ псалъэ" жыхуэтӀэри япэрауэ зэрыухуэ щӀыкӀэри зы макъым и мыхьэнэр а къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ зэрыщыту бзэм зэрыхэхьэращ. Аращи, макъ мыхьэнэ зиӀэу тлъыта дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуарэ оригинал щӀыкӀэу "ы"кӀэрэ къызэрыӀукӀэрэ бзэм щыхэхьэкӀэ "бзэ мыхьэнэ" зэрыхэхъухьыр гурыӀуэгъуэщи, мыр зы макъым япэрейуэ къытехъукӀыфыну "макъ псалъэ"рщ. НытӀэ, къызэрыхъуа

щӀыкӀэу ″ы″кӀэрэ къэӀуу бзэм хэхьэу ухуэ мыпхуэдэ псалъэр ″макъ псалъэ″ ухуэныгъэм и япэрей лъэбакъуэрщ, икӀи мыпхуэдэхэр макъыр оригиналу къызэрыӀум къытехъукӀ псалъэу зэрыщытым папщӀи, мыпхуэдэхэр оригинал ″макъ псалъэ″хэуи лъытапхъэщ: «и, Ӏу, зы, гу, щы, щӀы....».

″Ы″ макъым къыкӀэлъыкӀуэрэ къытехъукӀауэ, ″ы″м и кӀуэтэгъуэу щытыр ″э″ макъращ. Макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыӀур оригиналу ″ы″кӀэрэщи, зы макъыр ″ы″м ипӀэкӀэ абы къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа ″э″кӀэрэ къыщыӀум деж гъэзащӀэр а макъ мыхьэнэм и кӀуэтэгъуэращ. Зы макъыр ″ы″м ипӀэкӀэ ″э″кӀэ къыщыӀум деж, абы и оригинал мыхьэнэр (″ы″кӀэ къызэрыӀу щӀыкӀэр) зэримыхъуэкӀыу а зэрыщыту мэгъэкӀуатэри, зы макъыр мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ ″э″кӀэрэ къэӀуу бзэм щыхэхьэм деж, мыри ″макъ псалъэ″у лъытапхъэщ. Ауэ зэрыгурыӀуэгъуэщи, зы макъыр оригиналу ″ы″кӀэрэ къызэрыӀу щӀыкӀэр ″макъ псалъэ″ пэщӀэдзэрэ оригинал ″макъ псалъэ″у зэрылъытам зэрезэгъщи, ″э″кӀэрэ къэӀуу ухуэ бзэ мыхьэнэри абы къыкӀэлъыкӀуэ етӀуанэ лъэбакъуэу ухуэ ″макъ псалъэ″рщ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ, ″ы″кӀэ къэӀуу ухуа ″макъ псалъэ″ гуэрхэр бзэм ″э″кӀэ къэӀууи ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьыфым нэмыщӀ, ″ы″кӀэ къэӀуу бзэм ″макъ псалъэ″у хэмыт гуэрхэри ″э″кӀэ къэӀуу ″макъ псалъэ″ хохьухьыфыр. ″Э″кӀэрэ къэӀуу ухуэ ″макъ псалъэ″хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «е (иэ), Ӏуэ, зэ, щэ, щӀэ...».

Мыхьэнэ зиӀэ макъыр ″ы″м ипӀэкӀэ ″э″кӀэ къыщыӀум дежи ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукӀым и гугъу тщӀащи, ар макъ псалъэ къэхъуныгъэм и етӀаунэ лъэбакъуэу, ″ы″кӀэрэ къэӀу макъым и мыхьэнэр зэрызекӀуэ, хьэрычэт зэриӀэ, зэманыгъуэ зэригъуэткӀэрэ бзэм ″макъ псалъэ″ хэхъухьхэращ. Ауэ икӀи, мыпхуэдэу ″э″ къэӀукӀэкӀэ ухуа ″макъ псалъэ″р аргуэру ″ы″ къызэрыпыхьэжкӀэрэ (″э″м ипӀэр аргуэру ″ы″м зэриубыдыжкӀэрэ) лажьэу зы псалъэу щыухуэжыф щыӀэщ. Мыпхуэдэу ухуэжу утыку къихьэр и теплъэкӀэ аргуэру зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ; икӀи, мыпхуэдэ ухуэкӀэу утыку къихьэ псалъэр къызтехъукӀам и мыхьэнэр зэзымыхъуэкӀырщи, ар ″э″кӀэрэ къэӀуу ухуа ″макъ псалъэ″м и мыхьэнэр зытеухуарэ къызтехъукӀым ехьэлӀэныгъэ зиӀэу зэрыухуэжырщ.

″Э″кӀэрэ къэӀу ″макъ псалъэ″м и ″э″м ипӀэр ″ы″м иубыдыжу ″э → ы″ зэхъуэкӀыныгъэ зыгъуэту ухуэжу зи гугъу тщӀы мы ″макъ псалъэ″р теплъэрэ формэу ″ы″кӀэрэ оригиналу къэӀуу ухуэ ″макъ псалъэ″м хуэдэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ; ауэ икӀи ар ″э → ы″ зэхуэкӀыныгъэу къызэрыхъуари къызтехъукӀа псалъэ мыхьэнэмрэ псалъэ ухуэжыкӀэми гурыӀуэгъуэ къыпхуещӀыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэм щыщщи, ″шэн″рэ ″вэн″ ӀуэхугъуэкӀэ щхьэпэ хъу псэущхьэхэр (шы, вы) ″шэн″рэ ″вэн″ Ӏуэхум зэрехьэлӀакӀэрэ (э → ы) зэрылъытэр ″э″ кӀэух зиӀэ мы макъ псалъэхэм ″ы″ къызэрыпыхьэжкӀэрэщ: «шэн → ″шэ-ы → шы″»; «вэн → ″вэ-ы → вы″».

НытӀэ, зы макъыр утыку къызэрихьарэ ″ы″кӀэ оригиналу къызэрыӀуу бзэм занщӀэу зэрыхэхьэкӀэрэ ухуэ ″макъ псалъэ″хэр ″макъ псалъэ

къэхъуныгъэ"м и япэрей лъыбакъуэщи, мыбы къыкIэлъыкIуэу "э"кIэ къызэрыIукIэрэ ухуэ "макъ псалъэ"хэри "макъ псалъэ къэхъуныгъэ"м и етIуанэ лъэбакъуэрщ; икIи, "э"кIэрэ къэIуу ухуа зы "макъ псалъэ"р "э → ы" зэхъуэкIыныгъэкIэрэ аргуэру "ы"кIэрэ къэIуу зэрыухуэжри зы "макъ псалъэ"у зэрыщытыр гулъытапхъэщи, мыри "макъ псалъэ къэхъуныгъэ"м и ещанэ лъэбакъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

*

Макъ псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ мы жытIахэр гурыIуэгъуэмэ, мыхьэнэ зиIэ зы макъыр оригиналу ("ы"кIэрэ) къызэрыIумрэ абы и кIуэтэгъуэу ("э"кIэрэ) къызэрыIум зэрытеухуар гулъытапхъэщи, "э → ы" зэхуэкIыныгъэри аргуэру мыбы щыщ зы Iуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Зы макъыр утыку къызэрихьа щIыкIэу къызэрыIукIэрэ бзэм зэрыхэхьэ щIыкIэщ зи гугъу тщIа "макъ псалъэ" къэхъуныгъэхэри, зы макъыр оригиналу утыку къызэрихьа къэIукIэм ("ы"кIэрэ) нэмыщI, "ы"м къыкIэлъыкIуэу къэхъуа "э" макъкIэ е "э → ы" зэхъуэкIыныгъэкIэ къэIукIэ зэригъужми а макъым и мыхьэнэр зэрызимыхъуэкIыр гурыIуэгъуэщ.

Ауэ икIи, мы псалъэм и етIуанэ Iыхьэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, зы макъым и мыхьэнэр зэмыхъуэкIыу бзэм зэрыхэхьэ щIыкIэр а макъым къытехъукI "макъ псалъэ"у лъытапхъэмэ, мы зи гугъу тщIа макъхэм (ы, э, э-ы) нэмыщI, зы макъымрэ абы къытехъукI макъ псалъэм и мыхьэнэр зэзымыхъуэкIыу къыпыхьэф макъхэмкIэрэ ухуэ псалъэхэри "макъ псалъэ" пэлъытэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIэ, "макъ псалъэ" къэхъуныгъэм теухуауэ мы ипэкIэ къэта лъэбэкъуищым къыпыщэж лъэбакъуэхэу "макъ псалъэ къэхъыныгъэ"хэри зэрылъытэфынур гулъытапхъэщ.

НытIэ, зы макъым и оригинал мыхьэнэр зэзымыхъуэкIыу абы къыпыхьэ макъхэмкIи "макъ псалъэ"у лъытапхъэхэр ухуэфынщи, мыпхуэдэ макъхэри къызкIэлъыкIуэ макъым и мыхьэнэр а зэрыщыту къэзыгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащIэ макъхэращ. Мыпхуэдэ къалэн зыгъэзэщIэну макъхэр е макъ мыхьэнэ зимыIэу къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащIэрауэ зэрыщытыр, е макъ мыхьэнэ иIэми, къызкIэлъыкIуэ макъым и мыхьэнэр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащIэ макъхэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

ИпэкIэ зи гугъу тщIа "ы, э" макъхэм ("э-ы" зэхъуэкIыныгъэри мыбыхэм зэрыщыщыр гурыIуэгъуэщ) нэмыщI, макъ Iуэрхэм мы зи гугъу тщIы къалэн зыгъэзащIэ макъ язэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, кIэщIыу дахэплъэнщ. Япэрауэ макъзешэ къалэн зымыгъэзащIэ макъ Iуэрхэм мыхьэнэ зиIэхэр щыIэщи (Iэ, Iи, Iе, Iу), абыхэм я мыхьэнэкIэрэ зи гугъу тщIы къалэн зэрымыгъэзэщIэфынур гурыIуэгъуэщ; е, езым хуэIуа къалэн зиIэ щыIэщи (Iы), абыи игъэзащIэ къалэныр зэрыгурыIуэгъуэу, мы зи гугъу тщIа къалэн игъэзэщIэнкъым; е, макъ зэхэжыхьащи макъитI зыхэзыубыдэу икIи макъ мыхьэнэ зиIэрщи (иэ → е), мыбыи зи гугъу тщIы къалэн зэримыгъэзэщIэнур гурыIуэгъуэщ; мыбы нэмыщI, "и"м и эффект

зыгъэзащӀэу игъуэ щыхъум "и"м ипӀэ иувэу щхьэжу зы макъыуи мылъытапхъэрэ "и"м хуэдэуи макъзешэ къалэн зымыгъэзащӀэ "й"ми мыбдежым зи гугъу тщӀы къалэн зэримыгъэзэщӀэфынури гулъытапхъэщ. "Ы, э"м нэмыщӀ макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэ макъ Ӏуэрхэми мы зи гугъу тщӀы къалэн зыгъэзэщӀэн язэрыхэмытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэ макъ гуэрхэм макъ мыхьэнэ яӀэжщи (а, и, у), мы я мыхьэнэкӀэрэ зи гугъу тщӀы къалэн зэрымыгъэзэщӀэнур гулъытапхъэщ; макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэу бзэ лэжьэкӀэм иужькӀэ къигъэщӀа макъитӀ зэхэжыхьахэри ("эй → е"; "эу → о") "э"м къытехъукӀарэ макъ мыхьэнэи зимыӀэу щыт щхьэ, бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ хагъэзэщӀыхь къалэнкӀэрэ абыхэми зи гугъу тщӀы къалэн зэрамыгъэзэщӀэфынур гулъытапхъэщ.

Макъ Ӏуэрхэм зи гугъу тщӀа къалэн зыгъэзэщӀэн макъ хэту лъытапхъэкъым, ауэ и мыхьэнэкӀэ къызпыхьэ макъыр къэгъэлъэгъуэнрэ гурыӀуэгъуэ щӀын къалэн зыгъэзащӀэ макъхэмрэ макъ мыхьэнэ зимыӀэ макъыу макъ щэхухэм хэтхэм мыпхуэдэ къалэн ягъэзэщӀэфыну зэрылъытапхъэ гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ мыбыхэм я гугъу дымыщӀ ипэ аргуэру пыщапхъэщи, я къэхъукӀэрэ я къалэным зэрытеухуащи, "э"кӀэрэ е "э → ы" зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ къэхъур зы макъыр оригиналу "ы"кӀэрэ къызэрыӀум щхьэщыкӀыныгъэшхуэ зэримыӀэр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэу ухуарэ ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "макъ псалъэ"хэмрэ мы и гугъу тщӀы щӀыкӀэкӀэ макъ щэху къыпыхьэу ухуэ "макъ псалъэ"хэр зэхуэдэу лъытэныр зэрымыигъуащэри гулъытапхъэщ. "Ы, э"м я къэхъукӀэрэ я зэрызэхущытыкӀэм елъытащ абыхэмкӀэ къэӀу макъхэр зэрыигъуэкӀэрэ "макъ псалъэ"у лъытэнри, мыхьэнэ зиӀэ макъым макъ щэху къыкӀэлъыкӀуэкӀэрэ ухуэнухэр "макъ псалъэ" дыдэу лъытэнри зэрымыигъуащэри гурыӀуэгъуэнщ. Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀыу, макъ щэху кӀэухкӀэрэ ухуэхэр "макъ псалъэ" дыдэу зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, ахэр нэхъ игъуэу зэрылъытапхъэр "макъ псалъэ пэлъытэ"у жыӀэпхъэщ.

КъызкӀэлъыкӀуэ макъым и мыхьэнэр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэн зэригъэзащӀэм папщӀэщ мыхэр "макъ псалъэ пэлъытэ"у зэрытлъытам и щхьэусыгъуэр, ауэ ахэр зэрыухуэ щӀыкӀэр "ы, э"м хуэдэу къэӀуыкӀэ закъуэу щыту мылъытапхъэрэ зы макъым аргуэру зы макъ къыкӀэлъыкӀуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӀи, "макъ псалъэ" ухуэныгъэм къыпыщэжу зи гугъу тщӀы мы псалъэ ухуэкӀэр (макъ псалъэ пэлъытэ) "макъ псалъэ" ухуэныгъэмрэ "макъ гупкӀэрэ псалъэ ухуэныгъэ"м я зэхуаку дэт псалъэ къэхъукӀэу лъытапхъэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, макъ щэху кӀэухкӀэрэ ухуэу зи гугъу тщӀы мы "макъ псалъэ пэлъытэ"хэр икӀи "макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ"хэм хуэунэтӀарэ я къежьапӀэу лъытапхъэщ. Ар щыхъукӀи, мы зи гугъу тщӀы "макъ псалъэ пэлъытэ"хэр "макъ псалъэ" къэхъуныгъэм и лъэбакъуэ нэхърэ "макъ гупкӀэ псалъэ ухуэныгъэ"м и пэщӀэдзэ лъэбакъуэуи лъытапхъэхэрщ.

НытIэ, зи гугъу тщIыну макъ щэхухэм деплъынщ. Мы ипэкIэ зи гугъу тщIахэм къызэрыхэщщи, макъ мыхьэнэ зимыIэу тлъыта "р" макъыр макъ мыхьэнэ зиIэ макъхэм къызэрыкIэлъыкIуэкIэрэ ухуэ бзэ мыхьэнэхэр "макъ псалъэ пэлъытэ"уи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ "р" макъыр макъ къэхъуныгъэкIэ иужьрей макъ щэхухэм зэрыщыщыр гулъытапхъэщи, ар зи кIэухкIэрэ утыку къихьэ макъ псалъэ пэлъытэхэм я къэхъуныгъэри "р"ыр утыку къихьа нэужьу зэрыщытынури гулъытапхъэщ. КъызкIэлъыкIуэ макъым и мыхьэнэр къэгъэлъэгъуэнрэ фIэкIыпIэ зэримыIэу гулъытэ хуэщIын къалэн зэригъэзащIэкIэрэ "р" макъ кIэухкIэрэ ухуа "макъ псалъэ пэлъытэ"хэрщ мыхэр: «ар, ер, уэр, сыр, кIыр, мыр».

Адыгэбзэм "р" макъым нэмыщI, икIи "р" макъым мы игъэзащIэ къалэным ещхь къалэн зыгъэзащIэу хэт зы макъщ "м" макъыр. ИкIи, макъ къэхъуныгъэ пэщIэдзэущ "м" макъыр утыку къызэрихьари, ар "р"ым ипэIуэкIэ утыку къихьа зы макъыу, мыбдежым зи гугъу тщIы къалэнкIэрэ макъхэм кIэух хуэхъуу зэрыщIидзарэ мыпхуэдэу ухуа "макъ псалъэ пэлъытэ"хэри кIэух зыхуэхъу макъыр утыку къызэрихьарэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым елъытащ, ауэ ахэр икIи кIэу "р" макъкIэрэ ухуа "макъ псалъ пэлъытэ"хэм елъытауэ ипэIуэкIэу зэрыухуари гулъытапхъэщ. Утыку къызэрихьа щIыкIэми зэрезэгъыу, "м макъым и мыхьэнэр къэгъэлъэгъуэнрэ гурыIуэгъуэ щIынырщи, кIэух зыхуэхъу макъым и мыхьэнэм аргуэру зы мыхьэнэ зэрыхимылъхьэжкIэрэ а макъыр а зэрыщытрэ и кIуэцIкIэрэ къэгъэлъэгъуэнрэ гурыIуэгъуэ щIын къалэн закъуэ зыгъэззэщIыфырщ. Ар щыхъукIи, мыхьэнэ зиIэ макъым и мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуэрэ гурыIуэгъуэ зыщI "м" кIэухым игъэзащIэр "р" макъым хуэдэ къалэну зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, "м" макъыр япэрей макъыу утыку къызэрихьам ипкъ иткIэ, сытри зэрылъытапхъэ мыхьэнэ зиIэу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ къызкIэлъыкIуэ макъым и мыхьэнэм ухигъэплъэн къалэн закъуэ зэригъэзащIэкIэрэ "м" макъыр макъ гуэрхэм къыкIэлъыкIуэу ухуэ бзэ мыхьэнэхэри "макъ псалъэ пэлъытэ"у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэри: «ем, уэм, гъум, хуэм».

*

Макъ къэхъуныгъэу япэу къэхъуа макъыу щыт "м" макъыр сытри зылъытэрэ къэзыгъэлъагъуэрщи, абы къигъэлъэгъуарэ илъытам теухуауэ щIапхъэм зыхуэгъэхьэзырынри "м" макъым къытехъукIыжа "н" макърашщ зыгъэзащIэр. Мы и мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ "н" макъыр дэтхэнэ зы макърэ псалъэм кIэух щыхуэхъум деж, а макърэ псалъэ мыхьэнэр зыхуэлэжьэнурэ зэрылэжьэнум тегъэпсыхьын къалэн егъэзащIэр. Аращи, къызэрыхъуа щIыкIэм ипкъ зэриткIэщ игъэзащIэ мы къалэнри, мы игъэзащIэ къалэным зэрезэгъкIэрэ езы "н" макъым зы мыхьэнэ химылъхьэу, кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр а зэрыщыту зыхуэкIуэнурэ зэрылэжьэну щIыкIэкIэ егъэпсыр "н" макъым. "Н" макъыр "м" макъым къызэрытехъукIам ипкъ иткIэ, мы зи гугъу тщIа щIыкIэкIэ "н" макъыр макърэ псалъэхэм кIэух зэрыхуэхъукIэрэ ухуэ "макъ псалъэ пэлъытэ"хэри

″м″ макъым къытехъукӀыу зи гугъу тщӀа ″макъ псалъэ пэлъытэ″ нэужьу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

КӀэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэр а зэрыщыту зэрыгъэзэщӀэнурэ зэрылэжьэну щӀыкӀэкӀэ гъэпсауэ утыку къизылъхьэрщ ″н″ макъри, зы макъыр физикэу а зэрыщыткӀэрэ зэрыгъэпсри, а макъым и мыхьэнэр зэрылъытэкӀэрэ зэрылэжьэну щӀыкӀэкӀэ зэрыгъэпсри ″н″ макъыр а макъым кӀэух зэрыхуэхъукӀэрэ гъэзащӀэ къалэнщ. Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, ″н″ыр кӀэух зыхуэхъу дэтхэнэ зы макърэ псалъэр езым и физикэрэ и мыхьэнэкӀэрэ лэжьэну мэгъэпсри, нытӀэ, ″н″ыр кӀэух зыхуэхъу макърэ псалъэр а нэхъ мащӀэу езыр а зэрыщыткӀэрэ гъэлъэгъуэну мэгъэпсыр. Ауэ, бзэ лэжьэкӀэу зы псалъэм и мыхьэнэр хьэрычэт лӀэужьыгъуэу лэжьэну хущӀэкъуу щытмэ, абы ″н″ыр кӀэух щыхуэхъум деж, а и хьэрычэтыр зэрызэгъэщӀэну щӀыкӀэу зэрыгъэпсынури гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэр нобэ глагол инфинитив жыхуэтӀэр зэрызэпкъырыувэ щӀыкӀэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы къэтӀуэтахэр гурыӀуэгъуэщ, икӀи мыбдежым ди Ӏуэхур ″макъ псалъэ″хэращи, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъ псалъэхэу лэжьэну хущӀэкъу хьэрычэт мыхьэнэ зиӀэ макъхэмрэ мыпхуэдэ хьэрычэт мыхьэнэ зиӀэ макъ псалъэхэр а зэрыщыту лэжьэну зэрыгъэпсыр ″н″ макъ кӀэухкӀэрэщи, мыпхуэдэу ухуэхэри нобэ глагол инфинитив жыхуэтӀэхэрщ. НытӀэ, я мыхьэнэм елъытащи, макъхэмрэ макъ псалъэу утыку къихьагъэххэхэр ″н″ кӀэухкӀэрэ ″глагол инфинитив″у зэрыухуэри ″макъ псалъэ пэлъытэ″у зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, зы макъымрэ макъ псалъэм и мыхьэнэращ мыпхуэдэу лэжьэну инфинитив щӀыкӀэкӀэ гъэпсри, глагол инфинитивхэр щхьэжу ″макъ глагол″у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

″Глагол″ жыхуаӀэр хьэрычэт мыхьэнэ зиӀэрэ зэрылъытэ псалъэхэращи, ахэр ″н″ыкӀэрэ зэрыгъэпсыр глагол инфинитиву зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, бзэ мыхьэнэ зыгъуэтарэ и мыхьэнэкӀи хьэрычэтыгъэ зиӀэ макъхэм нытӀэ ″н″ макъыр кӀэух щыхуэхъум деж утыку къихьэнур а макъ мыхьэнэм теухуа хьэрычэтыр зэрылэжьэну щӀыкӀэу зэрыгъэпсращи, мыпхуэдэу ухуэри зэрыжытӀауэ ″макъ псалъэ″ пэлъытэрэ ″макъ глагол″щ. Пэжщ зы псалъэ лӀэужьыгъуэр ″глагол″рэ ″глагол инфинитив″у зэрылъытар грамматикэ Ӏуэхугъуэущ, ауэ дэтхэнэ зы макърэ псалъэр ″н″ыр кӀэухкӀэрэ зэрыгъэпс щӀыкӀэу бзэ лэжьэкӀэр къекӀуэкӀыу зэрыщытари гурыӀуэгъуэщ. Ауэ дауэми, зы макърэ макъ псалъэм ″н″ыр кӀэух хуэхъуу лэжьэну зэрыгъэпскӀэрэ (инфинитив) ″макъ глагол″ къэхъуныгъэр а макърэ макъ псалъэр а зэрыщыту бзэм хэлэжьыхьу къызэрекӀуэкӀым къыкӀэлъыкӀуэу гъэзэщӀа Ӏуэхугъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, ″н″ кӀэухкӀэрэ инфинитиву гъэпсауэ ″макъ глагол″ыр мылъытэ ипэ ар къызтехъукӀа макърэ макъ псалъэр бзэм хэлэжьыхьу щытт. Ауэ, мыпхуэдэу макъ псалъэу бзэм хэлэжьыхьхэм къатехъукӀами, ″н″ кӀэухкӀэрэ зэрыгъэпсыжу утыку къихьа ″макъ глагол″ри зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, зы макъыр и мыхьэнэм елъытауэ хьэрычэтыгъэ зэриӏэкӏэрэщ ″бзэ мыхьэнэ″уэ ар ″макъ глагол″у зэрылъытэри, мыпхуэдэ зы глагол лӏэужьыгъуэу щыт зы макъым ″н″ макъ къызэрыпыхьэкӏэрэ утыку къихьэри зы ″макъ глагол инфинитив″щ. Инфинитиву щыгъэпсым деж, ар дэтхэнэ зы зэманыгъуэрэ лъэныкъуэкӏэ лэжьэну зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, и хьэрычэт мыхьэнэм теухуауэ глагол къалэн зиӏэ макъым мыпхуэдэ лъэкӏыныгъэ къезытыр ″н″ кӏэухращ. Инфинитиву мыгъэпс ипэкӏи зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ а макъ псалъэри, инфинитиву мыгъэпсагъэуэ зэрыщыткӏэрэ а макъ псалъэри ар инфинитиву зэрыгъэпса щӏыкӏэм хиубыдэрщ. Аращи, хьэрычэт мыхьэнэ зиӏэ зы ″макъ псалъэ″р ар ″н″ыкӏэрэ зэрыгъэпсым (глагол инфинитивым) и зы лэжьэкӏэрщ. Нэхъри ӏупщӏрэ гурыӏуэгъуэу жытӏэмэ, хьэрычэт мыхьэнэ зиӏэ зы макъ псалъэр мы и хьэрычэткӏэрэ фӏэкӏыпӏэ имыӏэу зэрыгъэзэщӏэн хуейр къэзыӏуатэрщи, зы ″унафэ″рэ ″ӏэмыр″ щӏыкӏэ зиӏэрщ; ар дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ зэманыгъуэу зэрылэжьэфыну щӏыкӏэу ″н″ кӏэухкӏэрэ зэрыгъэпс ″макъ глагол инфинитив″ым и зы лэжьэкӏэрэ модэу ″унафэ модэ″ е ″ӏэмыр модэ″рщ.

Нытӏэ, дэтхэнэ зы макърэ псалъэр ″н″ыкӏэрэ щыгъэпсым деж, а макърэ псалъэр физикэрэ мыхьэнэкӏэрэ лэжьэну зэпкъыроувэр. Ауэ а макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрылэжьэну щӏыкӏэу зэрыгъэпсращ бзэ лэжьэкӏэу глагол инфинитив жыхуэтӏэр нэхъыбэу зытеухуари, ″н″ыкӏэрэ мыгъэпс ипэкӏэ зы макъыр бзэм хэхьарэ бзэ мыхьэнэ зыгъуэтауэ макъ псалъэ хъуагъэххэрщ. Ар дэтхэнэ зы зэманыгъуэрэ лъэныкъуэкӏэ лэжьэну зэрыгъэпсырщ ″глагол инфинитив″у зэрыухуэри, ар къызтехъукӏа макъ псалъэри мы инфинитиу зэрыухуа щӏыкӏэм и зы лэжьэкӏэ модэрщ.

Мы къэтӏуэтахэми гурыӏуэгъуэ зэращӏщи, ″макъ глагол инфинитив″у тлъытэм езыр щхьэж ″макъ глагол″уи лъытапхъэщ. Ауэ икӏи, зы макъ псалъэм ″н″ къыпыхьэныгъэр ″р, м″ кӏэухым ягъэзащӏэ къалэнхэм зэрыхуэдэри гулъытапхъэщ. Ар щхьэ, ″р, м″ макъхэм теухуауэ ипэкӏэ къэта лэжьэкӏэм елъытауэ мыбдежым зи гугъу тщӏы глагол лэжьэкӏэу гъэпсыкӏэр (глагол инфинитив) иужькӏэ зэрылъытар жыӏэпхъэми, мы лъытэныгъэри къызтехъукӏар ″н″ кӏэухым апхуэдэ къалэн хигъэзэщӏыхьу бзэм зэрыхэту зэрыщытаращ.

*

Псэлъэбзэм и къежьапӏэрэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, макъыбзэм къигъэщӏ псалъэхэри ″макъ псалъэ″м къызэрыщӏидзэр гурыӏуэгъуэщ. Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэу макъ мыхьэнэ зиӏэхэм я нэхъыбэм оригинал къэӏукӏэкӏэ (ы) е ″э″кӏэрэ къызэрыӏукӏэрэ ″макъ псалъэ″ къытехъукӏауэ бзэм зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. Ауэ, макъ мыхьэнэ зиӏэ дэтхэнэ зы макъым ″макъ псалъэ″ къытехъукӏауэ зэрыщымытри гулъытапхъэщи, нобэ мыпхуэдэ ″макъ псалъэ″ зимыӏэ е зимыӏэж макъхэр адыгэбзэм зэрыхэтри гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, ″макъ псалъэ″хэр макъыр къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэ бзэм зэрыхэхьэм

ипкъ иткӀэ зэрыухуэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ макъыбзэм япэу къигъэщӀ псалъэхэр ″макъ псалъэ″у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэ щхьэ, нобэ бзэм хэт дэтхэнэ зы макъым къытехъукӀа ″макъ псалъэ″ри а макъыр утыку къызэрихьа щӀыкӀэу занщӀэу къэхъуауэ зэрымылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Зы макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ бзэм зэрыхэхьэу ухуа ″макъ псалъэ″ гуэрхэр бзэм къигъуэгурыкӀуа гъуэгуанэ кӀыхьым зэрыхэкӀуэдыкӀынури гурыӀуэгъуэнщ, икӀи зы макъым къытехъукӀуауэ бзэм щызекӀуэ ″макъ псалъэ″ гуэрхэри иужькӀэ къэхъужауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Иужьрей лэжьыгъэхэу дэтхэнэ зы макъым къытехъукӀ ″макъ псалъэ″хэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, мыпхуэдэхэми гульытэ хуэтщӀынщ.

Бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъукӀэм и япэрей лъэбакъуэу тлъыта ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ мы жытӀахэм нэмыщӀ, ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэ лъэбакъуэм къыщӀидзэу псалъэ къэхъуныгъэр къыкӀэлъыкӀуэ лъэбакъуэм (макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ къэхъыныгъэ) зэрыхуэкӀуэм теухуауэ ипэкӀэ къэтӀуэтахэм къыхэщ гуэрхэми мыбдежым аргуэру я гугъу щытщӀынщи, абы къыкӀэлъыкӀуэу илъабжьэкӀэ ″макъ псалъэ″ нэужь бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъукӀэ лъэбакъуэхэми я гугъу тщӀынщ.

Адыгэбзэу макъыбзэр зэрыухуэрэ и псалъэхэр къызэрыхъу пэщӀэдзэу ″макъ псалъэ″хэр утыку къызэрихьэращ мыбы нэгъунэ зи гугъу тщӀари, макъыр къызэрыхъуам теухуауэ бзэм зэрыхэхьэ щӀыкӀэрщ. Макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэу ″ы″кӀэрэ оригиналу къызэрыӀумрэ ″э″ макъкӀэрэ къызэрыӀур зыхиубыдэу утыку къихьэ псалъэхэр ″макъ псалъэ″у зэрылъытэм нэмыщӀ, макъым и мыхьэнэр зэзымыхъуэкӀыу къыпыхьэ макъ гуэрхэмкӀи (р, м, н) ухуэ псалъэхэри ″макъ псалъэ″у зэрылъытапхъэми я гугъу тщӀащ. Ауэ, мыхьэнэ зиӀэ макъым и мыхьэнэр зэзымыхъуэкӀыу къыкӀэлъыкӀуэ мы макъхэмкӀэрэ ухуэ псалъэхэр ″макъ псалъэ″ дыдэу зэрымылъытапхъэр, ауэ икӀи ″макъ псалъэ пэлъытэ″у зэрылъытапхъэр жытӀащи, мыри псалъэ къэхъуныгъэр къызэрыщӀидза ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэр псалъэ къэхъуныгъэу ″макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэм зэрыхуэкӀуэ щӀыкӀэу зэрылъытапхъэри жытӀащ. ″Макъ псалъэ″ дыдэу мылъытапхъэрэ ″макъ псалъэ пэлъытэ″у мы лъытапхъэ псалъэ къэхъуныгъэр ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэмрэ ″макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэ зэхуакуу лъытапхъэщи, мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр икӀи псэлъэбзэ пэщӀэдзэу щыт ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм къыщӀидзэу ″макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэм зэрыхуэкӀуэ щӀыкӀэу бзэ ухуэкӀэм зэпыудыгъуэ зэримыӀэм и зы щапхъэщ. Аращ икӀии, зэпычыгъуэ зимыӀэ зы ухуэкӀэу къекӀуэкӀ псэлъэбзэр зэрыухуэрэ и псалъэхэри я къэхъукӀэкӀэ лъэбакъуэ лъэбакъуэу щылъытэм деж, зыр зым щызэщхьэщыкӀ щӀыпӀэрэ щӀыкӀэр сытым дежи ӀупщӀыу лъытапхъэкъым. Псэлъэбзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу щыт ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэмрэ ″макъ гупкӀэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэу бзэ лэжьэкӀэрэ псалъэ къэхъуныгъэм и етӀуанэ лъэбакъуэм я зэхуакум

мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэ зэрыдэлъым хуэдэжу лъытапхъэщ бзэм дэтхэнэ и зы лэжьэкIэри, псалъэ къэхъуныгъэу зи гугъу тщIыну иужьрей лъэбакъуэхэм я зэхуакуми мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэ зэрыдэлъынури жыIэпхъэщ. Псалъэ къэхъуныгъэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу лъытапхъэми, лъэбакъуэхэм я зэхуакум мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэу лъэбакъуэ зэхуакуу лъытапхъэхэр зэрыдэлъынур гурыIуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщIар мыпхуэдэ лэжьэкIэхэм теухуа зы щапхъэщ.

Бзэ лэжьэкIэрэ псалъэ къэхъуныгъэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу щытлъытэм деж, лъэбакъуэу тлъытэ псалъэ ухуэкIэхэм зыр зым къызэрытехъукIрэ щызэхэхьауэ лъытапхъэ лэжьэкIэхэри зэрыщыIэр мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ ящIыр. Аращи, лъэбакъуэхэр зыр зым пыщIарэ я зэхуакуми зэпычыгъуэ зэрыдэмылъыр гурыIуэгъуэщи, мы зэкIэлъхьэужьыкIэр псалъэ къэхъуныгъэм теухуа зы лъагъуэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Зэпычыгъуэ зэримыIэкIэрэ мыпхуэдэу ухуэ псэлъэбзэмрэ и лэжьэкIэхэри зы макъыбзэм и щIыкIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэр ар макъыбзэу щыIэхункIэ и лэжьэкIэу зэрызекIуэфынури гурыIуэгъуэнщ.

## МЫХЬЭНЭ ЗИIЭ МАКЪХЭР БЗЭМ ЗАНЩIЭУ ЗЭРЫХЭХЬЭКIЭРЭ УХУЭ АДЫГЭБЗЭ "МАКЪ ПСАЛЪЭ"ХЭР

"Макъ мыхьэнэ" зиIэ макъхэр бзэм щыхэхьэм деж, "бзэ мыхьэнэ"уэ щызокIуэри, ахэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьращ "макъ псалъэ" жыхуэтIэхэр утыку къызэрихьэр. Аращи, мыхьэнэ зиIэ макъхэм я нэхъыбэм оригиналу "ы"кIэрэ къызэрыIу щIыкIэкIэ бзэм занщIэу "макъ псалъэ" къатохъукIыр. Оригиналу "ы"кIэ къызэрыIу щIыкIэкIэ "макъ псалъэ" къызтехъукI макъ нэхъыбэми "э" къэIукIэкIи аргуэру псалъэ къатохъукIыфри, мыхэри "макъ псалъэ"у лъытапхъэщ. Мыхьэнэ зиIэ макъхэу оригиналу "ы"кIэрэ къэIукIэкIэ "макъ псалъэ" къызтемыхъукIхэми "э" къэIукIэкIэ "макъ псалъэ" къатохъукIыфыр.

Ауэ икIи, ипэкIэ я гугъу зэрытщIауэщи, "ы"рэ "э"кIэрэ къэIуу "макъ псалъэ" къызтехъукIыу зи гугъу тщIы макъхэм я мыхьэнэр зэзымыхъуэкI макъ къыпыхьэу "макъ псалъэ пэлъытэ"хэри зэрыухуэфыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, зы макъыбзэм и псалъэ къэхъуныгъэр макъхэм дежщ къыздыщIидзэри, "макъ псалъэ пэлъытэ"хэр макъыбзэ псалъэ къэхъуныгъэ пэщIэдзэ "макъ псалъэ"м къыкIэлъыкIуэ псалъэ къэхъуныгъэ лъэбакъуэхэм зэрыхуэкIуэр зэпычыгъуэ зэримыIэкIэрэ зэрызекIуэ щIыкIэу лъытапхъэщ.

Макъыбзэр зэрыухуэрэ зэрылажьэр "макъ псалъэ" къэхъуныгъэм дежщ къыздыщIидзэри, зэпычыгъуэ зимыIэ лэжьэкIэу къекIуэкI макъыбзэм и дэтхэнэ зы лэжьэкIэр къыкIэлъыкIуэ лэжьэкIэм зэрыхущIэкъукIэрэ мэлажьэр. Аращи, ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, "ы"кIэрэ е "э"кIэрэ къэIуу "макъ псалъэ" къытемыхъукIми, е зи гугъу тщIа щIыкIэкIэ "макъ псалъэ

пэлъытэ" къытемыхъукӀми, мыхьэнэ зиӀэ дэтхэнэ зы макъыр сытым дежи бзэм бзэ мыхьэнэуэ зэрыхэхьэкӀэрэ "макъ псалъэ" къытехъукӀыну зэрыхущӀэкъум ипкъ иткӀэ, дэтхэнэ зы макъыр сытым дежи а нэхъ мащӀэу бзэм потанциалу зы "макъ псалъэ"щ. Сытым дежи "макъ псалъэ потанциал"у щыт мы макъхэм икӀи дэтхэнэ зы макъ къызэрыпыхьэкӀэрэи бзэм зы "бзэ мыхьэнэ" зэрыухуэр гурыӀуэгъуэщи, ари сытым дежи псалъэ хъуну хущӀэкъуу зы "псалъэ потанциал"щ. Мы псалъэм гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, мыхьэнэ зиӀэ макъхэм хуэдэжу, мыпхуэдэ макъыр къыпыхьэ макъкӀэрэ утыку къихьэ макъ гуприи зы "бзэ мыхьэнэ"уэ зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ари псалъэ хъуну хущӀэкъу "псалъэ потанциал"ырщ. Мыпхуэдэу дэтхэнэ зы макърэ макъ гупыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрылъытэкӀэрэ и бзэ мыхьэнэм псалъэ къытехъукӀыфыну щытщи, макъыбзэр "макъ псалъэ"м деж къыщӀидзэу псалъэ къэхъуныгъэкӀэ зэпычыгъуэ зимыӀэ щӀыкӀэкӀэрэщ зэрызекӀуэр. Аращи, мыхьэнэ зиӀэ дэтхэнэ зы макъымрэ зы макъ гупыр бзм зэрыхэхьэкӀэрэ иджыри зы "псалъэ"у мыухуами, а нэхъ мащӀэу зы "псалъэ потанциал"рэ "псэлъапхъэ"у зэрыщытым ипкъ иткӀэ, ар сытым дежи "псалъэ" хъуну хущӀэкъурэ хъуфынурщ; ауэ икӀи мы зэрыухуарэ зэрызэпкъырыува щӀыкӀэкӀэ зы "псэлъапхъэ"у щытрэ иджыри зы псалъэ къытемыхъукӀами, къыпыхьэ нэгъуэщӀ макъхэмкӀэрэ а макърэ макъ гупыр зы псалъэу зэрыухуэри бзэ лэжьэкӀэм хыболъагъуэр.

НытӀэ, мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зиӀэрщ макъыбзэри, абы и псалъэ къэхъуныгъэр къыздыщӀидзэу, мыхьэнэ зиӀэ дэтхэнэ зы макъым "макъ псалъэ"хэр къазэрытехъукӀым щыгъуазэ дыхуэхъуу, мыхэри икӀи псэлъапхъэу зэрылъытапхъэкӀэрэ къыпыхьэ макъхэмкӀэ псалъэ къызэрытехъукӀ щӀыкӀэу къыкӀэлъыкӀуэну лэжьэкӀэхэри зыгурыдгъэӀуэнщ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀи, макъыбзэ лэжьэкӀэм "макъ псалъэ"м къыщӀидзэу зэпычыгъуэ зэримыӀэкӀэрэ зэрызекӀуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

## "Макъ Ӏуэр"хэм къатехъукӀ "макъ псалъэ"хэр.

Япэрауэ макъ Ӏуэрхэр зэрылъытапхъэхэр дигу къэдгъэкӀыжынщ.

Макъ Ӏуэрхэр макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэрэ (ы, э, и, у, эй→е, эу→о) зымыгъэзащӀэу (Ӏы, Ӏэ, Ӏи, Ӏу, й, иэ→е, "иа, еа"→я) зэрызэщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуэщ. Я къэхъукӀэрэ къэӀукӀэм елъытащ макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэрэ зымыгъэзащӀэ макъ Ӏуэрхэри, макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэхэр жьыр тхьэмбылым хуиту къызэрикӀкӀэрэ къэӀуыкӀэ зиӀэхэращ; мыпхуэдэу хуиту къэӀукӀэ зимыӀэхэри макъзешэ къалэн зымыгъэзащӀэ макъ Ӏуэрхэращ. Ауэ макъзешэ къалэн зымыгъэзащӀэу къэтахэм хэт "е (иэ)"мрэ "я (иа, еа)"м хуиту къэӀуыкӀэ зэраӀэр гулъытапхъэщи, макъ Ӏуэр зэхэжыхьауэ щыт "е (иэ)"мрэ абы къытехъукӀ "я (иа, еа)"м я мыхьэнэр мы къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ зэрыщыту зэрыгъэзащӀэм папщӀэ, абыхэми макъзешэ къалэн ягъэзащӀэкъым.

Макъ Іуэр къэхъукІэм елъытауэ макъ Іуэр гуэрхэр макъ Іуэр лъабжьэу лъытапхъэщи (ы, э, и, у), мыхэр адрей макъ Іуэрхэри къызтехъукІырщ. Мыбыхэм щыщу япэ къэхъуарэ мы къызэрыхъуа щІыкІэми зэрезэгъкІэрэ макъ мыхьэнэ зимыІэ макъхэр (ы, э) хэтщи, абыхэм къакІэлъыкІуэу утыку къихьахэращ зэрыигъуэкІэрэ макъ мыхьэнэ зыгъуэта макъ Іуэр лъабжьэхэр (и, у). Макъ мыхьэнэ зиІэрэ зимыІэу зэщхьэщыкІми, макъ Іуэр лъабжьэхэр утыку къызэрихьарэ я къэІукІэм елъытащи, икІи макъзешэ къалэн зыгъэзащІэхэрщ.

Макъ Іуэр лъабжьэу адрей макъ Іуэрхэр къызтехъукІырщ мыхэри, ахэр лъабжьэ зыхуэхъуу абыхэм къатехъукІ макъ Іуэрхэри дигу къэдгъэкІыжынщ: «ы → Іы»; «э → ″Іэ, а, эй (е)″»; «и → ″Іи, й, иэ (е), иа/еа (я), Іиэ/Іе (Іе)″»; «у → ″Іу, эу (о)″».

Макъ Іуэр лъабжьэхэм къатехъукІа мы макъ Іуэрхэм щыщ гуэрхэр щхьэж макъыу (Іы, Іэ, а, Іи, Іу) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ, макъ Іуэр лъабжьэхэм къытехъукІауэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр макъ Іуэр лъабжьэ гуэрхэр зэкІэлъыкІуэу къызэрыІукІэрэ зэхэжыхьыу (иэ → е) зэрыухуэр гулъытапхъэщ; мыбы нэмыщІ, ипэкІэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр макъ Іуэр лъабжьэ гуэрхэмрэ (э, и, у) абыхэм къатехъукІыжа (а, е, й, Іи) макъ Іуэр гуэрхэр зэрызэхэжыхькІэрэ утыку къихьа макъ Іуэр зэхэжыхьахэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «″эй, иэ″ → е; ″иа/еа″ → я; ″Іиэ/Іе → Іе″; ″эу → о″».

Макъ Іуэр лъабжьэрэ абыхэм къатехъукІыж макъ Іуэр гуэрхэр зэрызэхэжыхьакІэрэ къэІуу ухуэж мы макъ Іуэр зэхэжыхьахэм нэмыщІ, макъ Іуэр лъабжьэхэм къатехъукІыу ипэкІэ къэта щапхъэхэм икІи макъ Іуэр лъабжьэ ″и″м и къэІукІэ ныкъуэрэ и эффекту лъытапхъэ ″й″ри язэрыхэтыр гулъытапхъэщи, мыри макъ Іуэр лъабжьэхэм я къэІуыкІэ зэхъуэкІыныгъэкІэрэ къатехъукІыфхэм теухуа зы щапхъэрщ. Ауэ икІи, ″и″м къытехъукІ ″й″м нэмыщІ, мытхауэ щытми, ″у″ ныкъуэрэ эффекту лъытапхъэрэ ″ў″уэ тхыпхъэри бзэ лэжьэкІэм къыхэІукІыу зэрызэхэпхри гулъытапхъэщ. Алфавитым зэрыхэмытхам папщІэ ″ў″м мыбдежым и гугъу щытщІынкъым, ауэ иужьрей лэжьыгъэхэм къызэрытпыщІэхуэнури гурыІуэгъуэнщ.

Макъ Іуэр лъабжьэхэм къатехъукІыу утыку къихьа мы макъ Іуэрхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм икІи макъзешэ къалэн зэрагъэзащІэрэ зэрамыгъэзащІэми илъабжьэкІэ щыгъуазэ дыхуэхъужынщ.

Макъ Іуэр лъабжьэхэм я къэІукІэр тэмакъым зэрыдэкъузэкІэрэ къызэрыІу щІыкІэу къатехъукІхэм (Іы, Іэ, Іи, Іу) хуиту къэІукІэ зэрамыІэжым папщІэщи, абыхэм макъзешэ къалэн ягъэзэщІэфкъым. ИкІи зэрыгурыІуэгъуэу, мыбыхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр къызтехъукІа макъ Іуэр лъабжьэхэм елъытащ. Мыбыхэм щыщу мыхьэнэ ІупщІ зиІэхэр ″Іэ, Іу″ макъхэрщ.

Щхьэж къэІукІэ зиІэрэ и къэІукІэкІи макъзешэ къалэни зыгъэзащІэ ″а″ макъыр ″э″ макъым къытехъукІарэ ″э″ макъ куэдагърэ Іувыгъэу

лъытапхъэрщи, мыхьэнэ зимыIэ ″э″м мыпхуэдэ щIыкIэкIэ къытехъукIа ″а″м макъ мыхьэнэи иIэщ.

Хуиту къэIуыкIэ зиIэрэ макъ Iуэр лъабжьэу щыт ″и″м и эффекту лъытапхъэрэ ар къызэрыIу ″ы″р къызэрыхэмыIукIыр зэрытха ″й″ми макъзешэ къалэн игъэзащIэкъым. ″Й″р икIи къэIун папщIэ зы макъзешэ къэIукIэм зэрыхуэныкъуэр гурыIуэгъуэщи, ″и″м и эффектkIэрэ и къалэн зыгъэзащIэ ″й″р псалъэхэм зэрыхэплъагъуэр мыпхуэдэущ. ИкIи, ″и″ эффект къалэнщ игъэзащIэри, щхьэж мыхьэнэи зимыIэрщ.

″Е″ тхыпкъэ тхауэ макъ зэхэжыхьаитI хэтщ адыгэбзэми, зыр (иэ) макъзешэ къалэн зымыгъэзащIэрщ, икIи ″и″ кIуэтэгъуэу мыхьэнэи зиIэрщ; адрейр (эй) макъзешэ къалэн зыгъэзащIэрщ, икIи ″э″кIэ къызэрежьэм зэрезэгъкIэрэ мыхьэнэи зимыIэрщ. ″И″мрэ ″е″м и куэдагъэрэ жыжьагъэри (а) зэрытха щIыкIэр ″я″уэщи, хуиту къэIукIэ иIэ щхьэ, ″е (иэ)″м хуэдэу абыи макъзешэ къалэн игъэзащIэкъым, ауэ зэрыухуа щIыкIэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ари мыхьэнэ зиIэ макъ Iуэр зэхэжыхьащ.

″И″ макъыр зи лъабжьэу утыку къихьа зы макъ зэхэжыхьари ″Iе″ращи, ари ″Iи″м и кIуэтэгъуэкIэрэ (Iиэ), е ″е (иэ)″м и къэIукIэр зэрыдэкъузэу (Iе) къэхъуауэ лъытапхъэщ. Мы къызэрыхъуа щIыкIитIрэ щхьэж къызэрыIу щIыкIэкIи ″Iе″м макъзешэ къалэн зэримыгъэзэщIэнур гурыIуэгъуэщ. Мы къызтехъукIа макъхэми зэрелъытакIэрэ ″Iе″м и мыхьэнэр мыхъуныгъэу зэрыщытыри гурыIуэгъуэщ; - ар мыхьэнэуэ лъытапхъэмэ-.

Мыбыхэм нэмыщI, зэманыгъуэ итыгъуэр зэрылъытэу ″э″ ужьыгъуэу (у) лъытапхъэ ″о″р ″э″рэ ″у″р зэкIэлъыкIуэу псынщIэрыIукIэрэ къызэрыIуу утыку къихьа зы макъ зэхэжыхьарщ. Мыпхуэдэу утыку къихьами, иужькIэ бзэ лэжьэкIэхэм ужьыгъуэ (у) зэманыгъуэу (э) зэрылъытапхъэкIэрэ ″у, э″ макъ зэкIэлъыкIуэ псынщIэрыIуми ″о″р къызэригъэхъур гулъытапхъэщ. Ауэ ар ″э″мрэ къыкIэлъыкIуэ ″у″р зэрызэхэжыхь къэIукIэкIэр япэу утыку къызэрихьари, мы и къэхъукIэми нэхъ зэрезэгъыр гурыIуэгъуэщ абы мыхьэнэ зэримыIэри. КъызтехъукIарэ мы къызэрыхъуа щIыкIитIкIи абы макъзешэ къалэн зэригъэзэщIэфынури гурыIуэгъуэщ.

Макъхэм мыхьэнэ зэрагъуэтыр я къэхъукIэращ зэлъытари, мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщыу, макъ Iуэрхэм я мыхьэнэр абыхэм макъзешэ къалэн зэрагъэзащIэмрэ зэрамыгъэзащIэм елъытакъым. И къэхъукIэмрэ къызтехъукIа макъ Iуэр лъабжьэм елъытащи, макъзешэ къалэн игъэзащIэ имыгъэзащIэми, щхьэж макъ Iуэрхэмрэ макъ Iуэр зэхэжыхьахэм мыхьэнэ зиIэрэ зимыIэ яхэтщ. Ауэ, макъ мыхьэнэ зиIэу макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ Iуэрхэр я макъ мыхьэнэкIэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэхэр бзэм ″макъ псалъэ″ щыхэхъухьым деж, псалъэ зэрыхэхьухьа щIыкIэкIэ къэIуущ бзэм щызэрызекIуэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, макъзешэ къалэныр макъращ зытеухуарэ зыхуэIуари, апхуэдэ къалэн зыгъэзэщIэф зы макъыр бзэм ″макъ псалъэ″у щыхэлэжьыхьым деж, абы икIи макъзешэ къалэн зэригъэмызэщIэнур гурыIуэгъуэнщ.

Макъзешэ къалэныр зыхуэӀуар макъраци, макъзешэ къалэн зыгъэзэщӀэф макъыр бзэм зы ″макъ псалъэ″у зэрызекӀуэ щӀыкӀэм макъзешэ къалэн зэримыгъэзэщӀэнур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэ макъ Ӏуэрым къытехъукӀа ″макъ псалъэ″р бзэм щызэрызекӀуэну щӀыкӀэр зы псалъэущи, зы макъ псалъэм ищхьэм къыпыхьэ макъхэм макъзешэ къалэн зэрыхуимыгъэзэщӀэжынур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, макъыбзэу зэрымылъытэм къызэрыгуэкӀщи, нобэ мыпхуэдэу ухуа макъ псалъэхэри, псалъэхэм къежьапӀэ хуэхъуарэ псалъэр зэрыухуа макъыу щыт мыпхуэдэ макъхэри нобэ щыуагъэу макъзешэ къалэн ягъэзащӀэ хуэдэщ зэратхрэ къызэрыраӀуэр. НытӀэ, макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэ макъ Ӏуэру щытми, абы къытехъукӀа ″макъ псалъэ″ къэӀуыкӀэр хэгъэщӀын хуейкъым (пп: уэн → ″сыуащ″ тхэкӀэр захуэщ, ауэ ″суащ″ тхэкӀэр захуэкъым); икӀи мыпхуэдэу макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэ макъхэмкӀэрэ къежьэу ухуэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэж макъми мы псалъэ пэщӀэдзэу щыт макъ Ӏуэрым макъзешэ къалэн зэрыхуимыгъэзэщӀэнури гурыӀуэгъуэнщ (пп: укӀын → ″сыукӀащ″ тхэкӀэр захуэщ, ауэ ″сукӀащ″ тхэкӀэр захуэкъым).

*

Макъ Ӏуэр къэхъуныгъэ пэщӀэдзэрэ лъабжьэращ ″ы″ макъри, ар икӀи япэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″м″ макъым дэщӀыгъуу утыку къихьарэ ар къызэрыӀу щӀыкӀэу къэхъуа макъ Ӏуэрырщ. Япэрей макъыу къызхэзыгъэӀукӀ псэущхьэм сытри зэрилъытэ ″м″ыр къэӀун папщӀэ абы дэщӀыгъуу утыку къихьа ″ы″ макъыр мы къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ макъзешэ къалэн зыгъэзащӀэу, икӀи дэтхэнэ зы макъыр оригиналу утыку къызэрихьэр зыгъэзащӀрщи, мы игъэзащӀэ къалэнкӀэрэщ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр. Мы къызэрыхъуа щӀыкӀэрэ япэу къэхъуа макъ Ӏуэру, макъ Ӏуэр лъабжьэу щытщ ″ы″ри, абы мы игъэзащӀэу зи гугъу тщӀа къалэнхэм нэмыщӀ, мыхьэнэ иӀэкъым, икӀи щхьэж къэӀуу бзэм хэлэжьыхькъым. Мыхьэнэ щимыӀэрэ щхьэж къэӀукӀэ зэримыӀэм зэрезэгъкӀэрэи абы ″макъ псалъэ″и къытехъукӀкъым.

Макъ Ӏуэр лъабжьэрэ макъхэр я оригиналыгъэкӀэрэ утыку къигъэхьэн къалэн зыгъэзащӀэ ″ы″м и лимитацэу утыку къихьэ ″Ӏы″ макъым игъэзэщӀэнур ар къызтехъукӀа ″ы″м игъэзащӀ а нэхъ лъабжьэ къалэнри зэрыкӀуэдынураци, абыи мыхьэнэ зэримыӀэнур гурыӀуэгъуэнщ.

″ЫӀ″ макъым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьэ ″э″ макъми мыхьэнэ зэримыгъуэтыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ ″э″м къытехъукӀыж макъ гуэрхэм макъ мыхьэнэ зэрагъуэтынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″э″м къытехъукӀ щхьэж макъхэу ″Ӏэ, а″ макъхэр мыпхуэдэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, ″э″ куэдагъэрэ Ӏувагъэу лъытапхъэу къэхъуа ″а″ макъыр кӀуэтэгъуэу къэхъуарэ утыку къихьау щытым теухуа макъ мыхьэнэ зиӀэрщ. Мы и мыхьэнэкӀэрэщ ″а″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр, икӀи мы и мыхьэнэкӀэрэ ″а″р занщӀэу бзэм ″макъ псалъэ″и хохъухьыр. ″А″ макъыр бзэм занщӀэу зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьар жыжьагъэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэущ. Зы

″макъ псалъэ″у щыт ″**а**″р зы жыжьагъэ зиӏэ дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыткӏэрэ зэрыылъытэу зэрыгъэлъагъуэрщ. Бзэм занщӏэу ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьым нэмыщӏ, ″а″м мы игъэлъагъуэр зэрытегъэчыныхьауэ гъэлъэгъуэн къалэнкӏэрэ ″а″м ″р″ къыпыхьэжу аргуэру зы ″макъ псалъэ пэлъытэ″ къытохъукӏыжыр: ″**ар**″. ″А″кӏэ къэгъэлъэгъуар а зэрыщыту нэхъри наӏуэ зэрыхъукӏэрэ утыку къизылъхьэжу ухуэ ″ар″ псалъэр жыжьагъэ зиӏэ дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыткӏэрэ зэрылъытэрщ. Аращи, грамматикэу ″ар″ ещанэ нэрыбгэр щхьэж а зэрыщыткӏэрэ зэрылъытэ цӏэпапщӏэу бзэм холэжьыхьыр.

″Э″м къытехъукӏыу мыхьэнэ зыгъуэт зы макъри ″ӏэ″ращи, ар функциал кӏуэтэгъуэу щыт зы ″э″ ӏыхьэрэ ӏэнатӏэр зи мыхьэнэрщ. ″ӏэ″ макъыр кӏуэтэгъуэрэ функциал зэманыгъуэ ӏэнатӏэрэ ӏыхьэр зи макъ мыхьэнэрщи, бзэм макъ мыхьэнэкӏэрэ зэрыхэлэжьыхьу зэрыщӏидзари мыпхуэдэщ. Ауэ бзэм мы зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэм елъытарэ пыщӏауэ иужькӏэ ″**ӏэ**″р щхьэжу зы ″макъ псалъэ″ хэхъухьащ бзэми, ар зы ӏэпкълъэпкъыр зэрылъытауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ.

Зы ӏэпкълъэпкъыр зэрылъытэ ″макъ псалъэ″у щыт ″ӏэ″р икӏи мы ӏэпкълъэпкъкӏэрэ гъэзащӏэ ӏуэхугъуэми понатциалу глаголи хухъуфри, къыпыхьэ макъкӏэрэ глаголхэри къытохъукӏыр (еӏэн). Мыбы ипэ къихуэу лъытапхъэрэ и макъ мыхьэнэм ипкъ зэриткӏэрэщи, ″ӏэ″р икӏи ″потанциал макъ псалъэ″у зы ″глагол понатциал″щ; къыпыхьэ макъкӏэрэ ар глаголхэри къызтехъукӏырщ (щыӏэн, иӏэн).

Макъ ӏуэр къэхъуныгъэм и ещанэ лъэбакъуэрщ ″и″ макъыр утыку къызэрихьари, ″ы, э″ нэужьу мыхьэнэ зыгъуэт макъ ӏуэрырщ. Дэтхэнэ зы джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ ″и″ макъыр сытри зы джыгъуэрэ утыку къигъэгъуэу зэрылъытэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, щхьэжу ″и″ макъым объективу утыку къихьэр зэрылъытэу, ещанэ нэрыбгэм теухуауэ утыку къихьэр зэрылъытэу бзэм холэжьыхьри, ещанэ нэрыбгэм теухуар зэрылъытэрэ абы теухуа еирыныгъэ гъэлъагъуэ цӏэпапщӏэу бзэм холэжьыхьыр. Мыбырэ мыпхуэдэ щӏыкӏэкӏэ ″и″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр и макъ мыхьэнэкӏэрэщ, ауэ абы къытехъукӏ ″макъ псалъэ″хэми илъабжьэкӏэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Джыгъуэ зэрылъытэ и мыхьэнэм ипкъ иткӏэ, бжыгъэцӏэхэр къызтехъукӏарэ щыӏэгъуэр зэрызекӏуэр зэрылъытэ псалъэхэм щыщу зы ″макъ псалъэ″у ухуащ ″**и**″ри, щыӏэгъуэ къекӏуэкӏыкӏэр зэрыджыр зэрылъытэ мы псалъэр иужькӏэ игъуэ зы бжыгъэр зэрылъыта бжыгъэцӏэ зэрыхэхъухьар гурыӏуэгъуэщ. Нобэ ″8″ бжыгъэр зэрылъытарэ абы лъабжьэ хуэхъуауэ зи гугъу тщӏа ″и″р зы псалъэу хэтыжкъым адыгэбзэми, ″8″ым бжыгъэцӏэ зэрыхуэхъуакӏэрэщ ″**и**″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэтыр.

Джыгъуэрэ абзсисыгъэр зи мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткӏэ, ″и″ макъыр джыгъуэрэ абзсисыгъэ лъэныкъуэкӏэ лэжьэкӏэ зиӏэу зэрыхущӏэкъур гурыӏуэгъуэщ. Аращи, мыпхуэдэу зэрыгъэпсыну щӏыкӏэр

къыпыхьэ ″н″ыкӀэрэщи, зы ″макъ псалъэ пэлъытэ″у щыт ″**ин**″ыр утыку къхьащ. ″Ин″ псалъэр мы зэрызэпкъырыува щӀыкӀэми гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, ар геометрие системэм и абзсис лъэныкъуэкӀэ багъуэр зэрылъытэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

АбзсисыгъэкӀэрэ утыку къихьэр зэрылъытэу ухуа ″ин″ псалъэм нэмыщӀ, ″и″м джыгъуэ мыхьэнэ зэриӀэкӀэрэ хьэрычэтыгъэ зэрыхэлъыр гурыӀуэгъуэщи, ар икӀи зы глаголу зэрыухуэфынур гулъытапхъэщ. Аращи, ″и″р зы глагол лӀэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″рщи, ар зэрылэжьэну щӀыкӀэкӀэ зэрыгъэпскӀэрэ ухуэ ″**ин**″ псалъэр зы глагол инфинитиву зы ″макъ псалъэ пэлъытэ″рэ зы ″макъ глагол″ырщ.

Макъ мыхьэнэ зиӀэ ″и″ макъым и кӀуэтэгъуэми (э) мыхьэнэ зэриӀэнум зэрезэгъщи, ″и″м къытехъукӀа псалъэхэм (нэхъ игъуэуи глаголхэм) я мыхьэнэр зэмыхъуэкӀыу ″э″ къазэрыпыхьэкӀэрэ зэрылэжьэнури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, ипэкӀэ къэта ″ин″ глаголыр гъэзащӀэу зэрыщытыр е ″ин″ Ӏуэхугъуэр зытеухуам зэрыхуэкӀуэкӀэрэ зэрыгъэзащӀэр ″ин″ глаголыр ″э″кӀэрэ лажьэу зэрыухуэрщ: «ин → иэн → **ен**».

Мы къэта ″макъ глагол″ыр (ен) ″и″м къытехъукӀа ″ин″ глаголращ къызтехъукӀари, абы и зы лэжьэкӀэрщ. Ауэ, ″и″м къыпыхьэ макъ ӀуэрхэмкӀэрэ ″макъ Ӏуэр зэхэжыхьа″хэр утыку къохьэри, мыпхуэдэ зы макъри ″и″ кӀуэтэгъуэу ″е (иэ)″рщи, абырэ ″и″м и куэдагъэрэ жыжьагъэр зэрылъытэ (иа, еа) ″я″ри ″и″м къытехъукӀ зы макъ Ӏуэр зэхэжыхьауэ алфавитым хэтхащ. НытӀэ, мы ″е (иэ), я (иа/еа)″ макъ зэхэжыхьахэм къатехъукӀ ″макъ псалъэ″хэми мы илъабжьэкӀэ я гугъу щытщӀынщ.

″И″ макъым щхьэж мыхьэнэ зэриӀэрэ бзэми зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьым зэрезэгъщи, абы и кӀуэтэгъуэу (э) къэхъу ″иэ″ри (е) мыхьэнэ зиӀэу бзэми ″макъ псалъэ″ къызтехъукӀырщ. Аращи, ″и″м и кӀуэтэгъуэ ″е (иэ)″р псалъэхэм я зэхуакум къыщыдэхьэм деж, и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкӀэрэ зи зэхуаку дэт псалъэхэм щыщу дэтхэнэр джыпхъэрэ лъытапхъэу зэрыщытым ухигъадэу бзэм холэжьыхьри, мыри щхьэж зы ″макъ псалъэ″у зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ: «ар **е** мыр».

Мыпхуэдэу хэдэныгъэ зэригъэзащӀэм нэмыщӀ, ″и″ кӀуэтэгъуэу щыт ″е (иэ)″р щхьэжу къызэрыӀукӀэрэ зыми пымыщӀа Ӏуэхугъуэ зэрылъытэфынурщи, зыми пымыщӀарэ емылъытауэ джыгъуэр (и) зэрызырекӀуэу (э) ″е (иэ)″р щхьэж зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьэнур зэрымыфӀыр гурыӀуэгъуэнщ. Мы лэжьэкӀэр бзэм  и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкӀэрэ зыми пымыщӀауэ зекӀуэкӀэ зиӀэ джыгъуэ мыхьэнэ хэгъэщӀыхьыныгъэрщи, мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ ″**е**″р мыфӀ зэрылъытэр зы ″макъ псалъэ″рщ. Ауэ мы игъэзащӀэ мыхьэнэр зэрызэмыхъуэкӀкӀэрэ абы икӀи ″м, р″ макъхэр къыпыхьэуи псалъэ мэухуэри, мыри зи гугъу тщӀа ″е″ макъ псалъэм хуэдэжу мыфӀ зэрылъытэ ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэрщ: «**ем**, **ер**».

″И″мрэ ″е (иэ)″м и куэдагърэ жыжьагъэр (иа, еа) зэрытха тхыпкъщ ″я″ри, зи гугъу тщӀа ″и″мрэ ″е″р щхьэж къызэрыӀуну щӀыпӀэхэм, абыхэм я

куэдагърэ жыжьагъэр зэрылъытэу "а" макъ къащыпыхьэм деж, мы макъ Iуэритlыр зэрызэхэжыхьауэ къызэрыIу щIыкIэр зэрытхаращ "я"р. "И, е" макъхэм мыхьэнэ зэраIэрэ макъ псалъэхэри къазэрытехъукIым гурыIуэгъуэ зэрищIщи, "я"м и мыхьэнэри "и"мрэ "е"м елъытарэ теухуащ. Аращи, "и, е" макъхэм я куэдагърэ я жыжьагъ (иа, еа) зэрылъытэ мыхьэнэращ "я"ми игъуэт мыхьэнэри, "я "м щхьэжу езым хуэIуа мыхьэнэ иIэкъым.

Мы макъ Iуэр зэхэжыхьахэм нэмыщI, "и"м щхьэжу къэIуыкIэ зиIэ макъхэри къатохъукIри, мыбыхэми я гугъу тщIыуэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьхэми щыгъуазэ дахуэхъунщ.

"И"м къытехъукIа зы макъ Iуэрыр абы и текъузэ къэIуыкIэ зиIэрэ и лиминацэу лъытапхъэ "Iи"ращи, джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ "и"м и лиминацэм "и"м и мыхьэнэмрэ игъэзащIэ Iуэхугъуэр зэримыгъэзэщIэфынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ "и"кIэрэ утыку къихьэ сытри зылъытэрэ къэзгъэлъагъуэрщи, абы и лимитацэ "Iи"м мыпхуэдэ мыхьэнэрэ къалэн зэримыгъэзэщIэфынур гурыIуэгъуэнщ. Абы игъэзэщIэфынур зыри зэрымыджрэ утыку къызэримыхьэкIэрэ "и"м езыр зэхэувыIыхьауэ лъытэнрагъэнщ. "Iи"м игъэзащIэр зэхэувыIыхьа "и"м езыр къэгъэлъэгъуэн къалэну лъытапхъэщи, мыр зыри зымыгъэлъагъуэрэ сытри зыгъэлъагъуэм езыр къэгъэлъэгъуэн къалэну, утыку къихьэрэ ит сытри зы джыгъуэрэ абзсисыгъэу "и"м зэрехухьэлIарэ зэрехулIакIэрэ лъытэнырщ (Iис, зыIис). Мыпхуэдэр зы "макъ мыхьэнэ"уэ лъытэнри тыншкъым, ауэ мы и мыхьэнэкIэрэ абы зы "макъ псалъэ" къызэрытемыхъукIыфынур гурыIуэгъуэщ.

Ауэ "Iи"м и кIуэтэгъуэуи лъытапхъэрэ икIи "е"м и текъузэ къэIукIэ зиIэу щытрэ "Iе" тхыпкъкIэ тха зы макъи хэтщ адыгэбзэми, ар мы къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъщи, "и"м къытехъукIа макъхэм къытехъукIыж зы макъ зэхэжыхьауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу къэхъуауэ лъытапхъэ "Iе"м икIи мыхьэнэ иIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Абы и мыхьэнэр къызтехъукIа макъхэмрэ къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъынури гурыIуэгъуэнщи, зи гугъу тщIа "Iи"м и кIуэтэгъуэкIэ (Iи-э) фIы зэрымыгъэзэщIэнур, икIи мыфIыр зэрылъытэ макъ псалъэу щыт "е"м и лимитацэри (Iе) мыф IэнатIэрэ абсолуд зэрылъытапхъэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ: "Iе"м и мыхьэнэр мыфIырщ. Позитивыгъэ зиIэ адыгэбзэ макъыбзэм и макъхэм яIэ мыхьэнэр фIыуэ лъытапхъэмэ, къызэрыхъуа щIыкIэми зэрезэгъщи, "Iе"р мыхьэнэфIыу зэрымылъытапхъэр, икIи ар позитивыгъэкIэрэ бзэр зэрыхъун хъуа нэужь къэхъуа макъхэм язэрыщыщыр гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, мыпхуэдэ мыфIыр зи мыхьэнэ "Iе"р икIи щхьэжу бзэм зы "макъ псалъэ" хэхъухькъыми, ар аргуэру зэрыджкIэрэщ икIи абы и мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Аращи, "Iе"р щхьэж зы "макъ

псалъэ"у мылъытапхъэрщ, ауэ абы и джыгъуэр мыфIыр зэрылъытэ зы псалъэрщ: «**Iей**».

"И"м къытехъукIыу алфавитым хэт зы тхыпкъри "й"ращи, ар "и" ныкъуэ къэIуыкIэ зиIэрэ "и"м и еффекту лъытапхъэщ. Мы зэрылъытапхъэу "й"р икIи щхьэж зы макъкъым, икIи "и" эффекту игъуэ щыгъум деж, "и" и къалэн зыгъэзащIэрщ, ауэ "й"р щхьэжу мыхьэнэ зиIэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Зыужьыгъуэ зи макъ мыхьэнэ "у" макъымрэ абы къытехъукIарэ макъ мыхьэнэ зиIэ макъым бзэм къыщытехъукI "макъ псалъэ"хэм илъабжьэкIэ щыгъуазэ дахуэхъунщ.

"У" макъыр мы и мыхьэнэкIэрэ бзэм занщIэу зы глагол зэрыхэхъухьыфынур гурыIуэгъуэнщи, щхьэжу "у"р "**ун**" глаголым и зы лэжьэкIэу (унафэ/Iэмыр модэ) зы "макъ глагол"щ. Зыужьыгъуэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, сытри зыхуэхьэлIакIэрэ бзэ къэIуэтэныгъэ къалэни зиIэ "сэ" нэмыбгэм и ужьыгъуэу (у) къыпыщыт (э) нэрыбгэр зэрылъытэри "у"м къытехъукI зы "макъ псалъэ"у "**уэ**"уэщ. ЕтIуанэ нэрыбгэр зэрылъытэ цIэпапщIэрщ "уэ"ри, абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къызэрыIуатэу щхьэжрэ псалъэхэми "уэ"р "уэ-ы → у" зэхъуэкIыныгъэу зэрыхэплъагъуэри гурыIуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщI, "**уэ**"р икIи дунейм тетым и ужьыгъуэ нэхъыщхьэу лъытапхъэ "уафэ"рэ "уэгу"р (ахэри "уэ"м къытехъукIа псалъэхэрщ) щхьэжу зэрылъытэ зы "макъ псалъэ"рщ. ИкIи, дызэбауэу къатшэ жьымрэ жьы къепщэри зэрылъытэ зы "макъ псалъэ"рщ "**уэ**"р. Мыбыи къыщымынэу, уэрэ уафэм къехрэ къытхэуэ мыл лIэужьыгъуэри зы "макъ псалъэ"у "**уэ**"уэщ зэрылъытэр. "Уэ"р бзэм мыпхуэдэхэу макъ псалъэ зэрыхэхьухьам теухуауэ мы иужьрей псалъэми къызэрыхэщу, "уэ"р икIи зы глаголыпкъ псалъэу, "**уэн**" глаголым и зы лэжьэкIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, зы "макъ глагол"щ.

Зи макъ мыхьэнэмрэ бзэм къыщытехъукIа "макъ псалъэ"хэр гурыIуэгъуэщ "у"ми, абы и текъузэ къэIуыкIэ зиIэрэ и лимитацэу лъытапхъэ "Iу" макъри бзэм "у"м хуэдэу "макъ псалъэ"хэр къызэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщ. КъызтехъукIа "у" макъым и мыхьэнэм зэрелъытакIэрэ "Iу" макъыр зыужьыгъуэ IэнатIэ мыхьэнэ зиIэрщи, мы и макъ мыхьэнэм ипкъ иткIэ, бзэм дэтхэнэ гуэрым и зы Iыхьэу а гуэрым и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэ IэнатIэр зэрылъытэр зы "макъ псалъэ"у "**Iу**"кIэрэщ. Мыпхуэдэ сытри зэрылъытэ "Iу"м мы илъытапхъэхэм теухуа макъхэр къызэрыпыхьэкIэрэ зэщхьэщыкI Iуэхугъуэхэм хуэIуауэ бзэм щызэрызекIуэнури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мыпхуэдэхэм теухуауэ гъэзащIэ Iуэхугъуэхэри щхьэжу "**Iун**" глаголкIэрэ зэрылъытапхъэрэ къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщи, ар икIи зы "макъ глагол"щ. Ауэ мы макъ глаголыр зи гугъу тщIа Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуа Iуэхугъуэр зэхуэдэу къызэрыIуатэрщи, гъэзащIэ Iуэхугъуэр зэрызэщхьэщыкIыр "Iун" глаголым къыпыхьэ макърэ псалъэхэмкIэрэ

зэрылъытэу, ″Iу″рэ ″Iун″ым глаголыщIэхэри къызэрытехъукIыфынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы и гугъу зэрытщIарэ мыпхуэдэ сытри зэрылъытэ ″Iу″р мы илъытапхъэхэм щыщ гуэрхэм щхьэжу хуэIуауэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьыфынури гурыIуэгъуэнщи, мыпхэдэщ псэущхьэм и жьэIур зэрылъытэ зы ″макъ псалъэ″у ″**Iу**″р бзэм зэрыхэт щIыкIэр. ″Iу″кIэрэ лъытапхъэхэм теухуа Iуэхугъуэхэр ″Iун″ глаголкIэрэ къызэрыIуэтапхъэри жытIагъэххэщ ипэкIи, жьэIурэ жьэ Iупэр щхьэжу ″Iу″уэ зэрылъытами зэрезэгъкIэрэ жьэм къигъэщI макъыр утыку къызэрихьэри ″**Iун**″ глаголкIэ къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, псэущхьэIум къыхэIукI макъыр утыку къызэрихьэм хуэIуауэ хроникэ хэхъухьащ зы ″макъ глагол″у щыт ″Iун″ыр. Ауэ икIи псэущхьэIум макъ къыхэIукIыныгъэм имызакъуэу, дэтхэнэ гуэрым къыхэIукI макъри утыку къызэрихьэр зэрылъытэри мы ″Iун″ глаголкIэрэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

″Iу″ макъыр а зэрыщыту бзэм зэрыхэхьэкIэрэ ухуэу зи гугъу тщIа мы ″макъ псалъэ″хэм нэмыщI, ″Iу″м ″э″ къызэрыпыхьэкIэрэ утыку къихьэ ″Iуэ″ми ″макъ псалъэ″хэр къызэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, ″Iу″м къытехъукIа ″макъ псалъэ″хэми ″э″ къазэрыпыхьэкIэрэ лэжьэкIэ зэрагъуэтынури гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэр икIи глаголхэм я лэжьэкIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ: «Iун → Iуэн (Iууэ щытын)».

НытIэ, ипэкIэ ″Iу″м къытехъукIа ″макъ псалъэ″хэм икIи ″э″кIэрэ лэжьэкIэ зэрагъуэтыфыну мы къэта щапхъэми зэрезэгърэ абы нэмыщI псалъэхэу, щхьэжу ″Iуэ″м къытехъукIыу ухуэ ″макъ псалъэ″хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, ″Iу″ зиIэу щытрэ ″Iу″ защIэкIэрэ лъытапхъэр ″Iуэ″кIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу иIурэ и гъунапкъэкIэрэ зы IэнатIэрэ Iыхьэр зэрылъытапхъэр зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэтыр ″**Iуэ**″уэщ. Мыпхуэдэ дэтхэнэ зы Iыхьэрэ IэнатIэр ″Iуэ″кIэрэ лъытапхъэми, зы Iуэхугъуэ пыухытыкIам хуэIуауэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьыфынури гурыIуэгъуэнщи, зи гугъу тщIа щIыкIэкIэрэ лъыта зы IэнатIэрэ щIыпIэу, къэхухьарэ Iэщ зыраубыдэ зы щIыпIэр зэрылъытэм хуэIуауэ бзэм хроникэ хэхъухьа зы ″макъ псалъэ″рщ икIи ″**Iуэ**″р.

″Iун″ глагол лэжьэкIэу къэIуу щытыр зэрылъытэ ″Iуэн″ым нэмыщI, зы мэкъу мэш Iэтэрэ щэджым и Iурэ и гъунапкъэм къызэрекIуэкIкIэрэ ягъэзащIэ Iуэхугъуэри зы ″макъ глагол″у ухуэ ″**Iуэн**″кIэрэщ къызэрыIуатэр. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм егъэщхьыныгъэрэ щIагъыбзэ щIыкIэу мы ″Iуэн″ глаголыр нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм щызекIуэ зэрыхъуарэ зэрыхэтри гурыIуэгъуэщ.

Мыхьэнэ зиIэ зы макъыу щыт ″у″мрэ абы къытехъукIыу мыхьэнэ зиIэ ″Iу″ макъыр бзэм зэрыхэхьэкIэрэ къатехъукI ″макъ псалъэ″хэм я гугъу тщIащ. ″Iу″м нэмыщI ″у″м къытехъукI е ар зыхэту ухуэуэ макъ мыхьэнэи зимыIэ зы макъщ ″о (эу)″ри, ар щхьэжу бзэм зэрыхэмылэжьыхьынурэ макъ псалъи зэрымыухуэнур гурыIуэгъуэщ.

## ″Макъ щэху″хэм къатехъукӀ ″макъ псалъэ″хэр.

Макъ псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэр мыхьэнэ зиӀэ макъыр къызэрыхъуарэ оригиналу ″ы″кӀэрэ къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ занщӀэу бзэм зэрыхэхьэращи, мыбдежми мыхьэнэ зиӀэ макъ щэхухэм къатехъукӀ ″макъ псалъэ″хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″Макъ мыхьэнэ″ зиӀэрэ оригиналу къзэрыӀукӀэрэ бзэм занщӀэу ″макъ псалъэ″у хэхьэу къэбэрдеибзэм хэт ″макъ щэху″хэр мыхэращ: «**цы, зы, гу, жьы, тӀы, щы, щӀы, чы, ку, къу, хъы, хъу, хы, ху, лъы, лы, лӀы, фӀы**».

НытӀэ, мы ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ жыӀэпхъэхэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэм теухуахэми илъабжьэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы къэта ″макъ псалъэ″ щапхъэхэр макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ занщӀэу бзэм зэрыхэхьа щӀыкӀэрщи, абыхэм иужькӀэ ″э → ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ ″ы″ къэӀуыкӀэ зиӀэу (″шэ-ы → шы″; ″вэ-ы → вы″) ухуэж ″макъ псалъэ″ зэрыхэмытыр гулъытапхъэщ. МыпхуэдэхэрИ ″ы″кӀэ къэӀу ″макъ псалъэ″хэми, ипэкӀэ къэта щапхъэхэм хуэдэу макъыр утыку къызэрихьэкӀэрэ занщӀэу бзэм хэхьа псалъэу зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ. ЗэрыжытӀауэ ахэр ″э″кӀэрэ къэӀуу ухуа ″макъ псалъэ″м ″э → ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ къытехъукӀыжарэ ″ы″ къэӀуыкӀэ зыгъуэта ″макъ псалъэ″хэрщи, мыбыхэми иужькӀэ игъуэр къыщысым дахэплъэжынщ.

Къызэрыхъуа щӀыкӀэрэ оригиналу ″ы″кӀэ къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ бзэм ″макъ псалъэ″ хэхъухьауэ ипэкӀэ къэта мы щапхъэхэм икӀи ″э″ къэӀуыкӀэкӀэ ″макъ псалъэ″ зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэщи, мыбыхэми илъабжьэкӀэ игъуэр къыщысым деж щыгъуазэ дахуэхъунущ.

Ауэ, мы ипэкӀэ оригиналу къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ ухуа мы ″макъ псалъэ″хэу къэтахэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр щыӀэщи, мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ мы къэта ″макъ псалъэ″хэр къызэрыхъуа щӀыкӀэхэр зэрызэхуэмыгъэдапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, мы ″макъ псалъэ″хэм щыщ дэтхэнэ зыр къызтехъукӀа макъыр утыку къызэрихьа щӀыкӀэр занщӀэу бзэм зэрыхэхьэ щӀыкӀэкӀэ къызэрымыхъуари гулъытапхъэщ. ИкӀи, зэрыгурыӀуэгъуэу, мы ″макъ псалъэ″хэр къыщыхъуари зэманыгъуэу дэтхэнэ зыр къызтехъукӀа макъыр утыку къыщиихьаращ зэлъытар. Аращи, япэрауэ мы ″макъ псалъэ″хэм дэтхэнэ зыр къызтехъукӀа макъыр утыку къызэрихьам елъыта щхьэ, нобэ бзэм хэт мы ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукӀа макъыр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэкӀэрэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэ зиӀэу утыку къихьауи лъытапхъэкъым. НытӀэ, макъ гуэрхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ занщӀэу бзэм зэрыхэхьэкӀэрэ ухуа ″макъ псалъэ″хэр хэтми, мы къэта ″макъ псалъэ″хэм щыщ нэхъыбэр макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ бзэм занщӀэу зэрыхэхьакӀэрэ къэхъуа ″макъ псалъэ″хэр бзэм хэкӀуэдыкӀыжу, иужькӀэ а макъхэм къытехъукӀыжа ″макъ псалъэ″хэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщӀ, ″макъ псалъэ″хэм

мы я къэхъукӀэм зэрезэгъщи, абыхэм я мыхьэнэ кууагъэр къызтехъукӀа макъым елъытауи зэщхьэщокӀыр; икӀи, "макъ псалъэ"хэм я мыхьэнэр къызтехъукӀа макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытам ипкъ иткӀэ, мыхьэнэ кууагъэми зэрызэщхьэщыкӀынури гурыӀуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къащӀхэм теухуа щапхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ зыщапхъэщ къызтехъукӀа макъым и мыхьэнэм елъытауэ мыхьэнэ кууагъ зимыӀэу ухуа "чы" макъ псалъэри, ар бзэм мы хроникэ зэрыхэхъухьа щӀыкӀэр къызтехъукӀа макъым (ч) елъытауэ мыхьэнэ кууагъ зимыӀэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ ипэкӀэ къэта "макъ псалъэ"хэм щыщ "тӀы, ху" макъ псалъэхэри, ахэри мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ бзэм хроникэ зэрыхэхьухьа щӀыкӀэкӀэ, къызтехъукӀа "тӀ"рэ "ху" макъ мыхьэнэхэм елъытауэ мыхьэнэ кууагъ зимыӀэхэрщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, "тӀы"р зы псэущхьэхъум зэрыфӀэщамрэ, "ху"р зы гуэдз лъэпкъым зэрыфӀэща мы "макъ псалъэ"хэр къызтехъукӀа макъхэр утыку къызэрихьарэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщӀидзам елъытауэ зэманыгъэу гъунэгъущэщ. ИкӀи, макъыр и мыхьэнэкӀэрэ бзэм зэрыхэхьакӀэрэ абы япэрейуэ къытехъукӀ "макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэкӀуэдыкӀыфымрэ, а макъым иужькӀэ аргуэру "макъ псалъэ" къызэрытехъукӀыфынур ипэкӀэ жытӀагъэххэщи, мы щапхъэхэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ.

Зы макъым къытехъукӀа макъ псалъэр бзэм зэрыхэкӀуэдыкӀкӀэрэ иужькӀэ макъ псалъэ къызэрытехъукӀыжым теухуа мы щапхъэхэм и пхэнджу лъытапхъэу зы "макъ псалъэ"и яхэтщ ипэкӀэ къэтахэми, мыбыи и гугъу тщӀынщ. Мы зи гугъу тщӀы "макъ псалъэ"р "цы"ращ. "Цы" псалъэр къэхъуагъэххэ макъым къытехъукӀ зы "макъ псалъэ"къыми, япэу зы "макъ псалъэ"у утыку къихьэрщ. Ар щыхъукӀи, макъым ипэ псалъэ къызэрихуэм теухуа зы щапхъэщ. Аращи, утыку къихьагъэххэрэ зи мыхьэнэри гурыӀуэгъуэу бзэм хэлэжьыхьу щӀэзыдза "цӀ" макъым егъэщхьыныгъэкӀэрэ зы щыӀэр зэрылъытэу къэхъуащ "цы" макъ псалъэри, ар утыку къихьа нэужьщ зы макъыу "ц"ыри бзэм хэлэжьыхьу зэрыщӀидзар. ИкӀи, зытеухуа ӀуэхугъуэкӀэ "цы" псалъэ мыхьэнэ елъытауэ абы къытехъукӀарэ "цы" хуэдэ щӀыкӀэхэр зэрылъытэу бзэм хэлэжьыхьу щӀэзыдза "ц" макъым бзэм хигъэзэщӀыхь мыхьэнэ гуэрхэр нэхъ кууагъ зиӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэта щапхъэхэми гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ макъхэм я мыхьэнэмрэ абыхэм къатехъукӀ "макъ псалъэ" гуэрхэр зытеухуа ӀуэхугъуэкӀэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щӀыкӀэхэр мыхьэнэ кууагъэкӀэ зэщхьэщокӀыр. Мыпхуэдэ щапхъэщи, къызэрыхъуа щӀыкӀэр гурыӀуэгъуэ къытхуэхъу "ц" макъыр бзэм зы макъыу зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэ гуэрхэр ар къызтехъукӀа "макъ псалъэ"м елъытауэ кууагъ зиӀэ мыхьэнэкӀэщ; ауэ, "ч, тӀ, ху" макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ лъабжьэрэ кууагъ зиӀэхэу лъытапхъэми, абыхэм къатехъукӀыу зи гугъу тщӀа "макъ псалъэ"хэм (чы, тӀы, ху) къызтехъукӀа мы макъхэм елъытауэ кууагъ зэрамыӀэр гурыӀуэгъуэщ.

″Макъ псалъэ″мрэ ар къызтехъукӀа макъ мыхьэнэм я зэхуакум жыжьагъэ къызэрыдэхъухьауэ лъытапхъэ мы щапхъэхэм нэмыщӀыу ипэкӀэ къэта ″макъ псалъэ″хэмрэ ахэр къызтехъукӀа макъхэр мыхьэнэкӀэрэ зэрызэпэгъунэгъур гулъытапхъэщ. Ауэ, абыхэм щыщ гуэрхэр къызтехъукӀа макъ мыхьэнэм занщӀэу теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ ″макъ псалъэ″хэр икӀи макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэрэ занщӀэу бзэм зэрыхэхьэу ухуа псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, къызтехъукӀа макъым кууагъ зэриӀэрэ абы и мыхьэнэ кууагъми езэгъыу къытехъукӀауэ, икӀи макъыр утыку къызэрихьа щӀыкӀэкӀэрэ занщӀэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″макъ псалъэ″хэм теухуа щапхъэфӀыу лъытапхъэщ мыхэр: «зы, щы, щӀы, хъу, фӀы».

Макъыр ″ы″кӀэрэ оригиналу къызэрыӀуу утыку къызэрихьа щӀыкӀэкӀэ ипэкӀэ къэта мы ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ жыӀэпхъэхэр мыбы къызэрыщымынэнури гурыӀуэгъуэнщи, бзэ лэжьэкӀэр ″макъ псалъэ″хэм къыщӀидзэу зэрызекӀуэм теухуауэ жыӀэпхъэхэри къыпытщэнщ. НытӀэ, оригиналу къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ бзэм хэхьэу зы ″бзэ мыхьэнэ″ зэрагъэгъуэт щӀыкӀэкӀэ зытеухуа зы Ӏуэхугъуэм хуэӀуа зы ″макъ псалъэ″ мыхьэнэ закъуэкӀэ бзэм зэрыхэмылэжьыхьыр гурыӀуэгъуэщ макъхэри, ипэкӀэ къэта ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукӀа макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэу мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэм къыпыщэ я лэжьэкӀэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ, мыпхуэдэу зы ″макъ псалъэ″у зэрыухуарэ бзэм зы мыхьэнэ хагъэгъэзэщӀыхьу зэрыхэтым нэмыщӀ, я макъ мыхьэнэм теухуа хьэрычэтыгъэр зэрыгъэзэщӀапхъэ зы глагол модэу (унафэ/Ӏэмыр модэ) зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ макъхэри, апхуэдэхэр ″н″ кӀэухкӀэрэ зэрыгъэпскӀэрэ глагол инфинитиву зэрыухуэнур гулъытапхъэщ. Аращи, зы макъыр оригиналу къызэрыӀу щӀыкӀэу абы и ″макъ мыхьэнэ″р бзэм занщӀэу зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьым имызакъуэу, а ″макъ мыхьэнэ″м и уэз (энергие) щӀыкӀэр бзэм занщӀэу зы ″глагол″у щыхэлэжьыхьи щыӀэщ. Макъым и мыхьэнэм и уэз лӀэужьыгъуэр щхьэжрэ езыр езырурэ лэжьэфыну щытмэ, а макъыр бзэм занщӀэу глагол зэрыхэхъухьыфынур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, зы макъ мыхьэнэр щхьэжрэ езыр езырурэ лэжьэфыну зы уэз лӀэужьыгъуэу щымытрэ абы занщӀэу зы глагол къытехъукӀми, ар къыпыхьэ макъхэмкӀэрэ глаголу зэрыухуэфынури гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы псалъэхэм гурыӀуэгуэ къызэращӀщи, ипэкӀэ къэта ″макъ псалъэ″хэр зэрыухуа мы макъхэм я мыхьэнэкӀэрэ яхэлъ хьэрычэтыгъэр зэрыгъэзэщӀапхъэкӀэрэ зы глагол модэу утыку итщи, абыхэм ″н″ къыпыхьэрэ ифинитиву гъэпса глагол къазэрытехъукӀым щыгъазэ дыхуэхъунщ. з щӀыкӀэращ. Аращи, оиригиналу къызэрыӀукӀэрэ бзэм ″макъ псалъэ″у хэхьауэ ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуа макъхэм занщӀэу ″глагол″ къызтехъукӀхэмрэ (″н″ыкӀэ гъэпсахэр) къызтемыхъукӀхэр (зэрыщыту

тхахэр) къэдгъэлъэгъуэнщ: «цы, **зын**, гу, **жьын**, **тӀын, щын, щӀын, чын**, ку, къу, хъы, **хъун**, хы, **хун**, лъы, лы, лӀы, **фӀын**».

Мы макъ глаголхэм нэмыщӀ, глагол къызтемыхъукӀауэ къэта макъ гуэрхэри глагол инфинитиву зэрыбгъэлъэгъуэфынурэ глагол къызтехъукӀыпхъэу зэрылъытэфынур гулъытапхъэщ. ИкӀи, мы къэта макъ глагол гуэрхэм я мыхьэнэр зы Ӏуэхугъуэ закъуэм къызэрытемынэри гулъытапхъэщ. Мыбыи къыщымынэу, мы къэта глаголхэм щыщ гуэрхэр я глагол мыхьэнэм нэмыщӀ, цӀэ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ зиӀэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэфӀщ "хъун" псалъэри, зы "макъ глагол"у щыт "хъун"ым икӀи Ӏэщым зэрыкӀэлъыплърэ зэрагъэхъур, икӀи Ӏэщыр удзым зэрыхэшхыхь "ехъун" псалъэри къызтехъукӀырщи, зыхэшхыхь удзыфӀэри зэрылъытэ цӀэ лӀэужьыгъуэрщ (**хъун**). Аращи, мыхьэнищ-плӀы иӀэу зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэщ "хъун" псалъэми, мыбыхэм щыщ тӀу-щыр глагол; ауэ, "хъун"ым и ещанэ - еплӀанэ мыхьэнэр зы цӀэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. "Хъун" псалъэм и цӀэ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэри ар зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэр зыхэлъыжырщи, зэрыгъэзащӀэ глаголым къытехъукӀыжа зы псалъэу, мы зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэкӀэ глагол инфинитив формэкӀэ ухуагъэххэ зы мыхьэнэрщ. Мыпхуэдэу, зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэр икӀи гъэзащӀэр зэрылъытэу глагол инфинитив формэкӀэ ухуэ псалъэхэр хэтщ адыгэбзэми, мыбыхэм теухуа зы щапхъэщ "хъун" псалъэр.

Макъхэм я уэз щӀыкӀэм елъытащ ягъэззэщӀэну глагол къалэнри, ипэкӀэ "макъ псалъэ"у ухуагъэххэ макъхэм икӀи занщӀэу глагол къызтехъукӀхэр къэдгъэлъагъуащ. Ауэ, мыпхуэдэу япэрей лъэбакъуэу глагол къызтемыхъукӀа макъ гуэрхэм иужькӀэ бзэ лэжьэкӀэм глагол къалэн зэрыхагъэзэщӀыхьыфынури жытӀагъэххэщи, мыпхуэдэхэр япэрей лъэбакъуэм глагол мыхьэнэуэ зэрымылэжьам папщӀэ, зэ щхьэ "глаголыпхъэ"у е "глагол потациал"рэ "глаголизацэ"у лъытапхъэщ. ЗанщӀэу зы глагол къызтемыхъукӀыу "глаголизацэ"у тлъытэ макъхэр бзэ лэжьэкӀэм и етӀуанэрей лъэбакъуэущ "глагол" къалэн щызэрыхэхьухьри, а макъхэм нэгъуэщӀ макъхэр къыщыпыхьэращ мыр щыгъэзащӀэр. Глагол къалэн зыгъэзэщӀэну макъыр хьэрычэтыгъэ зиӀэрщи, абы и хьэрычэтыгъэм къыпыхьэ макъ мыхьэнэм елъытауэ гъэзэщӀапхъэр зэригъэзэщӀэнум папщӀэ, зи гугъу тщӀы "глаголизацэ"хэр етӀуанэ лъэбакъуэкӀэрэ глагол зыхуэхъури абы ищхьэм къыпыхьэ макъхэмкӀэрэщ. Аращи, "глаголизацэ" жыхуэтӀэ макъхэр "глагол" хъуфын папщӀэ, ягъэлэжьэфыну нэгъуэщӀ мыхьэнэ зыхуэныкъуэхэращ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, ахэр глагол хъуфын папщӀэ ягъэлэжьэн макъ мыхьэнэ зыхуэныкъуэхэращи, мыхэр езым и уэз щӀыкӀэр езыр езырурэ лэжьэкӀэ зымыгъуэтыф макъ мыхьэнэхэращ.

НытӀэ, оригиналу къызэрыӀукӀэрэ къэхъуауэ ипэкӀэ къэта "макъ псалъэ"хэр къызтехъукӀа макъхэм занщӀэу глагол къызтехъукӀрэ къызтемыхъукӀхэри мы ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуащи, "ы"кӀэрэ къызэрыӀу

щӀыкӀэкӀэ занщӀэу глагол къызтемыхъукӀрэ ″глагол потанциал″у лъытапхъэ мы макъхэм къыпыхьэ макъкӀэрэ глаголхэр къазэрытехъукӀым теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: къу → е**къун**; х → е**хын**; лъы → и**лъын**; л → къе**лын**; лӀ → егу**лӀын**».

Мы щапхъэу къэтахэм щыщ глагол гуэрхэр къызтехъукӀари, макъхэм ″э″ кӀэух щызэраӀэрауэ зэрылъытапхъэри жыӀэпхъэщи, глагол къалэн зыхуигъэзащӀэм ехьэлӀауэ (″э → ы″ зэхъуэкӀыныгъэ) ″ы″уэ къызэрыӀужкӀэрэ ухуахэм щыщу лъытапхъэщ мыхэр: «илъын (илъэ-ы-н), егулӀын (егулӀэ-ы-н)».

Мы зи гугъу тщӀы макъ гупым щыщу, къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ ″н″ къапыхьэми глагол къызтемыхъукӀрэ глаголизацэуи щымыт макъхэр яхэтщи, мыпхуэдэ зы макъри ″цы″ макъ псалъэм къытехъукӀ ″ц″ыращ. Ар занщӀэу глагол къызэрытемыхъукӀрэ глаголизацӀэу щымытми, ″э″кӀэрэ къэӀу ″цэ″р цым ещхь Ӏуэхугъуэхэр зэрылъытэ глаголизацэу, къыпыхьэ макъкӀэрэ глагол къызтехъукӀырщ. Зы итыпӀэрэ зы Ӏэнатӏэм теухуа мыхьэнэ зиӀэ ″гу, ку″ макъхэми глагол къатехъукӀкъым, икӀи глаголизацэуи щтхэкъым, ауэ абыхэм мы я мыхьэнэм хуэкӀуэрэ къыхэкӀыныгъэ Ӏуэхугъуэхэм теухуа глаголизацэщ абыхэм ″э″ къазэпыпыхьэри (гуэ, куэ) абыхэми мы зи гугъу тщӀа макърэ макъ псалъэхэм ″э″ къазэрыпыхьэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым деж я гугъу щытщӀынщ. Мы зи гугъу тщӀа макъхэм хуэдэ зыри ″хъ″ыращи, ар лъабжьэ зылъытэ макъ мыхьэнэ зиӀэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, а лъабжьэм хуэкӀуэныгъэ глаголыпхъэри ″хъэ″уэщ зэрыгъэзащӀэри, абыи иужькӀэ игъуэр къыщысым и гугъу тщӀынщ.

Мыпхуэдэ щапхъэкӀэрэ оригиналу ″ы″кӀэрэ къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ бзэм занщӀэу ″макъ псалъэ″ хэхъухьа макъхэм занщӀэрэ къыкӀэлъыкӀуэ лъэбакъуэкӀэрэ ″глагол″хэри къазэрытехъукӀрэ къызтемыхъукӀхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Макъыбзэ пэщӀэдзэу макъхэр бзэм псалъэ зэрыхэхьухьрэ зэрыхэлэжьыхьым зы увыӀэпӀэ зэримыӀэрэ дэтхэнэ лъэныкъуэкӀи лажьэу зэрыщытрэ лэжьэну зэрыхущӀэкъур гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ макъыбзэ лэжьэкӀэри, макъым къыщӀидзэу зи лэжьэкӀэр кӀэ зымыгъуэтырщ; абы псалъэ къэхъуныгъэрэ бзэ лэжьэкӀэкӀэ лъэкӀыныгъэшхуэ зэриӀэр гулъытапхъэщ.

*

Макъхэр къызэрыхъуарэ оригиналу ″ы″кӀэрэ къызэрыӀуу я ″макъ мыхьэнэ″кӀэрэ бзэм зы ″макъ псалъэ″у хэхьауэ зи гугъу тщӀахэм ″э″ къащыпыхьэкӀэ я мыхьэнэр зэхъуэкӀ е зэмыхъуэкӀыу ″макъ псалъэ″ зэрыухуэмрэ, мы зи гугъу тщӀа ″макъ псалъэ″хэр зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэкӀэрэ ″э″ къащыпыхьэм ухуэ ″макъ псалъэ″хэми деплъынщ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукӀхэри къыкӀэлъыкӀуэ лъэбакъуэкӀэрэ бзэм псалъэ зэрыхэхъухьымрэ зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

НытӀэ, япэрауэ мы зи гугъу тщӀы макъхэр ″э″кӀэ къызэрыӀукӀэкӀэрэ ухуэ ″макъ псалъэ″хэм псори къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм щыщу ″ы″кӀэ

къэlуу ухуа ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ къатехъукlыж ″макъ псалъэ″хэмрэ, я макъ мыхьэнэм теухуауэ ″э″кlэ къэlуу ухуэ ″макъ псалъэ″хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ щlыкlэхэмкlэрэ ухуа ″макъ псалъэ″хэращ мыхэр: «**зэ, жьэ, тlэ, щэ, щlэ, кэ-чэ, куэ, къуэ, хьэ, лъэ**».

Зэрыжытlауэ, мыбыхэм щыщ гуэрхэр ипэкlэ ″ы″кlэрэ къэlуу зи гугъу тщlа ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къазэрыпыхьэкlэрэ утыку къихьэжа ″макъ псалъэ″хэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукlауэ ипэкlэ зи гугъу тщlа ″макъ псалъэ″хэм зэрелъытауэ зэрыухуари тхыхьым дэту къэттынщ: «зэ (″зы″уэ щыт), щэ (″щы″уэ щыт), щlэ (″щlы″уэ щытрэ ″щlы″м теухуа), къуэ (″къу″ зэхуаку), лъэ (лъым зэманкlэрэ къытехъукl)».

Зи гугъу тщlа ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ ухуарэ и мыхьэнэри къэта мы ″макъ псалъэ″хэм щыщ гуэрхэр икlи ″ы″ къэlуыкlэ зиlэу зи гугъу тщlа ″макъ псалъэ″хэм къытемыхъукlарэ ахэри къызтехъукlа макъым и мыхьэнэкlэрэ ″э″ кlэухкlэрэ къэхъуа ″макъ псалъэ″у зэрыухуари гулъытапхъэщ. Аращи, зэрытха мы щlыкlэкlэ мыхьэнитl зиlэ ″макъ псалъэ″хэрщ мыхэр икlии, къызэрыхъуа щlыкlэр зэщхьэщыкlыу къэхъукlитl зиlэу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэм щыщу макъ мыхьэнэкlэрэ ″э″кlэрэ къэlуу ухуа ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэми щыгъазэ дыхуэхъунщ: «щэ (1- зы бжыгъэцlэшхуэ; 2- лым тырищlэ лыпцlэ щабэ; 3- тегъэчыныхьыныгъэ), щlэ (утыку къихьагъащlэ), къуэ (бын цlыхухъу)».

″Ы″кlэрэ къэlу ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэж ″макъ псалъэ″хэмрэ, мы зэрыплъагъуэ щlыкlэкlэ икlи макъ мыхьэнэкlэрэ ″э″ къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьахэми я гугъу тщlащи, нытlэ, мыбыхэм нэмыщl, ″э″кlэ къэlуу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэм макъ мыхьэнэкlэрэ ухуахэри яхэтщи, абыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, щхьэж зы къэхъуыкlэу и макъ мыхьэнэкlэрэ ″э″ къызэрыпыхьэу утыку къихьауэ ипэкlэ къэта ″макъ псалъэ″хэм щыщщ мыхэр: «жьэ, тlэ, чэ, куэ, хьэ».

Къызэрыхъуа щlыкlэр зэрызэщхьэщыкlым гулъытэ хуэтщlыу мы зи гугъу тщlа ″макъ псалъэ″ гуэрхэр къызтехъукlа макъым и хьэрычэтыгъэми ″макъ глагол″ къызэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ипэкlэ мы къэта ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэхэм нэмыщl, мы зэрыухуа щlыкlэкlэ (″э″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу) абыхэм икlи глагол мыхьэнэ зэраlэри гулъытапхъэщи, зы ″унафэ/lэмыр модэ″у щыт мы глаголыпкъхэр ″н″ кlэухкlэрэ ″глагол инфинитив″у зэрыгъэпсынри гурыlуэгъуэщ: «**зэн, жьэн, тlэн, щэн, щlэн, чэн, лъэн**».

″Э″ макъым игъэзащlэ lуэхугъуэхэр гурыlуэгъуэщи, мы къэта глаголхэм и нэхъыбэр икlи ″ы″ къэlуыкlэ зиlэ макъыр зэрыухуа ″макъ глагол″ым теухуа кlуэтэгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «зын → зэн; жьын → жьэн; тlын → тlэн; щын → щэн; щlын → щlэн; чын → чэн».

Икlи, мы глаголхэр макъыр ″э″кlэ къызэрыlу щlыкlэу ухуауэ ипэкlэ къэта ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэм къызэрытемыхъукlар гурыlуэгъуэщи,

мы ипэкIэ къэтауэ зэреджапхъэм нэмыщI, мы къызтехъукIа макъхэм я мыхьэнэуэ хьэрычэтыгъэращ мыхэр глаголу щIэухуэфар. Ауэ икIи, мыпхуэдэу ухуа мы "макъ псалъэ"хэм щыщ гуэрхэм мыхьэнитI зэраIэри гулъытапхъэщ. Мы къэта "глагол инфинитив"хэм я глагол мыхьэнэм нэмыщIыу икIи гъэзэщIапхъэу щыт цIэ лIэужьыгъуэуи зэреджапхъэр гулъытапхъэщ. Ауэ, мыбы щыщ гуэрхэм мыпхуэдэ мыхьэнэ пыухытыкIа зэраIэри гулъытапхъэщи, мыхэр илъабжьэкIэ къыхэдгъэщынщ. Аращи, "н" къапыхьэу утыку къихьа "глагол инфинитив" мыхьэнэм нэмыщI, мы зэрыухуа щIыкIэкIэ глаголу щымытрэ зы цIэ лIэужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэхэм мы я мыхьэнэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «щэн (щIыкIэфI), щIэн (щIэныгъэ лъабжьэрэ икIи щIэныгъэкIэрэ щIэн глаголкIэрэ къэхъу)».

"Макъ глагол" къызтехъукIахэм икIи глагол мыхьэнэ ямыIэрэ глагол инфинитив формэкIэ зэрыгъэпсакIэрэ цIэ лIэужьыгъуэ псалъэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыхэри зы "макъ псалъэ пэлъытэ"рщи, и къэхъуныгъэкIэ "макъ глагол" нэужь къэхъуыкIэ зиIэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Мыбы къыщымынэу, ипэкIэ зи гугъу тщIарэ ("э"кIэ къэIуу) "макъ псалъэ" къызтехъукIа макъхэми я макъ мыхьэнэкIэрэ "глаголыпхъэ" - глаголизацэ - "глагол понанциал" къалэн зэраIэфынур гулъытапхъэщ. НытIэ, мы къэта "макъ псалъэ"хэу ухуа макъ гуэрхэм (куэ, къуэ, хьэ) къапыхьэ макъхэмкIэрэ къатехъукIыж глаголхэми теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «дэ**куэн; дэкъуэн**, щIэгъэ**къуэн**, пы**къуэн**, зэщIэ**къуэн; хьэн**».

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэрщи, "къу" макъыр бзэм мыхьэнэбэу зэрыхэлэжьыхьым папщIэ, зэхуэмыдэ глагол къызтехъукIыфырщ; ауэ мыбдежым къыщыта "хьэн" глаголыпхъэри "хьын" глагол кIуэтэгъуэу (хьын → "хьы-э-н" → хьэн) къызэрыхъуари гулъытапхъэщ.

*

Мы ипэкIэ макъ щэхухэм щыщу "ы" къэIукIэкIэ занщIэу "макъ псалъэ" къызтехъукIахэм "э" къазэрыпыхьэкIэрэ занщIэу утыку къихьэ "макъ псалъэ"хэмрэ ахэр зэрыухуа макъхэм къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэкIэрэ "макъ глагол"рэ "макъ псалъэ пэлъытэ"хэр къазэрытехъукIыжхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, абыхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьащ. Оригиналу "ы"кIэрэ къэIуу ипэкIэ зи гугъу тщIа "макъ псалъэ"хэр зэрыухуа макъхэм "э" къэIукIэкIэ "макъ псалъэ" къызтехъукIхэм я гугъу тщIащи, абыхэм щыщу "макъ псалъэ" къызтемыхъукIахэри тлъытэу, ахэри къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. "Э" къэIукIэкIэ занщIэу "макъ псалъэ"у бзэм хэмыхьэу зи гугъу тщIынухэр мыхэращ: «цэ, гуэ, хъэ, хъуэ, хэ, хуэ, лэ, лIэ, фIэ».

Мыбыхэм занщIэу цIэ лIэужьыгъуэ "макъ псалъэ" къызэрытемыхъукIар гулъытапхъэщ, ауэ я макъ мыхьэнэм зэрелъытакIэрэ абыхэм щыщ гуэрхэр глаголыпкъэрэ глагол "унафэ/Iэмыр модэ" псалъэу

зэрыщытхэр гулъытапхъэщи, мыхэри ″макъ глагол″у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, ахэр ″н″ыкӀэрэ инфинитиву зэрыгъэпсыжкӀэрэ глагол къызтехъукӀхэрщ. Ауэ, мыпхуэдэу ″макъ глагол″у щымытми, я макъ мыхьэнэм зэрелъытакӀэрэ ″глаголыпхъэ″рэ ″глагол потанциал″ макъхэри яхэтщ мы къэтахэми, ахэри къыпыхьэ макъкӀэрэ глагол къызтехъукӀыну зэрыхьэзырыр гулъытапхъэщ.

НытӀэ, япэрауэ глаголыпкъыу щытрэ ″н″ыкӀэрэ щыгъэпсым деж, инфинитиву ухуа ″макъ глагол″ къызтехъукӀхэм деплъынщ: «**лэн, лӀэн**».

ИтӀанэ, ″э″ къэӀуыкӀэ зиӀэу мы ипэкӀэ къэта макъхэм щыщ гуэрхэр (гуэ, хъуэ, хуэ, фӀэ) я макъ мыхьэнэкӀэрэ глаголыпхъэу зэрыщытыр жытӀагъэххэщи, къапыхьэ макъхэмкӀэрэ абыхэми глагол къазэрытехъукӀым щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «хэ**гуэн**, гъэ**хъэн**, и**хъуэн**, хэ**хъуэн**, **хъуэхъуэн**, и**хуэн**, гъэ**фӀэн**».

ЗэрыгуэрыӀуэгъуэу, ″э″ къызпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэр зэмыхъуэкӀыу и кӀуэтэгъуэрэ зэманыгъуэр зэрылъытэкӀэрэ лэжьэкӀэ егъуэтри, мы къэта щапхъэхэм мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, къыпыхьэ макъкӀэрэ гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр зэрылъытэу утыку къихьэ мы глаголхэр глаголыпхъэрэ глаголизацэ мыхьэнэ зиӀэ мы ″гуэ, хъэ, хъуэ, хуэ, фӀэ″ макъхэмкӀэрэ зэрылажьэу зэрыухуэр къызэрыӀуэтапхъэм деплъынщ: «итыпӀэрэ джыпӀэм (гу) хэхьэныгъэр зэрыгъэзащӀэрщ ″гу-э″ → гуэ″ри ″хэгъуэн″ыр зэрыухуэр мыпхуэдэщ; лъабжьэрызекӀуэкӀэрэ (″хъы-э″ → хъэ) гъэзащӀэрщ ″гъэхъэн″ыр; зы итыпӀэм (и) хуэфӀрэ из хъууэ щытынырщ (″хъу-э″ → хъуэ) ″ихъуэн″ыр; лъабжьэкӀэ (″хы-э″ → хэ) ″хъу″уэ щытынырщ (″хъу-э″ → хъуэ) ″хэхъуэн″ыр; ″хъу″ защӀэкӀэрэ (″хъу-э″ → хъуэ) хъууэ щытыным (″хъу-э″ → хъуэ) теухуар ″хъуэхъуэн″ырщ; зытеухуам (и) хуэкӀуэрэ хуэфӀ хъунрэ (″ху-э″ → хуэ) икӀи апхуэдэ зы щӀыпӀэм хуэкӀуэ хун Ӏуэхугъуэр (″ху-э″ → хуэ) зэрылъытэрщ ″ихуэн″ыр; фӀы хъуным хуэкӀуэнкӀэрэ (″фӀы-э″ → фӀэ) гъэзащӀэрщ ″гъэфӀэн″ыр».

Мы глаголхэр къызтехъукӀа глаголыпхъэхэм щыщу ″гуэ, хъуэ″р икӀи къатехъукӀыну глаголхэм нэмыщӀ, инфинитиву зэрыгъэпса щӀыкӀэкӀэ зы цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ къызтехъукӀыфхэрщ: «**гуэн**, **хъуэн**».

И мыхьэнэм теухуащи, ″ц″ым ″э″ къыпыхьэми (цэ), занщӀэу глагол къытехъукӀкъым, ауэ ″ц″ макъыр къызтехъукӀар зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьа ″цы″ращи, ″ц″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр ″цы″м теухуауэ хуэдэхэр зэрылъытэущ. Аращи, бзэм щигъуэта макъ мыхьэнэр цым хуэдэрэ ебгъэщхь хъуну Ӏуэхугъуэхэр зэрылъытэкӀэрэщ ″ц″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ″цэ″ри мыпхуэдэ мыхьэнэ зыгъэзащӀэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. НытӀэ, мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриӀэм ипкъ иткӀэ, ″цэ″р зыхэту ухуэну цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэри щыӀэнщ, икӀи цым теухуа Ӏуэхугъуэ гуэрхэмрэ цы хуэдэ щӀыкӀэ зиӀэу лъытапхъэ гуэрхэр ″цэ″кӀэрэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, ″цэ″м къыпыхьэ макъхэмкӀэрэ мы и

гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэр къэтхьынщ: «**ца**куэ, ба**цэ**»; «бэла**цэ**, хьэ**цэ**пэ**цэ**, къуа**цэ**, хьэн**цэ**».

"Э" къэӀуыкӀэ зиӀэу занщӀэу макъ псалъэ къызтемыхъукӀахэм я макъ мыхьэнэм зэрытеухуакӀэрэ глаголыпхъэу щытхэми "макъ псалъэ пэлъытэ" къазэрытехъукӀым, икӀи къыпыхьэ макъхэмкӀэрэ псалъэхэр къазтехъукӀхэм щыгъазэ дахуэхъущ. Ауэ мы къэтахэм щыщу псалъэ къызэрытехъукӀым теухуа щапхъэ къэдмыхьар "хэ"ращи, и мыхьэнэм елъытауэ абыи къыпыхьэ макъкӀэрэ псалъэ къызэрытехъукӀрэ суффикс къалэн зэригъэзащӀэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «**хэ**гуэн, **ха**бзэ, **ха**мэ, **хэ**хэс, **хэ**хын»; «ма**хэ**, лъа**хэ**, КӀа**хэ**»; «мы**хэр**, а**хэр**».

*

Мыбы нэгъунэ, макъхэр "ы"кӀэрэ оригиналу къызэрыӀукӀэрэ бзэм занщӀэу "макъ псалъэ" къызэрытехъукӀахэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэхэм, итӀанэ, мы "макъ псалъэ"хэр къызтехъукӀа макъхэм "э" къызэрыпыхьэкӀэрэ "макъ псалъэ" къазэрытехъукӀымрэ къыкӀэлъыкӀу лъэбакъуэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. НытӀэ, мы лэжьыгъэ Ӏыхьэ къежьапӀэр "ы" къэӀукӀэкӀэ "макъ псалъэ"у ухуахэм теухуауэщ къызэрекӀуэкӀари, "ы" къэӀукӀэкӀэ "макъ псалъэ" къызтемыхъукӀа макъхэри къыкӀэлъыкӀуэ лъэбакъуэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. МыпхуэдэкӀэрэи адыгэбзэм щхьэжу хэт дэтхэнэ зы макъ щэхум "макъ псалъэ"рэ къыкӀэлъыкӀуэ лъэбакъуэкӀэрэ псалъэ къызэрытехъукӀымрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэ псоми щыгъазэ дыхуэхъуа хъунщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, зы макъыр оригиналу и къэӀуыкӀэкӀэ бзэм зы "макъ псалъэ"у зэрыхэмыхьэр абы и мыхьэнэращ зытеухуари, мыпхуэдэщ мы "макъ щэху"хэу мыбдежым зи гугъу тщӀынухэр: «с, цӀ, дз, гъ, гъу, дж-гь, г, ж, д, т, ш, кӀ, кӀу, къ, кхъ, кхъу, хь, п, пӀ, б, ф, в, м, н».

Бзэ лэжьэкӀэм оригиналу къызэрыӀукӀэрэ занщӀэу "макъ псалъэ"у хэмыхьами, я макъ мыхьэнэ уэзыр зэрылэжьэн щӀыкӀэу, мы макъхэм я нэхъыбэр глаголыпкъ макъ псалъэу глагол "унафэ/Ӏэмыр модэ"у зэрыщытыр гулъытапхъэщи, "н" къащыпыхьэкӀэ ахэр "глагол инфинитив"у мэухуэр. ИлъабжьэкӀэ къэгъэлъэгъуащ мы зи гугъу тщӀы макъхэм щыщу глагол къызтехъукӀрэ къызтемыхъукӀхэри, я нэхъыбэм глагол къазэрытехъукӀри нэрылъагъущ: «**сын**, цӀ, **дзын**, **гъын, гъун, джын-гьын, гын, жын, дын, тын, шын, кӀын**, кӀу, къ, кхъ, кхъу, **хьын**, п, **пӀын, бын, фын**, в, м, н».

"Глагол инфинитив"у гъэпсауэ мы къэтахэм щыщ гуэрхэм я глагол мыхьэнэм нэмыщӀ, икӀи мы зэрыгъэпса щӀыкӀэкӀэ цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу икӀи глаголу бзэм хэлэжьыхьрэ икӀи зи гугъу тщӀа щӀыкӀэкӀэ цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэу хэлэжьыхьхэм нэмыщӀ, инфинитиву мы зэрыгъэпса щӀыкӀэкӀ бзэм глаголу хэмылэжьыхьу цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэу хэлэжьыхьхэри щыӀэщи, мыбыхэм щыгъазэ дыхуэхъунщ. уэ мы къэгъэлъэгъуа псалъэхэм щыщ гуэрхэри глаголу

щымытрэ мы зи гугъу тщӀа щӀыкӀэу цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, абыхэми илъабжьэкӀэ дытепсэлъыхьыжынщ. Инфинитиву зэрыгъэпсакӀэрэ глагол мыхэнэ зиӀэхэу икӀи цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэр мыхэращ: «сын, дын, тын, шын». Глаголрэ цӀэ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ яӀэу мы къэтахэм щыщу ″шын″ыр глагол мыхьэнэкӀэрэ нэхыбэу ″къэшын″у бзэм зэрыхэтри гурыӀуэгъуэщ.

Мы зи гугъу зэратщӀа щӀыкӀэкӀэ инфинитиву зэрыгъэпсарэ глагол мыхьэнэ иӀэу бзэм хэмылэжьыхьу, цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэу бзэм хэтхэри мыхэращ: «гын, бын».

Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэ глаголрэ инфинитиву гъэпса цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ къызтехъукӀхэу къэгъэлъэгъуа макъхэри бзэм къыпыщэ лъэбакъуэкӀэрэ зэрыхэлэжьыхьынур гурыӀуэгъуэнщи, абыхэми щыгъазэ дахэухъунщ. Аращи, ″н″ кӀэух къызэрыпыхьэкӀэрэ занщӀэу глагол къызтемыхъукӀыу къэта макъ гуэрхэми я мыхьэнэм зэрелъытакӀэрэ нэгъуэщӀ макъ къызэрыпыхьэкӀэрэ глагол къазэрытехъукӀыфынур гурыӀуэгъуэнщ. ЗанщӀэу глагол мыхъуфрэ ″макъ глагол″ къатемыхъукӀми, къыпыхьэ макъхэмкӀэрэ глагол къызтехъукӀ мыпхуэдэ макъхэри ″потанциалу глагол″рэ ″глагыпхъэ″у е глаголизацэ мыхьэнэ зиӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, ипэкӀэ ″макъ глагол″у мыухуэхэм къапыхьэ макъхэмкӀэрэ глаголхэр къазэрытехъукӀым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «цӀы → къэ**цӀын**; кӀу → е**кӀун**; къы → ды**къын**; вы → щӀэ**вын**; пы → щы**пын**; мы → епэ**мын**; ны → хэ**нын**».

Макъ къазэрыпыхьэкӀэрэ ухуа мы глаголхэр зэрыухуэ ″вын″ глаголыпхъэр ″вэ-ы-н″ым (щӀэвэ-ы-н), ″мын″ глаглыпхъэри ″мэ-ы-н″ым (епэмэ-ы-н) къызэрытехъукӀыр гулъытапхъэщи, ахэр мы макъхэр (в, м) ″э″кӀэ къызэрыӀу щӀыкӀэм къытехъукӀыжа псалъэхэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

″Ы″ къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ занщӀэу ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукӀауэ ипэкӀэ къэта макъхэм ″н″ къазэрыпыхьэкӀэрэ ″макъ глагол″ къазэрытехъукӀымрэ, макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэкӀэрэ глагол къызэрытехъукӀыфри мы къэта щапхъэхэм къызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. Ауэ ипэкӀэ къэта макъхэр мыпхуэдэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэм хэмытхэри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэщ ″кхъ, кхъу″ макъхэр. Мы макъхэм я мыхьэнэр хэгъуащэу щӀидзарэ нобэ адыгэбзэм хэкӀуэдыкӀыпӀэм ихуауэ лъытапхъэщ, ауэ абыхэми ″э″ кӀэух къыщащтэкӀэ къатехъукӀ ″макъ псалъэ″ бзэм хэтщи, абыхэми илъабжьэкӀэ деплъынщ.

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрщи, оригиналу ″ы″кӀэ къызэрыӀурэ и макъ мыхьэнэкӀэрэ бзэм занщӀэу зы ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукӀ макъхэм и нэхъыбэр ″н″ кӀэухкӀэрэ глаголу зэрыухуэр гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, мыпхуэдэ теплъэ иӀэу ухуа ″макъ глагол″ гуэрхэри макъыр ″э″кӀэ къызэрыӀу щӀыкӀэр зи лъабжьэу (″э-ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ) зэрыухуари мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм къыхощри, ″ы″кӀэ къэӀуу псалъэ/глаголу мыухуахэми ″э″ къэӀукӀэкӀэ е ″э-ы″

зэхъуэкІыныгъэкІэрэ ″макъ псалъэ″ къазэрытехъукІар адыгэбзэм хыболъагъуэр.

НытІэ, мы ипэкІэ къэта макъхэм ″э″ къызэрыпыхьэкІэрэ къатехъукІ макъ псалъэрэ глаголхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ИкІи, мы макъхэм я нэхъыбэм ″э″кІэ къызэрыІукІэрэ ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукІри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэу занщІэу ″макъ псалъэ″у цІэ лІэужьыгъуэхэр къызтехъукІхэмрэ къызтемыхъукІхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «**сэ, цІэ, дзэ, гъэ, гъуэ**, джэ, **гэ**, жэ, **дэ**, тэ, **шэ, кІэ, кІуэ**, къэ, **кхъэ, кхъуэ, хьэ, пэ, пІэ, бэ, фэ**, вэ, **мэ, нэ**».

Япэрауэ, ″э″кІэ къызэрыІу щІыкІэу цІэ лІэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″у мыухуа ″джэ, жэ, тэ, къэ, вэ″ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым деплъынщ.

Мыбыхэм щыщу ″н″ кІэух къыщищтэкІэ занщІэу глагол къытемыхъукІ ″тэ″р бзэм и иужьрей лъэбакъуэм къыпыхьэ макъхэмкІэрэ глагол къызтехъукІыфырщи, и мыхьэнэм елъытауэ гъэзащІэ мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэм теухуа глаголыпхъэрэ глаголизацэу лъытапхъэщ: «лъы**тэн**, лъэ**тэн**».

Мыбы нэмыщІ, и макъ мыхьэнэм ипкъ иткІэ, ищхьэ къызпыхьэ макърэ псалъэр къэхъупІэрэ къежьапІэкІэ згъэлъагъуэ ″къ″ макъым, кІуэх зыхуэхъу макърэ псалъэри кІуэдыпІэм зэрыригъахуэр гурыІуэгъуэщи, мы кІэукІэрэ гъэзащІэ кІуэдыныгъэм ″къ″ым ″э″ къыщыпыхьэжкІэ гурыщхъуэ тыригъэщІыу зэрылъытапхъэкІэрэ гъэзащІэ Іуэхугъуэр къызкІэлъыкІуэ макърэ псалъэм теухуа упщІэрщ: «хъу**къэ**?, кІуэ**къэ**?». ″Къ″ макъ кІэухым игъэзащІэ  кІудыныгъэр абы къыпыхьэ ″э″кІэрэ гурыщхъуэу мы зэрызэхъуэкІым хуэдэщ зы глаголыпхъэу ″къэ″м игъэзэщІэнури, абы къыпыхьэ макъкІэрэ ухуэ псалъэхэмрэ глаголхэм я мыхьэнэр захуэрэ зэрыхъун мыхъуа Іуэхугъуэхэр зэрылъытэрщ: «да**къэ**, па**къэ**; дзэ**къэн**».

Мы зи гугъу тщІы макъхэм щыщу ″джэ, жэ, вэ″хэри я мыхьэнэкІэрэ глаголыпкъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″макъ глагол″хэрщ: «**джэн, жэн, вэн**».

ЕтІуанэу, ″ы″кІэ къызэрыІукІэрэ зы псалъэу бзэм хэмыхьа мы макъхэм ″э″ къащыпыхьэкІэ ″макъ псалъэ″ къызтехъукІауэ ипэкІэ къэтахэми ″макъ глагол″хэри къазэрытехъукІыфынур гурыІуэгъуэнщи, ахэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «**сэн, дэн, шэн, кІуэн**».

″Макъ глагол″хэу мы къэтахэм щыщ гуэрхэр къызтехъукІа макъыр ″ы″кІэрэ къызэрыІу щІыкІэу ухуа ″макъ глагол″хэм теухуа мыхьэнэ зиІэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «сын → ″сы-э-н″ → сэн; джын → джэн; жын → жэн; дын → дэн».

″Э″кІэ къызэрыІукІэкІэр мыпхуэдэу ″макъ глагол″ къытемыхъукІми, ищхьэм къыпыхьэ макъкІэрэ ухуауэ ипэкІэ къэта глаголхэри ″э″кІэрэ къызэрыІууи глаголхэр мэухуэри, мы ухуэкІэри глаголыр зэрыгъэзащІэ макъым ″э″ къызэрыпыхьэкІэрэ ухуэу лъытапхъэщ: «″цІы-э → цІэ″ → хэ**цІэн**; ″кІу-э → кІуэ″ → е**кІуэн**; ″къы-э → къэ″ → ды**къэн**; ″пы-э → пэ″ → щы**пэн**; ″ны-э → нэ″ → (къы)хэ**нэн**».

"Э"кӀэ къэӀуу ухуауэ мыбы ипэкӀэ къэта "макъ псалъэ"хэм щыщ гуэрхэр инфинитиву щыгъэпсым деж, зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэр къызхэщу цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэу утыку къохьэри, мыпхуэдэщ мыхэр: «**кӀэн, пӀэн, бэн**».

ЦӀэ лӀэужьыгъуэу щыт мы "макъ псалъэ пэлъытэ"хэм щыщ "бэн" псалъэм занщӀэу глагол мыхьэнэ зэримыӀэр гулъытапхъэщ. Ауэ, "б" макъым "зэрелъыта ужьыгъуэ"у щыт и мыхьэнэм зэрытеухуакӀэрэ глагол къалэн зэригъэзэщӀэфынур гулъытапхъэщи, мы и мыхьэнэм зэрелъытакӀэрэ зэхуэмыдэ Ӏуэхугъуэхэу глагол къалэн зыхуигъэзэщӀэну макъ къызэрыпыхьэкӀэрэ глагол къызтехъукӀыфыну глаголыпхъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ "бэн"ыр. Абы къыпыхьэ макъкӀэрэ къытехъукӀ глагол щапхъэщ мыхэр: «е**бэн**; Ӏэ**бэн**». НэгъуэщӀ макъ къызэрыпыхьэкӀэрэ инфинитив глагол формэкӀэ цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэр къызэрытехъукӀыфынури гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы щапхъэщ мыр: «гуэ**бэн**».

Мыбыхэм щыщу "кӀэн, пӀэн" псалъэхэр глаголыпхъэрэ цӀэ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэкӀэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькӀэрэ нэгъуэщӀ псалъэхэр зэрыухуэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, цӀэ лӀэужьыгъуэ "пӀэн" псалъэм и мыхьэнэгъуу лъытапхъэу зы цӀэ лӀэужьыгъуэу "те**пӀэн**" псалъэри къызэрытехъукӀыр гулъытапхъэщ. Ауэ ар (тепӀэн) икӀи къыпыхьэ макъкӀэрэ "пӀэн" глаголыпхъэм къытехъукӀ зы "глагол"уи зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

ЦӀэ лӀэужьыгъуэ макъ пэлъытэ псалъэу зэрыщытхэм нэмыщӀ, глаголыпхъэ мыхьэнэи зиӀэу зэрыщытри къыхэдгъэща "кӀэн, пӀэн" псалъэхэр къыпыхьэ макъкӀэрэ глагол къызтехъукӀынухэу зэрыщытри жытӀагъэхxэщ. Ауэ ахэр (кӀэн, пӀэн) икӀи "ы" къэӀуыкӀэ зиӀэу ухуа глаголхэм (кӀын, пӀын) я кӀуэтэгъуэрэ зэманыгъуэкӀэрэ (э) къатехъукӀыу ухуэ "макъ глагол"хэуи зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ: «кӀын → "кӀы-э-н" → кӀэн; пӀын → "пӀы-э-н" → пӀэн».

"Э" къызэрыпыхьэкӀэрэ занщӀэу "макъ псалъэ" къызтехъукӀахэмрэ, ахэр икӀи глаголыпкъыу зэрыщыткӀэрэ занщӀэу "макъ глагол"у зэрыухуэм, икӀи мыпхуэдэу ухуэ гуэрхэр икӀи цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэу "макъ псалъэ пэлъытэ"у бзэм зэрыхэлэжьыхьым я гугъу тщӀащи, мыхэри зэрыхиубыдэрэ икӀи мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀыу, и макъ мыхьэнэм зэрелъытакӀэрэ "глаголыпхъэ"рэ "глагол понатциал"у щытхэми я гугъу тщӀынщ. Мыпхуэдэхэм бзэ лэжьэкӀэм иужьрей лъэбакъуэхэм глагол къазэрытехъукӀынур гурыӀуэгъуэщи, иджыркӀэ глаголыпхъэрэ глаголизацэу лъытапхъэ мы макъхэр инфинитив гъэпсыкӀэкӀэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «гъэн, гъуэн, гэн, тэн, кӀэн, хьэн, пэн, пӀэн, бэн, фэн, мэн, нэн».

Гулъытапхъэщи, мыбыхэм щыщ гуэрхэр занщӀэу "макъ глагол" къалэни зыгъэзащӀэрщ, ауэ нэхъыбэм деж, ахэр макъ къызэрыпыхьэкӀэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. ИкӀи, мыпхуэдэ "макъ глагол"уи лъытапхъэ

гуэрхэр ″ы″ къэӀукӀэкӀэ ухуа макъ глаголхэм я кӀуэтэгъуэ мыхьэнэ зиӀэхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ гуэрхэм мы ипэкӀи я гугъу тщӀащ: «гъын → **гъэн** (гъыуэ щытын); гъун → **гъуэн** (гъууэ щытын); тын → **тэн** (тыуэ щытын); кӀын → **кӀэн** (кӀыуэ щытын); пӀын → **пӀэн** (пӀыуэ щытын)».

Мыхэр щхьэж ″макъ глагол″у лъытапхъэми, ахэри нэхъыбэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр макъ къазэрыпыхьэкӀэрэщ. Аращи, мыхэри хэтыжу глаголизацэу тлъытахэм ищхьэкӀэ къыпыхьэ макъкӀэрэ глагол къазэрытехъукӀым теухуа щапхъэхэри къэтхынщ: «гъэн → гу**гъэн**; гъуэн → хэ**гъуэн**; гэн → щӀэбэ**гэн**; тэн → лъы**тэн**; кӀэн → щӀэ**кӀэн**; хьэн → и**хьэн**; пэн → хуэ**пэн**; пӀэн → те**пӀэн**; бэн → Ӏэ**бэн**; фэн → къэ**фэн**; мэн → пэ**мэн**; нэн → щӀэ**нэн**».

*

Макъхэр ″ы″кӀэрэ къызэрыӀуу занщӀэу ″ы″кӀэрэ икӀи ″э″кӀэрэ къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ цӀэ лӀэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″у зэрыухуэмрэ ″макъ глагол″ къазэрытехъукӀым, икӀи макъхэм я глаголизацэ мыхьэнэкӀэрэ къыпыхьэ макъкӀэрэ псалъэхэр къазэрытехъукӀым щыгъазэ дыхуэхъуащ. Ауэ мы гъуэгуанэ къырикӀуэм ″э → ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ макъ псалъэ формэу ухуэхэри къызэрытпыщӀэхуари гурыӀуэгъуэщи, ″э″кӀэ къэӀуу ухуэ макъ псалъэхэр ″ы″кӀэрэ зэрыухуэжкӀэрэ къатехъукӀыу ″макъ псалъэ″уи лъытапхъэхэми деплъынщ.

ИпэкӀэ къытпыщӀэхуа зы щапхъэщи, ″шэн″ Ӏуэхум хуэӀуарэ щхьэпэ зы псэущхьэр ″шэн″ым ехьалӀауэ ″шэ-ы″кӀэрэ зэпкъырыувэ зы ″макъ псалъэ″у ″**шы**″уэщ зэрылъытар. Мыпхуэдэ къэхъуыкӀэ зиӀэу ″э-ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ къэхъу зы псалъэри ″**вы**″ращи, ари ″вэн″ Ӏуэхум хуэӀуа зы псэущхьэр ″вэ-ы″кӀэрэ ″вы″уэ зэрылъыта щӀыкӀэу къэхъуа зы ″макъ псалъэ″рщ.

Къызэрыхъуа щӀыкӀэр гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа мы ″макъ псалъэ″хэм нэмыщӀ макъ псалъэхэри ″э-ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ къызэрыхъунур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхынщ. Аращи, зыгуэрым (п.п: уэщ) хуэфӀыу ″кӀэ″ хуэхъуар ″кӀэ-ы″кӀэрэ ″**кӀы**″уэ зэрылъытэкӀэрэи ″макъ псалъэ″ утыку къихьащ.

Мыбы нэмыщӀ, ″мыӀэрысэ″ жыхуэтӀэр ″мы″м и ″Ӏэрысэ″щи, мыӀэрысэ ябгэр мы зэрылъыта ″макъ псалъэ″у щыт ″**мы**″ри абы къыхих ″мэ″мкӀэрэ лъытауэ жыӀэпхъэщи, къыхихрэ къыпщӀихьэ ″мэ″кӀэрэ зэрылъытапхъэу, ″мэ″р зыхуэӀуауэ ″мэ-ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ ″мы″уэ ухуа зы ″макъ псалъэ″у лъытапхъэнщ. Мыпхуэдэ къэхъуыкӀэ зиӀэ ″мы″ псалъэр икӀи адыгэбзэм ″**мэ**″ макъ псалъэкӀи зэрыхэтри гулъытапхъэщи икӀи ″мы″м къытехъукӀауэ зи гугъу тщӀа ″мыӀэрысэ″ псалъэри адыгэбзэм ″мэӀэрысэ″уи щызокӀуэр. Аращи, ″мы″рэ ″мэ″уэ ″макъ псалъэ″кӀэрэ бзэм щызекӀуэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгри ″мые″рэ ″мэе″у зэрыухуакӀэрэ ″мей″уэщ адыгэбзэм зэрыхэтыр.

Мы зи гугъу тщӀа ″макъ псалъэ″хэм нэмыщӀ макъ псалъэхэри хэтынщ адыгэбзэм ″э-ы″ зэхъуэкӀыныгъэкӀэрэ ухуауэ, ауэ ″э-ы″ зэхъуэкӀыныгъэр

бзэм фIыщэу щызэрызекIуэр гурыIуэгъуэщи, "макъ псалъэ"хэм нэмыщI, мыпхуэдэ щIыкIэкIэ псалъэ ухуэкIэр адыгэбзэм зэрыщымымащIэри гулъытапхъэщ.

*

Мыбы нэгъунэ мыхьэнэ зиIэ "макъ Iуэр"хэмрэ "макъ щэху"хэм къатехъукI "макъ псалъэ"хэмрэ, я макъ мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэ мы макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм теухуащ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэри, мы лэжьыгъэр адыгэбзэм макъыбзэ и лэжьэкIэм узщыгъэгъуазэ лэжьыгъэщ. Макъхэр оригиналу утыку къызэрихьам къыщIидзэу бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэр зыхэзыубыдэ мы лэжьыгъэр макъым къыщIидзэу бзэ лэжьэкIэр зэрыухуэмрэ, макъым деж къыщIидзэу псалъэхэр утыку къызэрихьэм теухуащ. Мы лэжьыгъэр псалъэ къэхъуныгъэ къежьапIэу лъытапхъэ макъ псалъэхэр къызэрыхъумрэ къыпыщэ бзэ лэжьэкIэм щыгъуазэ ухуэзыщIырщ, ауэ зи гугъу тщIарэ зи щапхъэ къэтахэри мы лэжьэкIэ Iыхьэм теухуа лъэныкъуэ псори зыхэплъэгъуэфыну зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

"Макъ Iуэр"рэ "макъ щэху"хэм къатехъукI "макъ псалъэ"у хъуари илъабжьэкIэ къэтхьынщи, псори зы хэплъэгъуэу тлъагъужынщ. Ауэ, зэхуэдэу "макъ псалъэ"у илъабжьэкIэ къэтыну псори къэхъукIэрэ къыщыхъу зэманыгъуэкIэрэ зэрызэхуэмыдэр мыбы нэгъунэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэрищIри гулъытапхъэщ. ИкIи, макъ псалъэ къэхъукIэ лъэбакъуэхэм ипэкIэ я гугъу тщIагъэххэщи, зэхуэдэу "макъ псалъэ"хэу илъабжьэкIэ къэтынухэр зэхуэмыдэ лъэбэкъуэкIэрэ къызэрыхъуар гурыIуэгъуэщ.

Ауэ пыщапхъэрэ зэрыгурыIуэгъуэщи, я мыхьэнэхэр зэхэгъэкIыфын папщIэ, илъабжьэкIэ къэтыну "макъ псалъэ"хэр бзэм фIыщэу хроникэ хэхъухьахэращ. Аращи, "макъ псалъэ" къэхъукIэ псори илъабжьэкIэ къэгъэлъэгъуэну "макъ псалъэ"хэм зэрыхимыубыдэфынур гурыIуэгъуэнщ. Ахэр зэрылъыта я мыхьэнэм къызэрытемынэрэ я макъ мыхьэнэкIэрэ глаголыпхъэрэ глаголизацэу бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ къыпыщэну бзэ лэжьэкIэхэр мы къызэрыгъэлъэгъуэну щIыкIэм зэрыхимыубыдэнур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэрыщытри мыбы нэгъунэ псалъэ къэхъукIэрэ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэкIэ къэтIуэтахэмрэ къэтхьа щапхъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIрэ зэрыхэплъагъуэри гулъытапхъэщ.

Мыхьэнэ зиIэ макъхэм къатехъукIыу адыгэбзэм хэт "макъ псалъэ"у хъуар илъабжьэкIэ къэдгъэлъэгъуэнухэр зэрыухуа щIыкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэкIэ мыхьэнэбэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщи, илъабжьэкIэ ахэр зытеухуарэ и мыхьэнэр гурыIуэгъуащэу зэрыщыткIэрэ бзэм хроникэ хэхъухьа я мыхьэнэкIэрэ зэрытлъытэу къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лъытэныгъэри икIэ нэгъунэ зэхэгъэкIыгъуафIэу зэрымылъытэфынур гурыIуэгъуэнщи, "макъ псалъэ"хэр я мыхьэнэкIэрэ зэрыщыту наIуэу къэгъэлъэгъуэныр зэрыгугъури гурыIуэгъуэнщ. Аращи,

мыхьэнэбэ лэжьэкIэ зиIэ макъыбзэр зэрыухуэ пэщIэдзэу лъытапхъэу утыку къихьа ″макъ псалъэ″хэм я нэхъыбэри мыхьэнэбэу зэрыщыткIэрэ, абыхэм я мыхьэнэ псори къыхэщу къэгъэлъэгъуэнри тыншкъым.

Мы жытIахэм зэрезэгъкIэрэ макъхэр ″ы″рэ ″э″кIэрэ къызэрыIу щIыкIэу утыку къихьа цIэ лIэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″м нэмыщI, абыхэм я уэз щIыкIэм елъытарэ теухуауэ къатехъукI ″макъ глагол″хэри щхьэхуэу ″глагол инфинитив″у къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэми зэхуэмыдэу яIэ мыхьэнэхэри къыхэдгъэщынщ. Ауэ икIи, мыпхуэдэ глагол мыхьэнэхэм нэмыщI, ″глагол инфинитив″ фомэкIэ гъэпса цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэри зэрыщыIэри гурыIуэгъуэщи, илъабжьэкIэ къэта ″макъ псалъэ″хэм мыпхуэдэхэри (илъабжьэр ″_″ щIэтхъауэ) къыхэдгъэщынщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ макъ нэхъыбэм ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукIыр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа дэтхэнэ зы ″макъ псалъэ″ми и мыхьэнэр зы Iуэхугъуэм къызэрытемынэнури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, къэта дэтхэнэ зы ″макъ псалъэ″м игъуэта мыхьэнэхэри нытIэ ипэкIэ зэрыжытIа щIыкIэкIэ бзэм гурыIуэгъуащэу хроникэ зэрыхэхъухьарэ зэрыхэлэжьыхь мыхьэнэ бжыгъэу (2, 3,...) къыхэдгъэщынщ.

НытIэ, мы жытIахэм зэрезэгъкIэрэ макъ мыхьэнэ зиIэ дэтхэнэ зы ″макъ″ымрэ абы къытехъукI ″макъ псалъэ″хэр илъабжьэкIэ къэтащ.

″Макъ Iуэр″хэм къатехъукI ″макъ Iуэр псалъэ″хэр: «**Iэ**: Iэ»; «**а**: а»; «**и**: и (2), ин, ин»; «**е** (иэ): е (2), ен (2)»; «**я** (иа, еа): я»; «**Iе**: Iе/Iей»; «**у**: ун, уэ (3), уэн»; «**Iу**: Iу (2), Iуэ, Iун, Iуэн (2)».

″Макъ щэху″хэм къатехъукI ″макъ щэху псалъэ″хэр: «**с**: сын, сын, сэ (2), сэн (2)»; «**ц**: цы»; «**цI**: цIэ (2)»; «**з**: зы, зын, зэ, зэн»; «**дз**: дзын, дзэ (2)»» «**гъ**: гъын, гъэ»; «**гъу**: гъун, гъуэ»; «**дж**: джын, джэн»; «**гу**: гу, гуэн»; «**г**: гын, гэ»; «**ж**: жын, жэн»; «**жь**: жьы (2), жьын, жьэ, жьэн»» «**д**: дын, дын, дэ (2), дэн (2)»; «**т**: тын, тын»; «**тI**: тIы, тIын, тIэ, тIэн»; «**щ**: щы, щын (2), щэ (3), щэн, щэн»; «**щI**: щIы, щIын, щIэ, щIэн (2), щIэн»; «**ш**: шын, шын, шэ (2), шэн, шы»; «**ч**: чы, чэ, чын, чэн»; «**ку**: ку, куэ»; «**кI**: кIын, кIэ, кIэн, кIэн, кIы»; «**кIу**: кIуэн»; «**къ**»; «**къу**: къу (2), къуэ (2)»; «**кхъ**: кхъэ»; «**кхъу**: кхъуэ»; «**хъ**: хъы»; «**хъу**: хъу, хъун, хъун, хъуэн»; «**х**: хы (2)»; «**ху**: ху, хун»; «**хь**: хьын, хьэ»; «**лъ**: лъы, лъэ, лъэн»; «**л**: лы, лэн»; «**лI**: лIы, лIэн»; «**п**: пэ»; «**пI**: пIын, пIэ, пIэн, пIэн»; «**б**: бын, бэ, бэн»; «**ф**: фэ, фын»; «**фI**: фIы, фIын»; «**в**: вэн (2), вы, вын»; «**м**: мэ, мы»; «**н**: нэ».

### ″Макъ щэху зэгуэт″хэм къатехъукI ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр.

Адыгэбзэм макъ зэгуэхьэрэ зэхэжыхьу къэхъу макъ зэриIэри гурыIуэгъуэщи, ″макъ Iуэр зэгуэт/зэхэжыхьа″хэм ипэкIэ я гугъу щытщIащ, икIи ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ дыхуэхъуу, мы ипэкIи дыхэплъэжащ. Ауэ мыбы нэгъунэ ″макъ щэху″хэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэ щхьэж къэIуыкIэ зиIэхэращи, макъ щэху зэгухьэрэ зэхэжыхьауэ къэIукIэкIэ утыку къихьэхэм я гугъу тщIакъым.

″Макъ щэху зэгуэт/зэхэжыхьа″хэр занщIэу бзэм зэрыхэхьэрэ ″макъ щэху зэгуэт/зэхэжыхьа псалъэ″хэр къызэрыхъу щIыкIэри дэтхэнэ зы макъ ″макъ щэху″м теухуауэ ипэкIэ щыгъуазэ дызхуэхъуа лэжьэкIэм хуэдэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, иужьрейуэ къытпэщыт лэжьыгъэхэм макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэми псалъэ къэхъуныгъэ категориекIэрэ щыгъаузэ дыхуэхъужынущи, абдежым дэтхэнэ зы ″макъ щэху зэгуэт″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхьми деплъынущ. Ар щыхъукIэ, мыбдежым ″макъ щэху зэгуэт″хэм къатехъукI ″макъ щэху зэгуэт псалъэ″хэми ипэкIэ щхьэж макъ щэхухэм къатехъукI ″макъ щэху псалъэ″хэм дазэрыхэплъэжам хуэдэу дахэплъэнщ.

″Макъ щэху зэхэжыхьа″хэм къатехъукI ″макъ щэху зэхэжыхьа псалъэ″хэр: «**тхъ**: тхъын, тхъэн»; «**тхъу**: тхъу, тхъун (2), тхъуэн (2)»; «**тх**: тхын, тхэн»; «**тху**: тху»; «**тхьэ**: тхьэ»; «**ткI**»; «**ткIу**: ткIун, ткIуэн»» «**щт**: щтын, щтэн (2)»; «**щхъ**»; «**щхъу**: щхъуэ»; «**щхьэ**: щхьэ (2)»; «**шх**: шхын, шхын, шхэн»; «**шху**: шху, шхуэ (2)»; «**лъху**: лъхун, лъхуэн»; «**пс**: псы, псэ»; «**пщ**: пщы, пщын, пщэн, пщэ»; «**пш**: пшэ»; «**пхъ**: пхъы, пхъын, пхъэ»; «**пхъу**: пхъу, пхъуэн»; «**пх**: пхэ, пхэн, пхын»; «**плъ**: плъын, плъэн»» «**пцI**: пцIы, пцIэн»; «**пщI**: пщIы, пщIын, пщIэ, пщIэн»; «**пкI**: пкIын, пкIэн»; «**пкъ**: пкъы»; «**плI**: плIы, плIэ»; «**бз**: бзы, бзын, бзэ, бзэн»; «**бдз**: бдзы, бдзэ»; «**бгъ**: бгъэ (2)»; «**бгъу**: бгъу (2), бгъуэ»; «**бг**: бгы, бгэн»; «**бж**: бжын, бжэн, бжэ, бжэн»; «**бжь**: бжьы, бжьэ (2), бжьын»; «**бл**: блы, блын, блэн, блэ»; «**фт**: фты».